Абузар Айдамиров

Лаьмнашкахь ткъес

Сайн некъан тешамечу накъостна мухIажарна

Хьалхара дакъа

Дорцан йуьхь

***I корта.*Шийтта шо даьлча**

Сайн дуй ас ларбина, сий деш.

И бицбеш минот сан йалахь,

Дуьне а, эхарт а къахьдеш,

Сох бекхам оьцийла Дала!

Ш. Петефи. Хьалхара дуй

1

Гати-Юьрта кIел, Яьсси-хин йистонца, итт урд хиллал нийса йеакIов аре йу. Йуьртарчу къеначу нахана а дага ца йогIу, цигара хьун а хьаькхна, йага а йина, дIа а йаькккхина, и аре леррина шарйеш тойина хан. ХIор а шарахь хуьлу хьуьнарийн хьийсарш дIадахьа шайн дендайша кечйина йу иза, олу цара. Цхьана хенахь и тайпа деза денош, цара дийцарехь, сих-сиха хиллачух тера ду: бIаьстенан оханаш долош а, гуьйранна йалташ чудерзийча а, ломара даьхний цIа дирзича а.

Амма иза мацах цкъа хилла. ДIаихначу бIешераша дуккхана а тIе шен цIеран сиз хьаькхна. ТIаьххьарчу шерашкахь кхузахь хьуьнарш къовсар вовшахтуху воцчунна кIант вича а, йа Сибрехара, йа Хонкаран махкара, дуккха а хан йаькккхина, йуьрто лоруш волу къонах цIа веъча а.

Кху арен тIе дажа бежана лаллар а дихкина. Кхузахь гуттар а и сийна йолчу хенахь хьокхий дIайоккху буц. БIаьстенан йуьххьехь а, гурахь а.

Кху меттигах ЦIеран Аре олу. И цIе маца тиллина а, хIунда тиллина а хаац цхьанне а. Нийса аьлча, цуьнан дуьхе кхиа гIерташ стаг а ца ваьлла.

Хьеран тIулг санна, говрийн бергаша аьгна хIокху аренан гуо. Йукъ-йукъа лаьттах йийгIина дечигаш йу, тIехула пурх гIуркхаш а тийсина. Цхьа аьрша кIорга, кхоъ-йиъ аьрша шуьйра оьрнаш а ду. Ткъа майданна йистехьо, Яьссин лекхачу берда тIе кхачале бIе гIулч сехьа, цIе таса кечйина декъачу дечигийн йоккха чалх Iуьллу. И гIуркхаш а, оьрнаш а, цIе а говрашца хьуьнарш къийса кечйина.

Беречо дIахецна говр, хьалха цкъа оьрнашна, тIаккха, цхьаъ вукхул лакха ойъуш, хIиттийначу гIуркхашна тIехула а кхоссайелла, йоккха йогучу цIара йуккъехула а йаьлла, кхин болар ца лагIдеш, Яьссина тIехула кхозучу лекхачу бердан йисте тIекхачале, цхьа гIулч сехьа цIеххьана саца йеза.

Гуонна говраш хахка меттиг а йуьтуш, чуоьзна, йуккъехула говр йаха шуьйра некъ

буьтуш, ши могIа беш, мелла лаьттах дийгIина дуткъа серий ду.

И кечам говрашкахь хьуьнарш къуьйсу долчарна бина. Амма къийсарш, ца долош, цхьаьнга-м хьийсош лаьттара. Оцу богIу болчарна кечдина масех стаг тIехIоттал шуьйра, дагарца цостуш, даьхначу попан аннех дина лекха чардакх.

И йоллу аре дIалаьцна адам лаьтта кхузахь. Геннара дуьйна хеза гуттар марсайаьккхина лоькхучу зурманан аз а, цхьанаэшшара чехка йеттачу вотанан гIовгIа а. Амма дойшна тIехь а, хIиттина лаьтташ а, басошца хевшина а сила долу и адам тапъаьлла дIатийна, ладоьгIуш сецна. Кхузахь инса а доцуш, цхьа эрна арахь долуш санна хета и лоькху зурмий, и йетта вотий.

Адамийн гуонна йуккъехь, йеакIовчу майданахь, лакхахь морзахйохуш хIоттийначу йеа тагIанна тIехула оьзначу говран мерзийн карса тIехь ловзучу пелхьона тIебоьгIна бу массеран а бIаьргаш. Иза ЧIебарларчу ГIуш-Коьртара цIарна а цIейаханчу пелхьонийн ДистогIеран доьзалера Ваха ву.

Некха тIей, белшаш тIей, букъа тIей кхаакIовн а, деакIовн а жайнеш оьхкина, берхIитта шо хенара Ваха, куьйгаша шарбина биъ аьрша гIуркх кара а лаьцна, лаьттахь санна, эвхьаза ловзу карсан Iаьржачу муьша тIехь. ТIаккха, йуьхьигаш чоьхьа а хьовзош, когех шаьлтанаш йихкина, цкъа хьалхахьа а, йуха кIегархьа а воьду иза.

– Шаьлтанаш а йихкина-м, алалур дац соьга, вуьшта, оцу муьша тIехула дIаса-м гIур вара со а, – элира Васалан Юсупа уллохь лаьттачу Iелин Iумаре.

– Цхьана кога тIе а хIоьттина, шарбала чу ког ца боллало хьо!

– ГIовгIанаш! – лохха човхийра уьш Болата.

Муш къовлуш, морзахйаьхначу тагIанаш йуккъе охьа а хиъна, чу а кхевдина, бухахь ловзучу шина жухаргах цхьаьнга цхьаъ-м элира пелхьоно. Ши жухарг, гуонна йукъахула а уьдуш, мохь бетта вуьйлира:

– Итт-шийтта шо хенара кIант къаста! Пелхьонан коьшкала хаа!

– Вуй майра кIант, пелхьон коьшкалахь муьшана тIехула чекхвала?

– Со вахийтахьа, Iумар, – дехар дира уллохь сирачу динахь Iачу Аьрзун Мохьмада.

– Ца оьшу, – доцца хадийра вукхо.

– ДIахьовсийша, ХортIин жимахверг хьалхагIертий-ца! – тIехьа пIелг хьажийра Iумаран вашас Iелин Iусмана.

– Майра кIант схьавала! – мохь беттара жухаргаша.

– Комарийн дитта тIе ваьлча а, бIагор богIучу ХортIин Iузара кIантал а оьшуш хили-кх со, – вусавелира Мохьмад.

– Ша хирг хир, дIаэккха, Мохьмад! – куьг ластийра Болата. – Вай а ма дац нанна тIаьхьа даьхкина.

Говрара охьа а иккхина, нехан пхьаьрсашна кIелхула, охьатеIаш, чIара санна, йуккъехула чекхвуьйлуш, вахана жухаргашна хьалха а хIоьттина, курра йуханехьа хьаьжира Мохьмад. ХортIин Iабди хIинца а гучувалаза вара.

Ши ког цхьана агIор бохуьйтуш, охьахиъна, муьшана тIехула хахкавелла чувеанчу пелхьоно, вела а къежна, белша тIе куьг туьйхира кIантана:

– Кхера-м лур вац хьо, жима къонах?

Цуьнан хаттарх ца ваьшначу Мохьмадан велар иккхира.

– Коьшкала а хаий, куьйгаш сан белшаш тIе а дахкий, саца. Варлахь, лаг ма лацалахь. Ка а ма детта. Хьо говрахь волуш санна, паргIат Iелахь.

Голаш тIе охьа а лахвелла, Мохьмад шен коьшкала а хаийна, раз тесначу карсана тIехула хьала а ваьлла, шина шалго йуккъехь сецна, гIуркх кара а лаьцна, хьалхахьа дIаволавелира пелхьо. Мохьмадна ма-моьтту атта а ца хиллера хIара гIуллакх. Пелхьон белшаш тIера охьахьаьжча, йолчу тIе а лекха хетара карс. Баганаш гIовттийна, лахара хьалахьуьйсу адамаш а кегийра хетара. Шалгонна дехьо ваьлла, пелхьо хьалий, охьий кхийсавала воьлча, коьрте бIагор беара Мохьмадна. Куьйгийн пIелгаш цуьнан бертаза пелхьонан белшех тасаделира, ткъа настарийн голаш лога тIе таьIира.

– Мегар дац! – хезира пелхьонан лохха, паргIат аз.

Ши бIаьрг хьаббина, куьйгаш, настарш малйира Мохьмада.

– Ши бIаьрг белла, зудабер! – нахана йукъара схьа маьхьарий хезира цунна.

«Гина-кх царна со!» – цергашца балда Iаьвшира Мохьмада. Ши бIаьрг биллина, хьалха дIахьаьжира иза. Дуьхьаларчу шалгонна тIекхача ши гIулч бен ца йисинера. Амма, Мохьмадан дакъазаллина санна, пелхьо кIегарволавелира. «Хьонка нIаьна хилахьара кху гIуллакхах!» – Мохьмад, шуьйрра вела а велла, курра дIасахьаьжира.

– ХIейт, гора, Мохьмад, йаI!

– Йан а йу хьо аьрзунан кIорни!

Лаьтта воьссинчу Мохьмада, паргIатваьлла, доккха садаькхира. Лакха тIехь цо къийлина настарш халла хаалуш йегайора. Нахана и хаадаларна кхеравелла, иза дIахьаьдча, тIекхеттачу жухарго, айъина, белша тIе а хаийна, гуонна йуккъехула хьовзийра.

– Майра кIант ган луург Аьрзун Мохьмаде хьовса! ХIинца цкъа къона леча ду хIара, цхьа шо даьлча, ламанан аьрзу хир ду хIокхунах!

И мохь бетташ, цхьа гуо а баьхьна, кара шай а делла, кIант дIахийцира цо.

– Гора, борз, йаI! И ши бIаьрг хIунда хьаббира ахь? – хьийзо волийра иза, хIара шен нуьйра тарвелла а валале.

– БIагор беанера суна…

– Хьий, йоI!

– Кхин гIоцIа боццушехь, вара хьо ХортIин Iабдина хьалха гIерташ?

– Хьовсийша, хьовсийша! – мохь белира Iусманан.

– ХIун хилла?

– Муьша тIе!

Кара лаьцна буткъа гIуркх болуш, шалго йуккъе хIоьттина лаьттара шийтта-кхойтта шо хенара йоI.

ХIун дара а хаац, и жима йоI гича, схьаэккха санна, тохаделира Мохьмадан дог. Балдаш делладеллачохь севццера, бIаьргаш йоIана тIебогIабеллачуьра дIабовла ца туьгура. КIанта шен дагахь хьоьстура хIетта йахйала йоьлла цуьнан Iаьржачу месийн йуькъа ши чIаба а, бIаьстенан цIеначу хIонехь йогу ховха беснеш а, Iаьржачу бIаьргашна тIехула хьаргIанан тIамарш даржийна, айаделла цIоцкъамаш а.

ЙоьIан хьуьнарех цецбуьйлуш, дайн маьхьарий а, лохха шакарш а йеттара, даккхий синош дохура уллохь лаьттачу баккхийчара. Амма Мохьмадна ца гора йоIа муьша

тIехь лелориг. Иза оцу жимачу йоьIан йийсарехь вара.

Майданан цхьана маьIIехь лохха йевлла гIовгIанаш, хин тулгIе санна, йаьржира сила долчу адамашна йуккъехула.

– БогIуш бу! БогIуш бу!

Массеран бIаьргаш дIахьаьвсира йуьртара схьа варша йуккъехула кху майдана богIучу новкъа. Цигахула гучуйелира дошлойн жима ковра.

– Муьлха ву царах эла Авалу?

– И дIо расха говрара тIапа куй берг.

– Цунна уллорниг?

– Ойшин Чомакх!

– Хьа, даьдиса оцу берзан!

– Iедалций, нахаций тарвала гIерта.

– Ледара вац Чомакх.

– Хуур ду-кх, цхьаъ тIедеача.

– Цунна тIаьхьа вогIу жима стаг?

– Бенойн Элби.

– Ткъа важа кIайн маж йерг?

– Иза нажийуьртахойн йуьртда Шахьболат ву-кх.

– Момин Хьоту ма вусавелла!

– Ма цхьаьна а кхетта!

– СагIадоьхурган ахьарш санна!

Хьеший лоруш, дIасахиллачу адамаша хьовса аьтто боллучуьра меттиг битира царна.

Цхьана минотана йаьлла гIовгIа дIатийра. Адамийн хьажар йуха а тIедирзира муьша тIехь ловзучу жимачу йоIана.

* * *

Россин импери чохь дехачу къаьмнаш тIехь шен колониальни Iедал а, политика а хIор а къоман амалшкий, гIиллакхашкий, цуьнгара шена кхерамаллей, кхерамазаллей хьаьжжина леладо паччахьан правительствос.

ХIокху Кавказан Iедалан коьрте шен ницкъ кхочуш кавказхо а, ткъа меттигерчу къаьмнийн коьрте оцу къаьмнех стаг а ца вохуьйту цо.

Россия «къаьмнийн набахти» йара, хIор а халкъана шена-шена камера а йолуш. Амма царна чохь баллочу тутмакхашна тIехь латто тергам цхьатера бацара. Иза а бара тутмакхех даьллачу зуламе, цаьрга болчу тешаме хьаьжжина. Цхьайолу «камераш» тоьхна догIа а доцуш, ха деш стаг воцуш хуьлура, цхьаболчарна масех «камера» ларйан цхьа хехо хIоттавора, ткъа хIокху нохчийн халкъан камеран, масех догIа а тоьхна, масех гIуй, зайл а боьллина, диллина дIа латтош чIогIа, сема ха ду. Кху лаьмнашкахь дехачу къаьмнех барамехь уггар доккха а, шатайпа лакхара демократически йукъараллина дIахIоттам болуш, шена тIехь цхьаннен а олалла ца

лайна, йа лан ойла а йоцуш маьрша даьхначу хIокху къармазечу нохчийн халкъо, Кавказ дIалоцуш йеха а, уггар луьра а, буьрса а дуьхьало йинера Россина. Цо и дуьхьало ца сацайо нийсса бIе шо ду. Къарделла саца ойла а йац. ХIара халкъ зуламхо-рецидивист ду. Шена тIехь шатайпа тергам, Iедал, таIзар латто дезаш. И декхарш кхузахь кхиамца кхочушдора правительствос. Халкъан маршонехьа къийсам хьоьшура акхачу къизаллица. Иза а дора колониально-интернациональни политикица. Оьрсийн эскаршна гIо дора гуьржийн, эрмалойн, азербайджанийн, дагестанхойн, хIирийн, гIалмакхойн, хIокху нохчийн шайн вежарех, гIалгIайх халкъех схьайевллачу цхьакIеззигчу йовсарийн гIоьнца. Шен маршонехьа къийсам латто хIара нохчий хIаллакбеш, церан йарташ, йалташ, хьаннаш бошмаш йагош, зударий, бераш, къена нах а махках бохуш, уьш Сибрех, Хонкара а дIахьийсош.

И гIуллакх Iаламат хIиллане долийра Iедало. Нохчийчохь шен къиза тIеман-колониальни политика гондIарчу къаьмнийн векалийн куьйгашца кхочушйора правительствос. Ткъа оцу кIеззигчу векалшка болу цабезам уьш схьабевллачу къаьмнашна тIе а баьржина. Ламанан халкъашна йуккъехь мостагIалла кхуллура, цаьрга вовшийн хьоьшуьйтура, шайна тIехь латточу къизаллина, харцонашна дуьхьал къийсамехь цхьаьнакхетарна йоккха новкъарло йора, къаьсттина а хIара нохчийн халкъ, кхечарех дIакъастадой, цхьалха дуьтура.

Тахана а Нохчийн округашкахь начальникаш а, приставаш а, эскарийн отрядийн командираш а бара масех къомах нах. Амма цхьа а нохчо вацара.

Ишттачех цхьаъ вара Веданан округан начальник гуьржи, эла, полковник Авалов.

Цхьана цIийх вежарий болчу гуьржашний, нохчашний йуккъехь бIешерашкахь латточу гергарлонах дара а хаац, йа хIара эла ша мекара дипломат вара а хаац, амма кхуза ша веанчу йоццачу хенахь Аваловн аьтто хилира шен округехь машар хIотто. Ницкъаца тIе а ца кхийдаш, дуьххьалдIа хаза дийцарца. Цунах теша а тешара нохчий. Аваловс аьлларг шеконехь а ца дуьсура. Цуьнан дош чIогIа дара. Ламанхочун дош.

Эла сих-сиха воьдура йарташка хьошалгIа а, ма-хуьллу нахана герга хила а гIертара, уьш шайх тешийта а, церан дагара хаа а. Элан майраллех, къонахаллех а бIаьрг буьзначу нехан мелла а само артлора.

* * *

КIезиг бахьана дацара йоккхачу тобанца тахана эла Авалов Гати-Юьрта варан а. Мацах цкъа инарла-лейтенанто Лорис-меликовс дукха сатийсинарг кху некъехь кхочушхуьлуш лаьттара. 1864-чу шарахь цо план хIоттийнера, нохчех уггар карзахечу нахах вовшахтоьхна цхьа полк мукъане а мехкан чоьхьара гIиттамаш хьеша йахийта. ХIетахь ца нисделира иза. Стохка Балканехь дуладелла хьал хIоьттича, кхузарчу къаьмнех иррегулярни эскарш вовшахтоха сацам хилира правительствон. ХIинца Кавказан командованин аьтто нислуш бара, кхузарчу массо къаьмнийн цхьацца полк вовшахтохарца, дийнна дошлойн иррегулярни корпус кхолла, амма хIокху нохчашца дерг, даим санна, цхьа хало йоцуш чекхдала ца туьгура. И полк вовшахтухуш а дикка къахьега дийзира областан администрацин. ГIуллакх доладалале-м моьттура, шайн лаамехь эскаре бовла луурш оьшучул а тIех хир бу. Милице ма-хIуьттура уьш атта. Церан болх башха хала ма бацара. Меттигерчу кордонашкахь гIарол-дар, почтан некъаш Iалашдар, хьаькамашна ха латтор. Шайн йуьртана, доьзална гена а ца бовлуш. Суьйранна доьзалшна тIе цIа боьрзийла а хуьлуш. Шайна ло беттан йаллий, говрана хIоъ эца ло ахчий доьзале а хьовзош. Нохчийн къоьлле хьаьжча, доккха хьал ма дара и нахарташ. Цундела милице доггах боьлхура уьш. Шайн говрашца, герзаца. Цу гIуллакхна тарлора тIехаа биъ ког болуш цхьа Iаспар хилчахьана.

ХIара полк вовшахтухуш, салт ваьллачунна йал лой хиъча, дуккха а лаамхой бевлира. Масех полк вовшахтоххал. Берриг бохург санна – къехой. ЦIахь патарма буззал йалта, атталла газа а йоцурш. Шайн эттIа чоэш тIе а кхоьхкина, неIармачаш

а туьйдина. Схьахетарехь, цара сатуьйсу хир дара, къоьлла къикъдоьлла, цIахь Iачул, салт волучунна лучу йолаца доьзалш мацаллех кIелхьарбаха. Амма, шаьш шайн говрашкахь, говран гIирсаца, шайн герзаца даха дезийла хиъча, дукхахберш цIехьа бирзира, бела а боьлуш, областан хьаькамаш аьшнаш а беш. Говррий, говран гIирссий, герззий эца ницкъ хьенан бу? Оццул хьал хилча, эскаре воьду хьера цаваьлларг! Доьзалх а, йуьртах а, махках а ваьлла!

Амма, хьаннах тоьхна а, и полк вовшахтоха йезара. Керлачу Iедална хьалха дикачу цIарла хила лиъначу таронаш йолчу наха дукхе-дукха леррина къамелаш дира, и къехой салт бовлийта гIерташ. Дойх, герзах Iоттаделла гIуллакх сецча, шаьш уьш хуьлуьйтур йу а элира. Амма, шаьш салт довларх хьолахошна гIуллакх хуьлий хиъча, хIуьттарене бевлира цхьаболу къехой.

Ткъа Iедало-м шениг ма дуьйцура. Йуьртдай, къедий, молланаш, совдегарш Веданий, Соьлжа-ГIалий, БурутIей дIа ма кхойкхура. ХIирийн, гIалгIайн, гIебартойн, чергазийн, кхечийн а полкаш вовшахтоьхна, шу хIун деш Iа бохуш. Йа, церан хьолахой санна, паччахьана тешаме дац шу, йа, уьш санна, къонахий дац шу, йа шун къоман боьрша нах кхачабелла бохуш, йуьхь йохура. Йуьхьанца хаза дийцира, тIаккха бехкашдехира, тIаьххьара а чехийра.

Эххар а вовшахкхийтира полк.

Гати-Юьртахь а кечвелира масех жима стаг.

Оцу кегийчу нехан сий айъа дагахь, тIаккхахула кхечийн а догдаийта вовшахтоьхнера хIара таханлера ловзарш а, къийсадаларш а.

Оцу Iалашонца округан йарташкахула волавелла вара эла Авалов а.

2

Хьаькамаш чардакх тIе бевлча, сацийра пелхьонна лоькху зурма а, йетта вота а. Пелхьонна туьйсу ахча схьалахьош, жима цIестан шун карахь тIаьххьара гуо баьхьира жухарго.

Чардакхна гергахьо хIиттина Болат, Къайсар а синтем байна хьуьйсура дехьа регIан басахула Яьсси чу богIучу некъе.

– Ва нах, хIинца а гуш вац-кх иза, – корта хьовзийра Къайсара. – Ткъа хьуьнарш къовсар дIадолалуш лаьтта.

– Цхьа сингаттам хилла виси-те?

– Селхана-м берриг а могаш-маьрша ма бу уьш. Амма масане дагахь доцург хуьлу…

– И ца вагIахь, хIун дийр ду вай? – хаьттира Болата, мелла а чам байна.

Къайсара, куй хьала а теттина, коьртах мIараш хьаькхира.

– Дан хIумма а дац-кх. Iаьлбаг а, цуьнан говр а ца хилча, гIуркхашний, оьрнашний, цIарний тIехула лелхар а, берда йисттехь говр сацор а вайгара дIадолу.

– Оьрнеххий, гIуркхеххий чекх-м йер йара сан говр, – шен говран шерачу вортанах дайн куьг хьаькхира Болата. – Берда йисттехь сацорна а цхьаъ дийр ду. Амма, ва Дела аьлла, оцу цIарах йолац-кх хIара.

– ВогIуш ву, вогIуш ву! – мохь белира лакхо тIехь говрахь лаьттачу Iумаран.

ДIахьаьвсинчу доттагIашна гира дехьа басахула охьа Яьссин тогIи чу вирзина вогIу ши бере.

– Іаьлбаг вуй-те иза? – малхана дуьхьал куьг лаьцна, леррина дІахьаьжира Болат.

– И сира говр-м цуьнаниг йу.

– Важа хьаргІа говр цуьнан вешин Іала-Мохьмадниг а, дера, йу.

– ЭхІ, Далла бу хастам, дерриг дІанисдинчу! – доккха садаьккхира Болата.

ХІокху къовсадаларшца-м башха гІуллакх а дацара Болатан. Йаккхайелча, хьалхе-м, дера, йезара доттагІашна, амма коьртаниг кхин дара. ХІара ІалагІожа дІалистайелча, Іаьлбагца къайлах цхьаьнакхета дезаш вара Берса. И цхьаьнакхетар йукъахдисарна кхеравеллера Болат. Иза шегахула вовшахтоьхна хиларна. Ши бере гича, тІера марха дІаайъайелла, йекхайелира Болатан йекъана йуьхь. Хеназа хебаршка ихначу лекхачу хьаьж тІера хьацар чоин пхьуьйшаца дІа а даьккхина, Іаьржа-дуькъачу мекхех дайн куьг хьаькхира цо.

– ЛадогІал, нах! – йуьртден ХортІин цІогІане аз даьржира хІаваэхь.

– ЛадогІа!

– ЛадогІа!

Минот йалале, майданахь тийналла хІоьттира.

Сирдала доьллачу дуькъачу цІоцкъамашна бухара сийна ши бІаьрг курра адамашна тІехула а кхарстийна, мекхаш а шардина, хьаьрса, йеха маж буйнах йаькккхира ХортІас. ХІара кхойтталгІа шо дара иза Гати-Юьртахь йуьртда волу. Хьалха хилла йуьртда Іоса дІаваьлчхьана. ХортІа воьллера хІокху гуламех а, хьаькамех а.

ХортІас йайн йовхарш туьйхира.

– Тахана деза де ду вайн йуьртахь. ХІокху дийнах дозалла дийр ду вайн тІаьхьарчу тІаьхьенаша а. Йуьртара уггар майра кІентий бу вай массара сий деш, лоруш волчу паччахьан Элксандаран эскаре гІуллакх дан боьлхуш. Вешан паччахьан, цуьнан сардал волчу Типлисерчу… а-а-а-а…

– Михаилан… – ХортІина гІо дира уллохь лаьттачу Чомакха…

– Микаилан, БуритІерчу инарлин, вайн укурган начальникан элан Авалун сийнна, эскаре боьлхучу вайн кІентийн хьурматана тахана хІара ловзар хІоттийна йуьрто. Вайн хьешийн а, Делан а пурбанца, къовсарш дІадоладо вай. Коьрта къовсарш кху тІехь хир ду. Хьалхайовла говраш хахкар. Исс гуо. Хьалха йеанчу говрана – детица кхелина нуьйр. ШолгІа йеанчунна – кечйина шед. Дуьхьалонех чекх а йаьлла, бердан йистонца ши аьрша генахь сецначу говрана – детица кхелина берриг говран гІирс а, верта а, башлакх а. Говра тІехь хьуьнар гайтинчу беречунна – атлазан гІовтал. Герзаца хьуьнар гайтинчунна – цо хьуьнар гайттина герз. Кхиэл йан мила хоржу аш?

– Тевзбин Акхта!

– Эла Авалу!

– Акхболатан Ахьмад!

ХортІас ши куьг хьалалецира.

– Дика ду. Аш цІераш йаьхначу кхаа стага къастор ву тоьлларг. ХІинца, нах, аш майда мукъайаккха. Хахка кечйина говраш дозане дІайига!

Йохийначу зингатийн туьйлигах тарйелира майда масех минотехь. Амма, дукха хан йалале, гуобаькккхина майданна гуонах а хІоьттина, дІатийра адам. Ши ваша а валош схьакхечира Іаьлбагна дуьхьалвахана Къайсар. Вовшашка куьйгаш а делла, кхидІа хьал-де хоьттуш хан ца йойъуш, гІуллакх дийцаре дан буьйлира уьш.

– ХІан, хІун до вай? – хаьттира Іаьлбага шен доттагІчуьнга Къайсаре.

– Уггар халаниг хьуний, хьан Сираний тІехь ду.

– Муьлха? ЦІергахула а иккхина, берда йисттехь сацаррий?

– ХІаъ. Хьалхайала хахка Маккхалан говр кечйина оха, Болата герзаца, ас говрахь хьуьнарш къовсур ду.

– Дика ду. ДІадуьло, хІета.

3

Чардакха тІе бІаьргаш боьгІна, массо меже йуьйлина, кийчча лаьттачу Мохьмада, Акхтин карара тапча ма-йеллинехь, урх йуха а оьзна, тІаьхьарчу когаш тІе а хІоттийна, шен хьаргІа Леча, кхоссайолуьйтуш, шед тоьхна, хьалха дІахийцира. Амма Мохьмадал кадечу йа собаре воцчу масех кІентан говр хьалха дІаиккхира.

Хьалхарчу кхаа-беа гуонехь хьалха-тІаьхьа хилар башха ладаме а ца лорура Мохьмада. БолатгІар лергах чІогІа мехий даьхнера цунна, йуьхьанца говр кхоайелахь, тІаьххьарчу гуонашкахь тІетоххий лаллалахь бохуш. Амма ца дезалора цунна шена хьалха виъ бере хилар. Хьала-охьа а, тІаьхьа-м буьтур бу-кхий цо уьш, амма и ХортІин Іабди боху хІуьмалг, хьалха-м хьовха, атталла цхьа гІулч шена тІаьхьа ван а ца лаьара цунна. Гома ма ву и шиъ вовшашца. Летча-м, цуьнан муцІар дурйора Мохьмада, хьуьнар къовса а иза хІума йацара. Даим дІа шайн туький, шайн говраш, шайн хьал хьехош, дог этІадо-кх. Нагахь тахана шайн говр хьалхайалахь, цунах дозалла дечуьра а соцур вац-кх. И шен дехкан цергаш а къежош, сих-сиха цуьнан йухахьежар гича, тоьур ду дог датІо. Амма ма бакъ дац-кх цунна моьттург!

Мохьмада берзина кІажаш туьйхира говран гай тІе. Йуха а, йуха а. Шед тухийла дацара.

– Лахка! Лахка!

– ВІойт!

– Кхоа ма йе!

– БархІалгІа гуо бу шуна! БархІалгІа гуо!

Ледара Іачохь дацара гІуллакх. Говран чоьже кІажаш сихбира Мохьмада… Дуьхьал хьоькхучу махо бІаьрг белла ца вуьтура. Говрана даьллачу хьацаро йашийнера хеча. Кхин а цхьа говр тІаьхьайахара. Эххар а цунна хезира БолатгІеран маьхьарий:

– Лалла, Мохьмад!

– Шед тоха!

– ТІаьххьара гуо бу хьуна!

ХІинца Мохьмадан говран корта хьалха йоьдучун гоьэ нисбелира. Дукха йукъ йацара и шиъ цхьаьнанисйала. Іабдин йухахьежар, тохара санна, аьшне дац хІинца. И шен кегий, ира кІомсарш тийсина, балда цІийдинера цо. БІаьргаш чохь оьгІазе цІе йогура.

Майданна гуобина хІоьттина лаьттачу адамо, маьхьарий хьоькхуш, къардинера хІаваъ.

– Шед тоха, Мохьмад!

– Йагайе, Іабди!

Іабдис шен говрана къинхетамза шед йетта. Амма Мохьмада шениг кхоайо. Цунна дика ма йевза иза. Маккхала, уггар дикачу хІух къастийна, эцна, бекъа йолуш дуьйна кхаьбнера иза.

ИссалгІа гуо йуккъе бахча, гайн кІело лоцуьйтуш, шед туьйхира Мохьмада. Іабдин говраца нисйелла йогІу Леча, йагийча санна, кхоссайелла, шен дегІан дохалла хьалхайелира вукхул. Шедо лазайарна а дацара иза. ДуьххьалдІа шен жимачу дас ша цакхоор халахетта, оьгІазйахана, марсайаьллера. ХІун дара а, хаац, и тІаьххьара минот шарал йахйеллера Мохьмадна. Ткъа дозанна бина зил ворхІ ломал дехьахь болуш санна хетара. Цунна тІекхача масех гІулч йисча, кийра гатбеллера тохаделлачу дагна.

– Човхайе, Мохьмад!

– ГІел ма ло, Іабди!

– ВІойт! ВІийт!

Лечин хьалхара ши ког дозанах дехьатилча, тІехьа хьаьжира Мохьмад.

Цунний, Іабдиний йуккъехь кхо гІулч йара.

Ца соцуш, ах гуо а баьхьна, хаьххина чардакхна хьалха а веана, урх оьзна, дин тІаьхьарчу когаш тІе хІоттийра Мохьмада.

ГІадбаханчу наха тоьхначу маьхьарша Іадийра майда.

4

Хаьххина говрахь тІевеанчу Іусмана, Мохьмад тІера чу а воссийна, хьалххе кечдина истанг букъа тІе а тесна, шена улло йаьккхина, йайн йорт эцийтира Лечега.

– Гора, борз, йаІ! Цхьана йуккъехь воха ца воьхнера хьо? – хаьттира Болата Мохьмаде.

– Дера, ца воьхнера…

– Воха-м ца воьхнера иза, ХортІин Іабдех кхеравеллера-кх, – кхоьссира Іумара.

Мохьмад гома хьаьжира шиче:

– ДІайаккхахьа и хІуора!

– Бере-м вуон вац, – кІантехьа гІо даьккхира Іаьлбага. – Цхьа гуо а гал ца велира. Дика кІант ву.

ХІокхара къамелаш дешшехь, Акхболатан Ахьмада говрашца хьуьнарш кхайкхийра.

– Хьалха кхаа урах дехьа а, кхаа гІуркхана тІехула а эккхийтина, йогучу цІарна йуккъехула а баьккхина, берда йисттехь дин сацо беза беречо, – кхетабора цо къовсархой. – Царах цхьаннах чекхвалаза висинарг йуьстахволу. Нагахь масех бере берда йистте кхачалахь, царах уггар йисттехь дин сацийнарг тоьлларг лорур ву. Къовса кечбелларш дІо дозане дІагІо. ЦІе марсайаьллачу хенахь тапча кхуссур йу ас. Шун пурбанца, сой, Акхтий берда йисте воьду.

Оцу уггар чолхечу, кхерамечу къовсарехь дакъалаца лууш иттех стаг бен ца велира.

– Вай хьалхадовлу йа тІаьхьасовцу? – хаьттира Іаьлбага Къайсаре.

– Ахь хІун олу, Болат?

– Нахе а хьаьвсина, тІаьхьа йукъадевлча?

– И де аш, – къобалдира царах уггар воккхачо – Іаьлбаган вашас Іала-Мохьмада. – Сиха дахана хи хІордах кхетта дац, боху. ХьалхагІертар дика дац. Нехан гІалат а гур, цунах Іалашдалар а хир.

Хьалхайовла говраш хохкуш санна, хІинца маьхьарий ца деттара наха. Шаьш чІогІо дистхилча а, говр галъйаларна кхоьрура. Амма йукъайаьхначу говрех шиъ бен берда йисте ца йеара. Шиъ – оьрнех тІехлелхаш, цхьаъ – гІуркхашна тІехула оьккхуш, йуьйхира. Йалххе говр цІерах дехьаиккхира, амма шиъ бен ца йелира йуккъехула.

– Бенарчу Солтмурдан говр бердан йистана кхо аьрша генахь сецна! – мохь туьйхира Акхболатан Ахьмада, – Гати-Юьртарчу ХортІин говр кхоъ ах аьрша генахь сецна! Кхин вуй къовса лууш?

Халла хаалуш урх озийна, шен сира дин хазачу йоргІахь майданан йистехьа дІахийцира Іаьлбага. Шийтта шо хьалха Мичкан йистехь хилла Іаьржачу аматахь и каде кІант дагавоуьйтуш хІумма а дацара цуьнца. ХІинца оцу сирачу динахь воьдура буто, дуьзначу йуккъерчу дегІара, тІехьаьжча ткъе пхиъ, ткъе йалх шо хенара къона стаг. Горгачу йуьхьа тІехь йоцца лергинчу Іаьржачу можана тІехула къаьсттина бІаьрла йара цІен бос беттало беснеш. Лекхачу хьаьжа тІе таІІош тиллинчу боьмашчу холхазан куйнна кІелхьара жугІара шен ши бІаьрг вевзачун йуьхьа тІехь сецча, хазахетий, корта а таІабой, балдаш вовшах ца къастош, велакъежара иза. Духарца а, герзаца а къаьстара иза кхузарчу адамашлахь. Чордачу машин боьмаша чоа, чухула йуьйхина луьстта ветанаш доьхкина мокхачу лаьстиган гІовтал, когахь кІеда эткаш йара.

Іаьлбаг йукъаваьлча, майданна тІехула лохха гІугІ делира.

– Иза мила ву?

– И ца вевза хьуна? Симсарарчу Олдаман кІант Іаьлбаг-Хьаьжа ма ву иза.

– Нохчмахкахь цІейаххана вуьйцу Іеламчий?

– ХІаъа.

– Иза маца кхиъна оццул воккха молла хила?

– Кху агІор болчу молланашца дешна а ваьлла, ДегІастанара цхьа воккха молла а валийна, цуьнга хьехийтина цо шена.

– ХІай-хІай! Генарниш чибара ма бу! Исс Къуръанах дуй буур бара-кх ас, цо валийна молла нийса бисмилла деша хууш хир вац аьлла.

– Хьаьжо ву, ца боху иза?

– Баха а ца бохуш, ву-кх.

– Оццул къоний?

– Цул воккха Іала-Мохьмад а, жиманиг Іеламха а – кхуьй а ву уьш хьаьжо.

– Чалба ма йац цуьнгахь?

– Хаац, лелайац-кх цо.

– Вукху вешехь а йац…

Майданна йисте кхаьчча, ша кхуза стенна балийна хуу Іаьлбаган дин синтем байна хьийзара, дуткъа-деха кІайн лаг сеттош, гаьллаш йегош, берг йетташ, бай охкуш. Говран логах дайн куьг туьйхира цо. ТІаккха, шен хаьнтІера тур а, букъа тІехьара топ а нисйина, куьг хьаькхна, дуькъа, Іаьржа ши мекх а шардина, кІажаш таІийна, дин дІахийцира Іаьлбага.

– МашаллахІ, бІаьрг ма хила хьуна!

– ХІоппІахь! ХІоппІахь!

– Ва нах, тІемайолуш хетий иза?

– Лаьттах ког-м ца хьакхало!

– ХІоппІахь!

– Бере, хьаха, ву динна тІехь воьттича санна!

– ХІоппІахь! ТІаьххьарa гІуркх!

– КІайн леча!

Гонаха наха лохха дечу къамелашка ла а доьгІуш, Іаьлбагна тІера бІаьргаш дІа ца бохуш лаьттара доттагІий. Тахана кхузахь толамбаккхар шаьш схьалаьцначу Іалашонан толаман закъалт хетара царна. Шокъали санна, цІера йуккъехула иккхина йахана говр, шовзткъа аьрша лекхачу бердана гуттар йисттехь тІаьхьарчу когаш тІе а хІуттуш, цІеххьана сецира. Іаьлбаган а, цуьнан говран а кхераме хьуьнарш дуьххьара ца гинехь а, Къайсаран а, Іала-Мохьмадан а синош, лахкаделла, кІажийн пхенаш чу диссира. Цхьа чо а галйалахь, шена тІерачу беречуьнца оцу тахьтазаре чугІур йара иза. Амма Іаьлбаг шек а вацара. Оцу хьолехь минотехь сов лаьттира иза, Ахьмадан, Акхтин дехарца ша дІаваккхалц. Ша йолччохь тІаьхьарчу когаш тІехь говр йуха а хьовзийна, хьалха ша биначу некъан дуьхьалонаш хедош, чекхваьлла, иза боларехь шен доттагІашна тІеволавелча, хІорд санна, техкира майданара адам.

БолатгІарна уллохь лаьттачу нехан къовсамаш бевлира.

– Маккахь-Меданахь мел дешначу Къуръанор, ву и стаг эвлайаийн дакъа долуш!

– Дика дин хилча, дакъа а хуьлу.

– Хьо хаал цунна тІе?

– Хиъча, дера, ву хьалха тІенисвеллачу ор чу вужур!

– Йа, цІергахь хечин айла а йаьгна, вуьсур!

– Маккахь даьккхина жайна хир ду цуьнан дегІаца. Йа цуьнан говран хьаьжа тІехь кхозучу хІайкална йуккъехь.

– Хабарш! ДуьххьалдІа майрачу беречо, ша санна, майра дин а Іамийна.

– Хьажа, хьажа! Эла Авалу ву цуьнга куьг лестош!

Баккъал а, беречун хьуьнарх цецваьлла эла Авалов ван а вара, Іаьлбаг декъалвеш, куьг лестош.

– Бакъволу бере ву иза! – бохура цо уллорчу Чомакхе. – Дуккха а меттигашкахь, дуккха а къовсаршкахь хилла со, амма и тайпа дин ца гина суна. Мичара ву иза? Симсарара… Симсарара… Зандакъана къилба-малхбалехьай? ЛадогІахьа, Чомакх, Гуьржех болу берриг сайн мохк дІалур бара-кх ас оцу динах. ГІой, мах бийцахьа цуьнца.

Чомакха корта хьовзийра:

– Бухкур бац.

– Кхо мах белча а?

– ХІара Яьссин тогІе йуьззина деши делча а.

– Ой, иштта хьалдолуш ву иза?

– Къен а вац. Амма ламанхоша иштта дин а, герз а атта дохкац.

– ХІета, дуьтур вай иза, – куьг ластийра Аваловс.

Къовсаршкахь уггар чолхе, кхераме, хала хьуьнар кхиамца чекх а даьккхина, шайна тІевеанчу доттагІчунна говраш тІехь боллушехь маралилхира Къайсар а, Болат а. Къона ІумаргІар бІаьрг буьзна хьуьйсура цуьнга. Шена и дерриг бен ца хетачуха, вист ца хуьлуш Іара Іала-Мохьмад. Амма жимахволчу веше бовха безам а, цуьнан майраллеххий, хьекъалххий, Іилманаххий дозалла дара иза цунна виллина дІа улло ваьккхина лелориг. ХІинца а дукха къена воцчу Олдаман йалх кІант вара уьш: Іала-Мохьмад, Іаьлбаг, Іеламха, Іарапха, СултІи, Зеламха. ТІаьххьарниг хІинца а пхийттара а ца ваьллера. СултІина кху шарахь бакъо йеллера герз лело а, баккхийчаьрга куьг лоцуш маршалла хатта а. Воккхахчу шен кхаа кІантаца Макка Хьаьж-ЦІа а вахана, йаханчу гурахь цІа веанера Олдам. Майра, хьуьнаре Іаьлбаг оцу доьзалан а, йуьртана хьовха, дерриг зандакъойн тайпанан а доккха дозалла дара. Цундела, иза дІасавоьдуш, воккхаха ваша даим цуьнца хуьлура.

ДІадоьдура хьуьнарш къийсар. ДегІо ма-ллов герзашца кечбеллачу береша говраш хоьхкура шуьйрачу майданахь. ТІемадевлла олхазарш санна, чехка йогІучу говрашкахь тайп-тайпанара хьуьнарш гойтура цара. ДІо вогІу бено, цхьана куьйга нуьйран хІоъ а лаьцна, шине агІор охьалелхаш, кхоссалой йуханехьа нуьйра хууш, гуоэцна вогІу. Ткъа цунна тІаьхьара цІонтаро, шед тоьхна, говр марса а йаьккхина, урх дІа а хецна, нуьйрахь ирахь вогІу, роггІана цхьацца кога тІе а хІуттуш. Хье тІехь кІайн сет а, когаш кІайн а болчу Къайсаран дин тІехь гуш бере вац. Хьал ца хуучунна моьттур ду, иза, бере а воцуш, хецайелла йогІу. Амма Къайсар, луьйтанара схьа когаш ца бохуш, цкъа цхьана агІор, тІаккха вукху агІор кхийзалора йа, говран агІонца вахлой, къайлаволура. Кортош, когаш хедийна, йукъ-йукъа лаьтта охьакхийсина газанан чархаш, кадетташ, ойъий, говра тІе хьалайоху. Хала ду массанхьа охьадехкина, шардеш, къагийна дато соьмаш схьаэца. Амма кхин а чолхе ду соьмана йуккъе тапча тохар. Къайсара кхо сом схьаоьцу. Ткъа Болата кхаанна йукъаметте тапча туху. Хьалакхоьссинчуьра охьадогІу шай, топ йетташ, йуханехьа ирхъоьхуьйту цхьаболчара. Шера цІанбина ца Іаш, ткъа тІе йоькаш хьаькхначу иттех аьрша лекхачу гІуркха тІе хьалабийларх а къуьйсу. ГІуркха буьххьехь хьостамах хьалаоьллина йу даьргІахойн тоьллачу пхьераша йина шаьлта. ТІаьххьара а хьуьнар туьрца серий хедор ду. Говрберийн карахь ткъесах лепачу тарраша, йуккъехула хедош, охьаэгадо шина могІарехь, халла ирахь совцош, лаьттах Іиттина дуткъа серий. Цхьа бере чекх масазза волу, бераша, хьолхий доьлхий, керланиш дІахІиттадо.

Ткъа гуонна йуккъехь ченан кІур гІуьтту, дийнна окъамашца хІаваэ хьалаоьху говрийн бергаша тІаьхьатуьйсу латта. Хьуьнарна шаьш резахилар наха хоуьйту маьхьаршций, хІаваэ хьала а лоьцуш, герзаш кхийсарций. Ахьмада а, Акхтас а леррина толлу къовсаме гІуллакх. Эла Аваловна а цхьана ханна дицделла шен хьаькамалла а, возалла а. Кавказхочун цІий Іац шениг дитина. Коьртара фуражка охьа а йиллина, нахаца цхьаьна гІадвахана мохь хьоькху цо а.

Хьуьнарш къийсар а, ловзарш а чекхдевлча, цхьаммо а бина хаам боцуш, амма омра дича санна, дерриг адам чардакхна тІедолало. Йоцца кхеташо йиначул тІаьхьа кхиэлахоша тоьллачийн цІерш йоху:

– Гуонехь хаьхкича, тоьлла Гати-Юьртарчу Аьрзун кІентан Мохьмадан говр! Уггар кхерамечу, халачу хьуьнарехь тоьлла Симсарарчу Олдам-Хьаьжин кІентан Іаьлбаг-Хьаьжин говр! Говрашкахь хьуьнарш къовсуш, тоьлларш – Гати-Юьртара Ойбан Къайсар, ДанчІин Болат, ЦІоьнтарара Гарин Ахьмад. И цІераш йаьхначара шайн

совгIаташ дIаэца.

Тоьлларш декъалбеш деттачу маьхьарший, кхуьйсучу герзаший йуха а къардира хIаваъ.

5

Хьаьсарта дахана адам дIатийча, ХортIас куьг хьалалецира.

– ЛадогIал, нах! Эла Авалус къамел дийр ду хIинца!

Цхьана ханна кхуза гулбеллачийн сибате вирзинчу гуьржичух оцу минотехь йуха а округан начальник, эпсар, эла Авалов хилира. КIайн тIе а, Iаьржа лаба а йолу кокардица фуражка коьрта а тиллина, мекхех куьг хьаькхна, йайн йовхарш туьйхира цо. ТIепаза йайра Iаьржачу бIаьргаш чохь йогу самукъне цIе а. Дукъа тIехь голатуху мара а аьрзунан зIакарх тарбелира.

Цхьана жIаро а, мидало а кечбина шуьйра накха меллаша дIаса а хьийзош, оьрсийн маттахь дехха къамел дира цо.

– Нохчий! Йоккха пачхьалкх йу Росси. Дукха къаьмнаш ду цунна чохь дехаш. Мацах цкъа арахьарчу мостагIаший, вовшашлахь хуьлучу тIемаший талораш деш, цIий Iенош, маьрша дахар хIун йу ца хиъна Кавказан къаьмнаш тахана Цуьнан Императоран Воккхаллин, оьрсийн паччахьан нуьцкъалчу тIома кIел ирсе, бертахь, цхьа вежарий хилла деха. Цунна тоьшалла ду, арахьара мостагI Россина чугIоьртича, массо къоман кIентий паччахь а, Росси а ларйан дахIуьттуш хилар. Россин, вайн даймехкан, мостагIий бу цергаш ирйеш. Тохаро бен сацош вац мостагI. Ницкъо бен йухатохац ницкъ. Цундела Кавказан массо къомо оьрсийн толамечу эскаршна гIоьнна шайн полкаш вовшахтоьхна. Гуьржаша, эрмалоша, гIажароша, хIираша, гIебартоша, чергазоша, дегIастанхоша, гIалгIаша, кхин массара а. Цара дуьххьара гойтуш йац шайн муьтIахьалла. Ала лаьа, тIаьххьара туркошщий, англичанашщий, французашщий Россин хиллачу тIамехь дуккха а нохчаша дакъалацар а. Цара турпала хьуьнарш гайтира, вайн даймехкан мостагIех леташ. Цуьнан Воккхалло Императоро эрна ца дитира нохчаша оцу тIамехь хьегна къа а, Iенийна цIий а. Оцу тIаме бахана нохчий орденех накхош, ахчанах кисанаш дуьзна баьхкира цIа. Уьш хIинца а бу Iедало сий деш. Ткъа и шун аьрха амалш бахьана долуш, йеххачу хенахь мераберан хьолехь латтийначу нохчашна цуьнан императоран воккхалло кхушара йуха а тешам белла шен эскаре хIитта. Амма нахана хаац паччахьо шайна диканиг оьхьийла. Шайга кховдийна къинхетаме куьг дIалаца лаац. ВархIий-вархIий дайшкахь дуьйна майра тIемалой, къонахий бу бохуш, дуьненахь а цIейаханчу нохчашлахь тахана эскаре вала лууш эзар стаг а каравац. Къонахалла йайна шун? Майралла йоьжна? Герз лело хаац? Мичара! Тхан говраш йац, тхо къен ду бохуш, бахьанаш хIиттадо. Аьшпаш! Маса бIе дин бу кхузахь! Маса бIе майра кIант ву кхузахь! ДуьххьалдIа шайн йухахьаралла, ца лаьа-кх! ХIуьттаре лело дуй биъча санна. Шун къоман сий лардан лууш, шуна йукъахь цхьакIеззиг къонахий ларбинчу Далла бу хастам. Уьш Даллий, паччахьний муьтIахь нах бу. Цара шайн кIентий цуьнан воккхаллин кара дIало…

Дайн ши мекх хьовзийна, адамийн тобанна тIехула курра бIаьрг кхарстийра Аваловс.

– Пурба луо суна оьрсийн толамечу эскарийн могIаршка баха кечбелла шун йуьртан уггар тоьлла кIентий, – шен карарчу кехата тIе хьаьжира Авалов: – Хортаев Асхьаб, Товсолтанов Хьуьси, Бораханов СаьIид, Сатуев Солтха а Цуьнан Императоран Воккхаллин цIарах декъалбан а, уьш кхетаме кхиийначу церан дайшна-наношна баркалла ала а! Шун некъ дика хуьлда, майра кIентий! БIаьхаллин хьуьнаршца шайн къоман сий айъа аьтто хуьлда шун.

Тоьхначу тIараша йуха а йекийра майда.

Эла Аваловн къамел гочдан хьалхавелира поручик Ойшин Чомакх. Паччахьо йекхачу шуьнехь важош вацара шен тешаме йалхо. Ал басахь цIен беснеш, дуькъа, хьаьрса цIоцкъамаш, царна бухахь хIиттина къинхетамза бIаьргаш, шад беш хабийна хьаьжайукъ. Тодеш, даим тIе ка хьоькхуш латтош даккхий дуькъа, хаза мекхаш. Шуьйрачу некха тIехь лепа мидал. Баьццарчу атласан гIовталан ирахIоттийначу коча йуккъе Iаьвдина стомма ворта. Къамкъарг-м, хьаха, йац хIумма а вуон йекаш. Даьссачу маьждиг чохь санна, чIогIа а, шера а дека цуьнан аз.

Цо гочдечу элан къамелах ца бешаш, лохха биэларш лелха нахана йукъахь.

– ЧIогIа ирсе деха!

– ХIай, бIаьрг ма хила вайна!

– Дела диса вай, оцу паччахьан и вай лардо тIам а бойна, эрна!

Къайсарна тоххара кIордийнера и къамелаш. Ден дагара хууш санна, цхьана меттехь саца ца туьгура цуьнан говр а.

– Дуьлойша, цIа гIо вай, Iаьлбаг? – доттагIчун белша тIе куьг туьйхира Къайсара.

– Йукъара а къаьстина, дIадахча, гIиллакхе хир дац.

– Церан даьссачу хабаршка ладоьгIуш Iан деза ткъа?

– Собардер вай. ХIинца а цхьаъ дан гIерта уьш. Товсолта ву чардакха тIе волуш.

Тахана йеха, баьццара оба а йуьйхина, лекхачу холхазан куйна гуонаха, ло санна, кIайн чалба а хьарчийна, детица кхелина шаьлта йукъах а йихкина, кечвелла Товсолта-Хьаьжа говрахь, меллашчу боларехь вахана, чардакхна хьалха хIоьттира. Кху шийтта шарахь Товсолта-Хьаьжа дукха хийцавалаза висинера. Амма халла хаалуш букара хьаьвзинера хьалхалера нийса букъ. Белшаш а жимма охьайахча санна хетара. Шен къежвалар хьулдора цо. Корта цIенна дIабошура, ткъа маж-мекхана сих-сиха цIен гIина дуьллура.

Товсолта-Хьаьжина тIаьххье, дикачу дойшна тIехь вахана, цунна улло дIахIоьттира цуьнан кIант Хьуьси а, ХортIин Асхьаб а, Бораханан СаьIад а, Сатун Солтха а. Дика кечвелла вара хьалхара кхоъ. Детица кхелина говрийн гIирсаш, тIедуьйхина цхьатера чоэш а, гIовталш а, коьрта техкина Iаьржачу холхазан куйнаш а. Малхехь лепара коча тийсина а, йукъахдихкина а безачу механ герзаш. Вуьшта, Солтханан барзакъ ледаро дара, цаьрца дуьстича.

Товсолта-Хьаьжина дагадеанарг хаа лууш, сакIамделла нах тапъаьлла тийна лаьттара.

– Тхан хьомсара хьаша, тхан лераме хьаькам эла Авалу! – тийналлехь даьржира Товсолта-Хьаьжин мукъаме, дуькъа аз. – ХIара таханлера де цкъа а дицлур дац тхан йуьртана. Тхан къоьлле, мискалле ца хьоьжуш, тхуна куралла ца йеш, кхуза веанчу хьуна Дела реза хуьлда, Дала йуьхькIомаца дукха а вахавойла хьо! Тхо цхьадолчийн лааме диллича, тахана вайн воьдург виъ хилла Iийр вацара. Оха уьш бIе хуьлуьйтур вара. Ма-луъу ца хилча – ма-торру, олуш ду тхан. Тхешан ницкъ кхаьчнарг дина оха. ХIара тхешан бераш, хьалха – Делан, шолгIа – хьан кара ло оха. Тхуна боккха синтем бу хIорш Момин Хьотица эскаре боьлхуш хилар а. Момин Хьота майра а, хьекъале а къонах ву. Иштта ша хилар цо гайтина вайн паччахьан мостагIашщарчу тIамехь. Ткъа шу, кIентий, – тIехьа лаьттачу веанна тIевирзира Товсолта-Хьаьжа, – шу ледара ма хилалаш. Вайн сийлахьчу дена – паччахьна – шайн муьтIахьалла гайталаш. Хьаькамаша шайга сийначу цIерга лелха алахь – бIаьрнегIар ца тухуш, йукъалелха. Варийлаш, шайх бехк балийтий, кIиллолла йалийтий, цIа ма дерзалаш. Гатийуьртахой тешна буьсу аш паччахьний, Россиний хьалха шайн декхар кхочушдийриг хиларх. Дала могаш-маьрша, толамца шайн доьзалшна тIе цIа дерзадойла шу!..

Аваловс цхьа масех дош аьлча, чардакх тІера чувоьссинчу Момин Хьотас, тІе а вахана, хьалха Товсолта-Хьаьжин, тІаккха веа лаамхочун куьйгаш а лоцуш, баркалла элира царний, церан дайшний.

Цхьа масех минот йаьлча хьеший, ХортІина тІаьхьа а хІиттина, йуьрта бахара.

Кхузахь тахана гинарш дийцаре а деш, дІасабахара нах а.

II корта. **БЕРСА**

ХІан-хІа, гІоли йу

Дорцах ницкъ бустар,

Садаллалц, бакъ къуьйсуш,

къийсамехь летар,

Тийначу бердашка а хиъна

ЧІеІачул, чевнашка а хьоьжуш.

А. Мицкевич

1

Шайн совгІатех баккхийбе Мохьмаддий, Іумаррий, Іусманний сихха Іала-Мохьмадца йуьрта дІа а хьовсийна, адам кІезиг лела некъ къастийна, Іаьлбагца регІа хьалаволавелира Къайсаррий, Болаттий.

Толамца ша йаьккхина кІайчу маьІан мукъ болу шаьлта а, детица кхелина тапча а Мохьмадна йелира Болата. Доза дацара кІентан воккхаверан. Детица кхолуш кечйина нохчийн нуьйр а, дуьрста а, тІехула тІе, тайниг санна, хаза тапча а. Ма ирсе вара-кх иза, биллина дог огуш цхьа бала бацахьара! ДІайаханчу гурахь лаьцна Сибрех вахийтинера цуьнан ден ваша а, цунна дика хилла Маккхал а. Дерригенах а ца кхетара жима Мохьмад, амма ден вешин а, ден доттагІчун а ойланаш гушдоцчу пхенаш чухула цуьнан дагах йоьллера. Тахана оццул хаза деана хІара ловзаран де а къахьделира цунна, маьлхан зІаьнаршлахь белшашний, накхошний тІера деши, дети лепош чардакха тІехь лаьтта и берстина эпсарш гича. Уьш бу, иза дуьнен чу а валале, цуьнан да Аьрзу гена, хийрачу махка вахарна а, цигахь иза кхалхарна а, цхьайолчу цхьана ненаца иза байлахь висарна а, цуьнан ден ваший, ден доттаггІий Сибрех хьажорна а бехке.

Дависарг-йаІ, цкъа пхийттара валахьара иза! ТІаккха-м цо чІир оьцур йара царах! Амма гена йу-кх и хан а. ХІинца а – кхо шо!

Элхьамцан, хьаьмцан, стовн диттийн йуькъачу хьуьна чухула басех хьала, лаьхьанах сетташ, эвла боьдучу готтачу новкъа тІаьхьий-хьалхий могІа бина воьдура кхо дошло. Хьалха Къайсар, йуккъехь – Іаьлбаг, тІаьхьа Болат а волуш.

Цхьа-ши бутт хьалха боьлуш хуьлучу доттагІаша, цхьанна хазарна кхоьруш санна, лохха къамелаш дора. Іаьлбага хоьттура, кхузахь даьхний Іаьнах муха девлла, бІаьстенан йалташ дер дІа муха доьду. Къайсара дукха ладегІнера Макка ваханчу кхаа вашас цигахь а, новкъахь а шайна гинарг дуьйцуш. Амма цаьрга хеттарш цкъа

а ца кхачалора Къайсаран. ХІинца а къамел хьовззийна оцу тІе далийра цо.

– Уьш дитахьа, Іаьлбаг, и Іаьрбий хІун тайпа къам ду?

– Ой, масазза аьлла хьоьга, йен бух санна, Іаьржа адамаш ду.

– Ас-м и ца хоьттий. Майра къам дуй иза?

Іаьлбаг жоьпана сих ца велира.

– Муха эр дара иза? – дош ца карадора цунна. – И къам ша кІилло ду, олийла йац. КІиллочу адамийн мохк бац буьрса лаьмнаш, йовха гІамарш а. Цул сов, жайнаша дуьйцучун ойла йича, Пайхамаран, цуьнан асхьабийн а заманахь туьраца даржийна цара бусалба дин. Шемахула, Мисархула, Бухарехула, ХІиндехула, вайна буьйцу а ца хезначу мехкашкахула. И дерриг а хьалха хилла. Ткъа хІинца и Іаьрбийн къаьмнаш цхьадерш туркойн, кхинаш перангийн а, ингалсийн а когаш кІел дохку, боху. Маршонах хаьдда, шайн мехкийн дай а боцуш. Иза а, важа а цаьргара дІайаькххина оцу мехкашдІалецархоша.

Цхьана масех минотехь сецира доттагІийн къамел. Іаьлбаган тІаьххьарчу дешнаша ойлане бехира уьш. Баккъал а, хІун йу маьрша доцу къам? Лай ду-кх. Старо санна, болх бийр бу цо, шен гай йузо. КхидІа дац-кх. Амма и гай а хуьлу цуьнан даим тутмакхан санна. Дуьне дац цо дуург. Лай хилла вехачул, шен маршонехьа къуьйсуш, валар гІоле йу.

Цхьа дагна там беш дара некъан йистош къарзйинчу бес-бесарчу зезагийн, муьстаргийн можачу кенийн, хьорамийн кІайчу, стовн дитташна тІерачу можачу зазийн хазачу хьожано дуьзна хІаваъ. Некъан йистошкахь малхехь дийшина Іохку моьлкъарчий, хІорш гергакхочуш, шарх-ширххехь дІауьдуш, коьллашлахь къайладуьйлура. Баьццара холхаз хилла регІа тІе йижинчу варшахь, вовшашца къуьйсуш, бес-бесара иллеш, шакарш йеттара олхазарша. Амма берешна ца гора бІаьстенан Іаламан и исбаьхьалла, олхазарийн и даккхийдер. Болатна хьалхахІуьттура мацца а цкъа Гати-Юьрта цІа боьрзу болу ХортІин Асхьаб, Товсолтин Хьуьси, Бораханан СаьІид. Дикачу дойшкахь, дезачу герзех боттабелла, белшаш тІехь хьесан погонаш, накхош тІехь ордалш, мидалш а лепаш. Іедало буьтур ма бац уьш, цара диначу гІуллакхна, церан муьтІахьаллина цхьа йал йоцуш. ТІаккха кхитІе а халкъана бале бевр бу…

– Іелин а, Маккхалан а хабар дуй? – тийналла йохийра Іаьлбага.

– Кехаташ даьхкина цаьргара. Могаш-дийна ву ший а. Сибрех дІакхаьчна шаьш, боху.

– Цхьаьна буй хІорш?

– ХІан-хІа. Къастийна.

– Мича хьолехь бу?

– Хетарехь, гІуллакхаш дика дац. Іелас, шаьш лаьттах эчиг доккхуш ду, ткъа МаккхалгІар хьун хьокхуш бу, боху. Шийла, цхьа пана мохк бу, боху.

Іаьлбаг, кхин хеттарш ца деш, ойланашка вахана, сецира. ДІадахана шийтта шо машаре хиллехь а, синтеме дацара Нохчийчохь. Халкъо собаре садеттара шена тІетеІочу харцонна. Мохк-м тоххарехь дІабаькххинера цаьргара. ДІабаькххина бохург дицделлера цуьнан керлачу долахошна. Моьттур дара, иза, церан ворхІе дайх бисина, царна кхаьчна. ХІор а шарахь дебара нохчийн къомах дуьйлу цІубдарш. Эпсарш, совдегарш, молланаш. Уьш массо а хьаькам вара къечу нохчочунна. Ницкъ цаьргахьа бара. Уьш шен тІома кІел лаьцнера Іедало. Царна тІе а тевжина, халкъ таладора цо. Нохчочунна дихкинера БІаьн-Некъал лаха вала. ГІалахь гучуваьлча, йаппарш йеш, сийсазвора. Шен кха тІе йаьлла вир санна, лоллура.

Халкъо садеттара, амма, кхидIа сацо ницкъ боцуш, цуьнан дог дуьзнера дералло, цхьа суй оьшура кхузахь цIе лато, оцу харцонашна дуьхьал халкъ гIатто.

ДIадаханчу шарахь дагахь доцург хилира гIаттаман кечамна. Цхьаннан маттаца куьйгалхойх масех стаг лецира. Бакъдерг аьлча, коьртачех кхоъ бен ца нисвелла царна йукъа: Муслон ШоIип, Iабдурахьмин Маккхал, Абубакаран Iела а. ХIетахь Iаьлбаг цIахь вацара, деций, вежаршций Макка вахана.

Дарц дала герга ду хIинца. Цуьнан куьйгалхойх ву Iаьлбаг а.

«ХIун хир-те сох? – хоьтту цо шега. – Йа, шайх Мансур санна, махкахваькккхина, доь доцуш войъур-те, йа, Бийболат санна, тешнабехкаца тIаьхьашха тоьхна, вуьйр-те, йа имам ГIеза-Махьма санна, турпала вужур-те, йа, БойсагIар санна, тангIалкха тIе хьалаозор-те?»

Кхо бере йуьрта йисте кхочуш, дехьа басахула охьа шовданна тIебогIучу гIашлойн новкъахь, пхьаьрсах тесна гIели диллина цIестан кIайн кIудал а йолуш, кегийра гIулчаш йохуш йогIу йоI гучуйелира. БIаьстенан мелачу махо хьоьстура, цуьнан коьртарчу гуьлмаьнди кIелхьара ара а гIоьртина, шерачу хьаьжа тIехь чIагаршца охкайелла Iаьржа месаш. ДIа мел боккхучу когаца, нийсачу букъа тIехь ха хоьрцуш, цкъа цхьана, тIаккха вукху агIор керчара настарш тIе охьайеана йеха, стомма кIажар. Оцу боцачу новкъахь маситтазза а хийцабелира цуьнан йуьхьа тIера бос. Севсина, ховха балдаш цкъацкъа делалой, шагатIулгах йича санна йолу кIайн, нийса цергаш гучуйовлура. Ло санна, кIайчу, дехочу логаний, горгачу беснешний тIехула, цIен бос баржош, йовха тулгIе хьодура, гIодайукъ къовлуш тIейуьйхинчу готтачу гIабали кIел, хьерадаьлча санна, тохалора дог. Хеталора, некха тIера дато чарпазаш эххар а ткъаршшехь лоьлхуьйтур йу.

ТIаккха, жимма Iай, йоьIан хазачу йуьхьа тIехула сингаттаман мархаш йаьржара. ТIепаза бовра ал бос, хиллачу баьллех тера балдаш а кIайлора, ца тохалуш совцура бIаьрнегIарш а.

ЙоьIан кийрахь къуьйсуш шиъ мостагI вара: безам, цабезам. Амма цуьнан карахь бацара шен кхоллам. Цо иза Делан кара беллера, дог ца дуьллура ирсах…

Боьрахула хьалавогIучу кхаа беречух цIеххьана бIаьрг кхетча, кхерайелла, дегI дегийра цуьнан. Амма, Къайсар а, Болат а вевзина, дегIан массо пхенашка йовхо хьаьдира. Хьалха вогIу Къайсар, шена тIаьхьарчу беречуьнга масех дош аьлла, шовданехьа охьавирзича, шен болар сихдира йоIа. Чу хи а кхерзина, шен кIудал хе Iарждинчу дечиган апари кIел хIоттийна, кIудалан гай декош зурманца чуIеначу шийлачу шовдане ла а доьгIуш, шен везаран доттагI тIекхачаре хьоьжуш, сецира иза.

«Болат хIунда ца веа-те? – даг чу кхерам тесира цунна. – Наха дуьйцучух тийши-те иза?..»

– Хьан де дика хуьлда, Деши! – чу а воьссина, багара гаьллаш дIа а йаьхна, говр ной тIе хийцира Къайсара.

– Диканца дукха вехийла хьо а, Къайсар!

Дуткъачу гуьлмаьндин тIам, логах хьарчош, тIехьа а тесна, хьаьжа тIера месаш къайла а йаьхна, Къайсарна тIе хаттаре хьажар дуьйгIира йоIа.

– Хьо тахана ма хьалхе йеана хи тIе?

ЙоIа доккха садаьккхира.

– Сагатделла сан. Аш толамаш баьхна бохуш, хезира суна. Тахана санна, аш дуьнен чохь йоккхучу йерриг ханна Дала йуьхькIам болда шуна!

– Дела реза хуьлда хьуна, Деши. Хьуна хаза мукъане а хийтин-те?

– Хетта а хоьттий ахь, Къайсар! – хаза балдаш дегабааме саттийра йоІа.

Къайсар велавелира.

– Наха дийцарехь-м, хьан ойла кхечу агІор йирзинчух тера ма ду?

– Ахь бехк ма биллалахь, Къайсар, зударийн эладитанех тешар къонахашкахь товш ца хета суна-м.

– Ишта-м дара иза, Деши, делахь а «безам» бохург дукха экаме хІума йу-кх. Цхьажимма хІума а тоьу-кх иза лазо а, хьаста а. Вай хьелашца дуста доьлча, тхо – лахахь, ХортІин Овхьад – лакхахь ма нисло. Овхьадан ден хьал ду, ткъа Овхьад ша, вайна ма-хаъара, Буру-гІалахь оьрсийн дешар дешна а ваьлла, хьаькам хир волуш стаг ву.

Хих йуьзна, бертехула тІехтуьйсу кІудал апари кІелхьара схьа а эцна, охьахІоттийра йоІа. Оцу минотехь йайра къоначу йоьІан йуьхьа тІера эсалалла, Олхазар санна, тІамарш йаржийна, охьалахделла Іаьржа ши цІоцкъам айъаделира, йуккъехь жима марха а гулйеш.

– Соьга и ала векал вина ваийтина хьо Болата? Ша хІунда ца веана иза? Йа кхин соьга вист ца хила чагІо йина цо?

– ХІан-хІа. Болата дийца гІиллакхехь доцург ду ас деанарг.

– Охашимма вовшашка дийца йиш йоцуш, галдаьлларг хІун ду?

– Цуьнан тайпа-тукхам, схьаваьлла меттиг бац бохуш, дийцина хьоьга.

– ТІаккха?

– Иза Шелахь уггар доккхачу тайпанах, оьздачу цІийнах схьаваьлла а, Гати-Юьртахь уггар тоьллачу наха тІелаьцна а ву. ГІуллакх галдаьлла веана-кх иза вайн йуьрта. Шен гергара нах берриг Хонкарахь хІаллак а хилла.

– Уьш дерриг суна хаьа, Къайсар.

– Цундела керчина хир йу хьан ойла Овхьадехьа. Уьш хьал долуш ма бу. ХІара къонахийн зама йац, Деши, молланийн, совдегарийн зама йу.

Къорзачу гуьлмаьндин тІам карахь хьекхош ладоьгІуш лаьттачу Дешис, шен жима, хаза корта жимма агІор а саттийна, жугІара хаза бІаьргаш Къайсарна тІебуьйгІира.

– Хаац, Къайсар, хьой, хьан доттагІий соьга хІун алийта гІерта. Нагахь, ХортІагІар нах бац, ткъа Овхьад къонах вац ас эр ду моттахь, цуьнга ла а ма дегІа. ХортІин хьал ду, иза Нохчмахкахь лоруш стаг а ву, Овхьадна ала а дац сан хІумма а. Куьце, гІиллакхе жима стаг ву иза а. Со цунна хьехош йу, сан нах оцу захалонна дуьхьал а бац. ХІинца хІун де вай ткъа?

Къайсар, цецваьлла, Дешега хьаьжира. Цунна цкъа а дага ца деанера, оцу эсалчу, экамечу йоьІехь иштта собар а, бакъдерг йуьхьадуьххьал схьаала майралла а, ницкъ а хир бу бохург.

– Хьо бакъ лоь-кх, Деши. Овхьадна ала хІума дац тхан-м. Амма ахь, йогІур йу аьлла, Болате делла дош ду. Шина шарахь тІе а хьийзийна. ХІинца хьо йухайаьлча, тхоьга лалур дац. Ахь Іехо бераш ма дац тхо.

– ХІун дийр ду аш? – йоІа шен хаза корта йуха а курра Къайсаре хьажийра. – Тахана санна, со шовдане йеача, нуьцкъах, текхош, йадийна йуьгур йу?

Къайсаран садеІар сихделира:

– ХІан-хІа, Деши, и ца леладалла къонахалла йу тхоьгахь, – кІоршаме жоп делира цо эххар а. – Цхьа, тхаьш санна, миска-пекъар карор хир тхуна а.

ЙоьІан бІаьргех девлла сирла хиш, бІаьрнегІарийн дехачу, дуькъачу чоьш тІехь тІадамашка а гулделла, беснеш тІехула комаьрша охьахьаьлхира.

Къайсар вуьйхира.

– Суна моьтту къонахий ца хилла шу, – элира йоІа дегочу озаца. – Ас шаьш Іехош ду аьлла, дага-х деанерий шуна…

– Наха дуьйцу-кх…

– Со хІунда ца Іехало наха дуьйцучух?

– Хьанна хаьа хьан дагара…

Гуьлмаьндин тІомаца бІаьрхиш дІа а хьаькхна, йуха а кІоршаме Къайсаре хьаьжира йоІ.

– Ахь ца вешаш цІе йоху ХортІин Овхьад хьол, Болатал догцІена, оьзда карий суна-м, Къайсар. БуритІара цІа веача, шена со хьехор хиъча, меллаша кху хин коьрте а веана, суна хІун хета хьаьжира иза. Делхьа, Овхьад, сан-м хьуна ала хІумма а дац, хьан хІусамнана хуьлийла суна-м йоккха сийлалла а ма йара, амма суна везаш кхин ву, ас цунна делла дош ду, бертаза ахь йигча а, суна иза цкъа а дагара вер вац-кх аьлла, ас шена жоп делча, цо соьга хІун элира, хаьий хьуна? Бертаза со шена ца йигийта ша йукъара ву, цунах ма кхералахь, ткъа ваша воцчу Болатна ша ваша хир ву, хьуна баркалла хуьлда, элира-кх.

Къайсар, ша хІун аьлла жоп лур ца хууш, нуьйран бухкарш къуьйлуш, говрана гуонах хьаьвзира.

– Тхойшиннах нийса ца кхетта хьо, Деши, – элира цо, гаьллаш говрана бага а йоьхкина. – ХортІагІаьргахь безам бац тхан, хьерадаьллачу жІаьлешкахьчул башха. Амма Овхьадна ала хІума а дац. Цхьана а агІор. Куьце, майра, оьзда кІант ву. ХІумма а шайн доьзале хьаьжна а воцуш. Овхьад дика кІант а, цуьнан да хьолахо а хилар ма ду тхо кхерийнарг.

Шен кІудал, схьаэцна, пхьаьрсах а тесна, Къайсаре хьаьжира Деши.

– Кхерам бац шуна. Овхьад сайна везаш хилча а, гІур йацара со церан керта. Сайн мискачу хІусамера а йаьлла йахана, церан лай хуьлучул, Болатан баьрчехь элан сту хилла Іер ца тоьлу суна? – шен цІеначу, зевнечу озаца гІадйахана йелайелира йоІ. – ЦІе-м дика йара хьан доттагІчун, амма мехкаршна хьалха хІоьттича, хьаьрса поппар санна, кІадло-кх. ХІан, марша Іойла хьо!

ЙоІа цецваькккхина Къайсар, вехха цунна тІаьхьахьоьжуш а лаьттина, кхоссавелла говра а ваьлла, накъосташна тІаьхьаволавелира.

2

Эвла чу а ца воьрзуш, гІашлойн некъашкахула йуьстахйетташ, боккхачу новкъа а ваьлла, хьешаца дукъах охьавелира Болат.

Некъ цкъацкъа лекхачу, йуькъачу хьуьна чу булура, тІаккха керла аьхначу сизакхна уллохула болура. ХІинца а хьаннаш кхоччуш гІа даьлла йовлаза йелахь а, баьццара йара хІара рагІ. Кхаш дерриг аьхна ца девллехь а, тахана ца хезара ахархойн маьхьарий. Аьхна довлазчу ирзошна тІехь, хорша дІа а херцийна, Іохкура дечиган нахарш.

– Охана дина ваьлла хьо, Болат? – хаьттира Іаьлбага.

– Ваьлла. Дукха меттиг а йацара тхайниг.

– Хьуна кха деллий кхузахь?

– ХІан-хІа. Мичара ло иза? ДІо басара ножан лекха хьун йолу меттиг гой хьуна? Иза къастийна суна. Иза хьакха ницкъ ма бац сан. Аьрзун, Іелин кІентий анда а бовлийтина, тІаккха цхьаъ дийр ду-кх.

– Шела дІа ца ваха ойла сецна хьан?

– Шелий? ДІа-м гІур ву мацца а цкъа.

– Цигахь гергара нах буй хьан?

– ЦІийнан нах хилар бен, гергара, шича-маьхчалахь стаг вац. Винчу йуьрта, дай баьхначу метте бохуш, дІагІертарг хир ву-кх. Воккхахиллалц Маккхалий, Іелассий ца вахийти. ЦІа-цІе, бахам тарбина, вохуьйтур ву бохуш. Цара бохург герга маккхеччинехь, и шиъ, лаьцна, виги. Схьахетарехь, кестта хир дац сан винчу йуьрта верзар. Нагахь, цигахь рицкъанаш кхачийна, Іелий, Маккхаллий цІа а веана ца хилахь. Аьрзун кІентан шийтталгІа шо бен дац. Іелин воккхачу кІентан Іумаран хІинцца вуьрхІитталгІа доладелла. ХІан-хІа, Іаьлбаг, уьш баккхий а хилийтина, царна зударий а балийна, баха ховшийний бен, царах къаьстийла дац сан. Айза а, Эсет а гІорасиз йуьсу.

– Маккхалан доьзал хІун йу?

– КІант, йоІ ду-кх. КІентан пхи шо ду, йоІ, хІинцца ког боккхуш, хьаьдда-йедда лела. Маккхалан стунвежарша доладо шейн йишин берийн. И дІогара мекха баькккхина, шардина ирзо Маккхалан ду. Уьш ца хиллехь, шина бераца Ковсар а йуьсур йара сан кочахь.

– Шела сих-сиха воьдий хьо?

– Воьду, дера.

– Кегийрхой дукха бевзий хьуна цигара?

– Дукха-м ца бевза, делахь а, дикка бевзарш-м бу сан.

Іаьлбага Шелах лаьцна хеттарш стенна до-те аьлла, цецвелира Болат. Ткъа важа, хаттар а дой, вехха ойла йеш соцура.

– МІаьчига дийний шен кха?

– Дийна, дера. Цой, Васалий, шаьшшиннан стерчий а доьжна.

– Зуда Іаш йуй МІаьчиган?

– Дукха резахилла. Іайшат а ма йу, МІаьчиг санна, цхьа пекъар.

МІаьчиг гича, цуьнан цІе йоккху хезча, генна дІайахана и шен декъаза беральа дагайогІура Болатна. И цхьаъ вара кху агІор Болатан хиллачу бохамийн теш, хІара, ша санна, безачех хаьдда, гІаж санна, цхьа висина, цуьнца жоьжахатин ворхІе гуонах чекхваьлларг. ХІинца Болатна карладелира ши эзар сов адамийн гІаларт даймахка йухадерза новкъадалар, шаьш Арпачай кхачар, цигахь туркоша шайна тІе йаккхий тоьпаш тохар, дийна бисинарш, гуонаха ха а даькккхина, йухабигар…

БІаьстенан йуьххьехь Турце кхелхинчу ткъе кхаа эзарнах гурале дийна висинарг иттех эзар бен вацара. Оцу Іай хІорш дІасабаржийра Турцин къилбен агІонца. Борц санна. Масех доьзал цхьана йуьрта а нисбеш. Іа чекхдалале оцу итт эзарнах а нийсса ах хІаллакьхилира. Мацалло, махкалло, цамгарша хьаькхира. ШолгІачу бІаьстенга ца йелира Болатан нана Хеда а, жима йиша Човка а.

Іожалло дІахудуш, тІаьххьара сауьйзучо а дог ца дуьллура генарчу даймахках. БІаьстенга бевлча, жимма чу са деъча, йуха а къилбаседехьа дІагІертара нах. Кегийрачу тобанашца. Бераш, зударий, къенаниш цхьаьна. Даллалц дІагІерта-кх,

бохуш. ШолгIа аьхке тIейеача, хьаннашкахь стом-хIума гучуйаьлча, новкъа бевлира Iела, МIаьчиг, Эсет, Болат. Маккхал вацара цаьрца. Хьалха Мушехь висина иза кхин ца кхийтира царах.

Массарна а моьттура, Россин дозанна тIедевлча, атта хир ду. Амма иза аьттехьа а ца хиллера. Бахархой-м, дера, гIертара хIокхеран гIо дан. Пайда барий ткъа, хIорш санна, бевдда Турцера цIа богIу ламанхой ларбеш, массо маьIехь кIелонаш йина Iаш салтий, милцой хилча? Ведда вогIу ламанхо лаьцначу стагана кхаъ биллинера Iедало. Цундела дозанера схьа эрмалойн, гуьржийн махкахула, дийнахь ловчкъуш, буьйсанна сахиллалц некъ беш, чекхбевлира уьш. Йартех, некъахойх а къехкаш. Лаьмнашкахула, гIашнекъашкахула. Стоьмаш, йараш йууш. Экха, олхазар лацаделча, кхача а тарбеш. Къаьсттина ницкъ хиллера бераца йолчу Эсетна. КIант вузо шура ца тоьура ша а мацалла леш йоллучу цунна.

ХIорш Нохчийчу кхаьчча, дийначу адамийчех тера кIезиг аматаш дара цаьрца. Мацаллой, баланаший хуьйдина азделла догIмаш, йевлла йаххьаш, кортош, халла дегIан меженаш хьулйеш тIелхагйевлла бедарш. Амма, цIа кхаьчча а, и мисканаш, схьа а лоьцуш, Сибрех дIахьийсош, Iедал лаьттара бухахь а…

– Тешаме буй хьан доттагIий? – ойланех йукъахваькккхира иза Iаьлбага.

Болат, ца кхеташ, дуьхьалхьаьжира.

– Шелара хьан доттагIий тешаме буй, хоьттура ас-м.

Болатна хаьара дарц дала гергадуйла, амма маца, мичхьара долалур ду – иза къайле йара цунна. Кху Гати-Юьртахь Болатан карахь итт стаг вара, Къайсара омра динчу минотехь, герз буйнахь дойшна тIе хаа кийчча хила везаш. Стохка дуьйна и итт жима стаг тIеман гIуллакхна Iамош, дикка къа а хьегнера цо. Амма Болатна ца хаьара Къайсарал лакхахь мила ву. Цкъацкъа лакхарчех цхьаъ Берса волуш санна а хета. Амма пехашца цамгаро кIелвитина иза кху агIор гучуволуш вацара.

– Тешаме хета суна-м уьш. Амма, доттагIчун хьал бохамехь бен хаац, олуш ду-кх вайн.

ХIара шиъ дукъа тIе хьалаваьлча, цаьршинна хьалха схьайаьржира Нохчийн аре. ГIачалкхан дукъан аьрру агIонца а, Iаьржачу ломан когашкахь а Iохкура йаккхийра йарташ: БIаьчи-Юрт, Майртуп, Курчалой-Эвла, Эвтара, Шела, Гермчиг.

«Уьш тIейерзахь, толам хир бу тхан, – ойла йора Iаьлбага. – Амма хало хир ду-кх. Цкъа-делахь, паччахьан эскарийн гIаьпнашна уллохь йу уьш, шолгIа-делахь, Iедало бустийна дукха нах бу оцу йарташкахь».

Говр хьацаран кIур йина схьакхаьчначу Къайсара йукъахваькккхира иза шен ойланех.

– ДагадогIий хьуна, Къайсар, шийтта шо хьалха дIо Мичка йистехь Хонкара кхелхачу нахаца вай Коьра дIахьажийна? Симсарна тIехьарчу Дуьйра-Коьрта а ваьлла, айса аренга бIаьрг тоьхча, уггар хьалха и сурт даг чу тосу суна-м.

Ша Макка воьдуш а, цIа вогIуш а, Турцехь шена мел гиначу нохчочуьнга а доттагI хиттира Iаьлбага. Амма ца карийра. Коьра вевзарш гира цунна. Туркойн эскарехь эпсар ву, бохура, иза. Муса-пашин, тохара, нохчий тIаьхьа а хIиттийна, Турце ваханчу хIиричун, Кундухов Алхазан кIентан Мусин эскарехь.

Коьра мел вевзачу нохчочуьнгахь, цунна тIекхачаде аьлла, кехаташ дитира Iаьлбага. ДоттагIчуьнга даймахка цIаверзар доьхуш. Шен халкъан маршонехьа къийсаме кхойкхуш.

ХIорш лекхачу гу тIе хьалабевлча, Iаларой-Эвлан цхьа йист гучуйелира.

– И дIогахь, шина хин шалгонна йуккъехь, ша лаьтта цIа гой хьуна? – хьалхахьа пIелг хьажийра Къайсара. – Оцу кертахь вехаш ву Берсин ненан ваша.

ХIорш цIенна гергагIоьртича, говран болар лагIдира Къайсара.

– Болат, хьо ха деш кхузахь саца.

– Стенна оьшу и само? – хаьттира Iаьлбага.

– Кхийринчун нана йилхина йац, боху, – доцца жоп делира доттагIчо…

3

Йиллинчу хенал тIех сахьт сов хан йаьллера. Амма Берсин са ца гатлора. Цуьнан цомгашчу дегIана боккха там бинера кху регIарчу сийначу Iаламо, цIеначу хIоно. Ца хаалора диллина цунна хуьлуш долчу, маха Iуьттуш санна, деган къийзор, левсих тера «хьаз-хьиз» ден пехаш а жимма лар тIе даьхкинера.

Шийтта шо хьалха керлачу гIаттамна кечамбечу нохчийн тхьамданаша, цигара мелла а шайна гIо хиларе догдохуш, йа шайн гIаттам цигарчу хьелашца нисбан дагахь, Россин чоьхьарчу губернешка хьажийра Берса. Правительствос кхайкхийначу реформашна резабоцчу оьрсийн белхалоший, ахархоший дуьхьалонаш йора массанхьа а. Керлачу тIегIан тIе баьллера революционни болам а. Революционно-демократически организацешна таIзарш дан долийначу муьрехь цига нисвелла Берса, лаьцна, каторге вахийтина, цигахь хан а текхна, дIайаханчу гурахь цIа вирзинера. Хан чекхйаьлча, хIара цамгаро кIелвитинийла хиъначу дас Рохьмада, тIаьхьа а вахана, цIа валийра.

Дас хIокху агIор болу тоьлла лоьраш а балийра цунна дарбанаш лело. Пятигорске дарбане хиш тIе вига а гIиртира. Амма Берса реза ца хилира цигахула лела. Ца тешара цигахь ша толург хиларх, цунна йевзара шен цамгар. Дукха хан йалале, цIеххьана цамгар а кхетта, кхелхира Рохьмад а.

Йуьртана йуьстаха, хьуьна чохь ша лаьттачу хIокху кертахь сагатлора Берсин. ТIевогIуш стаг наггахь бен вацара, бIаьсте йаьлчахьана цIахь ца соцура ненан ваша а. Виллина дIа кха тIехь, хьуьнхахь, дохнанна тIаьхьаваьлла лелара изий, цуьнан ши кIанттий.

Арахь малх болуш, довха де деъча, къаьсттина сагатлора Берсин. ДегI жимма аьлларг деш хилча, Мичкан йистехь маьлхан басах лаьттачу хIокху бурсанечу кхура кIел хуий Iара иза де шелдала доллалц. Чекхбевллера Берсин шира доттагIий а, бартахой а лецний, беллий. ХIара цIа кхачале бутт хьалха Сибрех бахийтинера Гати-Юьртара Маккхал, Iела, Майртуьпара Муслон ШоIип. Иза дагара дийца бIобулуш волу бенойн Солтмурд а, зумсойн Iумма а генахь ву. Генахь хилла ца Iаш, къена а ву и шиъ. Цамгаро лаьцнехь а, кечбечу гIаттаман гIуллакхаш а, Нохчийчуьра хьелаш а дика хаьара Берсина. Наггахь Солтмурд а кхочу иза волчу, бисинчаьрца цуьнан зIе латтайо Гати-Юьртарчу Къайсара а, Болата а. Наггахь карадогIучу газеташца Россин арахьарчу мехкашца долу гIуллакхаш дика доцийла а хаьа цунна. Стохка дуьйна Балканашкахь вовшашца Iоттайелла Россий а, Турций а. Туркойн феодалийн олаллина дуьхьал шайн къоман маршонехьа къийсам латтабо цигарчу халкъаша.

Каторгехь даьккхина итт шо эрна ца хилира Берсин. Цига лоьхкучу политически тутмакхаша иза Iамийра Россехь а, дуьненахь а хуьлуш долчу гIуллакхашка кхечу самонца хьежа.

– БIешерийн дохаллехь шайн маршонехьа бIаьрзе къуьйсура Россерчу къаьмнаша, – дуьйцура цуьнга шен йерриг оьмарна ссылке ваийтинчу оьрсийн революционеро Матвеев Николай Андреевича. – И зама дIайаьлла хIинца. Адамаш а, халкъаш а кхетаме даьхкина. Царна хIинца хиъна шайн мостагI а, доттагI а мила ву. Империн массо маьIехь маршонехьа къийсаман цIерш лиэта. Iедална къаьсттина а кхераме дуьхьалонча кхоллавелла гIаланашкахь. Иза белхалойн класс йу.

Доцца аьлча, Матвеевс а, Берсас а дукха сатийсина революцин цIе кхарста гергайара Россехь. Цо халкъаш бIешерийн Iазапах маьршадахаре дог а дохура Берсас. Оцу халкъийн маршонах шен халкъан маршо йозуш йуйла а хаьара цунна. Цундела лаьара Берсина гIатта гIертачу буьрсачу дорцалахь шен халкъо жигара дакъалоцийла…

Кхуран диттан мурдоьллачу цхьана гонах вота йетта йуьйлира хенакIур. Иза доттагI йу Берсин. Йуьхьанца Берса хIокху кхура кIел веъча, дIаида йуьйлира иза. ТIаккха, наггахь лаха чу бIаьрг а тухуш, шен болх бора. Ткъа хIинца чIагIделла цаьршиннан гергарло.

Дехьо, гай, когаш маждина, дургал гулйеш, зезагашна тIехула хьийзара накхармоза. Лакхарчу гаьн тIехь, доцца илли аьлла, дIатийра чилла а. Де довха делахь а, кхузахь хьевала воьлча, дегI шелдала дуьйлира Берсин. Цкъа ойла хилира цуьнан, шен истанг дIа а хьарчийна, цIа ваха. Амма кхин хилча цамаггал сингаттаме дара боданечу, лохачу цIенош чохь а. ТIе, арахьара хабар дохьуш стаг вогIур вац-те бохуш, цо йиллина тергалйора Iаьрчхин тогIи.

Эххар а цигахула гучувелира кхо бере. Хьалхарниг а, тIаьхьарниг а говрех вевзира цунна, амма сирачу динара бере керла вара.

Боьрахь къайла а бевлла, уьш йуха а гучубовлуш, тIаьхьара бере вацара. Схьахетарехь, иза ха дан витинера цара. Меллашчу боларехь кетIа а веана, говраш утармех дIа а тийсина, уьйтIа веана ши бере, арайаьллачу хIусамнене йоцца тIе-каре а йина, Берса волчухьа охьавелира.

Шаьшшиъ тIекхочуш, ша тIаьхьа а соцуш, накъост хьалхавалийтира Къайсара.

– Хьо хьалхавалал, Iаьлбаг.

– Ассалам Iалайкум, де дика хуьлда хьан, Берса!

Хьала а гIеттина, Iаьлбаге куьг а делла, истанга тIехь охьахаа цунна меттиг гайтира Берсас:

– Охьахаал, Iаьлбаг.

– Хьо хаахьа, Берса.

– Бухахь волу со – хIусамда, тIевеана хьо – хьаша хуьлуьйтур вай, – велакъежира Берса. – Охьахаал.

– Хьаша со велахь а, хьо воккхаха ву.

Истанга тIе дIатарвелча, леррина вовшашка хьаьжира и шиъ.

– Ма дукха хан йу суна хьо ганза! – корта ластийра Iаьлбага. – Амма мел дукха сатийсинера хьоьга! Хьо дийна тхуна цIа верзийначу Далла бу-кх хастам! Хийлазза а хьо волчу ван сацам хиллера сан. ТIаккха, Берса, могашалла муха йу хьан? ГIоли хетий?

– Вуон дац. ЦIахь хIун ду? Да-нана, вежарий могаш беца?

– Дика бу уьш-м. Сингаттам бац.

– Хьо-м воккхахилла, Iаьлбаг. Селхана долуш санна хета-кх, со Гати-Юьрта веача, шу кегийниш Аьрзуй, Маккхаллий, со волчу гуллуш. Ма сиха йоьду-кх хан! Хьо а хена чу вахна, со а къанвелла.

– Шийтта шо кIезиг зама йац, Берса. Зама а, адамаш а хийцаделла. ХIетахьлерчу накъостех дикка бац: Аьрзу, Маккхал, ШоIип, Iела…

– Берса а, – тIетуьйхира Берсас, вела а къежна.

– Хьо хIунда вац? Ас дешначу Къуръанора, ву-кх! Цамгаро гIел-м вина хьо, шеко йоцуш. Амма хьан хьекъаллий, къонахаллий йолуш шолгIаниг вайна йукъахь хьалха а вацара, хIинца ванне а вац. Коьртаниг – хьо тхоьца хилар ма ду. ХIинца муха йу хьан могашалла? – шозлагIа а хаьттира Iаьлбага.

– ТIаьхь-тIаьхьа толуш санна хета.

– Сибрех вуочу нисвеллера хьо?

– ХIаъ, даш доккхучу.

Iаьлбагна ца лаьара Берсин цамгар хьехо. И ша дина масех хаттар а дира цо гIиллакхна.

– ДIатовжий Iехьа, Берса. Хийла къонах дIахуьйди оцу неIалт хиллачу Сибрехо. Цкъа хьалхадевриг хир ду-кх вай кху балех.

Iаьлбаг Макка вахарх лаьцна масех хаттар а дина, цо схьадеанчу гIуллакх тIе велира Берса.

– Iаьлбаг, Сибрехара цIа веачхьана, меттахь Iиллар алсам хуьлу сан. ДегIо жимма а аьлларг дечу дийнахь дехьа-сехьа йуьрта воьдуш меттиг а йо. Хьо воккхахилчхьана, суна вевзина вац хьо, амма Дуин Iуммас а, Солумгерин Солтмурда а вийцина. Хьо Нохчийчоьнан имам кхайкхо ойла йу церан.

Iаьлбаг, цецваьлла, тIевогIавелира цунна.

– Со муха хоржу имам? Сол майра а, хьекъале а, доьналла долуш а нах дуккха а бу. ТIе, жима а ву со. Иза-м дуьйцуш а беламе ма ду!

Берсас, куьг хьала а лаьцна, сацийра иза.

– Баьччанийн кхеташонан сацамна муьтIахь хила а, и кхочушбан а Къуръан тIехь дуй биъна вай массара а. Амма диване ховшу вайн баьччанаш Iехалуш, гIалатбовлуш меттиг а нисло. Уьш лахбан а, хьох шекволуш а дац ас долийнарг. Таханлерчу денна кечамбеш, ткъех шо хан а, сайн могашалла а дIайелла ас. Ткъа дуккха а нах шайн кортойх а бевлла. ХIара хIинца хинболу гIаттам тхо цхьадолчийн бер ду, оха кхоьллина. Нанас бер санна, иза кхио, Iалашдан гIерташ, набарза хийла буьйсанаш йойъуш, гена некъаш деш, мацалла а, хьогалла а хьоьгуш. ХIинца и тхешан бер, кхиъна, нахана йукъадолучу даьлча, и хьенан кара доьду хаа лаарх, суна бехк ма биллалахь, Iаьлбаг.

– Берса, хьан багах даьлла хIор а дош суна дешин новкъа ду. Амма, Iумма-Хьаьжин, Солтмурдан барт хиларх, сох имам хир вац. Халкъо харжа веза шен баьчча.

Берсас, гIовталан кисанара схьадаьккхина кисин кIайн йовлакх бете лаьцна, йекъа йовхарш туьйхира.

– Уьстамалахь туркойн паччахьан гонахарчу нахаций, Алхазан Мусиций, Iуспанан Сайдуллиций, Шемалан ГIеза-Махьмиций хьан барт хилла, ца боху?

– Бакъ дац-кх иза. Цаьрца цхьаьнакхеттарш Iумма-Хьаьжа а, дегIастанхой а бу. Паччахьан Iедал вайна бIаьрга дан ца дезийла, иза дIакхосса цхьана аьттоне вай ладегIар шал шера хаьа цигахь. ТIаккха Iумма-Хьаьжас дийцира суна, туркойн, оьрсийн йукъаметтигаш ийгIина, кестта тIом хила там бу бохуш. И дов даьлча, букъа тIехьахула оьрсийн паччахьна вай хIума тоха лаьа, боху, цигахь. Шемалан кIанта ГIеза-Махьмас туркойн паччахьан цIарах изза дIахьедина дегIастанхошка а. Доцца аьлча, и дерриг Iумма-Хьаьжехула хезна суна.

Берсин дегI, шелделла, хебаш санна хетта, хьалагIеттира Iаьлбаг.

– Шеллуш ву-кх хьо, Берса. Малхе валий вайша?

– Дика хир дара. Мел хили а, йовхо йеза-кх суна тIаьхь-тIаьхьа.

Берсин истанг, кхурана йуьстах, оханна тIехь меттиг а шарйина, даржийра Iаьлбага.

– Суна хазахета, туркоша лелочу моттаргIанех хьо цаIехавалар. И дика ду. Амма кхин ду халаниг. Хьоьга кхийдо имамалла. ХIинца халкъан коьрте хIоьттинчу стагехь доккха хьекъал а, собар а, доьналла а хила деза, Iаьлбаг. ХIара вайн карахь йерг шайх Мансуран а, Бийболатан а, Шемалан а зама йац. ХIетахь ламанан къаьмнаш тIамо гIелдаза, вовшашлахь барт бохаза дара. ХIетахь имамашна аттахо дара мостагIашна дуьхьал къийсамехь уьш гIовтто а, цхьаьнатоха а. Ткъа хIинца? Схьалоцур вай нохчий. ДIабаханчу оцу бехачу тIамо чIанадаькхина ца Iа вайн халкъ. Цуьнан тIаьххьарчу ткъа шаро оьздангаллех а, гIиллакхах а мелла а дохийна иза. Цхьана агIор, паччахьан инарлаша кхерош а, кхаьънашца оьцуш а, Iехош а, вовшашна тIеттIатуьйсура вай. Изза дора вукху агIор Шемала а. КхозлагIа-делахь, тахана вайна йукъахь, цIоз санна, баьржина, чIагIбелла охьахевшина Iедало эцна вайн нехан эпсарш а, совдегарш а, молланаш а. Уьш кийча бу, Iедало хIуьс аьлча, шайн халкъ-м хьовха, да-нана дохка а. ДоьазлагIа, вайн мехкан массо маьIехь хIиттийна эскарш ду. ХIинца хаьий хьуна, хьайга кхийдориг мел хала гIуллакх ду?

– Хаьа. Сан хьекъал а, къонахалла а тоьур йац и хала дукъ ийзо.

– Ткъа мила хоржур ву вай?

– Хаац. Iумма-Хьаьжа йа Солтмурд.

– Церан хан дIайаьлла. Iумма-Хаьжа майра стаг а, дика тIеман говзанча а ву. Амма Шемалан заманахь дуьйна дуккха а хи дIаихна. Зама а, адамаш а хийцаделла. ХIинццалц схьа паччахьна дуьхьал латтийначу къийсаман тхьамданаша адам гIазоте кхойкхура. Керстанна дуьхьал. Ткъа оцу гIуллакхо къаьмнашна йуккъе мостагIалла кхуллура. Вай кхечу новкъа даха деза. Иза билгалбиний аш?

Iаьлбага ойла йира.

– Оцу тIехь барт ца бина оха.

– Хьехийна а дац?

– Хьеха-м дина, барт ца хилла-кх.

– Хьан хIун ойла йу ткъа?

– Сан цхьаннан ойла хьесапе ма йац, цу тIе, царалахь массарел а со жима а хилча.

– ХIетте а?

– Суна вайн халкъана маршо а, латта а деза. Ас сайн байракх кIел меттиг лур бара маршо йезачу массо стагана. Къам а, бусалба а, керста а ца къестош.

– Динан дайша дуьхьало йийр йу тIаккха.

– Ас къинхетамза хIаллакбийр бара уьш, и «динан дай»…

– Цара халкъана хьалха, Делан мостагI вина, кхайкхор ву хьо…

– Дала хьеха! Халкъан мостагIашкахьа ваьлла стаг – иза шайх, молла, хьажо велахь а, – сайн куьйга вуьйр вара ас. Цахуьлчу далахь, нохчийн махка тIехь цхьа а молла а, хьаьжо а вуьтур вацара. Динан дай цахиларх халкъ дехар ду, амма маьрша доцу халкъ делла ду.

– Нагахь кху гIаттамехь эшахь, тхьамданаш Iедало бойъург хиларан шеко йац. И хаьий хьуна?

– Хаьа суна.

– Хьо къона ма ву хIинца а. Дуьне деза хан йолуш…

– Ой, Берса, ахь-м, со имам хаьржина ваьлча санна, ма дуьйцу! – велавелира Іаьлбаг. – ХІетте а, жоп лур ду ас. Маршонехьа къуьйсуш эгначу вайн дайшна ца дезара дуьне? Царна йукъахь бацара къонаниш? Дуьне, доьзалш, синтем ца безаш, бахана МаккхалгІар Сибрех? Даймахке, халкъе безам бац хьан къона дегІ заьІап динарг? Оьшур шена тхо! Амма Іожаллина хьалха оха бІаьрнегІар-м тухур дац. Тхаьш лечу дийнахь тІаьхьене весет дийр ду-кх оха а: «Маршо йа Іожалла!» – аьлла.

ХІара Іаьлбаг цхьа сахьт хьалха Берсина тІехІоьттича, шен йуьхь-сибатца а, къамелца а цхьа тийна, эсала стаг вара. Горгачу йуьхьа тІехь хаза тойинчу Іаьржачу можана йуккъехула цхьа шатайпа цІечу басахь йогура ал беснеш. Хьекъале Іаьржа ши бІаьрг а, Іаьржа дуькъачу мекхашна кІелхьара хаза балдаш а, стагана дуьхьал хьаьжча, делакъежаш хуьлура цуьнан. Іаьлбаган парталчу дегІе хьаьжначунна дага а догІур дацара, иза кху Нохчмахкахь уггар тоьлла бере ву аьлла.

ХІинца цуьнга дІахьажавеллачу Берсина шена хьалха буххера кхин стаг гира. Курра агІор тесна горга корта. Іаьржачу, дуькъачу цІоцкъамашна йуккъехь гулбелла буьрса шад, къинхетаме, амма, цІе санна, богу бІаьргаш.

– Амма, гІовттуш хилча, цхьана гІуллакхан дуьхьа, цхьана Іалашонна гІовтта ма деза, Іаьлбаг. Ахь дийцарехь, адам Іедална дуьхьала гІатта кийчча ду, ткъа тхьамданаша билгалбина цхьа а тайпа некъ бац.

– Иза а ду бакъ, – тІетайра Іаьлбаг. – Цхьа Іалашо йоцуш шен цІа чуьра ара а ца волу стаг. Доцца аьлча, халкъана маршой, латтий оьшу. И йу сан Іалашо.

– Паччахьан Іедал дІа ца даькккхича, вайна хир дац и ший а, – гІайгІане вела а къежна, корта ластийра Берсас. – Вайл иттаза алсам дерш, вайл бІозза кхиъна, кхечу пачхьалкхашца йаккхийра зІенаш йолу къаьмнаш а цуьнан Іазап кІел сауьйзуш Іа. Уьш гІуьттуш, паччахьан эскарша церан шайн цІийла а таІадой, совцуш. Ткъа вайн къам жима хилла ца Іа, гуттар а бодане, тІаьхьадисина ду.

– ХІета, къийсар эрна ду, боху-кх ахь?

– ХІан-хІа, ца боху, – корта хьовзийра Берсас. – Дуьхьалоно бен эшор йац харцо. Вай вешан бакъонашкахьа къийса деза. Иза хила йеза вайн хьалхара Іалашо. Ткъа ахь йуьйцу, хьуна йеза йуьззина маршо вайн цхьана къоме шенна йаккхалур йац, Іаьлбаг, дерриг къаьмнаш цхьаьний ца гІевттича.

Голаш мара а оьзна, Іаьлбаг вехха Іийра ойла йеш.

– Цуьнан ойла йина ас, Берса, – элира цо эххар а. – Суна диц ма ца делла со жима волуш ахь а, Маккхала а дийцинарг. Цундела вайн байракхна кІел хІокху мехкан дерриг къаьмнаш кхайкха лаьа суна. Бусалба а, керста а ца къестош. Маршо йезарг массо а. Абхазошщий, саношщий, тушошщий барт хилла тхан. Муьжгий кху агІор мел кІезиг белахь а, уьш тхайца хирг хиларе догдоху ас. ГІалгІазкхашний, гондІарчу къаьмнийн элашний, вайнехан эпсаршний, динан дайшний паччахьо белла мохк хІокху махкахь дехачу дерриг адамашна – бусалбанашна а, керстанашна а – нийсо йеш, бекъар ду суна луург. Иза тоъал болуш ма бу, массарна кхачо йича, биса а.

ХІокху шинна хаа а ца хууш, де суьйренгахьа лестира. Малх охьакарча баьлча, тІуьно мох хьекха буьйлира тогІица хьала. КхидІа арахь висар цамгарна кхераме дерза тарлора. ХІусамнанас цкъа-шозза мохь тоьхнера, кхачанна тІе кхойкхуш. ХІара шиъ шаьш витина вахана Къайсар а, дан хІума доцуш, сагатлуш, говрашна гуонах хьийзаш вара.

– ХІинца чугІур ду вай, Іаьлбаг. Шело лалац сан дегІе. Вайшинна йуха маца гур а, гой а хаац. Цундела сайн лаам хьоьга дІахьебан лаьа суна. Ахь дийцарехь а, суна кхечаьргахула хазарехь а, гІаттам герга бу. Иза ца хилча а балац. Вайн халкъ лоллехь доллу, ахь ма-аллара, чІогІа къизачу лоллехь. Лолле вожар а эхь дац стагана, амма, оцу лоллина къера а хилла, сацар ду эхь. Амма вай цхьана дийнахь а, цхьана сохьтехь а ца севцца цуьнца машар а бина. Вайн халкъан дерриг кхетаме

дахар шен маршонехьа, шен сийгахьа, шен адамаллин бакъонашкахьа болчу къийсамехь дIадоьду. Иза къонахчу стеган, къонахчу халкъан амал йу. ГIаттамна уггар аьтто болу хан тIекхаьчна, Iаьлбаг. Паччахьан арахьарий, чоьхьарий гIуллакхаш дика дац. Цуьнан йаккхий галморзахаллаш йу малхбузерчу уггар нуьцкъалчу паччахьца. Махкана чоьхьа а маьI-маьIIехь цIерш лета. Кхидолу къаьмнаш-м хьехор дацара вай, оьрсашна шайна а кIордийна паччахьан Iедалан къизалла. ГIорасизчу вай дукха къийсина нуьцкъалчу паччахьашца. Эшна, кIелдисина. Вешан ницкъаца толаме догдохийла йац. ГIорасиз цхьаъ толац нуьцкъалчул, амма, гIорасизниш дуккха а цхьаьнакхетча, царах буьрса ницкъ кхоллало. Къаьмнаш ша-ша къаьстина гIуьтту паччахьан Iедална дуьхьал. Цундела уьш атта хьошу. Халкъаш дерриг цхьаьна гIовтта деза, тIаккха боккхур бу цара толам. Оцу гIаттамна кийча хила деза вай.

– Вай кийча долу-м дукха хан ма йу. Кхечаьрга хьуьйсуш Iа-кх.

– Ас ма боху хьоьга, Iаьлбаг, вешан къийсамехь хIинца вай цхьалха дац. Iедална дуьхьалбевлла оьрсийн белхалой, ахархой, лоллехь далло кхин къаьмнаш а. Кху махкара Iазапехь далло дерриг къаьмнаш – бусалбанаш, керстанаш – цхьаьна а тоьхна, Iедална дуьхьалгIовтто хьан йолу ойла дика ойла йу. Амма динан дайша новкъарло йийр йуй-те хьуна, и ойла кхочушйеш? Вайн йерриг дегайовхо къоначу тIаьхьенна тIехь йуьсу. Суна хетарехь, хIокху гIаттаман коьрта ницкъ къонаниш хир бу. Цундела хIокху гIаттамна коьртехь къона, хьекъале, майра а баьчча веза. Динан дайшца къовса а, тола а хьекъаллий, Iилмий долуш. И дерриг хьоьца ду, Iаьлбаг. Нагахь, и де тIехIоьттича, йартийн тхьамданаша хьайга имамалла кховдадахь, дIаэца. Халкъан дуьхьа, маршонан дуьхьа.

Iаьлбага доккха садаьккхира.

– Ларор вуй-те со, Берса? И деза дукъ коча эца, махкахь а вевзаш къонах ма веза.

– Халкъана тIе бохам беача, бевза къонахий.

ХIара шиъ керта кхочуш дуьхьалвеана Болат Берсина мараиккхира.

– Шелахь хиллий хьо кесталгIа? – хаьттира Берсас.

– ДIадаханчу пIераскан дийнахь.

– Керла хIун ду? Вайниш муха бохку?

– Дика Iа. Хьан дегI муха ду?

– ГIоли йу суна-м. ХIан, дуьлол, йуучух кхета вай.

Малх чубуьзча, хьеший новкъабехира Берсас.

– Ткъа, Iаьлбаг, хIинца со сапаргIат вуьсу. Нагахь цIеххьана Iожалло катохахь а, тхаьш долийна гIуллакх хьан карахь дуьсийла хааро синтем бо суна. Дала дукха вахаволда хьо! Аьтто хуьлда хьан а, вайн массеран а! ХIан, шу гIуо хIета. ГIиллакх лелорна, баркалла!

Берсина мара а лилхина, тIаьхьайаьллачу йоккхачу стеган Iодика а йина, говрийн урхаш лаьцна, Мичкан тогIи чу биссира уьш.

III корта. НЕКЪАШ КЪАЬСТАЧОХЬ

Маршо цхьанне а маьхза луш йац!

И ахчанах а йухкуш йац.

Иза цIийца эца йеза,

Зуда, сихха суна байракх тиэга!

Ш. Петефи. Байракх

1

Нохчмехкан малхбален дозанехь, Ишхойн-Ломана нийсса кIел, йуькъачу хьуьна чохь къайлайаьлла Iуьллу зандакъойн тайпанан жима йурт – Симсара.

И йурт йилла цига хьажийначу Iаьлбаган дендас Аьрзус Iаламат бегIийла меттиг къастийна хиллера: Ишхойн-Ломах схьадаьлла охьадогIучу Жимачу а, Доккхачу а Яркхсус, лахо даьлча, шалго а йеш, цхьаьна а кхетта, йуккъе хьовзийначу лекхачу берда тIехь Iуьллу шера экъа. Малхбалехьа бу даим бохург санна тIехь ло лаьтта, берзина, шена тIебогIуш цхьа а тайпа некъ а боцуш лекха Ишхойн-Лам. Къилбехьа йуьрта тIе кхозабелла лаьтта Дуьйран-Корта а, жимачу шина хе, гатесна, йукъалаьцна важа кхо агIо а. И сирла ши хи, шаьшшиъ жима делахь а, ломахь догIа дилхича, дестий, дукха буьрса хуьлу. Цара охкуш даьхначу бердашца баькккхина и готта цхьаъ боцург, кхин некъ а бац Симсарна тIебогIуш.

Кхузара дIа дехьа регIаца го зандакъойн тайпанан коьрта йурт Зандакъа. Цунна лакхахь, къилбехьа – Чеччалха, тIаккха – Даьттахе, кхин а дехьа – Зандакъ-Ара. Къилбаседехьа охьа Зандакъана лахо чохь – Гилана, цул лахахь – аьккхийн йарташ: Кешане а, ГIачалкха а.

ХIинцачул пхийтта шо хьалха хало дара йарташкахула дIасалела, къаьсттина – ворданашца. Амма хIинца оцу йаккхийчу йарташна йуккъехь шуьйрра некъаш ду паччахьан Iедало дахийтина – Кешане гIопера хьала Зандакъа а, Даьттахе а кхаччалц. Иштта некъ баькккхина Ямсуца хьала Ножин-Юьртахула дIа бенойн, гIордалойн, цIонтаройн йарташ тIе а. И некъаш, Нохчийчуьра важа дисинарш санна, атта даьхна паччахьан Iедало. Шайн бахаман гIуллакхашна тIера а бохуш, хIор а денна – Iай а, аьхка а – эзарнаш нах тIе а лоьхкуш. Шайн сту-ворданца. Цхьа а тайпа луш йал а йоцуш. ХIумма а нехан дуьхьа а доцуш, ткъа кху къармазечу йарташна тIехь шен урхалла латто аьтто хилийта, муьлхха а цхьа хьовр-зIовр хилча, таIзарийн отрядаш сихха цига кхачо аьттонна.

Шен жимачу хьуьжаран коре а хIоьттина, ши куьг букъа тIехьа а лаьцна, ара баьрг беттара Iаьлбага. Хьалха дуьххьала гучу регIа. Цунна хазацара цхьаьний барта дарс Iамочу мутаIеламийн гIовгIанаш. Денош хоьрцуш схьайогIу цуьнан ойла, берхIитта шо йуханехьа йахана. Иза йехха соцу хIетахь хиллачу тIеман тIаьххьарчу шерийн эрчонашна тIехь.

Бехха лаьттира кху регIаца бижина кIур, хIаваэхь кхагаран хьожа. ХIор а доьзалехь – тезет. Моьттура, цу даьгна Iарждела, цIийделла лаьттачу пенашна, херцаршна тIехь йарташ цкъа а йухаденлур а йац, йаьгна, кIора а хилла, ирахь лаьттачу диттийн чархаш йолчохь цкъа а бошмаш йухакхуьур а йац. Кху Нохчийчохь цкъа а беларан, самукъанечу иллийн аз а хезар дац…

Амма хено, оцу дарбанечу лоьро, кIез-кIезиг йерзош, эххар мелла а йерзийра и дера чевнаш. ТIехула ирча моьнаш а дуьтуш. Царна бухахь, хIораннан даг чохь, цкъа а дерза йиш йоцу даьIнаш дуьтуш. Уьш цIенна дIайерза ца йуьту Iаьлбаган даймахкахь къиза харцо латточу паччахьан Iедало.

Паччахь-м – паччахь вара. Цуьнан инарлаш а, хьаькамаш а шайн паччахьан Iедалан гIуллакх дIакхоьхьуш бара. Ткъа, цаьргахьа а бевлла, шайн халкъан къамкъарг Iуьйдурш?

Іаьлбагна дика бевза уьш – ОрцагІар, ЧомакхгІар, ХьотагІар, КІужугІар, ШахьболатгІар санна йолу и чагІалкхаш.

ТІекхочийла-кх и де! ТІаккха Іаьлбага бекхам оьцур бу царах.

Набарха ваьлча санна, цІеххьана хеза цунна шайна делла дарс дагахь Іамочу мутаІеламийн бес-бесара аьзнаш:

– «ХІаза – хІара, китабун – жайна ду, мухтассирун – дацдина а долуш, ал пикъхІу – бакъдолчех а долуш…»

«…Бакъдолчех долуш…», «бакъдолчех долуш…», – йух-йуха а хеза цунна иза. ХІун ду цигахь бакъдерг? Йуьхьанца деша воьлча, теша дерригенах. Цхьана Іилманан кІорге кхочур ву-кх бохуш, хьалха дІагІерта. Цига кхача гІерташ, пхийтта шарахь изза къахьегна Іаьлбага. Дерриг хууш хиларх тешна ваьлча, вежаршца цхьаьна дуьне ган Макка Хьаьж-ЦІа вахара иза. Ша пхийтта шарахь Іамийначу Іилманах оцу гена мехкашкахь цунна жимма а пайда кхеттарг цо Іамийна Іаьрбийн мотт бара. Важа дерриг а эрна хилира. Цунна гира исламан коьрта шахьарш: Уьстамал, Макка, Медина.

Халкъе цхьаъ а дуьйцуш, шайна аьтто берг леладо цигахь а хьолахоша.

– «ХІаза – хІара, китабун – жайна…», – доьшуш хезара мутаІеламаша.

«Амма, цхьа а йоза ца хууш, хьайбанаш санна, Іачул, Іаьрбийн мотт-йоза хаар а цхьа гІоли йу, кхин Іилма ца Іамахь а, вовшашка кехат йаздан, шайн ойланаш дІайазйан-х хуур дуй царна», – бохуш, бес-бесара ойланаш керчара Іаьлбаган коьрта чохь.

Йух-йуха а доьшуш, и масех дош дагахь Іамочу мутаІеламийн йиш хаьллера. Массеран бІаьргаш корехьа дІахьуьйсура. Амма Іаьлбаг цаьргахьа дІахьожуш вац. Йа хаза а ца хеза церан гІовгІанаш.

«Ткъа, хІокху дешарца цхьаьна тхан берашна, Берсина санна, оьрсийн мотт а, Іилма а Іамийча? – Іаьлбаг гІайгІане велаозаво. – И дойту ткъа Іедало? Соьлжа-ГІалахь оьрсийн хьуьжар йиллина. Тхуна тІехь шен урхалла латто оьшшучул нах Іамо. Тхуна йукъахь шена гІорториаш хІитто. ОрцагІеран, ЧІуьлгагІеран, Девлат-МирзагІеран, СарІелагІеран берашна. Ткъа кху чуьрниш саннарш цига аьттехьа а буьтур бац».

Іаьлбагна дагайеара пхийтта шо хьалха нохчийн масех Іеламчо оьрсийн цхьана инарлин гІоьнца Соьлжа-ГІалахь къехошна йиллина хьуьжар. Нохчийн маттахь Іеламаш долуш жайна а доккхуш. Ши кІира даьлча, дІачІегІира иза, Іедало гІо а ца лаьцна. Амма луллахь Іедало йиллина важа болх беш йу. Эпсарийн, совдегарийн, динан дайн берашна йиллинарг.

«ХІаъ, буххенца хийца деза кху Нохчийчу хІоьттина хьал. Цхьана махкахь, пачхьалкхехь, цхьана лаьтта тІехь дехачу адамийн бакъонаш а цхьаъ хила йеза. Бусалбанийн а, керстанийн а. Латта а, бакъонаш а. Къийсамо бен нисдийр дац иза а, важа а. Машарца гІуллакх ца дахь – тІом…»

Ша Макка вахале йиллинера Іаьлбага хІара хьуьжар. Кхузара бераш деша-йаздан Іамо. Кху агІор гІараваьлла молла а, хьуьнаре, майра къонах а волчу Іаьлбаган хьуьжарехь деша луу бераш дуккха а гучудевлира. Кху йуьртара-м хьовха, гондІарчу йарташкара а. Іаьлбага маьхза Іамадора бераш. Амма уьш декхарийлахь дара дечиг латто а, хьуьжаран чоьнаш цІанйан а, шайна кхачанан гІайгІа бан а. Цул сов, хІор а кІиранах цхьана дийнахь цо бераш Іамадора говрашкахь хьуьнарш гайта а, охьатохарх лата а, нийса топ тоха а, хьаннашкахула, лекхачу лаьмнаш тІехула лела а.

Цкъа а цамгарш лехьош вацара Іаьлбаг. Амма тахана, наггахь коьрте лазар хьодуш, дагар дара цунна. ДегІ а дара тхьуздоьлла. Охьавижар-м хир дацара, шийлачу хица корта мукъане а буьлур бара-кх. ГІоли хир йацара-те?

– Бераш, таханенна тоуьйту вай, – аьлла, мутаІеламаш паргІатбитира цо…

2

ІаьлбагначІогІа лаьара шен хьуьжарерчу берашна дуьненан Іилма Іамо, царах, Берса санна, хьекъал а, кхетам а болуш адамаш дан. Амма иза хьехочохь а дацара. Иштта уьш хьан Іамор бара, Берса саннарш Нохчийчохь шиъ-кхоъ бен ца хилча? Цундела Іаьлбаган сацам хилира, берашна дуьненан халкъех лаьцна а, уггар хьалха церан шайн халкъах лаьцна а шена хуург хьеха. Цкъацкъа гондІарчу йарташкара илланчаш а, Сибрехахь хилла нах а балабора цо, цаьрга шайна гинарг а, хезнарг а берашна дийцийта. Цкъа Гати-Юьртара Васал а валийра – ведда веанчу оьрсичух хилла нохчо.

Цундела мутаІеламаш цуьрриг цец ца бевлира, дечиг-пондар карахьчу бІаьрзечу илланчин Хьамзатан куьг а лаьцна, шайн молла тахана неІарх чоьхьаваьлча.

– Ассаламу Іалайкум! – салам делира Хьамзата, шен бІаьрзе ши бІаьрг берашна тІехула дІа а боьгІна.

Берашлахь воккхачу Марвана салам схьаийцира.

Ишттачу дийнахь къамел а, дегІан куц а, духар а кхечу тайпана хуьлура Іаьлбаган. Тахана цунна тІехь даточу бустамашца Іаьржачу машин чоа а, йукъахдихкина кхелина доьхка, шаьлта, коьртахь дашо бос беттало боьмашчу холхазан лекхо куй бара. Шен Іаьржа бІаьргаш берашна тІехула а кхарстийна, даим санна, и велакъежча, цуьнан горга, Іаж санна, йогучу цІечу беснеш тІехь кІаьгнаш хІиттира.

– Массо вуй тахана?

– Ву, – жоп делира Марвана.

– Делахь, дІадаханчу кІиранах виссинчуьра дІаволалур ву со…

БІаьрнегІар ца тухуш, леррина ладоьгІура бераша. Генна хьалхалерчу заманашка дІадигира уьш Іаьлбаган сингаттамечу дийцаро, ламанхоша лайна халонаш а, гондІарчу хьоладайша а, паччахьан Іедало а царна тІехь латтийна къизаллаш а гойтуш… ХІетталц кора уллорчу бІаран диттах жигара зІок йетташ хиллачу хенакІуьро а шен болх сацийнера.

– И дерриг кхин лан а ца делла, шен маршонехьа гІеттина хилла вайн халкъ, – дуьйцура цо. – Цуьнан коьрте хІоьттина Алдара Ушурма, Шайх Мансур аьлла цІе йахана. ДІа ойла йича, йа шайх а, йа молла а-м муххале а ца хиллера иза, атталла хІинца шуна хуу йоза-дешар хууш а ца хилла. Амма цунна тІаьхьахІоьттира вайн халкъ. Нохчий хьовха, уьш санна, паччахьо а, шайн элаша а хьийзо кху шина хІорда йуккъехь ламанца деха дерриг къаьмнаш а. Йалх шарахь лийтира иза паччахьан эскарех. Вайн махкахь вохийча, ГІебарта воьдуш, цигахь вохийча, чергазийн махка воьдуш, цигахь аьтто боьхча, хьаьвззий йухавогІуш. Эдагийн махкахь паччахьан инарло, лаьцна, Россех вигна, цигахь тІепаза вайна иза.

Іаьлбаган шовкъе аз, цІеххьана дегийна, лагІделла сецира. Цуьнга ладоьгІуш хІинццалц сецна Іийча санна, бІара тІерачу хенакІуьро шен болх йуха а дІаболийра. ХІоьттинчу тийналлехь хезара цо сихдинчу зІакаран «тІак-тІак, тІак-тІак, тІак-тІак» боху татанаш. Чучча когаш боьхкина хевшина Іийна настарш лацайеллачу кегийчу бераша къайллах когаш дІахоьцура.

– Хатта мегий, молла? – меттахъхьайра хьалха хиъна Іен Марван. – Ахь элира, Шайх Мансур йа шайх, йа молла а ца хилла. Цунах баьчча муха хиллера ткъа?

– Къонах хила моллалла а, йа шайхалла а ца оьшу, Марван, – велакъежира

Іаьлбаг. – Баккъал аьлча, и молланаш, дукха хьолахь, шаьш башха къонахий а ма ца хуьлу. Мансур Іаламат майра, хьекъале, куьце стаг хилла бохуш, дуьйцу. Ткъа майра а, оьзда а, къонах а мила хуьлу? Шен мохк, шен халкъ, церан маршо йезарг, церан дуьхьа шен са дІадала кийча верг. Мансурна дезара хІара лаьмнаш а, вайн халкъ а, маршо а. Церан дуьхьа къийсина цо, церан дуьхьа Іожалла тІеэцна цо. Ишттаниг цхьаъ ваьлла ца Іа вайн къомах. Цхьаболчийн цІерш халкъан даг чохь йисина, уьш халкъан иллешкахь хестабо. Амма майраллина, доьналлина царал хІумма а лахара боцу эзарнаш бІаьхой а эгна, халкъан маршонехьа къуьйсуш…

НеІ йиллина, чухьаьжначу СултІис, бІаьцаш йина тІекхайкхира Іаьлбаг.

– Дадас цІа вола, боху хьоьга.

– ХІунда?

– Вайга Солтмурд веана.

Іаьлбаг берашкахьа вирзира.

– ЦхьакІеззиг хІинца мохе довла, шу йуха чудаьхкича, хІокху Хьамзата илли эр ду шуна.

3

ТІаьххьара Бенахь Іаьлбагца шен хиллачу къамелехь Солтмурда тІелаьцнера, бартахойх коьрта берш цхьаьна а тоьхна, вовшех дага а девлла, шайн сацам Іаьлбагах схьакхето. Амма къена иза кхуза вогІур ву бохург хьехийна а дацара. Цундела иза цІеххьана схьаварах цецвелира Іаьлбаг.

Кертал чоьхьа гоьзанах тесна лаьттара дикачу нуьйран гІирсаца кечбина кхоъ дин. Царна хьалха йол йуьллуш воллура Іаьлбаган жимахволу ваша – пхийтта шо хенара Зеламха. Іаьлбаг гучуваьлча, бага а гІаттийна, беха цІен мотт баькккхина, дуьхьал а хьаьдда, лергашший, цІогий хадийна месала доккха жІаьла, качделла, кхийссалуш, гуонах хьаьвзира.

Текх, цаций карахь йалтадухкурга чуьра арайаьлла йогІура Іала-Мохьмадан зуда. Бисина несарий а бара хьешашна кхача кечбан бетталуш.

Ден цІеношкахь, хьешан цІа чохь, баьрчехь Іен бенойн Солтмурд а, корехьа хиъна Олдам а карийра Іаьлбагна. НеІарехь ирахь лаьттара Чеччалхара Къосаммий, Нурхьаьжий. Салам делла, куьг лоцуш, хьешашка маршалла а, цІера хьал-де а хаьттина, дуьхехь сецира Іаьлбаг.

– Охьаховшал, Іаьлбаг-Хьаьжа, – элира Солтмурда. – Оха бехк буьллур бац шуна, баккхийниш болчохь охьаховшарх. Ирахь лаьтташ дийца дукха ду вайн хабар.

Лохий, биъ ког болу гІанташ кІел оьзна, гІиллакх лоцуш, неІарехь охьалахвелира уьш кхоъ. Солтмурда йайн йовхарш туьйхира. ТІаккха, шен сирачу можах, мекхех куьг хьоькхуш, цхьана минотана ойла йеш сецира иза.

– Хьо Бенахь хиллачул тІаьхьа, вайн масех стаг со волчу кхайкхира ас, – долийра цо. – ЦІоьнтарара Сулиман, ТІуртІин-КІотарара Тозуркъа, Гуьнара ГІубха, Акхташ-Эвлара ЯнгІулби, Тевзанара Лорса-Хьаьжа а. Уьш дІабахча, веара Іумма-Хьаьжас ваийтина Зумсара Залмин Дада а. Доцца аьлча, вайн берриг бартахошца йа цара векалш бина бахкийтинчаьрца къамел хилла сан.

ХІокху тІаьххьарчу шийтта шарахь дукха хийца ца веллера Солтмурд. Кхузткъе итт шаре хьалаваьллехь а, цхьа а церг ца телхинера цуьнан. ДегІ а дара, гІаргІа санна, нийса. Хьажар а – ира, майра. Йеккъа цхьа къоьжалла йара цуьнан дегІаца хийцамаш бинарг. Схьахетарехь, иза сирвинарш цуьнан коьртехь йиллина дІа

лаьтта къармазе, карзахе ойланаш йара. Мацах цкъа Шемалан лахарчу бIаьнчех цхьаъ вара иза, тIаккха БойсагIар имам ваьлча – цуьнан хьалхара гIоьнча. ХIокху Нохчмахкахь Iедална дуьхьал долийначу девнан жигарчу куьйгалхойх цхьаъ хуьлий дахIутту иза, Iедалан кара ца воьдуш, даима таIзарх хьалхаволура. БойсагIар йийсаре лоцучу дийнахь а, гуо а хадийна, кIелхьарвелира иза шен вешица Муница. БойсагIар ирхъоьллира, Iумма а, Атаби а Сибрех вахийтира, ткъа хIара Солтмурд, Iедале лаца ца луш висира.

Цул тIаьхьа дIадевллачу шерашкахь дийнахь-бусий виллина дIа керлачу гIаттамна кечам беш, цунна йукъ йихкина араваьлла лелара Солтмурд. Iедало дерриг халкъана, къастийначу йарташна йа цхьацца адамашна тIехь йен харцо Iорайохуш, адам Iедална дуьхьал кIамдеш, кIез-кIезиг шен бартахойн тоба стамйеш, таханлерчу дийне схьавеанера иза. Ша вовшахдеттачу гIуллакхан тхьамда хила а ца гIертара. Цо даррехь мукIарло дора шегахь ишттачу чолхечу, доккхачу гIуллакхна хьекъал а, Iилма а цахиларна. Амма майраллий, къонахаллий йара цуьнгахь кIежтуьйсуш.

– ХIун барт хили шун? – хаьттира Iаьлбага, цхьа а вист ца хуьлуш, хан йала йоьлча.

– Хьаннашка гIа даьлча, гIовттар. Берсас а магадо иза.

– Мила ву аш вуьйцург? – хаьттира Олдама.

– Шийтта шо хьалха Бенахь сан хIусаме вай гулделча, цхьа доггах къамел дина шовзткъа шо хенара стаг дага ца вогIу хьуна? Аьрзун а, Маккхалан а доттагI. ХIинца цамгаро кIелвитина иза.

– ХIаъ-хIаъ! Паччахьан эпсар хилларггий?

– ХIай-хIай.

– Ой, иза-м къона ма вара?

– Пехех цамгар йу цунна, – элира Iаьлбага гIайгIане. – Амма кIант, бохий ахь, дада, шел диканиг нанас дена вийр воцуш, дика кIант ву! Вуьззина вайн къоман кIант! Къоман а, маршонан а дуьхьа дех а, дуьненах а, ирсах а къаьстина. Шена лиънехь, хIинца, и Орца санна, инарла хир вара иза. Хила массо агIор аьтто а бара цуьнан, Петарбухехь эпсарийн дешар а дешна, тIеман говзалла а йара. Да хьал долуш совдегар а вара. Амма цунна хьалха ши некъ хIоьттира: кхиболу нохчийн хьолахой санна, паччахьна гIуллакх деш, шен декъаза халкъ хьийзор, йа, халкъехьа а ваьлла, цуьнца цхьаьна къахьонан кад мийлар. Цо шолгIа некъ къастийра. Цунна дIаделла цо дерриг шен дахар. ЦIа а, ков-керт а, доьзал-м хьовха, гергара йиша-ваша а доцуш, меттахь висина.

– Ткъа хIинца мичахь ву иза?

– ХIинца цкъа-м шен ненан вешин хIусамехь ву.

– Ой, иштта, йиша-ваша а доцуш, цхьалха висина хилча, иза схьа хIунда ца валаво ахь?

– Ас-м, вуола, элира цуьнга. Амма, хIокху ламанан лакхенгахь шена садаIар хала хир ду аьлла, ца веара-кх… ХIета, Солтмурд, шун барт хиллехь, со-м дуьхьал вац.

– Амма Iумма-Хьаьжа реза вац гIаттам иштта сиха боло. ДегIастанхошца цхьа барт хиллалц, собардан лаьа цунна.

– Ой, стохка дуьйна, цаьрца вешан барт бу бохуш, Iаш дац вай?

– Иза галбаьллий-те, моьттуш ву со.

– ХIунда?

– Хонкарахь волчу ГIеза-Махьмера хаам хиллалц, гIуллакх долор дац дегIастанхойн

тхьамданаша. Ткъа Іумма-Хьаьжа, хьуна ма-хаъара, церан бартара вер вац.

Іаьлбаг оьгІазвахара.

– ХІета, вай Іовдалш Іеха а деш, туркойн гІуллакх айъина лела-кх уьш. ГІеза-Махьмех ДегІастанан а, Нохчийчоьнан а имам ван. Іуспанан Сайдулла – нохчашна, Алхазан Муса –хІирашна коча хао. ГІеза-махьма-м, ша Уьстамалахь воллушехь, Іа ша вайн имам ву бохуш. ХІан-хІа, Солтмурд, туркойн Іедалан, цигахь хьоло вукъвина Іачу кхузара дІаваханчу масех ламанхочун а дуьхьа ког дІа а тосур бац ас. Сан аьлларг хилахь – цхьана а нохчочо а. Вай лелориг вешан маршонан гІуллакх ду.

– ХІета, дегІастанхойн бертаза, ваьш гІовтту вай?

– Вай-м ваьш дац. Россехь а адам меттахъхьеш ду, боху. Оьрсий а, кхидолу къаьмнаш а Іедална дуьхьалдевлла, боху Берсас. Паччахьан шен махкал арахьара гІуллакхаш а доьхна долчух тера ду. Суна хетарехь, уггар аьтто болу зама йу хІара тІехІоьттинарг. Кхана хуттур аьлла, дитина гІелан цІога хоттаза дисина, боху. Шен хеннахь цадинарг дуьсу. ДегІастанхойн тхьамданашца вайн барт цабагІарх, цигара халкъаш ма ду вайца. Салатавхой а, Іаьндой а вайх къаьстар бац. Уьш тахана а кийча бу вайна тІаьхьахІитта. Саношка а, тушошка а догдохийла йу вайн. Абхазой а Іа вайн барте хьуьйсуш.

– Цара хІун дер а, хаац.

– ХІета, вай ваьш гІовттур ду-кх, – хадийра Іаьлбага. – Тоьур ду, хІиццалц садиттича. КхидІа собарна ницкъ бац.

ТІера йуькъа Іаь гІуьттуш хьолтІамаш а, кхехкийна дакъийна жижиг а, йоьхьаш чохь доккха шун а хІоттийра царна хьалха.

ГІаттам вовшахтохархойн уггар жигара ши дакъалацархо – Чеччалхера БортІаган Къосам а, Маьхьтин Нурхьаьжа а – хІокху Іаьлбаган нийсархойх вара. Къосам кхо-диъ шо воккха вара Іаьлбагал. Баккхийчаьрца шуьне ховша гІиллакхехь ца хеташ, севцира уьш.

– СхьатІехилал, кІентий, – элира церан дагара хиъначу Солтмурда.

– Оха тІаьхьа йуур йу, – йухагІоьртира Къосам.

– Хабар дита. Жимхалла кхечахьа лелор аш. Вайн дийца дезаш кхин а ду гІуллакхаш. Же, ма Ієлаш!

Жимма йуха а гІиртина, шунна тІехилира къонанаш.

– Йуха пІерасканан буса йартийн тхьамданийн гулам бан сацийна оха, – элира Солтмурда. – Хьо реза вуй, Іаьлбаг?

– Реза ца хилча, волий со?.. Мичахь гулло вай?

– ТІерга-Дукъа. Сесанний, Бенаний йуккъе.

– Аренгарчу йарташа хІун боху? – хаьттира Къосама.

– Шаьш кийча ду, боху цара а, – жоп делира Іаьлбага.

– Имам билгалвиний аш? – хаттар дира хІетталц церан къамелна йукъа ца гІерташ Іийначу Олдама.

Солтмурда жоп ца делира. ХІума йиъна а бевлла, доІа а дина, хьалхара шун дІаэцча, тІаккха вирзира иза оцу хаттарна тІе.

– Дера, Олдам-Хьаьжа, оха массара а магийнарг-м хІара Іаьлбаг-Хьаьжа ма ву.

Олдам, цецваьлла, бага гІаьттинчохь висира.

– Ахь баккъал боху?!

– Боху, дера-кх.

Корта а хьовзийна, гІаддайна велавелира Олдам.

– Делхьа, Солтмурд, оццул долу хІара чолхе гІуллакх вовшахдетташ лела шу хьекъале нах ду, моьттура суна. Иза ца хилла аьттехьа а.

– Ахь хІун дуьйцу?!

– Ой, сила долу доккха гІуллакх балдаш тІера шура а йакъайалазчу беран кара ло ткъа?

– Іаьлбаг-Хьаьжа бер ма дац. Маса шо ду цуьнан?

– Ткъе йалх.

– Тоьур ду. Ткъе йалх шо а хилча, лаккхара Іилма дешна а хилча, хьаьжо а хилча.

– Оцу дерригенан мах бац, стаг къонах ца хилча, и сан кІант велахь а!

– Къонахалла-м, нахана йекъча, йиса а йара цуьнгахь.

– Забаренна а ма хьехаделахь и, Солтмурд, – корта ластийра Олдама. – Хьуна бакъдерг хаа лаахь, хІара кІант тхан бертаза гІерта шуна йукъа. Халкъан гІуллакхах, шун санна, дог а лозу тхан, цуьнан маршонан дуьхьа тхешан синош дІадала кийча ву со а, сан нах а. Амма и имамалла боху гІуллакх ма кхийдаделаш хІокху кІанте. Оцу гІуллакхна хьекъал а долуш, нахана а вевзаш, цІе йоккхуш стаг веза. ГІаттаман коьртехь хьо йа Іумма-Хьаьжа хила декхар ду.

ГІовталан некха тІерачу жимачу кисанара дато сахьт схьа а даькккхина, негІар хьала а тоьхна, хене хьаьжира Солтмурд.

– Делхьа, Олдам-Хьаьжа, хІокху кІентан цІе ас хьалха йаькккхина йац хьуна, – элира цо, сахьт йуханехьа кисана а дуьллуш. – Тхан вовшашлахь хьахаделча, массара а, цхьа барт бича санна, Іаьлбаган цІе йаькккхира. Сой, Іумма-Хьаьжий къанвелла. Кхузткъе итт шарал тІехъиккхина тхойша ваьлла къийсина а, дуьне диъна а. ХІинца рагІ къоначаьргахь йу, Олдам-Хьаьжа. КхидІа цара къуьйсур шайна.

– Ша кеггийнчо даа деза худар, – элира Олдама эндаже.

– Ма кхералахь, тхешан дакъа оха нахе доуьйтур дац хьуна, иза дІовш делахь а.

– Шайна луъучо даа, амма и имамалла сан кІентан коча ма Іитта-кх. ХІара тентак хьалха а теттина, дІасадовда атта ду шуна.

– Тхо-м цкъа а ца девдда, Олдам-Хьаьжа, довдур а дац. – Солтмурдан къоьжа, дуькъа цІоцкъамаш дусаделира. – Нагахь, БойсагІар лоцуш, со, ведда, кІелхьарвалар ахь схьаІиттахь, со кІиллолла ца веддера, кара а вахана, эрна ца вала, къийсамехь вуожа веддера.

– ХІан, битал и къийсамаш, – йукъавуьйлира Іаьлбаг. – Халкъо хаьржжинарг хир ву имам. Хьо а харц лоь, дада. Хьан кІенташна шура а йогІуш, нахана цІий догІург а хир дац даим. ТІе, ас цхьа а ца воьху сайна тІаьхьа. Іала-Мохьмад, Іеламха, Іарапха а шайн лаамехь буьту ас. Лаьий – соьца дІабогІур, лаьий – шайн цІахь буьсур. Сайн дегІера са дІадаллалц маршонехьа къийса айса биъна дуй ас кхочушбийр бу. Сан тІаьххьара дош ду иза.

Іаьлбага сацамболлуш аьллачу дешнаша цхьана ханна тийналла хІоттийра чохь. ХІетталц дена хьалха а иккхина дош ала ца лууш Іийна Іала-Мохьмад, цхьаъ ала ойла хилла, меттахъхьайра.

– Вайн, вовшех девлла, даха меттиг бац, Іаьлбаг, – элира цо. – Хьайн даго

къобалбечу новкъа вала хьо. Тхо хьуна уллохь хир ду.

– Дера, ма хила, нагахь ас йуьхьарлаьцна некъ шайн даго къобалбеш бацахь-м, – кІоршаме жоп делира Іаьлбага. – ХІораммо шен коьртах жоп ло гІуллакх ду иза. Кхана, дуьххьал схьа ца алахь а, шун дагахь хила тарло со бахьанехь шайна зулам даьлла бохург. И дІадели. Ткъа, Солтмурд, ахь деанарг суна Берсехула хезна. Цуьнан ойла а йина ас дуккха а. Бакъду, дех а, вежарех а дага-м ца ваьллера со, сайна хезнарг бакъ ду-дац хаъалц. Соьга хаьттича, гІаттаман коьртехь махкахь а, махкал арахьа а бевзаш, цІейоккху къонахий хила ма беза. Со дуьхьал ву шун лаамна. Амма вай долийначу гІуллакхна сайн са дІадала кийча а ву.

ГІайби тІе ах тевжина Іен Солтмурд охьахиира.

– Ас хьоьга кховдийнарг тхо масех стеган лаам бу, Іаьлбаг. Иза йухатоха бакъо йу хьан. Амма, и тхьамдалла хьайга халкъо кховдадахь?

Іаьлбага ойла йира.

– Халкъан лаамна дуьхьалвала пурба-м дац суна. Делахь а, хІара Къосаммий, Нурхьаьжий теш а волуш, цхьаъ ала лаьа суна. Со, жима ву аьлла, хьалха а теттина, шу даккхийчийн сан букъа тІехьа а, сан бертаза а шайна тов-товриг лело ойла йелахь, со хьехо оьшуш дац. ГІаттамна коьрте хІоттийнарг шен лаамехь хила веза, иза милла велахь а. Ас иштта хІунда боху аьлча, дикка тхьамданийн ойланаш а, Іалашонаш а санний, тхо масех къоначерний Іалашонашца цхьаьна ца йогІийла сайна хаарна. Вайна йукъахь галморзахаллаш йу. Нагахь шу тхуна тІаьхьадогІур делахь, со дуьхьал вац аш кхийдо дукъ коча долла.

Солтмурд вуьйхира. Шач санна, дуькъа хьаьрса чоьш долу шен бІаьрнегІарш туьйхира цо.

– ХІун ду хьуна цатовриг?

– Иза-м шуна хууш деца. Цкъа-делахь, со вуьззина дуьхьал ву Юьсп-Хьаьжас а, Хьуьси-Хьаьжас а, кхечара а кхайкхочу гІазотна. Ас а, сан бартахоша а лоьхург маршо, латта, нийсо йу. Цаьргахьа къуьйсург, бусалба а, керста а башхо йоцуш, массо а сан бартахо хир ву, ткъа дуьхьалваьлларг – мостагІ. ШолгІа, айса долийначу гІуллакхна дуьхьалваьллачух – хьаьжойх, молланех, дех, вешех а – къинхетам бийр бац ас. Изза дан луур ду суна аш массара а. КхозлагІа, Іумма-Хьаьжас схьалаьцначу некъана а реза вац со. Вайна арахьара гІо оьшу. Стаг, ша хи буха ваха воьлча, лаьхьанах а тасавелла, боху. Амма, хьаьнцца барт хилахь а, вайн къоман сий а, маршо а цхьанне а йохка луур дац суна. ТІаьххьара а: имамалла аш соьга лахь, со шух дагавийр ву, амма дан нийсаниг бен дийр дац. ХІинца хьо дІавахча, хьо схьахьажийначех дагавала, нагахь уьш сан лехамашна реза бацахь, кхин сан цІе ма йаккха.

Дийцарш оцу тІехь тІаьххьара а чекхдевллийла хиъна, Солтмурд шершина маьнги йисте веара. Месала, доккха ши куьг голашна тІе а диллина, неІарехь лаьттачу шен мачашка хьаьжира иза.

– Дика ду, Іаьлбаг-Хьаьжа. Хьан цхьайолу ойланаш къобалйо ас. Дерриг ахь бохург а хир дац, дерриг тхо даккхийчарна моьттург а хир дац. Цхьа йукъанекъ къастор вай.

– ХІан-хІа, Солтмурд, кхин некъаш къестош, со декъахо хир вац шуна, – хьалагІеттира Іаьлбаг. – Оцу йуккъехь маслаІаташ лоьхуш, эрна къа ма хьега. Нагахь ахь хьой, Іумма-Хьаьжий къанвелла бахахь, гІуллакх къоначеран кара лахь, оха бохург де.

– Хьан бартахой муьлш бу?

– Тхьамданех – Рохьмадан Берса, Яхьсин Ханбетар, Пиркъин ЯнгІулби, Герин Арсахьаьжа, Шахь-Іелин Махь-Мирза, Залмин Дада, Ишин БугІа, Апин МитІа а, хІара Къосум, Нурхьаьжи, кхин дуккха а.

Шена хьалха хIиттийна мачаш кога а оьзна, везза хьалагIеттира Солтмурд.

– Дика ду, Iаьлбаг-Хьаьжа. Сох дерг аьлча, со реза ву ахь боххург дан. Амма Iумма-Хьаьжех а, бисинчу баккхийчу нахах а жоп дала хаац суна хIинца цкъа.

Хьеший дIа а хьовсийна, цIа чу гулбелира Олдам а, Iала-Мохьмад а, Иеламха а, Iарапха а. Олдам охьа ца хиира. Вехха лаьттира иза, цIенкъа а вогIавелла, ойла йеш. ТIаккха, Iаьлбагна тIе а вахана, леррина цуьнан бIаьра хьаьжира иза.

– Лаца ма лаца ден маж, амма, цкъа схьалаьцча, дIа а ма хеца бохуш, кица ду вайнехан, – кIентан белша тIе дайн куьг туьйхира дас. – Хьайн даго хьоьхучу новкъа дIагIо хьо. Дала аьтто болда хьан а, хьан накъостийн а, вай массеран а!..

IV корта. АДАМАШ А, АМАЛШ А

Нагахь хьо стаг велахь,

Ахь адам ма лара

Даймехкан кхолламе

Биэндоцуш хьоьжуш верг.

А. Навои

1

Йуьртден туркх астагIа Даси, шен гIогI детташ веана, Къайсаран кетIахь сецира.

Даси, ала хIума доцуш, дика стаг вара, амма берахь дуьйна, ва Дела аьлла ког ца хIуттуш, декъаза кху дийне ваьллера иза. Шемалан заманахь тIамехь дакъалаца жима хилла иза. Цхьана гIуданна санна, БойсагIарна тIаьхьа а хIоьттина, дуьххьара хиллачу кхийссаршкахь тоьпан дIаьндарго хенан даьIахк йойна, цIа валийра. Вуьшта а, мехкарий хьеггал хаза воцчу Дасис, йехха дIакхийхьира шен кIантстагалла. Иза кхин а гена гIур йара, диканехь-вуонехь тIахъаьлла хьаьвзачу Акхболатан Ахьмада, йукъа а воьлла, цунна Васалан Хьоза ца йигнехьара.

Ирс ирсечунна тIаьхьадолу, ткъа дакъазалла а лела декъазчун цIога лоций. Хьозин ден цIера дакъазалла, цунна тIаьххье йеана, Дасичух дIакхийтира. Йуьртахь шен долахь мегачуьра меттиг йоцчу Дасис, цхьа маьлхан басе схьа а лаьцна, иза элхьамчех дIа а цIанйина, цкъачунна аьлла, цхьа лаппагIа йуьйгIира цига. ХIор а шарахь бохург санна, цхьацца бер хуьлура цаьршиннан, ткъа уьш а, хIара тIаьххьарниг доцург, дерриш а зудабераш дара. Стундас а, цуьнан доттагIаша а гIо деш, и шен ирзон коржам йуьйра цо, амма оцу тIера ца долура Iаьнах валлал йалта а. Йуьртден туркхалла лелорна туьха-мехкадаьтта эца йал лора цунна, иза а доккха хIума хеташ, и гIогI текхош лелара Даси.

ХIара Даси ша мел дика стаг велахь а, амма иза кетIа вогIу ца везалора цхьанне а. Йуьртдас ХортIас ша волчу дIакхайккхинарг цуьнан канцеляри чуьра цкъа а велавелла ара ца ваьллера.

ХIетта кха тIера цIа веана Къайсар, ворда дIа а хецна, ши сту хи тIе бига кечлуш воллура. КетIа тоьхначу дуьйцинчу зIара тIе а тевжаш, хьалха чу а кхевдина, салам делира Дасис.

– Ва Іалайкум салам! Схьачоьхьавала, Даси, – шен карара дукъарцаш дукъах а доьхкина, тІевеара Къайсар. – Хьал-де? Могаш-паргІат?

– Дика ду. Шу а деца могаш?

– ТІаккха, хьо хьайн гІуллакх дохьуш веана йа йуьртдас ваийтина?

– Йуьртдас.

– ХІун боху оцу харано?

– Гуттар сиха дІакхача.

Шен зудчуьнга Макке стерчий хи тІе дига а аьлла, тІерачу белхан барзакъца эвла йуккъе волавелира Къайсар.

Йуьртден канцеляри Шахьбин цІеношкахь йара. ЦІийнан да Хонкара дІакхелхина бутт а балале, уьш Іедалан дола дехира ХортІас. ХортІичел тІаьхьа оцу йуьртахь уггар тоьлла цІенош дара уьш, тІе оьрсийн гериг йиллина, тІечІогІуш ангалин кораш, паттарчийн неІарш йолуш, тховх хьалий, цІенкъий уй а тоьхна. Делахь а, и цІенош йуьртана оьцу аьлла, ХортІас нахера гулдинчу ахчанах уьш санна дерш лаххара а ши цІенош эцалур дара. Механа деза ду аларх, ладугІурий ткъа? И ахча ша шен кисанара Шахьбина дІаделла, бохура.

Къайсар канцеляре кхаьчча, кертахь лаьтташ масех стаг а, пурхахула волавелла лелаш милцо ЧІонакъа а карийра цунна. ХІара ЧІонакъа болх беш Зандакъахь вара, амма, йуьрта хьажахІотта ша цІа веъча, канцеляре гІерташ бен ца Іара. Іедало стаг милцочун гІуллакхе шен тайпанна йукъа ца вохуьйтура. Хуьйцуш хІиттабора. Нахах даьлларг къайла ца даккхийта, къинхетам ца байта.

Даьссачу цІа чохь, кІедачу гІанта а воттавелла, ша хиъна Іаш карийра цунна ХортІа. Канцеляри ша, кечйина йацахь а, цІена йара. Керла кир хьаькхна, кІайн пенаш, кІайн сир хьаькхна неІ-кор а йара чохь сурт а гуш. ТІе баьццара исхар тесна, когашна бустамаш даьхна йеха, Іаьржа стол, цунна гонаха кІеда шиъ гІант, пенаца дохалла хІоттийна аннех дина деха гІант. Кхечу йарташкахь иштта кечйина йацара канцеляреш. ХІуманна дозалла дезачу ХортІас, цхьацца бахьанаш хІиттош, нахера ахчанаш дохуш, кечйинера иза.

Счеташ тІехь цхьа хьесап деш воллучу ХортІас, кехата тІера пІелг дІа а ца боккхуш, Къайсарера салам схьа а эцна, дехачу гІанта тІе пІелг хьажийра:

– Охьахаал.

Кехата тІера терахьаш тІекІелтоьхна ваьлча, мухха делахь а, жамІашна резахилла, ши куьг хьакхийна, шуьйрра вела а къежна, Къайсаре хьаьжира ХортІа.

– Дика ду, кІант, дика ду! Хьо хІунда кхайкхина, хаьий хьуна?

Арахь хІиттина лаьттачу нахаца йоцца йинчу тІекаренца Къайсарна хиънера ша стенна кхайкхина, делахь а дІа ца хаийтира цо.

– Хаац суна-м, ХортІа. Ахь схьакхойкху алар бен, Дасис кхин хІоккунна-оцунна а ма ца элира соьга.

Шен месала ши куьг стоьла тІе а диллина, алссам хІаваъ чуоьзна, балдаш тІе а къевлина, йерстина беснеш йусийна, тІаккха цІеххьана татанца дІахийцира ХортІас:

– ДІадаханчу шеран ах налог йу-кх шун кІоштарчу нахана тІехь хІинца а.

– Йа, дера.

– И схьа хІунда ца ло аш?

– Ницкъ бац. Тхан кIоштара нах берриг а мисканаш ма бу: Васал а, МIаьчиг а, Даси а, Эсет а, Iелин, Маккхалан доьзалш а.

– ТIаьххьарнаш ма багарбелахь суна. Iелас а, Маккхала а шаьш даьккхина шайн гIуллакх дакъаза. Iедална дуьхьал а бевлла! МаIа санна, чIогIа долу хIара паччахьан Iедал дохо гIоьртина! Цигахь Iамор бу. ЦIа баьхкича, хир бу хьуна уьш чуьхий санна. Нагахь дийна цIа багIахь. Ницкъ – ца ницкъ хаац суна, Iедалан декхар дIадала деза. Налогаш йуьртана тоьхна Iедало. Йуьрто дIатакха а йеза.

– Йуьртана тоьхнехь, нийсса йекъа йезара-кх.

– Нийсса ца йекъна ткъа? Йуьртахь маса кIур бу а хьаьжна, хIор а кIуьранна цхьанийсса…

– И ду-кх нийса доцург. Къелла къикъбоьллачарний, хьоло букъбиначарний цхьатерра хIунда йекъна ахь иза?

– Iедало налогаш йуьртана туху. МIаьчигъгIар, ДасигIар къен бара бохуш, оха кхаба безаш-м бац? Тхешан кIоштарчу къечийн текхамаш оха санна, аш а бейша шайчерниш!

– Аш-м ишттанехьа ца токхура церан налогаш, – Iен ца велира Къайсар. – Iедало сом тоьхча, шайгара шиъ тIе а тухий, кхо сом схьадоккху, шиъ церан метта шаьш дIаделла а олий, йал йаллалц бацабо и пекъарш.

ХортIас шен месала цIоцкъамаш, дусийна, вовшахтесира.

– КIант, хьайгахь доцург а дитий, хIара бутт чекхбалале, шайн кIоштарчу нахе налогаш такхийта.

– Ас-м ма такхийта. Шаьш такхийта аш.

– Хьо ма ву царна тIевиллина. Iедална хьалха ахь дош ма ло хьайна тIечIагIдинчу ткъа цIийнах…

– Тахана дуьйна дIа и хьаькамалла хьуна дити ас.

Цкъа ойла хилира ХортIин, стоьла тIе буй-хIума а тухуш, хIара човхо. И дагахь хIокхо шен пхьидан ши бIаьрг шена тIебоьгIча, Къайсара бIаьрнегIар ца туьйхира. ХортIина ца йезайелира Къайсаран озо йеха йуьхь а, дукъ сеттина боккха мара а, цунна кIелхьара, цIов санна, стаммий Iаьржа мекхаш а, ткъесах къиэга Iаьржа бIаьргаш а. Цул сов, Асхьада хийла валхийнера иза, дика болх бац бохуш. ХортIас, шен йуьхь йекхийна, дегаза балдаш къажийра.

– КIант, цкъа-делахь, хьан ден хенара ву со, шолгIа-делахь, Iедало хьох а, йуьртах а жоп дала охьахаийна со. Цхьана а агIор лартIехь дац ахь соьга дуьйцург. Iедало-м, хьаха, вайша мел цIингаш кхийссарх, шен гIуллакх дийр ма ду. Дийр дац моьттург IелагIарна, МаккхалгIарна тIаьхьа дIа а хьажор ма ву.

– Нах реза бац хьалдолчаьрга нийсса такхамаш бан. Хир бара, аьтто белхьара. Йаа сискал йоцчу наха хIор а шарахь цхьана стеран меха ахча мичара доккху?

– И Iедале алахьа, кIант.

– Кху йуьртахь Iедал хьо ма ду. Лаа ца олу хьох «йуьртан да». Ахь ала укурган начаьнке.

– Цул лаккахь а ду Iедал.

– Лакх-лакхарчаьрга дIакхачабе тхан иэшамаш. Паччахьна тIе кхаччалц.

– Дика ду, хIета. Ас пурстоьпе дIакхетор ду хьан къамел. Цо Веданара йа Хаси-Юьртара, йа кху мера кIелхьара – Гезал-Эвлара – масех салти валийча, цара, кертахь тIаьххьара йисина аьттан цIоьллак дIа а йигна, дуьтур ду-кх шу. Ас ца

элира ала дац шуна. И дIадели. Кхана вайн йуьртара иттех стерчийн ворда арайала йеза. Хаси-Юьртан гIопе хьун кхехьа. Уьш-м кхечу кIошташкара хьовсор йара ас. Шайн кIоштара ахь говрийн гIудалкх йахийта Гезал-Эвлан гIопе. Кхана Iуьйранна итт сахьт долуш цигахь хирриг. Соьлжа-ГIалара Хаси-Юьрта боьлхуш цхьа эпсарш бу. Уьш дIаэцна йаха йеза иза.

Къайсар вусавелира.

– Дуккха а нах йалташ дийна бовлаза буй ца хаьа хьуна? – йуха а шениг долийра цо.

– ОстогIпираллахI! – голаш тIе ши куьг тухуш, корта хьовзийра йуьртдас. – Ца хаьа дера-кх. Со ши бIаьрг боцуш ма ву.

– БIаьргаш-м бара хьан, даг чохь къинхетам бац-кх.

– Ахь хIун дийр дара, сан метта хилча?

– Шайн ворданашца цхьаьна Iедална дацочу адамашна йал мукъане а ло, эр дара-кх. ЦIахь-арахь дерг дIа а тосуьйтий, буьгий, кIиранах, баттахь неI хьеллац баца а бой, цIа бохкуьйту. Йал-м хьовха, атталла йаа сискал а лой ткъа? ТIехула тIе, йаппарш а йо. Дений, нанний хьежадо. Берриг шун бехк бу.

Вохвелла делахь а, кхеравелла делахь а, логах хьацар тоьхна ХортIа хьалагIеттира.

– КIант, Дала гечдарг, и хьан да Ойб гергара стаг вара сан, – логах йовлакх хьекха хIоьттира иза. – Цуьнан йуьхь йина вуьту ас хьо. Варийлахь, кхечахьа и хьайн мотт хеций ма биталахь. ДIагIо. Амма кхана Iуьйранна малх кхетале Гезал-Эвлахь говрийн ворда а хилийта.

«Баккъал а, сан хIун гIуллакх дара ХортIа бохучу оцу лежиге корта лебан? – ойла йора Къайсара, ураме ваьлча. – Цуьнан а, и санначийн а карахь хIун ду?»

Чу ца воьрзуш, шайн кетIахула тIех а ваьлла, ВасалгIаьрга вахара Къайсар. Геннара дуьйна гира цунна, цхьаъ чоьхьа, важа арахьа а хIоьттина, бешана гонаха керт йеш воллу дай, кIанттий.

– Ассалам Iалайкум! Ирс долуш хуьлда шун болх!

– Ва Iалайкум салам, Дела реза хуьлда хьуна а!

– МашаллахI, хIара нисделла ножан хьокхий, пхонан серий а! ДIахилал, жимма болх бе ас.

Къайсарна меттиг а битина, цигаьрка хьарчо хIоьттира Васал.

– Хьо лаа вуй, Къайсар? – хаьттира цо, цигаьрка а латийна.

– ХортIас кхайкхина вигнера со.

– ХIун боху оцу нело?

Къайсара дийцира йуьртдеца шен хилла къамел. Шен дех тера, хьаьрса корта, сийна ши бIаьрг, къорзо йуьхь йолу Юсуп дарвелира.

– Вехаш-м оцу хьакхин хье йуккъе топ цатоьхнарг вацара!

– ХортIина топ тохарх нислур дац вайн галдевлла гIуллакхаш, – човхийра иза дас. – ХIара Iедал ду дерригенна бехке.

Дегий, кIантей дегнашна хьаам а байтина, Васал йуьстахваькхира Къайсара.

– Кхана Гезал-Эвла говрийн гIудалкх йахийта, боху соьга. Хьо ца вахча вер вац цига.

– Говраш а, гIудалкх а йуй ткъа?

– Санний, Болатанний ши говр йужур ахь.

– Къена со воцург, кхин вац вахийта?

Къайсара коьртера охьа когашка кхаччалц бIаьрг туьйхира Васале. Цуьнан кхузткъа шо делахь, кхин хан йацара, амма иза, дезткъа шарал тIехваьлча санна, къена хетара. Ло санна, кIайн йоца маж, къеначу стеган ворта санна, хебаршка ихна деха лаг, чуэгна беснеш, сийна пхенаш тIе а хевшина, гIорладоьлла куьйгаш, IаддаргIанах хьаьвзина букъ.

– Хьо ваха веза, Васал. Цхьа эпсарш бу цигара дIа Хаси-Юьрта бига безаш. Хьан декхар хир ду хьайна оьрсийн мотт хаьий цахаийтар, сонта ву моттийтар, церан багах мел даьлла дош схьалацар. Гезлойн а, Хаси-Юьртан а гIаьпнашкахь болу ницкъ мел бу хьажар а…

– ХIета, ахь дийриг омра ду-кх?

– Омра ду иза, Васал. Хьайна некъана дуург-мерг со волчуьра эца. Амма Iуьйранна хьалххе гIо. Цига хьалхе мел кхечи, алсам гур ду хьуна.

Васал дуьхьал вист ца хилира. БIаьхочун декхар омра кхочушдар ма ду.

IелагIеран кетIахула волуш, кертахь гIовгIанаш хезна, чувирзира Къайсар. Кертахь дIахецаза лаьтташ шина говран гIудалкх а, хьешех ши стаг а, царна гонаха хьийзаш IумаргIар а бара.

– ХIорш муьлш бу баьхкинарш? – хаьттира цо, цхьанхьа дIахьаьдда, векхавелла дуьхьалвогIучу Iусмане.

– Андрин кIант Иван а, Яшка а ву!

ХIетта хьешашна мара а лилхина, уьш чубига хьийзаш бохкура Айза а, Эсет а.

– ОхI, хIорш хIун хьеший бу?! Издарасти, Ванька! – вахана цкъа цхьанна, тIаккха вукхунна, куьг лоцуш, мараиккхира Къайсар. – Издрасти, Яьшка! Как дела, хорошо дела?

– Маршалла хуьлда, Къайсар!

– Шу мичара девли?

– ХьошалгIа даьхкина, шу дахказа хьеделча!

– ЦIахь муха ду? Андри муха ву? Наташ йуй могаш?

– Ма сецабел уьш, Къайсар. Чохь дуьйцур аш, – пхьарс лаьцна, Иван цIа чу озийра Айзас. – Дуьло цIа чу. Гена некъ бина, кIадбелла хир.

ЦIена дара диллина дIа хьешашна ларден цIа. ХIетта Iовдабеллера Iуьйранна цIенкъа хьаькхна боршам а. Поппаран бехачу маьнги тIе даржийна тесначу къорзачу истанга тIехь паргIатбевлира хьеший. ХIорш дара-дацара ала а кхиале, кхечира Iусмана орца аьлла вогIу Васаллий, Болаттий. Йуха а дуьйладелира хеттарш. Васалан уггар а бала кхаьчнера шен доттагIчун Корнейн.

– Иза хьалаваза ма дукха хан йу? Могаш беца уьш?

– Сингаттам бац. ХIинца иймане веана иза.

– И хIун ду?

– Хьуна ма хаьа. Къоланаш дитина цо…

– Тхойшиъ къан ма велла, Ваня. Къанвелла, кIадвелла, къийвелла. Доцца аьлча, велла. ХIун ду керла шун агIор?

– ХIумма а дац.

– ТIом хуьлу-м, ца боху?

– ГIуллакхаш дика-м дуй хьовха? ГIалгIазкхий дIакхайкхар лаа ца хета.

Кертан арахь котамийн маьхьарий девлира. Iусман, Мохьмад вара, хьешашна йайъа леца гIерташ, уьш лелхийна лелаш.

– Шу лаа дуй ткъа?

– Шун йуьртана хьер йилла даьхкина.

– ОхI, хьехош а дара хьуна иза. И барт маца хилла шун?

– Цхьа кIира хьалха цуьнан кIант веанера тхо долчу.

– Оцу хьакхина хьер йилла дохку-кх шу?

– Цунна ца йуьллу иза, вайна йуьллу. Аьтто болуш а, боцуш а, аренга гIумкий болчу хьера оьхучул, атта дац вайна хIокху Яьсси чу диссича? – элира Къайсара.

– Дукха Iийр дуй шу?

– Хаац. ХортIас гIирс охьабилларх терра хир ду-кх.

– Андрей ца вогIу?

– Иза а кхочур ву кхана. Тхуна дан дезарг гайта.

ХIума йууш, Васал леррина хьоьжура хьешашка. ДIадахана шийтта шо дукха хан йоцуш санна хета. Ткъа хIара Яшка дуьххьара Гати-Юьрта веача, цуьнан коьрта тIехь цхьа а къоьжа чо а, йуьхьа тIехь хебарийн сиз а дацара. ХIинца тера а вац хIетахьлерчух. Коьрта тIе а кIац тесна. БIаьргийн йистошкахь хебарш гучуйийлла. Аз а ду гIоргIа. Деккъа цхьа куьйгаш ду, хIетахь санна, гIорладоьлла. Ванех а Иван Андреич хилла. Ма сиха дIайоьду-кх хан, йаха-м!

ХIума йиъначул тIаьхьа а дуккха а Iийра доттагIий къамелаш деш. Делкъал тIаьхьа ХортIин Асхьад веара, пхьераш схьакхаьчна аьлла, хезна. Чохьболчаьрга могаш-паргIат а, йа хьеший схьа муха кхечи хаттар а доцуш, шен гIуллакх долийра цо.

– Дуьло, дIадоьлху вай.

Иван Болате хьаьжира.

– ХIорш кхузахь буьсур бу, – элира вукхо.

– Кхузахь а битина, хIокхаьрга набарш йойтийла дац сан. Цхьаъ вогIуш, важа вогIуш, нехан гIуллакхаш деш Iийр бу. Ас чохь Iен шайнна цIа кечдина хIокхарна.

– Къен делахь а, хьешана цIа доцуш дац тхо а. Дала мукъалахь, тахана цкъа йаа сискал а йу.

– Же, кечло!

– Тхо кхузахь дуьсур ду, Асхьад. Тховса мукъане а.

– Даиманна а, – тIетуьйхира Болата.

– Дика ду, – цкъа Болате, тIаккха хьешашка гома хьаьжира Асхьад. – Амма дуьнен чу садаьржаш балхахь хуьлда шу.

– Оха хьан болх тІелаьцна, ахь тхуна мах а хІоттийна. Тхо миччахьа Іахь а, балхана са ма гатделахь. ХІетте а, дІадогІур тхо. Тхаьшна Іен атта хир ду тхуна.

– Иштта дийцал аш. ХІета, кхана Іуьйранна малх схьакхеташ кийча хила, меттиге хьовса гІор вай. Іодика хуьлда шун!

Асхьад араваьлча, вовшашка хьаьвсира чохь бисинарш.

– Хало хир ду шуна цуьнца болх бан, – элира Васала, корта а хьовзийна.

– Иза вицвийр ву цуьнан дас, – тІетуьйхира Къайсара.

– ХІумма дац, Васал, – элира Яшкас, – тхуна дукха гина саьрмакаш. ХІара шуьнаш-м кІорнеш йеца.

– Говраш паргІатйаьхний ахь? – хаьттира Болата неІарх чухьаьжначу Іумаре.

– Хи а малийна, хІоъ белла.

– Цхьанхьа валий, сийно йол лахахьа.

– Іусман вахийтина ас.

Шайн гІуллакхаш йукъахдитина веана Васал а, Къайсар а дІаваха тохавелира.

– Тхойша, жимма Іийна, йухавогІу хьеший дІабига, – элира Къайсара, цІа а вахана, хьеший тІеэца кечамбан дагахь.

И шиъ дІавоьдуш, тІаьхьаваьллачу Яшкица кетІахь сецира Васал.

– И шуьшинца верг мила ву? – хаьттира цо.

– Сан накъост ву-кх иза а.

– Хьан накъост вуйла-м, хаьара суна. Хьалха сайна гина стаг воцу дела, хоьттура ас-м.

– Сан накъост бохург-м кхин дай, Василий. Йалхитта шо хьалха, со санна, Россера ведда веана иза. Помещикан цІенош а дагийна. Тхойшиннан кхоллам дукхе-дукха цхьатера богІу. Со къоначу зудчуьнца веара, ткъа Михаил – деккъачу шен дегІаца. Ткъе итт шаре ваьллехь а, зуда йалоза ву. Аьтто боцуш висина. Сайн ваша ву аьлла, тІелаьцна ас иза. Іедал тІекхиахь, шиннен гІуллакх а дика хир дац. Шух дага а ваьлла, цхьа хан йаллалц иза кхузахь вита ойла йу тхан.

– Дагавийла а ца оьшу. Оха Іалашвийр ву иза-м, Христосан четахь воллуш санна, – элира Васала.

2

Тоьхначу хенал цхьа сахьт хьалха Гезлойн гІопе кхаьчначу Васала, кевнехь хехь лаьтта хьаьрса салти а гина, цунна тІехъэккха дагахь, цІеххьана говрашна шед туьйхира. Васалан ирсана, кисет кара а лаьцна, луьлла йуза гІерташ воллура салти, ткъа стаммийчу ножан аннех йина гІопан йеза неІарш йиллина йара.

– Саца! Мича воьду хьо, неІалт хиларг! Лексей, сацаве иза! ХІей, дела вага хьо жоьжахатин цІергахь!

Хехо кхойкху салти шега беттачу маьхьарх кхетта а валале, Васал, гІопан керта йуккъе ваьлла, хІумма а сих ца луш, гІудалкхара охьа а воьссина, говрийн багара гаьллаш дІайаха хІоьттира.

– Аравала кху чуьра! Йахийта! Йухайерзайе! – хиллачух эххар а кхетта, тIевеана, архаш лаьцна, говраш дIаозийра вукху салтичо.

Васала оьгIазвахана кеп хIоттийра.

– Дурной салти! Арба эпсар есть! – салти дIа а тоьттуш, гарнизонан начальник чохь хуьлучу цIенош тIе пIелг хьежабора цо. – Эпсар тебе урбит!

Ша сихха аравакккхахь а бохуш, гIопана чоьхьа каде бIаьргаш кхерстабора Васала. Уггар хьалха цуьнан бIаьргаш севцира казарми хьалха тIе гатанаш тийсина лаьттачу шина йоккхачу тоьпана тIехь. ТIевеара кхин а ши салти.

– ХIара басурман хIунда веана кху чу?

– Митрий, иза чу хIунда витина ахь?

– Но, йухайерзайе!

– ЭхIей, сих ма лолаш, хIара-м кхуза балха ваийтина хила а мегий.

Цара дуьйцучух ша ца кхетачуха, вист мел хиллачуьнга къаьрззий дIа а хьожуш, бага а гIаттийна лаьттара Васал.

– ХIара хIун гIовгIа йу кхузахь йерг? – оьгIазе аз хезира цунна начальникан цIийнан учара схьа. – И хIун нохчо ву шуна йуккъерниг?

– Хаац, хьан оьздалла, хьераваьлча санна, схьачуиккхина-кх хIара.

– Хехо? Хехо хIун деш лаьттара?

– Ца кхиийра сацо…

– Мила ву кевнехь хехь?

– Недоноскин Митрий…

Парадни формица кечвелла, цIена маж йаьшна, хаза хьовзийна хьаьрса мекхаш, месала цIоцкъамаш, бакенбардаш йолуш лекхачу дегIара стомма войсковой старшина, меллаша учара охьа а воьссина, ворданна гонаха гулбеллачу салташна тIевеара. ГондIара дIаса а хилла, Васал цунна хьалха витира салташа. Цхьана хенахь, эпсарна хьалха хIоьттича, Iад санна, вулалой, садаIа а ца ваьхьаш хилла Васал хIинца майрра хьоьжура маларо цIийбинчу цуьнан баьргаш чу. Эпсаран багара къаьркъанан боьха хьожа йетталора.

– Мичхьара ву хьо?

Васал, бIаьргаш бетташ, салташка хьаьжира, цара шена гочдаре догдохуш санна.

– Мичхьара ву хьо? Ишхой-Юрт? Кошкелды? Бильта-Аул?

– Гати-Юрт… Гати-Юрт! – шедакхаж Яьссица хьала а хьажийна, велавелира Васал. – Гати-Юрт, йуьртда Хорда.

– Кхеташ ду. Вевза суна шун Хурда. И тIингар. Хьайн говрашна хIоъ лой, кийчча Iе. Кхийтин хьо? Ца кхийти? Хьол сонта хьайба ца гина-кх суна. Мича ваха Межа? И схьа а лахий, цуьнга кхетавайта хIара! Ткъа ахь, урядник, хехь сема цахиларна, салти Недоноскин гауптвахте хааве. ДIасадоха хIинца!

Салтий дIаса а баьржина, ша висинчу Васална минот йалале хьуьхьвоьлла тIевеара тIедуьйхина Iаьржачу машин чоа, чухула лаьстиган гIовтал, йукъахдихкина кхелина доьхкий, шаьлтий долуш, коьртахь, гIалгIазкхаша санна, агIор теттина тиллина боьмаша лоха куй болуш ткъе итт шо хенара нохчо. Мехах тойеш санна, мекхан йуьхьиг а хьийзош, мукадехкачух тера шен ши бIаьрг Васална тIебуьйгIира цо:

– Мичхьара ву хьо, воккха стаг?

– Гати-Юьртара.

– Говрашна хIоъ луо сихха. Сахьт даьлча цкъа Хаси-Юьрта, тIаккха Кешана гIур ву хьо. Новкъахь ларлуш гIуо. Некъ вуон болчохь меллаша йахийта. Эпсарш бу ахь буьгурш. Церан коьрта тIера цхьа чо божахь, хьой, хьан доьзаллий кIур боцуш бойъур бу. Хезий хьуна?

– Хези, хези. Царна-м хIума хир дацара. Муьлхачу чинехь ву хьо? И чуваханарг полконак варий? – хаьттира Васала, хIара шена хьалхахь лаьттарг прапорщик а, важа чувахнарг войсковой старшина вуйла а шена хуъушехь.

Нохчо, жоп ца луш, дIавахара. ХIоъ буучу говрийн коьртех дохку тIоьрмигаш тодина, чкъургашка а хьаьжна, гIудалкхах тевжина, дIахIоьттира Васал. Киснара кисет схьа а йаьккхина, хедош тойинчу лоьдгех кIайниг схьа а къастийна, чIогIачу томкех йуткъа цигаьрка хьерчош, гIопан кертахула бIаьргаш кхерстабора цо. ГIопана гонахара йукъ-йукъара доьхна лекха тIулгийн пенаш тодеш бохкура дукхахболу салтий. Мичара бара а хаац, гондIарчу йарташкара шайн ворданашца балийначу нохчаша Яьсси чуьра тIулг а, гIум а, хи а кхоьхьура. Амма уьш цхьа а баролал чоьхьа ца волуьйтура. Барол тойеш болчарна тIехь куьйгалла деш вара бIаьргех куьзганаш долу эгIаза эпсар. Цкъацкъа, пена тIе а волий, дехьа агIор болх бечу нохчашна нанна хьажош, цIогIане мохь тухура цо. ЙеакIовчу кертахь малхбале агIор, йехачу тхов кIелахь дуьйцинчу хьаьвданех дIатесна ах бIе говр йара. Царна хьалха сийна йол йуьллуш воллура ши салти. Цигахь лаьттара масех ворда а, гIудалкх а, тиша тарантас а. Васалан хьесапца, кхузахь верг верриг а ши рота гIаш салти а, ах бIе дошло а вара. Амма хIара хIинцалера салтий цуьрриг а тера бацара Васалан заманхойх. Тиша, партала, набарна а севсина.

– ХIей, воккха стаг!

ДIахьаьжначу Васална элан ргI йолчохь шега мохь бетташ гира тохарлера талмаж.

– Схьалалла хьайн гIудалкх! – куьг ластийра цо.

Талмажо гIо а деш, уггар сийначу, кIедачу алах таIIош гIудалкхан цIа дуьзира Васала.

– ДIо учин лами болччу дIайахийтал. ХIинцца новкъадовлу шу.

Цо гайтинчу метте Васал хазза дIахIоьттина а валале, чуваханчу шина салтичо, арайаьхна, ши чамда а, чекх хи ца долу плащаш а йехкира гIудалкхан цIа чу. Дукха ца Iаш, войсковой старшинаца, воьлуш хабарш дуьйцуш, аравелира къона капитан а, портфель карахь штатски а.

– ХIан, господа, – куьг делира старшинас хьешашка, – со волчохь хьошалгIахь шайна хилла цатамаш дага ца лоьцур аш. Олуш ма-хиллара, шен йерг дIайелларг хьалдолуш ву-кх. Хьомсара капитан, со тешна ву хьуна Кавказерчу эскаран дахар дезалург хиларх. Ткъа ахь, Яков Степанович, йазделахь тхан салтийн халачу, амма сийлахьчу дахарх лаций.

– Гур вайна, господин Чекунов. Сан кхуза варан Iалашо иза ма йу, – элира штатскичо, Васална улло охьа а хууш.

Цо ларамаза деллачу жоьпах Васална хиира салтийн дахарца хIокхуьнан цуьрриг а бала боцийла. Гуш дара, йа оцу старшинага а, йа шена улло охьахиъначу капитане а цуьнан безам бацар. Васал ца кхеташ цхьа къайле йара хIокху стеган ойланечу бIаьргаш чохь…

Шаьш гIопах арадовлуш кхузахь хехь лаьтташ кхин салти гича, Васална хиира войсковой старшинан омра кхочушдинийла. ХIинца гауптвахтехь хир ву Митрич. Васална дика бевза и готта биъ пен. ДIа-схьа шишша метр йеакIов чоь. Бетонан шийла цIенкъа. КIеззиг чу серло кхеташ пенна лаккхахь коран Iуьрг. Иза а, йуккъе эчиган стоммачу чIорех жIар а хIоттийна. Дийнахь-буса цкъа неIарх чу баьпкан йуьхк а, цхьа зока хи а кховдадо. Иза-м хIумма а доцург дара, Васалан хенахьлерчуьнга хьаьжча. Хечин барч – охьий, коч – хьалий карчайой, кIедачу метте серий деттара салташна. И дагадеача, Васалан дегI дегийра…

БIаьн новкъа парггIат Яьсси чу йоьссина гIудалкх, цкъа кIедачу гIамарлахула тата доцуш, йуха жагIа цIийзош, тIаккха хи чуьрчу тIулгаш тIехь кхийсалуш, дехьайаьлча, говрашка йорт эцийтира Васала.

Хьуьна чуьра схьакхоьссинчу тоьпан хIоъ цакхоччург шуьйра аса лаьцна, хьун хьокхуш, мацах Ермоловн заманахь баькккхинчу новкъа шаьш девлча, шайца богIучу салташкахьа вирзира эпсар.

– Мичхьара ву шуьшиъ?

– Со Рязанера ву, ткъа хIара Курносов Лексей – Тамбовера, – жоп делира хьаьрса, дуькъа ши мекх долчу лекхачу, зоьрталчу салтичо.

– ХIета, вайша-м цхьамахкахо ву. Дукха хан йуй шуьшиъ Кавказехь гIуллакх деш волу?

– КхоалгIа шо.

– ГIуллакх муха дIадоьду?

– Далла бу хастам, балхам ца бо оха.

Горга йуьхь а, ирхбирзина меран буьхьиг а, даим боьлуш ира ши бIаьрг а болчу Курносовн цавешаш лохха велар иккхира.

– ЦIахь зударий буй шун?

– Бац, – шого жоп делира хьалхарчо.

Курносовс къайллах чоже пхьаьрсан гола Iоьттира накъостина.

– Нускалш-м ду тхойшиннен. Нагахь, Делан Iожалла ца хуьлуш, цIа верзахь, ловзарш дийр ду, – элира цо.

– Шуьшинга хьоьжур йуй ткъа и шиъ?

– Дала хьеха! Тхойшинга ладегIа собар ца хилахь, шайтIанан маIашна тIе гIахьара уьш.

– Къонах ву салти-м! Ткъа хьан цIе хIун йу? – зоьрталчу салтичунна тIевирзира капитан.

– Попов Елисей.

– Ден цIе?

– Иваныч.

– ТIаккха, Елисей Иваныч, нохчашца йукъаметтиг муха йу шун?

Поповс мерах шок туьйхира:

– Дика йу-кх. Тхо санна, адамаш дац уьш?

Коьртара йаьккхина форменни фуражка шайна йуккъе охьа а йиллина, хIетта гиччошкара сирйала йоьллачу йехачу, Iаьржачу месашна дайн куьг хьаькхна, мундиран кочан ветанаш дIахийцира капитано.

– Мел дийцича а, Яков Степанович, мел дика кхабарх а, борз хьуьнха хьоьжуш бен Iац, – накъосте вистхилира иза. – Тамашийна болх бу иза: мичча къомах а, динах а хиларх, хIара муьжгий вовшашкахьа узуш хуьлу-кх. Хезирий хьуна, кхара дийцарехь-м, и нохчий маликаш деца? Цхьана Iаьржачу, йоьхначу буьйсанна, хьо гIенах хьайн Маруся хьоьстуш Iаш, чулилхинчу цара хьо уппада ваькккхича, тIаккха-м кхин зурма локхур йара ахь!

Попов, цхьаъ ала дага а деана, эпсаре кIоршаме дIа а хьаьжна, доккха са а даькккхина, дIатийра.

– Дийцал ахь майрра, цхьацца дуьйцуш ца бацбича, беха некъ бу вай бан безарг. Со кхузахь керла стаг ма ву, кху мехкан хьал, гIуллакхаш ца хууш.

– Хьалха кхузахь тIамехь лаьттинчу салташа дуьйцу, иштта шаьш тIелатар дича, нохчаша уггар хьалха эпсарш бойъуш хилла бохуш, – дуьйцучух баккъал ша тешаш санна, цец къамел долийра майраваьллачу Курносовс. – Ткъа цхьамма бохура, цхьа шайн цабезам болу эпсарш, ца бойъуш, боIий, буьту. Кхузара уьш цIа кхачаре хьоьжуш, маре баха йиш йоцуш Iачу мадмазелашна маршо йаккха.

– ДIаэца хьайна, капитан! – гIадвахана велавелира Яков Степанович. – ХIара салтий хьуна ма-моьтту аьрта а бац хьуна.

– Мекара жIаьлеш ду! Ахархойх вуй шуьшиъ?

– Ву, дера. Дворянех велхьара, хир варий тхойша хIара тоьпан гIуйнаш ги а доьхкина лелаш?

Курносовс йуха а чоже гола Иоьттира накъостна.

– Вуьшта, Яков Степанович, цхьа пхийтта-йалхитта шо хьалха, дийнна рота салтий уллохь боцуш кху некъашкахула дIасаваха кхераме ду-м, бохура. Ткъа хIинца маршо йу! Вайн Iедало шайн разбойникийн амалш а йитийтина хIоккхаьрга. Кху Нохчийчу кхаьччахьана, цхьа а нохчо ца гина суна герз карахь. Гой хьуна хIара вайна уллохь Iийриг? Сакхате пхьарс, лога тIера муо. Со дуй баа ваьхьар вара-кх, и ши чов цунна цхьанхьа къолах вахча йина аьлла!

«Кху цхьанна тIехь-м гIалат а дац хьо, жIаьла», – дагахь йаппарш йира Васала. Иттех шо хьалха Теркал дехьа говраш йадо вахча, гIалгIазкхичун дIаьндарго логан агIонна йиначу чевно боккха муо битинера цунна.

– Баккъал а, господин капитан, ма боккха болх бу-кх оцу мискачу нохчашкахьа болу хьан цабезам, – корта хьовзийра Яков Степановича. – Мичара баьлла хьуна иза, бала мукъане а?

– ОххIай, цунна бахьанаш дуккха а ду сан. Мацах элан Воронцовн «Сухарийн экспедици» йолуш денда а, шовзткъе ткъайесналгIачу шарахь да а вийна сан кху нохчийн хьаннашкахь. Дукха дац иза?

Яков Степановича, жимма ойла а йина, жоп делира:

– Нохчаша шайн маршонехьа къийсира.

– Воккха либерал ваний хьо, господин Абросимов! – цуьнан белша тIе куьг тухуш, гIадвахана велавелира капитан. – Нуьцкъалчо бакъо маца лехна? ГIийлачо бен ца лохий иза-м. Кхолламо Россина тIе сийлахь декхар диллина Къилбседера, Сибирера, Генарчу Малхбалера, Йуккъерчу Азера, кху Кавказера акха туземцаш адамаллин суьрте берзо. ХIокхаьрга шайн рицкъа цIий Iенорца, талорашдарца даккхар а дитийтина, хьаналчу къинхьегамца даккха Iамо. Россис кхузахь шен олалла ца чIагIдича, хIара мохк дIакхалла цергаш а ирйина Iаш ма бу туркой,

англичанаш, немцой, французаш, кхин, кхин а. Вай царал оьшу ткъа? Вай дуьненан дай хила хьакъ лору ас.

Яков Степановича гІайгІане корта ластийра:

– Вайн сийначу мундирийн хьере ойланаш! Ахь йуьйцучу Малхбузе Европерчу пачхьалкхаша а, шаьш цивилизаци йаржайо бохуш, дуккха а къаьмнаш хІаллакдина дуьненан массо а маьІехь. Царал дукха тІаьхьа ца йисина вайн правительство а. Кавказера ах миллион сов адам, махках даьккхина, Турце кхалхий. Зударий, бераш, къенаниш а. Церан кхоллам ца хууш хир вац хьо. Амма ахь паччахьан правительствоца, олалла дечу классашца ма дагарде оьрсийн халкъ. Цунна шен даймохк беза доза доцуш, цо бІешерашкахь ларбина иза арахьарчу мостагІех. Амма оьрсийн халкъана цкъа а дага ца деана нехан цхьа ге а латта дІалаца, кхечу халкъана тІехь шен олалла хІотто. ТІе, ша а доллу иза олалла дечу классийн Іазапна кІел. Цивилизацех дерг аьлча, иза Іедалхойн бертаза йаьржа кхуза а, империн кхечу йистошка а. Иза йаржораш вайн официальни мундираш йац, ткъа оьрсийн халкъан прогрессивни адамаш а, могІара муьжгий а бу. Оцу тІаьххьарчийн а, йистошкарчу къаьмнийн а кхолламмий, Іалашой, сатийсамашший цхьаьнабогІу. Хьуна ца хезийла а дац тІаьххьарчу шерашкахь Россехь долу Іоттаме хьал. Массо маьІехь – ун. Поволжьехь – мацалла. МаьІ-маьІехь – ахархойн дуьхьалонаш. ГІалгІазкхий а гІитта боьлча, чоьхьара гІуллакх гуттар галдаьлла хиларан билгало ма йу. ДІадаханчу шарахь Сванетехь а, кху Нохчийчохь а хилла гІаттам. Азербайджанан ахархой шайн бекашна дуьхьалбевлла. Мелла а халкъийн лехамаш кхочушбаран меттана, правительствос тІеттІа тІе къизалла дебайо. Цундела тахана Росси вай дала кечделлачу накхармозех тарйелла.

– Вай дала гІевттина накхармозий дІатоь, тІе кІеззиг хи ма тоьххинехь. Йукъ-йукъара цхьа масех хьалаоьлличхьана, бисинарш дІатуьйр бу.

– Ахь бехк ма биллалахь, господин Рихтер, сайн дагахь дерг дуьххьалдІа ца аьлча Іелац со. Шу арахьара тІедаьхкинчех цхьа кІеззигчара доккха гІуллакх дина оьрсийн Іилма а, культура а кхиорехь, Росси чІагІйарехь а. Амма дукхахберш биэндоцуш хьуьйсу тхан кхолламе. Схьа а богІий, шайна тхох йаккхалург а йоккхий, дІабоьлху. ТІе, тхо сонта а, акха а хета.

Кисанара даьккхина дато гІутакх схьа а диллина, жимма пІелгаш йуккъехь хьаккхийна, цигаьрка бага йоьллира Рихтера.

– Аш кхайкхича, баьхкина тхан дай кхуза, – боккха баьккхина кІур чу а тоьхна, дІахийцира цо. – Ткъа аш а цадевллачу денна кхойкхура уьш. Суна хетарехь, тхох цуьрриг а зиэн а ца даьлла Россина. Нагахь вайшиннан идейни хьежамаш башх-башха белахь, иза со немцойх схьавалар дац. Ахь буьйцу «арахьара тІебаьхкинарш» цхьа процент а хир бац Россехь. Ткъа и сан йоллу, ахь ма-аллара, къиза йа кура ойланаш йолуш бІе эзарнаш оьрсий а бу. Нагахь сан ойла харц йелахь, иза ас цаьргара схьаэцна-кх.

Яков Степанович, дуьхьал дала жоп а ца хилла, дІатийра: Россин паччахьаша бехна балийна хІара РихтергІар, кхин бІеннаш фонаш, мосъегІар, мистерш а стенна бехке бу? Дерриг а цаьргара схьаоьцуш, царах тардала гІерташ, вовшашлахь а, доьзалехь а ненан мотт буьйцург кхетамна а, хьекъална а тІаьхьависнарг хеташ зама а ма-хилла. Революци, демократи хьахийнарг хьераваьлларг а лоруш.

Шина оьрсичун къамелах хІара ду аьлла пайдениг ца хезира Васална. Йерриг а дегайовхо хьалха гучу Хаси-Юьртан гІопехь йара. Васална хаьара, цигахь 80-чу гІебартойн гІашлойн полкан штаб-квартира йуйла. Амма полкан ницкъаш гондІарчу гІаьпнашка – Гезал-Эвлий, Кешаней, БуртІунай – дІасабекънера. Нагахь Хаси-Юьртахь а, Кешанахь а лаьттачу салтийн а, йаккхийчу тоьпийн а барам, герггарчу хьесапехь мукъна а, цунна хаахь, цо шен декхар кхочушдора.

– Халахета вайшиъ цхьаьна кІезиг хилар. Муьлхачу газетана гІуллакх деш ву хьо? – хаьттира капитано, шаьш гІопе кхочуш.

– Со тIелоццучунна.

– ХIета, цхьанна тIехь хьан цIе гаре догдохийла йу сан-м?

– Хьанна хаьа, кхолламо хIун кечдина…

V корта. ЦIАВЕРЗАР

Ирсечийн шорта ду беркат –

Буьзча а, уьш йууш бу.

Ткъа миска даймехкан бераш

Мацалла диэнна леш ду.

Ш. Петефи

1

Симсарара цIа вирзича, цхьана минотана а мукъа вацара Къайсар. ГIаттам гергагIоьртича, Болатна зуда йалор сихдира цо. Болат йухагIертара: «Со къийсамехь вожахь… ТIаккха, стенна оьшу зуда? Цхьа жоьра зуда алсамйаккхий? Нагахь доьзалхо хилахь, буо дуьнен чу даккхий? Айзина, Эсетна, Ковсарна уллохь кхин цхьаъ декъаза зуда йитий?» – ойла йора цо.

– ХIан-хIа, Къайсар, ца оьшу. Вайн гIуллакхах цхьа агIо йаьлча а, кхуьур ву со зуда йало. Сан ткъе пхи шо бен дац. Кхуьур ву.

Ша бохучунна и тIеверзо ницкъ ца кхаьчна, зударий тIетийсира цунна Къайсара. Кхаа зудчо, цхьацца агIор хиъна, цкъа доьхуш, йуха барт бетташ, тIаккха боьлхуш, йукъаверзийна иза, эххар а берта валийра.

– ХIан, дика ду, аш бохург дер вай, – ши куьг дIасатесира Болата. – Зуда йалийчхьана, тоьу? ЦIа-цIе, ков-керт а ца йеза? Вай мича йуьгу иза?

– Соьца Iийр ду шу! – элира Айзас.

– ХIан-хIа, хьо шина кIантаца готтехь йоллу, со йолчохь Iийр бу хIорш! – сацийра иза Ковсара.

– Шуьшиннан-м шишша бер а дара, ткъа сой, Мохьмаддий тхаьшша, убарш санна, доллу, – бохура Эсета.

Кхаа зудчун къийсамашка ла а дегIна, царна йуккъехь маслаIат дира Къайсара.

– Гора, зударий, йаI! Ма дуьйцу-кха аш, дийца ткъа! И Деши шу лардан йогIу, моьтту шуна? Шайн цхьацца цIа бен цахилар дицдина. Йетт эцале, кхаба эцна бохург ду аш дуьйцург. Цкъа хьалха и Деши вайга йан реза йуй хьовса вай? – забар йира Къайсара.

– И хIунда ца йогIу?

– Тхан кIантал хазаниг мичахь ву?

– Ирча ву, сакхат ву?

– Къонах вац?

Къайсар а, Болат а гІадвахана воьлура.

– Вац, дера, шуьга хаьттича-м, хІоккул хаза а, дика а къонах. Амма Дешина муха хета-те?

– Везаш леш йоллу!

– Мел хазахета цунна тхо гича!

– Вайн кІант хьахийча, йеший, дІайолу-кх!

– Ой, и гІуллакх аш ма-дуьйццу делахь-м, Іойла а ма дац! – элира Къайсара.

Берриг тохабелла, оршот буса Болатна Деши йалийра цара. ЙоьІан дас, хабарш ца дуьйцуьйтуш, атта дерзийра хІокхеран гІуллакх. Йоссо нехан эвла а ца йигийтира. Къоначийн цІенош кечдаллалц, КъайсаргІаьргахь дитира нускал. Там а ца баьккхира Даргас.

Болатан гергара нах бац Гати-Юьртахь. Амма иза ша дика кІант хиларна, дукхавезара массарна а.

Зуда йалийначу шолгІачу Іуьйранна сатоссучу хенахь Болат Шела хьажийнера Къайсара. Іаьлбага тІедиллина декхар дара кхочушдан дезаш. Эрсанахь, Чахкарахь, УстаргІардойн-Эвлахь болу тІеман ницкъаш таллий, сихха цІа верза аьлла, вахийтина иза цІа ца вогІуш кхо де а даьллера. Іуьйранна регІа ваьлла, ирзо шордеш, жимма болх бина, делкъан ламазна цІа веара Къайсар. БІаьргашна тІеоьзна йовлакх тиллина, кертан арахь цхьацца гІуллакахаш деш хьийзара Деши. ХІокху кхаа дийнахь виллина дІа нускал долчохь хуьлу Мохьмад а вара цунна гІо деш. Къайсар гучуваьлча, дуьхьалйеанчу Дешис цуьнан карара диг дІаийцира.

– Муха ду гІуллакхаш? Сагатлой? – хаьттира Къайсара.

– Ца гатло… Хьо ма хьалхе веа?

– Доккха гІуллакх дацара сан-м… ХІара чохь йуй?

– Йац. НанагІаьрга йахана… Меца вуй хьо?

– Борз санна!

Сискал а, шийла йетшура а йиъна, ЭсетгІаьрга вахара Къайсар. Пенийн шира хьахарш охьа а дегийна, керла поппарш хьаьхнера цІеношна. Тахана тхов тІе керла цІенкъа йуьллуш бохкура зударий. Керташкарчу зударел сов кхузахь гІо деш бара Янаркъин зуда а, кхин масех а.

– Ирс долуш хуьлда вайн! – элира цо, тІе а вахана.

– Дела реза хуьлда…

– Шу ма хаза дохку!

– Муха ца дохку? Сила волчу дикачу кІантана сила йолу хаза йоІ йалийча!..

– ХІорш-м хала доцуш гІуллакхаш дара, Къайсар, – элира Айзас. – Эцца тІехьа шортта хьаьрса поппар бу. БердакІел – шортта кир а. Яьсси чохь можа гІум а йу. Керт йу-кх вайн йоьхна. Вай ІалагІожа вовшахтоьхча, бераша харцор йу-кх иза.

– Цул атта гІуллакх данне а дац. Хьуьнхахь шортта серий, хьокхий ду, мукъа лаьтташ вайн божарий а бу. Лама керла керт хир йу кхузахь. Чухула хІун дина аш?

– Чохь дерг дина девлла тхо. Хьожий хьо?

Къайсар а эцна, цIа чу йахара Айза. Пенаш а, тхов а къагийнера керла кир а тоьхна. Пенийн лахенца, нийса сиз доккхуш, можа гIум хьаькхнера. Терхеш тIе хIиттийна кхийран пхьегIаш, неIарехь цIенкъа хIоттийна цIестан кIудал йара. Маьнги тIе тесна а, баьрччехь пенах тоьхна а цIена къорза ши истанг дара.

– Истангаш Эсетий, Ковсарий делла. КIудал Маккас йеана. ХIара мотт-гIайба ас тарйина, – совгIаташ дагардира Айзас.

– ПхьегIаш ма кIезиг йу вайн?

– Уьш-м хир йара. Ловзарга богIучу зударша йохьур йу.

– Ловзар дан сацийна аш?

– Дера, Къайсар, и Болат тхаьш вина велахьара-м, и IалагIожа йийр ма йацара оха, – доккха садаькхира Айзас. – Болат цхьа-а стаг ма ву… Да-нана, йиша-ваша доцуш. Шен нах хиллехь, гIуллакх иштта атта доьрзур дацара бохург цунна дагадарна а кхоьру. Сан йетт а буьйр бу вай.

– Дера, буьйр бац цхьа болу хьан цхьа йетт-м, – сацамболлуш дош элира Къайсара. – Оцу тIе даьлча-м, Болатан доттагIий бу, хIуъу дан а, листа а карахдер долуш. Аш шайн зударийн гIуллакхаш де, ткъа ловзарх дерг ас сайна тIелоцу.

«ТIелацам бар-м атта хилира сан, амма и кхочушбар муха хир хаац-кх», – ойла йора Къайсара, ураме ваьлча. Ойланца шен доттагIийн хIусамашкахула, божалшкахула, гIотанашкахула волавелира иза. Юсупан кертахь пхи-йалх газа бен йац. Янаркъа жимма гIоле ву: Iаспаран тайпа йелахь а, тIехууш говр а, цхьа аьттан цIоьллак а йу цуьнан. Аьрсамирза а, БIаьштиг а, Лорса а цуьрриг зовкх хьоьгуш вац. Уьш а стохка-лурчах бахахевшина. Важа бисина йуьртахой оццу хьолехь бохку. Iаьлбаге гIо дехча? Хьалдолуш бацахь а, къен бац уьш. Кхин дацахь а, иттех корта даьхний, говраш, гIеххьачул жа а ма ду оцу вежарийн. Амма, нехан йуьрта а вахана, гIо муха доьхур ду? Iаьлбага-м кхоор дацара шен са а. Цхьа некъ ца лехча-м валац».

Оцу ойланашца вахана Янаркъин кетIа хIоьттира Къайсар.

2

КетIахь, гоьллец хечин когаш хьалабина, цIийвелла, дечкан хьостамех ловзуш воллура Янаркъин кIант Темуркъа а, Дасин Тасу а.

– ЦIахь вуй дада? – хаьттира Къайсара, ша тергал ца веш хьаьсарта вахана воллучу Темуркъе.

– Вац, – хьала а таьIна, охьайахана хеча цIонге кхаччалц хьалауьйзира кIанта.

– Стенга вахана?

– Хаац.

– Хьо оьгIазе ма ву, Темуркъа? Эшийна-те?

– Йалх хьостам баькхкхина ас, – курра корта хьала а тесна, оллайелла марш хьала а оьзна, мера чохь къайлайаькхкхира Тасус.

Гома Тасуга хьаьжира Темуркъа.

– ДIайалахьа, маршокка! Хьостамаш йу ахь йаьхнарш? ХIара чIешалгаш!

– Делахь, хьайн диканиш схьада!

– Диканиш ловзадо хьоьца?

– Вахьац!

Ши кIант дов деш а витина, АьрсамирзагIаьрга вахара Къайсар. Цхьадика, цигахь карийра цунна Янаркъа а, Лорса а.

Кертан ара кхема а хIоттийна, неI хьуьйш воллура уьш кхоъ.

– Ирс долуш хуьлда шун!

– Дела реза хуьлда! Марша вогIийла хьо, Къайсар!

– Схьалол соьга, жимма хьацар даккха ас.

Йуьхьана векъана велахь а, пхьаьрсашкахь ницкъ болчу Къайсара кхемин гIаж таIийча, неI кIел лаьцна, кхемин бух тIе хиъна Iен Янаркъа, кхоссавелла дIахаьрцира.

– Ой, хьо ма вала дакъаза, меллаша лелахьа! – велар а оьккхуш, мохь белира цуьнан.

– Кхин а цхьаъ тIехаа!

Вахана, Янаркъина тIехьа кхемин бух тIе хIоьттира Лорса.

– ЧIогIа Iелаш!

– ГIаж ма кагйелахь, Къайсар!

КIаддаллалц неI хьийна, шаьш паргIатдевлча, шегара бала балхийра Къайсара. КIелхьардовла некъ карийра Янаркъина.

– Суна хаьа вай дан дезарг, – элира цо ши бIаьрг серла а баькккхина. – И бежана эца магац?

– Мегара, дера, ахча делхьара-м.

– Ахча долуш ду.

– Мичахь?

– Яьсси чохь.

Даим санна, Янаркъас забар йо моьттуш, бийлабелира доттагIий.

– Делхьа, Янаркъа, ма хьан забарш ца оьшура суна, – элира Къайсара, корта а ластийна.

– Ас-м забар ца йо. Селхана Асхьад вара-кх шайна хьер йуьллучохь болх бан нах лоьхуш.

– ХIун ло цо? – ойла а йина, хаьттира Къайсара.

– Хьанна хаьа, – бат саттийра Янаркъас. – Цаьргахьа сан боцчу безамна, дуьхе кхиа а ца гIоьртира со-м

– Кхин накъостий хир барий-те?

– Васал, Юсуп, МIаьчиг а хир ву.

– Къанвелла лаьттачу Васалий, МIаьчагий дан хIума-м дацара цигахь.

– Дика ду, – хьалагIеттира Къайсар. – Меха тIехь тахь, цхьана дийнахь белхий а бер вай. Ткъех стаг атта гуллур ву. Дуьло ХортIагIаьрга.

ХортIагIеран цIахь цуьнан кхоалгIа кIант Овхьад карийра царна. Асхьад чохь вацара.

Лекхо-дуткъачу дегIара, хIинцале а тIера тила доьлла лекха хьаж, ойлане хьажар долу Овхьад тIекареваьлла хьаьвзира. Дехарх, хIорш чу ца баьхкича, гIуллакх хаьттира цо.

– ХортIица гIуллакх хилла ма даьхкинера тхо-м.

– ЦIахь вац-кх иза. Ведана ваханий-те, моьтту суна.

– Асхьад?

– И хьер йечу вахана хила там бу. Ас дан мегаш дац шун гIуллакх?

– Хьоьца дийца а тарло иза-м.

– Шуна хьер йуьллуш болх бан нах беза бохуш, хезнера тхуна. Мах муха бу-те шун?

Овхьадан йуьхь цIийелира. Шен хенара кегий нах шайн керта мехах болх беха баьхкича, эхь хеттера цунна.

– Делхьа, Къайсар, аш бехк ма биллалаш, и гIуллакхаш суна хаа ма ца хаьа. И хьер йуьллучу гIойша, цигахь Асхьад хир ву шуна.

ХIорш хьер йуьллучу дIакхаьчча, цIе йаьллачохь санна, сихбина цигахь белхаш беш иттех стаг карийра царна. Меттиг аьтто болчохь хаьржинера Андрейс. Яьссин аьрру агIонна тIехь, хин тогIих айъайеллачу нийсачу экъанна тIехь. Экъанан лаха йисттехь таьIна, боккха боцуш боьра бара. Оцу чу хьер йиллича, цкъа-делахь, латта ахка ца дезара, шолгIа-делахь, нийсачухула татол доккхуш охьадалийна хи лакха тIера охьа, апарешна чухула шен ницкъаца тIедогIийла а йара.

ХIара меттиг а хаьржина, дIаваханера Андрей. Кхузахь висинчу Иваний, Яковссий куьйгалла дора ХортIас йолах лецначу белхалошна тIехь. ХIинцале тIулган нийсачу экъанех стомма бархI ког болийнера. Улло бай тIехь дIахерцийна попан, ножан нийса ханнаш дара. Уьш цоьстуш, шардеш воллура Яков а, кхин кхоъ стаг а. Дехьо бай тIе охьабиллина бара тобаза хьеран боккха йалх тIулг.

Йуьстах, цхьа хIума-м къуьйсуш, хIоьттина лаьттара хен бохьуш веана цхьа беркъо мескатхо а, Асхьад а.

– Ши эппаза ду хьуна, – багах шетийн дарц туьйсуш, мохь хьоькхура Асхьада. – Совнаха кепек а лур йац.

– Ши эппаза бохург хIун ду, ва Асхьад? – ши куьг хьалха а кховдийна, дехаре бIаьра хьоьжура важа. – ХIара хен хадош а, схьабан гIерташ а ас кхаа дийнахь къа ма хьегна! ЦIерий, кха тIерий гIуллакхаш а дитина, Iедалан налог такха сом-ком йаккха гIерташ лелара-кх со. Кхо эппаз мукъане а лохьа…

– Кепек а лур йац кхин!

– Ой, бусалба вац хьо, ма лехьа харц!..

– Бусалба вара бохуш, ас хьуна ахча дала-м ца деза?

ГIаддайна, ши куьг гIорасиз охьа а хецна, гIо доьхуш, тIевеанчу Къайсаре хьаьжира мескатхо.

– Хьажахьа, къонах, ма харц лоь-кх хIара стаг соьга. Кхаа дийнахь къахьегна беана хен шина эппазнах беза-кх кхунна!

– КIезиг ло ахь, Асхьад, – гIо даккха гIоьртира Къайсар. – Цхьа миска ма ву хIара, тIетоха и цхьа эппаз.

– Ахь эцахьа и хен, Къайсар.

– Суна ца оьшу иза.

– Суна а ца оьшу.

– Ах сом мукъане а лохьа, Асхьад. Ас кхин а пхи хен бохьур бара хьуна. Iедало хьийза ма во со, налог дIайоьхуш.

– Ши шай тIетохахьа, цунах хьан хьал а кхачалур дацара, – йукъагIоьртира Янаркъа а.

ГIовталан кисанара даькккхина дато ах сом мескатхочунна хьалха тесира Асхьада.

– ХIан, дIаэца. Амма айхьа тIедохьурш диканиш харжалахь. Хьажал айхьа беанчуьнга. Берриг шеддаш, пIенда санна, гома. ХIокху нехан дехарций, хьох къахеттий делла хьуна ас и ах сом.

Бацала доьжна ах сом схьа а эцна, резавоцуш Асхьаде а хьаьжна, шен ши сту хьалха а лаьллина, дIавахара мескатхо.

– Шу стенна даьхкина? – шен мукадехкачех тера ши бIаьрг хIокхарна тIебуьйгIира Асхьада.

– Болх беза тхуна, – элира Янаркъас.

ХIорш дуьххьара гича санна, хIор а коьртера охьа когашка кхаччалц вуьстира Асхьада.

– ХIун болх?

– Муьлхха а.

– Муьлхха а болх аш муха бо, шу пхьераш ма дац?

– Дечигаш цасталур йу, тIе а кхехьалур йу, хьала а ийъалур йу.

– Латта а ахкалур ду.

Янаркъе а хьаьжна, муцIар разйаькккхина, велакъежира Асхьад.

– Халла ирахь лелачу ахь хIун болх бийр бара?

Янаркъас, вист ца хуьлуш, шен гIорладоьлла ши куьг дIагайтира.

– Буй хьан тхуна болх? – хаьттира Къайсара.

– Болх-м шортта бу. Татол доккхий аш?

– Йоле хьаьжча, хуур ду-кх.

– Iуьйранна малх ма-кхийтти дIахIиттина, малх чубуззалц болх бича, эппаз.

ДоттагIий вовшашка хьаьвсира.

– Дийнахь сом лахь, реза хир ду.

Асхьад вистхила а ца вешира. ДIа а хьаьвзина, вахана, хьеран когаш буттучарна тIевахара иза.

Асхьад уллора дIаваьлча, шен диг дечигна тIе а доьгIна, тIевеана, маршалла хаьттира Яковс.

– Шу хIунда даьхкина?

– Болх бан.

– Барт хилин?

– ХIан-хIа, – корта хьовзийра Къайсара. – Дукха тIех сутара ду и жIаьла.

– Оцу тIехь-м цуьнгара хьалхе йоккхур йац цхьаммо а. Тхоьца мел дукха къийсира цо! Ах мах бала гIерташ. Тхо реза ца хилча, кхин пхьераш лийхира. Уьш кара а ца бина, кIелвисча, тIаккха бертавеара-кх. Мел ло шуна?

– Эппаз.

– КIезиг ду. Iаламат кIезиг. Тхан станицашкахь уггар лахара мах бу иза…

– Шу долчохь карабой болх? – хаьттира Лорсас.

– Халла. Муьжгий а лела, болх лоьхуш, бевлла. ГIалгIазкхашна йукъахь а бу дуккха а къехой. Цундела хьал дерш сутара бевлла.

– Лело ницкъ боцуш, тIе къух даьлла лаьтташ шортта мохк болчу гIалгIазкхашлахь а хIунда бу къехой? – цецвелира Аьрсамирза.

– Болчийн мохк а бу, Аьрсамирза. Шортта. Амма боцчийн бац. Вай санначу къечу гIалгIазкхийн. ХIун дийр ду ткъа, Дала цхьатерра ца делла-кх адамашна рицкъа а, ирс а. ХIораннан – шен-шен кхоллам. Цхьаберш – боьлу, кхиберш – боьлху. ЦхьакIеззигнаш – буьзна бу, эзарнаш – мацалла угIу. Нагахь дийнахь ахсом лахь, реза хила шу. Тхан цигахь лакхара мах ши эппаз бу.

Дуккха а къийсинчул тIаьхьа, цхьана стагана денна ахсом йал а хIоттош, хIоранна а болх белира Асхьада.

– Амма, хаалаш, кхача шайн хир бу шун, – тIетуьйхира цо.

– Дела баа иза, хьо вала а велла, докъана! – сардам боьллира Янаркъас, цунна тIаьхьа а хьаьжна. – Ахь тхуна лун йолу йакъайелла сискал а, кIуон хохаш а ма доккха хIума хили хьуна!

– Вита Iадда. СагIа ца доьхур вай, – Янаркъа дIаозийра Къайсара. – Хайра хир дацара цо йеллачу сискалх…

Оцу дийнахь болх болийна, тIедогIучу шина дийнахь белхий а бина, Болатан той-барам дIаберзсол ахча даькхира цара.

3

Попан а, пхонан а декъачу дечигах йоьттина ворда хьуьнах араболучу готтачу новкъа хьала текхайора къоначу шина бугIано. Ирхе-м оццул йоккха а йацара, амма некъ ша хала бара. Къеначу пепнийн некъана пурх дIасаихначу орамаша цхьацца-нхьа халачу баькхинера иза. МаIех тесна бахтаран дуьхьалоца а лаьцна, Мохьмада хьалха дIаийзайора бугIанаш, ткъа Iумара, йукъ-йукъа пхонан сераца роггIана ши бугIа а човхош, аьтто баьллачохь ворда тIехьара тIетоьттура.

Шен дагахь Iумарна оьгIазъоьхура Мохьмад. Делкъале ирзо тIе мекха баькхкина ваьлча, шаьшшиъ хьалххе цIа гIур ву моьттуш, тахана самукъадаьлла вара кIант. Мичара, иза до ткъа баккхийчара! Дукха воккха а велара. Мохьмадал цуьнан совдаьлларг пхи шо ду-кх. ХIетте а, стохка шен да лаьцчахьана, шайн кхаа кертахь тхьамда хилла дIахIоьттина. ХIетахь дуьйна схьа чIогIа хийцавелла Iумар. Хьалхалера забарш а йац. Цунах дагабовлий бен, зударша а хIумма а ца до кертахь.

Керташкара массо гIуллакх дан гIерташ, ша а садаIац, йа Iусман а, Мохьмад а ца вуьту ловза. ХIун гIуллакх дара, ирзо тIе мекха баькккхина ваьлча, цIа вахий бен? ХIан-хIа, дечиг дахьа деза, боху. ЦIахь иза кIезиг долуш санна. Нагахь бугIанашка кху ирзох ворда хьала ца йаккхалахь? ТIаккха ах-ах хьаладаккха дезар ду. Шалха къахьегар хуьлу-кх.

– МIаьла! МIаьла! Оза! – йукъ-йукъа сара тухуш, бугIанаш чехайора Iумара.

– Схьайола, схьайола! – хьалха дIаийзайора Мохьмада.

БугIанаш хIиттинера. Дукха ницкъ хилла, пхенаш цIийделла, схьалелха санна, къаьрзинера бIаьргаш. Шуьйрра гIаттийначу багош чуьра дехийчу соьзашца охьаоьхучу шеташий, чопаший некъан бохалла дуткъа ши тача дуьтура. Ирхех хьаладовла дукха некъ ца бисинера. Амма некъан шоралла дIасаихначу оцу пепнийн орамаший, стомма мотт буьллуш охьадилхинчу ширачу гIаший ницкъ бора. Орамаш тIехь йетталуш, безачу мохьа кIел цIийзара тиша дечган ворда.

– Озайе! Озайе!

Амма цаьрга ворда хьалайаккхалур йу бохург аьттехьа а дацара. БугIанаш цкъа вовшашца дукъ къийса хIиттира, тIаккха ЧIама, мотт а баькккхина, гора йуьйжира. ОьгIазваханчу Iумара, йуткъа йуьхьиг лаьцна, сара хьаькхира цунна, бетах тухуш, лергех тухуш, шина маIанна йуккъе тухуш. КIелйисинчу бугIано корта дIасахьийзабора, кхин дуьхьало йан йиш йоцуш.

– Iуми, ма йеттахьа цунна! – мохь белира Мохьмадан, ши бIаьрг хих а буьзна.

Йа, шех дог лезна, кIанта хьаькхначу маьхьаро самайаькккхира а хаац, йа Iумаран къизалла тIехйаьлла, дуьхьалонна гIеттира а хаац, мухха делахь а, цIеххьана, тохайелла, хьалаиккхина ЧIама, дукъ хьовзийна, йуьстахара дукъарц кагбина, дуьхьлоцу а хадийна, маьршайаьлла, хьуьна чухула дIатаьIира.

Цунна тоха дагахь дара а хаац, вордан тIера диг схьа а эцна, бугIанна тIаьхьахьаьдира Iумар а.

Мохьмадца цхьа йисина важа бугIа, чопашца багара охьаоьхучу шетех лаьттахь жима Iам хIоттийна, чож детташ, шен цIийбелла ши бIаьрг гIийла кIантана тIе а боьгIна, лаьттара. Мохьмада, тIе а вахана, цуьнан йоцачу маIех хьарчийначу дуьхьалоцех йисина йуьхьиг схьа а йаьстина, вордан тIера таьлсаш схьаэцна, царна чу тесира. Ворта агIор саттийна, кIанте а хьаьжна, корта ластийра бугIано. Схьахетарехь, халла тасабелла лаьтта дукъарц, цо корта ластийча, тхьамсин Iуьргара дIаиккхира. Йоьттинчу ворданан Iаьршаша охьаозийна дукъ, бугIанан кочара охьа а даьлла, лаьтта дуьйжира. Маьршайаьлла бугIа, цкъа-шозза йега а йелла, новкъа хьалайолайелира.

– Вохьа, мIаьла, мIаьла! – тIаьхьахьаьдира Мохьмад.

Амма бугIа йуха ца йоьрзура. Мохьмад хьалхавала гIоьртира цунна, амма важа, шен деза дегI лестош, цкъа боларе, тIаккха чаболе йелира. КIант шел хьалхавала воллийла хиъча, цIеххьана хьуьна чу а хьаьвзина, ткъох-ткъиххехь когашца декъа дечигаш кегдеш, охьанехьа чутаьIира иза.

Мохьмад тIаьхьауьдура бугIанна. ХIунда дисира а хаац, дуьхьлоцин йуьхьиг чутаса схьаэцначохь карахь дисина таьлсаш а дара кIентан кочахь. ХIара ведча, букъа тIехьахула кхозу ога хьалакхийсалуш, цу чуьра йаьсса кхийра чIижалг цхьанаэшшара букъа тIе йетталора. Лекхачу пепнашна кIел луьста кхиъна пхонан, бIаьлланган, цIуллан диттийн гаьннаш йуьхьах детталуш, беснеш цIиййинера кIентан. Ткъа бугIа-м тоххара гучуьра къайлайаьллера. Цкъа лорах воьдуш, тIаккха цуьнан когаша кегдечу дечкийн татанна тIе оьхуш, бехха некъ бира цо. ХIинца-м, бугIа карийча а, йухайерзайелча а, ворданна тIе йухаван а хуур дацара. Мел гIертарх а, ца сацалора бIаьргаш чуьра охьагIерта хиш.

Ткъа малх чубуза гергабара. Нагахь суьйре тIекхачахь, хIун дан деза? Кху

хьуьнхахь берзалой а, черчий а хуьлу. «Дела йаккха хьо марчонна, ма бале йели-кх хьо йала ткъа!» – Мохьмадан бІаьргех комаьрша хиш хьаьлхира.

– Іумма! Іумма-а!!!

Йиш халлалц мохь биттира цо. Амма дуьхьал жоп дацара. Цкъа хьалха чуьркан цІийзарх тера болабелла Мохьмадан узам тІаккха чІоггІа белхаре бирзира. Ткъа хьуьнан чаккхе гуш йацара. Цхьа белш кІадйелча, таьлсаш вуккунна тІе а тосуш, басах охьаоьхура Мохьмад. Йерриг дегайовхо лаха чохь Іарчхе хиларх йара цуьнан. Цунна моьттург бакъ хилахь, Іинца охьавахча, цІехьа боьдучу новкъа волура иза.

Дикка дІаихча, хьуьна йуккъехь даькккхинчу ирзо тІе кхечира Мохьмад. И кхушара дуьххьара дийнера. Хьуьнан йисте бІаьрг тоьхча, стерчаша йууш йисина гІодамийн чІегІагаш Іуьйшуш лаьтта Іен бугІа а гина, дог паргІатделира кІентан. Цхьа а накъост воцуш вуьсучул бугІа шеца хилар а синтеме хийтира.

– МІаьлов, МІаьлов! ХІан, хІан! – хьалха куьг оьхьна, бугІанна тІеволавелира иза.

Кхуьнга схьа а хьоьжуш, дегаза нох дохуш лаьттара бугІа. ХІинца-м шек а вацара Мохьмад. Кху ирзо тІера дІабоьдуш некъ ца хилча ма ца болура.

СапаргІатдаьллачу Мохьмадна, ирзона гонах бІаьрг тоьхча, йуькъачу хьуьна чу боьдуш готта некъ гира. Амма хІара шен бугІа цига дІахьовзо кхиале, хьуьна йукъара схьа ирзо тІе велира цхьа стаг. Уггар хьалха Мохьмадан тидам тІебахийтинарг – Іаьржа маж йаьлла оза йуьхь йара. КІилло-м вацара Мохьмад. Иза ца кхоьрура буьрсачу акхаройх а. Шегахь жимачу шаьлтанал сов герз дацахь а, экханца ша ларор ву аьлла, даим а шех тешна а вара. Амма иза валлал кхоьрура жинех а, шайтІанех а, хьерабевллачу нахах а. Кхойкху хезехь аддам а доцуш, суьйранна йуькъачу хьуьнхахь куй тассал бен доцчу хІокху ирзо тІехь, йерриг йуьхь йаьлла цавевза стаг гича, дегІа тІера массо чо ирахІоьттира цуьнан.

Ша кхеравеллехь а, воьхна вацара Мохьмад. БІаьрнегІар тухучу йукъана цо дуьстира туьйранашкахь шена дуьйцу хезна жинийн, шайтІанийн аматаш. Цунна хазарехь, жин гІалартах тера хуьлу. Ткъа хІара адамах тера ву. Когаш а хьалха бирзина бу, хье тІехь маІаш а йац. ХІета, шайтІа а хІара дац. Йа, стаг вийна, чІирхойх лечкъаш лелаш, йа хьераваьлла стаг ву иза.

Ткъа иза, Мохьмадна тІера бІаьрг дІа ца боккхуш, паргІат гІулчаш йохуш, тІеоьхура. Цунна тІера духар нохчийн дацара. Шуьйра хечий, лоха бертигаш йолу эткашший, голаш тІе хІуттуш йеха гІовталх тера хІума а, коьртехь бІегІаган куй а. Ткъа бІаьргаш! Тап ша хьераваьллачу стеганиш! КІоргга хьех чуэгна, оьгІазе. Йоккху гІулч а йу, хІинций-хІинций чукхоссавала санна. Цкъа ойла хилира Мохьмадан, бугІа а йитина, дІавада. Амма даго ца вуьтура. Стаг гергакхочуш, меллаша шаьлтанан макъарна тІе куьг диллира цо. И хичаш гина, важа, кхунах цавешаш делахь а, йа хІара тешо делахь а, велакъежира.

– КІант, хьо ма цецваьлла сох? – хаьттира цо, мотт тийсалуш.

«Телхина-м муххале вара хьо, хІинца тІаьхьа ду-кх», – даг чу иккхира Мохьмадна. Ша хІун до а ца хууш, масех гІулч кІегарвелира иза.

– Ма кхера, ас-м хІумма а дийр даций хьуна.

– Сом ца кхоьру хьох, – берриг ницкъ а гулбина, майрра жоп делира Мохьмада.

Стаг йиъ-пхиъ гІулч генахь сецира.

– Хьо мичара ву?

– Гати-Юьртара.

– Хьенан?

– Аьрзун.

– Мича Аьрзун?

– Абубакаран Аьрзун.

Стеган бІаьргаш цец къаьрзира.

– Іелин вешин ву хьо?

– Ву.

Доцца хиллачу къамело Мохьмад тешийра шена хьалха лаьттарг хьераваьлла стаг цахиларх.

Ткъа цавевзарг, хеттарш совцийна, ойланаш йеш лаьттара. «Аьрзун зуда йацара тхо Хонкара кхелхаш а, йа цига дІакхаьчча а, – бохура цо шега. – Ткъа иза, цигара нах цІа гІоьртича, дозанехь вийна. Иза шеко йоцу бакъдерг ду. ХІара кІант мичара ваьлла?»

– Хьан ненан цІе хІун йу?

– Эсет.

– Иза хьенан йу?

– Билалан.

– Эсетан ненан цІе?

– Умма.

«Ткъа Эсет, со гІалат вацахь, Шахьбин вешехь Гатехь марехь йара. Гати велла, бохура, тхо дІакхаьчна дукха хан а йалале. Эсет шен марвешица Шахьбица туркойн йуьртахь йара. Со Эмин-пашин эскарца туьпара дІавоьдуш, Аьрзун зуда йацара. Цул тІаьхьа дукха хан йалале, иза вийна. Со кхеташ хІума дац-кх хІара».

– Аьрзу волуш вуй?

КІентан ши бІаьрг кхоьлира.

– Хонкар-махкахь вийна иза.

– Іела?

– Стохка, лаьцна, Сибрех вахийтина.

– Цуьнан ши кІант?

– И шиъ-м ву.

Цхьаъ хатта, бага а гІаттийна, йуха а сецира стаг.

– МІаьчиг цІе йолуш стаг вуй Гати-Юьртахь? – хаьттира цо эххар а.

– Ву.

– Бераш дуй цуьнан?

– Дац. Хонкарахь делла. Цхьа кІант ву, олу, цуьнан. Иза а, туркойн эскаре а вахана, тІепаза вайна.

Стаг хаттар ца деш сецча, дІахьажавеллачу Мохьмадна цуьнан кхоьлина ши бІаьрг тІунбелла гира. Шен дог кІаддалар кІантана тосаделлийла хиъначу цо кхечу агІор дерзийра къамел.

– Кхузахь хIун деш ву хьо садайначу хенахь?

– Тилавеллера со.

– ХIинца?

– Кху ирзо тIера дIабоьдучу новкъа дIаоьхур ву-кх.

– Йуха а тилалахь?

– Тилалур вац.

– Кхоьрур-м вац хьо?

Мохьмада балдаш саттийра.

– Ас-м забар йой, оьгIаз ма гIо, – велавелира цавевзарг. – Хьо кIилло воцийла суна бIаьрг ма-кхийтти хиира. Къайсар цIе йолуш стаг вуй Гати-Юьртахь?

– Ву, – хьалха санна, тIера воцуш, доцца жоп делира Мохьмада.

Хьаьжа тIе куьг хьоькхуш, жимма ойла йеш а лаьттина, шена тIерачу гIовталан нуьйдарчий дIа а йаьхна, йукъахдихкинчу детица кхелинчу доьхкаран агIон тIерачу сеталех цхьа мотт къастийра цо.

– Схьайтал хьайн шаьлта.

Баттара йаьккхина, ира йуьхьиг лаьцна, мукъ хьалха шега кховдийна шаьлта схьа а эцна, уллохула бахтаран аса а хадош схьабаьккхина дато мотт Мохьмаде кховдийра цо.

– Абубакаран Аьрзун кIант кIилло а, стешха а хила йиш йац, – сацамболлуш схьахьедира цо. – ХIара мотт тховса Къайсаре дIалур бу ахь. Варийлахь, кхечунна ма гайталахь. Хьайна со гар а, вайшиннан хилла къамел а ма дийцалахь цхьаьнгге а, Къайсар воццуьнга. ХIолламийн кешнашкахь со цуьнга хьоьжуш хир вуйла хаийта. Таьлсаш чохь кхалла хIумма а ца йисина хьан?

Таьлсаш охьа а хIиттийна, цхьана агIон чу куьг дахийтина, Мохьмада йекъа йеттинчу сискалан йоккха йуьхк схьайаьккхира. Йуха, цкъа-шозза чу куьг дахийтина, кIолдан мижарг а, шиъ хох а схьабаьккхира цо.

– ХIай, баркалла, Дала дукхавахавойла хьо! СагIа хуьлда хьан хIорш! ХIан, вало, Iаьрчхе кхаччалц со а вогIу хьоьца. Таьлсаш соьга а лой, бугIа хьалхалалла.

Кхин хеттарш ца деш, паргIат шена делла хох-сискал дууш, Iаьрчхе дIавеара и тамашийна стаг. Цигахь хIара шиъ дIасакъаста гIерташ воллуш, лакха тIера схьа мохь хезира.

– Ва-а-а, Мохьмад!

Цавевзарг Мохьмаде хьаьжира.

– Соьга кхойкху иза.

– Иза мила ву?

– Тхан ден вешин кIант.

– Вистхила тIаккха.

Мохьмада, кийра буьззина чу хIо а оьзна, логан массо пха а бусийна, мохь туьйхира:

– Ва-а-а вай!

– Хьо мичахь ву?

– Кхузахь Iина чохь.

Цавевзачо, букъа тIе куьг тоьхна, хьалхатеттира Мохьмад.

– Же, дIавало. Варийлахь, вайшиннан барт ма бохабелахь. Со хIолламийн кешнашкахь хир ву, алалахь. Хьайга белла мотт ма байъалахь.

Мохьмад дуьхьал вистхила а кхиале, каде Iинах дехьа а иккхина, хьуьна чохь къайлавелира иза.

4

Оцу суьйранна тIаьхьо шен кха тIера цIа веана Къайсар, маьркIажан ламаз дина, Маккас шена хьалха йиллина сискаллий, муьста бераммий диъна, кетIа велира.

Маьждиган майданахь гуш адамаш дацара тховса. ХIара санна, тIаьхьа балхара цIа бирзина, чубоьлла хир бара-кх берриг а. ЦIа верза ца лиъна, БолатгIаьргахьа дIаволавелира Къайсар. Тховса Васал ган а дезара цуьнан. Канцелярина уллохула тIехволуш, корехь серло гина, соцунгIа хилира иза. Кертах тесна говр йара тIа детташ лаьтташ. Къайсарна йевзира ЧIонакъин говр. Ша волччохь айъвелла, корах чухьаьжча, цунна гира стоьлана цхьацца агIор дуьхь-дуьхьал хиъна Iен ХортIий, ЧIонакъий. Шена дуьхьал вирзина Iачу ХортIин йуьхь кхоьлина хийтира Къайсарна. Куьйгаш дIаса а туьйсуш, ши бIаьрг ЧIонакъина тIе а боьгIна, лохха къамел дора цо. ТIаккха, аьтту куьйган цхьацца пIелг чу а саттош, цхьаъ-м дагардеш, шен къамелхо кхето гIертара.

IелагIеран кетIахула тIехволуш, мохь тоьхна араваькккхина Iусман Васал волчу хьажийра Къайсара, цуьнга БолатгIаьрга дIавола ала аьлла.

Васал генара а вовза атта дара: Iай – кетар, бIаьста – чоа белшаш тIе кхуллий хуьлура иза. Йуьхьанца-м и шен сакхате пхьарс пхьуьйша болла хала хуьлуш лелара иза, ткъа тIаьхьа иштта марзвелла висира. Куй а хир бара, мел шийла йелахь а, аьрру агIор лерга тIе теттина.

Йиллина шен багахь хуьлучу чIогIачу томкин цигаьрканах кIур бина вогIу иза хIинца а, Эсетан суьйре дика а йина, масех дашца хьал-де а хаьттина, Къайсарца цIа чу вахара.

Боданечу цIа чохь тIе цIена истанг даржийначу поппаран маьнги йисте хиъна, вовшашка хьаьжира и шиъ. Васал шел воккха волу дела – Къайсарна, ткъа Васална – хIара шел жима велахь а, тхьамда хеташ, хьалха къамел доло ца лаьара.

– Керла хIун ду эвлахь? – хаьттира Къайсара, и тийналла йахйала йоьлча.

– Сан доттагI цIа веана.

– МIаьчиггий?

– ХIаъ.

– ХIунда?

Лоьдгах суйнаш тосуьйтуш, боккха баькккхина кIур сутара чуоьзна, мерехула ара а хецна, куьг ластийра Васала.

– ГIуллакхаш хьалхачул а галдевлла, боху, кхушара. Йукъахь лело лучу лаьттан мах нийсса ах тIетоьхначух тера ду гIалгIазкхийн хьолахоша а. ТIехула тIе, сов мах белча а, вайн нахе луш дац.

– И хIун ду?

– Хаац. Цигарчу къечу гIалгIазкхашца вайн гергарло тасадаларна кхоьру хир бу. Вай санна, гIийланиш ма бу царна йукъахь а. Хьалдолчу гIалгIазкхашна бецаш. Муьжгий а бац кIезиг. Шайн аьтто баьллачу меттехь вайх схьа ма кхета уьш. Цхьана хенахь кхузара дIа къоланаш дан оьхучу тхуна дукха гIо дира цара. ХIинца, вайн нахана сов мехах ца дала, кхечу къаьмнех болчарна дораха дIало, боху, цигарчу хьолахоша шайн латта.

Къайсарна чам байра. ХIинца цу дегайовхонах хадахь, кийчча мацалла йу Нохчмахкахь.

– ЦIийдаргийн орамаш кхио хIунда ца вахана хIара?

– Уьш кхиор а дIадаьккхина, боху. Мичара, хаац суна, – Германера ду, Iаьмаркера ду, – схьакхоьхьучу басарша йуьзна, боху, Росси. Кхузахь орамех кечдечу басарел дика а, иттаза дорах а долчух тера ду уьш.

– Ма гIуллакх толур ду вайн! – йайн шок туьйхира Къайсара. – Йалта мичара хир ду, налогаш муха такха йеза?

– Салтий а балийна, цаьрга массо керта нуй хьокхуьйтур бу Iедало.

– Иза-м хиндерг деца. Дуьхьало йинарг Сибрех а вохуьйтур ву. ХIумма а дац, ша дуткъделлачхула хедар. ХIинца дийцал, хIун гин хьуна церан агIорхьа?

Модаший, томканой Iаржйина кисет схьа а йаьккхина, йуткъа луьйдиг а къастийна, керла гIели хьарчо вуьйлира Васал.

– Тоъал ницкъ битина гIалгIазкхийн станицашкахь. Къонаниш эскаре бигна, амма шовзткъа-кхузткъа шерашна йуккъера гIалгIазкхий, суна хетарехь, шина эзарнал тIех хир бу. Уьш кийча бу тахана а дойшна тIе ховша. Соьлжан полках дерг хаац суна, ГIизлара-Гребенски полкан йиъ-пхиъ йоккха топ йу.

– Iумхан-Юьртахь?

– Виъ бIе салти а, цхьа йоккха топ а.

– Баркалла хьуна, Васал! Доккха гIуллакх ду ахь динарг.

Арахь цхьамма Эсете къамел деш, ша хоттуш хезира Къайсарна. Дукха хан йалале, салам луш, чоьхьавелира Овхьад.

Васал, бIаьргашца хаттар деш, Къайсаре хьаьжира.

– Хьайн доттагI волчу сакъера гIо хьо, Васал, – аравала пурба делира Къайсара воккхачу стагана. – Со, Болате хьоьжуш, соцур ву.

Васал чохь карийча, стенна делахь а, воьхна хьаьвзинчу Овхьадна баьрчехь меттиг гайтира Къайсара.

– Охьахаа, Овхьад. Тхан хIусамаш миска-м йу. Хьо санна хьаша веача, кIел хIотто жIай-гIант а дац, йа кIел таса куз а бац…

Вуьшта а, кху кегийрхойх ийзалуш, хала лелачу Овхьадан, эхь хетта, йуьхьах цIе летира.

– Къайсар, и шун Iиттарш кIордо йоьлла суна, – элира цо, маьнги йисте охьа и хиъна, Къайсаран бIаьргашна тIе бIаьргаш а боьгIна.

– Iиттарш йац уьш-м. Бакъдерг ду. Хьалдолчо шен хьал хестадо, мискачо шен къоьлла йалхайо. Уьш дуьтур вай. Хьо лаа варий?

Ког ларамаза гоьла тIе а баьккхина тIаккха, шен когара хьаргIа басахь къиэга

эткаш гича, иза охьа а баькккхина, Къайсар цхьана минотана дIавирзича, резавоцуш шена тIерачу даточу бустамашца кечдинчу чоэ хьаьжира Овхьад. Баккъал а, йоккха башхалла йан а йара Къайсаран йакъайеллачу неIармачашний, чордачу машин йоманаш латийначу хечиний, эттIачу чоиний, Овхьадан духарний йукъахь.

Коьртара баькккхина сирачу холхазан куй, Къайсарна гучуьра баккха санна, шена тIехьа дIа а тесна, хаза хьовзийначу Iаьржачу мекхех куьг хьаькхна, шен хьекъале бIаьргаш сацамболлуш цунна тIебуьйгIира Овхьада.

– Хьо лоьхуш веана со, Къайсар.

– Лаа?

– Вайн йукъаметтигах цхьа йист йаккха.

– И хIун меттиг йу?

– Со шуна тIегIерта, шу – дIагIерта. ХIун ду вайна йукъадоьлларг?

Къайсар цкъа гIадвахана велавелира, амма Овхьадан даим дикаллех буьзна хуьлу бIаьргаш, цIе санна, богуш гича, забар йита йезийла хиира цунна.

– Хьо-м хьо вара, ткъа «тхо» муьлш ду? – хаьттира Къайсара.

– ХIара Гати-Юрт йерриг йу-кх, цхьа иттех цIа доцург.

– Хьуна ца хаьа?

– Суна-м хаьа. Шайл жимма а хьоле, гIоле верг аш шайн мостагI лору-кх.

– Къуьнан куй богу бохучу тIе догIу-кх ахь дуьйцург. Вуьзнарг мецачун, ницкъ берг гIорасизчун доттагI хилла вац бохуш, дуьйцу хезний хьуна? Ахь дуьйцучу иттех цIийнан шортта мохк, даьхний ду. Iедал цаьргахьа ду. Мацалла, къоьлла тхоьгахь йу. Iедална децаш, текхамаш беш а тхо ду. Сибрех а тхо хьийсадо. Хьуна хаа ма деза, Овхьад, хьайн ден бахам муха IаьIна. Паччахьан Iедало хьайн да а, цуьнан да а хIунда хьаьстина. Вукху бисинчийн бахам мичара баьлла. Нехан мохк ма бу Iедало церан дола баькккхинарг. Кху йуьртарчу шина бIе доьзалан латта кIезиг ма ду оцу ахь буьйцучу иттех доьзалачул. ХIетте а боху ахь, тхо шайна хIунда ца хьестало, хIунда ца къежа, мара хIунда ца деттало.

Овхьад, хьала а гIеттина, цкъа-шозза чухула дIаса а волавелла, Къайсарна тIе а кхевдина, дIахIоьттира.

– КIордийна, сих-похах чекхбаьлла суна и бахам! – мохь туьйхира цо. – Цара йен кураллаш а, аш йен Iиттарш а! Со мича гуьнахь ву дас а, дендас а лелийначунна? Ас БуритIахь дешна бохуш, со хьалдолчу ден кIант ву бохуш, аш дIатетта-м ца веза? Шаьш вовшахдеттарг суна ца хууш санна!

Цецваьллачу Къайсаран бIаьргаш, къаьрзина, хье тIе бевлира.

– Ахь хIун элира?

– Шу тахана-кхана Iедална дуьхьал гIовтта кечам бина Iаш хилар сайна хаьа, боху-кх!

Хьалаиккхина Къайсар оьгIазе тIеволавелира цунна:

– Кхерам туьйсу ахь? Чехкка мотт эций гIуо! Мидал лур йу хьуна! Хьан дена а, дендена а санна! Шу-м мотт тоха, халкъана йамарт хила Iамийний цигахь.

ОьгIазвахана, кIайвеллачу Овхьада хала сатуьйхира.

– «Мотт эций гIуо!» Сол хьалха хьо ваха а мега. Ас Къуръан тIехь дуй буур бара хьуна, сан метта шаьш хилча, и хьан цхьаболу накъостий, ша-ша хьалхавала

къуьйсуш, хьо дIавийца хьолхур бара аьлла!

Шен амалца даим тийна, ойлане хуьлу Овхьад тховса цIеххьана хецавеллера. Хабарна хьаьсарта ваханчу цуьнан хьаьжа тIе а, мера тIе а хьацаран тIадамаш хIиттинера. ГIовталан кисанара даькккхина, деалха тоьхна кIайн йовлакх схьа а даржийна, йуьхьах хьаькхира цо. Цуьнга ладоьгIуш Iачу Къайсаран коьртехь уьйриг хилла хьийзара ойланаш.

«Со зуьйш ву-те хIара? Йа даггара дуьйцу-те? Амма стенна оьшу цунна, хьалдолчу ден кIантана, оьрсийн Iилма а дешна, Iедало, тIе куьг а хьоькхуш, кхобуш волчу хIоккунна, гIаддайна лелачу тхо мисканашна йукъагIертар? Тхан гIуллакх эшамца дерзахь, тхо-х тIепаза дойъур ду…»

– Хьо хIун ала гIерта? Дийцахьа, Овхьад.

– Шуьца цхьаьна хила лаьа суна. И ала гIерта-кх.

– Вайн некъаш цхьаьна ма ца догIу.

– Шу санна, нохчо вац со а?

– Нохчий а бац цхьаъ. Хьуна ма-хаъара, царалахь а бу тхан мостагIий. Ахь ма-аллара, Iедална дагадеанийла хиъча, цуьнга а ца кхочуьйтуш, тхан кортош дохур долуш.

– Со царах ма вац.

– И ца хаьа суна.

Овхьад, шина а куьйга корта а лаьцна, охьатаьIира. Къайсарна гора цуьнан гиччон кIел сихбелла беттало сийна ши пха.

– Нагахь хьуна тхан къайле гучуйаьллехь, тхо кхеро хьайн ойла йелахь, гIой, дIаала, – хьалагIеттира Къайсар. – Амма хьо тIаьхьависина. Ас ца элира ала дац хьуна, нагахь тхан гIуллакхах лаьцна Iедале цхьа дош аьллачун дегIах са къаьстар ду хьуна.

Шайн къамел чекхдаьллийла хиъна, Овхьад хьалагIеттира. ГIовталан кочера дисина ветанаш дIа а тийсина, йукъахдихкина детица кхелина доьхка а нисдина, Къайсаре куьг кховдийра цо.

– Дика ду, Къайсар. Хуур вайна, халкъана тешаме а, йамарт а мила хуьлу. Дукха дацахь а, сайгахь дуьненан Iилма а долу дела, сайна оьрсийн мотт-йоза а хаьа дела, Iедал а девза дела, мелла а сайгара шуна пайда хиларе догдохуш лелара со. Шу тешац-кх. Дала хьеха! Аш дIадолийча, хIуттур со шуна улло. Йа хьалха хила а мега. Iодика хуьлда хьан!

Цо дийцинчун ойла йеш, вехха лаьттира Къайсар иза дIавахча. Мухха делахь а, ца тешара иза стешхачу ХортIин цIийх схьаваьллачу кIанта дуьйцучух. Цкъацкъа деган кIоргехь кхин аз гIоттура. Берса а ма вара хьалдолчу ден кIант, паччахьан эпсар. ХIетте а – халкъан уггар тешаме кIант.

Шен ойланех Къайсар йукъахваькккхира чIогIа неI тIе а тухуш чоьхьаваьллачу Мохьмада. Чухула бIаьрг тоьхна, шена тIаьхьа чувогIуш стаг вуйла а хьаьжна, тIевеана, Къайсаре доьхкаран мотт кховдийра цо.

– ХIара хIун йу? – цецвелира Къайсар.

Мохьмада, цкъа ара а хьаьжна, неI йуххе тIечIагIийра.

– Iарчхел дехьахь, цхьана ирзехь… цхьана стага белла соьга иза. Хьоьга ло аьлла. Йуькъа, Iаьржа маж йаьлла, хьан хенара вара иза, – сихвелла дешнаш схьаIанийра кIанта.

Дато мотт карахь дIасахьийзош Iачу Къайсарна цунна тIехь шен цIе гира. ХIара хIун ду? Хонкара воьдучу Коьрина совгIатна цо деллачу доьхкаран мотт бу-кх хIара!

– Мичахь ву иза? – хаьттира цо, вагийча санна.

– ХIолламийн кешнашкахь ша хьоьга хьожуш Iийр ву, элира…

– Цхьаьнгге дийциний ахь?..

Мохьмадан бIаьргаш чохь оьгIазе ткъес кхерстира.

– Со зудабер ду-м ца моьтту хьуна, – шен жима корта агIор саттийра цо, – эладитанаш айбина лела? Ас-м йа Болате а, йа Iумаре а ца дийцина.

– Борз йу хьо, Мохьмад, хьо ма-йарра борз! – кIентан белш тIе куьг туьйхира цо. – Варийлахь, цхьаьнгге багах ма даккхалахь хьайна иза гар.

VI корта. ИМАМ IАЬЛБАГ-ХЬАЬЖА

Тоха горгали!..

Дерриг а декаде горгалеш!

Со вегаво – дарвелла, кIиллолла дац и,

Сан даг чохь буьрса дарц гIеттина –

Дераллин, бекхамийн дарц…

Ш. Петефи. Къоме

1

ТIамо шена йина чевнаш а, шена дина зулам а бен ца го адамана. Амма тIамо луьра чевнаш йо Iаламна а.

Мацах цкъа, тIе сийна холхаз даржийча санна, бIешерийн йуькъачу хьаннаша хьулйина хилла Нохчмехкан раьгIнаш, шен исбаьхьчу суьртах йохийна хьалха паччахьан Iедало ламанхойн гIаттам хьошучу шерашкахь.

Дикка йарташ а, кIотарш а йац хIинца хьалха хиллачохь. Цхьайерш йохийна, дийна йисинарш аренга, паччахьан эскарийн гIаьпнашна улло, йаккхийчу тоьпийн биргIанаш кIел дIакхалхийна. Уьш лаьттинчохь, ах лаьттах а ийна, Iаьржачу кIуьрзах дуьзна пенаш а, хедош, йагош йохийначу бошмашкара стоьмийн диттийн даьгна баххаш а дисина. Шира кешнаш ду, цхьаммо а терго ца йеш, дIатийсина, чарташ охьадеттаделлий, ситтина раздевллий, гонаха кертан хIоз а боцуш.

Адамийн догIмаш тIера чевнаш йирзича дуьсу моьнаш санна, моьнаш дуьсу Iаламна тIехь а. Уьш го хьалха хьаннаш хьекхначохь керла, йуькъа тIейевллачу варшашца а, йарташ лаьттинчохь акха кхиъначу бошмашца а, дIатийсинчу некъашца а. Оцу моьнаша дIа ког мел баькккхинчохь карладоху дIадахана тIеман буьрса шераш, дагах лазаман ов туху, бертаза кийрара узар доккху…

Амма мел хаза йу-кх хIара бIаьстенан буьйса! Исбаьхьа Iалам серладаьккхина, хьесап доцуш дукха седарчий лепа стигалахь. Ткъа хIинцца шен бехачу новкъа

баьлла бутт, дог лозуш санна, декъазчу лаьтте эсала хьоьжу. Беттан бIаьрхиш дIахьоькхуш санна хетара цунна лахахула шершачу кIайчу мархаша. БIаьстенан мелачу мохехь дайн дегош леста гIаш цхьана хIуманна вас хилла техкаш санна хетара.

Ванах, хаьа-те царна бохам гергабуйла? Йуха а йагош, хьоькхуш, эрчайохур йу-те и сийна хьаннаш? Хьешна, хьекхна, дагийна къиза хIаллакдийр ду-те зезагаша къарздина и ирзош, хьийкъина кхиъна цанаш, хIетта хьалхарчу асарх йевллачу хьаьжкIийн кхаш?

Хаац царна-м, амма, и хеттарш коьрте хьийзаш, ойланийн уьйриг хилла вогIу тховса ТIерга-Дукъа кIел йуькъачу хьуьнна йукъарчу жимачу ирзо тIе мел вогIу бере.

И ойланаш хьийза Къайсаран коьрте а. Цара садуу цунна тIаьхьавогIучу Болатан а. ХIуъу хилахь а, шен са кхолламан кара а делла, цаьршинна тIаьхьахIоьттинчу Овхьадан а.

Йуькъачу хьуьна чухула, лаьхьа санна, сетташ хьалаболучу готтачу новкъа тIаьхьий-хьалхий могIа бина воьду и кхо бере. Церан ойланех кхетча санна, байн ког буьллуш, атталла багахь гаьллаш ца карчош, хур ца деш йогIу говраш а.

Бакъду, хIара де тIехIоьттича, сапаргIатдаьлла Къайсаран а, Болатан а. Кхерамениг а, садуург а тIаьхьа дисина. Кху тIаьххьарчу масех шарахь цхьа минот а йацара тешам болуш. Къайле гучуйаларна йа шайн накъостий лецарна, йехачу хенахь шаьш халла вовшахдиттина гIуллакх эрна хиларна, шаьш хала уьйзу олаллин дукъ гуттаренна а кочахь дисарна кхоьрура.

ХIинца тIаьхьа бисина кхерам. ТIекхаьчна цара сатийсина де. ТIейогIучу хено къастор бу церан кхоллам. Йа тоьлла, йа эшна.

Хонкарара къайлах цIа вирзинчу Коьрица селхана Симсара вахана Къайсар сийссарехь йухавирзира Гати-Юьрта. Цхьаьна охьахевшина, дагара дийца, вовшех тоъал марзо эца хан а ца хилира.

Къайсаран деган кIоргехь цуьнан шен бертаза йукъ-кара шеко а гIуьтту. ХIара тIаьхьавогIу Овхьад бахьана долуш. Къайсара дош делла Iаьлбагна, иза тешаме хилар шена тIелоцуш. Амма, цхьа хало киртиг тIейеача, Iожаллина дуьхьал нисвелча, дохковерий-те иза ша, хьолах а, бахамах а къаьстина, кху новкъа валарна…

Къайсара шен говре болар лагIдайтира.

– Овхьад, вай хьалхарчу хана тIекхочуш лаьтта, – элира цо лохха. – Цунах тIехваьлча, йуханехьа некъ бац. Тхо маршонехьа гIевттина. КхидIа садетта ницкъ ца тоьъна. Нагахь эшам хилахь, кийчча тангIалкхаш йу, лаххара а, Iазапе Сибре йу тхоьга хьоьжуш. Амма хIокху къизачу дахарал тхуна Iожалла тоьлуш хета. Хьуна оьшуш хIумма а дац. Оха лоьхург хьан долуш ду. ТIаьхьа доцчуьра, йухаверза, кхин цкъа а бакъо ло ас хьуна.

– Йух-йуха а хIунда дуьйцу и, Къайсар? – корта хьовзийра Овхьада.

Баккъал а, Овхьадна кIордийна Къайсаран хьехамаш. Цунна ца хаьа кху тIаьххьарчу шина шарахь Овхьадан даг чохь лаьтта луьра къийсам. Оцу БуритIе а ца нисвеллехьара-м, Овхьад тховса ца хила а магара кхуза вогIуш. Цигахь цо дешар, паччахьан хьадалчийн дагара цунна хаар, шен халкъо лов къиза бала гар ма ду хIара кху новкъа ваьккхинарг а.

Ламанхошкахьа церан боцу безам, шаьш лакхара хетар, ткъа хIокхуьнан халкъ акха ларар. Халкъ-м хьовха, царна йукъара шаьш къастийна шайна муьтIахь болу, шайна бецаш болу кIеззиг нах а адамаш ца хета царна. КараIамийнчу акхарошка санна хьуьйсу уьш цаьрга. Шайна оьшуш ца хилча, аьттехьа а буьтур боцуш. Жимма а шайна хамталла йича, бетах хIума а тухур йолуш. Ирсе, дера, бу хIара КъайсаргIар.

ХIокхарна шайгара гIело бен ца го. Ткъа Овхьад мелла а кхетта Iедалхойн Iалашонах. Iедалан и шалхонаш йу церан лагерера хIара схьаваькккхинарг. Дас БуритIе ца хьажийнехьара, Овхьад а Iийр вара цIахь. Шен ден бахамах дозалла а деш. Iедалхоша дуьйцург даггара ду а моьттуш. Церан шалхонаш а ца гуш. Амма БуритIехь йаькккхинчу хено бIаьргаш билли-кх. Цигара шен мукъа хан цо йерриг а кху тIаьхьарчу шовзткъе итт шарахь арадийлина газеташ, журналаш кегош, царна тIера нохчех лаьцна йаздинарш доьшуш йаькккхинера. Галваьлла а, царах диканиг ца аьллера паччахьан хьадалчех цхьаммо а.

Овхьадна хезаш а лоьра нохчашна. Овхьаде бехкцабиллар а доьхий. Шаьш дуьйцурш-м шу даций. Шу-м шайн къоман заза ма дуй, олий. Овхьада, хала садетташ, ладоьгIура ишттачу къамелашка. Ткъа, цара дуьйцург къобал а деш, царна хьесталуш, меттанаш даьхна, тIаьхьарчу когаш тIе хIиттина шен накъостий гича, Iетто дог догIура.

Овхьадера бала хала ма бу кху КъайсаргIеран къоьллел. ХIорш-м, шайна йаа сискал хилчахьана, Iедалца машар а бина, совца а магара. Ткъа Овхьадан дагна хилла Iаткъам дIашарбан ницкъ бац цхьана а хьолан.

РегIан дукъа тIе хьалабевлча, кхаа беречун некъ лецира топ хьалха а лаьцна дуьхьалваьллачу жимачу стага.

– Совца! Муьлш ду шу?

Беттасин серлонехь Къайсарна вевзира Чеччалхера Нурхьаьжа.

– ХIорш-м тхо дара, Нурхьаьжа.

– Къайсар, хьо ву хIара? Чекхдовла.

Йуьйлина тоьпаш карахь некъана шина а агIор лаьттачу кегийрхошна йуккъехула шаьш чекхдевлча, доккха садаькккхира Овхьада.

ХIинца йуханехьа некъ бацара цунна. Ткъа хьалха дерг а дара шеконехь. Овхьадна массарначул дика гора шен халкъан гIорасизалла а, цуьнан мостагIчун инзаре боккха ницкъ а.

Амма, шен халкъах а къаьстина, йалсамани а ца оьшура цунна.

2

Хах чекх а ваьлла, беттасино серладаькккхинчу доккхачу ирзе ваьлча, тамашийна сурт хIоьттира Овхьадна хьалха.

Кхузахь ирзон йоккха майда дIалаьцна говрашкахь лаьттара ах бIе гергга дошло. Ирзона йуккъехь йитинчу майданахь – декъачу дечигийн баьрзнаш а, царна уллохь лаьттара масех кIудал а, баттам а. ТIулгах бича санна, тапъаьлла тийна Iара дошлой. И тийналла йукъ-кара йохайора говраша багахь ловзочу гаьллаша. Овхьадна ца къаьстара дошлойн йаххьаш, амма церан латтаре хьаьжча, цунна хаалора кхуза гулбеллачех дукхахберш кегийрхой хилар.

ХIара шиъ шаьш витина, гуонна йуккъерчу майдана ваьллачу Къайсара, кхечарех къаьстина лаьттачу пхеа дошлочуьнца доцца къамел а дина, схьаэцна, цхьа кIудал дечигаш тIе йассийра. Овхьад кхийтира оцу кIудалш чохь дерг мехкадаьтта хиларх. ТIаккха динара воьссинчу кхечо, баттамна буьххьера йаькккхинчу тIелхиган горгамах цIе а Iоьттина, иза дечигаш кIелхьарчу жIолмашна йукъа йоьллира. Леттачу цIаро серладаькккхира ирзо.

Къайсар тIеваханчу пхеа стагах цхьаъ, сирачу динара Iаьлбаг, бIаьрг ма-кхийтти вевзира Овхьадна.

Іаьлбагна гонахарчу тобанах схьакъаьстина, гуонна йуккъе ваьллачу хье тІехь сет долуш Іаьржачу динарчу воккхачу стага шед буйнахь куьг хьалалецира.

– Иза мила ву? – шабарца хаттар дира Овхьада Къайсаре.

– Бенара Солтмурд.

Шен хьаьрсачу можах, мекхех куьг а хьаькхна, йайн йовхарш туьйхира воккхачу стага.

– Вежарий!

Солтмурдан стомма аз буьрса дийкира йоккхачу хьуьна йуккъехь акха лаьттачу жимачу ирзо тІехь.

– Вежарий! Тховса кхуза схьавеанчу вайх хІораммо, цІахь доьзал, да-нана а дитина аравалале, ойла йина ша схьалоцучу некъан. И ойла селхана-тахана ца йина вай. Оцу ойлано къежбинарш а бу вайна йукъахь. И ойла йиначул тІаьхьа, тІаьххьара сацам тІеэцначул тІаьхьа а дукха шераш девлла. И сацам вайга тІеэцийтина къаьхьа бахьанаш, дийца ца оьшуш, дика девза вайна. Латта а дац вайн. Кху хьаннашкахь, лаьмнашкахь вайн цІийца, хьацарца гулдина рицкъа а налогашна дІадоккху вайгара. Мацалло бІарздина, къоьлло чІанадаькхина халкъ. Адамашна йуьйцу ца хезна харцо латтайо вайна тІехь, ткъа цунна жимма а дуьхьало йинарг, лоций, Сибрех хьажавой, тІепаза войъу. Шена муьтІахь а хилла, кІелсовцарх, вайгара бала-м муххале а ца байбира Іедало, мелхо а, де-дийне мел дели а, тІетта тІе къамкъарг Іуьйдуш, садукъдо. Доцца аьлча, кІентий, иштта ду вайн гІуллакхаш. ХІинца, шун пурбанца, масех дош эр ду Рохьмадан Берсас.

Говран урх хьайина, масех гІулч хьалхаваьллачу Берсас къамел долийра. Йуьхьанца цуьнан паргІат аз, тІаьхь-тІаьхьа айъалуш, чІагІлуш, багара схьадолу хІор а дош ладоьгІучийн дегнаш чу дуьжуш, декара. Оцу эгІазечу стага цІераш йехира къоман маршонехьа шайн синош дІаделлачу халкъан кІентийн, тхьамданийн, карладехира церан турпала хьуьнарш. Йагарйира кху тІаьххьарчу итт-пхийтта шарахь Іедало адамашна тІехь хІиттийна харцонаш а.

– Вайн собар кхачийна дукха хан йара. Амма, и харцо дІакхосса, Іедалан Іазапах маьршадовла ницкъ ваьшкахь боцийла хууш, цхьана аьттоне сатуьйсуш, садиттина вай тахханалц. Вай пхийтта шарахь сатийсина де тІекхаьчна. Тахана дика дац паччахьан гІуллакхаш. Цуьнан йаккхий галморзахаллаш йу арахьарчу паччахьашца. Амма кхин а галдевлла мехкан чоьхьара хьелаш. Іедална дуьхьало йо оьрсийн муьжгаша а, массо къаьмнаша а. ХІинца уьш къийсаме кхойкху, царна некъ хьоьху дуьненара хьал хууш, коьртехь даккхий Іилманаш, хьекъалш долчу наха. Лаа дац Гуьржийн БІаьн новкъахула дІа къилбехьа эскарш ийзар. Цига дІадигна вайн агІорхьара гІалгІазкхийн эскарш а, дукха хан йоццуш салт баьхна вайнах а. Доцца аьлча, аьттоне хьуьйсуш, вай дукха ладегІна де тІекхаьчна. ХІара де вай тІехтилийтахь, йуха маца догІур хаац. ХІокху дийнах пайда а эцна, ваьшна мелла а маршо йаккха хьовса деза вай.

Берсин къамел чекхдаьлча, нахана йукъахь даьлла гІугІ дІатедира Солтмурда шед буйнахь айъинчу куьйго.

– Кхузахь гІуллакх дІадоладелча шайн халкъаш гІовтто дош делла гуьржийн, дегІастанхойн, ногІийн, эдагийн а вайн накъосташа. ХІара аьтто ца нислуш, пхийтта шарахь Іийна вай, амма хІара тІехтилийтахь, Берсас ма-аллара, йуха иза маца хир ала хаац суна. Нагахь шу реза делахь, вешан маршонан дуьхьа гІовттур вай. Реза дуй шу?

– ИншааллахІ, дала мукъалахь!

– Нагахь вай вешан маршонехьа гІовтта дагца чІагІо йина схьагулделлехь, и сацам дуйнаца чІагІбан реза дуй вай?

– Хьалха имам харжа! – маьхьарий девлира нехан.

– Имам массара дуй биъначул тІаьхьий бен хоржур вац вай, – аьттехьа а ца дитира и Солтмурда. – Хьуьси-Хьаьжа, хьайн Къуръанца схьанехьа ваьл. Кегийрнаш, аш цІе марсайаккха. Уггар хьалха дуй буур бу тхьамданаша. Тозуркъа, вайн байракх кхуза дІахІоттайел. Ас цІе йаьккхинарг схьатІевогІур шу.

Оцу минотехь говрара охьаиккхина, Къайсара кхин а цхьа кІудал йассийра цІерга, ткъа Тозуркъас хІетта цІанбинчу ши аьрша гІуркха тІехь чІагІйина байракх хьалахІоттийра. Гуонна хьалха лаьтта Хьуьси-Хьаьжа, схьанехьа а ваьлла, кара Къуръан а лаьцна, дІахІоьттира…

– Олдаман Іаьлбаг-Хьаьжа! – чІоггІа мохь туьйхира Солтмурда.

Говрара каде охьаиккхинчу Іаьлбага, ондда гІулч йоккхуш тІе а веана, аьрру куьйга байракхан чалдам лаьцна, аьтту куьг Къуръан тІе диллира.

– Ас, Олдаман кІанта Іаьлбага, кхузара берриг нах теш лоцуш, хІокху Къуръан тІехь дуй боу, – болат санна, дийкира цуьнан майра аз, – сайн халкъ Іазапехь даллочу, иза сийсаздечу паччахьан Іедална, вайн къомах болчу цуьнан хьадалчашна дуьхьал тІамца гІатта, сайн дегІа чуьра са дІадаллалц цуьнца къийса, цунах сайн халкъ маьршадаккха йа Іожалла тІеэца. Сайна, сайн йиша-вешина мел йоккха хало тІехІоттарх, айса схьалаьцначу некъа тІера дІа ца вала, халкъан маршонан дуьхьа сайн са дІадала. Тховса кхузахь хоржу волчу имамна, баьччанашна тешаме хила, оха йуьхьарлаьцначу гІуллакхна йамарт хиллачу стагах, иза сайн да велахь а, нана йелахь а, йижарий, вежарий белахь а, царах уггар луьра бекхам эца. Нагахь иза герзаца йа маттаца тхан гІуллакхна дуьхьалваьлла вацахь, бусалбанна а, керстанна а зулам ца дан. Нагахь ас хІара дуй къарбахь, сайн цІий хьаналдо ас…

Беттасино серладаьккхинчу ирзо тІехь цІена декара хьалхарчу дуйнан аз. ДоьІу синош совцийна, ладоьгІура гулделлачу адамо. Ца хезара атталла дитташ тІера гІаш дегалуш а. Декачуьра севцира буьйсанан олхазарш а. Хеталора, стигалара бутт а, седарчий а цуьнга ладоьгІна севцча санна.

Хьурмате а, инзаре а йара и миноташ.

– Іаьлбаг-Хьаьжа, цхьана агІор валал, – йаьсса йитинчу агІор куьг тесира Солтмурда. – Хьазрин Сулиман, тІевола!

Кхо минот масазза йели, керл-керла накъост тІекхойккхуш, декара Солтмурдан стомма аз:

– Пишханан ГІубха…

– ГІайтин ГІуркхо…

– ТангІатаран Тозуркъа…

– Пиркъин ЯнгІулби…

– Яхьсин Ханбетар…

– Залмин Дада…

– Апин МитІа…

– БоьртІиган Къосам…

– Маьхьтин Нурхьаьжа…

– Герин Арсахьаьжа…

ХІаваэхь цІеран меттанаш ловзош, серлайаьлла йогучу цІарна уллохь Къуръан а карахь шен зоьртала дегІ нисдина, меттах ца хьовш, наггахь бІаьрнегІарш детташ,

хIоьттина лаьтта Хьуьси-Хьаьжа тера вара доккха диначу гIайракхан чуртах. Цо сема ладоьгIура дуй буучун багах долучу хIор а даше. Уллохь лаьттачу Солтмурдан сирдала доьллачу дуькъачу, хьаьрсачу цIоцкъамашна кIелхьара бIаьргийн ира хьажар, уьш хIор а зуьйш, дагах чекхдолура.

Солтмурдна тIаьххье Хьуьси-Хьаьжас дуй а биъна, чекхделира чIагIойаран гIуллакх. Берсин йуьхьа тIехь кхоларан марха гора Овхьадна. Сийна ши бIаьрг, хьалха санна, цIарах ца богура. Хьалха лаьттара жоьпаллин гIуллакх. Уьш хIор а декхарийлахь вара ша дуй биъначу гIуллакхна шен са дIадала. Шайн синош-м хьесапе а ца оьцура цара. Халаниг кхин дара. Цара долочу гIуллакхо хийла доьзал байлахь буьтур бу, хийла къена да-нана кIентех, воIарех доккхур ду, хийла доьзалш цIийнах бохур бу. Ткъа толам шеконехь бу. И шеконехь бу бохуш, Iойла а дац. Шен маршонехьа цакъуьйсург лай, хьайба ма ду. Шен маршонехьа ца къуьйсу халкъ – халкъ дац, иза бажа ма бу.

Цхьана йукъана гIелбеллачу Берсин бIаьргаш чохь йуха а цIе къегира. Цхьаболчара шайн синош дIа ца делча, хила йиш йац маршо. Халкъана серло гайта цхьаъ а, итт а, бIе а, эзар а вага веза. Цхьанна а шех цIе таса ца лиъча, и халкъ боданехь лаьттар ма ду. Ша хIун до а, ша мича доьду а ца хууш. Шена тIехь дийриг, ша дан дезарг а ца хууш.

ТIехь цIеран меттанийн серло ловзуш, йеха ворта а саттийна, наггахь лаьттах берг тухуш, синтем байна лаьттачу шен хьаргIачу говрехьа Берса дIавирзича, сихха тIеваханчу Къайсара, урх лаьцна, иза тIейалийра цунна. Аьтту куьйга нуьйран хIоъ лаьцна, могашниг санна, каде говра а ваьлла, куьг хьалалецира Берсас.

– Вайх хIораммо а дуй биъна, халкъан маршонан дуьхьа вешан синош дIадала. Иза халачех дерг дацара. Халаниг хьалха лаьтта, кIентий. Халкъ гIаттор. Иза а дац тIех хала. Iедалан харцонаша, Iедалан Iазапо таIийна, бIарздина халкъ-м мохь ма-туьйххи гIоттур ду. Халаниг кхин ду – иза чIогIачу низамехь хьалха дигар, иза толаме кхачор. Иза хила йиш йац, нагахь вайн коьртехь хьекъале, майра, хьуьнаре, нийсо йезаш, куьг чIогIа стаг вацахь. Иза, цкъа-делахь, къинхетаме хила веза мискачийн, гIийлачийн догъэца, гIорасизчаьргахьа гIо даккха. Иза, шолгIа-делахь, къинхетамза хила веза – халкъан мостагIех, йамартхойх бекхам эца. Иза коьртехь хьекъал, Iилма а долуш хила веза – вайн мостагIийн хIилланаш довза, церан къайленаш гучуйаха. Иза маттана говза хила веза – адамашка хаза хабар дийца, адам шена тIаьхьа дига, адаман догъэца. Иза говза тIемало хила веза – тIамехь шегара майралла а, хьуьнар а гойтуш. Вай кхузахь кхузткъе цхьаъ стаг ву гулвелла. Шу резадерг хоржур ву вай.

Нах ойла йеш ца Iийра минотана а. Массо агIора схьа маьхьарий хезира, Iаьлбаган цIе йохуш:

– Олдаман Iаьлбаг-Хьаьжа!

– Майра а, хьуьнаре а ву иза!

– Хьекъал, Iилма а ду цуьнан коьртехь!

– ДогцIена а, къинхетаме а ву!

– Iаьлбаг-Хьаьжа харжа!

Iаьлбаг, шен говр човхийна, гуонна йукъавелира. Баккъал а, тIехIоьттича, мел кхераме а йу-кх хIара киртиг! Шен корта гIовталан коча чу лахлуш санна хийтира цунна. БIаьрнегIар тухучу йукъана кIадделира дог а.

– Вежарий! – куьг хьалалецира цо. – Со къонах хетта, сан цIе йаккхарна, баркалла шуна. Шуна ма-хеттара йа аш ма-вийццара со велахьара, дика хир дара. Амма шуна хила луург вац со. Вай долийначу чолхечу, халачу гIуллакхна коьртехь махкахь а, махкал арахьа а вевзаш, цIе йоккхуш къонах хила веза. Сан цIе а йац, со къонах а вац. ТIе, жима а ву. Нохчийчохь-м хьовха, кху Нохчмахкахь а кIезиг вевза со. Сан хьекъале ладоьгIча, вай хIара Солумгерин Солтмурд йа Дуин Iумма-Хьаьжа хоржур

вара. Вайна массарна а дика вевза и шиъ. БойсагIаран накъосташ хилла. ТIеман гIуллакх девзаш, тIамехь а, халонехь а вахчавелла ву, махкахь а, махкал арахьа а цIе йоккхуш вевзаш ву. Ас сайна хетарг эли.

Кхеташонехь дакъалоцуш, иттех стаг воцург, бисинарш берриг а къона нах бара, ткъа шарера ткъе итт шаре кхаччалц хенаш йолуш. Баккхийчех ши-кхоъ тIетайра Iаьлбага аьллачунна, амма къоначарна йукъахь резабацаран гIугI делира.

– Пурба делахь, ас эр дара ши-кхо дош, – хьалхавелира Залмин Дада. – Кхузахь дуккхаболчарна луург дахь, имамалла Iаьлбаг-Хьаьже дала деза. Солтмурд а, Iумма-Хьаьжа а, вайна ма-хаъара, къонахий бу. Амма и шиъ къанвелла. Царна хала хир ду вайн гIуллакх тIехь куьйгалла дан. ХIара зама кхитайпа йу. ТIамехь дакъалоцур берш а дукхахберш кегийрхой бу. Цундела имам къоначех хила веза аьлла, хета тхуна.

– Бакълоь, Дада!

– Цул бегIийла стаг вац вайна йукъахь!

Солтмурда куьг хьалалецира:

– Делахь-хIета, ас шух хIораннан цIе йоккхур йу. Ша реза волчо – реза ву, воцчо – вац аьлла, жоп лур аш.

– ГIубха?

– Реза ву.

– ГIуркхо?

– Реза ву.

– Тозуркъа?

– Реза ву…

Шовзткъе ткъайесна стеган цIе а йаьккхина, царах цхьа а дуьхьал ца карийча, байракхна тIе а вахана, лаьттах йоьгIначуьра схьайаьккхина, иза а карахь, Iаьлбагна тIевахара Солтамурд.

– Нохчмехкан а, Органан лакхенца а йолчу йарташа векал вина кхуза ваийтинчу кхузткъа стага шайн а, шаьш схьахьовсийнчу йартийн а цIарах, цIеначу даггара имамалла тIедуьллу хьуна, Олдаман Iаьлбаг-Хьаьжа. ХIокху нехан пурбанца, тховса шайн хIусамашкахь вайга ладоьгIучу къонахийн, зударийн, берийн цIарах вай долийначу бакъонан гIуллакхан, маршонан гIуллакхан хIара хаьлжаг хьан кара ло ас…

Шега кховдийна байракх схьа а эцна, йаржа а йина, чалдам шиний буйна къевлира Iаьлбага. ЦIеран серлонгахь эсалчу махо мелла тахкийра ши аьрша цIечу кIадинан байракх. ТIаккха тIебаьхкинчу ГIубхас а, ГIуркхос а цхьамма цуьнан кара детица кхелина тур делира, шолгIачо белшаш тIе кIайн верта тесира.

Iаьлбага, шен корта кIеззиг аркъал саттийна, къегинчу горгачу баттой, седарчаший серлайаьккхинчу йекхначу стигала буьйгIира шен гIайгIане бIаьргаш. Леррина хьаьжначунна гур дара оцу минотехь цIеххьана дакъаделла цуьнан балдаш а, гиччошкара пхенаш а халла хаалуш сихделла детталуш а, даим ал басахь хуьлучу цуьнан горгачу йуьхьо сих-сиха бос хуьйцуш а.

Iаьлбагна тIаьххье доIина куьйгаш хьалалецира массара а.

– Йа АллахI, хIай веза Дела, Хьо хууш, гуш ву-кх тховса тхан арадовларан бахьана. Дуьненан дохно дузийна, майралла тIехйаьлла, ирсо хьерадаьхна ца девлла-кх тхо хIокху новкъа. Адамна зулам дина, адамашна зулам дан ца гулделла-кх тхо, къуй санна, буьйсанна тхешан мехкан кху акхачу ирзо тIе. Тхан синойх синош доьзна,

тхох хиндерг цахааро хьере бина дай-наной, доьзалш, кегий йижарий, вежарий битина, даьхкина-кх тхо. Мацалло, къоьлло бIарздина, Iедало тхаьшкахь даллочу Iазапо, йечу харцонаша собарх даьхна, арадевлла-кх тхо. Нехан махка бахана, кхечу къоман цIийн тIадам ца баькккхина тхан дайша, нехан мехкан коржам шайн дола ца йаькккхина тхан дайша, кхечу къоман маршонна тIе куьг ца даьхьна тхан дайша. Лулахошна йамарт ца хиллера тхан дай, цаьрга бала беъча, байбан гIиртинера уьш, цаьрга дика деъча, баккхийбийнера уьш, вуон деъча, билхинера уьш. Шен махкахь хьийзориг, шен махкара эккхийнарг, гIийланиг, мисканиг – бусалба а керста а – тIелоцуш, цуьнца сискал йекънера тхан дайша. Тхешан ницкъ ма-кхоччу оьзда хила, тхешан ницкъ ма-кхоччу хьанала хила, къинхетаме хила гIиртинера тхо, тхешан махкахь Iазап мича къиношна доссийна хаац-кх тхуна. Нагахь оцу Iазапна тхан халкъ бехке хиллехь, оха лайнарг тоьур дара-кх абаде абадаллалц оха летор долу къинош эца а. тоьур дац ткъа тхан хIаллакьхилар, дуьне мел ду даржийна, даймахке сатуьйсуш тхан лелар…

Тхо Iазапах маьршадахахьа, латта а йухадерзадехьа тхуна, хIорда чохь тIадам санна, гIамарийн арахь гIамаран буьртиг санна, кIезиг, гIорасиз гIевттинчу тхуна ницкъ лохьа хIокху паччахьан Iедалан къизачу Iазапах маьршадовла. Тхан доIина жоп лолахь. ХIокху гIийлачу наха, Хьан лаамца цIе тоьхна, шайн коьрте хIоттийначу суна хIокхеран тешам кхочушбан ницкъ а, кхетам а лолахь. Сан даг чу харцо, оьгIазло ма йоссайелахь, нийсонна айдина куьг чIагIделахь, харцонна боккху ког йухаозалахь.

– Амин!

– Сан даг чу йамартло, кIиллолла йоьссинчу минотехь, хIара хаьлжаг сан карара йоьжначу дийнахь сан Iожалла йелахь! Йа АллахI, гIо делахь тхан бакъонан гIуллакхна!

И хьурмате миноташ дIайевлча, говрахь гуонна йуккъе а ваьлла, нехан йаххьашна тIехула бIаьрг кхарстийра Iаьлбага.

– Вежарий! – хьалхачул чIогIа а, буьрса а дийкира цуьнан аз. – Йарташа векалш дина схьахьовсийначу аш, шайл хьекъална, кхетамна йа майраллина вацахь а, сов хетта, имамалла делла соьга. Иза тIелаьцна ас, шул цхьа чо а сайна со тIех ца хетташехь. Халкъан маршонан дуьхьа гIуллакх дIадолийна вай, хIинца йуханехьа некъ бац вайна. Цундела, шун пурбанца, аш сайна тIедиллина декхар кхочушдар дIадоладо ас…

Хьала а лаьцна, наха тоьхначу тоьпийн тата даьржира хьаннашца, регIаца.

– Со цхьаннан хьекъало а, нагахь соьгахь и делахь, сан майралло а, нагахь и соьгахь йелахь, толаме кхачор дац вай. Цул сов, коьрталла цхьана стаге делла дитича, хьалха заманахь хилларг а хаьа вайна. Йа гIалатвер со, йа куравер со, йа даг чу къизалла, йамартло, кIиллолла йуссур сан. Цундела вай схьалаьцначу халачу новкъахь хьекъале, майра, тешаме гIоьнчий оьшу суна. Сан бIо а булуш, халкъо а лоруш къонахий. Кхузахь тховссехь уьш аш чIагIбойла а лаьа суна.

– ЦIерш йаха хьайна хетачийн! – маьхьарий девлира нахана йукъахь.

– Диканах, вуонах жоп дала дезарг хьо ву!

Iаьлбаг цхьана минотана дIатийра гIовгIанаш совццалц.

– Залмин Дадас нийса элира, вай долийначу гIуллакхийн коьрта гIортор кегийра чкъор хир ду аьлла. Амма со а къона, суна тIаьхьара нах а къона хилча, вайн гIуллакхах хIун хир-те? Цундела сайна хьехамчаш, гIоьнчий аш чIагIбан луур ду суна бенойн Солумгерин Солтмурд а, кхузахь тховса вайца воцу зумсойн Дуин Iумма а, шуна йукъахь лаьтташ волу гунойн Пишин ГIубха а. Къоначех – махкатIхойн Iабдул-Хьаьжа, цIонтаройн Сулиман, зумсойн Залмин Дада, аькккхийн Пиркъин ЯнгIулби. Царах ледарло хуург, уьш мегар бац аьлла хетарг схьавалал.

Резавоцуш цхьа а йукъа ца велира. Мелхо а, уьш къобалбен маьхьарий хезира.

– Нийса къастийна!

– Ала хIума дац царна!

– Майра а, тешаме а кIентий бу!

ТIаккха Iаьлбага, йарташ дакъошка а йекъна, царна тIе наибаш чIагIбира: Солтмурд – бенойн йарташна, Сулиман – цIонтаройн йарташна, ГIубха – гунойн, гIордалойн йарташна; Iабдул-Хьаьжа – бассойн йарташна, ЯнгIулби – аьккхийн, Дада – Органца йолчу йарташна.

– ХIинца, кIентий, шун пурбанца, сайн лаам дIакхайкхабо ас, – мохь туьйхира Iаьлбага. – ГIоьнчий чIагIбаран гIуллакх чекхдаьлла. ХIинццалц схьа шен маршонехьа гIоттучу вайн халкъо ойъура бусалба динан байракх. Вай айъинарг цIен байракх йу, динан байракх йац, ткъа вайн къоман шира байракх йу. ХIокху байракхо хоуьйту вай гIазотана гIевттина цахилар. Вай чIагIдан дисина дац бусалба дин. Дала ша дола дийр ду Шен динан. Вайна маршо а, латта а оьшу. Цундела ас дIакхайкхадо шуьга: вайн бакъонан гIуллакхах доглозург массо а – бусалба а, керста а – вайн ваша хир ву, вайн гIуллакхна мухха а дуьхьалваьлларг, новкъарло йийриг вайн мостагI хир ву. Иза вайн нанас дена вина велахь а, доьзалхо велахь а. Молла хуьлда иза, хьаьжо хуьлда иза. Уьш къинхетамза хIаллакбар хьалхара декхар ду вайн. Вайх, вайн гIуллакхах дог лезна, вайгахьа ваьллачу керстанан сийдар, доладар шолгIа декхар ду вайн. Ваьшна зуламе воццу бусалбанна а, керстанна а халахетар цадар – кхозлагIа декхар ду вайн. Адамаш нуьцкъах вешан байракх кIел хIиттор дац вай. Ишттачех гIортор хир йац вайна. Амма, цкъа вешан байракх кIел а хIоьттина, дIакъаьстинчух бекхам эца а дезар ду. Реза дуй шу?

Адамийн тобанна йукъахь Iаьлбаган лаам къобалбеш маьхьарий девлира. Масех стага, хIаваэ хьала а лаьцна, герзаш дассийра.

– ХIета, дукха гена ца тоттуш, хьаннашкахь гIа дукъделча, адам маршонехьа гIаттор вай. ДIасакъастале, цхьаъ ала а лаьара суна. Вай схьалаьцна некъ банне а забаре бац. Уггар хьалха вайна оьшург барт бу. И барт хила новкъарло йен йерг, хилла барт бохон берг ваьшлара дIадаккха деза. Тахана вай кхузткъе цхьаъ стагана йукъахь бу, кхана вайна тIаьхьахIуьтту болчу нахана йукъахь а хир бу масех вирдехь нах. И вирдаш хила деза аьлла дац Къуръан тIехь. Уьш тIедехкина дац пайхамаро. Оцу вирдаша къаьсттина зуламаш до вайнахана. Цара херо йуллу нахана йукъа, мостагIалла дожош меттигаш а хилла. Хийрачу нахана йуккъе-м хьовха, йиша-вешина йуккъе а. Оцу вирдаша халкъ тобанашка доькъу, халкъан барт бохабо. Вайна тIе халкъан жоьпалла дужу тховса дуьйна дIа. Халкъан гIуллакхна гIевттинчу адамашна йукъахь барт оьшу, мокхаз санна, чIогIа. Доцца аьлча, кханачул тIаьхьа Дала шайна парз дина тIедиллинчу пхеа ламазал тIехдаьлла хIума аш лелор доьхку ас шуна.

Нахана йукъахь цхьацца нхьа гIовгIанаш йевлира резабоцуш. Амма, Iаьлбага куьг хьалалаьцча, тапъаьлла дIатийра уьш.

– Ас йуха а боху шуьга, вешан маршо, латта йухадерзадаллалц, зуькарш, вирдаш дитина, герз буйнахь дойш тIехь хила дезар ду. Дийнахь а, буса а. Толам баккхалц йа Iожалло лецца лц. Цхьа а тайпа чIеIамаш ма хезийла суна! ГIуллакх дIадолорах лаьцна аьлча, оха, цхьа кхеташо а йина, тIаккха тхешан хилла сацам цхьа кIира далале тIекхачор бу шуна. Со дерриг аьлла вели.

Овхьад хьоьжуш лаьтташехь, цIеххьана хийцавелира Iаьлбаг: цуьнан дегI, нисделла, дуладелира, бIаьргаш ткъесах къегара. Баттара даьккхина детица кхелина тур хьала а лоцуш, цо элира.

– КIентий! Илли ала вай – вешан дайн илли!

Нахана йукъахь шовкъе маьхьарий девлира. Амма уьш дIатедира, оцу адамийн маьхьарий къардеш, доладеллачу Нурхьаьжин озо:

Тхо цкъа а цхьанненна

Къарделла совцур дац,

Маршо йа Іожалла –

Шиннах цхьаъ йоккхур йу…

– Къена лом, Солтмурд, хьо стенна лаьтта йуьстах? – цуьнгахьа вирзира Іаьлбаг. – ТІехилахьа, Солтмурд!

Солтмурдан хьаьрса мекхаш делакъежира, айъаделира, хьаьжа тІера хебарш шарделира, шен андий цергаш гучу а йохуш, мохь туьйхира цо:

Мокхазан ламанаш,

Даш хилла, лаларах,

МостагІийн арданго

Тхо гуора эгор дац!

– Сайдул-Хьаьжа! Лорса-Хьаьжа! Цкъа а къона ца хилла шу? Шаьш нохчийн халкъан кІентий хилар гайтийша аш а!

Сира мажош некха тІе а кегйина, илли алар шайгахь товш ца хеташ тийна лаьттачу баккхийчу нехан догІмийн пхенашкара цІий туьйлира коьртарчу чалбанел. Мекхаш а шардина, аьрру куьйгаш лере а лаьцна, йуккъера дІадолийра цара берахь дуьйна шайна дагахь Іемина халкъан турпала илли:

Бос Іаьржа ва латта

Молханах лелхарах,

Тхешан сий доьхкина,

Тхо лаьтта доьрзур дац!

– Айде, кІентий!

– Маршо йа Іожалла!

Мацалло хьовзадахь,

Орамаш дуур ду.

Хьогалло тхаьш бІарздахь,

Бецан тхи мийра ду!

Цу лаьмнийн хьехнашкахь

Шах цІераш летор йу,

Тхайн таррийн йуьхьгашца

Уьш марсайохур йу!

– ХIейт, гора, Къайсар, йаI!

…ХIоьънаша зарзйина

Тхайн чорда башлакхаш

Къоначу воIарийн

Белшаш тIе туьйсур йу!

…МостагIех летачохь

Iожалло тхаьш лецахь,

Тхайн метта дIахIиттар

Царна тIедуьллур ду!..

Къайсарна уллохь, шен дуткъа-зевнечу озаца цунна тIаьхьара илли айдеш, шовкъе ваханчу Iаьлбаге хьоьжучу Коьрина дагадеара нийсса шийтта шо хьалха, йуьртахошца ша кхелхина Турце воьдуш, Мичкан йистехь шаьш и илли алар. ХIетахь Iаьлбаган, Коьрин, Къайсаран дейтта шераш бен дацара. Шийтта шо хьалха цара дуйнаш биънера, шаьш даккхий хилча, шайн декъазчу халкъана маршо йаккха йа Iожалла тIеэца. И де тIекхаьчна. ХIара де дара Коьра хийрачу махкахь сацийнарг, туркойн эскаре хIоттийнарг, цигахь цуьнга къиза харцонаш, сийсазалла лайтинарг, даймахке сатуьйсуш, хан такхийтинарг а.

«Эрна хирий-те тхан сатийсам? – ойла йора цо. – Эрна хирий-те тхан Iожалла?»

«ХIан-хIа, – жоп хезира цунна деган кIоргера, – халкъан, маршонан дуьхьа тIеэцна Iожалла цкъа а хилац эрна. Эрна а, эхье а ду лай хилла вахар а, валар а. Шуьга цададелларг шун тIаьхьено дIахьур ма ду. ХьалхатаIа, кIентий!»

3

Доьзалхочунна моьтту, шега шен деган къайленаш ненах лачкъало. Ткъа гуш доццчу пхенашца шен берийн дегнех дозаделла ненан дог ша-шаха кхуьу церан къайленех. Бер мел генахь делахь а, шен берана хазахетар хилча, доккхадеш тохало, ткъа цуьнан кийра цхьана балано хьовзабахь, ненан даг чу лазаман ов хьаьвза. Нагахь дуьненахь шайхаш белахь, ненан дог шайх ду.

Декъаза дара нохчочун ненан дог. Берех самукъадаьлла тохадалар кIезиг хуьлура цуьнан. Оцу заманахь – къаьсттина. КIант вича, цунна хаьара, иза шен воцийла. Цунна лаахь а, ца лаахь а, цунна мел везарх а, ваха лаарх а, цуьнан вацара иза, халкъан вара. ХIетта кога ваьлла кIант, гIаш йуккъе сара а боьллина, маргIал лестош, волавелча, нанна хаьара, цхьа пхийтта шо даьлча иза халкъан гIуллакхан дуьхьа кех вер вуйла. ТIаккха дуьйна дIадолалора ненера Iазап. Iуьйранна цунна тIаьхьахьоьжура, Деле доIанаш деш. Миччахьа а цхьанхьа говрийн, йа чехкка

догIучу стеган когийн тата хезча, йа лаамана лулахочо шега мохь тоьхча, дегIе зуз хьодура: «ХIинца-м вийна валош ву хьуна иза… Везан Дела, хIара де тIекхачале, суна Iожалла ца йели-кх ахь…», – бохуш. Иштта дIаоьхура шераш, иттаннаш шераш, хIор а денна нана йуьйш, денйеш, хеназа къежйеш. Оцу халачу, кхерамечу шераша дахчийнера нохчочун ненан дог. Цунна хаьара, тахана ца валавахь а, кхана йа лама – эххар а, иза шен луьрачу чевнашца, цIеша а вуьзна, вертанна йуккъе а хьарчийна, цIа валор вуйла. Цуьнан хIинцца чо бала боьлла беснеш, беран бос банза балдаш, йа къоьжа корта, хебарша аьхна йуьхь ша цкъа тIаьххьара а хьостур йуйла.

И де кхана кхочур йа лама кхочур хаац. Амма хIор а нанна тIекхача герга дара иза.

Къеначу ХIангIазан кийра богуш бара тIаьххьарчу хенахь. Къаьсттина лерина тергалвора шен кIант Iаьлбаг. Йа майрачо а, йа кIенташа а шега ца дийцахь а, цунна хаьара хIинццалц схьа дика Iалашбеллачу шен доьзална тIе кхерам кхозабеллийла. Ткъа тахана, делкъа ламазаш динчул тIаьхьа, Iаьлбаг ша чувеача, кхийтира нана и де тIекхаьчна хиларх.

НеI йиллина, цIенкъарчу кхакханан миндарна тIе а хиъна, куьйра луьйсуш Iачу цунна улло голаш тIе охьа а лахвелла, цуьнан хебаршка ихначу шина беснина оба элира кIанта.

Нана цецйелира кху тIаьххьарчу масех шарахь ца йаьккхина оба кIанта шена йаккхарх. ТIехула тIе, кIентан даим а, цIе санна, богучу бIаьргийн кIоргехь доза доцуш йоккха гIайгIа а гира цунна. ХIангIаза, йист ца хуьлуш, бIаьргашца хаттар дира кIанте.

– Нана, хьан кIантIана тIе ргI кхаьчна хIинца. Паччахьан Iедалан къизалло, харцоно, къелло таIийначу халкъо шена орцах вала боху цуьнга. Нохчийн баьччанаша гIаттаман коьрте хIоттийна хьан кIант. Хьан пурба деза суна, дуьхьало ма йелахь, сан дика нана…

Къеначу ХIангIазан кийра цIеран куьрке бирзира. КIентан багах долучу хIор а дашо, левсино санна, марсайохура цу чу летта цIе. Шен ницкъ ма-ббу сецадора цо логе хьалагIерта йелхаран къурдаш а, бIаьргаш чу гулло дуьра хиш а. Куьйранан ши тIам дIа а хецна, кIентан Iаьржа корта тIеозийна, шен бесни тIе а таIийна, дIатийра иза.

Iаьлбаган коьртан чкъор дагийра тIеоьгучу ненан бIаьрхин тIадамаша.

– Хьо йоьлхуш йац, нана? – хаьттира цо, хьала а ца таьIаш.

ХIангIаза кучан йухаца дIахьаькхира бIаьрхиш. Йелакъажа, кIентан дог ойъуш, масех дош ала гIертара иза, амма кIайделлачу балдаша, дегош, ийзош, аьлларг ца дора.

– Хьо воха ма вохалахь, Iала, со хIинцца меттайогIур йу… ЦIеххьана хили-кх хIара… дагахь… доцуш… ХIара дагахь кхойкхуш хилла-кх ахь кхуза бIаьрзе Хьамзат. Соьга цуьнан иллешка ладегIийта. Хьан кийрахь-м Адин Сурхон дог дара, ткъа со йац-кх, цуьнан нана санна, къонах…

Iаьлбага дайн куьг хьаькхира ненан сирйеллачу месашна.

– Ледара ма хилал хьо, нана. Адин Сурхон нанас шен цхьаъ бен воцу кIант дIавелла халкъана, ткъа ахь лург йалханнах цхьаъ ву.

– Хьо дIахьажийна, цIахь Iийр ма вац висина пхиъ, – эххар а собаре йеана, доккха садаькхира нанас. – Уьш а гIур ма бу хьуна тIаьххье…

Iаьлбаг кхийрина киртиг, ва Дела аьлла, чекхйолуш йацара. Ненан бIаьрхиша а, детталучу къеначу даго а борура цуьнан кийра.

– Ас муьлханиг къастайе шина ненах? – нанна хьалха гуора а воьжна, шен корта

цуьнан кара биллира Іаьлбага. – Хьо а нана йу сан, даймохк а нана йу сан. Цхьамма – сецаво, вуккхо – дІакхойкху. Ахь пурба лахь, вайн къеначу нанна орцах воьду со… Ахь пурба ца лахь, со муха хьежа веза цуьнан бІаьра?.. Вайн массеран а нана, нанойн а нана ма йу иза…

Іаьлбагна хезара ненан деттало дог кІез-кІезиг паргІатдолуш. КІентан корта шина а куьйга меллаша хьала а таІийна, цуьнан хазачу бІаьргаш чу хьаьжира ХІангІаз:

– Ас цунна дІало-кх хьо, Іаьлбаг. Ас даймахкана, халкъана ма дина шу, – олуш. ТІаккха, охьа а таьІна, довха барташ дехира цо кІентан бІаьргашна, хьаьжна, хьийзина маж йаьллачу беснешна. – ХьалагІаттал. Схьахьажал соьга. Гой хьуна, со шек а йац. Хьайна паргІат дІагІо. Дала гІо дойла-кх хьан а, шу массеран а!..

Амма, кІант араваьлча, маьнги йисте а лахйелла, шина а куьйга корта а лаьцна, маршо йелира цо ша хала садетташ къийлинчу дагна…

ХІусамненаца дерг иштта хала а ца листира Іаьлбага.

– Же, ЗезагІаз! Со тІехьийзачу хенахь санна, кочо йелалой, цкъа дуьхьал хьажал суна, – бІаьрг таІош, корта тесира Іаьлбага. – Кхин а, кхин а. ХІай-хІай! Нускал-м хьаха дац ледара! Ткъа хІинца схьакховдадел сан тур!

Хуьлуш дерг хиъна, синтем байна хьийза ЗезагІаз. Майрачун дог эцархьама, шен деган бертаза цо бохург дан йуьйлира. Пенах тоьхначу истанга тІехула кхозу детица кхелина тур схьа а эцна, шиний куьйга дІакховдийра цо.

– Ткъа хІинца схьайал хьайн бесни. Важа а! Марша Іойла хьо!

Цхьа ах сахьт далале, шеца масех бере а волуш сирачу динахь йуьртах аравелира Іаьлбаг.

Коре а хІоьттина, цунна тІаьхьа арахьоьжучу ЗезагІазан бІаьргех мела хиш хьаьлхира. Са а уьйзуш, къайлах йоьлхучу цунна ца хааделира шен жима йоІ чу йогІуш а, иза, кучан йух лаьцна, шена улло дІахІуттуш а.

– Нана, хьо хІунда йоьлху? – кхерабелла ши бІаьрг нене хьалахьежабора Сехьабос.

Нанас жоп ца делира цунна. Логе шад а хІоьттина, йист ца хилалуш йисинера иза. ОхьатаьІна, йоІ кара а эцна, цуьнан горга, жима корта шен белша тІе а биллина, тІе бесни а таІийна, дІатийра иза…

VII корта. ДОРЦАН МАРХАШ

Доьху шуьга халкъо!.. Цкъачунна доьху!

Амма и, къийсамна гІаттахь, кхераме ду!..

Ш. Петефи. Халкъан цІарах

1

Тахана, даим санна, сапаргІат шен полкан гІуллакхаш луьстуш канцелярехь Іара гІашлойн 80-чу Кабардински полкан командир, флигель-адъютант, полковник Михаил Иванович Батьянов.

Мукъачу хенахь а, дIасаваьлла, самукъадаккха меттиг йацара жимачу Яркхсун йисттехь, даим малхбалехьара схьахьоькхучу хIордан махо лоькхуш, шерачу арахь лаьттачу хIокху Хаси-Юьртахь. ГIопера араваьлча, шина а агIор, цхьа а низам доцуш поппаран кибарчигех хIиттийначу лохачу цIенош йуккъехула хьийзачу гомийчу урамашка нислора. Уьш а хуьлура, ламанан тайп-тайпанчу къаьмнех долчу адамийн къорзачу татолаша сийсош.

Шайх Мансуран зама дIайаьлчхьана, машарехьа бирзина, кхузарчу кхидолчу къаьмнашна йукъахь Iер-дахарца мелла а гIоле болчу меттигерчу гIумкашлахь гора сагIа деха а, базарна а, пхьоланна а баьхкина тайп-тайпана ламанхой. Месала хуцIара куйнаш коьртахь, йехачу кетаршна тIехула йаккхий шаьлтанаш йихкина дегIастанхой а, мел шаьш къелла къикъбоьлла белахь а, тоьллачу герзашца кечбелла, шаьш гайта а, нах ган а баьхкина нохчий а. Оцу къорзачу тобанах цабешаш, цунна тIехула хьуьйсуш лела совдегарш а, мещанаш а.

Амма кхин ду полковникан синтем байъинарг: тIом. Стохка дуьйна Балканашкахьа а, Закавказьен дозанашка а тIеман ницкъ дIауьйзура правительствос. Батьяновна бевза дуккха а эпсарш бу цига дигначу эскаршца. Ткъа селхана Турцига тIом хьебина Россис. ТIаме ваха атта лаац цхьанне а. Дика-м, дера, хIокху къорачу кIаженгахь паргIат Iер ма дара. Амма, шена бевза дуккха а эпсарш фронте дIа а хьовсийна, кхузахь деш хIумма а доцуш, сагатлуш вахар а дика ца хетара цунна. Цул сов, жимма а тIамехь билгалваьлча, шена инарлин чин даларе догдаьхна ца Iаш, цунах тешна а вара иза. Шеко йацара, туркойн фронте бахана чинехь цул лахара а, цуьнга нийсса а эпсарш, лакхабевлла, цIабоьрзург хиларан…

ГIушлакхе баьлла, корах чухьоьжучу бIаьстенан малхо цхьа тамехь бохбора полковникан шуьйра букъ. Стоммачу вортанан чкъор шалхаихначохь хIиттинчу хершнаш чохь хьацар къегара. Сийсара мел хьалхе охьавижинехь а, доходелла, там хиллачу дегIе наб хьегIара, базбеллера цуьнан сийна бIаьргаш.

Шуьйрра бага а гIаттийна, пхьаьрсаш дIаса а тесна, цкъа бIаьргаш чIогIа хьаббеш, тIаккха дIабоьллуш, шозза-ккузза цаьрца гимнастика а йина, хьалагIеттина, коре вахара Михаил Иванович. ГIопан кертан арахь керла пхьаьжаш леррина кегош йоллура слободкерчу муьжгийн масех кIайн котам а, береза нIаьна а. Шена самг карийча, зIок тухий, «къокъ-къокъ» деш, котамаш тIейоьхий, цара пхьаьжа йуккъера сула лехьош, лаккха когаш уьйъуш, наггахь тIам тухуш, шех тоам хилла, мохь тухуш, кура лелара иза.

Дехьо йаккхийчу тоьпашна чилгIош хьоькхуш воллура масех салти. ГIопан баролал арахьарчу плаца тIехь буьйр дечу унтеран чаьмза дешнаш а хезара. Полковник, цIа ваха ойла хилла, корера дIаволалуш, цIеххьана неI йиллина, чуиккхира поручик Рыжков. Цо чехкка доьIучу сих а, схьалелха санна, къаьрзинчу бIаьргех а полковникна хиира Рыжковс деанарг могIарчех гIуллакх доцийла.

– Господин полковник! – мохь белира цуьнан. – Округан начальник подполковник Петухов вийна! Цуьнан гIоьнчина капитанна Юзбашевна чов йина!

Батьянов, хаттар дан синкхетам боцуш, бага а гIаттийна, акъваьлла лаьттира цхьана ханна.

– И муха хилла? – хаьттира цо эххар а.

ХIинца мелла а саметтавеанчу Рыжковс паргIат дийцира хилларг.

Округан йарташкахула чекхвала ваханчу Петуховс, аьккхийн цхьана йуьртахь налогаш ца токхуш нах карийча, уьш, йуьртден канцеляре а балийна, чехош хилла. Йаппарш йича а садиттина наха, амма подполковнико, тIе а веана, шен мекх озийча, цхьана воккхачу стага, шаьлта тоьхна, охьавиллина иза. Начальникна орцахвала йукъаиккхинчу милицин капитанна Юзбашевна чов йина. Иза Кешане гIопехь Iуьллуш ву.

– Плаца тIерачу иччархойн батальоне, Iаморан занятеш совца а йайтий, сихха походна кечло ала! – омра дира полковнико, шен коьрта фуражка а туьллуш.

Поручик, гиччошка куьг а даьхьна, аравелира.

«Ванах, баккъал а бунт йу-те хIара? – ойла йора полковнико. – Ма тапъаьлла тийна дара Нохчийчохь, атталла эсаран мох а ца хаалуш. Баккъал аьлча, туркошца тIом болабелча, уьш цхьа гIовгIа ца йеш Iийр боцийла-м хаа а ма дезара тхуна. ТIехула тIе, стохка цара кечйина цхьа хьаьжар-гужар гучуйаькхина а хилча. Нагахь мятеж хилахь, хIун дан деза? Кхузара-х дуккха а эскарш Закавказье дIахьовсийна. Берриг сан тIеман никъ – эзар кхо бIе цхьамза, БуртIунера бIеннал сов оькхуш милцой а ларор ма бац, масех эзар ламанхо охьататталахь».

Оцу масех минотехь, чу гIаж Iоьттина дарбина никх санна, йека йуьйлира гарнизон. Плацера цIа балийна салтий арахь дIасауьдура. Хезара говрийн терсар, эпсарийн буьйраш. Хьалхо машаре йежаш хилла котамаш маьхьаршца дIасайаьржира.

Араволуш неIарехь дуьхьалкхеттачу округан канцелярерчу эпсаро кехат делира Батьяновга: «Чов хилла капитан Юзбашев Iуьллучу Кешана гIопе цхьа-ши рота салтий бахийта».

– Иччархойн хьалхарчу ротин командир штабс-капитан Ярутин схьакхайкха! – омра дира цо тIехволучу салтичуьнга.

Оцу минотана схьавеана штабс-капитан, омра схьа а эцна, дIавахале, вукхунна тIаьххье керла кехат кхечира полковнике: «Полкан командир хиларе терра, округан начальникан декхарш хьайна тIелацар доьху хьоьга».

Батьяновс цIеххьана сацам тIеийцира: стенна оьшу, цига эскар а дигна, гIуллакх оццул десто?

– ХIун деш бу уьш цигахь? – йаппарш йира полковнико. – Цхьацца могIа тIе а йазбеш, кехатан цуьргаш кхоьхьуьйтуш! Господин штабс-капитан, сайн омра дIадоккху ас. Масех дошлочуьнца со-суо воьду. Сихха геланча вахийта цига, со дIакхачале, йуьртара нах майдане гулбе алий.

Казармаш йолчухьа дIавоьдучу полковникна дуьхьалIоттавелира штабехьа схьахьаьдда вогIу Абросимов.

– Господин полковник, бакъдуй суна хезнарг?

– ХIун ду-те иза?

– Нохчий гIовттар.

– ХIумма а доцург…, – куьг ластийра Батьяновс. – И гIовгIанаш цара сих-сиха ма йо.

– Округан начальник а вуьйшший?

– Иза-м дуьххьар хилла…

– ХIета, забаре гIуллакхаш дац-кх уьш?

Батьяновс жоп ца делира.

– Хьо отрядца цхьаьна цига воьду бохуш, ма дуьйцу?

– ХIаъа, зуламхошна таIзар дан деза.

– Пурба лохьа суна отрядца дIаван?

– Мегар дац, – ойла а ца йеш, хадийра полковнико.

– ХIунда?

– Хьекъале стаг ву хьо, Яков Степанович, хIетте а хоьтту. Хьо тIемало ма вац. Хьо

хIун дан воллу отрядца веана?

– Нохчийн исторех, Iер-дахарх лаьцна материалаш гулйеш, ма лела со…

– Господин Абросимов, оцу хьайн гIуллакхашна кхин хан а, кхин меттиг а лаха. Цигахь гIуллакх дац штатски болчийн.

– Со областан начальствон бакъонца лелаш ма ву…

– Гой хьуна, хьелаш хийцаделла…

Догдоьхна Абросимов а витина, шен дагахь цунна лен а луьйш, чехкка дIаволавелира полковник.

ХIара мила ву, мичара ваьлла а ца хуу стаг! Батьяновна дукха гина и тайпа историкаш. Иза-м ша ма-варра вийцинера цунна капитано Рихтера. «Со, ког когах кхетта а, галвалахь, кхана зорбанехь кхайкхор ву. ХIан-хIа, господин демократ, ахь леван Iовдал а вац со».

ХIуъу хилахь а аьлла, ша гIопера дIаволуш, кхузахь куьйгалладар майорна Козловскийна тIе а диллина, дошлойн эскадронца новкъа велира Батьянов. Кхузара дIа пхийтта чаккхарма бен йацара Кешане. ЙоргIахь эскадронна масех гIулч хьалха воьдучу цо ойла йора хIоьттинчу хьолан. Нанна хьежадора Петуховн сонталлина а. Хьерваьлла-х ваций хIара, нохчочун мекх озо! Уьш-х, шайна йаппарш йича а, шаьлта а йоккхий, чугIоьрту. Мекх озочул, тур йа тапча тоьхнехь, гIоли ма йара цунна. Герзаца йина чов гечйо нохчочо. Амма ца гечдо шена буй-тIара, мийра тохар. Маж-мекх озор-м дуьйцу а цахезнарг ду! Ткъа Петуховс шен нIаьналла чекхйаьн йоцчохь йолийна. Жоьжахати гIойла иза, хIара дов а долийна, вахана!.. Рыжковс дукха дестийна дуьйцуш хила а тарло. Бехкениг схьа а ваькккхина, дерзор ду-кх.

Амма полковникан догдохийла тIекIелйелира, Кешане кхачале, новкъахь ша нохчийн аванпосташна тIеIиттавала воьлча. Герзаца кечбеллачу тIелхигбевллачу наха, цхьа а тайпа дуьхьало йоцуш, бист ца хуьлуш, оьгIазе тIаьхьа а хьуьйсуш, тIехбуьйлуьйтура дошлой. Батьянов ца кхетара цара лелочух. Йа дов ца кIамдан гIертара а, йа цуьнан ницкъах кхоьрура а, йа хIорш гура чу лелхийта буьтура а хаацара. Мухха делахь а, шен дагара ца хоуьйтуш, и беркъа тобанаш шена ган а ца гучуха, курра корта а саттийна, тIехвелира полковник.

Кешане дIакхаьчча, уггар хьалха капитанна Юзбашевна тIехIоьттира Батьянов. Петуховн валар хьалха цунна ма-хаззара дийцира капитано.

– Бехкениг лаьцний аш? – хаьттира Батьяновс.

– ХIан-хIа, господин полковник…

– ХIунда?

– Ца кхиира. Наха кIелхьарваькккхира иза.

– И кIелхьарваькккхинарш?

– Уьш а, бевдда, Нохчмахка бахана.

– Дукха буй?

– Ах бIе гергга.

– Йуьртара бисина нах хIунда ца лецна аш?

Капитан воьхна хьаьвзира.

– Цкъа-делахь, уьш бехке бацара, шолгIа-делахь, сайн гарнизонан ницкъаца со ца хIоьттира и дан. Нохчмахкахь тийна дац бохуш, хаамаш а кхаьчна соьга.

– ХIун ду цигахь? Суна хIунда ца хиъна?

– Соьга а хIинцца кхаьчна и хаамаш. Бух болуш хIума дац, амма хIокху деношкахь адам Iедалца эвхьаздийла доьлла, боху. Хьанна хаьа церан дагара…

Полковник йуьрта кхачале, хаьххина тIаьхьавеанчу гарнизонан салтичо шен начальнике хаийтира, ах сахьт хьалха тIелеттачу ламанхоша дежийлаш тIера обозийн ши бIе ах бIе говр йигна, тIелатар диначу хенахь хиллачу кхийсаршкахь шиъ салти а вийна аьлла.

– ХIара-м баккъал а бунт ма йу! – йаппарш йира полковника. – Муьлхачу агIор йигна уьш?

– Зандакъехьа, хьан оьздалла! – вулавелира салти.

Батьянов таро йоьхна хьаьвзира. Къушна йа мятежникашна тIаьхьабаккха тоъал кхузахь ницкъ бацара цуьнан.

– Господин поручик, сихха Хаси-Юьрта йухаваха дезар ду хьан, – кисанара йаьккхина, блокнот схьа а йиллина, масех дош тIе а йаздина, кехат шен адъютанте Рыжковга кховдийра цо: – Майоре Козловскийга. Цигара гIумкийн сотня йахийта кхузара дIа уггар гергахь йолчу нохчийн йарташка. Цаьрга дIахаийта, лаьхкина говраш шун махка тIехула йигна, иза шу декъахь доцуш хилла дац, цундела жоьпалла шуна тIе дужу, шун йурт йохо тIаьххье догIуш эскар ду алий. Цул сов, кхоъ батальон сихачу маршаца схьакхачийта а ала, кху агIонгахьарчу нохчийн йарташка йахийта.

Батьянов Кешане-Юьртан майдана кхаьчча, чIу йукъа а гIур боцуш, луьста лаьтташ адам дара цигахь… Божарий хилла ца Iаш, гондIарчу керташца хIиттина зударий а цхьаьна. Дошлойн отрядца полковник гучуваьлча, гIугI доккхуш, хIорд санна, техкира адамийн кортош. Дуьхьала хьаьдда веана йуьртда а, цуьнца масех хьолахо а, воккха хьаькам шайга вист ца хилахь а, вела ца къажахь а, шайга а хьаьжна, корта мукъане а ласторе догдохуш, кхерабелла, хьестало бIаьргаш цунна тIе а боьгIна, дIахIиттира. Цхьана-шина жимачу стага, схьахетарехь, церан кIенташа, ведда тIе а веана, эпсарийн говрийн урхаш а, луьйтанаш а дIалецира. Амма полковник, хьастабелла тIебаьхкинчу йуьртан тхьамданашка а, йа церан кIенташка а ца хьожуш, тIех а ваьлла, адамийн тобанна йуккъе вахана, сецира.

– Иттех дийнахь шун хьаькам хир ву со, – элира цо, хьалха лаьттачу тIелхигбевллачу божарийн къух санна йевллачу йаххьашна тIехула бIаьрг шаршийна. – Со тIеман эпсар хиларе терра, политикех дерг хаац суна. Шуьга мотт лебан говза а, йа догдогIуш а, йа хан йолуш а вац. Суна шуьгара оьшург бакъдерг ду. Соьгара а хезар ду шуна изза. Схьадийцал чехкка, хIунда вийна аш паччахьо, шайна тIехь куьйгалла де аьлла, ваийтина хьаькам? Ас шайна тIехь ден дерг хаьий шуна?

Уллохь лаьттачу кешанойн йуьртдас мохь тоьххана гочдира полковникан къамел. Нах, шек дIа а боцуш, кхуза баьхкинарш Iедалан векалш а, адамаш а доцуш, цхьа мехкан доцу акхарой долуш санна, леррина цаьрга а хьуьйсуш, тапъаьлла тийна лаьттара. Эххар а, ши-кхо гIулч хьалха велира, бакъийна гIуркх санна, векъана, веха, цIеххьана голатухуш хьаьвзина боккха мара а болуш, шовзткъе иттех шо хенара стаг. Сирдала доьллачу дуькъачу мекхех дайн куьг а хьаькхна, йовхарш тоьхна, йиш а тойина, аьрру куьг йукъарчу шаьлтанан кIайчу макъарна тIе а диллина, важа хаьнтIе а хIоттийна, майрра полковнике хьаьжира иза.

– Ас дуьйцур ду бакъдерг, – вистхилира иза гIоргIачу озаца. – Стенна тIехула доладелла, хоьтту ахь? И ца хууш ву хьо? Тхо ца го хьуна, хIара тIотIеш оьхкина, сагIадоьхургаш санна, лела? – нохчочо, дерзинчу дегIа тIе дуьйхинчу эттIачу чоин кач дIаса а озийна, гучудаьккхира холхазах тера хьийзина, даьлла шуьйра некхан у. – Йа тхан бераш ца гина хьуна, дерзина, меца лела? Шаьш тхуна тIехь латто харцо, Iазап а ца тоьу шуна? Хьаькамаш а оха кхаба дийзи. Тхешан доларчу сту-ворданца кха тIе даха а, базара даха а, дечке даха а йиш тхан йац. Даим дIа шуна

некъаш дохуш, шун эскарш кхалхош, шун хьаькамаш дIасалелош. И дерриг дича а, дитахьара ткъа. Схьа мел вогIург налог тоха вогIу, схьа мел вогIург, и схьало олий, вогIу. Оха мичара ло шуна налогаш, дуьйш-дерзош латта а ца хилча, кертахь даьхний а ца хилча?

– Цхьа цIока йаькккхина а ца Iа!

– ВорхI йаккха гIерта!

– Тхан даьIахкаш тIе гам хьекха боьлла!

– Йукъа ма гIерта нах! ЯнгIулби ала вита!

Нехан гIовгIанаш дIателлац Iийна, дакъаделла, эттIачу балдех мотт а хьаькхна, йуха а вистхилира ЯнгIулби:

– Баккъал а йоццунна тIера шарбал ворхIанга а ца йаккхайелла бохуш, кица ду нохчийн. Тхан дIадала хIума дацара, бIаьсте йаьлла йаллалц, Теркал дехьа а дахана, хьалдолчу гIалгIазкхашна йолах болх бина, йа кхин цхьа таро хиллалц, дитахьара тхо аьлча а, гIуллакх ца хуьлу. Собар а кхачийна, тхан цхьа воккха стаг чIогIа вистхилира укурган начаьнке. Ша къена а волу дела, и къона а волу дела, тхан къоман гIиллакхна тIе а доьгIна. Ткъа начаьнко цуьнан мекх озийра.

Нахана йукъахь йуха а оьгIазе маьхьарий девлира.

– Тхо лай ду-м ца моьтту шуна!..

– Аш нанна хьежо…

– Кхидерг дерриг лайна оха, амма тхан догIмех куьйгаш ма Iитта!

– Наха бакъдерг дуьйцу, полконак, – церан маьхьарша шовкъе виначу ЯнгIулбин йуьхь йолчу тIе а Iаржйелира. – Баккъал а, тхаьш нах сийсаз ца бо оха, наха тхаьш дича а ловр дац. Мекх озочул, тур тоьхна, шина декъе векънехь а, кху тIе дер дацара хIара. Йа, лаьцна, Хаси-Юьрта дIа а вигна, Сибрех хьажийнехь а. Герз карахь лата а лата, дайъа а дайъа тхо, амма тхан догIмех куьйгаш ма Iитта; тхоьга, шайна тIекхаьчча, коьртара куйнаш дIадаха а ма баха! Куй а, маж-мекх а, шаьлта а стеган боьршаллин билгало йу. Шен мекх озийча, вийна воккхачу стага укурган начальник. Дика а вийна. Сайн мекх озийнарг ас а вуьйр ву!

Батьяновс леррина ладоьгIура йуьртдас гуттар чам боццчу баькккхинчу оьрсийн маттахь шена гочдечу къамеле. ТIаьрзечу нохчочо тIаьххьара аьллачу дешнашна резахилира полковник. Петуховн амалш дукха тера йогIура шен цIарах. Шен ницкъ ца хууш, гIуллакх долчу а, доццчу а гIерташ, йиш халлалц кхойкхучу, девнечу нIаьнин амалш.

– Кхин дуй шун ала хIума? – хьаьжа йуккъе шад хIоттийна, адамийн тобанан кортош тIехула бIаьрг кхарстийра Батьяновс.

– Сан дара масех дош!

Пхьаьрсийн голашца хьалхарнаш дIаса а тоьттуш, сенарваьлла тобанна йуккъехула хьалха могIаршка веана, сецира буто воккха стаг.

– Цул сов, полковник, тхо нуьцкъах салт доху бохуш, хабарш ду, – сих-сиха можах куьг хьокхуш, къамел долийра цо. – ТIаьххьара тхан долахь йисина лаьттан коржамаш а дIайоху, кертарчу котамийн кортойн цIарах а налог тухур йу, боху…

– Шаьш салт дахарна ма кхералаш, – бат саттийра полковнико. – Шух хуьлу салтий?! Шу тайпа хIоранаш, гуттар гIаддайча, милице-м оьцург хир йара. «Налогаш» бохуш, аш йуьйцу хабарш а эрна йу. ХIинццалцчул къен цкъа а хир дац шу, ткъа шу хьал долуш хилахь, налог а йоккхур йу. Ма кхера шайн долара мохк дIабаккхарна а. Мохк бустуш лелачийн Iалашо йу шун доларчу латтанашна дозанаш тоха, шуна йукъара девнаш дIадаха. Амма, шун начальник со хилча, ма

хала дара соьга шун мехкан шунаш, дозанаш къестадайта. И шунаш къуьйсуш, шаьлтанаш Іуьттуш, вовшехлеташ, кхачадолуьйтур дара ас шу.

Шина пІелга лаьцна мекх хьовзош, тобанна тІехула бІаьрг кхарстийра полковнико. Цо хІун боху ца хууш, дист ца хуьлуш, ладоьгІна лаьттара адам.

– Сан багах цхьа дош аьлча, Хаси-Юьртара хьаладеанчу эскаро чим бийр бу шун йуьртах. Суна хаац, округан начальник вийнарг шух мила ву. Бехкениг схьалахь, цунна таІзар дийр ду ас, ца лахь – массарна а. Ойла йан цхьа буьйса ло ас шуна. Кхана Іуьйранна малх схьакхетале зуламхо сан карахь ца хуьлу-кх – тІаккха суна цІоганаш ма хьийзаделаш. Ас ца элира ала дац шуна. ХІара йурт лаьттинчохь чим хир бу, масех стаг ирхъуллур ву, бисинарш Сибрех бохуьйтур бу!

Къамел гочдича, гІовгІа йелира нахана йуккъехь.

– Маьхьарий стенна хьоькху цара? – хаьттира Батьяновс талмаже.

– Бехкениг шайна карор вац, боху.

– Цхьамма хІунда ца олу хІокхара, варраша санна, маьхьарий а ца хьоькхуш? Веханиг, ахь алал, – ЯнгІулбина тІе пІелг хьажийра полковнико.

– Начальник вийнарг, ведда, Нохчмахка вахна, – сацамболлуш схьахьедира ЯнгІулбис. – Иза воккха стаг ву, бІе шаре ваьлла. Бехк цуьнан бац, шун полконкан бу. Дала дина бехкечунна таІзар. Оцу тІехь гІуллакх чекхдалийтича, нийса хета тхуна.

– Цуьнан гергара нах схьало, ала цаьрга.

– Уьш а бац. Шайн стаг а эцна, бевдда.

– Дика ду хІета, – ла а доьгІна, вистхилира Батьянов. – Со-м хІара гІуллакх машаре дерзо гІертара. Шуна лаац-кх. И цхьаъ дІадели. Ткъа цхьа ахсахьт хьалха гІопера говраш йигнийла хаьий шуна?

– Тхуна хезна дац, хьан оьздалла, – массарна а хьалхара жоп делира кхеравеллачу йуьртдас.

– Шуна хІунда ца хаьа, – тІечевхира Батьянов, – шайн мера кІелхьара кхо бІе гергга говр йуьгуш? Хиъна а ца Іаш, шун бертахь ма йигна уьш. ХІокху минотехь орца даккха къушна тІаьхьа. Зандакъехьа дІайигна уьш. Сарале говраш йуха ца йерзайахь, шуна дуьйцу а ца хезна таІзар дийр ду ас йуьртана. Аш жоп дала деза шайн махка тІехь хиллачу зуламах. Іедалан хьаькам а вийна аш, эскаран говраш а йигийтина. Шайна лаьий – йигнарш йухайалайе, шайна лаьий – шайниш схьало. Кхана Іуьйранна кхин къамел хир ду вайн.

ГІайгІане эгна нах а битна, майданара дІавелира Батьянов. Улло иккхинчу йуьртдас дехар дира цуьнга, чай мала чувола аьлла, амма Батьянов цуьнга дІа а ца хьаьжира.

Полковникан хабаре леррина ладоьгІура ЯнгІулбис. Тергалбора цуьнан хІиллане бІаьргаш. Цуьнан леларх ЯнгІулби кхийтира полковник цхьа тешнабехк кечбеш хиларх.

Урамо гола тухучохь Батьянов къайла ма-веллинехь, шен накъостий схьа а лехна, йуьртах вала сихвелира ЯнгІулби.

Суьйранна хилира иза шекваьлларг. Хаси-Юьртара схьакхаьчначу гІумкийн бІаьно а, салтийн шина ротано а, йуьртана гуо а бина, хІор а итталгІа боьрша стаг лаьцна дІавигира…

ТIерга-Дукъахь баьччанийн тIаьххьара кхеташо хиллачул тIаьхьа даьлла пхи де сацам-тем боцуш дIадахара Iаьлбаган а, цуьнан герггарчу гIоьнчийн а.

Нохчмахкахь гIовттамхойн тобанаш вовшахтохар Солтмурданий, Сулиманний, ГIубхиний, Iабдул-Хьаьжиний тIе а, Аьккхахь дерг ЯнгIулбих, Органца лакхахь дерг Залмин Дадех а тешийна, ша Салатаве а, Iаьнда а ваханера Iаьлбаг.

Цигара стомара цIа вирзина иза, массаьргара хаамаш гулбина, тахана Гати-Юьрта веанера, гIаттам дIаболоран гIуллакхан хьокъехь тIаьххьара а Берсеххий, Коьреххий дагавала.

Къайсаран хIусамехь гIийла богучу стогаро кIуьран къаьхьа дохк хIоттийнера. Баьрчехь маьнги тIехь кенийн гIайби тIе а тевжина Iуьллучу Берсе, йухайерза ца туьгуш, йовхарш йогIура йукъ-кара. Хьешаша пхьор диъча, царна хьалхара шун дIа а даьккхина, бераш а эцна, АйзагIаьрга йахара Макка.

ЦIа чохь шаьш бисира божарий.

Арахь а, бешахь а, урамца а ха деш лаьтта Болат, Юсуп, Iумар а сема вуйла а хьаьжна, чувеана Къайсар, неIаран соне топ а хIоттийна, лохачу гIанта охьахиира.

– НеI йеллий йитахьа, Къайсар, – элира стогаран кIуьро Берсина ницкъ бинийла хиъначу Iаьлбага. – Могаш волчунна а хала ма бу хIара кIур-м.

– ХIумма а дац, Iаьлбаг, сатухур ду ас. Дийцахьа, муха ду гIуллакхаш?

Йукъахара шаьлта агIор а теттина, ши ког чуччу а буьллуш, Берсегахьа вирзина, охьахиира Iаьлбаг.

– Доцца дуьйцур ду ас. ДаьргIахошкий, белгIатошкий, гIордалошкий догдохийла а йац. Даьттахой, гендарганой шина даггахь бу хIинца а. Билтойн, ва Дела аьлла, барт хила тигац. Важа дисина тайпанаш дерриг кхана а гIовтта кийча ду.

– Аьккхий?

– Кешане гонах берш вайца бу.

– ДегIаста?

– Вай гIуллакх дIадолийначу дийнахь диламхой, алмаккхой, миатлой гIовттур бу, боху.

Арахь байн мох белира. Жимма ласта а лестина, дIабайра стогар. Чохь Iаьржа бода хIоьттира. Куьркара хаьштиг дан дагахь гIеттина Къайсар Коьрас сацийра.

– Ца оьшу, Къайсар, иштта бегIийла ду.

– Маса бIаьхо хила тарло вайн?

– Иттех эзар.

– Арен тIера йарташ йогIий царна йукъа?

– ХIан-хIа. ТIаьххьара дош дац цаьргара. Вайн бартахой бу дикка, амма гондIарчу гIаьпнашкарчу эскарех кхоьру.

– Паччахьан эскаршка хьаьжча, ма кIезиг ницкъ бу-кх вайниг! Ткъе пхеа эзар салтичунний, бIе йоккхачу тоьпаний дуьхьал – итт эзар стаг…

– Оццул хуьлий а хаац. Пхеанга мукъане а довлахьара.

– Кхузахь толам а баькккхина, аренга довлахь, тоба стамлур йу вайн. ХIинца цкъа

кхерахь а, тІаккха гІовттур бу нах.

– Делхьа, Іаьлбаг, церан гІуллакх ма шеконехь хета суна.

– ДегІаста гІаттахь, иштта ледара а хир дац.

– Шайн дош кхочушдахьара цара.

– Вайн дозанца йолчу йартех-м тешара со.

ХІорш коьртачу дийцарна тІе бовлале, когийн тата хезира кертан арахь. Къайсара катуьйхира неІаран сонехь пенаца хІоттийначу тоьпах.

– Мила ву? – араиккхира иза.

– ХІара-м со вара. Овхьад.

– Хьо лаа вуй?

– Лаа ву, кІентий, – хьурмате вистхилира иза, чоьхьа а ваьлла. – Кхаъ бу шуна! ТІом болабелла!

– ХІун тІом? – цхьаьний хаттар дира Берсассий, Іаьлбагий.

– Туркошца!

– Ахь баккъал бохий?

– Баккъал а.

– Мичахь хезна хьуна?

– Тхан да хІинцца Соьлжа-ГІалара цІа кхаьчна. Цо деана и хабар. Стомара Россис тІом болийна туркошца.

– ХІинца цхьаъ хила а мега вайн гІуллакхах, – элира Къайсара. – ГІаттам сихбан беза. Гена ца тоьттуш.

– ХІан-хІа, иштта сихдала а ца оьшу, Къайсар. Кхузара эскарш цига дІадуьгур дацте? Ах мукъане а. ЛадугІур вай. ТІе, вайн кечам хилла а ца баьлла. Иттех де хан оьшу вайна хІинца а, – сацийра иза Берсас.

Церан къамел йукъахдаьккхира неІаре веанчу Юсупа.

– Цхьа стаг ву Іаьлбаг лоьхуш веана.

– Мичара?

– Акхташ-Эвлара ву, боху, ша.

– ЦІе?

– ЯнгІулби.

– Чуваийта.

Мухха делахь а, ЯнгІулбин цІе ма-йаьккхинехь, кхийтира Іаьлбаг цуьнан вар лаа цахиларх. Тера-мерчу гІуллакхна Іеламхана йуьйцур йацара хІара вахана меттиг, йа ЯнгІулби а лелар вацара хІокхуьнан лар эккхийна.

Зоьртала ЯнгІулби, йерриг неІсагІа дІалоцуш чу а ваьлла, салам делла, цІенкъа йуккъехь сецира.

– Ахь хІун до, ЯнгІулби, хьо лаа лелий? – хаьттира сагатделлачу Іаьлбага, тІе-каре чекхйаьлча.

– Лаа вац, Іаьлбаг-Хьаьжа, лаа вац… Хийра нах-м бац чохь?

– Бац. Берриг вешаниш бу.

ЯнгІулбис дийцира Кешанахь хилларг.

– Хаси-Юьртара даийтинчу эскаро нах лоьцуш бу цигахь, – чекхдаьккхира цо.

Цецбевлла уьш цхьана йукъана бист ца хуьлуш бисира. Оцу гІуллакхо галдохура цара дан билгалдинарш.

– Ой, хьо а, хьан накъостий а мичахь бара? Аш хІунда хилийтира и гІовгІа? ХІун пайда баьлла укурган хьаькам верах? Цуьнан метта кхин хир ма ву, – оьгІазвахара Іаьлбаг.

– ЦІеххьана хилира иза, – воьхна жоп делира ЯнгІулбис. – Хьанна моьттура, полконако воккхачу стеган мекх озор ду а, вукхо цунна шаьлта тухур йу а…

– Говраш хьан лаьхкина хаьий?

– Хаац. Лар Зандакъойн дукъа йахана.

Яьссел дехьарчу регІа тІехула пастанан цастарх тера керла бутт гІеттира. Лулахойн кертахь йишхаьлла лета дуьйлира къена жІаьла. ЦІенна тІехьа, гу тІера охьа, бус-буса а санна, шен кІант цІа кхойкхуш, цІогІане мохь беттара Банатас.

Керла хаамаш тидаме а эцна, Іаьлбага дийцаре хІоттийра гІаттам болоран гІуллакх.

– Суна хетарехь, вайн барт Іедална гучубалале, гІаттам боло беза, – элира ЯнгІулбис. – Селхана тхан эвлахь хиллачу гІуллакхо дуккха а нах лоьцуьйтур бу Аьккхахь. Царна йукъа вайн накъостий нисбала а тарло. Ваьш кийча хилча, гІуллакх дІатетта оьшурий-те?

– Хьуна ма-моьтту, атта а дац иза, – шого вистхилира Іаьлбаг, – кечам бац вайн.

– ХІетте а, гІаттам болоран гІуллакх гергаозо деза вайн, Іаьлбаг, – ЯнгІулби къобалвира Коьрас.

– Сихлур дац вай, кІентий, – совцийра уьш Берсас. – Цкъа вешан ницкъашка а хьовсий, биэ вай сацам? Шийтта шо хьалха оха гІаттамна оьшучул а тІех герз а, хІоъ-молха а кечдинера. Йарташкара кегийрхой тІеман гІуллакхна а Іамийнера. ХІор а йуьртахь вовшахтоьхна бІо бара, шен коьртехь тІамехь бахчабелла майра бІаьнчаш а болуш. ГІаттамна тІехь куьйгалладан чІагІбина тхьамданаш а бара. ХІоранга а шен-шен гІуллакх дІа а делла. Дан дезарг дерриг а оьзна, лерина дІанисдинера. Оцу тхьамданех, цхьа бенойн Солтмурд воцург, цхьа а ца висина тахана. Белла а, къанбелла а, лецна Сибрех бахийтина а, дІабевлла. Церан метта къона тхьамданаш-м хаьржинера аш. Иза дика ду. КхидІа?

– Герз а, хІоъ-молха а долуш ду. ХІор а йуьртахь вовшахтоьхна бІо а бу, коьртехь тешаме нах а болуш. Муьлххачу минотехь герз караэца, дойшна тІеховша кийча.

– Амма, гІаттам болош хилча, дуккха а гІуллакхаш ду хьесапе эца дезаш, Къайсар, – дуьйцура Берсас. – Хьалхара тохарш мичхьа дан деза, муьлха меттигаш дІалеца йеза, уьш вайна тІе муха чІагІйан йеза, бІаьхошна напха мичара каро деза, Іедална хьалха хІун лехамаш хІитто беза… Дукха ду уьш. Церан ойла йан а, царна кечамбан а хан йеза, кІентий.

– Адамийн собар кхачийна, ва Берса! – мохь белира ЯнгІулбин. – КхидІа са ца деттало халкъе. Россехь оьрсийн муьжгий Іедална дуьхьалбевллачу хІокху муьрах пайда а эций, гІаттам болабе вай? Вай йухадевлла Іийча а, тІехь цхьа а тайпа куьйгалла а доцуш, халкъ шашаха гІоттур ду, тІаккха зиэнаш, зуламаш алсамо хир ду, адам эрна хІаллакьхир ду. Цул, вешан кечам хилла баьлла бацахь а, хІара гІуллакх вешан каралаца вай? ТІаьхьа цхьана хорша доьрзур дац-те?

– ЯнгIулби бакъ лоь…

– Адамаш, бажа санна, хецна дитича, зуламаш совдевр ду…

– Іаьлбаг, хьо имам ву. ТІаьххьара а дош хьан хила деза, – и масех дош ала гІерташ гІелвелла Берса, къийсар эрна дуйла а хиъна, хьаз-хьиз деш, сихдина садоьІуш, сецира.

– Со а реза ву ЯнгІулбис аьллачунна. ГІаттам вайга сацалур бац. Амма, цуьнан гІуллакх генадалале, иза вешан кара схьалаца деза вай. Хьалхара тохар мичхьара дІадоладе вай?

– Веданна тІера, – ойла а ца йеш, сихха жоп делира Къайсара.

– ХІан-хІа, Хаси-Юрт дІалаца йеза хьалха, – сацамболлуш элира ЯнгІулбис. – Цигахь эскар алсам ду.

– Вайна стенна оьшу йуьстах лаьтта Хаси-Юрт? Цул, Ведана дІа а лаьцна, арен тІе девлча?

– Битал къийсамаш, – сацийра и шиъ Іаьлбага. – Ахь хІун олу, Берса?

– Вайна хьалха ши некъ хІутту. Ведана, Эрсана, Кешане, БуртІанай а гІаьпнаш дІа а лецна, гІаттам арен тІе баккхар – цхьаъ. И некъ дика бу, нагахь вайга уьш цхьана дийнахь дІалецалахь. Амма уьш дІалецаран гІуллакх масех дийне далахь, мостагІчунна гІо кхочур ду арен тІера…

– ШолгІаниг?

– Уьш, хье ца йеш, Іад а йитина, арен тІе а девлла, цигара йарташ а гІовттийна, Соьлжа-ГІалина тІе дахар. ТІаккха а букъа тІехьа тоъал боккха ницкъ буьсу мостагІчун. Вай шина цІарна йуккъе нисло.

– КхоалгІа некъ бац?

– Суна хаац.

– Хаси-Юьртара дІа аьчкан серийн зІе йуй? – хаьттира Коьрас.

– Йу.

– Тховса йа кхана гІаттам болало аьлча, уггар хьалха иза йохо йеза, масех чаккхарма схьа а лаьцна. ТІаккха, Соьлжа-ГІала геланчаш а бахана, цигара эскарш кхачале, Ведана а, Хаси-Юрт а дІалаца хан хир йу вайн шортта.

Дехха къийсинчул тІаьхьа, Іаьлбага сацамбира:

– ХІета, ас сайна хетарг дІаолу шуьга: Акхтас, Гезлойн-гІап дІа а лаьцна, цигахула чекхйолу зІе йохайо. ГІубхас изза до Хулхулон ахкахь. Залмин Дадас, Доча-Борзе дІа а лаьцна, Органан ахкан ков къовлу. ЯнгІулби, ахь Кешане дІалоцу. Сулиманний, Іабдул-Хьаьжиний тІедуьллур ду Ведана дІалацар. Вайн коьртачу ницкъашца со Шелахула дІа Соьлжа-ГІалина тІегІур ву. Кхана Іийча, лама, гІуллакх дІадоладо вай. Къайсар, ахь, сихха аравалий, тховссехь дІасахьовсо тешам болу геланчаш кечбе.

3

Харц хир дара, кечбечу гІаттамах лаьцна Іедална хууш хІумма а дацара аьлча. И кечам кху тІаьххьарчу иттех шарахь хаддаза беш хиларна, молханах йуьзначу Нохчмахкана оьшург беккъа цхьа суй бен боцийла хууш, къаьсттина Веданахь а

долуш, сема дара Iедал.

Цундела полковникан Батьяновн телеграммо башха цец а ца ваькkхира Веданан округан начальник эла Авалов.

– ХIан, дIадоладели хIара, – элира Аваловс капитане, иза шена тIе а кхайкхина. – Нохчаша подполковник Петухов а вийна, Кешанерчу гарнизонан говраш а лаьххина бохуш, хаам бо полковнико Батьяновс. Суна хетарехь, иза девнан йуьхьиг йу. «ГIаттам» боху дош дало ца лууш, боху ас иза. Лаа дац хIара. Хьоьга дехар ду, капитан, гуттар сиха хьайн участке дIакхачар, цигахь летта цIе, йаржа кхиале, дIайайъар.

Эла, куьйга корта а лаьцна, цхьана минотана дIатийра. ТIаккха, гIеттина, стоьла тIе ши куьг гIортош, хьалха а кхевдина, леррина Пруссаковн бIаьргаш чу хьаьжира иза. Даим чохь самукъане цIе йогуш хуьлу элан Iаьржа бIаьргаш кхоьлина гича, капитанан даг чохь мелла а кхерам гIеттира.

– Ас сайна цкъа а гечдийр дац, суна а ца хууш, сан мера кIел, Бенаний, Сесананний йуккъехь мятежникаша кхеташо йар. Кхузткъе цхьаъ стаг! Иза пхи де даьллачул тIаьхьий бен ца хиъна суна. Моьттура, хIокху округехь нохчаша дIа мел боккху ког сайна хаьа. И ца хилла аьттехьа а. ХIинца мел хала хир ду цIе йайъа! Амма, цаваьллачу денний бен, герз ма айъалахь. Варийлахь. Вайн декхар – дов цакIамдар, машарца дерзо гIортар ду хьуна. Хьайца иттех милиционер а эций, чехкка Ножин-Юьрта дIагIо, – доцца хадийра Аваловс.

Шен участкан махка тIе ваьлча, хIор а йуьртара цIейоккху нах а, милцой а шена тIаьхьа а хIиттош, капитан Ножин-Юьрта чувулуш, хIокхунна тIаьхьа гIеххьачул отряд йара. Бакъду, пурстоп шеквара оцу отрядан муьтIахьаллех. Шек муха ца хуьлу, кхузара хьал кхераме дуйла шена хиъча, молха дан цо новкъара йуханехьа Ведана хьажийна милцо тIепаза вайча? ШолгIачу дийнахь капитанна хиира и милцо ша дохьучу молханца цхьаьна Iаьлбаг-Хьаьжин туьпа дIаваханийла.

Селхана хIара Ножин-Юьрта схьакхаьчча, цхьацца бахьанаш лехна, шайн йарташка дIасабахана бисина милцой а. Сийсара кхуьнца висинарг виъ стаг вара. Царах хIун хилла а хаацара.

Самаваьллачул тIаьхьа, ши бIаьрг хьаббина, йехха ойланаш йеш Iийна, тIера йургIа дIа а тесна, маьнги йисте охьахиира капитан. Улло стоьла тIехь гIорасиз Iуьллура туррий, тапчий. Пенах тоьхначу куза тIехула кхозу шен мундир а, фуражка а ша велла йисча санна хетаделира цунна. ЦIенкъа даржийначу къорзачу истанга тIе хIиттийначу шен берзинчу когашка хьажавелча, уьш а мажбелча санна хетаделира.

«Схьахетарехь, сан дахаран чаккхе йу хIара, – корта хьовзийра, цо когийн пIелгаш а сеттош. – ХIара мятеж сацор-м хьехочохь а дацара, сайн сих а догдилла дезий-те, моьтту суна хIинца», – цадогIучу дагца агIор велакъежира капитан.

Сихха тIе хеча а йуьйхина, кога эткаш оьзна, неIаре хIоттийначу цIестан теса тIе а вахана, гIели диллина, чохь сурт гуш, къегачу гIумгIарчу шийлачу хица йуьхь йилина, гата а карахь коре вахара иза.

Лекхачу гу тIехь лаьттачу кху цIенойн корехула дIа шера гора йерриг бохург санна хIара Ножин-Юрт а, кхунна къилбехьа, кхечу дукъан басахь, хьаннашкахь йаьржина Iуьллу Билта а, лакхахьо Ямсул дехьара жима йурт – Айтин-Мохк а.

Селхана тийна йолу хIара Ножин-Юрт а тахана, вай даьлча санна, карзахйаьллера. Герзах боттабелла, урамашкахула дIасалелара гIашлой а, дошлой а. МаьI-маьIIера схьахезара вовшашка детта маьхьарий. Даьхний а, башха тIаьхьаволуш стаг воцуш, йуьртах арадуьйлу. Пурстоьпан тидам хилира дехьа регIарчу кхаш тIехь аддам а дацаран. Иза-м хьовха, лахо, Ямсун аьрру агIонгахь кIаг чохь Iуьллучу Булан-ХитIана тIехула гIоттуш гуш а йацара кIуьран Iаьциг.

Булан-ХитIа жима йурт йу. Мацах цкъа обарго Арчакха йиллина, боху, иза ша

санначарна. Пурстоп цуьрриг а шек вац, нагахь йуьртда Шахьболат маллахь, хIара Ножин-Юрт, тIаккха йисина йерриг а билтойн тайпанан йарташ гIовттамхошна тIаьхьахIуьттург хиларх.

Лахо чохь йаьллачу тоьпан тата, Пруссаковн дог дахьош, регIа кхерстира. ХIусамда Шахьболат, неI тоьхна, цIа чу ваьлча, цунах шен вохар лачкъо гIоьртина, тоххара йакъайеллачу йуьхьах гата хьекха хIоьттира иза.

– Іуьйре дика хуьлда хьан, Шахбулат, – хIусамден куьг лаьцна, гIовли тIера шен коч схьа а эцна, цунна гIант мукъадаькххира Пруссаковс. – ХIун ду керла?

Шен сира маж буйнах а йаькххина, куьг хьаькхна, месала мекхаш дIасашардира хIусамдас. Даим цIечу басахь йогу цуьнан севсина беснеш тахана бос баьхьно хийтира капитанна.

– Диканиг кIезиг ду, Павел, – доккха садаькххира хIусамдас. – ГIаттам баьржаш бу, Іаьржа ун санна. Наха дийцарехь, йерриг Нохчмахка Іаьлбаг-Хьаьжина муьтIахь йу. ЧIебарлахь бунт йина Залмин Дадас.

Гата хьостамах хьала а оьллина, хIусамдена дуьхьал охьахиира капитан.

– Залмин Дада эрна хецнера вай маршоне, – элира цо оьгIазе. – Кху Іай вешан буйна веъанчуьра иза Сибрех дIахьажийнехьара, тахана Органца хIара бунт ца хила а ма тарлора. Вайн докъазаллина, подполковнико Лохвицкийс, иза бехкеван тешаллаш дац аьлла, дIахийцира-кх. Вай Сибрех хьийсийначийн бехкенна тешаллаш долуш санна. ТIаккха?

– ХIара вайн лулахой: Диламерий, БуртIанайрий суьйлий а, БотIлихера Іаьндий а бу меттахъхьеш. Доцца аьлча, Іаьлбаг-Хьаьжас латийна цIе ДегIастана йаржарна кхерам бу. Цаьрца цуьнан барт хиларан шеко ма йац. ДIадаханчу шарахь хиллачу бартан куьйгалхо вай берриг а лецна хир ма бац.

Аравала дагахь, хьала а гIеттина, коьрта куй тиллира Шахьболата.

– Собардел, Шахбулат, – сацийра цо неIарехьа дIаволавелла хIусамда. – Суна хетарехь, вайша дицдан мегар дац ваьшшиъ Іедалан ши векал хилар. Вайшиннан бакъо йац, адам шен лаамехь хецна а дитина, кху чохь хиъна Іан. Оцу хьербевллачу нахе хаийта деза кху Ножин-Юьртахь Цуьнан Императоран Воккхаллин Іедал долуш хилар а, кхидIа хир дуйла а. Іедало хIоттийна, пачхьалкхо йал луш, паччахьна муьтIахь хила дуйнаш биъна нах бу хIор а йуьртахь. Цара дош дала деза шайн йартех. Омра иштта хир ду. Ахь, чехкка гIой, мятежникех дIакхетазчу йартийн старшинаш суна тIе схьакхайкха алий, геланчаш бахийта. Дисинарг тIаккха дуьйцур вай.

Ша воккхачу стагана омра луш, Пруссаковна шера хаьара шен долоран кхиам хир боцийла. Амма, дистина догIу хи санна, хIор а минотехь стамлуш, баьржаш лаьттачу гIаттаме, ши куьг хецна, хьоьжуш Іан бакъо а йацара.

Ши сахьт далале, иза волчу кхечира бархI йуьртан старшинаш. Хьалха, маьршачу деношкахь санна, шек дIа боцуш чу а баьхкина, тарраш а, тоьпаш а голаш йуккъе а хIиттош, маьнги йисте, лохачу гIанташ тIе охьа а хевшина, пурстоьпо хIун олу хьовсуш, ладоьгIна севцира уьш.

Дагахь ша мел вогуш велахь а, шен къамелехь, леларехь гучу ца вала гIерташ, велавелла, массеран куьйгаш лаьцна, хIоранга отчет йийхира цо. Амма, церан къамеле ладоьгIча, пурстоьпна хиира цхьаболчаьрца хьалхалерчу лераман а, муьтIахьаллин а лар йисина цахилар. ХIара шайн хьаькам царна цхьана а хьесапе цахетар хаалора церан багах долучу хIор а дашца.

– Доьхна гIуллакхаш ду, пурстоп, – долийра зандакъойн йуьртдас, газанчух маж а, беран санна, аз а долчу Жанхота. – Адам хьерадаьлла. ХIаъа, ткъа, хьерадаьлла. Іедал сийсаздо. Іуьйранна Іедална муьтIахь хилла йарташ суьйранна Іаьлбаг-Хьаьжехьа йуьйлу. Сахьт дац ойланаш хийцайаларан. Тахана цкъа-м тийна Іа тхан

йарташ. Хьанна хаьа кхана хиндерг? Амма ас тхешан йуьртах дош ло хьуна. Иза цкъа а гІоттур йац вайн сийлахьчу паччахьан Іедална дуьхьал. Іаьлбаг-Хьаьжа тхан тайпанах стаг ву. ХІун дийр ду ткъа?! Куьйгийн пІелгаш а дац цхьатера. Доккхачу жа йуккъехь гирзе уьстагІ боцуш хилац. Наха неІалт кхайкхадо Іаьлбаг-Хьаьжина.

– НеІалт кхайкхочул, тІаьхьа а довлий, схьалаца! – йукъахваьккхира иза пурстоьпо. – Шеко ма йац кхана-лама схьакхочу долчу эскарша мятеж хьаьшна дІайоккхург хиларан. ТІаккха Іедало жоп доьхур ду шуьга. Аш уьш цасовцор а ма ду мятежникашна шатайпа гІо.

Пурстоьпан дешнаш Шахьболата гочдича, гІовгІа йелира чохь.

– Схьалаца ала, атта ма ду! – оьгІазвахара даьттахойн йуьртда. – Стиглахула доьду олхазар схьалаца бахар а, и ахь дуьйцург а цхьаъ ду. Оха стенца лоцу иза? Тхуна гІоьнна салтий луо. ТІаккха лоцур ву.

– Салтий схьакхаьчча-м, цара шаьш лоцур вара иза, – цунна тІевирзира Пруссаков. – Лаамхойх отрядаш вовшахтоха. Герз-х шун долуш ду.

– Нахана лаац шайн кортош тоьпан дІаьндаргашна кІел леца. Хаьа тхуна и дан гІиртинчу йуьртдайх хилларг а. ХІинцале шонойн йуьртда вийна, Бенарчун цІенош дагийна. Йуьртахоша кІело йина даьргІахойн йуьртда а цхьа Делан гІоьнца кІелхьарваьлла. Амма оха тхешан ницкъ кхочург дийр ду…

– ХІаъа ткъа, дийшина Іийр дац. Тхешан догІмаш чохь синош мел ду, тхо муьтІахь хир ду Іедална…

– Тхешан цІийнан нахаца цхьаьна…

– Цуьнан-м шеко йацара, пурстоп…

– Тхан йарташкара стаг хІуттур вац оцу пелхьона тІаьхьа…

– Тхан ницкъ цакхочург де, ахь а ма баха…

Шайга гІуо аларе а ца хьуьйсуш, хьала а гІевттина, ирахь лаьтташехь пурстоьпна хьалха муьтІахьаллин чІагІонаш а йина, дІабахара хьеший. Пруссаков резавацара церан леларна. Церан бІаьргаш чохь хьалхалера ийзабалар а ца гора цунна.

– Церан дашах теший хьо? – хаьттира Пруссаковс, хьеший дІа а хьовсийна, чувеанчу хІусамдега.

Шахьболата, резавоцуш, корта хьовзийра.

– Хьалхалерчех тера бац. Суна хетарехь, ма-боьлххура Іаьлбаг-Хьаьжина тІе гІур бу цхьаберш. Йа, шаьш цунна муьтІахь хилар хоуьйтуш, векалш хьовсор бу.

Лакха пенах чиркх билла йаьккхинчу терхи тІера схьаэцначу масех зІок йолчу доккхачу догІанца тІе а вахана, сонехь лаьтта тІехула эчиг оьзна тІорказ схьа а диллина, цу чуьра белшаш тІехь прапорщикан погонаш а, хьалха кхозуш шиъ мидал а йолу ал исхаран бустамашца кечдина чоа тІедуьйхира Шахьболата. ТІаккха, тІе а вахана, хаза бустамаш дохуш кечбинчу чола куза тІехула кхозучу герзашна йукъара къастийна, детица кхелина тур коча а тесна, шалго тапча доьхкарх йоьллира цо.

Капитанна ца йеза нафталинан хьожа йаьржира чохь.

– Ахь хІун до, Шахбулат? – цецвелира иза, шен хІусамден кечвалар лаа доцийла хиъна.

– Маьждиган майдана волу со. Адам ду цига гулделла. Цхьа доьхнарг лело а эхь дац царна.

– Со а витина, ваха воллу хьо?

– Хьо ца оьшу цигахь.

– Ой, хIинца цкъа хIокху Ножин-Юьртан участкан пурстоп ма ву со. Сан бакъо ма йац, иштта киртиг тIехIоьттича, зуда санна, кху чу а хиъна Iен.

Шахьболата, доккха са а даьккхина, куьг ластийра.

– Уьш дуьтур вай, Павел. Даим ца хуьлу декхарш кхочушдан аьтто. ХIинца цкъа коьртаниг хьан корта кIелхьарбаккхар ду. Вайшинга кхузахь Iедал латталур ду бохург хьехочуьра дIадаьлла.

– Сан бакъо ма йац…

– Йац, дера, вайшиннен а йац. Цул а, пурба лохьа суна, Павел, хIусамден декхарш кхочушдан. Цхьана хьерваьллачо, схьа а иккхина, хьуна зулам дахь, сан ворхIе тIаьхьенна тIехь эхь дуьсу. Iедална хьалхара сан жоьпалла-м хьехор а дацара ас.

Капитан воьхна хьаьвзира. Эккха кечйелла хIара йурт сацо шегахь ницкъ боцийла а, цига ша вахча, нах марсабовлар бен, кхин маслаIат хила агIо йоцийла а шера хаьара цунна. Цкъа-делахь, тIеман Iедало участкана коьрте хIоттийначу цуьнан бакъо йацара, даIам санна, кху чу а воьлла Iан. ШолгIа-делахь, цунначул кIезиг кхерам бацара оцу зIуганийн бена тIе воьдучу хIокху воккхачу стагана а. Амма иза а бакълоьра. Нохчийн гIиллакхехь цо жоп лора хьешан коьртах. Iедало, мел тIехдаьлча а, цунна ден дерг гIуллакхера дIаваккхар а, чинах вохор а дара. ХIусамдас ма-аллара, кхераменига кхин дара – цIенна тIехь эхь дар. Цундела ца лаьара капитанна хIусамдас хьаькхначу сизал тIехвала.

– Амма ахь са ма гатделахь, – элира Шахьболата, неIаран тIам схьа а лаьцна. – Сан кIентий, вешин берашший дийна а долуш, кху керта ког буьллур бац хьуна цхьаммо а.

4

Шахьболат маьждиган майдана кхаьчча, и гу дIалаьцна хIоьттина адам дара цигахь. Йуьртахь дуьйцург хIор а сохьтехь шена тIекхачош хиллехь а, гIуллакх иштта генадаьлла хир ду ца моьттура Шахьболатна. Геннара дуьйна махо цунна тIекхоьхьура шовкъе хиллачу адаман гIугI. Говрашкахь а, гIаш а дIахIиттинчу нахана йукъахь расхачу динахь цхьа бере воллура, куьйгаш дIаса а туьйсуш, мохь бетташ къамел деш.

– Ас хоьтту шуьга, билтой, шу стенга ладоьгIуш Iа? Йа тхо толаре, йа тхо иэшаре ладоьгIу аш, тоьллачаьргахьа довла? Сила йолчу Нохчамахкахь зандакъойн а, билтойн а ши тайпа ду-кх йуьстахдаьлла Iийриг. Зандакъой севцца, Кешанехь лаьттачу кхузткъа салтичух кхерабелла. Билтой а бац, кху Ножин-Юьртахь гIаж санна висинчу пурстоьпах кхоьруш, меттахбовла баьхьаш. Нагахь имам Iаьлбаг-Хьаьжа паччахьан эскаршка эшалур ву шуна моттахь, и аьттан цIоганехьа а дац шуна… Туркошца тIаме хьовсийна паччахьо шен дерриг а эскарш. Оха толам баькхича, шу тхоьгахьа довлар тIаьхьа хир ду. Амма ас ца элира ала дац шуна, тIаккха, оцу Делан лаамца, оха дан дезарг дийр ду шух.

Тобанна йукъахь маьхьарий девлира къамелхочунна дуьхьал а, цуьнгахьа а. Къамелдинарг дIа а хилош, цунна улло хIоьттинчу беркъачу хьаьрсачу беречо, чIу санна, дуткъа куьг хьала а лаьцна, мохь туьйхира:

– ЛадогIа, нах!

– ЛадогIа!

– Со зандакъо ву. ХIокху лаьттачу Нурхьаьжас тхан тайпанна йина Iоттар цхьана

агIор тIелоцу ас. Iаьлбаг-Хьаьжа тхан зандакъо ву, амма тхо доцчу массо тайпано иза къобалвина. Цхьабакъду, массо зандакъо ца сецна шайн зударийн кучан йаххаш лаьцна. Тхан массо йуьртара мелла а нах бахана цуьнца. Таханлера де къонахий къаьста де ду.

– Ткъа зандакъой стенга ладоьгIуш Iа? – хаьттира Нурхьаьжас.

– Ма-дарра аьлча, къонах, тхуна атта дац, «хIуьск» ма-эллинехь, тоьпаш кара а лаьцна, аралелха. Кешанерий, БуртIанайрий тхуна тIе а йерзийна лаьтташ йаккхий тоьпаш йу, тIе милт ма-Iоьттинехь, тхан йартех сийна цIе йилла кийчча. Цхьа пхиитта чаккхарма генарчу Хаси-Юьртахь масех эзар салт а лаьтта.

– Тхан Чеччалхе а йац, ткъа Зандакъах а, Ножин-Юьртах а агIо тоьхна лаьтташ? – кIоршаме Iоттар йира Нурхьаьжас. – И салтий, йаккхий тоьпашший вешан махкара дIайаха ца гIерта вай? – ТIаккха нахана тIевирзира иза: – Нах! Имам Iаьлбаг-Хьаьжа къобалвийриг, паччахьан Iедал, кхузара цуьнан йалхой дIалахка луург, маршо йезарг кхузахь саца, пхьагалан дегнаш кийрахь дерш, йахь йоцурш шайн цIа дIагIо!

– Тхо дерриг реза ду!

– КIиллой цIехьа йерза!

– Билтошна йукъахь вац кIилло стаг!

Тобанна йукъахь буьрса маьхьарий девлира. Дукхаммо, хIаваэ хьала а лецна, герзаш дассийра, йуьстахболчара, шодмаш йетташ, дой тIаьхьарчу когаш тIе хIиттадора. Шахьболат тобанна йукъа вала а кхиале, цара шайна бIаьнча хаьржира хьалххе дуьйна Iедале болчу цабезамца гоьваьлла йуьртахо Ларча.

Совнаха адамаш дIаса а девлла, бартахой шаьш бисча, йукъавелира имаман векал.

– Нах! Вайн халкъан маршонан дуьхьа гIовтта кийча дуй шу? – мохь туьйхира Нурхьаьжас.

– Делла дIадовллалц!

– Йамартло йина, даг чу кIиллолла йоьссина, йухаваьллачун дуьнене даха дог доцийла, хаьий шуна?

– Хаьа!

– Цкъа имамна тIаьхьахIоьттинчун, йа толаме, йа Iожалле бен, кхин некъ боцийла, хаьий шуна?

Тобанна йукъахь маьхьарий, герзашший девлира.

– Нагахь шаьш лелориг даггара делахь, ас бохург дан дезар ду шун…

– Схьаала, дала а кийча ду тхо…

– Кхузахь висна оьрсийн пурстоп, лаьцна, имамна тIе вига веза аш.

– Иза-м хала доцург ду!

– Цул, вийна дIаваькхича?

– И жIаьла кхобу Шахьболат а цхьаьна!

– Иза а къанвелла, Iедална вецаш!

– ЦIенош даго деза цуьнан!

– ХIунда дагадо уьш? Вешан Iедал хIоттийча, вайна а дезар ду уьш. ТIе, имамо

дихкина, кхиэл ца йеш, стаг вер.

Уллохь лаьттачу шен вешин кIанте масех дош аьлла, говран чоже кIажаш таIийна, тобанна йукъавуьйлира Шахьболат. Цхьаберш – цуьнан къаналлин сий деш, кхиберш – хIинца а иза паччахьан Iедалан векал лоруш, дIаса а хуьлуш, гу тIе хьалавала ков дитира цунна.

Гу тIехь лаьттачу имаман векална уллохь говр сацийна, шен месалчу кIайчу цIоцкъамашна кIелдIара майра ши бIаьрг тобанна тIехула кхарстийна, цо куьг хьалалаьцча, гIовгIанаш совцийра наха.

– Йуьртахой! Шун маьхьаршка ладоьгIуш, йуьстахлаьттара со. Оьрсийн паччахьан Iедал аш дохо дисина дац. ХIокху суна уллохь лаьттачу къонахчух терачу нехан эладитанаша иракарахIиттош, маситта шарахь цIий Iенадайтина вайнахе. ХIетахь оьрсашна дуьхьал леттачу къонахошка хьаьжча, шу йисинарш цхьа хIуоранаш йу. ХIинца а шарйалаза йу оцу бехачу тIамо йитина лараш, дIа ког мел баькккхинчохь – кешнаш, хиллачу йартех йисина херцарш. Тоьур ду хIокху тайпачу нехан сонталло вайн халкъ ах хIаллакдар. Шаьш ма Iехадайта! Шайн-шайн цIа а дерзий, Iедало бохург деш, IадъIе…

Дехьо лаьттачу Ларчас, мохь тоьхна, йукъахваькккхира иза:

– Хьан санна, бIе урд мохк а, маситта бежаний, хьан паччахьо, хьуна санна, луш ахчий делахьара, тхо а Iийр дара! Iовдалша ца гIиттийна тхан дай паччахьан Iедална дуьхьал, Iовдалша ца Iенадайтина халкъе цIий, ткъа мацалла, къоьлла а, царна тIехь латто харцо а йара уьш герз карахь гIитториг, маршонехьа къийсамехь уьш лоьтуьйтург.

Майданахь гIовгIанаш йевлира:

– Цхьа кхай, цхьа йеттий хилча а, тхо Iийр дара.

– Оха санна, налогаш текха воьлча, кхин зурма лоькхур йара ахь а!

– Тхо санна, цкъа Теркайисте мехах латта лело гIол!

Карзахбевлла нах дIателлац, тIулгах воьттича санна, меттах ца хьовш, бIаьрнегIар ца тухуш, вист ца хуьлуш а лаьттина, хьалха санна, лохачу озаца шен къамел долийра Шахьболата:

– Мегар ду. Со виэн а, сан цIенош даго а пурба ду шуна. Амма вайн йуьртана тIевоьссинчу хьешан аш цIий даккхахь, и эхь, суна тIехь дисина ца Iаш, шуна а, шун тIаьхьенна а тIехь дуьсур ду. Йоккха майралла ма йац цхьа волу цхьа стаг виэр…

– Оха кхайкхина ца валийнера иза-м…

– Изий, и саннарший бу тхо лоллехь дахкориш!

– ХIетте а, цхьана агIор бакъ ву Шахьболат. Кхечу къомах хьаша ма ву иза.

– Вай и цхьаъ виэрах, нисдала хIума дац…

– Цул, вига а вигий, имаме дIало вай, цо йер кхиэл…

Дехха къийсинчул тIаьхьа иза имамна тIе дIавига сацамбира наха…

5

Шахьболат цIера ваьлча, ша байлахь висча санна хийтира Пруссаковна.

Суьйранна чубуза дагахь дукъа тIе лахбелла малх кхана Iуьйранна схьакхеташ шена гург хиларх а догдиллинера цо. Дагадеара Веданан гIопехь дисина шен къона зудий, ши беррий. ГIопан пенаш мел чIогIа делахь а, цигахь лаьтташ Курински гIашлойн полк йелахь а, Пруссаковн кIезиг дегайовхо йара гIеттинчу халкъана дуьхьало йан гIап ларориг хиларх. Шеко йац, мятежникаша, хьалхарчу тохарца Хулхулон чIаж дIа а лаьцна, Ведана Грозныйх дIахадориг хиларан. ТIедогIучу орцанах хаьдча, иза йеха латталур йац. ТIаккха хIун хир ду-те цуьнан доьзалх?.. Бойъур-м бацара уьш нохчаша: цара бекхам эцац зударех а, берех а, къеначех а. Амма атта хир дац-кх оцу акхаройн йийсарехь. Йекъачу сискалний, хиний тIехь буьсур бу-кх…

Капитано коьртера дIалелхийра и ойланаш. Оцу масех минотехь шен кIадделлачу дагна шех эхь хийтира цунна. Амма уьш, дукха ца Iаш, хьаьвззина йухайаьхкира. ХIан, вейтахьа иза кху Ножин-Юьртахь. ДIалацийтахьа мятежникашка и Ведана а. Цуьнан доьзал а бахийтахьа нохчийн йарташкахь. Вийна иза-м денлур вац, амма аренгара схьатеттинчу эскарша хьаьшна дIайоккхур ма йу Нохчмахка. Цуьнан зудий, берашший йийсарера маьршадохур ду. Маьршабаьхча а, хIун дийр ду цара цул тIаьхьа? Деккъачу пенси тIехь буьсур бу-кх…

Шен къаьхьачу ойланех иза йукъахваькккхира йайн тоьхначу неIаро. Пруссаковн куьг ша-шаха стоьла тIехь Iуьллучу тапчанна тIедахара. Меллаша неI йиллина, чоьхьайелира хIусамнана Бесехьат.

Хьоркешна тIехIуттуш, йеха сийначу лаьстиган коч йара цунна тIехь, сирйелла месаш лаххьийна дIахьулйеш, коьрта тиллина Iаьржа чухта, цунна тIехула тIекхоьллина йеха чечакхаш йолу цIен-къорза шолан кортали дара. Йоккха стаг ккузткъа шарал тIехъиккхинехь а, цуьнан дегI нийса а, йуьхь-сибат куьце, безамехь а дара. ХIиццалц, капитанна тIекхаьчча, йелайелла, оьрсех, нохчех дешнаш иэдеш, тIекаре йолий хьаьвза иза тховса кхоьлина гора. Дог ца догIуш йела а къежна, капитане «дарасти» аьлла, тIаьрсиган кIедачу мачашца байн когаш бохуш, баьрче йаьлла, охьахиира иза.

Цунна тIаьххье цIа чу ваьлла хIетта маж-мекх даьлла векъана, куьцехь жима стаг, схьахетарехь, йоккхачу стеган вешин кIант, аьрру куьг хаьнтIе а хIоттийна, важа йукъахйихкинчу шаьлтанан макъарна тIе а диллина, неIарехь сецира.

Цхьаъ ала лууш, амма ала ца хIуттуш, цкъа хьеше, тIаккха кIанте хьожуш Iачу йоккхачу стеган хьажар стоьла тIехь Iуьллучу шина тапчанна тIехь сецира. Уьш гича, цуьнан кийрара узар долуш санна хийтира капитанна.

– Могашалла муха йу хьан, Бесехьат? – хаьттира цо, шен ницкъ ма-кхоччу самукъане хила а гIерташ.

– Харшо!

– Шахбулат мичахь ву?

ХIусамнанас, жоп ца луш, гIайгIане корта ластийра. Пруссаковна гира цуьнан бIаьргаш тIунлуш.

– ХIун до ахь, Бесехьат, кхера-м ца йелла хьо?

Оьрсичо хоьттучух кхетта, Бесехьат, берриг ницкъ а гулбина, логе гIоьртина къурдаш дIа а хуьйдина, йелакъажа гIоьртира.

– Сайн цIийндех, кIентех кхийрина ца Iа со, Павел… Хьуна бохам хиларна кхоьру-кх. Хьо виэн барт бан гIоьртича, сан цIийндас хала йухабаьхна уьш. ТIаккха хьо лаьцна вига сацам хилла церан. Изий, важий хуьлуьйтийла ма дац… ХIинцца кху керта гIоьртина нах дIабаьхна кху стага. Къеначу цунах гIиллакх лаьцна, дIабаха. Хьанна хаьа, ойла хийцайелла, йухабагIахь а. ДIагIохьа, Павел, ма балийтахьа бохам…

ТIе а вахана, йоккхачу стеган белша тIе куьг диллира капитано:

– Мегар дац и, Бесехьат, мегар дац. Бакъо ма йац сан дIаваха. Паччахьан эпсаран декхар кхочушдар тIехь ма ду суна.

– ЙухабагIахь, цара тергалвийр ма вац воккха стаг… Оха-м ларвийр вара хьо, тхешан хьаша, кIант санна. Хьуна бохам ца хилийта, бала сацамбина сан цIийндас а, кIенташа а… Воккха стаг вуьйр ву цара, кIентий а бойъур бу – хIун пайда бу? ТIаккха а дийр ма ду цара хьох шайна луъург… ДIагIохьа, пурстоп, тIаьхьа доцчуьра…

Пруссаковна дика девзара нохчийн гIиллакхаш. Цара шолгIа Дела санна лорура зударий. Зударийн дехар йухатохарал доккха эхь дацара боьршачу стагана. Хала киртиг йара капитанна тIехIоьттинарг. Цуьнан майралла а, къонахалла а, оьздангалла а зиэн йезаш киртиг, ша тIеэцначу, шена кхача баийначу зудчун дехар йуха а тоьхна, эхь тIе а эцна, кхузахь а сецна, хIара доьзал ша бахьанехь хIаллакьхилийта безара цо, йа, эпсаран сий дожийна, паччахьна, декхарна муьтIахьаллина биъна дуй а къарбина, кIилло санна, кхузара вада везара иза. Дагахь дуккха а къийсинчул тIаьхьа, и шолгIа эхь тIеэца сацамбира цо.

Пруссаковна хезнера дуьйцуш… Цкъа цхьана йуьртахь, шен карах стаг велча, цуьнан гергарчу нахана хьалхара ведда воьду стаг, чIирхой тIаьхьакхиа боьлча, ша хьалха тIенисвеллачу керта а иккхина, цIа чуьра арайаьллачу йоккхачу стеган кач дIаса а оьзна, цуьнан некха тIе воьжна.

Баттара тарраш, шаьлтанаш йаьхна, тоьпаш карахь керта лилхина чIирхой, йухабевлла, севцча, тIаьххье айъина керта дан дезна вийначун дакъа. Йоккхачу стеган цхьаъ бен воццу кIентан дакъа.

«Нах! ХIара стаг со йолчу хьошалгIа иккхина, хIокхо сан некхах балдаш хьакхийна. Велларг а сан ву, и вийна хIара а сан кIант ву. ХIокхуьнан чIир йекха пурба дац шуна».

Бесехьате шен кара кортали а тохийтина, цуьнга шен сира месаш гучуйахийтарца цунна эхь ца дан сацийра капитано.

– Дика ду, Бесехьат. ДIагIур ву со. Хьан дехар йуха а тоьхна, эхь ца дан, Iедалан декхарх воьхна, эхь тIелоцур ас…

Масех минот йалале керта веара ткъе итт шо хенара хIусамден кIант. ХIинца цуьнан йукъахйихкина цхьа шаьлта хилла ца Iара. Коча тесна тур а, доьхкарх оьллина тапча а, букъа тIехьа кхозуш топ а йара. Оцу минотехь дехьа чуьра аравелира иштта герзаца кечвелла цул жимахволу ваша а. Дукха хан йалале керта гулвелира ткъех стаг. Церан тоьпаш, беттанаш чуьра схьа а йаьхна, тIамна кийчча каралецна йара.

Забарина дацара и нах кху керта гулбалар. Кхерам гергакхаьчна хиларан билгало йара иза. Шайн хьаша ларван, цуьнан коьрта тIера чо ца божийта, шайн синош дIадала сацам хилла, гулбеллера и тийна лаьтта Шахьболатан гергара нах.

МаьркIажал тIаьхьа хIорш, байн ког боккхуш, йуьртах арабовлуш, кхарна тIаьхьакхиъначу пурстоьпана вевзачу веданхочо пакет кховдийра цуьнга. Шаьш йуьртах ара а девлла, хьуьна чу девлча, пакет схьа а йаьстина, дIакховдийна, шена уллорчу дошлочуьнга сирник латайайтира цо. Кехата тIехь боцца масех могIа бара:

«Веданан округан 2-чу участкан пурстоьпе, капитане Пруссаковга.

Хьайн участок йитина, Кешане-гIопе дIаваха пурба ду хьуна. Хьайна тIе керла приказ кхачаре ладоьгIуш, цигахь саца.

Веданан округан хьаьким

полковник *Авалов»*

Пуьрстоьпан даг тІера бала айъабелира. Доккха са а даьккхина, букъ нисбира цо.

Йуькъачу варша йуккъехула гІашлойн новкъа кІеззиг дІабахча, жимачу ирзо тІе бевлира дошлой. Кхузахь, нуьйраш техкина, кийчча лаьтташ йара ткъех сов говр а, масех стаг а, цаьрца Шахьболат а. Уггар дика говр дІа а лаьцна хІоьттина лаьттачу жимачу стага, иза пурстоьпана тІе а йалийна, куьйган ишарца хьалавала элира цуьнга.

Цхьа ткъех минот йалале, дошлойн колл жимачу Іинах дехьайелира. Уьш хІинца аьккхийн махка тІехь бара.

VIII корта. ДАЙ А, КІЕНТИЙ А

Сан миска халкъ, байлахь дисна къам,

Мича къила доьжна-те хьо,

Сел дукха бохамаш ган?

Ш. Петефи. Дахар йа Іожалла

1

Нохчмехкан стигалахь дорцан мархаш гуллуш хилар масех шо хьалха дуьйна тосаделлера наношна. Амма уьш, цкъа тІе а кхозалой, йуха а дІасайаьржара. ДІадаханчу шарахь, хІинца-м доладели хІара аьлла хеттачу хенахь, Іай тоьхначу ткъесо санна, цІеххьана стигал а къагийна, дарц ца долуш дисира.

Бакъду, Айзин дагна кхин а цхьа чов ца йеш ца Іийра и шо. Ткъа шо хан а тоьхна, шийлачу Сибрех хьажийна Іела веллачу новкъа лорура цо.

Ирс – ирсана тІе, бала – балина тІебоьду, олу. Изза ду Айзина хуьлуш дерг а. Іеле йеачхьана, ва Дела аьлла, ког хІоттац цуьнан. Айза шега йеачхьана, даим дІа халкъо Іедална дуьхьал латточу къийсаман жигара дакъалацархо вара иза. ТІаккха, хІара шина бераца цІахь а йуьтуш, Хонкара вахара майра. Цигара иза цІа вирзича, жимма чу садеара мискачу зудчунна, амма иза а марахдаьккхира цкъа да, тІаккха нана кхалхарой, стохка гурахь майра лацарой.

Айзина наб кхетац тховса. Кхин бІеннаш наной санна, цкъа, арайолий, йуьрта ладоьгІуш, тІаккха, чу а йогІий, метта дІа а кхетий, бодашкахь бІаьрнегІарш детташ, жимма Іуьллий, гІоттий, йуха а арайолура иза. ХІинца а цІа ванза ву жеррахь араваьлла ши кІант. Цуьнан, кийра гатбелла, дог тохаделира, хьешан цІа чохь пенах кхозуш майрачун герзаш ца карийча. Уьш а дихкина, эвла йуккъе ваьллера Іумаррий, Іусманний. Урамехь говран бергийн, йа цхьанхьахь тоьпан тата даьлча, йагийча санна, хьалаоькхий, арахьодура иза.

Йохийна зингатийн туьйлиг санна, сийса Гати-Юрт селхана дуьйна. ХІара наной дукха кхийрина дарц хьаьвзинера хІаваэхь. Кхузара Акхта, баттара даьккхина тур лестош, йуьртан майдана хьийзара. Цунна тІаьхьахІоьттина вара йуьртара, цхьа иттех воцург, массо боьрша стаг. Йуьртден канцелярехь долу дерриг кехаташ ара а

даьхна, барз бина, цIе тесна, чим беш, дагийра. ХортIин, Товсолтин, кхин масех хьолахойн керташкара йалта а, даьхний а, маьждиган майдана а гулдина, йуьртарчу мискачу нахана дIадекънера. Тахана цкъа-м шайн хирг деш бу нах, кхана хIун хир ду-те? Кхана Гезла-Эвларий, Хаси-Юьртарий эскарш дагIахь, хIун дан деза? ХортIагIеран даьхний йухадерзийна а Iийр ма дац Iедал. ТIе йаккхий тоьпаш йетташ, отур ма йу Гати-Юрт, дуккха а нах Сибрех лохкур бу…

Эххар а, буьйса йуккъе йахча, хьалхий-тIаьхьий неIарх чоьхьавелира ши кIант. ГIийла богуш стогар а, голаш мара а оьзна, кIинж йолчу тишачу корталех хьаьрчина, маьнги тIе хиъна Iаш нана а гича, воьхна хьаьвзира воккхахволу Iумар.

– Нана, хьо йижина ма йац? – хаьттира цо, шен карара топ неIарехь пенаца хьала а хIоттош.

Айзас корталин тIам, логах а хьарчош, букъа тIехьа тесира.

– Шуьшиъ мичахула лела, ши кIант?

– Эвла йуккъехь вара тхойша-м…

Къайллах схьадаьстина, шаьлтий, кхелина доьхкий баьрчехь тIекIелдоьттинчу мотт-гIайби тIехьа таIийра Iумара.

– Суьйранна араваьллачохь висир-кх.

– ХIаъа ткъа, да тIера ваьлча, аш шайна луъург дан ма мега… Нана хьесапе ма йац. Шуна сагатдеш, дог эккха доллуш, убар санна, со кху чохь Iа, ткъа шуьшиъ…

Нене йелхар иккхира. Кху тIаьххьарчу хенахь хаъал гIелйеллера иза. Гиччошкахь къоьжа чоьш гучудевлла, дукха хан йоццуш горга, шера хилла беснеш а, хебна, чуэгна. Цуьнан кхоьлина бIаьргаш Iумарна а гуш хих буьзира, тIаккха, дехачу цIоцкъамашна тIехь гулделла, буткъачу меран шиний агIонца хецаделла, охьахьаьлхира хиш.

Улло охьа а хиъна, тIехула пхьарс баькккхина, нана марайоьллира Iумара.

– Хьалхе дац, нана, хьо йелха? – шена тIеозийра цо иза. – ХIинцале а ахь хIара дича, тIаьхьа хIун хир-те?

Жимма йилхина, шен дагна хьаам бина, кучан пхьуьйшаца бIаьрхиш а дакъийна, кIанте хьаьжира Айза.

– Хьуна бохам хилахь, ас хIун дер-те?.. – Айзас халла бакъийна бIаьргаш йуха а тIунбелира.

– ХIун дийр ду? Нехан наной санна, Iийр йу-кх, – ненан хьаьжа тIе барт баькккхира Iумара. – Дадас хIун олура хьоьга? Нохчийн кIентийн йеккъа цхьа нана йу – даймохк. Тхо цунна дина, ца олура цо? Хьуна ма хаьа, цхьаволу цхьа кIант вийна бисинарш а, ворхI вийна бисинарш а буйла. Со вахарх, цхьаъ цIахь ма вуьсу хьан.

Черта тIе тиша истанг даржийна, шена мотт билла гIерташ воллу Iусман, хьала а таьIна, нисвелира:

– Со-м ца вуьсу…

Айза къаьрззина дIахьаьжира жимахволчу кIанте.

– ГIовгIа! – аз айдира Iумара. – И ма хьехаде, аьллий хьоьга?

– Вай, дуьйцу ма хаза хьо! – голаш тIе ши куьг туьйхира Айзас. – Цхьаъ вахийтар-м декхар дара сан, шолгIачо а хIун дуьйцу? Кхин вист ма хилалахь!

– Iийр ву хьуна со, ваша дIа а хьажийна, йоI санна, цIа а хиъна!.. – гIам-гIим деш, кенийн гIайба самсабаккха хIоьттира Iусман. – Иза салташа йукъахьовзийча, гIо

хьан дийр ду, чов хилла, вожахь, гуонах мила хьаьвзар ву?..

– Тоийталахь! – куьг ластийра Iумара. – Ненан доьхначу дага тIе туьха ма тийса.

– Делахь, хьо цIахь Iай, со вахийта, – карзахвуьйлура Iусман.

– Ваха веза де тIекхаьчча, хьо а гIур ву, тахана цкъа соьгахь йу рагI.

– Дадас шен ваша а ца вахийтинера ша воцуш Хонкара.

– ХIейт, гора, борз, йаI! – гIаддайна велавелира Iумар. – И шиъ санна, къонах хета хьуна вайша? Дадий, ваший цига воьдуш, вайша вара цIахь вуьсуш. Вайшиъ вахча, цIахь вуьсуш кхин боьрша стаг ма вац.

– Мохьмад тоьур ву…

– Цул а хиндоцург ма хьехадехьа, кIант.

Шина кIентан девне ла а доьгIуш, къаьхьа ойланаш йора Айзас. Мел хала делахь а, цуьнан бакъо йацара воккхахволу кIант цIахь сацо. Хаьара, ша мел дуьхьало йарх, кIант ша а Iийр воцийла. Цунах къамел селхханехь ма-хиллера цаьршиннан. Дас масех шарахь вовшахдиттина гIуллакх ма дара халкъо долийнарг. Тахана цIахь велахьара, иза Iаьлбаг-Хьаьжина уллохь хир ма вара. ХIинца Iелин кIенташна тIехь масех декхар ма ду: ден метта дIахIиттар, маршонан гIуллакхан дакъалацар, ткъа шо хан тоьхна, да Сибрех вахийтинчех бекхам эцар.

2

ХIара Нохчмахк цIарна улло хIоттийначу тоьпан молханах дуьзначу шелигах тера хета дукха хан йара ХортIина. Оцу суйнах хIара агIо шен ницкъ ма-кхоччу ларйан гIерташ, бIаьрг сема гIаролехь а лаьттира иза. Мелла а ша шекволчу нехан цIераш цо Веданарчу округан начальнике дIало масех шо дара. Цига дIакхетабора оцу наха мел боккху ког а, церан багах даьлла жимма а Iедалх хьакхало дош а.

Гати-Юьртара Iелий, Маккхаллий лацарехь а дара цуьнан дакъа. Ма-дарра аьлча, ХортIа вара дIадаханчу шарахь кечбинчу гIаттаман уьйриган и йуьхьиг Iедалан кара дIайелларг. И йуьхьиг ларамаза йеара ХортIин кара.

…Буьйсанна говраш йажо вахана Асхьад, уьш шайн ирзо тIе а лаьхкина, Iаьрчхин лохачу берда йистехь баьржина лаьттачу бурсанечу ножа кIел сийначу бай тIе дIатевжира, вертанах а хьаьрчина. Цигахула чу а буссий, дехьа басахула хьалаболура Iаьларой-Эвлара схьабогIу ворданан некъ. Оцу некъахулий бен дIасайовла кхин ков а дацара говрашна.

Сатосучу хенахь шелйелира буьйса. Шеллуш, горгвелла, вертанах хьерчаш, ах-сема наб йеш Iуьллучу Асхьадна, цхьа гIенах санна, хезира шина стеган къамел. Ши бIаьрг ца боьллуш, доьIу са а сацийна, ладуьйгIира цо. Наггахь луьйтанаш а декош, йежачу говраша бацах це йетта а хезара. Лохха къамел дечу стеган аз шена девзаш санна хетаделла, меллаша айъавелла, берда кIел хьаьжира Асхьад. Иза гIалат ца ваьллера. Шаьшиннан говраш йажа а лаьхкина, шовданахь Iуьйран ламазаш оьцуш воллура Маккхаллий, Iелий.

– Ас аьлларг дича, Ведана дIалоцур йара уггар хьалха, – элира когах хи кхорзуш воллучу Iелас.

– ХIан-хIа, ШоIип бакъ ву. Ведана а йитина, хьалхара тохар цхьанаметта Хаси-Юьртаний, Гезла-гIопаний, Шеланий, Чахкарний дан деза.

Цхьана масех минотана къамел сецира цаьршиннан.

– Шайн дош кхочушдахьара суьйлаша, – вистилира Iела. – ГIуллакх ккхузахь а, цигахь а цхьатерра ца долийча, кхиам хир бац.

– Хаац. Дуйнаш-м бии цара. Оцу Хонкарца цара боьзначу машина реза вац со.

– Иза ду-кхий со вогург а. Цул сов, сан дог ца летира церан оцу Арслан-беках а, Муртаз-Iелех а. Къаьсттина – оцу шолгIачух. Ши бIаьрг бара цуьнан, хи санна, лелаш.

– Хаац, ШоIип теша-кх царах…

Iуьйранна малх схьакхеташ, говраш лаьхкина, цIа кхаьчначу Асхьада дега дийцира сатосучу хенахь Iаьрчхин йистехь шена хезнарг. Ши куьг букъа тIехьа а лаьцна, безза ког боккхуш, йукъ-кара корта а теIош, леррина ладоьгIуш, кIанте шозза-ккхузза дийцийтира иза ХортIас. Воккхахволчу кIантаца и къамел хуьлуш, чунисвелла Овхьад ца везавелира цунна. ХIун дара а хаац, воккхахчул хьекъалей, гIиллакхей, эсалий воллушехь, Овхьад ца везара дена. Ца везара аьлча а, деган кIоргехь цунах ца тешара-кх.

– Варийлаш, ши кIант, – элира дас, жимахчу кIанте хьожуш, пIелг а ластийна, – хIара къайле нахала ма йаккхалаш. Мегар дац шуна.

Оцу дийннахьехь, шен уггар дикачу говра а хиъна, Ведана вахара ХортIа. Цо Аваловга дIайийцира шена гучуйаьлла къайле. Ведана кхаччалц оцу бехачу новкъахь ХортIас ойла йора ша хьочу маттана Iедало шена лун болчу кхоан. Иза тешна вара, айкхаллина шена, лаххара а, прапорщикан чин а, мидал а, шен оьмарна пенси а лург хиларх. Воккхахволчу кIантана хьаькамалла даларе са а туьйсура. Мотт эцна воьдург хIара велахь а, къайле гучуйаькккхинарг Асхьад ма вара. Масех шарахь Гезлойн-гIопехь талмаж а лаьттина, чинехь ша лакха ца воккхийла хиъча, цIа а веана, ден туьканахь болх беш сецнера иза.

Амма Авалов цуьрриг а цец ца ваькккхира ХортIас беанчу матто.

– Iаьндоша хьалхе йаькккхина, господин йуьртда, – элира цо кIоршаме. – Хьо жимма тIаьхьависина. Делахь а, схьавогIуш къа а хьегарна, шайн ши йуьртахо ахь Iедале а валарна, хIара итт туьма ду хьуна. ТIаккхахула хьайгара хьалхе ма йаккхийталахь.

Дукха хан йалале, Iедало дIалийцира ШоIип, Маккхал, Iела, кхин масех а. Ши йуьртахо лаьцча, дех а, вешех а шеквелира Овхьад. ХIетахь, Асхьада шена гучуйаьлла къайле йийцинчул тIаьхьа, да Ведана вахар а, дукха хан йалале, Маккхал а, Iела а лацар а, цул тIаьхьа дай, ваший цхьана хIуманах вогуш хилар а тосаделла Овхьад тийшира йуьртахой лацарна бехке и шиъ хиларх.

Цхьана буьйсанна, шаьш кхоъ цхьа висча, кхин дIаса а ца хьийзош, цо цаьршинна йуьхьадуьхьал туьйхира шен садуург:

– Дада, и Маккхаллий, Iелий лацийти-кх ахь?

ХIетта ламаз дина ваьлла, суьлхьанаш хьийзош хиъна Iен ХортIа, меллаша корта а айъина, кIанте хьаьжира.

– Хьан боху иза?

– Суна хаьа-кх.

– Хаахь, хьайн мотт сацабе.

– Ас сайниг-м сацабора, шуьшинга шайниш совцалахьара.

– Охашимма тхаьш жоп лур ду тхаьшшинчех.

– Жоп дала сан а дезар ду. Вайх цхьаннах баьллачу бехкан эхь доьзална а, цIенна а тIе ма догIу.

– Оха хIун эхь дина?

– Кхин хIун дан воллура шуьшиъ?!

– Со паччахьан йалхо ву. Цунна дуьхьалверг новкъараваккхар декхар ду сан. ТIе, дино а боху, Iедална муьтIахь хила.

– Хьан паччахь халкъан мостагI ву, дада, ткъа мостагIчунна гIодийриг йамартхо ву!

Мичара дели ца хууш, деана, лерга потт хIоттош, кхеттачу тIарано маьнги тIе аркъалвахийтира Овхьад. Цунах тоам ца хилла, неIаре хьаьдда, гIуй кара а лаьцна, тIеволавелла Асхьад сацийра дас тоьхначу маьхьаро.

– Совца!

ОьгIазвахана, ши бIаьрг цIийбелла, лахара балда а оллийна, багах чопаш тесна тIевогIучу Асхьада, саца а сецна, шен карара гIуй йуханехьа неIаран соне кхоьссира. ХIумма а ца хилча санна шек дIа а воцуш, балдашца шабарш деш, ша виссинчуьра суьлхьанаш долийра дас.

Хиллачух цецваьлла Овхьад вехха Iийра дIакхетта, цкъа веше, тIаккха дега хьожуш. ТIаккха, хьала а гIеттина, йогучу беснех куьг хьаькхира цо. Бакъо йацара воккхахволчу вешина дуьхьало йан.

Цул тIаьхьа вовшашка вистхилар кIезиг хуьлура оцу кхааннен. Бистхилахь а, вовшийн бIаьра ца хьовсура…

Ткъа хIинца Нохчмахкахь гIаттам болабалар а, коьртачу бартахошна йукъахь шен кIант хилар а шена ма-хиъинехь, сихонца шен туьканара баккхал гIудалкхаш тIе а йоьттина, ахчий, массо мехала хIумий шеца схьа а эцна, Асхьадца цхьаьна Гезлойн-гIопе охьатаьIира ХортIа.

3

Гезлойн-гIопан массо кибарчиг а, дотIана а девза Асхьад, шен ворхIе ден баьрче кхаьчча санна, паргIатвелира кхузахь. ГIопан гарнизонан начальнико, капитано Чекуновс, йуьхьанца оьгIазе моханаш йира бевдда баьхкинчарна, «кIиллош», «зударий» а бехира царна, амма, ша дукха генавалале, саметтавеана, къамел кхечу агIор хьовзийра цо. Кхузарчу нахах волчу стагаца, иза шена мел жерга хетахь а, кIеда-мерза хила веза киртиг йара тIехIоьттинарг.

– ГIудалкхаш тIехь йерг хIун йу шун? – хаьттира цо, ма-хуьллу собаре хила гIерташ.

– Туьканара товар, кхин цхьацца мехала хIуманаш а йу, хьан оьздалла.

Чекуновс стоьла тIе пIелгаш туьйхира.

– ХIета, кхеравелла ведда-кх господин йуьртда? – цавешаш, муцIар а саттийна, ХортIе хьаьжира иза. – Оха хIун до хаъалц, сатоха майралла а ца тоьи хьан?

Коьртара боьмаша холхазан куй схьа а баькккхина, хьаьжа тIехула чоин пхьош хьаькхира ХортIас:

– Цхьаннан майраллица сацалур дац хьерадевлла адамаш. Герз карахь гIеттина массо боьрша стаг. ХIинцале масех йуьртара йуьртдай, лецна, байъина бохуш, хабарш а ду. Цара со вийча, нисдала хIума ма дацара.

«Дера, галдала хIума а ма дацара, – дагахь элира капитано. – Нохчашна йукъара цхьа йамартхо дIавер вара-кх».

– ХIинца хIун дан ойла йу хьан ?

– Хьан оьздалло лиэ бахахь, вала а кийча ву сой, сан кIанттий!

Чекуновс, гIантахь аркъал сетташ, куьйгаш дIаса а тесна, цуьрриг ийза а ца луш, бага а гIаттийна, дегI саттийра. ТIаккха, кIадваларна делахь а, шен базбелла къорза бIаьргаш дуьхьал лаьттачу Асхьадна тIебуьйгIира цо.

– КIанттий? Кхузахь талмач лаьттинарг-м вац хIара?

– Ву, хьан оьздалла, – ши ког вовшахтухуш, вайн сужде вахара Асхьад.

– Хьан цIе…

– Асхьад Хортаевич, хьан оьздалла.

– М-м… Хортаевич,– мара лекхира капитано. – ХIета, Iедалан декхар баккхалх хийцинарг ву-кх хьо? Эрна ду, господин йуьртда. Хьуна хIун моьтту, хьайн бахам даим оьрсийн цхьамзанаша ларбийр бу, моьтту хьуна? Оха, Iедал кара а делла, хьо охьахаийча, хьо хьал долуш а хилча, цхьа кIант эскаре хIотто а ца лаьа хьуна? Мел хьекъал долуш а ву! Ахь деши гулде, господин совдегар, оха – хьой, хьан деший ларде! Йуьртахь цхьамма уьрсан мIаьчиг баттара йаьккхича а, хьо тхо долчу «хьошалгIа» хьада! ХIан-хIа, Хурда, цунах гIуллакх хир дац. Хьайн цIийнах летта цIе йойъуш хьалха хила веза хьо!

ХортIа воьхна хьаьвзира. КIез-кIезиг тIунлуш, хьацар даьлла къега дуьйлира цуьнан шуьйра хьаж а, кхалкъе беснеш а.

– Хьан оьздалла, цхьа кIант туркошца тIаме вахана сан…

– Хаьа суна! – куьг ластийна, йукъахваьккхира иза капитано. – Цаваьллачу денна вахийтина. Хьайн Iедална кIел долу адамаш дахийта ницкъ ца кхаьчча. Дуьтур вай уьш. Дукха буй шун йуьртахь мятежникаш?

– Шаверг! – ХортIа векхавелира, къамел хийцаделча. – Йалхитта шарера хьала массо а. Цхьа къена нах боцурш. Уьш а Iа, шаьш болччохь цергаш хьекхош.

– Хьалдерш ткъа?

– И цхьа иттех цIа доцург, бохий ас-м…

– Уьш хIун деш бу?

– Iедалан омране ладоьгIуш Iа…

– Стенна оьшу Iедалан омра? Оцу иттех цIийнах маса боьрша стаг ву? Ткъа хир вуй?

– Ткъе итт а хир ву…

– Шу ткъе итт стаге ца совцалора мятежникаш? Хьовззийна схьа а лецна, когех гIоьмаш тоьхна, охьа хIунда ца балийра аш?

– Ца кхиийра тхо…, – корта охьабахара ХортIин.

– Ца кхиийра! Довда сихделла, ца кхиийра-кх. Кхана шайн цIенош дага доьлча, хуур шуна. Ткъа ахь, Ахмед…

– Асхьад Хортаевич…

– ХIун башха йу Ахмед, Асхад… Гати-Юьртарчу мятежникийн список хIоттайе суна. ХIораннан цIарна дуьхьал цуьнан дакъалацаран дарж дуьллуш. Кхийтин хьо? Ткъа ахь, господин йуьртда, хьайна тIера бехк дIабаккха дезар ду безачу механа. – Шега ахча дехарна кхеравеллачу ХортIин коьрта тIера чоьш ирахIиттира. – Кху сохьта Ишхойн-Эвла ваха деза хьан. ХIинца цкъа машаре ду цигахь. Амма, хьанна хаьа,

цигарчу варрийн дагахь хIун ду. Мятежникаш эвлан йисте кхаьчча, дуьхьалхьаьлхина, царна мара беттабала а эхь дац царна. Хьуна тIедуьллу декхар иштта хир ду. Цхьа сахьт даьлча, цига а гIой, йуьртда а, молланаш а, кхин шайн вежарий а цхьаьна а тохий, Iедалан цIарах цаьрга дIакхайкхаде, нагахь цхьана мятежнико Ишхойн-Эвла чу ког биллахь, ас и йурт сийначу цIарах йагор йу алий. Сан лаамна кIел ши бIе сов салти, бIе дошло, йиъ йоккха топ йу. Масех сахьт далале, схьакхочур долуш орца а ду. Суна-м ах бIе салти а тоьур ву Ишхойн-Эвлах а, Гати-Юьртах а чим бан. Ткъа ас цIераш йаьхначара иъ-миъ олу-кх, сайн куьйга ас церан цIенош дагор ду. Ткъа уьш шаьш цкъа а йухабогIу боцчу дIа а бохуьйтур бу. Кхийтин хьо?

– Кхийти, хьан оьздалла, – сихбина корта теIо хIоьттира ХортIа. – Нагахь гIуллакх ца нислахь, сох галдаьлла дуьсур дац.

Чекуновс, хьала а гIеттина, дайн куьг туьйхира стоьла тIе:

– Нагахь Ишхойн-Эвла мятежникаш буолахь, тхан къинхетаме дог ма дахалахь, господин йуьртда! Доцца ду хьуна. Гати-Юрт-м дIайеллера ахь, хIинца Ишхойн-Юрт мукъане а ларйе. Хьайна хьайн цIока йезахь. Ткъа ахь, Ахмед, цигахь кегийрхошна йукъахь ладогIа. Жимма а хьо шекволу цIе соьга схьало. ХIинца мукъа ду шу.

Йерстинчу вортанах даьллачу хьацарна доккха цIен йовлакх а хьоькхуш, кегийра гIулчаш а йохуш, аравала сихвелира ХортIа. Эпсаран Iодика йеш куьг дала ойла хилла, цхьа ког хьалха баькккхира Асхьада. Амма капитан корехьа дIавирзира.

– Йовсарш! – агIор корта а хьовзийна, туй кхоьссира цо, Асхьадан букъ неIарх аратилча.

4

Хийла къонахий гинера Гати-Юьртан маьждиган майданна. Хийлазза кху майдана хIоьттинера кхуза шен доттагI Акхболат волчу хьошалгIа вогIуш хилла Таймин Бийболат. Хьалха заманахь оцу лекхачу момсарна тIера, мохь тоьхна йа топ кхоьссина, биначу хаамца ах сахьт далале кхуза гуллора къийсамехь бахчабелла гатийуьртахой. Кхузахула чекхваьлла, Герзель-гIопе иккхинера Нохчмахкахь вохийна инарла эла Воронцов; оцу тIамехь чов хилла, кхузахула дIавигнера хIинца тIеман министр волу инарла-адъютант Милютин а.

Тахана кхуза гуллурш тера бацара хьалхалерчу бIаьхойх. Дукхахберш – кегийрхой. ХIинцца маж-мекх даьлларш а, гIеметта хIиттинарш а. Амма царна йукъахь, къоначу маргIалшна йукъахь зоьртала нежнаш санна, мацах цкъа къийсамехь бахчабеллачу къонахех нах а гора йукъакара.

Накъостел тIаьхьависарна кхоьруш, йоргIахь вогIу Iумар ВасалгIеран кертан маьIIехь, урамо гола тухучохь, цIеххьана дуьхьалнисвелира хих йуьзна кIудал пхьаьрсах а тесна, къорза бухка хьарчийна буйна а къевлина, йогIучу Дешина.

– Деши, хьо хи тIе ма хьалхе йахана хилла? – хаьттира цо, марсайаьллачу говран вортанах дайн куьг а тухуш.

Дешин бIаьргаш хих буьзира.

– Вай, кIант, хIун хир ду-те аш лелочух? Корта хьере хилла-кх…

«ХIан, хIара йара хIинца суна йелхаза йисинарг!» – догдетIира Iумаран.

– ХIун хир ду? Йа тхо лийр ду, йа оха толам боккхур бу. Шиннах цхьаъ. Амма цIахь а, арахь а шу зударийн чIеIамаша тхо хIумма а дан-м дуьтур дац. Цул, тхуна тIаьхьа а довлий, эшаршца, хелхаршца тхан дегнаш айъа…

ГIаддайна, бIаьрхишна йуккъехулла йелакъежира Деши.

– Вай, вала ма ле хьо, кIант, и ала биэн хаац-кх хьуна! Тхан, зударийн, ойла йан а ца йо аш?

– Шун ойла а йо, тхайн ойла а йо. ХIан, сан Iойла дац кхин. Марша Iойла!

– Дала аьтто бойла шун!..

Ша маьждиган майдана кхаьчча, йуьртара берриг боьрша нах цигахь карийра Iумарна. Тоба къорзо йара. Лекха, лоха, месала а холхазан куйнаш техкара. ТIехь – керла а, тиша а гIовталш, чоэш. Кочаоьхкина а, йукъахдихкина а тайп-тайпана герзаш. Дуккахболчийн гитийсина нохчийн бархI са болу йехий мажарш, доьхкарех йоьхкина мокхаз буьллу тапчанаш, кочахь тарраш, йукъахйихкина шаьлтанаш.

Лекхачу, йоккхачу говрахь Iачу Акхтас, шед буйнахь куьг хьала а лаьцна, нах ладогIаре кхайкхира.

– ХIинца, нах, хIокху Чаьлтага цIе мел йаьккхинарг йуьстах а волуш, цхьана могIаре шишша хIуттуш, итт-итт тобанашка декъало. Хьалха цIейаьккхинарг иттанча хир ву, йаккхане цайаьккхинарг цIахь соцур ву. Чаьлтаг, кхайкхайел цIераш.

Чаьлтага цIераш йаьхна шовзткъе пхийтта стаг, иттаннийн коьртехь Юсуппий, Янаркъий, Лорсий, Аьрсамирзий, БIаьштиггий а волуш, майдана дIахIиттира.

ЦIерш кхайкхийна кехат деалха а тоьхна, Чаьлтага гIовталан хьалхарчу шуьйрачу кисана диллича, хIетталц тийна ладоьгIуш лаьттинчу нахана йукъахь маьхьарий девлира:

– ЦIахь саца бохург хIун ду? Со боьрша ца хета хьуна?

– Со астагIа хилча, хIун ду? Довда доьлхуш-х даций шу?

– Сан цхьа пхьарс сакхат хиларх, важа ма бу тур тухур долуш…

ГIовгIанаша къарвинчу Акхтас, шед буйнахь куьг хьала а лаьцна, оьгIазе мохь туьйхира:

– Маьхьарий ма хьекхийша, хIай нах, хIай! Аш лелориг хIун ду? Хьайбанаш-х даций шу! ЦIоганна тIера тоькан мо шарбалаза берш а, къаналла хIазарш хилла лаьттарш а йукъагIертийца! Вай дерриг, топ-тур эцна, йуьртах девлча, хIун хир ду? Веана, мостагI тIелетча, йурт ларйан нах ца беза вайна? Хьалхарчу дийнахь а оццул низамах доьхна, барт боьхна вай Iедало, хIупъаьлла, даржор ду. Сан омрина дуьхьало йиначу стагана таIзар хир ду шуна. МIаьчаг! Васал! Массарел хьекъале хила веза шуьшиъ ву уггар чуьраваьлла хьийзарг? Тоьур ду, шун кIентий баьхкича. Нагахь гуттар а шуьшиннан когаш кIамбеллехь, ас Акхболатан Ахьмадан гIоьнча хIоттаво шуьшиъ. Аш кхааммо жоп лур ду суна кху йуьртах. Кхийтин шу? Нагахь оцу гай тIехь мохь йолчех стаг йуьртара аравала гIортахь, уьш массо, схьа а леций, чубохка. Ахьмад, байракх схьайаийта! Iелин Iумар! Хьо хIоттаво ас сайн бIаьн байракхча!

ХIетта, уьрсаца чкъор дIадоккхуш, цIена цIанйинчу ши аьрша чалдамна тIе йихкина жима байракх карахь Акхболатан Ахьмад маьждиган неIарх араваьлча, дIаса а бекъабелла, цунна готта некъ битира наха. Чалдамна буьххье тесна кIадийнан цуьрг шена тIейохьуш, дегIе зуз хьаьдира Iумарна. Иза хIунда къастийте оцу ах бIе стагана йуккъера? Хьалха къийсамехь бахчабелла а, хьекъалний, ницкъаний цул совберш а битина. ХIинццалц аддамана мичахь ву а ца хууш лаьттина, вуьрхIитта шо а кхачаза волу иза… Массарна а хозуьйтуш, мохь тухуш Акхболатан Ахьмада аьлла масех дош цхьа гIенах санна хезира цунна.

– Абубакаран Iелин Iумар! Тахана вай дIадолийнарг хьан дас Iелас вовшахдиттина гIуллакх ду. Тахана ша цIахь велхьара, Нохчмехкан тхьамданех цхьаъ хир вара иза. Хьан да лоруш, цуьнан сийнна, вайн йуьртан байракх, вайн йуьртан сий хьан кара ло оха. Къоначийн бIаьрг бузийта, къеначийн дог-ойла айъа, толамца хIара йуьрта йухайан аьтто хуьлда хьан!

Жима бер санна, ларйеш, байракх Ахьмадан карара схьа а эцна, пурхнехьа йерзийна, цунна тІе, охьа а таьІаш, шен хьаж туьйхира Іумара. БІаьнна хьалха лаьттачу Лорсас дуькъачу озаца илли долийра.

Лорсина тІаьхьара нуьцкъалчу аьзнашца мукъам болийра ах бІе стага а:

Буьйса йоцуш, бода богІу,

Марха йодуш, кхолар йогІу,

Бехке доцуш, тІом тІебогІу,

АллахІ Дела, тхан гІо делахь!..

Гатийуьртахойн жима бІо оцу гІайгІанечу иллица меллашчу боларахь Яьссица охьа аренгахьа болабелира.

* * *

Нохчмахка гІеттича, шаьш хІун дан деза ца хууш, боьхна хьийзаш ши де а делира ХортІина хьер йилла баьхкинчу оьрсийн пхьерийн.

ТІаьххьарчу буса Васалх а, Къайсарх а дагабевлира уьш.

– ДІадаха деза кхузара, – элира Къайсара. – ТІом – тІом ма бу. Масане дагахь доцург хуьлу. Наха шух пІелг хьакхор бу бохург а дац иза. Амма тІеман заманахь гучуйуьйлу хІетталц тийна таьІна Іаш хилла хІун йу ца хуу йовсарш. Хьанна хаьа, тхо цІера девлча, ишттачех цхьамма йуьхьІаьржо йахь а. ТІаккха, йуьртана-м хьовха, хьалкъана а тІехь бехк буьсур бу. ТІе, хІокху йуккъехула шун балхах болх а хир бац. ХортІа боху и лежиг дедда дахана. Оцу шен хьакхин херсица цхьаьна.

Кхааннах воккхахволу Яков воьхна хьийзара.

– Шуна тІе бохам беача, довдуш а гІиллакхе ма дац…

– Хаьа. Баркалла шуна. Тхо кхета дерригенах а. Шун цІахь доьзалш бу. ДІагІо шу.

Оцу шина дийнахь дуккха а ойланаш йира Михаила. Йух-йуха а карладуьйлура шайн доьзалан дахар. Муьлххачу а оьрсийн къечу ахархочун санна, стаг хьаьгар воцуш дара иза. Цуьнан ворхІий да ваьхнера помещикан дукъ уьйзуш, цхьа а тайпа адамаллин бакъо йоцуш. Царна йеттара, хьайбанаш санна, адамаш духкура, зударий сийсазбора. Оцу къизаллина дуьхьал къийсинчу ахархойн гІовттамашкахь дукхазза а дакъалаьцнера Михаилан дайша. Царалахь байъинарш а, каторгашкахь тІепаза байнарш а бара. ТІаьххьара а, крепостной бакъо дІайоккхучу шерашкахь, помещикна дуьхьало йарна, лаьцна, вайнера Михаилан да а. Ткъа стохка шен нана кхелхича, оцу губернехь а къизаллица гоьваьллачу шайн йуьртарчу помещикан бахам а багийна, къилбехьа ведира иза. Цуьнан латта а, цІа а дац, йа доьзал а бац. Оьрза-ГІалахь а хьалдолчу гІалгІазкхашна веца иза. Валлалц ваца деза. ТІаккха, къена жІаьла санна, цхьанхьа некъа йистехь, керта кІел лийр ву…

Нохчмехкан масех йурт гІеттина аьлла хезча, царах дІакхета ойла хьаьвзира Михаилан. И ойла тІе а чІагІйелира, гІаттаман коьртехь ткъе йалх шо долу шен хенара къона стаг вуйла хиъча. Шена дагадеанарг шина накъосте къадийра цо цкъа, Ивана хІумма а ца элира, ткъа Яковс и йуха а ца туьйхира:

– ХІейт, дависа, цІа дуьззина бераш ма делара сан! – элира цо. – Хьо санна, цхьалха дегІаца хилча-м, мила Іара. Сан дас-нанас а, ас айса а лайначух бекхам эца гІоттур вара. Цхьана дийнахь бен ца вахахь а. Хьан хьайн корта бу белшаш тІехь, Миша.

Хьайн кхолламах дерг айхьа къастаде. Амма тхуна хьо везийла а, хаа. Кху масех баттахь доьлла тхо хьох. Тхешан ваша хета. Нагахь, Iедал хьуна тIаьхьа а кхиъна, бохам ца хилахь, гурахь хьуна зуда йало ойла а йу Андрей Никитичан.

Гати-Юрт гIеттинчу дийнахь дIаваха новкъа велира хIара кхоъ. Акхтин бIо уллохула тIехболуш, герзаца говрашкахь шен керла доттагIий – Къайсар, Юсуп, Аьрсамирза, Янаркъа – гича, ойла карзахйелира Михаилан. Цуьнга тIаьххьара а сацам тIеэцийтира даим забаречу Янаркъас.

– ХIей, Миша, куда пошол?

– Домой, Янек!

– Домой ни нада. Вайна нада. Царь бит, эпсар бит нада. Зимла нада, чурек нада. Иди царь бит, эпсар бит!

Михаил Яковга хьаьжира.

– Яков Лексейч, со а воьду цаьрца…

– Хаац, Миша. Кхечунна хьехар дала хала зама йу хIара. Хьайна луъург де…

– Сан говр а, топ а йац, Янек…

Янаркъас шен говран гоъ тIе куьг туьйхира.

– Суна тIехьа хаа, Мишка! Тахана-кхана вайша, цхьа эпсар а вийна, хьуна говр-герз а доккхур ду.

Михаила шен карара херх а, диг а Яковга дIакховдийра.

– ХIан, Яков Лексейч… со цаьрца воьду. Андрей Никитиче а суна бехк ма билла ала. Цо а, аш а сан тIеэцар, дина дола а ас цкъа а дицдийр дац. Сох бала хиллехь а, гIалат даьллехь а, гечде суна. Ша хирг хир. Вайна, вайн дайшна тIехь Iазап а, харцо а латтийначех бекхам эца, дог Iабо лаьа суна. Iожалла ца хилахь, гур вайна…

Михаила, мара а иккхина, кхузза барт баькккхира шина накъостна. ТIаккха, ведда вахана, кхоссавелла Янаркъина тIехьа говра а хиъна, накъосташка куьг ластийра цо.

Яковн беснеш тIехула охьа бIаьрхиш шершира…

5

ДIайаханчу буса Акхтина тIедиллинера, кху гондIарчу йарташкахь гIаттам болоран дог хила безачу гатийуьртахойн бIоца Гезлойн-гIопана кхо чаккхарма уллохь лаьтта Ишхойн-Юрт дIа а лаций, цига дIайогIу йолу йисинчу йартийн тобанаш цхьаьна а тохий, БIаьн-Некъаца йолу зIе а йохайай, Хаси-Юьрта тIе дIагIо аьлла.

Оццу хенахь Хаси-Юьрта дIакхача йезара Ямсуций, Яркхсуций йолчу йартийн гIовттамхойн отрядаш а.

Акхта шек вацара ишхошца долу гIуллакх кхиамца чекхдериг хиларх. Амма, хIорш йоргIахь Ишхойн-Юьрта йисте кхаьчча, цигахь гиначу суьрто цецваькккхина, иза цхьана ханна акъваьлла висира. Яьссин йистаца йуькъачу хьуьн чухула цхьалха могIа бина боьду бIо эвлан йисттерчу хьаьрма баьлча, иза тIенисвелира, кIайн байракх айбина, гу тIехь лаьттачу масех стагана. Цаьрца вара йуьртан молла а, къеда а, шиъ хьаьжо а. Дехьо лаьттара бIеннал сов зударий, бераш. КIайн байракх гича, вуьйхира Акхта. Ца хаьара, ишхой шайн муьтIахьалла гойтуш бу йа дийцарш дан баьхкина. МуьтIахьалла гойтуш хилча, царна дуьхьалбаьхкинарш герзаца

кечбелла нах хила безара. Атталла АкхтагIеран бартахойх цхьа а стаг а вац гуш! ХIун хилла-те царах? Нагахь Ишхойн-Юьртахь цхьа гуш боцу хийцамаш хиллехь, хаам хIунда ца бина хIокхеран бартахоша? Акхта гIеххьачул воьхна хьаьвзира, амма, шен дагара ца хоуьйтуш, говр боларх ца йохош, векалшна улло тIе а вахана, цIеххьана урх йуха а оьзна, говр сацийра цо:

– ХIара хIун кIайн байракх йу аш арайаькккхинарг? – тIевегавелира иза ишхойн векалшна. – Зударий хIунда бевлла имаман бIо тIеэца йуьртал ара? Мичахь бу шун боьрша нах?

Карзахе, къармазе бу бохуш, Нохчмахкахь цIе йаханчу гатийуьртахойн ах бIе дошло, хьуьнна чухула схьабогIучу некъаца ара а ваьлла, йуьртехьа а вирзина, ах-гуо беш дIахIоьттича, чхамъаьлла хийтира ишхойн векалшна. Ткъа хIара, хIокхарна хьалха и шен йоккха Iаьржа говр хелхайоху Акхта а, куьйгана сиха ву бохуш, гIараваьлла вара.

– Тхо машар безаш арадевлла, Акхта, – вистхилира боьмашчу холхазан лекхачу куйнна гонаха хьарчийна, ло санна, кIайн, йеха чалба а, гIеххьачул тIедаьллачу гай тIехула дихкина Iаьрбийн шуьйра доьхка а долу Тарам-Хьаьжа. – Тхан йуьртана оьшуш дац аш вовшахдетта гIуллакх.

ХIинца кхийтира Акхта кхузахь цхьана къайлехь лаьтташ йамартло хиларх.

– Оха вовшахдетта гIуллакх тхан дендех БацIарех дисина-м, ца моьтту хьуна? – аз айдира цо. – ХIара-м халкъан гIуллакх дай! Шен коьртехь цIарна а цIе йахана къонахий а болуш!

– Цара а, аш а лелориг сонта хIума ду, Акхта. Керста паччахьал тоьлур дац шу. И ца хуу стаг Iовдал ву.

– Акхта, луларчу шина йуьртахь деха вай, вовшашна девзаш ду, гергарлонаш а ду йукъахь, – йукъавуьйлира молла Iаьршак. – Тхан эвла цагIертар доьху шуьга. Тхо бIаьн некъа йисттехь ма ду, Гезлойн гIопах ха а тоьхна Iаш. Цигара схьатоьхначу йаккхийчу тоьпаша сохьтехь отур йу тхан йурт. Сохьтехь Хаси-Юьртара эскарш а кхочур ду кхуза.

– Ой, дела хила шун шайн ворхIе дена неIалт! Гати-Юрт йац ткъа кхузара дIа мохь тоьхча хезехь? – оьгIазвахара Акхта. – Йа, шун йуьртал тIехбевлча, когаш лехна, совцур бу и салтий? Йа тхан йурт, тхан доьзалш шучел оьшу?

– ХIораммо шен-шен коьртах жоп лур вай, Акхта, – вусавелира Тарам-Хьаьжа. – Тхо цхьаьнцце дов оьшуш нах дац. ХIара Iедал тхуна мега. ТIехула тIе, муьлхха Iедал а Делера ду, Iедална муьтIахь цахилларг Далла дуьхьал ву, иза гIопал хир ву…

Корта агIор а хьовзийна, дуьхьал куьг тесира Акхтас:

– Сан делан дуьхьа сацайелахь и зурма! КIордийна, дагах, сих, похах а чекхйаьлла суна иза! Шу цхьадолчарна Делера ду хIара! Исс дол чалбанаш хьарчийна, горгачу гайшна тIехула цхьа куьг шуьйра доьхкарш дихкина, хIара зударийн гIабалеш йуьйхина, кара суьлхьанийн кочарш а лецна лелачарна! Ткъа тхуна шайтIанера ду иза. ХIара зударий хIун деш лаьтта, кхуза а хIиттина?

– Ахь тхуна жоп ца лахь, дехарна йукъабовла…

– Ма декъаза йурт йу-кх зударий дехаре хьийсориг. Амма шуна моьттург а хир дац хIокхунах! ХIей, Аьрсамирза! ДIалаца и пхи стаг. ТIаьхьа къастор вай сонтаниг а, хьекъаленига а.

Дошлойн могIарера схьаваьлла ши бере, баттара тарраш даьхна, векалшна цхьацца агIор хIоьттира.

– Тхан байракх хIунда ца лору аш? – бос баьхьна, мохь белира Тарам-Хьаьжин. – Вайн ворхIе дайн а, массо къоман а гIиллакх ду кIайн байракх а, машаре векалш а

лоруш! Шайн хьалхарчу гIулча тIехь мукъане а оьздангаллех ма доха!

– Ахь Iамо ца дисина тхо! – човхийра иза Акхтас. ХIинца баккъал оьгIазваханчу цуьнан дуькъа хьаьрса цIоцкъамаш а, месала мекхаш а дусаделлера. – Нагахь галдовлахь, тхо нисдан тхешан хьаьжой, молланаш бу тхан. ХIей, мила вара хьо, воккха стаг! Ахь, гIой, и шайн зударий цIехьа берзабе. Янаркъа, йурт дIалаца кечло!

Молла Iаьршак, шен йехачу кIайчу можах куьг хьоькхуш, йаккхий кIайн цергаш гучу а йаьхна, гIадвахана велавелира. Цуьнан кхалкъечу беснеш тIе хIиттинчу кIаьгнаша Акхтин даг тIе туьха Iанийра.

– Хьо стенна терса, Iаьршак? – баттара тур хьалаозийра цо. – ТIекъовла и хьайн зуьдан муцIар! Тхо шайца ги-бутторех ловза даьхкина-м, ца моьтту хьуна? Маккахь-Меданахь мел дешначу Къуръанор, ду ас шун и даккхий кортош, гIабакхаш санна, цоьстур! Хьакхарчий! Шу молланаш а, хьаьжой а ду тхо дакъаздаьхнарш. Халкъ оьрсашца машар бан гIоьртинчу хенахь питанаш тийси аш, шайна шим оьхьча, паччахьна дохкадели шу! ДIабига уьш!

Шина дошлочо меттахъхьабира векалш.

– Амма хаалахь, Тевзбин Акхта, – Iаса хьалалецира Тарам-Хьажас, – нагахь тхан кортош тIера цхьа чо ахь галбаккхахь, Ишхойн-Юьртара берриг шун бартахой тангIалкхаш тIе хьалаузург хилар! Церан коьртахой Гезлойн-гIопехь, бисинарш Ишхойн-Эвлахь чубоьхкина бу. Йуьртахь шина йоккхачу тоьпаца ши бIе салт а лаьтта.

Йуьрта йухаберзийначу зударийн маьхьарий девлира, аьхкенан суьйренца уьшалахь пхьидарчийн санна. Царах цхьаберш боьлхура, кхечара цIогIа деттара, коьртара схьа а дохуш, корталеш лестадора. Доцца аьлча, цара шега кхузара дIавала бохий, хиира Акхтина. Зударийн белхар, маьхьарий хезча, са логе а кхаьчна, цуьнан корта хьерабаькккхинера. Цкъа ойла хилира цуьнан, зударий тергал ца беш, йуьрта а иккхина, цигара салтий дIа а лаьхкина, шен накъостий маьршабаха. «Амма, кху харано дуьйцург бакъ делахь, и дан ницкъ а бац. Йа, тхо кхеро, дестийна дуьйцу-те? Хьий, неIалт хуьлда цигарчу божаршна а! Чубоьхкина, тов! ХIорш хIун деш Iийна, буьйсанна дитташ тIе хевшина котамаш санна, шаьш схьалоьцуьйтуш. ВаллахIи ва биллахIи, безара, хIара пхий а виэн а вийна, кхин хьекъал доцу уьш Iедале байъийта!»

ТIевеанчу Лорсас, лере таьIна, масех дош элира цуьнга.

– Аьрсамирза, хIара йамартхой дIаса ма бовлийталахь, – омра дира Акхтас.

Лорсас гайтинчу новкъа хьуьна чу ма-вуьйллинехь, герзаца кечвеллачу къоначу дошлочунна тIеIоттавелира Акхта. ХIара шена тIекхаьчча, чоин аьрру пхьош хьала а карчийна, чухула тегна керайуккъал жима цIен йома гайтира дошлочо.

– Со ладугIуш ву-кх хьоьга, – муьтIахье ладогIа сецира Акхта, и бере имаман геланча хиларх тешна.

Беречо коьртара охьа когашка кхаччалц бIаьрг туьйхира Акхте. Схьахетарехь, доккхачу дегIарчу, векъана, хьаьрса маж-мекх, буьрса цIоцкъамаш долчу дерачу Акхтас резавира иза.

– Ишхойн-Эвлара вайн бартахой лецар имамна сийссарехь хиъна, – цергаш вовшех а ца йохуш, хьаьжайукъ хабийна, лохха вистхилира бере. – Кхузахь санна, гIуллакх галдаьлла Ямсуца йолчу йарташкахь а. Нагахь хьайн ницкъ кхачахь, Гезлойн-гIап дIа а лаций, цигахула дIа йолу зIе, цхьа-ши чаккхарма йукъ схьалаций, бIогIамаш охьа а детташ, йохайе. И дан ницкъ кхочур бац аьлла хетахь, хьайн бIаьнца Iаьларойн-Эвла а гIой, цигарий, БIаьчин-Юьртарий нах балош, Майртуьпа дIавола. Кхийтин хьо?

– Кхийти. Амма сан ницкъаца Гезлойн-гIап дIалацалур йу бохург хьехочохь а дац.

Имамна дика ма хаьа цигахь лаьтташ ши бIе салти, бIе дошло, шиъ йоккха топ а хилар.

– Дукха-м, дера, бу цигахь салтий. Амма ницкъ дукхачаьргахь ма ца хуьлу даим.

– Ишхойн векалш совцийна ас, – элира Акхтас къорра. – Молланаш, хьаьжой. Цигахь лецначу вайн накъосташна дуьхьал уьш хьалабига воллу со. Имамо хIун аьр-те?

– Хаац, векалш сецор а, царна таIзардар а цхьана а гIиллакхехь доцург ду, моьтту суна. Хьайна бакъахьа хеттарг де.

Жимачу стагах къаьстича, меллашчу боларехь йухавеара Акхта. Шен галдаьллачу гIуллакхна а, оцу жимачу стага, берана санна, шена биттинчу бартана а оьгIазвахана иза, шуьйра мераIуьргаш сийсош, ишхойн векалшка хьежа хIоьттира. Царна йуккъера беркъа воккха стаг ца вевзара Акхтина. Схьахетарехь, вукху веаннан хIух вацара иза.

– Хьан цIе хIун йу, воккха стаг? – тIе шед хьажийра цо цунна.

– МаIаш.

– Ван-м Дирша вара хьо. МаIаш велхьара-м, тхоьца хир вара хьо. ХIетте а, хьуна тIе цхьа декхар дуьллур ду ас, – шен месала куй, шедан кхаж Iоьттина, хьала а теттина, тилла, шарделлачу хьаьжах шедан кхаж хьаькхира цо. – ХIинца, меллаша дIа а гIой, тхан кост дIакхетаде. ХIара виъ стаг ас сайца дIавуьгу. Нагахь лаьцна чувоьллина тхан ши накъост Жебар, Мутош тхуна тIеваийтахь, ишхоша тхуна бIе топ а, тапча а, мазал молха а лахь, ХортIий, цуьнан кIанттий йуьртах а ваккхахь, хIара виъ стаг дIавогIур ву. Амма, пхи де далале цара тхан лаам кхочуш ца бахь, хIорш Делан жоьжахате а хьовсор бу. Кхаьрга говраш а лой, цхьана веанга цхьацца нхьа тIехьа хаа ала, Лорса! БIо суна тIаьхьа нисбе.

Масех минот йалале Акхтин жима бIо хьуьна чохь къайлабелира.

IX корта. ДОРЦАН ЙУЬХЬ

Паччахьаш хьерабовлу, ткъа

ахейцийн баккъаш кегло.

К. Г. Флак

1

Владикавказний, Грозныйний йуккъерчу некъан хIор а чаккхарма эзарнал а йахйеллера Нохчмахкахь иккхинчу гIаттамо тахана Грозный сихвина вогIучу инарла-адъютантна Александр Павлович Свистуновна.

Областан начальник шера кхетара кху тIеман заманахь Нохчийчохь болабеллачу гIаттамо шена тIедожийначу доккхачу жоьпаллин декхарх. Цигахь летта цIе сихха дIа ца йайъахь, и ун ДегIастана даьржарг хиларан а шеко йацара. Нохчийн а, сванийн а, абхазийн а тхьамданашна йукъахь чIогIа барт хилар чIагIдеш, хаамаш Iохку Коьртачу штабехь. ГIаттам лаьмнашкахула баржахь, цо хадор йу тIеман коммуникаци. ТIаккха жоп хIоккуьнга доьхур ду…

Селхана дара иза, даим санна, сапаргIат гIуллакхаш а луьстуш Iаш. Йекхна гора Нохчийчоьнна тIехулара стигал. Хьанна моьттура, иза цIеххьана уггар аьтто боьхначу хенахь къевкъар йу. Цуьнан Императорски воккхаллин коронацин де даздеш, банкетехь хIорш самукъадаьлла бохкуш, полковникера Батьяновгара телеграмма кхечира Кешанахь хиллачу гIуллакхах лаьцна. ТIаьххье Аваловс а хаам бира, Нохчмахка гIеттина аьлла. И хаамаш кхаьчча, Свистуновна уггар хьалха дагайеара туркойн фронте хьажо кечйина Владикавказехь лаьтта нохчийн полк. ХIокху хьелашкахь иза кхузахь сецор кхераме дара. Хьанна хаьа, шайн махкахой гIевттинийла хиъча, дошлоша шайн дой цIехьа дерзадахь а. Цундела иза сихонца генна ломал дехьа йаккхийтира цо.

И полк вовшахтоха гIерташ а къахьега дийзира цуьнан. ГIуллакх доладалале, моьттура, шайн лаамехь эскаре бовла луурш оьшучул а тIех хир бу. Милице ма хIуьттура уьш атта. Церан гIуллакхалла хала ма дацара: меттигерчу кордонашкахь гIаролдар, почтан некъаш Iалашдар, хьаькамашна ха латтор. Шайн йуьртана, доьзална гена а ца бовлуш. Шайна ло беттан йаллий, говрана хIоъ ло ахчий доьзале а хьовзош. Нохчийн къелле хьаьжча, доккха хьал ма дара и нахарташ. Цундела милице доггах боьлхура уьш. Шайн говрашца, герзаца. Кхузахь тарлора тIехаа биъ ког болуш Iаспар хилча а.

ХIара полк вовшахтухуш а бевлира дуккха а лаамхой. Масех полк вовшахтоххал. Берриг бохург санна, къехой. ЦIахь патарма буззал йалта, атталла газа йоцурш а. Шайн и эттIа чоэш тIе а кхоьхкина, неIаран мачаш а туьйдина. Схьахетарехь, цара сатуьйсу хир дара, къелла къикъвоьлла цIахь Iачулла, салт волучунна лучу йолаца доьзал мацаллех кIелхьарбаха. Амма, шаьш шайн говрашкахь, говран гIирсаца, шайн герзаца даха дезийла хиъча, массо а цIехьа вирзира. Бийла а буьйлуш. Областан хьаькамаш аьшнаш а беш. Говррий, говран гIирссий, герззий эца ницкъ хьенан бу? Оццул хьал хилча, эскаре воьду хьерацаваьлларг! Доьзалх а, йуьртах а, махках а ваьлла! Оццул уьш муьтIахь хиллал, дика а вац паччахь. Йиттина, чIана а баьхна, хIорш кху лаьмнашка, хьаннашка а боьхкина Iен. Денна тIе налогаш йетташ, тIера ворхIе цIока йаккха гIерташ. ТIехула тIе, йуьхьа дуьхьал шеташ а йетташ! Сонта хьаха бац паччахь а, цуьнан хьаькамаш а! Шайн харжах эскаре гIо, тов! Оцу гIуллакхна гIалгIазкхий бу цуьнан. Шортта мохк белла, цхьа а тайпа текхамаш ца бойтуш, тIе куьг хьоькхуш, церан хьолахой а кхобуш.

Къехойх догдиллича, кхин некъ лаха дийзира областан Iедалан. Оцу тIехь ойла йеш дукха корта а ца кегбира цара. Нохчийн хьолахой а ма бара карахь. Церан къамкъарг жимма Iовда дийзира. Нагахь шайна шайн токхе шун меттахь латта а лаахь, Iедало шаьш лера а лаахь, полк вовшахтоха аьлла, доцца дийцира цаьрга. Йуьхьанца жимма йухагIиртира уьш. Амма, жимма къамкъарг Iаьвдича, резахилира. Гуттар а муьтIахьболчара шайн гергарниш а хьовсийра. Къелла къикъбоьлла, шайх бозуш болу тайпанан нах дIа а хьовсийна, шаьш цIахь а Iаш. Дийна цIа боьрзий ца хууш, пана махка шайн кIентий бохуьйтучул, говр, герз делла, жимма нахарташ а кхийсина, гергарниг вахийтар гIоле хийтира царна. Байъича а, докъаза байча а биэндоцурш.

Инарлин ойла йуха а хьаьвззина таханлерчу дийне йирзира. БIаьргашна хьалха аренца, лаьмнашца Iуьллучу оцу карзахечу Нохчийчоьнна тIе. Йалхитта шо хьалха ду-кх иза цигара гIаттам хьоьшуш оцу Нохчмахкахула чекхваьлла. ХIетахь и сонта БойсагIар коьртехь цигахь бунт йича, Бенахь йолайелла иза Органца хьала а йаьржира. Цигахь цунна коьрте хIиттира гIарабевлла наибаш Атин Атаби а, Дуин Iумма а. ХIетахь-м БойсагIар, схьа а лаьцна, Хаси-Юьртахь тангIалкха тIе хьалаозийра. Ссылке вахийтира Атаби а, Iумма а. Цхьана бенойн Солтмурдан аьтто хилира кIелхьарвала. Ссылкера цIа вирзина Атаби кхелхира, ткъа къена борз Iумма шотойн лаьмнашкахь дIатийра шен тунгари чохь, чевнашна мотт хьоькхуш, уьш йерзаре ладоьгIуш Iен экха санна.

Инарлехь хаамаш бара, Iуммас, ша тIаьххьара Макка а вахана вогIуш, туркошца цхьа барт бина бохуш. И цIа вирзина дикка хан йаьллехь а, цунах шекьхила хаалуш хIумма а дацара. Цхьа дош а, гал тесна ког а. Мелхо а, массо хенахь Iедална шен муьтIахьалла гайта гIертара иза. ХIетте а, хIетахьлерчу областан начальнико, инарла-лейтенанто графо Лорис-Меликовс амалтана ваьккхира Iуммин жимахволу

кIант Дада. Ваькккхина, Россе дIахьажийра. ТIеман школе. Иза кхечу ойланехь, кхечу кхетамехь кхио. Иза хIинца Александр Павловичан свитехь ву. Ткъа воккханиг, Шемал, йуьртда ву Зумсахь. ХIетте а, Свистунов шек ву Iуммин муьтIахьаллех. Амма Грозный отделан начальнико эло Эристовс, Iумма, паччахьна муьтIахь хилла, гуттаренна а кIел сецна бохуш, дуьйцучо мелла а само артйора инарлин. Делахь а, олуш ма ду, ша мел кхабарх а, борз хьуьнха хьоьжу. Цундела Iуммас шен амал хуьйцур йу бохучух теша хала ду.

Оцу ойланех инарла йукъахваькккхира, чкъург ор чу а иккхина, тохайеллачу коляскано. БIаьргашна тIейеана фуражка, нисйеш, коьрта тIе а таIийна, тIехьа хьаьжира иза. Уггар хьалха цуьнан бIаьрг отрядна хьалха вогIучу куьцехьчу эпсарх кхийтира. Дуткъа дегI, шуьйрачу белшаш тIехь прапорщикан эполеташ. Оза йуьхь, хаза хьовзийна Iаьржа мекхаш, ира хьажар. Цхьана секундана шаьшшиннан хьажар дуьхь-дуьхьал нисделча, инарлина дагадеара и къона эпсар Iуммин кIант хилар. Нагахь да мятежникех дIакхетахь, кIанта хIун дер-те? Йа дегахьа вер-те, йа Iедална тешаме хилла вуьсур-те? И дарйелла борз шен тунгари чуьра арагIортахь, инарлин карахь закъалт ду, иза йуханехьа чулаьллина ца Iаш, гуора хIотто а.

Генна хьалхахь гучуйелира Грозный-гIалин йист.

Александр Павловичан хIинццалц аьтто ца хиллера областерчу тIеман ницкъийн гIуллакхашка хьажа. Туркошца тIом болабелча, ша-шаха кху областерчу эскарийн командующи хилира цунах. Амма цхьана кIиранах цо хIун дийр дара? ХIинца нохчийн бунт хьаша и резаволлуш ницкъ бацара цуьнан карахь. Ткъе бархI гIашлойн батальон а, йалх команда а. Берриг – ткъе биъ эзар цхьамза. Шиъ ах эзар туьрах а, бIе йеа йоккхачу тоьпах а лаьтта гIалгIазкхийн йалхитта сотня а. Царна тIе – меттигерчу милицин цхьайтта сотня а.

И берриг ницкъ Нохчийчу тоттийла а ма йац. Хьанна хаьа, гIалгIайн дагахь хIун ду а? Гуьржийн-БIаьн некъ а ма бу ларбан безаш. Сванетин дозанашца мелла а герзан ницкъаш бита а ма беза. Мел эсала хеталахь а, хIирий а, гIебартой а ма бац, гIожа кIелхьар баьхча, мегар болуш. Цу тIе, Грозный-гIалара муьжгий, белхалой а…

Йехха ойланаш йиначул тIаьхьа, инарлин сацам хилира шен карахь болчу тIеман ницкъах йезткъе йиъ рота гIашлойн, гIалгIазкхийн исс сотня а, ткъе шийтта йоккха топ а цкъачунна Нохчмахка кхосса. Цул сов, хIинца а цуьнан мелла а догдохийла йара нохчех а, меттигерчу кхечу къаьмнех а лаамхойн отрядаш вовшахтохаре. Йартийн хьолахойх а. Оцу хьокъехь округан начальникашка хаам бинера цо селхана.

ГIалина гергахьа гIоьртича, некъ гIолехьо карийра цунна. ХIинца чкъургаш наггахь бен ца тохалуш уьдура коляска. Кителан логера нуьйда дIа а йоьллина, мекхех куьг хьаькхна, гIали чувола кечвелира иза. Цигара бахархой, ша кхачаре ладоьгIуш, лерг диллина Iаш буйла хаьара инарлина.

2

Свистунов ченан урамашкахула шен конвойца гIалин йуккъе мел гIоьрту, адамийн тобанаш алсамйуьйлура. Говраш малйина, чаболехь шаьш гIали йуккъе кхаьчча, цигахь гулбелла гIалин дай а, гондIарчу станицашкарий, йарташкарий цIе йоккху нах а карийра цунна.

Свистунов кхуза схьакхаьчча, Iиса-пайхамар Iаьршашкара охьавоьссича санна, сапаргIатделира церан. Царна гергахь иза веккъа цхьа инарла хилла ца Iара. Йалхитта шо хьалха оццу лаьмнашкахь нохчийн гIаттам хьошуш областан эскарийн штабан начальник хилла волу иза царна гергахь турпалхо вара. Цуьнан хьекъал, тIеман говзалла бахьана долуш хиллера, тов, хIетахь кхиам. Оцу хенахь-м иза къона полковник бен вацара. Ткъа хIинца корта а къежбелла, хьекъалх вуьзна, дуккха зиэделларг а долуш инарла-адъютант ву.

Кхунна хьалха тIевеанчу гIалин килсан мозгIаро Викентийс жIараца декъалвира, коьртара схьайаькккхина фуражка кара а лаьцна, шена хьалха хIоьттина командующи. ТIаккха цунна тIевеара округан къеда Юсуп. Цул тIаьхьа инарлин куьг лецира меттигерчу инарлаший, лакхарчу эпсарший.

ГIалин мещанаша, шена хастамбеш, детта маьхьарий тергал ца деш, инарлица Вибергаций, элаца Эристовций округан канцеляри чу вахара Александр Павлович. Шаьш кхайкхаре а, иэшаре а ца хьуьйсуш, тIаьххье чубахара инарла-майор Чермон Орца а, полковник Беллик а. Царна тIаьххье – хIинца а къона, элдара дегIара округан къеда Юсуп, милицин полковник Къурмин Къосам, милицин подполковник ЧIуьлган Оьлаби а, майор Мустафин Девлат-мирза а.

Областан начальник логера чимчаргIа дIадаста а кхиале, тIехьаьддачу Мустафин Девлат-Мирзас цуьнан белшаш тIера некъан плащ дIаийцира, ткъа ЧIуьлган Оьлабис – фуражка. Пенаца кхозучу императоран суьрта кIел тIе Iаьржа тIаьрсиг оьзначу кIедачу, доккхачу кресли чу везза охьа а хиъна, ирахь лаьттачу лакхарчу эпсаршка бIаьрг туьйхира Свистуновс. Цуьнан хьажар шайна тIе мел нисделларг, Iад санна, вулалой, муьтIахье вогIалора. Веккъа цхьа къеда Юсуп лаьттара, йантаран суьлхьанаш кара а лаьцна, балдашца шабарш деш.

– Охьаховшал, господа, – элира инарлас, корта а ластош. – Господин Эристов, нагахь делахь, керланиг дийцахьа доцца.

ХIетта охьалахвеллачу дегIана зоьрталчу эло Эристовс, стоьлан йисте ши куьг гIортош, хьала а гIеттина, сирдала доьллачу мекхех куьг хьаькхна, йайн йовхарш туьйхира.

– Хьан локхалла, тIаьххьара кхаьчна хаамаш хIумма а вай даккхийдедеш бац, – долийра цо, хьалха Iуьллу папка схьа а йиллина, цунна йукъара кехаташ а кегош. – Бенойн йарташкахь мятеж йолайелча, полковнико Аваловс, гIуллакх машаре дерзо ойла йолуш, ЦIоьнтара а вахана, гондIарчу йарташкара халкъо лоруш болу нах бахийтина Iаьлбагна тIе, гIуллакх, генадалале, дIадижаде аьлла. Амма мятежникаша уьш тIе ца эцна. ТIаккха полковнико Аваловс, Веданара кхайкхина, Курински полкан шиъ рота йалийна ЦIоьнтара. Кхоъ ах бIе цхьамза. Амма, ша лелочух мятежникаш ца кхералой хиъча, цаьрца девне вала а ца ваьхьна, шен отрядца Эрсана йухаваьлла иза. ТIаккха Iаьлбага БелгIата дIалаьцна. Iаьлбагца вайна вевзаш волу бенойн Солтмурд а ву. Аренца йолу йарташ гIовтто ши хьаьжо кху округе ваийтина а, боху. Эрсана дIа а тесна, кIегарваьлла Авалов кху сохьта Веданахь ву. ХIун ду хаац, полковник Нурид шен отрядца Чахкарахь лаьтта, Аваловна гIоьнна а ца воьдуш.

– Мятежникийн планаш муха йу? – синтем байна, йукъахваькккхира Свистуновс хабар дахдан воьлла эла.

– Тахана соьга кхаьчначу хаамашка ладоьгIча, йерриг Веданан округ мятежникаша дIалаьцна. Iаьлбага шен цхьана гIоьнчина ГIубханна тIедиллина, Хулхулон чIаж дIа а лаьцна, Ведана аренах дIахадор. Лазутчикаша дийцарехь, Iаьлбаган план йу Куьрчала – Майртуьпа районехь аренга вала.

– Хаси-Юьртара хаамаш буй?

– Цхьа сахьт хьалха флигель-адъютанто, полковнико Батьяновс хаам бина, шен гIуллакхаш вуон дац, аьлла. Мятеж аренга ца йалийта, Хаси-Юьртанний, Гуьмсанний йукъ дIа а лаьцна цо.

Баккъал аьлча, эло бина хаамаш инарлина керла бацара. Мятеж йолайелча Iумхан-Юьрта нисвеллачу областан эскарийн штабан начальнико, полковнико Мыловс, кхузара хьал дуьйцуш, рапорт йаздинера цуьнга. Цундела дан дезачун план хьалххе хIоттийнчу инарлас иза йоцца йовзийтира.

– Господа, вайн йиш йац Нохчмахкахь иккхина ун цигара дIасадаржийта. Вешан карара берриг ницкъаш оцу тIе хьовзо дезар ду вайн. Аух а, Салатави а, ЧIебарла а Нохчмахках хадо йеза вай. ДIегIастана доьлху некъаш дIакъовлуьйтур ду цигарчу

отрядашка. Ломан когашца дIахIотта дезар ду Грознехь лаьттачу 20-чу дивизин. ТIаккха вайн аьтто хуьлу цигахь летта цIе, дIаса ца йолуьйтуш, йайъа. Шуна хIун хета, господа?

Чермон Орцас, резахилла, корта теIабора. И план чIогIа хьекъале хилар чIагIдира Къосамий, Оьлабиссий, Девлат-Мирзассий. Юсуп вист ца хилира. Цхьана Беллика дуьхьало йира инарлина.

– Хьан локхалла, стенна оьшу вайна Нохчмахкара чIагIонаш? – хьалаиккхира иза. – ЧIагIонаш аьлча а, тIекIелбиллина и масех тIулг. Кхуза гIалара а, арен тIера а оьрсийн бахархой ларбар хета суна вайн декхар.

– Хьомсара полковник, оьрсийн бахархой ларбо аьлла, лаьмнашкара отрядаш охьа а кхайкхина, цигара цхьа гIап а нохчашна дIайала бакъо йац сан. Иза вайн гIорасизаллин билгало хир йара.

– Хьан локхалла, тхайгахьарчу гIоьнна кийча ду-кх тхо, – элира Орцас, корта а таIош. – Мелла а нохчашна йукъахь йаккхий зIенаш йу тхан. Гергарлонашца а, вуьшта а.

– Хьан локхалле а, господа эпсаршка а дехар хир ду сан, – чохьболчу кхечу нохчашка а дIахьаьжира Свистунов, – кху аренцарчу йарташкара берриг йуьртдай, молланаш, хьаьжой кхана схьакхайкхар.

– Пурба лохьа суна, хьан локхалла, – дехаре цIевзира Беллик йуха а. – Пурба лохьа суна гIала чIагIйан! Хьанна хаьа, мятежникаш гIалина тIелатахь а. Гуонах окопаш йохуш, лаьттан брустверш йича, зиэне хир ма дац. Сан ницкъ бу адам вовшахтоха. Кхо де далале, гIала чIагIйина хир йу…

– Суна хетарехь, полковник, хIара гIала ша мятежникех дIакхетачух Iалашйечохь ду вайн гIуллакх. Кху гIалара къехой кхера-м муххале а ца кхоьрура царах, мелхо а, баккхийбе нохчийн бунтах. Цара шаьш схьа ма кхайкхахьара мятежникаш. Ткъа хьо уьш ларбан гIерта…

Беллик йуха а гIовгIа йан воьлча, кIордийра Свистуновна.

– Мегар ду, – куьг ластийра цо. – Мукъалла эладитанаш даржош лелачу мещанашка болх байта ахь. Кхечу гIуллакхна пайденна уьш а бац.

Чувеанчу адъютанто, сотнико Габаевс, телеграмма йелира цуьнга. Кехат тIехула бIаьрг а кхарстийна, чохьболчарна тIевирзира инарла:

– Господа, уггар хьалха гIалахь низам хIоттор оьшу. Доьхна хьийзар дIадаккха. Бахархойн дог-ойла а айъа. ГIалара эскарийн дакъош герз карахь кийча латтаде. Ткъа ахь, господин Чермоев, хьайн накъосташкахула вовшахтохий, кхана схьабогIу болчу нахе Цуьнан Императорски Воккхаллин цIарах адресаш кечдайта. Уьш муха хила деза ас хьеха ца оьшу. Шайн муьтIахьалла гайтар царна шайна пайде хир ду. ХIинца мукъа ду шу.

Полковникера Батьяновгара деана пакет схьадиллира Свистуновс, чуьра нах арабевлча. Шен рапорта тIехь полковнико ма-хиллара йаздора кху тIаьххьарчу деношкахь Аькккахь хIоьттина хьал: подполковник Петухов виэр, Кешана-гIопан говраш лахкар, аькккийн йарташка ша йина таIзаран экспедици а.

«ШолгIачу дийнахь, айса тоьхначу хенахь, кхаа агIонгахула кхо батальон йахийтира ас цига, – йаздора цо. – Оцу ницкъех кхерабеллачу герггарчу йарташкарчу бахархоша, сихха говраш тIе а хевшина, мятежникашна тIаьхьа а бахана, йерриг говраш Iуьйранна Хаси-Юьрта схьайалийра.

Ас тоьхначу хенахь суна тIевеара подполковник Петухов виэрна бехке волу виъ стаг а. Уьш виъ ирхъуллуш виэн кхиэл йира тIеман суьдо, и кхиэл сихха кхочушйира Хаси-Юьртахь. Ишттачу метте дуьххьара нисвелла со Iаламат чIогIа цецваькхира оцу веа стеган доьналло, майрачу Iожалло а…»

«Ма худар кегийна-кх ахь, господин полковник, – корта ластийра Свистуновс. – Иштта таIзардар дика хила а мега. Кхерам таса беза оцу разбойникашна».

3

Оцу дийнахь гIалин бахархошна шайна цкъа а цагинарг гира.

МаьI-маьIехь урамашкахула, гIали йуккъе, округан начальникан канцеляри йолчухьа тIеоьхуш гора йарташкара схьабогIу нохчий. Говрашкахь а, гIудалкхаш тIехь а. Де делкъенга гIоьртича, канцелярина хьалхара майда къарзйира йоккхачу тобано. Кхуза баьхкинчех дукхахберш къена нах бара. Шуьйра кIайн мажош, месалчу куйнех хьерчийна кIайн чалбанаш йолуш. ТIедуьйхинчу духарх а хаьара уьш къечу нохчех боцийла. ХIоранна а тIехь дикачу машин чоэш, исхаран, атлазан гIовталш. Царна тIехула йихкина детица кхелина шаьлтанаш, доьхкарш.

Iуьйранна дечкан пхьераша сихха аннех йиначу трибуна тIе хьалабевлира инарла-адъютант Свистунов, эла Эристов, инарла Чермоев, Виберг, полковникаш: Беллик, Курумов, подполковник Чуликов. Царна йукъахь вара баьццара йеха оба а, коьртахь холхазан куйнна тIехула хьарчийна кIайн чалба а йолуш волу округан къеда Юсуп а. Хьаькамаш гучубевлча, дIатийра тобанна йуккъера гIовгIанаш.

– ХIорш ма кIезиг хета суна? – Орцега хаттар дира Свистуновс, цуьнга дIа а ца хьожуш.

– Органал сехьарчу йарташкара берриг баьхкина, хьан локхалла. Амма Йоккхачу Нохчийчуьрчу йарташкара кIеззиг бен бац. Кхузара дукхахберш Шеларий, Гермчигарий, Гелдаганарий бу.

– Юсуп, дIадоладел, – элира Свистуновс.

Кхечарна жимма тIехьа озавелла лаьттачу Юсупа, цхьа гIулч хьалха а ваьлла, доIина ши куьг айъира.

– СубхьаналлахI, валхьамдулиллахI, ва лаилахIа иллаллахI…

Майданахь лаьтта динан дай цецбевлира оцу дIадолорах. ГIуллакх чекхдолуш деш хуьлу доIа хьалхенга таттарх ца кхетара уьш. Амма, кхидIа ойла ца йеш, массара а куьйгаш хьалалецира. Хьаькамашна тайчхьана, царна хIун ду?

– Амин!

– АллахIу амин!

– Йа АллахI, хIай ницкъ болу Дела, тхан сийлахьчу паччахьо Эликсандра цаваьллачу денна тхан массеран луьрачу мостагIчуьнца турко-паччахьца болийначу бакъ тIамехь иза йуьхькIайн велахь, иза толаме кхачо хьайн пайхамарийн, маликийн, эвлайаийн орца лолахь цунна…

– Амин!

– АллахIу амин!

– ГIо делахь цунна, Дела!

– Хьайн маликаш орцахдахалахь…

– …Тхуна ирс деллачу, тхо декъалдинчу паччахьна, цуьнан Iедална, цуьнан хьаькамашна инкарло йинарг, матта, куьйган ишарца а, дагахь а цунна зулам динарг, дан дагадеанарг, иза бусалба велахь а, керста велахь а, Хьайн къинхетамах хадавелахь, веза-воккха Дела!..

Майданахь лаьттачу молланаший, хьаьжоший, ша-ша чIогIа ала гIерташ, «амин» элира.

Шен доIа чекх а даьккхина, цхьа гIулч йуха а ваьлла, хьалхалеррачу дIа а хIоьттина, лаьтта ши бIаьрг боьгIна, дIатийра къеда.

Мажойх дайн куьйгаш хьаькхна, бIаьргаш чардакх тIе а боьгIна, кхидIа хиндолчуьнга ладогIа севцира бухара нах а. Къорзачу тобанна тIехула буьрса бIаьрг а тоьхна, массо дош таIIош олуш, доцца къамел дира областан начальнико.

– Суна хетарехь, шуна хаьа ас шаьш схьа хIунда кхайкхина. Цхьа кIира хьалха, шуна ма-хаъара, туркошца тIом болийна Россис. Иза болоран бахьана дуьйцу ас доцца. Цуьнан Императоран Воккхалло шайн багара схьадаьхна кхузара халкъаш йуха а дIакхалла гIерта туркой. Амма оцу жIаьлешна моьттург бакъ дац! Оха цхьа ге а латта дIалур дац царна. Кавказан халкъаша а, оьрсийн тIемалоша а шайн цIийца лардина хIара. Даймехкан массо кIант доьналлех вуьзна ву, хIара мохк ларбарал сов, неIалт хиллачу туркойн Iазапна кIел узарш деш Iен кхин къаьмнаш а маьршадаха. И лаам болуш, селхана цига тIаме бахана шун майра кIентий а. Амма, даймахкана хала киртиг тIехIоьттича, цунна йамарт жIаьлеш а гучудевлла. Цара бунт йина Нохчмахкахь. Паччахьна, даймахкана муьтIахь верг а, тешаме воцург а къаьста де тIехIоьттина тахана. Суна луур ду шун дагара хаа…

Эла Эристовн талмажо ЧIуьлган Оьлабис гочдира инарлин къамел. Тобанна йуккъехь гIовгIанаш йевлира, областан хьаькам къобалвеш. ТIаккха паччахье шаьш йаздина адресаш дIадала долийра йартийн векалша. Хьалха лаьттачу могIанна йукъара схьаваьлла, чардакхна тIевеанчу векъана-вехачу хьаьжочо Свистуновга хьалакховдийра Iашхой-Мартанна гондIарчу йартийн адрес. Воккхачу стагера схьаэцна, кехат Чуликовга дIакховдийра инарлас.

Доьалха тоьхна кехат даржа а дина, мохь тоьххана деша волавелира Оьлаби:

«Сийлахь Государь! Ткъа шо хьалха хьан Iедал тIеэцна 5-чу округан Iашхой, Котар-Юрт, ВаларгтIе, Iалхан-Юрт, ГIулара, Хьаьдаз-Юрт, ШаIмин-Юрт, Мержой-Берам йарташкара бахархой хьан комаьршаллой, къинхетамой ирсе бина беха. Тхох цхьадерш хьан пурбанца Турце кхелхинехь а, амма дукхахдерш хьан, шайн Сийлахьчу, Къинхетамечу Государан, Iедална тIе йухабаьхкина. Ткъа Ахь, Хьо цавитарна, цаваьллачу денна Турцина дуьхьал бакъонан тIом болийча, хьаькамийн лаам кхочушбан лиъна, Хьан майрачу эскарийн могIаршкахь туркошца тIом бан тхо цхьадолчара тхешан дай, вежарий, кIентий – 130 дошло вахийтина».

Ша доьшуш лаьтташехь, кехата тIера хьала а таьIий, сих-сиха инарле дIахьожура Оьлаби.

«…Дукха хан йоццуш тхуна хезна, Iовдалчу наха иркарахIиттийна цхьаболу ламанхой, Турцина гIо дан дагахь, кхузахь мелла а сонта кхийссарш йан боьлла бохуш. Цундела, тхешан муьтIахьаллин дегнаш Хьан когашка охьа а дохкуш, оха дехар до Хьоьга оцу йамартчу ламанхойх тхаьш цадеттар, нагахь оьшуш меттиг нислахь, и сонта зуламхой совцо тхаьш кийча хилар дIа а хоуьйту Хьоьга. Тхешан дегнаш, ойланаш цIена хилар, сийлахьчу, ницкъболчу Делах дуй бууш, чIагIдо оха, и тхешан муьтIахьаллин цIена дегнаш, ойланаш Хьуна, Сийлахьчу Государана, хьалха охьайахкар доьху тхайна дукхавезачу, даггара тхаьш лоручу областан начальнике, инарле.

ХIокху муьтIахьаллин адрес кIел куьйгаш йаздина, тхешан йарташа тешам белла, схьахьовсийнчу оха, йуьртдайша а, массара лоруш болчу баккхийчу наха а».

Дешна а ваьлла, Оьлабис адрес инарле дIаделча, оццу чулацамца шайн адресаш дохьуш, тIаьхьий-хьалхий чардакхна хьалха хIиттира мартанхойн, шелахойн, несархойн векалш. Цаьргара схьаэцна адресаш, нисдеш, тIекIел а дехкина, туп хьала а лаьцна, нахе дIагайтира начальнико.

– Дика ду, нах. Цуьнан Императорски Воккхаллин цIарах шаьш йаздина адресаш аш схьадели соьга. Амма царна тIехь шаьш йаздинчун ойла йиний ткъа аш?

Баккхий нах цецбевлла хьуьйсура. Ойла йан а, ца кхета а хIун ду кхузахь? Цара дуьххьара ма ца йаздина паччахье кехаташ. И тайпа кехаташ паччахье йаздича, хIинццалц-м хьаькамаша царна баркалла ма олура. Церан массеран а куьйгаш лоьцура. Царалахь цIе йоккхуш болчарна совгIаташ дора. Ткъа хIокху керлачу хьаькамна шайгара кхин хIун оьшу-м хаац царна.

Цуьнга муха-хIун ала деза ца хуучу хьаьжойн, молланийн хьажар дехарца хьалхарчу могIарехь лаьттачу шелахойн Боьршигна тIехь сецира.

– Боьршиг, жоп лол вайн воккхачу хьаькамна!

– Соьга ма алийта, – корта ластийра Боьршига, – кхузахь эпсарш бу. Мустафин Девлат-Мирза а, СарIелии Бача а, Саьмпин Сайпулла а. Цаьрга алийта.

– Ахь дикахо эр ду!

– Алал ахь, Боьршиг!

Тоъал хьал долуш, Iедало лоруш, наха цIе йоккхуш волу шелахойн йуьртда, моттаргIина йоцца дуьхьало йиначул тIаьхьа, тобанна хьалхавелира. ДегIана зоьртала, куьцехь Боьршиг, дуькъачу мекхашний, йоцца тойинчу Iаьржачу можаний дайн куьг а хьаькхна, накха саттош, гIаз санна, дIахIоьттира.

– Хьан локхалла, тхан хьомсара инарла! – хьастаме вистхилира иза. – Вайн сийлахьчу паччахье кехат оха дуьххьара йаздина дац. Тхо а, тхол хьалха тхан дай а муьтIахь хилла Дала тIехIоттийначу паччахьний, цуьнан нийсачу Iедалний. Тхо векалш дина схьахьовсийна йарташ хьуний, паччахьний тешаме хир йу. Цуьнан шеко йац йанне а!..

КIоршаме вела а къежаш, роггIана мекхийн цхьацца йуьхьиг хьийзош, лаьтта Свистунов, Боьршиг къамел дина ваьлча, бIаьргех дохкучу куьзганаш тIехула цунна тIевогIавелира.

– Дика ду, дика, – инарлас тобанна тIехула буьрса бIаьрг кхарстийра. – Кхетац шу. Кхетачарех тера а дац. Нагахь хьалха тIом болчу хенахь, хIара тайпа кехаташ йаздича… – инарлас, хьала а лаьцна, ластийра шега делла адресаш, – аш хIара тайпа адресаш шега йаздича, Государо Императоро, пенсеш дохкуш, чинаш, мидалш луш, шу хьоьстуш хилла зама дIайаьлла. ДIайаьлла! Шайн зударшна уллохь шу тийна IадIийчахьана дуьту хан дIайаьлла. ХIинца аш, тебба ца Iаш, гIо дан деза зама тIекхаьчна. Ас кхетор ду шу аш биначу тIелацамах. Ас, паччахьо шуна тIе хIоттийнчу хьаькамо. Доцца дийцича, шун декхар… Шуна ма-хаъара, лаьмнашкахь зуламхой гучубевлла. Ткъа кху шун махкахула долчу некъашца эпсарш, хьаькамаш дIасалела. Телеграфца дIасалелаш приказаш хуьлу. Цхьана минотана тIаьхьадиса йиш йоцуш. Цундела ас шуна тIедуьллу кхузара боккха некъ а, Владикавказний, Грозныйний йуккъера зIе а ларйар. И некъ а, и зIе а, Соьлжан аьрру агIонца, шун йарташна дуьхьалхула дIа йу. И декхар аш доггах кхочушдийриг хиларх теша лаьа суна…

Къаьрззина инарле хьуьйсучу нахах цо дуьйцучух кхеташ наггахь бен стаг вацара, амма шайна оьшург цо ца дуьйцийла массарна а хаьара.

– Нагахь санна, – пIелг ластийра инарлас, – нагахь санна оцу новкъахула дIасайолу почта, ворда, стаг талийна, телеграфан сара хадийна йа бIогIам бохийна меттиг хуьлу-кх, тIаккха шайн гIайгIабер аш. Сайн эскаршца ван а веана, и зулам хиллачу меттигна гуонах йолу йарташ, йагийна, йохийна, лаьттаца айса дIашарйийр йуйла хоуьйту шуьга. Ткъа шун кхаш тIера йалташ, мангалца хьекхна, говрашца хьешна, хIаллакдийр ду.

Чуликовс сихха гочдира инарлин буьрса къамел.

– Тхан бехк ца хилча а, дийр ду цо тхуна и таIзар? – хаьттира мартанхочо.

– ХIун боху цо? – хаьттира Свистуновс. – Шун бехк бу-бац, хоьттур дац ас. Шайн

махка тIехула болу некъ а, зIе а аш ца ларйича, шун ца хуьлу бехк? Цул сов, шаьш тIе ма-лаццара, гIевттинчу зуламхошна таIзар дан шайн нахах отрядаш кечйе сихонца. Цо къастор йу шун муьтIахьаллин чIогIалла. Кхийтин шу? Дика ду, кхеттехь. ХIета, сихонца, шайн йарташка дIа а дерзий, декхарш кхочушдан дуьйлало.

Свистунов, хьаьвзина, царна букъ а тоьхна, чардакх тIера чувоьссира.

4

Оцу дийнахь шайн йарташка дIаса ца бахара нохчийн, гIалгIайн йартийн лаккхенийн берриг векалш. ХIоьттина хьал мел кхераме делахь а, областан начальнико тIедехкина декхарш мел жоьпалле делахь а, гIала баьхккинччуьра шайн гIуллакхаш нисдан а лаьара.

Йарташкара баккхалчаш кхузарчу совдегарийн конторашкий, складашкий хьийзара. Цхьаберш, шайн доьзалний, бахамний оьшурш оьцуш, туьканашкахула, базархула кхерстара.

Цхьана масех стага кеста дIа ца хийцира эла Эристов. Хеттарш дора туркошца болабеллачу тIамах, цуьнан бахьанех лаьцна. Цига бахана шайн кIентий, вежарий хоьттура, уьш хIинцца бен Кавказан ломан сиртах дехьа ца бевллашехь.

ХIара тховсалера буьйса а синтеме хила ца йоллура Эристовна. Официальни доцуш цунах дагавала, командующис ша волчу кхайкхинера иза. Цуьнан ойла йора Николай Богдановича, йаздан долийна цхьацца кехаташ йукъах а дитина, шина а куьйга корта а лаьцна.

Баккъал а, мел хьекъале корта хилча а, ларор вац хIокху тIаьххьарчу хенахь дуьненахь хуьлучу гIуллакхийн ойла йан а, уьш къесто а. Уьш дерриг дагалеца, церан ойла йан воьлча, корта хьере хуьлу цуьнан. Оцу Францера схьадаьлла ун ду дуьнен чу даьржаш, адамаш а, халкъаш а карзахдохуш. И ун Россе деана декабристаша. Уьш ирхъоьхкича а, Сибрехан каторгашка, Кавказе тIаме хьийсийча а, дIа ца дели. Царна тIаьххье кхин бIеннаш гучубуьйлу тайп-тайпанчу цIершца. ХIинца халкъахой а баьржина Россин массо маьIIе, халкъаш паччахьна, Iедална дуьхьал гIаттаме кхойкхуш. Кху Грознехь а хаало церан Iаткъам. Оцу бес-бесарчу революционераша маьI-маьIIехь туьйсу цIерш йайъа а ца кхиадо Iедал. Цхьанхьарниг йайъича, кхечухьа лета…

ХIокху тIаьххьарчу шина-кхаа шарахь Эристовс ша а дакъалаьцна ахархойн масех гIаттам хьошуш. Бакун областехь а, Сванетехь а, Менгрелахь а. ХIинца а хаддаза хаамаш кхочу, империн цхьацца губернешкахь муьжгаша Iедална дуьхьало йо бохуш, иштта хьал ду Малороссехь, татарашна, башкирашна, мордвашна, чувашашна йукъахь. Ткъа Iорадовлаза мел хир ду уьш!..

Муьжгий а, туземни къаьмнаш а гIиттина ца Iа. Ур-атталла гIалгIазкхашна йукъа а даьржина и ун. Шина шарахь гергга Iедална дуьхьалонаш йира Уралерчу гIалгIазкхаша. Церан тIеман гIуллакхийн декхарш алсамдохуш, йукъараллин урхаллин бакъонаш хедош, хIоттийна керла закон тIеэца ца туьгуш. Цигара дIа а баьхна, Аральски хIордан йистошка кхалхийна кхо эзар доьзал хIинца а къарлуш бац.

Iедална резабацарш гучудуьйлу, боху, Донан гIалгIазкхашна йукъахь а. Туркошца тIом дIаболабеллехь, и кхераме ун хIинца Терка тIе даржа а тарлора…

Царал массарел а Iедална кхераме керла ницкъ гучубаьлла хIокху тIаьххьарчу ткъа шарахь. Мехкан йаккхийчу гIаланашкахь Iедална дуьхьалонаш йо белхалоша. Оцу буьрсачу ницкъан теш хилира Эристов, ша лурчах Петербургехь волуш. Цигарчу Невски механически заводера шиъ ах эзар белхало, болх а сацийна, конторана

хьалха хIоьттира. Бахьана хIун дара? ХIумма а доцург! Шен хеннахь алапа схьа хIунда ца делла бохуш, маьхьарий хьоькхура! Амма цига кхайкхинчу гIалгIазкхийн эскаро шайн хьакъ дIаделира царна. Шодмаш, аьрташха тарраш детташ, дIасалаьхкира.

Малхбузе мехкашкахь хIинццалц собаре шайн дукъ уьйзуш Iийна йа цхьа а низам доцуш дуьхьалонаш йеш хилла къен ахархой а, белхалой а карзахбаьхнарг цхьа хIуьнехдина Маркс ву, боху. Цо йиллина цхьа йукъаралла йу, боху, дуьненарчу халкъийн шайн маршонехьарчу къийсамна тIехь куьйгалла деш. Цуьнан Iилма, хьехамаш Россе кхочуш лаьтта, боху.

«И тайпа нах хIунда лов Францехь, Германехь, Англехь, Америкехь а? Шайниш а, Россера Iедало дIалихкинарш а? Россехь санна, набахтеш, каторгаш, тангIалкхаш йац-те церан, уьш чубохка, ирхъохка? Кхузара дIауьду герценгIар, бакунингIар, кхин, кхин а бунтовщикаш тIелоьцу цигахь. Цигара схьа куьйгалла а деш, хIокху Россехь адам хаддаза карзахдоху цара. Кхузахь декабристашна тIехь диннарг дахьара. Йа хIинцца, дукха хан йоццуш, Одессехь – пхийттанна, Москвахь – шовзткъе иттанна тIехь динна таIзар мукъане а дахьара. ХIан-хIа, оцу мехкийн Iедалшна шайн дегнийн кIадаллица ун даржадо дуьнен чу».

Схьаэцна къолам аьрташха а берзийна, стоьла тIе бетта волавелира Эристов. Куьзга санна, къегинчу стоьлах къоламан бух масазза кхийти, шен ойланаш самайуьйлуш санна хеталора цунна.

ХIан-хIа, сацамбира Эристовс, жимма ойла а йина, урх малйан мегар дац. Ахархой маьршабаьхча, хIун хили? Мелхо а, карзахбуьйлу. Маршонца цхьаьна латта а доьху. Иза делча а, Iийр бац. Iедал а шайн кара схьало, эр ду. ТIаккха хIорш, ЭристовгIар, хир бац…

Кисанара схьадаькккхина, сахьте хьаьжира Эристов. ВорхI дала ткъех минот йисинера. Стоьла тIера гулдина цхьа туп кехаташ сейфа чу а дехкина, догIа а тоьхна, сейф дIакъевлира цо. ТIаккха, кор тIе а чIаьгIна, зайлаш доьхкира.

Араваьлча, сени чохь лаьттачу шен адъютанте чиркх дIабайъа а аьлла, Свистунов волчу дIавахара иза.

Округан канцелярин цIеношкахь, и тайпанчу лекхачу хьешашна кечйинчу хIусамехь, сецнера командующи. Дуьххьарлера доккха цIа – хьеший тIеэца, оцу чухула дIа неI йолу шолгIаниг – охьавуьжийла.

Хьешан цIа чохь бустамаш дохуш кечдина хьийзина когаш болчу горгачу стоьлан гонаха хиъна командующи а, инарла Виберг а, гIалин мозгIар Викентий а карийра Эристовна. Стоьла тIехь, Iаь а гIуьттуш, лаьттара гIели диллина цIена самовар а, цунна гонаха – кегийчу бошхепашна чохь диъ стака а.

Хьацаро лепо мозгIаран йерстина, шуьйра йуьхь гича, Эристовна хиира хIокхара дикка чай меллийла.

Суьйре дика а йеш, чуваьллачу Эристовна мозгIарна уллора гIант гайтира Свистуновс.

– Охьахаа, Николай Богданович. Хьайна чай а дотта. Оха дика таро йина… ТIаккха, дIабахан вайн хьеший?

– ДIабаха, хьан локхалла.

– Ойланаш муха йу хIокхеран?

– Шаьш дерриг дийр ду-м, боху цара.

– Хьо теший ткъа?

Стакана чу шена чай а доьттина, чу шекар тесна, и марз а дина, бошхепаца цхьаьна

и бете даьхьна, жима къурд бира Эристовс.

– Теша. Вайх къаьстина баха кхин некъ бац царна. Вайна ма-моьтту Іовдал а ма бацийнах. Царна шера хаьа Іедалан ницкъ а, мятежникийн гІорасизалла а. Царах дІакхетча, шайна тІекхета хІума доций а, вайх дІакъаьстича, шаьш дерригенах довлий а.

Свистуновс, цигаьрка а латийна, боккха баьккхина, кІур чутуьйхира.

– Иштта-м дара иза, Николай Богданович, амма и тайпаниш йарташкахь кІезиг бу-кх хІинца цкъа. Вукху дисинчу халкъо дийр дуй-те цара аьлларг?

– Нохчийн йарташкара нах тайпанийн гергарлонаша къевллина цхьана зІенаца бихкина бу, хьан локхалла. Ткъа оцу зІенийн йуьхьигаш оцу «вайчийн» буйнахь а йохку.

ХІорш чай мелла бевлча, чувеанчу йалхочо дІайаьхьира самовар а, пхьегІаш а.

– Хьан умматан ойланаш муха йу, да Викентий? – мозгІарна тІевирзира Свистунов.

Вохвеллачу мозгІаро, шуьйра, йеха цІен маж хьала а тоьхна, обанан логера ветанаш дІа а даьхна, стоммачу логах йовлакх хьаькхира. Гай тІехь кхозура, аьлча а, йижина Іуьллура, детин стоммачу зІенах тесна дато йоккха жІар.

– Адамийн дегнаш – къайленаш йу, хьан локхалла, – элира мозгІаро, куьг тоьхна, маж шина декъе а йекъна. – Дегнийн къайленаш Даллий бен хаа йиш йац. Ткъа со Делан лай бен вац.

Инарлин хьаьжа йуккъе шад хІоьттира.

– Вай дерриг ду Делан лайш. Амма, цул сов, вай паччахьан йалхой хилар а ма дицде, да Викентий.

– Цунна а хастам кхайкхабо ас денна…

– Хастамаш баро чІагІбийр ма бац Іедалан а, килсан а бух, – элира Александр Павловича. – Хьуна хаа ма йеза хьайн умматан деган къайленаш.

МозгІаран корта охьабахара, шуьйра маж некха тІехь шалха а кагйеш. ТІаьххьара кІур а баьккхина, цигаьрка, хьакхош, чимтосурга чу а таІийна, хьалагІеттира командующи.

– Ас къайлах цхьа масех дош ала кхайкхина шу, господа, – элира цо, ши куьг букъа тІехьа лаьцна, чухула дІаса а волалуш. – Империн арахьара йукъаметтигаш а, чоьхьара хьал а шуна дика хаьа. Вайн тІом цхьана Турцица хилла ца Іа. Вайца даррехь тІом беш йацахь а, амма массо агІор туркойн гІо лоцуш а, вайца мостагІалла лаьцна а йу Европера йерриг пачхьалкхаш. Иза цхьаъ ду. Амма хІокху халачу муьрехь цуьрриг а дика дац мехкан чоьхьара хьелаш а. Революцин ун ду дено-дено даьржаш. Йарташкахь муьжгий а, гІаланашкахь белхалой а дуьхьалбуьйлу Іедална. Тешам бац кхузарчу оьрсийн муьжгех а.

ГІантан гІовла шина буйна а Іаьвдина, сецира командующи.

– Нохчий гІевттина. Вайн ледарлонна! Цара къайлах бузу маша шен хеннахь вайна цахаабаларна. Ма мотталаш, церан гІаттам тІамца зІе йолуш бу. Туркошца цхьа а тайпа зІе йац церан. Туркойн цхьана а эмиссаран лар ца йеана Нохчийчу. Иза цІена бакъдерг ду. ГІаттам цара шаьш кечбина. Вайн мера кІел, вай дийшина Іохккушехь… Вайн гІалат нисдан цхьа некъ бу: мятеж сихонца хьаьшна дІайаккхар. Амма оцу тІехь вайна новкъарло йан тарло меттигерчу оьрсийн бахархойн цхьана декъо. Ас буьйцурш гІалгІазкхий бац, муьжгий а, салтий а бу. ГІалара муьжгий, лам чу а бахана, мятежникех дІа-м кхетарг хир бац. Амма, мятежникаш гІалина тІелатахь, цаьргахьа ца бовлахь а, дуьхьало а-м йийр йац. Цундела, да Викентий, хьоьга цхьа дехар ду сан.

Александр Павлович, охьа а хиъна, мозгIаран бIаьра вогIавелира. Шен ира-бехачу мера тIера схьаэцна куьзганаш йовлакхца цIандан хIоьттира инарла Виберг а.

– ГIалин а, массо станицийн а килсашкахь халкъ кхето деза хIоьттинчу хьолах. Хьалхара: вай туркошца болийначу тIеман Iалашо – деа бIе шарахь туркойн Iазапна кIел бохку ваьшца цхьана динехь, цхьана цIийх болу славянаш а, ваьшца цхьана динехь болу гуьржий а, эрмалой а маьршабахар хиларх. ШолгIа: нохчийн гIаттам, оьрсашна дуьхьал хилла ца Iаш, ткъа оьрсийн а, берриг славянийн а бIешерийн мостагIчунна – туркошна – гIоьнна болийна хиларх. КхозлагIа: гIевттинчу нохчаша шайн каравоьлла оьрси къинхетамза хIаллаквийриг хиларх. ДоьазлагIа: массо а керста стаг, и ца хилийта, царна дуьхьал гIатта везарх. Хьо кхийтин, да Викентий?

Дехачу цIоцкъамашца цIен бIаьрнегIарш меллаша охьа а хецна, байн кхузза корта таIийра мозгIаро. ХIетталц хIара хIунда кхайкхина ца хууш Iийна эла Эристов, хIинца кхийтира динан да кхайкхаран бахьанех.

– Ткъа шуна тIехь, хьомсара Александр Карлович, Николай Богданович, – Вибергний, Эристовний тIевирзира командующи, – шуьшинна хьалха а лаьтта даккхий декхарш. ГIалгIазкхех тешийла ду вайн хIокху муьрехь. Нохчашний, гIалгIазкхашний йукъахь мостагIалла ду латта бахьана долуш. Нохчаша шайн мохк шайгара дIабаккхарна кхоьруш, гIалгIазкхий дика летар бу мятежникех. Амма муьжгийн а, салтийн а, нохчийн а цхьа а тайпа гамо йац вовшашца. Церан атта барт хир бу. Шуьшиннан декхар ду нохчашца церан цхьа а тайпа зIе цахилийтар. Цул сов, Александр Карлович, хьайн дивизи ахь гуттар сихонца тIеман низаме йалайе. Хаац, вайна иза гIалахь, йа ломахь – мичахь хьалха оьшур. Нагахь гIаларчу къехошна йа салташна йукъахь бунт эккхахь а, иза хьаша уггар тешамечу салтех шиъ-кхоъ рота кечйе.

– Цул а оцу гIуллакхна гIалгIазкхийн цхьа-ши сотня гIала йалийча, тешам болуш хир дацара, Александр Павлович? – хаьттира Виберга.

– Иза-м данза цадериг ма ду, Александр Карлович. Сан кхузахь социйла дац. Областан йисинчу округех а тешац со. ТIе, Закавказски фронтан йерриг коммуникацеш а сан карахула чекхйуьйлу. Кхана Iуьйранна со Владикавказе йухавоьду. Варийлаш, ледара ма хилалаш. Ткъа гIала чIагIйеш Белликна гIо де. Мукъа бисча, харцахьа ойланаш йан а тарло гIалин бахархоша. ХIинца мукъа ду шу, господа...

Х корта. ХЬАЛХАРА ТОЛАМ

ХьалхатаIа майрра! ХьалхатаIа, Даймохк!

Ах гIуллакх дина вай! ХьалхатаIа!

Ш. Петефи

1

Тахана пхоьалгIа де дара гIаттам болабелла. Амма схьагучубаьлла хIара бу аьлла кхиам бацара. Бакъду, Веданан округера йерриг йарташ дIалецна Iаьлбага, цхьа Ведана йоцург. Амма иза башха кхиам а ца хета цунна. ХIиццалц схьа хIара ду аьлла цхьа а латар ца хилла паччахьан эскаршца. Цхьана отрядца ЦIоьнтара веана эла Авалов а, хIара тIекхача ма-воьллинехь, Ведана йуха а ваьлла, гIопа чу

къовлавелира. Хаси-Юьртара эскар а дац лам чу гIоьртуш. Iаьлбаган кхин дан хIума ца дисира, шена дуьхьало йен йуьртдай лецар бен. Ткъа цунах а толам ма ца хуьлу!

Цул сов, Органан лакхенца йолу йарташ а Iа, Iаьлбага долийначух хIун хуьлу хьуьйсуш, ладоьгIуш.

Оцу ойланашца ЖугIуртахула дукъаца охьавогIура Iаьлбаг. ХIара Нохчмохк а, Аьккха а, йерриг бохург санна, цуьнгахьа йевллехь а, тахана цунна тIаьхьавогIург пхи бIе стаг бен вацара. Уьш а дукхахберш – кегийрхой.

Iаьлбаг санна, ойланаша дIалаьцна, цунна тIаьххье вогIу Къайсар. Стенна делахь а, цхьа Овхьад ву цкъа а ца хиллачу тайпана хIайте. Иза, шен гIоьнча вина, шеца сацийна Iаьлбага. Цунна оьрсийн мотт а, дешар а хаарна.

Хьалхахьа Iохку нохчийн йарташ. Нийсса дуьхьал – Майртуьпа; цунна гуонаха, цхьана гулахь – БIаьчи-Юрт, иштта Курчалой-Эвла, Иласхан-Юрт, ткъа Курчалой-Эвлана генайоццуш къилбехьа – Эвтара, кхидIа – Шела, Гермчиг, Гелдагана.

Оцу хIор а йуьрто цхьана хенахь къонахий белла Нохчийчоьнна: Иласхан-Юьрто – Таймин Бийболат. Майртуьпара вара Бийболатан хьалхара гIоьнча хилла молла Мохьмад. Курчалой-Эвлано велира гIараваьлла ТIелхаг. Ткъа гермчигхоша – Iабдул-Къедар, ХIовка а.

Iаьлбага бIаьрг бетта оцу йарташка. Цуьнан Симсара саннарш итт-ткъа йурт йер йу царах хIораннах а. Муха тIеоьцур-те иза нохчийн оцу йарташа? Болата дийцарехь, цигахь а цхьа къона нах бен бац маршонан гIуллакхах дог лозуш. Ткъа Iаьлбага цига хьовсийначу Бенарчу Сулиман-Хьаьжас а, Сайдул-Хьаьжас а дийцарехь, кхиаме догдохийла йу. Амма Iаьлбагна хаьа, Гелдаганарчуй, Курчалой-Эварчуй, Цоци-Юьртарчуй нахах эла Эристовс вовшахтоьхна паччахьан эскаршна гIоьнна веана Майртуьпахь лаьтташ ах эзар сов стаг хилар.

Iаьлбаг синтем байна дIасахьоьжура. Цо шозлагIа а Шела хьажийна Болат а ца вирзина йуха. Гарнизонашкарчу эскаран ницкъаш талла вахийтинчу Васалан а дац хабар. Васал оьрси ву, ведда нохчашкахьа ваьлла салти. Шен ненан мотт а, даймахке, халкъе безам а, йоIбIаьрг санна, ларбо цо. Иза тешаме ву ша тIелаьцначу, шех шен кIант виначу нохчийн халкъана а. Кхузахь ша паччахьан Iедална дуьхьал латто къийсам шен халкъан маршонан къийсаман дакъа дуйла а, оцу шиний халкъан маршо вовшехйозуш йуйла а хууш. Ша даим дагахь латто шен халкъе, даймахке безам воккхахчу кIанте Юсупе дIало цо. Шера нохчийн а, оьрсийн а меттанаш хуу Васал, тIе, ша дика разведчик а ву.

МостагIчун Iалашо хIинца а ма-йарра цахааро некъ арен тIе боссале хьуьна чохь сацийра Iаьлбаг.

БIаьхошка, шегара омра хиллалц, паргIат хила алар Овхьадна тIе а диллина, говрара воьссина, Коьрица гIаш гу тIе хьалавелира Iаьлбаг. ХIара турмалца аренга бIаьрг бетташ лаьтташ, тIевеара Къайсар а.

– ЧIебарла хьажийна геланча схьакхаьчна, – элира цо, коьртара баькккхинчу куйнаца хьажа тIера хьацар дIа а хьоькхуш.

– «КIант» хилла, «йоI» хилла?

– «ЙоI»: Iумма-Хьаьжа меттахвала дагахь а вац, боху.

– И бохург хIун ду?

– Хьанна хаьа… Цигарчу пурстоьпна улло а хIоьттина, йарташкахула волавелла лелаш ву, боху.

– Ткъа Залмин Дада? – хаьттира Коьрас.

– ХIинца цкъа цунна тIаьхьа ткъех стаг бен вац.

Ваьштайахийтина, турмал кисана а йиллина, накъосташна тIевирзира Iаьлбаг.

– ХIара ду-кх, воьдуш динарг хьесап дац, вогIуш динарг бен бохург, – доккха садаьккхира цо. – Шадерг дохий хи тIе кхачале шарбал йаьккхинчу аьккхаша. Тоьхначу хенал хьалха, бахана, и говрийн Iаспарш а лаьхкина. Цара и ца динехь, цIеххьана тIелетта, Хаси-Юрт а, Гезла-Эвла а дIалаьцна хир ма йара вай… Ткъа хIинца, худар а кегийна, таьIна Iа. Уьш-м хьовха, сан сайн зандакъой а. Чиркойн Хьамзат-Хьаьжа а ву, боху, цигахь церан лерехь зурма лоькхуш.

– Со цкъа а вацара цунна реза, – корта хьовзийра Къайсара. – Кхор кхура кIел бужу. Цуьнан ваша Шайх-Мохьмад Iедалан хьадалча ма ву. Цхьана бен чуьра схьадевлла мукадехкий.

Iаьлбага Нохчийчохь гIуллакх долийча, шолгIачу дийннехь ДегIастанахь гIовтта дуйнаш биъна Мохьмад-Хьаьжа а, ТилатIларчу Кибит-Махьмин кIант Муртаз-Iела а, ГIазгIумкара Джафар-хан а, церан бартахой а хIинца а тийна Iара.

– Вайнехан кица ду-кх, «хьох-м тешара со, амма хьо тешачух тешац-кх» бохуш. Мохьмад-Хьаьжех, Муртаз-Iелех-м тешара со, амма вукху бисинчех шекьхуьлу-кх, – ша далхо вуьйлира Iаьлбаг. – Мел дийцича а, Джафар-хан эла ма ву. Цуьнан бартахой Iабдул-Межед а, БатIалбек а паччахьан эпсарш бу. Маьхьта-Бек а ву инарлин кIант. Мохьмад-Iелий, ГIеза-Ахьмаддий элийн бераш ду. Хьанна хаьа, Iедало шаьш хьастахь, уьш йухабовлий а. Йухабевлла а ца Iаш, цара вайн гIуллакх духкий а…

– Солтмурд СогIратIлара цIа веача, хуур вайна, уьш стенга ладоьгIуш Iа.

– Суна-м хаьа. Вай долийначух хIун хуьлу хьуьйсу-кх.

– ВаллахI, бац сонта… И дIогахь кIур туьйсуьйтург Васал ву-кх! – охьа чу нахана йукъа пIелг хьажийра Къайсара.

Даим санна, чоа белшаш тIе а кхоьллина, лоьдгех йиначу чIогIачу томкин цигаьрканах кIур туьйсуьйтуш, нахаца забарш а йеш, гу тIе хьалагIертара Васал.

Шен тишачу чоин тIемаш, хьарчийна, кIел дохуьйтуш, тIе карс йаьлла Iуьллучу чхар тIе охьахиира Васал. Iаьлбаг шега хьоьжуш а гина, кхин къамел йукъа ца доккхуш, шена гинарг, хезнарг дийца вуьйлира иза.

Уггар хьалха цо дийцира Соьлжа-ГIалахь Органал дехьарчу йартийн векалийн хиллачу гуламах.

– ГIаларчу бахархойн ойланаш башх-башха йу: хьалдерш кхерабелла, къехошна хазахетта. Инарла Орца а, полковник Беллик а, бага са а кхаьчна, хьаьдда лела. ГIалина гондхьа тIетаьIIина оьрнаш, саьнгарш йохуш бу. Iумхан-Юьртахь лаьтта отряд ккуза Шелахьа схьайан арайаьлла. Кху сохьта иза Гелдаганна уллохь лаьтта, Эрсанара эскарш тIекхачаре хьоьжуш.

– Дукха буй уьш? – хаьттира, жима тептар а, къолам а карахь леррина ладоьгIуш лаьттачу Коьрас.

Схьабаькккхина, кхакханан месала куй шена улло охьа а биллина, тила боьллачу коьртах мIараш хьаькхира Васала.

– Суна хаарехь, цигахь гIашлойн цхьа батальон а, гIалгIазкхийн бIе дошло а, йиъ йоккха топ а, милицин отряд а йу. Эрсанарчу отрядехь – кхоъ гIашлойн батальон, йиъ йоккха топ а.

– Уьш мел хуьлу, Овхьад?

– Лаххара а, ши эзар салти а, милцо а.

– Царна гIо дан баьхкина гондIарчу йарташкара нохчий а тIетоьхча, шиъ ах эзар бIаьхо! Ткъа вайца пхи бIе стаг бен вац! – корта хьовзийра Коьрас.

– ХIумма а дац, кIентий! – цуьнан белша тIе куьг туьйхира Iаьлбага. – И ши эскар, цхьаьна а кхетта, Майртуьпа кхачале, цига гулйелла йовсарийн арданг йохо йеза. Дависа, вайн йоцу йоккха топ! Цхьаъ мукъане а йелара.

– Вай хIун дора цунах, хилча а? Кхосса хууш стаг ца хилча.

– Эцца, хьозарчаша чохь баннаш а деш, лаьттар йара.

– Цуьнга болх байта-м нах бара вайн. Коьра а, Элса а.

– ХIан, йуьртана тIелата вай. Къайсар, кечло алий, хаамбе!

Къайсара, хьала а лаьцна, топ кхоьссира. Байракхчас лаккха хьалаайъира шен карара байракх.

2

Машаречу ханна дIайаьккхина Теркан областан эскарийн штаб йуха вовшахтоьхнера, дIадахана шо чекхдолуш туркошка йолчу йукъаметтигийн галморзахаллаш гуттар а кIаргйала йоьлча.

Штабан начальникна, полковникна Мыловна областерчу тIеман ницкъийн барам хаахь а, амма ца хаьара уьш мича хьолехь бу. ХIоьттина хьал шен бIаьрга ган, бIаьстенан йуьххьехь эскарийн штаб-квартирашкахула волавелла полковник Iумхан-Юьртахь а волуш, болабелира Нохчмахкахь гIаттам.

ГIаттаман кхерамалла сихха гира Мыловна. Хаьара, иза, арен тIе баржале, хьаьшна дIабаккха безийла а. Ша штабан начальник велахь а, тIеман операцин пхенаш шен буйнахь хила дезахь а, иза ца хIуттура хьалхара гIулч шеггара таса. Закавказьен фронте хьовсо билгалдина областера дикка дакъош кхузахь совцо Тифлисера бакъо йезара.

Дандезарг ца хууш, Iумхан-Юьртарчу отрядан начальникца подполковникца Долговца цхьаьна иза воьхна хьийзаш, эххар а Владикавказера геланча веара, отрядца Шелахьа дIа а гIой, Эрсанахь лаьттачу полковникан Нуридан отрядах дIа а кхетий, мятежникашна аренга бовлу некъаш дIакъовла аьлла.

Тахана Iуьйранна кхо сахьт долуш Iумхан-Юьртара арайаьлла отряд, Мескар-Эвлахула, Цоцин-Юьртахула чекхйаьлла, йеана, Гелдаганна уллохь туп тоьхна сецира.

Полковникна ца хаьара мятежникийн Iалашо. Ойла йича, хеталора, уьш Шелана тIегIортаза Iийр бац аьлла. Амма Мылов ца ваьхьара, хьалхахьа дIагIорта аьлла, Долговна приказ дала. Лазутчикаша дийцарехь, Iаьлбагца масех эзар мятежник вара. Ткъа кхуьнан отрядан ницкъ, цаьрга хьаьжча, кIезиг бара: Тенгински полкан цхьа батальон, Сунженски гIалгIазкхийн полкан цхьа сотня а, йиъ йоккха топ, кху Грозныйн округера ханна вовшахтоьхна милици а. Бакъду, Майртуьпахь лаьтташ гондIарчу йарташкара хIокхарна гIоьнна вовшахкхетта нохчийн пхи бIе лаамхо-м вара. Амма, хьанна хаьа, тIом болабелча, цара хIун дер?

Мыловс сацам бира полковникан Нуридан отряд тIекхаччалц собардан.

Амма хIорш, йайш охьа а дассийна, цIераш лато гIерташ бохкуш, Нуридера кехат кхечира, отряд сихонца Курчалойн-Эвла дIайига, ша цига дIакхочу аьлла. ТIаккха сихха Майртуьпа геланча хьажийра Мыловс, цигахь лаьттачу лаамхойн отряде, гуттар шаьш ницкъ эшна кIелдиссалц, мятежникаш йуьрта ма бита аьлла.

ХIетта дIахIиттийна йайш ворданаш тIе бертал а диттина, меттахйелира отряд.

– Хьо теший цара мятежникашна доггах дуьхьало йийриг хиларх? – хаьттира Долговс, геланча Майртуьпа а хьажийна.

– Хаац, – белшаш саттийра Мыловс. – Вешан карахь долчух дерригенах пайда ца эцча довлий вай? Кху дуьххьарлерчу тIамо къастор бу вайн кхоллам. Вай ийши-кх – кху арен тIера йерриг йарташ мятежникашкахьа йевр йу. Толам вайгахьа буьсу-кх – уьш мятежникашна дуьхьалйевр йу.

– Иза-м кхеташ деца, – доккха садаькхкира Долговс.

Іуьйранна малх а кхетта, йекхна хилла стигал, кIез-кIезиг кхулуш, Іаржйелира. Йукъ-кара ткъес лелха доьлча, чам байна Долгов стигала вогIавелира.

– ХIокху йуккъехула догIа делха доллу-те?

– Иза дара вайн дакъазаллина тIе хилаза дисинарг!

– Хьий, неIалт! ТIадамаш эга дуьйли.

– ХIара догIа дукха хьерадалале, батарея дIахIоттайайтал, подполковник. Кху вуочу некъашкахула обоз, йаккхий тоьпаш муха текхо йеза?..

Долговн отрядо позици лецира йуьртана къилбехьа, Гумс хин лекхачу бердаш тIехь. Отряданий, йуьртаний йуккъехь, дукха йелахь, цхьаъ ах чаккхармий бен йукъ йацара. Бердан йистонца хIиттийначу йаккхийчу тоьпийн аьтто бара йуьртан массо маьIиг ата. ТIедоьлхучу догIанна кIел салтий, лафеташ къовлуш, йаккхий тоьпаш дахIиттийна а бовлале, ЖугIуртара охьабогIучу новкъахь тоьпаш йевлира. Цхьа а низам доцуш, дакъошка а бекъабелла, хецна говраш хаьхкина богIучу дошлошна генна хьалха, махо Іаьржачу вертанан тIемаш айъина, сирачу динахь цхьа бере вогIура. Цунна масех гIулч тIаьхьавогIучу беречун карахь йехачу гIожа тIехь махо ловзайора кхузара дIа бос ца къаьста байракх. Йуьхьиг йуьрта тIе кхаьчча, тоьпаш йевлира шина а агIорхьара. Йукъ-йукъа хезара «йа АллахI» бохуш детта маьхьарий. Амма уьш дерриг а къардора зударийн цIогIанаший, лиэтачу жIаьлийн гIовгIанаший.

Цкъачунна окопаш йаьхна, бертал бийшина салтий, тоьпаш хьалха а йехкина, йуьртахь хуьлучуьнга ладоьгIуш Іохкура. Цхьа эпсарш бара, къайленга ца уьдуш, йуьртахь хуьлуш дерг ган гIерташ. Амма и хаа гIерташ дукха ладегIа ца дийзира церан. Цхьана эха сохьтехь кхийссарш йинчул тIаьхьа, йуьртан урамашкахула схьагучубийла буьйлира хIокхара йурт ларйан бахийтина нохчийн милицонераш. ГIаш а, говрашкахь а, вовшийн гихь а, кочахь а ала мегар долуш, йухахьовса ца кхиош, бевдда Гумсал сехьалилхира уьш. Амма йухабевлларш йуьрта хьовсийначех ах бен бацара.

– Биснарш байина-те? – цецвелира Мылов.

Долгов кIоршаме къежира:

– Мичара! Мятежникашкахьа бевлла-кх. Мича гIерта хIорш, уьстагIий санна! Есаул Афанасьев! Совцаде и хьайбанаш! Йуханехьа, тогIи чу лахка уьш!

Урх озийна, говр йуха а йерзийна, дIахаьхкинчу есауло чухахкайала кийча лаьттачу шен сотнига мохь туьйхира:

– Теркахой! Суна тIаьхьа!

Дерзина даьхначу таррашца шайн некъ хадош дошлойн сотня схьахахкайелча, хьалх-хьалхарниш совцуш, жIомарг йина севцира йуьртара йухабевлла нохчий-милцой.

– Йурт дIа хIунда йелла аш, кIиллой? – тIечевхира царна Афанасьев, дин ловза а бохуш.

Массарна хьалха расхачу динахь, каралаьцна топ а, хаьнтIахь кхозуш детица

кхелина тур а долу дика вухавелла хьаьрса нохчо, схьахетарехь, лаамхойн бІаьнча, боьхначу оьрсийн маттахь вистхилира.

– Уьш дукха бу, господин эпсар! Хьесап дина ца валлал!

– Шу царал кІезиг дара ткъа? Хьо мила ву?

– Курчалой-Эвлара совдегар Ильясов…

– Мича бахана хьан ах нах?

– Зуламхошкахьа бевлла, хьан оьздалла…

Раз вирзина, туйнаш кхоьссира есауло.

– НеІалт хуьлда шу девллачу денна! Йухайерзайе хьайн чагІалкхаш! Бехачу могІара а хІиттий, тогІи дІалаца. Цу чуьра хьалакъеддачун хье дІатосуьйтур буйла хаалаш!

ХІокху Іедална а, оцу эпсаршна а, цара аьллачунна тІе а тайна схьадаьхкинчу шайна а неІалт а кхайкхош, йуха а бирзина, тогІи чохь беха могІа а беш дІахІиттира нах.

– Господин подполковник, йуьрта масех хІоъ тохийтал! – буьйр дира Мыловс. – МаьІ-маьІІе!

Йуьртахь хІоьънаш лелха доьлча, йукъ-йукъа зударийн маьхьарий, берийн Іадийна цІогІанаш а девлира. Амма хьалха цигара схьа гІийла хезаш хилла зуькар, соцучу меттана, хІинца, мелхо а, марсаделира.

Мыловн ойла йацара йуьртана тІелатар дан. Йерриг а дегайовхо Эрсанарчу отряда тІехь йолу Мылов сих-сиха дІахьожура Курчалой-Эвлахула схьабогІучу новкъа. Ткъа цуьнан цхьа лерг даим-дІа Майртуьпехьа доьгІна дара: кхоьрура, коьрта отряд схьакхачале, гІовттамхоша цигахула тІелатар дарна. Амма, стенна делахь а, уьш, эвла йисте а бевлла, бошмашкара схьа зиэне йоцу тоьпаш а кхуьйссуш, севцца Іара. Схьахетарехь, тІелатар дан шайн ницкъаш дІанисбеш болчух тера дара.

Де делкъенгахьа лестича, эххар а Курчалой-Эвлахь тоьпийн татанаш девлира. Дукха хан йалале, цигара схьа гучуйелира дошлойн отряд.

– Далла бу хастам! – доккха са а доккхуш, жаІар йеш, ламазна пІелгаш туьйхира Мыловс.

Отрядан авангардехь йогІучу 20-чу артиллерийски бригадан 1-чу батарейс лаллайелла йоггІушехь позици лецира гІалгІазкхийн батарейна аьтту агІор.

Сихха говраш дІа а хецна, шаьш лафеташ къовла кхиарца цхьаьний йуьртана тІе хІоьънаш туьйхира цара а. Дукха хан йалале, чехкачу боларехь кхуза кхечира Навагински полкан шолгІа а, Тенгински полкан йоьалгІа а батальонаш. ТІаьхьайогІу обоз Курчалой-Эвлан йисттехь сецира.

Подполковникан Долговн рапорте ла а доьгІна, цхьаьнакхеттачу отрядан куьйгалла шена тІеийцира Нурида. Меттиган хьелашка бІаьрг а тоьхна, тІеман ницкъаш дІахІитто вуьйлира иза. БархІ йоккхачу тоьпах лаьтта батарея, позицехь чІагІйелла, шен гІуллакх деш йара. Цунна тІехьашха, аьтту агІорчу бердан бохалла, чІагІйелира Тенгински полкан хьалхарий, йоьалгІий батальонаш, аьрру агІор – Навагински полкан йоьалгІа батальон.

Цхьа чаккхарма тІехьа резервехь севцира Тамански полкан кхоъ ротий, Соьлжан полкан гІалгІазкхийн сотняй. Нагахь Курчалойн-Эвлара схьа тІехьашха тІелатар дахь а аьлла, обоз вагенбургехь нисйина, иза Іалашйан хІоттийра Навагински полкан шолгІа батальон.

Отрядо позици дІалаьцначул тІаьхьа, Нурида омра дира, йуьртана тІе гранаташ

тоха аьлла.

– Йуьртан йуккъе нисйеш, тIетоха! Маьждиг дохо хьовса!

Дуьххьара кхоьссина граната, шок йетташ йахана, маьждигна тIехула а йаьлла, дехьо охьайуьйжира. ШолгIаниг сехьо сецира, ткъа кхозлагIчо хадийна дIатесира момсаран ира буьхьиг. Дукха хан йалале, йуьртан маьI-маьIIехь цIераш летира. Полковнико Нурида, резахуьлий, корта таIабора, рогIера граната йуьрта йуккъе масазза кхета. Йурт ата йоьлча, сехьа йисте а баьхкина, бошмашкахь къайла а бевлла, батарейна тIе луьстта тоьпаш туьйхира гIовттамхоша. Артиллеристех шиъ вийра, маситтана чевнаш йира.

– Бошмашка чаччамаш тоха! – мохь беттара Нурида. – Оцу тогIи чохь нохчий стенна Iохку? Хьалхалахка уьш!

ГIовттамхой къайлабевллачу бошмашкара дитташ кхада долийра чаччамаша. Ткъех стаг воьжначохь а вуьтуш, йухабевлира дегазо тогIи чуьра хьалагIовттийна лаамхой а.

– Хьий, варраш, йаI! – туйнаш кхоьссира цаьрга хьоьжучу Нурида. – Господин подполковник, букъа тIе тоьпаш а таIайай, хьалхалахкал уьш. ДуьххьалдIа лата ма ца лаьа царна. Вайна а, царна а дикачу цIарла а хуьлуш, чекхбовла гIерта.

Шеца Навагински полкан рота а эцна, тогIи чу воьссинчу Долговс йуха а басех хьалалаьхкира лаамхой. Амма, тогIи чуьра хьалабевлча, шерачу ара нисло уьш кхидIа баха ца буьтура йуьртара схьайеттачу тоьпаша. Хуьйцуш хIоьънаш, гранаташ йетташ къажйина, йерзинайаьхначу бошмашкара схьайен дуьхьало а, кIез-кIезиг лагIлуш, сецира.

– ДIахьажахьа, полковник! – воккхаверан мохь белира уллохь лаьттачу Мыловн. – Йухабевлла! Бевдда!

Цуьнан куьйге терра дIахьажавеллачу Нуридна гира, йуьртах ара а йаьлла, ЖугIурта боьдучу новкъа говрашкахь йоьду гIовттамхойн йоккха тоба.

– Дика ду, дика ду! – бIаьргашка лаьцна турмал дIа а йаьккхина, Мыловна тIевирзира иза. – Тенгински, Навагински полкийн йоьалгIачу батальонашна буьйр дел, йуьрта тIе хьалхатаIа алий.

Ший а батальон, роташка а нисйелла, бIаьхаллин низамехь хих дехьа а йаьлла, йуьртана гергагIоьртича, батарейн командир тIекхайкхира цо.

– Батарея хил дехьа а йаккхий, дIогахь гучу боьлака чохь позици лаца. Тенгински полкан хьалхарчу батальоно лардийр ду шу.

ТIедеттачу догIанехула, хотто лоьцуш, халла дехьайаьккхина йоккха топ варшахь чIагIйелча, «ура» бохуш маьхьарий а детташ, йуьрта хьаьлхира навагинхой. Полковник Нурид тешна вара толам герга хиларх. Амма ах сахьт далале цамоьттург хилира.

3

Мылов шек ма-хиллара, моттаргIина тоьпаш а кхийссина, йурт гIовттамхошка дIайелира майртуьпахоша а, царна гIоьнна баьхкинчу гондIарчу йарташкарчу бахархоша а.

Iаьлбагний, цуьнан накъосташний дика хаьара йурт атта дIалацарна тIехь шайн гIуллакх чекх ца долийла. Иштта дуьхьалонза йарташ-м цо дикка дIалецнера. Нохчмахкахь эла Аваловн йухавалар а ца лорура цо толам: цуьнан отряд хIаллакйинехь, иза ша дара. ХIинца дуьхьалонча ойла йан а, меттаван а, шен

ницкъаш тIегулбан а кхиъна. Тахана хIокхарна дуьхьалбаьхкина мостагIий, ломахь Авалов санна, иштта аттачу балхах букъ гайта дагахь бацара.

ТIом марсабаьлла хезачу эвлан йистехьа сихвелира Iаьлбаг.

Цунна тIаьхьа дIахаьхкира Коьрас а, Овхьада а, Елисейс а. Хьалхарчу позицера шена сих-сиха тIекхоьхьуш хаамаш хиллехь а, кхузара хьал гичий бен ца кхийтира Iаьлбаг тIехIоьттинарг хала киртиг хиларх. ХIетта тогIи чуьра хьалабевлла нохчийн лаамхой жигара йухабеттара Къайсаран бIаьхоша. Амма Iаьлбагна гира хил дехьахь лаьтта гIашлойн цхьа дакъа, меттахдаьлла, тогIи чу дуссуш а, йаккхийчу тоьпашна говраш йужуш а.

– Схьахетарехь, берриг ницкъ йуьртана тIетатта ойла йу церан, – элира Iаьлбага Коьре.

– Тера ду.

– Уьш йуьрта буьтийла-м дац, массо велла а.

– Вайл иттазза алсам бу-кх и салтий, – жоп делира Коьрас. – ХIара хьалагIерта жIаьлеш ца лерича а. ТIехула тIе, бархI йоккха топ а...

Хил сехьайевллачу салтийн роташа цхьатерра тоьпаш туьйхира хIорш лаьттачу беша. Цхьа дIаьндарг, Iаьлбаган куйнан йистах Iуьрг оьккхуьйтуш, йахара. Ойлано дIалаьцначу Iаьлбаган тидам а ца хилира цуьнан.

– Коьра! – цIеххьана шовкъе кхайкхира иза доттагIчуьнга. – Коьра, тахана толам баккха безаш йа дала дезаш ду-кх вай! ХIокху сохьта къаьстар бу вайн кхоллам, тахана вайга хьуьйсуш бу дегIастанхой, саной, абхазой. Хезий хьуна, Коьра! Вайн бакъо йац йухадовла!

– Йацахь, летта, лийр ду-кх, Iаьлбаг.

– ХIан-хIа, вай делча а дуьсу маршонан гIуллакх. Вай тола деза. Овхьад, Къайсар схьакхайкхал. МостагI дукха ву, амма вай а дац кIиллочех. Иза Iехо веза.

Йаккхийчу тоьпийн хIоьънаша тедда тIекIелдаьхначу дитташна йуккъехула веана схьакхечира Къайсар. Чов хилла аьрру пхьарс бара бихкина коча тесна. Хьаьж тIе йихкинчу цIийша йуьзначу асанна тIера охьаIийдалучу догIанан тIадамаша беснеш тIехь а цIен тачанаш дитинера.

– Чевнаш луьра-м йац хьан, Къайсар? – кхеравелира Iаьлбаг, хотташий, цIийший вуьзна доттагI гича.

– КIадбоцург дара хIара-м, – куьг ластийра Къайсара.

Говрара охьа а воьссина, леррина цуьнан чевнашка а хьаьжна, башха кхераме хIума доцийла хиъча, йоцца шен план йийцира Iаьлбага.

– Коьра, хьайца дошлой а, майртуьпахой а, кхузахь вайгахьа бевлла нах а эций, чехкка ЖугIурта боьдучу новкъа хьала гIо. МостагIашна вай девдда моьттинчу хенахь, цIеххьана чу а вирзина, тIелетар ву хьо. Элсин дошлой а, важа гIашлой а дIогахь лаьттачу эскарна тIелатийта, – резервехь лаьттачу Тенгински полкан батальонна а, Соьлжан гIалгIазкхийн бIонна а тIе шедан кхаж хьажийра Iаьлбага. – Ткъа ахь, Коьра, хьайн дошлошца церан ворданаш дIалеца. Варийлахь, ткъесах тIелаталахь.

Коьра дIавахча, Къайсарна тIевирзира Iаьлбаг:

– Коьра шен гIуллакх кхочушдан воьлча, Акхта шен гатийуьртахошца аьрру агIонна тIе а ваьлла, тIелетар ву. Цара шиний агIор мостагI йукъахьовзийча, вай дуьхьал хьалхатаьIар ду. ХIуьу дина а, хIара сехьара йиъ йоккха топ схьайаккха йеза вай.

Полковник Нурид шек вацара толам шен карахь хиларх. Хьалха боьлху навагинхой

йуьрта лилхира. Цкъа ойла хилира цуьнан, йурт Іадда а йитина, бевдда боьлхучу мятежникашна тІаьхьахахка. Йурт шен карахь йерг а лерина, йаккхий тоьпаш ЖугІуртехьа дІайерзайайта дагадеара цунна. Амма чехкка хьалхахьа дІаоьху мятежникаш лецалур бацара хІоьънашка. Полковник ойла йеш Іашшехь, бевддачу мятежникийн дошлой а, берриг гІашлой а цІеххьана аьтту флангехь чухахкабелира, ткъа хьалха къаьстина дошлойн отряд обозна тІейирзира.

Нурид сихха кхийтира гІовттамхойн планах. Шена тІаьхьа хих сехьа а йаьлла, бІаьхаллин низамехь йогІу Тенгински полкан батальон аьтту флангана гІоьнна дІахьажийра цо.

– Аьрру флангехь мятежникаш бу! – мохь белира уллохь лаьттачу Мыловн.

Цига дІахьажавеллачу Нуридна гира, Іодара хецча санна, чехка бехачу могІанца тулгІенах баьржаш болу мятежникийн бІо.

– Батарея! Аьрру флангехьа дІайерзайе йаккхий тоьпаш! – мохь туьйхира полковнико.

Амма тІаьхьа дара. Хотталахь, догІанна кІел артиллеристаш лелла бовлале, резервехь лаьттачу отрядна йукъалилхира гІовттамхой.

– Йуьртана тІе хьалхатаІар сацаде! Йаккхий тоьпаш дІайожа! – мохь хьоькхура Нурида.

Амма цуьнан приказ кхочушдан ца кхиира. Йуьрта боьлла навагинхой, гІовттамхойн тохарна кІелхьара уьдуш, йухабуьйлура, ткъа йухайаха меттахйаьхна йаккхий тоьпаш пайде йоцуш лаьттара. Навагинхоша бертахь тоьпаш йеттара тІетеІачу гІовттамхошна. Тобанна хьалха, Іаьржа верта аьтту белша тІера дІа а тесна, шина а агІор тур детташ, каде хьийзара сирачу динара бере. Духарца иза кхечарех къастарна а, даим цунна уллохь байракх хиларна а, полковникна хиира иза Іаьлбаг-Хьаьжа вуйла.

– Сирачу динарчу беречунна тоха! – мохь туьйхира цо, беречунна тІе а хьажийна, ша тапча а йассош.

Амма, мухха делахь а, Іаьлбаг ца лоцура уллошха тІехйуьйлучу дІаьндаргаша.

– Батарея йухайаккха! – приказ делира Нурида, ша говра а волуш.

Хотто чкъургаш лоьцу йаккхий тоьпаш, уьнтІапхьидаш санна, меллаша текхара йуханехьа. Говрашна шодмаш йетташ, тоьпан баххаш бетташ, тІаьхьара тІетоьттуш, хьалхара дІаийзош, уьш кІелхьарйаха гІертара салтий. Масех дошлочуьнца царна тІелетта Къайсар шозлагІа а цхьамзанийн дуьхьалонна хьалха йухавелира, амма, алссамчу дошлошца иза тІелетча, йаккхийчу тоьпашна уллохь тІом кхехкабелира. Цхьа йоккха топ, шершина, говрашца цхьаьна бердах чуйахара.

Халла тІамца хих дехьайаьлла Нуридан отряд хьалха ша позици лаьцначохь чІагІйелира. ТІера охьа чуйетташ, цо тогІи чуьра хьалабовла ца буьтура гІовттамхой. Оццу хенахь Акхтин дошлой кхузза йухатуьйхира резервехь лаьттачу дакъоша а. Коьрас обоз дІалацарна кхеравелла Нурид, навангинхойн 2-гІа батальон а, гІалгІазкхийн дошлойн сотня а эцна, цига гІоьнна дІахьаьдира. ГІашлошна хьалха лаьттачу вагенбургана тІекхаьчначу есауло Афанасьевс цхьана йукъана йухабехира гІовттамхой. Амма сихха меттабаьхкинчу гІовттамхоша, шозлагІа тІелатар а дина, обозан ворданашна тІехьа лелхийтира гІалгІазкхий.

– Говрашкара дисса! – омра дира Афанасьевс. – Ворданашна тІехьа ловчкъа!

Сихха говрашкара охьа а биссина, ворданашна тІехьа чІагІбеллачу гІашлойх дІа а кхетта, тІегІертачу гІовттамхошна тІе дошан дарц хьадира салташа. Говрашкахь болчу гІовттамхошка царна зиэн ца далора. Эххар а, Коьрас омра дира, гІаш а довлий, тІелата аьлла. Оцу минотехь тогІи чухула хьала къайлехула коьртехь Нурид волуш схьакхаьчначу тенгинхоша шозза дина тІелатар а гІовттамхоша

йухатуьйхира.

Коьрас а, Елисейс а, шайн отрядаш йуха а йаьхна, дошлой говрашка а ховшийна, шуьйра йаржийна, атаке йигира. Такхийна йалийна, гу тIе хIоттийначу йеа йоккхачу тоьпо деттачу хIоьънаша новкъарло йора хьалхатаIа.

Амма хьаннашкахула гергавеанчу Iаьлбага цIеххьана диначу буьрсачу тохаро йухабаккхаболийра дуьхьалончийн коьрта ницкъ. Нурида хIинца догдиллинера толамах. ХIинца цо сатуьйсура, отряд хIаллак ца хуьлуьйтуш, йухавалаваларе. Дерриг галдаькккхинера полковникна мостагIчун барам цахааро. ХIинца гIовттамхой гуобаькккхина тIегIертара. Йеккъа цхьа Курчалой-Эвлехьара агIо йара миэлла а маьрша. Йерриг дегайовхо артиллерина тIехь йолчу Нурида омра дира, аьтту флангехула а, Майртуьпара схьа а коьртачу ницкъашца тIегIертачу гIовттамхошна тIе йаккхий тоьпаш тоха аьлла.

Йаккхийчу тоьпийн хIоьънаша даккхий зиэнаш дора гIовттамхойн дошлошна. Оцу хьеречу гIовгIанах йолаза йолу говраш, хьалхайаха ца туьгуш, къехкаш, тIаьхьарчу когаш тIе хIуьттуш, агIор лелхаш, хIуъу дина а оцу гIовгIанна генайовла гIертара.

Де суьйренга лестира тIом ца лагIлуш. Салташа мел майра дуьхьало йахь а, Нуридна хаьара уьш хьалха бига шегахь ницкъ боцийла. ТIедоьлхучу догIано лашкабаьхна, хаттех буьзна уьш, гIаддайна дуьхьало а йеш, кIез-кIезиг йухабуьйлура. ТIаьххьара а тохар дира Нуридна, Iехавелла, ша отрядна гергабахкийтинчу гIовттамхоша. Курчалойн хьуьна чуьра схьаваьлла, цуьрриг къайлавала а ца гIерташ, уьдуш тIевогIу бIе сов стаг шениш бу моьттуш, тIевитира полковнико. Амма, цхьа кхо бIе гIулч гергакхаьчча, йехха зIе йеш баьржинчу цара тIетоьхначу тоьпаша иттех салти вожийра. ТIаккха царна тIе шен дошлойн сотня хийцира полковнико. Амма оццу минотехь ши бIе метр генахь Гумса чуьра хьалайаьллачу кхечу тобано, тоьпаш тоьхна, йухаберзийра салтий.

Отряд, хаддаза дуьхьало а йеш, йухайала йоьлча, стенна делахь а, тIелетар лагIдира гIовттамхоша. Оцунах пайда а эцна, шен берриг ницкъ Курчалой-Эвлана малхбузехьа а баькккхина, йерзинчу арахь сацийра Нурида. ГIовттамхойн дагахь хIун ду ца хууш, массо ханна дуьхьалонна, гIовттамхой тIелата там болчу агIор йерзийна йаккхий тоьпаш а хIиттийна, буьйса йаккха сецира отряд.

Нурид кхийринарг хилира буьйсанна.

Оцу дийнахь кхачанах кийра бузаза салтий, шайн бедарш йакъо а, бохбала а, бовха кхача кечбан а дагахь, хьуьна чу декъа дечиг дан бахча, цигахь а тоьпийн татанаш девлира. ЦIерш летор-м хьехочохь а дацара, хьуьн чуьра ара а ца бовлуш, гIовттамхоша бивака тIе йеттачу тоьпаша синтем байъина, тоьпаш кара а лецна, догIанна кIел буьйса йаькккхира салташа. Сатоссучу хенахь сецира хьуьнхара схьа тIейеттар.

ЛадегIарх, тIедогIуш гIо дацара отрядна. ГIовттамхой, шайн ницкъ а гулбина, тIелетча, царна дуьхьало йан ницкъ бацара, хьалхарчу дийнахь сарралц тIом а бина, буьйсанна а садоIийла ца хуьлуш гIелбеллачу салташкахь. Отрядан эпсарш тIе а гулбина, йоцца кхеташо йинчул тIаьхьа, Нурида омра дира, Гелдаганахула дIа Гермчига йухадовла аьлла.

XI корта. ТОЛАМАН КЪАХЬО

Хьо толахь – хьайн толам гайта ма гIерта,

Хьо эшахь – догдохий, таIий, ма велха.

Доза ду массо а хIуманна тоьхна,

Цунах хьо тІехвалахь, вуьсур ву воьжна…

Архилох

1

Селхана дуьйна хаддаза тІейоьлху стигал тахана Іуьйранна цІеххьана йекхнера. Дуьне къагош, малх гІеттира Іаьржачу лаьмнашна тІехула.

ГІовттамхойн дараш алсам хиллехь а, амма церачул кхузза алсам ницкъ болу мостагІ, Майртуьпахь хиллачу тІамехь эшна, йухаваьллера цкъа – Гелдагана, тІаккха – Гермчига, йуха – УстаргІардой-Эвла. КхидІа цунна тІаьхьа ваха ца хІоьттина Іаьлбаг, шен отряд Курчалой-Эвла а йалийна, тІом хиллачу ара хьажа йухавахара.

ХІокху цхьана дийнахь-буса дикка хийцавеллера Іаьлбаг. Цуьнан цІен бос богу горга беснеш, кІаййелла, чуэгнера, бІаьргаш ойлане хьоьжура. Чкъор морцуш йуххехула тІехтиллачу дІаьндарго Іаьржа тача дитинера аьрру бесни тІехь. Іуьйранна, ламаз оьцуш йуьхь йилинехь а, деттачу цІийн кегийра тІадамаш дисинера лекхачу хьаж тІехь. Пхьош эвнешкахь лилхина, дехий тайш охкаделлера аьтту пхьаьрса кІел.

Толам цуьнгахь бисинехь а, воккхаверан суй ца гора бІаьргаш чохь, мелхо а, уьш кхоьлина бара, догІанна йазйелла Іаьржа мархаш санна.

Диттийн гІашна а, бацана а тІехь севццачу догІанан тІадамаш чохь, жовхІарш санна, лепара маьлхан зІаьнарш. ТІом хиллачохь дохаза дисина наггахь зезаг, самадаьлла, дахаре кхевдира.

Буькъачу хотто когаш лоьцуш, халла йогІура говраш.

Майртуьпна улло мел кхочу, шера гора селханлерчу къемат-дийнан лараш: йаккхийчу тоьпийн хІоьънаша лелхийтина кІаьгнаш, хедийна дитташ, йохийна, тІекІелйаьхна ворданаш, говрийн, стерчийн чархаш.

ХІорш йуьрта кхаьчча, маьІ-маьІІера схьа зударийн белхарш хезара. Момсаран бухь дІатесначу маьждигна хьалхарчу майданахь, йаххьаш къилбехьа а йерзийна, охьадехкина декъий гира царна. Іаьлбага дагардира уьш. Шовзткъе пхиъ. Селхана царна дагахь а дацара, йуьхь тІе чоэш, гІовталш, галеш тийсина, шайн декъий кхузахь Іохкур ду бохург. Церан когаш бен гуш а бац. ДогІано тІадийна хотташа йуьзна, хІинцца йакъайеллачу къерсигйевллачу неІармачашца а, берзина а…

ТІетийсина хІуманаш а уьйъуш, байъинчийн йаххьашка хьежа велира Іаьлбаг. Дукхахберш къона, ткъе итт шаре а бовлаза. Цхьаннан йуьхь хІинца а тІера пхьарчо а божаза йу. БІаьргаш а цецдевлла делладеллачохь дисина. Тап ша Іаьлбага вийна къона ши салти санна. Масаннен нана, йиша-ваша доьлхур ду тховса! ХІокхерниш билхина а Іийр бац. Кхин а дуккха а догІур ма ду хІара санна къаьхьа денош…

ТІаьххьарчу докъан йуьхье а хьаьжна, хьалатаьІира Іаьлбаг. Вевзарг цхьа а вацара. Амма уьш берриг а цуьнан бІаьхаллин накъостий бара, Іаьлбаган кхайкхамца маршонан, нийсонан дуьхьа гІевттина…

– ХІорш бен буй байинарш? – хаьттира цо тІевеанчу воккхачу стаге.

– Шийтта дІаваьхьна. Кхуза ца бохьуш дІабаьхьнарш а бу.

Ворданахь кхин а цхьа дакъа деара майдана.

Воккхачу стага, тІе а вахана, йуьхь тІера истанган маьІиг дІатесча, гучубелира хІетта тІе чо баьлла Іаьржа корта, хаза ши мекх долу къона йуьхь. Цу тІера схьа Іаьлбаге хьоьжура, ангали санна, хІоьттина жугІара ши бІаьрг. Хье йуккъехь жима чов а, детта цІий а гора. Истанга кІелхула гучудаьллачу можачу аьтту куьйган буткъачу пІелгах тІехула экъа а йолуш дато мухІар дара. Ларамаза мухІарна тІера цІе йийшира Іаьлбага: «Орзами ибн Бата».

– Кхузара ву хІара? – хаьттира цо воккхачу стаге.

– ХІаъ. ХІара цхьаъ бен вацара жоьра йисинчу йоккхачу стеган. Селхана, шен говр кечйина, герзаш йукъах а дихкина, ненан Іодика йан чувахча, уггар хьалха йуьрта тоьхначу йоккхачу тоьпан хІоъ хІоккхеран цІийнах кхеттера. Ненан а, кІентан а ирс хиллехь, ший а селхханехь делла хир дара, амма, цІа дохар бен, кхин зиэн ца хуьлуш бисира. И дуьххьарлера хІоъ шен цІенна кхетаро кхин а ирча вуон хьоьхуш санна, хІара тІаме ца вахийта гІиртира нана. Селхана дуьйна схьа, тем байна, хьаьдда лела иза. ХІара хиллийла хаахь, дог иккхина лийр йу.

Дакъа цІа хьош, нахаца кІентан нана йолчу вахара Іаьлбаг. Ша цига вахарх нисдала хІумма а доцийла хуъушехь. Къайсара ала а элира цуьнга, мел вийначун тезета хІиттина вер вац хьо аьлла. Иза-м Іаьлбагна а хаьара. Амма хІара къона кІант йоккхачу стеган цхьаъ бен вац, боху. Верас воцуш йисина-кх иза. Цунна хьалхахІоттар шен декхар хетара цунна. ТІе, хІорш массо а шен бехкенна вийча санна, цхьа дагахьбаллам а бара.

Іаьлбагна моьттура, нана, йоьлхуш, ша-шех леташ, кІентан докъана тІейетталур йу. И сурт шена хьалхахІоттарна кхоьруш, ша цига ваха новкъа валарх а дохковаьлла, вогІура иза. Хьалххе ваханчу цхьана йуьртахочо и шийла кхаъ дІакхетийна лекха, оза йоккха стаг кетІахь дуьхьалкхийтира царна. Іаьржачу, доккхачу корталин тІам цхьана куьйга бете а таІийна, важа куьг, делча санна, дегІаца охьа а хецна, чурт санна, йогІайелла лаьттара иза. КІоргге хьех чубахана кхоьлина ши бІаьрг ворданна тІебоьгІна бара. Царна чуьра къорам схьаІийдало дуьра бІаьрхиш, чукхеттачу беснеш тІерачу хебарийн хершнашна чухула хьийзаш, меллаша охьалешара.

Йоккхачу стагана хьалха а хІоьттина, доІа дира Іаьлбага.

– Дала гечдойла хьан кІантана, йоккха стаг, – кадам бира цо. – Цхьаъ бен воцу кІант вийна, цІавалор хала сахьт ду. Делахь а, Дала собар лур ду хьуна. Шен мехкан, шен халкъан гІуллакхехьа къуьйсуш, тІамехь воьжна стаг гІазот хир ву, аьлла ду Делан дош. Тахана хьайниг валийна, кхана тхо а дуьгур ду иштта наношна хьалха. Цхьаъ верг цкъа йоьлхур йу, дуккха а берш дуккха а боьлхур бу. Валаза Дела ша воцург валац. Дала ийманца собар лолда хьуна!

– Дела реза хуьлда шуна! Ас дуьххьара молуш бац хІара къахьонан кад. ХІара йалхазлагІа а, тІаьххьара а бу, жима стаг. Бакъду, къанйеллачу хенахь сатоха хала-м ду. ХІун дийр ду ткъа, иштта хилла-кх сан кхоллам.

Ворданна тІера схьаэцна кІентан дакъа шена уллохула тІехдоккхуш, тІе а йирзина, истанг хьалатаса дагахь, куьг айъира йоккхачу стага. Амма, куьг сихха йуха а оьзна, корталин тІам цергашна йукъа а къевлина, кеггийра гІулчаш йохуш, букара хьаьвзина, тІаьхьайолайелира иза…

Курчалой-Эвла йухавогІуш вехха Іийра Іаьлбаг вист ца хуьлуш, ойланашка ваьлла. Хийцалуш, йуха а хьалхахІуьттура селхана ша вийна ши салти а, маьждиган майданахь моггІара охьадехкина Іохку декъий а, Оьрзами а, йоккха стаг а…

– Овхьад! – кхайкхира иза, корта тІехьа а тесна.

ТІаьхьавогІу Овхьад, шен говр човхийна, тІекхиира.

– Соьлжа-ГІалахь бевзаш оьрсий буй хьан?

– Дера бу.

– ХІун тайпа нах бу уьш?

– Тайп-тайпана. Тхан дас товар оьцу совдегар а, цуьнан ши кІант а вевза суна.

Іаьлбага резавоцуш корта ластийра…

– Кхин бац?

– Соьца доьшуш Іийна цхьа жима стаг а ву сан хьаша. Цуьнан луларчу муьжгичун доьзал а бу ас чу-каре йеш.

– Кхин?

– Кхин а ву цхьаъ. Оцу сан доттагІчун доьзалца гергарло долуш цхьа хьехархо.

Іаьлбаг йуха а ойлане велира.

– Салташна, эпсаршна йукъахь вуй хьан хьаша?

– Дера, хІара ву ала, хьаша а ма вац сан царалахь. Оцу сан доттагІчун йишина тІехьийзаш цхьа эпсар-м вовза а вевза суна.

– Уьш муха нах бу?

– Вуон бац. Къен бац, бехаш а бац. Йукъанеккъара нах бу-кх.

– Ас-м церан дог-ойла хоьттий.

– Хаац, амма вайн къомаца цхьа а тайпа хьагІ-м йац церан.

Курчалой-Эвла кхочуш, йуха а оцу къамела тІе вирзира Іаьлбаг.

– И салтий шайн лаамехь ца лиэта вайх. Берсас, Маккхала, Васала а, ахь а чІагІдо иза. Элса санна, вайгахьа бовла луурш хир бацара-те?

ХІинца кхийтира Овхьад хІара Іаьлбаг мича гІерта.

– Царна тІехь эпсарш а, Іедал а ма ду, Іаьлбаг, – элира цо, гІайгІане вела а велла. – Хьо цхьана хІуманна тІегІерта, Іаьлбаг. Хьуна хІун лаьара?

– Суна цхьа хІума лаьара. Оцу гІаларчу, вай санна, мискачу оьрсашкий, салташкий вай царна дуьхьал цахилар дІахаийта. Царна вайгара къа-бала бовзийта, вайна латта а, нийсо а йезий хаийта. Муха хета хьуна, Овхьад?

– Вуон ойла йац иза-м, Іаьлбаг. Цкъа хьалха Берсех дагаваьлча, хІун дара-те?

Іаьлбаг дІатийра, ойла йеш.

– Берса волчу ваха веза хьо, – элира цо эххар а. – Йуьхьанца дуьйна цхьа хІума дагахь лаьтта суна. Ас, вайна маршо, сискал, нийсо а йеза бахарх, ма ца тоьу. И вайн лехамаш Іедална а, оцу муьжгашна а хаа ма беза. Берса волчу а гІой, шиммо а сардале кехат йаздейша. Вайгара бохамаш а, гІело а гойтуш. Вайна хІун лаьа дуьйцуш. Нагахь Іедало цхьайолу харцонаш дІайахахь, оха тІом сацор бу, ца йахахь – летта лийр ду алий. ТІаккха гІор шу гІала.

ХІорш эвла йисте кхаьчча, шеца Нурхьаьжа а, Іумар а волуш дуьхьалвеанчу Коьрас хаийтира бІо хьалхахьа дІабаха кийча хилар.

2

ШолгІачу дийнахь Владикавказе йухаверзар дисира Свистуновн. Цхьа а тайпа хаам

бацара Веданарий, Хаси-Юьртарий. Лазутчикаша дийцарехь, шен тоба стам а йина, арен тIе вала кечлуш вара Iаьлбаг. Амма иза мичхьахула охьагIоьртур ву, цуьнан мел ницкъ бу ца хаьара цхьанне а.

Эристовс дийцарехь, мятежникийн ницкъаш хIинца а кIезиг хила тарлора. Цундела Александр Павловича сацамбира, Iумхан-Юьртахь лаьттачу подполковникан Долговн отрядца Нохчмахка а вахана, Iаьлбаг, йа циггахь, йа арен тIе а валийна, вохо.

Грознера дIа Владикавказе сихонца шен гIоьнче инарла-майоре Смекаловга телеграмма йелира цо, Владикавказерий, Теркан областан кхечу меттигашкарий мукъа долу эскарийн дакъош дерриг а Гермчига схьахьовсаде аьлла. Амма атта дацара цIеххьана уьш вовшахтоха. Цкъа-делахь, машаречу хенахь, бIаьхаллин низамехь доцуш, паргIат лаьттара уьш областан массо маьIIехь йаржийначу штаб-квартирашкахь. Цул сов, масех шо хьалха резерве бахийтинчу салташна йоццачу хенахь тIеман гIуллакхаш карладаха а дезара.

ХIинца цкъа аьтто бара Владикавказехь лаьтта Тамански полк а, артиллерин 20-чу бригадан цхьа батарея а, Соьлжан, ГIизлара-Гребенски гIалгIазкхийн полкийн масех а, хIирийн, гIалгIайн шиъ сотняш а сихха кхуза новкъа йаха. Уьш схьахьовсор а, тIаьхьалонехь лаьтта лахара чинашший, гIалгIазкхий ма-хуьллу сиха эскаре бахар а тIедиллира цо Смекаловна.

ШолгIачу дийнахь кхоьлина дара Грознера хьал. Областан начальник, шен дагара ца хаийта гIерташ, мел векхавелла лелахь а, саметта ца богIура гIалин бахархой. Цунна хетарехь, адам панадаькхкхинарш эскарийн а, администрацин а хьаькамаш бара. Къаьсттина – инарла Чермоев а, полковникаш: Курумов а, Чуликов а. Къедица Юсупца дийнахь маситтазза богIура уьш хIара волчу.

– Кху арен тIера нохчий машар безаш ма бу, – балхам бора Орцас. – Мятежникашна тIаьхьахIитта ца лаьа царна. Амма, вайна ма-хаъара, областехь кIезиг бу тIеман ницкъ. Иза дика хаьа нохчашна. Царна ган ма гина тIаьхьий-хьалхий гIалгIазкхийн бархI полк областера дIайоьдуш. Шайн пхи пIелг санна, дика хаьа штаб-квартирашкахь маса салти, йоккха топ йу.

– Ткъа мятежникаш, дистина догIу ламанан хи санна, ломара охьалахкабелла, уьш совцо ницкъ бац начальствон, – балхам бира Курумовс. – Царна дуьхьалдаккха вайн эскар ца хилча, арен тIера нохчий мятежникех дIа ца кхетча бовлац. Мятежникаша шайна зулам дарна кхоьруш.

– Iедалан ницкъ гайтахьа, хьан локхалла, – къамел шега ийцира Чуликовс. – Нагахь, хьан ницкъ эшна, мятежникаш толахь, тхо гIорасиз дуьсу хьуна гIо дан…

ХIорш и балхамаш бан боьлча, са логе кхочура Свистуновн. Делахь а, цхьана агIор бакъ лоьра уьш. Александр Павлович а вара хIоьттинчу хьолах вогуш. Амма дагара хаийта йиш йацара. Хьанна хаьа, мятежникаш тоьлучу далахь, хIокхара хIун дер а?

– Стенна кхоьру шу? – оьгIазвахара Свистунов. – Суна йеккъа цхьа полк тоьур йу и сагIадоьхургийн бажа дIасалахка! Цхьа кIира далале, хIинцачул иттазза алсам эскар хир ду кхузахь. Схьа мел ваьлларг кхеравелла, вахьийна, макхвелла ма хуьлу шу! Хорша йеача санна, дегош, сан бага а хьуьйсуш кхузахь Iачул, дуьхьало йан кечло. Шун карахь дан а дац герз? Хаалаш, мятежникаша схьатоьхнарг уггар хьалха шун шайн коьртах кхетар йуйла. Йарташка а гIой, цхьа мятежник а чувитина йурт ас сийначу цIарах йагор йуйла хаийта бахархошна. Суна гIоьнна нах ца беллачу йуьртана тIехь а изза хIоттор ду ас. Шу сан лергаш, куьйгаш хилла дIахIитта деза.

Шена кIордийна, хьех чекхбевлла и кхайкхаза баьхкина хьеший дIа а хьовсийна, горгали тоьхна, адъютант сотник Габаев чукхайкхира Свистуновс. Горгалин аз сецна а далале, неIарх чоьхьа а ваьлла, Iад санна, вулавелла дIахIоьттира куьце хIири.

– Коляска!

Цхьа масех минот йалале, гуонах дошлойн ха а долуш, гІали йукъа велира инарла. Урамехь дуьхьалнисло бахархой, хІоккунна некъ буьтуш, йуьстахбуьйлуш, коьртара куйнаш дохуш, кортош теІош, соцунгІа хуьлура. Бахархойн дог-ойла селханчул мелла а хийцайелла гора инарлина. ДогІанна йазйелла мархаш санна, кхоьлина йара церан йаххьаш. Схьахетарехь, дас Викентийс хІинцале а дика болх бинера шен «уьстагІашна» йукъахь.

Инарла ша а вацара самукъадолуш. Селхана Мыловс шозза а хаам бинера, шен отрядца Шелана улло цунна дуьхьалван веза полковник Александр Нурид Эрсанара меттахволуш вац аьлла.

Александр Павлович ца кхетара Нуридан дагахь долчух. Нийсса аьлча, кху туземцех схьабевлла эпсарш, мел майра, хьуьнаре, мел Іедална муьтІахь белахь а, цхьа минот зама йацара иза царах тешна. Ткъа Нурид дика вевзара Александ Павловична. Кура, дозалла деш, виллина дІа цхьацца интригаш лелош. Инарлина хетарехь, Долговн жима отряд мятежникашна дуьхьал а нисйалийтина, цара иза йоххочу хенахь, веана, отряд кІелхьар а йаькккхина, толаман хастам шена бита гІертара иза.

Вибергца цхьаьна гІалин гарнизонан ницкъашка хьожуш чекхвелира Александр Павлович. ХІоккунна цамоьттучу тайпана герзаца дика кечделла дара эскарийн дакъош.

Гиначо гІеххьа сапаргІатдаькккхинчу цо тенгинхойн ши рота хьажийра УстаргІардойн тІай тІе. Нагахь мятежникаш кхузахьа схьагІортахь, цигахь дуьхьало хІотто.

Де делкъенгахьа лестича, малхбалехьара схьа йаккхийчу тоьпийн дур хаза дуьйлира. Цигара схьа цхьа а тайпа хаам боцуш тІейеара буьйса. Вахийтина лазутчик а тІепаза вайнера. Кхузара дІа Майртуьпа говрахь шина-кхаа сохьтехь бен некъ бацахь а, хІетте а хаам бацара цигара. Свистуновс шен дагахь сацамбира, отряд йохийна йа гуонна йукъахь йисина аьлла.

Буьйса тІаьххьайаханчу хенахь виллина шена уллохь лаьтта эле Эристовга масех приказ делира Александр Павловича.

– Нагахь вайн ши отряд мятежникаша йохийнехь, – долийра цо гІайгІане, – вайн йерриг дегайовхо Веданахь, Хаси-Юьртахь лаьттачу эскаршна тІехь йуьсу. Мятежникаша телеграф йохайале, хаамаш дІабала беза. Алексей Михайловична тІедилла, кхана Іуьйранна сихонца Тамански полкан кхоъ батальон схьахьажайе алий. Цаьрца схьабахкийта, ала, 20-чу дивизин тІаьхьалонан салтий а. Нагахь кхана делккъалц соьгара приказ ца хилахь, шен лаамехь гІуллакх дан пурба ло полковникна Батьяновна.

Ши куьг букъа тІехьа а лаьцна, цІенкъа а вогІавелла, вист на хуьлуш, чухула дІасаволавелира Свистунов.

– ДегІастанан областан эскарийн командующига, инарла-адъютанте Меликовга вайна гІо дар а деха… Нагахь аьтто белахь, – тІетуьйхира цо.

Буьйсанна охьавижча а коьрте йаьхкира Нуридах йолу ойланаш. Свистуновна дагадеара хьалхарчу дийнахь цуьнгара шена деана кехат. Долговн отрядца Шелахьа дІаван ойла йу шен аьлла, Свистуновс хаам бича, дуьхьал хилира Нурид. «Нагахь санна оццул жимачу отрядца веанарг областан начальник вуйла Нохчийчохь хаахь, – йаздора полковнико, – областехь кхин эскарш дац, хиллехь, начальник ша схьавогІур а вацара аьлла, жима а, воккха а герз карахь вайна дуьхьал гІоттур ву. Цул сов, шайн берриг ницкъ тІе а теттина, хьо схьалаца а гІоьртур бу уьш…»

Цхьана агІор, бакълоьра Нурид: областан начальник коьртехь волу отряд йохайахь, гІуллакх чолхе дер ма дара. Цуьнан карахь хила ма йеза куьйгаллин архаш, цуьнан коьрто вовшахтоха ма деза гІаттам хьашаран гІуллакх. Ши отряд хІаллакьхилахь а, кхузахь Грознехь волуш, цуьнан аьтто хир ма бу гІала ларйан ницкъ вовшахтоха,

областера дисина эскарийн дакъош тIеоза.

Нуридан кехато и сацам тIеэцийтина Александр Павлович, шен штабан начальник Мылов Iумхан-Юьртан отрядца Майртуьпа а хьажийна, гIала вирзинера. ХIинца иза шеквара эло Врейскийс кхиийначу оцу дегIастанхочун догцIеналлех. Областан начальник йуьстах а ваькккхина, шен лаамехь виса, толаман хастам шенна бита ойла хилла-те цуьнан бохуш, шеквара Свистунов.

«Хастам шена а буьтуш, толам баккхахьара цо», – доккха са а даькккхина, охьавижира иза.

3

Нохчийчохь болабелла гIаттам оьрсийн-туркойн тIамах уггар жоьпаллечех цхьа дакъа лоручу правительствос кхуза ваийтинера Кавказан эскарийн коьртачу штабан начальникан гIоьнча, инарла-адъютант эла Святополк-Мирский.

Селхана сарралц кхузара гIуллакхаш теллина, Кавказан наместникан, сийлахь-воккхачу элан Михаил Николаевичан цIарах цо сацамболлуш тIедиллира, Нохчийчуьра гIаттам кху масех дийнахь, хьаший, дIабаккха аьлла.

Iуьйранна иза новкъа а ваькккхина, йухавирзина Александр Павлович, шен гIоьнча инарла-майор Смекалов а кхайкхина, кхеташо йан охьахиира.

Шина инарлин дог-ойла самукъане йацара тахана а. Эло Святополк-Мирскийс схьахаийтира областан начальствон куьйгаллина Михаил Николаевич резацахилар. ХIокхара областехь хьокъала доллу куьйгалла латтийнехьара, болабалале гIаттам сацо а, ткъа хIорш жимма а жигара хиллехь, иза йуьххьехь хьаьшна дIабаккха а кхузахь таронаш гора Тифлисехь.

Шен амалшца собаре а, жимма дерг тардолуьйтуш а волу эла Святополк-Мирский собарх ваькккхинера Нохчийчохь хIоьттина хьал хIокху шинна хIинца а ма-дарра хууш цахиларо.

Баккъалла а, Майртуьпахь хиллачу тIеман жамIаш ца хаьара Владикавказехь шолгIачу дийнахь а.

– Хаац-кх, сел луьрачу таIзарна Далла хьалха со стенна бехке хилла, – кIедачу гIанта везза охьа а хиъна, шиний куьга корта лецира Александр Павловича. – Нуридна тIе ма диллинера ас, сайца хаддаза зIе латтайе аьлла. Эло Эристовс а тешийнера нохчашна йуккъехь шен разведка чIогIа болх беш хиларх. Цуьнгара а, вукхуьнгара а цхьа а тайпа хаам бац. Белла-х бац хирий уьш!

Графин схьаэцна, стака дуьззина доьттина хи сутара дIа а мелла, цкъа балдех, тIаккха хьаж тIе йовлакх хьаькхира цо. Алексей Михайловична чIогIа лаьара шен шефана маслаIат дан. Амма кхузахь дешнаш эрна хир дара.

Инарла Свистунов, ши куьг букъа тIехьа а лаьцна, цкъа-шозза чухула дIаса а волавелла, корехь сецира. ХIетта маргIал тесначу акхтарган гаьннаш тIехь самукъадаьлла «чIир-чIир» дора цхьа арданг хьозарчаша. Дехьо, чуьйнан дехачу гIанта уллохь, ловзуш доллура жима йоI а, кIант а. Инарлин бIаьргаш малхбалехьа дIахьаьвсира. Амма и агIо бодане а, къайлене а хийтира цунна. Селхана делккъехь иза Грознера схьаволуш а хезара цигара схьа герзийн татанаш. Делккъалц Iийра иза, отрядера хаам кхачаре догдохуш. ХIун хилла-те цигахь? Отряд йохийна-те? Йа гуонна йуккъехь йисина-те? НеIалт хуьлда оцу аварцана! Шен кураллица цо дохий дерриг а. Кура хила йиш йу кхуьнан, сагIадоьхурган кIеза!

– Суна хетарехь, вай тIех тешам ло кхузарчу туземцашна, – хезира Александр Павловична шен гIоьнчин дера аз. – Вай четахь дохдийраш лаьхьарчий ма ду. Аьтто

баьллачу минотехь, церг йоьллина, дIовш тоха кийчча хьаьрчина Iаш.

Шен ойланех йукъахваькккхина Александр Павлович, веана, гIанта везза охьахиира, гIовлаш тIе куьйгаш дохкуш.

– Дала хIаллакбойла уьш! Царах даккхийдеш лела ткъа вай? Мел ца лаахь а, царах цхьаберш хьеста а, бузо а деза. И ца дича, царна тIехь олалла латталур дац вайга. Цаьрга шайга вовшийн къамкъаргаш ца Iийдийтича. Царах цхьаболчарна вай ло чин, совгIат а жIаьлешна йукъа тосу даьIахк йу. Цхьадерш ца дустийча, ца дардича, цара шайн хIух долу важа дисинарш этIор ма дац. Ткъа вайна оцу жIаьлийн арданга йукъара ваьшна муьтIахь дерш, ваьш хIуьск ма-эллинехь, тIедетталур дерш, доцца аьлча, сутарниш, стешханиш къесто хаа деза.

ХIара шиъ гIуллакхаш дийцаре дан а волавалале, каралаьцна пакет а долуш чоьхьавелира сотник Габаев. Ши кIажа вовшахтухуш, гиччошна тIе куьг лаьцна, вулавелла дIа а хIоьттина, цо рапорт делира, полковнекера Нуридера хаам бу аьлла…

Сотник шена тIекхаччалц са а ца тохаделла, хьалаиккхинчу Свистуновс цуьнгара маса схьаийцира шина дийнахь ша сатийсина кехат. Цхьана кога тIехь хьаьвзина, эткаш цIийзош, аравелира сотник.

Охьахуъушшехь, бIаьргех дашо хIазарш долу куьзганаш а доьхкина, конверт йатIош схьа а йиллина, кехата тIехула сутара бIаьргаш кхарстийра Свистуновс.

– ХI-м… Со ца кхеташ хIума ду-кх хIокхо дуьйцург, – хьаьжа йукъ хабийра цо. – ЛадогIахьа, Алексей Михайлович, хIара стаг лартIехь вац-кх: «22 апрелехь Майртуьпахь тIом хилла. Даккхий зиэнаш хилла, мятежникаш ЖугIурта йухабевлла, амма, кегийрачу тобанашца хаддаза тIелетарш деш, цара сийсара сахиллалц садаIа ца йитина, Курчалойн-Эвлан йистехь туп тоьхна, сецна тхан отряд. Суна моьттинчул йоккха йу мятежникийн тоба. Кхузарчу дуккха а йартийн ойланаш цаьргахьа хьаьвзина. Отрядна тоъал къаьркъа дац. ДогIано тIадийна, лашкабаьхна салтий, шеллуш, хоршош йаьхкина Iа. Царна ницкъ бала къаьркъа оьшу. Мятежникийн 250 стаг а, дуккха а говраш а йайъина. Сан отрядехь висинарг эзар стаг бен вац. Оьшучуьнца цхьана а тайпа кхачо йоцуш йисинчу хIокху гIорасизчу отрядца кхераме ду гIеттинчу Нохчийчоьнан йукъаметтехь кхидIа сеца. Хулхулон чIож дIалаьцна, Шелахьа богIуш бу мятежникаш. Тховса Гермчигана уллохь буьйса йаккха ойла йу сан, амма йа БердакIел, йа УстаргIарда йухавала а мега. Шайн Делан дуьхьа, сихонца гIоьналлина отряд а, обоз йаййан ворданаш а йахкийта…»

– ХIун ду хIокхо дуьйцург? – кехат стоьла тIе а кхоьссина, бIаьргара куьзганаш дIа а даьхна, Смекаловна тIевогIавелира Свистунов. – Доккха зиэн а хуьлуш, лам чу йухабевлла хилча, буса сахиллалц уьш отрядна тIе а муха лиэта? Яьсса ворданаш йахкийта а хIунда боху?

Смекаловс, ца кхеташ, корта хьовзийра.

– Хьанна хаьа, байъинарш а, чевнаш хилларш а схьабало йеза хир йу цунна уьш. Нагахь кхоччуш ца йохийнехь а, дуккха а зиэнаш хуьлуш йухайаьллачух тера ду отряд.

– Суна хетарехь, Алексей Михайлович, Нуридна гIо хьажо деза сихонца. Цул сов, Грозный а йу кхерамна кIел. Цигахь низам латто тоъал ницкъаш а битий, важа бисинарш берриг а Нохчийчу дIахьовсабе…

– Тамански полк тахана дIакхочур йу Грозный. 20-чу дивизин тIаьхьалонна витина виъ эзар салти а бIаьхаллин низамехь Iуьйранна гIалех араваьлла. ГIизлар-Гребенски полкан шиъ сотня а селхана Грозный дIакхаьчна.

– Тенгински полк а, гIалгIазкхийн сотняш а сихха Нуридна гIоьнна дIахьовсо йеза. Хиндерг хаац, УстаргIардойн тIай тIе кхин а масех рота салтий хIиттийча, бакъахьа хета суна. Нагахь, вайн отрядаш а йохийна, мятежникаш гIалина тIегIортахь, уьш

мелла а совцо. Шуьйтара хаам буй?

– ХІаъ, сийсара геланча веана цигара, – сихха жоп делира Смекаловс.

– ХІун ду цигахь?

– ЧІебарлахь гІаттам болабелла, боху. Амма хІинца цкъа Залмаев коьртехь волуш йарташкахула йолайелла тоба жима йу. КхоалгІачу участкан пристав капитан Сервианов виэн гІоьртина уьш. Поручик Бача Саралиев а, коллежски регистратор Хьайбулла Курбанов а жигара хьовзарна, дийна висина иза. Йарташкарчу цІе йоккхучу нахах отряд вовшахтухуш ву Саралиев.

Стакана чу доьттинчу хих цхьа къурд а бина, шен дуькъачу мекхех куьг хьаькхна, йайн йовхарш туьйхира Смекаловс.

– Кхин цхьа тамашийна хІума а хьехадо полковнико Лохвицкийс. ЧІебарлошний, церан лулахошна Іаьндошний йукъахь Шемалан заманахь кхолладелла шира мостагІалла ду, иза жимма кІамдича, Іаьндой чІебарлошна дуьхьалбевр бара, боху цо. Малхбузе ДегІастанан начальнике, эле Накашидзега, и гІуллакх вовшахтохахьара аьлла, дехар дича, бакъахьа хета цунна.

Александр Павлович, хьала а гІеттина, пенах кхозучу картана тІевахара.

– Полковникан идея вуон йац, Алексей Михайлович, – цуьнгахьа схьавирзира иза. – Суна сайна а дагадеанера ишттачу йукъаметтигех пайдаэца. Шемала а шен имамаллин тІаьххьарчу итт шарахь хаддаза дов тийсира оцу шина халкъана йукъа. Шена дуьхьалбевлларш вовшашка хьоьшуьйтуш. Мекара корта хьаха бара оцу воккхачу стеган-м…

– Вай а ца Іийра ледара, – боккха баькккхина кІур чу а оьзна, велакъежира Смекалов, – цхьаберш кхаьънашца оьцуш, кхиберш кхерош, йукъа питанаш туьйсуш. Со шек вац хІинца хІара гІаттам а вай ламанхойн куьйгашца хьошург хиларх.

– Иза вуон ду ткъа?

Сихха жоп ца луш, стоьла тІе пІелгийн йуьхьигашца вота а йетташ, сецира Смекалов.

– Дика а, дера, дац, амма ца дича далац-кх.

– Иза уггар тешаме некъ бу, Алексей Михайлович. Селхана Святополк-Мирскийс соьга хаийтира вай оцу новкъа дахар Цуьнан Императорски Сийлахь Локхаллина лууш хилар. Боьхий, цІений гІирс ца хоьржуш, хьаьстина а, Іехийна а, кхерийна а, и гІаттам хьаша нохчашлахь шайх отрядаш вовшахтоха дезар ду. Цул сов, Нохчийчу йало йеза гондІарчу къаьмнийн милицин отрядаш а. Цундела, Алексей Михайлович, и Іаьндой вовшахтохар доьхуш, эла Накашидзега сихонца кехат йаздехьа.

Амма оцу минотехь чуваьллачу полковнико Мыловс йукъахдаьккхира цаьршиннан къамел.

– Господин полковник! – цец мохь белира Свистуновн, ченаша а вуьзна, ма-воггІура чувеана Мылов гича. – Далла бу-кх хастам, хилларг шен шина бІаьрга гина дийна стаг ву-кх хІинца!

Ши инарла охьахиъча, цаьршинна дуьхьалдолчу гІентан йисте охьалахвелира полковник.

– Тхойша хІинцца дийцина ваьлла Нуридан чолхечу кехатах лаьцна. ХІун ду цигахь, мича хьолехь йу отряд?

Карара фуражка стоьла тІе охьа а йиллина, логах йовлакх хьаькхира полковнико.

– Цо йаздинарг бакъду. Йан а йу отряд халачу хьолехь. Нурид Гермчигара дIа Эрсана йухаваьлла.

– ХIунда?

– Хьанна хаьа цо лелориг? Мятежникаш Шела тIе ца бахкийта дуьхьалонна воьду ша, бохура.

– Ой, Грозныйна тIедогIу некъаш диллина дитина цо?

– ХIаъа. Iаларой-Эвла, Хаси-Юрт, Иласхан-Юрт, БIаьчи-Юрт мятежникашкахьа йевлла. Гелдагана а, Курчалой-Эвла а дIа а лецна, Шелахьа, Урус-Мартанехьа, УстаргIардехьа богIуш бу уьш, Нурид Эрсана хиъна Iашшехь.

– Хьий, неIалит цунна! – стоьла тIехь лаьттачу горгалина тIе куьг а тоьхна, шен адъютант чукхайкхира Свистуновс: – Грозный, инарла-майоре Виберге… ДIайаздел. ХIара телеграмма дIакхачарца, сихха УстаргIардойн тIай тIехь йолчу шина ротина тIе Тенгински полкан цхьа рота а, шиъ йоккха топ а, гIалгIазкхийн сотня а йахийта. Кхана Грозный дIакхочу йолу Тамански полкан батальон Шелана улло йахийта. Веданахь гIуллакх ца деш лаьттачу Курински полкан шиъ батальон арен тIе кхайкха. Майорна Ярцевна тIедилла, цхьа а мятежник УстаргIардойн тIайх сехьа ма валийта алий. Йаздин ахь?

– Йаздина, хьан локхалла.

– КхидIа. Шелана тIера бIаьрг ма баккха. Цунна тIе мятежникаш ма бита, мел даккхий дараш хилахь а. Мятеж Йоккхачу Нохчийчу ца йалийта, отрядаш УстаргIарданий, Эрсанний йуккъе хIиттайе. Нохчашна йукъарчу вайн лазутчикашна ахча а ма кхоаде. Полковнике Батьяновга: Хаси-Юьртана а Iумхан-Юьртана а йуккъерчу линица чIагIло. Нагахь и акхарой Теркал дехьайовла гIортахь а, царна новкъарло йан, хин бердашца болу хихбовларан берриг а гIирсаш хIаллакбе. Дерриг нийсса йаздин ахь? Сихонца телеграмма дIало.

Габаев араваьлча, Мыловна тIевирзира Свистунов.

– ХIинца, господин полковник, дийцал цигара хьал ша ма-дарра.

Майртуьпахь хиллачу тIамах а, тIаьххьарчу масех дийнахь Нохчийчохь хIоьттинчу хьолах а лаьцна дийцина ваьлча, Нуридна арз дан хIоьттира Мылов.

– Хьан локхалла, уггар кхераме киртиг тидаме ца оьцуш йуьтийла дац. Iумхан-Юьртара со аравалале, ас геланче Нуридна тIе приказ дахьийтира, цхьана батальонций, гIалгIазкхийн сотниций, йеа йоккхачу тоьпаций со Майртуьпа вогIу, хьайн отрядца сихха суна дуьхьалвола аьлла. Кхо сахьт далале цо жоп даийтира, хIоьттинчу хьолаца дуьстича, отряд Эрсанара дIайаккхар кхераме ду аьлла. ШолгIа ас дахьийтина приказ а кхочуш ца дира цо. Эххар а, кхозлагIа ас приказ делча, жоп даийти: «Хьан приказ кхочуш ца дича ца волу со, амма, сан отряд хIаллакьхилахь, жоьпалла хьуна тIе дужу», – аьлла. Ахь пурба ма-даллара, ас хьан локхаллин цIарах ма лора приказаш. Уьш кхочушцадарна полковникна Нуридна таIзар догIу.

Александр Павлович хьалагIеттира.

– КхидIа цуьнан амалшка хьаьвсича, хуур вайна. ЦIа а гIой, жимма садаIа…

Чувеана адъютант, Свистуновга телеграмма а йелла, неIаре йуха а ваьлла, чурт санна, вогIавелира. Инарлас сихха бIаьргаш кхарстийра кехата тIехула:

«Цуьнан локхалле Теркан областан эскарийн командующига, инарла-адъютанте Свистуновга.

Стомара буса, шайн коьртехь могIара салти Попов Елисей а волуш, Герзель-гIопера шайн герзаца кхоъ салти ведда хилла мятежникийн агIонгахьа. Бевддарш гIопана генабовла кхиале, и хиъначу капитано Чекуновс тIаьхьадаьккхинчу орцано цхьаъ

вийна, шолгIаниг, лаьцна, йухавалийна. Поповн аьтто баьлла къайлавала. Лаьцначу салтичунна Недоноскин Дмитрийна таIзардарх лаьцна хьоьгарчу гайтаме ладоьгIур ду ас.

Флигель-адъютант, полковник *Батьянов.*

21-гIа апрель, 1877-гIа шо.

Хаси-Юрт-гIап»

Командующин хьаьжа йуккъе шад гуллуш гиначу Смекаловна хиира хаамаш дика боцийла.

– ХIун хилла, Александр Павлович?

– Вайн салтий нохчашкахьа ида бевлла-кх! Мятеж йолайала а кхиале, кхоъ ведда.

– Иза вай цецдовла хIума дац. Ермоловн заманахь дуьйна схьа нохчашца хилла беха тIом чекхбаллалц эзарнаш идда уьш цаьргахьа. Эпсарш а цхьаьна. ДаьргIана а, Бенана а уллохь салташа йехкина дийнна слободаш йара хIетахь. ТIе, нохчийн эскаршкахь берриг герзийн пхьераш а, артиллеристаш а бевдда бахана салтий бара. Вайна дуьхьал майра а, дера а уьш летара. Царах бисинчу новкъа бевлла-кх хIинца вайнаш а…

– Сан сатедан, карлайоху ахь и истори? – йукъахваьккхира иза Свистуновс. – Амма ас ловр йац сайн эскарехь и анархи. Сотник, дIайаздел. «Гуттар сиха. Полковнике Батьяновга. Лаьцначу дезертирна йерриг полкана хьалха, цхьа а суд йоцуш, тоьпаш тоха». Йаздин ахь? ШолгIа. «Полковнике Нуриде, Долговга. 80-чу ГIебартойн гIашлойн полкехь салтий мятежникашкахьа бовла гIоьртина меттиг хилла. Шайх тешийначу отрядашкахь лахарчу чинашна тIехь сема тергам латтабе. Мятежникашкахьа ойла йолуш стаг хаалахь, тIеман законашца догIу таIзар а де».

Адъютант араваьлча, доккха са а даькккхина, хьаьж тIе йовлакх хьаькхира Свистуновс.

XII корта. **ТЕШНАБЕХК**

Аш хIунда къевлина сан некъ?

ДIадовла!

Даймохк бу вайн гIоне хьоьжуш…

Ш. Петефи

1

Малх делкъенга болучу хенахь Iаьлбаг коьртехь волу отряд, Эвтарахула чекх а йаьлла, эвлан йисттерчу экъан тIехь сецира.

ОйсгIар, Мелчхе, Гуьмсе, Мескар-Эвла дIа а лаьцна, кхуза кхача йезара Къосам а,

Тозуркъа а коьртехь оцу йарташка йахана ши отряд.

БІаьхошка муьлххачу минотна кийча дойшна уллохь хила а аьлла, шеца Коьра а, Болат а кхайкхина, дехьо лаьттачу гу тІе вахара Іаьлбаг.

ГІовттамхойн отрядаш йарташкахула чекхйуьйлуш, баккхийбеш дуьхьалбетталора бахархой. Божарий, кегийрхой, божабераш эвла йисте дуьхьалдогІура. Царах дуккахберш, къаьсттина кегийрхой, бІона йукъакхетара. Сискал, кІалд, хохаш карахь урамашка буьйлура зударий а.

Адамийн йаххьаш тІехь баккхийбер, дикане сатийсам гора Іаьлбагна. Цхьаберш боьлура, вукхара шовкъе маьхьарий деттара, кхечара хІорш Деле боьхура. Амма Іаьлбаган ирачу хьекъална гора оцу шовкъечу йаххьаш тІехь цара къайлайаьккхина латто гІайгІа а. Адамаша маршоне сатуьйсура. Уьш кийча дара цуьнан дуьхьа синош дІадала. Амма оцу бІаьрзечу дукханна йукъахь кІезиг бацара хІоьттинчу хьоле сирлачу хьекъалца хьуьйсурш а.

ГІовттамхошна йукъахь кІезиг бара шовзткъа шарал лакхара нах. БерхІитта шо хьалха чекхбаьллачу бехачу тІамехь бахчабеллачу бІаьхошна хаьара паччахьан Іедалан ницкъ. Цуьнца къийсар эрна дуйла а, толаме догдохийла йоцийла а. ГІаттам жигарбаьллачу кху тІаьххьарчу кІиран чохь йарташкахула чекхйуьйлучу оцу кегийрхойн тобанашка а хьуьйсуш, царах къахеташ, кортош хьийзадора къеначу бІаьхоша. Кхузткъа шо хьалха кхин сурт ма дара хІокху Нохчийчохь. Паччахьан эскарша наггахь дечу тІелатарша йукъ-йукъа йохо йарташ хьесапе ца эцча, йерриг Нохчийчоь токхе, дийна йара. ХІетахь а ца хаьара паччахьан ницкъ. Теркаца лаьттачу масех станицехь, масех гІопехь берг бен, кхин ницкъ бац моьттура.

Баккъал а, йуьхьанца, шаьш биттане а ца битича, уьш ларабора паччахьан ницкъаца. Толамаш бохура. И шайна го ницкъ кхин иттаза алсам баьлча а, ларийра. Амма иза, харц хІу санна, дебара шо-шаре мел долу, ткъа хІокхерниг дебо хьоста дацара. Вийначун метта дІахІотта тІемало ца хуьлура, къийсаман йозалла тІехь йуьсура дийна бисинчарна.

Оцу бехачу къийсамо заза дожийра Нохчийчоьнан. Цхьана агІор – паччахьан инарлаший, вукху агІор – Шемалий. ХІинца Нохчийчоь тера йара, йукъара зоьртала нежнаш, пепнаш охьа а диттина, йохийна, хІаллакйинчу бІешерийн хьаннех. ХІинца гІевттинарш оцу зоьрталчу диттийн метта кхиъна маргІалш дара.

Къеначу тІемалоша гІайгІане кортош хьийзабора.

ХІинца Іаьлбагна хьалха, паччахьан эскарел сов, кхин дуьхьалонаш а нисйеллера. хІор а йуьртахь, дІа ког мел баькккхинчохь, динан дайн, совдегарийн, эпсарийн, церан хьадалчийн кІелонаш а карайора цунна. Халкъан гІуллакхна, халкъан маршонна дуьхьалваьллачунна шегара къинхетам хир боцийла хаийта, Іаьлбага луьра таІзар дора царах шен кара нисвеллачунна. Амма Іаьлбага дина нийсонан хьукма мостагІаша цунна шена дуьхьал а доккхура. Ткъа динан дайша, цхьайолчу йарташкахь, маьждигашкахь шаьш хьехамаш беш, иза сийсазвеш, цунна неІалт кхайкхош, адам херадоккхура цунах.

ХІинцале и ши йурт дуьхьалйаьллера, хІорш тІе ца оьцуш. Йуьххьехь – ишхой а, селхана – гуьмсахой а. Шеконехь дара тахана шелахошца дерг а. Іаьлбаган бІаьнбІаьргаша хаамаш беанера селхана Шелахь хиллачу гуламера. Шелан йуьртда Ханболатан Боьршиг коьртехь а волуш цигара жимма а таро йолу берриг нах цхьаьнакхеттера, йурт Іаьлбагна дуьхьалйаккха. Гулам, цхьана барте ца богІуш, боьхнера, амма сийсара хилларг хаац.

Лекха боцчу гу тІе шаьш хьаладевлча, бІаьргашка турмал йаьхьна, леррина Шела хьежа хІоьттира Іаьлбаг.

– Эвлан йукъ сийсош адам го. Дукхахберш – говрашкахь.

– Салтий-м бац уьш? – хаьттира Коьрас.

– ХІан-хІа. Хеса йаьржина хьаьжа-гІабакхаш санна, кІайн чалбанаш го.

– Стенна гулбелла-те уьш?

– Вайна гІоьнна гулбеллехьара, чалбанаш хир йацара цигахь. Болат, кегийрхоша хІун дер-те?

– Делхьа, Іаьлбаг, догдохийла-м йу вайн, амма тешам бац-кх. Боьршига а, цуьнан бартахоша а дикка адам шайгахьа даькккхина. Кегийрхошна дихкина вайна тІаьхьахІиттар. Хаац, хІун хир. Шайн бахамаш, доьзалш Соьлжа-ГІала а, Чахкара а, гІалгІазкхийн йарташка а дІакхалхийна хьал долчара. Уьш цига дІа а ловчкъийна, йухабаьхкина цхьаберш. Іедало хьовсийна йа шаьш баьхкина а хаац, амма пайденна-м ца баьхкина уьш.

– Майртуьпара гІуллакх чекхдаьллачу шолгІачу дийннахьехь Шела дІалаца йезаш хиллера. Циггахь гІалат далийти вай, – элира Коьрас.

– Иза дІадаьлла, Коьра, дийцарх нислур доцуш. Ас и аьлча, хьо воцург, массо а суна дуьхьалвелира.

Говрара чу а воьссина, лаьттах хьалакъеддачу чхар тІе охьахиира Іаьлбаг, тур голашна йуккъе а лоцуш. Нуьйрана тІе дуьрста а тесна, хецна битина дин, бега а белла, ворта а саттийна, лаьттах берг йетта белира.

Коьртара схьабаькккхина месала куй гоьла тІе а биллина, горгачу чІенга кІел, буй беш, куьг гІортийна, шена хьалхара аре дІалаьцна лаьттачу шен бІаьне хьоьжуш, дІатийра Іаьлбаг.

Говрашкара охьавоьссира ши накъост а. Коьра доттагІчунна улло охьалахвелира.

– Вай са ма-тийссара, атта а ца хилла хІара гІуллакх, – йоцца хьалайаьллачу шен Іаьржачу можах куьг хьаькхира Іаьлбага… – Йиллинчу хенал хьалха гучубевллачу аькккхаша Хаси-Юьртара эскарш самадехи. БІаьн-Некъаца йолу зІе йохайе аьлла, вахийтина Акхта а ишхоша йухаверзий. Изза дар тІедиллинчу ГІубхас хирг хилла даьллачул тІаьхьа бен ца йохий Веданара охьайогІу зІе, Іумма-Хьаьжа хІинца а тийна Іа. Цигара йарташ-м муххале ца гІовттийра цо, мелхо а, хьаькамашца лечкъардигех ловза ваьлла. ТІехула тІе, суна луьйш ву а, боху, шен бертаза хенал хьалха ас гІаттам болийна бохуш.

– Ткъа хІун де вай? – хаьттира Коьрас, шаьшшиъ говраш тІе хиъча.

– ХІун де? ХІуъу дина а, мостагІчунна тІехь цхьаъ-шиъ толам баккха беза-кх! ТІаккха кхузара йарташ а хІуьттур йу вайна тІаьхьа, гІалгІай а, дегІастанхой а, тушой а, гонахара кхин къаьмнаш а гІовттур ду. Цхьа масех гІап дІалацар – и ду уггар а коьртаниг!

Къосаман бІо, бухарчух схьа а ца кхеташ, ахаза долу ши кха дІалаьцна, сецира.

– ДегІастанарчу вайн накъосташа гІаттам болор бац кестта, – элира Коьрас, дарвелла доттагІ жимма кІадвелча. – Царах цхьаболчийн барт бу Шемалан ГІеза-Махьмиций, Алхазан Мусиций. Іумма-Хьаьжа а цаьрца ву, ткъа цо тушой сецабо.

– ГІовтта-м гІовттур ма бара уьш, Коьра, амма, хирг хилла даьлча, гІовттур бу-кх. Цхьаьний гІевттинехь, ларор дара вай. Ткъа къаьст-къаьстина дуьхьало йан ницкъ бац. Паччахьан инарлаша, цхьацца хьошуш, вичІадохур ду. Дала хьеха! Вай делхарх, цІийзарх, нислур дац уьш. Болат! Боларахь Шела тІе! ХІор а бІенна йуккъехь бІе гІулч а йуьтуш!

Бес-бесарчу адамех вовшахкхетта, цхьана а низамна Іамоза и дошлойн эскарш, ах сахьт далале, низаме а дирзина, готтачу новкъа меллашчу боларахь Шелахьа дуьйладелира. БІаьнна хьалха воьдучу Іаьлбагна тІаьхьарчу Янаркъин карахь махо ловзайора хІинцале хІоьънаша зарзйина гІовттамхойн байракх.

Іаьлбаг йуха а ойланаша дІалецира. Майртуьпахь тІом хиллачул тІаьхьа ша дилийтинчу гІалатех селханий бен ца кхеттера иза. ШолгІачу дийннахьехь цо хІара Шела дІалаьцна хиллехьара! Шайгахьа йевллачу Гумс, Мичик а хищца йолчу йарташкахь хІор а толам базбеш, кхидІа тохар муьлхачу агІор дан деза бохуш, къуьйсуш, эрна хан йойъуш Іашшехь, мостагІчо шен ницкъаш тІеуьйзи. Эрсана охьахиъначу полковнико Нурида дІакъевлина Хулхулон ахкахула аренга долу ков. Ахк-м ГІубхин карахь ду. Цо Веданара эскар охьа-м долуьйтур дац. Пайда буй ткъа, цуьнан шен оцу ахка чуьра дІасаволийла ца хилча? Кхузахьара кхерам лагІ ма-беллинехь, Аваловс а, Нурида а, цхьацца агІор тІеттІа а Іаьвдина, отур ву иза йа йуьстахтосур ву.

Делахь а, Іаьлбаг вогург иза дац, кхин ду. Оцу кхаа дийнахь мостагІчо эскарш хІиттийна УстаргІардойн тІай тІера схьа Эрсана кхаччалц. Лаххарчу хьесапашца, пхи эзар гІашсалти а, эзар дошло а. Цара некъаш къевлина гІовттамхошна. Некъ ца битина Іаьлбагна ЧІебарла хьала ваха а, йа цигарчу Залмин Дадина охьаван а. Йуха а ваьлла, ЦІоьнтархула, ДаьргІахула Ведана гІоьртича, цигахь а мостагІчун боккха ницкъ лаьтта. Кхузахула а, тІемаваьлла, мархаш тІехула ца валахь, тІехвалалур вац. ЧІебарлахь а мостагІчун масех гІап йу. Уьш дІа а лецна, Дада арен тІе гІортахь а, Органах сехьа ма-веллинехь, Чахкара-гІопа тІе нисло.

ХІокху шелахоша хІорш тІелацахьара а, гІуллакх аьттоне дерзаре догдохуьйла йара…

2

Цхьа кІира хьалха инарло Свистуновс Соьлжа-ГІала дІакхайкхина нах цигара шайн йарташка йухабирзича, гІайгІане ийгира.

ГІалахь инарлина хьалха, эскаршна йукъахь шаьш дуккха а цхьаьна долуш, шаьш нуьцкъала а, муьлххачу кхерамна дуьхьалхІитта майра а хетара царна. Амма, гІалех арадевлча, цунна гена мел довлу, некъашка декъалуш, цхьалха дисча, кортош чу кхин ойланаш йиссира. Кхоъ ницкъ бара царна кхаа агІонгахьахула тІегІерташ: генахь – туркой, ломахь – гІовттамхой, ткъа уллохь – кхузара паччахьан Іедал.

Халкъан сий ойъурш а, и сий дойъурш а кІеззиг нах бу. Халкъан кхолламах шена дан луург оцу халкъе хеттац колонизаторша. Оцу халкъалахь лоруш а, сий деш а болчаьрга, хьолаца ницкъ болчаьрга дІахьебо цара шайн лаам. Царна, куьг хьаькхча, хаало, халкъана шаьш муьлхачу агІорхула тІеховша деза. Нагахь цара цІингаш кхоссахь, ларлуш хуьлу, амма, ка-мІара хьаькхча, цІога ластош, и сацахь – таІІайой бага гаьллаш йухку. ЦІингаш кхуссург а, хІуъу дича а, караца Іемарг а нисло халкъа йукъахь.

Шайн халкъан сий, маршой шайн бахамал а, синойл а деза хета дукхахболчарна, амма хІор а халкъах цхьа даххаш довлу, шен цІока дийна йисчахьана, шен гайн тІингар йуьзчахьана, халкъ-м хьовха, шен да-нана а духкур долуш. Оцу тІаьххьарчийн Дела а, дин а, даймохк а, Іедал а хьал ду. Шайн хьал Іалашделчхьана, иза дебчахьана, шайн цІокарчий ларйелчахьана, уьш тІеберза кийча бу муьлххачу динна а, Далла а, Іедална а тешам хІун йу а ца хаьа царна, ткъа йамартло церан цІийх а, даьІахкех а йоьлла. Халкъана тІе бохам беъча, уггар хьалха шайна тІе пайда богІу, шайн аьтто хуьлу агІо лоху цара, нагахь и пайда хир белахь, цара, бІаьрнегІар ца тухуш, сийсаздо да-нана а, йиша-ваша а, селханлера шайн доттагІий, селханлера шаьш, лаьттах корта бетташ, суждане ихна Дела а, Іедал а. Селханлера доттагІий мостагІий хуьлу церан, мостагІий – доттагІий хуьлу.

Халкъах девлла и даххаш бІаьрга дан ца деза олалла дечу Іедалхошна а. Уьш а кхаьрда церан йамартчу, стешхачу кІиллойн дегнех, церан бухбоцчу сутараллех. Амма, мел шайна ца безахь а, уьш ца хилча йиш а йац церан. Мел уьш шайна жерга хетахь а, цаьрца къамел дан а, царна къиэжа а деза олаллахойн. Цаьргахулий бен

латталац цаьрга шайн когаш кIеларчу халкъашна тIехь Iедал.

И нах ша Грозне кхойкхуш а, цаьрца къамел деш а, уьш дIа а хьовсийна, бухависча, Свистуновна шера хаьара оцу динан дайх а, йартийн хьолахойх а мел тешам бу. Хаьара, уьш Iедалехьа баха шиъ бен некъ боцийла а – ницкъ а, ахча а.

Iаьлбагах а ца кхоьрура и нах, хIунда аьлча уьш теша генахь бара оцу къечу нехан имамо, паччахьан эскар а дохийна, толам боккхур бу бохучух. Къечу нохчашначул царна дика ма хаьара паччахьан ницкъ. И чалбанчаш а, совдегарш а, мехкадай а шегахьа баха дIаохьа хIумма а дацара имаман, шена тIера схьайаьккхина цхьаъ бен йоцу машин чорда хеча ца лахь.

Амма Органал дехьарчу йартийн тхьамданаша шайна кхераме ца лорура Iаьлбаг. Далла бу хастам, хIорш Соьлжа-ГIаланий, Буру-гIаланий йуккъехь болуш. Цул сов, хIокхарна гIагI хилла лаьтта йуккъехула йехкина паччахьан эскарийн гIаьпнаш. Цара ларбийр бу хIорш ломарчу зуламхойх. Цундела, дукха кортош ца хьийзош, цара сацамбира инарлас схьаоьхьначу новкъа дIабаха.

Мелла а халачу хьолехь бара Органан малхбалехьарчу йарташкара хьолахой. Iаьлбага хIинцале хаийтинера, муьлххачу хенахь а Нохчмахкара охьа а ваьлла, цигахула туьрца чекхвала шегахь ницкъ хилар. ХIара цхьа Шела а, Гермчиг а йоцург, кху ломан когашкара къилбаседехьа йолу йерриг а йарташ цуьнгахьа йу. Сахьт дац иза кхуза кхача а.

Вай дала гIертачу накхармозийн тускарх тарйеллера Шела. Даррехь шина тобане йекъайеллера Нохчийчоьнан и шатайпа столица. Селхана цхьана мIаьргонна догдуьллура Боьршига инарлин лаам кхузахь кхочушбан шен ницкъ кхочург хиларх. Боьршиг а, цуьнан бартахой а машаре бийшина Iашшехь, Iаьлбаган наха хьалххе дуьйна болх бинера кхузахь. Ткъа хIорш самабевллера, йаьллачу цIаро кIажош баго боьлча. ХIинца, бIаьргех буйнаш хьаькхна, къаьрззина гуонах дIасахьаьвсича, йуьртарчу бахархойх дукхахберш Нохчмахка лерг диллина Iаш карийра хIокхарна.

Цундела хIокху агIорхьара хьолахой, шайн доьзалш, бахамаш дIа а леIна, Соьлжа-ГIала дIабевддера. Тоххарехь шайн туьканаш Органал дехьайаьхнера Курчалой-Эвларчу Илесан бераша а. Сила долу шайн жаш, стерчий, говраш Теркал дехьа йигнера Майртуьпарчу МуьстагIара, ЗакагIара, Бекмирзин бераша, Гермчигарчу ДиагIара, УзигIара, Мескар-Эвларчу ПанкъагIара, МазигIара, дуккха а кхечара.

Доцца аьлча, цIе герга кхаьчна. ХIор а ву шен-шен цIока, бахам кIелхьарбаккха гIерташ. Ма дика ду-кх уллохь Грозный-гIала а, цигахь Iедал а долуш…

Сийсара набаран суй ца бинера Ханболатан Боьршига. Иттех куьпахь, жимма а таро йолу нах шена тешамечу керташка а гулбеш, хIоранхьа а дукха мотт лебира цо…

– Нагахь санна и мезаша буьзна нохчмахкахой цхьана оьрсийн паччахьан Iедална дуьхьалгIевттина шуна моттахь, иза бакъ дац шуна, нах! – кхерамаш туьйсура цо. – Уьш вайна дуьхьал а гIевттина шуна. Вай а ма ду паччахьан Iедал. Йа, нийсса аьлча, кху Нохчийчохь цуьнан гIорториаш. Шуна, динан дай, алапа а ло Iедало. Шуна, совдегарш, мах лело, са йаккха таронаш йелла Iедало. Вайна массарна а мохк белла Iедало. Вайн ворхIий дена гIенах а ца гиначу зовкхе кхачийна вай цо. Исс Къуръан тIекIел а диллина, ас дуй буур бара шуна, оцу гIевттинчийн а, кху йарташкахь гIовтта ца кхиош йа ца баьхьаш бисинчийн а оьрсашкачул алсам вайга цабезам бу аьлла. ХIунда? Iедало вайна тешам белла дела. Iедало вай лору дела. Шаьш вайх къинхетам бийр боцийла а хIинцале хаийтина цара. Дуккха а йуьртдайн, молланийн а цIенош дагийна, дуккханийн а даьхний дигна, бахам талийна. Царна башхо а ма йац – нохчо, оьрси, бусалба а, керста а. Iедалехьа верг массо а мостагI ву церан. Цунна дуьхьалверг бартахо ву церан. Суначул шера хаьа шуна, кху Шелахь дуккха а нах, йа, нийсса аьлча, массо къехо, Iаьлбаг-Хьаьжа боху и тIуьйлиг схьакхачаре хьоьжуш, лерг диллина Iаш хилар. И схьа ма-кхеччинехь, вайн бахамаш, вайн хьал, талийна, хIур-цIур дина дIадаккха. Ткъа шу, кортош

таIийна, суьлхьанаш хьийзош, гай тIе мIараш хьоькхуш Iа!

Шелахойн тхьамданаша тийна ладоьгIура Ханболатан Боьршиге. Цуьнан ира хьажар тIенисделлачун корта охьабоьдура, ткъа баккхийчара, шишша-кхоккха цхьаьний а доккхуш, масдора суьлхьанаш. Наггахь волчо бIаьрнегIар ца тухура. Боьршигах ца тешаш делахь а, йа гуттар цунна резахилла делахь а, – бIаьргаш чохь цIе йогура церан. Амма дукхахберш къера бара шайн кIиллоллиний, гIорасизаллиний. Боьршиг-м, дера, бакъ ма лоь. Цо дуьйцург царна керла ма дац. Царна шайна а ма хаьа, и гIевттина ламанхой шайна диканна ца лелий. Амма, хьанна хаьа хиндерг? Туркой а бу, ма боху, Типлисе кхачча бохкуш. Царна гIо деш бу, ма боху, малхбузера паччахьаш. Хьанна хаьа, уьш туолахь а?

– Туркой? Уьш хIун йу оьрсашна дуьхьал? – Туркой а хьахабой, ваьллачу тIе а Боьршиг карзахвоккхура наха. – Уьш маца тоьлла оьрсел? Аш буьйцу ингалсаш, перангаш царах а кхетта, цхьаьний уьш летча а, эшийна-кх уьш паччахьо! ХIинца вайна дуьхьал и ког шуьйра шарбалш йолу туркой бен бац. Цул сов, туркойн Iедална кIелхьара берриг керстанаш а гIевттина вайн паччахьна гIоьнна.

– Туркошна гIоьнна абхазой а, саной а гIевттина, боху, – эккхийтира цхьамма. – Цаьргара даьлла ун ду кхуза даьржинарг а. Изза дан кечбелла суьйлий а, Iаьндой а Iа, боху. Россехь муьжгий а карзахбевлла, тов…

– Хьердолуш лаьтта хIара дуьне…

– ХIокху паччахьаша лелочунна тIаьхьакхиъна вер вац…

– Шаьш дов а доладой, халкъаш вовшехлоьтуьйту…

– Вайн гIуллакх тапъаьлла тийна Iар ду.

– Тоьллачуьнгахьа довла…

Зоьрталчу Боьршига, хьаьжайукъ хабийна, цIоцкъамаш дусийна, буьрса бIаьрг беттара гIугI дечу хьолахойн йаххьашна тIехула.

– Цкъа-делахь, аш буьйцучу абхазойх а, санойх а церан шайн элаша хIоз беш бу. ДегIастанхой а, меттахбовла ца баьхьаш, таьIна Iа. ГIевттинарш хIара вайн Iовдал нохчий бен бац. ТIе, Iовдал вай, Iунканаш санна, таьIна Iа. Ткъа Iедало стенга ладоьгIу? Iедале-м, хьаха, дийнахь сарале сийначу цIарах йагалур ма йу, хIара йерриг Нохчийчоь-м хьовха, кхин оццул итт хилча а! Амма Iедало вай, паччахьан тешамечу йалхоша, хIун до хьоьжуш, ладоьгIу. Цахуьлчу далахь, оцу нохчмахкахошца цхьаьна, хьаьшна, вичIадохур ду шуна! Соьлжа-ГIала гулбинчу нахе инарлас аьлларг дицделла шуна? Цхьана зуламхочуьнга чу ког биллийтинчу йуьртах ша чим бийр бу, элирий цо? Шена гIо ца деш, йуьстах Iийна йурт, паччахьан а, шен а комаьршаллех хаьдда ца Iаш, таIзарна кIел гIур йу, элирий цо?

– Вай хIун дан деза царна? Вай санна, бусалбанаш хилла ца Iаш, нохчий а ма бу уьш!

– Нохчий, бусалбанаш къесточохь дац вайн гIуллакх. Вешан бахам, доьзалш кIелхьарбахар ду коьртаниг!

– Вай саннарш кIезиг ма бу йуьртахь. ИтталгIа дакъа а бац…

Амма Боьршиг къар ца лора. Цунна карабора дуьхьалвала некъ.

– Оцу дукхахболчарна йукъахь вайн гергара а, тайпанан а нах бу. Шен-шениг сацаве хIораммо а. Хаалаш, вайх хIоранга а шен гергарчух жоп доьхург хилар! Тховссехь арадовлий, уьш вайгахьа баха. Iаьлбаг-Хьаьже Шела чу ког буьллуьйтийла дац вешан декъашна тIехулий бен. Витахь, вешан бахамех-м хьовха, кортойх а догдилла дезар ду. Иштта ду шуна инарлин омра а. Со аьлла вели.

Боьршиган набарза йайна буьйса эрна ца йахара. Тахана Iуьйранна малх кхеттачу

хенахь йуьртан майдана гулделла адам, селхана санна, карзахе дацара. ГІовттамхошна тешаме бисинчу кІеззигчу наха кхайкхаме детта маьхьарий а, ден къамелаш а эрна довра…

3

Нурхьаьжий, Акхтий коьртехь волу жима бІо йуьрта а хьажийна, шен коьртачу ницкъашца цхьа чаккхарма сехьахь сецира Іаьлбаг.

ХІетта цунна тІе хаамаш кхачийнера сийсара Шелахь хиллачу хийцамех. Амма Іаьлбаг тешна вара, баккхий нах йухабовлахь а, йуьртарчу кегийрхоша ша тІеоьцург хиларх.

Уллохь лаьттачу Овхьаде вист ца хуьлуш, иза карзахе хьоьжура йуьрта. ХІокху цхьана сохьтехь къаста безара цо долийначу гІуллакхан кхоллам.

Кхузахь бара нохчийн цІейаххана совдегарш, молланаш, хьаьжой. ХІокху йуьртара бевлла Іедална гІуллакх ден дукхахболу эпсарш, хьаькамаш. Цул сов, деган пхенаш санна, кхузара дІа Нохчмахка а, ЧІебарла а, Соьлжа-ГІала а дІасадоьлху даккхий некъаш.

Кхузарчу нахаца гергарлонаш долуш а, хІокхунах агІо тоьхна а Іуьллу хІокхул тІаьхьа йоккха, маршонан гІуллакхашца даим цІе йоккхуш хилла Гермчиг а.

Хьалха чалбанашца баккхий нах а болуш йуьртах арайаьлла дошлойн тоба, дохнан дежийлашна тІехь йаьржина сецира. Кегийрачу тобанашца йуьртах арабуьйлучу гІашлоша дІалоьцура царна тІехьара аре. Нурхьаьжин бІо шена тІекхаьчча, бухара дошлойн тоба дІаса-м муххале а ца йекъайелира, мелхо а, кочара схьайаьхна тоьпаш хьалха а лецна, дуьхьалйирзира.

– ХІун ойла йу-те церан? – элира турмалца цаьрга хьоьжучу Іаьлбага.

– Тамаша бу, дуьхьало йан ца бахкахь.

– Жоьжахата гІойла уьш! Къена нах хьалха ма-гиннехь, хиира суна хІара гІуллакх меттера доций.

Оцу минотехь схьакхаьчначу Къайсара хаам беара, шелахоша, шаьш йуьрта дитац, боху, аьлла.

– Нурхьаьжига тхо тІекхаччалц собарде ала. Къосам, дошлойн бІо тІаьхьабалабе!

Эвлан йисте бевлла шелахой йукъалоцуш ах гуо беш дІахІоьттинчу шен эскарна йуккъехула а ваьлла, дин боларе а баькхкина, шина а агІорчарна йукъахь йаьсса йитина бІе гІулч аса а хадош, вахана, хьалхарчу могІарехь лаьттачу шелахойн тхьамданашна хьалха сецира Іаьлбаг. Шайн отрядашна хьалхара схьабевлла Нурхьаьжа а, Къосам а, Тозуркъа а хІиттира цунна улло.

Къоначу имамна хьалха дойш тІехь бара сира а, хьаьрса а, йехий а, шуьйрий а мажош йолу холхазан куйнашна гонаха кІайн чалбанаш хьерчийна баккхий нах. Царна йукъахь Іаьлбагна ца гира цхьа а гІийла, беркъа стаг. Массо а, вустийча санна, дилхе, токхе. ТІедуьйхина оьрсийн тоьллачу машин чоэш, атласан гІовталш. ХІораннан а каралаьцна топ, хаьнтІехь кхозуш тур, йукъахйихкина шаьлта, доьхкарх йоьллина тапча, Шеларий, Гермчигарий, Мескар-Эварий, Курчалой-Эварий, БердакІеларий совдегарш, мехкадай.

– Мила ву шун тхьамда? Схьавала йукъара, – элира Іаьлбага, ворта сеттош, цхьана метта ца сацалуш, ловзайаьллачу говрана вортанах дайн куьг тоьхна, и дІа а тейеш.

Нахах ши-кхо гІулч къаьстина, хьалха лаьтта Боьршиг, курра корта а саттийна,

кIоршаме схьахьаьжира цуьнга.

– Со ву шелахойн тхьамда.

– Хьан цIе?

– Ханболатан Боьршиг. Ткъа хьо мила ву?

– Симсарарчу Олдаман Iаьлбаг.

Вуьйцу дукха хезнехь а, Боьршигна ца моьттура хIара нохчмахкахойн имам йуьхьана а, къамелна а оццул эсала хир ву. Цунна хьалха лаьттара, тIехь эттIа чоа а, коьртарчу лохачу, месалчу куйнна кIел цIен бос богуш, горга, къинхетаме йуьхь а йолуш къона стаг.

ТIеттIатаIийна балдаш вовшах ца къастош, кIоршаме велавелира Боьршиг.

– Iаьлбаг-Хьаьжа, тов! Хьо ву Нохчийчохь хIара гIурт бина Iаьлбаг-Хьаьжа? – пхьидачух тера боккха ши бIаьрг Iаьлбагна тIебуьйгIира цо. – Хаьий хьуна, Iовдал нохчмахкахо, айхьа халкъана деш долу зулам? ХIун оьшу хьуна тхоьгара? Стенна веана хьо тхан йуьртана тIе?

– Суна хьоьгарий, хьуна тIехьа лаьттачу оцу хьолахошкарий хIумма а ца оьшу, Ханболатан Боьршиг, – парггIат жоп делира Iаьлбага. – Кху йуьртарчу нахана тIе веана со. Цара пурба лахь, йуьрта чуван а, нагахь ас айъина гIуллакх цара къобалдахь, уьш сайна тIаьхьахIитто а.

Боьршига аьрру куьг диллира шен кочахь кхозучу туьран детица кхелинчу макъарна тIе.

– Йуьрто со векал вина шен лаам хьоьга дIахаийта, – ша эриг массарна хазийта, аз айдира Боьршига. – Шелахой реза бац хьо тIелаца. Хьайн арданг эций, лома йухаверза.

ГIо лоьхуш, Iаьлбага бIаьрг кхарстийра баккхийчу нехан йаххьашна тIехула. Амма царах цхьаннен а бIаьргаш чохь цунна ца гира доглазаман суй а. Ткъа даррехь цабезам, цабашар, къизалла гора.

– Дика ду, Ханболатан Боьршиг. Ас халкъе хоттур ду цуьнан дагахь дерг.

Говр дIа а хьовзийна, йуьстахлаьттачу йуьртан лахенийн тобанна хьалха хIоьттира Iаьлбаг.

– Шелахой! – мохь туьйхира цо, шед буйнахь куьг хьала а лаьцна. – ХIинца соьца хиллачу доццачу къамелехь шун йуьртахочо Ханболатан Боьршига, ша аш хаьржина векал а ву, тхо Шела чу дита шу дуьхьал а ду аьлла, шун цIарах дош делла. Нагахь Ханболатан Боьршиг аш шайн йуьртан тхьамда а хаьржинехь, цо соьга аьлларг шун барта а делахь, тхан бакъо йац шуна тIегIерта. Суна хетарехь, Ханболатан Боьршиг аш хаьржина вац. Иза вайн халкъан мостагIийн мотт-ишарца цунна гонах лаьттачу цуьнан бартахоша хаьржина. Цо аьлларг шун барта хиларх шек ву со…

Йукъ-йукъа девллачу маьхьарша хадийра Iаьлбаган къамел.

– Оха хаьржина иза!

– Тхан лаам бу цо кхайкхийнарг!

– Хьайн гIеранца цIехьа йахийта!

– Тхо хIаллакдан воллу хьо!

Мохь бол-болучу дIа а хьожуш, эриг ала вуьтуш, цхьана йукъана сецира Iаьлбаг. И маьхьарий деттарш Боьршиган бартахой хилар шера гора.

– Дика ду, шелахой, – резахилла корта таIийра Iаьлбага. – Нагахь оцу Боьршига аьлларг шуьгара делахь, шун йуьрта гIертар дац тхо. Амма, хаалаш, Ханболатан Боьршиг а, цунна уллохь лаьтта хьаьжой а, совдегарш а, массо а уьш шу, шелахой, даларх, шу сийначу цIарах дагарх, шек дIа бовлуш цахилар. Хьовсал шайга а, цаьрга а! Церан а, шайн а беснашка а, духаре а! Церан туьканаш, шортта мохк, хьал, бахам бу, ткъа шун хIун ду? Аш мацалла хьоьгу, къоьлла къикъдоьлла, ткъа уьш хьоло хьерабаьхна. Шу, Iедало дацийна, гIорладолийна, денна тIейеттачу налогаша чIанадаьхна. Куьйган бакъонаш а йайъина, лоллехь латтадо. Маса ву шуна йукъахь сахь хьаьжкIаш йен лаьттан коржам йоцуш! Маса ву шуьлахь тахана берашна чорпа йан кана ахьар доцуш! Маса ву шуна йукъахь шайн доьзал хене баккха гIалгIазкхийн йарташка, гIумкийн элийн мехкашка йолах балха ваха везаш! Маса ву шуна йукъахь оцу дIогахь лаьттачу, аш «тхьамданаш» аьлла цIе тоьхначу шун йуьртахошна йалхой хилла чухIоьттина! Хьалдолчу шун вежарех цхьа а веаний шун мецачу, дерзинчу берашна сискалан йуьхк, тIейуха коч йохьуш?

Коьрина гора нахана йукъарчу дукхахболчийн кортош охьаоьхуш. Йукъ-йукъара кегийрхойн маьхьарий девлира:

– Бакълоь имам!

– Вуьзнарг цкъа а вац мецачун ваша!

– Уьш Iедало, тIе хьакхар хьоькхуш, кхобу!

– Хьайн чIинкъ сацайе, къутIа, цIа догIур дац хьо?!

– Нах! Оцу писо дуьйцучух Iеха ма лолаш!

– Пис хьо йу-кх, Боьршиган йалхо!

Урх оьзна, говр меттах а йаькккхина, адамийн тобанна хьалхахула дIасаволавелира Iаьлбаг.

– Ма мотталаш, тхо, дуьзна, хьерадевлла лела! Шу санна, пекъарш бу шуна герз карахь ломара охьабевлла хIара суна тIаьхьарниш. Вайн халкъана маршо йаккха, Iедало цуьнгара дIадаькккхина латта йухадерзо, Iедало а, меттигерчу цуьнан хьадалчаша а вайна тIехь латто харцо ца лайелла, гIевттина. Тхан йерриг дегайовхо шуна тIехь йу, шелахой, гермчигахой! ХIунда лаьтта шу шина дагахь? Вац шуна йукъахь кху йарташкара бевллачу нохчийн маршонан кIентийн, цIарна а цIе йаханчу къонахийн Iабдул-Къедаран, ХIовкин, Оьздамаран, СаьIад-моллин, Домбин, ТIелхаган тIаьхьенах цхьа а? Йа тIаьхье йоцуш байна-те и къонахий? Ма Iехадайта шаьш паччахьна бохкабеллачу шайн молланашка, хьаьжошка, эпсаршка, совдегаршка!

Дехьахь лаьттачу йуьртан тхьамданашна йукъахь гIовгIанаш йевлира. Шед тоьхна, говр кхоссайолуьйтуш, хьалхаиккхинчу Боьршига йукъахваькккхира имам.

– Оцу мезийн тIуьйлиге ла хIунда доьгIу аш, нах?! – бетах шеташ туьйсуш, мохь туьйхира цо. – Ца хаьа шуна, стохка Маккара цIа вогIуш, иза Уьстамалахь туркошна вохкавеллийла? Туркойн деши ду шуна цуьнан мотт баьстинарг! Шайна гIоьнна вай гIовтто ваийтина. Ткъа шу, Iовдалш, Iехадала кийчча ду!

– Лалла иза!

– Iедална муьтIахь хила!

– Иза, керста Iедал делахь а, Делера ду!

– Цунна дуьхьалгIеттинарг Далла дуьхьал гIотту!

– Хьайн туркой болчу йахийта, вахкавелла нохчмахкахо!

Хьалха лаьтта и хьолахой а, цара эцна тобанна йукъара нах а карзахбевлча, Iаьлбагна йуххе таьIира цуьнан вежарий, Къосам, Нурхьаьжа, Къайсар, Коьра,

Болат, Елисей, Овхьад. Амма Іаьлбаг шек дІа а вацара. Жимма корта агІор а баькккхина, халла хаалуш вела а къиэжаш, цо собаре ладоьгІура наха хьоькхучу маьхьаршка.

– Дика ду, нах, – говр меттах а йаькккхина, жимма хьалхавелира иза. – Со туркошна вохкавелла, боху шун тхьамданаша. Цара дуьйцучух тешарш а хир бу шуьлахь. Ас а, суна уллохь лаьттачу сан шина вашас а Къуръан тІехь дуй буу шуна, ас лелориг туркойн мотт-ишарца а, цаьрца бертахь а дац аьлла. Ткъа аш, Боьршиг, шелахойн тхьамданаш, аш буий дуй, шаьш лелориг паччахьан Іедалан бертахь дац, Іедална шаьш дохкаделла а дац аьлла? Дист хІунда ца хуьлу шу?

– Цара-м, хьаха, Къуръанаш а дуур ма ду, шайна дато сом делча! – гІадвахана велавелира хьалха лаьтта лекха, хьорзам санна, векъана стаг.

– Сом хьехадо ахь-м, цхьа къикъвоьлла эпсар велавелла шайга хьожург а!

– Вежарий! Стенна лаьтта вай кху йуьртарчу совдегаршка, эпсаршка ладоьгІуш? Имамна тІаьхьахІитта! Йаккхалахь – маршо йоккхур вай, ца йаккхалахь – делла дІадевр. ХІокху харцонал, къоьллел делла дІадовлар гІоли ду!

Шелахойн барт боьхча, цунах пайда а эцна, йурт дІалаца дагахь, сихха дой йуха а хьовзийна, шайн бІаьна хьалха хІиттира Іаьлбаг а, цуьнан гІоьнчий а.

Іаьлбага, баттара даькккхина тур хьала а лаьцна, охьаластийча, цунна тІаьхьа лаьтта кхо бІе дошло, цхьатерра меттахваьлла, йуьрта волавелира. Шелахойн тхьамданаша, тІехула лаьцна, тоьпаш туьйхира цхьа бІе гІулч шайна хьалхахула чекхбуьйлучу гІовттамхошна. Цара лелориг моттаргІанна хиларе догдохуш, ца соцуш, хьалха дІаоьхура Іаьлбаг. Амма эрна хиллера цунна хетарг. ШолгІа шаьш тухурш хІокхарна йуккъе лаьцна туьйхира шелахоша. Кайаьллачо – тІе, аьтто ца нислучо – тІехула а тухуш, тоьпаш йетта йолийра тхьамданийн тобанна хьалха а, йуккъехь а лаьттачу бартахоша а.

– Вайн масех стаг вожийна! – мохь белира Іаьлбагна тІаьхьавогІучу Къосаман.

Іаьлбага, урх оьзна, тІаьхьарчу когаш тІе хІоттийра говр.

– Йухадовла! – омра дира цо. – Янаркъа, байракх охьайахийта!

ГІовттамхой йухабоьрзуш гича, майраваьлла Ханболатан Боьршиг, баттара даькккхина тур хьала а лаьцна, луьйтанашна тІехь ирахІоьттира.

– Шелахой! Паччахьна муьтІахь верг суна тІаьхьавола!

Ша хаъал хилчахьана, цкъа а тІамна улло ца воьдуш, кхузткъа шаре ваьллера Боьршиг. Шен нийсархой герз буйнахь къийсамехь бахчалучу хенахь даим аьршица гІуллакх хиллера цуьнан. Герз ца доьхкура цо, хьошалгІа воьдуш куьцаний бен. Ткъа тахана шега хІара майралла йоссарх ша-шех цецвуьйлура иза. Дас, Ханболата, шен туькана а ца хьийзош, оьрсийн эскаре дІавелла хиллехьара! ХІинцале, лаххара а, полковник хилла хила а ма магара цунах. Амма тІаьхьа ду-кх. Къанваллалц ваьхча, йуьртда бен ца хили цунах…

– Іайт! Ма вахийталаш! ТІетоха! – мохь беттара цо.

«Ткъа Эрсанна уллохь эскарца лаьтташ полковник Нурид вацахьара, хир варий-те со сел майра? – ойла йора Боьршига. – Ца хилча ца волура. Ца хилча, инарлас хьаькамаллех а, хьолах а воккхур ву. Коьртах ваккха а мега. И полконак ма вац гучуволуш? Цо дош ма деллера, оха топ ма-кхоьссинехь, гІоьнна кхача. Тешнабехк бина-кх цо! ХІумма а дац, хІорш оха тхаьш дІалаьхкина. Хастам со цхьанна буьсуш боллу».

– ТІетоха!

Омра а делла, тур батта а дахийтина, кочара топ схьайаькккхира Боьршига. Хьежош

а ца Іаш, сирачу динахь хьалха воьдучу Іаьлбаган букъа йуккъе а хьажош, топ туьйхира цо. Амма имам, шек дІа а воцуш, хьалха дІаоьхура. ОьгІазвахана Боьршиг тапчанах тасавелла воллуш, Іаьлбага, цІеххьана йухахьаьжна, схьатоьхначу тоьпо говраца цхьаьна йуьхьарвахийтира Боьршиг. Топ шена ца кхеттийла-м хиира цунна, амма хІара ледара бере луьйтара ког схьабаккха кхиале, шен йерриг йозаллица тІейоьжначу говро цунна хаза а хезаш хена чохь тата эккхийтира цуьнан.

«Ванах, пІендарш-м кегделира, гІогІ а дойна-те сан? – кхеравелира Боьршиг. – Инарлина гергахь вазвала, тоьпан дІаьндарго мерцина йа туьро чкъор хадийна, цхьа ладам боццу чов хилла висинехь, ца мегара… Къанвеллачу меттехь, заьІап хилла, кІелвисар дара хІинца оьшург! ТІаккха ас хІун до хьолах, чинах… тІаьххьара йалийначу къоначу зудчух а…»

Боьршиг кхетамчуьра велира…

4

Іаьлбаг шен коьртачу ницкъашца Шелана тІеволавелла аьлла, хаам кхаьчча, синтем байра Свистуновн. ГІовттамхоша Шела дІалацахь, йа, вуьшта аьлча, и нохчийн столица цаьргахьа йалахь, чолхе долура гІуллакх. ТІаккха церан карадоьлхура Нохчмахка ЧІебарлица цхьаьнатосу некъаш. ХІетталц вовшехъхаьдда болу и ши некъ цхьаьнакхетча, догдилла дезара Веданах а, Эрсанах а, Чахкарах а. Александр Павловична хаьара, Органал дехьара дикка йарташ шелахойх хуьлучуьнга ладоьгІуш Іайла. Нагахь гІовттамхойн гІуллакх цигахь кхиамца дерзахь, уьш кийчча йара цаьргахьа йовла.

Оцу деношкахь виллина дІа походан барзакъца вухавелла вара Александр Павлович. Тифлисера схьа хаддаза приказаш оьхура, гІаттамах дерг чекхдаккха бохуш. Сийлахь-воккхачу эло Михаила даррехь схьахьедора, йоццачу хенахь гІаттаман цІе, цхьа суй ца буьтуш, дІа ца йайъахь, цуьнан императорски воккхаллина хьалха областан начальнико жоп дала дезарг хилар.

ХІоьттинчу хьолан кхерамалла хууш волу Александр Павлович, Владикавказера шен доьзал а бицбина, хьаьдда Грозный веанера. Цо шен буйна лецнера тІеман операцин дерриг пхенаш. Округан а, отрядийн а начальникийн хаамаш ша бешна ца Іаш, шен куьйга йаздора цо царна жоьпаш а, приказаш а. Ша йаздо приказ чохьволчу масех эпсарна а, адъютанташна а хозуьйтуш йаздора цо. Ткъа царах хІораммо а дІайаздора цуьнан багах мел даьлла дош. Иштта хІоттийначу гІуллакхо аьтто хуьлуьйтура йоццачу хенахь цхьа приказ, масех экземплярехь кечдина, массо маьІІе дІасахьажо.

ГІовттамхой Шела охьабевлла аьлла, хаам кхаьчча, эзар йалх бІе цхьамзанах лаьтта Тамански полкан шиъ батальон хьем боцуш Мескар-Эвла хьажийра цо. ХІинца Мескар-Эвланий, Эрсанний йуккъера шийтта чаккхарма йукъ дІалаьцна лаьттара шиъ ах эзар салтий. Царал сов, Эрсанахь Нуридан карахь а вара кхо бІе гІалгІазкхийн дошло, ах эзар гІашло а, йиъ йоккха топ а. Доцца аьлча, кхаа эзар цхьамзанах лаьттачу оцу кхаа отрядна йуккъехула бевллий бен, Шелана тІех а бевлла, малхбузехьа гІоьртийла дацара мятежникийн.

Оцу деношкахь командующин аьтту куьг хилла лаьттара Грозный округан начальник эла Эристов. Нохчийн йарташкахь луьстта агентура йолчу цо хІор а сохьтехь Александр Павловична тІекхоьхьура мятежникаша дІа мел боккхучу когах лаьцна хаамаш.

Мятежникийн планаш а, царна дуьхьал йолу шен планаш а Нуридна йийца а, уьш Шела тІе ма бита аьлла, приказ дІакхачо а Александр Павловича селхана Эрсана вахийтина шен адъютант поручик Чураковский хІинца а гучуволуш вацара. Іуьйранна дуьйна цигара хаам боцуш сагатделлачу Александр Павловича ша волчу кхайкхира 20-чу гІашлойн дивизин командир инарла-майор Виберг.

Векъана, гIуркх санна, вулавелла, даим цIена маж йаьшна хуьлу инарла Виберг, неIарх чу а ваьлла, охьа ма-хиъинехь, и шиъ къамел доло а кхиале чувеанчу дежурни эпсаро Свистуновга схьакховдийра Нуридан геланчас деана кехат.

– ХIун боху-те хIоккхо? – резавоцуш пакет схьайиллира Александр Павловича. Кехат, даржа а дина, тIехула бIаьрг кхарстийна, оьгIазе Вибергна хьалха кхоьссира цо: – ХIан, деша хьайна, Александр Карлович.

ДIакхевдина, шаршийна, кехат шена хьалха а далийна, и хьала а ца ойъуш, хьаьрса цIоцкъамаш хабийна, цунна тIехула бIаьрг кхарстийра Виберга.

«Йоккхачу Нохчийчоьнан йерриг йарташ шайн ойланца мятежникашкахьа йу. Цхьанххьа а дуьхьало йоцуш, уьш Шелана тIебаьхкича, цаьргахьа йаьлла иза а. Сайн отрядца ас дан хIума дац Йоккхачу Нохчийчохь. Царна Жима Нохчийчоь дIакъовла сихло…»

– ХIун олу ахь, Александр Карлович? – оьгIазе хьала а гIеттина, чухула дIасаволавелла лела Свистунов Вибергна уллохь сецира.

– ХIинца шозлагIа гайти-кх цо ша кIилло хилар! Йа кIилло, йа йамартхо!

– Шиннах цхьаъ ву иза, шеко йоцуш. Мятежникаш йуьрта битарна, Шела йага а йина, цигара йалташ, хьешна, дохийна дIа а даьхна, цхьа-ши бIе стаг лаьцна дIа ца вуьгуш, къайла а ваьлла, лечкъина Iийний-ц! Цул сов, таманцийн цхьа батальон шен отрядах дIа а тоьхна! Ойла йехьа, Александр Карлович, соьгара йаьллачу сонталлин! Нийсса аьлча, Майртуьпана уллохь эшна, иза йухаваьлла волушшехь, цунна толам а йазбина, инарлин чине лакхаваккха дIа ма велла ас иза!

Моха йеана командующи ирахь а волуш, хиъна Iен гIиллакхе ца хетта Виберг, хьала а гIеттина, гIентан гIовли тIе куьг диллина, ладоьгIуш лаьттара.

– Цо лелочух кхеттане а кхетац со, хьан локхалла, – вистхилира иза, шен дуткъий балдаш халла хаалуш меттах а дохуш. – Нуридна лиънехь, ницкъ-м бара мятежникаш бохо. Хьуна дикахо хаьа хир ду-кх.

Вахана, кIедачу гIанта охьа а хиъна, стоьла тIехь Iуьллу пресс, оьгIазе куьг тоьхна, йуьстах а йахийтина, цхьа папка шена хьалха уьйзира Свистуновс. Хьаьжа йуккъе шад хIоттийна, сийна ши бIаьрг цунна тIе а боьгIна, вист ца хуьлуш лаьттара Виберг. Цхьана агIор, иза воккхавера керла хуьлуш волу инарла Нурид командующина хьалха Iоравалрх.

Стоьла тIехь лаьтта йоьзан горгали схьа а эцна, дера дIаса а ластийна, дежурни эпсар чукхайкхира Свистуновс.

– Полковник Эристов схьакхайкха!

Эла чувеача, шена хьалха цIена кехат оьзна, къолам каралецира Свистуновс.

– Господа, тIаьххьара кхаьчначу хаамна тIедоьгIча, гIуллакхаш галдевлла ду вайн. Мятежникаша Шела дIалаьцна. Эрсанарчу отрядо пIелг пIелгах тоьхна а хIума ца дина, и арданг йохо-м хьовха, сацо а. Кху сохьта кхерамна кIел йу Жима Нохчийчоь. Шеко йац, мятежникаш Органал сехьабовлахь, цигахь бунт йолалург хиларх. Кхузахь кийчча лаьтташ йолу Тамански батальон гуттар сихонца Ханкалан чIоже хIотто йеза. Ткъа хьо, Александр Карлович, хьайн дивизин йерриг тIаьхьалонех Тенгински полкан масех рота а тохий, Владикавказера тахана схьакхаьчначу йеа йоккхачу тоьпаца БердакIел дIагIо…

Командующис цIеххьана вовшахтоьхна тIеман кхеташо йукъахъйаьккхира ченаша а вуьзна чувеанчу капитано Чураковскийс.

– Поручик Чураковский? – ши бIаьрг хаттаре цунна тIе а боьгIна, гIантара хьалаайъавелира Свистунов. – Хьо дикачу хаамашца веана хиларе догдоху ас…

– Хьан локхалла, хаамаш вуон бац, – вулавелла сецира поручик.

– ХІун деана ахь? – сапаргІатделира Свистуновн, поручикан бІаьргаш бекхабелла къегаш гича. – ПаргІат хила.

– Хьан локхалла, шелахоша тІецаэцна мятежникаш. ТІе ца эцарал сов, лелхийна!

– Ткъа полковнико Нурида суна тІекхачийна хаам? – цецвелира Свистунов.

– Иза жимма сихвеллера.

Чураковскийс дийцира Шелана уллохь хилларг.

– Боьршиг коьртехь тІаьхьабевллачу шелахоша лелхийна буьгу мятежникаш Эвтара кхачале, ГІизлара-Гребенски гІалгІазкхийн дошлойн сотнина тІеІиттабеллера. Сотня хІаллакьхуьлучух кІелхьарйаьккхира полковнико Нурида шен хеннахь даийтинчу гІоьно. Мятежникашна тІе итт йоккха топ йетта йолийча, гІуллакх муьлхачу агІор дирзина хиъна эвтархой а, гелдаганхой а, курчалой а мятежникашна тІаьхьабевлира. Доцца аьлча, мятежникаш, лелхийна, Хулхулон чІожа боьхкина.

– Дика ду, поручик, дика ду! – тахана дуьххьара велакъежира Александр Павлович. – Баркалла хьуна, дика хаамаш кхачорна! ХІета, цхьана хІуманах кхетавехьа со. Нурид хІун деш Іийна, шелахоша мятежникаш дІалелхолц?

Чураковскийн бІаьргаш цІенкъа богІабелира.

– Хаац, хьан локхалла. Дерг нийсса ала декхар ду сан. Иза шен позицера меттах ца велира, гІалгІазкхийн сотня хІаллакьхила гергайахчий бен.

Шен карара къолам стоьла тІе кхоьссира Свистуновс.

– Николай Богданович, хьоьга дехар ду сан, и гІуллакх сихха теллина, гергарчу хенахь суна жамІаш далар. – ТІаккха поручикна тІевирзира иза: – Ткъа и Боьршиг вуон лазийний?

– Дикка Іилла дезар ду воккхачу стеган. Цо доккха гІуллакх дина вайна. Цхьана-шина мятежникан корта баккха лиъна, тІаьхьаваьллера ша бохуш, дуьйцура цо, хьан локхаллина ша муьтІахь хиларна тоьшаллина гайта.

Свистунов, эла Эристовга а хьаьжна, велавелира.

– Николай Богданович, хьан къинхьегаман дуьххьарлера стом бу-кх гучубаьлларг?

– Йуьртда Боьршиг тІех муьтІахь ву вайна, хьан локхалла.

– Ишттаниш дуккха а белахьара, дика хир дара, – доккха садаьккхира Виберга.

– Со дош дала ваьхьар ву, Александр Карлович, ас тІеберзийна йартийн тхьамданаш берриг а вайн гІуллакхна муьтІахь хиларх, – цунна маслаІат дира Эристовс. – Кхин некъ ма бац царна.

– Гур ду-кх кхидІа. Дала хуьлуьйтийла иштта!

– Дикане догдохур вай, господа! – хьала а гІеттина, куьйгаш вовшехъхьакхийра Александр Павловича. – Баккъал а, Николай Богданович, кхин некъ ма бац царна. Суна хетарехь, царах цхьа а хир вац шен цІока ца йезаш. Цхьана буйна муш, вукху буйна сом лаций, оцушиннах муьлхарниг къастадо аш алий, хатта – соьма тІе бІаьргаш боьгІна, цІога ластор ду хьуна цара. Йуккъехула ала ас, Николай Богданович. Оцу Боьршигна милицин прапорщикан чин а, хІор а шарна диъ бІе сом пенси а хІоттош, приказ кечдехьа. Милицехь эпсаран вакансий йуй вайн?

– Сан округехь йу, – жоп делира Эристовс.

– ХIета, и ваканси Боьршигна дIало. Пенсел сов, шарна йалх бIе сом алапа а хIоттаде. Цунна гIо дина хьаьжой а, молланаш а ма бицбе. Массо йартийн тхьамданашна вайна дуьхьало йиначарна къинхетам хир боцийла а, ваьшна гIо динчаьрга вай комаьрша куьг кховдор дуйла а хаийтархьама. Ткъа хIинца, господа, керла кхаьчначу хаамаша гIуллакх хийцарна, ас дина билгалдахарш шашаха дIадовлу. Шу мукъа ду.

Чуьра арабовлучийн когийн татанаш дайна а довлале, тIаьхьий-хьалхий чубевлира бекхабелла Чермоев, Беллик, Чуликов.

– Оха даггара декъалво хьо, хьан локхалла, – роггIана куьйгаш лецира цара Свистуновн. – Мел боккха кхаъ бу Шелахь мятежникаш эшар!

– Кхечу агIор хила йиш йарий ткъа хьан локхалло вовшахтоьхна гIуллакх!

– Баркалла хьуна, хьан локхалла!

– ХIинца кхийти со йуьхьанца дуьйна сайн кхерар эрна хиларх. – Свистуновна хьалха суждане вахара Беллик. – Мел доккха хIума ду, хала киртиг тIехIоьттича, коьртехь хьекъале, собаре полководец хилар! Хьан локхаллина дика хууш хилла-кх дан дезарг а, дита дезарг а. ГIала чагIйеш, ас тахханалц хьегна къа эрна хили-кх!

– ХIун дуьйцу ахь, Петр Гаврилович?! – куьйгаш ластийра хазахетар баккъала а тIехдаьллачу Свистуновс. – Со цхьаннах дозуш ма дац толаман гIуллакх. Аш массара а гIо ца динехь, шу дика ца хьаьвзинехь, со цхьаъ веттаваларх, хир ма бацара и толам. Хьайн къаналле ца хьоьжуш, дийнахь-бусий синтем боцуш хьийзира хьо а. Со тешна ву, кхидIа а аш со тесна вуьтург цахиларх. Баркалла шуна, господа!

– Тхайн синош вайн императорски воккхаллина дIадала кийча ду-кх тхо! – дезза элира Чермоевс.

– Иза-м шеко йоцуш дара, – тIетайра Чуликов.

– Баркалла шуна, господа, – сонехь лаьттачу жимачу буфетан хаза бустамаш дохуш, бес-бесара ангалеш дохкуш кечйина жима неI схьа а йиллина, коньяк а, йиъ рюмка а йохьуш, йухавеара Свистунов. – Господа, таханлера де вайн толаман йуьхь лору ас. Цунна тIера цхьацца кад мер вай!.. ДIаэцал, господа. Цуьнан Императорски Воккхаллин могашаллина, вайн толамна тIера!

– Дуккха а вехийла Государь Император!

– Амин!

– Амин!

XIII корта. ТАЛЛАР ДОЛИЙНА

«И хIун йу, дIо лепарш, лаьмнашкахь

Гой хьуна Iуьйренан серлонгахь?»

«Го дера – мостагIийн байракхаш!

Йо Дела, Iалашде тхан бераш!»

Шиллер. Бераш дойъурш

Аренан йарташа тІе ца эцна Іаьлбаг, шен кІеззигчу ницкъашца Нохчмахка йухаваьллера. Кхин дІасавала некъ ца хилла, оцу готтачу кІажа вирзина Іаьлбаг, циггахь хьовзийна, шен бартахошца цхьаьна схьалаца сацамбира Свистуновс.

Теркан областан массо маьІІера эскарш Нохчийчу схьа а оьзна, тІаьхьалонна битина салтий, гІалгІазкхий, меттигера милиций а вовшахтоьхча, и берриг герзан ницкъаш а, 27614 цамза а, 3361 тур а, 104 йоккха топ а хилира.

И тІеман ницкъ итт отряде бийкъира командующис: Грозныйн, УстаргІардойн, Іумхан-Юьртан, Чахкаран, Эрсанан, Майртуьпан, Шуьйтан, ДаьргІан, Веданан, Хаси-Юьртан.

Цул сов, Свистуновн дехарца, ДегІастанан областан начальнико, инарла-адъютанто эло Меликовс Нохчмехкан а, ЧІебарлан а дозанашка теттинера полковник эла Накашидзе коьртехь волу йоккха отряд. Цунна йукъайогІура Апшеронски, Самурски полкийн батальонаш, 21-чу артбригадин йалх йоккха топ а, дегІастанхойх вовшахтоьхна виъ эзар стагах лаьтта милицин дружина а.

Хаси-Юьртахь лаьттачу гІашлойн 80-чу ГІебартойн полках кхачо ца хилахь а аьлла, Свистуновн дехарца, эло Меликовс ГІойси тІехІоттийра шиъ батальон а, ламанан артдивизион а, ДегІастанан 1-чу иррегулярни полкан пхи бІе дошло а.

ГІаттам хьаша ша хІоттийна план элаца Меликовца йийцаре а йинера инарло Свистуновс.

И кечам а бина, дерриг оьзна, леринчул тІаьхьа, Ведана ваха новкъа велира Александр Павлович. Цига дІакхачале, Чахкарахь лаьттачу отряде а хьаьжна, Доча-Борзе шена дуьхьал охьавеанчу элаца Накашидзеца цхьаьнакхета а дезара цуьнан.

Чахкарахь полковникца Нуридца шийлла цхьаьнакхетар хиллачул тІаьхьа, шен конвойца Органан ахка чу вуьйлира иза. Шара-Орга а, ЧІаьнтий-Орга а аренга долуш цхьаьнакхетачохь, оцу шина хина йуккъехь лекха айабеллачу гу тІехь лаьттачу Доча-Борзехь, Іаьндойн дружиница веана, шега хьоьжуш карийра цунна эла Накашидзе.

Кавказхойн гІиллакхехь велавелла-векхавелла дуьхьалкхийтира цунна эла. Лекха, элдара дегІара, шуьйра белшаш, оьзда гІодайукъ, хаза хьовзийна Іаьржа мекхаш, йекхна йуьхь йолу шовзткъе итт шо хенара и гуьржи къиза стаг ву аьлла дага а догІур дацара цхьанне а, цуьнан куьцечу йуьхьа тІера аьрзунан зІакарх тера мара кхитайпа ойла йойтуш бацахьара.

Эла Накашидзеца кхуза веанера Органан округан кхоалгІачу участкан пурстоп волу подпоручик СарІелин Бача а, милицин майор Мустафин Девлатмирза а. Элана гонаха бара нохчийн эпсарш а, кху гондІара йуьртдай а. Цкъа, воьдий, командующина улло оьккхуш, йуха, дІахьодий, элана велакъежаш, каде хьийзара майор Мустафин Девлатмирза а.

Доча-Борзерчу йуьртдас хьошалгІа чукхайкхира лекха хьеший. Амма Свистуновс йухатуьйхира иза. ХьошалгІахь хан йойъу зама йацара хІара. Элаца Накашидзеца йуьстахвелира инарла.

Полковнико доцца дийцира шен Ламанан ДегІастанан отрядан бІаьхаллин кечамах лаьцна.

– Веа эзар стагал алсам йолу дегІастанхойн милици карзахечу йарташна улло дІахІоттийна ас, – дозаллица дуьйцура Накашидзес. – Уьш кийча бу муьлххачу

минотехь, йарташна чу а лилхина, уьш, йохийна, лаьттаца дIанисйан. Суна хетарехь, хьо кхуза варо нохчмахкахошна хаийтина шайна кIелхьардовла некъ боцийла.

– Ткъа ойланаш муха йу хьан туземцийн?

– ТIехдика! Дика латахь, ахь шайна нохчийн латта лур ду аларо дегнаш айъина церан. Iаьлбага къайлах шайна йукъайаржо прокламацеш а соьга схьало.

– Вайна дуьхьалйевлла йарташ тало бакъо луо царна. Мятежникех стаг вийначунна, уьш резабеш, совгIат кхайкхаде. Ма-хуьллу мостагIалла долла шина къомана йукъа.

Накашидзес корта таIийра:

– Кхета со, хьан локхалла. ЦIе лата кечйелла лаьтта ДегIаста а, нийсса аьлча, летта-кх. Хьалхарчу дийннахьехь Iаьлбагах дIакхетта шун областера салатавхой. Стомара гIевттина ЧIебарлойн дозанашца беха гумбетхой. Селхана вахна, Сиух а, ах эзар стагах йолу гумбетхойн арданг а йохийна ас. Везткъа стаг вийна, цхьаъ ах бIе йийсаре лаьцна. Суна хетарехь, кхин корта ойъур бац цара.

– Йисинчу округашкахь муха ду гIуллакх?

– ХIинца цкъа-м тийна ду.

Шен карара йуьйцина шед тоьхна, некъа йисте даьллачу петIаматан корта хадийра полковнико.

– Йуха а боху ас, хьан сийлалла, – элан пхьарс лецира Александр Павловича, – дегIастанхойн а, нохчийн а барт хилийта йиш йац хьуна… Барт цахилийтарал сов, йуккъе мостагIалла дожо деза. Оцу тIехь боьхий, цIений некъаш хержа эшац. Цундела хьайн туземцаш кхузахь ницкъ ма-кхоччу къиза хилийта хьажа. Оццу Iалашонца оха кхуза йалийна хIирийн а, гIалгIайн а отрядаш. Батьяновн отрядца гIумкийн сотняш а йу.

Лаха чохь, готтачу бердашна йуккъехула, сетташ, гIергIаш доьдучу Органо цхьана минотана шен ойланашца генарчу Кура хин тогIешка вигира Накашидзе. Масех бутт бу иза цигахь хилаза. Нагахь туркой цига кхачахь, хIун хир ду-те цуьнан бахамах а, гергарчех а?

– Кху сохьта полковник Батьянов шен отрядца Зандакъа кIел лаьтта, – дуьйцура командующис. – Веданарчу отрядца кхана со ЦIоьнтара кхочур ву. Билтойн тайпанах волу инарла Чермоев церан йарташка хьажийна ас. Шен тайпанан нахах отряд вовшахтухур йу цо. Батьяновна тIедиллина зандакъой Iаьлбагна дуьхьалбахар. Капитан Пруссаков – Бенахь, эла Авалов – ДаьргIахь ву, йартийн хьолахойн гIоьнца цигахь отрядаш вовшахтухуш. Йерриг отрядаш цхьабосса Симсарна тIейуьйлалур йу. Ткъа ахь ЧIебарла а, Бассойн йарташ а кхерамна кIел латтайе.

– Нагахь уьш гIовттахь?

– Къинхетамза хьаша. Амма тахханехь хIор а йуьртара итт-пхийтта стаг амалтана а вига.

Ламанан ДегIастанан отрядан начальникца дерг чекх а даькккхина, йухавирзича, Чехкарарчу отрядера Навагински полкан цхьа батальон эцна, ши-кхо чаккхарма хьалха разведка а хьажийна, Нохчмахка волавелира Свистунов. Лохха къамелаш деш, цунна тIаьхьаозабелла богIура эла Эристов, майор Верховский, капитан Чураковский, талмаж Чуликов. Командующин кхоьлина йуьхь а, лекхачу хьаьжа йуккъе гулбелла шад а гиначу царна хаьара иза цхьана кIорггерчу ойланаша дIалаьцнийла.

Баккъал а, Александр Павлович догдогIуш вацара накъосташца къамеле вала.

ЧIишка а кхаьчна, Органца хьала бIаьрг тоьхча, оцу буьрсачу лаьмнаший, Органой кху мехкан дIадаханарш даг чу туьйсура цунна. Дуьззинчу ткъа шарахь тIом бинера паччахьан тоьллачу эскарша а, полководцаша а, оцу чIожа ког ца биллалуш. Хьанна хаьа, Шемалан къизалло ламаройн ойланаш ца херцийнехьара, кхин а дуккха а шерашкахь цIий Iено дезаш хила а мегара. Мекарчу графна Евдокимовна хиира Шемалан а, нохчийн а галморзахаллех пайдаэца. Имаман къиза олалла кIордийна, сих а, похах а чекхдаьлла, тIамо чIанабаьхначу ламароша шовзткъе берхIитталгIачу шарахь, дукха дуьхьало ца йеш, оцу лаьмнашна чувитира граф Евдокимов.

Ткъа хIинца, хьанна хаьа, цуьнга, Свистуновга, цигахь хIун дало? Цул кхераме йу Нохчмахке. Цигарчу хьаннашкахь хIаллак ма йина инарлийн Граббен, Воронцовн отрядаш. Ткъа мел салтий хIаллакьхилира тIеман тIаьххьарчу шарахь а! ХIинца церан лорах ваха деза цуьнан. Барятинскийн кхо бIе эзар салти вара, ткъа Свистуновн ницкъ иттаза кIезиг бу. Цу тIе, ах геррга – туземцаш. Хьанна хаьа, хало киртиг тIехIоьттича, цара хIун дер?

Дуьхьалбаьхкинчу шелахойн тхьамданаша, сий деш, шайн йуьртахула чекх а ваькхина, Сиржа-Эвлан дозанашка дIавигира областан начальник. Шелан урамашкахь царна дуьхьалбевлира кечбелла дошлой а, салташна напгIанашца зударий а. Дой хьийзочу береший, боьлуш, салташка чIепалгаш, нехча кхийдочу зударший хоуьйтура шаьш паччахьна а, областан начальникна а муьтIахь хилар. Александр Павлович тешна вара и спектакль йуьртан тхьамданаша вовшахтоьхна хиларх а, цуьнан ролаш ловзораш церан доьзалшший, гергарнишший хиларх а. Царна йукъахь гуш бацара йуьртан къехой. ТIехула тIе, командующина хиънера, шелахоша Iаьлбаг эккхийначул тIаьхьа, оцу йуьртара дуккха а кегийрхой буьйсанна къайллах имамна тIебахар а.

Сиржаэвлахоша ца гайтира шайн муьтIахьалла. Шен гергарчу нахах йа таро йолчех ши-кхо стаг тIаьхьа а хIоттийна, эвла йисте дуьхьалвеана йуьртда, областан начальникан куьг лоцуш маршалла хатта дагахь, тIеволавелира, амма, хьешан буьрса йуьхь а, кIоршаме хьажар а гина, геннара корта а таIийна, сецира. Йурт йаьсса йара. Готтачу, гомачу урамехула чекхйолучу отрядца бала болуш, деккъа цхьа жIаьлеш доцург, кхин цхьа а са дацара. Ткъа бIаьстенан йуьххьехь кенах довла доьлла жен жIаьлеш, кIомсарш йетташ, батойх шеташ оьхуш, керташ тIехьара схьа дера лиэтара хийрачу хьешашна.

Сиржа-Эвлахула чекх а бевлла, Хулхулон ахка чу бирзича, ларлуш оьхура салтий. ХIетта гIа даьллачу йуькъачу хьаннаша йукъахьарчийна лекха лаьмнаш лаьттара, шиний агIор тIе а кхозаделла. Селхана-стомарралц, масех дийнахь Веданах хIара ахк дIа а хадийна, кхузахь вуьззина да хилла лаьттинера Iаьлбаган уггар жигарчу гIоьнчех цхьаъ волу ГIубха. Iаьлбаг арен тIера йухаваьлча, шен отрядца кхузара дIа а вахана, Гуьнахь туп тоьхна, сецна, боху, и разбойник, амма, хьанна хаьа, хIокху сохьта иза мичахь тебна Iа? Цунна хIумма а доцург ма ду, шен гIеранца оцу йуькъачу хьаннашкахула берзан йортахь йоццачу хенахь и лам хадийна, схьакхачар.

Ведана боьду некъ дукхахберг хин тогIи чухула дIа бара. Ткъа хIокхунах некъ ала хала дара. Тахана, бокх-боккха тIулг йуьстахтосуш, цIанйича, шолгIачу дийнахь дистина деанчу Хулхулоно тIулгашций, чхернашций, дечигийн чалхаций йузура и тогIи. Оцу новкъа хьала отряд бIаьхаллин низамехь йуьгур йу бохург хьехочохь а дацара. Лекхачу бердашна йуккъехула охьа оцу хе йаьккхина тогIи, ткъех гIулч дIа масазза ваха, голайетташ, лаьхьа санна, сетташ, лакха мел вели, гатлора. Кхаа бIе говро цхьатерра тIулгех йеттачу ленаш тоьхначу бергаша къардинера ахк. Оцу гIовгIанехь хезийла дацара ломан басахь а, йуькъачу хьуьн чохь а мел доккха тата даьлча а. Дошлоша хьалххе дуьйна каралецнера йуьйлина тоьпаш. Къаьсттина кхоьрура уьш, шайн отряд ахкан гатте йирзича. Баккъал а, нагахь цхьанхьа кIелонна хиъна цхьа бIе мятежник хилахь, царна хIумма а доцург дара хIара отряд, хьаьддарг-веддарг ца волуьйтуш, хIаллакйар.

Геннахь нийсачу экъанна тIехь Ведана гучуйаьлча, даг тIера цхьа беза мохь дIабаьлча санна, паргIатбевлла, йаххьаш йекхайелира салтийн. Цхьаболчара

ламазна пIелгаш а туьйхира.

2

Свистунов Нохчмахка вогIу аьлла, разведко хаам беача, Берса волчу сихвелира Iаьлбаг. Цо хьалххе дагалаьцна кехат инарле дIадала аьтто нислора хIинца.

Шеца Овхьад а, Болат а волуш буьйсанна нах охьабийшинчу хенахь Iаьларой-Эвла кхечира иза. Хьешашна дуьхьалвеанчу хIусамдас, хIорш арахь а битина, чу а вахана, гIаттийра Берса.

– Iаьлбаг, шу хIун дохьуш даьхкина? – хаьттира цо, Iаьлбагна мара а иккхина.

– Инарла Вистунов Ведана веана. И ас боху кехат кийча дуй? Оцу инарле дIакхачо деза иза. Хьанна хаьа, вайн лехамаш кхочушбан Iедал резахила а ма мега. ТIаккха соцур дара эрна цIий Iенор.

Берсас корта хьовзийра.

– Шекончохь гIуллакх ду иза, дан-м. Делахь а, дог ца дуьллур вай. Цхьадерш мукъане а тIелоцур дац-те? Ца лацахь а, вай бехказа хуьлу-кх.

Хьала а гIеттина, вахана, терхеш тIе йоьттинчу книгаш йуккъера схьаэцна, деана, кехат Овхьаде дIакховдийра Берсас.

– Дешахьа, Овхьад, оцу тIехь дерг. Буьйсанна дика сагац суна.

Овхьад, чиркха улло а вахана, оьрсийн маттахь йаздина кехат нохчийн матте гочдеш, деша вуьйлира:

«Цуьнан Воккхалле, Государе-Императоре Александре II-чуьнга.

Иттаннаш шерашкахь бахбелла, эзарнаш ламанхойн а, оьрсийн а синош дIадаьхьна луьра тIом чекхбелира, инарлехула Барятинскийхула нохчийн къоманий, паччахьан правительствоний йукъахь машаре барт хуьлуш. Оцу барта тIехь шина а агIоно бина тIелацамаш правительствона дика хаьа. Нохчийн къомо ларбина шен тIелацамаш, амма правительствос шен агIонгахьарниш кхочуш ца бина. ДIадаханчу йалхитта шарахь машар бу Нохчийчохь, амма халкъана тIехь Iазап а, харцо а лаьтта. И Iазап, харцо, къоьлла, мацалла ца лайелла, гIеттина халкъ.

Иттех де ду нохчийн лаьмнашкахь цIий Iена. И цIий Iена Россин гражданийн – ламанхойн а, оьрсийн а. Тахана цIе йогу Нохчмахкахь, Аьккхахь, Салатавехь, ЧIебарлахь. Кхана иза нохчийн аренга, тIаккха ДегIастана кхерстар йу. ЦIий Iенор сацар а, летта цIе йайъар а Iедало халкъан лаам кхочушбарх доьзна ду.

Нохчмехкан, Аьккхан, Салатавин, ЧIебарлан тхьамданаша шайн лаам дIахьебо Iедале. Тхан коьрта лехамаш бу:

1. Оха къобалдо Россин империн чоьхьарчу губернешкахь лелаш долу граждански, суьдан, иштта дIа кхидолу дерриг законаш. Уьш лиэра а, цхьа а тайпа дIасахьийзам боцуш кхочушдан а реза ду тхо.

2. Тхан цхьа а тайпа мостагIалла дац оьрсашца а, йа кхечу къаьмнашца а. Нагахь гIалгIазкхашний, тхуний йукъахь ваьснаш, девнаш делахь, уьш а данне а тхо шинхьарчийн бехкенна дац, ткъа Iедалан векалша лелочу харцонийн жамI ду. Амма тхаьш, уьш санна, Россин пачхьалкхан гражданаш хиларе терра, тхайца цхьана махкахь, цхьана лулахь бехачу гIалгIазкхашца экономикин хьелашца а, граждански, политически бакъонашца а нисдар а лоьху оха.

3. Нохчийчохь, къаьсттина лаьмнашкахь, лаьттан мацалла хIоьттина. Хьалха тIом болчу хенахь гIалгIазкхийн дола дIабелла станицашна оьшуш боцу, буьйш-берзош боцуш, тIе къух даьлла, эрна лаьтта мохк, царний, тхуний нийсо йеш, бекъар, тхуна кхочург законехь чIагIбеш, йуханехьа тхан долабаккхар, цига йарташ, кIотарш йахка йа, кхузара дIа а оьхуш, иза лело бакъо йалар.

4. Хьалха тIом болуш а, и дIабаьллачул тIаьхьа а ломахь а, аренца а, йарташкара дIа а баькхина, нохчийн эпсаршний, совдегаршний, динан дайшний совгIатна бекъна эзарнаш десятинаш мохк хьалха хиллачу дайшна йухаберзор.

5. Пачхьалкхан долайаьхначу хьаннех халкъе пайдаэцийтар.

6. Нохчийчуьра тIеман Iедал дIадаккхар а, иза граждански Iедалца хийцар а.

7. Халкъана тIехь латточу Iазапан, харцонан гIорториаш, цуьнан бакъойацаран билгало хилла лаьтта Нохчийчуьра йерриг тIеман гIаьпнаш, эскарийн гарнизонаш дIайахар а, цара дIалецна дежийлаш а, цанаш а йарташна йухайерзор а.

8. Нохчашкахь герз дитар, йа, гIалгIазкхашкара а цхьаьна, массаьргара а дIадаккхар.

9. Дуьхьало йоцуш Грозне, кхечу гIаланашка а мехе, балха баха нохчашна бакъо йалар, балха бахана нохчий къинхьегаман йола тIехь муьжгащца йа гIалгIазкхашца нисбар.

10. Нохчичуьнгара йа гIалгIазкхичуьнгара зулам даьлча, зуламхочунна цхьана законехь таIзардар, тхан йарташка текхамаш байтарца таIзаршдар дIадаккхар.

11. Пачхьалкхна ворданашщий, некъаш дохушший тхоьга маьхза болх байтар дIадаккхар йа оха бинчу балхана нийсонца йал йалар.

12. Йарташкахь йуьртдай, молланаш, къеданаш Iедало хIиттор дIадаккхар, уьш тхайгга харжийтар. Тхан йаккхийчу йарташкахь къехойн берашна деша цхьацца нхьа школаш йахкар.

Нагахь и лакхахь гайтина тхан лехамаш кхочушбан Iедало тIе а лацахь, цунна лераме тоьшалла а лахь, тIаккха тхо кийча ду, герз охьа а диллина, къийсам сацо. Амма, Iедало тхан лехамаш кхочуш ца бахь, оха дуьхьало йийр йу тIаьххьарчу стагана тIехIотталц.

Имам *Iаьлбаг-Хьаьжа Алданов.*

1877-чу шеран 1-ра май.

Нохчмохк»

Овхьад кехат дешна ваьлча, цхьана ханна тийналла хIоьттира чохь.

– Дика аьлла, чIогIа дика, – эххар а вистхилира Iаьлбаг. – Вай бакъ лоь. Вай нийсо лоьху. Далла гергахь а, Iедална гергахь а, халкъана хьалха а вай цIена ду-кх. Мацахлерчунна а дайна, хIинца хIара кехат инарле дIа муха делча бакъахьа хир дара?

– Цунна тIе векалш бохуьйтур бу-кх.

– Мил-мила дика хир вара?

– Цхьаъ – со.

– Хьо могаш ма вац.

– Вала воллуш а вац. Схьахетарехь, инарла Веданара охьа Аькkха гIоьртур ву. Цигахь аттахо хир ду цунна тIекхача. Соьца кхин мила хир ву?

– Лорса-Хьаьжа а, Акхта а, – элира Іаьлбага, ойла а йина.

– Со а, – тIетуьйхира Овхьада.

– Хьо ца оьшу, – корта ластийра Берсас.

– ХIунда?

– Цкъа-делахь, тешам бац инарлех. Векалш дIа а лецийтина, ирхъ-охкийта а эхь дац цунна. Законе даькkхича, вай зуламхой ма ду. ШолгIа-делахь, хьой, Васаллий Соьлжа-ГIалий, гIалгIазкхийн станицашкий ваха веза. Царна вайн ойла а, Іалашо а йовзийта. Уггар коьртаниг – машаречу оьрсашна вайгахьара цхьа а тайпа кхерам боцийла хаийта.

– Ой, иштта кхераме хилча, инарлина тIе хьо муха вохуьйту? – вуьйхира Іаьлбаг.

Берса велавелира.

– Со-м чекхваьлла стаг вара, Іаьлбаг. ТIе, кхерамех ида а ца гIевттина вай. Маца доьлху тхо?

– Хаац. Инарла кхана а Веданара охьавала тарло. Шу кхоъ цхьанхьа новкъахь сецча, муха хир дара-те?

– ЧIогIа бакъахьа ду.

– Делахь, вовкха кечлохьа. Буьйса тIуьно йу.

3

Веданахь отряде цхьана сохьтехь са а даIийтина, цигахь лаьтта хIирийн а, гIалгIайн а йиъ сотня шех схьа а тоьхна, ДаьргIа веара Свистунов. Меттигерчу бахархойх лаамхойн милицин отрядаш вовшахтохар дика дIадоьдуш карийра цунна. Элан Аваловн а, капитанан Пруссаковн а отрядашкахь шишша бIе стаг вара. Амма оцу бес-бесарчу адамех цхьаьнакхеттачу гIеранна дика реза а ца хилира командующи. Йартийн лакхенийн нахал сов, оцу йукъахь бу, бохура, къуй а, цаьрга терра кхидолу йовсарш а. Цхьана агIор-м уьш пайде бара цуьнан Іалашонна. Амма царах тешам бацара минотана а. И ши отряд а, хIирийн, гIалгIайн сотняш а гулйина, царна хьалха доцца къамел дира цо:

– Ламанхой! Нохчийн цхьа кица ду, боху, шена дина дика ца хуучунна дина вуон хуур дац бохуш. Нийсса аьлча, и кица къаьсттина нохчашна шайна тIе догIу. БIе шо ду оьрсийн салташа, шайн цIий Іенош, хIара лаьмнаш, кхузахь деха къаьмнаш арахьарчу мостагIех лардо. Оьрсий, церан паччахь, оьрсийн турпала эскар а ца хиллехь, тоххара туркоша йа гIажароша, таIIийна коча гIомат йоьллина, когех гIоьмаш йоьхкина, дацош йа лаххьийна хIаллакдина хир дара шу…

Іаьлбага разведке вахийтина, кхузахь деш долчуьнга хьовса баьхкинчу нахана йукъахь лаьттачу Васале цавашаре веларъиккхира.

– Россех дIа а къастийна, шу лолле дерзо, шу, хьайбанаш санна, дацо, шун мехкан хьоле маьIданаш шайн карайерзо Іалашо йолуш, бIешерашкахь дуьйна схьа тIемаш бо туркоша. Тахана а шайн агенташкахула цара кхайкхамаш баржийна Нохчийчу а, ДегIастана а. Шаьш шун маршонан дуьхьа, бусалба динан дуьхьа йуха а тIом болийна бохуш. Церан шалхонех, аьшпех тешна, Іаьлбаг-Хьаьжа а коьртехь цхьа зуламхой гIевттина хIокху Нохчмахкахь. Іаьлбаг-Хьаьжин бартахой бу Солтмурд, Сулиман, Дада, ГIубха, иштта кхин дуккха а. Уьш шайн, вайн массеран а дена,

государана, дуьхьалгIевттина ца Iа. Тахана, оьрсийн салташа а, шун къаьмнех тоьллачу кIенташа а, вайн йукъара даймохк ларбеш, цIий Iеночу дийнахь цу турпалхойн букъа тIехьа тешнабехкца герз айъинчу цара йинарг Россерчу дерриг халкъашна, вайн йукъарчу даймахкана йамартло йу…

Васална дагатесира генна Россера ша вина меттиг. Берозачу декхнийн хьаннаш, хьийкъинчу сулан аренаш, йуьртан йистехь бай тIехь дежа торгIала даьхний. Тийна шершаш оьху даккхий а, кегий а сирла хиш. Шайн жима йурт а, цигара къен лапгIанаш а. Царна йуккъехь, къеначу дитташна тIехула айъаделла масех бIаьвнаца, шозза тIе-кIел дина баринан кIайн цIенош а, йуьртан килс а. Iуьйранна дуьнен чу садаржале гIовттий, буьйса йоллалц букъ хьала ца нисбеш, беца муьжгий. Приказчикан йаппарш, шодмийн а, серагийн а шакарш. Iедалан дай хилла дIахIиттинчу помещикаша муьжгийн йоIарий а, зударий а сийсазбар…

Мундиран лекхачу коча чохь, йоьттича санна, дIанисйеллачу стоммачу вортанна тIера боккха корта цкъа цхьана, тIаккха вукху агIор дIаса а хьийзош, йукъ-кара буй хьала а лоьцуш, дуькъачу озаца шен къамел дечу областан начальнике баганаш гIаттийна хьалахьуьйсура цо дуьйцучух ца кхета ламанхой.

– Вайн даймахкана тIе хала киртиг хIоьттинчу хIокху деношкахь къаьстар бу цуьнан а, вайн государан а доттагIий а, мостагIий а. ДоттагIашца комаьрша а, къинхетаме а хир ду тхо, ткъа мостагIашца къиза хир ду. Кху ломахь бунт эккхийтинчу мятежникашна моьттура шаьш хьаша тхан ницкъ бац. Уьш гIалатбовлар шуна го. Шовзткъа эзар гергга салтий ву областехь. Ас цхьа дош ма-эллинехь, хIара Нохчийчоь сийначу цIарах йаго кийчча! Кхин оццул шозза алсам гулбан аьтто а бу тхан. Амма, довла а довлуш, тхуна лаац, мятеж а хьаьшна, тхешан куьйгаш бехдан. Шаьш совцабе шайн зуламхой. Шаьш Цуьнан Императоран Воккхаллина государана муьтIахь хилар гайта. ТIаккха къинхетаме догдохийла йу шун…

Васале ойла йойту инарлин дешнаша. ХIун маршо, хIун къинхетам бу инарлас хьехориг? Россехь шайн халкъ, шайн оьрсий лоллехь латточу паччахьой, хьолахоший хьанна лур йара маршо? Шен хIусамехь, шен доьзалехь доцу ирс а, дика а кхечарна доькъийла а йуй?

– Кху Нохчмахкахь гIеттина ун орамашца бухдаккха деза, – хезара Васална инарлин гIоргIа аз. – Цкъа а йуха ден ца лурриг. Зуламхой хIаллакбеш шух гоьваьлларг резавийр ву оха. Iаьлбаг-Хьаьжа дийна йа вийна суна тIевалийначунна – пхи бIе сом, ткъа цуьнан коьртачу гIоьнчех кхоккха бIе сом лур ду. Цул сов, аш вийначун йа лаьцначун дегIаца долу барзакъ, говр, герз а шун хир ду…

Областан хьаькаман кхайкхамах кхаъ хиллачу милцошна йукъахь баккхийберан маьхьарий девлира.

– Ас кхайкхийна совгIаташ милицонерашна лерина ца Iа, ткъа муьлххачу салтичунна а, гIалгIазкхичунна а ду, – Свистунов цхьана агIор лаьттачу куринцашний, таманцашний, гIалгIазкхашний тIевирзира. – Со тешна ву, шайн полкийн сийлахь цIерш аш кхин а лакхайохург хиларх даймахкана, государана гIулакхашдеш, аш шайгара майралла а, хьуьнарш а, доьналла а гойтург хиларх. Хастам хуьлда государь-императорна! Хастам хуьлда вайн турпалчу салташна! Дала аьтто болда вайн! Ура!

– Ура! Ура! Ура!

Шина батальоно, кхо бIе гIалгIазкхичо, туземцийн милцоша а тоьхначу маьхьарша меттахъхьадина йуьртара жIаьлеш, кевнашка а лелхаш, дера лета дуьйлира. Кхерабелла дIатийна Iен бахархой цецбевлла хьуьйсура стигалан къекъарх тера кхузза гIов даьллачу йуьртан лаха йистехьа. Йукъ-йукъа кертара дIа лулахоша лохха къамелаш дора вовшашца.

– Дера, дац Iаьлбаг-Хьаьжин гIуллакх а стаг хьоьгур волуш.

– Эрна кегийна худар ду.

– Амма, массара а ма даахьара…

– Нахана-м моьттура, кху агIор цхьа а салт вац…

– Ткъа хIорш, цIоз санна, схьалахкабелла.

– Йарташ ца йагош дитахьара.

– Дог а ма дахалахь!

– Йарташ ца йагайахь а, налог-м тухур йу.

– Иза а дина, дитича-м, боккха болх барий-ц.

– Схьа а лоьцуш, Сибрех ма хьийсадахьара…

Отряд ЦIоьнтара боьдучу новкъахьа йолайелча, тIевеанчу эло Аваловс командующига хаийтира цуьнга дехаре баьхкина йуьртахь лаьтташ гондIарчу йарташкара нах хилар.

– ХIун оьшу царна? – оьгIазе кхоьссира Свистуновс.

– Машар беха баьхкина уьш, хьан локхалла.

– Ас гойтур бу царна машар, хьайбанаш!

Дукха хан йалале командующина хьалха хIиттира цIонтаройн, даьргIахойн, белгIатойн, гIордалойн, билтойн баккхий нах. Iасанаш тIе куьйгаш а дехкина, болчу тIе а букар хьаьвзина, йогIуш а, ца йогIуш а йукъ-йукъа йайн йовхарш тоьхна, дIатийра уьш.

– ХIан, схьадийцал, шаьш хIунда даьхкина! – синтемза этках йайн шед йетта вуьйлира Свистунов. – Шуьга хьоьжуш Iойла дац, сиха ву со. Поручик Ойшиев!

Командующин свитина йукъахь лекхачу, хьаргIачу динахь лаьтта ДаьргIан участкан пристав Ойшин Чомакх, аьтту лере куьг а лоцуш, вулавелира.

– Со ладугIуш ву, хьан локхалла!

– Мотт сецна оцу нехан?

Инарлина хьалха йуьхьIаьржа хIоьттина Чомакх, говран чоже когаш таIийна, масех гIулч хьалхавелира.

– Схьадийцал шаьш деанарг! – тIечевхира иза, шен горгий бIаьргаш тобанна тIе а боьгIна. – Шуьга хьоьжуш Iен хан ма йац инарлин, Мохьмад-Хьаьжа, Iуспа-Хьаьжа! Же, ма Iе!

Инарле гIиллакхехь маршалла хатта ойла йолу къена нах, кхайкхаза веанчу хьешан шогачу къамело бохийна, севцира. Эххар а, шен дегI нисдина, хьекъале ши бIаьрг инарлина гонахарчу эпсаршна тIехула а кхарстийна, Чомакхна тIехь сацийра Мохьмад-Хьаьжас.

– Оха дахдина дуьйцур дац, ала цуьнга, Чомакх. Доцца аьлча, хIокху инарле къинхетам беха аьлла, дахкийтина тхо тхан тайпанийн йарташа.

Бохийначу оьрсийн маттахь воккхачу стеган дешнаш гочдира Чомакха.

– Къинхетам? – командующин дуькъа цIоцкъамаш, айъаделла, хье тIе девлира. – Къинхетам беха даьхкина шу? ТIаьхьадисина шун дехар. Хьалххе ойла йан йезара. Къамкъарг малйича, магац шу. Бехкечарна къинхетам бац сан.

Леррина Чомакхе ла а доьгIна, инарлехьа дIавирзира воккха стаг.

– Тхо бехке дац хиллачунна, ала цуьнга, – хьалхачул шого вистхилира иза. – Iедал а

ду къиза. Цо дуккха а харцонаш йина тхуна тIехь. ТIейеттачу налогаша чIанадаьхна тхо. Керлачу йалташна дуьхьал бахалац наггахь доьзал а. Къоьлло, къизалло бIарздинчу адамашна йукъахь нисбелла собар кхачийнарш. Цаьрга сатохаделлехь, дика-м хир дара. Ца тохаделла-кх. Цхьа йист йоцуш хIумма а ма дац. Зулам Iедалехьара схьадаьлла. ХIетте а, бехк тхуна тIехь буьсу. Инарлин ницкъ бу тахана цхьана дийнахь хIокху Нохчмахках чим бан. Иза цуьрриг а майралла йа къонахалла оьшуш гIуллакх ца хета тхуна. Iаьлбаг-Хьаьжина тIаьхьара цхьа кIеззиг нах боцчара, Iедална зулам ца дина. Аш йарташ йагийча, адам эрна арахь дуьсур ду. Аш йалташ хIаллакдича, адамашка мацалла хIуттур йу. Аш тIера дай лецча, Сибрех хьовсийча, доьзалш байлахь буьсур бу. Цул, шен эскаршца кхузара дIавала, ала инарле. Тхо Iаьлбаг-Хьаьжина тIаьхьа а хIуьттур дац, шен кIезигчу ницкъаца цо Iедална дан зиэн а дац. Ша лелочух гIуллакх ца хуьлийла хиъча, догдиллина, тIевогIур ву иза а…

Хозуьйтуш, чIогIа, наггахь соцунгIа а хуьлуш, къамел ден воккха стаг йукъах а ваькхкхина, цуьнан къамел шена гочде аьлла, Чомакхе омра дира Свистуновс. Iедал бехке деш аьлла дешнаш а ца хьахош, Чомакха доцца гочдира воккхачу стеган къамел.

– Кхузахь йинчу бунтана ас массо бехке веш хилар дIахаийтал цаьрга, поручик, – баккхийчу нахана буьрса тIевирзира командующи. – Нагахь йуьртара цхьа стаг мятежникашна тIаьхьахIоьттинехь, йерриг йурт бехке йу. Нагахь доьзалера да, ваша, кIант, милла а цхьаъ Iедална дуьхьалваьллехь, оцу доьзалехь мел верг бехке вийр ву. Къений, къоний, зударий, бераш. Шайн зуламхо ца сацорна. Нагахь царна соьгахьара къинхетам хила лаахь, шайн бехк эца лаахь а, некъ ло царна. ХIор а йуьрто уггар тешаме, майра нах арабаха беза Iаьлбаг а, кхиболу зуламхой а схьалеца. Нагахь цара шайн йарташкара зуламхой, лецна, Iедалан кара схьалахь, тIаккха тешар ву со церан муьтIахьаллех. ТIаккха догдохийла йу Iедалерчу къинхетаме. Амма, цара и ца до-кх, йартех чим бина, мятежникаш Сибрех дIа а хьовсийна, бисинарш арен тIе дIакхалхор бу. ХIара церан обаргийн баннаш кхин цкъа а метта ца хIиттийта.

Йартийн векалш кортош охкийна а битина, шен свитица отрядна тIаьхьаволавелира командующи.

4

Отрядца вогIу Свистунов Шоьна кхочуш, хьалха йуьрта йаханчу разъездан эпсар веара йуханехьа говр хаьхкина. Цхьа ах бIе гIулч генахь говрара охьа а иккхина, ведда тIе а веана, гиччошка куьг даьхьира цо.

– Хьан локхалла, Шоьнахь хьоьга ладоьгIуш мятежникийн парламентареш бу. Муха приказ хир ду?

– ХIун парламентараш? Ког дIа мел баькхкхинчохь хила беза уьш?

– Хьан локхалла, уьш тера бац ахь тахана тIеэцначех. Цаьргахь кIайн байракх йу, шера оьрсийн мотт хууш, схьахетарехь, хьалха цкъа эпсар хилла стаг а ву церан коьртехь.

– Маса стаг ву уьш?

– Кхоъ.

– ХIун боху цара?

– Дийцац. Хьан локхаллица ду, боху, шайн гIуллакх.

Шоьна эвла йуккъехь жимачу маьждига хьалха майданахь шаьш лаьттара карахь

кIайн байракх йолуш кхоъ стаг. Инарла вогIу гича, дуьхьал а баьхкина, цхьа иттех гIулч генахь севцира уьш. Свистуновс говр сацийра. Инарла говрара чу ца вуссийла хиъча, ши-кхо гIулч тIе а веана, вистхилира хьалхара элдарчу дегIара, амма хебаршка ихна мокха, оза йуьхь йолу шовзткъе итт шо хенара стаг.

– Пурба ло тхуна, хьан локхалла, нохчийн мехкан уггар ширачу лаьтта тIехь хьо даггара декъалван. Тхуна чIогIа лаьара сел воккха, веза хьаша нохчийн къоман гIиллакхехь лераме тIеэца, амма хIиттинчу хьелаша таро лац тхан дегнийн лаам кхочушбан. Ма-ттов ца хилча, ма-торру олуш, кица ду тхан халкъан. Оха даггара декъалво хьо Нохчмехкан лаьтта тIехь!

ЭгIазчу къамелхочо, шен дош чекх а даьккхина, байн корта таIийра. Цуьнцанна кортош таIийра тIехьа лаьттачу кIайн, шуьйра маж йолчу зоьрталчу воккхачу стага а, цунна уллорчу буьрсачу къонахчо а. Цаьрга хьаьжча, даг чу велар иккхира инарлин. Дика Iамийначу комедех тарлора цунна оцу кхаа туземцо лелориг.

– Муьлш ду шу? – хаьттира цо кIоршаме.

– Хьан локхалла, имамо Iаьлбаг-Хьаьжас хьуна тIе хьовсийна халкъан парламентераш ду тхо.

ГIуллакх хазачу долуш хийтира инарлина.

– ХIун дохьуш даьхкина шу? Къинхетам боьху аш?

– ХIаъ, хьан локхалла, халкъо къинхетам боьху Цуьнан Императорски Воккхалле.

– ХIун ло аш къинхетамна дуьхьал? Зуламхой схьалой?

– Халкъо доьхург оха йаздина схьадеана, хьан локхалла. Ахь пурба лахь, доьшур ду ас.

– Деша, – доцца кхоьссира инарлас.

Чоин чета куьг дахийтина, схьадаьккхина кехат, даржа а дина, деша вуьйлира Берса.

Кехатан хьалхарчу пункто йуьххьехь ойла хийцира Свистуновн. Цо леррина схьалоьцура эгIазчун хIор а дош. ХIан-хIа, мятежникаша лелориг забар йац. Уьш тера а бац бIаьрзе гIевттинчу адамех. И вовшахкхеттарг, дика ойла йеш, кечйина политически а, тIеман а организаци йу. Амма воха а, кхеравала а мегар дац. ТIаккха мятежникийн дог-ойла айъалур йу. ХIокху минотехь собар а, ницкъ а гайтар оьшу…

Ша дешна ваьлча, халла хаалуш корта а таIийна, кехат инарле дIакховдийра Берсас. Свистуновс, агIор балдаш саттийна, схьаэцна иза, буьрса ши бIаьрг векалшна тIе а боьгIна, кегийра цуьргаш йеш, этIа а дина, хIаваэхь даржийра. Говран урх оьзна, иза дIаволавала кечвелча, сацийра Берсас.

– Господин инарла, и ахь этIийна кехат нохчийн халкъан цIарах Цуьнан Императорски Вокхалле йаздина дара. Паччахьан йалхойн бакъо йуй-те цуьнга йаздина кехаташ этIо?

Свистунов вуьйхира, амма цо иза, шен берриг ницкъ тIе а гулбина, къайладаьккхира.

– Муха даьхьира шу оцу тайпачу лехамашца суна дуьхьалдахка?

– Тхан лехамаш законехь бу, господин инарла. Веккъа цхьана Императорски Воккхаллин бен бакъо йац царна дуьхьал жоп дала.

– Ой, къийса ойла а йу хьан? Цул, суна баркалла ала, шаьш кхоъ оцу дIогарчу диттийн гаьннех хьала ца оллуьйтуш витарна!

– Тхо халкъан йа тІом бечу цхьана агІонан машаре парламентераш ду, господин инарла. Хьан бакъо йац дуьненан халкъийн йукъара гІиллакх талхо.

– Ткъа ахь, господин парламентер, дицдо хьо Іедална дуьхьалгІевттинчу мятежникаша схьаваийтина хилар!

– Къуьйсур дац вай, господин инарла. ТІаккха цунах йеха истори хуьлу. Оха хІун ала тхаьш схьахьовсийначу гІаттаман тхьамданашка?

– Ас этІийна кехат ду шуна жоп.

– Хьо сихвелла, господин инарла. Тхо акха туземцаш делахь а, хьо оьрсийн дворянин, оьрсийн эпсар, паччахьан векал а хилар ма дицде. Хьоьгахь товш дац собарх, гІиллакхах вохар, кхерамаш а туьйсуш, тхоьца къамел дар а.

Берсас нийса йинчу Іоттаро карзахваькхира инарла.

– Схьахетарехь, хьо кІорггера европейски образовани йолуш стаг ву, господин парламентер. Хьо хила а мега уьш карзахбаьхнарг. Амма хьуна ца хаа йиш йац Россин истори, шу санна, гІевттинчу оьрсийн муьжгашна тІехь Іедало йина бакъонан кхиэл шуна тІехь а хир йуйла. Цхьана минотна дагалаца Булавинан, Болотниковн, Разинан, Пугачевн, декабристийн чаккхе. Церан хилла кхоллам хир бу шун а. Оцу шун лехамашна жоп ас сайца дІадохьуш ду, ала шайн мезечу имаме.

Говран урх хьайина, дІаволавелира инарла. Цуьнан свитина а, тІаьхьайогІучу отрядашна а некъ буьтуш, керта улло таьІира Берса а, Акхта а, Лорса-Хьаьжа а.

Иттех минот йалале, говрийн бергаша, хьешна, лаьттах эйина, йайъира церан кехатах йисина цуьргаш…

Амма ЦІоьнтара а кхачале командующи валлал дохковелира имаман векалца ша шога къамел дарна. Новкъахь дуьхьалвеанчу геланчо Батьяновгара кехат делира цуьнга:

«Салатави йерриг гІеттина, – йаздора Батьяновс. – ГІевттинчу салатавхоша БуртІунай-гІопана блокада йина. ГІопан гарнизон хих дІахадийна цара. Сайн коьрта ницкъ цига дІабига деза сан. Цигара гІаттам хьаша кечам беш ву со, цундела Ичкерехь соьгара гІо хиларе дог ма даха. Хьан отряд тІеэца а, хІокху агІорхьара тешнабехк ца хилийта а Іалашо йолуш, Зандакъана уллохь цхьа батальон йуьту ас».

Оцу хаамо харцийна тІекІелйаькхира Александр Павловича, кІорггера ойла йеш, хІоттийна план а, цунна бина кечам а. Меттигерчу бахархойх вовшахтоьхначу милицин ницкъаца мятежникаш схьалоьцур бу бохург шеконе дирзира.

Сихха цо кхеташоне гулбира отрядан штабан а, округан а начальникаш. Некъана йисттехь шуьйра генаш даржийна лаьттачу зоьрталчу кхура кІел, цхьамма такхийна, шарбина, цестина, тобина Іуьллучу гула тІе эпсарш охьахевшича, хІоьттинчу хьолах лаьцна боцца хаам бира командующис.

– Салатави гІеттина. Дуьхьало ца йеш, каравола аьлла, инарла Чермоевс диначу дІахьедарна Іаьлбага жоп делла, нахана латта а, мелла а маршо а лахь, шеца гІевттинчу нахана Іедало геч а дахь, шаьш дуьхьало сацор йу аьлла. Іаьлбаг лаца луурш дуккха а бу, амма цхьаммо а шен дош кхочуш ца до. Суна хетарехь, меттигерчу бахархоша вай Іехадо. Полковник Батьяновн отрядан гІоьне догдохийла а дІайаьлла. Кху сохьта вайна хьалха ши некъ лаьтта. Хьалхахьа дІадахар, Делан гІоьнца, кхиаме хилахь, гІаттамца дерг чекхдоккху вай. Амма, Хаси-Юьртарчу отрядан гІоне даха дог а доцуш, вешан кІеззигчу ницкъаца Нохчмехкан кІорге долар барам боцуш кхераме хета суна. ШолгІа некъ а къастийна, йухадовлахь,

мятежникашна хьалха сий лахло вайн. Иза даррехь вай вешан гIорасизалла гайтар хуьлу. Сан дехар ду шуьга, господа, шайна хетарг алар.

Командующис цIеххьана биначу дагахь боцчу хаамо цецбаьхна эпсарш ойлане бигира. Царах цхьаннен а кийча жоп дацара. Векъана, даим кечвелла, вухавелла хуьлу полковник Крузенштерн, шен бIаьргехь йоллу монокль схьа а йаьккхина, ло санна кIайчу йовлакхца цIанйан хIоьттира. КIедачу томкех йантаран луьлла а йуьзна, сирникца иза лата а йина, боккха баьккхина кIур чу а тоьхна, ши бIаьрг Яьссел дехьарчу ТIерга-Дукъа а боьгIна, дIатийна эла Авалов а. Чинна лахара волу майор Явченко, хьалхе йаккха ца лууш, хIокху кхаанга бIаьрг бетташ Iара.

Эла Аваловн дагахь Ведана йухавалар дара, амма, командующин дагара ца хиъча, цунна ца лаьара шена хетарг ала. Коьртачунна тIе а тайна Iер тоьлуш хийтира цунна.

– Хьуна хIун бакъахьа хета, хьан локхалла? – монокль дIа а нисйина, командующега хьаьжира Крузенштерн. – Ас аьлларг дахь, Ведана йухадевр дара.

– Бахьана?

– Бахьанаш-м оьшучул тIех деца! Цхьа сахьт хьалха къеначу нохчочо хьоьга ма-аллара, нагахь бахархошна Iедална дуьхьалбовла ца лаахь, цаьргарчу гIоьнах дог а диллина, Iаьлбаг а, цуьнан бартахой а шаьш вайна тIебогIур бу йа, Iедална зуламе боцуш, хьаннашкахь къайлабевлла, совцур бу. ШолгIа. Йартийн тхьамданаша ма-аллара, бахархойн ойланаш машаре йелахь, вай, кхузахула дIасалелаш, и зIуганийн баннаш карзахдаха ца оьшу. Нагахь уьш, вайца мостагIалла а долуш, цхьана аьттоне хьуьйсуш, таьIна Iаш белахь, вайн жима отряд, шайна йуккъе нисйелча, аьтта дIайохуьйтур йу цара. Доцца аьлча, мацах цкъа Граббена а, Воронцовна а хилларг вайх хиларна кхоьру со.

– Майор?

– Суна хетарехь, полковник нийса ву.

– Ткъа хьан сийлаллина хIун хета? – Аваловгахьа вирзира Свистунов.

Йайна луьлла голах тоьхна цIан а йина, чу хIуп аьлла, кисана йоьллира Аваловс.

– Суна хьалхахьа дIадаха лаьа. Хьан локхалло ма-аллара, вайн йухадовлар, кIилолла ца ларахь а, гIорасизалла лорур ду нохчаша. ТIаккха кортош ойъур ду хIинццалц таьIна ладоьгIуш Iачара а. Стенна оьшу, зуламан орамаш а дитина, даим лазаре ладегIар? Бехкечарна луьра таIзар дарца бахархойн гуттаренна а догдаккха деза и саннарг тIаккхахула лелочух.

– Хьан дош, Николай Богданович? – эле Эристовга хаттар дира Свистуновс.

– Суна хетарехь, эла Авалов бакълоь.

– Ахь кхийдочу некъо халкъ кхин а карзах ма даккхахьара, эла, – кIоршаме Аваловга дIахьаьжира Крузенштерн.

– Шен коьртал лакха эккхалур вац цхьа а. Шайн ницкъ кхоччург дина цара.

– Ас эла къобалво, – цаьршинна йуккъехь доладелла лиэраш совцийра командующис. – Делан гIоьнца, хьалхахьа дIагIор вай. Бехкечу йарташна къинхетамза таIзар а деш.

Полковник Крузенштерн резавоцуш дIахьаьжира толаме мекх хьийзош Iачу Аваловга.

– Хьан лаам кхочушбар – тхан декхар ду, хьан лакхалла. Амма гIалат ма довлийла вай.

Iоттаре кхоссар йина Крузенштерн жоп ца луш витира Свистуновс.

Іуьйранна малх кхетачу хенахь Кешана-гІопера арайаьлла шина батальонах а, гІумкийн шина бІонах а, шина артвзводах а лаьтта подполковникан Григорьевичан отряд, Яркхсун кІоргачу тогІих дехьа а йаьлла, Зандакъа хьала охьайелира.

Отрядан коьртачу ницкъаца цхьа чаккхарма хьалха хийцира дошлойн цхьа бІо, ткъа шозлагІниг, отрядан батарейна ха деш, арьергардехь богІура.

Кешанера дІа ийъалуш, лома кІел дІадоьдучу дукъаца, лаьхьа санна, сетташ хьалабоьдучу готтачу новкъа беха могІа а бина боьлхура салтий. Хьарчийна, некха тІехула раздохуш, коча дихкинчу сирачу чоэший, цхьана кІиранна леринчу напхех йуьзначу ранцаший, кегийчех белаший, дагарший, йезачу тоьпаший новкъарло йора царна ирхех сиха хьалабаха. Кешанера кхо чаккхарма гена а бовлале, хьацаран кІуьрла хилира уьш. Къаьсттина хала дара йаккхий тоьпаш текхо. Шиний агІор тІекхозайеллачу хьаннаша бакъабала ца буьтучу новкъахь сих-сиха нислора Іаьмнаш а, буькъа хатт а. Хотто лоьцу йаккхий тоьпаш тоьттучу салташа бертаза йаппарш тухура йукъ-кара.

Отрядан коьртехь боьлхучу эпсаршна кІеззиг тІаьхьа, капитан Рихтерна улло а ваьлла, парталчу Іожа говрахь вогІура Абросимов.

Ша гимназист волуш дуьйна Абросимовн тидам тІебаханера Кавказна а, цуьнан ламанан бахархошна а. Цунна дуьххьара хІара мохк схьабиллинарг Лермонтовн кхолларалла йара. Цо, ца Іебаш, йух-йуха худура кху махках а, кхузарчу буьрсачу бахархойх а лаьцна оцу хеназа кхелхинчу поэтан стихаш. ТІаккха, ша университетан студент хилча, башхо а йоцуш, цо йоьшура ламанхойх лаьцна йерриг зорбанехь йазйинарш. Бакъду, уьш йерриг а оьрсийн герзан хьуьнарш хестош, хІара ламанхой йемалбеш йара, хІетте а, церан авторийн бертаза йукъ-йукъа схьакъедара царна мукІарло дан ца луучу ламанхойн майралла а, къонахалла а, оьздангалла а. Цара хІуьу дийцахь а, къона Абросимов тешна вара кхузарчу ламанхоша латториг шайн маршонехьа бакъонан турпала къийсам хиларх а, кхузахь тІамехь лаьттачу цхьаболчу эпсарший, инарлаший, официалечу историкаший ма-бийццара, хІорш «акха варварш, адамашдаархой, къуй» белхьара, хІокхаьрга нуьцкъалчу паччахьна маситта шарахь турпала дуьхьало йалург цахиларх а.

Мел дукха ойланаш йора цо ша гимназист волуш! ХІетахь цо йух-йуха а йоьшура Фенимор Куперан, Гарриэт Бичер-Стоун романаш. Ткъа йехачу буьйсанашкахь сатуьйсура, Кавказе а вахана, ламанхойн могІаршка а хІоьттина, маршонехьа къийсаман тІамехь дакъалаца. ХІара воккха хилале чекхбелира ламанхошца тІом. Амма студент волуш а иза маьрша ца волура шен сатийсамех. ХІинца цо Іалашо лоьцура, оьрсийн Купер а хилла, ламанхойн бакъонан къийсамах лаьцна романаш йазйан.

Ша сатийсина Купер ца хилира Абросимовх. Ша йазйина бІеннаш кехатан агІонаш йаго дийзира цуьнан. Уьш герга а ца йоьлхура цуьнан сатийсамашна. Амма, шегахь публицистан корматалла карийна, Абросимов, цхьа масех очерк газеташний, журналашний тІехь зорба а тоьхна, ша сатийсинчу Кавказе новкъа велира.

И дуьххьарлера некъ тайра цуьнан, Ростовхь Кавказе йухавогІучу гІараваьллачу йаздархочух-очеркистах Василий Иванович Немирович-Данченкох а кхетта. Меллаша текхаш, сих-сиха соьцуш, оцу бехачу новкъа Владикавказе йогІучу цІерпошта тІехь кху Кавказан ламанан къаьмнех лаьцна Абросимовна цкъа а ца хезна дуккха а керланиш дийцира йаздархочо.

Цул тІаьхьа кху махкахь масехазза а хиллера Яков Степанович. ХІара Теркан областах ирх-пурх чекх цкъа ваьлла ца Іара иза. Доцца аьлча, кху областан лакхенийн дахарехь цунна ца хууш башха къайле ца йисинера. Ламанхойн йарташкахь а хиллера иза дукхазза а. ХІетте а, ша цкъа хиллачу меттиге йуха нисвелча, муьлхха а цхьа керланиг кароза ца вуьсура. Ткъа хІинца иза воккхавера Нохчийчохь гІаттам болалуш ша кхуза нисваларх. ХІинца цунна шен бІаьргашна го дерриг а.

Капитано Рихтера, куьйгаш дIаса а туьйсуш, хаддаза хабар дуттура. Амма Абросимовна ца хезара цо дуьйцург. Иза ца Iебаш хьоьжура гондIа даьржинчу исбаьхьчу Iаламе. Готтачу некъана пурх андий орамаш тийсина, стигала ирх баххьаш хьовсийна, лаьттара тIе карс тесна къорзий зоьртала пепнаш. Уьш марахьерчош, церан гIаддашций, генашций хьийзаш, хьалаихнера акха кемсаш, хонйахарш. Некъан йистонца хьаннашкахь гора, шач санна, хьийкъина хьонка. Ткъа оцу къеначу хьаннашна йуккъехь даьхначу, дечган нахаршца аьхначу, жIолмийн мекханца шардинчу кегийчу ирзошна тIехь йу хIетта хьалайевлла гIийла хьажкIаш. Салтийн могIа гучу ма-беллинехь, шайн кегийра бераш ги а детташ, хьуьн чу уьдура асара баьхкина зударий.

Адамаш-м хьовха, олхазараш а уьдура кху кхайкхаза богIучу хьешех. Мухха делахь а, деган хьехамца царна хаьара, ги тоьпаш тийсина, цхьатерра барзакъ дуьйхина, нийсса ког боккхуш, и цхьатера адамаш диканиг дохьуш ца догIийла. ХIорш гергагIоьртича, дIатуьйра олхазарийн эшарш, шакарш, шабарш а, зIакара йуккъе къевлина, бен бан ша йохьу чемхалг, мас, чIешалг а йадайой, тIемаш тухий, дитташна йуккъе къайладуьйлура уьш. Корта чу а озабой, бенахь дIатуьйра тевна хиъна хьоза а. Месала цIога а саттадой, хIокхаьрга схьа а хьожий, шен хари чу сихлора тарсал а.

Кхузарчу олхазарийн а, дийнатин а, адамийн а машаре дахар дохо хьалагIерта отряд. ТIебогIу кхерам ца хууш, парггIат Iаш хила тарло хIорш тIебоьлхучу Зандакъара бахархой а. Яков Степановича дагахь Деле доьхура кхерам гергахиларан хаам цаьрга дIакхачийтар.

Шелана уллохь эшам хилла, йухаваьлла, шен жимачу йуьрта Симсара вирзина Iаьлбаг лаца арайаьллачу Хаси-Юьртан отрядан авангард йу хIара. Коьрта ницкъ кхана хьалакхача безара. Iаьлбаг лаьцна йа шен туьшара эккхийна, Даьттахехула, Гендаргнехула Бена хьала Свистуновна дуьхьалйаха йезара хIара отряд.

Яков Степановича сема ладоьгIура Iаьлбага дIа мел боккхучу коге. Майртуьпана уллохь тIом хилча, массо отрядашкахула эладита даьржинера, цигахь Iаьлбаг вохийна аьлла. Амма Абросимовна дика хаьара къоначу имамо полковникан Нуридан отряд эккхийна Гермачига йигна хилар. Оцу деношкахь цо дукха сатийсинера Iаьлбага, тIаьхьара ца волуш, и отряд йохийна дIайаккхаре. Стенна делахь а, иза ца хилира. Имамо оцу деа-пхеа дийнахь дийлийтинчу цхьамогIа гIалаташа оьрсийн командованин аьтто хилийтира. Нохчийчу боккха ницкъ озарал сов, арен тIера цхьамогIа йаккхий йарташ, кхерамаш туьйсуш, тхьамданаш оьцуш, гIовттамхошна дуьхьалйаха.

Шелахь хиндерг хьалххе дуьйна гуш дара Абросимовна. Нохчийн оцу йоккхачу йуьртахь шозза хиллера иза. Цигахь хиллачара Нохчийчоьнан Париж олура цунах. Баккъал а, нохчийн кхечу йартел йоккха хилла ца Iаш, уггар а хьоле йурт йара иза. Шемалан гIаттам хьаьшначул тIаьхьа даьллачу кху берхIитта шарахь хийцаделла цуьнан амат. Кхузахь маситта туька йара, шайн дай совдегарийн гильдийн членаш а болуш. Цара кхуза товараш кхоьхьура Москвара, Петербургера, Казанера, Одессера. Дукхахболчара шаьш-м муххале а ца бора шайн туьканашкахь мах, товар схьакхехьа нах а бара церан йолах лецна. Хьалдолчу совдегаршкара товар а оьцуш, шайна лавканаш йехкинера дуккха а баккхалчаша. МогIарчу нохчашна маситта новкъарло хIоттийна Iедало шайн гIуллакхашна Грозный баха. Цундела Нохчийчуьра берриг бахархой бахамехь оьшург эца, шайн карайеана шай-кай йохьуш, Шела богIу. Туьканел сов, хIор а пIерсканан дийнахь йоккха базар а хIутту цигахь. Цундела, Шелахь а, цунна гондIарчу йарташкахь а кхоллайелла шатайпа Iедална муьтIахь сословеш.

Тайпанан декъашхойх йукъаметтигаш чIогIа лаьтта Нохчийчохь хIинца а. Цхьана тайпанах хилчахьана, вовшийн вежарий лору цигахь. Цхьанна тIедеана эхь дерриг а тайпанна тIедогIу; цхьаъ майраллица, къонахаллица лакхаваьллехь, иза дерриг а тайпанан дозалла ду.

Тайпанан нехан йукъаметтигех говза пайдаоьцу Йоккхачу Нохчийчохь кхоллайеллачу керлачу сословис. Йа, вуьшта аьлча, оцу сословигахула кхузахь

керла Iедал чIагIдо правительствос. Царах бу хIара край къарйеш правительствона доггах гIуллакхдина, даккхий чинаш, орденаш а, мохк а белла ЧермоевгIар, ШамурзаевгIар, МустафиновгIар, ДубаевгIар, САралиевгIар, ЧуликовгIар, ОйшиевгIар, МамаевгIар, кхин иттанаш а хьолахой. Мел шаьш къен, гIийла бахкахь а, тайпанийн наха ладугIу шайн цIийнах болчу хьолахошка. Йа, вуьшта аьлча, оцу хьолахошна цара бIаьрзе гIо до шаьш лоллехь латто а, кхузахь керла Iедал чIагIдан а.

ГIаттам болабеллачу йуьххьехь Теркан областан эскарийн командующис уьш дIасахьовсийнера шайн-шайн тайпанийн йарташка. Цигара бахархой, гIовттамхошна тIаьхьахIиттарх йухабаьхна ца Iаш, уьш царна дуьхьалбахар тIе а диллина. Абросимовна хаьара оццу декхарца инарла-майор Чермоев Нохчамахка ваийтар. Схьахетарехь, инарлин мисси кхиамза чекхйаьллера кхузахь.

Шелахой бевр ма бацара гIовттамхошкахьа. Ломан бахархошца буьстича, уьш йалсаманехь ма бохку. Цаьрца гергарлонаш долуш бу гермачигхой, гелдаганхой а, эвтархой а. Цигара дIа-схьа зIенаш йоьлху Курчалой-Эвла, Цоци-Эвла, БелгIата, и. дI. кх. а.

ШолгIа-делахь, Эрсанан, Чехкаран, Грозныйн, Iумхан-Юьртан тIеман гIаьпнашна кIел лаьтта Йоккха Нохчийчоь. Изза ала мегар долуш хьал дара Жимачу Нохчийчоьнан йарташкахь а. Цундела Абросимов йуьхьанца дуьйна а шеквара арен тIехь Iаьлбаган кхиамаш хир бу бохучух. Цунна моьттучу тIе дан а деара гIуллакх.

Нохчмахкахь а, Органан лакхенца а летта гIаттаман цIе арен тIе йаржа туьгуш йацара.

5

Зандакъана тIехуларчу лома тIе хьалайаьлла отряд, кхузахь цкъачунна позици а лаьцна, сецира. Лома кIел легIана басе дIалаьцна, йаьржина, цунна хьалха Iуьллура Нохчмехкан йаккхийчу йартех цхьаъ йолу Зандакъа. ТIе латта тесначу йа гIодмийн цIевнашца къевлинчу тхевнашца наггахь а ангали диллина кор доцу цIенойн лаппагIанаш йара Iаннашций, боьлакций, вовшашна ген-гена кхийсина, йаьржина. Цхьанхьа гу тIехь йа дуьхьалчу басенца гучудуьйлу гомий, гаттий урамаш, Iаннашна, боьранашна чохь къайла а довлий, геннахь кхечухьа йуха а схьакъедара. Йуьртана йуккъехь лаккха хьала ира момсар хьажийна лаьттачу цIечу гIайракхах доьттинчу доккхачу маьждигна гуонах луьсто гора цIенош.

Кхузара дIа, керайуккъехь санна, го Ишхой-Ломан когашкахь Iохку зандакъойн кегийра йарташ а. Эпсарийн а, салтийн а хьажар уггар хьалха тIедогIаделира царах йуьстахо, лома кIел ши хи цхьаьнакхеташ хIоттийначу шалгонна йуккъехь, лекхачу берда тIехь Iуьллучу Симсарна.

Цигахь, ша винчу бенахь, къайлаваьлла Iаьлбаг. Айкхаша дийцарехь, цуьнца верг бIе стаг а вац. Царах дукхахберш суьйлий бу. Амма оцу бIе стага дуйнаш биьна дийна кара ца баха. Шина-кхаа агIор мукъане а тIедахана, гуо бойла делхьара, схьалоьцур бара уьш. Лекхачу бердаша йукъахьовзийначу цунна тIебоьдуш цхьаъ бен некъ бац. Иза а бу готта, Iинна чухула дIабоьдий, лекха берд хадош, хьалаболуш. Малхбалехьара схьа йуьрта волалур ву бохург хьехочохь а дац. Оцу агIор бу когашкахь йуькъа, къена хьаннаш йолуш, ткъа лакхо ваьлча, нийсса ирх бердаш долуш, тIехь кIайн ло лепаш, бIаьрго ма-лоццу беха Ишхой-Лам. Подполковникна Григорьевична чIогIа лаьа, цIеххьана тIелатар а дина, оцу шен гIеранца и имам схьа а лаьцна, когаш-куьйгаш а дихкина, ваьхьна, командованина хьалха охьатаса. Амма иза дан бакъо йац цуьнан. Цунна приказ делла, бахархой, кхерийна йа Iехийна, Iаьлбагна дуьхьал а бахий, цаьрга шайгга иза схьалацийта аьлла.

ХIетта хьалайевлла хьаьжкIаш хьоьшуш, текхош йигна йаккхий тоьпаш, йуьртана

тIе а йерзош, дIахIиттийра. Ши рота Гилана улло а хьажийна, йисинчаьрца, беха могIа беш, Зандакъ-Лам дIалецира. Отрядан эпсарш тIе а гулбина, йоцца кхеташо йиначул тIаьхьа, Григорьевича сацам тIеийцира, отрядца хьалавеана прапорщик Шахьболат а, БуртIанайн пурстоьпан Шайх-Махьмин ваша Хьамзат-Хьаьжа Дацаев а ультиматумца йуьрта хьажо.

– Зандакъошка доцца дIахьеде, – охьа чу куьг тесира подполковнико, – хьалхара – дуьхьало йоцуш, йурт схьайалар. ШолгIа – девне имам схьалаца шайн йуьртара герзаца кечвина ши бIе стаг Симсара хьажор. Нагахь сан омра цара кхочуш ца дахь, сарале ас Зандакъах чим бийр буйла а хаийта.

ХьалагIеттинчу Шахьболата, ийзалуш къадийра подполковнико тIедиллина декхар эцна йуьрта вахар шена кхераме хилар.

– Хьан оьздаллина хаа ма деза, кху йарташкара бахархой соьга, мостагIчуьнга санна, хьуьйсуш хилар, – элира цо Григорьевиче. – Цига гIумкийн отрядан командир майор Муса вахийтича, бакъахьа хир ма дара. Иза хьаша хиларе терра, цунах пIелг хьакхор бац цара.

Халла, оьрсийн дешнаш лехьош, вистхила гIертачу Шахьболате синтемза ладоьгIучу Григорьевичан готтачу хьаьжа йуккъе шад хIоьттира, говран мочхалх тера олладелла бухара балда раздаькхина, баьхьанаш санна, шуьйра, можа цергаш гучу а йаьхна, цавашарца велакъежира иза.

– Господин прапорщик, сан хан йац хьоьца дийцарш дан, – кIоргге хьех чухевшина горга, кегийра бIаьргаш Шахьболатна тIебуьйгIира цо. – Ахь кхин дош алахь, хьох шеквала кийча ву со. Шаьш кегийна худар шаьш даа дезар ду шун, иза мел чаьмза делахь а. Хьада, приказ кхочушде!

Зоьрталчу, куьцечу дегIара сирвелла воккха стаг, дуьхьал вист ца хуьлуш, басахула чубоьдучу готтачу новкъа меллаша охьаволавелира. ХIетталц даим нийсса лаьттина цуьнан шуьйра букъ цIеххьана букархьаьвзича санна хетаделира тIаьхьахьоьжучу Абросимовна. Кегийра гIулчаш йохуш, чехкка цунна тIаьхьаволавелира гIабакхах тера лоха, стомма Хьамзат-Хьаьжа а. Мукъабевлла эпсарш шайн роташка дIасабекъабелча, Абросимовн пхьарс лецира Рихтера.

– Меттиге бIаьрг тохий вайша, Яков Степанович?

ХIинца а гIуллакхе хIоттийна воцчу капитано Рихтера шен лаамехь йоккхура хан. Биэндоцуш белшаш саттийна, вист ца хуьлуш, ломан буьххье хьалаболучу гIашлойн новкъа цуьнца дIаволавелира Абросимов. Некъ лакха мел гIоьрта, нилхадуьйлура пепнаш. ТIаккха луьстта кхиъна стов а, хьаьрса-хьач а, пха а, бIаьлланг а йолуш, варш йолайелира. Дагна там беш дара бIаьстенан сеналлин а, зезагийн хьожанах а дуьзна цIена хIаваъ.

– Йалсамане йу-кх хIара! – ши бIаьрг хьаббина, кийра буьззина чуоьзна хIаваъ чам боккхуш арахийцира Рихтера. – ХIара хилла-кх Кавказан тIамехь буьрса а, кхераме а йийцина Ичкери! Ткъа мел тийна ду гуонах! Олхазарийн эшарш бен хазац. Кхузара дIа ДаьргIа, Коьжалкан-Дукъ, Шовхал-Берд гой, Яков Степанович?

– Йарташ шаьш-м ца го. Дехьа тогIи чухула охьадогIуш Ямсу ду. Ткъа нийсса хьалха гург – Аькккхийн-Дукъ. Цунна дехьахь, тIеттIа айалуш, къилбехьа доьдург – ГIачалкхан-Дукъ. Оцу шина дукъана йуккъехула охьадогIу Герзелахь хьуна гина Яьсси. Цуьнца хьала йу ахь цIераш йаьхна меттигаш. ДIо лекха гу гой хьуна? Иза ду Коьжалкан-Дукъ. Цигахь вохийна граф Воронцов. Ткъа къилбехьа лахо чохь, Шовхал-Бердана уллохь, тIаьххьара а хIума тоьхна цунах.

Барон вехха лаьттира оцу буьрсачу раьгIнашка бIаьрг бетташ.

– НеIалт хилла акхарой! – цIеххьана йуьхь тIехь хийца а луш, цергашна йуккъехула схьаIаьвдира цо. – Ас бекхам оьцур бу сайн да вийначех!

Накъостан хьаьрсачу цIоцкъамашна бухарчу сийначу бIаьргаш чохь хьере цIе гира

Абросимовна. Буткъачу, хьаьвзинчу меран шуьйра мераIуьргаш сийсара, хаьхкина йалийначу говран санна.

– Эрна йу хьан чагIо, барон, – элира Абросимовс, лаьтта кхевдина, кIайн зезаг а доккхуш.

– ХIан-хIа, Яков Степанович, ас кхочушйийр йу сайн чIагIо!

– Нагахь цара хьо хьайн дений, дендений тIаьххье хьалха дIа ца вахийтахь, – мере лаьцна, зезагах хьожа а йоккхуш, шек а воцуш элира вукхо.

– Хьовсур вай! ХIетале со а кхуьур ву царах масех экха шайн АллахIна тIе хьажо!

Зезаг, шина пIелга йуккъе а лаьцна, хьийзо вуьйлира Абросимов. ТIаккха, иза йуьстах а кхоьссина, накъостна тIевирзира иза.

– Бакъ вац хьо, господин барон. Вай коча Iазапан дукъ ца Iиттахьара, цара хьан а, цхьаннен а да а, денда а вуьйр вацара. Вай уьш маьрша баха ца буьту.

– Францехь винехьара, тоххара якобинец хилла хир вара-кх хьох!

– Адамалле хила-м, стагана Францехь вар ца оьшу. Адамалла доцуш а, гIийлачух къа ца хеташ а дац Россера адамаш. ДуьххьалдIа цхьаберш бахьац-кх бакъдерг ала йа лаац. Гой хьуна, хьо а воллу нохчашна «акхарой» бохуш. Церан диканиг ган лаац хьуна а. Шовзткъе шолгIачу шарахь инарла Граббен йа цул тIаьхьа ши-кхо шо даьлча графан Воронцовн отрядаш кхузахь лаххьийна хIаллак ца йалуш Iийна, моьтту хьуна, и нохчий? Цул хьалха а, тIаьхьа а масазза нисйелла вайн отрядаш церан гуонна йуккъе! ХIокху къомо мостагIчун тIамехь а лардо шайн къинхетаме гIиллакхаш. Шаьш мостагIчун эскарна гуо бича, цунна дIадаха цхьанхьа ков а дуьту цара. «Тхоьгахь ницкъ а, аьтто а бу шу лаххьийна хIаллакдан. Амма тхуна лаац и дан. ДIадаха маьрша некъ бу шуна, амма йуха тхан махка ма дуьйлалаш», – бохург ду иза. Цивилизацин мехкан муьлххачу а къомо дийр дарий ишттаниг?

– МостагI – мостагI ма ву, иза мел дика велахь а, – доцца хадийра Рихтера. – Вайна Кавказ ваьшна муьтIахь оьшу. Вешан Швейцари йан. Оцу тIехь вайна новкъарло йийриг вайн мостагI ву. Стенна оьшу кхузарчу туземцашна хIара исбаьхьа Iалам, хьоле маьIданаш? ХIара дерриг хьал эрна лаьтта-кх. Ткъа вай кхузахь заводаш, фабрикаш йохкур йу. Курорташ йийр йу. ХIинцале а гучубевлла вайн цивилизацин стоьмаш. Ткъех шо хьалха, цIахь бинчу чордачу машин бедарш йуьйхина, догIмаш тIехь даьIнаш хIиттина леллачу хIокху туземцашка хьажал хIинца.

– Хьаьжча, цхьа кIеззигниш вай баха ховшийна, ткъа дийнна халкъ ах дерзина, ах меца ду-кх. Уггар чIогIа хIокхарна оьшучу серлонан, дешаран а ойла ца йо цхьаммо а. Тахана а догIу вай хIокхарна вешан «цивилизаци» йохьуш…

Рихтера цхьаъ олуш, Абросимовс иза дохош, къуьйсуш, хIара шиъ туьпа йуха схьавеача, дукха хан йалале, кхуза йухакхечира йуьрта бахийтина парламентераш а. Цаьрца вара векъана, йуькъа йеха сира маж йолуш, лекхачу дегIара воккха стаг коьртехь масех зандакъхо. Григорьевича уьш тIеийцира, йоккхачу тоьпан лафета тIе а хиъна. Цунна тIехьа дIахIиттира отрядан эпсарш.

Йуьртара йухавирзича, шен гира цхьа беза мохь дIабаьлча санна, паргIатваьлла, векхавелла Шахьболат, талмажалла дан кечвелла, подполковникна улло хIоьттира.

Григорьевича охьаховша а ца элира баккхийчу нахе. Бахархошна тIе кхерам тесна ца Iаш, уьш ма-хуьллу сийсазбан ойла йара цуьнан. ХIара мостагI велахь а, тIевеана хьаша хиларна, къоман гIиллакхехь хьаькаме маршалла хатта декхар долу баккхий нах, шеца гIиллакх лелийча хаъал иза адам доцийла а хиъна, масех гIулч генахь севцира. Кхечарех схьа а къаьстина, жимма хьалха ваьлла векъана воккха стаг воцург, важа бисинарш беркъа бухабелла бара. Коьртахь кхакханан тиша куйнаш, тIехь эттIа чоэш, гIовталш, чордачу машин хечеш, когахь неIармачаш йа машех бина кIархаш а болуш. Йукъахйихкинчу шаьлтанел сов, кхин герз а дацара цхьаьнггехь а. Ткъа векъаначу воккхачу стагехь атталла шаьлта а йацара.

Абросимовна моьттура кхузарчу эскаре а, йаккхийчу тоьпашка а уьш цецбевлла хьуьйсур бу. Амма иза а ца хилира. Дехьо лаьттачу гІумкийн милцошка бІаьрг а тоьхна, шаьлтанан макъаршна тІе куьйгаш а дехкина, цхьацца ког хьалха а тесна, кхин бІаьрнегІар ца тухуш, подполковникна тІе а богІабелла, тІулгах боьттича санна, севцира уьш.

– ХІун дохьуш даьхкина шу? – хьаьжайукъ хабийна, буьрса хаттар дира Григорьевича.

Шахьболата гочдира хаттар.

– Йух-йуха а дийцина хІун до цуьнан, Шахьболат? Тхан дагара хьуна ма хаьа.

– ХІун боху цара? – хаьттира подполковника йуха а.

– Мятежникашца шайн хІумма а дац, боху. Шайн йуьртара цхьа ткъех стаг бен вац Іаьлбаган тобанца, и ткъа стаг бахьанехь шайн йуьртана зулам ма де, боху.

Шен горга ши бІаьрг, уьш хІор а зуьйш, баккхийчу нехан йаххьашна тІехула кхарстийра Григорьевича.

– Іаьлбаг шун тайпанах стаг ву. Цунна тІаьхьахІиттина симсархой а. Шайн тайпанан стагера даьллачу зуламах хІор а тайпано Іедална хьалха жоп ло. Нагахь сарале аш зуламхой схьалеца ши бІе стаг Симсара ца вахийтахь, ас Зандакъа а, Гилана а йагор йу, ткъа бахархой Сибрех хьовсор бу. Гочде царна иза.

Шахьболате ла а доьгІна, векалшна йукъара схьавелира лекхачу дегІара, шуьйра белшаш, дехий пхьаьрсаш, аьрру бесни тІехь беха муо болуш къоьжа воккха стаг.

– Бехкбоцчарна таІзар дар нийсо йац, полколаг, – элира цо, шина а агІор охкаделлачу деха-дуькъачу мекхех ка а хьокхуш. – Далла хьалха а нийса дац иза. Симсархой а, тхо а цхьана тайпанах вежарий ду. Оха йуьххьехь дуьйна а аьлла цаьрга, аш лелочух адамашна зулам дер ду, совцахьара шу. Тхо Іаьлбагца а дац, йа уьш лоьцуш Іедална гІо дан а лаац тхуна. Оха и дича, вежаршна йуккъе мостагІалла дужу. Тхо а ца хьийзош, шаьш лецийша Іаьлбаг а, цуьнца болу нах а.

– ХІета, лаац-кх шуна, зуламхой лоьцуш, тхуна гІо дан?

– Лууш дерш дерриг кхочушдойла ма ца хуьлу. Эхь-бехк, гІиллакх а ма ду лиэра дезаш.

– Мила ву хІара веханиг? – векъаначу, йеха йуткъа маж йолчунна тІе шедан кхаж хьажийра Григорьевича.

– Хьан оьздалла, иза йуьртан молла Нуркиша ву. Ткъа цунна тІехьа лаьттарг – йуьртда Жанхот.

– Шу хьан хІиттийна йуьртана коьрте?

– Іедало, – жоп делира Нуркишас.

– Шайн йуьртахь Іедал хІунда ца латтадо аш ткъа?

– Зандакъа зуламан декъахь йац. Тхан йуьртахой муьтІахь бу Іедална.

– Ткъа сан омра кхочуш хІунда ца до аш?

– Асий, Жанхотий дукха корта лебина нахе, ахь бохург дайта гІерташ. Нах реза бац. Уьш реза ца хилча, тхойшиъ гІорасиз ву.

– И тІаьххьара дош ду-кх шун?

– Ду.

Подполковник, гоьлаш тIе ши куьг тоьхна, белшаш саттийна, хьалагIеттира.

– Поручик Рыжков! Зандакъана тIе ткъа, Гилянна тIе итт хIоъ тохийтал. ДIа мел тухург цIеношна тIе а кхоьтуьйтуш.

Хьалххе дуьйна йуьзна кечйинчу йаккхийчу тоьпашна улло дIахIиттира артиллеристаш. Шена уллохь лаьттачу цхьаннан карара йогуш йолу милт схьа а эцна, ша цигаьрка латочул башха ца хеташ, йоккхачу тоьпан лерга доьхкинчу молханна тIе Іоьттира Григорьевича. ДоьIучуьра са а сацийна, цуьнан куьйге хьуьйсура баккхий нах. Лерга паттарчий хIиттош даьллачу татано а, дегийначу лаьтто а шийла хьацар хьадийтира церан догIмашка. Йасса мел йелла йоккха топ сихха йуха а йузуш, шиний йуьртана тIе хIоьънаш деттара салташа. Церан кIур дIаса масазза баьржа, шайн йуьрта дIахьовсура баккхий нах. МаьI-маьIIехь болуш кIур а, тIаккха цIераш а гира царна.

Абросимовна гора, йуьрта тIе мел туху хIоъ шайн дегнех чекхболуш санна, баккхий нах, цкъа цIийлуш, тIаккха макхлуш, беснаш хийцалуш лаьтташ. Цергашца балдаш къуьйлуш, сихдина цара доьIучу сино, левсеш санна, сийсадора церан дакъаделла накхош. Церан лазам, цхьа гуш доцчу пхенашца ток санна, дагах бетталора Абросимовна а. Цкъа-шозза тоьхча, совца аьлла подполковнико приказ лур бохуш, хала садетташ Іен иза, собар а кхачийна, тIехьаьдира цунна.

– Господин подполковник, сацайе и къизалла! – катоьхна пхьарс лаьцна, шегахьа хьовзийра цо иза.

Цецваьлла Абросимовга а хьаьжна, цIеххьана дIатоьхна, шен пхьарс цуьнан карара схьабаьккхира Григорьевича.

– Хьуна хIун оьшу, господин Абросимов?

– И къизалла сацайайта!

– ХIунда?

– Стенна бехке бу и мисканаш?

– Господин Абросимов, сайн тIеман декхар кхочушдан вита со! ТIетоха! – куьг охьахийцира цо.

– Эхь… Эхь ца хета хьуна?! – лерга хIиттинчу паттарчашна ша эриг шена а халла хезаш, мохь беттара Абросимовс. – Адамалла а, къинхетам а бац хьоьца?

– Йуха а боху ас хьоьга, сайн тIеман декхар кхочушдан вита со! – човхийра иза Григорьевича.

– Бехке доцу адамаш дайъар тIеман декхар ду ткъа? Хьуна хьан бакъо йелла?

– Ма кхералахь, и бакъо йала йеззачо йелла суна!

– Оцу йарташкахь къена нах, зударий, бераш ма ду! Оьрсийн герзан сийнна эхь до ахь!

– ХIаъа… Кхузахь хIара ас дуьххьара а, тIаьххьара а деш дац. Хьалха хиллачаьрга хьаьжча, ас дийриг берийн ловзар ду.

Шина оьрсичун девне ладоьгIуш лаьттачу баккхийчу нахах цхьамма, Шахьболатна тIе а вахана, масех дош элира.

– Господин подполковник, баккхий нах реза бу хьан омра кхочушдан, – элира прапорщико, сихха Григорьевична тIе а веана. – Ахь йаккхий тоьпаш совцайахь, шаьш, йуьрта а дахана, нах вовшахтуху, боху…

Подполковникан мочхалш делакъежира:

– Тоххарехь аьллехь иза. Гирий хьуна, господин Абросимов? Бетах хIума тохаро бен къар ца дой хIара хьайбанаш-м. Сацайе цIе! Дика ду, господа разбойникаш. Шуьца йуьрта йогIур йу гIумкийн милицин отряд. Шуьга ла ца доьгIнарг цара бIаьрнегIар тохале бертавалор ву шуна. – ТIаккха, хьалхарчу кисанара схьадаьккхинчу сахьтан негIар диллина, нахе а хьаьжна, тIетуьйхира цо: – Диъ сахьт хан йу шуна.

XIV корта. ДОТТАГIИЙ, МОСТАГIИЙ

(Абросимовн йозанаш)

Машар лойша Кавказна… Ма лехийша

Евфрата тIехь дуьненан йалсамани…

Иза-м кхузахь йай, кхузахь.

А. Бестужев-Марлинский

1

1877-чу шеран 28-гIа апрель

Сан ирсана йа дакъазаллина, хIара гIаттам болалуш Нохчийчу нисвелла со. Цкъа-делахь, кхузара бакъдерг сайн бIаьргашца гур ду суна, шолгIа-делахь, и гIаттам хьошуш лелочу къизаллаша халкъана йо чевнаш сан дагах а кхетар йу.

Хьалхарчу дийнахь Хаси-Юьртара отряд Аьккха йоьдуш, со цига ца ваийтира полковнико Батьяновс. Сох тешам байна кхузахь. «Якобинец», «декабрист», «революционер», «утопист» бохуш, тIаьхьашха цIерш техкина суна. Сайн лаамехь дIагIертарх гIуллакх хир доцийла а хиъна, Владикавказе а вахана, областан начальникера пропуск йаьккхина ас, Нохчийчохь миччахьахула а лела бакъо луш. Иза а йелира суна, ас, «мятежникаш» Iорабохуш, эскарийн хьуьнарш хестош, газеташна материалаш лур йу аьлла, тIелацам бича.

Цкъа а ас дендоцург!

Цхьа масех стагаца Нохчмехкан хьаннашкахь, цхьанхьара кхечухьа вуьйлуш, ведда лела Iаьлбаг.

ГIаттам хьаьшна чекхбаьлла лерина, Владикавказе йухавирзина областан начальник. Амма Нохчийчуьра дIа ца ваьккхина цхьа а салти.

Цигахь дан дуккха а гIуллакхаш дисина. ТаIзарш, йарташ йагор, гIуданаш дахар, нах лецар, уьш шайн махках бахар. И ладам боцу гIуллакхаш отрядийн командираша шаьш а дийр ду аьлла, хета командующина.

Iаьлбаган гIуллакх долийчахьана дуьйна а дара шеконехь. Амма иза оццул сиха чекхдер ду ца моьттура суна а. ГIаттаман эшам сихбира Нохчийчоьнан чоьхьарчу хьелаша.

ХІара ламанхой, царалахь къаьсттина нохчий, инзаре бодане адамаш ду. МогІарчу бІаьхойх къастам бац гІаттаман тхьамданийн. Іаьлбаг ша Іеламча ву, боху. Амма хІун ду цо Іамийнарг? Динан Іилма. Ткъа динан Іилмано, вайна ма-хаъара, мелхо а, стаг бІаьрзе во.

Дависарг, ах мукъане а дешна белхьара! ХІокхеран берриг а кхетам бІаьргашний, лергашний чохь боллу. Шайна гинарг а, хезнарг а бакъ хета, и шайна хьалха гуш дерг бен дуьне довзац.

Вуьшта, оьзда а, майра а къам ду иза. Нохчашна шайнна йуккъе херонаш йоьхкина ца Іа кхузара Іедал. И цамгар-м, дарба лелийча, йерза а тарлора.

Оьзда а, майра а къам ду, амма корта бац.

ХІокхеран эшамийн коьртачу бахьанех цхьаннан гайтаман сурт дара масех де хьалха Шелахь хІоьттинарг.

Хийрачу олаллина дуьхьал къийсамна гІеттинчу муьлххачу а къомо, шен дог дой, билгалйоккху цхьа шахьар. Цигахь цхьаьнахоттало къоман маршонехьа къийсаман дерриг пхенаш. Цига гулло оцу къоман хьекъалан, хьолан, культурин заза.

И Шела шайн къоман дог лорура нохчаша.

Амма иза аьттехьа а ца хиллера. Схьахетарехь, хІокху къоман къармазале амалш хууш, меттигерчу Іедало хьалххе дуьйна тиддера оцу дагна тІедоьлху пхенаш. Йа, вуьшта аьлча, Шелах Іедална муьтІахьчу адамийн бен кхоьллинера.

Муьлш бара гІовттамхошна Шела дуьхьалйаьккхнарш? Нохчийн эпсарш, совдегарш, мехкадай, динан дай.

Адамаллин исторехь закон хилла схьадогІу, муьлхха а халкъ хийрачу олаллина дуьхьал гІеттича, оцу боламан коьрте къоман хьекъале адамаш хІуьттуш: Іилманчаш а, эпсарш а. Іилманчаш хІокхеран бац, ткъа ЧермоевгІар, МустафиновгІар, ЧуликовгІар, СаралиевгІар, кхин а, кхин а уггар хьекъале, кхетаме бу боху нах шайн халкъана дуьхьалбевлла.

Шайн халкъера Іазап, цунна тІехь латто харцо а ца гуш, бІаьрзе бу-те уьш? Йа халкъан лехамаш нийса ца хета-те царна?

ХІан-хІа, иза а, важа а дика хаьа оцу господашна. Амма халкъан кхолламал йеза а, гергара а йу царна шайн цІокарчий.

Кхин а йаккхий, чІогІа а йу меттигерчу къаьмнашний, тІебаьхкинчарний йуккъе хІиттийна дуьхьалонаш. И шина а агІорниш вовшех ца эйта, цхьаьна ца кхетийта, царна йукъахь доттагІалла, гергарло ца кхолладалийта, ца деш хІун ду кхузахь!

ГІаттам болабеллачу хьалхарчу деношкахь Грозный-гІалин килсе нисвелира со. Веза Дела, ма доккха эхь ду-кх оццул тІех аьшпаш боттар! ХІара нохчий дика бовза кхиъначу сан а корта хьаьвзира, мозгІаре ладоьгІуш. Доцца аьлча, нохчех каннибалаш бира цо. Уьш гІала кхачахь, цара, жимий, воккхий, зударий, бераш дайъина ца Іаш, кескаш йохуш, шаьлтанашца доруш, цІергахь датта ца кхиош, буьйда доллушехь дуур ду, бохура-кх.

ТІаьххьара а, жимма кІаддира цо ша дуьйцург. Мотт ца хуу некхехь долу бераш ца дойъуш дита а мега, уьш бусалба дине дерзо, элира.

Нагахь цунах кхачам ца хилахь а аьлла, кхин а цхьа козар йукъайаьккхира мозгІаро. Туркой вайн ворхІе дайшкахь дуьйна схьа оьрсийн а, берриг керстанийн а мостагІий бу, элира цо. ТІаккха Инжилна тІера дустарш далийра. Доцца аьлча, и туркой хилира каннибалаш. Уьш вайн мохк дІалаца, вай лолле дохка, вай бусалба дине дерзо гІерта, бохура цо. Изза хилла, бохура, Балканехь бехачу вайца цхьана цІийх а, цхьана динехь а болчу вежарех. Бакъ динах къаьстина, церан харц дине берза ца луу вайн вежарий-славянаш гІевттина оцу йовсаршна дуьхьал. Тахана

церан цIий Iенадо туркоша. Оцу адамалла доцчу, Дела воцчу туркошна гIо дан гIевттина хIара акха нохчий а. Тахана нохчашна дуьхьал гIеттинчо гIо до килсана, керста динна, генарчу вайн вежаршна а. Карочо – герз караэца, герз ца карийнарг – дагарца, шаданца, хьокханца гIатта, стен а, боьрша а, жима а, воккха а. Кхеравелла, воьхна йухаваьллачун нохчаша чуьйраш хоьцур йу, тIе, кханалерчу эхартан дийнахь Дала бекхам а оьцур бу цунах, жоьжахатин цIергахь, чим беш, вагор ву иза эзарнаш шерашкахь…

Наха ладоьгIура. Божарша даккхий синош дохура, зударийн белхарш лелхара. Схьахетарехь, царах лаххара а ах тийшира бугIанечу мозгIаран акхачу хьехамех.

* * *

1877-чу шеран 30-гIа май

ХIара Кавказ а, кхузара адамаш а дуьйцура зорбанехь кху махкахь хиллачу некъахоший, тIаьхьа тIемашкахь дакъалаьцначу эпсарший. Амма цара цхьаболчара хIитточу суьрташкахь хIара мохк дуьненан йалсамани йара, ткъа цу чохь дехарш – акха адамаш.

ТIаьхьо кху мехкан важа агIо схьайиллира вайна Пушкина, Лермонтовс, Бестужев-Марлинскийс, Толстойс, Добролюбовс, кхин дукхаммо а. Цара дуьненна а хаийтира хIокху буьрсачу лаьмнашкахь исбаьхьчу Iаламехь деха адамаш, и шайн мохк санна, буьрса а, исбаьхьа а хилар. Церан буьрсалла – майралла а, къонахалла а, маршоне безам а – гайтира цара, ткъа дегнийн исбаьхьалла – адамалла, оьздангалла, тешам.

Оцу сийлахьчу йаздархойн произведенеш мел йешначо сатуьйсура хIара мохк, кхузара адамаш ган. Ткъа оьрсийн халкъан маршонехьа къийсаман кIентийн бIаьрг бузура ламанхойн маршонехьа турпалчу къийсамах, сатуьйсура церан байракхна кIел хIитта, церан а, массеран а йукъарчу гIуллакхна – Iазапдаллорхошна дуьхьал – къийсамехь шайн синош дIадала.

Со студент волуш дуьйна сан кийра а буьзнера оцу безамо, сатийсамо. Ас дуй биънера, сайн аьтто нисбеллачу хенахь кхуза а веана, хIара лаьмнаш гIаш талла, кхузара адамаш герггара довза. И сан дуй кхочуш ца хила а магара, Кавказехь вина а, кхиъна а волчу гIараваьллачу йаздархочуьнца, публицистца, этнографца Василий Иванович Немирович-Данченкоца кхолламо со цхьаьна ца тоьхнехь. И доцца цхьаьнакхетар нисделира масех шо хьалха. Василий Иванович Москва веача, сан гергара стаг волчохь. Оцу буса цо дийцинчо ламанхошка сан безам кхин тIе а алсамбаькккхира, кху махка ван ас йина чIагIо кхин тIе а чIагIйира.

ХIетахь нохчех лаьцна цо дийцинарш доцца дIайаздо ас.

* * *

– ХIара нохчий Iедалца мостагIалле бовлар правительствон бехк бу, – долийра цо. – ХIокху Кавказан лаьмнашкахь даима уггар доккха а, уггар майра а къам хилла схьадогIу хIара. Амма – даим а шен лаамехь, шен амалехь. Мацах цкъа монголийн ханашна ца къарбелла хIорш. Лаьмнашка йуха а бевлла, цигара схьа хаддаза тIелатарш деш, кхузахь чомахь ца битина цара мехкашдIалецархой. Ца къарбелла уьш къизачу Тимурна а. Амма хьалхарчара а, шолгIачо а дуккха а мохк дIабаькккхина нохчашкара. Цхьа-ши бIе шо хьалха кIез-кIезиг бовлуш, шайн дайн махка, арен тIе йухаберза боьлча, кхузахь йаккхий дуьхьалонаш Iиттало царна. Чергазийн, гIебартойн, гIумкийн, ногIийн, гIалмакхойн а элий. Хьуна дуккха а хезна хир ду, нохчийн элий бацара, уьш маьрша бара бохуш. ГондIарчу къаьмнашций, вайн халкъаций дустаре диллича, маьрша дан а дара и къам. Нийсо-м, дера, йацара. Цхьаъ хьал долуш, важа къен хилча, нийсо бохург дIа ма долу.

Амма ас бохург кхин ду. Царна йукъахь бацара шайн долахь йарташ, крепостной ахархой болуш, церан кхоллам шайн карахь болуш, Европехь, Азехь, Россехь, кху Кавказерчу кхечу къаьмнийнаш санна, «классически феодалаш».

Цундела царна ца лаьара феодалашна кIел совца.

Шайн махкара и луларчу къаьмнийн феодалаш дIабаха гIуьттура нохчий. Цкъа-шозза уьш лелхо аьтто а нисбеллера церан. Амма уьш йуха а церан коча хуьйшура Терка тIерачу вайн администрацин гIоьнца.

БерхIитталгIа бIе шо чекхдолуш, йа нийсса аьлча – 1781 шарахь, Нохчийчоь тIаьххьара а, гуттаренна а карайерзо, цигахь колонизаци йолийра Россис. ТIаккха правительствос ша царна тIехь динарг, ас ца дийцича а, хьуна дика хаьа… Шайгара мохк дIабаккха боьлча, оцу тIе колонисташ хийшо боьлча, тIаккха дуьхьало йан буьйлира уьш. И дуьхьало Мансуран заманахь дуьйна хаддаза схьайогIу.

Ткъа вайн мундирийн моралисташа дерригенна а нохчий бехке бо. Царна вай бIаьрга дан ца деза, уьш йамарт адамаш ду, олу. Уьш, йетташ, бойъуш, ах гергга хIаллак а бина, цхьаберш махках а баьхна, бисинарш мацалла ле шайна аьлла, дерзинчу лаьмнашка а боьхкина, церан коча хийра гIиллакхаш, амалш теIо Iедал царна хIун аьлла дезар дара? Iедална уьш лара а, церан сий дан а ца хаахь, цкъа а машар хир бац цунний, ламанхошний йукъахь. Айпаш доцуш-м, дера, вац нохчо. Амма дуй дуьнен чохь цхьа а къам, цхьаъ-м хьовха, эзар а айп доцуш?

Муьлххачу къоман стагана санна, нохчочунна а лаац кхечуьнан лай хила. Ницкъ болчо ша мел бIарзварх, корта ца таIош, адамаллин сибатах ца вухуш, цо майра къуьйсу шен маршонехьа. Шен сий ца лахдан, цхьаннан лолли кIел ца вожа, вала лаьа цунна. Iожаллех кхерац иза. Ша эшча, тоьллачуьнга собаре хьоьжу иза. Амма цунна хьалха текхац, цуьнга къинхетам а ца боьху.

ТIом болчу хенахь бIеннаш оьрсийн салти уьдура Нохчийчу. ХIунда? И нохчий къинхетаме а, тешаме а, оьзда а адамаш хиларна. Шайн даймахкахь таIийна, гатвина, бIарзвелла, Iазапех ведда веана муьлххачу а къоман стаг, иза бусалба, керста вара ца бохуш, шайн ваша вой, тIеоьцура цара. Бевдда шайгахьа бевлла салтий дIабоьхуш, вайн командованис хийлазза ультиматум хIоттайора церан йарташна хьалха: йа салтий схьало, йа шаьш йарташ хIаллакйо шун, олий. Амма, шайх тешна, шайгахьа бевлла и салтий инарлашка дIа а белла, и йамартло ца йан, шайн йарташ йагайойтура нохчаша.

– Нохчий къиза, стешха, йамарт адамаш ду бохуш, эладитанаш леладо. Уьш нийсса харц хабарш ду. Нохчочо атталла шайн да вийна мостагIа а ца вуьй тешнабехкца, къиза. Ша цунна тIекхачахь, цуьнан карахь герз дацахь, иза а ца вуьйш вуьту. Ша вийначу шен мостагIчун дакъа шайн къоман гIиллакхехь къилбехьа дерзадо, цуьнан меженаш нисйо, цхьана стаге иза лардан дIалой бен, докъана уллора дIа ца волу. Топ, тур-шаьлта а тухий, стаг вуьй цара, амма диггий, хьокхий тухий, ирхъуллий, меженаш йохуш, вагош вуьйш – и къизаллаш ца лелайо. Герз карахь шайх лата баьхкина вайн салтий а бойъу цара, шаьш сийсаздан боьлча, вайн чиновникаш а бойъу, амма машаречу оьрсичун дегIа тIера чо а ца хьабо. Нохчашна тIехь и сийсазе эладитанаш кхуллучара дицдо цара бойъурш церан йарташ йагийна, бошмаш хедийна, кхаш тIера йалташ хьешна, церан доьзалш байъина нах хилар. Ламанхой шалха дегнаш долуш йамарт нах бу, олу вай. Тоьллачо шена луъург леладо эшначунна тIехь. Ткъа эшначун, лаахь а ца лаахь а, аьшпашций, мекарлонций кIелхьарвийла деза, шен аьтто нисбаллалц. Оцу хьелашка воьжначу ах-акха ламанхочуьнгара бакъдерг, тешам а лехар нийса дац. Масала, схьалоцур вай керста европейцаш. Европейцо эшийначу европейцо ца лелош хIун дуьсу? И харц лийча а, цо аьшпаш боьттича а, йамартло йича а, къиза хилча а, оьздангаллех воьхча а, иза иштта хила догIуш лору. Ткъа цо лелийнчунна аьттехьа а доцу кху ламанхойх даьлла кIеззигниг, дестадой, дуьйцу.

ДуьххьалдIа вайн историкашний, этнографашний лаац церан гIиллакхаш цивилизованни халкъийн гIиллакхашца дустуш гайта. Алал соьга, оьздангаллина стенца лакхаваьлла европейски ахархо, адамийн бакъонех хадийна дакъаза

ваьккхинчу нохчочул? ХIокхо къобалдо ала ма дохку вай! Ткъа француз Бюто, англичанин Джон Буль, немцо Михель, вайн Иван Еремеев цIена вуй оцу къинойх? Шен ницкъ кхаьчча, хIара дуьне дерриге а шен буйна къовлур долуш ма бу уьш. Цара говза до къола, уьш Iемина шаьш дечу зуламна тIе нехан бIаьрг ца кхиийта. Ткъа кхузара Ахмедка кхаьчна вац зуламаллин оццул лакхарчу дарже, цо ша дийриг даррехь, массарна а хууш, гуш а до. Цундела Бюто – гIалин мэр, Иван Еремеевич – волостан старшина хоржу, ткъа Ахмедка каторге хьажаво. Хьалхарчарна законаш хаьа, ткъа Ахмедкина уьш хаац. БютогIар, ИвангIар законашца до шайн гIуллакх. Ткъа Ахмедкас – шаьлтанца. Ткъа оьздангалле даьккхича, Ахмедка царал, стигал санна, лаккхахь ву. Ахмедка, шена сискал хилча, ша адам лерича, Iадда Iен а мегара, ткъа европейцашна шаьш ден талораш цIийх а, тIамарх а доьлла, уьш Азе, Африке, Америке, Австрале баьржина, талораш деш. Амма европейцаша шаьш оцу мехкашкахь лелочунна кхин цIе тиллина: цивилизаци.

* * *

– Нохчашна къинхьегам безац, Iедал дезац, уьш, цхьана а Iедална, законна кIел боцуш, къоланаш деш, талораш деш, адамаш дойъуш, разбойникаш санна, шайн лаамехь баьхна нах бу бохуш, дуьйцу хеза, – долийра цо. – ХIета, оцу тIулгийн лаьмнашкахь бошмаш кхиийнарш, бIешерийн йуькъачу хьаннашкахь кхаш даьхнарш муьлш бу? Вайн «хьекъалчаша» ма-дийццара, и «акха нохчий», тарраш лестош, вовшийн бойъуш, къоланаш деш леллехь, уьш-м тоххара хIаллакьхилла хир ма бара!..

Законашний, Iедалний кIел баха Iемина бу уьш. Амма царна муьлхха Iедал а, законаш а ца деза. Нохчийн законаш – цивилизованни халкъийн санна, пункташкахь йаздина дац. Ас дуьйцург къоман гIиллакх ду. Иза дукхе-дукха тера ду дехий, кIоргий долчу орамашца и йерриг йукъаралла, хIор а стаг марахьарчийначу зоьрталчу диттах. ГIиллакхо нохчо декхарийлахь во жимачо воккханиг лара, жимачун адамаллин сий лардан. Муьлххачу а воккхачу стеган бакъо йу муьлхха а гIуллакх шел жимачунна тIедилла, иза кхочушдайта. Ткъа воккхачун декхар ду жимачунна эшначохь, цунна орцахвала а, цунна хьалхара Iожалла тIеэца а. Нагахь нохчочун хIусаме хьошалгIа ур-атталла мостагI а вогIу-кх, оцу хIусамехь мел Iа, хIусаман доттагI а, ваша а ву иза. Муьлхха а хьаша ша дIаваххалц оцу хIусамехь коьрта лору, ткъа доьзалан членаш хьешан гIуллакхна кийчча дIахIиттина хила беза. Нагахь оцу хIусаме веана хьаша хIусамдайн мостагI велахь а, и шайн мостагI ларвеш, хIаллакьхила веза хIусамда. Вийначу хьешан чIир цуьнан гергарчара ца йоькху, ткъа иза тIевоьссинчу цуьнан хIусамдайша йоькху. Нагахь хьешана къола динехь, иза меттахIоттор а хIусамдена тIедужу. Ша тIевоьссинчу хIусамерчу зударшка йамарт бIаьрг хьажийначу хьешан эхье цIе йоьду берриг махкахь. Цунна некъ боьхку массо хIусаме. Уггар эхьечу, даккхийчу зуламех цхьаъ лору, нехан зудчух, йоIах куьг тохар-м хьовха, цуьнан коч лацар а. Дашца а, гIуллакхца а зуда сийсазйинчу стеган вахар дац. Иза мел гена йуьртахь къайлавийларх а, массара а цунна тIе пIелгаш хьежабо, и сийсазво. Цо дина эхь цунна тIехь сецна ца Iа, иза эхье томмагIа хуьлий тIедужу дерриг цуьнан тайпанна а. ЙоI Iехийна, сийсазйина стаг дIатосу оцу стеган йиша-вашас а. Гергарчарий, йукъараллой дIатесна иза, цхьанхьара кхечухьа эккхош, лелаво, йоI йолчу наха иза веллац.

Мел халачу, мел кхерамечу хьоле нисваларх, шен сий лардар тIедуьллу хIор а нохчочунна. Шен сий ца дожош, вала веза иза. Хьайна тIера цIока йаккхахь а, бIаьрнегIар ма тоха, чIичкъа ма эха, боху цуьнга. Ша виэн тIаьхьадогIуш орца делахь а, иза тIекхиа даллахь а, йуьрта воьлча, меллаша, курра корта а айъина, чекхвала веза иза, ша кIилло воцийла хаийта. Европейцийн законаш санна, дIайаздина дац церан и гIиллакхаш, амма уьш бIешерашкахь деха. Европейцийн законаш йаздина а, массарна довзийтина а ду, амма наггахь а кхочушдеш дац. Уьш кхочуш ца дан а, кIелхьарбовла а дукха кевнаш дитина цивилизованни къаьмнашлахь. Амма «варварийн, разбойникийн» нохчийн кланашкахь и йаздаза долу гIиллакхаш лерар а, кхочушдар а тIехь ду хIоранна а. Царах вада херо ца йитина цхьана а агIор.

– Нохчийн оьздангалла шера го церан иллешкахь, – элира Василий Ивановича тІаьххьара а. – Дешнийн дукхаллина къен а, амма шен исбаьхьаллица хьоле нохчийн мотт иллешний, легендашний, туьйранашний кхоьллина бу, олу иза бевзачара. Оцу халкъан барта кхолларалли коьрта чулацам – кІиллолла, сутаралла, къизалла, йамартло, тешнабехк сийсазбар, ткъа доттагІалла, оьздангалла, тешам, майралла, къонахалла, зударийн сийдар а хестор бу. Цунна тІетоха хьайна нохчочун ира хьекъал а, самукъалла а. Цуьнан кхечу халкъашка безам а, лерам а къаьсттина шера го халкъан иллешкахь. Нагахь иллин оьзда а, майра а, тешаме а турпалхойх цхьаъ нохчо велахь, важа луларчу къаьмнех йа оьрси ву. Кхечу къаьмнашка нохчийн лерам гучуболу цара шайн божаберашна тохкучу цІерашца: Оьрсаби, Чергазби, Соьли, ГІебарто, Іаьнди, ГІумки, Турко, Іарби, Эдаг, Гуьржи, НогІи, Эбзи, ГІазали, иштта дІа кхин а. Амма халахета хьалхалера барттий, оьздангаллий нохчашна йукъара дІайолуш хилар.

Василий Ивановича цхьана йукъана сацийра шен къамел.

– Ахь дуьйцурш, Василий Иванович, адамийн йукъараллин хьалхарчу тІегІанна тІехь хуьлу гІиллакхаш ду, – элира ас ларлуш. – И гІиллакхаш лардан, нохчий оцу тІегІанна тІехь баха беза. Амма цивилизацис шен гІуллакх до. Керчаш, хьалха дІаоьху историн чкъург сацалур йац…

– Со кхета хьо ала гІертачух! – йукъахваькхира цо со. – Адамийн патриархальни-тайпанийн йукъаралла Іалашйан суна лаьий-те, боху ахь. ХІан-хІа, Яков Степанович. Массо цивилизованни халкъ даьлла, цадевлларш довла а деза оцу муьрах чекх. Со цивилизацигахьа ву, амма сацамболлуш дуьхьал ву иза тІаьхьадисинчу халкъашна йукъа цамзанашца, нуьцкъах йаржорна. Вайна ма-хаъара, европейски «цивилизаторша» цІийн лараш йитина Азехь, Африкехь, Америкехь, Австралехь. Цивилизаци йаржайо бохуш, цигахь дуккха а халкъаш хІаллакдина цара. Ткъа, лиънехь, европейцийн аьтто бара, цІий а ца Іенош, ницкъаш а ца беш, цигара халкъаш цивилизаце даха. Масала, школаш, больницаш, заводаш, фабрикаш йохкуш. Ткъа иза ца дина хІинццалц схьа цхьана а колониальни пачхьалкхо. ТІе, Яков Степанович, цивилизованни халкъ барт боцуш, оьздангаллех доьхна хила деза аьлла а ма дац. Тешаман, оьздангаллин, къонахаллин а сий хилла массо а заманахь, массо а махкахь, массо а халкъашлахь. Хила а хилла, хир а ду даим. Ткъа вайн администраци гІерттане а ца гІерта кхузахь уьш лардан. Кхузахь дІакхехьна вайн правительствон а, Шемалан а политика Іаламат дика гайтина Николай Александрович Добролюбовс берхІитта шо хьалха цо йазйинчу статья тІехь. Цхьана агІор – вайн инарлаша а, чиновникаша а, вукху агІор – Шемалий, цуьнан наибаший вовшашна мотт бан, йамартло йан Іамийна нохчий. Изза политика вукху агІор дІакхоьхьу цигахь таханлерчу вайн администрацис а. ХІетте а, вайн мундирни моралисташа хІуъу дийцахь а, нохчийн халкъ кхечу халкъел цхьа чо а вуон дац. Шеко йац и халкъ хьекъале хиларан. ХІинцале а дуккха а нохчий бу кавказски интеллигенцина йукъахь. Школашкахь а, гимназешкахь а доьшуш болу нохчий хестийна а ца бовлу хьехархой. Йуха а боху ас, айпаш доцуш бац нохчий. Господино Семеновс чІагІдарехь, муьлхха а могІара нохчо схьа а лаьцна, цуьнца къамел дича, йукъараллин дахарх цуьнан кхетам лахара хилац вайн йуккъерчу губернешкарчу муьжгийчул. ХІетте а, тамашийна хІума дай хІара-м, изза господин Семенов тешна ву и нохчий уггар акха, уггар къиза адамаш хиларх! И тайпачу нехан бехачу меттанаша зуламе тІаьхье йуьту, мел халахетахь а. Оцу хабарша вайний, кхузарчу къаьмнашний йукъа цабезам буллу.

* * *

– Иштта, вовшашлахь вуон йукъаметтигаш а йолуш, цхьана пачхьалкхехь, цхьана махкахь даха деза-кх вай? – хаттаделира соьга тІаьххьара а.

– Ца даьхча довлац, – элира Василий Ивановича.

– Уьш нисйан некъ бац ткъа?

– Некъаш-м бу, амма и гIуллакх сатийсам а хилла схьадогIу-кх.

– Бехк ма биллалахь, Василий Иванович, со ца кхета ахь аьллачух.

Сан къамелхо, соьга а хьаьжна, гIийла велакъежира.

– Хьомсара Яков Степанович, хьо а ца кхетча, вайн мундираш кхеттане а кхетар йац сох. Ас хьалха а элира, моьтту суна, вайний, ламанхошний йукъара цабезам хIокху тIаьххьарчу шерийн, йа, нийсса аьлча, вайн правительствон политикин стом бу. Вайн Iедал кхуза кхаччалц, луларчу гIалгIазкхашца цхьана-шина бIе шарахь дукхе-дукха бертахь баьхна нохчий. Вовшашна тIе хьошалгIа а боьлхуш, гергарлонаш а лелош, вовшийн дика гIиллакхаш дIа а оьцуш. ХIетахь оцу гIалгIазкхашна йукъахь пурстоьпаш, исправникаш, кхиболу чиновникаш, доцца аьлча, вайн Iедал дацара. Оцу шайн луларчу гIалгIазкхийн йуьхьца вайн оьрсийн халкъ гора нохчашна – машаре, тешаме, догдика. Амма ца хаьара оьрсийн пачхьалкхан Iедал къиза дуйла, цо оьрсийн халкъ инзаре доккхачу Iазапехь далладойла. ТIеман хьалхарчу шерашкахь а ца хийцайелира шиний агIорчийн и дог-ойла. ХIетахь кху Кавказе тIаме богIурш витязаш ма бара. ХIокху лаьмнийн сирачу баххьашкахь бехачу шаьш санначу майрачу витязашца майралла а, къонахалла а, хьуьнарш а къуьйсуш хилла. Оцу нохчаша шайн маршонехьа бакъонца къийсам латтабой а хууш. Царах дог а лозуш. И салтий шаьш а ма бара Iазапехь. ТIом чекхбаьлча, дерриг хийцаделира. ТIамо а, замано а дIабехира шиний агIорхьарчарна йукъара и оьзда витязаш. МансургIеран, БийболатгIеран, ШоIипгIеран, ЭскагIеран, ТIелхагагIеран меттигаш дIалийцира вайн Iедало хIиттийначу ЧермоевгIара, ШамурзаевгIара, МустафиновгIара, ЧуликовгIара, иштта дIа кхечара а. Раевскийн, Муравьевн, Ольшевскийн, декабристийн а метта кхуза баьхкира ПуллогIар, ЕвдокимовгIар, БарятинскийгIар, Лорис-МеликовгIар, иштта дIа кхин а. Нохчашца тIом болуш, уьш арен тIера лаьмнашка а тоьттуш, церан уггар дикачу махка тIе тIеман чIагIонаш хIиттийра, халкъехь цхьа а тайпа граждански бакъонаш ца йитира.

– ХIетте а, кхузахь машар цахиларна хIара нохчий бехке бо, – са ца тохаделира соьга.

– Хьанна лаьа шен бехкана къера хила? Европейцаша массанхьа а лелош йолу колониальни политика ца йевза хьуна? Хьалха – мозгIарш, тIаккха – эскарш, тIаьххье – колонисташ. Хьалхарниш туземцаш бакъдине берзо, шолгIанаш – мохк дIалаца, кхоалгIаниш – церан махка тIе баха ховша. Шен махкахь латта а, йалта а доцуш, къоьлла къикъвоьлла Iийначу колонистна, бухарчу аборигенера схьа а доккхий, латта ло. Иза паччахьний, даймахканий, килсаний муьтIахь хилийта, цигахь Iедал латто гIо дайта. Метрополехь йукъараллин массо чкъурана бухахь ведвина лаьттина стаг, колонехь цхьа тIегIа лакха а воккхий, туземцана тIе хааво. Килсо, полицейскис – массара а цуьнан лерехь хIор а денна зурма лоькху меттигерчу туземцал иза лакхара хилар, кхузахь иза олалла дечу классийн Iедалан орам хилар, нагахь оцу махкахь колонизаторийн Iедал маллахь, дожахь, иза шен лаьттах, бахамах, цIийнах, йукъараллин меттигах а хедарг хиларх кхетош.

– Доцца аьлча, къаьмнийн классови барт ца хилийта до иза!

– ХIаъа ткъа. Амма Россехь колониальни политико кхин стом ло. Паччахьийн, хьоладайн, динан дайн а бертаза. Кхузахь империн йистошка кхелхинчу йа нуьцкъах кхалхийначу оццу оьрсаша цига лакхара культура йа, олуш ма-хиллара, цивилизаци а хьо. Цо классови кхетам самабоккху боданехь лаьттинчу туземцийн. Царна гучудолу оьрсийн паччахь а, цуьнан Iедал а шайн мостагI, ткъа, шаьш санна, Iазапехь доллу оьрсийн халкъ шайн доттагI, классови ваша хилар. Цундела империн йистошкахь оьрсийн а, туземни а къинхьегамхой цхьаьний гIуьтту шайн массеран а йукъарчу мостагIчунна – паччахьан Iедална – дуьхьал. Цунна дуккха а масалш ду исторехь. Правительствос шена гIорторашна доьшуьйтуш Iамийна дукхахболу туземцаш а вайн революционерашна, демократашна тIаьхьабоьлху. Доцца аьлча, Яков Степанович, баккъал а вайн халкъо цивилизаци йаржайо Россин йистошка. БIешерийн бодашкахь доллу туземни къаьмнаш серлонга доху. Цунах воккхаве со, дозалла а до ас.

– Амма, къаьмнийн барт… Иза хила буьтур ма бац Iедало…, – аладелира соьга.

– Ткъа хьо а, со а, кхин эзарнаш оьрсийн халкъан бакъ кIентий, – вай стенан дуьхьа деха? Вай а ма боху: массарна – латта, маршо, нийсо!

– Алърх гIуллакх хуьлий ткъа? Масане велла, вийна, маршонехьа къуьйсуш…

– Яков Степанович, стенна оьшу пессимизм? Дага ца догIу хьуна нийсса ах бIе шо хьалха Александр Сергеевича Сибиран каторгехь бохкучу декабристашка йаздина могIанаш?..

Кхочур йу сатуьйсу зама.

. . . . . .

Оьгур йу и йеза гIоьмаш,

Херцар йу набахтеш – маршоно неIарехь

Самукъане тIеоьцуш, шуьга

Вежарша дIалур йу гIама…

Айса, муха доьшу а ца хууш, Одоевскийн жоп дийшира ас а:

Буржалех дийр ду вай тарраш.

Йуха а латор йу маршонан цIе,

Цуьнца тIелетар ду паччахьех,

Халкъаша доIур ду маьрша са…

– ХIай-хIай! – сан белша тIе куьг туьйхира Василий Ивановича. – Тидамбой ахь?

ТIаккха вайн серлонан халкъ

Гуллур ду сийлахьчу байракх кIел…

ХIун боху поэто? Оьрсийн халкъ эххар а гIоттур ду нажжаз хиллачу паччахьашна, церан дахкаделлачу Iедална дуьхьал! Амма иза шен цхьаннан маршонан дуьхьа гIоттур дац! Маршонехьа, нийсонехьа, ирсехьа болчу оцу сийлахьчу къийсамехь иза ша цхьаъ хир дац! Россерчу дерриг къаьмнашна коьртехь гIоттур ду иза. Шен а, церан а йукъарчу маршонан дуьхьа. Толам баьккхича:

«Халкъаша доIур ду маьрша са»…

Гой хьуна, цхьана халкъо, ца боху поэто, ткъа дерриг а халкъаша, боху! Кхин хIун эр ду хьоьга? Вайн халкъ а, важа дисина халкъаш а дац хIинца ах бIе шо хьалхалерниш. Уьш кхиъна кхетамций, хьекъалций. Халкъо дIайаккхийтина шена тIера иэхье крепостной бакъо. Хийцамаш байтина пачхьалкхан а, йукъараллин а

гIуллакхашна тIехь. Маршонехьа къийсам керлачу тIегIан тIе баьлла Россехь. Революционерийн керла чкъор бIаьрзе дац, церан карахь революцин Iилманан къилба ду. Нагахь декабристаш шайн къийсамехь цхьа хиллехь, тахана революционерийн йоккха гIортор йу халкъана йукъахь. Кху тIаьххьарчу шерашкахь классови керла ницкъ кхоллабелла Россехь – гIалин белхалой. Гур ду хьуна, цара кестта паччахьан Iедалан йахкайелла гIишло ластош. Воха ма вохахьа:

Сан доттагI, даймахкана лур вай

Вайн дегнийн сийлахь сатийсам!

Накъост, хьо тешалахь: кхетар бу

Вайн ирсан исбаьхьа седа,

Россия набарха йер йу,

Паччахьийн доьхначу Iедалан гаьргаш тIехь

Вайн цIераш йазйийр йу тIаккха!

* * *

1877-чу шеран 15-гIа май

Тахана цхьа тамашийна цхьаьнакхетар хилла сан. ХIокху Грознехь хьехархочун болх беш ву университетехьлера сан шира доттагI Евгений Иванович Евстигнеев. Тхойшиннан цамгаран цхьа цIе йу – демократи. Амма охашимма и цамгар цхьатера ца токху. Суо тера хета суна цхьа тийна-хьеречу стагах, ткъа хIара сайн доттагI – карзахечух. Ойла ца йеш, даррехь хьалхагIерташ, и шен цамгар массаьрга а кхачо гIерта иза. Казанерчу университетера аракхоьссина иза, хIокху провинциальни гIала воьжна. Мел ша Iедалан чIогIачу тергамна кIел валлахь а, кхузахь а ца Iа иза шениг дитина.

Тахана иза волчу вахча, цуьнан хIусамехь карийра суна ши жима стаг – оьрси а, нохчо а. Ах сахьт далале хиира суна оцу кхааннен ойланаш цхьаьнайогIий. ТIе, хIокху сан доттагIчуьнца цхьана ойланехь ца хилча, оцу хIусаме лесталур ма вацара и шиъ.

Со чукхаьчча, сецира оцу кхааннен къовсаме къамел. Амма сан доттагIчо цаьрга хаийтира со тешаме стаг хилар. ТIаккха тхо вовшийн довзийтира цо.

– ДоттагIий, везаш а, лоьруш а тIеэцал сан университетски доттагI Абросимов Яков Степанович! – элира цо хьурмате. – ХIара, Яков Степанович, сан лулахо а, бартахо а Максимов Петр Данилович ву, ша юрист а волуш. Ткъа хIара къона нохчо тхан йукъара доттагI Овхьад ву.

Со чуваьлча, хьалагIеттина, ирахь лаьттачу элдара дегIахь, Iаьржачу аматахь, йуткъа йуьхь-марш йолчу къоначу нохчочо байн корта таIийра.

Тхо охьахевшича, Россерчу революционни а, ахархойн а боламах лаьцна соьга хеттарш дан вуьйлира Евгений Иванович. Амма цунах лаьцна суна кIезиг хаьийла хиъча, къамел хийцира цо.

– Хьоьца тIаьхьа паргIатехь дуьйцур ас, Яков Степанович. Овхьад вайн веза хьаша ву. Ламанхойн гIиллакхашна тIедоьгIча, хьалхара а, коьрта а тидам хьешана тIехь хила беза. ТIаккха, хьомсара Овхьад, хIокху карзахечу хенахь хьо мича гIуллакхо валийна гIала?

Къоначу нохчочо доцца, амма дерригенах а кхетош, дийцира Нохчийчохь хIоьттинчу хьолах а, гIовттамхойн кхиамех а, галдевллачу гIуллакхех а лаьцна, ТIаккха хаийтира ша Iаьлбаган уггар гергарчу гIоьнчех цхьаъ хилар а, гIалахь гIо лаха аьлла, тIедиллина, цо ша схьахьажор а.

– Тхоьга муха гIо далур дара шуна? – хаьттира Евгений Ивановича.

– Iазапехь баллочу нохчийн а, кху махкарчу оьрсийн къехойн а кхоллам цхьаъ бу. Тхан а, церан а йукъарчу мостагIчунна – паччахьан Iедална – дуьхьал къийсамехь шен байракх кIел кхойкху уьш имамо.

Шен Iалашонан гIуллакх тIе ваьллачу сан доттагIчун ши бIаьрг серлабелира.

– Iаламат дика веана! Оха, социалисташа-народникаша, даггара къобалбо шун гIаттам. Дашца а, гIуллакхца а цунна гIо дан кийча а ду тхо. Бакъду, тхан организаци хIинца цкъа жимо йу, ворхI стаг бен вац. Халахета гIалахь белхалой кIезиг хилар, ткъа интеллигенци доьналла долуш а йац. Эскарехь боккха болх болийна оха. Тхоьца ойланаш йогIурш дуккха а бу салташна йукъахь. Йоккха, нуьцкъала организаци хир йу тхан кестта. Амма тахана а тхо кийча ду самодержавина дуьхьал муьлххачу а гIаттаман дакъалаца. Цундела, сан къона доттагI, тхо дерриг а гIевттинчу нохчашца цхьаьна хилар майрра имаме дIахоуьйтур ду-кх ахь…

Къамелна хьаьсарта вахана сан доттагI сацийра Максимовс.

– Ахь делларг ойла ца йеш делла жоп ду, Евгений Иванович, – элира цо. – Овхьада вайна тIе доккха, жоьпаллин гIуллакх деана. Баха йа бала чIагIо йиначу наха схьахьажийна иза. Вай, цхьа тIелацам а бина, дош делла, хIара дIавахийтича, и дош вайга кхочуш ца даделча, цкъа-делахь, гIовттамхошна зулам дер ду, шолгIа-делахь, нохчийн гуттаренна а вайх тешам а бовр бу.

– Вай-м вешан дош кхочушдийр ду! Кхочуш ца дадала, хала хIумма а дац кхузахь-м. Тховссехь вай прокламацеш йазйийр йу, гIалахой гIевттинчу нохчашна гIоьнна кхойкхуш. Дависарг, тиша хилла а, типографски станок йелара! ХIумма а дац, вай веаммо, охьа а хевшина, сихха куьйга йазйер уьш. Ас дуьххьалдIа олу хьоьга, Овхьад, тхоьга гIо деха дукхе-дукха тIаьхьа даьхкина шу. Шаьш гIаттам кечбеш, тхоьца барт бан ма безара аш. Оха кхузахь областан начальник а, кхин масех лакхара хьаькам а вуьйр вара…

Максимовс йуха а сацийра лата кечвелла сан доттагI.

– Айхьа хIун дуьйцу хаьий хьуна, Евгений Иванович? Цхьана буса хьаьвзина, халкъ гIатто воллу хьо? Оцу гIуллакхна даккхий бахьанаш а, бехха кечам а ма оьшу. Цул сов, зиэделларг долуш куьйгалхой а.

– Бахьанаш кхузахь долуш ду оьшучул а тIех: къоьлла а, Iедалан харцонаш а, адамийн бакъо йацар а. ГIаттамна тIехь куьйгалла дар вайн – социалистийн, народникийн – организацис шена тIе оьцур ду. Йуккъехула ала ас, цунна цхьа цIе тилла а ма йезара…

– Йитахьа и хьайн хьере ойланаш, Евгений Иванович. Ши бIаьрг биллина хьажа ма веза гIуллакхе. Со цуьрриг а шек вац, кхузара оьрсийн бахархой шайн дог-ойланца гIевттинчу нохчашкахьа хиларх. Амма таханлерчу хьелашкахь цара гIо дийр дац нохчийн гIаттамна.

– ХIунда?

– Зорбанехь, килсехь, Iедалхоша а лело пропаганда ца го хьуна?

– Лелор шайна! Исттачу пропагандо цуьрриг а новкъарло ца йира оьрсийн муьжгашна, татарашна, башкирашна, мордавашна, марийцашна, чувашашна, кхечу халкъашна а, цхьаьна а кхетта, паччахьан самодержавина дуьхьал къийсамехь гIовтта!

– Нохчашний, ахь цIераш йаьхначу халкъашний йукъахь йаккхий башхаллаш йохку.

– Масала?

– Нохчашкара дIабаькккхинчу махка тIе охьаховшийна ма бу кхузара оьрсий.

– Башкирехь а дина изза. ХIетте а, цигара оьрсий а, башкираш а къийсамехь даим цхьаьна гIовтту.

Петра доккха садаькккхира, тхан доттагIчуьнга а хьаьжна.

– Хьомсара Евгений Иванович, ахь тидаме ца оьцу исторически хьелаш. Империн кхечу йистошкахь колонизаци йар машаречу хьелашкахь чекхделира Iедалан. Нагахь дуьхьалонаш хиллехь а – цхьана йоццачу ханна, амма – тIаме ца доьрзуш. Дуьхьалонаш хиллачохь а тоххара дицделла и мостагIаллаш. Оцу йуккъе масех бIе шо ма-доьлла. Кху Терка тIехь а, паччахьан Iедал чIагIдалале, нохчий а, гIалгIазкхий а гIиттина цунна дуьхьал цхьаьний. Масала, Булавинан заманахь. ХIетахь гIалгIазкхийн, нохчийн цхьаьнакхеттачу отрядаша ГIизларе дIалаьцнера. Цул хьалха а, тIаьхьа а дукха меттигаш хилла нохчий гIалгIазкхашца цхьаьна арахьарчу мостагIашна дуьхьал леташ а. Амма кху тIаьххьарчу шерашкахь вайн правительствос ламанхойн маршонехьа болам хьошуш, цIеран пен хIоттийна шина халкъана йукъа. Шина а агIор бIе эзарнаш адамаш дайъина. МогIара ламанхой, оьрсийн ахархой. Ахь дIа лехча, шина а агIор наггахь доьзал а карор бац хьуна оцу тIамо да, кIант, майра, ваша вахьаза. И тIом а, вовшашна йина чевнаш а цу шина къоман бехкенна ца хилла. Олалла дечу классийн, церан Iедалан а бехк бу берриг а…

Амма, суна хетарехь, вайн идеях герз дина гIатта а, халкъаш а, адамаш а маршонехьа къийсамна цхьаьнатоха, уьш хьалха, толаме дига ницкъ кхочур берг а йеккъа цхьа пролетарийн класс йу. ХIетталц кхиамза хир йу, аьлла хета, вайн дуьхьалонаш.

– ХIета, ахь дийцарехь, Петр, тахана вай – социалисташа-народникаша а, ахархоша а – латто къийсам эрна бу-кх?

– Ас ца аьлла иза. Маршонехьа къийсам а, цуьнан дуьхьа лайнарг а эрна довр дац. ХIор а гIаттамо, хIор а революцис, шаьш эшахь а, лестайо, кегйо олалла дечу классийн гIорториаш, керлачу къийсамашна Iамош, кечдо халкъаш.

ГIеттина Овхьад, ши куьг тIехьа а диллина, чухула дIасаволавелира. Максимовс дийцинарг керла дацара цунна. Оцу тIехь ойланаш ша а йинера цо. Максимовна хуъучул ца хаахь а, Марксан, Герценан, Чернышевскийн белхаш а бешна цо. Амма цунна догдилла ца лаьара хIокху гIалахойн гIоьнах.

– Делахь, хIокху къийсамехь цхьа дуьсу-кх тхо…

– Ца дуьсу. Россерчу йерриг губернешкахь маршонехьа къийсаман цIераш йу хьалалеташ!

– Ас-м кху агIор, боху.

– ХIун дийр ду ткъа, Овхьад, иштта нисделла исторически хьелаш. Кху некъехь тхан аьтто нислац шуна а, тхайна а ма-ттов гIо дан. Областан администрацис хьалхе йаькккхина. Грозне а, Нохчийчоь а дуккха барамехь эскарш оьзна. Цхьана агIор – гIалин къехой чIогIачу тергамна кIел латтабо, вукху агIор – гIалахошна а, гIалгIазкхашна а йукъахь пропаганда лелайо нохчашна дуьхьал. Оцу пропагандехь йоккха меттиг дIалоцу туркошца болчу тIамо. Цо боккха Iаткъам бина оьрсийн бахархойн кхетамна. Цкъа-делахь, шина а пачхьалкхан агIонгахьара бакъонца бац хIара. Шина а правительствон Iалашо мехкаш дIалецар, кхин халкъаш лолле дерзор йу. Амма, вукху агIор, паччахьан правительствон Iалашо мел догцIена йацахь а, хIокху тIамо гIо дийр ду Балканера къаьмнаш туркойн феодалийн Iазапна кIелхьара маьршадаха а, царна шайн йозуш йоцу пачхьалкхаш кхолла а. И хууш лета вайн салтий доггах. Ткъа вукху агIор, изза тIом нохчашна дуьхьал керла козар

йу Iедална. Нохчий туркошна гIоьнна гIевттина, церан хьадалчаш бу бохуш, эладита леладо. Цунах тешарш а, цатешарш а хуьлу. Амма цатешачарна а лаац нохчашкахьа гIо даккха. Кхузара муьлхха а гIаттам туркошна гIо хуьлий хаьа. ХIара паччахь а, цуьнан Iедал а мел къиза делахь а, цхьана дийнахь а кхузахь туркой хила лаац. Султанан Iедал кхул а къиза, кхечу динах, къечу къомах хиларна. Килсо а до шен гIуллакх. Шен делах а, килсах а ваькккхина, ша кхечу дине верзорна а ма кхоьру муьжги. ТIе, оццу туркойн гIоьнца нохчаша шаьш ца дайъахь а, кху махкара шаьш дIадахарна а кхоьру. Ишттачу дуккха а бахьанаша сецор бу кхузара бахархой шух дIакхетарх.

Овхьада, шен метта охьа а хиъна, куьйгаш стоьла тIе дехкира.

– Шуна ма хаьа, Петр Данилович, тхуна тхаьшна тIехь цхьаннен олалла ца дезийла, – элира цо меллаша. – Тхо оьрсийн паччахьна, цуьнан Iедална дуьхьалдовлар оьрсийн халкъ цадезар, цуьнца мостагIалла хилар а ма дац. Даим санна, вайн йукъарчу маршонехьа гIевттина тхо хIинца а.

– Тхуна и хууш ма ду, Овхьад.

– Шуна-м хаьа-кхий иза, Петр Данилович. И бакъдерг хаа деза гIалахошна а, массо оьрсашна а. Тхуна хаьа Iедалхоша а, килсо а нохчашна дуьхьал лело акха пропаганда. Цунах тешна гIалахой гIалина гонах чIагIонаш йан боьлла. Со кхета, ахь дийцинчу бахьанашна гIалахойн аьтто бац, герз карахь гIевттина, тхан гIо лаца. Кху махкарчу оьрсийн бахархошка тхан халкъах бакъдерг дIакхетадейша. Дийцийша цаьрга тхоьгара къиза хьал, тхан а, церан а кхоллам а, сатийсамаш а, Iалашонаш а цхьаъ хилар. Нагахь гIала дIалаца тхан аьтто нислахь а, царна цхьа а тайпа кхерам цахиларах кхетабейша уьш. Тхо оьрсийн халкъана дуьхьал ца гIевттина, ткъа паччахьан Iедална дуьхьал гIевттина, оха машаречу бахархошца, зударшца, берашца, къеначаьрца ца бо тIом, ткъа паччахьан эскаршца бо.

ХIокху къоначу стаге а хьоьжуш, ойла йора ас: дависа, хIара санна, дешна, кхетам болуш масех бIе стаг велара оцу маршо йезачу къонахчу халкъан. ТIаккха ма гатте хир йара кхузахь паччахьан хьадалчашна!

– Ас йуха а боху шуьга, – дуьйцура Овхьада, – тхуна политически а, моральни а гIо дан ницкъ а, аьтто а бу шун. Бахархоша гIалина гонах йен чIагIонаш совцор карательша Нохчийчохь дечу къизачу таIзаршна йоккха дуьхьало хир йара. Шуна ма хаьа, хьалха тIом болуш эзарнаш оьрсийн салтий а, эпсарш а цхьаьна нохчашкахьа бийлар. Хаьа, цхьа а тайпа шалхо йоцуш, уьш майра тхан маршонехьа летар а, эгар а. Хаьа, нохчаша уьш мел чIогIа лорура а. Шена дина дика ца дицлучу тхан халкъо, ша дуьненахь мел ду, шен даг чохь ларбийр бу оьрсийн халкъан и сийлахь кIентий. ХIара тхан гIаттам болабеллачу йуьххьехь Герзель-гIопера кхоъ оьрсийн салти ведда тхан агIор. Цхьаъ вийна, шолгIаниг лаьцна, кхоалгIачун аьтто баьлла тхох схьакхета. ХIинца гIовттамхойн цхьана отряда тIехь куьйгалла деш ву иза. Майра, хьуьнаре командир! Оцу масало гойту таханлерчу оьрсийн салташна йукъахь дуккха а тхох доглозурш хилар. Салташка а хаийтийша, оха латто къийсам вайн йукъарчу маршонан дуьхьа, вайн йукъарчу Iазападаллорхочунна дуьхьал хилар, тхайгахьа бевлларш оха, тхешан нанас бина вежарий, бIаьхаллин вежарий санна, беза тIеоьцург хилар.

Максимовн хьекъалечу дуьхьалоно сацийнера а хаац, йа Овхьадан довхачу къамело йийсаре лаьцнера а хаац, амма, мухха делахь а, цIий сиха сан доттагI Евгений Иванович а леррина ладоьгIуш Iара.

– Дика ду, Овхьад, – элира Максимовс. – Тхешан ницкъ кхочург, тхешан аьтто берг дерриг а оха дийр ду, ала имаме.

– ТIаьххьара а цхьа масех дош ала пурба лойша суна, – Овхьадна тIевирзира Евгений Иванович. – Леррина дIа ойла йича, баккъал а Iаламат халачу, чолхечу хьелашка нисделла тхо. Ахь боху, бахархошка гIалина гуонах чIагIонаш йар сацадайта. Дика ду. Амма, гIала дIалаьцча, имам а, цуьнан гIоьнчий а шайн дашах бухур бац, гIовттамхоша нах бойъур бац, талораш а дийр дац аьлла, тIе хьан лоцу?

Хьо цивилизованни стаг а, тхан воккха доттагI а ву, Овхьад. Хьох теша тхо, амма бисинчех теша хала ду-кх…

Къона нохчо курра бIаьра хьаьжира сан доттагIчунна. Дош алар совнаха хилар гойтура оцу хьажаро. Иза ша а дара тешаман закъалт.

– Хьомсара Евгений Иванович, – вистхилира иза паргIатчу озехь. – Имамо Iаьлбаг-Хьаьжас дешна дац университеташкахь. Суна хетарехь, цунна, уьш хIун йу а хаац. Амма, шен ткъе йалх шо бен дацахь а, европейски академикашна хIун йу а ца хуу, шабашха масех университет чекхйаьккхина цо. Дуккха а баланаш Iийшина цо, Нохчийчоьнний, Макканий йуккъехь дехаш долчу халкъашкара къиза Iазап, царна тIехь латто харцо, цара маршоне сатийсар гина цунна. Имамо Iаьлбаг-Хьаьжас университетехь дешна дац, иза дипломат вац, амма цуьнан дош лакхара а, чIогIа а хир ду муьлххачу а паччахьан, дипломатан дашал. Нагахь тхан наха, хIокху гIалахь-м хьовха, муьлххачу меттехь а машаречу адамна зулам дахь, шуьга кхиэл йайта, сайн лаамехь шуна тIевогIур ву-кх со.

ПаргIат, амма цхьа а тайпа хьийзораш доцуш къоначу нохчочо аьллачо шеквала меттиг ца буьтура имамой, цой шайн дешнаш кхочушдийриг хиларх. Суна чIогIа лаьара цунний, хIокху сан доттагIашний гIо дан. Амма ас хьалххе сацам бинера, гIаланашкахь ца соцуш, даим дIа Нохчийчохь, гIаттамна гергахь, хила.

XV корта. ХАЛА КИРТИГ

Ваьш йуха хьешийта лаьттахь

Болий вай йуха а гIаттам?

ХIан-хIа! Сан доттагIий, харжа –

Толам йа къийсамехь Iожал!

Ш. Петефи. Эшаман эхь

1

Лоха тхов, кегий кораш долчу Iеламханан цIенойн хьешан цIа чохь поппаран маьнги тIе а, цIенкъа а тийсинчу кузашний, истангашний тIехь, морзах бохуш, когаш чуччубоьхкина а, настарш тIе хевшина а, луьстта тарвелла Iара ткъех стаг. Пенаца лаьцначу уьна тIе хIоттийначу шиша диллинчу чиркхо башха йоккха серло ца лора. Чохь мел бурко йелахь а, тIера чоэш дIа-м муххале ца дохура наха, атталла гIовталийн логера ветанаш а ца достура.

Диллинчу жимачу корехула чухьоьжура йекхначу стигалахь седарчашна кIелхула дIашерша беттан ах.

Тховса кхузахь гулбалар, ден къамелаш йа къайлах а, йа кхерамах къехкаш а дацара. Iаьлбагца Симсара йухабевллачу наха, бIаьрса санна, леррина Iалашйора йурт. И бIе гергга суьйлий а, оццул нохчий а кийча бара, шайна чохь синош а долуш, йуха ца бовла. Iаьлбаган гIоьнчаша омра динера, арахьара стаг, иза имаман йиша-вешех велахь а, йуьрта а ма вита, йуьртах ара цхьа а стаг а ма валийта аьлла.

Баьрччехь маьнги тIехь моггIара хевшина бара Солтмурддий, Хьуьси-Хьаьжий, Салатаверчу йартийн – Диламан, Алмакхан, БуртIанайн, МиатIлан – векалшший.

ЦIенкъахь хьалхарчу могIара хевшина Iара Сулиман, ЯнгIулби, ГIубха, Тозуркъа, Къосам, Нурхьаьжа, царна тIехьа – кегийрхой.

Кегийрхошна йукъахь настарш тIе лахвелла Iачу Iаьлбагна тIехьа ирахьлаьттара цуьнан вежарий: Iеламха а, Iала-Мохьмад а, ведда веана салти Елисей а. ЦIа чу гулбеллачу нехан йаххьаш цхьаболчийн кхоьлина, кхечеран дера йара тховса. Iаьлбага кхайкхина кхуза балийна лулахойн векалш, имамна йуьхьадуьхьал хьовса бехк хеташ, месалчу куйнаш кIелхьара бIаьргаш цIенкъа а боьгIна, дIатийнера.

– Шайн букъа тIехьа лаьтташ паччахьан эскарш ду, боху аш? – болатах декара Iаьлбаган аз. – Ткъа тхуна дош лучу хенахь ойла ца йинера аш цуьнан? ДегIастанахь цхьа а салт вац, моьттура шуна? Шун цигахь къонахий лоручу наха Жапар-Хана, Маьхьтабека, БатIалбека, Муртаз-Iелас, къеначу Iабдурахьмана, тхо гIевттинчу дийнахь шаьш ДегIаста гIаттор йу аьлла, делла дош-м хьехор а дацара ас. Элех, паччахьан инарлех, динан дайх даьллачу хIух тешам даим кIезиг бара сан. Вай-х дарий ткъа цхьана лулахь, вовшийн диканан, бохаман дакъа а кхочуш, цхьаьна йукъахь сискалш йууш. Аш шайн дош кхочушдинехьара, тахана вайн йукъара гIуллакх хIокху кIажа таIийна хир дацара. Шу, Уьстамаларчу ГIеза-Махьмас хIун олу хьуьйсуш, лергаш дахдина, ца Iийнехьара, ДегIастанара эскарш а кхуза далийна хир ма дацара. Эскарш-м хьовха, царна хьалхаваьлла тхох лата веана виъ эзар Iаьндо а. Лулахой хуьлу иштта!

Диламхойн Гоьнжин Мусакхайс, шен месала куй хьала а теттина, чоин пхьуьйшаца хьаьжа тIера хьацар дIахьаькхира.

– Ахь тхоьга иштта чIогIа бехкбаккхар нийса дац, Iаьлбаг-Хьаьжа, – элира цо, гIовталан кочан лакхара ши вета дIа а хоьцуш. – Тхан бехк ма бац ДегIастанарчу цхьаболчу тхьамданаша Уьстамала ладегIар а, цара шайн дош кхочушщадар а, паччахьан эскарца Iаьндой ЧIебарла бахкар а. Баккъал аьлча, тхо а ду тхайн цхьаболчу тхьамданаша лелочух шек. Уьш вайн вархIий дайшкахь дуьйна схьа ханаш а, бекаш а хилла нах ма бу. Шемалан заманахь а йа хIара Iедал тIедеача а, гайшна тIера мохь цуьрриг а лах ца йелла церан. Царний, тхуний йукъахь стигаланий, лаьттаний йуккъехь йолччул йукъ йу. Тхо къен ду, шу санна, ткъа уьш хьал долуш бу. Уьш дуьне дIакхалла гIерта, ткъа оха сискал лоьху. Ахь гIуллакх долийначу хьалхарчу дийнахь тхан тхьамданийн бертаза тхо ши бIе стаг хIоьттина хьуна тIаьхьа. Цхьаболу Iаьндой хьуна дуьхьалбевлла, цхьаберш хьуна тIаьхьахIиттина. Шун нохчашлахь а хилла-кх изза. Арен тIехь шун нохчийн йарташа тIе а ца эцна, йуха ца ваьлла хьо? ТIецаэцарал сов, герз карахь хьуна дуьхьал ца бевлла уьш? ДаьргIахь, БелгIатахь, ЦIоьнтарахь хьуна дуьхьалбовла кечлуш бац ткъа хьан нохчий? Иштта ма алал ахь, Iаьлбаг-Хьаьжа. Вайн дайн кица ма ду, куьйган пхи пIелг а бац цхьатера, олуш. Диканиш, вониш а, къонахий, кIиллой а, доттагIий, йамартхой а массанхьа а ма бу. Къаьсттина – кху заманахь.

– Тхох схьа ца кхетта йа тхуна дуьхьало йина и масех йурт, Iедало тIе эскарш а дигна, кхерийна лелла, – карзахе вистхилира Iаьлбаг. – ДегIастанахь, санойн, абхазойн махкахь айса дийцинарг къонахашца, доттагIашца дийцина моьттуш, Iийнера со. Амма, шун тхьамданех тешна, со гIалатваьлла хилла!

– Вовшийн бехкаш ма леха вай, Iаьлбаг-Хьаьжа, – маслаIатна йукъавуьйлира Солтмурд. – ДIадаьлларг нислур дац вайга.

– Оха хIун дан лаьа хьуна, Iаьлбаг-Хьаьжа? – вистхилира хIетталц тийна Iен алмакхойн векал. – Тхайгахьара хуьлу гIо дан кийча ду тхо.

Мусакхайс дийцинчу бакъдолчо кIадвина Iаьлбаг гIеххьачул дохковелира ша хьешашка шого вистхиларна.

– Бехк ма биллалаш суна, Мусакхай, – кIедо вистхилира иза. – Сайн хIусамехь хьешашка иштта къамел дан декхар дацара сан. Делахь а, вай айъинарг вайн массеран йукъара гIуллакх хиларо а, цунна тIехIоьттинарг хала киртиг хиларо а со декхар во хIусамден декхарш тIаьхьататта. Амма халахета шун тхьамданаш шайн дашах бохар. ВорхIе дайшкахь дуьйна схьа, шун деэшча, даим шуьга гIоьналлин

куьг кховдийна оха. Мацвелла, тхайн махка, тхайна йукъавеанарг вузийна. Шун элийн къизаллех ведда, тхо долчу иккхинарг букъа тIехьа лаьцна. Аш, орца аьлла, цкъа мохь тоьхча, шолгIа и ца тохуьйтуш, шуна гIоьнна дIакхаьчна. Тхуна шу а хилла иштта. Амма кху некъехь шайн дош ца лардин аш…

– ДIадевлларш ма хьехадехьа, Iаьлбаг-Хьаьжа, – элира Солтмурда йуха а.

– ДегIастанахь гIаттам болийча, кхиаме догдохуьйла хуьлура вайн, – цуьнга дIа а ца хьожуш, йуха а долийра Iаьлбага. – Цуьнга догдохуьйла а дIайолу. ХIинца йерриг дегайовхо шух йоллу, Мусакхай. Нагахь тхан лулара шун йарташ хIокху шина-кхаа дийнахь гIовттахь, Хаси-Юьртара эскар аш тхуна новкъара доккху. Нагахь Iаьндахь вайн догдохийлаш кхочушхилахь, ДегIастанара схьа ЧIебарла далийначу эскарех ах йухадига дезар ду Iедалан. Нохчмахкара вайна тIаьхьа ца хIиттинчу йарташна моьтту шаьш Iедалан таIзарх кIелхьарйовлу. Амма инарла Вистуно къиза стаг ву, боху. Иза шайна тIехь таIзар дан волахь, и йарташ а цергаш йохказа Iийр йац. Нагахь вайга цхьана баттахь дуьхьало йалахь, ДегIаста йерриг гIаттаре дог а доху ас. Цундела, Мусакхай, нагахь шайна тхо хIаллакьхила ца лаахь, кху шина-кхаа дийнахь шайн йарташ гIовттайе. Сан дехар ду тхайн лулахошка, суьйлашка, шаьш дендерг, шалхо йоцуш, схьаалар.

Вуьшта а бехкалбаханчу салатавхоша, ойла йеш ца Iаш, сихха жоп делира Iаьлбаган хаттарна:

– Толам баккхахь а – цхьаьна, лахь а – цхьаьна хир вай. Шун бохаме хьуьйсуш Iийча, эхь ду тхуна. Делан гIоьнца, кханачул тIаьхьа оха герз караоьцур ду-кх.

Хьеший дIабахча, чохь сецира Солтмурд, Хьуьси-Хьаьжа, Къосам, Нурхьаьжа, Iабдул-Хьаьжа, ЯнгIулби, Тозуркъа, Сулима а.

– ХIинца, кIентий, вай кху кIажа а доьлла, мижаргаш бууш Iачохь дац, – элира Iаьлбага, хьеший новкъа а баьхна, ша чувеача, Солтмурдна улло охьа а хиъна. – Iабдул-Хьаьжа, хьо а, Хьуьси-Хьаьжа а тховссехь – МахкатIе, Сулиман – ЦIоьнтара, ГIубха – Гуьна йухадерза. Делла а, дисина а, цигара йарташ гIовтто йеза. Хьалха кхуза кхача там бу Кешанехь лаьтта бIо. Иза дукха боккха бац, амма цуьнца цхьаьна ши бIе сов гIумкийн милцо ву шайн коьртехь Муса а волуш. Кхерам гергахиларна, йурт чIагIйан йеза вай. Кхана Iуьйранна йуьртара массо а стаг дагаршца, белашца ара ца ваькккича валац. Арен тIерачу йарташка нах хьовсо беза. Шаьш вайх схьа ца кхеталахь а, дуьхьалдуьйлучуьра совца аьлла. Ткъа хIинца охьадуьйшур вай. Кхана гIуллакхаш дукха ду.

2

Хьеший Iаьлбаган вежарийн а, шайн доттагIийн а хIусамашка дIасабахара. Iаьлбаг кетIарчу зIарах чоьхьаваьлча, цкъа оьгIазе гIигI дина, тIаккха, хIусамда вевзина, месала цIога а лестош, мотт баькккхина, качделла дуьхьалхьаьдира доккха, месала, сира жен жIаьла. Корехь гIийла серло йогура чуоьзначу чиркхан. ЖIаьла дIа а човхийна, парттал лохачу учи тIе а ваьлла, даим цIийзаш хуьлу неI, тата ца далийта, ойъуш схьа а йиллина, цIа чу велира Iаьлбаг. Пенах тоьхначу уьн тIера чиркх хьала а оьзна, меллаша вахана, цIенкъа мотт биллина Iуьллучу хIусамнанний, йоIаний тIехIоьттира иза.

Кхо шо кхаьчна жима Сехьабу Iаьржа, йуькъа месаш кенийн гIайби тIе а йаржийна, ши куьг дIаса а тесна, цIечу лаьстигах тегна дуткъа тиша йургIа чIенга кIел оьзна, Iуьллура. Халла хаалуш деладелла севсина кегий балдаш. Цо са чу масазза узу, йусалора йуткъий мераIуьргаш. Охьа а таьIна, Iаьлбага дIатесира цуьнан бIаьргашна тIейеана кIужал.

ТIера бедарш дIа а ца йохуш, йоIана улло дIатевжинчу ЗезагIазна наб кхеттера. Гуш дара иза, майра цIа варе хьоьжуш, йехха Iийна хилар. Ши бутт бара Iаьлбаг

шен зудчуьнга леррина хьажаза. Ткъа оцу йоццачу хенахь дуккха а хийцамаш хиллера ЗезагIазан йуьхьа тIехь. БIаьргашна гуонах Iаьржа хIазарш хIиттина, ткъа царна шиний агIор гиччошкахьа дуткъий хебарш дийшина. Iаьлбаган дегIе зуз хьаьдира, зудчун гиччошлахь масех кIайн чо гича. ЗезагIазан ткъе кхоъ шо бен дац. Iаьлбагал кхо шо жима йу иза. ХIетте а, кIайн чоьш гучудийлина цуьнан гиччошкахь. Ванах, Iаьлбагехь болчул а тIех бала бу-те цуьнан кийрахь? Цхьаьнгге а балхо йиш йоцуш, кийрахь къуьйлуш?

«ХIун хир-те шуьшиннах? – дагаиккхира Iаьлбагна. – Вайх массарех а?..»

ХIинццалц башха ойла ца йинера цо шен кIант цахиларан. Церан ден хIорш йалх кIант вара, цхьа а йоI йоцуш. Цундела, вежарех муьлххачунна а йоI йича, боккха кхаъ хуьлура царна. ХIинца кийра ша бижира Iаьлбаган. Цхьа йоI бен, кхин бер дац цуьнан. ТIаьхье йоцуш вовр ву иза…

Iаьлбага доккха даькккхинчу сино самайаькккхина ЗезагIаз, кхерайелла, мохь аьлла, цIеххьана кIегара хиъна, къаьрззина майрачуьнга хьаьжира. ТIаккха, хьала а иккхина, Iаьлбагах хьаьрчира. Букъа тIехьахула пхьарс бахийтина, иза маракъевлича, Iаьлбагна хааделира шен некха тIе таIийна цуьнан дог сихделла детталуш. ТIаккха йуткъий белшаш йего йолийра. ЗезагIаз тата доцуш йоьлхура…

– Ахь хIун до, ЗезагIаз? – Iаьлбага цуьнан коьртах дайн куьг хьаькхира. – Цкъа а ахь цадинарг ду-кх хIара.

– Вуон гIан гуш йара со…, – дегочу озаца жоп делира зудчо.

– ГIенаш-м хьесапе дацара. ГIенах ца гуш хIун дуьсу. Дика а, вуон а. Йало, охьайижа.

– Хьуна йуург лой ас? – майра дIахийцира зудчо. – Хаза шийла йетшура а, йовха сискал а йу.

– Ца оьшу. Охьа а йижий, садаIа. Ас жимма болх бо.

Iаьлбага схьадаьстина герзаш а, чоа а, схьаэцна, пенах тоьхначу хьостамех хьалаоьххира зудчо. Когара кIеда маьхьсеш дIа а йаьхна, куй кора тIе а кхоьссина, жайнаша дIалаьцначу баьрччерчу пена тIе вахара Iаьлбаг. Лахарчу терхи тIера цIена тептар а, кхийран шекъадуттург а, эрзан къолам а эцна, чиркх кора тIе а хIоттийна, маьнги тIе ваьлла, настарш кIелхьарчош, охьахиира иза. Тховса масех кехат йаздан дезара арентIарчу йарташка, Iедало хIокхарна дуьхьал вовшахтоьхначу нохчийн а, гондIарчу къаьмнийн а нахе.

Iаьлбаг вехха Iийра, муха долор ца хууш, ойла йеш. Муха цIе йаьккхина, кхайкха веза? «Вежарий» эр ду, «доттагIий» эр ду?

ГIовттамхошна дуьхьал цхьаьнакхетта йерриг йарташкара хьолахой. Чермон Орца, Мустафин Девлатмирза, СарIелин Бача, Момин Хьота, Ойшин Чомакх, ЧIуьлган Оьлби. Уьш санначу иттаннийн тIаьхьенаш, гергарниш Iедалехьа бевлла. Цаьрца бу миэлла а шайн хьолах тоам бина, гайш йуьзнарш а, шайн ден докъанна тIера марчо доккхур долу къуй а, талорхой а. Оцу гIерано шайгахьа баьхна шайн тайпанийн нах а.

Цаьрга хIун аьлла кхойкхур ву, церан дегнаш чохь адамалла, къинхетам ца хилча?

Нагахь луларчу суьйлийн йарташа тховса шаьш делла дош кхочуш ца дахь, Веданан гонахара йарташ а ца гIовттахь, кхиаме дог дохийла йац. Кхиам хIунда хьехабо, кху Симсарахь, Iожаллина кечвелла, саца деза-кх. КIелхьарвала некъ ма ца буьсу. Вада-м, дера, водур ву. Са дадийна а лелар ву. Къанвелла кIелвиссалц, валлалц. Ткъа Iаьлбагна оьшург шен са ма дац. Шен дуьхьа ма ца биъна цо шийтта шо хьалха дуй КоьрагIаьрца цхьаьна. Цара сатийсинарг маршо ма йу. Дерриг халкъан. Дерриге а халкъийн.

Эрна дуй-те Iаьлбага долийнарг?

Дикка ойла а йой, ша-шена жоп ло цо: «хІан-хІа, эрна дац». ХІорш шаьш цхьа ма бац хІокху къийсамехь. ХІара ламанан къаьмнаш гІевттина ма ца Іа. Россехь оьрсий а ма буьйлу паччахьна дуьхьал. И дуьххьара дац, бохура Берсас. Иттаза, бІозза гІевттина, бохура цо. Дуьненан кхечу мехкашкахь а бу, боху, хІарра къийсам. Маршонехьа, бакъонехьа, нийсонехьа. Шаьш иттазза, бІозза эшийча а, набахтешка кхийсича а, цІиэла керчийча а, тангІалкхаш тІе хьалаоьхкича а, ца къарлуш, йух-йуха а гІуьтту, боху, уьш а. ТІаьхь-тІаьхьарчийн дуьхьало дера а, толаме лаам а алсам хуьлуш. Мацца а цкъа халкъаша толам боккхур бу, бохура Берсас. Амма хІетале дуккханийн дезар ду къийсамехь эга. Церан декъашна тІехула дІа бу маршонна тІе некъ. Къийсам, къийсам, хаддаза къийсам! Кхерамний, ницкъаний хьалха йуха ца довлуш, даим дІа къийсам. ТІаккха биэн эшалур йац харцо. ХІокху пачхьалкхера дерриг къаьмнаш цхьатерра гІевттича, цара цхьана дийнахь дІакхуссур дара шайна тІера Іазап, амма Іедало и хилийтац, бохура Берсас. Къаьмнийн барт хила битац. Уьш цхьаьнакхета битац. Царна йукъахь мостагІалла латтадо. ХІинца кхетта Іаьлбаг Берсас дийцинчух. Дерриг а къаьмнийн барт муха хуьлу, кху лулахь дехачийн а ца хилча? ДегІастанхоший, нохчаший бина барт а буьйхи, гІуллакх дІа а доладалале. ХІирий, гІумкий, хІокхеран шайн вежарий гІалгІай а бац гІо деш. Мелхо а, царах нах бу хІокхеран цІий Іано кхуза балийна. Иштта дуллу-кх Іедало халкъашна йуккъе дов, мостагІалла. Нийсса аьлча, Іаьлбаган хІун бакъо йу лулара къаьмнаш бехкедан? Цуьнан шен нохчий-м хьовха, тайпанан нах а бац ткъа хІара эккхийна лелош? Цхьана къомах-м хьовха, цхьана тайпанах хиларх а ца хуьлу-кх вежарий. Цхьана динехь хиларх-м хиллане а хилац. Орцех, Чомакхах, Хьотех, ишттачу бІеннаш нохчех вежарий хир бац цунна. Церан вежарий кхин бу. Инарлаш Вистунов, Мелик, полковникаш Нурид, Авалу, кхин а, кхин а хьал дерш, ницкъ берш берриг а. Уьш муьлххачу къомах, динехь белахь а. Цуьнан, Іаьлбаган, вежарий кхин бу. Хьалхарчу дийнахь дуьйна цуьнца халонаш йоькъуш болу миска нохчий, суьйлий, Іаьндой, оьрсийн салти Элса, муьжги Мишка.

ХІара ойланаш тховса ма гІайгІане йу цуьнан! Догдиллар ду-те? Йа къонахалло дІатаса воллу-те? Йа зудчун бІаьрхиша дог кІаддина-те? ГІуллакхаш вуон-м, дера, ду, догдохийла а йоцуш. Амма чІеІа оьшуш дац. Цкъа вина, цкъа лийр ву. Цуьнан ницкъ ца кхаьчна дисинарг тІаьхьено чекхдоккхур. Цхьа а ца лазош, цхьаннех а цІий ца долуш хир ма йац халкъана маршо. Иза а, и санна, эзарнаш хІаллакьхиларх а, халкъ дуьсу. Халкъаш дуьсу. Хьанна хаьа, мацца а цкъа, цхьабарт хилла, гІовтта а ма мега уьш. Кхетаме даьхкича. Цхьа, и саннарш боцуш, хьекъале нах коьрте хІиттича. Амма гІуллакхаш вуон ду. И дена неІалт хиларш, туркой жимма а хьалха гІортахьара, ах мукъане а кхузара эскарш царна дуьхьал дига а мегара. Амма уьш цкъа а ца тоьлла оьрсел. ХІинца толлане а тоьлур бац… Цхьаъ къуьйсу хир ду-кх цара а. Мискачийн дуьхьа-м ца къуьйсу хьуна цара. ХІокху паччахьаша лелочунна тІаьхьакхиъна вер вац. ХІор а воллу дерриг дуьне дІакхалла гІерташ. ХІор а ву шаша бехказвуьйлуш. Кхин бехке веш.

Эрзан къолам шекъанна чу а Іоьттина, тептарна тІе хьалхатаьІира Іаьлбаг.

«Вежаршка гиххошка салам-маршалла!

Вайн халкъана тІехь паччахьан Іедало латточу Іазапах, харцонах иза маьршадаккха гІевттина тхо. Іазап цхьатерра хьоьгу вай, амма, цунна дуьхьал гІевттина, тхан дакъалоцурш кІезиг хилла. Іедалан йалхоша, цунна бохкабеллачара цхьадерш Іехийна шу, дисинарш – кхерийна. Дуьхьалойаро биэн эшор йац харцо. Шу дийшина а Іаш, наха маршо йохьур йац шуна. Тхан цІий Іенош, йуьстах лаьтта шу. Шайн йарташкарчу тхьамданашца цхьаьна Іедална дохкаделла-те шу, йа шун дегнаш чу кІиллолла йоьссина-те? Мича йахана нохчийн иллешкахь йуьйцу гиххойн майралла, къонахалла? Вайн йукъарчу гІуллакхна шайн синош дІадала севццачу вежарша орцах кхойкху шу. Кхо де даьлча, тІаьхьа хир ду шуна. ТІаккха кхузахь буьсучу жоьра зударша, байша неІалт кхайкхор ду шуна.

Симсараречу Олдаман кІант, имам

Іаьлбаг-Хьаьжа»

Йаздинарг леррина йуха а дешна, тептарна тІера меллаша схьадаьккхина кехат йуьстах а диллина, шолгІачунна тІевирзира Іаьлбаг.

«Тхан къоман вежаршка – нохчашка, гІалгІашка.

Бутт хьалха Іедална дуьхьал гІевттина тхо, дуьненан даьхни лоьхуш а ца гІевттина. Тхуна оьшург, оха лоьхург нийсо йу, берашна мижарг а бу. БІарзделла гІевттинчу тхуна гІодаран меттана, тхан цІий Іано даьхкина шу. Шаьш хьанна гІуллакх до ца хаьа шуна? Аш ларбийраш паччахьан инарлаш, хьал дерш ма бу. Цара, Іехийна йа кхерийна, арадаьхна шу. Тхох вийна йа лаьцна валийначу стагана тІера йал лур йу, ма аьлла, шуна. Тхуна дуьхьал инарлина гІуллакх динчунна йал хІоттийна шуна. ЦІийх дуьзна ахча ду аш оьцург. Цунах дезар эца дохку шу? ХІунда дохкаделла шу? Эхь хІунда до аш вайн къомана? Шуьгара йамартло йаьлла ма ца Іа, ахчанах шайн вежарий байъа ма даьхкина шу. Шайн дегнаш чуьра шайтІа дІаэккхаде, йамартло дІайаккха. Шайн куьйгех цІий кхетале, йухадовла. Йухадовлий ца Іаш, тхох схьакхета. Хаалаш, шен халкъана дуьхьалваьлларг йамартхо вуйла.

Симсарарчу Олдаман кІант, имам

Іаьлбаг-Хьаьжа»

3

Іаьлбагна шера хаьара, ша гуонна йукъахьарчош вуйла. Инарла Свистунов Шелахула схьа ма-веллинехь, хиънера цунна иза Нохчмахка мича Іалашонна вогІу. Подполковникан Григорьевичан отряд Яркхсуца хьала зандакъа йан кечлойла а хиира.

Амма Іаьлбаган дуьхьало йан ницкъ бацара, цундела цо сацамбира, нагахь кхузахь вала дезахь, шен а, накъостийн а синош безачу мехах дІадала.

Шеца висина бІе гергга суьйлий а, церан эхканал нохчмахкахой а, цхьа салти а, Симсарара берриг бахархой а йурт чІагІйан арабехира цо. Ишхой-Ломан агІонгахьара кхерам бацара. Къовла безаш берг Диламера охьа а, Зандакъара хьала а богІу ши некъ бара. Некъашна шина а агІор долу дитташ, хедош, дуьхь-дуьхьал охьа а диттина, и ши некъ ваьлнашца дІакъевлира цо. Йуьртана гуо тосуш, лекхачу бердаш тІехула саьнгарш йахийтира, дуьхьал ханнаш а дохкуш.

Са ца доІуш, белхаш бора зударша а, бераша а. Бахархошна дихкинера имамера бакъонан кехат доцуш йуьртара арабовла а, арахьара стаг чувита а.

Де делкъенга долуш, дуьхьалчу регІахь девллачу йаккхийчу тоьпийн татанаша цІеххьана болх сацабайтира цаьрга. Зандакъана тІехула дукъа тІехь хьуьнна тІехула йеанхьа сийна кІур айъабелира. КІеззиг хан йукъа а йулуьйтуш, йух-йуха а дийла дуьйлира татанаш.

– Хьалакхаьчна и жІаьлеш! – йуьстах туй кхоьссира Іаьлбагна уллохь лаьттачу Солтмурда. – Зандакъана хІунда йетта-те, цигара нах-м, уьстагІий санна, эсала Іаш ма бара?

Йиллина дІа шеца лело турмал бІаьргашна тІе а лаьцна, Зандакъ-Лома буьххье хьежа хІоьттира Іаьлбаг.

– Хаац. Цхьа дан йишйоццург коча Іоьттича, цабевллачу денна дуьхьало йина хир

йу-кх зандакъоша а.

Турмал бІаьргаш тІера дІа а йаькккхина, шен гІоьнчий тІе а кхайкхина, царах дагавелира Іаьлбаг.

– Диламера охьабогІучу новкъахь ткъех стаг а витий, бисинчаьрга хІара агІо дІалацийта. ХІинца а дикка хан йу вайн, – элира Іаьлбага, цаьрга ла а доьгІна. – Зударшкий, берашкий саьнгаршна тІулгаш кхехьийта. БІаьхоша шайн чІагІонаш дІалеца. Муьлххачу минотана а кийча хила мостагІчунна дуьхьало йан.

Дукха хан йаллале Зандакъара схьабогІучу готтачу новкъахь дошлойн ковра гучуйелира. Уьш гІумкийн милицин разъездах тарбеллачу йуртларйархоша царах хІор а тоьпан Іалашоне лецира. Амма хьалха вогІург, бисинчех схьа а къаьстина, куьйгаш а лестош, мохь бетта вуьйлира.

– ОхІ! Молла Нуркиша ву-кх иза! – вевзира иза цхьанна.

– Цуьнца Жанхот а!

Шеца Солтмурд а эцна, хьалхара ха долчу Нуркишина а, Жанхотна а тІевахара Іаьлбаг. Кху тІаьххьарчу шерашкахь къанвелла, азвелла Нуркиша, ІаддаргІа санна, хьаьвзинера. Ша деана гІуллакх дийцале цкъа хьалха, шаьш, цхьана тайпана хиларал сов, гена довллаза гергара хилар а, Олдам уггар шена дукхабезачу нахах цхьаъ хилар а хаийтира Нуркишас.

– Тахана тхоьца воцург цхьа а гергара вац сан, – моллин къамел сацийра Іаьлбага.

– Тхо муха хуьлу шуьца, шу Іедална дуьхьал гІевттина хилча? – цІогІане мохь белира Нуркишин. – Бусалба хуьлда уьш, керста хуьлда уьш, – берриг паччахьаш делан лаамца хІиттина ма бу. Паччахьан Іедална дуьхьал гІеттинарг далла дуьхьал ма гІотту…

– И туьйра а дитий, шаьш хІунда даьхкина, дийцал, – сацийра иза Іаьлбага. – Хьоьга ладоьгІуш, эрна хан йойъийла дац тхан. Йуккъехула аьлча, халкъ а ду Делан лаамца лелаш!

Нуркиша къелигваьлла хьаьвзира.

– Оцу Делан мостагІаша йаккхий тоьпаш тоьхна йуьрта. Масех цІа даьгна. Хьайн гІоьнчанашца хьо шайна тІе ца вагІахь, ша йуьртах чим бийр бу, боху полконако…

– Ой, Нуркиша, и хІун ду ахь дуьйцург? – велавелира Солтмурд. – ХІинцца ма ву хьо, паччахьаш а, церан Іедал а Делера ду бохуш, ткъа хІинца, уьш Делан мостагІий бу, бохуш воллу!

– Корта хьере хилла, Солтмурд! ТІедуьйлийша Іедална, ма эгийша зударийн а, берийн а къила…

– ДІавала, Нуркиша, осала хабар дуьйцу ахь, – човхийра иза Солтмурда. – Кхуза а веана, тхуна воьлхучул, зандакъой а гІовттабай, тхуна гІоьнна вола!

Солтмурдан буьрсачу хьажаро кхерийна Нуркиша Іаьлбагна тІевирзира:

– Айхьа ворхІ гуо баьхьначу КаІабин дуьхьа, дехьа Іедало хьайга бохург!

– ОстогІпируллахІ! ДІавала суна гучуьра, со къила вожо воллу хьо! – човхийра иза Іаьлбага.

– Инарла Орцас а боху шуьга, Іедална тІедуьйла, – йукъавуьйлира Жанхот, шен накъост бІарзвелла а гина. – Паччахьал, цуьнан Іедалал шу тоьлур дац, боху. ГІабецан барамехь эскарш ду, боху, Нохчмахка догІуш. Нагахь шу Іовдал нохчмахкахой туркойн гІоьне догдохуш делахь, иза эрна ду, боху. Оьрсийн эскарша уьш, лаьхкина, Уьстамал-шахьарна кІел бигна, тахана-кхана, церан паччахь йийсаре а лаьцна, когаш-куьйгаш а дихкина, Петарбухе дІавуьгур волуш ву, боху…

– Орца боху и къанделла зуд йуха а деана кхуза? – цецвелира Солтмурд. – Шена тІаьхьара и пхьуйн арданг а эций, кху Нохчмахкара дІавала, ала цуьнга. Тхешан каравагІахь, оха жоьжахате хьажор ву иза!

– Инарла Орца воккха хьаькам, хьекъале стаг а, вайн вешан нохчо а ву, цо бохург мукъане а дейша… – цІевзира Нуркиша…

– Шайн инарла Орцица цхьаьна жоьжахатин цІергахь догийла шу!

– Сих ма лол, Іаьлбаг, – элира хІетталц вист ца хуьлуш лаьттинчу Коьрас. – Баккхийчу нехан дехар ца лерича, гІиллакхе хир дац. Инарле Орце а, оьрсийн полковнике а дІааьр аш: нагахь Іедало тхан лехамаш кхочушбан а, тхо тІедаьхкича, тхоьца хиллачу нахана таІзар ца дан тІе а лацахь, тхо тІедогІу алий.

Цецваьлла шега хьаьжначу Іаьлбаге бІаьрг таІийра Коьрас.

– Дика ду, Нуркиша. Иштта дІаала полконаке. Оха бохучунна инарла Вистуно резахилахь, тхуна закъалт даийта а ала.

Зандакъой дІабахча, Коьрина тІекъевкъира Іаьлбаг:

– И хІун ду ахь динарг?

– Ма кхералахь, инарла резахир вац хьуна вай бохург дан, Іедал зиэр а, кечамна хан йаккхар а хир вайна.

4

Коьрина хетарг хилира. Суьйранна малх чубузучу хенахь Зандакъара схьабогІучу новкъа гучувелира гІаш а, говрашкахь а ши бІе гергга стаг. Цаьргахь герз гича, йуртларйархошна хиира уьш машарна ца богІийла. Тоба тогІи чу йоссале, цунах схьакъаьстира буьххье кІайчу кІадинан аса йихкина гІаж карахь бере. Цинцаш дІаса а туьйсуш, йортахь хих сехьа а ваьлла, хаддаза байракх лестош, хьала йуьрта волавелира иза.

Лакха тІехь лаьттачу Іаьлбагна а, Коьрина а вевзира масех сахьт хьалха кхузара дІавахана зандакъойн йуьртда Жанхот. Берда кІел кхаьчча, говр а сацийна, хьалахьаьжира иза.

– ХІай, Іаьлбаг-Хьаьжа, хьо вуй иза? – хьала мохь туьйхира цо, лакха берда тІехь лаьтта Іаьлбаг а, Коьра а гина.

– Ву, дера. Хьуна хІун лаьара?

– Палконак реза вац аш аьллачунна.

– И ала даьхкина шу, Зандакъахь мел верг цхьаьна а кхетта?

– Шу, леций, дІадаладе аьлла, дахкийтина тхо, – цхьана меттехь саца ца туьгу йерстина говр сецош, хьала мохь беттара Жанхота. – Бертахь дІадогІу шу йа оха нуьцкъах дуьгу?

Цецваьлла Іаьлбаггий, Коьрий вовшашка хьаьжира.

– Ой, тхох лата даьхкина шу?

– Кхин некъ бац тхуна. Цигахь шуьца болу суьйлий, маьІ-маьІІера гулйелла арахьара писаш а бахьана долуш, тхешан йурт йагайойтийла дац тхан. Бертахь догІу шу йа оха лецна дуьгу?

– ДIадала суна гучуьра, дохкаделла зуд! – оьгIазвахара Iаьлбаг. – Шу кIиллой ду цигара нах бохийна лелаш. Нуркиша а, хьо а, кхин масех а. Собарде аш, цкъа тхан карадогIур ду шу!

– Хьовсур вай, мила хьенан каравоьду!

– Iовдал ма лелалаш, нах бойъуьйтур бу аш! – мохь туьйхира Коьрас.

Амма Жанхот, урх оьзна, говр йуха а хьовзийна, хаьххкина дIавахара.

Шен карара байракх тесна хи чу а йохуьйтуш, дехьаваьлла Жанхот, тобанна тIе а вахана, куьйгаш дIаса а туьйсуш, хабар дийца хIоьттира. Иза дийцина ваьлча, меттахъхьайра тоба. Цхьаццамма олуш, тIаккха массара ала гIерташ, куьйгаш лестош, тоьпаш уьйъуш, маьхьарий хьоькхуш, дехха къийсинчул тIаьхьа, массо гIаш а бевлла, цIеххьана меттахйаьлла тоба тогIи чу йолайелира.

– Хьажахьа, оцу Iовдалша лелориг! – корта хьовзийра Iаьлбага.

– Цхьаъ ца дича ца бовлуш, лиэлий уьш-м, – гIайгIане жоп делира Коьрас.

ТогIи чу йоьссина тоба кхаа декъе йекъайелира. Кхузахь цхьаьнакхеттачу шина хин гIодаца хьала ши тоба, ткъа кхоалгIаниг – новкъа, дуьххьал хьала йуьрта тIе йолайелира. ТогIеш чохь шаьш йуьртарчу нехан тоьпашна кIел нислойла хууш, хьаннашца богIура уьш. Ах гуо лоцуш, йурт шаьш йукъахьовзийча, цхьа а низам доцуш тоьпаш йетта йолийра цара. ХIоьттина лаьттачу Iаьлбаган а, Коьрин а кортош тIехула шакарш йетташ бахара масех хIоъ. ХIоьънаш деттадала дуьйлира саьнгаршна хьалхахула охьайехкинчу дечигех а.

Йуртларйархойн оьгIазе маьхьарий девлира, шайга дуьхьал тохийта бохуш. Амма Iаьлбага уьш сецабора.

– ХIинцца, хIоъ-молха а кхачийна, совцур бу, – бохура цо. – Царах цхьа иттех стаг бен вац вайна тIейетташ.

Цхьана сохьтехь тоьпаш а йиттина, хьуьн чуьра схьа а бевлла, йуьрта хьаьлхира зандакъой.

– ТIе тIулгаш тоха! – омра дира Iаьлбага, уьш берда кIел кхаьчча.

ТIулгийн дорца кIел нисбеллачу цхьаболчара шайн лазийначу кортойх а, белшех а кайеттара. Вукхара, хьала а, дуьхьал а йолчу вала тIе а лоьцуш, тоьпаш кхуьйсура.

– Йухадовла, Iовдалш, шу ца дайъалуш дац тхо! – охьа чу а кхевдина, мохь туьйхира Коьрас. Амма лаха чуьра хьалатоьхна тоьпан хIоъ, шен коьртара куй а морцуш, тIехтилча, саьнгар чу иккхира иза.

– И нах хьерабевлла, Iаьлбаг! – тIевеара Къайсар. – Вайн масех стагана чов йина.

– Вала тIе хьалагIертачарна тIе тоьпаш тоха, – эххар а омра дира Iаьлбага.

Шаьш кхоор доцийла хиъча, шайх вийна цхьаъ а, чов хилла масех а вадийна, йухабевлира зандакъой. Уьш гучуьра бевлча, Iумар шена тIекхайкхира Iаьлбага.

– Говра а хаий, гIой, йуьртана гуо тасал. Хехой а битий, нах хIума кхалла бахийта ала бIаьнчашка.

МаьркIаже тIекхаьчна йаьллера. Цхьана сохьтехь хиллачу кхийссарша цIенош чу боьххина бахархой урамашка арабевлира. IаьлбагъгIарна генавоццуш, топ пхаьрса кIел а лаьцна, меллаша хьалха дIавоьдура тишачу кучах йаьккхинчу цIечу асица корта а бихкина, оцу буьххье месала куй а хаийна суьйли Хьайбулла.

– Чов вуон-м йац? – хаьттира, шаьш тIекхиъча, Iаьлбага.

– Вуон бац, – куьг ластийра Хьайбуллас. – Лерг бохийна. Толур бу.

Пхьор диъна, шаьш паргIатдевлча, кханенан гIуллакхаш дийцаре дан буьйлира доттагIий.

– Тховса ца латахь а, кхана эскар тIелетар ду вайна. Ха ца чIагIдича дер дац, – элира Коьрас.

– Буьйсанна схьагIертар хир бац уьш.

– Хьанна хаьа. Дагахь доццург ма леладо цара.

– Суна хетарехь, вайх къинхетам бан ойла йац-кх церан, – элира шен йоьхна неIармача летош воллучу Къайсара.

– Къинхетам? – схьавирзира дехьахь, жайнаш кегош, цхьаъ лоьхуш воллу Iаьлбаг. – Нагахь бертахь йа бертаза карагIахь, цхьадолчарна кийчча тангIалкхаш йу, бисинчарна – Сибрех. ГIаттаман тхьамданашна бохий ас-м.

– Дала хьеха, – оьгIазе йу таIийна, мачин эвнех Iуьрг эккхийтира Къайсара.

Гоьла тIе баькхина ког ловзош, аркъалтевжина Iуьллу Коьра охьахиира.

– ХIумма а дац, кIентий! Харцонца къуьйсуш Iанийна цIий цкъа а эрна ца дов. Къийсамо, мел кIезиг эшийна а, харцо эшайо. Дийна висинчунна, миэлла йаьлла а, маршо йалаза йисац.

– Хаац, шеконе гIуллакх ду дан-м.

– Духур дац вай. Хьанна хаьа, вай ца къарлойла хиъча, ша Iуьйду къамкъарг жимма малйаза Iийр дац Iедал, – когаш чучча а бохуьйтуш, Коьрина улло охьахиира Iаьлбаг. – Ткъа, ваьшна тIехь дин-динарг ловш, таьIна Iахь, садукъийна, дойъур ду.

…И буьйса набарза текхира гIовттамхоша. Амма оцу буса а, йа шолгIачу дийнахь а гучу ца йелира Зандакъана тIехула сецна Григорьевичан отряд. ШолгIачу суьйранна гIовттамхойн разведко хаам беара, иза шен отрядца Кешана-гIопе йухавирзина аьлла. Атталла зандакъошкара амалтана нах а ца буьгуш. Схьахетарехь, подполковник тешна вара ша зандакъой хаза кхоччуш кхерийна хиларх. Оцу тIехь цуьрриг а гIалат а ца ваьллера иза. Цхьана тайпанах шина йуьртана йуккъехь хиллачу девно а, стаг веро а кестта йолчу ханна барт хуьлучуьра баьхнера уьш.

* * *

БIаьрзе Хьамзат а валош, урамехула йуьртан йуккъерчу майдана догIура бераш. Хьамзатан карара гIаж лаьцна, хьалха вара Марван. Майдана кхаьчча, наной схьакхайкха бераш дахийтира Хьамзата. Дукха хан йалале цигахь гулйелира зударийн къорза тоба.

– Наной! – мохь туьйхира Хьамзата, шен бIаьрзе бIаьргаш царна тIехула генна а боьгIна. – Дика ладогIалаш. Ас цхьа-ши илли олу шуна.

Хьамзат дIасахьаьжча, цуьнан дагахь долчух кхеттачу Марвана керта уллорчу гула тIе охьахаийра иза. БIаран дечках бина пондар кара а лаьцна, дуткъачу мерзех пIелг тесна, цкъа-шозза лерг а хьовзийна, тобира цо. ТIаккха, йайн йовхарш тоьхна, бIаьргийн негIарш тIе а хьабдина, Адин Сурхох илли долийра.

…Хьийзабора эло Мусоста цхьана йуьртан тхьамданаш. Церан махка тIе йурт йиллина ца Iаш, йохура цаьргара тIехь йоцу йасакхаш. Дехарш дора йуьртан тхьамданаша эле Мусосте:

– Дакъаза ма вала, хIай эла ва Мусост,

Да эла хилла хьан, нана сту хилла хьан,

Хьуо эла веца хьо, тхо Іаьржа нах деца.

Къа деца ва хьуна зударийн, ва берийн,

Эхь деца ва хьуна элашна ва йукъахь…

Амма хазац элана Мусостна къехойн дехарш, цо аралохку уьш шен гІалин кертара:

– Ас хир ду аьлларг ва хилла ма даьлла,

Ас хир дац аьллариг ца хилла ма даьлла,

Аш сиха схьалолаш тІехь йоцу ва йасакх!

ГІайгІане ийгира йуьртан тхьамданаш. Ойлане бевлира уьш, шайна орца лоьхуш. ТІаккха дагавеара царна тІехь да воцуш, ненаца кхиъна Адин жима Сурхо:

Дин дика ва беца цу Адин ва Сурхон,

Дог майра ва деца цу Адин ва Сурхон,

И Сурхо воьхур вай и винчу ва нене.

КІант веха бахара йуьртан тхьамданаш Сурхо винчу нене. Нанас жоп делира йуьртарчу тхьамданашна:

– Доккхачу дуьнене сирла бІаьрг ва тоьхча,

Сема ла ва доьгІча, Сурхол сов амал дац,

ХІай йуьртан тхьамданаш, Сурхо винчу со бабин.

Вехча ца вала вина вац сан жима ва Сурхо,

Вехча вала вина ас сайн жима ва Сурхо, –

Олуш, чуйахара, тов, Сурхо вина ва нана.

Набарна вижина шен жима ва Сурхо,

Йайн муьшка ва йина, ша самаваькххина,

ТІаккха лиэн йелир, тов, кІант вина ва нана:

– Со йала хьан делаІ, сан жима ва Сурхо,

Вижина Іуьллу Іуьйре йац хьуна тІейеанарг,

Хьо виэха баьхкина йуьртара тхьамданаш,

Виэхча, ас… велла хьо цу йуьртан тхьамданашна,

ДегIаха мерза са цара хьайга ва дехахь,

Ахь, даккхий, дIалолахь дегIаха мерза са…

ГIеттина, араваьлла Адин кIант Сурхо. УьйтIахь лаьтташ карийра йуьртара тхьамданаш:

– Шу марша догIийла, хIай йуьртан тхьамданаш,

Шу даккхий дара-кх, со жима вара-кха,

Эхь-бехк хета ва суна, шу дехаре даьхкича.

ДегIаха мерза са аш соьга ва дехахь,

Ас шуна дIадели дегIаха мерза са

Дог реза ва дина, хIай йуьртан тхьамданаш, –

Олуш, тIеийцира цо шайн йуьртан тхьамданаш…

Балхийра тхьамданаша шайгара къа-бала. Уьш тIаьхьа а хIиттийна, вахара Адин Сурхо эла Мусостан гIалин керта. Цо эле кхетийра тхьамданийн дехар. Амма эла Мусост оьгIазе тIекъевкъира жимачу Сурхона:

– Хьо йелла йалийла, ва Адин ва кIилло!

И ала йеана хьо, хIорш тIаьхьахIиттийна?

Сихха цIа йерзалахь, хIай Адин ва кIилло!

Ас хир ду аьллариг ва хилла ма даьлла,

Ас хир дац аьллариг ца хилла ма даьлла.

Аш сиха схьалолаш тIехь йоцу ва йасакх! –

Олуш лиэн ва ваьлча и эла ва Мусост,

ТIаккха лиэн велир, тов, и Адин ва Сурхо:

– Хьо йелла йалийла, хIай эла ва Мусост,

Дада лай хиллий-ц хьан, нана вир хиллий-ц хьан,

Хьуо а лай веца хьо, хIай эла ва Мусост!

Ахь хир ду аьллариг ца хилла ма даьлла,

Ахь хир дац аьллариг ва хилла ма даьлла.

Ахь кIилло ву боху со Адин ва Сурхо

Йамартчу хьан дайшна цу Моско паччахьо

СовгIатна белла мохк шерачу аренца,

Цу бацах тайелла, зезаго хазйина,

Хьан дола йирзина охьара и раьгІнаш,

Хьалха ор ва доккхуш, тІехьа муш ва бустуш,

ДІайекъа гІур ву со мискачу нахана,

Хьо цига дІавоьллахь, ва эла ва Мусост.

Вай цигахь къастор ду кІиллониг мила ву!..

Шен дош кхочушдира Адин Сурхос. ШолгІачу дийнахь цо къехошна дІабийкъира элана Мусостна паччахьо совгІатна белла мохк. Оцу къийсамехь Адин Сурхос байъира Мусост а, цуьнан вежарий а. Элан Мусостан олалла а дожийна, йуьртахошна маршо а йаьккхина, Сурхо цІа веача, дуьхьалйеара цуьнан къена нана. КІант мара а къевлина, мерза барт а баьккхина, курра мохь туьйхира Сурхон нанас:

– Хьо санна воцу кІант ва нанас ма волда,

И вича, ма кхиа, хІара латта ва хьеша!..

Кхуза гулбеллачу наношний, берашний дуьххьара ца хезнера бІаьрзечу Хьамзатан и илли. Амма тахана иза цхьа шатайпа декара. Оцу иллино, цунна тІаьхьа бекачу пондаро халкъана шайн кІентий боьхийла хиира наношна. Оцу иллино, цунна тІаьхьабоьлхучу пондаро шаьш даймахкана дІадоьхийла хиира хІетта маж-мекх дала гІертачу кхиазхошна. Ткъа бІаьрзечу Хьамзата шен илли дерзийра:

Паччахьан Іедало маршонах даьхна вай,

Паччахьан Іедало махкаха даьхна вай.

Вайн дайша, хьун хьокхуш, дендина ва ирзош

Шен къизчу йалхошна совгІатна декъна цо.

Ламанан баххьашкахь, шерачу аренгахь

ТІулган гІаьпнаш ва йоьгІна, эскараш оьзна цо.

Гуш йоцуш гІоьмаш йу вайн когех, ва куьйгех,

Даймохк бу кхойкхуш шен майрачу кІенташка,

Ша ларбе, боху цо, мостагІийн къизаллех!..

– ХІейт, гор, Хьамзат, йаІ! – хІетта тІевеана, ладоьгІуш лаьтта Къосам, Хьамзата илли дерзийча, гуонна йукъаиккхира. – Тохал цкъа тІараш, кІентий! Хелхаран бал баккхий вай!

Вешан мохк, хьомсара йарташ.

Сийлахь халкъ, йиша-ваша лардан,

ГIовттур вай, турпала кIентий.

Маса дой хьалха дIахеца,

ХIумма а, дац дуккха а эгарх,

Толам вай боккхур бу эххар!

Вайна дахар лолда-кх кхоьллинчу вайн Дала.

Ва лата мел луучун леташ кайолийла,

Ва кIилло веддачун уьдуш садолийла!

ТIараш туьйхира кегийрхоша. ТIараш туьйхира наноша а. Хелхахьаьвзира чеччалхойн БоьртIаган Къосам. Цкъа буьхьара байн гуо хьош, тIаккха дIаьндаргах хьаьвзаш. Зезагна гонах байн полла санна, цуьнца хелхашершира жимачу Марванан нана Дети.

…Боьлхура, боьлура бIаьрзечу Хьамзатан дечиг-пондар. Цо наношка кIентий боьхура даймахкана. Цо халкъан кIентий кхойкхура маршонехьа къийсаме.

…Хьовза хьо, Къосам, ког шаршабе ахь, Дети! Iожалла-м йу гергагIерташ. Гуобаьккхина. Амма вай чIеIар дац цунна хьалха. Иштта, курра кортош а айъина, хелхаршца, иллешца, эшаршца хIуьттур ду вай цунна хьалха. Маршо йа Iожалла!

Шиннах цхьаъ. Кхин некъ бац…

XVI корта. ГУОННА ЙУКЪАХЬ

Герз караэца, сан къам!

ХьалхатаIа! Маршо йа Iожалла!

Ш. Петефи. Иэшаман эхь

1

ХIокху тIаьххьарчу дийнахь, цхьа минот а мукъа йоцуш, массо а хьаьддий-веддий вара полкехь. ХIоъ луш, тIе йехк хьоькхуш, шарйеш, Яркхсу чохь лийчош, шайн говрашна гуонаха хьийзара дошлой. ЦIандеш, даьтта хьоькхуш, герзаш кечдора салташа. Йаккхий тоьпаш а лаьттара говраш дIайожа кийчча.

Берриг кечам хиллачул тIаьхьа, Хаси-Юьртахь резервехь шиъ ротий, йиъ йоккха топпий йитина, кхаа батальонах а, йалх йоккха тоьпах а, гIалгIазкхийн кхаа, гIумкийн цхьана сотнях а лаьтта отряд Яркхсуца хьала лам чу йолайелира.

ГIаттам тIаьххьара а хьаьшна дIабаккха, генеральни тIелатар долош дара тахана.

Самукъане йара салтийн дог-ойла. Масех де хьалха Зандакъана таIзар дан йахана подполковникан Григорьевичан отряд цIа ма йирзинера, цигахь атталла цхьаммо а

дуьхьал топ ца кхуссуш. Биллина дIа гIопан пенаш йуккъехь, плацехь йа белхаш беш, сахьийзаш хан токхучу салташна хIара шаьш схьалаьцнарг сакъера арадовлар санна гIуллакх хетара. МаьI-маьIIера забарш, беларш хезара. Цкъацкъа хьаннаш тIехула раьгIнашца дIасадаьржара салтийн иллийн аьзнаш.

Нохчмахка а, Аьккха а, Салатаве а догIу некъаш дIакъевлинера ДегIастанарчу эскарша, Iаьнда ломахь лаьттара полковникан Накашидзен отряд. ГIойсуца хьала йаржийнера полковникийн Перликан, Тер-Асатуровн отрядаш. Доккхачу эскаран коьртехь Веданара охьавогIуш вара инарла-адъютант Свистунов.

ГIовттамхошна бовда меттиг ца йитинера цхьаннахьа а. Бутт балале, шен белшашна тIехь инарлин эполеташ гора Батьяновна. Шеко йац, и мятежникийн гIера шен коьртахошца цхьаьна цо схьалоцург хиларан. Амма чам бац-кх хIара толам иштта атта нисбаларан.

Шелана уллохь гIовттамхойн эшам хилла аьлла даьржича, шайн толамах дог а диллина, Салатаверий, Аьккхарий йартийн векалш баьхкира Батьянов волчу, мятежникашца шайн дозуш цхьа а тайпа хIума дац, шаьш Iедална муьтIахь ду аьлла.

Тахана отряд Аьккхахула чекхйолуш а шайн муьтIахьалла гайтира бахархоша. Нагахь полковникна иэшахь, Iаьлбаг-Хьаьжа схьалаца гIоьнна нах бала тIе а лецира. БуртIанайн пурстоьпо Дацаев Шайх-Махьмас а чIагIдора, Салатави къарйелла сецна бохуш.

Амма отряд Зандакъа кхаьчча, Батьяновна хаамаш беара, йерриг Салатави а, тахана тийна хилла аьккхийн уггар йоккха йурт Акхташ-Эвла а гIевттина аьлла.

Батьянов шен отрядца сихха Кешана йухавирзира. Эпсарех дага а ваьлла, цо сацам тIеийцира, ша Нажин-Юьрта хьажийна майоран Коленкон отряд йуха а кхайкхина, берриг а ницкъашца Салатавина таIзар дан ваха.

ХIокху галдевллачу гIуллакхашна йуккъехула йочанаш а йуьйлайелира. КIудалара охьадуттуш санна, тIеIенара догIа. Лаьмнийн басеш аьхначу кIоргий хершнаш чухула хьере охьахьаьлхира мокха Iовраш. Яркхсу дестарна кхерам бара. ТIаккха догдохийла йацара артиллери дехьайаккхаре. Вуьшта а вуон ма ду кхузара некъаш. ТIепаза йайра Iуьйранна гарнизонера арабовлуш салтийн хилла самукъане дог-ойла. Iаламе кхарстадахар санна царна хетта хIара гIуллакх жоьжахате доьрзуш доллура. ХIинцале а царна йукъабаьржинера, Iаьлбаг сийсара Салатаве а веана, цигарчу гIовттамхошна коьрте хIоьттина боху хаам. Бенахь а ца хилла ма-дийццара синтеме. Цигарчу хьаннашкахь а йу, боху, кегийра йелахь а, гIовттамхойн масех отряд. ГIаттаман йуьххьехь шен полкера кхоъ салти нохчашкахьа вадаро а, дуккха а салтийн дог-ойла гIовттамхошкахьа хиларо а даим дIа сема хила доьзуьйтура Батьяновн. Цундела, Кешанера аравалале, обозан ворданна тIе а ваьлла, салташка доцца къамел дира Батьяновс.

– Салтий! Мятежникех къахетий, куьг йуха ма озалаш. ХIара тIом бу, ткъа тIамехь къинхетам ца оьшу. Цхьаъ ах бIе шо хьалха кхузахь кхоьллина вайн полк. Тахханалц цо курра хьалха йаьхьна шен байракх. БIеннаш турпала хьуьнарш йаздина шен истори тIе. Вайн полкан сий лардар шуна тIехь ду, салтий! Хастам хуьлда Государана Императорна!

Салташа кхузза «ура» аьлча, хьалххе кечйинчу полкан оркестро «Дела, паччахь Iалашвелахь» гимн лекхира. Полкан командиран къамело дегнаш айъина салтий деттачу догIанна кIел, буькъа хатт кегош, Яркхсуца охьабуьйлабелира.

2

Оцу дийнахь беха некъ ца бира отрядо. ТIедеттачу догIано ткъазбаьхнера салтий,

буькъачу хотто когаш лоьцура. Хоттан уьйриг хиллера йаккхийчу тоьпийн чкъургех а. Говрашна йазйелла уьш хаддаза тетта дезара.

Малхбузучу хенахь халла Акхташ-Эвла къаьчначу отрядан цигахь буьйса йаккха дийзира. Амма синтеме йацара и дуьххьарлера буьйса. ДогIа а, шело а, хатт а тергал ца беш, йуьртана тIелиэтачу гIовттамхоша, хаддаза тIе тоьпаш йетташ, охьабийша ца буьтура салтий.

Оццу хьолехь йара Зандакъа йеана отряд а. Салтий четаршна чу а тарбина, буьйса йаккха эвла йисттерчу цIеношка бахара эпсарш. Ши-кхо де хьалха ротин командир хIоьттина капитан Рихтер а, Абросимов а тарвелира цхьана воккхачу стеган хIусаме. Маршалла а хаьттина, сихха чу а кхайкхина, и шиъ хьешан цIа чу дIатарвира ткъе иттех шо хенарчу хIусамден кIанта. ХIара шиъ паргIатволлушехь, чуйеанчу къоначу зудчо товханахь цIе латийра. Арахь схьалецначу котамийн маьхьарий девлира. Схьахетарехь, хIусамден кIант хьешашна хIайте гIайгIа беш вара.

ХIусам билгалйаьлча, Абросимов цхьа а витина, шен салтий дIа муха тарбелла хьажа вахара капитан. Яков Степанович дукхазза а хиллера нохчийн хIусамехь, амма кху мехкан маьI-маьIIехь бехачу бахархойн хIусамаш, Iер-дахар а башхалла йолуш хуьлу дела, иза леррина хьежа хIоьттира цIа чуьрчу йийбаре. Башха хийцам болуш хIумма а дацара. Кир тоьхна поппаран цIена пенаш. Хьала поппар хьаьхначу тховх цIечу ашанца йехкина чолхе йоцу орнаменташ. Лакха мел йолу гатлуш, тховх йоьдучу товханна тIехь бархI са болу масех седа а, бутт а. Дуьхьал пенаца дохалла диллинчу лохачу гIанта тIехь кIайн гIели диллина цIестан кIудал, гIумгIа. Пенах оьллина кхо ког болу цIестан шун. ТIе къорза истанг тесначу поппаран маьнганан цхьана йистехь тIекIелйоьттина мотт-гIайба. Маьнгица дIа болчу пенах тоьхначу куза тIехула оьхкина топ, тапча, механа деза доцу, амма дика тур а.

Товханара цIе марсайаьлча, цунна хьалха а лахвелла, куьйгаш дохдан хIоьттира Абросимов. Ша вогIийла хаийта, йайн йовхарш тоьхна, цIа чу велира къона хIусамда. Коьртара схьабаькхина куй, чу ши куьг доьллина, дIасатоьхна, тIера хи а дожийна, схьахьажавелча, шен хьаша голаш тIе лахвелла а гина, араваьлла иза, лоха гIант дохьуш сихха йухавеара.

– ХIан, хIокху тIе хаа, – Абросимовна улло гIант теттира цо.

Абросимов цецвелира цунна мелла а оьрсийн мотт хаарх.

– Оьрсийн мотт хаьа хьуна? – хаьттира цо.

– Туда-суда, почом ала хаьа! – велавелира иза хьаьвзинчу мера кIелхьара Iаьржачу мекхийн йуьхьигаш а хьовзош. – Хаси-Юьрта базара воьду. ГIалгIазкхийн станице балха воьду. Цигахь кIез-мезиг Iемина.

Товханна улло охьадиллинчу цхьа мор дечигна йукъара стоммо гал схьа а хилийна, чоин тIемаш кIел хьарчош, Абросимовна улло охьахиира иза.

– Важа эпсар стенга вахана? – хаьттира цо шен хIиллане боцу Iаьржа бIаьргаш Абросимовна тIе а боьгIна.

– Салти болчу вахана иза.

– Хьо хIунда ца вахана?

– Со эпсар ма вац.

– Салти ву хьо?

– Салти а вац.

Къона хIусамда, цецваьлла, къаьрззина хьеше хьаьжира. Схьахетарехь, хIинцций бен цуьнан тидам ца хиллера шен оцу хьешана тIехь тIемалочун духар цахиларан.

– Дурной башка! – шен хьаьжа тIе куьг туьйхира цо. – Хьуна тIехь салтин, йа эпсаран духар ма дац. Цуьнан тидам ца хилла сан! ХIета, тхоьгара налог йаккха йа латта дIадаккха веана хир ву хьо?

– ХIан-хIа. Иза а йа важа а дац. ДуьххьалдIа отрядца схьавеана.

– ДуьххьалдIа вархьама, цхьа а ца вогIу тхо долчу, – гIайгIане корта ластийра хIусамдас. – ХIета, тхо дойъуш, тхан цIенош дагош, йалташ дохош, тхо схьа а лоьцуш, Сибрех дуьгуш хьажа веана хир ву хьо?

Яков Степанович вохийра цо дуьххьал схьа хIоттийначу хаттаро. ХIун аьлла жоп лур ду ца хиъна, корта ластийра цо.

– ЦIе хIун йу хьан? – хаьттира нохчочо.

– Яков Степанович.

Цо шозза-кхузза корта таIийча, иза резацахилар хиира Абросимовна. ДIакхевдина, товханара дечигаш хьадина, цIе марса а йаькккхина, хьешехьа вирзира иза.

– Ши цIе хила ца йеза стеган, цхьаъ хила йеза. Цхьа цIе а, цхьа дош а. Шун ши цIе йоккхуш гIиллакх дуй, хаьа суна. Оха и ца до. Ас Яку эр ду хьох. Реза вуй хьо?

– ХIунда вац? Ткъа хьан цIе?

– ИсмаьIал. Ахь сан хаттарна жоп ца делла, Яку. ХIунда веана хьо хIокху догIанехула тхан лаьмнашка?

Жоп дала дешнаш ца карош, куьйгийн пIелгаш сеттош, цхьа йукъ йалийтира Абросимовс. ТIаккха, дайн куьг а ластийна, нийсса ИсмаьIалан бIаьргаш чу хьаьжира.

– Шу дойъуш, шун цIенош дагош, йалташ дохош, шу Сибрех дуьгуш хьажа веана.

Цецваьллачу ИсмаьIалан ши бIаьрг, къаьрзина, хье тIе белира. Цкъа оьгIазаллин ткъес кхерстира царна чу, тIаккха хьалхалерчу амате баьхкира уьш.

– Вуон оьрси ву сан хьаша, – корта хьовзийра цо, – Йаман урус. Паччахьо шен ницкъаца инарлаш бахкийтина, инарлаша эпсарш балийна, эпсарша салтий балийна. Салтий а, дукхахболу эпсарш а шайн лаамехь ца баьхкина. Ткъа хьо? Хазахеташ хьажа воллу хьо тхан зударий, бераш доьлхуш? Адамаш ма ду тхо а, Яку! Шуна санна, тхешан мохк безаш, маршо йезаш, тхешан да-нана, доьзалш безаш. Даа а, тIедуха а лууш, хазахетар хилча – диэла а доьлуш, халахетар хилча – диэлха а доьлхуш, адамаш ма ду тхо а.

ИсмаьIалан багах долу хIор а дош, шаьлтанан йуьхьиг хуьлий, дага йуккъе доьдура Яков Степановична. Иза оьрси вара, ша бакъволу шен халкъан кIант а хетара цунна. Шен халкъах даьллачу дикачух дозалла а деш, цуьнан цхьана нахах даьллачу вуочух хета эхь а долуш. Тховса генна ломахь къечу нохчочун хIусамехь боданечу нохчочунна хьалха цуьнан жоп дала дийзира шен къоман правительствос лелочу эхьечу гIуллакхах. Амма муха кхетаве-те цо хIара ламанхо и правительство, ламанан халкъийн санна, оьрсийн халкъан а мостагI хиларх?

– Хьуна моьттучу дагахь ца веана со, ИсмаьIал, – элира цо ша-шега луьйш санна. – Шуна тIехь латто Iазап, харцо сайн бIаьргашца ган веана. ХIай-хIай ткъа, салташа шу дойъуш, шун цIенош дагош, шун йалта дохош, шу Сибрех дуьгуш хьажа, шун зударий, бераш доьлхуш ладогIа. Шух дог лазарна, шух къахетарна веана, кхузахь сайна мел хезнарг, мел гинарг дерриг а дIайаздан, тхешан халкъе дIакхайкхо веана со, ИсмаьIал.

– Ой, ахь уьш дIайаздарх, тхуна хIун паргIато хуьлу?

Яков Степановича ойла йира.

– Гой хьуна, ИсмаьІал, – иза кхето гІоьртира Абросимов, – массарна а ца хаьа шух лаьцна бакъдерг. Сайна гинарг, хезнарг ас тхешан газеташ тІе ма-дарра йаздийр ду. Иза доьшур ду эзарнаш наха. Царна хуур ду нохчаша латториг бакъонан къийсам хилар, уьш харцонна, Іазапна дуьхьал гІуьттуш хилар. Шух лаьцна бакъдерг хиъча, церан ойланаш а хийцалур ма йу. ТІаккха, цхьамма-шимма, иттаммо-бІенно олуш, тхан Іедале эр ду, и нохчий, вай санна, адамаш ду, уьш ма хьийзабе, бита уьш шайн лаьмнашкахь къахьега, шаьш халла йаьккхина сискал паргІат йаа аьлла.

Цецваьллачу ИсмаьІала сихбина бІаьргаш беттара.

– Ткъа тхох лаьцна бакъдерг хІинццалц цхьаммо а ца аьлла? – дакъаделлачу балдех мотт хьаькхира ИсмаьІала.

– Аьлла. Амма цхьакІеззигчара бен ца аьлла.

– ХІунда?

– Іедалх кхоьруш. Цхьанне а ма ца лаьа, шуьгахьа гІо а даькккхина, Сибрех ваха йа шен гІуллакхах воха.

– Хьо ца кхоьру ткъа?

– Кхоьру. Амма даим массо а кхоьруш Іийча, цкъа а харцо дІайер ма йац. Шу санна, Іедална дуьхьал гІевттина тхан муьжгий а ма бойъу. ЦІенош а дагадо церан, ирхъухку, Сибрех хьийсабо. Тхан халкъ а ма ду Іазапехь, иза а ма дац маьрша: паччахь а, Іедалан хьаькамаш а, тхо санна, оьрсий белахь а, шун а, тхан муьжгийн а цхьа Іалашо ма йу – харцонна дуьхьал къийсам. Шу тоьлча – уьш тоьлу, уьш тоьлча – шу а тоьлур ду. Шун а, церан а кхоллам вовшехбозуш, цхьаъ ма бу.

ИсмаьІал вехха Іийра, куьйга корта а лаьцна, товханехь йогучу цІере хьоьжуш.

– Хьан оцу накъостан а йуй иштта ойла? – хаьттира цо, цІеххьана схьа а вирзина, неІарехьа корта а ластош.

– Йац.

– Кхечу эпсарийн?

– Цхьа кІеззигчийн.

– Салтийн?

– Дукхахболчийн дог лозу шух, амма хаийта бахьац.

Цхьана йукъана тийналла хІоьттира цІа чохь. Товханахь йогучу цІеран серлонан меттанаш ловзура пенаш тІехь. Шиша доццчу чиркхо кІезиг серло лора. Махо раздохуш, татанашца коран цхьаболчу ангалин цхьана бІаьргех деттара, серий санна, охьадогІу догІа. ОьгІазе лиэтара хийра адамаш хааделла гонахара жІаьлеш.

– Шун эвлара дукха баханий Іаьлбагна тІаьхьа?

– Ткъех стаг.

– Хьо хІунда ца вахана? ГІевттинчех дог а лозу хьан, хІетте а цІахь ву?

Цергашца Іаьвдина, бухара балда кІайдира ИсмаьІала.

– Со боьрша воцу дела, – кІоршаме вистхилира иза. – Къонах Іийр вуй ткъа, халкъана тІе бохам беача, цІахь зударшна йуккъе а хиъна?

– Иштта-м дац хир дара иза, – йухахьовзо гІоьртира ша цуьнан деган чевнах хьакхаверлийла хиъна Абросимов. – Цхьа бахьана ду-те аьлла, хаьттира ас-м.

– Бахьана!.. Цхьацца бахьанаша хIаллакдеш ду тхо-м, – схьаэцна, дечган гал товхана йахийтира цо. – Дехачу меттанаший, эладитанаший… Гой хьуна, йуьртан молла Нуркиша тхан ден шича ву. Цуьнан гергара ву Нажин-Юьртара йуьртда Шахьболат а. Тхан цIийнах стаг ву йуьртда Жанхот а. Цуьнан долахь хьер а, дуккха даьхний а ду. Шахьболатехула схьайогIу зIе тхан къечу хIусаме а кхаьчна. Шайн гергара мел волчунна цара дихкина Iаьлбагна тIаьхьахIоттар. Мелхо а, тхо цунна дуьхьалдаха гIерта. Цара аьлча, бердах а оьккхур волуш ву сан да, ткъа дас бохург ца дича, со а ца волу.

– Ткъа оцу хьалдолчу гергарчара шайн хьолах хIумма а кхочуьйтий хьан дена?

ИсмаьIала цавешаш мерах шок туьйхира.

– Мацалла леш воллуш хилча, хьаьжкIан буьртиг-м, дера, лур бацара!

– ХIетте а ву иза цара аьлларг деш?

– Iовдало ца деш хIун дуьсу? Вай гергара ду, вовшашна муьтIахь хила деза, боху.

Чувеанчу Рихтера йукъахдаьккхира цаьршиннан къамел.

– НеIалт хилла догIа! – ТIера схьайаьккхина плащ дуьххехь пенах тоьхначу хьостамах хьалаоьллира цо. – Моьттур ду-кх, и стигал йаьттIа! ХIокху жоьжахатин цIергахь багарша бина бала бу-кх! ХIокху шайн хьожанечу лаппагIнаш чу а таьIна, шайга аьлларг деш ца Iаш! ХIокхара хIун лоьху, хаац-кх. Варраш йу-кх, шаьш майарра варраш!

Шаьлтанан макъарна тIе куьг диллина, цхьа ког хьалха а тесна, неIарехь лаьттачу ИсмаьIала, капитанан багах тIаьххьара дешнаш девлча, цергашца балда а лаьцна, шаьлтанан мукъ буйна къевлира. ТIаккха Абросимовга а хьаьжна, гIайгIане корта а хьовзийна, аравелира иза.

Хьаша – хьаша ма ву, иза мухха велахь а.

3

Салатавера гIаттам, дIасабаржале, хьаьшна дIабаккха сихвелира Свистунов.

Амма хьал хIор а минотехь хийцалуш догIура. Веданна гондахьа терго йан Эрсана-Коьртехь Курински полкан шиъ батальон а, 20-чу артбригадин шиъ йоккха топ а йитина, шеца кхоъ ах батальон а, гIалгIазкхийн шиъ сотня а, нохчмахкахойх вовшахтоьхна милицин дружина а, шиъ йоккха топ йолуш иза, Гендарганахула чекхваьлла, Даьттахе кхаьчча, кхузахь боьхна хаамаш беара цунна. Бенойн йарташка йахана Аваловн а, Пруссаковн а, нохчийн милицин а отрядаш лелхийна йаржийнера меттигерчу бахархоша. Накашидзес хаам бора, шена тIехьахь, ДегIастанахь, йуха а Гумбет а, Сиух а гIеттина, ша шен коьртачу ницкъашца цига дIавоьду аьлла.

Накашидзен хаамо а, Бенахь хиллачу иэшамо а дог дохийра Свистуновн. Цуьнан генеральни планан хьалхарчу меттехь дара кхузарчу бахархойн куьйгашца Iаьлбаг а, цуьнан тоба а схьалацийтар. ТIаккха правительствона некъ болура, и гIевттинарш туркойн бартахой а, динан фанатикаш а бара, цундела церан къомах болчу патриоташа уьш шайн куьйга хьаьшна дIабаьхна ала. Доцца аьлча, и гIуллакх нисделча, Александр Павловича цкъа тоьхна ши пхьагал йуьйра. Амма иза хIинца цкъа ваьшта ца догIура. Шайн хьал а, йукъараллин дарж а Iедалх дозуш болу туземцаш доггах гIуллакх деш йа дан гIерта моттуьйтуш, цIоканна чуьрабевлла хьийза. Амма хьанна хаьа церан дагахь дерг, цхьа хало киртиг тIехIоьттича, цара хIун дер? Туземни эпсарех цуьнан тешаран а ду доза. Уьш, меттанаш даьхна, цIоганаш лестош лелахь а. Ала хIума доцуш, дика гIуллакх до прапорщико Умаевс,

поручико Ашаевс. Амма Александр Павлович тешац царах а.

Отряд Даьттаханий, Зандакъаний йуккъерчу ГIелаш-Коьрта йаьлча, цунна хьалха схьайаьржира йуькъачу хьаннашкахь, боьранашкахь къайлайевлла зандакъойн йерриг йарташ. Симсара Iуьллура Аькккхан, Нохчмехкан, Салатавин а дозанаш цхьаьнахIитталучохь. Цигара цхьана агIор дIасайаьржина йуькъа хьаннаш, хин кIорга тогIеш, ткъа малхбалехьа – дерзина, лайно хьулдина кортош мархашла а Iиттина, буьрса лаьмнаш лаьтта. Баккъал а, гIаттам кечбан, арахьа зIе латто аьтто болчохь йара Симсара. Амма Свистунов паргIат вара хIинца. Iаьлбаг цунна тарвеллера дуккха а таллархоший, иэраший гуонна йукъа хьовзийначу экханах. Тахана иза, йа дийна, йа вийна, цуьнан карахь хир ву. Вада ков ма дац цунна!

Диламна уллора схьа йаккхийчу тоьпийн дур хезара. Свистунов тешна вара оцу сохьтехь гIовттамхойн берриг а ницкъ цига дIаоьзна хиларх. Цуьнан отрядо атта дохор ду кхузара лаьхьарчийн баннаш.

Цхьа а тайпа дуьхьало йоцуш, Байтарке кхечира Коленкон отряд. И жима йурт йаьсса карийра. Урамашца а, йа керт-ковхь а гуш дийна са дацара. Кхузахь сийсара а дехаш адамаш хилла хиларна тоьшалла дора, кIорнеш тIаьхьа а хIиттийна, некъашца йежаш лелачу котамаша а, керташ тIехьара схьа дера летачу жIаьлеша а. Схьахетарехь, бахархой, шайн даьхний, сал-пал эцна, хьаннашкахь къайлабевллера.

Абросимов воккхавера церан и хьекъал кхачарх. Иза тешна вара, бахархоша дуьхьало ца йича, отрядо церан йуьртана зулам дийриг цахиларх. Амма отрядан тIаьхье йуьртах чекх ма-йеллинехь, масех цIа дага дуьйлира. Оцу гIуллакхо дарбира хьуьн чу левчкъина бахархой. Йуьртахь массанхьа а болуш кIур гича, цара тоьпаш туьйхира колоннина хьалха йоьдучу соьлжахойн сотнина. Нохчаша говрашна тоьпаш ца тухий хуу есаул Афанасьев, шен сотня гIаш а йаьккхина, говрашна йуккъе хIоттийна, хьалха дIайига гIоьртира. Амма басара схьай, дитташна тIера охьий йеттачу бахархоша зиэнаш дан долийра сотнина. Иттех минот а йалале, шиъ вийра, маситтана чевнаш йира. Сотнин ирсана, сихха тIекхаьчначу иччархойн шина рото, йаьржина хьуьнах а йоьлла, дIасабаржийра бахархой.

4

Кийра эккхийта санна, детталора Iумаран дог. Иза дIатедан гIерташ, говра хуий, цкъа йуьртахула гуо тосуш, тIаккха, воьдий, йуьрта богIучу шина некъа тIехь чIагIбеллачу кегийрхойн дог-ойла айъа гIерташ, хьаьдда лелара иза. Амма дагна гатбеллера кийра. Iожаллех кхерар а дацара иза. Йа кIиллолла а дацара. ХIара Симсара, дукхахдерг, гатийуьртахойх а тешийна йитинера Iаьлбага. Ткъа хIорш ах бIе стаг бен вац. Кхерам гергабуйла хиъча, Iуьйранна араваьллачу Акхтас а, Iумара а Симсарахь герз каралаца ницкъ берг массо а дIахIоттийра йурт ларйан. Уьш а ма бара кIезиг. Ткъа дукхахболу нах Iаьлбагца Салатаве баханера. Iаьлбаган ден Олдаман а, вешин СултIин а гIоьнца хIокху шиммо дIахIоттийнарг кхузткъех стаг бен вац. Уьш а – дукхахберш къена нах а, хIинца а маж-мекх далаза кхиазхой а.

Симсаран малхбузен йистехь лекхачу берда тIе а хIоьттина, дуьххьал регIан баса хьоьжура Iумар а, СултIи а. Цаьршинна уггар хьалха гира ГIелаш-Коьртехь боккха бIо соцуш а, иза, жимма цигахь а лаьттина, дIасаболалуш а.

– Хьажахьа, хьажахьа, Iумар! – Чеччалхе пIелг хьажийра тIевеанчу Марвана.

Iумарна гира беха могIа бина Чеччалхе богIу салтий.

– СхьабогIуш бу-кх уьш! – мохь белира СултIин.

– Же, Акхте хаамбе!

Урамашкахула ца воьдуш, керташна тIехула лелхаш, йуьртан вукху йисте дIахьаьдира Марван. Iумара тергалбора салтий. Чеччалхе чу а боьлла, цигахь ца совцуш, охьабогIура уьш. Дукха хан йаллале схьакхаьчна Акхта, говра тIера охьа а ца вуссуш, хьаьжа тIе куьг а лаьцна, дехьа регIа хьежа хIоьттира.

– Зандакъара охьа гучубевлла! – йуха а мохь белира СултIин.

– Хьалха богIуш дошлой бу!

– ДIога тIаьхьайалош йаккхий тоьпаш а го.

– Шиний агIор тIебогIу!

Шина кIанта дуьйцург ца хезаш санна, паргIат дIахьоьжуш Iийна, Акхта меллаша схьавирзира.

– Вайна тIедогIуш доккха эскар ду, – элира цо. – Диламехьа доьдуш хила а мега иза. Нагахь иза цига гIахь, хьаннашкахь цунна тIелата дезар ду вайн. Цхьадерг мукъане ккузахь сацо. Вай и ца дахь, вуон хир ду Iаьлбаган гIуллакх. Ткъа и эскар дерриг схьадагIахь, цо, хьаьшна, вичIа а дохур ду вай. ХIокху агIор йуьрта бахкалур бац уьш. Цундела берриг ницкъ аьтту агIоне берзо беза.

Делкъан хенахь Байтарканна тIехула массанхьа а Iаьржа кIур гIеттира, тIаккха, жимма йукъ йоьлча, хьуьна чохь тоьпаш йевлира. Цхьана эха сохьтехь бахбелла тIом цIеххьана сецира, амма йукъ-кара хезара салтийн берданкийн а, нохчийн тоьпийн а татанаш. Дукха хан йалале, уьдуш, охьачуьрчу тогIех сехьавелира ткъех стаг.

– БогIуш бу! Дена неIалт хиларш, богIуш бу! – маьхьарий девлира церан, йуьрта хьалабевлча. – Хьесап дина ца валлал дукха бу!

– Го тхуна, – човхийра уьш Акхтас. – Маьхьарий стенна хьоькху аш?

Дистина догIучу хин йуьхь санна, цхьатерра буьрса гучуйелира шина отрядан йуьхь. Чеччалхера охьабогIурш аьрру агIор хин тогIица хьалабаьржира, ткъа Байтаркехула схьавогIу масех бIе дошло йуьртана нийсса дуьхьал хин тогIи чу дIахIоьттира, тIаьхьара гIашлой хин аьтту агIорчу тогIица дIасабаьржира. ТIаьхьайогIу гIашлойн отряд, хил сехьа ца йолуш, сецира, ткъа царна тIаьххье схьакхаьчна ши йоккха топ, муцIарш йуьрта а хьовсош, дIахIоттийра.

– Шиний агIор кIел баьхкинчарна тIетоха вай? – хаьттира Акхте сакIамделлачу Iумара.

– Мегар дац, – корта ластийра вукхо. – Генахь ма бу уьш.

Дуьхьал гу тIехь лаьттачу шина йоккхачу тоьпо цхьатерра кIур тесира. Хьаннашца, лаьмнашца декна, генахь дIатийра церан къора тата. IумаргIарна тIехула, шок йетташ бахана ши хIоъ йуьрта йуккъехь иккхира. Дарделла летачу а, кхераделла цIийзачу а жIаьлийн гIовгIанаша цIеххьана дуьзира хIаваъ. Йуьрта керл-керла хIоъ масазза кхиэта, хьерадуьйлура церан летар. Цхьаццанхьа цIенойх а, докъарийн раьгIнех а цIераш летира. Гена йоццуш цхьа говр, дог Iадош, тарса а терсина, цIеххьана дIатийра. Амма адамийн мохь ца хезара цхьаннахьара а. Эха сохьтехь йаккхий тоьпаш а йиттина, йуьртана тIелатар долийра аьтту агIор тогIица баьржинчу салташа. Йуьрта тIе богIучу коьртачу новкъа хьала, кортош тIехула тарраш хьийзош, тIехахкабелира хил дехьа севцна дошлой а.

Аьтту агIорчу тогIи чуьра салтий бердех хьалагIоьртича, важа дошлой некъ къовлуш биначу валана тIекхочуш, тийналла йохийра Акхтас.

– КIентий! ТIетоха!

Дуьххьара тоьхна тоьпаш цхьатерра йевлира. Ша хьалххе Iалашонна кIел лаьцначу хьалха вогIучу эпсарна шина бIаьрга йуккъе хьажийна, тоьпан лаг уьйзира Iумара.

Ши куьг дIаса а тесна, буйнара тур дIа а хоьцуш, охьавоьжна иза йуханехьа чукерчира.

– Доха ма дохалаш, кIентий! – мохь туьйхира Акхтас. – Марван, тIулгаш чукерчаде! Iумар ледара ма хилалахь! Со вал болчу воьду!

Йассайелла тоьпаш схьа а оьцуш, йуьзнарш дIалуш, хьацаран кIур хилла саьнгарш чохь бохкучу къоначу зударша а, божабераша а, тиэкхаш берда йисте а бахана, чукерчо долийра даккхий тIулгаш. Хала, Делан балица йухабаьккхира бердан басех хьалагIертачу салтийн хьалхара могIа. Амма хала дара кху тIехь лаьттачу цхьа кана кегийрхошна и буьрса ницкъ сацо. Шайн вийнарг а, чов хилларг а тергал ца веш, хьалагIертара салтий.

– Йуьрта довда! – мохь туьйхира Iумара саьнгарш чу йухадевллачу берашка, амма уьш, шекдоцуш, йассайелла тоьпаш йуза хIиттира. – ДIадовла! Хьаннашкахь къайладовла! – уллорниг мийра Iоьттина хьавира цо.

Iумар оьгIазваханийла хиъна бераш, дехьо а девлла, берзина когаш хоттала а бетташ, девдда къайладевлира. Салтий хьала тIекхача герга бара. Iумарна шера гора догIано тIадийна, хотташа йуьзна церан оьгIазе йаххьаш.

– Iумар, кIелхьардовла! – хезира цунна геннара Акхтин мохь.

Саьнгарна чухула ведда воьду иза тIеIоттавелира топ буйнахь йелла Iуьллучу Марванан нанна Детина. ТIом болабелчхьана, цига а хиъна, салташна топ йетташ йара иза. Цкъа иза, нисйеш, охьайилла ойла хилира Iумаран. Амма цуьнан шен са дадо дийзира.

Тоьпашца салтий а, тарраш буйнахь гIашбевлла гIалгIазкхий а, ламанхой а, зингатий санна, хьалатийсалора вала тIе. Накъостех масех стаг воьжча, дуьхьалойар эрна хетта, йухадовла сацам бира Акхтас.

– Чевнаш хилларш схьа а эций, йухадовла! – мохь туьйхира цо. – Янаркъа, валах цIе таса! Сихойелахь.

Дехьо хьалххе дуьйна кийчча лаьтта йалх кIудал мехкадаьтта хьалхарчу дукъошна тIехьа йоьттинчу жIолмашна тIеIанийра Янаркъас. Йукъ-йукъа хаьштиг Iуьттуш, цIераш летош, тIаьхьавоьдура Михаил. ДогIано тIехула тIадайар бен, вуьшта, йакъайелла, къерсигйевллачу жIолмех, саьмгалх санна, цIе летира. Чевнаш хилларш эцна йухабевлла накъостий къайлабовллац, мостагI сецош, дуьхьало еш хилла Акхта а, Янаркъа а, Юсуп а, марсайаьллачу цIарна йуккъехула маж-мекх морцуш схьаиккхина, йуьйцинчу, лекхачу кертах дехьа а ваьлла, луьстачу стоьмийн бешахь къайлавелира.

Уггар хьалха чулилхинчу таманцийн, куринцийн пхеа ротано цIанйира йурт. Иччархойн хIоьънаший, цхьамзанаший эгабора йуьртах арабовла ца кхиъна нах. ТIом сецча, йуьрта веанчу Абросимовна хьалха ирча сурт хIоьттира. Йаккхийчу тоьпийн хIоьънаша дохийна некъаш, цIеношш, кегдина, хIетта заза доьжна, тIе стоьмаш летийна дитташ. МаьI-маьIIехь, куьйгаш а, когаш а дIасатийсина, аркъал, бертал а, хебна а Iохку божарийн, кхиазхойн декъий а. Цхьатерра дага дуьйлира цIеношш, Iаьнах девллачу докъарийн холанаш.

Готтачу урамо голатухучохь, гранато даькккхинчу урана йисттехь, кхиазхочун а, тамашийна хьажар долчу воккхачу стеган а декъий Iохкура, тIамарш йаржийна. КIентан карахь йуткъа, шера стовн гIаж йара, ткъа стеган мара къевлина – дечиг-пондар. ТIе а вахана, бIаьрг ма-туьйххи хиира Абросимовна пондар марахь берг – бIаьрзе илланча, ткъа важа кIант – иза дIасалелориг вуйла.

Циггахь хаьддера жимачу Марванан а, бIаьрзечу Хьамзатан а маршонехьа къийсам.

Йурт йагайоьлча, штаб-квартире йухайирзира отряд.

Командующи резавацара операцин жамIашна. Суьйранна Кешанехь отрядийн начальникаш а гулбина, Батьяновна тIера дIаволавелла, массарна а барт биттира цо.

– Со кхеташ вац ахь лелочух, полковник, – Батьяновна тIекъевкъира иза. – Ши-кхо де хьалха ду-кх, Салатавехь дерриг а дика ду бохуш, ахь суна чIагIонаш йеш. Хьайн мера кIел хуьлуш дерг ца галла бIаьрзе ву хьо? ХIун деш бу хьан лазутчикаш? Хи чу туьйсуш ву хьо айхьа царна ло ахча! Диламна тIе а ца воьдуш, новкъара йуха хIунда вирзина хьо?

Стоьла тIе бIаьргаш боьгIна, хьаьжайукъ а хабийна, собаре ладоьгIура Батьяновс. Селхана Салатаве йина экспедици кхиамза чекхйаьллера цуьнан. Бакъду, ТургIан-гIап цIе йолчу ломахь чагIвелла Iаьлбаг, кхузза штурм йича, цигара дIаваккхавелира цуьнга. Амма пайда барий ткъа, отрядера ткъех стаг вийна а, дукханна а чевнаш йина а хилча? ТIе, кхидIа хьалха ваха а ца ваьхьна, хIара Акхташ-Эвла йухаволуш, цхьана минотана а синтем ца хуьлуьйтуш, тIейетташ валийра иза Iаьлбага. Батьяновс шен толам бу бахахь а, хаза кхоччуш эшам бара иза.

– Сан кIезигчу ницкъашца хьалха ваха кхераме дара, хьан локхалла, – бехказвала гIоьртира иза. – Мятежникашна шера хаьа вай дIа мел боккху ког. Некъашца, хьаннаш йуккъехь кIелонаш а йой, йуххера тIейетташ, вайна даккхий зиэнаш до цара…

– Ткъа хьуна хIун моьтту? Вай Iаламе сакъера арадевлла моьтту хьуна? – ТIаккха Самойловна тIевирзира иза. – Ахь хIун олу, полковник?

Самойлов везза хьалагIеттира.

– Хьан локхалла, со реза вац вай схьалаьцначу тактикина, – элира цо, жимма ойла а йина. – Симсара а, Байтарке а эрна йагий вай. Вайн къизалло дарбийр бу кхечу йарташкара бахархой, гергарлонаш а ма ду царна йукъахь. Оцу шина йуьртан доьалгIа дакъа нах а ма бацара мятежникех дIакхеттарш. Ткъа вай къеначарна а, зударшна а, берашна а таIзарш до. Шайна зударшций, берашций тIом бан лаац бохург хазийна салташа а…

Командующис сацийра Самойловн къамел.

– Схьахетарехь, полковник, хьан а, оцу салтийн а ойланаш цхьаьнайогIу-кх, – забар йечуха Iоттар йира Свистуновс. – Цуьнан Воккхалло Императоро сох тешийначу областехь тахана хIоьттинчу хьоло кхерамна кIел хIоттийна Закавказьера фронт. Хьалхарчу деношкахь аш ледарло ца йинехьара, господа, хIара ун ДегIастана даьржина хир дацара. Ткъа хIинца цигара мича даьржар хаац, Ша Дела воцчунна. Мятежникех дог лозуш салти хаалахь, уггар луьра таIзар де. Тоьпаш тохарна тIе хIотталц. ХIара тIеман зама йу, господа.

* * *

ШолгIачу дийнахь Iуьйранна шеца Батьянов а, Самойлов а волуш, Хаси-Юьрта вахара Свистунов. Оцу хенахь цига кхечира ДегIастанан областан начальник, инарла-адъютант эла Леван Иванович Меликов а.

Шина а областехь хIоьттинчу хьолах доцца дийцинчул тIаьхьа цаьршиннан барт хилира, цхьана хеннахь цига йиъ отряд а йахийтина, сихачу тохарца Салатавица дерг цхьана дийнахь чекхдаккха.

Нохчмахкарий, Салатаверий гIаттам хьаьшна чекхбаьлларг лерина, бехкечарна

таIзардар дийцаре дан долийча, галморзахаллаш хилира шина инарлин. Меликовс схьахьедира, гIаттамехь дакъалаьцна дегIастанхойн йарташ, цхьа а са бухахь ца дуьтуш, лаххьийна Россин малхбалерчуй, къилбаседерчуй губернешка дIакхалхо шен сацам хилар. Изза таIзар дар доьхура цо Теркан областехь а.

– Иза дойла йац, Леван Иванович, – корта ластийра Свистуновс. – Данне а дойла йац. Шаьш кхалхор вайна дагадеанийла хиъча, лахкабелла хьаннашка гIур бу нохчий. ТIаккха уьш цигара схьабаха цхьа-ши шо хан а, бIе эзар салти а везар ву суна.

Меликов резавоцуш вусавелира.

– Хаац, Александр Павлович, – элира цо къорра. – Хьайн областерчу кхечу йартех хьайна луъург де, амма дегIастанхойн кхаа йуьртана – Диламний, Алмакханий, Миатланий – таIзардар сан лааме дала деза ахь. Царах къинхетам а бина, и ун йерриг а ДегIастана доржуьйтийла йац сан.

– Ахь хIун дуьйцу, Леван Иванович? – корта ластийра Свистуновс – Иштта мегар ма дац. Вай цхьана пачхьалкхехь, цхьана законаш кIел ма деха. ТаIзарш а хила деза царна а, вукхарна а цхьатерра.

ГIуллакх къовсаме даьлча, дагавала полковникаш Самойлов, Перлик а чукхайкхира цаьршимма. Самойлов сацамболлуш дуьхьалвелира салатавхойн кхо йурт кхалхорна.

– ГIаттамехь даррехь дакъалаьцна нах-м таIзарх кIелхьарбевр бац. Амма церан къена дай-наной, зударий, бераш а махкахбахарна сацамболлуш дуьхьал ву со! Уьш шийлачу къилбаседе йа малхбузен йовхачу аренашка кхалхор а, меллаша йогучу цIергахь багор а цхьаъ ма ду. Цхьа шо далале, цхьаъ дийна ца вуьсуш, берриг а лийр бу уьш цигахь.

– Уьш кхалхор пачхьалкхана оьшуш гIуллакх хилча? – хаьттира Меликовс.

– Суна хетарехь, хьан локхалла, уьш ца кхалхорах галдала хIума а дац пачхьалкхан. Амма, кхалхийча, галдала ду. Iедалан къизалло сий дожадо муьлххачу а пачхьалкхан.

Перлика гIо даьккхира Меликовгахьа.

– Бехк ма биллалахь, господин полковник, хIоьттинчу хьоле хьо тIехула хьоьжуш санна хета суна, – элира цо, курра Самойловга а хьаьжна. – Мятежникех къинхетам бича пачхьалкхана зулам долуш хилча, вай тIехьататта йеза вешан гуманни ойланаш. Мятежни йарташ, цхьа а са бухахь ца дуьтуш, махкахйахаро гуттаренна а, орамашца а дIадоккхур ду кхузара зуламе ун.

Самойлов доза доццчу цабезамца дIахьаьжира Перлике. Цуьнга ала-м дуккха а дара Самойловн, амма ала йиш йацара.

Дуккха а къийсинчул тIаьхьа барт хилира церан: гIовттамхойх уггар бехкениш шайн доьзалшца йуккъерчу губернешка, ткъа бисинарш аренгарчу нохчийн йарташка охьакхалхо.

* * *

ШолгIачу дийнахь йеа агIонгахьара цхьатерра тIелатар долийра Салатавина.

Билгалбинчу некъаца, Саласун аьрру агIонца, БуртIанай хьалайолайелира Батьяновн отряд. Колоннин коьртехь сирачу динахь, хаьнтIахь безчу механ тур а долуш воьдура командующи. Цуьнан дезачу дегIана кIел синтем байна хьалха дIагIерта дика йустийна говр. Наггахь оьгIазе урх а узуш, ойланаша дIалаьцна вогIучу цунна тIекхиъна богIура отрядан командир Батьянов, Хаси-Юьртан округан

начальник подполковник Шетихин, Салатавин участкан пурстоп Дацаев Шайх-Махьма.

Акхташ-Эвла кхачале хьалхахь ламанхойн йоккха тоба гучуйаьлча, Шайх-Махьмин йеакIов чIениг, хорша хьаьдча санна, йего йолийра. Хьалха богIучу нехан кортош тIехула лаккха айъина йохьуш кхоъ байракх гора.

– Уьш хIун адамаш ду, Шайх-Махьма? – гIенах санна, хезира цунна командующин буьрса аз.

Шен йерриг майралла а гулйина, шед тоьхна, говр хьалха дIахийцира Шайх-Махьмас. Командующин буьйраца сецца отряд сихха бIаьхаллин низаме хIоьттира. Йадийна хьалха йалийна йиъ йоккха топ дехьо лаьттачу гу тIе а хIоттийна, сихха чаччамех а йуьзна, кечйира. Йаьржина чухахкайала кечйелира гIалгIазкхийн сотня а. Амма тобанна тIекхаьчначу Шайх-Махьмас, цхьа масех минотехь нахе вист а хилла, говр йуханехьа хийцира.

– Хьан локхалла, хьан локхалла! – геннара дуьйна мохь оьхура цуьнан. – Салатавхой муьтIахьалла дохьуш баьхкина!

– ХIун боху цо? – Батьяновгахьа вирзира вуьшта а ирча акцент йолчу Шайх-Махьмас воккхавер тIехдаьлла беттачу маьхьарх ца кхетта Свистунов.

Батьянов дика кхеттера Шайх-Махьмех, амма гIуллакх иштта бакъахьа дирзина бохучух ца тешара цуьнан лергаш.

– Салатавхой, къера хилла, тIебогIуш бу, боху-кх.

– Бакъдуй иза? – хаьттира инарлас, схьатIекхаьчна, вехьаш садоьIучу пуьрстоьпе.

– Бакъду, хьан локхалла! – марсайаьллачу шен говро санна, мераIуьргаш сийсайора Шайх-Махьмас. – Шаьш сонта хилла, лелийначунна дохкодевлла, хьан локхалле шайна гечдар деха догIу шаьш, боху!

– Кхетаме баьхкина? Дохкобевлла?

– Шайн лаьмнашкара охьахьаьвсича, нохчийн йарташ йогуш гина царна, хьан локхалла…

Александр Павлович, корта курра агIор а саттийна, месалчу мекхех куьг хьоькхуш, Самойловга вистхилира:

– Ас ца элира шуьга, Михаил Иванович, бетах хIума тохаро бен и акхарой берта далор дац?

Оцу хенахь отрядна тIекхаьчна салатавхой, коьртара куйнаш а даьхна, командующина хьалха гора ийгира.

– ХIан, хIун боху аш? – хьаьжа йуккъе шад гулбина, дуькъа цIоцкъамаш а дусийна, тобанна тIевирзира командующи.

ЭттIа кетарш, чоэш дуьйхина, коьртахь кхакханан хуцIара куйнаш, когахь йакъайелла неIармачаш, туьйдина кIархаш а болуш, атталла йукъахйихкина шаьлтанаш а йоцуш волу кхо бIе сов стаг, кортош охкийна, лаьттан бIаьра вогIавелира.

– Жоп ло суна, стенна даьхкина шу? – тIечевхира Свистунов.

Тобанна хьалхарчу могIарехь гора лаьтта карахь баьццара байракх йолу, некхан ваз даьлла, хIетта къежвала воьлла зоьртала хьаьрса суьйли Дацаевга хьалахьаьжира.

– Шайх-Махьма, алал вайн сардале, – вистхилира иза. – Тхаьш Iехаделла лелийначу гIуллакхна тхо дохкодевлла. Тхаьш лелийнарг гIаддайна лелийна оха. Хилларг дIадаьлла. Тхайх къинхетамбар доьху оха сардале…

– Шу дарий мятежникашца? – хаьттира Свистуновс.

– Дацара… дерриг дацара.

– Бехкениш мичахь бу?

– Уьш цIахь бисина, сардал.

– И тIелхигаш стенна йеана аш? – байракхашна тIе пIелг хьажийра Свистуновс.

– Тхаьш къера хиларан тоьшаллина, хьоьга дIайала…

Александр Павловичан мера чохь велар иккхира.

– Хьанна оьшу и шун модаша йуьзна тIелхигаш? Гечдарх лаьцна тIаьхьа дуьйцур вай. ГIовтта хьала! Гуонаха ха а хIоттадай, БуртIунай-гIопе дIабига уьш. Кхана хIара хан хилале бехкениш цига дIа ца багIахь, церан йартех чим бе. Вада гIоьртинчунна тIе тоьпаш тоха а ала. Прапорщик Дацаев, ахь жоп лур ду суна церан хIор а коьртах.

…Цхьана кIиранах дахделира Салатавехь таIзарш дар. Хьалхарчу дийннахьехь шайн лаамехь гонахарчу йарташкара БуртIунай-гIопе веара ши бIе стаг. Доьзалшца хьуьнхахь къайлабевлла алмакхой, шина дийнахь мелла а дуьхьало а йина, кхоалгIачу дийнахь, къера хилла, гIопе баьхкира. ГIовттамхойх уггар бехке лерина ши бIе стаг, гуонах ха а хIоттийна, Петровск-порте дIахьажийра, цигахь хIордан кеманна тIе а ховшийна, Волгица хьала къилбаседерчу губернешка дIабига. ТIаккха Батьяновн а, Тер-Асатуровн а отрядашна тIедиллира, Алмакх, Дилам, Миатли, БуртIунайн йарташкара бахархой арен тIе а кхалхийна, уьш йохор.

Дуьззинчу оцу кIиранчохь зударийн, берийн а белхар дара Салатавехь. Кертара арадохучу декъашний, лецна буьгучарний тIаьхьа тийжаш боьлхучу зударийн маьхьарий. ТIаьххье дIадоладелира кхалхор. ЦIийнах а, махках а бовла ца туьгуш, къаьсттина дуьхьало йора зударша. Коьртара даккхий корталеш а, чухтанаш а дIа а йаьхна, месаш охьа а хецна, когаш хьалха а гIертош, неIсагIех, кертех а тийсало зударий, текхош, тоьттуш, некъа кхуьйсура салташий, милцоший. Амма Александр Павловичан лергашна ца хезара уьш. ГIуллакх дика дIадоьдийла хиъча, Батьяновца цхьаьна Хаси-Юьрта охьавахара иза.

Свистунов Хаси-Юьрта кхаьчна сахьт а далале, кхуза кхечира Закавказски фронтан коьртакомандующис леррина схьахьажийна полковник Витгенштейн. Цо деанчу кехато бохура, хIокху деношкахь Шемалан кIант ГIеза-Махьма коьртехь а волуш Сухуме доссор долуш Турце кхелхинчу ламанхойх вовшахтоьхна эскар ду. Коьртачу штабе кхаьчначу хаамашца, Сванети а, ГIебарта а гIаттош, цигашхула чекх а ваьлла, Нохчийчу ван план йу ГIеза-Махьмин. ХIетале гIаттам хьаьшна дIа ца баккхахь, Теркан а, ДегIастанан а шина областера хьал фронтана кхераме хилар хоуьйту коьртакомандующис. Оцу тIе, ГIебартарчу хьалдолчу нахах сихха цхьа полк вовшахтохар а, иза фронте хьажор а доьхура цо.

Оцу йуккъехула Меликовгара хаам кхечира, Нохчийчоьнан къилбан дозанца йолу ДегIастанхойн йарташ гIевттина, Нохчмахкахь а, Органан округехь а йолу йерриг а дегIастанан отрядаш ша дIайуьгу аьлла. ХIинца Iаьлбаг лацар Нохчмахкан отрядна тIехь дуьсура.

6

Салатавехь иэшам хиллачу суьйранна пхьуьйрал тIаьхьа Алмакхера охьа, говрийн урхаш лаьцна, ламанан тархашца хьийзачу гIашлойн готтачу новкъа чувогIура ши бIе гергга стаг.

Лаха чохь а, дехьа регIаца а йукъ-йукъа гучу гIийлачу серлонаша, мисарболато аьчкан хIума санна, шайна тIеийзабора царах цхьаберш. ХIораммо а тийна ойла йо шаьш цIахь битинчу доьзалийн. Амма, хаац, уьш цIахь бу йа генна йарташкахь гергарниш, доттагIий болчохь левчкъина Iа. Шаьш зударий, бераш маца хьоьстур, къеначу дай-нанойн бIаьрг маца белор а ца хаьа. Ган доьгIний а хаац. Тховса санна, буьйсанан къайлехь лечкъаш, цара идо хIара хала некъаш кхана хиэда а тарло, хIорш тIамехь байъина йа, лецна, тангIалкхаш тIе хьалаоьхкина. Къаьсттина боккха бала бу цаьрца вогIучу бIе сов суьйличун кийрахь. Царах дукхахболчийн доьзалш кхалхийна дIабуьгур бу Iедало. Сибрех ца хьовсабахь а, арен тIе дIасабаржор бу. Вуьшта а къен, миска и зударий а, бераш а лелар ду кIелхIитта тхов боцуш. Нохчаша дола-м дийр ду церан, амма наха къа а хетта лучух хене муха бевр бу-те уьш?

И дерриг хуъушехь, Iаьлбагна тIаьхьа богIу салатавхой. Шаьш цунна делла дош кхочушдан. Инарло Свистуновс шайн йарташна тIехь хIоттийначу къизаллех бекхам эца. Шайн догIмаш чуьра синош дIадовллалц, маршонехьа къийса.

Генна лаха чохь тархашна тIера чуIенаш хеза, лаккхахь бухдуьйлуш, охьадогIу Яркхсун хьоста. ЦхьакIеззиг ког галбалахь, даха дог дац говре а, беречуьнга а. Нийсса охьа чу лекха берд бу, тIулгийн ира кIомсарш ара а кхийдина, лаьтташ. И хууш, ларлуш йогIу говраш. Некъ чунехьа болчохь кIегархуьйшу уьш. Цхьацканхьа бергаш шершича, тIулгаш тIехь суйнаш туьйсу ленаша. Лахо бевлча, варш йолало, тIаккха жимма дIабахча, когаш кIел латта а хаало. ПаргIато садоIу адамаша а, говраша а. Динбухкарш къевлина, говрашка а хевшина, меллашчу боларахь Симсара булу уьш.

Iаьлбага, урх оьзна, сацийра говр.

– Сой, Iеламхий, нана а гина, тIаьхьакхуьу шуна, – элира цо, лохха вистхилла, шена тIаьхьакхиъначу Солтмурде. – Даьттахана кIел, Хьамзин-Ирзехь, говраш йожуьйтуш, совцалаш…

Симсарна тIехула хIинца а кхагаран къаьхьа хьожа лаьтта. Урамна шина а агIор охьайиттина керташ, йаккхийчу тоьпийн хIоьънаша аьтта стоьмийн дитташ. Йакъайеллачу коьртан туьтанах тарйелла неIарш, кораш дохийна, цIаро пенаш Iарждина лаьтта Iаьлбаган а, Iеламханан а цIенош. Кертахь аддам а дац. ХIара шиъ, говрашкара охьа а воьссина, керта волавелча, дера лиэташ, дуьхьалхьаьдира месала, сира ши жен жIаьла. Амма, геннара хIара шиъ вевзина, лергаш тIехьа а дийшийна, узарш деш, бертал текхаш, тIедоладелира.

ЖIаьлин гIовгIа хезча, топ карахь араваьлла, хIокхарна тIевеара лулахо.

– Шу ду хIорш, Iаьлбаг-Хьаьжа? – воьхна хьаьвзира иза, хIара шиъ вевзича.

– Адамаш дукха дайъиний?

– Дера дайъина. Йалх стаг, йиъ зуда, кхо бер а. БIаьрзе Хьамзат а вийна. Миска, шен пондарца тIом уггар чIогIачу хьийзара иза.

Ши ваша ца ваьхьара важа байъинарш муьлш бу хатта. Цаьрца шайниш хиларна кхоьрура.

– ХIорш мичахь бу? – хаьттира Iеламхана эххар а, керта корта а ластийна.

– Тахана Ножин-Юьрта дIабигна шун доьзалш. Церан йуьртда Умалхьат веанера масех салти а валош.

Цхьана йукъана тийналла хIоьттира. Хьесталуш, шен мачех мотт хьоькху жIаьла, меллаша ког Iоьттина, дIачовхийра Iаьлбага.

– Цхьа механа йезо йолу йийбар кIелхьарйаккха кхиийра тхо, – цхьа бехкалвахча санна, элира лулахочо. – Даьхний а хьуьн чохь ду шун…

Лулахочун Іодика а йина, боларехь йуьртах а ваьлла, накъосташна тІаьхьавахара и шиъ.

XVII корта. ДОЬХНА ГІУЛЛАКХАШ

Оьший-те, доттагІий, дийца

ТІаккха ас мел хьегнарш, лайнарш?

Амма цхьаъ луур ду дийца –

Массанхьа хІораммо Іехош,

Буо санна, со цхьалха лелар…

М. Ю. Лермонтов. «Корсар»

1

Шелахоша эккхийна Іаьлбаг Нохчмахка йухаваларх боккха кхаъ хилира гІалин мещанашна. Хьалхарчу кІиранах буьйсанна тийна хилла урамаш йуха а самадевлира. ТІаьххьалц хезара самукъане эшарш, пондаран аьзнаш, беларш.

Кхерамах кІелхьардовларна Далла хастам кхайкхош, гІалин килсехь леррина ламазна нах вовшахтуьйхира Викентийс.

Цкъачунна сацийра гІала чагІйаран гІуллакх а.

Областан кхечу маьІигашкара Нохчийчу схьауьйзу эскаран дакъош хІокху гІалахула чекхдуьйлуш ца хилча, кхин хІумано а дага ца боуьйтура лаьмнашкара гІаттам.

ГІаларчу бахархошкара гІо деха Іаьлбага схьахьажийначу Васалий, Овхьадий эрна денош дайъира кхузахь.

Наха дуьйцург хаа луург базара йа килсе ваха веза. Шен гІуллакх базарара дІадоло атта а, шена самукъане а дара Васална, амма, гІала ма-кхеччинехь, цунна хезнера, хІокху кІирандийнахь кхузарчу мозгІаро килсехь инзаре тамашийна хьехамаш бийр бу бохуш. Цундела цкъа хьалха килсе вахара Васал. ХІара мел муьжгийн духарца кечвеллехь а, шен леларца аьттехьа а ца вогІура гІалин бахархошца. Шен къомах хаьдда даькккхинчу ткъе итт шаро буххенца дуьйна амалш, гІиллакхаш, тІехулара аматаш а хийцинера цуьнан. Амма хІокху Теркан гІалгІазкхийн а дара нохчашца йукъара дуккха а хІуманаш. Гуттар хьалха кхуза баьхкинчийн амалш, гІиллакхаш-м хьовха, сибаташ а тарделлера нохчийчех.

Цундела цхьа а шеквацара хІокхунах, хІара килса чу веъча.

Адамаша тІанк-аьлла йуьзнера килс. Хьалхара ах дІалаьцнера гІалин Іедалхоший, эпсарший, хьалдолчу совдегарший. Царна тІехьа – гІалахойн йуккъера чкъор, кегийра гІуллакхчаш, мещанаш. Гуттар неІарехьа, вовшашна тІеттІатаьІна, лаьттара кегийра долахой, белхахой, пхьераш.

Васал леррина хьоьжура, дашо варкъ дуьллуш, тховх а, пенаш тІехь а пайхамарийн, апостолийн а, Библин сюжеташна а дехкинчу суьрташка. Тховх а, пенашца а

богIучу масех бIе чIурамо къагийнера чоь. Дукхе-дукха хан йара Васална хIара сурт ганза. Винчу йуьртара килс дукха къен йара, хIокхуьнга хьаьжча.

Амма тахана хIара килс а, амвона тIехь къагаме кечвелла мозгIар а гича, цхьанхьа генахь, цуьнан деган кIоргехь, цхьакIеззигчу йукъана самайелира маццах дIайахана бераллин, къоналлин зама. Дела а вацара цуьнан даг чу воьссинарг, ткъа хIокху суьртаца бозабелла генара даймохк а, беральла а, да-нана а дара. ТIаккха, жимма Iийча, и бугIанан ворта а, шуьйра накха а болу мозгIар хьехамаш бан воьлча, меттавеара иза. ХIун дуьйцу ткъа оцу мозгIаро шен кIеда-мерзачу мукъамечу озаца? Мацах цкъа Васал килсе лелачу хенахь, цунна а, Васалал хьалха цуьнан ворхIе дайшна а мозгIаро бина хьехам ма бац хIара. Даллий, килсаний, паччахьний, помещикашний, Iедалний муьтIахь хила, болх Далла тIе а биллий, дуьненан баланашна сатоха, собаре хила бохуш а ма ца дуьйцу хIокхо? ХIокхуьнниг кхин зурма йу: нохчий – акха адамаш, керстан динан а, оьрсийн а мостагIий бу, уьш цIозах тера лам чуьра охьабогIу, цара кхузара берриг оьрсий бойъур бу, зуда а, бер а, къен а, къона а ца вуьтуш…

Меттавеача, цецваьлла Васал гондIахьа дIасахьаьжира. Бурконехь мела лестара чIурамашна буьххьера цIеран меттанаш. ХIоьттинчу тийналлехь хезара кхерабеллий, оьгIазбаханий, хьаьсарта баханий наха сихдина доьIу синош. Дукхамма а ламазна пIелгаш деттара – хьаьжах а, белшех а. Наггахь зударша, дукхахдерг – шайн кочалла, хIинкI-хIинк деш, бIаьргех кегий йовлакхаш а хьоькхура.

ХIара адамаш теша-те мозгIаро дуьйцучух йа хIокхарна биэн-башха бац-те шайн маршонехьа гIевттинчу нохчийн кхоллам?

Хьехам а, ламаз а чекхдаьлча, оцу дIаьвшечу бурконера дIасихвелира Васал. Арадаьлла адам дIасадаха ца туьгура. Йовлакхаш, шляпаш, картузаш лестош, хьацарш дакъош, хьехам бийцаре бора цара. Ишттачех цхьана тобанна йуккъехь мозгIарал а чуьраваьлла хабар дуьйцура лохачу, резинкин буьрканах терачу горгачу господино.

– ТIех къинхетаме йу вайн правительство, – сих-сиха аьтту бIаьрга тIера куьзганан бIаьрг а сецош, цIогIане мохь хьоькхура цо. – Тоххарехь, дикка хьалха, чекхдаккха дезаш хиллера цаьрца дерг. ХIокху аренца цхьа а стаг ца вуьтуш, лаххьийна лам чу ца боьхки. Кхин а дика хир дара, и шайн басурманаш – туркой – болчу дIахьовсийнехь. ХIинца а дац тIаьхьа. Господа, Iедале иза дIахьедан деза вай. Ши мостагI тарлур вац цхьана хIусамехь. Йа вай, йа уьш – шиннах цхьадерш дIадовла деза хIокху махкара!

– Хьуна хIун аьлла хета, господин? – тобанна гергагIоьртира Васал. – Муьлш бовла беза кхузара дIа?

Цецваьллачу господинан ирхъхьовзийна дуткъа мекхаш мера кIел хьалакхийтира.

– И хIун хаттар ду? И акхарой довла деза-кх! Кхузара дIадовла йехкина вай хIара гIала, станицаш? ХIан-хIа, цавевза господин, вай дIадевр дац кху махкара.

– Хьо мичхьара веана кхуза? – хаьттира тIехволуш уллохь сецначу цхьана пхьерах волчу стага.

– Курски губернера. ХIунда хоьтту ахь?

– Ткъа шу, господа? – бисинчарна тIевирзира важа.

– Цхьацца маьIIера даьхкина-кх тхо а: Волги тIерий, Ростовна уллорий, Рязанерий.

– Со а веана Тамбовра. Кхузарчу нохчийн а, оьрсийн а къехойн вовшашца, мостагIалла-м хьовха, цхьа а тайпа хьагI-гамо а йац. Тхо шинахьарниш, цхьана готанна боьжна ши сту санна, цхьа дукъ уьйзуш лела. Нагахь тхоьций, оцу нохчашций кху махкахь цхьаьна даха шаьш реза дацахь, шайн сал-палца йуханехьа йахийта. Оха а, цара а диэхна, кхайкхина а ца далийна шу, – кIоршаме вистхилира

белхало.

ХІара шиъ вовшашка лен ваьлча, кІез-кІезиг гуллуш, дуккха а адам гулделира тобанна гуонаха.

– Мила ву и гІовгІа йийриг? – хаьттира Васала шена уллохь лаьттачу векъаначу, гІорладоьлла куьйгаш долчу лекхачу стаге.

Схьа а вирзина, коьртера охьа когашка кхаччалц бІаьргашца Васал вуьстира лекхачо.

– И цициган мекхаш дерггий? – корта тесира цо горгачу господинехьа. – Иза, дера, ву хІинцца хІоьа чуьра араваьлла керла совдегар. Суна а дагахь веана иза хІокху махка. Цхьа дуккха а дуьне девзина тиша чамда а гихь. Оцу чамди чохь йара йерриг цуьнан баккхал. Кхузахь оьций, товар гондІарчу нохчийн йарташка а кхоьхьуш, цигахь итт мах боккхуш, дохка волавеллачу цунах хІинца купец хилла.

– И цхьаъ вахана ца Іа оцу новкъа, – элира, цуьнга ла а доьгІна, кхечо. – Важа бисинарш ткъа? Кхузара берриг тІеман а, Іедалан а хьаькамаш? Россехь бисинарш ткъа? Россехь исправник ца хІотточу эпсарх, кхуза веъча, инарла, лаххара а полковник, округан начальник хуьлу. Россехь волостан писаран болх ца лучунна кхузахь кара лакхара Іедал ло.

ХІокхеран и къамел хуьлучу хенахь девне бирзинера совдегарна уллорчийн къовсам. Йукъ-йукъара схьахезара аьшне, дІаьвше дешнаш.

– Хьовсийша, нохчашкахьа гІо доккхуш воллийца!

– Цхьана кетаран мезий ма ду уьш.

– Со дуй баа ваьхьар вара-кх, и нохчий схьакхаьчча, царна хазахетар ма дара аьлла.

– Хазахетта а Іийр барий ткъа, цаьргахьа бевр бара-кх!

ХІетта Васалца къамел хилла деро стаг, пхьаьрсийн голашца нах дІаса а теттина, совдегарна тІевахара.

– Хьуна вуон болх биний оцу нохчаша?

– Цара хІун дийр дара суна? Суна хІума дан куьйгаш доца ду церан!

– Кхузахь, оьрсийн йуьртана тІе а летта, цара нах байъина бохуш, хезний хьуна? – мохь туьйхира кхечо.

– Массо а вуьйр-м дера вара, вайн ирсана, ницкъ вайгахьа бацахьара.

– Амма собаре халкъ ду-кх и нохчий, шу тайпа нах кхузахь ловш Іен!

– Церан хьолах, цІийх а ца йиллина ахь и гайн тІингар?

Васална ша лоьху меттиг карийнера. Цо сацамбира кхузахь хІоьттинчу хьолах пайдаэца. Амма цуьнгара хьалхе йаькккхира, тобанна йукъара а ваьлла, йуьстахъхІоттийначу чуьйнан гІанта тІе хьалаваьллачу цхьамма.

– ЛадогІал, адамаш! – мохь туьйхира цо, куьг хьала а лаьцна. – ЛадогІал, дика адамаш! Килса чохь мозгІаро а, хІинца хІокху берстинчу господаша а дуьйцург харц ду шуна! Вай а, нохчий а вовшехлоьтуьйтуш, шайн Іедал а, хьал а лардан гІерта уьш. Цара сийсазбен и нохчий къинхетаме а, тешаме а, оьзда а адамаш ду. Россехь помещикан лай хилла ваьхна сан ворхІе да а. Латта а доцуш, йаа сискал а, цхьа а тайпа бакъо а йоцуш. ТІаккха «маршо» йелира, амма помещикан буйнара ца велира со. Латтий, йалтий доцуш, доьзалца эрна арахь висира. Кхолламо хІокху Терка тІе кхийсина, гІаддайна, кІелдисина тхо нохчаша тІеийцира… Къен а, меца а, балехь а бара уьш, хІетте а тхо тІелецира цара. Оьрсий ду, керстанаш ду аьлла, йуха а ца теттира. Цхьаммо а ца йина терго йира тхан. Цигахь кога а хІоьттина,

сайн доьзалца охьаваьлла, кхузахь дIатарвелла со. ХIара хIинцца хабар дийцинчарех болчара йемалбо уьш, цара шайн маршонехьа, нийсонехьа къийсарна. Варийлаш, Iеха ма лолаш, и нохчий вайна дуьхьал бац шуна, вай а, шаьш а охьатаIийна, вайн а, шайн а цIий муьйлучарна дуьхьал гIевттина шуна уьш!

ХIара дов доладаларна бехкениг, стомма совдегар, шен карара кIайчу маьIан мукъ болу йуткъа Iаса а айбина, хьалхагIоьртира.

– Схьалаца иза! Схьалаца нохчийн лазутчик!

– Йиэтта цунна!

Йукъ-йукъара масех тIулг кхоьссира ораторна. Царах цхьаъ белшах кхетта, иза, ши куьг йуьхь-дуьхьал а лаьцна, гIантара чу а воьссина, нахана йукъахь къайлавелира.

ТIаккха карзахйелира тоба.

– Вежарий, йетта господашна!

– Лахка уьш!

– Вайн баганаш тега гIертий-ц!

Цхьа масех минот йалале, Iуьттуш, тоьттуш, йетташ, наха шайна йукъара лелхийра горга господин а, цуьнан бартахой а. Царах цхьаъ Iедале орца ала дIахьаьдира.

Васала дIалецира хьалхарчу ораторан меттиг. Тоба жимма дIателлац а Iийна, ший а куьг хьалалецира цо.

– Вежарий! Сол хьалха къамел динчу муьжгичо бакъдерг дийцира. Сан кхоллам а бу цуьнчух тера. И санна, йа шу массо санна, барино хьийзийна со. Iазапехь бу нохчий а. ТIулган лаьмнашкахь, тIуьначу хьаннашкахь, йалта кхио латта доцуш, мацалла бIарзбелла хан тоькху цара. Хьаьнгахь бу цаьргара дIабаькхина мохк? Дера, ца белла иза салташний, шуний-м. Нохчийн цIий Iенийначу церан а, оьрсийн а инарлашна, эпсаршна, гIалгIазкхийн хьолахошна белла-кх. Уьш туркошна гIоьнна оьрсашна дуьхьал гIевттина бохуш, дуьйцу шуьга. Оцу аьшпех ма тешалаш, вежарий. Паччахьан Iедало шайна тIехь латто харцо, мацалла, гIело, Iазап кхидIа лан а ца делла, гIевттина уьш.

ТIеттIа тIегуллучу адамо тийна ладоьгIура Васале. Лакхара охьа бIаьрг тоьхча, тобанна йукъахь цунна ца гира хьолахойх а, церан йалхойх а цхьа а стаг. Цкъа а хIара тайпа къамел ца динчу Васалх хьацаран кIур хиллера.

– Нохчаша оьрсийн бахархой бойъур бу бохуш, эладита хеза гIалахь. Бакъ дац иза! Нохчаша тIеман заманахь а ца дина шун цхьана а станицина тIелатар. Цара, вайн инарлаша санна, зударшца, берашца, къеначаьрца ца бо тIом. Нагахь шу герз карахь шайх лата дагIахь, летар бу уьш, ткъа машаречу оьрсичунна, даим а санна, кхерам бац цаьргара. Амма цара къинхетам бийр бац вайн цIий муьйлучу БелликгIарах, ЧермоевгIарах, ЭристовгIарах, хIинцца кхузахь харц эладитанаш даржош лелачу стаммийчу совдегарех. ГIевттинчу нохчаша нийсо лоьху. Iедало шайгара дIа а баькхина, инарлашна, эпсаршна, кхечу хьадалчашна белла шайн мохк шайна схьабеза царна. Шаьш адамаш ларар лоьху цара. Изза дацара ткъа бIешерийн йохаллехь вайн дайша, муьжгаша, лехнарг? Иза лаха бакъо йац ткъа нохчийн?

– Бакъ бу уьш!

– Дала аьтто болда церан!

Амма Васална хаьа ладегIархойн ойланаш а цхьатера йоцийла. Шаьш Iедало таIийнехь а, цунна мел резадацахь а, кхузахь Iедалан а, туземцийн а йукъаметтигаш галйевлча, дуккханийн а ойланаш Iедалехьа хаьрца. Иза мел къиза делахь а, шайн къоман Iедал хета. ХIокху махкахь оцу Iедало уьш ларбо туземцех.

Базарахь, некъахь, миччахьа а царна йукъа дов деача, хIокху «шенчаьргахьа» ма хуьлу. ТIе, хIокху Васала хIуъу дийцахь а, и нохчий толахь, шаьш кхузара дIалахкарна кхоьру. ТIаккха мича гIур бу уьш? Россе йухий? Цигахь латта а, цIа-цIе а ма дац церан. Йа хир ала меттиг а ма бац. Йуха а хьалхалерра помещикан дукъ коча эца деза.

ХIара Россин йистош дIалецар халкъан дуьхьа ду, ма боху правительствос. Оьрсийн мохк шорбан, пачхьалкх чIагIйан, хьал дебо, халкъ аттачу даккха. Оцу йистошка хьалха – мозгIарш, тIаккха – эскарш, тIаьххье – колонисташ а боьлху. Хьалхарниш – туземцаш бакъдине берзо, шолгIаниш – мохк дIалаца, кхозлагIниш – церан махка тIехь баха ховша, йа, вуьшта аьлча, цигахь Iедалан бIогIамаш хила.

Бакъду, и дIалоьцу мехкаш халкъан аьттонна бу бахахь а, амма кхузахь Iедал а, хьал а инарлийн, помещикийн, чиновникийн карахь дуьсу. БIе эзарнаш салташа-муьжгаша синош дIало, ткъа паччахьан а, цуьнан гIеранийн а кисанаш дешех дузу. Иза а хаьа колонисташна. И хьал а, Iедал а шайца нийсса доькъур доцийла а хаьа. Амма Россин губернешкара кхуза кхалхийначу колонисташна а кхочу жим-тIама хIума. Россехь латта а, сискал а йоцуш, къелла къикъвоьлла Iийначу муьжгичунна кхузахь латта ло. Иза Iедална муьтIахь хирг, кхузахь туземцашна тIехь Iедал латто цо гIо дийриг. Россехь йукъараллин массо чкъурана бухахь ведвина лаьттина муьжги хIокху колонехь, туземцашна тIе а хаавой, цхьа тIегIа лакхавоккху. Килсехь а, зорбанехь а, исправнико а, полицейскийс а – массара а хIор а денна, йух-йуха а олуш, цунна карладоху: кхузарчу муьлххачу а туземцел хьо лакхара хилар ма дицделахь, кхузахь хьо Iедалан орам бу, кхузахь вайн Iедал дожахь, хьайн бахамах а, йукъараллин хьолах а вуху хьо, варийлахь, даймахкана, килсана, паччахьан Iедална муьтIахь а, тешаме а хилалахь.

И зурма хьех а, тIамарх а йоьлларш а бу оцу тобанна йуккъехь. Уьш тийна ладоьгIуш Iа. Цара маьхьарий хьекхац.

– Вежарий! Аш кхузара дIалоьхкучу господаша маьхьарий хьоькхура: нохчий хIокху махкара дIабаха беза бохуш. Цаьрга-м алийтийша, царна-м хIуъу дийцича а эхь дацара. Амма изза дешнаш хезна суна вайн вежаршкара а. Иза ду новкъа. ХIара мохк нохчийн буйла ца хаьа шуна? Ткъа шаьш кхуза даьхкина йа далийна, уьш дIа а теттина, уьш къийбина, церан мехкан дега йуккъе охьахевшина хилар хIунда дицдо аш? Нийсса элира оцу дIогахь лаьттачу муьжгичо: шаьш нохчашца цхьана лулахь ваха резавоцург ша схьавеъначу дIагIо! Вежарий! Ла ма догIа харц эладитанашка! Шайн маршонехьа, нийсонехьа гIевттинчу нохчашна гIоьнна гIовтта! Йетта вайн массеран а цIий Iуьйдучу хьаькамашна…

Васалан и кхайкхам йукъахбаьккхира гIалин Iедалан омрица урамехула хецна говраш хаьхкина кхузахьа богIучу гIалгIазкхаша. ХIинццалц салташций, гIалгIазкхашций галморзахаллаш ца хилла нах шекбоцуш лаьттара, цаьрга а хьуьйсуш. Цул сов, хIокху баттахь гIалин урамашкахь гIалгIазкхий дуьххьара ца гора царна. Амма дошлой, дIаса ца хьаьвзаш, кху тобанна йукъалилхира, аьтту, аьрру агIор шодмаш лестош.

Цхьа масех минот йалале йассайелира майда. Васал, баролал дехьа а иккхина, нехан керташкахула ведда къайлавелира.

2

РегIан басах летта Iуьллу МIаьчиган ирзо доттура малхо. Аьккхийн-Дукъа тIехьара хьала а айъабелла, ГIачалкхан-Дукъа тIехьа къайлабаллалц. Шена тIера эттIа чоа йуьстах а тесна, йукъ-йукъа, соцунгIа хуьлий, хеча хьала а узуш, ирзона гуонах мангал бетташ воллура МIаьчиг. Цо лесточу мангале терра, раздуьйлуш, тIеттIатаьIаш, дIасадаьржаш, мукъа дацара хьацаро лашкабаьккхинчу бекъачу букъа тIе хевшина МIаьчиган ира пханарш.

Хьацар къиэгара хIетта баьшначу коьрта тIехь а. БIаьргаш Iийжош, дукъ хьаьвзинчу мерана шина а агIор охьа, мекхашна тIехула бага оьхучу хьацаран дуьрачу тIадамаша гуттар марсайохура хьогалла. Кес чекхдаккха гIерташ, дикка садиттира МIаьчига. Амма йукъ-йукъа хьалха нислучу къоначу синтарший, цаторуш санна, кхиъначу гIундалгIаший ка ца йолуьйтура.

Цкъацкъа ойла хуьлура МIаьчиган, мангал варша а тесна, цIехьа шарша. Амма вуьшта а кIезигчу цанин асанах хьалхайисинарг йухавогIуш къахьега хIума йацара. Пхьаьрсашкахь жимма а ницкъ болчу стага иттех минотехь хьокхур йара иза. Ткъа, чIораш санна, дуткъачу МIаьчиган пхьаьрсашна доккха кха хиллера цунах.

Хье кхехкош, тIехьоьжучу малхе хьалахьаьжира иза. Делкъан ламазан хан хуьлуш йоллура. Хьацаро чоьш вовшехлетийначу мекхашна дIасхьа куьг а хьаькхна, дог а диллина, мангал лесто вуьйлира МIаьчиг.

Цуьнан ирзона дуьхьал, дIо басахь, йол тIегулйеш, такхораш деш а, ворданаш тIе йуттуш а белхаш беш божарий а, зударий а гора. Iуьйранна МIаьчиг кхуза веъчхьана, минотана а садаIа ца севццера уьш. И адамаш ХортIина белхех даьхкинера. Нийсса аьлча, цо нуьцкъах далийнера-кх. Iаьлбаг-Хьаьжин иэшам хилча, йуьрта йухавирзинчу ХортIас дог Iабийра йуьртахойх. Дуьххьара кхуза йеанчу салтийн отрядо Акхтин, Янаркъин, Лорсин, Аьрсмирзин, БIаьштиган цIенош дагийра чим беш. Церан доьзалш лецна дIабуьгучух кIелхьарбевлира, хьалххе бевдда хьуьнхахь къайлабовлар бахьана долуш.

Амма гIовттамхойх дIакхеттачу бисинчу гатийуьртахойн доьзалш хьалха ца бевлира таIзарх. Царах уггар къармазе хетачех итт жима стаг амалтана дIавигира. ХортIас сацамбира йуьртахошка хIоьттинчу хIокху киртигах пайдаэца. ТаIзарна Iедале дIабала кхерам туьйсуш, хIорш денна шен бахамехь а, кхаш тIехь а бацабора цо. Тахана хIокху кIуркIамечу дийнахь ХортIин докъар чудерзораш а бара и пекъарш…

МIаьчиган ойланаш хьаьвззина Коьрина тIе йирзира. Шийтта шарахь сатийсира цо кIанте. Дийна ву-вац а ца хууш. Амма дог ца дуьллура. КIантах догдиллича, валий бен са дацара цуьнан. Иза вара къена МIаьчиг дахарх тийсаволуьйтург. Коьра а ца гуш, валарна кхералора, корта лезна а, шена сиркхо кхетча. Сатуьйсура иза даймахка йухаверзаре. Цунна зуда а йалийна, воIарий хьеста. ТIаккха, велча а, шек ца волура.

Эххар а тIекхечира сатийсина де. Ши бутт хьалха цхьана буьйсанна Къайсарца цхьаьна МIаьчиган мискачу хIусаман неIарх чоьхьавелира маж-корта а даьлла, беркъа вухавелла къона стаг. Шена тIе а кхетта, цо ша къевллина маравоьллича, цкъа цецвелира, тIаккха вуьйхира МIаьчиг. Дага-м деара цунна, ша дукха сатийсина кIант ву-те хIара аьлла. Цунна маракхеттарг Коьра бен хуьлийла дацара. Амма, шен белшан бакъабеллачу Iайга чохь довха бIаьрхиш хаадаллалц теша ца ваьхьара. Дуьнен чохь кхин цхьа а стаг ма вацара, оццул доггах МIаьчигна маракхетта, велха. Уллохь лаьтта Къайсар вицвелла, декъачу пхьаьрсашца кIант маракъуьйлура цо. Куьйгаш хьоькхура букъах а, йуьхьах а. Ткъа кIорге кедаш чу хевшина бIаьрса гIелделла бIаьргаш кIентан бIаьргаш чу хьуьйсура, мацах цкъа шен даг чу дийшина хьомсара аматаш лоьхуш. Мел къонахалла тIегулйарх а, ницкъ ца тоьура кийрара арагIерта мохь сецо. Массо пха тIебаьллачу озачу логаца хьала-охьа уьдура ира логашад. МIаьчиган чIениг а, балдаш а дего дуьйлира. Эххар а, иза вилхира, шен къоьжа корта кIентан ондачу некха тIе а таIийна…

Вилхира. Дог Iаббош. Мацах, шийтта шо хьалха, Хонкарахь цкъа цхьана йоьхначу буса, йоьIан докъана улло а хиъна, вилхичхьана, сих-сиха воьлхура МIаьчиг. Изий, цунна хьалхий-тIаьхьий дIаихна гIайгIане йеха буьйсанашший дага масазза йогIу. Хаддаза дагахьбаллам боллура, доьзал эцна, ша хийрачу махка вахарна, цигахь зудий, берашший мацалла даларна. Цо ма бигнера уьш цига. Зудчун а, берийн а бертаза.

…МIаьчига ойланаш йора, мангал а лестош. Дагалоьцура Хонкарара цIа вогIуш шаьш бина хала некъ. Дийнахь – лаьмнашкахь, хьаннашкахь лечкъаш, буьйсанна – некъ беш…

Ткъа винчу махка цIа кхаьчча, хIун хилира МIаьчигна? Схьа а лаьцна, Хонкара йуханехьа вахийта хьовзийра-кх. Оцу жоьжахате. Амма МIаьчига чIагIо йинера, шена чохь са а долуш, кхин Хонкара ца ваха. ТIаккха Сибрех вахийтира иза. Цигахь кхо шо а даьккхина, цIа веара МIаьчиг. Даймахкахь буоберах хан такха. Къанвеллачу хенахь…

Коьра цIахь ву хIинца. Даймахкахь. Амма МIаьчигна моьттург ца хили. КIантана зуда йалор бохург-м хьехочохь а дацара. ХIара гIаттам болабелчхьана, шоззий бен ца гина цунна иза. КIетIахула говр-бере чекхволуш а, шега цхьаъ кхайкхича а, са кIажийн пхенаш чу хьоду. Вийна аьлла вогIу-те, йа лаьцна аьлла, веа-те бохуш…

МIаьчига мангал тоьхча, цхьа хIума цIевзира. Мангалан йуьхьигца буц тIекIелйаькккхича, хьозанан кIорнеш карийра цунна. Цхьаъ йуккъехула йекънера цо, вукхуьнан корта хадийнера. Генадоццуш кулла тIехь Iадийна мохь хьоькхура церан нанас. Меллаша голаш тIе а лахвелла, тIера пхьарчо а балаза, цIеша йуьзна, хIинца а йовха ши кIорни кара а лаьцна, цаьршинга хьежа хIоьттира иза. КIорнийн гIорасиз цIийзаро а, нанас хьоькхучу маьхьаро а даг чу туьйсура тIом болчу хенахь хийлазза шен а, нехан а дохийна баннаш, декъий, зударийн маьхьарий. ХIетахь МIаьчигагIаьргахь хилла бала бу-кх хIинца хIокху жимачу доьзале хIоьттинарг а…

Шегара даьллачу зуламо дог дохийна МIаьчиг, мангал бIаьллинган бурсанечу кондаршна йукъа а боьллина, шен чоа тIе а кхоьллина, йаьсса чIуьжалг кара а лаьцна, Iаьрчхе чу охьаволавелира.

Адам хир дац аьлла хета меттиг а къастийна, чхара тIе чоа а кхоьссина, бертал воьжна, Iаббалц хи мелира МIаьчига. ТIаккха, тIулга тIе охьа а хиъна, ша санна шийлачу хи чохь, вовшехъхьекхош, когаш ловзо хIоьттира иза. ТIулгашна йукъахула, хьийзаш, тIехула кхийсалуш, чехка догIучу сирлачу хино, дегIе ницкъ луш, дог йуха паргIатдаькккхира цуьнан. ГондIа адам дацарх тешна, цхьа йуьхьиг озийна, хуьнжар а даьстина, хеча охьа а йожийна, боккхачу чхара кIел хIоьттинчу айми чу а ваьлла, канашца схьаоьцуш дегIах хи а хьаькхна, кIез-кIезиг лахлуш, хи чу вуьйлира иза.

Дикка чукерчаш а Iийна, хьалаваьлла, шен беркъа барзакъ тIе а оьзна, ламаз эцна, бай болу меттиг лехна, къилбехьа а вирзина, ламазна дIахIуттушехь, лакха гу тIера схьа Расун мохь хезира цунна.

– Ва-а-а нах, чехкка йуьрта дуьйла! Йуьртдас ХортIас цIа кхойкху шу! Полконак вогIу, боху! ЦIа ца веанчунна таIзар дийр ду, боху!

Цхьадолу дешнаш кег а деш, сихдина, мухха а ламаз чекх а даьккхина, Iинца хьала некъа тIе хьаьдира МIаьчиг. Новкъа ваьлча, цунна дуьхьалкхийтира сихачу боларахь, хьацаран кIур хилла, регIехьа хьалавогIу Янарса.

– ХIун ду хилларг? – хаьттира МIаьчига, чоин ветанаш дIа а духкуш.

– Салтий бу йуьрта богIуш!

– ХIинца хIун до цара?

– ХIун дара-дацара ду церан? Диканна ца богIу. Схьахетарехь, нах леца бохку.

– Ахь хIун до?

– Шал-Дукъа воьду-кх.

МIаьчиг цецваьлла хьаьжира.

– ЦIа ца веанчунна таIзар дийр ду, ма боху ткъа?

– ДIаваьллахь! – куьг ластийра Янарсас. – Уьш-м бевзара вайна. Ахь хIун до?

– Йуьрта воьду со-м.

– Хьо гІаз цига йаха там а, дера, бу. Вайшиннан кІентий Іаьлбагца хилар дицделла хьуна? Гучу ма-веллинехь, хьовззийна схьа а лаьцна, Сибрех вохуьйтур ву. Цул, суна тІаьхьахІотта хьо.

– Сайниг вуйла царна муха хаьа?

– Делхьа, ма воккха тІантІалш ву-кх хьо, ван-м ткъа! ХортІина хиъча, ца тоьу хьуна? Цо-х иза Петарбухе дІакхачийна хир ду.

МІаьчига ойла йира.

– ХІан-хІа, Янарса, со ца вогІу. Къеначу вайх хІун до цара?

– Нуьцкъах хьо сайца вуьгийла-м, дера дац. Йахийта. Со меъ ду-кх хьуна, хьо тІаьхьа дохко ца вийлахь!

МІаьчигах догдиллина, куьг а ластийна, дІаволавелира Янарса. Дехьо ваьлча, йуха а хьаьжна, мохь туьйхира цо:

– Сан йоккха стаг йа Макка хьайна гахь, со Шал-Дукъа хьалавели, цига дІадуьйла аьр ахь!

Шина даггахь МІаьчиг йуьрта богІучу новкъа меллаша охьаволавелира. Баккъал а, ХортІас мотт бина хир бу-те цуьнан кІантах лаьцна? ХортІина иза бІаьрга а ма ца гина. Йа, Къайсар воццунна, цхьанне а ца гина хІара шиъ цхьаьна. МІаьчиг-м, дера, ша, Сибрех-м хьовха, седа дуьхьал хьажийча а, шек ца волура, шен кІант Коьра дийна висчахьана. Хаац-кх, цунах хІун хилла. Уьш бІе стаг Коьжалкан-Дукъахь чІагІвелла сецна, боху. Дерриг эскарш тІе а оьзна, гуо бахь, бовла меттиг йац царна. МІаьчиг шек-м, дера, вара нах Іедалал тоьлург цахиларх. Амма цуьнга ла ца дуьйгІира Къайсара, Коьрас а. ХІинца диллина дІа доруш ду дог.

Лахо ваьлча, цунна дуьхьалкхийтира гихь а, карахь а ларчанаш йолуш догІу Айза а, Деши а, Іусман а. Оцу йуккъехула каралаьцна топ йара Іусманан. БІаьрг ма-кхийттинехь хиира МІаьчигна уьш стенга боьлху. ХІара дуьххьара а ма дацара. Йуьрта салтий масазза богІу, Іаьлбагца баханчу нехан доьзалш регІарчу хьаннашка ма бовлу.

– ХІара лелийна девр дуй шу даим а?

– ХІун дийр ду ткъа? Лаьхкина Сибрех дигарна кхоьруш, лела-кх. Йа кІант амалтана вуьгур ву. Хьалха бигнарш санна.

Кхин масех доьзал а дуьхьалкхийтира МІаьчигна йуьрта кхачале…

3

Шоьнаний, ТІуртІин-КІотІарний йуккъехь лаьттачу Коьжалкан-Дукъахь чІагІвелла Іаьлбаг, цигахь вохийна, вийна йа дийна шена тІевалаве аьлла, буьйр дара Свистуновн полковнике Батьяновга.

Хаддаза дІа походашкахь чекхбелира бІаьстенан тІаьххьара ши бутт. Тахана къарйина йурт, отряд кхузара дІа ма-йеллинехь, йуха а гІовттамхойх дІакхетара. Йагорах а, нах лецарх а, амалтана бигарх а ца совцура. ТаІзарша, мелхо а, карзахдохура адамаш.

ХІокху деношкахь Салатави а хьаьшна, зандакъойн йарташ а йагийна, Хаси-Юьрта йирзина, кхаа-деа дийнахь садаьІна 80-гІа ГІебартойн гІашлойн полк Яьссица хьала йолайелира. Йуьхьанца дуьйна муьтІахь хиллачу Ишхойн-Юьртахь жимма саца а сецна, оцу йуьртан лакхенах ткъех стагах лаамхойн отряд вовшахтуьйхира Михаил Ивановича. Царна тІе командир хІоттийра ТІерга-Дукъахь гІовттамхойн дуьххьара

хиллачу къайлахчу бартах мотт бохьуш шена тIевеана Ботар.

Зоьрталчу, стоммачу дегIахь, чIенга кIел кхалха кхалкъ йиллина, цIен йуьхь, къорза бIаьргаш болу Ботар, коча тур тесна, берстинчу дина а хиъна хьийзара. Мотт эцна варна йелла мидал а йара чоин бустамашна тIехула некха тIе оьллина.

Батьяновс шена тIекхайкхира ХортIин Асхьад.

– Чехкка Гати-Юьрта а гIой, отряд цига дIакхачале, йуьртара берриг божарий со тIеэца кечбе.

– ЛадугIуш ву, хьан оьздалла!

– Цхьана а стагехь герз а ма хуьлийла. Нагахь мичча бахьаница дуьхьал ца вогIуш стаг висахь, цунна уггар луьра таIзар дийр дуйла а хаийта. Йахийта!

Iамаза цхьана кога тIехь а хьаьвзина, ведда вахана, шен говра а кхоссавелла, Гати-Юьртехьа дIахаьхкира Асхьада.

Яьссин йистонца хьалайолайелла отряд, цхьа сахьт даьлча, Гати-Юьрта кхечира. Эвла йистехь тоба а йина лаьттара ах бIе гергга стаг. Тобанна йукъахь вара Батьяновна вевза йуьртда ХортIа а, векъана хьаьжо а, таро йолчех кхин масех стаг а.

Говр човхийна, тобанна тIе а вахана, мохь тоьххана маршалла а хаьттина, Асхьадна тIевирзира полковник.

– Нах кIезиг хIунда баьхкина суна дуьхьал?

– Бевдда, хьуьнха бахана уьш, хьан оьздалла…

– ХIунда?

– Эскар догIу аьлла хезча, кхерабелла…

Кхеравелла Асхьад а витина, нахе вистхилира Батьянов:

– Шун нах бевдда хьуьнха бахана, боху. Тхох кхерабелла. Салтех кхера эшац хьаналчарна. Кхера безарш паччахьний, Iедалний дуьхьалбевлла зуламхой бу. Амма царна а гечдийр ду, шаьш лелийначунна дохко а бевлла, Iедална тIебагIахь. Ткъа шу ма кхера. Суна хезна, дуккха а адамаш хьуьнхахь къайладевлла бохуш. Царна йукъахь шун гергарниш а хир бу. ТIаьхьа а довлий, цIа балабе уьш. Нагахь вай аьлларг цара ца до-кх, тIаьхьа дохкобевр бу уьш.

ХIетта схьакхаьчна, нийсса аьлча, Асхьадан геланчаша валийна МIаьчиг, дегаза ког боккхуш веана, тобанна йукъахь лекхо нах а къастийна, царна тIехьа сецира. Амма шел веха стаг йуьртахь воцу МIаьчиг цхьа корта лекха вара массарел а. Полковнике а, эпсаршка а къайллах бIаьрг тоьхна, шен дуткъа, деха хебаршка ихна лаг йакъайеллачу белшаш чу а оьзна, дIатийра иза. Иштачу меттехь хьалхацагIертар гIоле хетара цунна.

Дикка мотт лебира полковнико, МIаьчиг цхьана а дашах ца кхеташ. ТIаккха Асхьада гочдира цуьнан къамел. ХIинца цхьамма цунна жоп луш къамел дан дезара. МIаьчига къайлах бIаьрг туьйхира тобанна хьалха лаьттачу нехан вортанашка. ХортIин стомма ворта хеббера. Товсолта-Хьаьжин букъ, Iаддаргla санна, сеттинера.

Цхьана хIуманна бехкалвахна ХортIа йерстинчу вортанна тIе хьацар а тоьхна лаьттара. Ша вистхила бIо а ца боьлла, дехаре Товсолта-Хьаьже дIахьаьжира иза.

Букъ а нисбина, йайн йовхарш туьйхира Товсолта-Хьаьжас. ТIаккха, Iаьрбийн маттахь масех дош далош, йуха иза нохчийн маттахь гочдеш, къамел долийра цо. Товсолта-Хьаьжас дийцинчух МIаьчиган коьрто схьалаьцнарг – паччахь а, цуьнан хьаькамаш а Делан лаамца лелаш хилар, адам шен лакхарчунна муьтIахь хила

дезар а Дала массарна а тІедожийна декхар хилар дара. Иза молланаша дуьйцу дукха хезнера МІаьчигна. Цунна шена а хуур дара и хьехам бан. Бакъду, цхьа ткъех шо хьалха, МІаьчиг жима стаг волчу хенахь, кхин дуьйцура молланаша. Бусалба паччахьашший, бусалба Іедаллий бен Делера дац, царний бен бусалба стаг муьтІахь хила ца веза, ткъа керстанна кІел сецначу стеган дуьнене а, эхарте а даха дог дац бохуш. Кху тІаьххьарчу хенахь МІаьчиг ца кхета хийцамаш хиллера. Йа хІара керста паччахь а, цуьнан хьаькамаш а бусалбанаш хиллера а, хаац, йа хІара нохчийн молланаш керста дине бирзинера а, хаац. Доцца аьлча, бертабахана-кх хІорш.

– Тхан хьомсара полконак! Кху Нохчмахкахь-м хьовха, йерриг Нохчийчохь а, ГІалгІайчохь а хир бац гатийуьртахойл паччахьний, Іедалний муьтІахь нах, – дуьйцура Товсолта-Хьаьжас. – Кху йуьртара цхьа масех къутІа ца дагардича, тхо дерриг, паччахьо а, ахь а аьлча, сийначу цІергахь дага а кийча ду. Оха декъалво хьо, хьомсара полконак, хьо а, хьан эпсарш а, хьан салтий а тхешан махка тІехь, тхешан йуьртахь…

Асхьада гочдира цуьнан къамел. Амма синтем байна ладоьгІучу Батьяновс куьг тесна сацийра хьаьсарта вахана Товсолта-Хьаьжа.

– Хаза дуьйцу ахь, хьаьжа, – корта а теІош, кІоршаме велакъежара полковник. – Ахь ма-дуьйццу делхьара, тахана тхуна дуьхьалвеънарг ши-кхо бІе стаг хир вара. Мичахь бу шун боьрша нах? Хьоьга хоьтту ас, йуьртда!

ХортІа Асхьаде хьалахьаьжира.

– Нах кІезиг хІунда гулбелла, Іаьлбаг-Хьаьжица дукха баханий бохуш, хоьтту цо, – гочдира кІанта.

Дакъаделлачу балдех мотт а хьаькхна, цхьана кога тІера вукхунна тІехІоьттира ХортІа.

– Цхьа шовзткъе итт стаг вахана, алахьа. Цхьаберш хьуьнха бевдда. Іаьлбаг-Хьаьжа бохучу оцу туьлликана тІаьхьабаханарш йуьрто нажжазбо, алахьа…

Асхьаде ла а доьгІна, нахана тІевирзира Батьянов.

– Иштта шайн бехкана шу къера делахь, цІа а гІой, шайн герз схьа а эций, тхуна хьалхадовла. Кхийтин шу?

Полковникан къамел гочдича, нах тапъаьлла дІатийра.

– Дист хІунда ца хуьлу шу? – аз айдира Батьяновс.

Тобанна йукъара схьа хьалхавелира Акхболатан Ахьмад.

– Тхо мича дига ойла йу, хаттахьа цуьнга, – элира цо Асхьаде.

– Полковнике хетта ца оьшу иза-м. Іедална дуьхьалбевллачу нахах лата дуьгу-кх.

Ахьмада корта хьовзийра.

– ХІета, тхо догІур дац, ала цуьнга.

Батьянов оьгІазвахара.

– ХІунда ца догІу шу? ХІинцца дац, шаьш Іедална муьтІахь ду бохуш, аш чІагІонаш йеш?

– Іедална муьтІахь долу дела, ду тхо тхешан цІахь, – паргІат вистхилира Ахьмад. – Тхайн кхин ойланаш йелхьара, тхо Іаьлбаг-Хьаьжица хир дара. Тхоьга ма лецийта Іедална духьалбевларш, шаьш схьалеца…

Батьяновс кхидІа ла ца дуьйгІира Ахьмаде. Шена тІехьа лаьттачу Чекуновга доцца

омра дира цо. Масех минот йалале гIалгIазкхийн дошлоша гуобира нехан тобанна.

– ХIара нийсо йац, полконак! – мохь беттара Ахьмада. – Тхо машаре нах ма ду! Тхан йарташна, тайпанашна йукъа мостагIалла дожо гIерта шу…

КхидIа Ахьмада аьлларг ца хезира МIаьчигна. БIаьргашна тIейеана йеха, йуькъа бора кIужал йолчу гIалгIазкхичо, тIе говр тоьхна, йуьстахтесира иза. ТIехьа лаьттачу Жаьнтамарна тIекхетаро ирахь а сацийна, расхачу динан баьллачу баккхийчу когаш кIел ца воьдуш висира. Цхьа масех стага, дений, нанний хьежош, говраш тIера охьа а ийзош, дуьхьало йира гIалгIазкхашна. Шен йерриг майралла а, ницкъ а тIегулбинчу МIаьчига а, ластийна, чоже буй балийтира цхьанна, амма вукхо чIапанехьа коьртах тоьхначу туьро, бIаьргех суйнаш тосуьйтуш, можа бIагор баийтира цунна. Циггахь шен майраллин а, къонахаллин а Iаьциг йуьстах а кхоьссина, йехий гIулчаш йохуш, хьалхахьа йорт ийцира МIаьчига.

Эвла чу воьлча, йухахьаьжира иза. Полковникна тIаьхьа ишхойн дошлошна йукъахь цунна гира ХортIа, Товсолта-Хьаьжа, шайн йуьртара кхин масех а.

Дошлойн гуонна йукъахь йуьртахой а, тIаьхьайогIуш эпсарийн тоба а, салтийн бIо а гича, кхерабеллачу зударийн маьхьарий, цIогIанаш девлира. Йуьйцинчу кертех кIомсарш йетташ, дера лиэтара жIаьлеш. Шайн кетIахула чекхволуш, МIаьчигна гира, цхьана куьйга тишачу, Iаьржачу корталин тIам бете а лаьцна, ши бIаьрг къаьрзина, зIарехь лаьтта шен йоккха стаг Iайшат. Шена са ма гатде аьлла, мохь тоха ойла хилира цуьнан цкъа. ТIаккха а сацавелира, уллорчу нахах эхь хетта.

«Мича дуьгу-те, дига мукъане а?» – ойла йо МIаьчига. Хатта меттиг а бац. Хаьттича, жоп дала стаг а вац. Доьхна гIуллакх ду-кх…

4

Салатавера йухаваьлла Iаьлбаг, винчу хьаннашкахь ца соьцуш, Зандакъ-Араний, Гендарганний йуккъера кордонан зил а хадийна, Сесанхула чу а воьссина, Яьссин аьрру агIонна тIе велира.

Цуьнан ойла йара, хIуъу халонаш хедийна а, Хулхулол дехьа а ваьлла, Басс хица йолчу йарташка восса. Цигара бахархой гIовтто Iабдул-Хьаьжиний, ТангIайний гIоьнна Болат хьажийнера цо.

МахкатIехь, Хоттанехь, Тевзанахь а кхиам хилахь, цуьнан догдохийла йара гIаттам Органан лакхенца баржо.

Амма Свистуновс хьалхейаькхира хIинца а. Iаьлбагна лаьмнашкий, йуханехьа Симсаран хьаннашкий доьлху некъаш къовла сихойира цо.

Шен жимачу тобанца хIинца кхозлагIа гуонна йукъа хьовзийра Iаьлбаг. Коьртехь полковник Авалов а волуш ДаьргIара охьайогIу отряд доккхачу декъана ДаьргIан, ЦIоьнтаран, БелгIатан, ГIоьрдалан йарташкарчу бахархойх вовшахтоьхна йара. Цуьнан декхар дара, ГIоьрдалахула охьа Шоьна а йеана, цигахь позици лаца.

Эртан-Коьртера схьайолайелира Курински полкан шиъ ах батальонах а, ламанан батарейн взводах а лаьтта подполковникан Кнорринган отряд.

Хулхулон чIожахула Iаьлбаг охьа ца валийта, Эвтарний, Эрсанний йуккъера меттиг дIалаьцнера Навагински полкан йалх ротех, Соьлжан полкан кхаа сотнях а лаьттачу полковникан Нуридан отрядо.

Къилбаседа-малхбузехьа Iаьлбаг аренга ца валийта, Ойсхарний, УстаргIарданий йуккъехь лаьттара полковникийн Долговн а, Шимановскийн а отрядаш. Уьш вовшахтоьхнера Таманski полкан шина батальонах, ГIизлара-Гребенски

гIалгIазкхийн полкан сотнях а, шина йоккхачу тоьпах а.

Iумхан-Юьртахь тIаьхьалонехь йитира Тамански полкан шиъ рота. Гуобаькккхина кевнаш дIакъевлича, Яьссиций, Ямсуций хьалайолайелира полковникан Батьяновн отряд. Цуьнан ницкъ алсам бара: ГIебартойн полкан кхоъ батальон, виъ бIе дошло, йалх йоккха топ, гIумкийн, гIалгIайн, Салатаверчу суьйлийн дошлойн сотняш а.

Шен Iалашонах догдиллина Iаьлбаг, Сесанахула Яьссин аьрру агIон тIе а ваьлла, ткъе шийтта шо хьалха нохчийн наибаша эла Воронцов вохийначу Коьжалкан-Дукъахь чIагIвелира.

Iаьлбаг сихха кхийтира мостагIчун Iалашонах. Цкъачунна Коьжалкан-Дукъахь чIагIвелла, мелла а шен ницкъ алсамбаккха, йа кхузахь летта вала сацамбира цо.

Дукъа тIе хьала ма-веллинехь, шен гIоьнчашца йоцца кхеташо а йина, орцанна гондIарчу йарташка геланчаш хьовсийра цо. ГIаттам болабалале иза догйовха хиллачу ЦIоьнтаран, ДаьргIан, БелгIатан, ГIоьрдалан йарташкара гIо хир ду бохург хьехочохь а дацара. Уьш тоххарехь мостагIчуьнгахьа йевллера. Цигахь лаамхойн отрядаш вовшахтоьхнера пурстоьпаша Пруссаковс а, Ойшиевс а.

Залмин Дада сихха Органан лакхенга хьажийра Iаьлбага.

Оцу буьйсанна маьI-маьIIера орца кхечира царна. ШолгIачу дийнахь Iуьйранна хьесап дича, кхо бIе тIемало вара цуьнан байракх кIел.

Шен гIоьнчашца цхьаьна дукъ а теллина, цуьнан чIогIий, мелий меттигаш билгал а йина, Яьссин берда йистехь сецира Iаьлбаг.

Лахахь, готтачу тогIи чохь, сетташ, гIергIаш, аренга сихделла доьдура Яьсси. Масех де хьалха ломахь даккхий догIанаш доьлхуш, дистина деанчу цо текхийна чхернаш а, орамашца бухдаьхна пепнаш а гора тогIи йуьйдина.

Кхузара дIахьаьжча, керайуккъехь санна, шера гора тогIица хьалий, охьий йолу йарташ. Шена орца мичхьара догIур-те бохуш санна, царах хIорранга а бIаьрг туьйхира Iаьлбага. ТIаккха, доккха са а даьккхина, чоин тIемаш хьарчийна кIел а дохуьйтуш, голаш тIехь шаьлта а нисйеш, охьахиира.

Шен карара кIезиг ницкъ дукъа тIехь дIанисбан хьалххе дуьйна ша сацам тIеэцнехь а, гIоьнчех дагавала а дезара цуьнан. Хьалхара дош делира массарал воккхачу Солтмурдана.

– ХIара агIо тешам болуш йу вайн, – элира Солтмурда, бердехьа корта а тесна. – Суна хетарехь, берриг ницкъ Iиси-Юьртехьа хIотто беза.

– Шоьнахьа агIонна хIун до ткъа? – хаьттира Къайсара.

– Цигахула тIегIоьртур бац уьш.

– ХIоъ-молханца муха ду гIуллакх, Коьра?

– Дика дац.

– Кхоо дезар ду.

– Мел кхоорах, тоьур дац, тIе ца дахьахь.

– Мичара?

– ГIоьрдалахь Чомакхан кертахь масех черма молха ду, боху. Вайнехан милцошна деана.

– Муьлш бохуьйту цига?

– Баха луурш.

– Со гIур ву цига, – элира Къайсара. – Бодаш а болийтина.

Шайн синойх догдиллинчу наха деха ца дора къамелаш. Дукхахдерг дийцале а кхеташ дара.

– Коьра, ахь хIун олу? – хаьттира Iаьлбага, доттагIчуьнга хьала а хьаьжна.

Охьа а ца хууш, Яьссичу а, дукъан когашка а бIаьрг бетташ, шен дагахь цхьацца хьесапаш деш лаьтта Коьра накъосташкахьа вирзира.

– Цхьана агIор бакълоь Солтмурд. Амма мостагI а вац сонта. Цунна хаьа, меттиган чIагIонах а тешна, вай иза ледара йуьтур йуйла. Гимра, Ахульго, Гуниб а йаьхначу салташна хIумма а йоцург йу хIара берд. Цундела, кхин йукъ ца йулуьйтуш, сихха чIагIдан деза хIара дукъ.

– ХIета, Солтмурд, чIагIонаш йарна тIехь куьйгалла хьуна тIе дуьллу вай. Хьуна иза дика карадирзина хиларна, – элира Iаьлбага.

– Кхуьур дуй-те?

– ГондIарчу йарташкара гIо далийча, кхуьур ду. Воккха а, жима а дагаршца, стерчашца, бугIанашца схьахьебан беза. Тозуркъа коьрте а хIоттавай, иттех стаг хьажаве. ТIе, кхачанца дерг а ду вайн ледара. Кхузахь шина-кхаа дийне довлахь, мацалла хIуттур йу вайга.

– ХIор а стеган цIарах кхоккха сискал-м хила йеза. Цхьадика, хи-м дара кхузахь.

Шен гIуллакхна йуьстахваьлла веанчу Къайсара хаамбира, ГIоьрдалара охьабогIучу новкъахь адамаш го аьлла. Iаьлбаг, хьала а иккхина, диттийн гаьннаш дIаса а тоьттуш, сихачу боларехь къилбен агIонга дIахьаьдира.

Басех чукхевдина, айъабелла Iуьллучу боккхачу чхара тIе а ваьлла, бIаьргашна хьалха турмал лецира Iаьлбага.

– Вайнах бу. Хьалха – ши эпсар. Схьахетарехь, Чомакх а, даьргIахойн пурстоп а.

– Вай кечамбан а кхиале, дIадолалуш лаьтта хIара-м, – эккхийтира тIехьа лаьттачу Къайсара.

– ХIумма а дац. Эскарш кханий бен кхочур дац кхуза. ХIетале кечамбан кхуьур ду. Же, ма Iелаш, кIентий! Солтмурд, ваьлнаш дар дIадоладе. Къайсар, ахь Тозуркъа сихха йарташка хьажаве. Коьра, хьайна ма-хетта, тIемалой дIанисбел. ХIор а бIаьне шайн-шайн меттигаш тешамболлуш чIагIйайта. Же, ма Iелаш!

– Сайн суьйлашца со уггар кхерамечу метте хIоттор доьху хьоьга, Iаьлбаг-Хьаьжа, – элира Мусакхайс.

– Баркалла хьуна, Мусакхай. Кхераме йоцу меттиг хир а йац вайн.

Ах сахьт далале, дагарш дека дуьйлира дукъаца. Йукъ-кара хезара нехан маьхьарий а: «ДIахила!», «Ларлолахь!» ТIаккха, уллорчу лекхачийн генаш кегдеш, бухахь кхиъна лоханиш кIел а хьерчош, охьадеттадала дуьйладелира пепнаш…

5

Накъостий дIаса а баьржина, ша висина Iаьлбаг, цхьана масех минотехь хIоьттина а лаьттина, балхе хьажа вахара. Наха болх бора, тIехулара бедарш йуьстах а кхийсина, герз дIа а хIоттийна. Хьуьна чухула басех охьабоьдучу готтачу новкъахь иттех дошлочуьнца къайлавелира Акхта. Массарна а тIехIуьттуш, нехан дог-ойла гIаттийна, гатийуьртахошна уллохь сецира Iаьлбаг. Попов Елисей а, Васалан Юсуп

а воллура, хьацаран кIур хилла, дитташ охьадетташ. Іаьлбаг гучуваьлча, деттачуьра диг сацийна, гиччошка куьг лаьцна, эпсарна хьалха санна, вулавелира Елисей.

– Салтичун амалш йиталац-кх хьоьга, Элса?

Юсупа гочдира Іаьлбаган хаттар.

– Салти – салти ма ву, хьеннан эскарехь хилча а, – хьаьж тIе пхьарс хьаькхира Елисейс. – Низам доцу салти вуон бIаьхо ву.

– Иза бакъду. Гуо беш бу вайна, Элса, тоьлур дуй-те вай?

– Тола ницкъ ца тоахь, летта лийр ду-кх. Иза а ма бу толам, имам.

– Дашо дешнаш ду уьш, Элса. Шиъ бен некъ бац вайн – толам йа Іожалла. Тола ницкъ вайгахь а бац, цундела цхьа некъ бен ца буьсу – ламанан аьрзуно санна, курра Іожалла тIеэцар. Мишка мичахь ву?

– ДIогахь шен доттагIчуьнца Янаркъица дитташ херцош воллу.

– Мишке схьакхайкхахьа, Юсуп.

Елисей а, Михаил а чIогIа лорура гIовттамхоша. Цаьршимма цхьа а тайпа чIеIамаш боцуш собаре ловра кху тIаьххьарчу денойн халолла. Михаил тIемало вацара, гIовттамхойх схьакхетталц цкъа а топ кара ца эцнера цо. Амма дог дара цуьнан паччахьан Іедале болчу цабезамах дуьзна. Бутт а балале, цуьнан доттагIчо Янаркъас нийса топ тоха а, говрахь хьуьнарш лело а Іамийра иза.

Михаил а валош сихха схьавеара Юсуп.

– ГIуллакх муха ду, Мишка? – хаьттира Іаьлбага.

Михаила, буй бина, нана-пIелг хьалалецира.

– Иштта ду, имам!

Іаьлбаг гIайгIане велавелира.

– Вай-м кхоьручех дац, Мишка! Амма эрна валар сонталла йу, гIуллакхаш, шуна магарра, дика дац, Элса. Кхалха гуо лоцуш бу вайна. ТIом болабала цхьа-ши сахьт дисина. Суьйранна цхьа а дийна вуьсур ву-вац, хаац, кхузарчу кхаа бIе стагах. Гуо хадийна, гIур-м дара, амма – мича? Даха меттиг бац. ЦIера доьзалш, лиэцна, хьийзор бу, тхо Іедалан карадаххалц. Тхоьга хьоьжуш Іожалла йу. Йа кху ломахь, йа тангIалкхаш кIел, йа шийлачу Сибрех. Ткъа шуьшиъ, тхан ши ваша, тIаьхьадоцучуьра, дIагIо. Накъосташа БIаьн-некъана кIел воккхур ву шуьшиъ. Росси доза доцуш йоккха йу. Геннахь, цхьанхьа оьрсашна йукъахь къайлавала. Шуьшиъ тхоьца хиллий хуур дац цхьанне а. Тхох доглазарна, тхуна вошалладарна, гIодарна баркалла шуьшинна. Оха и цкъа а дицдийр дац.

Юсупа гочдале кхийтира Елисей Іаьлбаган къамелах. Цкъа кхоьлира цуьнан йуьхь, тIаккха ийзо йуьйлира, эххар а ши бIаьрг хих буьзира.

– Бехк ма биллалахь, Іаьлбаг… Халонах, Іожаллех кхеравелла дац хьуна хIара… Кху цхьана-шина баттахь шу чIогIа дезаделла суна. Вежарел а тIех. Михаилан цIарах а олу ас. Тхойша цIеххьана ца ваьлла шуьгахьа. Йехха ойланаш а йина, ваьлла. Халонаш хир йуйла а хууш, лийр вуйла а хууш. Россе вахна, цхьанхьа лечкъина Іойла ма дац тхойшиннан. Цигахь а бу хIарра къийсам. Масех бIе шо хьалха дуьйна схьа. Муьжгий гIовттуш, Іедало уьш бойъуш, Сибрех хьийсош. Цигахь хилча а, хир вара тхойша къийсамхойн могIарехь. Кхузахь шуьца хилча а, цаьрца хуьлу. Башхо а йац. Вай массара а ловш дерг цхьа Іазап ду, вайн массеран йукъара мостагIий паччахьаш а, хьоладай а бу. Вай массеран а Іалашо – маршо йу. ХIан-хIа, Іаьлбаг, шух къаьстар вац тхойша. Хирг цхьаьний хир вайх.

Юсупа къамел гочдича, Іаьлбаг хаттаре Михаиле хьаьжира.

– Сан доттагIчо Янкас ма-аллара: «Маршо йа Iожалла!». Кхин некъ бац, – жоп делира Михаила.

Iаьлбагна хиира, дехаршдар а, къийсар а эрна хир дуйла. Ши оьрси роггIана мара а къевлина, цаьршиннан белшаш тIе куьг тоьхна, вист ца хуьлуш басах хьалаволавелира иза.

Цхьа хан йелира бухахь бисинарш бист ца хуьлуш.

– Майра кIант ву вайн имам, – элира Елисейс, Iаьлбаган букъ хьуьна чухула дIатилча. – Со теша, хIинца а цо толамца вай кIелхьардохург хиларх.

– Дала мукъалахь!..

Шоьнан агIорхьара схьа дукъа кIел шиъ-кхоъ топ йелира. ХIокху агIонна тIехь детта дагарш севцира, кIез-кIезиг совцуш.

– ХIун хилла-те? – хаьттира Юсупа ша-шега, тIаккха, лакха хьала а вирзина, мохь туьйхира: – Во-о Янаркъа!

– Во вай!

– ХIун ду цигахь хилларг?

– ХIумма а дац. Нохчмахкахойн кIентий бу вайх лата богIуш! Схьахетарехь, царах цхьаннан-шиннан, кхеравелла, шашаха топ йаьлла.

Елисейс а, Юсупа а шайн болх йуха а дIаболийра. Йуьстахкхийсалора йаккхийра поттанаш. Масех минот йаьлча, попан гIад лахахь цIийза делира. ТIаккха, кIез-кIезиг сетташ, раздаьлла, узаршца дахана, кегийра дитташ кIелхьерчош, доккхачу татанца охьадуьйжира.

XVIII корта. КОЬЖАЛКАН-ДУКЪ

…Массанхьа – татанаш, хIоьънийн шакарш;

Йаккхийчу тоьпийн гIугI хеза;

Лаьмнашкахь, хьаннашкахь, тогIехь

Iожалла, къизалла хьийза…

М. Ю. Лермонтов. «Чергазий»

1

Карзахе йара тховса Сесана. Йуьртан гуонаха а, Яьссин аьтту бердашца а цIераш йогура маьI-маьIIехь. Царна гуонаха гора хевшиний, хIиттиний, буьйлабеллий лелачу салтийн гIалларташ. Хезара церан забарш а, беларш а.

Йуьртара бахархой чутийнера, амма сема бара. Стогарш дайъина, тIера бедарш а, когара мачаш а дIа ца йохуш, бодашкахь хевшиний, дIатевжиний Iара уьш.

Ткъа йуьртден Букалин цIеношкахь хьешан цIийнан шина а корехь йогуш гIийла серло гора. Оцу чохь, жимачу походни стоьла гонаха, лохачу гIанташ тIе хевшина

а, ирахь а бара лакхара эпсарш.

Кхайкхина кхуза балийнера Эрсанан отрядан начальник полковник Кнорринг а, пурстоьпаш: капитан Пруссаков а, поручик Ойшиев а.

ТІе шиша диллина мехкадаьттанан чиркх, милт чуоьзча, гІийла богура, ткъа хьалайаьккхича, кІур тийса хІуттура. Вуьшта а кІуьран дохк хІоттийнера эпсарша уьйзучу цигаьркаша а.

Стоьла тІе Нохчмехкан карта а даржийна, каралаьцна къолам цунна тІехула дІаса а хьоькхуш, къамел деш лаьттара полковник Батьянов.

– Кхузахь хІоьттина хьал цхьаболчарна кхераме хетаделла, – бохура цо. – Ас минотана а ца диццо мятежникаш чІагІбелла Коьжалкан-Дукъ аттачех бІар цахилар. ХІаъа, господа, оцу тІехь хилла графна Воронцовн отрядан трагеди. Амма аш а ма дицде хІетахьлера Нохчийчоь а, нохчий а, мацах цкъа хилларг а туьйра а хилла чекхдалар. ХІетахь вайн эскарш кху мехкан дагна йуккъе коьртехь тІеман говза начальникаш болчу, тІеман цІергахь дахчаделлачу нохчийн эскаршна йуккъе нисделлера. Ткъа хІинца вайна дуьхьаллаьттарг, тІех велахь, кхо бІе стаг ву, уьш а дукхахберш – молханан кІуьрах хьожа а кхетаза кегийрхой. Нагахь шовзткъалгІачу шерашкахь кху агІор вайн цхьа а салтий ца хиллехь, хІинца йерриг Нохчийчоь вайн тІеман чІагІонийн морзахашна йуккъехь йу. Амма иза данне а дац, кхана вай йоккха топ ма-кхоьссинехь, уьш бевдда баьржар бу бохург. Мятежникийн баьчча, ша къона велахь а, хІиллане, майра стаг ву. Амма вайн декхар ду, лам дІалаьцна ца Іаш, цхьа а мятежник кІелхьара цавалийтар.

Эпсарша леррина ладоьгІура полковнике. Лаха чуьра схьа хезара салтийн а, отрядерчу ламанхойн а иллеш. Кху агІор хийра нах хаабелла, карзахе летара жІаьлеш а.

– Штурм йолор йу шина агІонгахьара: къилбехьа Шоьна тІера охьа а, къилбаседехьара – Іиси-Юьртана тІера хьала а. Козловскийс шен отряд Шоьна улло хІоттайо. Ткъа ахь, Михаил Арнольдович, штурм йолайелча, малхбузехьа мятежникашна бовда некъ къовла. Цул сов, лаг лаьцна совцо йеза Эрсанний, Шоьнанний йукъара йарташ. Штурм йолор йу нохчийн, гІалгІайн, гІумкийн, салатавхойн а милицонерийн сотняша.

Пруссаков, синтем байна, меттахъхьайра.

– Пурба лохьа, господин полковник! Санний, поручикан Ойшиевнний милицонерийн отрядаш тешаме ца хета-кх суна.

– ХІунда?

– Кху гондІарчу йарташкарчу нахах вовшахтоьхна ма йу уьш. Мятежникашна йукъахь гергара нах бу церан дуккха а.

– Цундела беза-кх уьш массарна а хьалха баха. Баккъашна тІе цамзанаш а таІийна. Амма, суна хетарехь, туземцаш дика летар бу, командующин хІара приказ аш цаьрга дІакхайкхадахь.

Батьяновс, схьа а лехна, дІадийшира командующис даийтина къайлах приказ:

«Хаси-Юьртан, Веданан, Органан, Грозныйн округийн начальникашка.

Іаьлбаг-Хьаьжа коьртехь а волуш симсаройн хьаннашкахь къайлайаьлла обаргийн гІера схьалаца йа хІаллакйан Іалашо йолуш, цІераш йаьхначу йеа округехь лаамхойх милици вовшахтуху, царах дІатухур йолуш йолу Терски ханна милицин гІалгІайн, хІирийн сотняш а.

…Керла вовшахтухучу милицин дакъойн хІор а дошлочунна, хІирийн а, гІалгІайн а

милиционерашка терра, 10 сом йал а, говрана докъар а ло. Хьаннашкахь шайна кхачанан гІайгІа милицин йерриг сотняша а, отрядаша а шаьш бо.

Милицина тІедуьллу, хьаннашкахь къайлабевлла обаргаш хІаллакбина ца Іаш, йарташкара къайлах царна тІебаха гІоьртина нах а берриг хІаллакбар. Отрядийн начальникашка шайл лахарчаьрга дІакхайкхадайта ишттачех хІор а лаьцначу йа вийначу стагах царна 25 сом совгІат лург хилар. Цул сов, коьрта обаргаш лецначарна совгІат кхайкхаде: Іаьлбаг-Хьаьжех – масех эзар сом, Солтмурдах а, Залмин Дадех а – масех бІе сом. И коьрта обаргаш дийна тІебалийначунна лучу совгІатан барам кхин а лакхара хир бу…

Теркан областан эскарийн командующи

инарла-адъютант *Свистунов.*

15 июнь 1877 шо»

– Суна хетарехь, оцу совгІатна хьалха йухавер вац цхьа а туземец. ТІаьххьара а. Йаккхий тоьпаш йу ломах хьалайаха йезаш. Салташка а, туземни милицига а кхана хьаннашкара некъаш шордайта. Кхин дуй хаттарш? Дацахь, шайн отрядашна тІе дІагІо.

Штурмана кечам беш йаккхий халонаш нисйелира отрядашна хьалха. Лома тІе боьду ши некъ, готта хиларал сов, Іовраша аьхкина, тІекхозаделлачу диттийн гаьннаша тІехула лохха тхов биллина бара. Оцу некъашкахула хьала йаккхий тоьпаш йахалур йу бохург хьехочохь а дацара. Дошлой а, гІашлой а баха безара беха могІа бина.

Дагаршца, белашца йахийтинчу командаша, шина а агІор дитташ охьа а детташ, хершнаш дІадукъуш, лакхабаллалц тобира некъ.

Дукъа тІехь чІагІбеллачу гІовттамхоша аттала топ кхоьссина а дуьхьало ца йора. Цунах пайда а эцна, куьйга текхош, хьалайехира йаккхий тоьпаш а, хІоьънаш чохь йаьшканаш а. Дисинчу дакъоша дІалецира Іиси-Юьртан кІело. Амма кхидІа хьалхадахар бохург хьехочохь а дацара. Дукъа тІе хьалавала аьтто болу массо маьІиг дІакъевлинера диттех йинчу чалхашца. КхидІа хьаладахча, гІовттамхойн дІаьндаргаш кІел нислора. Мелла а шен отряд Іалашйан ойла йолчу Батьяновс хьалхахийцира туземни милицин дакъош. Амма уьш доцца хиллачу тасадаларехь байъиний, чевнаш хиллий шайн нах а балош, йухабевлира.

Ткъа дукъа тІера охьа цабешаш маьхьарий деттара гІовттамхоша.

ТІаьххье хезара цІеначу оьрсийн маттахь йаппарш.

– Попов ву иза, Елисей Иваныч, – вовшашка дуьйцура салташа. – Имаман хьалхара наиб ву, боху, иза.

– Декъаза Елисей! Іедалан каравоьдучул, тІамехь валар гІоли йу цунна.

– Схьалацахь, хьалха тІенисвеллачу диттан гаьннах хьалауллур ву…

– Мухха хилахь а, турпала Іожалла хир йу-кх цуьнан. ХІара дуьне иштта къиза дуучул-м, цо санна, шен дог Іабор гІоли йу дуккха а…

Селхана дуьйна шен ца хуьлучу кхиамашна оьгІазъоьхура Батьянов. Шеко йацара, лома тІе штурм йича, цо мятежникаш бохориг хиларан. Амма цуьнан отрядна а хир дара даккхий зиэнаш. Аттаниг, гІовттамхой, мацалла гІелбелла, кІелбиссалц, гуонна йуккъехь а латтийна, уьш шаьш тІебахккалц Іийча дара. Ткъа цунна масех де дезар ду. Иза а тарлац: мятежникел иттазза сов ницкъ болу хІара тІелата ца ваьхьаш Іийча, йарташна хьалха сий лахлур дара хІокхуьнан.

ХIуъу хилахь а, штурм йан сацамбинчу Батьяновс итт сахьт долуш ТIуртIин-КIотарехьа гуо тесна хьажийра ГIизлара-Гребенски гIалгIазкхийн полкан хьалхара сотня а, хIетта салатавхойх вовшахтоьхна бIо а, Терка тIерачу нохчийн милицин а, гIумкийн сотняш а. Цара шайн позицеш дIалаьцча, фронтальни штурмана кечйелира ГIебартан полкан йоьалгIа батальон а.

2

Лаха чохь хуьлуш дерг, шайн керайуккъехь долуш санна, шера гора Къайсаран бIаьхошна.

Салтийн отрядна хьалха богIу лаамхой, тобинчу новкъа лома йуккъе бевлла, хIокху хьалхарчу чIагIонна тIегIоьртира.

– ТIетухий вай? – хаьттира Юсупа Къайсаре.

– ТIаккха ткъа! Вайх лата богIуш бац уьш?

– Хьанна хаьа, нуьцкъаха тIелаьхкинехь а?

– Ма элира-кх ахь! Ши бутт сов хан йу уьш вайна дуьхьал лиэта.

– Кхин хила а мегий уьш-м.

– ХIан-хIа, аренгара нохчий а, гIумкий а, гIалгIай а бу. Суна ма бевза уьш.

– ХIетте а, вистхилахьа цаьрга.

Къайсара, вала тIе хьала а ваьлла, ши куьг бете а лаьцна, мохь туьйхира.

– Нохчий, гIалгIай! Цхьана цIийх цхьа вежарий ду вай. Ткъа шу, гIумкий, тхан лулахой ду. Нагахь шаьш нуьцкъах тIелехкахь, тхоьгахьа довла, иза дан ца лаахь, йухадовла. Амма тхан цIий Iано дагахь шу делахь, тхоьгара къинхетам хир бац шуна!..

Буйнахь тур долуш милцошна хьалха вогIучу куьцечу эпсаро тIетоха аьлла омра дира шена тIаьхьа хьалатийсалучу ламанхошка. Цара тоьпаш хьалалаьцча, вала тIера чуэккха сихвелира Къайсар, амма шен куйнах хIума кхеташ санна хетаделира.

– Дела хила шун шайн вархIий дена неIалт! – йаппарш йира Къайсара, гуна тIехьа а иккхина, шен куйне а хьоьжуш. – Халла хиллачу куйнна шиъ Iуьрг эккхийти-кх цара…

– Дакъаза ма вала хьо, Къайсар! – мохь туьйхира топ карахь схьаиккхинчу Iаьлбага. – Герз карахь вайна дуьхьалвогIург вайн мостагI вуй ца хаьа хьуна?

Тоьпан зIок кIегар а хаийна, цхьана куьйга топ хьала а лаьцна, лаг уьйзира Елисейс. ХьалхавогIу эпсар, деге ка а тоьхна, буйнара тур дIа а хецна, цкъа гуора а воьжна, йуьхьарвахара. ТIаьхьавогIучу шина лаамхочо, цхьамма пхьаьрсийн кIелош, вукхо ши ког а лаьцна, охьавадийра иза.

Готтачу некъа хьалататтабелла лаамхой цхьана йукъана боьхна хьаьвзира, йуха а, кестта саметта а баьхкина, шина а агIор баьржаш, йоккха йукъ схьалаьцна, дитташ тIехьа а лечкъаш, текхаш, тоьпаш а йетташ, хьалагIоьртира. Амма вала тIехьарчу гIовттамхоша жимма а царах айъавелларг, тухий, дIатевора.

– ХIоъ эрна ма бахийталаш! – омра дира Къайсара, вийначу эпсаран метта хьалхаваьллачу прапорщикан дага тIе Iалашо а лоцуш.

– ДIаэца, жIаьлеш! – мохь тухура Михаила, ша тоьпан лаг масазза узу. – Шуна кхайкхийначу совгIатан метта бу шуна!

– Къайсар! Аьтту агIор хьажа, гуо таса гIерта уьш!

– Иза-м хир дацара! Iумар, хьала ма ийъало, коьртах вер ву хьо.

Цхьана эха сохьтехь кхиамза тIе а гIиртина, йухабевлира тIелетарш, шайн байъинарш а, чевнаш а хилларш эцна.

Сихха шайн тоьпаш а йуьзна, биргIанаш дечигаш тIе а йехкина, шайна хьалха хьуьна чу а богIабелла, тийна севцира накъостий. Масех минот а йелира тIелетарш йуха гучу ца бовлуш.

– Охьачубисси-те уьш? – элира Къайсара, хьаьж тIера хьацар дIа а доккхуш.

– Схьахетарехь, дукха доггах а бацара.

– Йуха тIелатаза Iай, хаац.

– Тамаша бу латахь, вай зиэн дагахь хьовсийна хила а мега.

– Лаха чохь хIун ду, Iаьлбаг? – хаьттира Къайсара хIетта тIевеанчу имаме.

– Кечлуш бу тIетаьIIина. Дерриг эскар Яьссех сехьадаьлла. Цхьа дакъа Iиси-Юьрта догIу.

– Вайна гIоьнна нах дукха баьхкиний?

– БIе алссам стаг. Берриг бохург санна – кегийрхой. Болата хьегна къа а эрна ца дайна. Шелара а веана ткъех жима стаг. Сийсара дукха ницкъ-м ца хилира шуна?

– ГIоьрдалаххьий? ХIан-хIа. Салташна йукъахь, шайн ворхIе дайн баьрччехь санна, паргIатбевлла Iаш бара уьш. Царна гIенах а ца гора оцу йуккъехула вай йуьрта гIоьртур ду бохург. Пурстоьпан канцаллина гуо а бина, хехь лаьтта ши милцо аьрташха тоьхна охьа а виллина, таIIийна бага горгамаш йоьхкина, дIавихкира оха. ХIоъ-молха Чомакхан кертахь ргIу кIел хиллера. Цигахь лаьттачу милцойх цхьаъ виэн а дийзира. Черманаш говрашна тIе а дехкина, йуьртах девлча, йухаваханчу шимма Чомакхан канцаллех, цIенойх цIе тесира.

– Баркалла хьуна, Къайсар. ХIинца-м хала дацара. Iиси-Юьртахула схьагIертачу эскаро хIун до хьажа воьду со. Кхузахь ледара ма хилалаш. Иэшахь, гIо доуьйтур ду. Iумар, хьо соьца дIавола. Тхуна йукъахь зIе латто.

– Хьадахьа, Юсуп, ларлуш гIой, мостагIчух хIун хилла, хьажахьа, – элира Къайсара, Iаьлбаг дIавахча.

Шен топ охьа а йиллина, шенчул сов, Янаркъера йаькккхина кхин цхьа тапча доьхкарх а йоьллина, каде валана дехьа чу а воьссина, хьуьн чохь къайлавелира Юсуп.

– ЛадогIахьа, Элса, – шен топ цIанйеш воллучу Елисейна тIевирзира Къайсар. – И салтий хIунда ца лета вайх?

– Собар, Къайсар, салтий а летар бу, – паргIат жоп делира Елисейс, топ а йузуш. – Вай хIун до хьовса, ламанхой хьалхабаьхна цкъа.

– КIилолла ду-кх?

– ХIан-хIа, ларбалар ду.

– ТIелата кечлуш буй-те, моьтту суна, – элира Елисейс, ведда Къайсарна тIе а веана. – Дерриг эскарш вайна тIе а дерзийна дIахIиттийна. Йаккхий тоьпаш а оьзна улло. Iожаллина кечлучохь ду вайн гIуллакх!

– Іожаллина-м кечдала ца оьшура. – Елисейн белшах куьг туьйхира Янаркъас. – Цо-м шен гІуллакх дийр дара. Дала мукъалахь, тоьлур ду вай. Хьуний, Мишкиний нохчийн зударий а балийна, ловзаргахь хелхадийла а ма деза!

– Забарш йитахьа, Янаркъа. Ас-м баккъал а ма боху.

– Ас йо ткъа забар? Амма, нохчо йалайале, цкъа сунтван-м веза шуьшиъ.

– Ахь хІун дуьйцу, Янаркъа! Тхойша воккха ма хилла. Жима долуш до, боху, аш божабераш сунт. Тхойша тІаьхьависина.

– ХІета, шуьшиъ зударий боцуш вуьсур ву-кх.

– Василий винерий ткъа?

– Винера дера-кх, – Къайсаре бІаьрг таІийра Янаркъас.

ДоттагІийн забарш йукъахйехира лахара хьала тоьхначу йоккхачу тоьпан татано. Шакарца беана йоккхачу тоьпан хІоъ, цхьана диттан бухь хадийна охьа а бохуьйтуш, валана цхьа бІе гІулч гергахь охьабуьйжира.

– ХІан, дІадоладели! – топ схьаийцира Елисейс.

3

Іуьйранна шен рота Яьссин аьрру агІон тІе дехьайала кечйелча, Абросимовна тІевеара капитан Рихтер.

– Эххар тІекхечи ас сатийсина сахьт! – беро санна, вовшахтоьхна ши куьг хьакхийра капитана, тІаккха хил дехьа хьалхахьа аьтту куьг тесира. – Суна хьалха лаьтта Коьжалкан-Дукъ. Оцу тІехь дакъа доцуш вайна сан да. Тахана ас бекхам оьцур бу. Сан да вийнарг, йа цуьнан кІант, йа цхьа кхин нислур ву суна дуьхьал. Дависа, Яков Степанович, сихха дІадолалахьара хІара! Собар кхачийна-кх сан. Хьо вогІий тхоьца?

Абросимовс корта хьовзийра.

– Эрна ца вогІу. ТІаьхьа дохковер ву хьо. Цигахь инзаре буй-тІара хир йу. Йа, хьанна хаьа, тхо гучу ма-девлли, бовда а мега.

– Хьайн воккхавер йухаоза, капитан, – Іен ца велира Абросимов. – И нах маршонна гІевттина. Вай йемалдан, шайн сий лардан. Уьш летар ма бу. Хьох къинхетам а бийр бац.

– Даим а цаьргахьа уьйзу ахь, Яков Степанович. Стенна оьшу хьуна и акхарой?

– Хьо кхетар вац сох, барон. Вайша дукха дийцина цунах лаьцна.

Сирачу динахь уллошха тІехволучу полковнико Батьяновс приказ дира капитане, шен ротица хил дехьа вала аьлла.

– Господин полковник! – тІехьаьдира цунна Рихтер. – Пурба лохьа суна сайн ротица штурм йоло. Хьуна ма-хаъара, сан бахьанаш а дара хьалха хила.

– Мегар ду, капитан. Дала аьтто болда хьан!

ХІокхеран къамел хадале говр хаьхкина тІевеара Ойшиев. Поручикан балдаш кІайделлера, цІий дІаІаьвдича санна. Йуьхь а йара макхйелла, амма боккха ши бІаьрг, массо пха цІийх буьзна, схьаэккха боллура.

– ХIун хилла, поручик? – хаьттира полковнико.

Дакъаделлачу балдех мотт хьаькхира Чомакха.

– Доьхна хьал ду, хьан оьздалла. Сийсара сан цIенош а, пурстоьпан канцеляри а йагийна мятежникаша.

Чомакх гича, йуьхьанца кхеравеллачу полковнико доккха садаькхира.

– Кхин хIумма а дуй?

– Сан милицина делла хIоъ-молха а лаххьийна дIадаьхьна.

– Ха дацара цигахь?

– Дара. Цхьаъ вийна, бисинарш бага горгамаш йоьхкина дIабихкина карийна.

Полковникан йуьхь Iаржйелира.

– ХIун нах бара хадийраш?

– Сан участкерчу йарташкара милцой а, хIирий а.

ДIаэккха гIерташ, ворта сеттош гаьллаш Iуьйшу говр, урх йуха а тухуш, човхийра полковнико.

– Суна теша лаьа, поручик, хилларг хьан бертахь дацарх.

– Ахь хIун дуьйцу, господин полковник! – тIе а бос баьхьира Чомакхан. – Ишттаниг дага а муха даийти ахь?!

– Хьан бертахь дацахь а, хьан ледарлонан жамI ду иза. Хилларг цуьнан локхалле дIахаийтар сайн декхар хета суна.

Чоже кIажаш таIийна, говр хьалха а хецна, Чомакх воьхначохь а витина, дIавахара Батьянов. Цхьана минотехь, цунна тIаьхьа хьоьжуш, чурт санна, вогIавелла лаьттина Чомакх цецвелира шена уллохь лаьтташ Абросимов гича.

– ДIаэца хьайна, – элира Чомакха, корта а хьовзош. – Декъазчунна ден цIера а догIу, олуш кица ду тхан. Изза ду-кх суна хилларг а. Мятежникаша цIенош дагийна, йерзинчу стигла кIел витинчу сох доглазар го-кх хьуна. УьстагIо аьлла боху: «Iаьхча – барзо боь, ца Iаьхча – Iуьно боь». Ца дуьйцуш Iен йиш а йац, дийцича, хIара хуьлу.

Цкъа вист ца хила ойла хилира Абросимовн, йуха а Iен ца велира.

– Шен халкъана дуьхьалваьллачу стагана кхочу дакъа ду хьоьга кхаьчнарг а, – элира цо шогуо. – Кхузахь цецвала хIумма а дац, господин поручик. Марша Iойла хьо!

Чомакх цецваьллачохь а витина, шен говрана тIе а хиъна, меллашчу боларехь жимма лаха а ваьлла, лекхочу гу тIехь сецира Абросимов. Кхузара дIа шера гора хил дехьара позицеш. Коьжалкан-Дукъан къилбаседехьара когаш дIалаьцнера ГIебартойн полкан йеа батальоно, дошлойн йеа сотняс. ТIаккха, Яьссех дехьа а ваьлла, говр йоргIа а йаькхина, командни пункте вахара иза.

Коьжалкан-Дукъана дуьхьал лекхачу гу тIехь шина йоккхачу тоьпана уллохь турмалца хьалхара дукъ толлуш лаьттара полковник. Цуьнан отряд кийча йара штурмана, амма дукъана къилбаседехьара схьа тIелата йезачу отрядера хIинца а хаам бацара.

– ХIун хилла-те царна? – синтем байна хьийзара Батьянов. – Сигнал хIунда йац?

Эххар а, дехьара батарея тIамна кийча хиларан хаам беш, Iисин-Юьртана тIехула

хьалайахара ракета.

– ХІан, Делан гІоьнца! – элира Батьяновс, тІаккха нийсса ирх лаьцна куьг, тур тухуш санна, охьаластийра.

Цхьатерра тоьхначу шина йоккхачу тоьпо лергаш къардира Абросимовн. ХІаваэхь цІийзаш боьду ши хІоъ, дукъа тІе ца кхочуш, лахо баса кхийтира, шина диттан баххьаш а хедош.

– Йаккхий тоьпаш йуза! – поручике команда дира полковнико. – Жимма лакха лаца. ТІетоха!

ШолгІа бахана ши хІоъ Іалашонна тІекхийтира. Амма цигара схьа дуьхьал кхуссуш топ йоцуш, тийна дара. Иттех хІоъ тоьхначул тІаьхьа, штурм йолайе аьлла, сигнал йелира полковнико. Массанхьа а йоьзан зурманаш а, вотанаш а йийкира. Лаха чохь лаьттачу ГІебартойн полкан шина батальонах цхьаъ а, гІашбевллачу гІалгІазкхийн а, салатавхойн а дошлой а, тоьпаш хьалха а лаьцна, чехкачу боларахь хьуьн чохь къайлабевлира.

– Хьалакхачале, гІоранах бевр бу-кх уьш, – элира уллохь лаьттачу подполковнико Козловскийс.

Амма салтий басенна йуккъе а бовлале, цІеххьана цхьатерра йевллачу тоьпаша декийра дукъ.

– И хІун ду? – цецвелира Батьянов. – Вайн тоьпаш-м ма йац уьш?

– Схьахетарехь, мятежникаш лаха чубаьхкина.

– Мича хьоьжуш хилла разведка?! – агІор туйнаш кхоьссира полковника.

Капитанан Рихтеран рота штурм йолийначу дакъошна хьалха йара. Хьалхарчу дийнахь салташа баькхкхинчу готтачу новкъа ца тарло салтий, йехха зІе йеш, хьуьна чохь баржийра Рихтера. Лекха, зоьрталчу пепнийн хьуьнахула, байн ког боккхуш, тапча а буйнахь хьалхаоьхура иза. ДІогахь а, эццехь а салтийн когаш кІел кеглучу декъачу гаьннийн татанаш лелхара, олхазарш дІауьдура салтий гергагІоьртича. Рота ломана йуккъе йалале, мера кІел цІеххьана йевллачу тоьпаша Іадийра капитан. Цунна шина а агІор охьавуьйжира масех салти. Хьалха дІахьаьжча, гуш вацара мостагІ. Иза сийначу гІашлахь къайлаваьллера.

– Боларехь хьалхатаІа! – мохь туьйхира Рихтера.

Тоьпийн кІур гуччу йуккъе лаьцна, тапча туьйхира цо. Амма цигара схьа низамехь шозза тоьпаш йевлира. Капитанан хьесапца цигахь чІагІвелла лаххара а ах бІе стаг вара.

– ТІетоха! – мохь туьйхира цо йуха а.

Гуш воцчу мостагІчунна тоьпаш а йетташ, диттана тІера дитта тІе уьдуш, хьалхатеІара салтий. Когаш кІел жагІа текхий, охьабетталора, кондарш а лоьцуш, хьалагІуьттура. Масех минотехь иттех воьжнера. Амма капитанан ойла йацара йухавала. Цкъа-делахь, цо ша йехна йаькккхинера хІара хьалхе, шолгІа-делахь, хІор а минотехь дарлора мостагІчуьнга болу цабезам. ХІокхарна мостагІ цагар, ткъа кІелонехь болчарна хІорш массо а гуш хилар дара галдаьлларг. Кхиамах догдиллина, Рихтер йухахьаьжира, тІаьхьайогІу капитанан Чекуновн рота тІекхача ца йоллу-те аьлла. Амма йуькъачу хьуьн чохь пхи-йалх метр генара хІума ца гора.

Эххар а аьрру флангехь, «уьрей» аьлла, акха маьхьарий девлира. ГІашбевлла нохчийн а, гІумкийн а, гІалгІайн а дошлой бара уьш. Дог гІеттина Рихтер, шен салтий тІаьхьа а боьхуш, басах хьалатасавелира. ХІинца дІатийнера лакха тІера охьайетта тоьпаш а. Кондарш, гаьннаш лоьцуш, хІара токхамна тІеваьлча, цхьа а вацара кхузахь. Схьахетарехь, мятежникаш шайн коьртачу чІагІонна тІе йухабевллера.

Дукъан хьалхара позици дIалаьцча, цигахь цкъачунна чIагIвала сацамбира Рихтера. Чевнаш хилларш а, байъинарш а охьабаха а дезара. КхидIа тIелатарна хIун дийр ду а ца хаьара. Рихтер ойла йина валале, штабера схьа геланча веара, керла приказ хиллалц хьалхатаIар сацаде аьлла.

Цхьа ах сахьт далале йуха а йека йолаелира дукъана шина а агIор йетта йаккхий тоьпаш. Кортош айба ца баьхьаш, бертал Iохкучу салташа ладоьгIура дур деш диттийн баххьашна тIехула дукъа тIе оьхучу хIоьънашка. Цхьана сохьтехь йаккхий тоьпаш йиттинчул тIаьхьа приказ кхечира, хьалхатаIа аьлла. ХIинца тIекхиънера тIейогIу ши батальон а. Шира, йуькъа хьун йекош, регIаца шалхадуьйлуш, дийкира салтийн «ура». Мятежникаша тоьпаш йуззушехь, масех гIулч хьалха йуьгура цо рота. ХIинца хьалха гуш бара мятежникийн коьрта вал. Дечкашна тIехьа Iохкучу мятежникаша дошан дарц Iенадора тIелетачарна тIе. Дуккха а салтий цунна гуш охьаоьгура.

ТIаьхьара могIанаш ваьштта тIекхаьчча, йуха а цкъа дехха «ура» аьлла, валана штурм йира салташа. Баттара даькккхина тур а буйнахь валана тIе хьалаваьлла Рихтер дуьхьалнисвелира хьаьрса маж-мекх долчу зоьрталчу мятежникна. Цуьнан шуьйра, лекха хьаж а, жимма ирхбирзина стомма мара а, оьгIазе сийна бIаьргаш а шена цхьанхьа гича санна хетаделла, цхьана секундана воьхна висира капитан.

– Марша вогIийла, хьан оьздалла! – элира мятежнико цIенчу оьрсийн маттахь. – ДIаэца хьайна айхьа доьхург!

Рихтер айъина тур охьатоха кхиале, Поповс, даг тIе а лаьцна, тапча туьйхира цунна…

4

Тасадалар кхузахьчул а чIогIа дара Мусакхайс, Нур-Хьаьжас ларйечу къилба агIонан а, малхбузен а декъехь. Цигахь, хьерайаьлча санна, чукхийсалора аренан йарташкара вовшахтоьхначу нохчийн милицин отряд. Цунна гIо деш йара Курински полкан шолгIачу батальонан кхо рота. Йуьхьанца йоккхачу тоьпан ткъех хIоъ тоьхча, маьхьарий детташ, басах хьалатасабелира милцой. ГIовттамхошна хуьлуш зиэн доцуш, дерриг шайн патармаш дассийна а бевлла, шайн чевнаш хилла накъостий а эцна, тIаьхьабогIучу куринцашна тIехьа йухабевлира уьш.

ТIелетачийн хьалхара отряд йухайаьлча дегнаш айъаделлачу гIовттамхоша дошан дарц Iанийра хIинца хьалхабевллачу куринцашна тIе.

Тъа куринцаш сацамболлуш хьалхатеIара. МаьркIажан хан хуьлуш йаккхийчу тоьпийн хIоьънаша йаржийна гIовттамхойн чIагIо шаьш дIалаьцча, цигахь царна цхьа а ца карийра. Амма массанхьа йисинчу цIийн лараша тоьшалла дора гIовттамхошна дикка зиэнаш хиларан.

Батьяновн отрядан кхиамна гIо дира малхбузехьара схьа цIеххьана гIовттамхошна тохар динчу подполковникан Кнорринган отрядо. Iаьлбагна хаьара цуьнан ницкъ. Иза тоьуш бара гIовттамхошна кIелхьарбовла дисина деккъа цхьа ков дIакъовла. Iаьлбага омра дира, массанхьара а йухадовла аьлла.

Къайсар ткъех стагаца тIаьхье къовла висира. Йуьхьанца нилхачу могIанашца гучубевлла салтий лаьттах хьалакъаста а, йа дитташна тIехьара схьабовла а ца буьтура цара.

МостагI валана тIекхача цхьа бIе гIулч йисча, аьтту агIорхьа хьуьнца маьхьарий девлира. Къайсарна шера девзира уьш. Милцоша шатайпа дохийна олу «ура» салтичух къасто хала дацара.

– Элса, кхузахь ледара ма хилалахь! – Елисейн лерехь мохь туьйхира цо. – Со, иттех

стаг эцна, аьтту агIор волу…

Шена тIаьхьадуьйла аьлла, итт стеган цIе а йаьккхина, валана тIехьа а теIаш, уьдуш, Къайсар шайн чIагIонан аьтту йисте кхаьчча, нохчийн, гIалгIайн, гIумкийн а милцой вала тIе хьалатасабелла бохкура. Хьалха богIурш, тIе йуьхьигаш а теIош, тоьпаш тоьхна охьабехкира гIовттамхоша, царна тIаьхьарниш а кхечира оццу декъе. БIаьргаш а къаьрзина, цергаш къажийна, шайна тIегIертачу хIокху шайн къомахошна доггах а, ца Iебаш а йеттара гIовттамхоша.

Сохьтехь сов йухадиттира гIовттамхоша мостагIчун тIелатарш. Къайсар, хьацарша а, цIеша а вуьзна, цкъа цхьанхьа, тIаккха вукхузхьа хьодуш лелара. Ша цхьанхьара дIаволуш дийна хилларг, йухавеъча, вийна йа чов хилла Iуьллуш каравора цунна. Валана кIел а, тIехь а байъинчу салтийн декъий гора. Делахь а, тIегIертарш, цхьа а ца эшча санна, дукха бара. хIор а минотехь лахлора Къайсаран бIо. Топ-тапча тоха ца кхиош, шаьлтанашка бевлира хIинца. ДIогахь коьжалг хилла йуьхьарвахана Iуьллу суьйли Муртаз. Дехьа агIонехь позици лаьцначу суьйлашца а ца воьдуш, Янаркъица сецнера иза. Валан йохалла йуьхьар, бертал, аркъал белла Iохку кхин а Къайсаран накъостий.

ТIаьххьара тIелатар инзаре хала йухатуьйхира хIокхара. Кхачош доллура хIоъ-молха а. МостагI кхидIа сецалур ву бохург хьехочохь а дацара. Ткъа Iаьлбагера а цхьа а тайпа хаам бацара.

Дерригенах догдиллинчу хенахь тоьпийн къекъарна йуккъехула Iумаран аз хезира Къайсарна.

– Къайсар! Къайсар! Iаьлбага йухадовла боху шуьга…

Вала тIе а ваьлла, чухьаьжира Къайсар. Керлачу штурмана кечлуш бара салтий. Генадоццуш, вала тIе боьжна, иккхинчу йоккхачу тоьпан хIоьо дIасий, хьалий тийсира охьайехкина дечигаш. Чаччамаша, хедош, тIеделхийра диттийн генаш.

– КIентий, йухадовла! – мохь туьйхира цо. – Чевнаш хилларш эций, йухадовла! Ловда!

ХIоьънех лечкъича санна, хьалхарчу дечиг кIел корта а таIийна, топ а карахь гуора лаьтта Ловда схьа а ца хьаьжира.

– Ловда!

Амма Ловда вист ца хуьлура. Хьаьдда тIе а вахана, белш лаьцна, Къайсара меттахъхьавича, дIахаьрцинчу цуьнан, ангали санна, хIиттина, йекхна стигал санна, сийна, доза доцуш гIайгIанах буьзна бIаьргаш Къайсарна тIебогIабелира. Ловдин карара топ охьайуьйжира. ХIинца а шелвалаза волу иза, пхьаьрсаш кIелхьара схьа а лаьцна, такхийна охьа а ваьккхина, цуьнан меженаш а нисйина, бIаьрнегIарш тIекъевлира Къайсара.

– Элса! Юсуп! Янаркъа! Аьрсамирза! Шу соьца совца, ткъа бисинарш, чевнаш хилларш а, Муртазан дакъа а эций, йухадовла!

– Бисинчийн декъий ткъа?

– Iаддадита…

Веа накъостаца вала тIехьа меттиг дIалецира Къайсара. Шайн ницкъ ма-кхоччу салтий сеца а бина, шен бIаьхошна тIаьхьа хьуьна чохь къайлавелира уьш пхиъ.

5

Кхаа дийнахь лардира гIовттамхоша Коьжалкан-Дукъ. Йуьхьанца дуьйна хIокху дийнан чаккхе гучу цара хьалххе билгалбинера йухадовла цхьаъ бен боцу дукъан малхбузен йистехь лекхачу бердах текхна чушершинчу меттигехула чубуссу

гIашлойн готта некъ. Лаха чохь къена бIешеран йуькъа хьун йара маситта чаккхарма йаьржина. Иза эшначийн тIаьххьара туш дара.

Къайсар шен накъосташца цига дIакхаьчча, бердан йистехь хIоьттина лаьттара Іаьлбаг а, Коьра а. ДоттагIийн йаххьаш кхоьлина карийра Къайсарна. Коьрин аьрру пхьарс бара коча тесна. Іаьлбаган гIовтал а, куьйгаш а дара цIийша дуьзна.

– Биснарш мичахь бу? – хаьттира Къайсара.

– Берриг охьачубиссина. Хьайчех маса вийна?

– Йалх. Муртаз а, виъ гатийуьртахо а. Ловда тIаьххьарчу минотехь вийра.

– Мусакхай а вийна-кх!.. – элира Іаьлбага гIийла. – Кхузахь Іожалла йоьгІна хилла мисканна. Лоьмаш санна, майра лийтира иза а, цуьнан суьйлий а. Итт стаг вийна царах а. Мухха даьхьна а, шайн йарташка дIадахьа деза церан декъий. Ма дика ду-кх Элса а, Мишка а дийна висина. Цаьршинна хIума хиллехь, чIогIа халахетар дара суна.

Цхьа ах сахьт хьалха тIом кхихкинчу дукъахь хIинца наггахь бен топ ца йолура. Амма тийна дацара хьуьна чохь. ХIокхара йитинчу чIагIонашкара схьа хIинца а хезара салтийн а, милцойн а толаме маьхьарий.

– Дуьло, чудуьссу вай а. Хьо суна тIетовжал, Коьра.

– Ца оьшу. Суна хилларг-м пайдабоццург дара.

Лаха чу а диссина, хьуьнан кIоргехь шаьш къайладевлча, Іаьлбаган пхьарс лецира Къайсара.

– ХIинца хIун до вай, Іаьлбаг?

Іаьлбага жоп кестта ца делира.

– Хаац, Къайсар, – вистхилира иза эххар а, тIаккха, жимма Іийна, тIетуьйхира: – Чов хилла экха шен тунгари чу текха, боху. Симсаран хьаннашка йухадевр ду вай. Цигахь вовшех дага а девлла, цхьа Дала дайттинарг дийр ду-кх. ХIинца цкъа йерриг дегайовхо Бассан йарташна тIехь йуьсу. Болатера хаам а бац. Залмин Дада хIун деш ву а хаац.

– Диканах дог ца дуьллур вай, – элира Коьрас. – ДегIастанхой гIовтта а ма мега.

Іаьлбага гIайгIане корта ластийра.

– ХIинца тIаьхьа ду.

Хьуьна чохь буьйса йоьллера хIинцале а. Чохь синош доцуш санна, «ахI» аьлла узар ца деш, дIатийра чевнаш хилларш. Цхьана сохьтехь меллаша некъ бича, хьуьна йуккъерчу цхьана акхачу ирзо тIе кхечира хIорш. Цигахь тIе нуьйраш техкина, кийчча ирзона гуонах диттех дIатийсина лаьттара бIе сов говр.

Охьадехкинчу декъийн могIа бара ирзо йуккъехь. Царна хIоранна тIехIуттуш, чекхваьлла, могIанна дехьа маьIIехь лаьттачу Солтмурданий, Къосамний, Тозуркъиний уллохь сецира Іаьлбаг. Доцца доIа а дина, Солтмурдана тIевирзира иза.

– Нахе вистхуьлий хьо?

– ХIан-хIа. Ахь ала.

Тоьпашний, таррашний тIе а тийжаш, декъашна гуо а бина, кхоьлина лаьттара бIаьхой. Дукха хенахь дуьйна урс а, тукар а ганза йаххьаш йара тIе къух даьлла.

– КIентий! – лохха вистхилира Іаьлбаг. – Вай а тухуш, вайна а кхеташ, чекхдели

хIара кхо де а. ХIор а дийно уггар майра, уггар дукхабеза накъостий къастабо вайх. Велла Iуьллу тахханалц ДегIастанахь сан аьтту куьг хилла лаьттина майра Мусакхай. Кхин хезар дац, хала киртиг тIехIоьттича, вайн дегнаш хьуьнаршна ойъуш, вайга кхойкхуш хилла цуьнан дера аз, – корта хьала а тесна, аз айдира Iаьлбага. – Амма, хIокхеран санна, турпала Iожалла хуьлда вайн массеран а, – декъашна тIехула дIа куьг тесира цо. – Герз карахь! МостагIчун гихь! Ткъа хIинца, кIентий, масех дош олу ас. Iеламха, суьйлийн декъий Диламе, Миатла, Алмакхе а дIакхачаде. Сатасале цига дIакхуьур ду шу. Бисинарш шишша-кхоккха дIасадаржа. Чевнаш хилларш а, байъинарш а эций. Амма, хаалаш, вай гуттаренна а къаьсташ цахилар. Ас шу кхайкха тарло кхана а. Кийчча хила. Дала аьтто болда вайн!

Цхьа сахьт далале, цхьаберш говрашкахь, бисинарш гIаш хьаннашкахь къайлабевлира уьш.

Майрачийн хьералла – и ду-кха

дахаран хьекъал!.. Майрачийн хье-

раллех олу вай илли!..

М. Горький.Лечанах илли

ШОЛГIА ДАКЪА

МАРШОНАН КIЕНТИЙ

***I корта.* ТИЙНАЛЛА**

Цхьа ах бIе шо даьлча,

ХIара дуьне ширделча,

Берашна йуьйцийла

Тхан шерийн сийлалла.

Ш. Петефи. «Мартан кегийрхой»

1

Буьйса шина декъе йекъайеллачу хенахь Мичка чу воьлла цхьалха бере, ларлуш хих дехьа а ваьлла, эвла йистехь хьуьнна йуккъехь ша лаьттачу цIенойн кетIа гIоьртира.

Иза хих сехьаволуш цуьнан говран бергаша тIулгаш тIехь дохучу татанаша самадаькхина хIокху кертара дера доккха ши жIаьла, кетIа а даьлла, хьалххехь некъ лаьцна дIахIоьттира. Буьрса гIигI деш, кIомсарш йетташ кIегархиъна ши жIаьла гича, говрара охьа а ца вуссуш, бере ладоьгIна-а сецира.

Беречо хIусамдега лохха мохь туьйхира. ЖIаьлеш летча самаваьлла важа, сихха кIетIа веара. ЖIаьлеш дIа а човхийна, беречо делла салам схьаийцира цо.

– Мила ву хьо? Чувосса.

– Со-м Овхьад вара. Гати-Юьртара. Берса вуй кхузахь?

– Ишар?

– ТIам бойна аьрзу.

ХIусамдас, вист ца хуьлуш, улло а веана, луьйта лецира. Овхьад охьавоьссича, цуьнан карара урх дIа а эцна, зIарах чоьхьайаькккхина говр гоьзанах дIатесира цо.

Овхьад учахь витина, цIа чу вахана хIусамда, стогар а латийна, цхьа-ши минот йаьлча, аравелира.

– Схьачувола, Овхьад.

Схьахетарехь, арахь жIаьлеш летта, хIусамда араваьлча, гIеттина, тIе бедарш а йуьйхина, ша вижина Iиллина мотт дIа а леIна, хьаша тIеэца кечвеллачух тера дара Берса а. Товханан белша тIе хIоттийначу стогаран гIийла мотт техкабора диллинчу корехула чухьоькхучу байчу махо.

– Овхьад, хьо ма хан йоццчу хенахь араваьлла?.. Хьо Соьлжа-ГIалара цIа маца вирзина? – хаьттира Берсас, шаьш, охьахевшина, паргIатдевлча.

– ХIинцца вогIуш ву-кх. Бехк ма биллалахь, ханйоццчу хенахь хьо гIатторна.

– Со-м, дера, сема ма вара, Овхьад. ХIокху тIаьххьарчу хенахь наб йайна сан. Олуш кIезиг хIума делахь а, дегIе ладегIар дукха хуьлу. Дика ду со волчу хьо чувирзина. Цигахь хьан гIуллакх муха нисделла ца хууш, сагатдора ас. Васала-м шен галдаьлларг дийцира, веана.

– Схьавеара иза?

– ХIаъ. Муьжгаша кIелхьара ца ваькккхинехь, цхьана мIаьргона Iедалан каравоьдура ша, бохура. Грознера ваьлча, Оьрза-ГIала вахана хилла иза. ТIаккха, дийцал ахь а, Овхьад. ХIун хили хьан гIуллакхах?

– ХIумма а ца хили, Берса. Цара вайн гIо лоцур ду бохург хьехочохь а дац.

– Иза-м ас а ма элира. ЦIеххьана дахана, вай гIовттаме кхайкхича, уьш гIовтта кечбелла Iаш ма бац. Бехха кечам бан ма беза оцу гIуллакхна.

– Изза элира цара а. Соьца БуритIахь доьшуш хилла Петр Данилович дика хьаьвзира. Цхьаццанхьа адам гулдина, къамелаш а дира охашимма. Тхаьшна ма-хуъу Iедалан политика Iора а йаькккхира. Вайн гIаттаман Iалашо а йовзийтира. Дегнаш вайца ду гIалин къехойн. Амма, вайгахьа а бевлла, Iедална дуьхьало йан хIиттац. Кхоьру. Вай долийна гIуллакх кхиамца чекхдериг хиларх тешац.

Берсас гIийла корта ластийра.

– Россерчу халкъийн йерриг дакъазалла цунах йоллу, – элира цо, доккха са а даькккхина. – Вовшех а, шайн ницкъах а цатешарх. Кхузара оьрсийн бахархой кхоьру вайна гIо дан. Цундела Iедало уьш а, вай а дерриг Iазапехь латтадо.

Цхьана йукъана и шиъ, ойланашка ваьлла, дIатийра. Шун карахь чувеанчу хIусамдас кхихкина дакъийна жижиг, сискал, кхийран чIуьжалг йуьззина хи а хьалхадиллира цаьршинна.

– Хьан вукху доттагIаша хIун боху ткъа?

– Хьехархочо лартIехь доцург дийцира: цкъа хьалха областан хьаькамаш байъина,

Iедал шайн кара а лаьцна, эскар шайгахьа даккха дезара… Иштта дIа кхин а дуьйцура. Ткъа адвокатан къамел нийса а, хьекъале а дара. Доцца аьлча, хIара вайн гIаттам аьтто боцчу йуккъехь болабелла боху массара а. Даймахкана кхерам болчу хенахь чоьхьара девнаш дита деза, берриг ницкъ арахьарчу мостагIчунна дуьхьал берзо беза, ткъа доьзална йукъара ваьснаш а, девнаш а тIаьхьа къасто кхуьур ду, боху.

Кхийра зокан чу шийла хи а доьттина, Овхьаде кховдийра Берсас.

– Ахь молий?

– ХIан-хIа, ирс хуьлда хьан, – хиъна Iачуьра хьалаайъавелира Овхьад. – Ткъа Васалан гIуллакх Оьрза-ГIалахь муха хили?

– Кхин а галдаьлла. ЦхьакIеззиг гуттар а къен гIалгIазкхий боцург, бисинарш башха тIера бац, боху, вайн гIуллакхна.

– ХIета, церан гIоьне догдохийла а дIайолу-кх?

– Хаац. Хетарехь, кху махкара къаьмнаш маршонехьа къийсамехь цхьаьнатоха хIинца цкъа ницкъ бац гуш. Доьхна гIуллакхаш ду, Овхьад. Кхин дуй керланиг?

– Инарла Чермоев Орца а, майор Шамурзаев Бота а фронте вахийтина.

– ОхI! И хIун ду?

– Хаац. ХIокху карзахечу хенахь уьш кхузахь бита ца тешна, ца баьхьна, бахийтина хир бу-кх.

Берсас ойла йира…

– Царах цатешар-м хир дацара иза, Овхьад. ОрцагIарал, БотагIарал хьалха-м инарла Свистунов вер вара вайгахьа. Схьахетарехь, бахьана кхин ду. Кхузахь халкъ гIеттина аьлла хезча, нохчийн полкера нах цIа ида боьлла. Цигахь царна тIехIитто вайнехан эпсарш беза хир бу командованина.

Аьхкенан йоца буьйса чекхйала гергалестира. Цхьаъ вукхунна тIаьххье дIадовра седарчий. Ша дIаваха везар дагадеара Овхьадна.

– Iаьлбаг мичахь ву хаьий хьуна? – хаьттира цо.

– Билггал хаац. Селхана Симсарна гуонаха вара иза. ХIуьу дай а, ЧIебарла вала хьажа аьлла, хабар кхетийна ас цуьнга. Басса тIе гIохьа. Цигахь хила а мега иза. Болат а вахийтина цигара йарташ гIовтто. Цунна накъосталла а дер ахь. Соьгара маршалла а ло цаьрга. ХIан, схьавола…

Овхьад, мара а къевлина, дIахьажийра Берсас. ТIаккха, Мичках дехьа а ваьлла, иза хьуьна чохь къайлаваллалц цунна тIаьхьа а хьежна, меллаша чувахара.

2

Йурт гуттар набарна йеттачу хенахь йуьстах гомийчу урамашкахула меллашчу боларехь вогIу бере, АйзагIеран кIетахь сецна, говрара каде охьа а иккхина, зIар диллина, говран йуьхь а лаьцна, керта вуьйлира.

Доккха кIайн жIаьла, мотт баькккхина, цIога а лестош, тIаьхьарчу когаш тIе а хIуьттуш, беречун некха тIе когаш бетташ, цIийзаш ловзаделира.

– ДIадалахьа, Барза! – човхийра иза беречо. – ДIадала!

Лохачу цIенойн цхьаъ бен йоцу неI меллаша цкъа херйелира, тIаккха цигара схьакъедира тоьпан йуьхьиг. ЖIаьла хьесталуш гича, керта веанарг хийра стаг воцийла а хиъна, топ а буйнахь аравелира Iусман. Бодашкахь хьешан сибат ца къасталахь а, Iусманан дагна хааделира иза ваша хилар.

– Iуми! – лохха мохь белира цуьнга.

Топ пенаца дIа а хIоттийна, хьаьдда тIе а вахана, вешина марахьаьрчира иза.

– Iуми! Ма дукха хан йара хьо ганза! – вешин некха тIе бесни хьоькхура Iусмана. – ХIинца-м гIур вац хьо со а витина.

– ДIавала, осала ма лела, – вешин коьртах куьг хьаькхира Iумара. – Нана цIахь йуй?

– Йац. КхоалгIа буьйса а йу тхо дукъахь левчкъина Iен. ХIинций-хIинций нах леца салтий богIу бохуш, цIа дахка ца даьхьаш.

– Вайн-м ца висина цара дIалаца стаг.

– Царна биэн дац – зударий а, бераш а. Селхана йуьрта а лилхина, амалтана нах бигна. Хаси-Юьртан гIопехь чубоьхкина бу, боху, уьш. ЧугIой вайша?

– Iойла дац. Хьо цIахь хIунда ву?

– Ахьар дахьа веанера со… Оха ма сагатдора, Коьжалкан-Дукъахь тIом хезаш. Наний, Эсеттий йисина а йац гIелйелла. ХIинца а эшна шу?

– ХIаъ.

– ХIинца хIун дийр ду?

– Летар ду-кх…

Вешин куьг схьа а лаьцна, буйна къевлира Iусмана.

– Мохьмад мичахь ву?

– Дукъахь. Деши а йу тхоьца. Хьан накъостех хIун хилла? Вайчех цхьа а вийний?

– Виъ вийна: Сату, Хиду, Ловда, Элбарт. Мичахь ду хьан ахьар? ДIавоьду вайша.

Ахьарх дуьзна таьлсаш дохьуш Iусман йухавеача, говр ара а озийна, зIар дIакъевлира Iумара.

– Хьо цIа хIунда веана? – хаьттира Iусмана, шаьшшиъ эвлал араваьлча.

– Байъинарш цIа бохьуш даьхкина тхо. Васал мичахь ву?

– Дукъахь. Салташа шуна дуьхьал тIаме вигнера Васал а, МIаьчиг а. Бевдда цIа баьхкина.

– Кхин хIун ду керла?

– Вайн цIен сту бигна…

Iумаран дегIе зуз хьаьдира.

– Хьан?

– Хьан буьгур бара и? Салташа. Йуьртана гIуда тоьхнера. БIе туьма ахчий, итт бежаний. Амалтана пхийтта стаг а вигна.

Iумар дIатийра. ОьгIазлонан цIе гIеттира кийрахь. Цхьа болчу цхьана атто йина ши старгIа кхиийнера цаьршимма жима йолуш дуьйна. Нах туй тосий бен бIаьра а ца хьовсуш, боккха хаза ши сту хиллера цаьршиннах. КхоалгIа шо дара уьш ворданна

а, готанна а дужу. ХІинца дІадели иза а…

ХІара шиъ цхьана говра а хиъна регІа тІе хьалаваьлча, садаьржира. Хьаннашкахь нилхо шакарш, эшарш йолийра олхазарша. Аьхке йелахь а, шийло йара Іуьйре. Хьалхахьа, хІолламийн кешнаш долчохь, лаьттара адамаш, говраш, ворданаш.

– Хьо кхузахь саца, со тІевогІу хьуна, – элира Іумара говр а сацийна, жимахволу ваша декъашна тІевига а ца лиъна.

– Хьо дукха-м ца Іа?

– Къайсаре вист а хилла, схьавогІу.

Йуьстахлаьттачу ворданна уллошхула тІехволуш, царна тІехь вертанаш кІел Іоххучу декъийн когаш гира Іумарна. Лакхеш дІахьулйинера тІетесначу вертанаша. Йуьйцинчу кертах тевжина лаьтта Къайсар, куьг ластийна, шена тІевийхира цо.

– ХІун ду йуьртахь? – хаьттира Къайсара, ша тІекхоччушехь.

– Салтий бац. Асхьад коьртехь масех милцо ву, боху.

Къайсара хІумма а ца элира. Іумар, цхьаъ-м ала ца хІуттуш, нуьйрахь меттахъхьайра.

– Хьуна хІун лаьара?

– НанагІар бу, боху, дукъахь. Со цига ваха мегий?

Къайсара корта таІийра.

– ДІагІо. Ас хьайга кхайккхалц, йуха а ма гІерта.

Іаьрчхин кІоргачу боьра чу а воьссина, дехьа агІон тІе хьалаваьлла ши ваша, масех ирзо а, боьлак а хадийна, Шал-Дукъан хьаннашка ваьлча, регІа тІехула малх гІеттира. Амма цуьнан зІаьнарш ца кхочура попан хьаннаш йуккъе, ши-кхо де хьалха дилхинчу догІано тІадийначу хьаннийн кІелош хІинца а йакъайалаза йара. Іуьйранна самадаьлла Іалам жигара болх бан доладелира. Гергахь адам хааделла акхарой йуьстахъуьдура, дайн татанаш а деш. Наггахь таллархо воцург, аддам а ца кхочура кхуза. Ца гора цхьаннахьа а дагаран лар а. Амма къанделла хирцина зоьртала пепнаш Іохкура массанхьа а.

Йуьхьанца ворданан готтачу, тІаккха гІашлойн новкъа дІавахана Іумар а, Іусман а, кІоргачу Іин чу а воьссина, хинна дуьхьал хьалаволавелира.

Іинан ши берд тІеттІабеана гатйеллачу меттигна тІекхочуш, говр а сацайайтина, бага ши пІелг боьллина, шок туьйхира Іусмана. Цуьнан цІогІа хьуьна чохь дайна а далале, ишттачу шакаран жоп деара дуьхьал.

– Мохьмад ву иза, – элира Іусмана.

Берд готтачохь дуьхь-дуьхьал гІоьртина тхов бина кхозучу гаьннашна кІелхьахула дІахьаьжча, масех тоьла гира Іумарна. Царах цхьанна хьалха хІетта латийначу цІеран кІур бара нийсса ирх оьхуш.

– Ва-а, Іуми вогІу, Іуми вогІу! – воккхаверан мохь белира лакха тІехь хьуьна чохь.

Бердан басахула лелхаш, хехкалуш чувоьссина, ведда тІевеана Мохьмад, говрахь волчу Іумаран настарх хьаьрчира.

Мохьмадан мохь хезча, тоьланаш чуьрий, хьуьна чуьрий схьа маьІ-маьІІера гучудуьйлура адамаш. ЦІера уллохь, схьанехьа букъ берзийна, кхача кечбеш хиъна Іен зуда, хьала а гІеттина, схьахьаьжна, чурт санна, йогІайелла сецира.

Іумар, говрара а воьссина, тІеволавелча, берзинчу когашца тІулгаш тІехула, хи

чухула хьаьдда дуьхьалйеара Эсет а, Деши а.

Цхьацца агIор тIекхетта, барташ дохуш, хьистина, цхьацца агIор йаьлла, пхьаьрсаш лаьцна, кIант Айзина тIевигира цаьршимма.

Текхахь хьакхош болу мижарг Iадда а битина, мижаргех дуьзначу куьйгех бина ши буй чIениг кIел таIийна, цергашца корталин тIам а лаьцна, хIоьттина лаьттара Айза. КIанта, тIе а веана, ша мара йоьллича, цкъа хьалха балдаш, тIаккха чIениг йегийра цуьнан, хьех кIорге чухиъна ши бIаьрг хих буьзира.

ХIорш дара-дацара ала а кхиале, дагарш карахь тIевеара хьуьнхара араваьлла Васал а, МIаьчиг а. Хазахетар тIехдаьлла зударий боьлхура, шайн хеттаршна Iумар жоп дала а ца вуьтуш.

– Дитал шайн белхарш, – човхийра уьш МIаьчига. – Дийцал, муха хилира тIом, вийнарг, чов хилларг вуй? Iалелай, ма дукха эскарш оьзнера цига! Зингатийн туьйлиг санна, сийсадора-кх цара и цигара Iаннаш а, хьаннаш а!

Айзас хьолтIамаш йешшехь, Iумара сих а ца луш дийцира Коьжалкан-Дукъахь хиллачу тIамах а, шайн иэшамах а лаьцна. Виъ йуьртахо вийна аьлча, зударийн белхар иккхира. Болатах хилларг хаа лууш, Деши синтем байна хьийзаш гинчу Iумара, зударийн белхар дIатийча, цунах шена хуург дийцира.

– Болат вацара тхоьца. Иза Басса тIе хьажийна имамо, цигара йарташ гIовтто.

– ХIета. Ловда вийна-кх, – гIайгIане вистхилира Васал.

– Вийна, Васал.

Васал, хьала а гIеттина, шен жоммагIа пхьаьрса кIел доьллина, меллаша хьуьна чу волавелира.

– Ахь хIун до, Васал? – тIаьхьа мохь туьйхира МIаьчига.

– Жимма кхарста воллу со, – йуха а ца хьожуш, къоро жоп делира Васала.

– Йай схьаболуш боллу, собарде жимма, – йухакхайкхира иза Айзас.

Амма Васал, йуха а ца хьожуш, корта а таIийна, меллаша ког боккхуш, хьуьн чохь къайлавелира.

МIаьчиг хьалагIеттира:

– Мисканна ша лайнарг карладаьлла, – элира цо, доккха са а даькккхина. – Цунна тIаьхьавоьду со.

– Ой, йуург ма йу схьайолуш, – оьгIазйахара Айза. – Аш лелориг хIун ду, дан мукъане а?

– Аш йаа, охашимма тIаьхьо йуур.

Шина гажарга тIехула пурх тесначу хьокханах кхозу цIестан йай, хьокханан ший а маьIиг лаьцна, айъина лаьтта а хIоттийна, серех дуцуш динчу чоьлпица хьолтIамаш текха йаха йуьйлира Айза.

– Сингаттам бу-кх хIара дуьне, – балхамаш бан хIоьттира иза. – Хаац-кх, Дала мича къиношна до хIара таIзар. Дала къина а ма лорийла, шовзткъе итт шарахь дуьнен чохь йаьхча, цхьаъ мукъана а ирсе де ца гина бохург эхь ду-кх. ХIор а денна адамаш ду дойъуш, йарташ йагайо, Сибрех хьийсабо. Летарх, къийсарх, ва Дела аьлла, нислуш хIума дац. Ца оьшура хIара дов доло а. Тоьлур доцу дов дитахьара мел дукха бехира шуьга! Амма наношка, зударшка аш ладогIац. Ткъа бохам тхоьга алсам кхочу. ЦIийнах-цIерах девлла, акхарой санна, кху хьаннашкахь лечкъаш лелар а, шуна сагатдар а…

Айзин бІаьргех мела хиш хьаьлхира. Корталин тІемаца уьш дІа а хьаькхна, текха йаьхна хьолтІамаш чоьлпица йаржийра цо, берамца кад хІотто йукъ мукъа а йоккхуш.

– ХІинца цІахь Іай шу? Іаьлбаг-Хьаьжас хІун боху? – хаьттира Къайсаран зудчо Маккас.

– ЦІахь хІунда Іа? – цунна тІевирзира дечиган туьппалга тІе а хиъна Іен Іумар.

– Кхин хІун дийр ду аш? Тоьлур доцу дов дита ма деза, и ца хаъал кортош боцуш бу шун тхьамданаш?

– Царна дика хаьа шаьш лелориг, – доцца хадийра Іумара.

– ВаллахІ-Делора, ца хаьа хІумма-м царна, – моха йеара Маккина. – Тхо а, шаьш а дакъаздаьхна лела-кх. ЦІенош дагийна, кертара бежанаш дигна. ХІинца ас хІун дан деза? ХІара стаг вехь, лаьцна Сибрех вахийтахь, сох а, берех а хІун хир ду?

– Тхан ненах хилларг.

– Шун нана а йу-кх декъаза дуьне дууш…

Іумар оьгІазвахара. Зударийн чІеІамаша йуучух а догдаькхира цуьнан.

– Тхо летар ду-кх делла дІадовллалц, йа маршо йаккхалц, – деро вистхилира иза. – Ма цІенош хили хьуна оцу вайн тоьланех! Даьхний вайн мичахь хилла? Халла кхиийна цІоьллакаш. Гай йуззалц дууш ца хилча, ца летта хІун дийр ду? Лийриг велла, вуьсург висина, цхьа агІо йаллалц летар ду-кх. Тхо делларш а ларий, шайн гІайгІа бе аш.

Айзина цкъа а ца гинера шен кІант иштта дера. Цецйаьлла цуьнга хьажайеллачу нанна кхин стаг гира. КІентан йуьхьа тІехь хІинца лар а ца йисинера кхо бутт хьалхалерчух. Йуьхь Іаржйелла, азйелла, йахйелла гора. Маж-мекх даьллера. БІаьргаш а кхоьлина. Іусман, шен да санна, эсала ву, ткъа хІара шен амалшца шен ден вешега Аьрзуга хьаьжна…

…ХІаъа, МІаьчиг бакъ лоьра. Иза кхеттера доттагІчун дагах, даим санна. Цаьршинна вовшийн бІаьра ма-хьаьжжинехь хаьара вовшийн дагара. Халахетча а, хазахетча а. Васал меллаша хьалха дІаоьхура. Ши бІаьрг лаьтта а боьгІна, гондІара исбаьхьа Іалам а ца гуш. Олхазарийн эшарш а ца хезаш. Шен йуьхьах деттало гаьннаш ца хаалуш. Йерриг шен ойланца къилбаседехьа, даймахка а вахана. Дагадеара шай, Косолаповвий ведда Нохчийчу вар. Цаьршиннал хьалха а, тІаьхьа а маса салти веанера кху лаьмнашка маршо лоьхуш! БІеннаш. Къизаллех ведда. Масане хІаллакьхилира уьш, оцу маршонехьа къуьйсуш. Иза лоьхуш, цуьнан дуьхьа даймахках бевлла лийлира-кх уьш. Ткъа иза ца карийра. Йац-кх иза. Нийсо а, харцо а йу-кх массанхьа а.

Елисей а, Михаил а веана кхуза, хІара Васал санна. Царна а карор йу кхузахь Іожалла. Шайн ирс ду, карайахь. Дийна бисахь а, кийчча тангІалкхаш хир йу царна. Йа Сибрехан каторга. Дийна висина Васал а ма вац ирсе. Хьалхалерра Іазап, харцо, къоьлла. ТІекхеттарг хІун ду? Даймахке сатийсар. Ненан маттах хьегар.

Декъачу, хебаршка ихначу логаца хьала-охьа уьду ира логашад. Васала сацабо кийрара арагІерта мохь. ЧІоггІа тІеттІатаІадо бІаьрнегІарш. Амма ницкъ бац кийра летта цІе сецо. Иза тІехтосу. Попан гІад мара а къовлий, цунна тІетаьІа Васал. ПІелгийн мІараш чуйуьссу попах тесначу ковстах. Амма ницкъ бац кхидІа садетта. Васалан мохь болу. Къора. Бежанан санна.

– Васал, осала ма хилахьа! – белша тІе куьг диллира цунна МІаьчига. – Лийр долуш ма ду вай дерриш а!.. Ловда массарна а ма везара. Ма велха. Вай делхарх, хІумма а нислур дац…

Васала, схьавирзина, доттагІ мара а къевлина, шен йуьхь цуьнан лога тІе таІийра.

– Со муха ца воьлху, МІаьчиг… Ловда ваша ма вара сан… Со виэн гІоьртича, шен гергара стаг вийра цо. Оцу бехкенна Сибрех итт шо хан а йаькккхина, цІа веара иза.

МІаьчиг доттагІчун догъэца гІертара. Ткъа шен бІаьргех бертаза хиш оьхура.

Дикка лаьттира и шиъ, Васала сауьйзуш, МІаьчига къурдаш деш. Эххар а, МІаьчиг дІа а хецна, цІийбелла ши бІаьрг цунна тІебуьйгІира Васала, велакъажа а гІоьртира.

– Къанвелла вайша, МІаьчиг, – элира Васала, бехкала вахана.

– ХІаъ, Васал, къанвелла. Дегнаш а кІадделла.

– Къонахалло кІез-кІезиг дІатосуш лаьтта вайша. Маршонехьа къийса ницкъ бац.

– Амма вайшиннан ши кІант ву тахана оцу къийсамехь хьалха.

– Бакъду иза.

– Церан а хир бу кІентий.

– Цара а дІахьур ду вайшиннах дисинарг.

– Мацца а цкъа вайн тІаьхьено йоккхур йу маршо.

– Вайша дага а лоцур ву.

– Миска Васал а, МІаьчиг а.

– Вало, доттагІ.

– Вало хІинца. Цхьаьнгге а ма алалахь, Васал цхьана минотана къонахаллех ваьллера…

– Хьох кхарда меттиг ма бац сан. Со а вилхина. Хонкарахь. Зуда санна. ТІаьххьара йоІ йелча, цуьнан докъана улло а хиъна… Ирча буьйса йара иза, Васал. ТІедетта догІа, къекъа стигал, детта ткъес. Тоьли чу хІоьттина Іам. Йелла Іуьллу йоІ. Мичахь ву а, ву-вац а ца хуу Коьра. Нехан хийра мохк… Ирча буьйса йара иза, Васал. Со а вилхира, зуда санна.

Васала, вист ца хуьлуш, корта теІабора. ТІаккха доттагІчуьнга хьаьжира иза.

– Со воьду, МІаьчиг.

– Стенга?

– ТІаьххьара а Ловдега хьажа. Кхин гур ма вац суна иза.

– Со а вогІу хьоьца…

3

Бохамаш цкъа тІелахкабала боьлча, царах дулу адам. Дуьххьарлера лазар хало хуьлу. Ткъа иза дахделча, кхин а тІекхетча, йа дог чІагІло цуьнан, йа, шех дог а дуьллий, кІелсоцу стаг.

Хьалха маситта шарахь тІом лаьтташ, Іожаллех боьллера нах. Цхьа а де ца доьдура йуьртахь цхьаъ йа масех стаг лаьттах ца вуллуш. ХІор а денна дебара кешнийн баьрзнаш. Шо далале кешнийн керт дІасаоза дезаш хуьлура. Вийнарг дІавуллуш лийчо а, тІаьхьа сагІанаш даха а ца оьшура. Къийсамехь веллачунна уьш ца оьшуш магийнера. ХІетахь белхар-тезет а ца лаьттара керташкахь. Царна хан йацара нехан. ТІамо хан ца йуьтура веллачунна велха а, висинарг хьаста а.

Бахбеллачу тІамо хІетахь дахчийнера адамийн дегнаш.

Цул тІаьхьа вуьрхІитта шо даьлла. ХІинца вийна валийнарг жимма а адамаллехь дІаволла гІертара нах. ГІаттам болабелча, йуьхьанца тезет-белхар а шина-кхаа дийнахь лаьттара. ТІаккха, цхьа бутт баьлча, цхьана дийне дирзира иза.

Тахана деанхьа тезет ду Гати-Юьртахь. Маьждигна хьалха бармашна тІе охьадиллина диъ дакъа Іуьллу. Йуьртара а, гонахарчу йарташкара а нах гулбелла. ЦхьакІеззиг къена нах боцурш, берриг а герзашца бу. Амма ХортІа а, цуьнан кІант Асхьад а ца гора цхьанххьа а. Йа цхьана а тезета а ца веанера и шиъ. Молланаш Товсолта-Хьаьжа а, йа Панта-Хьаьжа а ца веана хІорш дІабохка. Байъинчийн гІуллакх деш верг къона молла МаІазин Лорса вара. Амма, докъан ламаз дина, наха барамаш хьалаойъуш, тІевеара ХортІин Асхьад. Цуьнца бара Іедало милцой бу аьлла битина СаьІад, Инарла, ЧІонакъа. ХІорш кхоъ дегаза вогІура нахана тІе, амма Асхьад майрра веана тІехІоьттира.

– Собардел, нах, – элира цо салам далар доцуш. – Декъий меттах ма хьедел.

Бармийн генаш лаца кечбелла нах охьакхевддинчохь бисира. Цецбевлла севцира хьалха дІабуьйлабелла баккхийниш а.

– Ахь дуьйцург хІун ду? – йукъара схьа а ваьлла, Асхьадна хьалха хІоьттира Акхта.

– Пурстоьпан бакъо йоцуш стаг дІа ма воллийта, аьлла соьга, – тІехьа шен накъосташка бІаьрг туьйхира Асхьада.

– Хьо мила ву?

– Со мила ву ца хаьа хьуна?

– Тахханалц-м ХортІин къутІа ду хьо, тахана хьо мила хила гІерта-м хаац!

Асхьадан стаммий, тІеда балдаш кІайделира, карзахйаьллачу говран санна, сийса йуьйлира мераІуьргаш.

– Со паччахьан Іедало кху йуьртах жоп дала хІоттийна стаг ву-кх.

Акхта, шен шуьйра цергаш гучу а йохуш, велавелира.

– Стенна воьлу хьо? Хьо хьанах ца веша? – багара шетийн дарц тухуш, мохь хьаькхира Асхьада.

– Йуха ахь бага гІаттайахь, кхин а диъ дакъа дІадуллур ду хІокху йуьрто, – тІевеара Къайсар. – ДІа генайовла, чагІалкхаш!

Нахана йукъахь гІовгІанаш йевлира. Масех жимачу стага герзех катуьйхира.

– Кхин эхь ца хеташ, схьа а баьхкиний-ц!

– Кадам бар а дац!

– Вай дІадухкурш, адамаш доцуш, жІаьлеш долуш санна!

– Йовсарш!

– Лахка уьш.

ГІуллакх генадала доллийла хиъна Асхьадан кхо накъост, шайгара герз ца хьадеш, масех гІулч йуха а ваьлла, сих-сиха йуха а хьожуш, генавелира.

– Собар цкъа, оха йийр йу шун болх! – маьхьарий деттара наха.

Накъостий бевддийла хиъна Асхьад, дуьхьал вист ца хуьлуш сецира. Шен гІорасизаллина оьгІазвахана, балдаш дегадора цуьнан.

– Хьовсур вай, мила тоьлу! – мохь туьйхира цо, бармаш айъина, нах дІабуьйлабелча. – Ас сайн зудчун кортали туьллур ду-кх, нагахь кестта шух цхьадерш кешнашка, дисинарш Сибрех ца гІахь!

– Хьо мича ваха воллура тІаккха? – элира тІаьхьависинчу Янаркъас, йуха а вирзина. – ХІокху махкахь ваха ца деза хьан? Йа стигала вер ву хьо, йа лаьттах воьр ву хьо? Йа кхузахь хьо ларвеш салтий Іийр бу, моьтту хьуна? Оха кІур бойъур бу хьан, хьакхин херси!

Нах кертан маьІехула дІахьовззалц а Іийна, шен накъосташна тІевахара Асхьад. Шен даг чохь ІаьІна оьгІазалла царна тІеІанийра цо.

– Стенна йевдда шу, пхьагалш? Цул, шайгара герз шайн зударшка деллехь, кІиллой!

Кхерабалар дІадаьлла, хІинцца меттабаьхкинчу накъосташа башха тергал а ца вира шайн «эпсар».

– Сацайехьа и хьайн чІинкъ! – куьг ластийра, гІуркх санна, веха векъаначу ЧІонакъас. – Тхаьш дан декхар дерг дина оха. Ахь дуьйла аьлча, схьа а даьхкина тхо, хьо леттехь, летар а дара. Хьо Іадда а Іаш, оха хьалха тухур йу моьттура хьуна? Оццул Іовдал а дац тхо!

– Баккъал, царах стаг вийна, даха меттиг ма бац вайн, – йукъавуьйлира дегІана хьийкъина тІингар-гай йолу СаьІад. ТІаккха горгачу йуьхьа тІера хьорматах тера шен мара а хьакхийна, тІетуьйхира цо: – Церан тІаьхьенаша а йаха йуьтур ма йац вайн тІаьхье.

– Пурстоьпе хІунда ца олура аш иштта? – чукхийсалора Асхьад. – Шун шалха цІоганаш ца оьшу суна. Цхьаъ – Іедална хьалха, важа – нахана хьалха лестош. Ас иштта дІаэр ду-кх Іедале. ТІаккха шайна хиндерг хаьа-кх шуна! Пашбукъаш!

– Хьо дукха тІехвала воллу, Асхьад, – гома схьахьаьжира Инарла. – Тхан цхьа а вац Іаьлбагна тІаьхьа. Хьайн ваша бахьана долуш, Іедална хьесталуш, чуьраваьлла хьийза хьо. Ваха а гІой, хьайн ала дерг дІаала Іедале. Оха хьо вийр ву-кх бехке.

– Дика ду, – гома хьаьжира цаьрга Асхьад. – Вовшийн мотт бер вай. Баьхкинчу салташа шайн цІеношн дагош хьовсур шу. Шу Іедална муьтІахь ду моьттуш, дитина уьш хІинццалц.

ХІорш, девнаш деш, геннабевлча, дуьхьалкхийтира чехкка болар эцна хьацаран кІур хилла вогІу ХортІа.

– ДІабиги цара уьш? – хаьттира цо, тІе ма-кхеччи.

– Биги, дера-кх, – бур-бур дира Асхьада. – Ахь хІун до?

– Шу дІадуьйлалол, ЧІонакъа, – элира ХортІас севцна лаьттачу милцошка.

Шен деза дегІ дадийна веана ХортІа хьуьхьвоьллера. Йерстинчу йуьхьах а, вортанах а доккха цІен йовлакх а хьаькхна, деттало дог жимма меттадеъча, важа кхоъ генаваьллий хьаьжна, кІентан лере таьІира иза.

– Овхьад цІа веана, – элира цо шабарца.

Асхьадан йуьхьах цІе летира.

– Мичахь ву иза?

– Кешнашка ваха.

– ЦІа веанера иза?

– ХІан-хІа, урамехь дуьхь-дуьхьал нисвелира тхойша.

Асхьад хаттаре дега хьаьжира.

– Хьайна хуур хьуна дан дезарг…, – шен кегий цIен мукадехкан бIаьргаш кIантана тIебуьйгIира цо. – Амма, цхьанне а ца тосадолуьйтуш.

Асхьада жоп ца делира. Амма цо хьакхийначу цергаша шера гойтура цо йина кхиэл.

4

МоггIара даькхинчу деа коша роггIана чу декъий кхийдош, тийна лаьттара нах. Корта хьалха а болуш барма кошан йисте лоций, тIехьара хьалаойъура наха. Кошахь волчу шимма, меллаша такхадой, охьачудоккхура дакъа. Иза лахьти чу дIа а нисдина, упханаш хIиттош, коша тIехула, даржош, верта лоцура. Упханаш дIа а нисдина, кошара ши стаг хьалаваьлча, сихдина чу латта хьокхура кегийрхоша.

Велла стаг дIавуьгуш а, иза лаьтте дIалуш а, бист ца хуьлуш, тийна Iа нах. Дан дезарг куьйга, бIаьрган ишарехь гойту. Ткъа тахана къаьсттина тийна ду кешнашкахь. Кхоьлиний, дерий йу нехан йаххьаш. Схьахетарехь, царах хIораммо а ойла йо ша-ша кхуза кхочу волчу дийнан. Иза кхана хир, лама хир хаац. Къаьсттина хIокху синтемзачу хенахь. Iожалла йу, когийн кIажаш хьоьшуш, тIаьхьахIоьттина лелаш. Кадетташ. ХIара ду хIор а адаман тIаьххьара туш. Кхузахь бен карайац адамна маршо а, синтем а. ХIокхо кочара йоккху къоьлла а, гIайгIа а. ХIара иттех дол латта ду хIоранна а кхочудерг. Iожалло бен нийсо ца йо дуьнен чохь. Амма хIоккхо къинхетам а, озабезам а бац цхьаннех а. Цунах кIелхьара ца бевлла пайхамарш, паччахьаш, хьолахой, къехой.

ТIаьххьара дакъа коша дуьллуш, Къайсаран бIаьрг кхийтира дехьо нахана йукъахь лаьттачу Овхьадах. Схьагарехь, иза хIинцца кхаьчнера кхуза. Къайсар цецвелира, иза гича. Басса тIехь хила веза Овхьад кхузахь а хIунда ву, цуьнца Болат а хIунда вац? Къайсаран сагатделира. ТIе а вахана, хатта йиш а йац. Йуьстахваккха а гIиллакхе дац. Къайсарна дахделира и тIаьххьара сахьт. Ша цуьнга масазза хьожу, Овхьад шега хьоьжуш а каравора цунна. Схьахетарехь, дIатетта йишйоцу гIуллакх деана цо.

ТIаьххьарчу коша тIехь барз нисбина, Лорсас доIа а дина, нах кешнийн кевнехьа дIабуьйлабелча, Акхта тIаьхьа а сацийна, Овхьаде тIевола аьлла бIаьца йира Къайсара.

– Хьо лаа вуй, Овхьад? – хаьттира Къайсара, маршалла а дитина.

– Болата ваийтина со.

– Иза дийна вуй ткъа?

– Ву, дера. МахкатIхой кийча бу гIовтта. Хоттанхойн, тевзанхойн ойла а вайгахьа йу. Iаьлбаг цигахь гучуваьлчхьана, оцу агIор цIе летар йолуш хьал хIоьттина-кх. Iаьлбаг цига дIакхойкху цара.

Ойлане ваьллачу Акхтас шен йаьллачу йуьхьах куьг хьаькхира.

– Iаьлбаге маца кхача аьлла цара? – хаьттира цо.

– Ма-хуьллу сиха.

Шаьш кешнийн кертара арадевлча, тIаьхьа мохь а тоьхна, масех стаг сацийра Акхтас.

– Шайн доьзалш ган кхо сахьт хан йу шуна. ТIаккха герзашца, шина-кхаа денна пхьор а эций, маьждиган майдана гулло. Иза дIакхетаде берриг накъосташка.

Янаркъас, куйна кIел куьг дахийтина, коьртах мIараш хьаькхира.

– Доьзалш лохуш дIадер ду и кхо сахьт, – элира цо дегаза. – Уьш мичахь бу хаац.

– ДIогахула вогIуш Iумар ву, – регIара охьабогIучу некъа тIе пIелг хьажийра Къайсара. – Цунна хуур ду уьш мичахь бу.

Нах дIасабахча, шаьш висира Къайсар а, Овхьад а.

– Хьуна гиний хьайниш? – хаьттира Къайсара.

Овхьад гIайгIане велавелира.

– Гина. Да гина суна. Ца гинехь а, хIумма а дацара.

– ХIета, цхьаьний дукъа валий вайша?

…Тоьхначу хенахь йуьрта кхоччург аьлла, Шал-Дукъара йухавирзина Къайсар а, Овхьад а маьркIажехь меллашчу боларехь Iаьрчхин боьра воьссира. Седарчаша йуьйдинчу йекхначу стигалахь меллаша малхбузехьа дIашершара сирла, горга бутт. Некъана шина а агIор йекара цаьпцалгаш, чилланаш. Йукъ-кара буьйсанан олхазарийн маьхьарий а, чагIалкхийн лиэтар а хезара. Цкъацкъа некъ хадош чекхъоьккхура талла арадаьлла цхьогал.

Овхьада дуьйцура шена хезна керла хабарш. Дийцарехь, туркойн тIамехь дика дацара паччахьан эскарийн гIуллакх. ХIинца цкъа уьш йухадуьйлу. Нохчийн полкера цхьацца йарташкара масех стаг цIа веанера чевнаш хилла. Бевдда баьхкинарш а бара.

ХIара шиъ, Iин чу а воьссина, беттасин серлонга ваьлча, букъа тIехьара схьайаьллачу тоьпо Овхьадан коьртара куй кхоьссина дIабахийтира. Цецваьлла цкъа дIаса а хьаьжна, тIаккха сиха гира тоьпаш схьа а йохуш, говрийн вортанаш тIе охьатаьIира и шиъ.

– Говр лалла! – аьлла, шениг, човхийна, хьалха дIахийцира Къайсара. Амма хIара шиъ дуьхьал басахь хьуьн чохь къайлавала кхиале, йуха а йаьллачу тоьпан дIаьндарг Къайсаран лерехь шок тухуш чекхъиккхира. Жимма лакха къайленга ваьлча, говраш йуха а оьзна, сецира и шиъ.

– Хьуна чов-м ца йина? – хаьттира Къайсара.

– Ца йина. Цхьа пIелг виси. Хьуна хиллий хIумма а?

– МIаьргонна лерг дIатосура!

– Лерг-м хIун дара. Цхьа хIума доцуш, хье тосуьйтура шингге а.

– Цхьа топ йара-кх и шоззе йаьлларг?

– Нийса а йеттара дена неIалт хиларо!

– Вайшинна йина кIело хилла-кх иза.

– Мила хилла-те, хила мукъане а?

ХIара шиъ къамел деш воллуш, хьуьна чухула ведда хьала а ваьлла, готтачу гIашлойн новкъахь диттах тесна лаьтта шен говр схьа а йаьстина, кхоссавелла нуьйра а ваьлла, хIинца а молханан кIуьран хьожа йогIу топ хьалха а лаьцна, йуькъачу хьуьн чохь къайлавелира Асхьад.

«Ца кхийти-кх цаьршинна! – цергаш хьекхайора цо. – Мел дика аьтто нисбеллера! Ший а виэн. Йуха нислой а хаац иштта меттиг. Амма ас, мацца дина а, хьукма дийр ду шуна тIехь…»

II корта. ГІУЛЛАКХАШ НИСЛАЦ

Барт болчийн кегийра гІуллакхаш а чІагІло,

барт боцчийн даккхийниш а духу.

Гай Саллюстий Крисп

1

Къасталур доцуш чолхе хьал хІоьттинера Нохчмахкахь. Тахана карзахе хилла йурт, кхана Іедална муьтІахь хуьлий, соцура, ткъа ша муьтІахь йу бохуш, дуйнаш биънарг – гІевттинчарал а карзахйолий карайора.

Хьаннаш, некъаш сийсадора герзаца дІасалелачу адамаша. Паччахьан эскаран жима отряд дІасайолийла хиъча, кІело а йой, цунна цІеххьана тохар дой, дІасабаьржара нах. ТІаьхьайаьхначу таллархойн отрядашка а ца далора царна хІумма а. Йуьхьанца уьш кІелхьарбовлура, шаьш милцой ду олий. Ткъа хьайн отрядехь хІунда вац хьо аьлла хаьттича, гергарниг цомгаш хилла йа велла аьлла хабар деана, цхьана-шина денна дІавоьдуш ву олий, жоп лора. ТІаккха милцошна шатайпа билеташ делира командованис. Иза карахь доцург лаца аьлла, буьйр а дира. Амма тІаккха а ца долура гІуллакх цхьалха.

Милицин йа лаамхойн отрядаш, дай боцу жІаьлеш санна, кхерстара Нохчмехкан хьаннашкахула. Кху тІаьххьарчу хенахь командованис шайн лаамехь хецна йитинчу цара талораш дора йарташкахь а, некъашкахь а. ХІор а лаьцначу йа вийначу гІаттамхочун коьртан цІарах командованис ткъе пхиъ сом ахча лора милцочунна.

Милицин отрядашкахь гІуллакхдеш берш кху лаьмнех девлла даххаш дара, къинхетам а, сий а, оьздангалла а хІун йу ца хууш. Цаьрца буьстича, хІара салтий цІена маликаш хетара. Милцошка боккха цабезам бара меттигерчу бахархойн-м хьовха, салтийн шайн а.

Нохчмахканий, ЧІебарланий йуккъехь аренгахула зІе йоза гІортар Шелана уллохь кхиамза чекхдаьлча, кхин некъ лаха дийзира Іаьлбаган. И некъ ЧІебарлан малхбален дозанца Басса тІерачу йарташкахула дІа бара.

Іабдул-Хьаьжин а, махкатІхойн йуьртден ТангІайн а гІоьнца цигара йарташ гІовтто вахийтина Овхьад а, Болат а ТангІайн хІусамехь сецира. Йуккъерчу дегІахь, шуьйра белшаш а, хьийзина Іаьржа маж а, месала мекхаш а долуш, Іаьржачу аматахь куьце стаг вара йуьртда. Кхача а биъна, хьеший паргІатбевлча, гІуллакх хаьттира цо.

Кондарш санна долу шен дуькъа цІоцкъамаш а дусийна, седарчий санна, богу Іаьржа бІаьргаш кхушинна тІе а боьгІна, леррина ладуьйгІира цо Овхьаде. ТІаккха, йуьртара Хьаьки-Хьаьжа а, Юьсп-Хьаьжа а схьа а кхайкхина, цаьрца дехха къамел хиллачул тІаьхьа, барт хилира шина-кхаа дийнахь Басса тІехь гІаттам боло.

ШолгІа де а чекхделира хоттанхошций, элистанжахошций барт беш. ГІовттамхойн байракх кІел хІотта кийча вара кхо бІе стаг. Амма, уьш берриш вовшах а тоьхна, гІуллакх дІадоло хІорш кхиале, дагахь доццург хилира.

ХІокху йарташкарчу айкхаша сихха Іедале дІакхачабора бахархоша мел боккху ког. Болабалале гІаттам сацо а, нагахь болалахь, и йарташ къилбаседан Нохчмахках а,

ЧIебарлах а дIахедо а дагахь, подполковникна Лохвицкийна гIоьнна ЧIебарлан дозанашка йаийтинера Чахкарахь лаьттачу Навагински полкан кхоалгIа батальон, цул сов, меттигерчу бахархойх масех отряд вовшах а тоьхнера.

МахкатIехь хезара къилбаседехьа Коьжалкан-Дукъахь йуьйлучу йаккхийчу тоьпийн дур. Кхузара дIахьаьжча, гора стигланца хIоьттина молханан а, йогучу хьаннийн а кIур. Хаамаш кхаьчнера, цигахь Iаьлбага паччахьан эскарш дохийна бохуш. Баккъал дерг ца хаьара атталла Болатна а, Овхьадна а. Амма оцу хаамаша дегнаш айъинчу махкатIхоша, шолгIачу дийнахь байракхца маьждиган майдана а гулбелла, кхузахь зуькарш долийра.

Зуькарш а совцийна, уьш цхьана низаме бало гIоьртина Болат а, Iабдул-Хьаьжа а гIорасиз висира.

Адамаш зуькарна хьаьсарта даханчу хенахь кхуза кхечира Веданара дIа йуханехьа Шуьйта йоьду чIебарлойн милицин отряд. Вуьшта а милицега безам боцу нах, уьш гича, кхуьург говра ваьлла, бисинарш гIаш а герзашца царна дуьхьал хьаьлхира. Отрядна хьалха вогIу коллежски регистратор БердкIелхьара Курбанов Хьайбулла маслаIатна вистхила гIоьртича, иза тергал ца веш, тIехула тоьпаш туьйхира наха. Ткъа милцоша тIаккха баттара тарраш дехира. Йарташкара нах цхьаьна а кхетта, царах низамехь цхьа отряд вовшахкхетталц дов доло ца лиъначу Болата бIаьргашца лехира Iабдул-Хьаьжа. Амма иза а, йа ТангIай а гуш вацара. Карзахбевлла нах совцо цо бетта мохь гIовгIанашна йукъахь тIепаза бовра. Шайн отрядехь чевнаш хилларш а, вийна стаг а гинчу Хьайбуллас тIетоха аьлла омра дира. Оцу минотехь гучуваьллачу Iабдул-Хьаьжас маслаIат-м муххале ца дира карзахбевллачу нахана йукъахь, мелхо а, ша а, баттара тур а даьккхина, чухахкавелира.

– ТIетоха хьакхарчашна! – мохь беттара цо. – Йетта паччахьан лайшна!

Амма мелла а низамехь йолу милицин отряд, хIокхарах масех стаг а вожош, тобанна йуккъехула шайна некъ баьккхина, хаьхкина йуьртах йелира.

– Дойшка ховша! ТIаьхьахахка! Ма дахийта и заддаш! – тур лестош, тIаьхьа говр хийцира Iабдул-Хьаьжас.

Амма дукха генавалале тIаьхьакхиъначу Болата сацийра иза.

– Хьо хьерваьлла-м вац? – бехкбаьккхира цуьнга Болата. – Вукху йарташкахь хIун ду а ца хууш, дов доладо ткъа?

Дарвеллачу Iабдул-Хьаьжин шуьйра накха, левси санна, ийъалора.

– Суна хаьа айса хIун до! – тур батта дахийтира цо. – Нах сецо ца оьшу. ХIинца йухабовла некъ ма бац царна! Лаахь а, ца лаахь а, гIовтта дезар ду!..

– ХIаъа, ден маж схьалаьцна девлла вай, – элира тIевеанчу ТангIайс. – ХIинца дIахоьцийла дац. ХIинца хIун до вай?

Месала куй хьала а теттина, коьртах мIараш хьаькхира Iабдул-Хьаьжас.

– Цхьа агIо йаккха йеза, – элира Болата, баккхийниш бист ца хуьлуш севцча. – ХIара гIуллакх дукха ца Iаш Ведана, Чахкара, Шуьйта а дIакхетор ду. Шеко йац цигара схьа эскарш хьовсориг хиларан. ХIара нах йа дуьхьалонна кечбан, йа, кхузара дIа а баьхна, Iаьлбагах дIатоха беза. Шуьшинна хIун хета?

– Лата ца гIевттина вай? – хьаьжайукъ хабийра Iабдул-Хьаьжас. – Цхьа а стаг дIавер вац кхузара. Со йисина йарташ гIовтто воьду, ткъа аш кхааммо тIамна нах кечбе.

– ХIара Овхьад Iаьлбагна тIе хьажийча, бегIийла ма хетара суна-м, – элира Болата, ойла а йина. – Цунна кхузара хьал хаийта. ТIе, иза ша схьавогIийла а лаьа нахана.

Оцу тIехь сацам а хилла, ТангIай Хоттане а, Тевзана а, ткъа Овхьад Iаьлбагна тIаьхьавахара.

Амма оцу буьйсано буххера хийцира церан планаш…

2

МахкатIехь хилла гIуллакх боккхачу тидаме ийцира командующис. Басса тIера йарташ гIевттича, йухаболалур бара халла хьаьшна Нохчмахкара гIаттам.

Веданарчу Курински полкан йалх рота а, йиъ йоккха топ а эций, чехкка гIой, Басса тIехь низам хIотторца Нохчмахка гуттаренна а дIатейе аьлла, приказ кхечира Аваловга. Цунна гIоьнна хьажош йара Шеларчу Тенгински полкан шиъ а, Навагински полкан цхьаъ роташ а, Сунженски дошлойн полкан кхоъ сотня а, 20-чу артбригадан йоьалгIа батарея а. Нагахь Мичка тIера а, Нохчмахкара а йарташ гIовттахь а аьлла, цига йохуьйтура Долговн а, Батьяновн а отрядаш.

Йерриг отрядаш цига ца йуьгуш Басса тIера гIуллакх машарца дерзаре догдохуш, оцу суьйранна шеца цхьа рота салтий а болуш МахкатIе кхечира Авалов. Хьалххе хаам а бина, цо гулбайтина цигарчу йарташкара йуьртдай, ченаша а вуьзна хIара чоьхьаваьлча, хьалагIевттира. Маршалла хоттуш, массеран куьйгаш лаьцна, хьалде а хаьттина, ша деанчу гIуллакхна тIевелира Авалов.

– ХIун ду керла, наха хIун боху?

Дуьзначу йуккъерчу дегIара хоттанхойн йуьртда, дIаса а хьаьжна, накъосташа дош ца аьлча, кIедачу озехь вистхилира.

– Нах карзахбевлла, полконак! Дийца диканиг дац. Хьовр-зIовр йу гуобаькккхина. И Iовдал адамаш, эладитанаш айъина, цIахь а, кхаш тIехь а болх ца беш, дуьйладелла лела.

– Ткъа шу хIун деш Iа? Йуьртдай а, тхьамданаш а? Тахана шун мера кIел милицина дуьхьало йина махкатIхоша. ТангIай, ахь хIунда ца совцийра нах?

Дуьхехь лохачу гIанта лахвелла Iен ТангIай меттахъхьайра.

– Хьерадаьлла адам соьга сацалур дац, эла. Ас сайн ницкъ кхочург дина. Наха ладогIац соьга.

– Ткъа хIунда летта махкатIхой милицина тIе? Цхьаъ виэн а вуьйш, масех стагана чов а йеш? – аз айдира Аваловс.

– Берриг бехк оцу Iовдалчу чIебарлошна хьалхаваьллачу Хьайбуллин бу. Цуьнан гIуллакх дацара пIерасканан дийнахь зуькарна гулбеллачу нахана йукъаэккха.

– Хьо варий цигахь?

– Со хиллехь-м, и дов хир ма дацара.

– Милцой, муьлхха салтий санна, паччахьан эскарехь гIуллакх деш нах бу, – оьгIазвахара Авалов. – Шун йуьрто, дуьхьало йина ца Iаш, зулам а дина царна. Иза даррехь бунт йу. Йуьрто жоп дала деза хIинца, йа бехкениш схьало, йа, ас айса къастийна, нах дIабуьгур бу шун.

– Бехке хьан милцой бу, – кхоьссира ТангIайс. – Доцца аьлча, Iовдалчу, къизачу адамех вовшахтоьхна и гIера. Эхь, гIиллакх, къинхетам хIун йу ца хуу къуй, талорхой! Тхан йарташ, девнна йуккъа ца гIерташ, йуьстахлаьттина. Таханлерниг а хир дацара, и хьакхарчий кхуза ца нисйеллехь.

ХIетталц вист ца хуьлуш ладоьгIуш Iийначу кIайн йеха, шуьйра маж, дуькъа мекхаш, цIен бос бетталуш горга йуьхь йолчу воккхачу стага, хьала а гIеттина, шен хьекъале Iаьржа бIаьргаш Аваловна тIебуьйгIира.

– Йуьртах къинхетамбар доьху оха, эла, – долийра цо мукъаме кIедачу озаца. – Таханлера зулам цхьа масех стагера даьлла. Оха тхаьш таIзар дийр ду царна.

– ТаIзар аш дийр дац, Iедало дийр ду, – йукъахваькккхира иза Аваловс. – ЦIершца схьабийца уьш.

– Тхо ца кхиъна бехкениш къасто, – паргIат жоп делира воккхачу стага. – Кхана къастор ду дерриг. Сихделча, гIалатдовларна кхоьру тхо. Iедал йукъа а ца гIертош, тхоьга тхайгга къастадайтахьа и гIуллакх. Аш цхьа масех стаг лаьцча, бисинарш карзахбевр бу. Тхан а ву вийнарг, чевнаш хилларш а бу, зиэн шиний агIорхьарчарна цхьатерра хилла. ТIе, зулам долорна бехкениш милцой а хилча, таIзар тхуна дича, нийсо ма йац. Йурт карзахйаларна кхоьру тхо, эла. Дов кIам ца деш дитар гIоле йара.

Воккхачу стеган хьехар хьекъале хийтира Аваловна. Изза дагахь ма веанера и ша а.

– Шайн йарташ Iаьлбагах дIакхетар йац аьлла, дош далалур дуй шуьга?

Массарна а тIера жоп делира безамечу воккхачу стага.

– Нехан дегнаш къайле йу, начальннак, амма хIинца цкъа машаре ду йуьртахь. Тхешан ницкъ кхочуш, зулам долуьйтур дац оха.

– Аш хIун олу? – йуьртдайшкахьа вирзира Авалов.

– Домби бакълоь. Тхайн ницкъ кхочург дийр ду-кх оха.

Авалов хьалагIеттира.

– Дика ду. Областан начальнико суна тIедиллина шун йуьртана луьра таIзардар. ХIинца цкъа, шун дашах тешна, дIавоьду со. Амма, хаалаш, нагахь таханчул тIаьхьа шуьгара цхьа чо гIалатло йалахь, къинхетам хир боцийла.

МаьркIажехь шен ротица йуьртах ваьлла Авалов, Гуьна а вахана, цигара ткъе йалхитта стаг а лаьцна, шолгIачу дийнахь Ведана йухавирзира.

Амма, Гуьнара лецна балийна нах гIопехь чу а бохкийтина, Авалов паргIатвала а кхиале, хаам беара, махкатIхой гIевттина, ТангIай Iаьлбаган наиб а кхайкхийна аьлла.

ХIинца иза валлал дохковаьллера ша командующин приказ кхочушцадарна.

Тахана кхуза кхача везара командующис йаккхий бакъонаш йелла воуьйту инарла Виберг. Оцу векъана-вехачу немцочуьнца цкъа а хьо-со ца хиллера Аваловн. ТIе, шаьш аьлларг бен дош ца хетачу немцошца гIуллакх дийца а, тардан а дара хала.

3

ТкъолгIачу дивизин командиро инарла-майоро Александр Карлович Виберга, ша Ведана ма-кхеччинехь, сихонца тIебийхира отрядийн начальникаш: Лохвицкий а, Накашидзе а.

Командираш схьакхачале гIопан гарнизон теллира цо. Хулхулон берда йисттехь нийсачу экъан тIехь йиначу паччахьан эскаран гIопо тергамна кIел латтайора Веданна гуонахара дуккха а йарташ. ГIопана цаьргахьара кхерам ца хилийта, гуобаькккхина шиъ-кхоъ чаккхарма хьун а хьаькхна, меттиг цIанйинера. Салтий казармашкахь бехара. ТIехулара куц а, бIаьхаллин дог-ойла а вуон йацара салтийн. Кхачанна арз а ца дора. Иза вуон хуьлийла а дацара. Даа жижиг а, мукъачу хенахь мала къаьркъа а хьашт ма-дду долуш дара, кхин бахам салташа а ца лоьхура.

ЦIена а, дегIана там беш а дара кхузара хIаваъ. ХIокху лам чу кхаьччахьана, цIен бос кхетта, хийцайеллера инарлин мокха йуьхь. ГIеххьачул лозуш, цуьнан сагатдеш хуьлу дог а шен барамехь болх бан доьллера.

– Беркат-йаI, хьо мохк! – элира цо уллохь лаьттачу эле Аваловга, доккха са а даькккхина. – Мел хаза, исбаьхьа Iалам ду кхузахь! Стенна оьшу хIара хьал туземцашна? Мел хаза курорташ хир йара кхузахь!

– ХIаъа, хьан локхалла, исбаьхьа Iалам ду кхузахь, – тIетайра Авалов. – Цкъа хIорш къарбелча, и ахь бохург а хир ду.

…ШолгIачу дийнахь шен коьртехь инарла Виберг а волуш Басса тIе новкъаделира Веданара эскар.

Новкъахь гIовттамхойн жимачу отрядан кIелонна тIе нисйелча, кIеззиг дараш бен ца хуьлуш, хьалхайахана отряд дуьхьало йоцуш Элистанжа дIа а лаьцна, цигахь буьйса йоккхуш сецира. Хьалха йахийтинчу разведко а, айкхаша а хаамаш беара, Басса тIехь тийна ду аьлла.

Оцу хаамаша мелла а сатединчу отрядах, Iуьйранна иза Тевзана йоьдуш йуккъе йаьлча, Iаьржа-Ахкана дехьа лекхачу берда тIера хьуьн чохь чIагIбеллачу гIовттамхоша бертахь йеттачу тоьпаша ков эккхийтира.

Даим санна, цIеххьана тохар а дина, къайлабевлира гIовттамхой. Отрядо вал дIалаьцча, цигахь цхьа а стаг вацара. Амма бIаьхаллин низамехь йаьржина отряд, гулйелла, беха могIа а бина, хьалха дIайолайелча, цхьа чаккхарма гена а йалале, йуха а тIелета буьйлира гIовттамхой. Вибергна ца хаьара хIун дан деза. МостагI гуш вацара, амма иза воцуш меттиг а йацара. Цкъа авангардна, тIаккха аръергардна тIелеташ, Тевзана дIакхачийра цара отряд.

Йуьртахь къена наххий, зударий бен ца карийра. Виберга приказ делира, йурт йагайе аьлла. Цхьа сахьт далале дага дуьйлира массо цIа. Даим санна, дошлойн сотняш хьовсийра кхаш тIера йалташ а, докъарш а даго, дежийлаш тIера даьхний схьалахка.

4

Оцу буса махкатIхойн тхьамданашца хаза дуьйцуш, къуьйсуш Iийна, кIадвелла Болат, гIуллакх цхьана лоре а далийна, ТангIайн жимахволу ваша волчу вижа вахара.

ХIусамнанас хьешан цIа чу йеана йаахIума а кхаьллина, хIусамден Iодика а йина, герз улло охьа а диллина, шена кечбинчу метта а ваьлла, дIатевжира Болат. Йеххачу хенахь чу мох кхетийтазчу цIа чохь тIуьна хьожа йогIура. Маьнги кIелахь а, пеша тIехьа а «зар-зар» деш йекара цаьпцалгаш. Чиркх дIабайъича, йукъ-кара цIийзаш, чухула хехкалора дехкий. Наггахь жIаьло гIалх деш туху бага ца лерича, тийна дара арахь. Амма Болатна наб ца кхетара. Эзар ойла хьийзара коьрте. Iаьлбаг Коьжалкан-Дукъахь вохийна аьлла хазар бен, кхидIа цунах хиллард а ца хаьара. Болата вахийтина Овхьад а вацара йухавогIуш. Гати-Юьртара хабар а дацара. Дукха хан йара иза цигахь хилаза. Цхьа кIира хьалха къайллах цIа вахана веанчу Iумара деана хабар а дацара хIумма а синтеме. ГIаттаман йуьххьехь йуьртахоша шайна дина зиэн доькхуш, бекхам оьцуш хьийзара ХортIа а, Асхьад а. Масех стаг, лацийтина, Сибрех вахийтинера, изза дан кхерам туьйсуш бацабора Iаьлбагна тIаьхьабаханчу нехан зударий.

Къоначу нускалх марзо эца а ца кхиаво Болат. Деши берах хиларо цкъа воккхавевора Болат, йуха а гIайгIане вожавора. Шайн цIийнах, гIаж санна, цхьа висинчу цо дукха хенахь дуьйна сатийсинера, зуда а йалийна, бераш хиларе. КIур боцуш йан ца лаьара ДанчIин тIаьхье. Амма хIокху йоьхначу заманахь меттиг ца

буьсура доьзалх воккхаве. Болатна гинера, Салатавера гІаттам хьаьшча, зударий а, бераш а, махках дохуш, Сибрех хьийсош.

Уьйриг хилла хьийзачу ойланаша базбинчу коьртана сатоссучу хенахь жимма наб озийра. Амма набаро а ца бохьура синтем. ГІенах дуьхьалтуьйсура синтемза беролла, туркойн махкахь лайна жоьжахати, йа хІокху тІаьххьарчу хенан ирча денош. Наггахь, хІокхуьнан дог хьосту седа хуьлий, къегара Дешин амат. Дукха хан йалале, йуьртахь жІаьлеш лиэта а, йукъ-йукъа маьхьарий а, наггахь тоьпан татанаш а хезира. Уьш гІан-набарш тарйелла, бІаьргаш ца боьллуш жимма Іиллира иза. Амма маьхьарий а, тоьпан татанаш а луьстта дийла доьлча, бІаьргаш биллира цо. Жимачу коре дІахьаьжча, сатесний хиира цунна. Татанаш, маьхьарий гергагІертара. Хьерадаьлча санна летара кертара а, лулара а жІаьлеш. ХІусамдай чохь болчу цІийнан неІ цІевзира. ХІара гІан доцийла хиъна Болат, сихха хьалаиккхина, чоа тІе а дуьйхина, йукъах шаьлта а йихкина, тапча доьхкарх а йоьллина, топ а карахь араоьккхуш воллуш, арахь хІусамден мохь белира:

– Салтий бу, салтий!

БІаьрнегІар тухучу йукъана сацам тІеийцира Болата. Дуьхьало йар хьехочохь а дацара. Йуьртара нах, набарх а бовлале, дІалецна хир ма бу. ХІинца цкъа йуьртера баьлла бехк бац дуьхьалтоха. Стомара санна, гІуллакх машаре дІадерза а тарло. Ткъа дуьхьало йахь, бехкала оьгу. ТІаккха таІзар ду кийча. Иза йуьрта тІевеанчу шен бехкенна хуьлийла а ца лаьара цунна. Топ, тапчий кІоргге маьнги кІел а кхоьссина, йеккъа цхьана шаьлтанца араиккхира Болат. ХІусамден гай тІе цхьамзанаш таІийна, шиъ салти лаьттара. Божал чохь а, йалтадухкурган неІарх тийсалуш а вара масех салти а, нохчийн милцо а.

Болат шена тІаьхьа неІ тІечІагІа а кхиале, шиннах цхьа цхьамза хІокхуьнан некха тІе бирзира.

– Кхин вуй чохь? Афонька, схьавоьл цхьа-шиъ! – тІаьхьа мохь туьйхира цхьамма. – Чу а гІой, хІусам талла. Хьалхавала ший а! – Болатан гай тІе цхьамза Іоьттира салтичо.

– Зачем? – цецваларан кеп хІоттийра Болата. – Зачем пирода? Куда?

– «Зачем, куда»! – байн тоьпан бух тоьхна, хьалхаэккхийтира и шиъ салташа. – «Зачем, куда» хуур ду шуна, разбойникаш! Цхьана берда тІе дІа а хІиттийна, шайна тІе тоьпаш лаьцча, йа, диттийн генах муш тесна, хьалаозийча. Шу бахьанехь сийсара набаран суй ца бина оха.

Коьртара месаш дІа а хьарчоза берзинчу когашца араиккхинчу хІусамненан мохь белира, салтий гича.

– Ва-а-а, орцах довлийша!

– Мохь ма хьекха, йешап! – ха тоьхна иза йуьстах а йахийтина, чоьхьавелира Афонька.

Уьш гича, цІогІа хьекха хІоьттира хІетта набарх даьлла ши бер а.

Дукха хан йалале хІусамден а, Болатан а герз марахь арабевлира салтий. Цаьрца чуваханчу милцочун карахь хьарчийна жима тиша куз бара.

– Ва-а-й, дела эца шу Дала дІа! – тІехьаьдда, кузах катуьйхира хІусамнанас.

Зудчо схьаийзош, милцочо дІаийзош, цхьана минотехь луьра къийсам лаьттира. Эххар а, чу-кІел мийра тоьхна, зуда аркъалъйахийтира милцочо.

ТІехьа хьажавеллачу хІусамдена гира, цІонгел лахе шиний куьйга чІогІа таІа а йина, коьжалг хилла хьаьвзина Іуьллу шен зуда. Ши салти дІасахьовза а кхиале, цІеххьана йухахьаьдда ваханчу цо, гай тІе мийра тоьхна, аркъалвахийтира милцо.

– Кхахьпа-йаI, ахчанах дохкаделла кхахьпа! – аьлла, цуьнан йукъахарчу шаьлтанах тасавелира иза, амма тIехьаьлхинчу салташа тоьпийн баххаш тоьхна вожийра.

Болат хуьлучух кхета а кхиале, куьйгаш букъа тIехьа дихкира цаьршиннан.

Маьхьарий хьоькхуш хIусамнана а, бераш а, лиэташ хIусамда а гича, чукхоссаделлачу доккхачу жIаьло, тIекхетта, варех цергаш йоьхкира цхьана салтичунна. Амма цуьнан накъосто, гайх чекх цамза а баькккхина, лаьттах таIийра иза.

ХIоккушинца дерг чекхдаьлча, рагIу чуьра гомаш а, бугIа-кIорни а арайаькккхира салташа а, милцоша а. Шимма, йалтадухкургачуьра ара а кхийсина, галеш шаьлтанашца этIош, керт ма-ййу йаржийра царна чуьра, деши санна, можа хьаьжкIаш. БолатгIар геннабевлча а хезара хIусамненан мохь а, берийн белхар а. Амма церан маьхьарий цхьалха дацара йуьртахь.

Гаттий, гомийчу урамашкахула дIабуьгучу БолатгIарна гора салташий, гIалгIазкхаший, милцоший йуьртан массо маьIIера майданехьа лоьхку нах. Даьхний кхечу агIор лоьхкура, схьахетарехь, эвлан йисте.

ХIорш майдана кхаьчча, кхузахь салташа гуо а бина лаьттара когахь мачаш, йа тIехь чоэш, йа коьртахь куйнаш а доцуш бIе сов стаг. Царна йукъахь ши куьг тIехьа а дихкина лаьттара ТангIай. БIаьргашца лехарх, Болатна ца карийра Iабдул-Хьаьжа. Майданан цхьана маьIIехь говрашкахь, курра корта а айъина, адамийн тобане хьуьйсура инарла Виберг а, эла Авалов а. Царна тIехьа лаьттара нохчийн эпсарш.

ТIебало нах севцча, гонаха ха а хIоттийна, Ведана боьдучу новкъа бехира лецнарш. Шинна йуккъехь цхьа чаккхарма йукъ йуьтуш, хьалха гIашлойн шиъ рота а йахийтина, бIе ткъе пхийтта йийсархо йуккъе а лаьцна, новкъа йелира кхоъ рота. ТIаьхье къовла шина йоккхачу тоьпаца йитина ши рота, йуьртах цIе а тесна, цIенош дагадоллалц Iийна, тIаьхьакхиира. ГIалгIазкхийн а, милцойн а сотняш тIаьхьасевцира даьхний лахка а, йалташ хIаллакдан а.

Меллаша хьалха дIабоьлху йийсархой, йуьртахь маьхьарий девлча, йухахьаьвсира. Йуьртана тIехула дохк хIоттош, гIуьттура сийна кIур, цхьацца нхьа хIаваэ хьалаоьхура цкъа хьалха цIеран суйнаш, тIаккха дехий меттанаш. Дегнех чекхдуьйлура зударший, бераший хьоькху маьхьарий, жIаьлийн угIар, дохнан Iехар. Божарша цергашца балдаш къуьйлура, цергаш хьекхайора. Амма дуьхьало йан ницкъ бацара. ХIораннан а агIон тIей, букъа тIей лецна ира цхьамзанаш дара. ХIор а вара шен-шен ойлано дIалаьцна. Цхьаберш дохкобуьйлура, сийссарехь герзаца йуьртах а бевлла, Iаьлбагах дIа ца кхетарна, цхьаберш – Iуьйранна салтий цIа чу лилхича, царах летта цабаларна.

Бакъду, йийсархошна йукъахь дикка бара бехкебоцурш а.

Делкъана малх гIушлакхе баьлча, Iаьржа-Ахке кхечира отряд. Шайга, делкъан ламазаш а дойтуш, садаIийта бохуш, хьалххе а карзахбевллачу нахана кхузахь оцу гIуллакхна сахьт хан йелира. Сийсара набарш йанза салтий а бара садаIа лууш.

Iин чохь, йийсархошна гуо бина, сецира ши рота. Ткъа цхьацца рота Iинан шиний агIорчу бердаш тIехь дIатарйелира. Салташа карара охьа ца йохкура тоьпаш. Баккъал, кхераме йара хIара меттиг. Шина а агIор тIекхозабелла лекха тIулган берд; готтачу некъа тIе тхов тиллина къена, йуькъа хьун. Хина йистехь гулбелла нах ламазаш оьцуш бохкуш, тIаьхьа тIекхечира ворданаш тIе хIонс йоьттина йогIу важа ши рота а, даьхний лаьхкина богIу гIалгIазкхий а, милцой а.

Лецначарна йукъахь лохха къамелаш дуьйладелира:

– Довда деза вай.

– Мича довду?

– Хьуьнха.

– ХIокху кхолха гуона йуккъерий?

– Пхьагалшна санна, тоьпаш йеттар йу!

– Дала хьеха! Сибрех воьдучул, кхузахь валар гIоле ма ду.

– ЦIа дахкийта а мегий вай-м.

– Хийла Iер хьо!

– ХIинца новкъа девлча, шиний агIор хьаннашка лелха деза.

– Цхьадерш кIелхьардовлар а йу гIоли.

Болат, кIез-кIезиг воьдуш, ТангIайна улло вахара.

– Наха дуьйцург хезий хьуна?

– Хеза.

– Довда деза. КхидIа некъ готта бу.

ТIаккха Болата омра дира уллорчаьрга:

– Вай новкъа девлча, ас мохь тоьхча, шиний агIор хьуьн чу лелхалаш. Массаьрга а дIакхетаде.

Ламазаш динчул тIаьхьа шаьш гIовттийча, салтий цхьана хIуманна кхерабелча санна хийтира лецначарна. Хьалха баханчу салтех цхьаъ, говре чабол эцийтина, Iинах чекхваьлла, йуханехьа веара. Иза Виберган геланча вара, дуьхьал бердаца мостагI гучуваьлла, кийча хила аьлла, аръергардан отрядан начальникна Аваловна тIехьажийна.

Хьалха хьуьн чохь гучуваьлларг Iаьлбаг вара. Басса тIера йарташ гIовтта кийча йу аьлла, Овхьада хаам беача, шеца ткъе итт стаг а волуш гIаттамна коьрте хIотта сихвелла вогIура иза. Амма, Хулхулона тIекхачале, цунна хиира МахкатIехь хилларг. Уггар хьалха лецнарш кIелхьарбаха сацам бина, Iаьржа-Ахкан йистехь аьтто болу меттиг а лехна, кIело йира цо.

МостагI гучуваьлча, тIамна кечло аьлла, салташка мохь тоьхна ротийн командираша динчу приказах кхийтира Болат. ХIинца иза тешна вара шайна довда аьтто нислуш хиларх. Шена хезнарг могIанца дIакхетийра цо.

– Шайна хIумма а ца хуучуха, паргIат хилалаш.

ХIорш, беха могIа а бина, йукъ-йукъа салтий а хIиттийна, Iин чуьра хьалаболучу готтачу новкъа дIабуьйлабелча, тIехьай, хьалхахьай агIонашца тоьпаш йевлира. МостагIчун коьрта ницкъ мичхьа лечкъина ца хууш, цхьана ротица авангардера йухавирзинчу инарло Виберга болчунна тIе а гатбира некъ. Цхьа а низам доцуш тIаьхьашха тIегIертара аръергардера шиъ рота а. Авалов отрядехь низам хIоттийна валале, кхаа агIонгахьара схьа конвойн роташна тIе тоьпаш йетта йолийра.

– КIентий! ТIелата салташна! Герзаш схьа а дохуш, шиний агIор дIасадаржа! – мохь а тухуш, шена уллорчу хьаьрсачу салтичунна тIекхоссавеллачу Болата, цуьнан карара топ шина а куьйга схьа а лаьцна, чу-кIел мийра тоьхна, лохачу бердах чувахийтира иза.

Дахарехьа дера къийсам болабелира. Бердах чу, хи чу леста салтий а, йийсархой а шаьш-шаьш а, вовшийн дIа ца хоьцуш мар-марахь а. Масех минотехь дера леттачул тIаьхьа, тасадалар хиллачохь вийна ткъа стаг а вуьтуш, важа бIе пхийтта хьаннашкахь къайлавелира.

ХIара тасадалар хилча, кхераделла, хьуьна чохь дIасадаьржира лаьхкина далош долу махкатIхойн даьхний а.

Ах сахьт хьалха, курра корта а айъина, шен доттагIчуьнца Чомакхца забарш йеш вогIуш хиллачу Аваловн йуьхь, цхьана йеххачу хенахь хоршин цамгарх Iиллича санна, макхйеллера. Ах сахьт хьалха цуьнан догдохийла йара Басса тIехь машаре хиларе. ХIинца и дегайовхо тIекIелйаьллера бухера дуьйна…

III корта. КЪЕНА ЛОМ

Сайга далург дерриг а ас дина,

Кхин а тIех дика иза далур долчо – дейша.

Марк Туллий Цицерон

1

Зандакъойн йарташ а, цаьрца доза долу Салатавера масех йурт а хьаьшна, цигара дикка бахархой, лецна, Россин къилбаседа губернешка дIа а хьовсийна, Iаьлбаг схьа ца лаьцнехь а, амма гIаттамца дерг тIаьххьара а, гуттаренна а чекхдаьлларг лерина, Владикавказе йухавирзира Свистунов.

Амма кху тIаьххьарчу деношкахь телеграфо а, геланчаша а бохьучу керл-керлачу хаамаша гойтура иза гIалатвалар. Басса тIера йарташ а гIевттина, цигара лаьцна Ведана вало 135 махкатIхо а ведда аьлла, хаам кхаьчча, оьгIазвахана, Iаржвелира Свистунов.

– Эхь ду-кх иза! – хьалха Iуьллу кехатийн туп, схьа а эцна, ластийна стоьла тIе тоьхна йаржийра цо. Коре вахана, иза дIа а диллина, логера кочан мIерий дIахийцира.

Дехьо, аллеян IиндагIашкахь, кортош тIе къорза четарш лаьцна, дIасхьайолайелла лелара къона ши йоI.

Жимма волавелча, стоьла тIе йуха а вирзина, Аваловга кехат йаздира цо.

«№ 63 йолуш ахь даийтинчу кехато сайн дог дохор хьох къайладаккхалац соьга. Шина йоккхачу тоьпаца, йалх ротина йуккъе а воьллина, лаьцна вуьгуш волу 135 стаг муха вадавелла бохучух со кхеттане а кхеташ вац-кх.

Лецнарш бовдарца вайн галдаьллачу гIуллакхе Iаьлбаган кхиамаш шуьйрра баржарна тIеIаткъам ца байта, иза тIеэцначу йа цунна дуьхьало ца йинчу йарташца ахь цхьа йистйаккхар бегIийла хета суна. И йарташ тIаьххьара а йохийна дIайаха аьтто белхьара, дика хир дара, йа, вуьшта аьлча, халкъ рицкъанах дIахадийча, шайн дуккха а барамехьчу доьзалшца хьаннашкахь беха ца латтабелла, бахархой сихха тIебогIур бара. Царна тохар а, таIзар а чIогIа хилчхьана, вайна зиэнаш хиларх тарлур ду.

Инарла-адъютант *Свистунов.*

7 июль 1877 шо».

Кехатца сихха Ведана геланча а хьажийна, йуха а ойланашка велира Свистунов.

ХIинцале а Нохчийчоьнан массо маьIера схьа хаамаш кхаьчнера, Коьжалкан-Дукъахь доккхачу эскарца кхаа дийнахь тIом а бина, гуонна йукъара ваьлла Iаьлбаг вахаро а, лецна бало махкатIхой Iаьлбага цхьакIеззигчу нахаца доккхачу эскарна йукъара схьабахаро а халкъалахь Iаьлбаган сий айъина бохуш. ХIинца иза ЧIебарлоша шаьш долчу кхойкхура. Александр Павловична хьалххе гуора Iаьлбаге Органан округ гIатталахь Жима Нохчийчоь кхерамна кIел йужург хилар. Цигахь летта цIе Йоккхачу Нохчийчу йаьржар йу. ГIалгIай а Iа Iаьлбагах дIакхета куьйгаш кIамделла, иза жимма а улло кхачаре сатуьйсуш.

Iедална уггар муьтIахь йу бохучу Шелахь а селхана адам карзахдаьлла. Iаьлбаган векалш: гуно Хьаькам а, гиххо Коврнукъа а, Жима Нохчийчоь гIатто гIерташ, цигарчу йарташкахула хехкалуш ву, боху. ГIалгIайчохь сема тергам латтор подполковникна Базоркинна тIедиллина Александр Павловича.

ТIаьххьарчу хенахь Анатолихь оьрсийн иэскарийн эшамаш хиларо меттахъхьабина гIебартой а, кхарачой а. Стохка, луьра таIзар дина, дIатебина саной, тIехула шаьш Iедална муьтIахь бу а моттуьйтуш, къайлах тIетаьIина молха а, тIаьхьалонна йалтийн рицкъанаш а кечдеш бу, боху…

2

Ша кIелхьарбаьхначу нахаца отряд а стамйина, йогучу МахкатIехула чекх а ваьлла, Хоттаний, Тевзаний а гIаттийна, царна тIехь куьйгалладар Iабдул-Хьаьжиний, ТангIайний тIе а диллина, ЧIебарла сихвелира Iаьлбаг.

ХIинца ЧIебарла эккхалахь, миэлла а кхиаме догдохийла йара цуьнан. Цигара дIа цуьнга ладоьгIуш Iийр бу Симсарахь – Нурхьаьжа а, Къосам а; Бенахь – Солтмурд, ЦIоьнтарахь – Сулиман, Гуьнахь – ГIубха а, Басса тIехь – Iабдул-Хьаьжа а, ТангIай а; Iаьларойн йарташкахь – Тозуркъа а. Iаьлбаган хаамца, цара и йерриг йарташ гIовттор йу. Iаьлбага хIинца а дог ца дуьллу ДегIастанах а. Сих-сиха геланчаш хьийсабо цига. Амма цигарчу тхьамданаша йа дог а ца дуьллуьйту, йа гIаттам а ца болабо. Тахана-кхана бохуш, денош а дохкуш Iа. Ткъа Iаьлбаг кхузахь, цкъа – цхьанхьа, тIаккха – кхечахьа уьдуш, ваьлла лела, гIуьттучу йартех цхьа буй бан гIерташ. ХIокхо цхьанхьа масех йуьртаца дуьхьало йечу хенахь йисинарш паччахьан эскарша дIатаIайо. Аьккха, Салатави, зандакъойн, бенойн йарташ гIевттича, Хулхулоций, Бассаций, ЧIебарлаххьий тийна Iийра. Меттахйала ца йаьхьира Нохчийн аре а. ХIинца таьIна Iийна Нохчмехкан къилбехьара йерриг а йарташ цхьатерра гIевттина. Ва Дела аьлла, гIуллакх долалац ЧIебарлахь. Залмин Дадас шен ницкъ кхочург до, амма цуьнан накъостий цкъа а бIеннал сов ца бевлла.

Дуин Iумма а вац меттахволуш. ХIун деш, стенга ладоьгIуш Iа? ТIехула тIе, цигарчу хьаькамна гIо деш ву а, боху. Iаьлбаг кхетац цо лелочух. Бакъ делахь а, дацахь а, дуьйцуш ду, цуьнан а, дегIастанхойн тхьамданийн а цхьабарт бу, уьш Шемалан кIантера ГIеза-Махьмера хаам хиларе ладоьгIуш Iа бохуш. Хилийтахьа и барт а. «Амма, шайн цIийнах цIе йаьлча, цхьамма иза дIайайъалц йа кхечу йуьртара, махкара гIо кхаччалц, ши куьг чучча а диллина, хьоьжуш Iен-м ма ца веза! – ойла йо Iаьлбага. – Со хьалха а теттина, шаьш дIалевчкъина-кх».

Ша Басса тIехула чекхволуш, уггар хьалха цигарчу йартийн йуьртдайн а, царна гIорториаш лаьттинчу церан гергарчийн а цIенош дагийра Iаьлбага. Изза дийр ду цо йамартхошна. Iумма а вуьтур вац къена ву аьлла. Паччахьан эскарехь гIуллакхдечу шен кIантах кхоьру хир ву-кх иза. Дай-наной, йижарий-вежарий, доьзалш боцуш бу ткъа хIокху беа баттахь, кIелхIитта тхов, охьабийша меттамотт боцуш, дууш-молуш

доцуш, цIийнах-цIарах бевлла леларш?

Оцу ойланаша дIалаьцнера Iаьлбаган корта. Иза наггахь бен вист ца хуьлура виллина дIа шена уллохь вогIучу Коьре а. Акха гезарий бен ца лела Пешхойн лам хадийна, ламанан йуьрта Нуй кхечира иза, шеца даим хуьлуш волу ах бIе нохчо а, суьйли а волуш. ХIара суьйлий ца хиллехь а, гIаддовр дара Iаьлбаган. Пхи-йалх бIе суьйли, а Iаьндой а хуьлура цунна уллохь уггар хала киртиг тIехIоьттича. Миска Мусакхай а вац хIинца, Салатавехь Iаьлбаган аьтту куьг хилла...

Нуйхь шен накъостий а битина, Залмин Дадица Зумса вахара Iаьлбаг. Цхьана минотана а кхин гена ца тоьттуш, къасто дезара Iуммица дерг.

Нах охьабийшинчу хенахь хIара шиъ Зумса чу воьлча, жIаьлийн гIовгIанаш йевлира массо маьIехь. Схьахетарехь, жIаьлеш хилла а ца Iара уьш. ХIокху ламанца бехачу нехан жаш дара кхобуш, ткъа уьш Iалашдан берзалой тайппа жIаьлеш дезара. ЧIегIардигийн баннаш санна, ламанан басенех летта лаьттачу цIенойн хIор а кертара схьа буьрса лиэтара уьш. Амма, хIорш керта ца гIоьртийла хиъча, ураме ца лелхаш, тIехбовлуьйтура.

Гаттийчу урамашкахула хьийзаш вахана, тоъал дикачу цIенойн кетIахь сецира хIара шиъ. ЦIеношна гуонах йина лекха тIулган чир йара. Говрара охьа а ца вуссуш, дIакхевдина, кетIарчу гIопах шедакхаж туьйхира Дадас. Буьрса гIовгIа йелира масех жIаьлин. ЗIенаш йекош, шаьш долччохь кхийсалора уьш. ЦIогIанечу гIовгIанца неI а йиллина араваьлла цхьаъ, лохха мохь тоьхна, жIаьлеш дIа а тедина, гIопе веана, сецира.

– Мила ву ков деттарг?

– Со вара хIара-м. Залмин Дада.

Чухула боьллина ши гIуй дIа а баькккхина, ши дакъа долу гIап дIаса а йиллина, хIокху шинна хьалха хIоьттира зоьрталчу дегIара онда Iуммин вешин кIант Иба.

– Ассалам Iалайкум, дика мел дерг догIийла шун хIусаме! – элира, говрара охьа а воьссина, тIеваханчу Дадас.

– Ва Iалайкум салам, дика мел дерг хуьлда шуна а! Схьачудовла.

Шина хьеше куьг а луш, цаьршиннан говрийн урхаш дIалецира Ибас.

– Iумма вуй цIахь?

– Ву, дера.

Хийра нах керта баьхкича, йуха а карзахдевлла жIаьлеш човхийна дIа а тедина, ши говр гоьзанах дIатесира Ибас.

– Дуьлол цIа чу.

ТIулган экъанах масех киртиг йеш биначу ламех хьала уча ваьлла хIара шиъ кхузахь а витина, цIа чу вахара иза. Цхьа-ши минот йалале цхьана цIийнан готта кор серладелира, жимма Iийча, шен зоьрталчу дегIаца йерриг неI дIалоцуш, аравелира Iумма.

– Дада, хьо ву хIара? Марша вогIийла. Схьачувалал ший а, – неI дIа а йиллина, Дада хьалхатеттира цо. – ДIавалол.

– Хьо хьалхавала, – йухагIоьртира Дада.

– ДIавало, шуьшиъ хьаша ма ву.

– Хьо хьалхавалахьа, Iаьлбаг.

Цкъа а кхеравалар хIун ду ца хиъначу Iуммин, Iаьлбаган цIе йоккхуш хезча, дегIа

тIехула йайн тулгIе хьаьдира.

– Ой, Iаьлбаг-Хьаьжа ву хьоьца верг? Схьахилал, мараволла ас хьо. Гор, берзан кIеза, йаI! Ма хаьа-кх суна, хьо хIунда деана. ДIавалол чу. ХIай машаллахI, ма дика ду шуьшиъ веана! Охьахаал, паргIатваьл.

Шиша диллинчу маьхкдаьттанан чиркхо тоъал серладаьккхинчу цIа чу ваьлча, дуьхехь саца гIоьртира ши хьаша. Амма Iуммас, теттина вигна, тIе истангаш тийсинчу поппаран маьнги тIе охьахаийра и шиъ. Цхьа масех минот хьалха Iумма наб йеш Iиллина мотт, дIахьарчийна, йуьстахтеттира Ибас. Iуммас шена тIе бедарш, йуххушехь, цIа чухула бIаьрг туьйхира Iаьлбага. Шен да санна, буьрса кхерч бара гуш берг. Лоьман тунгарих тера. ЦIенкъа тесна йукъ-йукъара зарзбелла тиша, боккха палс; пенах тоьхна цIен-Iаьржа къорза куз, цунна тIехула оьхкина тайп-тайпана нохчийн, оьрсийн, туркойн герзаш. Iумма Iиллинчохь пенах тоьхначу хьостамах кхозура бIе буьртиг тIехь болу суьлхьанаш. НеIарехь сона теттина йоьзан тас, цIестан гIумгIа.

Шена тIе гIовталлий, чоий дуьйхина, кога маьхьсеш оьзна, пенах кхозучуьра схьаэцна, шаьлтий-доьхкий йукъах а дихкина, маьнги тIе а ваьлла, охьахиира Iумма. Хеной, хьегначу вуонаший, къежвар бен, кхин къаналлин лар йацара цунна тIехь. Иза хIинца а могаш, сема, дегIехь ницкъ болуш вара. Ло санна, берриг накха дIалоцучу шуьйрачу, кIайчу йехачу мажо а, лекха хьаж аьхначу хебарша а тоьшалла дора иза дезткъа шарехьа гIоьртина воккха стаг хиларна. Амма цуьнан майрачу хьажаро а, курра агIор саттийначу сирачу коьрто а, велакъежча, гучуйуьйлучу андийчу цергаша а гойтура и стаг, Iожалло бен эшор воцуш, дуьненан халонашна тIехула гIулч туьйсуш схьавеанийла.

Iуммас, куьг хьаькхна, шардира шен месала мекхаш а, сира маж а.

– ТIаккха, ши кIант, цIахь хIун ду? Олдам а, Залма а хIун деш ву? Хатта безарш берриг могаш буй?

– Дика бохку уьш-м. Шу а деца могаш?

Хецаделла церан къамел ца долалуш, дикка хан йелира. Iумма бехкалвахна Iара, ткъа хIара шиъ, шаьш хьаша а, жима а хиларе терра, къийлалора.

Кара дечиган шун а лаьцна чоьхьайаьллачу Iуммин кIентан Шемалан зудчо хьешашна хьалха кхехкийна шийла жижиг а, кIедда йеттина сискал а, шура а хIоттийра.

– Цкъачунна хIара кхаллийша, – элира зудчо, маршалла а хаьттина. – Дукха ца Iаш, йовханиг а йохьур йу шуна.

ДIадаханчу дийнахь кийра рицкъа дахазачу Iаьлбага, йовха-шийла ца хьехош, вуззалц хIума а йиъна, доцца доIа дира. Шуьнца Иба араваьлча, хьешашна тIевирзира Iумма.

– Вуьсу воцу дархо Iуьйренга ма волийла бохуш, цхьа кица ду-кх вайн, – долийра цо стоммачу, дуькъачу озаца. – Суна тIехь кхиэл йан веана хьо, Iаьлбаг-Хьаьжа? Вуьшта, сан сирбелла корта ца кхоор ахь.

Коьртара баькхина лоха Iаьржа куй улло а биллина, когаш кIел а оьзна, голаш тIе хиира Iаьлбаг.

– Воккхачу стеган къоьжалла цалийринарг ваха ма кхиавойла, Iумма-Хьаьжа, – дакъаделлачу балдех мотт хьаькхира Iаьлбага. – Дайн гIиллакхех доьхначу дийнахь дала вай а дохадойла. Бакъонан кхиэло воккха-жима ца къеставо. Ткъа тахана хьуна хьалха хIоьттинарг хьан жимачу кIентан хенара Олдаман Iаьлбаг вац, ткъа Нохчмехкан, ЧIебарлан, Аькхан йартийн тхьамданаша шайн йартийн цIарах имам хаьржина стаг ву. Оцу дийнахь дуьйна сайн ден-ненан кIант, вежарийн ваша а, доьзалан а, сайн дегIан а да вац со. Сан схьавар халкъан цIарах ду, ас йен йолу кхиэл а халкъан цIарах хир йу.

Шуьйра, йеха маж некха тIехь шалха а кагйина, корта а таIийна, ши бIаьрг нийсса хьалха а боьгIна, ладоьгIура Iуммас.

– Со кхета хьох, Iаьлбаг-Хьаьжа. Ас лайнарг ду хьоьга кхаьчнарг.

Бехкбоккхуш Iумме а хьаьжна, корта ластийра Iаьлбага.

– ХIан-хIа, Iумма-Хьаьжа, тахана соьгахь болу бала хилла бац хьоьгахь. Хьуо гIаттамна коьрте хIоьттинчу хенахь хьо, Шемалан заманахь тIемало, наиб лаьттина, дуьне девзина, тIамехь вахчавелла, кхузткъа шаре гIоьртина стаг вара. ХIетахь хьуна уллохь бара цIарна а цIейахана бенойн БойсагIар а, шотойн Атаби а. ХIетахь хьуна дагавала дийна бара шелахойн ТIелхаг, мичкахойн СаьIад, Эски. Шу кхаанна хьехамчаш бара гатийуьртахойн Аьрзу, Маккхал, шелахойн Берса. Ткъа со, Iумма-Хьаьжа, шуна хьалха бер ду. Цкъа а тIеман кIуьрах хьожа а баккхаза, ткъе йалх шо хенара. Цул сов, хIара зама а, къийсаман Iалашонаш а кхин йу. Шемала бусалба динехьа къийсаме кхойкхура халкъаш, ткъа тхан къийсаман хIумма а дац динца. Оха лаьттехьа, маршонехьа къуьйсу. Массо а къаьмнийн. Муьлххачу динехь уьш делахь а. Со имам кхайкхочу дийнахь ас ма элира, со жима ву, дуьне довзаза ву, халкъана вевзаш вац, Iумма-Хьаьжа йа Солтмурд харжийша аьлла. Йартийн тхьамданаша соьга ла ца дуьйгIира. Ахьий, Солтмурдий гIо дийр ду аьлла, тешийра. Солтмурда, шен са ца кхоош, гIуллакх до. Ткъа хьо хIокху лаьмнашка а лечкъина Iа. Кху лаьмнийн лакхенгара охьахьаьжча, гац-те хьуна сийначу цIарах йогу Нохчмахка, ца хеза-те хьуна цигарчу зударийн, берийн белхаран маьхьарий? Йа цIарна а цIейаханчу майрачу нохчийн кIентан Iумма-Хьаьжин даг чу кIиллолла йоьссина-те? Йа айхьа кхузткъе итт шарахь халкъана дIаделла, цунна тешаме гIуллакх дина хьайн дог йуханехьа схьаэцна, паччахьан хьаькамашна доьхки-те ахь? Жоп луо халкъана, Дуин кIант Iумма-Хьаьжа.

Цкъацкъа аз оьгIазе айлуш, тIаккха бархатах кIадлуш, йуха шабаре долуш, Iаьлбаган багах схьа мел долу дош, тIулг санна чIогIа Iуммин дог огуш, схьадетталора. Ши бIаьрг хьаббина, ладоьгIучу Iуммин бесни тIера беха муо цкъацкъа кIайлора, тIаккха цIийлора. Хала дара садетта. Амма Iаьлбаг бакъ лоьра.

– Iаьлбаг-Хьаьжа, ас доцца жоп лур ду хьуна, – элира цо, майрра Iаьлбаге а хьаьжна. – Мацах цкъа, хьо дуьнен чу вала дагахь а воццу хенахь, ахь ма-аллара, сайн дог халкъана дIаделла ас. Иза цуьнгара доккхур дац Iожалло бен. Вайн халкъан цхьаболу тхьамданаш догдиллина йа кхерабелла севцча а, БойсагIарца, Атабица, Солтмурдца халкъана коьрте хIоьттира со. Кхеравелла а вац, къонахаллех воьхна а вац, ткъа йамартло бохург хьехочохь а дац. Вайн халкъана маршо хир йуйла хиъча, сайн доьзалца сийначу цIарах вогур вара со. Амма, хьайн жималле терра, ахь гIаттам хьалхе болийна, цо галдаькхина дерриг.

Iаьлбаган бIаьргаш ткъесах къегира.

– И хIун ду ахь дуьйцург, ва Iумма-Хьаьжа? Оьрсийн паччахьан кхечу паччахьашца тIом хилча, гIаттам боло шу кечделла Iен дейтта шо ма ду!

– Бакъду иза. Амма хьоьга са ца тохадели и де тIекхаччалц.

– Со вац сихвелларг, Iумма-Хьаьжа. Халкъ ду собар кхачийнарг. Тоьур дацара ткъа йалхитта шарахь садиттича? Паччахьан арахьара а, чоьхьара а гIуллакхаш дика дац аьлла хезча, делхьа, хIокху йуккъехула гIевттича, мелла а аьтто хир бацара-те аьлла, долийра-кх ас. Ас аьлча а, берриг тхьамданийн барто. Цхьадика, оццу йуккъехь туркошца тIом а болабели. Вай сатийсинарг хилла. ХIинца а стенга ладоьгIу ахь?

– Вайн тхьамданийн барт-м бара иштта, амма ДегIастанара вайн бартахой Уьстамала хьуьйсура. ГIеза-Махьмин хааме.

– Ткъа хьо?

– Со а. Лелочу гIуллакхан цхьа лар хила ма йеза. ГIеза-Махьмас цаьрга ма-аьллера, гIовтта дезачу хенахь ша хаам бийр бу.

– Иза маца хир ду?

– Кестта.

Іаьлбага, ши бІаьрг хьаббина, корта хьовзийра.

– ХІета, ахь дийцарехь, вай туркойн гІуллакхна цІий Іано дезаш хилла-кх?

– ХІунда? Оцу девнах пайдаэца гІерташ дац вай?

– Дийца-м иштта дийцинера. Амма, шу ГІеза-Махьмин бага хьуьйсуш Іашшехь, Нохчмахка-м йу сийначу цІарах йогуш. ХІан-хІа, Іумма-Хьаьжа, мел дийцича а, цхьаьна ца догІу вайн дегнаш а, ойланаш а. Со хІетахь а шеквара. Сан шеко чІагІйира Берсас а. Вайна йуккъехь йаккхийра башхаллаш ма йу. Хьалха йа элий, йа Шемалан наибаш хилла нах бу ДегІастанара дукхахболу тхьамданаш. Паччахьо шайна делла хьаькамаллаш кІезиг хета царна. Шайн мохк оьрсийчух дІакхетале, цигахь, шайн махкахь, кегий паччахьаш ма бара уьш. Шайн халкъашна тІехь шайна луъург деш. Иза йухадеза царна. Хьан гІуллакхаш а дац вуон. Цхьа кІант – Шемал – йуьртда, важа Дада – паччахьан эскаран эпсар ву. Шайн даьхний, бахам, гІуллакхаш кІезиг хеташ, кхин а йоккха кхалла гІерта шу. Аьтто нислахь. Ца нислахь, таьІна Іен а тарло. Ткъа тхан Іойла дац, Іумма-Хьаьжа. Тхо миска нах ду. Оха сискал а, маршо а лоьху. Цундела вайн къамел цхьаьна ца догІу.

Іаьлбаг хьалагІатта тохавелира, амма Іуммин буьрсачу хьажаро сацийра иза.

– Ахь хІун до, кІант?

– ДІавоьду тхойша.

– ДІавоьду! – корта а хьовзош, велавелира Іумма. – Суна тІехь кхиэл йан ца веанера хьо?

– Иза халкъо а, вайн тІаьхьенаша а йийр йу.

Іуммин сира, бІоржамаш санна, луьста цІоцкъамаш дусаделира.

– ХІунда? ТІаьхьенашка дІа ма тетта. Аш массара санна, дуй биъна ас а. Нагахь ас иза къарбинехь, таІзар де. ХІара сирбелла корта суна дош хета, моьтту шуна? Іовдалш!

Іаьлбаг маьнги йисте шершира.

– ХІокху кхаа баттахь байъинчу нехан, байлахь дисинчу берийн, жоьра бисинчу зударийн бІаьрхиш, церан къа хьуна тІехь дуьсу, Іумма-Хьаьжа. Дала дер хьуна хьукма.

– Іаьлбаг, хьо сих ма лол, – маслаІатна йукъавуьйлира Залмин Дада. – Вайн барт бохар халкъана зуламе дер ду. Іумма-Хьаьжа, хІокху лаьмнашкахь-м хьовха, Нохчийчохь а, ДегІастанахь а лоруш стаг ву. Галваьллехь а, нийса велахь а, цхьана дийне ладоьгІуш Іийна хІара. Суна хетарехь, вижина а ца Іийна. ХІинца а тІаьхьа дац хІара гІатта. ТІаьххьара дош лол, Іумма-Хьаьжа.

Маж дІаса а теттина, гІовталан логера ши-кхо вета дІабаькхира Іуммас. Шен кІентийн хенарчу хІокху шина жимачу стага доху бехкаш чІогІа дагах кхеттера цунна.

– Шуна хетачу хьесапехь бехке хила а тарло со, – элира цо къорра. – ДегІастаний, Уьстамалий лерг диллина а ца Іаш, хьуна улло хІоьттина хила везара со даим а. Амма, Іаьлбаг-Хьаьжа, ДегІастанан цхьаболчу тхьамданашца ахь со вагарвар а нийса дац. Сан дай ца хилла элий, со а вац. Со Іехавала даьхний, бахам а бац сан. Сайна а, халкъана а аьтто хиларе догдохуш велла ас Іедална ши кІант а. Цаьрга кхаьчнарг а дац доккха дакъа. Ткъа гІуллакхах дерг аьлча… – доккха садаькхира цо. – ДегІастанхоша ладегІначу ГІеза-Махьмера хаам кхаьчна. Тахана-кхана гІаттам болабо цигахь. Дадина а дайна, со а ца Іийна хІинццалц вижина. Сайн

нахаца кхана со ДIайхь хир ву. Нагахь со гал вацахь, кхо де далале, Шуьйтана лаккахь йолу йерриг йарташ гIовттур йу шуна.

– ХIета, къинтIера вала суна, Iумма-Хьаьжа! Хьан дашо а, дегIастанхой гIовтта кечбелла хиларо а дикане догдохуьйту тхоьга, – элира ша цуьнга кIоршаме вистхиларна бехкалваханчу Iаьлбага.

ТIаккха цо дийцира Нохчмахкахь а, ЧIебарлахь а хIоьттина хьал а, шен Iалашонаш а.

– Берриг ницкъ цхьаьна а тоьхна, паччахьан эскаршна тохар дан ойла йу сан, – элира Iаьлбага тIаьххьара а, – Веданахь, Эрсанахь, Шуьйтахь а долу церан баннаш а дохийна, арен тIе тийса деза уьш. ТIаккха гIаттам аренга баккха аьтто хила а тарло. ДегIастанахь гIаттам болалахь, цигара далийна эскарш йуха дIадуьгур ду. ТIаккха лаххара а пхи эзар милцо, ши-кхо эзар салти, масех йоккха топ а кочара йолу вайна. Нохчмахкара берриг ницкъ ас Веданний, Эрсанний тIетоттур бу. Ткъа ахь, Iумма-Хьаьжа, кху Дадица цхьаьна Шуьйта дIалаца. КхидIа дан дезарг тIаккха гур.

Сатаса гергадахча, Iуммин Iодика а йина, араваьлла Iаьлбаг а, Дада а Нуй йухавирзира.

3

Басса тIера йерриг йарташ а гIовттийна, шеца пхи бIе сов стаг волуш ЧIебарла иккхира Iаьлбаг. Свистуновна ша хьаьшна моьтту гIаттам кхитIе а марсабелира.

Цуьнан шолгIа мур болабелира. Хьалхарчул луьра а, чолхе а.

ХIиттинчу хьелаша Грозне валийна Александр Павлович, кхузахь Эристовца цхьана сохьтехь кхеташо а йина, Шуьйта вахара.

ХIокху ЧIебарлах цкъа а тешам бацара цуьнан, амма, хIинццалц Iаьлбаган Iаткъам кхузахь кIезиг хиларна, сапаргIат вара. ХIинца Iумма мятежникашкахьа валаро буххера дуьйна хийцира командованин планаш.

Iумма къона Iаьлбаг вацара. 1860–1861-чуй шерашкахь Нохчмахкарий, чIебарларий гIаттам хьаьшча, Смоленски губерне ссылке вахийтина Iумма, шена тоьхна хан йаьккхина, цIа веача, цхьана ханна тапъаьлла дIатийра. Къайлах тергалвича, гучудолуш хIума а дацара. ТIетаьIIина далла гIуллакх деш, шен бахамна тIевирзина каравора иза. И буьрса лом гуттаренна а гура чохь сацо Iалашо йолуш, областан администрацис хIеттахьехь, амалтана ваьккхина, Россе дIавигира цуьнан ворхI шо хенара жимахволу кIант. Воккхахверг дукха хан йоццуш зумсойн йуьртда хIоттийнера.

ХIокху тIаьххьарчу шерашкахь маситтаза Макка вахана веара Iумма. Ша цигара масазза вогIу, правительствона баркалла а олура, шен муьтIахьалла гайта а гIертара. Амма, тIаьххьара Макка вахана, хIара шо долалуш иза цIа веача, Стамбулехь ГIеза-махьмиций, Кундухов Мусиций цуьнан цхаьнакхетарш а хилла, цигара цо шалха бух болчу гIумгIи чохь туркойн прокламацеш а йеана, иза туркойн агент а ву бохуш, дуьйцура.

Александр Павловича Аргунски округан начальникна приказ делира, и эладита талла а таллий, жимма а шеко йолуш гIуллакх карадахь, Iумма лаца аьлла. Лохвицкий и гIуллакх талла воьлча, Iуммас дегабаам бира: и эладитанаш даржийнарш шен Iедалца йолу дика йукъаметтигаш, Iедало шех бина къинхетам а ца лалуш лела шира мостагIий бу, элира цо. Мел лехарх а, иза лаца бахьана а ца карийна, кIелвисира Лохвицкий.

ХIинца Александр Павлович тешна вара хIетталц Iуммех лаьцна шена тIекхехьна хаамаш цхьа бух болуш хиларх. Схьахетарехь, и гIаттам ца хилийта цхьа бахьана хилла хир дара Iуммин. ТIаьххьарчу хенахь оьрсийн эскарийн баккхий иэшамаш хиллера Анатолехь. ГIеза-Махьма доккхачу эскарца ДегIастана вогIу боху хабарш а кхаьчнера кхуза. ХIокху деношкахь Iуммас корта айъаро гойтура ДегIастанахула схьа Стамбулца цуьнан цхьа зIе хилар.

Лаьмнашка операце вахана, хIетта цIа кхаьчна подполковник Лохвицкий бехкалвахна хьаьвзира везачу хьешана дуьхьалван шен аьтто цанисбаларна.

– ХIумма а дац, хIумма а дац, – элира Свистуновс, – церемонеш лело хан йац хIара, – коьртара йаькккхина фуражка вешалки тIе а оьллина, мундиран кочара ши нуьйда дIа а хецна, йуьхьах а, вортанах а йовлакх хьаькхна, стоьла уллохь лаьттачу гIанта везза охьахиира Александр Павлович. – Ма бурко йу кху чохь!

Лохвицкийс коран ший а рама хецна дIайиллира.

– Дийцал, Аркадий Давыдович, хIун ду керла? Охьахаа.

– Керланаш дукха дац, хьан локхалла. Йерриг ЧIебарла Iаьлбагехьа йаьлла. Нуй а, Нохчкела а дIалаьцна цо, Шара-Орган тIера тIай а дагийна. Кхузахь цIе а латийна, Iумма иза йаржо а витина, Нохчмахка дIавахана. Селхана йалх рота салтий, йаккхийчу тоьпийн взвод а эцна вахана, тIай меттахIоттийна ас. Мятежникаша дукха дуьхьало ца йеш, ас, дIа а лецна, йагийна Боси, Бона, Чобаькккхинарой, Кули. Ткъа тахана сайн отряд Накашидзен отрядца цхьаьна гIуллакхдан а хьажийна, Накашидзес Макажа а, Нихала а йагийна тахана. Йагийначу йартийн йалташ а хIаллакдина. Тахана даьхний лаьхкина схьадалор ду.

– Дика ду, – элира инарлас, ойла а йина. – Шахназаров коьртехь Воздвиженскера тенгинцийн батальон а, цул сов, Гребенцийн сотня а йоуьйтур йу хьуна. Шина-кхаа дийнахь Веданара ламанан йаккхий тоьпаш а кхочур йу. Амма, хIокху Шуьйтан участкехь хьайн букъа тIехье а ца чIагIйеш, ЧIебарла ма гIо. Йерриг йарташкара амалтана ваккхий 200–300 стаг гIопа чу волла. Уьш ца луш, дуьхьалйевлла йарташ къинхетамза ата. Амалтана балийна нах чIогIа ларбе. Цхьаъ вада гIортахь, массо а вуьйр вуйла хаийта.

– Изза дагахь вара со а. Кхана Евдокимовски, Шатоевски участкашкахь дIадолор ду ас и гIуллакх. Коллежски регистраторо Курбановс доккха гIуллакх дина вайна. Амма ламанан дежийлашкара цуьнан масех бIе уьстагI бигна. ЧIебарлойн йуьртдай а лецна Iаьлбага.

Лохвицкийн денщика деана чай хIоттийра стоьла тIе. Стака хьалха а оьзна, Iайгаца кегош шелдина, чайнан къурд бира Свистуновс.

– ХIинца хIун планаш йу хьан?

– Хьан локхалло аьлларг дийр ду-кх.

– Сан гайтамашка ладегIа ца оьшу. Хьайх тешийначу округехь дан дезарг хьуна хьайна дика хаа деза.

Лохвицкийн горга, цIена йуьхь, эхь хеттачу йоIстеган санна, цIиййелира.

– ЧIебарларчу йерриг йарташкара хIор а доьзалера пхиппа сом гIуда даккха а, Iаьлбаг цига кхайкхинарш, йа, дIавеъча, гIодинарш а, йа, айса кхайкхича, тIе ца баьхкина нах а леца ойла йу сан. Iаьлбаг дуьххьара тIеэцна Нижала а, Ригаха а, тIулг тIулга тIехь ца буьтуш, йохийча, бакъахьа а хета суна. Бахархошна таIзарна а, вайн отрядашна паргIат дIасалела аьттонна а хир. Цаьрга Шара-Органна тIера дIа Босойн лома тIе кхаччалц йалх чаккхарма некъ баккхийта ойла а йу.

Александр Павловича резахилла корта теIабора.

– Вуон план йац иза-м, – элира цо дассаделла стака бошхепа а хIоттош. – Вайна

гIуллакх дечу нахана мятежникаша дина зиэнаш бахархошка шайгга меттахIиттадайта. Курбановн уьстагIий а йарташка такхийта. Иза прапорщикан чине ваккха документаш а даийта соьга. Йуха а боху ас, йарташна таIзар чIогIа дан деза. Iаьлбаган цIе йоккху хезча а, бовдучу баха. Iаьлбаг йуха ЧIебарла ца ваийта, Нохчмехкан доза а къовла. Цига Iаьндойн милици йахийта ала Накашидзега. Ма-хуьллу церан а, дегIастанхойн а йукъаметтигаш талхайе. Кхин хIун ду?

– МIаьргонна вицлора-кх со, – хьаьж тIе куьг туьйхира Лохвицкийс. – Селхана Iуммин ши кIант веанера со волчу. Хьан свитехь хилла Дада Умаев а, Зумсойн йуьртда Шамиль Умаев а. Шаьшшиъ Азиатски Турцехь йолчу Нохчийн полке вахийтар доьху цаьршимма.

– ХIунда?

– Да мятежникех а кхетта, кхузахь Iедалан шайх тешам цахиларна кхоьру и шиъ.

– Ахь хIун аьлла?

– Хьан локхаллех дага а ваьлла, жоп лур ду, элира ас-м.

– Хьуна хIун хета?

– И шиъ кхузахь сецо оьшурий-те аьлла хета суна-м. Къаьсттина – Дада.

Александр Павловича, гIентан гIовли тIе аркъал а сеттина, ши куьг стоьла тIе а диллина, тIе чоьш дийлинчу стаммийчу пIелгашца йайн вота хьайира.

– Мичахь ву Умаев?

– Кхузахь, гIопехь ву иза-м.

– Схьакхайкхийтал.

Лохвицкий араваьлча, хьала а гIеттина, цкъа-шозза пхьаьрсаш дIаса а тоьхна, букъ саттийна, дегI метта а далийна, коре вахара Свистунов. Кора кIел тIетаьIIина пхьаж кегош йоллура Iаьржа котам. ГIопан пена тIе хIоттийна гуора дукха хенахь дуьйна кхоссаза шира мортира. Дуьххьал – ломаца дIасакхоьссина Iуьллу масех йурт. Царна тIехула лаьтта масех шира бIов.

Эткаш цIийзош, чувелира Лохвицкий. Дукха хан йалале, чоьхьаваьлла, неIарехь сецира йуккъерчу дегIара шуьйра белшаш, йуткъа гIодайукъ, безамехь йуьхь-марш йолу жима стаг.

– Хьан локхаллин омрица прапорщик Умаев! – вула а луш, гиччош улло куьг лецира цо.

– ПаргIат хила, – хьаьжайукъ хабийна, куьг тесира Свистуновс.

Александр Павловична дукхазза а гинера Дада. Амма хIинца, шена иза цкъа а ца гича санна, леррина хьаьжира и цуьнга. Дада кхеттера ша кхайкхаран бахьанах. Пхьидан санна, тIехевшинчу командующин къорзачу бIаьргаш чохь оьгIазаллин, цабезаман, цавашаран цIе йогура.

– Мичахь ву хьан да? – цергаш йуккъехула схьаIаьвдира Свистуновс.

– Хаац, хьан локхалла, – бIаьрнегIар ца туьйхира Дадас.

– «Хаац» бохург хIун ду? Мятежникашца вац иза?

– Мятежникашца-м ву, мичахь ву хаац-кх.

– ХIунда вахана и царна тIе?

– Хаац, хьан локхалла. Сох дага ца велира иза.

– Туркойн фронте ваха лаьа хьуна?

– Ахь пурба лахь.

– Бахьана?

Дада цхьана кога тІера вукхунна тІе вазвелира.

– Тхо туземни эпсарех вуьшта а кІезиг тешам бу Іедалан, – элира цо, доккха са а даькккхина. – Да мятежникийн коьртехь волчу сох хиллане а хир бац. Харц эладитанаш а кхуллур ду… Хьан локхалла, нохчийн полке тІаме вахийтахьа со…

Александр Павлович, хьала а гІеттина, Умаевна тІевахара.

– Жоьпаллех вада гІерта хьо? Айхьа паччахьна муьтІахь хила биъна дуй бицбина ахь? Дена дуьхьал ца латархьама, воьду хьо? Бакъ дац хьуна моьттург, господин прапорщик! Иза стигала ваьллехь а, лаьттах воьллехь а, карийна, хьайн да суна тІе схьавалор ву ахь! И ца дахь, оха цуьнан бартахо лорур ву хьо. ГІуллакхехь лакхавалар-м хьехор а дацара, кхоьссина йуьстахвохуьйтур ву. ТІаккха лелар хьо, хьайн дайх дисинчу мезаша а хьийзош. Хезин хьуна? Вало, схьакараве хьайн да-бунтовщик! Лаций, куьйгаш-когаш дехкий, Іедале схьало. Иза ца до-кх ахь, ас ший а тангІалкхаш тІе хьалауллур ву шуьшиъ. Пхи де хан йу хьуна.

Дадас ши бІаьрг дІа ца боккхура инарлина тІебоьгІначуьра. Дог кхехкара цуьнан, оьгІазлонах дузуш. Цкъа ойла хилира, хьалха лаьтта деза гІант схьа а эцна, цуьнан берстинчу коьртах тоха. Амма цунна тохарх нисдала хІума дацара, мелхо а, галдала бен.

– Стенна лаьтта хьо, идол санна, вогІа а велла? ДІа а гІой, приказ кхочушде.

Гиччошка куьг а лаьцна, ша волччохь цхьана кога тІехь а хьаьвзина, вист ца хуьлуш аравелира Дада.

– Акха хІуманаш! Мел тІе кахьекхарх, хьестарх, бузабарх, изза до-кх аш!

ГІутакхара йаьккхина цигаьрка оьгІазе пІелгаш йукъахь хьакхийна, йоха а йина, чимтосурга чу кхоьссира инарлас.

IV корта. ДА А, КІЕНТИЙ А

Хаалаш, ас хуьйцур йоцийла

Сайн гІайгІанаш, сайн миска къоьлла

Шуьгарчу гІарбашийн хьаькамаллех.

Эсхил

1

Йерриг Нохчмахка а, Шуьйтара дІа Органан лакхе а дІалаьцнера гІаттамо. Хьалха санна, гІовттамхошкахьа йара Аькккха, Салатави, цхьамогІа Іаьндойн йарташ. Іаьлбаган цхьа гІоьнча, цІонтаройн Сулиман, шен бІоца аренга ваьлла, Іумхан-Юьртана герга а веана, пачхьалкхан говраш а, Майртуьпарий, Курчалой-Эварий

хьоладайн жаш а лаьхкина, Нохчмахка йухавирзира. Изза дира Мичка чу воьссинчу Іаьлбага а.

Йаьржина летачу гІовттамхойн отрядех цхьа буй бан гІертара Іаьлбаг. Паччахьан эскаран командованина нуьцкъала дуьхьалонча хилла дІахІоьттира Іумма а. ХІинца цо кхиамца къийсам латтабора ЧІебарлахь. ТІехула тийна а йолуш, бухахь цІе сийсара Йоккхачу Нохчийчоьнан йарташкахь а. Цара дуьхьало ца йира цигахьа ваьллачу Сулиманна а, имамна а.

Іаьлбаг аренга волуш, цуьнца кхузткъа стаг а вацара, ткъа йуханехьа лам чу воьрзуш уьш ши бІе гергга хилира.

ГІаттаман уггар кхераме кхерч ДаьргІан участок лоручу Свистуновс сацамбира, ницкъ гулбан гІерташ, Іаьлбаг жимачу тобанца ваьлла леллашехь, цига тІеман дакъош а оьзна, доккха цхьа тохардарца гІаттамца дерг чекхдаккха. Амма, эскарш Нохчмахка хьовзадале, цкъа хьалха букъа тІехьа йуьсу аре чІагІйан йезара. Оцу Іалашонца Мичка тІе полковникан Батьяновн полк йалийра цо.

Шен полкан цхьакІеззиг дакъа аьккхашна тІехь тергам латто а дитина, 2-чу августехь Гезлой-Эвлахула дІа ГІачалкхан йарташка а веана, масех де хьалха хьолахойн бахамаш баго Сулиман чувитинчу йарташкара ши эзар сом гІуда а даьккхина, цигара жимма а кхераме хета нах а лецна, Хаси-Юьрта йухавирзира Батьянов.

Свистуновн планаш кхин а генна дІайоьлхура: Нохчмахка-м хьовха, йерриг Нохчийчоь а гуонна йуккъе хьовзор. Амма и Іалашо кхочушййан цунна кІезиг хетара тахана гІаттам хьошуш дакъалоцу регулярни эскаран ткъе исс эзар цхьамза а, диъ эзар тур а, бІе йиъ йоккха топ а. Царна тІе гІоьналлин ницкъаш а бара. ДегІастанхойн пхи эзар милцо а, нохчийн, гІумкийн, гІалгІайн, хІирийн дошлойн сотняш а. Цул сов, цо приказ деллера, аренан белхаш чубирзича сихха Теркан а, Соьлжан а станицашкарчу гІалгІазкхех кхоалгІачу комплектан полкаш вовшахтоха аьлла.

Эристовх дага а ваьлла, Йоккхачу Нохчийчоьнан йерриг йарташ, кхоккха йурт йукъа а йалош, дакъошка йийкъира командующис. Оцу йарташка эло Эристовс дІахаийтира, кхаа йуьртах цхьанхьара цхьа стаг гІовттамхойх дІакхетахь йа цхьана йуьрто шен махка тІе гІовттамхой бовлийтахь а, йарташ йохор йу, тхьамданаш, лецна, Сибрех а бохуьйтур бу аьлла.

Эристовна тІе цхьамогІа декхарш а дехкина, Владикавказе йухавирзира Свистунов. Анатолехь оьрсийн эскарийн хуьлучу иэшамаший, Теркан областан дисинчу эскарийн дакъошкахь гучудуьйлучу низам талхораший шен меттахь хила дезийтира цуьнан. ТІе, Нохчийчохь хІоьттинчу керлачу хьоло иза тешийра хІинццалцлерчу тактикаций, стратегиций гІаттамца дерг кестта чекхдаккхалург цахиларх. Теркан областан эскарш а, кхуза йаийтина Ламанан ДегІастанан отряд а цхьаьна а тоьхна, царна тІехь куьйгалла дан ша стаг везара. Хьалха цо кхуза ваийтина инарла Виберг ларор вацара оцу декхаршца.

Виберг ша ледара инарла вацара. Амма кхузахь эскарехь а, эпсаршна йукъахь а лоруш волу кхузарчу халкъан амалш, гІиллакхаш девза куьйгалхо оьшура. Оцу лехамашца вогІуш Свистуновн гІоьнча волу инарла-майор Алексей Михайлович Смекалов вара.

2

Іаьлбагца цхьаьнакхетарш хиллачу шолгІачу дийнахь Іаьндарчу бартахошка ша йаздинчу кехаташца шен вешин кІант Иба цига а хьажийна, шен доьзал а, масех стаг а эцна, ЧІебарлойн лаьмнашка вахара Іумма.

Цхьа кIира далале ши бIе сов стаг гулвелира Iуммин отряде. Царах нийсса ах Iуммин кхайкхамца орцах баьхкина Iаьндой бара. Волалушшехь цо атта йохийра Лохвицкийс ЧIебарла хьажийна Тенгински полкан ши рота а, 2-чу участкан приставан поручикан Сервиановн милицин команда а.

Iуммин аьтто хилира ЧIаьнти-Органна тIехула долу тIай дIалаца. Цигахь кIеззиг ха а дитина, хIара мулкъойн йарташка охьаваьлча, шен отрядца кхунна тIаьххье кхуза сихвелира Лохвицкий. Ша йохийна капитанан Кусовн отряд йуьстах а тесна воьду Iумма, Шара-Органна чувуссуш, цIеххьана Лохвицкийна тIеIоттавелира. ХIокхеран вовшашца кхийссарш йолайелча, хIоьттинчу хьолах кхетта капитан Кусов букъа тIехьахула тIелетира Iуммина. Шиний отрядо йина масех атака кхиамца йуха а тоьхна, цаьршинна дуьхьал масех тIелатар дира Iуммас. Барамна дукха хиларал сов, бIаьхаллин низам долу регулярни эскарш, шайна даккхий дараш ца хуьлуьйтуш йуха а дуьйлуш, аьтто а лохий, йуха а хьалхатаьIара. Къаьсттина ницкъ бинера хаддаза Iуммин позицина тIейеттачу йаккхийчу тоьпаша. Схьадеттачу хIоьънаша, шаьш лилхина ца Iаш, тIеIанайора тIулган бердех лоьлхуьйту окъамаш. Масех сохьтехь шиний агIор йина атака кхиамза йисча, шен ницкъ цIеххьана Кусовн отрядна тIе а берзийна, иза дIаса а йаржош, лаьмнашкахь къайлавелира кхузахь чов хилла Iумма.

Масех де даьккхира Лохвицкийс Iумма къайлаваьлла меттиг лоьхуш. Цунна гIодина йарташ йохийра. Чим беш йагийра Iумма вина Зумса а. Леррина вовшахтоьхначу таллархойн командица къажйора хьаннаш. Толлура массо чIаж а, лам а. Йарташкара бахархой а хьийзабора, Iумма лечкъина меттиг йийца бохуш. Амма Iумма тIепаза вайнера вахана агIо а ца хууш.

Лехамах дог а диллина, прапорщик Умаев шена тIекхайкхира Лохвицкийс.

– Командующис хьайна тIедиллина декхар дицделлий хьуна? – хаьттира цо, кхин хьийзораш ца йеш.

– Ца дицделла, господин подполковник.

– Делахь, иза кхочушде. Ткъе диъ сахьт хан йу хьуна.

Дада кхийрина де тIекхечира. ХIокху тIаьххьарчу масех дийнахь са дилла меттиг байна лийлира иза. ХIокхул хала киртиг ца хетара цунна дахарехь шена тIехIотта. Йевзара ден буьрса амал а, цуьнан болатан къармазалла а. Эрна ма ду иза тIеверзо гIертар.

Дадин ойла, айъайелла, мархашца хьаьвзина, бераллин шерашка дIайахара. ГIенах санна, дагадогIура шен да Шемалан наиб хилар. ТIаккха паччахьан эскарш даьхкира Органца хьала. ХIетахь, кхин эзарнаш санна, хIокхеран доьзал а къайлабелира лаьмнашкахь. Да а шен эскарца Басса тIехь леташ ву, бохура. Иза-м вуьшта а кIезиг гора доьзална. Виллина дIа тIамехь. Масех баттахь лаьмнашкахь лечкъаш лийлира хIокхеран доьзал. ТIаккха хIорш болчу веара да. Верриг тIелхигваьлла, корта а, маж а йаьлла, чевнаша верина.

– Нохчийчоь йоьжна, – элира цо. – Имам ведда шайн лаьмнашка дIаваха. Доцца аьлча, дерриг дIадаьлла.

Цул тIаьхьа шо геррга зама тийна, чувоьлла йаьккхира дас. Кхайкхича, Шуьйтан гIопе полковникна тIе а воьдура. Цигахь а, нахана йукъахь а ша Iедална муьтIахь ву а моттуьйтура. Цуьнан йуьхьа тIей, хьекъалечу бIаьргаш чуй хьежарх, ца хаалора даг чохь хьийза кIуркIамани. И санна, къарвелла, Iедална муьтIахь хилла сецна кеп хIоттийна Iачу Атин Атабис а, хIокхо а, сих-сиха къайлах цхьаьнакхетий, вовшашка хIун дуьйцу ца хаьара цхьанне а. Ца хаьара оцу ткъа шарахь тIамехь вахчавеллачу майрачу шина наибан Нохчмахкахула дIасадаьржина гуш доцу пхенаш хилар а. Цигахь а бара хIокху шиннан къайлах бартахой – бенойн БойсагIар а, Солтмурд а.

ТIаккха, шолгIачу бIаьстенан йуьххьехь, гIаттам болабелира Нохчмахкахь а, ЧIебарлахь а. ТIаьхьа воккхахилча, хиира Дадина адам хIунда гIеттина. Гуьйранна хьаьшна дIабаьккхира хIетахьлера гIаттам. Iумма а, Атаби а цхьаъ вукхунна

тІаьххье тІевахара областан начальникна. Ша тІевахале, цкъа хьалха шен доьзал Гуьржех дІахьажийра дас. Доьзална таІзар ца дан областан начальника дош делчий бен, ца дийцира цо иза болу меттиг.

Да ссылке хьажийра. Амма ша делла дош дохийра инарло Евдокимовс. Лехна, Іуммин доьзал Шуьйта а балабайтина, доьзалера уггар жимаха кІант, ворхІ шо хенара Дада, амалтана цкъа Владикавказе, тІаккха Тифлисе дІавигира.

Дада кхетара цхьадолчех. ХІокху керлачу Іедало лам чу Іазап деана хиларх а. Шен дай, Іедаллий цкъа а вовшашца машар хир боцу ши мостагІ хиларх а. Да эшарх а, Іедал толарх а. Шен дена тІехь Іедало таІзардарх а, иза шайна кестта гур воцчу агІор Сибрех цІе йолчу цхьана гена пана махка вахийтарх а. Іедало, берриг бахам дІа а баькккхина, шайн доьзал чІанабаккхарх а, цуьнан шайх тешам цахиларх а. Жима ша, цхьана гІуданна махках а ваькккхина, вуьгуш хиларх а.

Тифлисехь цкъа школехь дийшира цо, тІаккха Россе тІеман училище хьажийра иза. Цигара чекхваьлча, прапорщикан чин а делира цунна. Владикавказе эскарехь гІуллакх дан а вахийтира.

Хено кІез-кІезиг йерзийра беран хенахь цуьнан жимачу дагна хилла чевнаш. Шарахь цкъа отпускна лам чу веача, шайн доьзалан гІуллакхаш кІез-кІезиг меттадогІуш а гора. Воккхахволу ваша, Шемал, йуьртда а хІоттийнера. Ссылкера цІа веана къена да а, дерригенах догдиллина, къарвелла сецна а, Іедална шех тешна а моьттура. Дада воккхавера и къаьхьа зама генна тІаьхьайисарх. ХІинца малх хьоьжура церан хІусаме. Бакъду, тІаьхьа цуьнга деана ирс кхулура, халкъера Іазап гича. Амма иза ца ган гІертара Дада.

ТІаккха Дадина тІехула йекхначу стигалахь цІеххьана Іаьржа мархаш гучуйевлира.

Нохчмохк гІеттира.

ХІун дер-те къеначу дас? Йуха а меттахъхьоврий-те цуьнан даг чуьра карзахалла? Сацалурий-те иза, гІовттамхойх дІа ца кхеташ? Нагахь да, йуьстахваьлла, сацахь а, Дадин-х дезар ма ду шен къоман вежарийн цІий Іено. ХІун дер-те цо? Иза дагавелира воккхахчу вешех, тІаккха ший а – къеначу дех. Іуммас цаьршинна хьехар делира, туркошца тІаме гІой, кху махкара дІавала аьлла.

Дадас хІетахь ойла ца йира ден дешнийн. Моьттура, къоман вежарийн цІий ца Іенадайта, шаьшшиъ кхузара дІаваккха гІерта. ХІара шиъ кхузара дІа а ваькккхина, шен куьйгаш а даьстина, гІаттаман коьрте хІотта ойла хилла-кх цуьнан. ХІун башхо йу? Мичча махкахь хилча а, ши ваша Іедалан буйнара ма ца волура. И ца хаьара-те къеначу дена? Иза-м сонта стаг а ма вацара…

Лаахь а, ца лаахь а, хІинца шен вежарех лета дезара цуьнан. Мухха а летта ца Іаш, салтел а, эпсарел а доггах. Іедална шайн доьзалан муьтІахьалла гайта. Салтийн йа ша санначу туземни эпсарийн санна, моттаргІанна йа дегаза гІуллакх дойла а йацара. Мятежникех дог лозуш ву аьлла, бехкевийр вара. Амма шайн маршонна гІевттина вежарий байъа а ца вуьтура даго. Дог ца Іара шен халкъехьа ца узуш. ТІе, Дадина шера хаьара шен халкъера къиза хьал…

Аьтто кхечу къаьмнашкахь а бацара, амма, нохчашца дуьстича, уьш йалсаманехь хетара. ХІокхаьргара берриг бохург санна дика мохк дІабаькккхинера. ГІалгІазкхашний, гондІарчу къаьмнийн элашний, нохчийн эпсаршний, динан дайшний совгІатна дІабекъча бисинарг а пачхьалкхан долалле баькккхинера. Кхузахь халкъана тІехь цхьа помещик вара – пачхьалкх. Кхузахь урхалла а дара шатайпа – тІеман. Округийн начальникаша пачхьалкхан цІарах дацадора халкъ. Налогаш йохуш, гІуданаш детташ, маьхза белхаш а бойтуш. ХІара халкъ кхеторан а, кхиоран а бала бацара цхьаннен а. Мелхо, ма-хуьллу бодане теІош. Нохчийчоь къарйина сацийначул тІаьхьа даьллачу хІокху берхІитта шарахь цхьа школа йу дерриг халкъана йиллинарг. Цига а молланийн, совдегарийн бераш бен дІа ца оьцу. ХІара халкъ кога кІел латтош, шена гІорторашна йалхой кечбан йиллина иза а.

И дерриг шера хаьа Іуммин Дадина. Халкъ аттачу балхах ца гІеттинийла, кхидІа

детта са а ца хилла, собар а кхачийна гIеттинийла хаьа. Амма церан дуьхьало эрна йуйла а хаьара Дадина. Тахана а, кхана а къуьйсур ду цара, амма лама, хьаьшна, шайн цIела карчор бу. Иза-м йуьхьанца дуьйна а ма го Дадина. Стенна оьшу эрна цIий Iенор? ХIара Нохчийчоь паччахьан кога кIел йахана ма йаьлла. Оцу кIелхьара йер ма йац иза, мел йеттайаларх. Меттах массаза хьов, тIе ког теIош, ведйир йу…

Шара-Органна тIехь Iуммин отрядах летачаьрца вара Iуммин Дада. Цхьа взвод атаке а йигира цо. Ша а тапча йиттира гIовттамхошна йукъа. Гиний-те иза дена? ХIун дагадеана-те цунна, кIант шена дуьхьал леташ гича? Ма тамашийна зама йу хIара. Ши кIант дена дуьхьалваьлла. Герз а карахь…

Оцу ойланца Зумса чу вуьйлира Iуммин Дада. Амма Зумса йацара. Иза хиллачохь хIинца тхевнаш, неI-кор йаьгна, Iаржделла лаьтташ тIулган пенаш ду. Чим бинера докъарийн холанех а. Дагийнера рагIуш, божалш, гIотанаш. Цхьа а адам дац йуьртахь гуш. Деккъа цхьа меца жIаьлеш ду йаьгна ков-керташ Iалашйеш.

Дадина геннара дуьйна го шайн цIеношш. Цигахь цхьа а хьокха ца битина. Ирахь йоллушехь йагийначу гIопан масех у ду раздаьлла кхозуш. Говр диттах дIа а тесна, керта вахара иза. КIомсарш къажийна, делла Iуьллу церан ши жIаьла. Алун барз бу хIинца а кIур туьйсуш. Циггахь тIекIел а йоьттина, цIе тесна мотт-гIайбех, йийбарх. КIора хилла доьрчашна чуьрачу хьаьжкIех а.

Дадин кийра цIеран алу хьаьвза. ХIара чохь вина, беральа текхна, нанас хьистина бен бу бохийнарг. Цхьана Дадин бохийна ца Iа. Масех эзарнаш бохийна. Эзарнаш адамаш хьаннашкахь буьйсанаш йохуш лела. Акхарой санна. Iедалхошна адамаш ца хета хIара ламанхой. Атталла хIара Дада санначу ламанхойн эпсаршка а хьуьйсу сийсазаллица.

Шен къомах жимма а дог лозург хаалахь, иза кхуссий йуьстахвохуьйту. Дех-ненах дог лаза а ца мега. Ша тIекхайкхича, адамех тера вист ца хили цуьнга командующи. ЖIаьла санна, чехийра хIара.

Цуьнан хIун бакъо йу иштта къамел дан? Дадин ворхIе да ваьхначу лаьмнашка а веана, йаппарш йан? Дадин къоман коча шайн Iедал Iитта? Дадин вархIий да а ца вахана кхечу къаьмнийн коча шайн Iедал, гIиллакхаш Iитта. Цхьа а стаг шен маршонах хадо. Цхьа а стаг сийсазван. Ткъа Дадин къомера мохк дIабаькхина. Коча дукъ доьллина. ХIара тхайниг тхуна дита, тхо адамаш лара аьлла, гIеттинчунна тIехь хIара къиза таIзар до.

Дадин къамкъарге шад хIуьтту. Дарделла деттало дог. Го йагийна ков-керт. Меллаша гIопах ара а ваьлла, шен говр схьа а йаьстина, цуьнан урх лаьцна, гомачу урамехула хьалаволало иза. Мичахь ву-те къена да? Шемал а вац гуш. Йуьртда волу иза мукъане а цхьанхьа хила ма везара…

Эвлал араваьлча, шен белшаш тIера погонаш дагайаьхкира цунна. Хьанна хаьа, хIара ца вевзаш, йа безам бацарна, цхьамма кIелонгара схьа топ тоьхна, вожавахь а. ГIаттам хьошучарна йукъахь дукха ламанхойн милцой а, эпсарш а ма бу. Ткъа хIокху тIаьххьарчаьрга халкъан цабезам алсам бу салташкачул. Белшаш тIера ийзош схьайаьхна погонаш цкъа бердах чу кхийса ойла хилира цуьнан. Цкъа а йуха уьш тIе ца йохка. ТIаккха а ойла хьаьвзира. Хьанна хаьа, деца дерг машаре дерзахь а. Йа, цуьнца висахь, хIорш оьшуш меттиг нисйала а там а бу.

Схьайаьхна погонаш кисана а йоьхкина, говр йоргIахь хьалхахийцира Дадас.

Лома тIе ваьлча, гIашлойн готта некъ тIулган басенца, лаьхьа санна, сетташ чубоьду. Генна кIоргехь, детин аса санна, къиэга Шара-Орга. Ленаш тоьхначу бергаша цхьана эшарехь татанаш до тIулгаш тIехь. Говран когаша меттахдоху тIулгаш, гIовгIанца бердан терхех детталуш, кхийсалуш, дIо кIоргехь тата доцуш дов, бух боцчу дуьнен чу эгча санна. ЧIаж къардина маьхьаршца бердаца хьийзачу мерцхалдигаша. Олхазарийн бес-бесара эшарш хеза тIехула а, бухахь а, хьаннашца а. Цхьанхьа оттйокх йека, вукхузхьа – хIуттут. ХенакIуро йетта вота а хеза. Ирахь бакъабеллачу попан цхьа долчу цхьана гена тIе а хиъна, даг чу сингаттам туьйсуш,

йека къена хьаргIа. Ломан басеца шена ижу лоьхуш, сема бIаьрг бетташ, аьрзу хьийза хIаваэхь. Дахар кхехка хIокху лаьмнашца, хьаннашца. Къийсам бу дийнахь-бусий лаьтташ. Дахарехьа къийсам. Адамийн санна. Амма уггар къиза экха адам хета Дадина. Акхароша синкхетам боцуш до шаьш дийриг. Шайн гай йузо гIерташ, даха гIерташ. Шаьш дуьзча, Iадда а Iа йуха мацдаллалц. Ткъа адамаша вовшийн дойъу. Къиза. Тоьпаш йетта, ирхъухку, кескаш йеш, этIадо, мацаллица, хьогаллица дойъу, дагадо. ХIун дисина цара вовшашна тIехь данза?

3

Ойланаша дIалаьцна Iуммин Дада Шара-Орган чу воьссира. Кхузахь бердаш дIаса а хилла хIоьттинчу йоцачу тогIи чохь хи даьржинчохь гечо дара дехьаволуш. ХIокху ламанца болчу кIеззигчу наханий бен ца хаьа кхузахь иза дуйла. Хи тIе кхаьчча, говр а сацийна, хьала-охьий, дехьа бердей бIаьрг туьйхира Дадас. Даккхийчу чхернашна тIехула кхийсалуш, йуккъехула хьийзаш, цинцаш детташ, чопаш туьйсуш, гIергIаш охьаоьхура, дукха сирла хиларна, Iаьржа бос беттало Орга. Охьа а воьссина, багара гаьллаш дIа а йаьхна, урх нуьйра тIе а тесна, говр хи тIе хийцира Дадас. ТIаккха, хин йисте голаш тIе охьа а лахвелла, куьйгаш дилина, канаш чохь эцна хи бете даьхьира. Сирлачу хи бухахь маьлхан зIаьнарш къегира. Хи дIа а Iанийна, аьрру куьйган цIаза-пIелгах йоллучу дашочу чIагаре хьежа хIоьттира иза леррина. ПIелгана гуонах хьийзош, масех гуо а баккхийтина, тIаккха, схьа а йаьккхина, чоин пхьуьйшах хьаькхна, къагийра цо иза. БIаьстенан йуьххьехь цуьнан деган йезаро Маьлхаша тешамна йеллера цунна и чIуг. Гурахь йогIур йу аьлла. ХIетахь, масех денна отпуск йаьккхина, винчу йуьрта веанера Дада. Дукхахдерг, Маьлхаш гархьама. ЙоI церан лулахошка а кхайкхийтина, сатаса гергадаххалц цуьнца ирахь Iийра иза. Дадина цо чIуг йеллийла ца хаьара оцу буса цаьршинца чохь хиллачу Маьлхашан доттагIчунна Яхиний бен. Оцу буса дуьйна йолу хан йахйеллера Дадина. Денош дагардан вуьйлира. Самукъа ца долура Владикавказах а, Грознех а. Диллина дIа дог лаьмнашкахь лаьттара. ХIетахь дуьйна цуьнан деган кIоргехь цхьа гушбоцу кхерам гIуьттура. Хаьара, шаьшшинна йуккъе цхьа бохам хIуттур буйла. Туркошца тIом болабелча, оцу тIе тидира цо шен кхерам. Ша цIахь висча, и кхерам шена тIехбаьлла а моьттира. Амма тIаьххье хIара гIаттам болабелира. ТIаккха а йисира догдохийла. ХIинца дас динчо иза, харцийна, тIекIелйаькккхи.

«Мичахь йу-те Маьлхаш? – ойла йора Дадас. – Да, вежарий дийна буй-те цуьнан? Догдилла деза-те ас сайн безамах?..»

Дада шен ойланех йукъахваькккхира Органан гIергIарна йуккъехула деанчу зевнечу озо.

– Ваши-и-и!

И аз гIенах санна хийтира Дадина. ХIокху къорачу лаьмнаш йуккъехь, и цIе йоккхуш, цуьнга мила кхойкхур ву?

– Ваши-и-и!

Дада, хьала а гIеттина, дIасахьаьжира. Хил дехьа бIаьрг тоьхча, хьуьна йисттехь сирачу говрахь бере гира цунна. Уггар хьалха – шен вешин говр, тIаккха вешин кIант вевзира цунна.

– Мовсар!

– Ваши!

Сихха говрана тIе а вахана, гаьллаш бага а йоьхкина, кхоссавелла тIе а хиъна, хи чу тесира цо и. Чехкачу хино охьаийзо говр, мераIуьргаш сийсош, «хур-р» деш, дехьа а йаьлла, йегайелира.

– Хьо мичахула кхаьчна кхуза? – хаьттира Дадас, дIакхевдина вешин кIант мара а

вуллуш.

– Шама схьаваре хьоьжу-кх.

– Иза мичахь ву?

– Хаац. Ша схьаваллац Іе аьлла, цо схьахьажийна со.

– Ашшимма хІун до?

– Амина тІаьхьавоьду.

Доьзалехь массара а Ами олура Іуммех.

Дада цецвелира.

– Салташа йурт йагийча, оьгІазваханера Шама. Вайн ший цІеношш а дагийна.

– Гина суна, – йуха а кІант тІеозийра цо.

– Ахь хІун до, ваши?

– Со а ву-кх Ами лаха воьдуш. Иза мичахь ву хаьий хьуна?

– Шамина хаьа. Хьо хІунда воьду Ами волчу?

– Хаац…, – элира Дадас гІийло. – Иза тІевало вохуьйтуш ву-кх инарлас.

Мовсар леррина ден веше хьаьжира.

– Ами вогІур вац, – элира цо сацамболлуш. – Цуьнца Иба а ву. Шама а, со а хир ву цуьнца. Тхох цхьа а инарлина тІевогІур вац.

– Шу стенга даха дохку?

КІентан дерачу хьажаро цецваькхкхира Дада.

– Цхьаннахьа а. Тхайн лаьмнашкара а девлла, тхо мича гІур дара?

КІанта шена Іиттарш йеш санна хийтира Дадина.

– Схьалоьцур ду шу, йа дойъур ду. Къийсар эрна ма ду, Мовсар. Ами вуон вахана Іаьлбагна тІаьхьа. Ашшимма лелориг а ду хьаштдоцург.

– Схьа-м лоьцур дац тхо, дайъахь – дойъур ду-кх. Ткъа къена Ами дІа а тесна, цІахь муха Іа тхойша? Иза хьан ларвийр ву? Миска Ами! Чов хилла, боху, цунна…, – кІентан Іаьржа ши баьрг хих буьзира. – Мичахь ву а хаац… Дийна вуй а хаац…

– ДІавала, осала ма хила. Шийтта шо кхаьчна кІант, йоІ санна, воьлхуш… Хьох стаг маца хила воллу?

– Ца вилхина, ас хІун дийр ду? – мохь белира кІентан. – Хьо а, Шама а Іедална гІуллакх дан вахчахьана, со-м бераша кетІа вала а ца вуьтурий… Шуьшиъ тІехветташ… МостагІийн йалхой ду бохуш… ТІаккха Ами Іедална дуьхьалваьлча а, шуьшиъ тІехветтара… Хьан да а, ден ваша а шайн да вен гІерташ ву бохуш…

– Охашимма цхьанне а зулам ца дина, Мовсар. – КІентан дог тедан гІоьртира Дада. – ДуьххьалдІа хьо кхетац. Тхойшинна а ма кІордийнера дуьнен тІе ваьлчахьана къиза дуьне даа. Ами лаьцча, хІара дуьне гатдинера тхуна. Цхьана агІор – Іедал, вукху агІор – Амин шира мостагІий. Іедална гІуллакх дича мукъане а садаІа дуьтур дацара-те аьлла, хийтира. Ткъа тхойша хилла ма ца Іара оцу новкъа ваьлларг. Тхойша-м гІаддайна ваьллера. Ткъа нах шайн лаамехь бу Іедална бецаш. Цхьаъ йуьртда ца хІоьттича волурий? Шемал ца хІоьттинехь, кхин хІуттур вара.

ХІара шиъ къамел деш лаьтташехь, говрахь хил сехьавелира Шемал. Кхузахь

лаьтташ жимахволу ваша гича, цецвелира иза. Дадас доцца дийцира инарлица шен хилла къамел, тахана Лохвицкийс ша арабаккхар а. Ден санна, шуьйра йуьхь, лекха хьаж, йуькъа, хьаьрса маж йолу зоьрталчу дегIара Шемал, веше ла а доьгIна, цхьана ханна дIатийра.

– ДIагIо, Дада, – элира цо, шен шуьйра накха совсош, доккха са а даькккхина. – Хьайна ца карийна аьр ахь. Вайша бохург дийр ма дац цо.

– Ахь хIун до ткъа?

– Со деца ца Iийча валац. Да – да ма ву.

– Ткъа со?

– Хьо жима ву. Ахь доггах гIуллакхдахь, инарло къинхетам бан а мега.

– Дений, вешиний дуьхьал лиэта вохуьйту ахь со?

– Тхойша воцчохь, кхечахьа летар хьо. ДIагIо, Дада. Ша декъаза баьлла кхаж бу вайшиннен, дуьнен чу ваьлчахьана. ХIара кIант ас Гуьржех вуьгур ву. Вайн хьеший болчу. Хьо маьрша висахь, мацца а цкъа хIара цIа валор ахь.

– Со-м гIур вац! – эккхийтира Мовсара.

Урх хьайина, говран чоже кIажаш таIийра Шемала. Къаьрззина Дадега а хьаьжна, сихдина бIаьрнегIарш тоьхна, халла хаалуш балда а озийна, дена тIаьхьа говр йерзийра Мовсара а.

ПаргIатчу боларахь и шиъ лома хьалаволавелча, цхьана масех минотехь цаьршинна тIаьхьахьоьжуш а лаьттина, корта хьовзош, лохха ша-шега вист а хилла, сацамболлуш царна тIаьхьаволавелира Дада.

Орга гIергIара. Даккхийчу чхераш тIехула кхийсалуш, йуккъехула хьийзаш. Дарц детташ, чопаш туьйсуш.

4

Наггахь бен адамийн лар ца йогIучу, шеран дукхахчу хенахь ло лаьттачу ломахь, кIоргачу хьехахь йогучу цIарна гуонах, кIел кетарш а тийсина, тевжиний, хевшиний Iара иттех стаг. Царна тIехьа ах бодашкахь текха тIехь цецаца ахьар луьйсуш йоллура шовзткъа шо хенара дуткъачу дегIахь йеха Iаьржа месаш йолу зуда.

Лелхаш догучу тIедачу дечиго гIаттийна кIур, хьала а айъалой, тIулган тхевнаца шерший, хьехан бертехула арабуьйлура. Генара хьаьжча, ган йиш йацара иза. ХIара хьех мархашна тIехула айъайеллера, ткъа уьш дIайевлча, мокхачу дахкаро дIалоцура лахе.

ЦIарна уллохь, гIевланга гуьйриг йиллина, харцахьа йаржийначу кетар тIехь тевжина Iуьллура сирвелла йеха, шуьйра маж йолу воккха стаг. Аьрру пхьарс тишачу кIадинан къорзачу асанца бихкина бара цуьнан. Ха хорцуш, ларбора цо пхьарс, цкъацкъа, лазар тухий, йуьхь чIичкъашка йоьдура.

Цхьаберш леррина воккхачу стаге хьуьйсура, вуьш йогучу цIерга богIабелла Iара. Нахана ца хаалора цкъацкъа бIаьргаш чу хьийза кIур а. Воккхачу стага цхьа хабар дуьйцура царна.

– БойсагIар йийсаре лецира. ХIинца, со санна, чов хилла, шайн Бенана генадоццуш цхьана хьехахь и къайлаваьлла Iаш. Цуьнца хиллера Солтмурд а, БойсагIаран йоI йахана нуц Муна а, гIалгIайн Маьлцаг а. Солтмурд а, Муна а кIелхьарваьллера,

бисинарш дIалецнера. БойсагIар ша вуьшта а ах-стаг ма вара. ТIамехь цхьа бIаьрг, цхьа пхьарс, цхьа ност а йаьккхина. ТIаккха Iедална тIевахара сой, Атабий. Масех чов хилла Атаби – хьалха, со – жимма тIаьхьа. Тхойша тIе ца веача, йарташ хIаллакйора эскарша. Соьлжа-ГIалахь веха ца латтош, Россе дIавигира тхойша, вовшех а къастийна. Со – Моленск олучу йоккхачу шахьара, ткъа Атаби – кхин а дIа гена. БойсагIар ирхъоьллира Хаси-Юьртахь…

…1860–1861-чу шерийн гIаттам хьаьшча, шайн лаамехь Iедалан каравеана Атаби а, Iумма а маьршачу ссылке хьажийра: Атаби – Псковски губернерчу Порхове, Iумма – Смоленски губерне. Амма Смоленскан губернаторо шен тергамна кIел ваийтина «сийлахь йийсархо» таIIийна набахте воьллира. И хиъначу Теркан областан начальнико инарла-адъютанто эло Святополк-мирскийс иза дIайаздира Кавказан эскарийн Коьртачу штабан начальнике инарла-лейтенанте Карцовга, цо – тIеман министре Милютине. ТIаьхьарчо цу хьокъехь сихха дIахаийтира императоре Александр II-че. Императоро, Смоленски губернаторна барта таIзар а деш, набахтера маршоне ваьккхира Iумма.

Амма маршонехь а гIуллакхаш дика дацара Iуммин. Iедало схьахоьцу ахча кхачанна а ца тоьура. ЦIера дIавуьгуш тIехь хилла бедарш а, йоьхна, тIелхигйевллера. Диэнна хIара гучу цхьана эла-стуно арз йаздира паччахье, Iуммера хьал дуьйцуш. Iуммина гIоьнна цхьанаметта итт туьма ло аьлла, оцу кехата тIе резолюци а йазйина, Смоленске йухадаийтира паччахьо.

Кхин а доьхна хьал хIоьттинера Порховехь волчу Атабига. ХIара кхаба пачхьалкхан казнас баттахь схьахоьцург ткъе итт сом дара. Кхойтта сом – хIоккунна дуучунна-молучунна, вуьрхIитта сом – хIара чохь Iачу хIусаман дена. Шен кара кхочу кхойтта сом кхачанна а ца тоьура Атабина. ТIера бедарш, эттIа, дIайевллера. Чевнаш а йара йерзаза, йа царна дарбанаш лело лор а вацара. Атаби а ца Iийнера тийна. Цунна тIехдика Iаьрбийн мотт-йоза а хаьара. Цо кехат йаздира паччахье. Ахь ша, даош-малош, вусто а, хазаниг тIедухуш, кечван а ца валийний хаьа шена, йаздора цо. Цкъа а шен дегIана там ца лехнера ша къона волуш а. Йерриг къона хан хьуьжарехь, тIаккха тIейогIург тIамехь дIайаханера шен. Дахаро Iамийнера ша кIеззигчух а тоам бан. Кхузахь шена ло кхача тоьу шена. ЭттIа бедарш мехаца тIеттIа а ийзош, дегI хьулдеш Iа ша. Кхин кечвалар а ца оьшу шена. Амма шена тIе дукха адам догIу. Хьан элий, инарлаш, кхечу пачхьалкхера нах а. Леррина ахь, лаьцна, йийсаре а валийна, кхуза охьахаийча, ша цхьа гIараваьлла къонах ву моьттуш, шега хьовса. Царна ша гIийла, беркъа гича, цара хьуна бехкбилларна кхоьру ша. Хьайна дукха зиэн ца хилахь, шена духарна жимма харж йахьара ахь аьлла.

Дукха хан йаллале, Александр II-чун омрица итт туьма ахча делира Атабина а. Итт туьмано духар нисдира Атабина, амма могашалла йара дено-дено оьшуш. Къаналла а ца Iара шениг дитина. Атабис йуха а кехат йаздира паччахье. Ша, мел ваьхча а, дукха вехар вацара, йаздора Атабис, къеначу шена атта дац доьзалх а, даймахках а ваьлла, цабевзачу махкахь кхечу къома йуккъехь хан йаккха. Чевнаш а ца йирзина шен, уьш дено-дено кIаргло. Кхузарчу къоме бийца церан мотт а хаац. Доцца аьлча, шен Iожалла гена йац, ша вала герга ву. Даймахка верзавар а ца доьху ша. Амма, Iожаллина охьавижча, шеца цхьана динехь болчу нахана йукъахь хила лаьара шена, нагахь тарлахь, бусалба нах бехачу вахийтахьара ахь ша бохуш, йаздора цо.

Йаздина кехат Петербурге дIакхачо стаг нисваларе хьоьжуш Атаби Iаш, цуьнан ирсана, иза волчу веара Малхбалехьара схьа столице воьду штабс-капитан Рылеев. Иза цецвелира воккхачу стагерчу ирчачу хьолах. Эпсар доглозуш гонахъхьаьвзича, Атабис хала а, атта а кхетийра иза шена луучух. Шен кехат паччахьна тIедахьар а дийхира.

Ша Петербурге кхаьчча, дерриг а дитина, Атабин гIуллакх нисдан гIоьртира Рылеев. Шен цIарах паччахье дехар йаздира цо, Атабин хьал дуьйцуш.

Дукха хан йалале Петербурге дIавигира Атаби. Инарлина Милютинна хаьара Атаби Шемалан гIарабевллачу наибех цхьаъ хилар а, хезнера, Iилманций, Iаьрбин мотт хаарций иза шел лакхахь хиларна, имам цунах озалуш вара бохуш. Цуьнан хаарш

таллар тIедиллира цо Петербурган университетехь малхбален меттанаш хьоьхучу арабистна-гIезалочунна. Цо чIагIдира, шена бевзачу молланашна йукъахь Атаби лакхара Iилма долуш, Iаьрбийн мотт дика хууш стаг ву аьлла. ТIаьххьара а йаздора цо, империна чуьрачу бусалба нахана лерина Атабин куьйгаллица цхьа газета арахеца долийча, Iедална пайдехь хир дара аьлла.

Амма и газета ара ца делира. Петербургехь цхьана придворни вельможин хIусамашкахь бутт баькхира Атабис. Александр II-чо цкъа-шозза, тIекхайкхина, къамел а дира цуьнца. Атабин дехар кхочушдеш, гIезалой бехачу Касымовке вахийтира иза паччахьо. Эххар а даймахка цIа ваийтина иза, дукха ца вехаш, кхелхира.

Iуммас дуьйцура ша леллачу мехкашкара йаккхийчу шахьарех, адамех, цIерпоштах, хIордан кеманех, тайп-тайпанчу къаьмнийн гIиллакхех, амалех.

– Амма массанхьачул а дика цIахь ду, – чекхдаьккхира Iуммас шен къамел. – къен делахь а, миска делахь а, цIахь тоьлу. Дисинчу дерриг дуьненах хIара вай чохь Iен хьех а лур йацара ас…

Алу тIехь йеттина овкъарх йуьзна сискалгIин йеха тоьпаш, шен кучан йухах хьоькхуш, цIанйина, текха а йехкина, божаршна хьалха йехкира зудчо. Текха йуккъехь кIолдан масех мижарг а, иттех хох а бара.

– ХIан, тIехилал, кIентий, – кIегархиира Iумма. – БисмиллахIир-рохьманир-рохьим!

ХIорш йаа буьйлалушшехь, чувелира герзах воттавелла тIемало.

Iумма хаттарца дIахьаьжира цуьнга.

– Шемал а, Дада а ву лаха чохь лаьтташ. Схьабохкуьйтий уьш?

– Цаьршимма хIун до?

– Хаац, хьоьца гIуллакх ду, боху.

– Кхин цхьа а вуй цаьрца?

– Шийтта шо хенара кIант.

– Охьа а хаий, хIума кхалла, БугIа.

– Iойла дац, и шиъ соьга хьоьжуш лаьтта.

СискалгIийн ши топ чоин кисана а йоьллина, кIолдан мижарг буйна а лаьцна, Iумме хьаьжна, ладоьгIуш сецира БугIа.

– Схьавалаве и шиъ. ТIаьхьа цIога доцуш буй-те уьш?

– Хила декхар-м дац. Дехьа-дехьара вайн гIаролаш тийна Iа.

БугIа араваьлча, ойлане велира Iумма. ХIетталц цо миэлла а сутара доху нох гIелделира. ДIайан гергайаханчу цIерга ши бIаьрг боьгIна, цкъа кхаьллинарг йехха Iуьйшуш, багахь керчош, халла къамкъаргах чоьхьайоккхура. Эххар, ша йолийна шолгIа топ йуккъе йаьлча, иза текха охьа а йиллина, мекхех дайн куьг хьаькхна, йухахилира.

ХIума йиъна бевлча, дукхахдерг сингаттамна, хIор а цхьацца гIуллакх дан хIоьттира. Цхьа-шиъ, тоьпаш эцна, талла вахара, масех дечиган гIайгIа бан дагаршца, асанашца аравелира, бисинарш герз цIандан а, шайн мача-маьхьси лето а буьйлира.

Месала куй гIевланга а биллина, ши бIаьрг хьаббина, аркъалтевжина Iуьллура Iумма. Хеттарш ца дахь а, нахана хаьара цо стенан ойла йо.

Цхьа сахьт даьлча, БугІа хьалха а волуш хьеха чу велира Шемал а, Дада а. Нахана йуккъехула а ваьлла, ма-воггІура дена тІеван гІиллакхехь ца хетта ши кІант, бисинчаьрца тІекаре йеш, дуьхехь сецира. Іуммас ши бІаьрг ца биллира, Мовсаран аз хаззалц.

– Ами! – мохь аьлла, веана тІекхетта, денден йуькъачу можа тІе йуьхь таІийна, саийза вуьйлира кІант.

КІентан коьртара баькккхина куй охьа а биллина, баьшна, хІетта тІебала боьллачу коьртах куьг хьаькхира Іуммас. Буьрса дусаделлачу цІоцкъамашна йуккъе шад гулбелира. Велавала гІоьртина, озийна балда а дегийра. Ши бІаьрг тІунлуш санна хийтира Іуммина. ХІара хІун ду? Ша-шех цецвелира иза. Тахана санна, дог ца кІадделлера цуьнан цкъа а. Хаьара, ша бахьана долуш шен доьзало лайна хало. ХІинца кІентан берашка а кхачий цо и декъаза дакъа.

– Стенна воьлху хьо? – элира Іуммас къорра. – Берзан кІеза дац хьо? Ламанан леча дац хьо?

КІанта, хьала а хьаьжна, хих буьзна бІаьргаш дендена тІебуьйгІира.

– Чов вуон йуй хьан, Ами? – меллаша цуьнан пхьарс шиний куьйга схьалецира Мовсара. – Дукха лозий, Ами?

– ХІумма а ца хилла, Мовсар. Цхьажимма мерцхаг йаьлла.

– Со хІинца хьоьца хир ву, Ами. Ас дІатосур вац хьо…

– Ахь хІун до соьца? – велавелира Іумма, кІентан мара а озийна.

– Хьо ларвийр ву, мостагІех летар ву.

– Жима ву хьо. Воккхахилча, летар хьо.

«ХІара-м жима а вац, – ойла йира Іуммас. – Дуьххьара тІаме воьдуш жима кІант вара-кх со а. Амма хІокхуьнан зама кхин йу».

Іуммин шина кІантаца тІекаре а йина, цхьацца-шишша бовлуш, арабевлира нах. Шина кІанта, тІе а веана, хьал хаьттира дега.

– Вуон дац. Чов-м хьесапе а йацара. Йирзина. Шуьшиъ хІунда веана?

– Со-м хьоьца виса веана, ткъа Дада инарлас ваийтина хьо волчу, – элира Шемала.

– ХІун боху инарлас?

Дадас дийцира Свистуновн шеца хилла къамел. Леррина ла а доьгІна, корта хьовзийра Іуммас:

– Новкъара йухавоьрзийла дац сан, ши кІант. ХІинцца ца ваьлла со хІокху новкъа. Сайн пхийтта шо кхаьчча, ваьлла. Инарлина а, шуна а ма-моьтту хьераваьлла а вац. Дерригенах а кхета. Тоьлур воцийла а хаьа. Шемалца волуш дуьйна а хаьара. Делахь а, корта а таІийна, кІелсаца лаац. Лай хилла вехачул, летта велла дІавалар гІоли хета…

– Хьо лай ма вац, Ами, – йукъавуьйлира Дада. – Хьуна оьшуш хІумма а ма дацара. Бахам а, даьхний а дара. Тхойша а хаза гІуллакхе дІанисвеллера. ХІинцца самалхадала даьллера-кх вайн…

Іуммас корта хьовзийра.

– Ахь бохург дац хІара, кІант. Жима ву хьо. Кхета гена ву. Даьхний, бахам, хьаькамалла а лоьхуш лелла со? Йа уьш лоьху хан йу сан? Со ламанан аьрзу ду. Маршонехь дуьнен чу даьлла. Пхьарчо а божаза йолу аьрзунан кІорни, схьа а лаций, цІа а йалайай, тускара чу йоллал. КараІемар ма йац иза. Йоккха мел хуьлу,

кхетаме мел йеа, дарлур йу. Хьо тІе масазза кхевда, зІок йетташ, мІараш туьйсуш, летар йу. Йа оцу тускарахь дог иккхина лийр йу. Маршоне сатуьйсуш. Изза хьал ма ду соьга хІоьттинарг. ХІаъа, хьо бакълоь. Бахам бу сан, даьхний ду. Ши кІант а гІуллакхе нисвелла. Ашшимма боху-кх. Амма вайн бахаман а, гІуллакхан а ши кепек мах бац. Уггар коьртаниг дац вайгахь. Маршо. Хьан йуьртделла, йа хьан эпсаралла хІун йу? ХІумма а йац-кх. Вайнахана ло чинаш, ордалш, мидалш, алапаш стенна ло? Вайга вовшийн хІаллакдайта. Мацделлачу жаьлешна йуккъе тосу даьІахк йу цара вайна лург. Ткъа суна лаац церан йалхо хила. Ас тІаьххьара саоззалц къуьйсур ду халкъан маршонехьа. И де а гена дац. Кестта лийр ву. Амма – къийсамехь.

Іуммас сацийра шен къамел. Хьехахь тийналла хІоьттира. Дехьо, кІоргехь, тховх Іийдалучу ладаран тІадамаш оьгура тІулгаш тІе. БІаьрхиш санна.

– ДІагІо ший а. Шайна ма-ттов ваха. Со вита сайн новкъа дІаваха.

– Сонталла ма йу иза, Ами. Тоьлур ма дац вай, – йуха а йукъавуьйлира Дада. – Ца го хьуна хІаллакьхуьлу адамаш, йаго йарташ? Цул, Іедална муьтІахь хилий, совца вай…

Іумма буьрса дІахьаьжира кІанте.

– Ма хьеха суна! – аз айдира цо. – Дуьйцу хезний ткъа, лоьман кІезо лом Іамадо бохуш? Маршокка! Хьуна хІун гина? Хьуна хІун хаьа? Кхидолу къаьмнаш ду ткъа Іедална резахилла Іаш? Оьрсий, гуьржий, абхазой, саной, суьйлий? Массанхьа къуьйсу харцонна дуьхьал. «Тоьлур дац!» И ца хууш ву со? Суна Росси ца гина, паччахьан ницкъ ца гина, моьтту хьуна? Йа сан дегІа тІера моьнаш ца гина хьуна? ХІуъу а хир ду. Оьшур а ву, лийр а ву! Со а, бІеннаш, эзарнаш а! Амма тхо къарделла совцур дац. ХІун хир ду, хІокху лаьмнашкара аьрзунаш хаьдча? Лолла! ХІун хир ду, дуьнен чуьра къонахий дІабевлча? ХІара дуьне-м къонахийн белшаш тІехь лаьтташ дай. Хьан инарлин Орцин, Ботин, Девлат-Мирзин, молланийн белшаш тІе товжа дисахь, духур а долуш. Къонахий бала кхоьллина. Халкъан гІуллакхна. Цунна серло луш, нуьрах бага. Цхьаъ воьжча, ваьгна ваьлча, цуьнан метта кхин дІахІотта. Амма хьох, хьо санначех, тешна ма дуьсийла хІара лаьмнаш! ТІаьхье йоцуш, кІур байна вуьсу со. Хьанна моьттура, хІара хир ду?..

Іумма, хьала а гІеттина, ши куьг букъа тІехьа а диллина, йезза гІулч йоккхуш, дІасаволавелира. Цхьана ханна тийналла хІоьттира хьехахь.

– Наха ца боху, хьо маршонан гІуллакхна гІеттина, – элира Дадас, ларлуш.

– ХІун боху цара?

– Хьо туркошна дешех вохкавелла, церан гІуллакх айъина лела, боху.

– Муьлш бу и нах?

– Массо йартийн маьждигаш чохь кхайкхадо иза…

– Молланаший? Оцу заддаший? ХІинца хии суна хьо мича гІерта! Хьо а теша-кх царах? Теша-кхий ткъа! Тешаш ца хилча, дуьйцур ма дацара ахь! Шаьш санна, кІилло ву моьтту шуна массо а? Муьлш бу и хабарш дуьйцурш? Йамарт жІаьлеш! Шайн халкъах хаьдда заддаш! Шайн тІингарш йуьзчахьана, халкъ сийначу цІарах дагарх а, лерган дуьхьиг ца ухьу аш! Йухаверза ший а. Со ца вогІу ала инарле, шаьшшимма сох дош ца ло ала. Салташна, царна гІо дечу вайн къомах девллачу кхахьпанашна йукъа а кхетий, йарташ йагайе, зударий, бераш дайъа. ТІаккха инарлас гечдийр ду шуьшинна. Чинаш лур ду, ордалш а, аш дайъинчу зударийн, берийн цІийх, бІаьрхих йуьзна. Суна гучуьра дІавала ший а!

Іуммин шуьйра йеха маж, левси санна, сихйелла ийъалора цуьнан некха тІехь. ЦІийбеллера буьрса ши бІаьрг.

– Со цІа ваха веана вац, Ами, – элира Шемала. – Ахь дийрриг дан веана. Хьох

ваьлла, ваха меттиг бац сан.

Дада ша волччохь лаьттара, ши бIаьрг лаьтта а боьгIна. ХIара хьалххе гуш дара цунна. Дика вевзара да а, ваша а. Ткъа Мовсар а ву къаьрззина цуьнга хьоьжуш. Цуьнгарчу жоьпе ладоьгIуш. Йуханехьа вахча, дех а, вешех а волу. Царах ваьлла а ца Iа. Халкъах а къаьста. ТIаккха къеначу лаьмнаша а нажжаз вийр ву иза…

Дада Мовсаре хьаьжира. Дехарций, бехкбаккхарций хьоьжура цуьнга кIентан бIаьргаш.

ТIе а вахана, вешин кIант маравоьллира цо…

V корта. БЕКХАМ

Зударий – халкъан деган хьехам,

цуьнан доьналлин хьоста ду.

Джек Коун

1

Шен бIаьхошца бахархошна хало ца йан, денош йочане ца хилча, наггахь бен йарташкахь ца соцура Iаьлбаг. Цкъа-делахь, хIорш дуучунна-молучунна кхаба дезаш хуьлура церан, шолгIа-делахь, мацца а цкъа баьхкинчу салташа оцу йуьртана луьра таIзар дора хIорш чубитарна.

Тахана шен жимачу бIоца ГIамар-Дукъахь сецнера Iаьлбаг. Бердан йисттехь, боккхачу ножа кIел сийначу бай тIехь аркъал а тевжина, Iуьллура иза. Дагна там беш, зезагийн а, сийначу гIан а хьожа йара хIокху лакхенан цIена хIаваъ дуьзна. Нийсса дуьхьал гора, сирачу кортош тIе мархийн месала куйнаш а техкина, тийна, буьрса лаьтта нохчийн лаьмнаш. Церан когашкахь йаьржина Iохку Басса тIера йарташ. Хьалха кIел, Хулхулона йистехь, шерачу экъан тIехь Веданан гIап а Iуьллу.

Цигахь лаьтта даим а паччахьан Iедалан Нохчмахкахь болу коьрта ницкъаш.

Ткъа гуонаха, йерриг Нохчмахка этIош, дина кхин кегийра баннаш а ду. Цигахь даим дIа эскарш лаьтта. Массо йуьртана тIе йаккхийчу тоьпийн йуьхьигаш а йоьгIна. Нохчийн хIор а итт йуьртана цхьацца гIап кхочу. ХIор а итт сина – цхьацца салти. Царал сов, герзаца кечйина ткъех станица а йу. Оцу шинахьарчарна а гIо дан массо хенахь кийчча лаьтташ нохчийн къомах схьабевлла эпсарш, совдегарш, динан дай, кхин цхьацца кег-мерса йовсарш а йу. Цаьрца массаьрца а ларор вуй-те Iаьлбаг?

Iаьлбагна жимма дехьо, верта а даржийна, хьалха дехкинчу кехаташна тIе а вогIавелла, бертал Iуьллу Коьра. Iаьлбага сацамбина Веданна тохар дан. Паччахьан Iедалан кхузара и коьрта бен бохо. Оцу тохаран план хIоттош ву Коьра.

Дехьо попа кIел, цхьаъ-м къуьйсуш, гIовгIа йо Къайсара а, Къосама а, Сулимана а. Iаьлбага ладугIу. Iумма хьехаво цара. Сулиман тIетаьIIина луьйш ву Iуммина. Къосама бехказвоху, ткъа Къайсар маслаIат дан гIерта.

Iаьлбага, бIаьргаш тIе куьг хьоькхуш, къехкайо тIетеIа наб. ХIинцца цхьаъ хоттур ду Коьрас. Дика доттагI а, хьекъале хьехамча а ву Коьра. Массо а операци цуьнан

планаца йо Іаьлбага. Уьш кхиамза чекхйовлар Коьрин бехк бац. Майра а бу, къонахий а бу Іаьлбаган къона бІаьхой, амма тІамехь бахчабелла бац. Ткъа мостагІчун низам а, тІеман говзалла а, керла герз а ду.

ХІокху гІаттаман оьмар йахйинарг дуьххьалдІа адамийн Іедале цабезам а, гІаттаман куьйгалхойн майралла а йара. ХІорш дІакхаьчнначохь хІокхарна тІаьхьахІуьтту Іедало чІанабаьхна нах. ХІара цхьа Ведана а, Эрсана а йоцург, йерриг Нохчмахка гІовттамхойн карахь йу. ЧІебарлахь а цІе йаьлла. Аре гІатто ойла хилла, Сулиман Гуьмсехьа а хьажийна, ша Шелахула Мичка тІе вахара Іаьлбаг. И йарташ шегахьа совцо ницкъ-м ца кхечира цуьнан, вуьшта, хьалха санна, Іедалх кхерайелла, цунна дуьхьал а ца йевлира уьш.

Іаьлбагна дагадеара шийтта шо хьалха шена хилларг. ХІетахь Іамо лома дигнера бераш. Іаьлбаг дукхе-дукха челакха лелара. Цкъа дистина деанчу ламанан хих дехьавала воьлла иза такхийра, чхернех ветташ, тІехула чукхуьйсуш, шерачу бердех ветташ. Іаьлбага ка хьоькхура, саца гІерташ. Ша тІенисвелла чхар лоцура цо катухий, амма хино шарбинчу цу тІехь куьйгаш шиэршара. Бердан йисте кхоьссича, мІараш тосий, саца гІоьртура, амма хино, озавой, охьавоккхура. ТІеолладелла га лоцура, амма иза, каглой, охьахьора. Эххар а, цхьана кІуркІаманехь хьовзийна, тесна, иза йуьстахвахийтира. ХІетахь шега хІоьттинчух тарделлера цунна хІинца шегара хьал. ДІакхуссуш, схьакхуссуш, цхьанхьа, вохавой, эккхош йа водуш, тІаккха, тасалой, хьалаволуш лелара иза хІокху масех баттахь, хІинца, жимма ницкъ а ІаІийна, кІуркІамане эккха воллу иза. Оцу кІуркІаманехь хьовзийна, хи бухавахана, лер а хаац, йа йуьстах тосур а хаац…

– Іаьлбаг! – гІенах санна, хезира цунна Коьрин аз. – Хьайна хала дацахь, схьаволахьа цхьана минотана.

Іаьлбаг, цхьа куьг лаьттах гІортош, каде хьала а иккхина, доттагІчунна тІевахара. Коьрина хьалха карта а, Веданан гІопан план а Іуьллура. Селхана царна тІе Овхьадан гІоьнца Іаьрбийн йозанца меттигийн, хийн, йартийн цІераш йазйинера цо.

– ХІара Ведана-гІап йу, – беакІовчу гуонна тІехула къолам хьовзийра Коьрас. – Къилбаседан агІор мацах Шемалан хилла гІап лаьтта. Къилбехьа, цунна тІегІорттийна, эскаран гІап. ХІокхунна гуонах беакІов пен бу эзар гІулч гергга беха. Локхалла – цхьайтта дол. ХІоккхехь а, хІоккхехь а пена тІехь шина гІаттан шиъ бІов йу. ГІопан малхбален агІонца боьдучу Хулхулон лекхачу бердо и агІо Іалашйо цуьнан. ХІоккхуза, малхбузен агІор, пенаца кІорга йоккха саьнгар йу. Иза дукха хан йоццуш йаькккхина. Иштта чІагІйина и важа ши агІо а. ГІопан пенех луьстта Іуьргаш ду, тІелетачарна тоьпаш йиэтта. ХІокху меттигашкахь пена тІехь ширачех бархІ йоккха топ лаьтта, царах йиъ чаччамех йузурш а йолуш. ГІопа чохь шовда дац. Цига хи Хулхуло тІера дІадуьгу хІоккхехула даькккхинчу хоршахула. И хи чу хІуттуьйтуш, гІопан кертахь даькккхина доккха ор ду.

Іаьлбаг леррина хьоьжура Коьрин карахь дІасалелачу къоламан йуьхьиге. ХІинца цунна шена а дика хаьара план йиэша. Цул сов, дІадаханчу Іай Іаьлбага ша а теллинера гІопан гуо.

– Вешан ницкъаца гІап дІалацалур йац вайга, – охьахиира Коьра. – Цигахь лаьтташ цхьаъ ах эзар салти а, дошлойн бІо а бу. Царах ах ницкъ а тоьур бу кхиамца вайна дуьхьало йан. Вайнах дика лета хьаннашкахь, лаьмнашкахь. Амма хІара тайпа гІап дІалаца дезаш хилча, дан хІумма а дац церан. Цул сов, вай гІопана тІелатар ма-доллийнехь, букъа тІехьахула тохар дан кийчча масех эзар салти лаьтта Эрсанахь а, Чахкарахь а.

– Хьуна хІун хета?

– Гуонна йуккъе а лаьцна, гІелбина кара ца балабахь, вуьшта гІап дІалацалур йу бохург хьехочохь а дац.

Іаьлбага ойла йира. ТІаккха, Нохчмехкан а, ЧІебарлан а картанаш кара а эцна,

леррина цаьрга хьежа вуьйлира иза.

– ГІап, хІуъу дина а, йохо йеза, Коьра, – элира цо, карта Коьрега йуха а луш. – Иза цигахь мел лаьтта, толаме сатийсар эрна ду. Ницкъ дукха-м, дера, бу мостагІчун. Эрсана-гІопехь – кхо бІе, Эртан-Коьртехь эзар сов салти ву. Іаьржа-Ахка тІехь – кхо бІе. Веданна кІел гІалгІайн, гІалгІазкхийн а дошлойн ши бІо лаьтта. Веданна гергаоьзна ДегІастанара далийна эскарш. Вайгахь болчу хаамашца, церан барам шиъ ах эзар салти, йалх йоккха топ а, дегІастанхойн пхи бІе дошло а, пхи бІе гІашло а ву. Хулхулон чІожа чу вуллучохь а лаьтта кхо бІе салти. Лаххарчу хьесапца, кху гуонаха оьзна мостагІчун ницкъ ворхІ эзар гІашло, эзар дошло, ткъех йоккха топ а йу. Царна гІо деш хир бу вайнехан лаамхойн бІо а.

– Царна дуьхьалхІотто вайн ши эзар бІаьхо а хир вац. Салташкахь керла тоьпаш йу. Уьш сиха а йузу, гена а туху. Вай цкъа тохале, иттазза тоха кхуьу уьш. ТІе, Хаси-Юьртахь а ду эскарш.

Ши доттагІ цхьана йукъана дІатийра. Дехьо хевшина Іачу накъосташна йуккъера къовсам хІинца забаршца хийцабеллера. Сулиман цхьа забаре хабар дуьйцуш воллура, важа шиъ гІадвахана воьлура.

– Дукха-м бу уьш, – элира Іаьлбага ойлане. – Іабдул Хьаьжас а, ТангІайс а шайна тІеозор ду дегІастанхойн эскар. ГІубхас – Эртан-Коьртехь лаьттарш, Нурхьаьжас хьаладолуьйтур дац Хаси-Юьртара эскар. Сулиман шен бІоца хІокху ГІамар-Дукъа хІуттур ву. Вайша, гІопана гуо а бина, уггар хьалха оцу чудоьду хи дІалакъор ду. Тховссехь Іуммина тІе геланча хьажо веза. Вай кхузахь тІом болийча, ЧІебарла гІаттайе аьлла. ДегІастанхойн ах эскар шена тІеозо деза цо. МостагІчун ницкъ дакъошка бекъча, атта хир ду цунна тІехь толам баккха.

Дехьахь садоІуш Іен кхо накъост тІе а кхайкхина, царна шайн план йовзийтира Іаьлбага.

– Кхана сарахь йа буьйсанна хьайн бІоца хІокху дукъа хІуттур хьо, Сулиман. Ткъа хьо, Къосам, вайн хьаннашка йухаверза. ХІуъу дай а, аьккхий меттахбаха. Хаси-Юьртара цхьа а салт хьалавалийта йиш йац.

Йуха а цкъа дукъ теллина, чІагІйан йеза меттигаш билгал а йина, дІабахара уьш.

2

Хьехахь хийцамаш боцуш дІаоьхура денош. Іуммин чов а йирзина йогІура. Буьйсанна Іуммас йарташка хьийсо нах ахьар, жижиг, дума, кІалд йохьуш йухабогІура, де-буьйса а доккхий. Цара йиллина зІе латтайора йарташца. Цигара дуккха а нах кийча бара, Іумма тогІешка воьссича, тІаьхьахІитта.

ХІара аьхкенан тІаьххьара бутт бен бацахь а, шийла йара лаьмнийн лакхенгахь. Даим дуькъа дохк лаьттара, буьйсанна шийла мох хьоькхура лаьмнийн лайн баххьаш тІера схьа. Хьехахь хаддаза йогучу цІарна гуонах а ховший, йаханчу хенахь хилларш дуьйцуш, буьйсанаш йацйора цара.

Йайн чов хилла Залмин Дада жимачу отрядан коьртехь партизанийн тІом беш вара лаьмнашкахь. Амма гІуллакхаш башха дика а дацара цуьнан. Іуммас гІовттийначу чІебарлойн дуккха а йарташа, дохко а йевлла, пурстоьпна Сервиановна тІе векалш хьийсабора.

Цхьайолчара хІинцале а эла Накашидзена амалтана нах беллера. Іаьндойн наиб поручик Гирей шен милицин отрядца йарташ цІанйеш лелара. Амалтана бигна нах Шуьйтан гІопехь чубоьхкина бара. Амма гІаттаман коьрта дакъалацархой лаьмнашкахь къайлабовла кхиънера.

Іуммин Дада халла вуьйлира гІовттамхойн дахарх. Йуьхьанца хало дара тІуьначу хьехахь, кІел верта а даржийна, шийлачу тІулгаш тІе охьавижа. Набарх а дуьхьалара ца довлура Тифлисехь даьхна шераш. ГІовгІане шахьар, суьйранна адамех дуьзна сийна урамаш, къона мехкарий. Даим дуьхьаллаьттара Маьлхашан амат а. Шен безамах догдиллинера Дадас. ГІаттам хьошуш ца вехь а, ткъех шарна каторга йара цунна кийчча. Къанвелла, къежвелла, букар хьаьвзина воьрзур ву иза цигара цІа. ТІаккха хир йац дагна йезарг.

Ша деца сецча, уггар хьалха Мовсаран гІайгІа бан вуьйлира Дада. Цунна дукхавезара шен вешин кІант, ткъа Мовсаран а дацара ден вешел хьоме хІума. Стомара Мовсар Хевсурете а вигна, иза цигахь шен гергара доттагІ волчохь а витина, тховса суьйранна йухавеанера Дада.

Бевддачарна сих-сиха шайн доьзалш дагабохкуьйтура хІокхаьрца йедда лам чу йеанчу Мархас. Иза гича, цІеххьана бІаьргаш а кхулий, ойлане бовлу уьш. Накъостех хІораннан а доьзалш лиэла цхьацца шайн генара гергарниш болчохь йа герггарчу хьаннашкахь къайлабевлла. Нагахь царна тІаьхьатоллуш лелачу салташий, милцоший, лецна бигна, Шуьйта-гІопе чу ца боьхкинехь.

Селхана малх чубузучу хенахь цІа веача, хьехахь Марха ша карийра Дадина. Цхьацца дуьйцуш, хиира оцу гІайгІанечу зудчун кхоллам. Марха Нихалара йара. Накашидзен отрядо Нихала дІалоцучу дийнахь майра цІахь вацара. ДІай када вахана. Ши бер цІахь а дитина, Марха шайн ирзо тІе йахара, шолгІачу асарх бисина мур баккха. Йуьртахь тоьпаш йуьйлу хезча, цел охьа а тесна, цІа хьаьдира иза. Йуьртана герга мел гІоьрти, хезара боьлхучу зударийн маьхьарий, летачуй, цІийзачуй жІаьлийн гІовгІанаш. Гу тІе йаьлча, цунна гира йуьртана тІехула гІеттина Іаьржа кІур. ЦІахь дисинчу шина берах йогуш, ирхе, охье ца къаьсташ, ши мача кара а лаьцна, ирачу тІулгаша берзина когаш цоьстуш, йедда йуьрта иккхира иза. ХІинца цунна гора сийначу цІаро йукъахьарчийна шайн лаппагІа. Керта иккхина, дІасахьаьжча, гуш дацара ши бер. Беша а иккхира. Мохь а биттира. Маьхьарий хьоькхуш, дІасауьдучу зударша а жоп ца лора. Уьш а бара шайн-шайн бохамаша бахьийна. Йогучу цІергахула цІа чу иккхинчу нанна товханна чохь, мармара а хьаьрчина, горгделла Іуьллуш карийра йоІ а, кІант а. Даьгна а дацара и шиъ. Дийна ду моьттуш, хазахетта, ши бер цхьацца пхьаьрса кІел доьллина, цІеро йуьхь морцуш, араиккхира нана. Кертан ара охьа а диллина, меттахъхьадича, дист ца хуьлура и шиъ. Іаьржачу йаххьашна тІера цуьнга хьоьжура, кхерабелла къаьрзина, ангали санна, хІоьттина биъ бІаьрг. Маьхьарца и шиъ дІасакерчадора нанас. Амма ши бер дист ца хуьлура. ЦІе тІекхачале, кІуьро а, йовхоно а садукъийна дийнера и шиъ.

Мархас мохь ца хьаькхира. Орца а ца дийхира. Кийрара арагІоьртина мохь сацийра цо, бухара балда цергашна йукъа а къевлина. БІаьргех къоррам масех тІадам ледира. ТІаккха, айъина, цхьацца дуьгуш, бераш беша а дигна, кхуран дитта кІел ул-улло охьа а дехкина, шен коьртара даькккхинчу корталица цаьршиннан йаххьаш дІахьулйира цо. Оцу дийнахь дІа ца доьхкира бераш. Майра цІа варе хьаьжира иза. Амма иза цІа ца веара оцу дийнахь. ШоллагІчу дийнахь дакъа далийра цуьнан. ДІай йохош, цигахь вийнера иза а.

ШоллагІчу дийнахь, кхо дакъа дІа а доьллина, йаьгначу керта йирзира Марха. Нах а, зударий а кадам бан оьхура. Нахана кхин а баккхий бохамаш хилла бохуш, дог тедан а гІертара уьш. Амма Мархин дог ца туьйра цара дуьйцучух. Цуьнан коьрто цхьа хьере ойла йора. Сацам лоьхура. Цо иза тІеийцира кхоалгІачу дийнахь. Шен майрачух дисина герз а эцна, Іуммина тІаьхьайахара Марха.

Хьехахь бехачу нахана кхача а кечбора цо, церан бедарш а летайора. Цхьаьнцце къамеле а ца йолура. Шега хаттар дича, доцца жоп а лой, дІатуьйра. Кхин дан гІуллакх ца хилча, божарша санна, шен топ цІанйора, наггахь, йуьстахйолий, нийсалла топ а кхуссий, йухайоьрзура. Цкъа ларамаза цунна тІеІоттавеллачу Дадина, топ мара а къевлина, тийна йоьлхуш карийра иза…

Дада хьехан бертехь тІулга тІе хиъна Іара. Вехха хьийжира иза чубузучу малхе. ХІинца седарчий а гучудевлира стиглахь. Лаха чохь, хьаннашкахь, цхьана экханан

бага йаханчу пхьагалан орцане мохь беара цуьнан лере. Зуькаран сингаттаме мукъам болабелира хьехахь. Оцу йукъахь Дадина къаьстара ден гIоргIа аз. МаьркIажан бода къовлалуш, лахара хьалабогIучу гIашлойн новкъахь гучувелира ши стаг. Хьалха вогIу Амин Хьусайн вевзира цунна бIаьрг ма-кхийтти, шоллагIниг цхьаннах тарвелира цунна, и шиъ тIекхаьчча. Хьусайна делла салам схьаэца синкхетам а боцуш, къаьрззина оцу шоллагIчуьнга хьоьжура Дада.

– Овхьад? – цецваьлла хьалаиккхира иза.

Овхьада, тIе а веана, куьг делира Дадега.

– Ахь хIун до кхузахь? – хаьттира цецваларх хIинца а меттавазачу Дадас.

– ХьошалгIа веана хьо волчу, – забар йира Овхьада. – Iумма-Хьаьжа мичахь ву?

– Чохь ву иза-м, – тIехьа корта тесира Дадас. – ДIадуьло чу.

Хьусайн хьалха а волуш, хIорш чубевлча, гIийла ден зуькар сацийра наха. Даим санна, кетар тIехь ах-тевжина Iуьллу Iумма, хьаша гича, хьалагIеттира. Куьг луш маршалла а хаьттина, Хьусайнна тIевирзира Iумма.

– ХIара мила ву? – хаьттира цо, буьрса цIоцкъамаш а дусийна.

– Iаьлбаган геланча ву ша, боху, хIокхо, – жоп делира Хьусайна.

Iуммас коьртера охьа когашка кхаччалц бIаьрг туьйхира Овхьаде.

– Iаьлбаган геланча ву хьо? – хаьттира цо.

– Ву.

– Ишар?

– Яьсси кхойкху Органе.

– Тешамна хIун йаийтина?

Овхьада, шен кисанара даьхна, суьлхьанаш дIакховдийра.

– Маса ду хIорш? – хаьттира Iуммас.

– Делан хIор а цIарах цхьацца.

– Охьахаа, – цIарна уллохь лаьттачу гуьйриг тIе корта а тесна, шен метте охьахиира Iумма. – Марха, йуург лохьа тхуна.

Мархас чохь шийла сискал а, нехча а йолуш, текх хIоттийра хьалха. Iуьйрре хIума кхалларх волу Овхьад, шега дехарш ца дойтуш, тIе а хилла, сихха йаа вуьйлира. Вуьзча, тIе хи а мелла, Овхьад йухахилча, гIуллакхах дерг хаьттира Iуммас. БIаьрган хьажарца цо арабехира нах.

– Iаьлбага хIун боху?

– Кхана Iийча, лама, Iуьйранна Веданна тIелатар доладо цо. Вайн коьрта ницкъ цига дIаузу. Амма мостагIчун ницкъ вайчул иттаза алсам бу. Хьайн нахаца лама Iуьйранна Басса вала, боху хьоьга. Накашидзен ах эскар мукъане а хьайна тIедерзо деза ахь. Хьуна маса стаг гуллур ву хаа лаьа Iаьлбагна.

– Виъ-пхиъ бIе.

– Залмин Дадиниш а багарбой ахь?

– ХIан-хIа.

– Иза шен нахаца кхузахь вита, бохура. Кхузара эскарш букъа тIехьахула хьуна тIе

ца латийта. ДегIастанара гIо хир дуй?

– Цигара бу-кх сан нийсса ах нах. Шун ойла хийцалахь, суна муха хуур ду?

– Хийцалойла дац. Дерриг лерина, оьзна, нисдина. Амма, хIуъу хилахь а, хьайн стаг латтаве Пешхойн-Ломахь. Чов муха йу?

– Йирзина. Кхин хIумма а дуй?

– Дац. Йухавоьду со.

– Буьйса йоккхуш ца Iа хьо?

– ХIан-хIа. ДIакхача деза. Марша Iойла!

Ша хьехара араваьлча, шега хьоьжуш лаьтташ Дада карийра Овхьадна. Лахо валлалц иза новкъа ваккха, цуьнца охьаволавелира Дада.

– ЛадогIахьа, Овхьад, хьо муха нисвелла Iаьлбагца?

Овхьад велавелира.

– Муха нисвелла? Ваха а вахана, цунна тIаьхьахIоьттина-кх!

– Дукха хан йуй?

– Иза имам кхайкхочу буса дуьйна.

Дадас корта хьовзийра, ца кхеташ.

– Хьан да Iедало лоруш, таро йолуш стаг ма ву. ТIе, шу вежарий а ма дара Iедалца гIуллакх дика дIанисделла.

– Iумма а, цуьнан кIентий а бацара ткъа Iедало лоруш?

– Тхайниг ша ма ду, Овхьад. Тхан да ша дуьнен чу ваьлчхьана ву Iедална дуьхьал. Ткъа шун доьзал даим муьтIахь бу паччахьна.

– Доьзал алий, массо йукъа ма лацал ахь, Дада. Куьйган пхи пIелг а бац цхьатера, олуш ца хезна хьуна? Тхох хIораннан шен-шен хьекъал ма ду.

ГIашлойн некъ лахо баьлча, бердан тIулгаш йуккъехула схьадеттало шийла шовда долчохь сецира Дада.

– ХIара тIаьхьакхуьу хьуна, Хьусайн. ДIаволалохьа. Иштта-м дара иза, Овхьад. Хьайн лаамехь хьо Iаьлбагна тIаьхьахIоттарх цецваьлла-кх со.

– Хьо а ма ву кхузахь?

– Сой? Со цаваьллачу денна ву кхузахь. Инарла Свистуновс ваийтина. Хьайн да шена тIевалаве, ца валавахь, хьайн коьртан гIайгIа бе аьлла. Цо ца ваийтинехь а, хир вара со кхузахь. Сайн дений, вешиний дуьхьал ца лиэта. Амма доггах хир вацара. Вайша Iовдалчех вац, Овхьад. Нохчашлахь дешна ву бохучу нахах ву. Кхин ца хаахь а, паччахьан ницкъ а, вешан къоман гIорасизалла а хаьа. Вайл бIозза даккхий къаьмнаш а ма ду хIокху паччахьан Iедална кIел. Вай хIун йу? ТIом боцчу хенахь а тоьпа кIел миллион салти хуьлу паччахьан. Ткъа вай, зударий а, бераш а цхьаьнатоьхча а, дац ши бIе эзар а. Шен маршонехьа гIеттинчу къоман йаккхий зIенаш хила ма йеза арахьа. Цуьнан векалш хила ма беза кхечу мехкашкахь орца доьхуш. Цуьнан заводаш, фабрикаш йа, доцца аьлча, ондда экономикин бух хила беза. Цуьнан зорба хила деза адам цхьаьнатоха, маршонан идейш кхайкхо, йаржо. Уьш цхьа а ма дац вайн, Овхьад. Паччахьан дика Iамийначу регулярни эскаршна, кху заманан тIеман тактика, стратеги хуучу инарлашна, кху заманан герзана дуьхьал вай хIун йоккху? ХIумма а. Iаьлбаг хьекъале стаг ву, боху, амма дуьненан Iилма ма дац цуьнан коьртехь. Цо атталла прапорщикийн школа а ма ца йаьккхина.

– Вашингтона а ца йаьккхинера эпсарийн школа.

– Вашингтон а, Іаьлбаг а цхьаъ вац. ГІевттинчу американцашна гІоьнна шайн лаамехь массо а мехкашкара дуккха а нах оьхура цига. Уьш дуьхьалбевллачу Англера а цхьаьна. Мила ву вайна орцахваьлла? Цхьа а вац-кх. Тахана кхузахь хуьлуш дерг атталла Россехь а ца хаьа. Хуучара а олу, уьш-м акха нохчий, разбойникаш бара, цивилизацина дуьхьалгІевттина. Къинхетамза таІзар даро бен совцор боцуш. Оцу пропагандо хьалха вайга къахетарца хьийсинчу оьрсийн муьжгийн ойла а хийцина. Вай толахь, кхузара шаьш дІадовла деза моьтту царна. Моттийтина-кх…

– Іаьлбаган и Іалашо йац, Дада. Цо нийсо лоьху. Кху махкахь дехачу къаьмнашна цхьатерра бакъонаш, цхьатерра латта.

Дадас куьг ластийра.

– Утопи! Цкъа а цахилларг йа хир а доцург! Кху махкахь дехачу къаьмнийн бала бу ткъа паччахьан правительствон? Шуна дІадиэкъа делла цо кхузахь хьолахошна эзарнаш десятинаш латтанаш? Латта а, нийсо а, маршо а лоьхуш гІуьттучарна динарг а, дийриг а ца хаьа хьуна? Европехь а, Россехь а, дуьненан массо маьІІехь а. Дуьненахь цхьаьнгге а ца йаккхайелла маршо а, нийсо а йаккха гІерта хьо а, хьан Іаьлбаг а!

– Къам а ма ду, доьзал санна, – элира Овхьада гІайгІане. – Вайшиннан доьзалерчу адамийн а йу тайп-тайпана ойланаш. Массо къомана йукъахь а ду иштта адамаш. Масала, Англис, Франсис, Испанис, кхечара а колонеш йацайарх, оцу пачхьалкхашкара къаьмнаш а ма ду къелла къикъдоьлла. И къаьмнаш ма дац и колонеш дІалецнарш.

– Туьйра! – йуха а куьг ластийра Дадас. – Оцу къаьмнийн салтий бац ткъа и мехкаш дІалецнарш? Йа оьрсийн салтий бац ткъа тахана вайн маршо цамзанашца хьоьшурш?

– Нуьцкъах схьа ма лоьхку уьш…

– Хьан йина дуьхьало? Цхьаммо а. Шен цІе йилла а ца хуучу, шен махкахь ког тІе хІотта латта а доццчу салтичунна хьо а, со а адам ца хета. Шен и паччахь шеца мел къиза велахь а, цуьнан Іедалчаша ша хехкахь а, мацалла вуьйш валлахь а, цо дозалла до шен паччахьах. Иза воккхаве Россис дІа мел лаьцначу керлачу коржамах. Оцу хІор а коржамо стамйо цуьнан къоман пачхьалкх, ницкъ ло цунна. Ахь ца хуьлу бахахь а, пайда а хуьлу муьжгашна. Шайн махкахь латта а доцуш, сагІа доьхуш лела муьжгий керла дІалецначу латтанаш тІе дІакхелха. Бухарчу аборигенийн латта ло царна. Изза дина Сибрехь, Йуккъерчу Азехь а, Кавказехь а. Массанхьа а. Изза деш ду дуьне доладелчхьана а.

Хьалха дІаволавелла Хьусайн лохха мохь тоьхна кхайкхира Овхьаде. Шовданна тІе а вахана, голаш тІе а лахвелла, канашкахь эцна хи мелира Овхьада. Балдех чоин пхьош а хьаькхна, Дадина тІевирзира иза.

– ДоттагІ, уьш дерриг а дика хаьа суна. ХІара къийсамаш БуритІехь а дукха хилла вайшиннан. Ахь хІуъу дийцахь а, со теша адамашний, къаьмнашний йукъахь нийсо хІуттург хиларх. Амма маршо а, нийсо а вайна хир йац, и ахь дуьйццург дуьйцуш, массо а таьІна Іахь. Цаьргахьа къийса ма деза, вешан синош а ца кхоош.

Дадас доккха садаькхира.

– ХІокху гІаттамах хиндерг хаьий хьуна? – хаьттира цо.

– Хаьа. Хьошур бу. Пугачевн, декабристийн, кхин-кхин гІовттамаш а санна. Дийна бисинчу гІовттамхошна тоьпаш тухур йу, ирхъухкур бу, каторге бохуьйтур бу.

– ХІетте а, веана хьо хІокхарна йукъа?

– Веана. Халкъах ваьлла, ваха меттиг ма бац сан. Вайн халкъ цкъа а маршонехьа къийсамна йуьстах ца Iийна. Иза цкъа а ца Iийна тийна, шена тIехь латто харцо а, Iазап а ловш. Iийр а дац. Нагахь тхан идеяш хьайн даго къобалйеш йацахь…

Дада гIадвахана велавелира. Амма цуьнан велаваларехь доза доцуш гIайгIа хезира Овхьадна.

– Шек ма вала хьо, Овхьад, – ши белш лаьцна, иза вайн дIасаластийра цо. – ХIара гIуллакх айса дагахь мел къобал ца дахь а, кхуьнан дуьхьа сайн са дIалур ду ас. Нагахь хьалххе цхьанхьа ца вожахь, хIара сан маргIала дегI тангIалкхаш кIел кхозуш гур ду-кх хьуна, со йуха ца волуш!

– И хьехор дац вай, Дада. Вай эгначохь кхин гIовттур бу! ХIан, схьада хьайн дегI. Марша Iойла хьо! Кестта гур вайна.

Каде ведда, Овхьад тархашна йуккъехула къайлаваьлча, корта а хьовзийна, доккха са а даьккхина, йухавирзира Дада. Цо ойла йора Овхьадан. Дадин боллу аьтто бара цуьнан ирсана тIе некъ баккха. Дадичул а тIех. ХIетте а, шен лаамехь гIаттамна йукъавахана. Шен лаамехь шен коча муш хьарчийна-кх…

3

Хьеха тIе богIучу некъаца, йукъ-йукъа шишша стаг хIоттош, кхаанхьа ха дара. Кхуза вогIург кхаанхьа теллина чекхвала везара. ХIор а хан шатайпа ишар йара, цхьанхьа галваьлларг мостагI вуйла хуийла долуш.

ТIаьххьара ха долчохь шен накъостца буьйса йаьккхира Ишин БугIас, цхьа а тайпа кхерам ца хаалуш. РоггIана набарна охьа а вуьжура и шиъ. Сатоссучу хенахь, гIеттина, шен накъост вижа а витина, дIахьаьжча гIаш некъ берриг гучу тарха тIе а хиъна, улло топ а йиллина, кетарх хьаьрчира БугIа. ТIуьна а, шийла а йара гуьйре. Кхузахь йохлуш йац малх лакхабаллалц. Тховса ха дича, шина буьйсанна мукъа ву иза. Кхузахь деш хIума дацарна йахло хан. Ойланаш йеш хан йацйан а гIерта БугIа. Дага ца лоьцуш хIун дуьсу? Йурт, доьзал, гергарниш, йуьртахой. Йурт-м йагийнера цуьнан, ткъа йуьртахой мичахь бу хаац-кх. Цхьаберш, салтий дIабахча, йуха а баьхкина, дерзина пенаш а къевлина, чубирзина. Гуттар а шаьш бехке хетарш хIокху лаьмнашкахь левчкъина. Цхьадика, БугIин шен доьзал бац, ткъа да-нана а, хIоккул кегийра бераш а хьалххе арен тIера цхьана йуьрта гергарниш болчу бахана.

Шен беральа а дагалийцира БугIас. ТIаккха, цхьацца де йа шераш хоьрцуш, къоналлина тIе а веара. Шен йезарца ша Iийна синкъерамаш, ловзарш карла а дехира. Гила борз санна, хIокху лаьмнашца хIара болар идийна вер вуй-те ша аьлла, ойла а йира. Дена неIалт хиларг, церан йуьртда Базо ма ву хIоккунна бехке! БугIа тIехьийза Азни ма йигнера цо шен кIантана, йоьIан бертаза, нуьцкъах. КIанта йадийнера, ткъа йоьIан вежарий а, БугIа а бекхам эца гIоьртича, Базос Iедале даьккхира. Пурстоьпо, милцой а бахкийтина, лаьцна вигна, Шуьйта-гIопехь масех буьйса йаккхийтира БугIе. ХIара цIа хоьцург, дов ца кIамдира дас, тIаьххьара йетт а боьхкина, ахча делира йуьртдена. Цунах ах йуьртден кисанахь дисира. Кхерайелла сецира Азни а. Вежарий а йухабевлира. Машарна йукъабевллачу нахах бахьана а дина. Йуьхьанца дуьйна а цара лелориг доггах ца хийтира БугIина. Уьш бехказлонаш йуйла хиира тIаьхьа. БугIа хIумма а вац. Къехочун кIант. Ткъа Садо йуьртден кIант ву. БугIе хьаьжча, хьолахо ву иза. Залмин Дадас кхайкхам бича, БугIа уггар хьалха хIоьттира цунна улло. Базох бекхам эца. ХьастагIа шен куьйга цуьнан цIенош дагийра БугIас. Йеа маьIIе а вуьйлуш, цIе туьйсуш. Пайда бац, Базо а, Садо а ца вийча. Амма вуьйр-м ву.

Шен ойланех иза йукъахваьккхира лахахь гIашновкъахь гучуваьллачу веа накъосто, уьш шайн ницкъ ма-кхоччу сихбелла богIура. Чхерашна тIехула кхийсалуш, некъ вуочохь биълара тийсалуш.

– ХIун хилла? – хаьттира БугIас накъостий гергакхаьчча, тарха тIера чу а иккхина.

– Салтий бу богIуш!

– Ой, топ хIунда ца кхоьссира аш?

– ТIаккха тIаьхьара бевр бацара уьш. Лахара йухабоьрзур бац-те аьлла, лечкъаш схьадогIу тхо.

Сихбелла богIу хехой уггар хьалха Дадина гира. Цара биначу хаамо меттахбехира йуург схьайаларе хьоьжуш Iен хьехара нах.

– ТIамна кечдала деза вай, – элира, Iуммина тIе а вахана, Дадас.

– Тодакх! – кIанте хьаьжира Iумма. – Эпсар ву, Дала витахь! Цара сарале, цхьогал санна, кIур бина, схьалоьцур ду вай хIокху хьехахь. Довда кечло сихха! МитIа, некъ гайта хьалхавала! Кхузахь дала йиш йац вайн. Къийса деза.

Сов-ков хIуманаш Iадда а йуьтуш, герз, диг, кхин цхьацца оьш-оьшург схьа а эцна, арабовла кечбелира нах. Йеккъа цхьа Марха йара очакх тIехь кхехкачу йай уллохь, ши куьг охьа а хецна, хIоьттина лаьтташ.

– Хьо стенга хьоьжу? – цунна тIевирзира Iумма.

– Со ца йогIу.

– Ца йогIу бохург хIун ду? Же, ма Iе!

Мархас корта ластийра.

– ДIагIо, Iумма-Хьаьжа. Со лелалур йац шуьца лаьмнашкахь. Шаьш кIелхьардовла хьовса.

– Йолало, ца боху хьоьга?!

Марха гIийлла йелакъежира.

– Ца йогIу со, сох бала хир бу шуна. ДIагIо. Салташа зудчунна хIумма а дийр ма дац.

Цхьана минотехь ойла а йина, куьг ластийна, дIаволавелира Iумма.

Нах къайлабевлча, ара а йаьлла, гIашновкъа охьахьаьжира Марха. Генна лаха чохь могIа бина хьалабогIу салтий гира цунна. Хьалха вара месала куй а болуш ламанхо. Нохчо йа Iаьндо. Масане бара уьш декъазчу хIокхарна тIаьхьа толлуш. Марха йехха лаьттира цигахь, салтий гергакхача боллалц. ТIаккха, чу а йахана, шен топ йуьзна, лерга молха а диллина, хIоъ-молха йукъахь долу йовлакхан шад эцна, йуха а арайелира. Хьехан бертехь Iуьллучу боккхачу тIулга тIехьа бертал а йижина, шад а баьстина, топ йузу чIу улло охьа а биллина, хьалха вогIучу эпсарна хье йуккъе ниша а нисдина, сих ца луш, лаг уьйзира цо. Лаьмнашкахь, кхолхадуьйлуш, тата делира. КIур бекъабелча, месала куй ца гира Мархина. Барамца дуьстина молха тоьпан биргIи чу а дассийна, тIаьхьа дошан хIоъ бахийтина, хьакхарца хьанйина бехчалг чу а таIийна, цкъа-шозза чIу а тоьхна, топ йуьйлира цо. ХIинца цунна шера къаьстара салтийн йаххьаш. Лаба йоцу кIайн фуражкаш, белшаш тIехь цIен погонаш, некха тIехь морзахдохуш тийсина доьхкарш а, цец-къиза йаххьаш а. Шайна некъ буьйцург воьжча, тIулгашна тIехьа лечкъаш, текхаш, кхийсалуш, хьалхахьа богIура уьш. ХIинца Мархас Iалашоне лецира хьалха текхаш вогIу эпсар. Йуха а лаьмнашца кхерстира тоьпан тата. Ша волччохь йуьхьарвахана, дIатийра эпсар. Салтий гергакхочуш лаьттара. Марха топ йуза сихйелира. Цхьа а хIоъ эрна ца бахийта гIерташ, леррина тоьпан лаг уьйзура цо. «Йалх… ворхI…», – багарбора цо ша байъина мостагIий. ХIинца салтий гуттар а гергахь бара. Цара доьIу синош а хезара Мархина. ТIаьххьара а хIоъ борхIалгIачунна а тоьхна, кIур туьйсу топ буйна а къевлина, дегI ма-дду нислуш, курра ирахIоьттира Марха.

Эпсар хьалха а волуш Мархина тIех а лилхина, хьеха чу хьежош, тоьпаш йетташ, пенашна тIетеIаш, чубахара салтий. Амма, цу чохь цхьа а ца карийна, аралилхира уьш.

Ши бIаьрг а цIийбелла тIевеанчу эпсаро, бетах шеташ а туьйсуш, мохь хьаькхира:

– Мича дахана и жIаьлеш?

Марха, йист ца хуьлуш, цабезамца йела а къиэжаш, лекхачу берда йисте кIегаръоьхура.

– Схьалаца иза! – салташка омра дира эпсаро.

Салтий тIехьаьлхира. Амма Мархас церан куьг шена тIе ца кхачийтира. Шен топ а буйнахь йуьхьар кхоссайелла, лекхачу бердах чутилира иза…

4

ТIерга-Дукъахь говр а сацийна, оцу лакхенгара дIаса лаьмнашка бIаьрг а кхерстош, ойланийн кIоргене вахара Iаьлбаг.

ХIара беркате Iалам ду-кх нах мецачу Iожаллех кIелхьарбохург. Мацаллех-м хьовха, мостагIех а. ХIокху хьаннаша, аьрцнаша церан аьтто бира бIешерийн дохалла дуьненахь нуьцкъалчарна а йукъахь нуьцкъалчу паччахьна, цуьнан къизачу Iедална дуьхьало йан а, ткъа наггахь царна тIехь толамаш баха а.

Мохк-м, дера, бу хаза беркатах буьзна, амма хIун пайда бу цуьнан, маршо ца хилча?

Iаьлбаган хьажар эххар а Ишхойн-Лома кIел соцу. Иза Iаьндойн ломах дIакхеттачохь, цуьнан когашкахь, тIулган басех летта Iуьллу жима кIотар Лоьман-КIорца. Цигахь ду Iаьлбаган къена дай, наний, къона зудий, жима йоIIий. Бутт сов хан йу Iаьлбагна уьш ганза. ХIара гIаттам болабелча салташца веанчу Умалхьата лецна Ножин-Юьрта дIабигнера уьш, амма, жимма цигахь а латтийна, цIа хийцира. Схьахетарехь, Iедало сацамбинера, Iаьлбаган къена да-нана а, церан доьзалшкара зударий, бераш а баха меттиг йоцуш, шен карахь бу, ткъа Iаьлбаг царна тIегIертаза Iийр вац, тIаккха иза схьалаца аттахо хир ду аьлла.

Iаьлбага схьалаьцна некъ йуьхьанца къобалбинехь а, цуьнан гергарниш а тIаьхь-тIаьхьа резабацара цо лелочунна. ХIара харц ву бохург а дацара иза. ДуьххьалдIа бутт балале царна хиира кхуо лелориг эрна хилар. Хьолахойн а, динан дайн а маттаца цхьана наха эладитане балхамаш бо цуьнан дегий, вежаршкий, хIинца Нохчмахкахь хуьлучу бохамашна, зуламашна Iаьлбаг бехкевеш, кхузара машаре дахар цо дохийна бохуш. Даррехь схьа ца алахь а, изза ду вежарийн дагахь а. Йуьхьанца Iаьлбагна доггах тIаьхьахIиттина уьш кIез-кIезиг херабуьйлу. Цуьнца-м бу уьш. Ваша дIатасар гIиллакхехь ца хеташ. Амма, хьалха санна, доггах ца лела. ХIокху гIаттамна коьртехь кхин стаг велхьара, уьш дукхе-дукха генахь хир бара.

ХIинцца, масех де хьалха, Iеламханна тIедиллира цо, Яьссица йолу йарташ а гIовттийна, Хаси-Юьртарчу эскарна дуьхьалойар. ХIан-хIа а ца элира, амма гIуллакх новкъа а ца даьккхира.

Бакъду, шел кегийрачу кхаа вешина ала хIума дац Iаьлбаган. Iарапхас а, СултIис а, бехказлонна доцуш, са доьхккина гIуллакх до цунна. Виллина дIа цунна уллохь а ву и шиъ. Жимахволу Зеламха а тIаьхьагIерта. Амма уьш кхоъ жима ву Iаьлбаг дагавийла а, цунна гIо дан а.

Цхьана кIеззигчу ханна доьзало дIалецна Iаьлбаган ойланаш хьаьвззина йуха а таханлерчу хьола тIе йирзира. Ва Дела аьлла, нислац гIуллакхаш. Тахана цхьанхьа кога хIоттийнарг, хIоккхо букъ ма-берззийнехь, хаьрций, тIекIелдолу.

Аренца йолчу йарташца дерг а чекхдаьлла. ДегIастанах а тоххара догдиллина Iаьлбага. Абхазойн а, санойн а гIаттаман гIуллакхаш муха ду а хаац.

ХIара гIаттам кечбечу хенахь, цхьацца кIилло нах бовлура даим дIа Iаьлбаган а, цуьнан накъостийн а лерехь балхаме цIийзамаш беш. ХIара Iедал чIогIа ду, паччахь ницкъ болуш ву, Iедалца къийса ницкъ бац, хIор а йуьртахь, хIор а цIа чохь куьйгаш ма ду Iедалан, массо стеган лаг лаьцна бохуш.

Паччахь шега вохалур воцийла-м Iаьлбагна наханачул а дика ма хаьа. Цхьаболчарна ма-моьтту, иштта сонта а вац иза а, цунна тIаьхьахIиттинарш а. Амма хIокху Iазапна, харцонна детта са кхачийна-кх.

Шен жима бIо тховса Бенахь а битина, Лоьма-КIорца ваха ойла йолуш вогIу Iаьлбаг, нагахь, цхьа дагахь доццург тIе а Iоттаделла, ца висахь. И сацам хилла, ара масазза ваьлла иза, амма хIоразза а аьтто нислац.

ХIорш Бена кхочуш, дуьхьалвеара гIаттаман йуьххьехь Iаьлбагах схьакхетта бенойн хьолахо Айсолта.

Воккха стаг тIекхочуш, говрара охьавоьссира Iаьлбаг. Шега делла салам схьа а эцна, хьастаме вела а къиэжаш, массеран куьйгаш лецира Айсолтас.

– Марша догIийла шу, хьомсара хьеший! Вайн везачу Дала мостагIчунна тIехь толам баккха гIо долда шун!

Iаьлбаг резавацара хи санна лелачу Айсолтин мекарчу шина бIаьргана.

– ДIадуьло, – хьалхавелира Айсолта. – эхI, ма дика ду шу даьхкина! Тховса, дала мукъалахь, шортта уьстагIий а дайъина, сагIа доккхур ду вай. Шун догIмашна тIера.

Дукъан басенца хьуьна чохь йаьржинчу кху йуьртан урамаш дан а дацара. Жима бIо уллошха тIехболуш, дера летара ах акха кхиъна даккхий, месала жIаьлеш. БIо йуьрта мел булу, цхьацца-шишша тIаьхьахIуттуш, божаберийн арданг кхозайелира хIокхеран цIоганах.

– Керла хIун ду кхузахь? – хаьттира Iаьлбага, хабаре ваьлла Айсолта йукъах а ваькккхина.

– Керлий? ХIара ду ала, хIума дац... Солтмурд, Бенойн-Ведана вахана, цIахь вац. Сийсара сахиллалц тIом хезара ГIамар-Дукъахь. ЦIонтарой а, даьргIахой а хьуна дуьхьалбовла кечбелла, боху. БелгIатой а цаьрца бу. Селхана Элби веанера кхуза. Со хоьттуш ву, бохура, иза. Сох хIун дора-м, хаац.

– Кхузарчу нехан дог-ойла муха йу?

– Вуон йац, Iаьлбаг. Дала мукъалахь, хьуна муьтIахь бу. Хьуна тIаьхьа цIерга лелха а кийча бу. Буьйса йоккхий аш? Тховса дIадохуьйтур дац. Шортта даа а ду, охьадийша меттиг а бу. ХIей, Беччуркъа! Нах схьакхайкхал. Хьеший дIатарбан беза. Муьстарг, иттех уьстагIна урс хьакхал. Же, ма Iелаш!

Айсолте цкъа а безам бацара Iаьлбаган. Нохчмахкахь цхьа а стаг вацара аренца бехачу хьоладайшца вагарван. Цигахь кху тIаьххьарчу ткъех шарахь паччахьан Iедалан гIоьнчий кхиънера, шайн долахь мехкаш, туьканаш, даьхний долуш, Iедало даккхий алапаш, йерриг оьмарна пенсеш хIиттийна, кIезиг делахь а, хьаькамаллаш а долуш.

Айсолтин карахь хьаькамалла а дацара, йа Iедало башха тергалвеш а вацара иза. Амма шен долахь масех бIе уьстагI, бежанаш, говраш а йолу иза хIокху Нохчмехкан хьелашкахь хьолахо лорура. Хьоле йолу сутаралла а эшайора хьаькамалле болчу цуьнан сатийсамо. Иза шен кара тахана ца кхаьчча, кхана кхочур бохуш, денош детташ, къанлора Айсолта. Ткъа хIинца кхузахь хIоьттинчу хьоло таро йохийнера цуьнан. Iаьлбагах а кхоьрура: гIовттамхойн хьашташна имамо дIадохура миэлла а

нехан къих гулдина даьхний. Цкъа ойла хилира цуьнан, шен даьхний лам чу а дигна, Ведана охьахаа. Амма туркошца тІамехь оьрсийн эскарш оьшуш ду, Шемалан ГІеза-Махьма лаьмнашка вогІу бохуш, кхуза даьржинчу эладитанаший, хІара гІаттам дено-дено марсабийларой Іаьлбагна тІететтира иза. Амма Іаьлбага дегаза тІеийцира шен безам боцу и бено. Солтмурд йукъара ца хиллехь, шена аьттехьа а вуьтур вацара цо иза. ТІе, Айсолтас буй баьсттина уьстагІий а делира гІовттамхошна даа. Оцу шина бахьано гІеххьачул само малйира Іаьлбаган.

ХІорш паргІатбовла а кхиале, говр хьацаран кІур йина кхуза кхечира Овхьад. Цунах бІаьрг ма-кхийтти хиира Іаьлбагна иза лаа воцийла а, тховса а шена доьзал ган ца доьгІнийла а.

Іаьлбаг йуьстах а ваькккхина, Овхьада доцца дийцира Іуммица шен цхьаьнакхетаран жамІаш.

– ЙухавогІуш, керла хаамаш а гулбина ас. Областан начальникан гІоьнча инарла Смекалов ву, боху, Ведана вогІуш. Схьахетарехь, чІогІа бина буй а тоьхна, вайца дерг чекхдаккха ойла йу Іедалан. ГІамар-Дукъахь лаьттачу Сулиманна гуо беш бу. Іуьйранна элан Накашидзен отряд йара цига йаха кечлуш. Дишноша шаьш вайгахьа хир ду аьлла. Амма, хьо сихха цига ца кхачахь, Сулиманан гІуллакх вуон хир ду. ТІе, дишной йухабовла а тарло.

Іаьлбага корта хьовзийра.

– И гуьржийн эла шен эскарца ДегІастана дІавахийта дагахь, Іаьндахь хьовр-зІовр ма йолайайтира ас. ТІе, сайн бІо а эцна, со цига воьду аьлла, эладита а даржийнера. Ткъа иза хІинца а Веданахь ву…

Шен жима бІо сихха тІе а гулбина, Бенах аравелира Іаьлбаг.

– Кхин хІун ду керла?

– Туркошца тІаме вахана тхан эвлара Солтха цІа веана, цигахь пхьаьрс а битина, цуьнан метта мидал а йохьуш.

– Муха ду, боху, цигахь гІуллакхаш? – хаьттира, хІетталц вист ца хуьлуш, ладоьгІуш вогІучу Коьрас.

– Хьалхачул тІекхетта хийцамаш бац. Амма нохчийн полкера дукха нах, фронтера бевдда, цІа баьхкина.

– ХІунда?

– Кхузахь гІаттам бу аьлла, хезна.

– Уьш мичахь бу?

– Басса тІерачу йарташкахь гІовттамхойх дІакхетта царах дикка. Амма цигахь бисинарш дукхе-дукха майра лиэта, боху, туркойх. Дикка нахана чинаш, орденаш, мидалш а йеллачух тера ду.

– Дависа, оцу тІамехь волу ворх бІе нохчо тахана вайца велахьара! – элира Іаьлбага сатийсаме.

Овхьад дикка Іийра жоп ца луш.

– Хаац. Уьш ворхІе бІе тхан Гати-Юьртара ваханчу веаннах кхоъ санна белахь-м, вайна пайдехь хир бацара, тахана цІахь хилча а, – элира цо эххар а. – ХІара тІом болабалале хьалха оцу полке воьдучу хІор а стеган шен-шен Іалашо йара. Къехойн Іалашо йара эскарехь гІуллакхдарна лучу йолах шайн доьзалш мацаллех кІелхьарбаха. Ткъа хьолахойн кхин Іалашонаш йара. Масала, сан ден а, Товсолта-Хьаьжин а, Бораханан а хІун Іалашо йара, шайн кІентий эскаре дІахьовсош? Цкъа-делахь, кІентий паччахьан эскаре ца бахийтича, Іедало шаьш шайн хьолах а, хьаькамаллех а вохорна кхоьрура и шиъ. ШолгІа-делахь, эскарехь гІуллакх а дина, и

шайн кIентий могаш-маьрша цIа бирзича, Iедална гергахь шайн а, церан а сий а, хьаькамалла а лакхадаларе а, цаьрцанна шайн хьал-бахам стамбаларе дог а дохура. Доцца аьлча, Iаьлбаг, хIара Iедал хьолахойн Iедал ма ду. Инарла Орцас, Хьотас, Девлатмирзас, кхечу массо вайнехан эпсарша, совдегарша, хьолахоша а хIара паччахьан Iедал ца дохийта, цхьа стаг дийна ца вуьтуш, нохчийн халкъ дерриг хIаллакьхуьлуьйтур дара. Инарлина Орцина кхузарчу шен тайпанан вежарел, билтойл, дуккха а гергара хета полковникаш: гуьржи Эристов, оьрси Беллик, суьйли Нурид, иштта кхечу къаьмнех болу хьаькамаш а, хьолахой а. Сан дена ХортIина гIалара муьлхха а оьрсийн, эрмалойн, жуьгтийн, гIажарийн а совдегар гергара хета тхан эвларчу МIаьчигал, Васалал, Янаркъел, кхечарел а. Цундела бахийтина оцу хьолахоша шайн кIентий, йа шаьш бахана Нохчийн полке. Тахана, ши мостагI хилла, вовшахлета оьрсийн, туркойн паччахьаш. Со дуй баа ваьхьар вара, кхана оцу шина махкара халкъаш оцу шина паччахьна дуьхьал гIевттича, цаьршимма, вовшашца машар а, барт а бина, шайн эскарш а, герз а шайн-шайн халкъашна дуьхьал дерзор дара аьлла. ТIаккха бартахой а, вежарий а хир бара тахана мостагIий болу шина а агIорхьара паччахьаш а, хьоладай а.

ТIаьхь-тIаьхьарниш тIе а кхиъна, наха ладоьгIура Овхьаде.

– ХIетте а, вайнаха оцу туркошна дуьхьал болчу тIамехь дакъалацар ас къобалдо. И туркой вайца цхьана динехь белахь а, хIетте а, уьш тола лаац вайна. ХIунда? Цкъа-делахь, дин бен, цаьрца цхьа а тайпа йукъара хIума дац вайн. Уьш, тола а тоьлла, баьхкина, кху махка охьахевшича, цаьргара хила аьтто бац вайна. Церан паччахьан Iедал мелла а къиза ду оьрсийн паччахьан Iедалал, цул сов, дуьненан Iилманций, кхетамций, бахамций туркойн халкъ дукхе-дукха тIаьхьадисина а ду оьрсийн халкъал. Кху цхьана-шина бIе шарахь цхьана лулахь даьхначу нохчийн а, оьрсийн а халкъашна йукъахь гергарлонаш а, зIенаш а чIагIйелла. Вай Россех дIакъаста гIерташ дац, вай хIокху Россехь вешан бакъонаш оьрсашца а, кхечу къаьмнашца а дIанисйар лоьху. Бохамехь чIагIло, дахчало адамийн а, халкъийн а доттагIалла, вошалла. Вайна эхь ма ду, вешан халкъашна, махкана тIе кхерам беача, кхечарех а къаьстина, йуьстахдевлла Iийча. Цундела, вайн нехан кIентий, оьрсийн салташна улло а хIиттина, майра леташ а, леш а хиларх ас-м дозалла до Iаьлбаг.

Iаьлбага доккха садаькхира.

– Иштта-м ду-кхий иза, Овхьад, – элира Iаьлбага. – Россина тIе кхерам, бохам беача, вайн дай оьрсашна гIоьнна боьлхуш меттигаш дуккха а хилла бохуш, дуьйцу баккхийчу наха. Даймохк а, халкъан сий а мостагIех лардар цхьаъ ду, ткъа, ахь ма-аллара, паччахьаша, хьоладайша а шайн аьттонна бечу тIамехь цIий Iенор – иза ша ду. Амма хIара таханлера тIом вайн паччахьо хьалха болийна, боху. Ткъа бехке хьалха дов долийнарг ву! Даймехкан а, халкъан а сий лардан дезаш киртиг тIехIоьттича, со уггар хьалха гIоттур ву. Амма паччахьийн а, хьоладайн а гIуллакхна лиэта а, вала а луур дац суна, нагахь, нуьцкъах вига а вигна, нуьцкъах ца летийтахь, Суна дагадогIург кхин ду, Овхьад. Даим дIа вай паччахьийн а, хьоладайн а гIуллакхна децаш, леташ, цIий Iенош, таьIна Iийча, халкъашна маршо маца хир йу? Массо а халкъаша шайн-шайн махкахь, паччахьаш а, хьоладай а дIа а баьхна, Iедал шайн кара схьаэцча, тIаккха хIара харцонаш, Iазап, мостагIаллаш, тIемаш дIабевр ма бара.

– Мацца а цкъа иза а хир ду, Iаьлбаг, – элира Овхьада сацамболлуш.

ГIовттамхойн жима отряд ДаьргIана лакха регIа йаьлча, царна гира ГIамар-Дукъа тIехь хIоьттина сийна кIур а, хезара и декхна де къекъош йуьйлу йаккхий тоьпаш а.

Iаьлбага шен сирачу динна шед туьйхира…

***VI корта.* ГIАМАР-ДУКЪАХЬ**

Iедало дийнатийн хьелашка хIиттийначу

адамашна ши некъ буьсу – йа Iедална дуьхьал

гIовттар, йа, баккъал а, дийнаташка дерзар.

Ф. Энгельс

1

Шена тIедехкинчу декхаршца ца ларийначу Виберган метта гIаттамца дерг йоццачу хенахь чекхдаккхийта, йерриг бакъонаш кара а йелла, Нохчийчу хьажийна областан начальникан гIоьнча инарла-майор Алексей Михайлович Смекалов бархIалгIачу августехь Ведана кхечира.

Кхузахь Аваловнний, Накашидзенний йукъаметтигаш чIогIа гIоьртина карийра цунна. Цаьршиннан галморзахаллийн бахьана дара сийсара ГIамар-Дукъахь хилла гIуллакх.

Гумсаца хьала а веана, Веданан-гIопана ши чаккхарма генахь ГIамар-Дукъахь чIагIвеллачу Сулимана, Iаьлбаган коьрта ницкъаш тIекхаччалц, Ведана-гIап а, Дишни-Ведана а, кхузахь дIасадекъало некъаш а кхерамна кIел хIиттийра.

Веданан отрядан начальникца Аваловца цхьабартбар а, йа цхьа а тайпа операцин план а йоцуш, Накашидзес цIеххьана даьккхинчу орцанца шен эскар сихонца ГIамар-Дукъа теттира. Схьахетарехь, цигахь баьккхина толам, цхьаьнцце а ца боькъуш, шенна бита ойла йара цуьнан.

ГIовттамхойн позицина йуккъе тохар дан апшеронцийн ши ротий, ламанан йоккха топ а йахийтира Накашидзес. Аьтту фланге Iаьндойн дошлой а хьовсийна, йисина йерриг дегIастанхойн милици аьрру агIорхьа гуотаса хьажийра, гIовттамхошна йухабовла цхьаъ бен боцу некъ къовла. Апшеронский полкан ши ротий, йоккха топпий резервехь йитира…

Амма ГIамар-Дукъахь кIеззигчу бIаьхошца чIагIвеллачу Сулимана, мостагI шел иттаза алсам воллушехь, масех сахьтехь хиллачу тIамехь дуккха а дараш деш, иза йухаваьккхира. Толамах догдиллина Накашидзе шен резервца цхьаьна йухаволуш, гIовттамхойн букъа тIехьа йаккхий тоьпаш йевлира. Накашидзен гIуллакхаш доьхначу хьолехь дуйла хиъначу Аваловс сихонца цига хьажийна куринцийн ши рота йара гIовттамхошна букъа тIехьахула тIелеттарг. Церан гIоьнца дийнахь кхо сахьт долуш лам дIалаца аьтто хилира Накашидзен.

Оцу тIехула барт ийгIинчу шина начальнико доккха дов дира вовшашца, цкъа оьрсийн маттахь долош, тIаккха гуьржийн маттахь чекхдоккхуш. Смекалов схьакхаьчча а, оцу девнан хьу дIайалаза волчу цаьршимма йуха а карладаьккхира иза.

– Веданан округ сох тешийна йу, – бохура Аваловс, Накашидзега гома бIаьргаш а хьежош. – Кхузахь хуьлучу муьлххачу а гIуллакхах ас сайн коьртаца жоп ло! Ткъа полковник Накашидзе, сох дага а ца волуш, шена луъург дан волавелла. Амма хила деззарг хили! Цхьа батальон, ворхI сотня дошлой, милицин шиъ дружина а ворхI сохьтехь тIелетарх, оцу ломара мятежникийн и тоба дIа а ца йаккхайели.

– ХIунда дуьйцу ахь иштта, полковник? – карзахвуьйлура Накашидзе. – Сан отряд йац ткъа ГIамар-Дукъ дIалаьцнарг?

– Ткъа Ведана йухайаьлларг? Ас куринцийн ши рота гIоьнна ца йаийтинехь, хьо-х, вохийна, йухаваьллера!

Смекаловс халла маслаIат дира цаьршинна йукъахь. Дагахь хIуьу дисинехь а, шаьшшиъ тайна сурт хIоттийра шина начальнико. ТIаккха Нохчмахкара хьал

хаьттира Смекаловс.

– Хьал дика дац, хьан локхалла, – долийра Аваловс, шен хьийзинчу Іаьржачу месашна хьала куьг а хьаькхна. – Сулимана сийсара йуха а дІалаьцна лам. Нийсса аьлча, толам мятежникашкахь бисина. Оцу толамо дог ойъур ду Іаьлбаган. ТангІай билггал мичхьа ву а хаац. Іаьлбаг керла ницкъ вовшахтухуш ву. ХІара Ведана йоцург, кху сахьта йерриг Нохчмахка цуьнан Іедална кІел йахана. Даим вайна муьтІахь хилла ДаьргІий, БелгІатий а йац хьалхалерниш. Салташна йуккъе хоршин цамгар йаьржина. Къаьсттина вуон хьал ду Шелан отрядехь. ХІокху доьхначу хьола йуккъехула Накашидзес шен дегІастанхойн милицех дуккахберш цІа а бахийтина.

Цецваьлла Смекалов Накашидзега хьаьжира.

– Иза ца дича ца велира со, хьан локхалла, – Аваловна оьгІазвахана, хьаьжайукъ хабийра Накашидзес. – Іаьлбаг Іаьндана тІелата кечлуш ву бохуш, эладита даьржина ккузахь. Милцоша дийхира шаьш цІадахийтар. Мятежникаша шайн даьхний лахкарна кхоьрура уьш. Церан дехар кхочушдан дийзира сан.

Смекалов резавоцуш полковнике хьаьжира.

– Оцу тІехь доккха гІалат далийтина ахь, полковник. Хьан бакъо йацара, шайн областан я хІокху областан начальникех цхьаьнгара бакъо йоцуш иза дан. Цу тІе, хьал дуладелла йукъ а хилча.

Накашидзена ца йезайелира инарлин Іоттар.

– Ас дІахецнарш салтий бац, хьан локхалла, ткъа шайн лаамехь гІаттам хьаша баьхкина бахархой бу. Уьш нуьцкъах сецо бакъо йац сан.

– Амма цара дечу гІуллакхна вай йал ло, полковник. Вайн йолахой хиларе терра, церан декхар ду тІеман низам Іалашдан. Цул сов, со схьавогІуш, Александр Павловича суна тІедиллира, нагахь мятежникех дика латахь, ша дегІастанхошна нохчийн латта лур ду, ала аьлла.

Накашидзе вист ца хилира. Мерехула цо доьІучу се дегадора мераІуьргаш чуьра морса, хьийзина Іаьржа чоьш. Лекхачу хьаж йуккъе мархаш гулйелира. Ткъа Авалов, гоьла тІе ког а баькккхина, там хилла хьоьжура цуьнга. Чохь цхьана минотна тийналла хІоьттира. Цхьанаэшшара дІасатехкара пенах кхозучу доккхачу сахьтан Іайг. Геннахь салтийн илли доладелира. Смекалов хьалагІеттира.

– Господа, гІопе хьажа лаьа суна, – элира цо, коьрта тІетаІІош фуражка а тиллина.

ХІорш арабевлча, ГІамар-Дукъахь кхийссарш хезира. Смекалов, саца а сецна, лома дІахьаьжира.

– Іуьйрре дуьйна а йу цигахь и кхийссарш, – кхетийра иза Аваловс. – Сулиман шен гІеранца цигахь ву. Цунна дуьхьал куринцийн кхоъ, апшеронцийн шиъ роташ хьовсийна ас.

ГІопана чухула гуобаькккхира Смекаловс. Пенаш чІогІа дара. Царна тІе хІиттийна йара бертехула йузу шира йоьзан бархІ йоккха топ а, шиъ единорог а. Цхьанхьашинхьа пена тІе а ваьлла, масех кхачамбацар гайтира инарлас.

– Саьнгар гомха йу. Форштадт, тур-бастион а чІагІйан йеза. Нагахь мятежникаша блокада йахь, хи тоьур дац. Бассейна чохь тІаьхьалонна хи Іаіо деза. Лазарет мичахь йу?

Шина а агІор дийгІинчу дитташна йуккъехула дІа нийсачу аллейхула а ваькккхина, гІопан цхьана маьІІехь лаьттачу геригца тхов къевлинчу лохачу цІеношна тІевигира Смекалов. Йиллинчу неІаре оьллина модаша дуьзна киса цхьана агІор а оьзна, инарла хьалха чувалийтира Аваловс. Смекаловн мерах камфоран, спиртан, кхидолчу молханийн ийна хьожа кхийтира. Чохь тоъал сирла йара. Сени чохь походни маьнгеш тІехь Іохкура дархой. МаьІ-маьІІера схьахезара церан узарш. Йай-

й чевнаш хилларш, инарла гучуваьлча, хьалагIовтта гIоьртира.

– Iахка, Iахка, – куьг ластийра инарлас. – Муха ду шун гIуллакхаш?

– Вуон дац, хьан локхалла! – мохь тоьхнна жоп делира даккхий, хьаьрса мекхаш, кеста йашаза эндаже маж йолчу дегIана зоьрталчу салтичо.

ТIера схьайаьккхина кIайн халат, хьарчийна, гIантан гIовланах а тесна, тIевеара тIеман лор капитан Марциновский.

– Дархой дукха буй, доктор? – хаьттира Смекаловс.

– Дукха бу, хьан локхалла. Тахана а валийна бархI салти а, кхойтта туземец а.

– Хала чевнаш йерш?

– Ишттаниш а бу. Тахана шиъ велла. Йалханнан дийна висаре догдохийла а йац.

Лазарета чуьра арадевлча, логера ветанаш дIа а даьхна, вортанах йовлакх хьаькхира Смекаловс.

– Гатте а, бурко а йу цу чохь, – элира йуьхьа дуьхьал йовлакх а лестош. – Мотт-гIайба а дац цIена. Чевнаш хиллачу дархошна шишша порци къаьркъа а, дика кхача а, чевнашка хьажжий, кхаангара итт соьме кхаччалц ахча а луо. Дог-ойла айъа церан.

ШолгIачу дийнахь керла хаамаш кхечира отрядан штаб-квартире. Йоккхачу отрядца ЦIоьнтарна кIел сецна Iаьлбаг. Iумма йуха а ЧIебарлахь кхарставаьлла…

– Iабдул-Хьаьжа кхераме волчуьра дIаваьлла, – бохура Аваловс. – Цо дош делла суна Iаьлбагна тIеIаткъам бан. Цахуьлучу далахь, ша цунна дуьхьалвер ву а аьлла. Басса тIехь хIинца кхерамениг ТангIай ву, Iаьлбаган коьртачу гIоьнчех волу. Дочу-Борзера Бойсуев Ахьмад шайн цигара йарташ ирахIитто гIерта. Амма кхерамениг Нохчмахка йу. Лаьттан къоьллой, мацаллой карзахбаьхна кхузара бахархой. Оцу тIе, аренгахь санна, вай тIетийжа хьолахой а, динан дай а бац кхузахь.

– ДаьргIахойн, белгIатойн, цIонтаройн ойла муха йу?

– ХIинца цкъа тийна Iа. ЦIонтаройх Сулиманан цIийнах нах бен бац гIаттамехь дакъалоцуш. Йисина йурт дуьхьал йу цунна. Масех де хьалха йиттина цара Сулиманан цхьана гIоьнчина, говр схьа а йоккхуш. Оцу тIехула йурт, шина декъе а йекъайелла, вовшахлетта. Йуьртдена а, цуьнан кIантана а, вешина а чевнаш йина. Сулиманан ваша а вийна. ДаьргIахой а, белгIатой а йуьстаха Iа. Амма Чомакхера гIо дац. Соьга гIоьнна отряд йаийта а бохуш, ГIоьрдалахь шен цIа а хиъна Iа иза. И стаг, кIордийна, хьех чекхваьлла суна.

– Хийца ца мега иза?

– Мегара, хийца стаг велхьара. Цуьнан метта прапорщик Мовсаров Элби хIотто ойла йу сан.

Суьйранна йоцца кхеташо йира Смекаловс.

– Господа, – долийра цо. – Кавказан эскарийн коьртачу штабан бертахь, Нохчийчоьнан гIаттам йоццачу хенахь хьаьшна дIабаккха аьлла, кхуза схьахьажийна со. Иштта коьртачу штабан а, ДегIастанан областан начальникан а бартаца, сан куьйгаллин кIел луш бу Нохчийчохь болу берриг герзийн ницкъаш, цаьрца цхьаьна – Ламанан ДегIастанан отряд а. Шуна ма-хаъара, Анатолехь тахана цкъа дика дац вайн гIуллакхаш. Цул сов, болчу хаамашца, хIара гIаттам ДегIастана баржа кхерам болуш а ду хьал. Цундела, тIаьххьара а, къиза а тохардар – иза ду вайна хьалха хIоттийнарг.

ХIораммо шена хетарг аьлча, сацам тIеийцира: Веданна ши чаккхарма уллохь болчу Iаьлбагехьа бевллачу дишношкарий, эрсаношкарий амалтана нах а баьхна,

отряд Нохчмехкан кIорге йига.

2

Смекаловн план шолгIачу дийннахьехь йуьйхира. И де дайъира цо дишношца барт бан гIерташ. Цара сацамболлуш дуьхьало йира амалтана нах бала а, Iедална муьтIахь хилла, совца а.

Дарвеллачу Смекаловс суьйранна йуха а кхеташо гулйира. ХIинца цо ша волчу кхайкхира берриг а батальонийн командираш. Деха ца дуьйцуш, сацам тIеийцира тIедогIучу дийнахь Iуьйранна Дишни-Ведана йохийна дIайаккха.

Амма хIорш дIасакъаста а кхиале. ГIамар-Дукъахь тIом кхехкабелира. Схьакхехьа болийра чевнаш хилла салтий. ТIаьххье Эрсанан отрядан начальникан майоран Явченкон геланча веара, цига хьажийна кхоъ рота гуонна йуккъехь йисина, дукъа тIехь хин тIадам а бац, салташа Iуьйранна дуьйна хин къурд ца бина аьлла.

Явченкон отряде Эртана-Коьрте йухайала аьлла, приказ а дахьийтина, и буьйса тIамна кечамбеш йаькккхира Смекаловс. Iуьйранна ворхI сахьт долуш бивакера Апшеронски, Самурски, Курински полкийн батальонаш а, гIалгIазкхийн, гIалгIайн, дегIастанхойн а дошлойн сотняш Дишни-Веданехьа дIа а хьовсийна, царна тIаьххье шен штабаца Веданах аравелира иза.

Операцина тIехь куьйгалла дан, йуьртана тIекхачале долчу Ахкан лекхачу берда тIехь йуькъачу боьлакна уллохь сецира Смекалов. Отряд, цхьа а тайпа новкъарло ца хуьлуш, Ахках дехьайаьлча, сапаргIатделира цуьнан. Амма, эвлан йистера шолгIа боьра хадо йоьлча, отряд цIарна кIел нисйелира. Эвлан йистерчу массо цIа чуьра схьа дошан дарц деттара.

– ХьалхатаIар саца а дайтий, йаккхий тоьпаш хьалхайахийта, – элира Смекаловс, турмал охьайахийтина, тIехьа а хьаьжна. – Батареян командире Шервашидзега йуьртана тIе хIоьънаш, чаччамаш, гранаташ тоха ала, иэйеш.

Ах сахьт далале йуьртана тIехула Iаьржа кIур баьржира. Сетташ, цIеран меттанаш оьхура стигала. ГIовттамхой дIатийра.

– ХIинца хьалхатаIа ала отряде, – доцца приказ делира Смекаловс.

Батарея йуккъехь йуьтуш, шиний агIор хьалайолайелира апшеронцийн ши батальон. Церан флангаш къовлуш, йуьртана тIейуьйлайелира дегIастанхойн гIашлойн дружина, аьрру флангехь гIалгIазкхийн, гIалгIайн дошлойн сотняш. ГIовттамхоша шозза йухабехира бердаца хьалагIоьртина апшеронцаш. Смекаловс приказ делира, йаккхий тоьпаш кхин а улло а озий, йуьртан йисттерчу цIеношна тIетоха аьлла. Ах сахьт далале лагIйелира цигара схьайен дуьхьало. Йаккхийчу тоьпаша новкъарло йора йурт ларйархошна цхьанхьа гулбала. Апшеронцийн хьалхара батальон а, дегIастанхойн дружина а бердах хьала а йаьлла, йуьрта йуьйлира. Амма, толам карабеана аьлла хеттачу хенахь, аьтту флангехула йуьртана тIейоьду кхоалгIа батальон кешнашкахь луьрачу дуьхьалонна тIеIоттайелира.

– Сихонца артиллерин взвод хьажайе кешнашка! – бIаьргашкара турмал дIа а ца йоккхуш, приказ делира Смекаловс.

Дукха ца Iаш, хIоьънаш эга дуьйлира кешнашка. Кеглуш, кескаш йуьйлуш, хIаваэ хьалаоьхура чарташ. Дехха тасадалар хиллачул тIаьхьа кешнаш дIалийцира апшеронцаша.

– Йукъарчу штурмана сигнал ло!

Ахка тIехула лаккха стигала а йахана, IаддаргIа йеш, хьаьвзина, йайра сийна

ракета.

– Йерриг йаккхий тоьпаш йуьртаний, кешнашний тІетоха!

Массанхьа а йоьза зурманаш, вотанаш йийкира.

ТогІи дІалаьцна дийкира масех эзар къамкъарго хецна «ура». ХІетталц резервехь лаьттина дакъош а хьалхатаьІира. Йуьртахь а, кешнашкахь а лелхара хІоьънаш, гранаташ. Амма, говза маневр йина, Ахкан бердаца йолчу хьуьн тІехьа бевллачу гІовттамхоша кІуркІамане хьовзийра резервера апшеронцийн йиъ ротий, гІашйаьлла дегІастанхойн дошлойн милиций.

Оцу минотехь полковнико Накашидзес гІашлойн цхьа дакъа хьуьн тІе дерзийра. Амма цуьнца цо йерзинайаьккхира аьрру фланг.

– Есауле Афанасьевга, шен сотня гІашйаккхий, мятежникашна букъа тІехьахула тІелата ала!

Амма гІалгІазкхашца гатесна воьду Афанасьев гуш боцчу ницкъана теІоттавелира цІеххьана…

3

Іаьлбага сийсара Коьрица йуха а йийцаре йира Веданна тІелатаран план. Хаси-Юьртара эскарш Яьссиций, Ямсуций хьала ца довлийта, кІеззиг ницкъашца Нурхьаьжа – Зандакъа кІел, Тозуркъа – Мескитахь лаьттара. ТангІайс Хулхулон чІож дІалаца дезара. Йиллинчу хенахь Іумма Басса тІе воьссича, Іаьлбаган а, Іуммин а ницкъаш тоьур бара Ведана дІалаца.

Амма Іаьлбаган планаш йохийра Сулиманан геланчас. Ша мостагІ сецо кхо де ду, тахана Іуьйранна берриг ницкъ шена тІететтина, Дишни-Ведана отуш йу, чехка орца оьшу бохуш.

Іаьлбаг цецвелира. Цкъа хийтира цунна, шен планах цхьамма мотт баьхьна-те аьлла. Амма иза йевзаш хІорш пхи стаг бен вацара. ХІета, цхьанхьа гІалат далийтина хир ду-кх…

Іаьлбагна ца хаьара дерриг а хІоьттинчу хьоло кхуллуш, шашаха хуьлуш дуйла. Йа Смекаловн дагахь а дацара хІара кхаа дийнахь бахбелла тІом боло. Иза а хилира шашаха.

Доцца аьлча, дагахь доццург хилира. Шен бІоца Солтмурд а Бенахь ву. Сулиманан бІо хІаллакьхилийта а йиш йац. Иза кІелхьарваккха веза хІуьу дина а…

БІона цхьа бІе гІулч хьалха, Іода кхоьссича санна, чехка вогІура Іаьлбаг. Сирачу динан йеха, йуткъа ворта хьацаро Іаржйина. Цхьа масех гІулч тІаьхьавогІу Коьра а, Къайсар а. ДаьргІахула богІу некъ сехьа лома тІе баьлча, говр сацийра цо. Йохйелла, карзахйаьлла говр цхьана меттахь саца ца туьгура. Лаха чохь Дишни-Веданна тІехула хІоьттина Іаьржа кІур гора. Йуьртахь лелхачу хІоьънаший, гранаташий сийна цІераш летийнера массо маьІІехь. ХІаваэ хьалаоьхура дечигаш, диттийн гаьннаш, лаьттан окъамаш. ЦІеххьана йаккхий тоьпаш севцча, йуьрта даьржира мостагІчун эскар. Оццу минотехь Ахка тІехь тІом кхехкабелира.

– Гатесна, хьуьнна тІехьа бовлуш дошлой бу! – мохь белира Коьрин.

– ТІаьхьадуьйла! – мохь тоьхна, говр дІахаьхкира Іаьлбага.

ГІашбевлла Афанасьевн дошлой, карахь йоций тоьпаш йолуш ломах хьала а бевлла, гІовттамхошна букъа тІехьа бовлуш, цІеххьана хьуьна чуьра схьалилхинчу Іаьлбаган дошлоша ткъесах тохар дира царна. Амма берданкашца кечбелла

гIалгIазкхий кхиийра, кхузахь дуьхьал каде тохар а дина, йуханехьа бердах чутила. Иттех минотехь хиллачу тасадаларехь шиний агIор масех стаг вийра.

Iаьлбаг йуьрта сихвелира. Дерриг галдаькkхинера цунна шегара гIо мичахь чIогIаха оьшу цахааро. Ткъа тIом массанхьахь а хьерабаьлла кхехкара. Йуьртахь а, эвла йистерчу кешнашкахь а. Ахкан аьтту агIорарчу хьуьнхахь а. ГIамар-Дукъ а тарделлера вулканах. Ткъа Iаьлбагца верг пхи бIе стаг а вацара. ХIуъу хилахь а, йуьрта хаьхкира цо. Цигахь къена нах, зударий, бераш дара.

Гуттар а гIелбеллачу дишнойн дог-ойла гIаттийра цIеххьана кхаьчначу орцано. Массо цIа а гIопе дерзийна, майра дуьхьало йора гIовттамхоша. Амма, хьалх-хьалха йаккхий тоьпаш йетташ, цIенош отуш, низамехь хьалхатеIара салтий.

ГIамар-Дукъа йухадовла аьлла, омра дира Iаьлбага. Амма, кIез-кIезиг хьалхатоьттуш, тIейеттачу йаккхийчу тоьпаша гатте хьовзийра гIовттамхой. Ах нах хил дехьабевлча, бисинчийн некъ хадийра мостагIчун эскаро. Хьалха салтий, тIаьхьайогIуш дегIастанхойн милици а гина, цIеххьана аьрру агIор дIа а вирзина, берда тIерачу кешнашкахь чIагIвелира Iаьлбаг. Кхузахь дерг чекхдаьлла моьттуш, кхаш тIера йалташ, докъарш даго дагахь паргIат йогIу дегIастанхойн милици дошан дорца кIел нисйелира. Йуьхьанца боьхна хьаьвзина милцой, цхьа масех минот йаьлча, метта а баьхкина, гIоргIа маьхьарий а хьоькхуш, кешнашна тIехьаьлхира, амма гIовттамхоша, ах бIе гергга стаг тIеман арахь воьжна а вуьтуьйтуш, йухабехира уьш.

ШолгIа тIелатар а йухатоьхча, милицина гIоьнна йеара ГIамар-Дукъа боьду некъ лаьцна лаьтта отряд а, йаккхийчу тоьпийн взвод а. Шиний агIор тIетеIачу мостагIчунна йукъахь бисина, тIе йаккхийчу тоьпаша а гатбина гIовттамхой, салтийн гуо а хадийна, Хорачахьа йухабевлира.

Гобаькkхина йухабуьйлучу гIовттамхошна тIаьхьа эскарш хьовсо ца ваьхьира Смекалов. Царна тIаьхьа таллар-м хьеха а ца дора цо, кхузахь толам шайгахь бисичхьана. Командующис шена тIе ма-диллара, дIалаьцна хIор а гIулч латта тIаьхьало йолуш шена тIечIагIдан дезара цуьнан. Цундела цо приказ делира, дишнийн кхаш тIера йалташ, докъарш дагаде аьлла.

Амма Iаьлбаг, йухавийлахь а, дIа ца воьдура кхузара. Цхьанхьа йухаволуш, кхечухьа гучувуьйлуш, тIелиэташ, хIокхеран синтем байъинера цо.

Оццу хенахь вуочу хьоле нисбеллера ГIамар-Дукъара гIовттамхой а.

Накашидзен отряд йухайаьлча, дукъ йуха а дIалецира Сулимана. Шайн йохийна чIагIонаш, хьалха санна, чIогIа йацахь а, сихха йуха меттахIиттийра. Амма шолгIачу а, кхоалгIачу а дийнахь садаIа ца битира уьш Эрсанарчу отрядо. Ломан цхьа маьIиг дIалаца аьтто а хилира цуьнан. Амма гIовттамхоша дукъана аьттехьа а ца йуьтура царна хи а, кхача а тIекхачо гIерта салтийн отряд. Йа гIаддайнехь а, йа кхиамах догдиллинехь а, лам тIера салтий, тIамца йуха а бевлла, Эрсана дIабахара.

Шайна хаа а ца хууш, оцу деношкахь масех толам баькkхира гIовттамхоша. Механа беза-м бара уьш. Чевнаш хилла а, вийна а ткъех стаг дукъара дIаваьхьира церан. ГIелбеллера бисинарш а. ХIоъ-молха а ца дисинера цхьана денний бен. Ломана гуо лаьцначу салташа новкъарло йора иза тIедан. МостагI ломара дIавахча, бIаьхошка, садаIа охьадийша аьлла, омра дира Сулимана. Эрсанахьа йолчу агIор кIеззигчу нахах ха дитира.

Буьйса тийна йара. Генна охьа чохь, хьуьна йуккъерчу Iам чохь, пхьидаш йекара. Стигал а тIехьоьжура, седарчаша къарзйина. Горгачу батто серладаькkхинера дукъ. КIадбелла, гIелбелла бIаьхой чIогIа набарш кхетта Iохкура. Йукъ-кара соьцуш, охьа чу ладоьгIура Сулимана. Амма цхьаннахьара а хIумма а ца хезара. КIадвелла Сулиман жимма садаIа берда йисте охьалахвелира. Иза а ма вацара эчигах вина. Ойланаш хьийзара коьрте. ХIоьттинчу хьолах а, кханенах а. Вала ца лаьара цунна. Iожаллех кхерар а дацара иза. Йа ирсе сатийсар а дацара. Кхин гIуллакхаш ду дан дезаш. Шен цIонтаройх цхьаболчех бекхам эцар. ЦIонтаройн

йуьртда, цуьнан гергара нах а туьран дитт хилла дуьхьалбевлла цунна. Сулиманца цхьана тайпанан белахь а, шайн-шайн гарах бара уьш. Цаьрца дуьстича, дуткъо дара Сулиманан гар. Цул сов, Сулиманан мостагIчуьнгахьа ву йуьртара массо а таройерг. ХIор а денна дов лаьтта шиний агIонна йукъахь. Рузба а доьхнера йуьртахь. Цхьаьнакхеттачохь муьлххачу минотехь кийчча дов дара. Эххар а цIий Iанийра.

Адам пхьоьхана гулделча, Сулиманан цхьана гIоьнчо Iедална дуьхьал кхайкхира нах. Уггар хьалха – цIонтаройн йуьртдений, цуьнан бартахошний дуьхьал. Церан цIарах кIуон дош а элира. Йуьхьанца – гIовгIанаш, тIаьхьа дов доладелира. Говра тIера охьа а ваькккхина, йиттира Сулиманан накъостна. Цуьнгара схьа а йаькккхина, говр йигира. Сулимана Iумхан-Юьрта уллора лаьхкинчу пачхьалкхан говрех йара иза. Iедална хьалха дикачу цIарла хила дира иза цIонтароша. Оцу тIехула доладеллачу девнехь ваша вийра Сулиманан. Йуьртдений, цуьнан кIантаний, вешиний чевнаш-м йинера. Амма ваша Сулиманан вийнера. Дика ваша вара иза. Миска, гIийла ваша вара. Ша дуьнен чу ваьлчхьана, цкъа а са малхадалаза. Кхораш санна, кегийра бераш дисина цуьнан. Иза лан хала ду. Вешин чIир йекхаза вала ца лаьа Сулиманна. Кхин дуккха а гIуллакхаш ду Сулиманан валале дан дезаш. ГIордалойн Чомакх виэн а веза. Кхин а масех стаг ву эхарта хьажо билгалвина. ТIаккха хала дац вала а.

Ойланаша базбина, охьаоьхура корта. БIаьрнегIарш а дазделла. Сулиманна наб кхета хиъна Iаччохь.

Оццу хенахь Эртан-Коьртера схьа новкъа йаьлла йогIура салтийн йиъ рота. ГIамар-Дукъа гIоьртича, ларлуш ког боккху цара. Шиъ йоккха топ тата доцуш хьалхаоьхура. Церан чкъургех ча а, даьсса галеш а хьерчийна. Тоьттуш, уьйзуш, хьала а йохий, гIовттамхойн позицина дуьхьал лома тIе хIиттайо уьш. Кхузара дIа, керайуккъехь санна, йаьржина, шера го гIовттамхойн позици. Цуьрриг а хала дац, тIе йаккхий тоьпаш а тоьхна, иза ата. Амма мятежникаш кIелхьарбовла тарло. Цундела капитано Битнерскийс цкъа хьалха гIашлой хьовсабо цига. Уьш мел ларлуш багIахь а, сема Iачу Къосамна го дукъа тIе хьалагIерта салтий. Уьш гуттар улло кхаьчча, хьалха вогIучу эпсарна хьажайой, тапча туху Къосама. Цуьнан тата лаьмнашкахь дижа а кхиале, цхьатерра ткъех топ йолу.

Масех салти вужу, амма бисинарш, маьхьарий а детташ, чухьолху. Дехьа тIехь йевллачу йаккхийчу тоьпаша бегабо лам. Лакха тIехь гранаташ лелха. Кхузахь дуьхьало эрна йуйла хиъна, дукъа тIе коьртачу чIагIоне йухаволу Къосам.

Баккъалла а латар Iуьйранна доладелира. ГIовттамхоша сихаллехь хIоттийна мела чIагIо, ах-гуо беш йукъа а лаьцна, масех могIа а бина, хьалхатеIа салтийн йиъ рота. Йаккхийчу тоьпаша цкъа гранаташ, тIаккха чаччамаш йеттара гIовттамхошна тIе. Де делкъенга долуш, эххар а чуччабахара шиний агIорниш. Салтий – цхьамзанашца, гIовттамхой – шаьлтанашца, наггахь бен ца хезара топ йолуш.

Йухабовла а ца лаьара гIовттамхошна, йа йухабовла йиш а йацара. Лаха чохь Дишни-Ведана йара сийначу цIарах йогуш. Оцу тогIи чуьра массо некъ, боьра, боьлак сийсайора салташа.

Сулиман а, Къосам а хьалхарчу могIарехь лиэтара. ГIайбанех санна, гIовттамхойн накхойх а, гайх а оьхура цхьамзанаш.

Амма йухабовла бакъо йацара. Йогучу йуьртара схьа зударийн а, берийн а маьхьарий хезара.

Шен аьтто баьлча, Сулимана бIаьрг тухура ДаьргIара схьабогIучу некъе, Iаьлбаган сира дин гаре догдохуш. Эххар а иза гира цунна. Iода кхоьссича санна, йогIу горга кIайн овгол…

Де делкъенга даьлча, капитан Битнерскийга приказ деара, Дишни-Веданца дерг чекхдаьлла, Нохчмахка ваха кечло аьлла. Оцу кехатан цуьргана барт баккхал хазахийтира капитанна. Цо иза эшаман эхьах кIелхьарвоккхура.

Буьйсанан йуккъехь ГІамар-Дукъахь а, Іуьйранна малх кхеташ Дишни-Веданахь а болабелла тІом сецира дийнахь ши сахьт долуш. Цхьана сохьтехь йурт а, йалташ а, докъарш а дагийна, эвла йистехь гулйелла, сецира Смекаловн отряд.

Нохчмахка новкъа бовлале садаІийта дезара оцу дийнахь ондда болх биначу салташка. ТІе, Смекалов ца хІуттура даккхий дараш хиллачу отрядца Нохчмахка ваха. Шелара кхайкхина Курински полкан батальон схьакхаьчча, новкъахь капитанан Битнерскийн колонна тІе а оьцуш, суьйранна йалх сахьт долуш Эрсанна улло кхечира отряд.

Кхузахь эла Аваловс шен тешаме нах хьовсийра Эрсана а, ЭгІаштІе а, цигарчу бахархошка, цхьа а тайпа дуьхьало йоцуш, муьтІахьалла тІе а эций, амалтана нах ло аьлла. ЭгІаштІойн тхьамданаш баьхкира лагере амалтана итт стаг а валош. Амма эрсаноша сацамболлуш дуьхьало йира инарлин омра кхочушдан.

И буьйса бивакехь йаккха дийзира отрядан. Амма йоьхна буьйса йара иза. МаьркІажехь доладелла догІа, кІудалара Іенош санна, тІедилхира сахиллалц. Четарш ца тоьура. Долчарна чохь, чІеран кІорнеш санна, дІатарбелира салтий. Ткъа мелла а ишттачу хьолах боьлла кавказхой догІанна кІел бисира. Йуьрта буьйса йаккха баха ца баьхьара атталла нохчий а. ХІорш салтел а чІогІа кхоьрура меттигерчу бахархойх. Арахь биснарш-м хьовха, четарш чу тарбелла салтий а тІадийнера оцу буса.

Дилхинчу догІано гуттар а халачу даьхнера вуьшта а кхузара хала некъаш. Говраш а, адамаш а гоьллец хоттала оьхура. Къаьстана таро йохийнера йаккхийчу тоьпаша. Церан чкъургаш хоттах йича санна йара. Уьш ийза говраш лара а ца йина, ЭгІаштІера йалийна, цхьана йоккхачу тоьпана йалх а йужуш, бугІанашка йигийта дийзира.

Эрсанахь шена дуьхьало хир йу моьттуш, дерригенна кийча йеанчу отрядна йаьсса карийра йурт. ЖІаьлеш, цицигаш, наггахь котам йоцург, аддам а дацара кхузахь. Йурт йагор дегІастанхойн а, нохчийн а милицина тІе а диллина, охьайогІу отряд Гумс хи чу йоьссича, эххар а кхо де хьалха цо дахьийтинчу кехатна дуьхьал жоп кхечира Смекаловга.

«Лераме Алексей Михайлович!

ХІокху деношкахь ас синтемза ладегІна хьоьгара хаамаш кхечи соьга. Уьш мел самукъане бацахь а, вайн эскарша а, массо салтичо а шаьш турпала гайтар ас коьртакомандующига дозаллица дІакхачор дуйла хаийта цаьрга. Чевнаш хиллачарна ахча далар къобалдо ас. ХІор а дархочунна чевне хьажжий кхаа соьмера туьмане кхаччалц ахча ло. Хьан гІуллакхаш вуон дуйла а хаьа суна, амма уьш дено-дено толург хиларх а теша. Цундела, делан цІарах доьху хьоьга, цхьа ког а йухацавалар, хьайна хьалха нисделларг дерриг къинхетамза хІаллакдеш, кІез-кІезиг хьалхахьа дІавахар. Варлахь, кхерам тасалахь мятежникашна, хьайн даг чу къинхетам ма биталахь. Къизалло биэн совцор бац хьуна мятежникаш. Вайга амалтана нах беллехь а, Зандакъа гІеттина.

Тахана ас Батьяновна тІедиллина, сихонца Зандакъа а гІой, цигара мятежникийн парти йохайе аьлла. 20-чу августехь шена тІе резерван батальон кхаьчча, кхаа батальонций, дошлойн йеа сотняций Бена хьалавогІур ву иза. ХІокху геланче ас приказ делла, Шелара цхьа батальон а, ламанан йаккхийчу тоьпийн взвод а хьуна гІоьнна йахийта аьлла. Нагахь аренгахь жимма а синтеме хилахь, Навагински полкан шиъ батальон а, йиъ сотня дошлой а лур бу хьуна хІокху шина-кхаа дийнахь. Иштта ницкъ дено-дено тІекхетар бу хьуна. Ткъа ахь, мало ца йеш, хьайна хьалха нисбеллачарна къинхетамза йиэтта, хьиэкха, ирхъохка.

Эла Накашидзес доккха гІо дийр дара хьуна, цигахь висча. Жимма а таро йелахь, виса алий, дехар де. Нагахь иза шен отрядца дІагІахь, хьайна гІо кхаччалц, Эртан-Коьрта йа кхин а дехьа йухавала.

Инарла-адъютант *Свистунов.*

Владикавказ. 15 август 1877 шо. № 220»

«ХІаъ, чІогІа толуш ду гІуллакхаш! – кехат деалха а тоьхна, йуха конверта чу таІийра Смекаловс. – Гонаха гуллучу мятежникийн ардангаша и ца боху».

VII корта. ИЭШАМАН МАХ

ГІаттахьа, даймохк!

Мичахь ду хьан тур?

Ш. Петефи. «Тоьур ду!»

1

Смекаловн отряд Эрсанара дІа ЦІоьнтара йолайелча, ши де хьалха баьржина хилла шен ницкъаш хІинца мелла а цхьанхьа а гулбина, Гумса тІехь цуьнан некъаш леца сихвелира Іаьлбаг.

Сулиман Кхеташ-Коьртехь а витина, ша тезакхаьллахойн ломахь чІагІо лецира цо. Шена гІоьнна беношца веана Солтмурд а, ши бІе суьйлашца веана Раджаб-Іела а Сулиманна гІоьнна хьовсийра имамо.

Кегийрачу тобанашца сахиллалц тІелетачу гІовттамхоша и буьйса чомахь ца йаккхийтира Смекаловн отряде. Тахана цунна гуонах гулбеллера гІовттамхойн дукхахболу баьччанаш. Сийсара сахиллалц хезара, керла тІеоьху гІовттамхойн отрядаш декъалйеш, шатлакхна йетта тоьпаш. Ницкъ алсам белахь а, Нохчмехкан дега йуккъе нисвеллера Смекалов. Тахана кхуза хьовсийна бара йерриг Нохчийчоьнан бІаьргаш. ТІекхача гІо а дацара цуьнан отрядна. Яьссиций, Ямсуций йолчу йарташа сецавора полковник Батьянов а. Ша гІо доуьйтур ду-м аьллера Александр Павловича. Амма цуьнан хІун пайда бу, хІинцца кхузахь ца хилча? Динабургски полкан йиъ батальон Владикавказе кхаьчна, хІор а батальонехь цхьацца эзар цхьамза а болуш. Уьш схьакхачале, масех де дер ду. ГІалгІазкхийн станицашкахь масех сотня вовшахтоьхна, боху. Амма пайда бац, тахана схьа ца хилча.

Гумсан тогІехь сецна салтийн отряд, меттахйаьлла, гаттийчу некъашца беха могІа беш, йахйелча, агІонашца тІелата ойла йолуш, делкъенга бевлира гІовттамхой.

Ломан когашка оьзна хІиттийна Къайсаран бІаьхой, лакха тІера хаам ма-хиллинехь, говрашка а хевшина, чухахкабала кийчча лаьттара. Амма отряд, кхийссарш цкъачунна сецначуьра йукъ-йукъа цІерш а летийна, йайш дохуш, паргІат Іара. Къайсаран бІаьхоша а йира делкъе. Таьлсаш чуьра схьайаьхна йакъайелла сискалш а, кІуон хохаш а биъна, тІе шийла шовда а мелла, йуха а, генна лаха чу бІаьргаш а

боьгIна, севцира.

– Вай стенна лаьтта кхузахь? – хаьттира, гоьла тIе ког баькkхина, цергаш йуккъе сиргIат Iуьттуш, тевжина Iачу Iумара.

– Имаман омре ладоьгIуш, – дегаза жоп делира Къайсара.

– Иза-м Iаш ву, – дехьара схьа вистхилира говрана хIоъ баош воллу Янаркъа, – хIокху салтийн бIаьра а вогIавелла. Церан хIун хазделла-те цунна?

– Цунна дика хаьа дан дезарг, – дIа а ца хьожуш, шого жоп делира Къайсара.

Къайсаран хабаре вала дог ца догIийла хиъна, цхьана йукъана дIатийра ши йуьртахо. Амма, вист ца хуьлуш Iийча, Iумаран коьрте гIайгIане ойланаш хьийзара. Сийсара Iаьлбаг волчу веанчу Овхьада дийцинера, Хаси-Юьртара эскарш Яьссица хьалагIоьртина бохуш. Ойла йора шайн доьзалан а, йуьртан а.

– Вай виъ Акхтица дIаваханехь, дика хир дара, – элира цо гIийлла.

Амма Къайсар вист ца хуьлура. Цунна хаьара Iумара и хIунда боху.

– Гати-Юрт йагор ма йу салташа…, – гIийла элира Iумара.

ТIевеана, доккха са а даькkхина, охьахиира Янаркъа а.

– Вайн доьзалш хьан ларбийр бу?.. – шениг дуьйцура Iумара.

Охьачухьоьжу Къайсар кIантана тIевирзира.

– Хьо цIахь хIунда ца Iара, Iумар? Ас ца элира хьоьга, хьо жима ву, цIахь Iе?

– Даим и тIехдетта-кх ахь, Къайсар, – дегабаам бина, дIавирзира Iумар.

– Шек дIа ма валахьа, Iумар, – кIантана чоже муьшка йира Янаркъас. – Акхта а, Болат а, Элса а ма ву цигахь. Берриг вайн гатийуьртахой а цхьаьна.

– КIезиг ницкъ бу.

– Вай цIахь хилча, тIекхетар барий?

– Делахь а, йурт йохош, цIахь хила лаьар-кха. Селхана йина эрчо гина суна. Йаккхийчу тоьпийн хIоъназа лелхийтина, дIасакхийсина меженаш. Шурула-кIайн даьIахкаш, цIен жижигаш. ЦIергахь даьгна бераш, къена нах, зударий а. Цхьана мIаьргонна дог маллора сан. Догучу цхьана цIа чохь мохь хьоькхуш бер дара. КIелхьардаккха ца кхиира со… Изза хир ду-те вайн йуьртах а?

– Хьанна хаьа хиндерг, – куьг чIенига кIел гIортийна, дIатевжира Янаркъа. – Йа вир лер, йа виран да лер аьлла-кх Молла-Несарта а. Цхьаъ хир ду, ойланаш йеш, хьайна бала ма бе.

Амма Iумаре ца лахкалора коьртера ойланаш.

– Дадин кехат деаний-те? – шен гIайгIа йалхайора цо. – Цунах хилларг а хаац. Нагахь Сибрех вахийтахь, иза волчу мукъане а нислахьара со а…

– Ой, Iумар, хьо-м велла дIаволуш ма лаьтта! Стенна оьшу Сибрех ваха? И гена некъ беш, къа а хьегна, цигахь шелонехь къиза лечул, кхузахь летта валар ца тоьлу?

– Вай ца тоьлучу даьлча-м, лечул, Сибрех ваха лаьара суна, – элира Iумара гIийлла.

– ХIунда?

– Тхан да а, ваши а волчу…

– Мисканиг-йаI! И Сибре мел йоккха йу, хаьий хьуна? Шарахь дIаэхарх, йист ца

гуш. Хьаннаш, хиш, ишалш, лаьмнаш. ГІорийна латта цкъа а ца дасталуш, шело. Оцу пана махкахь баржийначу вайнахана тІенислур ву бохург хьехочохь а дац… – ТІаккха Михаилна тІевирзира Янаркъа. – Дера тоьллера хьуна а, Мишка, хьайна, цхьа лекъ санна йолу, матушка а йалийна, иза а хьоьстуш, цІахь Іийнехь!

– ХІун боху-техьа ахь, Янек, баха мукъане а?

Янаркъас, нохчийн а, оьрсийн а мотт иэбина, кхетийра доттагІ.

– Хьан баба жоьра ца йуьсуш дерзахьара хІара! – велавелира Михаил.

– Иза-м эрна йуьсур йацара, Мишка. Тхан эвлахь Іовдал ТІурло ву, кІантстаг лаьтташ. Милк санна, ворта а йолуш. Цуьнан ирс ду, со лахь. Амма, хьо дийна висахь, ас хьуна йуьту сайн баба. Уггар хьалха доттагІчунна хьакъ йу иза.

– Хьан-м дог а догІу забарш йан, Янек…

Цаьршиннан забарш йукъахйехира цІеххьана хьалаиккхинчу Къайсара.

– Же, Іумар! Эскар схьадоладелла! Же, Іаьлбаг волчу!

Лакха тІера гІо тІекхоччушехь, шен бІо дойшка а баькккхина, мостагІий гергакхачаре ладоьгІуш сецира Къайсар. Некъашщий, хьаннашщий баьржина богІура уьш. Амма, кхузара дІахьаьжча, новкъа богІурш бен ца гора. БІаьргана къаьстачу кхаьчча, духарх бевзира Къайсарна ламанхой. Шайн гІуллакхна кхаш тІе баха арабевлча санна, ги тоьпаш тийсина, партал иллеш долийра цара суьйлийн маттахь.

ГІовттамхошна «милици» йу моттийта хьалхабаьхна тезакхаьллахойн лома тІе балош йийсаре лецна суьйлийн гІовттамхой бара уьш. ХІара гІовттамхой санна, ширачу герзаца кечбинера уьш. Шиний агІор герзийн ницкъаш цхьанийсса хиларна, гІовттамхой, уьш тІекхачаре хьуьйсуш, майрра Іара. Амма гІовттамхошна ца хаьара оцу «милицина» йукъатоьхна, духарца уьш санна кечбина гІашбаьхна гІалгІазкхий а хилар. Гуттар а гІовттамхой тешийта, шайн халкъан иллеш алар тІе а диллинера йийсархошна. Царна тІаьхьайолайелира гІашлойн батальонаш а, йаккхий тоьпаш а.

– Хьий, жІаьлеш, йаІ, иллешца богІий-ца! – мохь туьйхира Янаркъас.

– Дела мала аш кхоста!

– Шайн куьйгаш дуийла аш, заддаш!

Кестта йоккхачу отрядца схьакхечира Іаьлбаг а.

Йаххьаш къаьсташ «милцой» гергакхаьчча, Іаьлбаган омрица, маьхьарий а детташ, чухьаьлхира гІовттамхой. Хьалха богІучеран кортошна тІехула хІокхара айъина тарраш охьадаха а кхиале, шиний агІор варшашкахь дІасабаьржира «милцой». Оцу минотехь лергаш къардеш йевллачу йаккхийчу тоьпаша къахкийна Янаркъин говр, йуха а хьаьвзина, урхе ла ца дугІуш, дІатаьІира. ХьаьжкІийн буьртигаш санна, гобаькккхина охьаоьгура чаччамаш. Шен цхьа пхьарс лехаш санна хийтира Янаркъина, амма цуьнга хьажа хан йацара. Къайсара цхьаъ-м бохуш хьоькху мохь халла хезара герзийн къекъарехь. Хала Делан балица Къайсара низаме балийна бІо йуха а хьалхатаьІира. Аьрру агІор чухаьхкира Іаьлбага а. Ший а бІо «милцошца» чуччабаханчу хенахь, гІалгІазкхий хьалха а буьйлуьйтуш, ламанхой кІез-кІезиг йухабевлча, тІаккха гучубевлира салтий. Цара цхьанаметта маситтаза тоьпаш туьйхира. Янаркъина гира шен накъостех масех охьавужуш. ХІинца агІонца тІелетира баккъалла а йолу милици а. Іаьлбаг а таІийнера дехьа лекхачу берда кІел. ХІинца йаккхий тоьпаш цига йерзийнера. Йухабуьйлуш, тІаккха, цхьаьна а кхетий, хьалхатеІачу гІовттамхоша цкъацкъа халачу хьоле а хІоттавора дуьхьалонча.

Дуьхьал позици лаьцначу отрядехь дика хьал доцийла хиъначу Смекаловс цунна

гIоьнна хьажийра подполковник эла Шервашидзе коьртехь апшеронцийн рота а, подполковник Фейзулла коьртехь дегIастанхойн дошлойн милици а.

Йанаркъас шиний агIор тур лестадора. ХIинццалц лиэтарх, шиъ вара цо вийнарг. Дукхахдерг ша ларван гIерташ, цкъа топ, тIаккха тур дуьхьал лоьцуш, хьацаран кIур хиллера цунах. Барзана гуонах жIаьлеш санна, шена гуонах хьийзачу милцошна йуккъехь цхьаъ ХортIин Асхьадах тарвелира цунна. Амма тIегIертачу ламанхоша ца витира дика хьажа, жимма Iийча, кхин цхьаъ Инарлех тера а хийтира. Уьш салташна йуккъе нисбаларх-м цецволийла а дацара цуьнан, амма уьш кхузахь хиларо цецваькхинера. МераIуьргаш йекош, тIаьхьарчу когаш тIе а хуьйшуш, йухагIертара Янаркъин говр. Цуьнан лога тIехь, цIен серий хилла, Iийдалора довха цIий. Хьалхарчу аьрру когана астагI лелхара иза. Шен дегIачул, говран ойла йора Янаркъас. Цуьнан цхьаъ бен йоцу цхьа говр ма йара иза.

Цул сов, нохчийн вархIий дайшкара схьадогIуш гIиллакх а дара, тIамехь мостагIчун а говраш ларйеш, ткъа хIокху салташний, ламанхошний биэн йац хIуъу а, шайн синош кIелхьардевлчхьана. Нохчийн и гIиллакх хуучу салташа, шаьш гатте хьовзийча, гIаш бовлий, говрашна тIехьа а хIуьттий, тоьпаш йеттара. Хаьара, говрашна кхетарна кхоьруш, нохчаша шайна тухур йоцийла.

Деа сахьтехь дуьхьало йина, гIовттамхой, шайн байъинарш, чевнаш хилларш говраш тIе а бетташ, кIоргачу боьрахула ДаьргIахьа йухабевлира. И агIо мостагI воцуш маьрша йара царна. Амма хIорш шайн махка тIе бевлча, даьргIахоша царна сацамболлуш дуьхьало йира.

ДаьргIахойн дуьхьало а хадийна, чекхвала аьтто болушшехь, стенна делахь а, бIо йухаберзийра Iаьлбага. Схьахетарехь, даим санна, нохчашна йуккъехь цIий Iанорах къехкара иза. Дог ца дуьллура иштта йарташ кхана-лама шена тIейоьрзург хиларх. Амма хIара ДаьргIа а, БелгIата а йуьххьехь дуьйна, туьран дитт хилла, дуьхьалйевллера гIовттамхошна. Iаьлбага царах къинхетам хIунда бо а ца хаьара Янаркъина.

ЦIеххьана йухабирзина гIовттамхойн бIо, Iаьлбаг хьалха а волуш мостагIчун позицина йукъа кхоссабелира. ХIара хир ду аьлла дагахь доцу Смекалов цхьана минотана вуьйхира. Эххар а цо приказ делира, царна тIе йаккхий тоьпаш тоха аьлла.

Къора санна, тIеIенара чаччамаш. Йукъ-йукъа лелхачу гранаташа сийна цIе латайора хьалхий, тIаьхьий. Янаркъина а гуш, масех дошло вожийра шайн говрашца цхьаьна. Цунна хьалха воьду Къайсар а вацара мукъа. Шиний агIор раз вуьйлуш тур детташ, ков доккхуш, хьалха гIертара иза. ТIехьа хьажавеллачу Янаркъина гира шен говрахь йуьхьарвахна Iумар а, цхьана куьйга цуьнан говран урх ийзош, вукху куьйга тур детташ, шена тIаьхьагIерта Михаил а. Гуонна йукъара вала гергавахана Янаркъа доттагI кIелхьарваккха йухахьаьдира…

МостагIчун могIанаш хедош, чекхбаьлла бIо дуьхьал хьуьн чохь къайлабаьлча, говран болар лагIдира Iаьлбага. Цунна тIерачу боьмашчу машин чоин ший а тIам цаца санна бинера хIоьънаша. ЦIийн хьоькхнаш йара беснеш тIехь. Йуьхь кIадйелла гора. Беккъа цхьа Iаьржа бIаьргаш богура шек а боцуш.

– Сулиманах а, Солтмурдах а дIа муха кхетар дара-те вай? – хаьттира цо, тIаьхьакхиъна, марсайаьлла говр сецо гIертачу Коьрега.

Тейеш, говран логах шозза-кхузза куьг тоьхна, схьавирзира Коьра. ХIокху деношкахь йолчу тIе а азйелла цуьнан йуьхь йахйелча санна хетара. ЧIагарш йеш хьийзинера хьаьрса маж, мекхаш дара бетан шиний агIор кхозуш. Коьра дIасахьаьжира.

– Хьуна хIун хилла? – кхеравелира Iаьлбаг, доттагIчун куьйгах цIий Iийдалуш а гина.

– Пайдабоццу чов йу. Къайсар, хIара дIахьарчо хIума йуй хьоьгахь?

Оццу минотехь тIекхечира Iумар валош вогIу Михаил а, Янаркъа а. Макхвелла, докъан баса вахана кIант гича, кхерабелла хIорш, Коьра а вицвина, цунна тIегулбелира. Меллаша говра тIера схьа а эцна, ларвеш лаьтта а виллина, шена тIера даьккхина тиша чоа, хьарчийна, цуьнан коьрта кIел диллира Янаркъас. ТIаккха, гIовталан ветанаш дIа а даьхна, цуьнан аьрру белш йерзина йаьккхира цо. Белшах жима Iуьрг доккхуш, гуо чахчийна, тIехьара чкъор датIош, чекхйаьллера дIаьндарг. Макхвеллехь а, садеттара Iумара. Цкъацкъа йуьхь чIачкъайора, цергаш ваьштатаIайой.

– Дукха лозий? – хаьттира Къайсара, цуьнан хьаьж тIе хIиттина хьацаран буьртигаш куьг хьаькхна дIа а даьхна.

– ХIан-хIа, – корта а ластийна, велакъежира кIант.

Ведда вахана Iин чу воьссина, Михаил веара цхьанхьа-м карийначу чIуьжалга чохь хий, масех динберггий йохьуш.

– Сатохалахь, – аьлла, пIелгашца белш теллира Къайсара. – ДаьIахк дийна йу. КIедачухула баьлла хIоъ.

ТIаккха, чов а йилина, тIе динбергаш йохкуш, белш дIайихкира цо.

– Янаркъа, хьо, кIант эций, меллаша цIа гIо. Нагахь новкъахь вуон хилахь, Iаьларахь саца ший а. Хезин хьуна? Ткъа ахь сатоха, Iумар, – кIентан коьртах куьг хьаькхира Къайсара. – Масех дийнахь йоьрзур йолуш чов йу хилларг.

– Мишка вига мегий ас сайца? – дийхира Янаркъас.

– Дукха дика хир ду.

Хьуьна чохь баьржина шен жима бIо тIе а гулбина, Iаьлбаг Бенахьа новкъа вала кхиале, Кхеташ-Коьртехь тIом кхехка белира.

– ХIун хуьлуш ду-те цигахь? – дIахьаьжира Iаьлбаг. – Шайна дукха зиэн ца деш, йуха мукъане а бовлахьара. Къайсар, цхьаъ вахийтахьа цига, Бенахьа йухадовла алий.

…Iаьлбагца дерг чекхдаьлча, Накашидзен отряд Кхеташ-Коьртехь чIагIвеллачу Солтамурдний, Сулиманний, Раджаб-Iелиний тIейерзийра Смекаловс. Дуьххьара апшеронцаша йина штурм йухатуьйхира хьалха лаьттачу салатавхоша. Амма Раджаб-Iелина шен кхиам хилла моьттучу хенахь, царна дагахь доцчу агIор «вурро» хезира. Уьш гIалгIайн лаамхой бара, гIашбевлла, аьрру флангехула тIелетта. Шиний агIор тIелетачу мостагIчо а, тIехула тIейеттачу йаккхийчу тоьпаша а гатбина гIовттамхой аьтту флангехьа йухабовла гIоьртира. Амма цигахь а уьш тIеIиттабелира Смекаловс тIаьхьа тIейаийтинчу куринцийн батальонна.

Шайн кIезиг ницкъ кхаа декъе а бекъна, декъий а, чевнаш хилларш а кIелхьарбаххалц, цхьана сохьтехь дуьхьало а йина, Яьсси чу йухабевлира гIовттамхой.

2

Смекалов резавара шен гIуллакхан доладаларна. Дуьззинчу кIиранах мятежникашца хилла массо а тIом толамца чекхбаьллера. ХIара кIира ша башха ма дара. Хьалха йохийнарш мятежникийн къаьст-къаьстина кегийра гIеранаш хиллехь, хIокху тIамехь цо бохийнера шайн берриг ницкъашца шена дуьхьалбевлла мятежникийн коьрта куьйгалхой – Iаьлбаг, Раджаб-Iела, Солтмурд, Сулиман, ТангIай, Къосам. ХIинца Смекаловс, ирсе воьлуш, тIеоьцура отрядийн начальникаш а, тIамехь хьуьнарш гайтина эпсарш а.

– Хьан сийлалла, Александр Давидович! Къонахалла гайти хьан ламанхоша. Ткъа

ахь, эла Шервашидзе, вайн артиллерига дика а, говза а болх байтира. Баркалла шуна! Семен Иванович, хьан разведко а доккха гIо дина вайн толамна. Поручик Эриванцев, ас декъалво хьо хьайн майрачу гIалгIашца! Массара а дина дика гIуллакх. Ас тахханехь хаам бийр бу Александр Павловиче. Вай иштта гIуллакх дахь, цхьа кIира далале лар йойъур йу мятежан. Баркалла шуна!

– Хьан локхаллин хьекъале куьйгалла ду толам баькккхинарг, – инарлина хастамбора командираша. – Ахь дуьгу тхо хьалха.

– Ма дийцалаш! – там хилла, корта хьийзабора Алексей Михайловича. – Шу ца хилча, ас дан хIумма а дац. Баркалла шуна! Поручик Эриванцев, хьан сотнехь дараш дукха хиллий?

– Йалх вийна, цхьайттана чевнаш хилла, хьан локхалла. Чов хилла цхьаъ, минотана а тешам боцуш, чIогIа ву.

Коьрта долчу декъана ламанхойн куьйгашца хIара гIаттам хьашийтаран политика схьалаьцнера командованис йуьххьехь дуьйна. Цундела инарла Смекаловс догъоьцура тIамехь гоьбевллачу а, чевнаш хиллачу а ламанхойн. Поручикца цхьаьна гIалгIайн сотня йолчу вахара иза. Лагерехь цхьана маьIIехь туп тоьхна Iен уьш кхоьлина карийра цунна. Ул-улло охьа а дехкина, тIе вертанаш тийсина Iуьллура йалх дакъа. ЧIогIа чевнаш йоцу итт дархо, инарла тIевеача, хьалагIеттира.

– Ховший Iе, – куьг ластийра Смекаловс. – СадаIа.

Дехьо Iуьллучу чIогIачу дархочунна уллохь, сих-сиха цунна хи а луш, хиъна Iара масех стаг. Царах цхьаннан карахь Iуьллура чов хиллачун базбелла корта.

– ЧIогIа ву иза? – хаьттира инарлас, шена тIехьа лаьттачу барсукъойн старшине прапорщике Сампиевга.

– ЧIогIа ву, хьан локхалла. Тховса лийр ву иза. Корта лаьцна Iийриг ваша ву цуьнан. ЦIахь къена нана йу цаьршинга хьоьжуш.

Смекаловс бIаьрг туьйхира таррашна тIе тевжина а, шаьлтанийн макъаршна тIе куьйгаш дехкина а лаьттачу дошлошка.

– Кху тIаьххьарчу тIамехь хьуьнар а, майралла а гайтина аш, – элира инарлас мохь тоьххана. – Майра джигиташ ду шу! ТIамехь гоьбевллачарна мидалш лур йу. Ткъа ахь, поручик, хIор а дошлочунна кхоккха сом, чевнаш хиллачарна туьманаш ахча далар вовшахтоха. Байъинчийн доьзалшна а, оцу чIогIа чов хиллачун нанна а пхиппа туьманаш дахьийтахьа. Аш дина гIуллакх а, Iанийна цIий а эрна дуьтур дац командованис. Баркалла шуна!

Толам базбеш, отрядна де-буьйса мукъа делира Смекаловс. ХIор а салтичунна шишша порци къаьркъа а далийтира. Ткъа даа жижиг-м шортта ма дара. Йохийначу йарташкара контрибуцина далийна даьхний аренгарчу гIаьпнашка а, Грозный а хьовсош, оьшучул тIех отрядехь а дуьтура. Кхачанийн сурсатийн а йацара къоьлла. ДIа мел лаьцначу йуьртахь, иза йагайале хьалха, хIор а керта цIена нуй хьоькхура. Дакъийначу дуьмех, жижигех, йийбарех йуьзна лелха йохкура салтийн рюкзакаш а, милцойн тIоьрмигаш а. ТIом чекхбаьлча, даим а дийнна базар хIуттура хIонс йухкуш, хуьйцуш а. Оцу базаршкахь дакъалоцура лахарчу эпсарша а. Шайна тешаме болчу салташкахула. Амма баккъал а йохка-эцар йолалора отряд гIопе йухайирзича. Талийна хIонс дIайухкура бахархошна а, спекулянташна а.

ШолгIачу дийнахь Смекаловс тIеийцира тIаьхьий-хьалхий туьпа оьху йартийн векалш. Уггар хьалха баьхкира даьргIахойн, белгIатойн а тхьамданаш. Даим санна, майрра. СовгIаташка йа инарлин баркалле догдохуш. Баьхкинчу цIонтаройн тхьамданаша дуй биира Iедална муьтIахьаллина. Тезакхаьллой, ножахой а гучу ца бовлура. Къинхетам беха баьхкира курчалой а. Амма цара сацамболлуш дуьхьало йира амалтана нах бала.

– Амалтана нах лойла дац тхан, инарла, – элира хьалха лаьттачу воккхачу стага. –

Ахь доьху даьхний а дац тхан, инарла. Тхоьгара гІело а, къоьлла а йу адам Іедална дуьхьал гІаттийнарг.

Смекаловс шена тІекхайкхира отрядийн начальникаш.

– Господин полковник, – элира цо Накашидзега, – салтий, ламанхойн сотняш йахийта Теза-Кхаьлла. Ши рота а, милицин дружина а Куьрчала хьажайе. Ткъа хьо апшеронцийн батальон, артиллерин взвод, гІалгІазкхийн цхьаъ, дегІастанхойн дошлойн милицин кхоъ сотня эций, Ноже гІо. Дерриг даьхний схьалахкий, йартех а, йалтех а чим бе.

Дукха хан йалале капитанан Битнерскийн колонна кхечира, Эрсанца дерг тІаьххьара чекх а даьккхина.

Керла отряд схьакхаьчча, йерриг лагерь меттахъхьайра. МаьІ-маьІІера хезара бехначу салтийн маьхьарий. Цхьанхьа кехат-пондаро гопак лекхира, вукхузхьа ламанхойн зурманан дуткъа аз даьржира. ТІараш детташ, шакарш йетташ, хелхаран бал болийра салташа а, ламанхоша а. Гуттар хьаьсарта баханчара, хьала а лоьцуш, герзаш кхуьйсура.

Цецбевлла, цаьрга ла а дегІна, кортош хьовзийна, малхбузан ламазашна хІиттира курчалой.

Мацделла, гІелделла чоьжаш чу а кхетта, тІехьара настарш кочачу кхох йуьзна, дажа лаьтта кховда а ницкъ боцуш, кортош охкийна гІийла йуьстахлаьттара Эрсанара лаьхкина далийна даьхний а.

3

Отряд гІовттамхойн лорах новкъа йалале, кхаъ беара Смекаловна. Цунна гІоьнна йоуьйтуш йара хІетта Нохчийчу кхаьчна Динабургски полк а, резервехь лаьтта Навагински полкан йиъ батальон а, артиллерин батарея а, гІалгІазкхийн а, хІирийн а дошлойн сотняш а.

Хаси-Юьртарчу отрядо Яьссиций, Ямсуций хьала операци йолийнера. Цигара йарташ а йохош, хьалавогІу полковник Батьянов Бенахь цхьаьнакхета везара Смекаловн отрядца.

Мундир а, эткаш а дІа а йаьхна, садаІа походни маьнги тІе дІатевжира Смекалов. ГІоьнна бІаьхаллин дакъош догІуш-м дика дара. Амма командующина ма-моьтту аттачех дац кхузара хьелаш. Батьянов шозза гІоьртина Нохчмахка вола. Шоззе а иза йухаваьккхира Тозуркъас гІовттийначу Яьссиций, Ямсуций йолчу йарташа…

Смекаловна халла озийна наб йайъира арахь йевллачу гІовгІанаша.

– Мича гІерта хьо? Цуьнан локхалла садаІа охьавижина ца боху хьоьга?

Чувеанчу адъютанто хаам бира, Іаьндойн наиб поручик Гирей, ша чІогІа гІуллакх долуш веана бохуш, чугІерта аьлла.

– Схьачуваийта.

Маьнги йисте охьа а хиъна, эткаш кога а йуьйхина, пхьаьрсаш дІаса а тесна, дегІ озийра Смекаловс. ТІаккха, гІентан гІовланах кхозу мундир белша тІе а тесна, хьалагІеттира иза.

Букара таьІна, четаран лохачу неІарх чувелира доцца лоргуш тодина хьаьрса маж-мекх долуш лекхачу дегІара шовзткъа шо хенара Іаьндо.

– ХІун оьшу хьуна? – хаьттира Смекаловс, хьаьжайукъ а хабийна.

– Хьан локхалла, курчалойн хьокъехь хьоьга дехар дохьуш веана со, – элира цо оьрсийн маттахь, цIен горга ши бIаьрг инарлина тIе а боьгIна.

– Схьадийцал.

Алексей Михайловича, охьа а хиъна, цигаьрка бага йоьллира.

– Хьан локхаллин приказца, хьакъ а долуш, Курчала йохо отряд йахана. Церан тхьамданаша йукъарлонна ваийтина со.

– ХIинца а бохийна бац аш и разбойникийн бен?

– ХIан-хIа, хьан локхалла. Цара де-буьйса хан йоьху ойла йан.

– Мичахь ву полковник Накашидзе?

– Цигахь ву иза, хьан локхалла. Куьрчалахь дуккха а гергара нах бу сан. Йурт ма йохайахьара аьлла, цара дехаре ваийтина со.

Алексей Михайловична хезнера хIокху Гирейн Курчалахь, Басса тIехь а даккхий гергарлонаш ду, Нохчмахкахь хIара лоруш стаг а ву бохуш. Тахана отряде хIоьттина хьал шеконехь хетачу Смекаловс сацамбира поручиках пайдаэца.

– Йуьртах чим бай, цигара амалтана ткъа стаг а, отрядна даьхний а далош, сарале йухадерза ала полковнике.

Поручик цхьана кога тIера вукхунна тIе вазвелира.

– Пурба лохьа, хьан локхалла, дехар дан. Йурт йохо а, амалтана нах баха а кхуьур ду вай. Ас кхана, халкъ а гулдина, бертайалор йу Куьрчала. Хьан лехамаш тIе ца эцахь, хиндерг а хоуьйтур ду. Доцца аьлча, со тешна ву хьан лаам цара кхочушбийриг хиларх.

Жимма оьгIазвахна кеп а йина, вуовелира инарла.

– Дика ду, поручик. Кхана делккъалц хан йу хьуна. Нагахь курчалоша амалтана ткъа стаг а, ах бIе сту а, кхо бIе уьстагI а лахь, ас къинхетам бийр бу царах. Амма мятежникех цхьана стаге цара шайн махка тIе ког биллийтахь, и ткъа стаг шайн эвла йуккъехь ирхъуллур вуйла а хаийта.

ШолгIа де а мукъа дацара Смекаловн. ТIаьхьий-хьалхий лагере таттабелира къарйинчу йартийн векалш. ЦIонтароша кхузткъа стуй, амалтана ткъе кхоъ стаггий валийра. ГIордалоша – ткъа стаг а, шовзткъе итт сту а, ши бIе уьстагI а. Курчалоша – исс стаг а, ткъе итт сту а.

Инарла шайна тIеваре хьуьйсуш, четаршна йуккъехь йитинчу майданахь лаьттара йартийн векалш. Хьалха – векалш, царна тIехьа – амалтана балийна нах. Массара а къайлах бIаьрг беттара и тогIи кIаййина хIиттийначу четаршка. ХIор а четарна хьалха, дуьхь-дуьхьал йуьхьигаш гIортош, ирахь лаьттара буьххьехь цхьамзанаш долу тоьпаш. Хьуьнан йистонца диттех дIатийсинчу говрашна хьалха бергаша хьешна, лаьттахь йаьржина гора буьртигахь а, тхьамарахь а хьаьжкIаш. ХIоъ ца кхоъош лора говрашна. Цуьнан къоьлла йацара кхузахь.

Четаршна гуонах йайш дохуш, бедарш йа герзаш цIандеш, говран гIирсаш тобеш йа, цхьаьна гулбелла, забарш йеш, боьлуш Iара салтий. Лаха Iин чохь бедарш йуьттуш а, луьйчуш а бохкура кхиберш. Стаммийчу гатанашца къевлина лаьттара масех йоккха топ.

Хезара векалша йукъ-кара лохха ден къамелаш.

– Сихха арайалахьара и нал!

– Делкъан ламазаш а дохку туьлуш.

Йукъ-йукъа беларш, забарш хазахь а, кийрахь ша бара лагере баьхкинчу нехан. Уьш ловзарга ма ца кхайкхинера. Иштта амалтана балийна нах Сибрех хьовсош, ирхъухкуш а меттигаш дукха нислора. Ткъа амалтана нах а бохура цхьана хьесапца. Йуьртан хIор а итт цIийнах цхьацца. ХIинца суьлхьанаш карахь вовшашка лохха къамел а деш, тIехьаьжча, шекбоцуш хетара и лаьтта баккхий нах. Вовшашка забарш а кхуьйсу, сирачу мекхаш кIел биэла а къежа. ГондIа лаьттачу ницкъах цец а ца буьйлу. Амма дегнаш ду церан, жIормакаш хилла, хебна. Цара амалтана балийнарш церан шайн вежарий, кIентий, вежарийн бераш ма ду.

Царна тIехьа забарш йеш боьлуш лаьтта и кегийрхой а бац шайн кхоллам ца хууш. ДуьххьалдIа царна а, вукхарна а лаац шайн дагара хаийта. МостагIий ца кхардо, майрра церан бIаьра а богIабелла, лаьтта уьш.

Эххар а четарара араваьлла инарла, кIайн дуькъа цIоцкъамаш а хабийна, нахе хьаьжира. Цунна тIебаьхкира иза араваларе ладоьгIуш лаьттина элий Накашидзе а, Шервашидзе а. Цхьацца гIулч йоккхуш веана, меллаша тIехьа дIахIоьттира Ойшин Чомакх а, Мовсаран Элби а.

Шервашидзес доцца рапорт делира кхуза баьхкинчех лаьцна.

– ЦIонтароша даьхний кIезиг хIунда далийна? – хаьттира Смекаловс, нахана йукъа буьрса бIаьрг а тоьхна.

– Тоьур ду цаьргара, Алексей Михайлович. ХIара кхо де церан хоржах токху отрядо. Лаххара а, кхаа эзар соьмана зиэн дина вай царна.

– Ас курчалошка ткъа стаг вехнера амалтана, исс бен хIунда ца валийна?

– Куьрчалахь безткъе итт доьзал бен бац.

– Дишной баьхкиний?

– Баьхкина, хьан локхалла. ДIо йуьстах лаьтта уьш.

– СхьатIегулбел нах.

Хьаьлхина баханчу Чомакха, Элбис, Iаьндоша Гирейс, Iисас а инарлина тIекхайкхина нах, меллаша ког боккхуш, сих ца луш баьхкина, ахгуо беш, инарлина а, эпсаршна а хьалхахIиттира. Йукъ-йукъа йовхарш тоьхна, цхьаберш лаьтта богIабелла, бисинарш Смекаловга а хьаьвсина, дIатийра уьш. Инарлас шен буьрсачу хьажарца мерцира церан тоба. ТIаккха, шогачу мекхех куьг а хьаькхна, стаммий балдаш цхьана агIор озош, халла хаалуш кIоршаме вела а озийна, лохха къамел долийра цо.

– Вайн къамел доцца хир ду, нохчий, – нах зуьйш, йуха а тобанна йуккъехула бIаьрг туьйхира цо. – Шайга амалтана бехна нах а, гIуданна даьхний а далош схьадаьхкина шу. Амма оцу тIехь чекх ца долу шуна догIу таIзар. Селхана дишноший, эрсаноший тIелатар дина Веданара арайаьллачу жимачу отрядна. Масех салти а вийна, областан начальнико соьга доуьйтуш долу кехат а даьхьна. ЦIонтароша селхана суна дош делла, шаьш муьтIахь хилла совцу аьлла. Ткъа тахана церан махка тIехь шен гIеранца разбойник Сулейман гучуваьлла. Иза ду шун муьтIахьалла? Иштта лардо аш шайн дош? Суна моьттура, нохчочун дош хIокху тIулган лаьмнел а чIогIа ду. Шун дош а, базарахь мохь хьоькхучу зудчун дош а цхьаъ ду. Амма ас Iамор шу. Ницкъаца. Амалтана нах беллачу йарташка дIахоуьйту ас. Нагахь санна цхьа мятежник шун йартийн махка тIе валахь, йуьртара цхьа стаг мятежникна тIаьхьа гIахь, дарехь а, къайлах а цаьрца зIе хилахь, оцу йуьртан амалташ ирхъухкур бу. Нагахь санна Эртан-Коьртехь, Кхеташ-Коьртехь цхьа топ йолу-кх, курчалойн, тезакхаьллойн, эрсанойн амалташ ирхъухкур бу. Ткъа шуьца, дишной, кхечу агIор дуьйцур ду вай. Хьаннашкахь лечкъаш лела шайн нах йуьрта дIагулбе. Цигахь, овкъаршна тIе а хIиттийна, йийр йу вай шуна тIехь кхиэл. Иза ду шуна сан тIаьххьара дош.

Кортош охкийна ладоьгIуш лаьттачу нахана йуккъера масех гIулч тобанна хьалха а

ваьлла, цхьа воккха стаг Чомакхна тIевирзира:

– Чомакх, тхан цхьа дехар дIакхетадехьа инарле. Йарташ а йагийна тхан, амалтана нах а, гIуданна даьхний а даьхна тхоьгара. Тхан кхаш тIехь дагаза дисина йалташ, докъарш дита алахьа цуьнга.

Чомакха гочдира воккхачу стеган къамел.

– Аш сан лаам кхочушбахь, къинхетам бийр бу шух. Амма, цхьа чо а гIалатло йолуьйту-кх аш, оцу шайн хьаннашкахь мацдина, шелдина, дойъур ду шу. Амалташ дIабига гIайгIабе, полковник.

Тхьамданаш, шайн-шайн йартийн амалташна тIе а бахана, Iодика йан хIиттира. Цхьаберш мар-мара лелхара, вуьш, догъоьцу масех дош а олий, йуьстахбовлура.

Стигал, кIез-кIезиг кхулуш, Iаржйелира. Кхеташ-Коьрта тIехула йеана, чукхевдира догIанна йазйелла Iаьржа марха. Геннахь стигал къевкъира, мархаш этIош, ткъес иккхира. Татанца нилха даккхий тIадамаш ийгира кIедачу ченала а, диттийн гIаш тIе а.

Цхьа минот йаьлча, догIанан кIуьрлахь къайлайевлира гонахара раьгIнаш…

VIII корта. ДЕКЪАЗНИШ

Декъазниш! Хийрачу махкахь

Йайра шун дегайовхо…

М. Лермонтов. «Кавказан йийсархо»

1

Салтийн отряд йуьрта йуха ца йогIуш хьейелча, хьаннашкара цIа бирзина, овкъарш тIехь лаппагIнаш йуьйгIира наха. Кертахь божарий болчарна мелла а атта дара керла хIусамаш хIитто. Амма Айзин а, Къайсаран а доьзалш бисира йерзинчу стиглан кIел. ХIор а дийнахь, Iуьйранна са ма-тессинехь гIовттий, маьркIажан бода боллалц шаьш болх бора.

Масех де дIадахара баьгна тIекхетта ши тхов вовшахбоккхуш. Цкъа хьалха латта аратийсира. Ча а, гIодамийн чIегIагаш а ийначу лаьттах халла йоьдура бел. Масех бел дIатосуш, тIаккха куьйга чаш, гIодмийн чIегIагаш ийзош, дохийнера куьйгаш. Кегочу лаьттах кхагаран хьожа йогIура. КIормодаша йуьзнера Iусманан йуьхь. Некха тIехулий, букъа тIехьахулий хьацарца охьаихнера кIурз. Ши куьг ваьшта ца дуьллуш болх бора Айзас, Эсета, Дешис, Маккас. Ийзош, лаьттара схьадохура дагаза дисина дукъош, орцхаш. Дохийна кораш, неIарш вовшахтийсира Васалий, МIаьчигий. Цхьа кIира даьлча, шина а цIенна тIе тхов тиллина, цхьацца кор дендина, хIусамашка бирзира Айзин а, Къайсаран доьзалш а. Цхьадика, ЭсетгIеран цIа дохоза дисинера.

Дийнахь а, буса а Нохчмехкан лакхенга лерг диллина Iара уьш. Денна хезара цигахь йуьйлучу йаккхийчу тоьпийн дур. РегIаца дуьйлучу герзаша наггахь буьйсанан йуккъехь а аралоьлхуьйтура уьш. Бус-буса, хан йаьллачу хенахь гIоттий, арайолий, учарчу бIогIамах тевжий, лакхенга бIаьрг беттара Айзас. Урамехь цхьаъ вистхилча, говрийн тата даьлча, йагийча санна, араоькхура.

ХIокху тIаьххьарчу хенахь цIеххьана хийцавеллера Iусман а. Беран гIиллакхех хIумма а ца дисинера цуьнца. Азваларна дара а хаац, кIант вахвелча санна хетара Айзина. Йуьхь йахйеллера. Iаржйелла йогIура меракIело а. ХIинца цуьнан кочахь дара цIийнан дукъ а. Цу тIе, минотана а даг тIера ца болура вешех болу сингаттам а.

ХIокху деношкахь хIумма а самукъане боцу хаамаш кхочура Гати-Юьрта. Веданна уллохь а, ГIамар-Дукъахь а, Кхеташ-Коьртехь а Iаьлбаган хиллачу иэшамех йарташна зуламе тIаьхье хир йуйла хаьара нахана. ТIе, цхьана денна-буьйсанна цIа веанчу Асхьада а, Инарлас а дукха буьрса буьйцура цигахь хилла тIемаш. Цара дийцарехь, Iаьлбаган эскарера масех бIе стаг вийнера. Амма вийна а, чов хилла а стаг вацара Гати-Юьрта валош. Нийсса аьлча, цигахь Iаьлбагца висинарг масех гатийуьртахо вара, дукхахберш Акхтица кхузахь, Яьссин лакхенца, битинера цо.

Эххар а хилаза ца дисира Айзий, Iусманний кхийринарг. Стомара буьйсанна йуккъехь геннара дуьйна хеза дечган чкъургийн, семанийн цIийзар, тIаьхь-тIаьхьа гергакхочуш, церан кетIахь сецира. Хьалха Айза, цунна тIаьххье Iусман а, араиккхира и шиъ. КетIахь сецначу ворданна уллохь лаьттачу шина стагах цхьаъ Янаркъа вуйла хиъча, дегIе зуз хьаьдира Iусманна. Хаьара, и ворда шайн кетIа лаа ца йеанийла. Iумар йа Болат валош йеана. Болат хуьлийла а дац, иза Акхтица ву. Iумар ву-кх, кхин мила хир вара иза?!.. Герга мел кхочу, болар лагIдан гIертара Айза. Бохамна собаре хила йезара. Амма цуьнан ши бIаьрг бара ворданна чохь охьахаа гIертачу кIантана тIехь.

– Дика мел дерш догIийла, Айза, – элира Янаркъас, ма-хуьллу самукъане хила гIерташ.

Амма нанна хааделира цуьнан озан харцлер.

– Марша догIийла шу а. Хьоьца верг мила ву? Шу ма хан йоццчу хенахь лела, лаа дуй?

– ХIара-м Мишка вара. Лаа а ду тхо-м, – дIасахьаьжира Янаркъа. – Iумарна цхьа пайдабоццу чов хилла…

Ворданна тIе а вахана, йалкханна тIе ши куьг диллина, ворданан цIа чу хьаьжира Iусман. Бухайиллинчу кIедачу сийначу баца тIехь хиъна Iара Iумар. ХIетта кхеттачу беттасин серлонехь вешин кIайн йуьхь гича, бага йакъайелира Iусманан.

– Iуми! – дIа а кхевдина, вешин корта тIеозийра цо. – Iуми!..

Iумар велавала гIоьртира.

– Мохь хIунда хьоькху ахь? ДIахила, охьавуссу со.

– Вуон йуй чов?

– ХIумма а ца хилла.

Аьрру куьйга йалкха а лаьцна, хьалагIатта гIоьртина Iумар, ворданна чуьрчу баца тIехь когаш шершина, дIакхийтира. Лазарна йуьхь чIачкъийна, дIакхевдина, йалкханан гIаж лаьцна, меллаша гIеттина, йоьхна лаьттачу нанна тIе а вахана, могашчу пхьаьрсаца иза марайоьллира цо.

– Йоьхна хIунда хьийза хьо, нана? Суна-м хIумма а ца хиллий.

Айза, йист ца хуьлуш, кIентан некха тIе а таьIна, къурдаш дан йуьйлира.

– Ма йелха, – элира Iумара шабарца. – ХIумма а ца хилла суна. Жимо Iуьрг эккхийтина белшах. Ши-кхо де далале, дукълур ду.

Шегахь мел бала белахь а, кIантах дIа а къаьстина, хьешашна гуонах хьаьвзира Айза:

– Іусман, стерчий паргІатдаха… Янаркъа, шуьшиъ чувола.

– Тхойша тхоьга гІур ву, Айза.

– Шуьга дан а дац. ЖовхІаргІар цхьана тоьли чохь тІе-кІел бохку.

– ХІан-хІа, Айза. ЧугІо. Охашимма цхьаъ дер. Хьалххе гІовтта а деза. Іумарна са ма гатде. Цхьадика, даьІахк дийна йисина. Динбергаш атий, чевнна тІейахка. Йоьрзур йу. ХІан, шун Іодика йойла. ПаргІат хила.

Янаркъа а, Михаил а дІавахча, хІорш, чу а бахана, стогар латийна, охьахевшина а бовлале схьадеара Эсет а, Мохьмад а. Мотт биллина, Іумар охьа а вижийна, белха буьйлира зударий. Іумарна шенна билхина ца Іаш, массарна а.

Зударшна карладелира дІадахана шайн къаьхьа дахар, бералла а, дай-наной а, йиша-ваша а, Аьрзу а, Іела а, Маккхал а… ХІокху масех баттахь байъинарш а, шайн дохийна баннаш а. Дерриг карладелира. Корталийн тІемаш охьа а хецна, цІенкъа а богІабелла, боьлхура уьш. Дикка билхина, дегнаш а хьаийна, тІаккха Іумарна гуонах хьаьвзира:

– Дукха лозий? – цуьнан хьаьжа тІе барт баькккхира Эсета. – Хьан бос ма байна, чов луьра йу-те?

– ХІан-хІа, деца. Цкъа говро, тІаккха вордано вовшахвиттина. Жимма садаьІча, меттавогІур ву.

– Вай, деца йала хьан делаІ, ма вуон Іовжийна хьо оцу Дала дІаэцарша… Іусман, вадий гІой, Ахьмаде кхайкхал. Чов йуха ца йихкича йер йац.

– Ца оьшу, деца, – корта ластийра Іумара. – Кхана цхьаъ дер вай.

Ши бІаьрг хих а буьзна Іумарна улло хиъна Іийна Мохьмад а эцна, тІаьхьо дІайахара Эсет.

И буьйса набарза йаькккхира доьзало. Йуьхьанца хаза вистхуьлуш волу Іумар, набаран тар туьйсуш санна, кІез-кІезиг туьйш, дІатийра. Цунна наб озийна моьттуш, паргІатделира Айза а, Іусман а. Амма, жимма Іийча, тІамарш дІасатуьйсуш, цкъа «ахІ» дина, тІаккха кхетамха а ваьлла, лен вуьйлира иза. Хьала а гІеттина, йахана, кІентан хьаьжа тІе куьг диллира Айзас. Хьаж а, дегІ а, цІе летча санна, догура. Хьацаро дашийна лашкадаькккхинера коч-хеча. Шийлачу хица йашош, кІентан хьаьж тІе кІадинан асанаш йохкуш, дакъаделла лилхинчу балдашна хиш хьоькхуш, сахуьлунга бевлира уьш.

ШолгІачу дийнахь, лулара Акхболатан Ахьмад а кхайкхина, чов йухайехкийтича, суьйранна, дагар лахделла, наб йан вуьйлира Іумар.

И де-буьйса дІадахара Іумаран кийра рицкъанан цуьрг ца доьдуш, кхарзало кийра шелбан гІерташ, сихдина хи муьйлуш. Тахана кІеззиг хІума а кхаьллина, жимма чусадеара цунна.

2

Къаьсттина довха дара таханлера пІерасканан де. Масех де хьалха догІа дилхинехь а, кхарзаделлера латта. Чохь са доцуш санна, лацаделла, тийнера диттийн гІаш а. Ца хезара олхазарийн эшарш а. Геннахь цхьаннан бешахь баІарна буьххьехь мохь хьоькху ламлевсиг а, гІийла бека къоркхокха а ца хезча, дерриг олхазарш делла дІадевлла мотталора.

ХІинццалц Мохьмад хІокху урамехула дІасаволуш хьере чукхийсало жІаьлеш, кертийн, рагІойн диттийн а ІиндагІашкахь даьржина, парталдевлла дийшина

Іоххура. Берзина когаш морцура йовхачу чено. Ког мел меллаша биллича а, нитІа санна, шиний агІор тулгІеш йетташ, когийн пІелгаш йуккъехула хьалаІийдалора чан.

ЖІаьлеш ца летча, сагатделира Мохьмадан. Эрна мохь хилла, карахь йисира царна тоха новкъа йаькккхина гІаж. Ченах къаьхкина, нехан бошмашкахула дІаволавелира иза. Башха керташна тІехула вийла а ца дезара. Хьалха салтийн отряд йеача, цІеношш дагош, йерриш а йагийнера уьш.

ТІекхаьчча Іаж-хьормат а йоккхуш, шина-кхаа бешах чекхваьлла, йуьртан коьртачу ураме велира Мохьмад. Некъо голатухучохь цунна дуьхьалІоттавелира, гоьллец хечин когаш хьаладина, йайдакхчу говрахь вогІу ХортІин Іабди. Говран тІеда гай гича, Мохьмадна хиира иза, Яьсси чохь говр лийчийна, вогІийла.

ХІокху йуьртана хуьлучу берриг бохамашна ХортІа бехке хетара Мохьмадна. Муха ца хета, нахе текхамаш а цо бойту, Іедална маьхза балха а цо хьийсабо, кхуза салтий баьхкича, царна хьалхаволий а иза хуьлу. Цуьнан кІанта Асхьада гайтира салташна даго деза цІеношш а. ХІинца Мохьмад тешна вара шен ден ваша Іела а, Маккхал а ХортІас лацийтина хиларх. Кхечо дойла а ма йацара иза. Баккхийчех бекхам эца ницкъ бацара Мохьмадан, амма, тІе масазза кхечи, Іабдина хІума тухура цо. Иза гучуваьлчхьана ойла йора Мохьмада, цунна хІуьттаре муха йийр йара-те бохуш.

– Новкъахь чан ма йаха, ХортІин харданг! – мохь туьйхира цо, ша цунна тІекхочуш.

– Хьайн тІотІеш бехйаларна кхоьру хьо, мезийн тІуьйлиг? – цавешаш, бат разйаькккхира Іабдис.

– ХІун элира ахь?

– Мезийн тІуьйлиг!

– Хьан хила хьайн исс эзар дена неІалт, зуьдо дина зуд!

– Хьан хуьлийла хьайн итт эзар дена неІалт, хьанах даьлла ца хуу къотІалгІа дина къутІа!

Мохьмада, разваьлла ластийна, йерзинчу настарх гІаж туьйхира Іабдина.

– ДІаэца хьайна, айкхах йаьлла айкх!

ТІера охьа а кхевдина, Мохьмадан логах хьарчош, буткъа пхонан сара а тоьхна, говр дІаэккхийта гІоьртира Іабди. Амма Мохьмада, цхьа ког лаьцна, озийна чу а вожийна, йуккъе тІе а хиъна, буй уьйзира цунна. Мохьмада тІейетташ, Іабдис бухара хьалайетташ, ченан уьйриг хилла хІара шиъ керчаш, мичара вели ца хууш тІевеанчу ЧІонакъас, лерг лаьцна, озийна Іабдина тІера а ваькккхина, тІара тоьхна бІаьргех суйнаш тасийтира Мохьмадна.

ЧІонакъа тІекхаьчча майраваьлла Іабди, хьала а иккхина, йуьстахкхоссайелла гІаж схьа а эцна, тІехьаьдира. Мохьмадан бІаьрса йухадерзале, пхьаьрсах а, коьртах а шозза гІаж туьйхира цо. Амма меттавеанчу Мохьмада, хьовззийна цуьнан карара гІаж схьа а йаькккхина, ницкъ ма-ббу ластийна, пханаршна тІе тоьхна, бежанан санна, мохь балийтира цуьнан. Іабдел тола воьлча, хьоьжуш лаьттинчу ЧІонакъас тІара тоьхна Мохьмад ченахула дІа а карчийна, цхьанна ша гахь а аьлла, меллаша тоьттуш, цІехьа хьажийра Іабди.

Мохьмада, хьала а гІеттина, шена тІера чан охьа а йегийна, йуьхьах куьг хьаькхира. Куьйга тІехь цІий гича, хиира цунна шен йуьхь Іабдис мІараш тийсина йеринийла.

– Собарде ахь, зуд, со кхечахьа тІекхочур ву хьуна! – тІаьхьа мохь туьйхира цо Іабдина. – Ас йийр йу хьан болх!

– ДІадала, къутІа! – тІеволавелира ЧІонакъа, тІара тоха куьг а айбина.

ДIаиккхина Мохьмад, масех гIулч гена а ваьлла, болар лагIдина тIаьхьа а хьоьжуш, лен велира.

– ХортIин цIоганах мотт хьоькху зуд! – мохь туьйхира цо ша ЧIонакъа тIе ца кхоче ваьлча. – Собарде аш, салтийн лайш! Уьш дIабахийта аш, оха кIур бойъур бу шун!

ОьгIазвахана ЧIонакъа шена тIаьхьахьаьдча, кертах дехьа а иккхина, бешахь къайлавелира Мохьмад. Ши беш хадийна, цхьана жIаьлех а, йешапах терачу Ресехьатан сардамех а ведда, Iина чу а воьссина, йуьхь а, корта а дилина, шен доттагI Аьрсамирзин Эламирза волчу вахара иза.

УьйтIарчу туьрка кIел цхьа пхьола-м деш карийра цунна доттагI. Бий а ког хецна цIийнан маьIехь дижина Iуьллу Iаьржа жIаьла, Мохьмад керта вогIу хезча, дегаза цхьа бIаьрг биллина, Мохьмаде а хьаьжна, цкъа-шозза цIога лаьттах тоьхна, бIаьрг тIе а хьаббина, йуха а дIатийра.

Дечиган мукъ бахкабелла, эчиган меженаш мекхаша йиъна шалго тапча хьейеш воллура Эламирза.

– Хьо хIун деш ву? – улло охьахиира Мохьмад.

– Тапча тойеш.

Мохьмада мерах шок туьйхира.

– Тапча хир йац цунах.

– ХIунда?

– Ца го хьуна? Мекхаша йиъна, Iуьргаш дийлла.

– Мегар йу суна.

– Сан диканиг йу цIахь.

Эламирза цатешаш схьавирзира.

– Пуьташ?

– Ас маца боьттина пуьташ? Iумара йелла суна.

Эламирза цунна тIе а къаьрзина висира.

– Хьуна хIун хилла?

– ХIун хилла?

– Йуьхь йу-кх Iаржйелла, цициго мIараш тийсича санна.

– Iабдих леттера со, – корта охьабахийтира Мохьмада.

– Оцу пелаго йиттина хьуна?

– ЧIонакъас гIодаьккхира цуьнгахьа. Суна а кхийтира.

Тапча хьалха а хьажийна, лаг уьйзира Эламирзас. Амма йа лаг а, йа зIок а меттах ца йелира.

– ДIакхоссахьа и къечIалг, – Эламирзин карара тапча схьайаьккхира Мохьмада. ТIаккха, хьала а гIеттина, бешахула дIаластийра. – Ас цIенаниг лур йу хьуна.

– Хьан шиъ йу?

– Кхоъ йу. Тхан ден хилларг а, Iумара йелларг а. Кхин тиша цхьаъ а. Лело мегаш ма йу иза. Вало, лийча воьду вайша.

Шина кIентан доттагIалла дукха жима волуш дуьйна тасаделлера. Буса вуьжуш бен дIаса а ца къаьстара. Цкъацкъа цхьаьна вуьжий а вуьсура Эсет йолчохь.

Лун-Берда кIел айма йолчу а вахана, чехкачу хи чу а кирчина, йовхачу гIамарла аркъал охьавижира и шиъ.

– Эламирза, – меллаша кхайкхира Мохьмад, йекхначу стигала а вогIавелла.

– Вай, – дегазо вистхилира доттагI.

– ЧIонакъех бекхам эца беза ас.

– Муха? – схьавирзира Эламирза.

Мохьмад вехха Iийра жоп ца луш.

– Ас вуьйр ву иза.

ХIинца Эламирза а дIатийра.

– Велур вац. Иза воккха ма ву.

– Тапча тоьхча-м, велур ву.

– Иза а тоха ма йеза. Тапча а карахь цо улло вуьтур ма вац.

– Цхьанхьа кIело а йина, вуьйр ву. Шен кха тIе воьдуш.

– Цул ХортIина диннарг дича?

Цхьа кIира хьалха буьйсанна, дукъа а ваьлла, ХортIин кIен рагI йагийнера шина кIанта. Дарвеллачу ХортIас дукха лийхира бехкениг. Амма ца карийра.

– РагI йагайарх декхалур дац тахана цо суна йеттар. ЦIенош дагийча-м, цхьа хIума а дара.

– Цкъачунна рагI йагор вайша.

– Ахь-м йац.

Цецваьлла Эламирза кхоссавелла охьахиира.

– Сох ца теша хьо?

– Теша. Гучувалахь, Аьрсамирзина бохам хир бу.

– Хьо?

– Сан да вац. – Мохьмада доккха садаькхира. – Нанна хIумма а дийр дац Iедало.

Эламирза, коьрта кIел куьйгаш дохкуш, йуха а аркъал охьавижира.

– ХIета, со доттагI ца хета-кх хьуна…

– Хьо ца вуьйцу ас. Хьан да вуьйцу. Иза лацахь, аш хIун дан деза? Йалх беро…

– Ас ЧIонакъин рагI ца йагийча а, лоцур ма ву сан да. Йа тIамехь вуьйр ву, ца вуьйш висахь, Сибрех вохуьйтур ву. Хьуна-м, тIара тохар бен, хIумма а ца дина ЧIонакъас. Тхан цIенош дагош, салташна хьалхаваьлла веанарг иза вара. ЧIонакъех бекхам эцна Iийр вац со: Товсолтех а, Пантех а, Инарлех а оьцур бу. РоггIана. Маца воьду вайша дукъа?

– Ойла а йина.

– Iумар муха Iа?

– ГІоли йу цунна-м.

ЦІеххьана стигал кхола йуьйлира. Бердан лакхенгахь маьхьарий хьоькху мерцхалдигаш харанашка лечкъа дуьйлира.

– ДогІа делха доллу, – элира Мохьмада, къилбехьа а хьаьжна. – ЦІа гІой вайша?

Жимма хи чу а кирчина, хьалаваьлла ши кІант бедарш тІейуха хІоьттира. Ма-аьлла тІе ца йоьлхура бедарш. Эламирзас хечи чу боьллина ког гола баьттІачухула арабелира. Мохьмадан куьйгаш а ца доьлхура пхьуьйша чухула дІа. Беламна санна, пхьуьйшаш эттІачухула чекхдуьйлура уьш а.

– Акхтин бІона тІаьхьа гІой вайша? – элира Эламирзас, хечин дехачу хуьнжарх къевллина шалха шад а беш.

– ДІавала! Вайша вуьту цара шайца? Іаьлбаг волчу вахча-м, цхьа хІума а дара.

– Цуьнца а ву-кх Къайсар а, Коьра а. Іумма волчу вахча?

– Генахь ву иза. Цабевзачара кхин а сиха эккхор ву.

Хазза малх мархашлахь къайлабала а кхиале, догІанан тІадамаш эга дуьйлира. ДогІа кестта соцург цахиларан билгало йара дукъа тІехула схьагІерта Іаьржа йаккхий мархаш.

– Тховса гІуллакх хир дац вайшиннан.

– Стенах?

– РагІ йагорах. Дика йогур ма йац иза.

– Кхана сарахь йаго ца мега?

– Дера, мега лама а-м. Цо арале, кхиийчхьана. ХІинца чехка цІехьа йум йан йеза. Лам тІехь догІа дилхинехь, дистина догІур ду Яьсси.

Гоьлел лаккха бохуш хечин когаш хьала а бина, йуьрта хьала йорт ийцира шина кІанта.

3

Гатийуьртахойн маьждиг дина дукха хан йац. ХортІас а, Товсолтас а цхьанхьа-м карийна балийначу гІажарийн пхьераша дина иза хІокху Нохчмахкахь уггар хазачех цхьаъ ду. БеакІов цостуш тобинчу гІайракхан тІулгех доьттина шовзткъа аьрша деха, шийтта аьрша шуьйра, барх аьрша лекха. Аьтту агІор лаьттара хьалайоьттинчу бархІ са болчу момсаран горга, ира бухь лакха стигала а богІабелла лаьтта. Стаммийчу эчиган серех бустамаш дохуш, гуонаха йина зІарийн керт а ца кхиъна мекха лаца.

Кертал чоьхьа дийгІина баьллийн, хьечийн дитташ, хІинцца га даржийна, гІеметта хІиттина. Наха леррина Іалашбо царна кІелхьара сийна бай. Цига жІаьла, котам, бежана а ца долуьйту. Стаг а ца волу оцу тІе мачаш а цІанйой бен.

Гати-Юьртана йуккъехь лаьтта рузбанан маьждиг. Цунна хьалхарчу майданара дІасадоьлху йа кхузахь цхьаьнакхета йуьртан коьрта урамаш. Йуьртан йохалла чекхболу шиъ а, дукъа хьалабоьдург а, Яьсси чу буссург а.

Оцу массо урамашкахула йа цхьацца-шишша, йа тобанашца гучубуьйлу рузбане богІу нах. ХІор а кечвелла шен ницкъе, тароне хьаьжжина. ХІара де, йогу куьрк санна, къовкъаме делахь а, царна тІехь гІовталш, чоэш, месала куйнаш ду. Ченех

къехкош, хьала а карчийна, доьхкарех доьхкина чоийн тIемаш. Чухула ган мелла а цIена коч, гIовтал йолчара гоьллелц хьалакарчийна чоийн пхьуьйшаш а.

Iасанашна тIе а тийжаш, схьаоьху баккхий нах. Тахана кIезиг гулло адам. Йуьртара ах сов нах бац. Iаьлбагна тIаьхьа а бахана, амалтана а бигна. Сибрех а хьийсийна. КIентий Iедална хьалха бехке хилла цхьацца къенаниш, хIара дарц дIателлац аьлла, гена йарташкахь левчкъина.

Цкъа а рузбане ца богIучу кегийрхойх болу нах а баьхкина тахана. Товсолта-Хьаьжас цхьа керла хьехам бийр бу, боху. ХIокху кIиран чохь Соьлжа-ГIаларчу хьаькамо Шела гулбинера Нохчмехкан цхьайолчу йартийн молланаш. Цигахь вовшех дагабевллачух тера ду хьаькамаш а, динан дай а, совдегарш а. Шайн моллас хIун олу хьовса, гIуллакх дерг а, доцург а вогIу тахана.

Рузба схьаделла сахьт гергга хан йу. ХIетте а, хьалххе баьхкина нах. Далла хьалха хIиттале а, тIаьхьа а дийца дуккха а гIуллакхаш ма ду церан. ХIокху аьхка белхан хенахь, атталла суьйранна а пхьоьха кIезиг хуьлу. Цундела доггах гулло рузбане.

Кертал чоьхьахь кIедачу бай тIехь масех тоба йина хевшина Iара нах. Моллина Лорсина гуонах гулйелла цхьа тоба. Сехьо гулйеллачу кхечу тобанна йуккъехь ву ши доттагI: Васал а, МIаьчиг а. Цаьршимма леррина ладоьгIу цхьа кIира хьалха туркошца тIамера цIа веанчу Солтханан хабаре. Цуьнан аьтто пхьарс хиллачохь йоцца тхьум йисина. ХIинца а хаза йерзаза йу цунна хилла чов. ХIокху тIаьххьарчу кIиран чохь хиллачу тIамех лаьцна ду тахана дерриг а къамел.

– Инарла шен эскаршца хIинца Бенахь ву, боху.

– Хаси-Юьртара эскарш, Аькхха дIа а лаьцна, Нохчмахка доладелла а, боху.

– Суна-м, селхана цара зандакъойн йарташ йагийна, цигара амалтана цхьа-ши бIе стаг вигна бохуш, ма хезна.

– Яьссица хьала ма гIортахьара эскарш.

– И хила а тарло.

– Iумма-Хьаьжа Басса тIе воьссина бохуш, хезний шуна?

– Ах сов суьйлий, гуьржий а бу, боху, цуьнан бIаьнехь.

– ХIета, лулахой гIо дан баьхкинехь, цхьа диканиг хир ду вайн гIуллакхах.

– Iаьржа-Ахка тIехь хиллачу тIамехь гуьржийн цхьана эланна чIогIа чов йина, боху. Дийцарехь, велла хила а мега иза.

– Авалу-м вац иза?

– ХIан-хIа. Авалу а, Накъшаз а вац иза. Цхьа Шерваз-м ма вара иза.

– Тамашийна хIума а дай хIара-м. Цхьаболу суьйлий, гIалгIай, гуьржий а, вайгахьа а бевлла, паччахьан эскарех лиэта, ткъа цхьаберш, Iедалехьа а бевлла, вайна дуьхьал лиэта!

– Нохчий ткъа?

– Вуьзнарг – Iедалехьа, мецаниг – вайгахьа ваьлла.

– Доцца аьлча, худар хилла-кх…

ТIаккха бийцаре бан болийра Коьжалкан-Дукъахь хилла тIом. ХIетталц нахе ладоьгIуш Iийна Солтха вистхилира эххар а:

– Кхузарниш-м тIемаш йацара, кIентий. Шуна тIом гина а бац. Ши-кхо эзар стаг хир вуй Iаьлбагна тIаьхьа?

– Цкъацкъа итт эзарнага а волу, – элира цхьамма-м шена хетарг.

– Пхийтта эзар а хилийтахьа. Уьш а цхьана дийнахь – итт эзар, вукху дийнахь – эзар хуьлу. Цкъацкъа ши-кхо бIе бен воцуш а вуьсу. Iаьлбаг – хьалхара ведда, инарла – цунна тIахьахьаьдда лела. Наггахь, дуьхь-дуьхьал нисбелча, тоьпаш а тухий, шиний агIор масех стаг воь. ТIом хуьлу иштта! ТIом оха бинарг бара! Цхьацца бIе эзар гIашло а, дошло а шиний агIор дуьхь-дуьхьал а хIуттий. Стаг таттавелла биргIан чу а гIур волуш масех бIе йоккха топ. ТIом болабелча, кIуьранна атталла малх а ца гуш. Йеттачу йаккхийчу тоьпаша, адамийн, говрийн когаша дегадора латта. Цхьа сахьт далале латта къайладоккхура адамийн, говрийн декъаша. Йаккхийчу тоьпийн хIоьнаша лелхийтина, дIасакхийсина адамийн настарш, пхьаьрсаш, кортош, чуьйраш. ТIом чекхбаьлча дIадохка кхиале, дестий, севсий, дахкалой карадора декъий. ТIехула хьаргIанийн ардангаш, сила даккхийчу сийначу мозийн вой а хьийзаш.

– Декъий лаьттах духкура аш?

– ТIаккха ткъа.

– ХIоранна каш а доккхуш?

– Царна хIоранна каш даьккхина мила волу? ТIекIел цхьана боьра йа берда кIел а кхуьйсий, тIе латта хьокхура-кх.

– Молла варий шун?

– Иза стенна оьшу тIамехь вийначунна?

– Дукха байъиний вайнах?

– Дикка байъина. Цхьа а тIом чекх ца болура масех стаг ца вуьйш. Цкъа туркойн букъа тIехьа хецнера тхо. Шайна ма-ттов лиэта аьлла. Цкъа, цхьана буса, Субтан цIе йолчу йуьрта уллохь туп тоьхна сецнера туркойн эскар. Вайниш генахь дара. МаьркIажехь новкъа йаьлла тхан полк, гатесна йахана, туркошна тIехьа а йаьлла, наб кхетта Iачу оцу туьпа иккхира. Туркой самабовла кхиале, шиний агIор йетташ, уьш цоьстуш, ткъесах чекхлилхира тхо. Цкъа, Кхизал-тепа цIе йолчу ломахь боккха тIом болуш, уггар халачу метте хIоттийра нохчийн а, суьйлийн а ши полк. Оха туркой сецош, йухадевлира вайн эскарш. Даккхий зиэнаш а хуьлуш. Цхьа эзар салти висира вийна, кхин а дукха бара чевнаш хилларш. Дукха хан йалале йуха а туркойн букъа тIехьа хьажийра нохчийн полк. Хьийзина-а, дахана, Мухтар-пашин дошлойн эскаран туьпа лилхира тхо. Шайн говраш тIера нуьйраш дIа а йаьхна, паргIатбевлла, бийшина Iохкучу царна, «вуьррей» аьлла, маьхьарий тоьхна, йукъахьаьлхинчу оха, вайн гIабакхаш санна, цистира уьш. Доцца аьлча, шайтIанах санна, кхоьрура туркой вайнехан полках.

Леррина ладоьгIуш Iен Васал, цхьаъ ала ойла хилла, меттахъхьера.

– Ахь дийцарехь, аш даккхий хьуьнарш гайтина-кх цигахь.

– Цкъа а букъ-м ца гайтира.

Цигаьрка уоза ойла хилла, гIовталан кисана куьг дахийтира Васала. ТIаккха, ша маьждигна уллохь хилар дага а деана, доккха са а даьккхина, Солтхане хьаьжира.

– Дика летта, дика. Хьаха, бу майра кIентий! Цундела хьо, некха тIе ордалш оьхкина, ахчанах киса а дуьзна, ма веана цIа. ЦIахь даккхий цIенош, шортта латта, керт йуьззина даьхний ду. Хьо санна, дехаш хиллехь, тхо а гIур дара!

Нах бийлабелира.

ОьгIазвахна вега а велла, нахана тIевогIавелира Солтха.

– Стенна доьлу шу сан къоьллех? – балдаш дегийра цуьнан. – Сайчул шун хIун ду совдаьлла? Шух цхьа а вац, зудчо йиттина шарбал йакъайаллалц, йургIанна

йуккъера схьавала йиш йолуш. ХIетте а, сох доьлу!

Амма нах боьлучуьра ца совцура.

– Цундела тхо-м, тхешан йургIанах тоьпаш а йина, цIахь Iийра!

– Хьуна а тоьллера, Iийнехь!

– Солтханна цхьа пхьарс сов ма баьллера!

Цхьа Васал вара, буьйлучеран декъа ца воьдуш, кхоьлина.

– ГIаддайна боьлу хьуна и нах, – элира цо Солтхане. – ХортIин, Товсолтин, БоргIин бераш-м, дахча, гIур а дара тIаме. Шайн долахь вайниг санначу шина йуьртан боллучул мохк болу Момин Хьотий, Шамурзин Ботий-м хьехор а вацара вай. Хьо стенан дуьхьа ваханера, хаац-кх. Ладарш оьхуш цIийнан лаппагIа йоцург, йа даьхний, йа латта а дацара хьан. Тахана тIамехь хIаллакьхирш муьлш бу? Миска оьрсий, ламанхой, гуьржий – цхьана агIор, ткъа вукху агIор – иштта миска туркой, курдой, Iаьрбий. Ахь дозалла до айхьа байъинчу туркойх. Ткъа иштта, хьо санна, цхьа пхьарс, йа ност йоцу цхьа турко а хир ву, ша байъинчу оьрсех дозалла деш, цхьанхьахь маьждиган майданахь доккха хабар дуьйцуш. Амма, стенан дуьхьа, хIун къуьйсуш лиэта салтий? Царна шайна а ма ца хаьа. Шаьш-шаьш шайн даймохк вуккунах ларбо, боху. Оьрсашна, туркошна йа цхьана а халкъана ца оьшу кхечуьнан латта. Иза паччахьашна, хьоладайшна оьшу. Церан дуьхьа, церан сий лакхадаккха, церан хьал дебо, лиэташ, хIаллакхуьлу салтий.

Наха, резахилла, кортош теIадора.

– Гой шуна, тахана Iедална дуьхьал гIевттина вай, – дуьйцура Васала. – Цадевллачу денна. Мацалло, къоьлло бIарздина. Iедало ваьшна тIехь латточу харцонна садетта ницкъ а ца кхаьчна. Вайн гIаттам хьоьшурш муьлш бу? Салт баьхна хьийзош болу, вай санна, гIийла, миска, къен ахархой бу-кх. Вайн йалташ, йарташ йагайо цара. Даьхний дIалоьхку. Ткъа шаьш и къизалла стенан дуьхьа лелайо, оцуьнан ойла ца йо. Хьалха, Шемалан заманахь, салтий доглазарца хьуьйсура ламанхошка. ХIетахь со цхьаъ ваьлла ца Iара шуьгахьа, бIеннаш салтий а бевлира. Ткъа таханлера вайн гIаттам хьошуш салтел а тIех къизалла гойту нохчаша, гIалгIаша, хIираша, дегIастанхоша, гIумкаша. Iехийна-кх. ХIара миска Солтха санна. Халкъашна йуккъе мостагIалла доьллина, цаьрга вовшийн хьешийта. ХIара йерриг хьовр-зIовр йинарг цхьа кIеззиг хьоладай бу паччахьаш коьртехь а болуш. Цуьнан ойла ца йо цхьаммо а. Топ-тур даьккхина, вовшашна чугIерта.

– ДIавахча, ца летча ца волура, Васал, – элира Солтхана. – Эскарехь гIуллакхдеш, цхьана шуьнехь йууш, цхьана тхов кIел буьйшуш, йерриг халонаш нийсса йоькъуш лелачу адамийн гергарло а, доттагIалла а, вошалла а тасало. Къам, дин бохург йукъара дIадолу. ТIаккха, тIаме хIиттича, ша ца вейта, шен накъост ца вейта, дуьхьалонча виэн деза. ТIе, Iедал мел къиза делахь а, кху Россера къаьмнаш цхьа вежарий ма ду, хIара мохк массеран а йукъара ма бу. ТIаккха, мухха делахь а, йахь а ма йу. Вай иэша а, Россе иэша а ма ца лаьа, ва Васал…

Эххар а маьждиган майданахь гучувелира ХортIа а, Товсолта а. Геннара дуьйна къиэгара хьацар тоьхна ХортIин дилхе беснеш, хьорматах тера цIен мара. Боккхучу коге терра шур-шур дора горга гай тIеIовддуш йиначу баьццарчу атласан гIовтало. Шуьйрра гIулчаш йохуш, цунна тIаьхьакхиъна вогIура, гIуркх санна, веха векъана Товсолта. Майданахь лаьттачу нахе дIа а ца хьожуш, маьждиган неIаре дIавахара и шиъ.

– ХIан, дало, кIентий. Вайн молла схьакхечи, – хьалагIеттира Васал.

Цхьа минот йаьлча, маьждиган майданахь цхьа а стаг ца висира.

Оцу заманахьлерчу оьрсийн цхьана гІараваьллачу кавказталламхочо йаздина ду, бусалба малхбалехь а, йа, атталла, хІокху нохчийн шайн лулахошлахь а динан дайн долу сий а, бакъонаш а йацара нохчийн динан дайн кху Нохчийчу Шемал вале хьалха аьлла.

Йоза-дешар хаарна халкъал лакхахь лаьтташ а, шайн карахь шарІан Іедал а долуш болчу бусалба Малхбален динан дайша массо а хенахь боккха Іаткъам бора шайн халкъийн йукъараллин дахарна а, урхаллина а тІе. Ткъа къоман Іадат чІогІа лардинчу нохчашлахь дерриг гІуллакхаш, низам а йукъараллин урхалло Іадаташца къастош, латтош а хиларна, халкъана тІехь и тайпа Іаткъам, сий а дацара динан дайн. ТІе, кхузара динан дай, дуьххьалдІа йоза-дешар хаар бен, кхидІа бусалба динан Іилманан кІорге йолуш а, кхетамна могІарчу нохчочух къаьсташ а бацара. Нохчийчохь лаккхара Іилма долуш Іеламнах цахиларна, Іаьрбийн мотт а, Къуръан а, жайнаш а Іамо лууш болу нохчийн къона нах Чиркей а, Акуше а, ГІазгІумка а деша боьлхура.

Моллина йоза-дешар хаарна, цуьнга цхьацца гІуллакхан кехаташ йаздайта дезаш меттигаш нисло дела, дуьххьалдІа оцу гІуллакхна лоьрура иза нохчаша шайлахь. Амма кхидІа массо а агІор нахал цхьа чо а лакха ца воккхура. ХІор а йуьрто шена дика хетарг молла а хІоттавора, иза ца мегча, йа цул диканиг нисвелча, важа дІа а воккхий, кхин хІоттавора. МогІарчу нохчочул тІехдаьлла хьал а, шатайпа бакъонаш а йацара моллин. Мохк боькъуш, нахана доллу дакъа лора цунна лаьттах. Йуьртан гуламехь нехан йерриг бен куьйган бакъо а йацара цуьнан. Закат а, мархин сахь а, сагІа а нохчаша, моллина ца луш, жоьра бисинчу зударшна, байшна лора. Массара санна, шен кертахь а, кха тІехь а шен болх а бора моллас.

Амма Нохчийчохь Шемал чІагІвелча, халкъан гІиллакхаш, Іадаташ дІа а дохуш, церан меттиг дІалецира шариІато. Шемална шена а, бусалба динна а, шен Іедална а муьтІахь нах оьшура. Цуьнан заманахь хьалхарчу метте бевлира динан дай а, таронаш йерш а. Царна бакъо йелира халкъ Іехо а, тало а. Жимма а имаман некъана дуьхьалваьлларг къиза хІаллаквора.

Шемал дан цаккхиънарг, цуьнга чекх цадаккхаделларг хІинца кхиамца чекхдоккхура паччахьан Іедало. Цо шен буйна лецира динан дай, Шемала йеллачул тІех бакъонаш луш, халкъ тало хецна битира цуьнан хилла цхьаболу наибаш. Кхузахь паччахьан Іедалан гІорораш йара уьш, хІара халкъаш кога кІел латто гІо деш.

ХІинца халкъ кІез-кІезиг тІаьхьатоьттура. Атталла тахана хІокху маьждиг чохь а хаалора иза. Цхьа шовзткъе итт шо хьалха рузбанехь хьалхарчу могІаре баккхий нах хІуьттура. Рузбанна хьалхаваьлла цхьа молла воцург, бисина Іеламчаш а, шайн хенашка хьовссий, иэлора нахана йукъахь. Вокх-воккханиг – хьалха, жиманиг – тІехьа. Хьоле-тароне а ца хьуьйсуш.

Тахана хьалхарчу могІарехь ву Товсолта, ХортІа, БоргІа, Инарла, ЧІонакъа. Баккхий нах – тІехьа. Массарал а тІехьа шайн хенара боцчарна йукъахь лаьтта МІаьчиг, Васал, Ахьмад, кхин дуккха а. Ткъа туркойн тІеман турпалхо Солтха гуттар а тІехьа теттина. Шена хьалхарчаьрга терра ламазна хьала-охьа теІа Солтха. Амма цуьнан ойланаш генахь йу ша дечу гІуллакхна. Цо ойла йо Васала аьллачу дешнийн.

Цхьанне а ца хаьара Солтха туркошца тІаме хІунда вахана. Туркойн паччахье цабезам хилла а, йа оьрсийн паччахье безам хилла а ца вахара иза. Къоьлло вахийтира. Васала ма-аллара, Солтханан цхьа цІийнан лаппагІ йу, догІа сецначул тІаьхьа а дийнахь-бусий хаддаза ладарш а Іийдалуш. Хьуьна йуккъехь, латта можачохь, жима ирзо а ду, дика йевлча, тІера ши гали хьаьжкІаш а йовлуш. Йалх газа а.

Солтханан маьхчин Инарлин долахь кха а, иттех бежана а, йиъ говр а, бІе сов уьстагІ а бу. Миска Солтха хІор а шарахь вецара Инарлина. ХІетте а, цкъа а декхаршна кІелхьара а ца волура. Масех туьма ахча а, масех гали йалта а декхарийлахь вара иза Инарлина. Нохчийн полк вовшахтухучу хенахь, Инарлас

сацамболлуш схьахьедира цуьнга, йа шен декхар охьадилла, йа шен меттана полке гIуллакхдан гIо аьлла. Солтханан некъ бацара кIелхьарвала. Говр а, говран гIирсаш а, герз а Инарлас делира цунна. Солтха полке вахара… Иза къен ма вара. Цуьнан ницкъ ма бацара декхарш такха, хьолахочуьнца къийса…

ХIорш БуритIера дIа а бовлале, туркошца тIом болабелира. ДIакхаьчча, накъосташца гергарло тесча, ша санна баьхкинарш дикка карийра Солтханна.

…Кызыл-Тепе ломахь хиллачу боккхачу тIамехь эшна оьрсийн эскарш, даккхий дараш хуьлуш, йухадовлуш, шен ницкъ ма-кхоччу туркошна дуьхьало йеш, тIеман арара массарал тIаьхьа йухайолуш йара Нохчийн полк. Инарлин Мухтар-пашин дошлой бара, хIокхеран кIажаш хьоьшуш, тIетеIаш. Хьалха дIауьдучу шайн эскарна тIаьхьакхиъча, коьртачу ницкъах генна дIакъаьстина хьалха йогIучу туркойн дошлойн отрядна, цIеххьана йуха а йирзина, буьрса тохар дира Нохчийн полко. Йукъ-йукъа топ-тапча тухура, амма оцу тасадаларехь коьрта герз тур дара. ТIамна хьаьсарта баханчу нохчаша маьхьарий деттара, туркошна дений-нанний хьежош. Солтханна дуьхьал нисвелира Iаржачу аматахь зоьртала дошло. Солтха ша майра, каде тIемало вара, полкехь а дика цIе йоккхуш. Амма оцу дошлочуьнца ца ларавора. Цо виэларца йухатухура хIокхо дIа мел ден тохар. Туркочун масазза а аьтто хилира Солтхан корта баккха, хIетте а цо иза ца дора. ХIокхуьнан тур кагделча, корта а ластийна, гIайгIане велавелира турко.

– Соьца ларор вац хьо, жима къонах, – элира дошлочо цIеначу нохчийн маттахь. ТIаккха, хIара шен йийсар хилар кхечарна хаийта, Солтаханан белша тIе чIапалашкахь тур диллира цо. – Ас маршо лур йу хьуна, хьоьга масех дош а аьлла. Вайша, ши нохчо, вовшахлиэта, цхьаъ – туркошкахьа, важа – оьрсашкахьа. Вайшиъ саннарш кхин масех бIе ву шиний агIор. Тхо туркойн паччахьан дуьхьа а, туркойн дуьхьа а ца лиэта кху тIамехь. Вайн халкъ ах хIаллакдинчу, эзарнаш дай махках баьхначу, даймахкахь бисинчарна тIехь къиза Iазап латточу оьрсийн паччахьах бекхам оьцуш лиэта. Ткъа аш хIун леладо? Цкъа-делахь, оьрсийн паччахьо болийна харцонан тIом бу хIара. ШолгIа-делахь, и оьрсийн паччахь вайн халкъан мостагI ву. Шу хIунда хIиттина цуьнан эскаре, шу хIунда даьхкина цуьнан мохк шорбан, шаьш санна, кхин халкъаш лолле дерзо, бехкбоццчу адамийн, тIе, вай санначу бусалбанийн, цIий Iено? Кху тIамехь шиний агIорчу нохчаша мел турпала хьуьнарш гайтарх, толам, хастам а оьрсашний, туркошний буьсур ма бу. Сан къамел дIатоха хьайн накъосташка. Со Бенарчу ГIадон кIант Габа ву. ХIинца дIагIо…

…ЦIеххьана набарх ваьлча санна, дIаса бIаьрг тоьхна, ладуьйгIира Солтахана.

Цхьанхьа, тхов тIера долуш санна, Товсолтин мукъаме аз хеза Солтханна. Аз лоьхуш, дIасакхарстийна цуьнан бIаьргаш мимбарна тIехь совцу. Хьалавала йалх тIегIа долуш лами а хIоттийна, лакха айъина, хаза, говза бустамаш а дохуш, бес-бесара басарш а хьаькхна кечйинчу, гIутакх санна, жимачу мимбарна чу а хIоьттина, хьехам беш воллу Товсолта. ГIезачух тера лаг цкъацкъа дахло, тIаккха озачу, гаттийчу белшаш чу таьIа. Йегайо ирачу чIениг буьххьера нилха, газанчух тера хьаьрса маж. Цкъацкъа аз зевне долу, тIаккха, йиш хаьлча санна, дов маьждиг чохь, кхузахь дакъа Iуьллуш санна:

– Везачу Дала, азаллехь Ша синош кхуллуш, хIоранга а шена оьмар тохийтина, хIоранна а ницкъ, амалш йелла, хIоранна рицкъанаш делла. Азаллехь синош кхуллуш Дала цIе тоьхнарг бен, адамийн паччахь хила йиш йац… – дека Товсолтин аз. – Тахана вайна тIехь паччахьалла деш волу Элксандар Дала хIоттийна ву, цуьнан гIоьнчий, областан хьаькам, окурган хьаькам, пурстоп, хIара вайн йуьртда ХортIа – берриг а Делан лаамца лелаш, вай лиэра безаш, вай сий дан дезаш нах бу. Цара дIакхоьхьу Iедал Делера ду. Цара ден таIзар а, цара бен къинхетам а Делера бу. Цаьрца къуьйсург, церан лаамна дуьхьалваьлларг Делаца къуьйсуш ву. Оцу стаге кханалерчу эхартан дийнахь хоттур ду, йа ибн Адам, хIай Адаман бер, Ша хьайна тIехIоттийначу Iедална, Iедалан дайшна дуьхьал хIунда ваьллера хьо, Ша хьайна белла кхоллам хийца хIунда гIиртира хьо, Шеца хIунда къийсира ахь аьлла…

– ОстагIпираллахI!

– …Йуха а хоттур ду Дала, йа ибн Адам, хIай Адаман бер, азаллехь Ша синош кхуллуш хIор а синна цо доьххург рицкъа деллера Ша, цхьадолчарна – кIезиг, кхечарна – дукха. Ша, хьо реза а веш, хIетахь хьайна деллачу рицкъанна реза а ца хилла, дуьненахь нехан мулкана тIе куьйгаш хIунда кховдийра ахь, Ша толийнарг эшо хIунда гIоьртира хьо аьлла… Дала хьукма дийр ду гIопал хиллачу, Iесабевллачу нахана тIехь, уьш итт эзар, бIе эзар шерашкахь жоьжахатин цIергахь багор бу…

– Дала лардойла вай цунах!

– Амин!

– Делан лаамна дуьхьалбевлла, Дала бихкинчу новкъа бевлла, Дала хIоттийначу паччахьна, Дала цуьнга доссийначу Iедална дуьхьал гIеттина Симсарарчу Олдаман Iаьлбаг а, цуьнца берш а. Iаьлбаг Iеламстаг ву, хьаьжа ву, олу наха. Иза бакъ дац. Стагера Iилма а, хьекъал а шина тайпа ду. Делерий, шайтIанерий. Делера долчу Iилмано адамашна пайда ло, уьш шарIан новкъа буьгу, зуламах, хьарамчух ларбо, хьаналниг хьоьху. Ткъа шайтIанера долчу Iилмано стаг зуламна тIетоьтту. Iаьлбаган Iилма шайтIанера ду. Иза а, цунна тIаьхьара Iеламнах а тиларчу бахана нах бу. Уьш бахьана долуш маситта йурт йагийна, бIеннаш адамаш дайъина, бIеннаш доьзалш, цIа-цIе доцуш, рицкъанах хаьдда лела. Оцу зуламхочунна тIаьхьахIиттина вайн йуьртахой Къайсар, Янаркъа, Аьрсмирза, Акхта, кхин, кхин а…

Хьалхарчу могIаршкахь йуха а гIовгIанаш йевлира:

– Дала хIаллакбойла уьш!..

– …Дала царна тIехь хьукма дийр ду, бусалба вежарий. Шена дуьхьалбевллачарах, шарIан некъах тиллачарах, Шен лаамца баьхкинчу паччахьашна дуьхьалбевллачу нахах цхьаболчарах – дуьненахь, кхечарах – кханалерчу къемат-дийнахь бекхам оьцур бу Ша, аьлла ду Делан дош. Шайна зуламе ваьлла стаг адамаша шайх дIахерван веза, нажжазван веза, таIзарна Iедале дIавала веза, аьлла Дала. Iаьлбагна тIаьхьахIиттина вешан йуьртахой, совцийна, йа, лецна, Iедале дIабелла, цхьа агIо йаккха йеза вай…

ТIехьарчу могIаршкахь гIугI долу.

– …АлхьамдулиллахI, алхьамдулиллахI! Вайн везачу Дала аьтто бойла вайн паччахьан туркошна тIехь толам баккха. Махкана чоьхьара зуламхой хIаллакбан…

– Амин!

– АллахIу амин!

Солтхана гуонах бIаьрг туху. ДоIина куьйгаш хьала а ца лоцуш, вовшашка а хьуьйсуш, кортош хьийзадо цунна уллохь болчара. Йукъ-йукъара гIеттина масех стаг, нах дIаса а тоьттуш, неIарехьа волало. Маьждиг чохь дов дойла ма йац. Товсолта-Хьаьжас дуьйцучуьнга кхидIа ладогIа собар а ца тоьу.

Хьала а гIеттина, Солтха а вахара царна тIаьхьа…

IX корта. ЗУЛАМ А, ЦУЬНАН ОРАМАШ А

(Абросимовн йозанаш)

Цамгаран бахьана дIадаккха,

тІаккха цамгар а дІайер йу.

Гиппократ

1

ГІаттаман чаккхе гуш йац. Синтем байна хьийза областан а, округийн а администраци. Лахарчу эпсаршна а хиъна хІара гІуллакх забарна доцийла. Цхьаьна мел кхеттачохь къийсамаш хуьлу, хІокху гІаттаман бехкениш а, бахьанаш а лоьхуш. Наггахь стаг нисло ма-дарра дуьйцуш. Амма дукхахболчара хІара нохчий шаьш бехке бо. Динан фанатизмо керстанашка цабезам кхоьллина, ткъа цул хІумма а кІезиг йоццчу сонталло уьш даим дІа вайна дуьхьал гІуьттуьйту, боху.

Оцу тІехь кхин цхьаъ а ду дуьйцуш. Шайн бусалба туркошца барт хилла нохчийн, хІара тІом болабелча, царна гІоьнна уьш гІевттина, боху.

Дукха хан йоццуш цкъа инарла-адъютант Свистунов Грозне веача, лакхара эпсарш гулбеллачу банкетехь и гІуллакх йукъадаьлча, хІокху гІаттаман бахьанаш шена мичахь го дийцира цо.

Инарлин дешнаш даладо ас кхузахь дуьззина, лахахь сайна хетарг аларца, и шиъ вовшашца дуста а, бакъдерг къасто а аьтто хилийта.

* * *

– ХІаъ, господа, хІара нохчий сих-сиха вайн Іедална дуьхьалбийларан бахьанаш тайп-тайпана дуьйцу наха, – долийра инарлас. – Оцу гІуллакхан кІорге хьовса хьекъалдоцчара йа мало йечара цхьа тІехула ойла йо. Цхьаболчара боху, хІорш карзахбохурш Іедал нийса дІа ца лело вайн чиновникаш бу, ткъа кхечара – хІокху къоман динан фанатизм а, аьрта сонталла а лору. Хьалхарниг бух боцуш ду, хІунда аьлча хьалха кхузахь областан начальник хиллачу графо Лорис-Меликовс участкийн коьрте хьанала, догцІена, тешаме, хьекъале нах хІиттийна. Приставна хаьара, ша доггах гІуллакхдича, шена округан начальникан меттигна тІе некъ биллина буйла, ткъа цигара дІа – полкан командирна тІе. Цул сов, приставашка кхузахь доггах гІуллакхдайта, царна мохк а лора, алапал сов, дуккха а ахчанца гІо а дора, оьмарна пенсеш а хІиттадора. Цундела вайн лахара чиновникаш ларлора кхаьънашъэцарх а, бахархошна тІехь кхечу агІор ницкъашбарх а.

ХІетте а, кхузара куьйгалхой, приставна тІера хьала областан начальникна тІе кхаччалц, мел хьанала адамаш хиллехь а, уьш бахархойн Іер-дахар мел тодан гІиртинехь а, тІом чекхбаьллачул тІаьхьа даьллачу берхІитта шарахь нохчаша маситтазза а гайтира Іедале шайн цабезам а, мостагІалла а. Иза шозза-кхузза даррехь гІаттаме а дирзира. Бакъду, и гІовттамаш массанхьа а ца баьржира, цхьацца маІІехь лилхина уьш сихха хьаьшна дІабехира.

ХІета, Іедалхойн куьйгалла а дац хІара нохчий карзахбохург. Экономикин хьелаш дуй-те вайга церан цабезам кхуллурш? Дац. Данне а дац. Дера, цаьргара, дикачуьра а боккхуш, ах мохк дІа а ма баькхина, вай уьш лаьмнашка а ма таІийна. Делахь а, уьш къинхьегамна тІера хилар а, хІуманан тІалам болуш хилар а, церан доьзалийн барт чІогІа хилар а бахьана долуш, Іер-дахар уьш реза ца хиллал вуон а дац нохчийн.

ХІетте а, кхин гуш бахьана доцуш, вайга цабезам бу церан. Вайга аьлча-м, берриг а оьрсий йукъабогІу, иштта аьлча харц ду. Церан мостагІалла вайн халкъаца дац, ткъа вайн Іедалца ду. Ткъа иза иштта хилар банне а бехк бац хІокху тІаьххьарчу

берхIитта шарахь кхузахь йолчу вайн администрацин. Иза хьалха хиллачу тIамах а, хIетахьлерчу Iедалхойн политикех а дисина ун ду. ТIамо мостагIалла кхуллу дуьхь-дуьхьал летачу шина халкъана йукъа. Амма оцу девнан тIаьхьенан ойла йеш хьекъале нах белахь, цара иза тIаьхьа машаре хирриг дерзадо. И ойла ца йинера хIетахь кхузахь гIуллакх динчу Iедалхоша. Уьш итт-ткъа, бIе шарна хьалха ца хьуьйсура, шайн оцу дийнан толаман бен ойла ца йора цара.

Хууш ду, оцу бехачу тIамехь Шемал даим хIокху нохчашна тIетийжаш чекхваьллийла. Нохчех хаьдча, иза масех бутт балале йийсаре веара. Ламанхоша йеххачу хенахь вайн Iедална дуьхьал латтийначу къийсамехь хIара Нохчийчоь уггар дера а, уггар нуьцкъала а йара. Кхуза хьежадора вай вешан тоьлла эскарш, уггар майра а, говза а полководцаш. Кхузахь хилира вайн даккхий дараш а. Цундела хIара нохчий гуттаренна а къарбина, кIелсовцо Iалашо йолуш, тIаьххьарчу итт шарахь дIа мел лаьцначу лаьтта тIера уьш дIалоьхкуш, цигара хьаннаш йагош, тIеман чIагIонаш йугIуш, болх бира вайн командованис. Къарбелла кIелсевцнарш вайн тIеман чIагIонашна, станицашна улло кхалхабора, къармазениш лаьмнашка лоьхкура. ТIом чекхбаьлча, шатайпа сурт хIутту кхузахь. Нохчех дукхахберш хIокху лаьмнашкахь, хьаннашкахь гаттехь буьсу, ткъа аренгара йарташ вайн станицаший, тIеман чIагIонаший шайн морзахашна йукъаIовду.

Лаьттаца йолу халонаш Кубанан областехь вай гуттаренна а дIайехира, цигара цхьадолу къаьмнаш лаххьийна, дисинчийн ах а Турце кхалхорца. ДегIастанахь а хIумма а вайна хало йоцуш дирзира и гIуллакх. Церан тIулган лаьмнаш вайна ца оьшура, цундела, цхьа масех штаб-квартира а йоьгIна, мохк бахархойн долахь битича, машар хIоьттира цигахь.

Нохчийчохь лаьттаца йолу къоьлла лахйан а, кхузахь машар хIотто а Iалашо йолуш, ах мукъане а нохчий Турце а, Жимачу ГIебарта а кхалхо гIоьртира вай, амма, цхьа пхи эзар доьзал Турце кхелхича а, и гIуллакх кхиам ца хуьлуш йукъахдисира.

Маситта шарахь бахбелла нохчийн гIаттам 1859-чу шарахь вай тIаьххьара а хьаьшча, хIетахь вайн правительствона къарбелла ца севцира уьш. ХIетахь Кавказан наместник а, хIара край къарйеш коьрта куьйгалхо а хиллачу эла Барятинскийс нохчашца машаран барт бира. Цара тIелецира тIом сацо а, вайн Iедална муьтIахь хила а. Ткъа вай тIелаьцнера, нагахь нохчий, къарбелла, совцахь, цаьргара дIадаьхна цхьадолу латтанаш царна йухадерзо а, церан дин, Iадаташ, гIиллакхаш лиэра а, уьш салт ца баха а. И дерриг дIа а йаздина дуккха а йаккхийчу йартийн маьждигаш чохь леррина Iалашдо нохчаша. ХIетахь дуьйна, вайн правительствос муьлхха а цхьа порядок шайна коча Iоьттича, и машаран барт вайна дуьхьалтуху цара.

Кхеташ ма ду, империна чоьхьа и шатайпа автономи а йиллина, правительствон Iен йиш цахилар. ТIаккха-м, дера, изза дезар ма ду царна луларчу кхечу къаьмнашна а. Цундела, кхузахь вайн позицеш чIагIйелла аьлла ма-хийттинехь, граф Евдокимов даррехь вайн порядкаш хIитто воьлча, 1860-чу шарахь, Нохчмахкахь гIаттам болабелира. ТIаьхьа веанчу Лорис-Меликовс ларлуш, хьекъале политика йолийра кхузахь. Цуьнан аьтто хилира меттигерчу эпсаршкахулий, совдегаршкахулий, динан дайшкахулий, ша эцначу дуккха а агенташкахулий нохчий оцу бартан цхьацца йолчу пункташна тIера йухабаха. Шаьш дерригенах хадарна кхоьруш, шайна дукха мехала ца хетачу пункташна тIера йухабуьйлура уьш, амма, оцу машаран бартаца шаьш йаьхна бакъонаш шайгахь совцо гIерташ, биллина дIа вайца къийсам а латтабора.

Динан фанатизмах дерг аьлча, нохчийн къийсамехь суна ца гина иза. Мила ву динан фанатик? Цкъа-делахь, и тайпа стаг шен динан идеян дуьхьа вехаш а, цуьнан дуьхьа шен са дIадала кийча а хила веза. ШолгIа-делахь, фанатикна хийра йу оцу шен динца цхьаьна ца йогIу муьлхха а идеяш а, хьежамаш а. Нохчийчохь суна ца хаавелла динан фанатик. Суна ца хезна, делан дуьхьа, динан идеян дуьхьа нохчо велла бохуш. ХIокху гIаттаман могIара дакъалацархой-м хьовха, цуьнан тхьамданаш а ларло Iожаллех. Шайн дахарна кхерам болуш меттиг тIенисйелча, дукхе-дукха сиха йухабовлу уьш. Делах-м, дера, теша. Амма Делах тешаро церан дегнаш чохь вайга, керстанашка, цабезам кхоллац. И цабезам кхоьллинарш маситта шарахь

вайца хилла тІом а, уьш къарбеш вайгара йийлина къизаллаш а йу. Оцу тІе тоха шайна церан гІиллакхашций, амалшций цхьаьна ца догІу вай церан кочаІуьтту Іедал а. Нохчийн вайга болчу цабезаман а, мостагІаллин а хьоста цаьрца ду, амма и цабезам а, оьгІазло а, мостагІалла а марсадаха некъ цара Къуръан чохь лоьху. ТІе, и нохчий философаш а бац, уьш позитивисташ а, практикаш а бу. Нагахь вайн бакъонашкахьа къийсамехь вайл тола шайгахь ницкъ хир бу аьлла хетахь, вайх лата а, шаьш марсабаха а, ткъа шаьш оьшур ду аьлла хетахь, вайца машар бан а, шайн оьгІазло йухаоза а – шиний агІор некъ лоху цара Къуръан тІехь.

Амма, дукхахьолахь, уьш бохаме тоьттург церан сонталла йу. ХІокху гІаттамехь суна сайн бІаьргашца гина церан кегийрхой вайх леташ. Цара суна дагадохкуьйтура Парижан баррикадашкахь лета ураман бераш, блузникаш. Цхьа а тайпа оьгІазло йоцуш, цхьана а тайпана тІаьхьалонна ойла ца йеш, самукъане летара уьш!

Ткъа муьлш бу кхузахь мятежникашна коьрте хІуьттурш? Авантюристаш бу-кх. Шайн мерал дехьара дуьне а ца гуш болу. Церан масех Іалашо хуьлу. Цкъа-делахь, халкъана хьалха шайн авторитет айъар; шолгІа-делахь, йоццачу ханна мукъана а халкъана коьрте хІиттар; кхозлагІа-делахь, оцу кІеззигчу ханна шайн буйна нисделлачу халкъан ницкъаца вайн Іедал а кхерийна, вайгара мелла а шайна пайдехьа дерг даккхар. Ткъа шайгарчу халачу хьоло бІарздина, дардина, цхьаъ хьалхаваларе хьоьжуш ладоьгІу сонта адамаш, шайга мохь ма-туьйххинехь, бажа санна, царна тІаьхьахІуьтту.

Доцца аьлча, нохчий ца теша вайн Іедалера шайна диканиг хир ду бохучух. Церан аьттонна правительствос долийначу муьлххачу а гІуллакхах нийсса бІостанехьа кхета уьш. ТІом чекхболуш вайн правительствон цІарах шайна йелла бакъонаш, кІез-кІезиг йохуш, лаххьийна шайгара дІайахарна кхоьру. И дерриг бахьанаш кхаа дашца алалур ду: нохчийн сихалла а, сонталла а, кхетамзалла а.

ТІаккха ас хаьттира инарле, нохчийн хІокху гІаттаман а, туркошца болчу тІеман а вовшашца зІе йуй-те аьлла.

– Нахана моьттучу агІор-м йац, – жоп делира инарлас. – ХІара гІаттам а, туркошца вайн тІом а цхьаьна нисбаларна, нахана моьтту нохчий туркойн барта гІевттина. Иза аьттехьа а дац. Балканехь вайн а, туркойн а йукъаметтигаш галйийла йоьлчхьана, лурчах дуьйна Кавказски эскарийн командованис дукхе-дукха леррина тергам латтабо, хІокху лаьмнашка туркойн эмиссараш богІий хьоьжуш. Командованина ца хаавелла кхуза веана туркойн агент. Амма кхин цхьаъ ду. Туркоша кхузарчу ламанхошца шайн зІе Макка оьхучу нахаца лелош хилар гучудаьлла дукха хан йоццуш.

ДегІастанарчу цхьацца наха и зІе латтайо Турцехь вехачу Шемалан кІантехула – ГІеза-Махьмехула. Мелла а цаьргахула дІа цхьацца йазораш хилла Шемалан наиб лаьттинчу Дуев Іуммин а. Амма нохчийн хІокху гІаттаман тхьамданийн туркошца цхьа а тайпа зІе цахилар гойту и гІаттам ша-шаха болабаларо а, Константинополе лерг диллина Іен Іаьлбаган ДегІастанара бартахой цунах дІацакхетаро а. Іумма дегІастанхошца барт болуш хилар а, хІокху гІаттаман тхьамданашца цуьнан цхьа а тайпа йукъаметтиг цахилар а гойту иза тІаьххьалц тийна Іаро.

ТІе, хІокху нохчийн ойланаш шайца цхьана динарчу туркошца йу бохург а хета суна цхьа а тайпа бух боцуш. Шаьш вайца латточу къийсамехь даим а шайна арахьара гІо лехна ламанхоша. Шаьш оцу хьелашка хІиттича, хьалхара орца туркошка олура цара, уьш шайца цхьана динехь хиларал сов, дозанал арахьарчех уьш уггар гергахьара лулахой а хиларна. Цул сов, даим вайца мостагІалла долчу туркоша, вайний, ламанхошний йукъерчу девнех пайдаэца Іалашо йолуш, шаьш и дов кІамдеш, марсадохуш, тІаккха шайга орца олуьйтуш меттигаш а хилла. Амма ламанхойн цкъа а ойла хилла йац туркойн Іедална кІелбаха. И хуучу туркоша хабарел а, питанел а тІехбевлла цкъа а гІо ца дина царна. Доцца аьлча, ма-дийццара, хІара ламанхой кІорггера бусалбанаш а хилча, туркошкахьа шайн безам а хилча, оьрсашкахьа цабезам а хилча, вайн эскаршка а хІиттина, хІорш туркойх лата тІаме гІур бацара. Ткъа, шуна ма-хаъара, туркошца хуьлчу вайн массо а тІеман

кампанехь жигара дакъалоцу ламанхоша. Тахана а туркойх майра а, доггах а лиэташ нохчийн цхьаъ а, дегIастанхойн шиъ а полкаш а, дисинчу ламанхойн къаьмнийн бIаьхаллин дакъош а ду. Оцу масалша гойту, хIорш вайн Iедална мел шаьш реза бацахь а, Россина муьтIахь хилар…

Ас тIаьххьара а хаттар дира инарле:

– Хьан локхалла, ахь дуьйцург а, тахана кхузара вайн гIуллакхаш а цхьаьна ца догIуш хета суна. Доцца аьлча, ахь дийцарехь, нохчийн гIаттамаш вайн администрацин политикин а, гIалатийн а жамI хуьлу. Хьан къамеле ладоьгIча, хаало нохчех мелла а хьан доглозуш хилар. ХIетте а, суна хаарехь, хьалхалерчу тIеман а, гражданский а администрацин гIалаташ а нисдина, Нохчийчохь машар а, синтем а хIотторна керлачара а ца дина хIумма а. Мелхо а, тахана оцу гIалаташна йа, нийсса аьлча, оцу харцонашна дуьхьалойийраш къинхетамза хьоьшу…

Сан хаттар ца тайначу инарлин хьаьжа йуккъе шад хIоьттира. Схьахетарехь, ишттачу хаттарна хьалххе дуьйна кийчча хиллачу цо сихха жоп делира.

– Цкъа-делахь, господин Абросимов, хьалхалера гIалаташ нисдан йехха зама оьшу. ШолгIа-делахь, уьш нисдар а, кхузахь машаррий, синтеммий хIоттор а сан лаамехь гIуллакхаш дац. ТIаьххьара а, сан гуманни ойланал лакхахь лаьтта пачхьалкхан хьашт-дезарш а, Iалашонаш а. Пачхьалкхан чоьхьарчу хьелаша а, арахьарчу йукъаметтигаша а, къаьсттина а шена тIехьа вайн нуьцкъала мостагIий лаьттачу туркошца болчу хIокху тIамо а со тIетоьтту, къинхетам бохург диц а дина, даге ла а ца доьгIуш, нохчийн гIаттамца дерг сихха а, гуттаренна а чекхдаккхарна.

Инарлин шийлачу бIаьргашка хьаьжча, кхидIа хеттарш эрна хиларх кхийтира со…

* * *

Ламанхой, къаьсттина нохчий, вайна дуьхьалбахарна бехке вайн эскаршкахь гIуллакхдеш хилла кхечу мехкийн эпсарш а хетало суна. Царах дукхахболчарна биэн а ма ца хета Россин а, цунна чуьрчу халкъийн а кхоллам. Уьш шайна чинаш, титулш, хьал а лаха ма богIу вайн махка. Ас буьйцурш дуьххьара Нохчийчу йаьхкинчу вайн отрядийн командираш Кох, Фрауендендорф, де Медеми, Кек, Рик, Пьери а, кхиболу а кхечу мехкийн авантюристаш бу. Цара йоккхачу къизаллица хьийшира шайна тIехь олалла латточу луларчу феодалашна дуьхьал болу нохчийн гIовттамаш. ХIаъа ткъа, и шайн къизалла вайн правительствон цIарах ма лелайора оцу эпсарша. Нийсса аьлча, церан къизачу гIуллакхашка бIаьргаш хьаббой хьоьжура правительство а. Церан болх хета суна Шайх Мансур коьртехь Нохчийчоь гIаттар. ХIеттахьехь вайн правительство кхетаме йеана хиллехьара! Цо и хьере эпсарш а, инарлаш а йухаоьзнехьара, хIокху тIаьххьарчу иттаннаш шерашкахь оццул цIий Iенна хир дацара. Амма и ца дира вайн мундираша. Оьрсийн пачхьалкхан, оьрсийн герзан сий лардан дезаш хийтира! Цкъа цхьанаметта къиза тохар дина нохчий къарбарца, кхузарчу дисинчу къаьмнийн ишттаниг лелорах догдаккха деза аьлла хийтира. Амма нохчашна дага а ца догIура къизаллина кIел совца. Вайн правительствон цхьана къизалло кхин кхуллуш, деха кочар хилира цунах. Шо-шаре мел долу, кIарглора вайн инарлаший, чиновникаший ламанхошна а, оьрсийн халкъана а йуккъехь охку ор. Шина къомана йукъахь машар кхайкхоран меттана, оцу шинна йукъа питанаш туьйсуш, йуккъехь мостагIалла марсадохура. Генна хьалха хьуьйсучу хьекъалечарна гора оцу гIалатечу, къизачу политикин хинйолу тIаьхье. ТIаьхьа делахь а, кхузахь дIакхоьхьу политика хийца йезар хьийхира цара. ХIетахь, йуьхьанца, поэтан Грибоедовн а, тIаьхьа инарла Раевскийн а, хIинца тIеман министр волчу Милютинан а хьекъалечу хьехамашка вайн правительствос ладоьгIна хиллехьара! Цхьамзанаш йуьстах а тийсий, хIокху къоман Iер-дахаран, гIиллакхийн, амалийн хьелаш тидамехь а латтош, ларлуш, сих ца луш, кIез-кIезиг вешан йукъараллин дIахIоттам хIокхаьрга тIеэцийта вай, хIорш мах лело, бахам кхио Iамабе вай, кхузахь школаш, больницаш йохкуш, хIокхарна йукъа лаккхара культура, серло йаржайе вай, бехира цара. Амма вайн правительствос ла ца дуьйгIира цаьрга. Мелхо а, тIеттIа алсамйохура къизаллаш.

Иттаннаш шерашкахь тІом биначул тІаьхьа, 1859-чу шарахь, шайца машаре бартбар дийхира нохчаша. И барт цаьрца бира фельдмаршало Барятинскийс. Амма, кхузахь шен ког хІоьттича, масех шо хьалха цаьрца бина и машаран барт а бохийра вайн правительствос.

Вайн зорбанехь а, килсашкахь а кхайкхадо, нохчий оьрсашна дуьхьал гІевттина бохуш. Амма иза бакъ дац. ХІокху гІаттаман тхьамданаш хІумма а сонта бац. Царна дика хаьа зуламан а, шайн къомерчу къоьллин а, бохамийн а хьоста мичахь ду. Царна хаьа и зулам, бохамаш правительствос кхуллийла. Цунна дуьхьал айъина цара шайн герз. Цунах дика кхета правительствос йузийна нохчийн къоман лакхенаш а. Хаьа, гІаттам толахь, уггар хьалха шайн баккъаш кеглур дуйла. Цундела цара шайн ницкъ ма-кхоччу правительствона гІо до хІара гІаттам хьаша.

Сийсара, са а гатделла, жимма хан йайъа Евгений Иванович волчу вахара со. Сан цецваларан доза дацара хІинца цуьнан хІусамехь къена, цамгаре нохчо карийча.

– Вовзал вовшийн, – дуьхь-дуьхьал хІоттийра тхойша хІусамдас. – Сан университетски доттагІ Яков Степанович. Ткъа хІара, Яков Степанович, сан нохчийн доттагІех уггар гергарниг – Берса Рохьмадович. Оьрсийн эскарехь гІуллакхдарца капитанан чин делла хІокхунна, шен халкъан маршонехьа къийсарна – итт шо каторга а, цу тІе, чахотка а.

Нохчочун професси а, могашалла а цхьаммо а йийца а ца оьшура. Цуьнан мокха йуьхь хебарша аьхнера, сирбелла корта тиллера кІеззиг чоьш бен ца дуьсуш. ДІа мел доІучу сица хьаз-хьиз хезара. ХІетте а, дегІе бІаьрг тоьхча, багах долучу даше ладоьгІча, шера хаалора иза кадрови эпсар хилар.

Евгений Ивановича стоьла тІе къаьркъанан шиша а, бепиг а, Іежаш а, самовар а хІоттийра. Берсас ца молийла хуучу хІусамдас цунна чай, тхойшинна къаьркъа доьттира.

– Вай цхьаьнакхетарна, сан хьомсарчу доттагІчун Берса Рохьмадовичан могашаллина тІера!

Хабарна тІерачу Евгений Ивановича суна дийцира хІокху Берсас Петербургехь кадетский корпусехь дешар а, венгрийн революци хьошуш дакъалацар а, оьрсийн революционер Алексей Гусев цуьнан герггара доттагІ хилла хилар а, нохчийн маршонехьарчу къийсамехь тахана хІокхуьнан меттигах лаьцна а.

Цхьацца дуьйцуш, тахана банкетехь Свистуновс дийцинарг йукъаделира тхан. Нохчийн туркошца барт бу бохург хьахаделча, хаъал оьгІазвахара Берса.

– Нохчийн ойла туркошкахьа йу хІунда моьтту массарна а? – хаьттира цо. ТІаккха, тхойша вист ца хилча, шен хаттарна ша жоп делира. – Цаьрца цхьана а тайпа йукъара хІумма а дац тхан халкъан. Деккъа цхьа дин доцург. Тхан лулахой а уьш бац, цхьана цІийх а тхо дац, мотт а вовшашна аьттехьа а бац. Тхан дайша Шайх Мансуран заманахь гІо дехна туркошка-м хьовха, англичанашка а. Амма цара а йа вукхара а цкъа а цхьа топ йуза молха делла а, йа политикехула а, йа дипломатица а тхан халкъана дина гІо дац. Амма, цара гІо динехьара а, и гІо тхан халкъо схьаэцнехьара а, эхье хІумма а хир дацара-м, моьтту суна. ХІор а пачхьалкхо, хІор а къомо, шена тІе хала киртиг хІоьттича, уггар хьалха шен аьтто лоьху. Масала, полякийн шляхтин Іазапна дуьхьал шайн къоман маршонехьа къийсамехь туркойн султане а, Крыман хане а гІо дийхира малороссаша. Амма царна дагахь а дацара йа султанан а, йа ханан а Іедална кІелбаха.

Евгений Ивановича кхин а цхьацца кад боьттира тхойшинна.

– Вай-м ца бо нохчий бехке, – элира Евгений Ивановича. – Ахь нийса боху, Берса. Хала киртиг-м хьехор а йацара вай, паччахьаша-м, шайна кхин халкъ дІакхалла лиъча а, союзник лоху. Селхана мостагІ хилла ши пачхьалкх, оцушиннах цхьаннан кхоалгІачуьнца дов доладелча, нагахь шайн Іалашонаш цхьаьнайагІахь, вовшашца барт а бой, кхозлагІчух лета. Наполеон Россина чувеача, вешан селханлерчу мостагІашца – австрийцашца, пруссакашца, англичанашца, туркошца – барт бира

вай.

– Гена гIиртина хIун до вай, – тIетайра со а, – тахана Балканехь хIоьттина сурт гуш хилча? Вайца цхьана динехь болчу цигарчу славянаша, шаьш туркойн олаллина дуьхьал масазза гIовтту, Россига гIо доьху. Иза нийса а, бакъонца а лору вай, ткъа шайн маршонехьа гIевттинчу ламанхоша шайца цхьана динерчу туркошка гIо дехча, маьхьарий бовлу.

– Кхузахь хьо гал ву, Яков Степанович, – элира Берсас, ойла а йина. – Оьрсийн а, туркойн а шина правительствон политикийн Iалашонаш цхьаъ йелахь а – мехкаш дIалеций, кхин къаьмнаш лолле дерзой, амма жамIаш башх-башха нисло. Оцу шиний правительствона гIенах а дага ца догIу вовшаша Iазапехь дахко къаьмнаш маьршадаха. Амма оьрсийн правительствон Iалашонаш цхьаьнайогIу Балканерчу халкъийн лаамца. Россиний, Турциний йуккъехь тIом масазза хуьлу, Балканера халкъ маьршадолу туркойн Iазапна кIелхьара. Маьршадаьлла ца Iаш, хIораннах а йозуш йоцу пачхьалкх а кхоллало. Со тешна ву, хIара тIом а болгарашна маршо луш чекхбериг хиларх. ТIе, оьрсийн халкъан дог лозу шайца цхьана динехь, цхьана цIийх болчу цигарчу славянех. Церан маршонан дуьхьа, цхьа а тайпа шалхо йоцуш, шайн синош дIало оьрсийн салташа. Ткъа тхан, шайн «бусалба вежарийн» дуьхьа тIом бо бохучу туркойн правительствон а, йа туркойн халкъан а, йанне а йац и догцIена ойла. Нагахь, цхьа аьтто а баьлла, оьрсашна тIехь туркошка толам баккхалахь, хIара лаьмнаш церан карадахча, цара ламанхошна маршо, серло лур йара бохучух ца теша со. Паччахьан дукъ дIа а кхоьссина, ламанхойн коча шениг дуллур дара султано.

– Ахь ма-дийццара хилча, ламанхой Турце хIунда уьду? – хаьттира Евгений Ивановича.

– Оьрсийн правительствон харцонах а, къизаллех а, шайн къоьллех а бевдда. ТIе, Евгений Иванович, цхьа ламанхой хилла ца Iа Россера дIауьдуш. Маса эзарнаш оьрсий, малороссаш, белорусаш бахана Америке? Шайн даймок, шайн халкъаш ца дезаш ца уьду уьш цига, ткъа, хIара ламанхой санна, кхузарчу къизаллех, харцонех, къоьллех уьду. Нагахь шийтта шо хьалха нохчий Турце кхалхар царна туркой а, церан паччахь а везаш хилла моттахь, иза бакъ дац. Шайн гIаттам хьаьшча, кхелхина бахана дуккха а донски гIалгIазкхий тахана а бу Турцехь. Туркошца тIом хилча, оьрсийн эскаршна дуьхьал а лета уьш. Цигахь тахана а бу, европейски революци хьаьшча, бевдда бахана французийн, немцойн, полякийн, австрийн, венгрийн а бIеннаш революционераш. Тахана оьрсийн революционераш а бу, паччахьан Iедало Россера арабаьхна, малхбузе мехкашкахь баьржина. Кхолламо баьхна уьш шайн махках а, халкъах а. Тхешан маршо, даймохк ларбеш, тхешан ницкъ эшна, кIелдиссалц летта тхо оьрсийн паччахьна дуьхьал. Амма тхан жима халкъ эшийра дуьненахь нуьцкъалчарна йуккъехь а нуьцкъалчу оьрсийн империс. Тхан бертаза кочадеана паччахьан олалла. Тхуна мел ца лаахь а, ца дезахь а, Россица, оьрсийн халкъаца бу тхан исторически кхоллам. Тхаьш санна, Iазапехь доллуш оьрсийн халкъ хиларна, цуьнан гIоьнца мацца а цкъа тхайна маршо а, ирс а хиларх дог а доху.

ТIаккха тхан къамел туркошца тIаме йаханчу нохчийн полкана тIеделира.

Берсас гIайгIане корта хьовзийра.

– Даим туркоша, персаша хьийзош бIарзбинчу гуьржаша, шаьш Турцина, Иранна йа Россина цхьанна кога кIел дахаза ца довлийла хиъча, оцу кхааннах цхьаъ къасто дезаш, кхо некъ хIоьттича, шайца цхьана динехь йолу Росси къастийра. Дера, тхан а ма бу тхаьшца цхьана динехь болчу туркошка озабезам. ХIетте а, тхан дай цкъа а ца хIиттина туркойн, персийн, кхечу бусалба паччахьийн байракхаш кIел. Уьш, тхаьш санна, бусалбанаш хиллехь а. ХIара таханлера туркошца болу тIом – дуьненан нуьцкъалчу паччахьийн а, пачхьалкхийн а политикин, девнийн а тIаьхьало йу. Иштачу тIамехь дакъалацар шатайпа гIо ду мехкаш дIалецархошний, халкъашкахь Iазападаллорхошний.

Сан а, Евгений Ивановичан а шозлагIа кедаш хьадаза лаьттара.

– Амма нохчийн полк доггах а, майра а лета туркойх, – элира Евгений Ивановича. – Суна хетарехь, оцу полкера цхьа а нохчо нуьцкъах ца вигна цига.

Берсас йуха а гІайгІане корта хьовзийра.

– Бакълоь хьо, Евгений Иванович, – элира цо. – Уьш цхьаммо а нуьцкъах ца бигна цига. Амма ахь цхьа хІума диццдо. Туркошца тІаме йаханчу нохчийн полкера нах цхьаъ цахилар. Вайна ма-хаъара, кхузаманан муьлхха а къам социальни масех классах лаьтта. Олалла дийраш – дворянаш, буржуази; олаллина кІел бохкурш – белхалой, ахархой, доцца аьлча, къинхьегаман халкъ. И ший а класс – цкъа а вовшашца машар хир боцуш ши мостагІ ву массо а махкахь. Муьлххачу а къоман олаллин классана шен къоман къинхьегаман халкъал гергара хета кхечу къомах, кхечу динехь долу шайца цхьана классан адамаш. Цундела масех динехь дуккха а къаьмнаш цивилизацин пачхьалкхехь, шина классана йуккъехь дов даьлча, олаллахой а, къинхьегамхой а шайш-шайн классашкахь цхьаьнакхета. Къам а, дин а ца хьехош. Цунна цхьа-шиъ классически масал далор вай. Вайна ма-хаъара, масех бІешо ду Балканера славянаш туркойн Іазапна кІел бохку. Амма, и халкъаш туркойн олаллина дуьхьал гІевттича, меттигера хьоладай даим туркошкахьа бовлу. Йа, нийса аьлча, туркойн Іедалехьа. Цул сов, Боснерий, Герцоговинерий славянийн цхьаболчу дворянаша, шайн къоман керста дин дІа а тесна, бусалба дин имперехь олаллин дин а, олалла дечу къоман дин а хиларна. Іазапехь далло къаьмнаш классаллин къийсамехь шайн йукъарчу мостагІчунна дуьхьал цхьаьнакхетаран классически масал ду Пугачев коьртехь волуш Россехь тІаьххьара хилла ахархойн тІом. Оьрсийн муьжгашца, гІалгІазкхашца цхьаьна бара гІезалой, башкираш, удмурташ, чувашаш, мордваш, марийцаш, гІалмакхой. БархІ къомах а, масех динехь а долу адамаш. Ткъа 1848–1849-чуй шерашкахь Европехь хиллачу революцин дакъалацархой? Масала, Венехь баррикадашкахь цхьаьна бара австрийцаш, чехаш, словакаш, мадъяраш, полякаш, кхин а. Баррикадийн вукху агІор – оццу къаьмнийн олаллин классаш. ХІара оьрсийн-туркойн тІом а ца болабеллехьара, цунах пайда а эцна, Іедалой, килсой кху махкарчу оьрсашна йукъахь харц эладита а ца даржийнехьара, тахана дуккха а муьжгий гІевттинчу нохчашца хирг хиларан шеко йацара. Цунна тоьшалла ду, нохчийн гІаттам болабелча, салтий Нохчамахка бовда гІортар а, царах аьтто баьлла цхьаъ Іаьлбаган уггар гергара накъост хилар а.

Берсас, кисанара даьккхина йовлакх бете а лаьцна, дІа а вирзина, йовхарш туьйхира.

– Гой хьуна, Евгений Иванович, – долийра цо, ша меттавеача, – туркошца тІаме бахана нохчий а бац цхьаъ. Цхьаберш правительствос эцна, шозлагІниш – йал а йелла, лата бигна. И хьалхарниш – ЧермоевгІар, МамаевгІар, ШамурзаевгІар, кхин а, кхин а бу. Уьш баккъал а императоран дуьхьа бахана цига, царна дика ма ву иза. Нагахь тахана кхузахь, оьрсий а боцуш, туркой, англичанаш, французаш йа муьлхха а кхин нуьцкъалниг хиллехь, церан императорш а, церан «даймохк» а ларбан а гІур бара уьш. Ишттачу нехан даймохк а, халкъ а ма дац. И ший а дешех духку цара, ойла ца йеш. Шайна ахча делчахьана, иблисна гІуллакх дан а кийча бу уьш.

– Доцца аьлча, халкъашна йуккъе зайлаш тоьхна-кх Іедало. ХІан, Яков Степанович, дІамалий вайша? – кад схьаийцира Евгений Ивановича. – Шун могашаллина тІера, господа!

Берсас чайнах къурд бира.

– Довханиг доттий хьуна?

– Баркалла. Бакъду иза, Евгений Иванович. Амма тхан халкъан ойла даим а гуманни йу. Цуьнан, мостагІалла-м хьовха, цабезам а бац цхьана а къоме. Чермоев а, цуьнан компани а оьрсийн императоран дуьхьа, йа шайн йукъараллин дарж, йа шайн хьелаш лардаран дуьхьа бахна тІаме. Ткъа оцу полкера могІара нохчий Іехийна бигна.

– Ткъа кхузара оьрсийн бахархой, шун гІаттаман кхиам хилахь, шаьш кхузара дІалахкарна ма кхоьру.

– Иза аьттехьа а дац.

– Ахь-м иштта дуьйцу, ткъа гІаттаман тхьамданашна дагахь кхин хила там бу. Уьш, хьо санна, кхетамна лакхахь ма бац.

– Церан дагара хууш ма дуьйцу ас. Уьш оьрсашна дуьхьал ца гІевттина. ХІара Іедал дезаш Іа оьрсийн халкъ? Шуьшиъ ву ткъа цунна реза? ХІун ду гІовттамхоша доьхург? Кху махкахь дехачу дисинчу къаьмнашца шаьш бакъонашций, латтаций нисдар.

– ХІаъ-хІаъ! ХІинца ас бохучу тІевеа хьо!

– Муха?

– Кхузара оьрсийн бахархой шун махка тІехь беха. Цаьрца шун гамо йац бохучух теша хала ду, Берса Рохьмадович.

Берсин йуьхь кхоьлира.

– Оцу дерригенах а кхетархьама, тхан къоман амалш йовза йеза, Евгений Иванович, – элира цо. – Арахьарчу стагаца а, кхечу къомаца а гІиллакх а, йахь а лелор цІийх доьлла тхан. Цунна тоьшалла ду тхан къоман йерриг истори. Нохчаша туш лора шайн феодалех бевдда кхуза баьхкинчу муьлххачу а къоман нахана. Бусалба а, керста а ца хоьржуш. Ткъа тІом болуш бевдда тхуна йукъа бІеннаш салтий баьхкиний а, уьш инарлашка дІа ца бала, нохчаша шайн йарташ йагайойтуш хиллий а хаьа шуна. И цхьаъ ду. Іедалой, иза дІакхоьхьучу цхьацца нахий кхуллу халкъашна йукъахь мостагІалла. Амма халкъаш Іехор гена доьдуш гІуллакх дац. Тахана ца кхетахь а, кхана-лама халкъаш кхета. Нохчашна-м дукха хенахь дуьйна хаьара шайн бохамашна, къоьллина, Іазапна бехке оьрсийн халкъ доцийла, ткъа и ша а Іазапехь даллош оьрсийн паччахьан Іедал дуйла. ТІе, нохчий хьега дІора дика хьал а ма дац оьрсийн халкъехь а. Ас дийца ца оьшу иза. Іедало дийнатийн хьелашкахь ма латтабо муьжгий. ХІара Іедал тІедаллац, цхьа доьзал санна, бертахь ма баьхна нохчий а, гІалгІазкхий а. Іедало битахьара, хІинца а иштта Іийр бара, жимма а адамалла долуш хІара Іедал делахьара.

Берсас, бете йовлакх лаьцна, кІажвахана йекъа йовхарш туьйхира.

– Бехк ма биллалаш, – элира цо, халла дІа а тийна. – Ткъа шайн долахь бІе, пхи бІе десятин латтанаш дІалецна эпсарш а, совдегарш а! Иштта кхин а лаьхьарчий мел дукха ду! Кхузахь Іедалан гІорториаш хилла лаьтташ долу. Доцца аьлча, Іедална, цуьнан хьадалчашна дуьхьал гІевттина нохчий. Цундела гІовттамхоша бекхам оьцу, Іедалчех-м хьовха, ткъа иштта нохчийн йуьртдайх, динан дайх, совдегарех. Амма машаречу оьрсичун коьрта тІера чо а талхо ойла а йац. Суна хетарехь, нохчаша айъинарг массеран а йукъара гІуллакх ду. Амма Іедало цунах кхета битац кху махкара оьрсий.

* * *

ХІокху тІаьххьарчу бІешаро инзаре баккхий хийцамаш бина нохчийн къоман синкхетамехь. Вуочу агІор. Цунна дало масалш дуккха а дара, делахь а, хІокху таханенна тІедогІучу цхьанна тІехь соцур со.

Нохчийн йарташкахула лелаш, суна хааделира хІокху халкъан дуккха а барта иллеш хилар. Уьш дерриг а турпалаллин иллеш ду. Мацах цкъа шаьш монголийн-татарийн ханашца, Тимуран ордашца, Крыман ханашца, гонахарчу къаьмнийн феодалашца, оьрсийн паччахьашца латтийначу къийсамех, шайн халкъан баьччанех лаьцна дуьйцуш.

Амма хIокху тIаьххьарчу шерашкахь, оцу турпалчу иллийн меттана, кхин кхолладелла: гIиллакхех, Iожаллех, эхартах лаьцна сингаттаме, дуьненах догдиллина чулацаме иллеш.

Цецвала хIума дац иза?

ТIамо оьздангаллех, адамаллех а дохадо адамаш. Башхо йоцуш, шина а агIорниш. Бакъонца летарш а, тIамна бехкеберш а. ТIом дахарехьа къийсаман уггар лакхара, уггар къиза, адам адамаллех дохо тIегIа ма ду. ТIамехь харжац бакъ а, харц а герзаш. Цо толаме вуьгуш йа ларвеш хилчахьана, муьлхха а герз ойъу – харцо, къизалла, мекарло, йамартло, тешнабехк – дерриг а мега. Мел машар безарг а, мел къинхетамениг а, хIетталц атталла зингат хьаша къихкинарг а – адамаш дайъа волало. Тайп-тайпанчу бахьанашца, Iалашонца. Кхиберш лолле берзо, тало гIерташ – цхьаберш; шайн даймохк, доьзалш, шайн синош лардеш – шолгIаниш: шайна сий, хьал лоьхуш – кхозлагIниш а; ницкъо тIелоьхкуш – бисинарш а. Масане ду уьш?

Вайн муьжгий шайн лаамехь ца бовлу салт а, шайн лаамехь ца богIура нохчийн йарташ йаго а. Кара герз а лой, нуьцкъах схьачулоьхкура уьш. Ткъа вукху агIор, Шемала а, цуьнан динан дайша а ламанхочун коьрта чу дуттура, церан йарташ йагораш, керстанаш, бусалба динан мостагIий бу, уьш байъинарг а, царах летта велларг а гIазот хир ву бохуш. Оцу хьехамех цатешарг а, машаре Iан луург а гIаттавора вайн инарлийн къизалло. ТIом чекхбаьллачул тIаьхьа берхIитта шо даьлла. Цуьнан чевнаш йисина адамийн дегнаш чохь. ХIинца а шардалаза ду хIетахь байъинчийн кешнийн баьрзнаш. И мостагIалла дицдан гIерта шина а агIорниш, амма Iедало иза марсадоху шен харц эладитанашций, гIуллакхашций. Хилларг, дIадаьлларг дицдан а, шина халкъана йукъахь гергарло, доттагIалла кхолладала а, шайн массеран кхоллам цхьаъ буйла хаа а, шайн массеран йукъара мостагI паччахь а, цуьнан Iедал дуйла хаа а, цунна дуьхьал маршонехьа къийсамехь халкъаш цхьаьнакхетта гIовтта а хан ма йеза. Иза, вайна ма-моьтту, шарахь а, итт шарахь а хир ма дац. ТIе, хIокху Iедало аттачу балхах халкъаш дуьтур ма дац доттагIалла, гергарло таса а, цхьаьнакхета а, вайн социалистийн ницкъ а, идеяш а толлалц.

* * *

ХIокху нохчаша, нехан махка а бахана, цIий Iанийна, кхечу халкъан маршонна тIе куьг даьхьна меттиг хаац историна.

Уьш къар ца белира монголийн-татарийн ханийн а, Тимуран а ордашка. ХIокху арен тIера дIабаьхначу цара, лаьмнашка йуха а бевлла, хаддаза къийсам латтийра шайн маршонехьа.

Ширачу Римера схьайогIуш, цкъа а ца хийцалуш цхьа принцип йу олалла дечу классийн: шайн олаллина кIелхьара кегийра къаьмнаш массо агIор а лахдар, царна йуккъехь мостагIалла латтор, церан вовшех тешам байъар, царах цхьаъ маршонехьа гIеттича, кхечеран куьйгашца иза хьашар.

ТIаккха атта хуьлу уьш дацо, лоллехь латто.

Оцу принципна тешаме йу вайн правительство. Цул цхьа ког а тIаьхьа ца вуьсура Шемал а.

ХIокхеран дуьхьало кагйеш биначу бехачу тIамехь герзаца адамаш дойъура, дагарций, цIарций йарташ, йалташ, даьхний, бошмаш, хьаннаш хIаллакйора, ткъа ахчанца хIара къам шен оьздангаллех дохадора вайн командованис. Цуьнца нах оьцура, уьш шайн халкъана дуьхьалбохура, йарташна, тайпанашна йуккъе мостагIаллаш эгадора, уьш вовшех лоьтуьйтура. Оцу политикех лаьцна дика аьлла Н. А. Добролюбовс шен цхьана статьяца.

1839-чу шарахь Ахульгохь вохийна, ДегIастанара эккхийна Шемал шайна тIелецира нохчаша. Йа, вуьшта аьлча, Ахульгохь дIавоьллина иза йухаденвира.

Денвина а ца Iийра. Цунах дуьненахь а цIе йоккхуш стаг вира.

Малхбален ламанхошлахь массарел тIех шайн къоман, йукъараллин а, хIораннан шен маршо а, бозуш цахилар а лардинчу нохчаша ДегIастанахь деспотически Iедал латточу Шемале шайна тIехь иза дуккха кIаддайтира. Масала, Iедалан урхалла а, халкъан текхамаш а, далла гIуллакхдарца йолу чIагIаллаш а. Оцу халкъо цкъа а къобал ца йора мюридизман идеяш, ткъа и гIазотан кхайкхамаш дуьххьалдIа шайн къоман маршонехьа, вайх дозушдацар лардарехьа къийсамна адам гIатто идейни гIирс бара. Шемал цкъа а ца тешара нохчех, ткъа нохчашна а йевзара цуьнан башха амал. Шемална хаьара и дерриг а, цундела иза кхоьрура царах. Ткъа нохчий боьлура цуьнан шайхаллех а, цуьнан фанатични кхайкхамех а, хьехамех а.

Шемална кхин а цхьаъ хаьара дика. ДегIастанахь цуьнан шен гIоьнца паччахьан инарлаша вохийна, экханна санна, тIаьхьатоллуш эккхийна ша ведда кху Нохчийчу веача, хIокху нохчийн гIоьнца кху лаьмнийн буьрса да хилла ша дIахIоьттина хилар а, цара ша дIатесначу дийнахь шен седа чубузург хилар а, тIаккха маситта шарахь ша хала къахьоьгуш, дуккха а хенахь шен инзаре боккха ницкъ, хьекъал, майралла а дIалуш, хеназа къанлуш хIоттийна, шел тIаьхьа кIантана ГIеза-Махьмина йита сатуьйсу хIара имамат а хаьрцина тIекIелйериг хилар а…

Цундела, цкъа ша Нохчийчохь а, ДегIастанахь а ондда когаш тIехь ирахIотталц, имамо Нохчийчохь леррина ларйора нохчийн тIеман-демократин принципаш, муьлхха а церан лаам цхьа а тайпа дуьхьало йоцуш кхочуш а бора. Амма оццу хенахь, Iаламат собаре, генна хьалха хьоьжуш, тIаьхьало йолуш, и халкъ гIиллакхех дохо, цуьнан политически цхьаалла а, барт а бохийна, цунах шен буйнахь бIаьрзе герз дан ойла йолуш схьалаьцна некъ а бара цуьнан. И Iалашо а, сатийсамаш а кхочушбан, уггар хьалха, хIокху халкъан корта баккха безара, хIокхуьнан барт а, цхьаалла а йохо а йезара, хIара чIоггIа шена тIедехка дезара. Цхьа масех шо даьлча, ша Нохчийчохь а, ДегIастанахь а ший а ког хIоьттина, чIагIвелча, Iедал, кIезиг-кIезиг дерзош, шен карадерзо вуьйлира иза. Оцу шерашкахь тIамехь бойъуш, шеконе Iожаллех леш а, малхбузе ламанхошна йукъабохуьйтуш а дIабевлира нохчийн майра, хьекъале баьччанаш а, Iеламчаш а. ТIаккха хIетталц нохчаша шаьш хоржуш хилла наибаш ша хIитто вуьйлира Шемал. Шена муьтIахь хинберш. Амма царах а ца тешара. ХIор а нохчийн наибна улло шен шишша эмиссар йа, нийсса аьлча, шпионаш хIиттабора. Иза а кIезиг хетта, масех шо хьалха ша ДегIастанара эккхийна шен махкахой кхуза а кхалхош, нохчийн йарташка охьаховшийра. Цунах а тоам ца бира. Нохчийн берриг бахархой итт-итт доьзалшка а бекъна, хIоранна коьрте шена тешаме нах хIиттийра. ХIор а итт доьзал декхар бира вовшашна тIехь тергам латто а, вовшех Шемалан Iедална дуьхьал долу цхьа хIума далахь, иза сихха имаме дIахаийта а. Йа, вуьшта аьлча, вовшашна айкхбийла. Нагахь бехке верг цара лачкъавахь, итте доьзална луьра таIзар дора. Нохчийн хьуьжарш а ца тешийра церан молланех. Цигахь хьеха а ДегIастанара молланаш балийра.

Шемалан къизалла тIехйаьлча, цунна дуьхьалгIитта йуьйлира нохчийн йарташ, амма уьш къиза хьоьшура имамо.

ТIеман тIаьххьарчу итт шарахь Сциллиний, Харибдиний йуккъе нисбелира нохчий. Шемалан деспотизмна кIел совца а ца лууш, йа вайн герзана къарбала а ца лууш, цкъа – цхьанна, тIаккха – вукхунна дуьхьало йеш, оцу итт шарахь дукха хIаллакьхилира уьш.

Оцу бехачу тIамехь Шемала йа йохоза, йа кхалхоза цхьа а йурт ца йисина нохчийн.

Шайх Мансуран заманахь дуьйна схьа хаддаза кхузткъе пхийтта шарахь лаьттинчу тIамо шен хьекъалечу баьччанех а, майрачу тIемалойх а хадийра и халкъ. Вай ах мохк дIа а баькхина, йуькъачу хьаннашкий, дерзинчу тIулган лаьмнашкий таIийра иза. Цул сов, вайн правительствос цхьана агIор ницкъ тIетеIош, тешнабехкца, ткъа вукху агIор туркойн правительствос Iехош, ткъа эзар стаг Турце а кхалхийра. Ткъа даймахкахь бисинчара догдиллира шайн хьалхалерчу ницкъах а, бартах а, цхьааллех а.

И эрчаллаш лайначу халкъан доккхачу декъан ойла тІаьхьа Далла тІейоьрзу. Дала ца лахь, шайна маршо йала кхин ницкъ бац олий, совцу. Ткъа хьалхалерчу халкъ маршонехьа къийсаме дуьгуш хиллачу майрачу, хьекъалечу, оьздачу баьччанийн меттиг стешхачу хьолахоша дІалоцу. Уьш кІез-кІезиг оцу халкъан майралла, цуьнан хьекъал артдан, маршонехьа безам байъа, хІокху нохчех Іазапний, харцонний муьтІахь лайш бан гІерта. И некъ нийса богІу вайн правительствон политикица. Цундела динан дайн ши аьтто хуьлу: шайн бодане халкъ дацо а, правительствона хьалха дикачу цІарла хила а.

Амма дуккахболчарна маршонах догдилла лаац. Уьш даим а тешна бу маршо къийсамехь бен йаккхалург цахиларх.

* * *

Нохчашкарчу лаьттан къоьллина тІера дІадолало уьш гІалгІазкхех бозуш хилар а, оцу тІехь кхоллало церан вовшашка цабезам а, мостагІалла а. ТІеман шерашкахь а, иза дІабаьллачул тІаьхьа а церан махка тІе ткъех станица а, оццул тІеман чІагІонаш а йехкина. Оцу къоман экономически а, социальни а хьелаш теллинчу вайн историкаша диначу хьесапашца, йеккъачу цхьана Соьлжан отделехь, цигара нохчийн йарташ дІа а йаьхна, гІалгІазкхийн станицашна делла кхо бІе эзар десятин сов латта, шийтта эзар десятин тІех пачхьалкхан дола даьккхина. Грозный-гІала а йу нохчийн махка тІехь йиллина. Цул сов, меттигерчу нохчийн, оьрсийн эпсаршний, чиновникашний совгІатна декъна ткъе итт эзар десятин геррга. ТІе, Нохчийчуьра йерриг хьаннаш пачхьалкхан дола йаьхна, нохчочун бакъо йац цигара сара хадо а. Дуккахболу туземцаш гІалгІазкхийн станицашка йолах болх бан боьлху, ткъа йуханехьа дерг наггахь бен ца нисло.

ГІалгІазкхашна латта далар-м оццул новкъа а ца хета нохчашна. Царна халахетарг кхин ду: важа бисина мохк пачхьалкхан долабаккхар. Цул а тІех Іеткъа царна элашний, инарлашний, эпсаршний совгІатна латта далар. Масала, луларчу халкъийн элашна: Турловна, Алхазовна, Эльдаровна шингара хьала диъ эзар десятине кхаччалц делла. Нохчийн эпсаршна: ЧермоевгІарна, ШамурзаевгІарна, КурумовгІарна, кхин а иттаннашна – шина бІенера ворхІ бІе десятине кхаччалц. Вукху кегийчу веччалгашна – совдегаршна, динан дайшна, йуьртдайшна а – кхаьчна бІенгара шина бІене кхаччалц десятинаш.

ТІе, оцу шина агІорхьарчарна йукъахь машар хІотторна новкъарло йо кху Теркан областехь йуьхьанца тІеман-стратегически Іалашонца йехкинчу станицаша а. Нохчийн йартийн а, гІалгІазкхийн станицийн а мехкаш йуткъачу, йехачу асанашца чуччаихна, вовшийн йукъалоьцуш нисдина. Шайн кхаш тІе, лула-кула йуьрта йа станице боьлху уьш, вовшийн мехкашна тІехула бийла дезаш йа генахула гатесна баха дезаш хиларна, шунашний, некъашний, тІайшний тІехула хаддаза девнаш хуьлу церан.

ГІалгІазкхашний, нохчашний йукъахь лаьттачу мостагІаллин бахьанаш берхІитта шо хьалха чекхбаьллачу дуккха а шерийн тІамах дохку бахахь а, цхьана агІор иза иштта делахь а, амма коьрта бахьанаш правительствон социально-экономически политико кхоьллина.

Цунна масалш дуккха а ду…

Хууш ма-хиллара, гІалгІазкхийн областашна правительствос шатайпа автономи йеллехь а, церан йукъараллехь мелла а демократи йелахь а, амма цигара политически а, граждански а Іедал хьолахошна аьттонна а, могІара гІалгІазкхий таІийна латто а, царна йукъахь феодальни порядкаш дарйан а лерина ду. Доцца аьлча, гІалгІазкхийн сослови классашка йекъало. ХІетте а, шайн политически, экономически, социальни хьелашца уьш дукхе-дукха лакхахь лаьтта оьрсийн белхалочул а, ахархочул а. И хьелаш шен цІийца оьцу гІалгІазкхичо: иза декхар ву паччахьна муьтІахь хила, шен говраца, герзаца, барзакъца даим дІа эскарехь гІуллакхдан, чоьхьарчу а, арахьарчу а мостагІех импери ларйан. Амма и дерриг

данне а дац гIалгIазкхи паччахьан карахь къера, аьрта герз ду бохург. ГIалгIазкхийн лахенаша даим дакъалаьцна помещикашна дуьхьал ахархойн хуьлучу гIовттамашкахь а, тIемашкахь а. Ткъа кху тIаьххьарчу хенахь масазза бунташ хилла церан цхьацца областашкахь?!

ХIетте а, жамI деш аьлча, халкъана йукъахь империн чIогIий, тешамей гIортор йу гIалгIазкхий. Мел къечу гIалгIазкхичунна а ша лакхара хета муьлххачу белхалочул, ахархочул-м хьовха, амма мещанел а.

Цундела гIалгIазкхашний, туземцашний йукъахь мостагIалла дукха хан йоццуш тIом чекхбаьллачу кху Теркан а, Кубанан а областашкахь хилла ца Iа. Изза хьал ду и тIом масех бIе шо хьалха чекхбаьллачу а, цкъа а ца хиллачу а меттигашкахь а. Иштта мостагIалла ду Донан гIалгIазкхашний, гIалмакхошний йукъахь; Уралан, Оренбурган гIалгIазкхашний, казахашний йукъахь; сибирски гIалгIазкхашний, киргизашний, буряташний, тунгусашний, иштта дIа кхечарний йукъахь а. Цигахь цхьана йоццачу хенахь хилла тIемаш чекхбевллачул тIаьхьа масех тIаьхье а хийцайелла, мацах цкъа хиллачу оцу тIемийн лар а ца йисина адамийн дегнаш чохь. ХIетте а, кху Теркан областехь санна, кIорга бу гIалгIазкхашка цабезам империн массо маьIIехь а. ХIарра кепаш а, чулацам а болуш. Цо гойту и мостагIалла хьалхалерчу тIамах дисинарг цахилар. ХIара хIинца берг кхин тIом бу, амма – социальни чулацам болуш.

Иштта бух боцуш карадо и мостагIалла къоман башхаллаша кхоьллина бохург а. Ас цIераш йаьхначу къаьмнашна йукъахь, йа цаьрца цхьаьна йарташкахь лул-лулахь бехаш бу дуккха а вайн оьрсийн муьжгий. Уьш кху Теркан областехь а бац кIезиг. Амма хIунда дац туземцийн оцу муьжгашца мостагIалла а, дов а? Уьш хIунда беха машаре, вовшашца бертахь? Дера, беха и муьжгий а, туземцаш а Iедало цхьана социальни хьоле хIиттийна дела. Цул сов, туземцашка гIоьртташ мостагIалла ду гIалгIазкхашний, уьш болчу областашка кхалхийначу вайн муьжгашний йукъахь а. Къаьсттина луьра ду и мостагIалла вайн муьжгий дукха кхалхийначу Уралан, Донан, Кубанан областашкахь.

Кхалхийначу муьжгийн а, бухарчу гIалгIазкхийн а йукъаметтигаш туземцашний, гIалгIазкхашний йуккъерчех тера хиларо а вайн аьтто бо и гIуллакх нийса къасто. Оьрсийн муьжгий а, туземцаш а цхьатеррачу экономически, политически хьолехь бу вайн. Оцу хьелаша цхьана лагере нисбина уьш мостагIаллица хьуьйсу Iедало массо агIор а шайл лакхарчу дарже хIиттийначу гIалагIазкхашка а, цаьрца цхьаьна, Iедале а.

* * *

Коьртачу бахьанех шолгIаниг кхузара вайн урхалла ду. Кхузарчу йартийн урхалла, полицина йелла бакъонаш, туземцашна таIзардар, школаш цахилар, иштта дIа кхидерш а. Оьрсийн губернешкахь доцчу тайпана законаш хIитторо а хIокху туземцашний, дисинчу халкъашний йуккъе зайлаш туху.

Нагахь санна, муьлхха а йукъаралла шина декъе а йекъна, Iедало цхьаннан экономически, граждански бакъонаш хеда а йина, вукхуьнниш лакхайаьхча, оцу шинненна йукъахь безам а, барт а, машар а хир бу бохург аьттехьа а ма дац. Хьалхарниг даим а хьогIе, цабезамца хьоьжу шел лакхарчу дарже хIоттийначу шолгIачуьнга. Ткъа шолгIаниг а тешна хуьлу ша хьалхарчул массо а агIор лакхара хиларх. Цундела и ший агIо вовшашка мостагIаллица хьоьжу. Хьалхарниш – ма-хуьллу и бакъонаш цхьанийса хилийта, ткъа шолгIаниш – и шайна сов йелла бакъонаш шайгахь совцо гIерташ. Иза къаьсттина шера го хIокху Теркан областехь.

Схьалоцур вай «Йартийн йукъараллин положени». Хууш ма-хиллара, станицийн атаманаш гIалгIазкхаша шаьш хоржу, ткъа туземцийн йарташкахь йуьртдай Iедало хIиттабо. Цул сов, Iедало хIиттийначу туземни йуьртдайн кара тIех шуьйра бакъонаш йелла. Станицашкахь муьлхха а гIуллакх, гIалгIазкхийн гуламехь дийцаре а дой, сацам тIеоьцу, ткъа туземцийн йарташкахь и гIуллакхаш йуьртдас,

цхьаьнгге а ца хоттуш, шеггара дерзадо. Йуьртахь Iедал а, полицейски а, суьдхо а ву йуьртда. Цо диннарг нийса ду Iедална. Ткъа оццул шуьйра Iедал кара а делла дIахIоттош верг хьекъале а, догцIена а, хьанал а, халкъо лоруш, сийдеш а стаг хила ма веза. Ишттаниг полицис цкъа а ма ца хIоттаво. Йуьртдай хIиттор пурстоьпна караделла. Областан начальникан-м хьовха, округан начальникан а хан ма йац уьш хержа а, хIитто а. Ткъа пурстоьпо ца лоьху баккъал а йуьртдай хинболу, халкъо лоьруш болу хьанала нах. Ша йарташка вахча, шена гIулакх динарг, шена хьаставелларг хIоттаво цо. Йа, вуьшта аьлча, ша чукхайкхинарг, шена тIе мотт беанарг, нах цабезарг, нахана а цавезарг, эхь а, оьздангалла а хIун йу ца хуу нах. Йарташкахь Iедал шайн каракхаьчча, оцу наха шайна луъург ма до. Шайна безачаьргахьа, гергарчаьргахьа озабезамаш бо, шайн мостагIех бекхамаш оьцу. Дукха хьолахь, йуьртдай шаьш къуйн гIеранийн членаш хуьлу. Бакъболу зуламхой Iедалх лечкъабо, бехкебоццу нахана таIзарш дойту. Уьш вайн Iедало хIиттош болу дела, цара лело харцо вай къобал а йо дела, уьш а, Iедал а цхьаъ лоруш, Iедалехьа безам бац туземни бахархойн.

Оцу тIехь цуьрриг харц а бац уьш. Цундела цецдовла а ца оьшу гIевттинчу нохчаша бекхам уггар хьалха шайн йуьртдайх оьцуш хиларх.

* * *

Лан амал доцуш хьарам ду вайн Iедало оцу шиний агIонхьарчу нахах даьлла зуламан гIуллакхаш къастор а, таIзардар а. Нагахь санна гIалгIазкхичун махка тIехь вийначу туземцан дакъа карадахь, гIуллакх толлучара иза сихха дIакъовлу: гIалгIазкхичо иза, ша шен ларвеш йа къоланна тIехь схьалаьцна, вийна олий. ХIинццалц схьа цкъа а ца нисйелла туземец вийначу гIалгIазкхичунна законехь догIу таIзар деш меттиг. Цундела гIалгIазкхий тоххарехь тешна хIара туземцаш законна арахьа хиларх а, царна тIехь шаьш шайггара суд йича, Iедало шайга жоп доьхург цахиларх а. Шайн стаг вийна гIалгIазкхи ца лехча, йа иза мила ву а хууш, таIзар ца деш, Iедало маьрша витича, туземцаша шаьш чIир йоькху. Цуьнан гергарчара, баха а боьлхий, цхьанхьа кIело а йой, оцу станицера гIалгIазкхи воь. ТIаккха хIокху тIаьххьарчара а, шайн аьтто ма-нисбеллинехь, туземцийн эвлара шаьш хьалха тIенисвелла стаг воь. Иштта, дуьхь-дуьхьал нах бойъуш, цкъа а хедар боцу гуо хилла хьийза кхузахь и гIуллакх.

Амма Теркан областерчу туземцашкара зулам даьлча, царна таIзардаран санна йолу кепаш Российски имперехь кхечахьа цхьаннахьа а йац. Кхузара талламан а, бехкеваран а, таIзаран а кеп Iаламат цхьалха йу. Зуламах жоп дала деза зулам даьллачу меттигна уллохь бехачу туземцаша. Цхьамма-шимма а ца луш, йерриг а йукъаралло. Зуламхо карийнехь а, ца карийнехь а. Вайн «Суьдан Уставаш» хуьйцуш кхузахь хIиттийна шатайпа «бакъонаш» йу. ХIара бу церан боцца чулацам:

Областера дерриг некъаш участкашка декъна. ХIор а участкана гуттаренна а тIечIагIйина билггалйолу йарташ. Оцу йарташа жоп ло шайн участкехь стаг вийнехь а, къола динехь а, талораш динехь а, доцца аьлча, муьлххачу а зуламах. Нагахь зуламхо муьлхачу йуьртара ву хиънехь, амма бехкениг ца каравахь, йерриг а йуьрто жоп ло зуламах. Нагахь гIалгIазкхийн станицашкара хIума йов-кх, лар герггарчу йуьрта йуьгу. Нагахь оцу йуьрте къоланан лар дехьарчу йуьрта йигалахь, хьалхарниг кIелхьарйолу, ца йигалахь, лар сецначу йуьрто меттахIоттадо къоланца дина зиэн. Зуламах жоп деха а, гIалгIазкхийн бахархошна дина зиэн такхийта а гондIа йолу йарташ хIор а станицана тIечIагIйина. Нагахь ша дина зиэн меттахIотто туземцан ницкъ бац-кх, йерриг а йуьрто такхам бо. Доцца аьлча, уьш а, кхин дуккха а кегийра бахьанаш ду Теркан областера къаьмнаш шина декъе декънарш а, царна йукъахь диллина дIа мостагIалла марсадохурш а. Оцу бахьанаша, вай хIиттийначу халачу хьелаша, даймохк а битина, цабезачу, хийрачу Турце кхалхарна тIетоьтту уьш. Ткъа иза цара шаьш шайн куьйга байъар санна ду.

Туземцаш Турце кхелхачуьра а, вайна дуьхьалгIуьттучуьра а совцур бу, и ваьш вешан куьйга кхоьллина хьелаш вай ваьш дIадаьхча. Цхьана махкахь дехачу къаьмнашна цхьатерра экономически хьелаш а кхоьллича, цхьатерра образовани а

йелча, и къаьмнаш, шайна йукъара этнически башхаллаш дIа а йовлий, цхьаьнакхета. Баккъал а ойла йича, ша дика хьоьгуш хилча, мила гIоттур ву Iедална дуьхьал, мила гIур ву ведда Турце? И шиъ бен, царна кхин некъ ма ца битина правительствос.

* * *

Кхузарчу туземцийн экономически хьелаш эшорехь боккха болх бина правительствос, амма царна серло йаларехь хIинццалц схьа цхьа гIулч а ца йаьккхина. Ала тарло, кху тIаьххьарчу бIе шарахь геггга бахбеллачу тIамо таронаш ца хуьлуьйтура кхузахь и гIулч йаккха. Амма кхузахь машар хIоьттинчул тIаьхьа а ма даьлла берхIитта шо. Оцу берхIитта шарахь кхузахь йиллинарг йеккъа цхьа школа йу. Иза а – кхузарчу хьолахойн а, динадайн а берашна…

Бехк буьллийла дуй ткъа правительствона? Олалла дечу классашна ма ца лаьа шайна бухарчу къинхьегаман халкъана серло а, кхетам а бала. Иза бодане мел ду, атта хуьлу дацо а, Iехо а, адамийн барт ца хилийта а. Цундела, вайн оьрсийн муьжгех пхи дакъа дича, деа декъана шайн цIе йилла а ца хаьа. ТIаккха хIумма а цецволуьйла дац правительствона хIара туземцаш серлонга баха дагацадарах.

Правительствон а, меттигерчу къорзачу мундирийн а бертаза цхьамзанийн а, набахтанийн зIарашна а йуккъехула схьа кху лаьмнийн чIажашка йаьржа российски культурин зIаьнарш. Уьш кхуза йеара декабристаша, Пушкина, Грибоедовс, Лермонтовс, Бестужев-Марлинскийс, Толстойс. Цара дуьххьара бакъдерг элира кху махках, кхузарчу адамех. Дуьххьара дийкира ламанхоша шайн маршонехьа латто турпала къийсам хестош долу церан майра аз. Оцу озо ламанхошкахьа безам, лерам кхоьллира хIор а оьрсийн стеган даг чохь.

И серло кху къомана йукъайаьржа правительствос дихкинчу йа цунна дагахь а доцчу некъашца – вайн прогрессивни эпсаршкахула, могIарчу адамашкахула. Кхиболчу туземцийниш санна, Iедало Петербурге, Москва, Владикавказе деша дохуьйту цхьаболчу нохчийн бераш. Халкъана гIуллакхна ца бохуьйту. Царах эпсарш, чиновникаш, талмажаш бан йа, вуьшта аьлча, кху къомана йукъахь царах Iедалан гIорораш йан. Амма гIаланашка, Iилманан хазни тIе, культурин зIаьнаршна кIел нисбелча, царах дукхахболчийн ойланаш правительствон Iалашонна тIера дIайовлу. Цара уггар хьалха тIеоьцу оьрсийн къоман лакхара культура, революционно-демократически идеяш. Уьш шаьш а самабовлу, шайн халкъ бIешерийн боданера схьадаккха чIагIо а йо цара. Лаьа шайн халкъан диканиг, адамаллиниг, турпалаллиниг гучудаккха а, даржо а. И шайн халкъ, официальни мундираша ма-дуьйццу, акха доцийла хаийта, кхидерш санна, иза диканиг, оьзданиг дезаш, безам, тешам, лерам а болуш халкъ хилар хаийта. Цара шайн халкъана гIуллакхдар башх-башха некъашца хуьлу. Берса а, Овхьад а саннарш цуьнан маршонехьа къийсаман байракх кIел хIуьтту, ткъа кхечара меттигерчу зорбанан гIоьнца массарна а йовзуьйту шайн къоман турпала истори, халкъан исбаьхьа барта кхолларалла. Шаьш а кхуллу къоман хинйолчу литературин бух.

Оцу шина а новкъа боьлхучийн Iалашо цхьаъ йу: халкъ Iазапах а, кхетамбацарх а маьршадаккхар.

И сан цхьаьнакхетарш хилла Берса а, Овхьад а тахана къехо ву. Цаьршингге а хьоьжуш хьалха лаьтта тангIалкхаш йа каторга. Цаьршиннен аьтто бара, кхиболу шайн хьолахой санна, хьоле, ирсе ваха. Амма, схьахетарехь, и шиъ верриг а революцин идеяша йийсаре лаьцна хилла.

Берса – хьалдолчу купецан, ткъа Овхьад – йуьртан хьолахочун кIант ву. Хьалхарчо Петербургехь кадетский корпус чекхйаьккхина, шолгIачо Владикавказехь дешна. Суна доттагIаша дийцарехь, цхьана хенахь лоруш эпсар хилла Берса. Паччахьо шиъ орден а йелла цунна. Амма 1848–1849-чуй шерашкахь вайн эскаршца Венгре нисвелча, цигахь цуьнан доттагIчо, гIараваьллачу оьрсийн революционеро,

капитано Алексей Гусевс тІаьххьара а ойла хийцина иза, даймахка йухавирзича, маршонехьа къуьйсучу шен къоман могІаршка хІоьттина. Хьал а, хинйолу карьера а – дерриг дІа а теттина, къийсаман бехачу некъахула, каторгехула чекхваьлла, чахотко лаьцна иза хІинца къена стаг хета. Амма мел хаза дагахь йоьшу цо Пушкинан, Байронан, Лермонтовн, Петефин, Некрасовн, кхин дукханнийн а стихаш! Цунний, къоначу Овхьадний дика бевза Белинскийн, Герценан, Чернышевскийн, Добролюбовн философски белхаш.

И дерриг а вайн культуро тесначу хІуьнан стом ма бу!

Ткъа вайн цхьаболчу эпсарийн ойланаш а, Іалашонаш а кхин а гена йоьлху. Цхьа пхийтта шо хьалха П. К. Усларна дагадеана хилла хІокху нохчийн берашна ненан маттахь деша школаш дІайелла. Нохчех цхьа эпсар а, молла а Тифлисе валийна, цаьрца шена нохчийн мотт а Іамийна, берашна хьеха церан ненан меттан грамматика хІоттийна цо. ТІаккха, Грозне а веана, гондІарчу йарташкарчу хьуьжаршкара къастийна, ткъе пхиъ мутаІелам а валийна, царна школа йиллина. Цигахь шина нохчочо ненан маттахь, вайн шина писаро оьрсийн маттахь деша а, йаздан а Іамош хилла царна. Суна дуьйцу хезна, цхьа бутт балале оцу бераша баккхий кхиамаш баьхнера бохуш.

Господинан Усларан пайдехьа дІадолор кхиамза дисира. Йарташкахь школаш йахка дага-м муххале а ца деара меттигерчу администрацина, ткъа хІокхо дуккха а къахьоьгуш халла вовшахтоьхнарг а дІакъевлира…

* * *

Амма хено, замано шениг до. ХІинцале а ламанан йарташка йаьржина вайн латталелоран лаккхара техника, фабрикийн товараш. Генна шайн махкал арахьа мехе а, балха а оьху нохчий. Меллашчу боларехь бовлахь а, шо-шере мел долу алсамбуьйлу европейски образовани йолуш хІокху къомах болу нах. Правительствон бехкенна маситта шарахь кхузахь лаьттинчу тІамо шина халкъа йуккъе доьллинчу мостагІаллин а, цатешаман а ша кІез-кІезиг баша боьлла. Господашна СвистуновгІарна, ЧермоевгІарна мел ца лаахь а, ВанькагІар, АхмедкагІар вовшашка хьошалгІа марзбелла. Уьш кхета боьлла шайн бохамашна, къоьллина, мискаллина бехкениг а, шайн массеран а йукъара мостагІ а мила ву. Шайн массеран а маршонехьа къийсамехь оцу йукъарчу мостагІчунна дуьхьал цхьаьнакхета боьлла.

И хилла Іийр дац цхьа ах бІе шо даьлча. Кху махкарчу хьолечу маьІданех пайдаэца дезар ду правительствон. Кхузахь заводаш, фабрикаш йохкур йу, цІерпоштан некъ балор бу. И дерриг деш белхалой оьшур бу кхузахь. ТІаккха, шена мел ца лаахь а, меттигера туземцаш балха ца эцча а бевр бац. Туземцаш Іамо школаш йелла а дезар ду. Цхьатерра хьелаш, кхоллам болчу оьрсийн а, туземни а белхалошна йукъара къоман башхаллаш дІа а йевлла, классови барт кхоллалур бу.

ТІаккха ларлолаш, господа къорза мундираш!

Х корта. МАРШОНАН КІЕНТИЙ

Бакъйолу къонахалла бохамехь гучуйолу.

Вольтер

Сийсара тІаьххьа вижинехь а, дуьнен чу садаржале самавелира Іусман. Ши-кхо де дара Болатан зудчо Дешис регІара шайн йол йалхайо. Стигал кхола йоьлча, сихаллехь бина хола хІинца, догІа масазза доьлху, бахкалуш лаьттара. Тахана иза цІа бан а, кертана хьокхий кечдан а дезара Іусманан.

ХьалагІатта мало йеш, ши бІаьрг хьаббина, масех минотехь Іиллира иза. Маьнги кІел гуттар хьаьсарта йахана йекара цаьпцалг. Цхьана эшшара садоьІура когашкахь Іуьллучу Іумара а. ХІетта дитташ тІера чуйиссина котамаш, «кІакІ-кІакІакІ» деш, кертахула хьийзара. ТІемаш тоьхна, буьхьархІоьттина, лергаш къардеш кхайкхира йоккха цІен боргІал. Ненан мотт баьсса бара. Йетт оза арайаьлла хир йара иза.

Метта охьа а хиъна, шозза-кхузза куьйгаш дІаса а тесна, чІениг лаьцна, «къарчІ-къирчІ» доккхуш йаьІна а саттийна, коч тІейуьйхира Іусмана. ТІаккха, маьнги йисте а хиъна, берзина ши ког кІархаш чу а боьллина, хьалагІеттира иза.

ТІевахана, охьа а таьІна, леррина веше хьаьжира Іусман. Йуьхьа тІехь цІен бос богура. Мерехула цо доьІучу сино лестадора хІетта меракІел довла доьлла Іаьржа кІеда чоьш. Цхьана эшшара ийъалора шуьйра накха. Безамах буьзна бІаьргаш вешина тІебоьгІна а Іийна, иза сама ца ваккха гІерташ, меллаша неІ йиллина, уча велира Іусман.

Аттана кІел тесна эса дІадаккха гІерташ йоллура нана. Амма иза дІадала ца туьгура. Корта хьийзош, тІаьхьарчу когаш тІе хІуьттуш, кхоссалой аттана кІел долий, шен тІеда чорда муцІар къинхетамза шинах тухура эсо.

– Дакъаза ма дала хьо, хьо-м мацалла леш доллуш хилла! – эххар а, когаш гІертош, тІаьхьадан ца туьгу эса, логах бухка а тесна, такхийна дигна, кертах дІатесира Айзас.

Даьссачу хьаьвди тІехь лаьтта Эсетан а, Болатан а ши сту, Іусман учахь хаавелла, схьа а хьаьжна, хьалхий-тІаьхьий Іаьхира. ХІара араваьллий хиира божалахь лаьттачу говрана а. Ворданан цІа чуьра схьаэцна, цхьа мор сугІа стерчашна хьалха а диллина, божал чу вахара Іусман. КІант гучуваьлча, схьа а йирзина, мераІуьргаш совсийна, хьастайелла терсира говр. ТІе а вахана, цуьнан ворта цхьана куьйга мара а йоьллина, важа куьг хьаьж тІе хьаькхира цо. Качйеллачу говро шен кІеда муцІар хьаькхира Іусманан йуьхьах. Сонехь Іуьллу тиша тас схьа а эцна, чу ши-кхо кана хьаьжкІаш йоьхкина, говрана хьалха диллира кІанта.

ХІинца Мохьмад гІатто а везара. Говр хитІа йуьгуш Іойла дацара Іусманан. Цуьнца але йан йеза Деши а йац гучуйолуш. Іусман, кевнах ара а ваьлла, ЭсетгІаьргахьа дІаволавелира. Лулахой а меттахбевлира. Белшаш тІе гІовтал кхоьллина, гІуммагІ а карахь охьатаьІна воьдура МІаьчиг. Цхьанхьара Васалан йовхарш а хезара. Схьахетарехь, чІогІачу томкин цигаьрканах кІур бина воллура иза. Лаха чохь, шен цхьана куьйга хьокхий детташ, бешана гуонах керт йолийна воллура Солтха а.

Цхьадика, Деши гІатто а ца дийзира Іусманан. КІудал гихь хитІара йогІуш дуьхьалкхийтира цунна иза.

– Хьо суна тІаьхьавогІу хир ву, хаза кІант? – элира цо, саца а сецна, сихдина са а доьІуш.

Деши берах йара. Пхи бутт бен ца баьллехь а, хало лелара.

– Хьо цІахь Іехьа, Деши, – элира Іусмана, ларамаза цуьнан гІодайукъах бІаьрг а кхетта.

– Со цІахь Іийча, хьуна накъост хир ма вац, хаза кІант.

– МІаьчиг вуьгур ву ас. Мохьмад гІеттича, говр хитІа йигийта.

Іусман, МІаьчиг волчу а вахана йухавирзина, ворда йоьжна валале, Яьссел дехьарчу Аькккхийн-Дукъа тІехула малх гІеттира. МаьІ-маьІІера хезара дІалоьхкучу дохнан а, тІаьхьаІоьхучу дохканан а маьхьарий. Дечиган семанаш цІийзош, регІа хьалайахара ши-кхо ворда. Лакха тІехь, чІегІардиган бен санна, басех летта лаьттачу Дасин кертахь бераша цІестан теса тІехь вота туьйхира. Цхьана йоІа тас детташ, бисинчара йиш лоькхуш, тІараш детташ, роггІана хелхахьийзара бераш.

– Ма детта и тас, шайтІанаш! – хезира Хьозин мохь. – Хелхадуьйлучохь а ду шун гІуллакх. Цул а, мацалла угІа.

Бераш дІатен а кхиале, Мескатара схьа йоккхачу тоьпан дур деара. ТІаккха – йуха а, йуха а. Кхорзучу хьаьжкІийн лелха чуьппалгаш санна, тоьпаш йийла йуьйлира жимма Іийча. ТІаккха цхьатерра низамехь масех топ йелира.

Дасин кертара берийн вота сецира. Чу гІаж хьовзийна никх санна, меттахъхьайра цхьана масех минотана ладоьгІна дІатийна йурт.

Цхьа сахьт даьлча, чопаша кІаййинчу говрахь йуьрта иккхира Аьрсамирза. Урамашкахула говр дІаса а хоьхкуш, мохь беттара цо:

– Орцах довла! Салтий богІу! Орцах довла!

Йетт лалла йахана Айза цІа хьаьдира. Когара йевлла тудургаш а карахь, йеана схьаиккхира Эсет а. Дасин кертахь берийн белхар делира.

– Вай везан Дела, Іумарх хІун хир-те! – мохь оьхура Эсетан.

– Вада маса, Дешига хІуманаш дІалеІа ала, – Іусман корах аратоьттура Айзас.

– Дохий ма хьийза, – парггІат вистхилира хІетта схьакхаьчна МІаьчиг. – Уьш хІинца а Мескатахь бу. Кхуьур ду вай кІелхьардовла.

– Вай, Іумар, хьуна хІун де-те вай! – ара а ваьлла, учахь лаьттачу Іумарна тІекхийтира Эсет. – Хьох хІинцца чусадеана воллура.

ТІехьаьжча, шек а вацара Іумар. Шен могашчу пхьаьрсаца Эсет мара а йоьллина, цуьнан сатедан гІоьртира иза.

– ДІайалахьа, деца, стенна йоьлху хьо? Сихха ворда а йожий, коьрт-коьрта йийбар тІе а йиллий, дукъа довла. Ас цхьаъ дийр ду. Іусман! Соьга герзаш а лой, говрана нуьйр тиллал.

– Ахь хІун до? – цецвелира хІетта схьакхаьчна Іусман.

– ТІамна кечло-кх.

– Хьайн чевнашций?

– Цхьа куьг таза ду сан.

– Вий, ма йелахь гІовгІа! Могаш хилча а, дан хІума дац. Говрахь валур вуй хьо? Же, Іусман, говр кечйе…

Цхьа сахьт далале салташа дІайахьа тарло йа, йагийча, зиэн хир ду аьлла хета кхаа а кертара хІуманаш ворданна тІейоьттира зударша. МІаьчига а, Іусмана а лаьцна говра тІе ваькккхира Іумар.

Стерчийн ворда, кех ара а йаьлла, семанаш а цІийзаш, кхеран миска йийбар а такхийна, регІа боьдучу новкъа хьалайолайелира.

Лулахой регIа дIа а хьовсийна, Васал волчу вахара МIаьчиг. Дика-вуон тIедеача, даим а вовшех дагаволура ши доттагI. Дукха деха а ца хуьлура къамел. Цкъацкъа вовшашка хьаьжча а кхетара.

КетIарчу дукха хенахь дуьйна Iуьллучу шеддаш долчу попан гула тIе а хиъна, лоьдгех йина чIогIачу томкин цигаьрка уьйзуш карийра цунна Васал. МIаьчиг, тIе а вахана, вист ца хуьлуш улло охьахиира.

– Герзаш гергахьо дийла ма доьлла, Васал.

– Теккхачу кхаьчначух тера ду.

– Акхтега совцалур буй-те?

– Мичара! Цуьнца-м вац бIе стаг а.

Ши доттагI цхьана йукъана дIатийра. Балдаш даго доллалц оьзна цигаьрканан мажйелла йуьхьиг лаьтта а кхоьссина, тIе ког хьовзийра Васала.

– Мескатана тIехула кIур баьлла.

– Йаго йолийна-те?

– Вайша хIун до?

– ЦIахь Iа-кх.

– Iайшат?

– РегIа хьажийна. Тхешан мотт-гIайба лаьттах а йоьллина.

– Ас а дина изза.

Бешахь хьаштагIна тIеххьа аьрша деакIовн ор дара МIаьчига даьккхина. Латта, кIел агIор Iин чу дIатийсинера цо. Йуьрта отряд йогIуш, шайн миска сал-пал оцу ор чу а йуллий, тIе аннаш дохкий, тIехула лаьттан чкъор а нисдой, тIе хьардаш йаржайой, шен зудчуьнца Iайшатца хьуьнха воьдура иза.

– Йуьртахь виса кхераме дуй-те?

– Къанвелла вайша хьавийр хир вац.

– Вайшиннан кIентий ма бу Iаьлбагца.

– Вайшах ваций цуьнца…

– Схьа а лаьцна, хьийзор ву. НеI хьеллац, йетташ. Суна дика ма бевза эпсарш, – элира Васала.

ХIинца тIом Гати-Юьрта улло кхочуш боллура. Жимма Iийча, лаха кешнашна уллохь гучубевлира дошлой. Сехьа кIоргачу Iин чу говраш дIа а хIиттийна, чехкка кешнийн кертал чоьхьа а бевлла, чарташна тIехьа левчкъира уьш. Оцу лакхенгара дIа царна хьалха ши-кхо чаккхарма шера майда Iуьллура.

– Суна-м, Васал, ведда лела кIорда ма дина.

Васала хаттар ца дира.

– Хонкара а вахара ведда, маршо лоьхуш. Цигахь исс жоьжахатех а чекхвели. Эрмалойн а, гуьржийн а лаьмнаш а телли гIаш. Валла воллуш цIа кхаьчча, Сибрех вахийтина, кхо шо а даккхийти…

Васала ладоьгIу. Шен дагахь МIаьчиге балхам бо цо а: «Суна а кIордийна, МIаьчиг. ВархIий да помещикан лоллехь ваьллина. Изза дакъа соьга а кхечира. ТIаккха ткъе пхеа шарна салт ваькккхира со. Итт шарахь ийзийра ас и хала дукъ. Маршонехьа къийса шуьгахьа велира со…».

– Суна а кIордийна, МIаьчиг. Маршо гуш йац. КхидIа къийса ницкъ а бац.

– Къанвелла вайша, Васал.

– Къанйелла ши борз.

– Хьан топ мичахь йу?

– ЦIа чохь.

– ХIоъ-молха дуй?

– Ши-кхо барам.

– Сан а ду оццул.

Кешнашкахь тIом кхиэхка. Йукъадеттачу йаккхийчу тоьпийн хIоьънаша кегдеш ирхъоьхуьйту тIулган чартийн кортош. Нийсачу могIаршца, цхьамзанаш буьххьехь долу тоьпаш хьалха а лаьцна, тIеоьху салтий. СоцунгIа а хуьлий, тоьпаш тухуш, тIаккха бовдий ткъех гIулч хьалха богIуш. Кешнашна гуо а лоцуш, шиний агIор чухехкало дошлой. ГIовттамхой йуханехьа Iин чу уьду.

– Кхузткъе итт шераш ду вайшиннен, Васал.

– Дикка латта хьешна вайша-м, МIаьчиг.

– Хьол тIаьхьа бераш дуьсу-кх хьан, Васал.

– Уьш-м даккхий хиллера.

– ХIета, тIаьххьара а катохий вайша?

– Декхар дIаделча, гIиллакхехь-м хир дара.

– Кхоккха велур варий-те вайшинга?

– Цхьа хIоъ а эрна бохуьйтуьйла-м дац.

ЦIа чу а вахана, йукъах шаьлта а йихкина, топ карахь аравелира Васал.

– Вало, МIаьчиг.

3

Иттех хьокха лаьттах тоьхча, йукъахбелира Солтханан болх. Цунна гIуммагIа чуьра кIаьгнаш чу хи дуттуш хилла шийтта шо хенара доьзалехь воккхахволу кIант Солта а дIатаьIира.

Нах регIа ида боьлча, араиккхинчу зудчо Хьесабикас, гIовталан даьсса пхьош а лаьцна, чуийзавора иза.

– Валохьа, стаг, берашца регIа довла вай!

Зудчун мацах цкъа хаза хилла, амма хIинца хьех чубоьжна кхоьлина ши бIаьрг догIанах боьлхура.

– Ма Iехьа, Солтха, – майрачун цIе йаьккхира зудчо. – Дойъур ду-кх цара вай…

Амма Солтха меттах ца волура. Цкъа зудчуьнга хьаьжира иза. Хьесабикин йуьхь докъан баса йирзинера. Хорша йеача санна йегайора буьххьехь пIелг Iоттал жима кIаг болу хаза чIениг. Хьаьжа тIехула охьадаьхкина коьртан чоьш тIедачу беснеш тIе леттера.

– Ца вогIу со. ЧугIо.

– Вай дойъур ма ду…

– Ма чIеIа.

– Вай, воккха Дела, хIун хир ду-те тхох?..

– Ма цIийза ца боху хьоьга? Берашца чохь Iе.

Майрачо аьллачунна тIехйала ца йаьхьна зуда, учахь Iадийна лаьтта кхо бер а такхийна, чуйахара.

Меллаша ког боккхуш кех ара а ваьлла, дехьо лаьттачу жимачу гу тIе хьалавелира Солтха. Кхузара дIа ши бIе гIулч лаха чохь йара маьждиган майда. Солтха биэндоцуш хьоьжура ворданашций, говрашкаххьий, гIашший шайн сал-пал йадийна регIа уьдучу къеначу нахей, зударшкий, берашкий. Солтханан дац стерчий а, ворда а. Хилча а, оцу тIе а йоьттина, йадийна йахьа йийбар а йац цуьнан. И йийбар хилча а, вада ойла а йац. Цкъа-делахь, салташа шена хIумма а дийр доцийла хаьа Солтханна. Иза туркойн тIеман заьIапхо ма ву. Цигахь хьуьнар гайтарна дато мидал а йелла. Амма иза а дац Солтха йуьртахь сецориг. Даг чохь IаьIначу оьгIазлонан кад тIехтассалц буза лаьа цунна, хIара дерриг шен бIаьргашца ган а гина.

Солтханна шера го кешнашкахь кхехкабаьлла тIом. Акхтин бIаьхоша дика чIагIо лаьцна. Амма эрна йу церан дуьхьало. Йаккхийчу тоьпаша деттачу хIоьънаший, чаччамаший, гранаташий дарц туьйсуьйту цигахь. Шайн байъинарш а, чевнаш хилларш а тIехьа Iина чу идабо гIовттамхоша. Салтийн беха цхьа могIа гучуболу жимачу экъан тIехь. Кхин масех а. Солтханна хеза шена девза вотанан тата. ХIинца салтий хьалхатаьIар бу. ХIаъ, йукъ-йукъа соьцуш, цхьатерра тоьпаш тухуш, хьалхауьду. Шерачу экъанна дехьа йуьххьехь гучуйолу дошлойн шиъ сотня. Кешнийн аьтту а, аьрру а агIо йукъа а лоцуш, чухьолху уьш.

Малхехь къега баттара даьхна тарраш. Масех бIе къамкъарго «урре!» аьлла цхьатерра тоьхначу маьхьарша къардо хIаваъ.

Амма Акхта а ву сема. Дуьхьал атака йина гIашлой а, агIонашца хIорш морзахна йукъаIовда гIоьртина дошлой а тIекхиале, Iина чу а биссина, шайн говрашка а хевшина, йуьрта йухабевлира гIовттамхой.

Солтха меллаша чувахара. ЦIа веанчу дийнахь ша дIайаьхна Iаьржа погонаш схьа а эцна, белшаш тIе йоьхкира цо. ТIаккха некха тIе мидал а оьллира.

– Чуьра ара ма довлалаш, – кхоьссира цо, кхо бер мара а къевлина, товханний, пенаний йуккъехь тебна Iачу зудчуьнга.

Йуха а, вахана, тохарлерчу гу тIе хIоьттира Солтха. ХIинца, йуьртахула чекхлелхаш, регIа йухабуьйлура гIовттамхой. Цхьаболчара тIехьа ховшийна, кхечара хьалха а лецна балабора дархой. Байъинарш цхьацканхьа керташка охьабохкура цара. Чов хилла куьг чоин чета а таIийна, говр хаьхкина вогIура Акхта. Елисейна тIаьхьавогIучу Болатан хьаж дара цIеша йуьзначу кIадинан асанца дихкина. Солтханца нисвелча, говр лагIйира Акхтас.

– Хьо стенна кечделла, жIаьла, хIара мидал а оьллина? – туйнаш кхоьссира цо, шен боккха ши бIаьрг Солтханна тIе а боьгIна. – Вежарий бу шун богIуш. Маралелха гIуо! Заддаш!

– Акхта, хьо воккха ву сол, гІовгІа а ца йеш, тІехвала, – дера кхоьссира Солтхана. – Сайна лаахь – мараоькккур со, сайна лаахь – цІога лоцур ас. Хьан гІуллакх дац соьца.

– ЦІога лаций а ца Іаш, кІел мотт а хьакха аш!

Даим дера Акхта тІехваьлла дІавахча, Болат тІевеара Солтханна.

– Тхайниш цІахь буй-те, Солтха?

– Бац. Айза а, Эсет а, Деши а регІа бахана.

– Къайсаран Макка?

– Иза а йахана.

– Баркалла хьуна.

– Чов вуон йуй хьан?

– Йац.

– Вайчех маса вийна?

– Дикка байъина.

Болат говр хьайеш воллуш, тІе а вахана, урх лецира Солтхана.

– Оцу Акхте ца оьшу гІовгІа ма йайта. Шуна цхьанне а ца хаьа сан дагара. Сан аьтту пхьарс хиллехь, тахана шуьца хир вара со.

– Акхтина оьгІаз ма гІолахь, Солтха. Иштта ша дера стаг ма ву иза.

Уггар хьалха йуьрта лилхира гІалгІазкхийн а, лаамхойн а дошлой. ТІаккха бІаьхаллин низамехь йуьрта йуьйлира Кабардински гІашлойн полкан масех рота а, шиъ йоккха топ а. Отрядан дукхахдолу дакъош, ца совцуш, Шовхал-Бердехьа хьаладахара.

Хьалха йуьрта иккхинчу гІалгІазкхийн сотница ХортІин Асхьад а, иттех ишхочуьнца Ботар а, шена ца бевза нохчий а гира Солтханна. Отряд тІеэца кечбелла маьждиган майданахь лаьттара ХортІа, Товсолта-Хьаьжа, Инарла, ЧІонакъа.

Солтха парггІат волавелла майдана охьачувоьссира. Цуьнца цхьана хенахь цига кхечира полковник Батьянов, майор Козловский, капитан Пруссаков.

ХортІагІарна тІе а ца воьдуш, йуьстахо сецна, ладуьйгІира Солтхана. Товсолта-Хьаьжа улло а ваькккхина тІевахна, полковнике маршалла хаьттира ХортІас.

Товсолта-Хьаьжас шина-кхаа минотехь хастаман дош элира.

– Тхан сийлахь палконак! Гати-Юьртан бахархойн цІарах оха декъалво хьо паччахьан Іедалан, бусалба динан мостагІашна тІехь ахь баькккхинчу толамца. Дала аьлла ду, Ша бакъонца дерг бен толуьйтур дац, Ша хІоттийначу паччахьна, цуьнгахула кхайкхийначу Іедална, и Іедал дІакхоьхьучу нахана а дуьхьалваьллачу зуламхочунна – цкъа дуьненахь, йуха кханалерчу эхартахь а – шозза таІзар дийр ду ша. Везахинволчу Дала аьтто бойла вайн паччахьан, цуьнан элийн, эпсарийн, салтийн хІокху лаьмнашкахь зуламна гІевттинчу нахана таІзар дан, туркошна тІехь толам баккха.

– Амин! – элира ХортІас.

– АллахІу амин! – тІаьхьара айъира Инарлас а, Ботара а.

– ХІинца тхан дехар ду сийлахьчу палконаке. Йурт йохош, тхо цхьадолчийн –

паччахьан, цуьнан Іедалан а муьтІахьчу йалхойн – бахамашна зиэн цадаккхийтар…

– Мятежникаш мича баха? – моллин хабар хадийра Батьяновс.

– РегІа бевлла, – хьала куьг хьажийра ХортІас.

ХортІин куьйгана тІаьхьа регІа хьала а хьаьжна, ойла а йина, куьг ластийра полковнико. ТІаккха уллохь лаьттачу гІумкийн сотнин командирна майорна Мусина а, гІалгІазкхийн сотнин командирна майорна Чекуновна а тІевирзира иза:

– Ашшимма, господа, шайн сотняшца дукъа а валий, тІаьхьаталла мятежникашна. Генабевллехь, леха ца оьшу. Йалташ, докъарш хІаллакдай, отрядна тІаьхьа Яьссица хьалавола. Ткъа ахь, капитан Пруссаков, йурт йагайе. Хьуна цхьа сотня а, рота салтий а, меттигера лаамхой а буьту ас. Дерриг чекхдаккха ши сахьт хан йу шуна.

– Гаспадин палконак, тхан бахамаш…, – гІийла мохь белира ХортІин.

– Капитан Пруссаков, воккхачу стеган дехар кхочушде.

ДІаваха говр дІахьовзийча, йуьстахлаьттачу Солтханах бІаьрг кхийтира Батьяновн.

– ХІара лаьттарг мила ву? – цунна тІекъаьрзира полковник. – Мичара йевлла хьуна погонаш а, мидал а?

– Эцна, – элира Солтхана.

– Хьаьнгара? ХІун делла?

– ХІара пхьарс белла, паччахьера эцна.

ОьгІазваханчу Батьяновн йуьхьах цІе летира.

– Иза, хьан оьздалла, цхьа кІира хьалха туркойн тІамера цІа веана, – элира улло хьийзачу Асхьада.

– ХІета, турпалхо ву-кх, – кІадвелира полковник. – Муха ду хьан дахар?

– Вуон дац.

– Іедална гІуллакх дан лаьий хьуна? Вало, даго деза цІенош гайта салташна.

Солтха кІоршаме хьаьжира цуьнга.

– Хьуна хьалха лаьттачара гойтур ду. Ахь аьлча, шаьш бага а кийча лаьтта уьш, – ХортІагІарна тІе корта тесира Солтхана.

– Хьайна луъург де. Со-м хьуна мах балийта воллура.

– Баркалла, господин полковник. ХІумма а ца оьшуш, дика веха со.

Шен эпсаршца дІавахара Батьянов. Даго деза цІенош гайта Пруссаковна улло лилхира ХортІагІар.

Дошлой, говрашка йоргІа эцийтина, регІа бахара. Салтийн рота а, хІокху йарташкара лаамхой а эвлан гомийчу урамашкахула дІасабаьржира. Хьалха чубоьлхий, цкъа цІенош толлура цара. КІелхьарйаха ца кхиийна йийбарш кертал аракхуьйсура. Мега герз, пхьегІаш, кузаш, истангаш а дІаоьцура, йисинарш, тоьпийн баххаш детташ, отура, цхьамзанашца этІайора. ТІаккха цІе тосура цІенойх. ЦІе марсайаьллачу хенахь йукъакхуьйсура вуьшта а этІийна, йохийна сал-пал. Догура цІенош, йалтадухкургаш, божалш, доьрчий, докъаран холанаш а.

Цхьа сахьт далале, йуьртана тІехула кІуьран Іаьржа марха хІоьттира. Сетташ, керчаш, хьерчаш, хьалаоьхура цІеран меттанаш. ХІаваэхь хьийзара йогучу алан, гІодамийн хелагаш а, лоьдгаш а. Іадийна маьхьарий хьоькхура зударша, бераша,

цIахь дитинчу эсаша. Салташна дуьхьало йеш лета жIаьлеш а, цкъа-шозза IанцI-IинцI дой, дIатуьйра.

Солтха меллаша цIехьа волавелира. КетIа а хIоьттина, къаьрзина ши бIаьрг хье тIе а баьлла, йуьрта хьоьжуш карийра цунна Солта. ТIе а вахана, кIентан белша тIе куьг диллира Солтхана.

– Гой хьуна? – хаьттира цо.

– Го…

– Варийлахь, дика хьажалахь. ХIара де а ма дицде, хьо велла дIаваллалц…

4

МIаьчиган лаппагIи чохь чIагIо лаьцна сецна ши доттагI тоьпаш карахь цхьа долчу цхьана корехь лаьттара. Цаьршинна шера гора маьждиган майданахь хIоьттина сурт. ХортIагIар а гира. Кхоьлина, меллаша цIа вогIу Солтха а гира.

Лаха чуьра цIенош а дагийна, МIаьчигъгIеран йуккъе лакхахьа тIебуьйлабелира таIзархой. Царна хьалха богIура Асхьад, ХортIа, ЧIонакъа, Инарла.

– Схьакхочуш бохку, – элира МIаьчига, шен топ а кечйеш.

– Шина тоьпана йалх барам хIоъ-молха бен дац-кх…

– Тоьур ду.

– Хьалхалера бIаьрса а дац хIинца.

– Дера, кIеззиг куьйгаш а ма дегадо.

ДоттагIий цхьана минотана дIатийра.

Къайсаран а, Аьрсамирзин а цIенош дара догуш. ТаIзархой тIаьхь-тIаьхьа гергагIертара. ХIинца шера къаьстара церан къинхетамза йаххьаш. Шуьйрий, йехий, йеакIовн а. Дехий гиччош, месала мекхаш дерш а бу. Цхьана тобанна хьалха ХортIа ву. Вукхуьнца – Асхьад. Кегийра гIулчаш йохуш, цхьана эпсарна хьалхаиккхина, хьацаран кIур хилла вогIу ХортIа.

– Васал.

– Вай?

– Ас оцу къеначу жIаьлина туху.

– Хьанна?

– ХортIина.

– Ма тоха.

– ХIунда?

– Къена ву иза. Вуьшта а, кестта лийр ву. Даш кхоаде.

– Бакълоь хьо, Васал, къена жIаьла а дитина, кIеза диэн деза. ТIаьхье ца кхиийта.

– Ткъа ас и дIо хаза мекхаш долу эпсар вожаво.

Цхьатерра йовлу доттагIийн тоьпаш. Деге ка а тухуш, шалха а воьдий, йуьхьара

кхета Асхьад а, эпсар а. ХортIа – кIантана тIе, салтий – эпсарна тIе хьолху. Салтий дIасахьуьйсу тоьпаш йевлла меттиг лоьхуш. ЛаппагIин корехь молханан кIур гича, бертал охьаоьгу салтий. ШозлагIа а, кхозлагIа а тоьхначара шишша салти а, ламанхо а лаьттахь дIатево.

– Чекхдели, Васал.

– Чекхдели.

– Васал.

– Вай?

– Нохчийн бIаьхаллин илли алахьа!

– Мегар ду, МIаьчиг. Къонахойх лер вайша.

– Вайшиннал тIаьхьа вайшиннан къена ши сту буьсу-кх, Васал.

Васала доккха садоIу.

– ХIаъа, МIаьчиг. Вайша санна, къена, декъаза ши сту.

Кора тIе тоьпаш йетташ, гергатиэкха салтий.

ТIехьара пен цаца санна бина.

– Доладехьа, Васал.

Васалан йуьхьа тIера мархаш дIасайаьржа. Серлабовлу бIаьргаш а. Хьурмате йекхало йуьхь. Йишхаьлла дека мацах цкъа бархатах кIеда, мукъаме хилла аз:

Тхо цкъа а цхьанне а

Къарделла, совцур дац.

Маршо йа Iожалла –

Шиннах цхьаъ йоккхур йу.

БIаьстенга тхаьш довлахь,

Цу кхахьпа элашка

Iаьржа цIий тийсийта

Делах дуй биъна ду…

МIаьчиган аз тIаьхьадагIац, амма, лере куьг а диллина, мохь туххий тIаьхьара олу цо:

Мацалло хьовзадахь,

Орамаш дуур ду.

Хьогалло тхаьш бIарздахь,

Бецан тхи мийра ду.

Цу лаьмнийн хьехнашкахь

Шах цIераш летор йу,

Тхайн таррийн йуьхьгашца

Уьш марсайохур йу!

– ХIойт! Гора, Васал, йаI!

…ХIоьънаша зарзйина

Тхайн чорда башлакхаш

Къоначу воIарийн

Белшаш тIе туьйсур йу!

– Маршо йа Iожалла!

…МостагIех летачохь

Iожалло тхаьш лецахь,

Тхайн метта дIахIиттар

Царна тIедуьллур ду!

Салтий иттех гIулч гергатекхна. Цхьаберш, гуо тесна, тIехьа бевлла. ХIинца миноташ бен ца йисина.

– Вайшиннан шаьлтанаш аьрта-м йу, Васал.

– ЦIий Iано ца лелийнера вайша уьш, МIаьчиг.

– ТIедеа-кх хIара.

– ТIедеа.

Шиммо а баттара йоху шаьлтанаш. ЦIенкъа охьайужу суйнан метта лелла хьаьжкIан ши тхьум…

– Илли доладехьа, Васал. Къонахийн илли.

Васала, йовхарш тухий, аз тодо:

…Болатан шаьлтанаш

Баттара йаха вай!

Къизачу мостагIийн

ДогIмаш тIехь кегйе вай!

МІаьчига, гІуй дІа а боккхий, цІеххьана озайой, неІ йоьллу.

Буьрсачу тохарца

Кхолха гуо хадабай,

МостагІийн декъаш тІехь

Ваьшна некъ билла вай…

Ши доттагІ тІаьхьий-хьалхий араоькку. Амма, ши гІулч а йаккхале, мостагІийн дІаьндаргаша цаца бо цаьршиннах, буйнара охьаоьгу мекхаша йуьзна аьрта шаьлтанаш. Вовшийн мара а кхетий, меллаша охьавоьду и шиъ. КІоргге хьех чу эгначу къеначу бІаьргашна тІехула Іожаллин дохк хІутту. Амма йаххьаш хьурмате йекхайелла…

– Гора, Васал, йаІ…

– Воха ма… вохалахь… МІаьчиг…

ТІаккха мар-марахь дІахаьрца бІаьхаллин къена ши доттагІ, цІе тоьхна вежарий. Ткъе пхийтта шо хьалха ведда нохчашна йукъавеана оьрсийн салти, нохчаша Лапин кІант Васал аьлла цІе тиллина Тамбоверчу ахархочун кІант Лопухов Василий а, гатийуьртахо Маьнтикан МІаьчиг а.

Маршонан кІентий…

XI корта. ДОТТАГІИЙ

Іожална кхиэл хилларш

КІелхьарабохуш,

Шаьш-шайна Іожалла

Кечйора цара…

Эсхил

1

Августехь генеральни тІелатар долийра командованис. Нохчмахка хьалагІоьртина Батьяновн отряд шозза кхиамза йухайелира Хаси-Юьрта, хьалха нисйеллачу йарташкара амалташ а бохуш, некъашца долу йалташ а дохош.

Эххар а, ДегІастанарчу Перликан а, Тер-Асатуровн а отрядаша гІо а деш, Нохчмехкан дега йуккъе веара иза.

Смекалов коьртачу отрядца Бена кхаьчча, кхузахь цхьа а са дацара. Божарий Іаьлбагца дІабаханера, ткъа къенаниш а, зударий а, бераш а хьаннашкахь къайлабевллера. МаьІ-маьІехь даьржина дагийна цІенош дара хІинца а кІур

туьйсуш. Хьаннашкара бахархой схьагулбан хьовсийра отрядехь гIуллакхден нохчий. Суьйранна тIелхигбевлла ши бIе сов зударий а, ахдерзина бераш а гулдира эвлан йуккъерчу майдана. Инарла гучуваьлча, коьртара даьхна корталеш цунна хьалха детташ, цIогIанца тIегIоьртира зударий. Цаьрга а хьуьйсуш, маьхьарий хьоькхура Iадийначу бераша. И Iаламате сурт гича, йа къинхетам даг чу иккхинехь а, йа воьхна висинехь а, цхьана минотана вист ца хилалуш висира Смекалов, амма сихха меттавеара.

– Совцаде и йешапаш! – мохь туьйхира цо эххар а.

Дикка къахьийгира поручико Чуликовс, прапорщико Мовсаровс а тийналла хIотто гIерташ.

– ХIун боху цара?

– Шаьш Сибрех дохуьйту бохуш, хезна царна, хьан локхалле къинхетам боьху цара…

Хьаьжайуккъе шад хIоттийна, хьаьрса цIоцкъамаш а дусийна, зударшна тIевирзира инарла.

– И ала гIерта шу, варраш санна, Iоьхуш? Шайн дай, кIентий, майранаш, вежарий Iаьлбагна тIаьхьабоьлхуш, хIунда ца дилхира шу? Сан доцца дош ду шуна. Нагахь шун божарий, Iаьлбаг, Солтамурд, Сулиман валош суна тIебогIу-кх, тIаккха сан къинхетаме догдохийла йу шун. Ца до-кх цара иза, шайн тIелхигаш дIа а хьарчайай, Сибрех даха кечло.

Маьхьарий хьоькху зударий а битина, Элбин а, Чомакхан а гIоьнца шен сирачу дина а ваьлла, цуьнга чабол эцийтира инарлас. Лагере а кхачале, цунна бицбелира и зударий а, и бераш а. Цо ойла йора керла хIоьттинчу хьолан. ХIинцца цуьнга хаамаш кхаьчнера, шеца кхо бIе гергга нохчий, суьйлий, гIалгIай, тушой а болуш Басса тIе веанчу Iуммас цигара йерриг йарташ гIовттийна бохуш. Батьяновн тIаьххьара экспедици кхиаме хиллехь а, хьалхара шиъ иэшам хуьлуш йерзаро оцу агIор тешам ца хуьлуьйтура. ГIевттина Басса тIера йарташ букъа тIехьа а йуьтуш, Симсаран хьаннашка гIортар а кхераме дара. Кхана-лама схьакхача везаш командующи а ву. ХIетале гIуллакхах цхьа агIо йаккха йезара.

Смекаловс сацамбира, зандакъойн а, Iаларойн а йарташкара амалташ а, контрибуци а йаккхар Батьяновна, ткъа беной кхалхор Аваловна тIе а диллина, Нуридан отряд, оьшшучу кхосса, резервехь Веданахь а йитина, коьртачу ницкъашца ша Басса тIе ваха.

Элистанжа кхачале, Iаьржа-Ахка тIехь цхьана минотана а сацам боцуш, пхеа сохьтехь хиллачу тIамо доккха ков даькхира отрядах. ЧIогIа чевнаш хиллачарна йукъахь вара цIейаххана майра артиллерийски полковник эла Шервашидзе а.

ГIовттамхойн дIалаьцначу чIагIонна тIе хIорш хьалабевлча, шена гиначу суьртах цецвелира эла Накашидзе. Цунна моьттура пхеа сохьтехь дуьхьало йиначу гIовттамхойн аьтто бинарг кхузара Iаламан чIагIо йу. Иза аьттехьа а ца хиллера. Ханнех дина кхоъ гIат дара чIагIонан. Уьш динера хIоранна тIехьа болчу бIаьхошка вукху шина гIатта тIехь берш тIелетачу мостагIех ларбайта а, хьалхарчарна зиэн доцуш йухабовла а аьтто болуш. Йаккхий тоьпаш ца хиллехь, хьехочохь а дацара отряде хIара дIалацалур йу бохург.

– ХIара тайпа чIагIо гина йац суна, хьан локхалла.

– Гойла а дацара. Iумма бохучу къеначу берзан болх бу хIара. Нохчийн хьалхалера тIеман говзалла йу цо йукъайаьккхинарг. Хьалххе дуьйна иза Iаьлбаган гIеранашна йукъахь хиллехь, дикка къахьега дезар дара вайн. Амма, вайн ирсана, Iаьлбаг а, цуьнан гIоьнчий а, бIаьхой а къона нах бу, цхьа а тайпа тIеман зиэделларг доцуш. Дийна дечиг ца йуьсуш, чим бай йагайайтал хIара, полковник. Кхана, баьхкина, йуха а кхуза охьаховшур бу уьш.

Тахана отрядна даккхий дараш а дина, нийсса аьлча, цунна тІехь толам а баькххина, йухаваьллачу Іуммина тІаьхьа талла йахийтина дошлойн масех сотня, цунна тІе а ца кхиъна, МахкатІе уллохь сецира. Іумма вахана агІо а ца хаьара цхьанне а.

2

Шена тІаьхьайаькххина дошлойн отряд аьттехьа ца йуьтуш, МахкатІехула чекх а ваьлла, хІинца ша кхерамна генахь вуйла а хиъна, бІаьхошна садаІа хан йелира Іуммас. Бурсанечу ножа кІел охьадехкинчу декъашна улло охьахевшира гергарниш а, доттагІий а, йуьртахой а. Йайн чевнаш хилларш, Ахка чу а биссина, цІий дІа а доккхуш, чевнаш йуьлуш, накъостийн гІоьнца уьш дІайехка хІиттира.

Іуьйранна хІума кхалларх бара бІаьхой. Амма говран нуьйрашна тІедихкина бекъачу кхачанца долу таьлсаш ца хьадора цхьаммо а.

Хи чу а воьссина, чоин пхьуьйшаш хьаладина, цІена ши куьг а дилина, канашкахь схьаэцна, шозза хи мелира Іуммин Дадас. Йуха а сирлачу хи чохь нур детташ къегира дашо чІуг. Йуха а карлайелира йезар. Амма Дадас генна дІалелхийра ойланаш. Цо догдиллинера ирсах.

Лохха къамелаш хезара, хІинцца чекхбаьлла тІом бийцаре беш. ПаргІат нохчийн, чехка гІалгІайн, къамкъаргехь дешнаш лоьлхуьйтуш суьйлийн а меттанашкахь. Масех тушо Іара йуьстаххиъна, эттІа мачаш а, чоэш а тІеттІа а ийзош.

Дадас а йора чекхбаьллачу тІеман ойла. Тахана эпсаршна йукъахь дуккха а гира цунна шена бевзарш. Владикавказехь волуш ша хийла ха дина инарла Смекалов а. Оцу эпсаршца сакъоьруш дуккха а буьйсанаш а йайъина Дадас. Ткъа тахана цара вовшашна тоьпаш йиттира. Хьерабевлча санна. Вевзирий-те царна Дада? Ца вевзина хила а мега. Вевзинехь, ка тІекхочехь хиллехь, аьтто а баьллехь, цара вийна хир вара иза. Царна гергахь Дада йамартхо ву. Паччахьна, даймахкана муьтІахьаллина биъна дуй къарбина йамартхо.

ТІевеанчу Овхьада йукъахйехира Дадин ойланаш.

– Стенан ойла йо ахь, борз? – улло лахвелла, куьйгаш дила вуьйлира Овхьад.

– Таханлерчу тасадаларан.

Овхьада а, канашкахь схьаэцна, шозза-кхузза хи мелира, даккхий къурдаш а деш.

– Дика катуьйхира вай-м. Хьайна вевзарг-м ца вийра ахь?

– ХІан-хІа. Велур вацара. Царна йукъара цхьадерш жІаьлеш хиллехь а. Ишттачохь ма ца нисйо гамо.

– Вайна йукъахь йерг гамо йац, Дада, мостагІалла ду. Цкъа а машар хир боцуш. Хьуна дика ма девза тІеман законаш.

– Иштта-м, дера, дара иза. Амма царна йукъахь селханлера сан доттагІий ма бу.

– ДоттагІаша шайн доттагІчун йарташ ца йагайо, зударий а, бераш а ца дойъу. Шайна дуьхьал нисвеллехь, цара вайшиннах бийр барий къинхетам?

– Сох-м бийр бацара. Цара-м со, йамартхо ву аьлла, нажжаз ма вина.

ТІеда куьйгаш чоин тІемах а хьоькхуш, Дадега а хьаьжна, велавелира Овхьад.

– Цунна ву хьо догдоьхна? Дегахьа ваьлла хьо а, дена дуьхьалваьлла со а цхьатерра ши жІаьла хета оцу господашна. СвистуновгІеран, ЧермоевгІеран компанина.

КIезий долуш шаьш дига а дигна, кхаьбна, ткъа кхиъна даьлча, акхадаьлла.

Дадас доккха садаьккхира.

– Со-м кхолламо валийнера кхуза. Амма хьо сонта хIунда хилла хаац-кх.

– Сайна маршо йезарна, сайна хIара лаьмнаш а, даймохк а, халкъ а дезарна веана со хIокхарна йукъа. Сан халкъана тIехь Iазап латториг, иза милла велахь а, мостагI ву сан. Хьалхара мостагI – паччахь, тIаьхьа – цуьнан Iедалан гIортор хилла мел лаьттарг. Царна йукъахь сан да а, ваша а ву. Сан цкъа а машар хир бац цаьрца. Ткъа хьо вуьззина Iовдал ву Дада. Хьайн дех дозалла дечу меттана, виллина дIа цIом оллийна лела. Цкъа дина, цкъа бен лийр а дац. Лата хьо. Доггах лата. Вай лийр ду, амма къийсам соцур бац. Даим хир дац вай къийсамехь цхьалха. Оьрсий шаьш а гIовттур бу. Кхидолу къаьмнаш а гIуьттур ду вайца цхьаьна. Оцу тIегIерта Россехь хIоьттина хьал.

Делкъе йинчул тIаьхьа йоцца кхеташо гулйира Iуммас. Некха тIехь сира, йеха маж кагйина, лаьттан бIаьра а вогIавелла, дIатийра Лорса-Хьаьжа. Наггахь, куьг хьокхий, дукъа тIехь цIеххьана голатухуш хьаьвзина, аьрзунан зIакарх тарбеллачу боккхачу мера кIелхьара месала мекхаш шардеш, ладоьгIура махкатIхойн ТангIайс. Коьртара баькккхина месала куй шена улло аркъал охьа а биллина, чIешалгашца сийна буц кегош, ойлане велира векъана, гIуркх санна, веха Макажара Апин МитIа. Лекхачу хьаьжа тIехь, лечанан тIемаш санна, даьржинчу дуькъачу цIоцкъамаш кIелхьара Iаьржа боккха ши бIаьрг ломан дехьа баса а боьгIна, тийна ладоьгIура зумсойн Залмин Дадас.

Царна тIехьарчу могIара голаш тIе лахбеллий, хевшиний, ираххьий Iара Мохьмадан ГIеза-Нур, Ишин БугIа, Яхьсин Ханбетар, Амин Хьусайн.

ТIулган бердашна йуккъехула, зоьрталчу пепнийн IиндагIашна кIелхула сетташ, чхернашна тIехула чукхийсалуш, чопаш туьйсуш, бурош хьийзош, охьаоьхура жима Iаьржа-Ахк. Бухара тIулгаш Iарждинера тIетийсинчу хьесаша. Цундела оццул сирла хи бодане, Iаьржа хетара.

– ТIехиндолчун ойла йан йеза вай, кIентий, – долийра Iуммас, суьлхьанаш гIовталан кисана а таIийна, шуьйрачу можах куьг а хьаькхна. – Белларш бу дIабохка безаш. Шайн йарташка а бигна. Ахь, Иба, ЧIебарлой дIабигаран гIайгIа бе. Байъина гIалгIай, Iаьндой дIабига масех стаг а къаставе. Цаьрца пхи-йалх нохчо ца вахча, гIиллакхе хир дац. Белларш дIабохккалц цигахь Iе. И нах болчаьрга тхоьгара кадам а бе. ХIинца вай дан дезарг. Инарла вайна тIаьхьавер вац. Ваьхьар а вац. Хетарехь, йарташ а йагийна, Ведана йухавоьрзур ву иза. Йарташ кIелхьарйаха ницкъ бац вайн. Доцца аьлча, хьалха баьхкича, цара йитина а йац шолгIа йаго хIума. Эскар Ведана йухадолуш, цунна тIелета дезар ду. ТангIай, вайн ах нах а эций, хьо Ведана боьдучу некъана аьтту агIор хьаннашка гIо. Бисинчаьрца со аьрру агIор вер ву. Цхьана минотана а садаIа ма бита, тIейетташ, Ведана дIабига уьш. Лорса-Хьаьжа, ахь хIокху йарташкахь бисина нах вовшахтоха. Эскар дIадаха новкъадаьлча, тIехьахула тIелетар ву хьо.

Дехьо йуьстахлаьтта Овхьад а, Дада а тIекхайкхира Iуммас.

– Овхьад, тховса Iаьлбагна тIекхача деза хьан. Тахана хилларг дийца. Кхана тIом хир бу ала. Нагахь Нохчмахкахь цо цхьаъ доладахь, Веданара цхьа а салт цига вогIур воцийла а хаийта. – ТIаккха Дадина тIевирзира Iумма: – Ткъа ахь, кIант, хьайца ши-кхо стаг эций, гIой, инарлас дIа мел боккху ког суна тIе кхачабе.

3

ТIе латта тесна лоха тхов болу Къосаман къен цIа, чуваьлча, кошах тарлора, буьйсанна-м хьовха, дийнахь а. Йочанечу хенахь жимачу корах чутатталой, мох,

дарц, пенашца, тхевнаца хьийзаш, кхерстара цIа чохь. Ткъа бахтаран асанашца неIсагIина тIе а къевлина, кхо у вовшахтесна йина неI, даг тIе сингаттам туьйсуш, цхьана мукъамехь цIийзара.

Тховса аре тийна йара. Дарц а дацара, мох а бацара. ХIаваэхь хIоьттинчу йовхонан дахкаро къайлайаькккхинера стигал а. Бурко йара, чохь-м хьовха, арахь а.

Тишачу лаппагIийн уьйтIарчу кхуран дитта кIел черт йаржийна, гIевланга кенийн гIайбанаш тийсина, ахтевжина Iуьллура Къосам а, Нурхьаьжа а.

Цаьршинна йуккъехь лаьттара чохь сискалан цуьргаш а, цхьа барз хохийн чкъоьргаш а йолу Iарзделла дечиган шун.

Нах цецбуьйлура оцу къоначу шина стеган доттагIаллех. И шиъ куьцаца, догIмашца йа амалшца тера а вацара вовшех. ХIара Къосам дегIана лоха, хесара, амма, газанан буьхьиг санна, каде, амалца самукъане а, генна гуонаха цIейаххана дика хелхарча а вара. Ткъа цул пхи шо жима Нурхьаьжа, хIара Къосам санна волу шишша стаг, пхьаьрса кIел а воьллина, дIахьур волуш, онда, дегIана зоьртала, тийна амал йолуш вара.

Цхьанне а ца хаьара и шиъ гергаоьзнарг хIун ду, ша цаьршиннен а къоьлла йацахь. Бакъду, цхьа хIума дара цаьршиннан йукъара. Къосам – дика хелхарча, ткъа Нурхьаьжа дика илланча хилар. Миччахьа ловзарга а, синкъераме а цхьаьна воьдура и шиъ.

Йекъа сискал а, кIон хохаш а биъна, хIара шиъ паргIатваьлча, цаьршинна тIейеара дуткъа, элдарчу дегIара йоI – Къосаман йиша Мета. Иза шун дIаэца охьатаьIча, цхьацца агIор букъа тIера охьакхоссайелла, йаьржина, лаьтта йуьйжира йеха, стомма Iаьржа ши кIажар. Мета хаза йоI йара, луларчу йарташкахь а цIейаххана. Маре ца йоьдуш, хенал а тIехйаьллера иза. Декъазчу Къосаман ши шо хьалха зуда йеллера, ши бер а дуьсуш. ХIинца а къена йоцу нана Аьлбика а меттахь Iуьллура. Стенна дара а хаац, пехийн цамгаран ун хьаьвзинера церан доьзале.

– ХIай, баркалла, Дала сагIа бойла хьан кхача, Мета! – элира Нурхьаьжас, йуккъера шун дIаайъича, ши ког хецна, паргIат а волуш.

– Хьанала хуьлда хьуна а, – бархатечу озаца йистхилира йоI. – Боккха болх бацара хIара-м. Шуьшинна дао жижигаш, дуьмеш делара сан.

– Тоьур ду. Оцу сискалх, хохех хьоьгуш дукха нах бу. Дала ма эшайолда иза бусалбанна а, керстанна а.

– Кхана хIун до вайша? – хаьттира Нурхьаьжас, Мета чуйахча.

– Хьо – Дадашца Зандакъа, со Оьздамарца Даьттахе а, Зандакъ-Ара а гIур ву.

– Нагахь цигара нах тIаьхьа ца хIиттахь?

– Цара дош ма делла, хIуьттур ду аьлла.

– Дош-м делла. Дош-м хьалха а деллера цара. Ткъа гIовтта деза де тIехIоьттича, нийсса ах дуьхьалбевлира.

– И дIадаьлла. ХIетахьлерниш бац хIинца нах.

Кхо бутт хьалха инарла Свистунов – Бенара охьа, ткъа полковник Батьянов – Кешанера хьалавогIуш, цIеххьана кхузара йарташ цкъа дуьхьалйевлира Iаьлбагна – цигарчу таронаш йолчу нехан аьтто хилира хIетталц гIовттамхошкахьа хиллачу нахах дукхахберш совцо а, важа ах Iаьлбагна дуьхьалбаха а. Оцу гIуллакхна коьртехь вара хIинца а туркойн тIамехь волчу гендарганойн Момин Хьотин ваша Гати-Хьаьжа а, церан шичой-маьхчой а. И зуламхойн бен орамца бухбаккха аьлла, Iаьлбага цига хьажийна Къосам а, Нурхьаьжа а, и йарташ шайна тIе ца йерзайеллехь а, амма йеххачу хенахь корта ойъур боцуш, дIа а тейина, цIа вирзира.

ТІаьхьа кхин а хааделлера царна: Чеччалхехь адам карзахдаьккхинарг молла Хайрулла хилар. Амма, лиэн ваьккхича, Хайруллас дуйнаш кхийлира, оцу гІуллакхна ша бехке вац, ша дагца а, ойланца а Іаьлбагехьа а ву бохуш.

ХІетахь, йуьртан молла волчуьра дІа а ваьккхина, кхин таІзар ца деш витинера иза Іаьлбага. Цул тІаьхьа цхьана йукъана дІатийна Хайрулла хІокху тІаьххьарчу хенахь, йуьртара араволий, цхьанна а мича вахана ца хууш, масех де доккхий, цІа воьрзура. КъосамгІарна хезнера, иза цкъа-шозза Чири-Юьртахь Хьамза-Хьаьжа волчохь а, Гати-Юьртахь а, Шелахь а хилла бохуш. Амма хІетахь цуьнан леламийн дуьхе кхиа ца гІоьртира уьш…

– Хьайца маса стаг вуьгу ахь? – хаьттира Къосама.

– Бекъна бига нах вайшиннан-м ма бац. Іаьлбаге гІо дехча?

– Цо мичара ло иза! Цул, тховссехь геланчаш а бахийтина, гонахарчу йарташкара вешан нах схьагулбича?

– Кхуьур дуй-те? ХІара буьйса пхьид эккхал а йац.

– Цхьацца бІе стаг а ца хилча, ледаро-м хир ду гІуллакх.

– Наха дуьхьалойарна-м ца кхоьру хьо?

– ХІан-хІа. Вайца нах кІезиг хилча, вайн гІуллакхах тешам бов нехан.

– Цхьацца бІе стаг хилла Іийр вац вайн. Кхузахь шовзткъа стаг вуй? Даьттахарчу Эзархана шен ах бІе стаг ву, боху, кийчча. Зандакъ-Арарчу ШоІипа а, Гендарганарчу Дауда а оц-оццул нах хуьлуьйту. Зандакъара а, Симсарара а, Байтаркера а хир бу.

– Гуттар а тІех хилахь, пхи бІе стаг нисло-кх.

– Иза-м кІезиг ницкъ а бац. Оццул нахаца-м вай Майртуьпана уллохь кхо эзар салти эшийра. Цаьрца бархІ йоккха топ а йоллушехь.

– И ша дара.

– ХІунда?

– ХІетахь Іедал ларлора, вайн ницкъ ца хууш. ХІинца хаьа. ХІор а йуьртахь шайн йаккхий гІорториш йуйла хаьа. ТІе, цул тІаьхьа, хьекхийна, ницкъах а даьхна вай.

Къосама йуха а куьг ластийра. Цунна ца лаьара кхолламан кІорге гІерта.

– Дитал уьш. Даим дІа чІеІаш ву-кх хьо. Цул, цкъа вайшиъ новкъа валале, и пондаран дечиг кара а эций, цхьа мукъам бехьа. Ден-ненан цхьа волу цхьа кІант мостагІех леташ валар дуьйцуш.

Чучча тесна ши куьг коьрта кІел дуьллуш аркъал а ваьлла, ладогІа кечвелира Къосам.

Пенаца хІоттийна лаьтта бІаран дечигах бина пондар кара а эцна, лохха мукъам болийра Нурхьаьжас.

* * *

…Цхьа волу цхьа кІант кхиънера ден-ненан. Дукхавезара царна иза, йоІбІаьрг санна, Іалашвора цара иза. Духар хазаниг оьцура, тоьлла дин, тоьлла герзаш латтадора. Цкъа, йуьртара шен нийсархой лаьмнашка сакъера боьлхуш, цаьрца ваха лиира кІантана. Дега-нене дехар дира цо:

Вахийта, нана, со бухь сирачу лаьмнашка,

Шийлачу шовданах сайн кийра Іабо,

Іуьйранна дашо малх ламанца гІоттуш,

Мархашлахь, нека деш, къона бутт лелаш,

Беттаса дІадуьжуш, цаьрга бІаьрг тоха.

Вахийта, дада, со ламанан хьаннашка,

Ган лаьа лун кІорнеш тархашца ловзуш,

ЛадогІа, сира сай гІелашна Іоьхуш,

Мацалла гила борз суьйранна угІуш,

Майра лом Іуьйранна хьаннашкахь гІергІаш…

Амма дас-нанас пурба ца делира цунна. Уьш кхоьрура цхьа волу цхьа кІант лаьмнашкахь валарна. Цхьа хан йаьлча, нийсархой лаьмнашка экханна талла баха кечбелча а, дехаре веара кІант шен да-нана долчу.

– Вахийта, нана, со лаьмнашка кхарста,

Ижуна гІеттинчу экханна талла,

Лечанан буйнара кІайн кхокха баккха,

Цу берзан багара лун кІорни йаккха,

Иччархойн къизаллех акхарой лардан…

Вахийта, дада, со лаьмнашка кхарста,

ГІорасиз акхарой нуьцкъалчех лардан,

Цу лаьмнийн басешкахь зезагаш хьеста,

Дерриге дуьне а машаре кхойкхуш,

Сайн иллин озаца харцо дІайаккха.

Ца лиира дена-нанна кІант лаьмнашка вахийта. Кхоьрура иза лекхачу тарха тІера чувожарна, дерачу хе, такхийна, иза хІаллакварна, сутарчу экхано вararна.

«Ваха пурба дац хьуна», – элира дас-нанас.

Дукха хан йалале, ирча кхаъ беара лаьмнашка. Даймехкан латта хьоьшура хийрачу мостагІаша. Йарташ йагош, зударий, бераш лолле дІалоьхкуш. МостагІех лата баха кечбелира йуьртара нийсархой. ТІаккха дена-нанна хьалхаІоьттира цхьаъ бен воцу кІант:

– МостагIа тIелетта сан жимачу халкъана,

Iоврашха цIий Iена, йарташ йу йогуш,

Зударий а, бераш а лолле дIалоьхку,

Сан нана-даймохк бу шен кIанте кхойкхуш,

Ас тахна ца доьху шуьшинга пурба…

КIанте бIаьрг тоьхна, вовшашка хьаьжира къена да-нана. Шен къоьжа корта курра агIор саттийра нанас. Сира мекхаш хьовзийна, куьг тоьхна, йехачу можах шалго йира къеначу дас. ТIаккха, гIеттина йахана, пенах кхозу йоьзан гIагI цуьнга дIа а делла, хIинца а маж-мекх далазчу кIентан шерачу йуьхьах шога куьг хьаькхна, йистхилира нана:

– КIант хиларе сатуьйсуш, тхо къона къанделча,

Хьо тхуна велира кхоьллинчу вайн Дала,

Набарна ца йуьжуш, сайн кийра ца бузош,

Шелонах, йовхонах ас ларвеш кхиийна

Сан дегIан мерза са, къеналлин гIовла.

Оха-м хьо вийхира тхаьшшинна ирсана,

Оха-м хьо кхиийра тхаьшшинна гIовланна,

Амма ду кхин а хьан тхол сийлахь да-нана –

Хьомсара даймохк а, декъаза халкъ а.

Тхойшиннан бакъо йац цаьргара хьо ваккха.

ТIаккха, шен карара гIама кIентан гIодайукъах а йихкина, вистхилира къена да:

– Жима бу вайн даймохк, къен ду вайн лаьмнаш,

Кхузахь вай цхьаьнцце а хьагI йоцуш даьхна,

ХIетте а, дитац вай машаре даха,

МостагIа ву гIерташ вай лолле дерзо.

Йуьстах Iен бакъо йац ишттачу дийнахь.

Варийлахь, мостагIех дера хьо лиэталахь,

Даймехкан чевнеха ахь бекхам эцалахь.

Да-нана дехаш дац, ткъа даймохк буьсур бу.

Цуьнан сий, маршо а ахь майра ларйелахь,

Ахь цунна мерза са эшначохь дIалолахь!

Кечбелира йуьртара кIентий мостагIашца тIаме. Герз каралаца ницкъберг массо а. БIешаре бевлла баккхий нах а, пхийтта шарал лахара божабераш а доцурш. Аьртаниг ирйина, йаьссаниг йуьзна. Говр йерг – говрахь, йоцург – гIаш йуьртах арабевлира уьш. ТIеттIа тIе марсабуьйлуш, масех дийнахь бахбелира мостагIашца тIом. ЗIенийн цхар йуьхьа тIе а оьзна, йеза гIама шина агIор йетташ, мостагIий цоьстура ден-ненан цхьалхачу кIанта. Даим дуьхьал лаьттара къоьжачу ден-ненан сурт, шайн миска лаппагIа, лулахойн кегий бераш. Уьш кхойкхура цуьнга мостагI вохоре. Церан сибаташа ницкъ лора цхьалхачу кIантана. ТIаккха кхин а чехка, кхин а нуьцкъала ткъесах лепа йолура болатан гIама. ЦIийша буьзнера цуьнан сира дин. ТIедиттинчу тарраша, гоьмукъаша, пхерчаша веддинера кIентан гIагI а, тIарг а. Иза чекхваьллачу новкъахь саьлнаш буьсура мостагIийн декъийн. Цо хьалха дIабуьгура майра тIемалой. Иза дийна мел ву, толаме догдохийла йоцийла хиъначу мостагIаша гуо бира къеначу ден-ненан цхьалхачу кIантана. Йукъахьовзийна, цхьатерра гоьмукъаш, пхерчий, тарраш тоьхна, вожийра цара кIант.

Амма къона баьчча воьжча а, ца буьйхира тIемалой. Уьш, мелхо а, дарбелира. Оццу минотехь тIеман ара кхечира, кIентий а, воIарий а гIелбелла аьлла хезна, шайн тиша-киша герз лахьийна, орцах баьхкина бIешарал тIехбевлла къена нах. Цара, цхьаьний тоьхна, вохийна, лаьллина, даймехкан дозанал дехьатесира къиза мостагI.

Ша мостагIех леташ, воккхачу стага гIийла бIаьрг биттира кIант лоьхуш. Амма ца гира, мел лехарх а. МостагI махкал ара а кхьоьссина, йуха а веана, тIеман ара хIоьттира воккха стаг. ТIеман аренна тIехула, стигал Iаржйина, хьийзара Iаьржа хьаргIанаш. Аренна гуо бина, кIомсарш йетташ, цIийзаш лаьттара меца чагIалкхаш. Меллаша ког боккхуш, массо а докъан йуьхьа тIе хьожуш лелаш, мостагIийн декъийн уггар йоккха сал йолчу кхечира воккха стаг. Зингатийн туьйлигна тIехь делла Iуьллу лом санна, андий пхьаьрсаш а, настарш а дIаса а йаржийна, хIоьттина ши бIаьрг сийначу стигала а боьгIна, мостагIийн декъашна тIехь воьжна Iуьллуш карийра цунна шен кIант. ГIагI а оьккхуьйтуш, некхах чекхйаьллера масех гоьмукъ. Логах, йуьхьах догIаделлера дIаьвше, ира веднаш долу пхерчий. КIомсарш йолчу чхьонкаро кагбинера корта. Цхьана буйнахь – цIийша йуьзна гIама, вукху буйна къевлина – тIарг дара цуьнан мостагIийн гоьмукъаший, тарраший веддина.

Некхах чекхйийлина гоьмукъаш а, йуьхьа тIе, логах догIаделла пхерчий а дIа а даьхна, кIентан меженаш нисйина, иза докъана тIехIоьттина лаьтташ, тIебаьхкира къена а, къона а тIемалой. Массеран а беллера кIентий, воIарий, дай йа вежарий. Амма дийна бисинчарна гург хIара шиъ бен вацара. Вийна Iуьллу шайн турпала къона баьчча а, цхьалха висина къена да а.

Ден кIоргге чухевшинчу кхоьлинчу бIаьргаш чуьра къорама схьалиэшара дуьра бIаьрхиш. Хебарша аьхначу беснеш тIехула кегийчу татолашка а доьрзуш, сирачу мекхаш тIехула а ледаш, йуькъачу можа йуккъехь къайладуьйлура уьш. БIаьрхиша хIоттийначу дахкара йуккъехула цунна гора кIанте ладоьгIуш цIахь йисина йоккха стаг. Воьжна цаьршиннан кIант. Йоьжна цаьршиннан къеналлин гIортор. Байна цаьршиннан кхерчарчу цIеран тIаьххьара суй.

Воккхачу стеган догъэца гIоьртира къежбелла баккхий нах. Цуьнан метта шаьш кIентий хир ду хьуна, элира турпалчу нийсархоша. ТIаккха, букъ нисбина, вистхилира кIентан да:

Ва кIентий, къонахий, шу сох ма кхардалаш,

Турпала воьжначу кIантана велхац со –

Даймехкан декхар ду цо кхузахь дIаделларг,

Сайн кхерчахь йайначу цIарна а велхац со –

Кхечарна цIе латто цхьаъ вага везара.

Кхин ма ду тахана со осалваькkхинарг…

Тхан тишчу лапгIанан керта а хIоьттина,

Цхьа къена нана Iа, кIант кхоче ладоьгIуш,

Соьгахь дац доьналла хилляриг хаийта.

Вац-теша шулахь стаг шийла кхаъ дIакхето?..

Маситтамма а дош делира, шийла кхаъ эцна ша-ша гIур ву аьлла. Гоьмукъех барма а бина, тIе верта а тесна, ларвеш, кIант цунна тIе а виллина богIу тIемалой йуьртана гергакхечира. Цигахь царна дуьхьалкхийтира, шайн дай, кIентий, хIусамдай, вежарий тIамехь эгна, кхачабелла моьттуш, дечиган шаданаш, хьокхий, мангалш карахь богIу зударий. Тобанна хьалха йогIу кIентан нана гича, буьйхира тIемалой. Цхьанне а ца лиира цуьнга шийла кхаъ дIакхето.

ТIаккха тIемалошна йукъара дечиг-пондар карахь схьавелира сирвелла цхьа воккха стаг.

Адамийн дог декхча, хьасталой бека хьо,

Адамийн дог доьхча, гIайгIане боьлху хьо,

Диканехь, вуонехь а тешаме сан накъост,

Ахь мукъне йалхайе вайгара къа-бала…

Воккхачу стага пондар лекхира. Меллаша цунна тIаьхьайолайелира тIемалойн жима тоба. Сецира зударшна хьалхара йоккха стаг. Хезира гIийла дека пондаран мерзаш. Пондаро дуьйцура шен цхьаъ бен воцу кIант нанас мел везаш кхиийна, цуьнан сийлахьчу, боккхачу безамах. ТIаккха цIеххьана хийцаделира мерзийн аз. ХIинца нахана хезара лечанан майра мохь, лоьман дералла, берзан угIар. Цуьнца хезара вовшех а, тIаргах а деттачу герзийн татанаш. Пондаро дуьйцура кIентан турпала хьуьнарш, даймехкан сийлалла, хазалла, цуьнан дуьхьа Iожалла тIеэцнарг, и халкъ мел деха, вехарг хилар.

Боьлхура, тийжара,

ЦIийзара пондар,

Цкъа – ненан дог делхош,

ТIаккха – и делош…

Боьлхура пондар, тийжара пондар. Боьлхура, тийжара и наной. Доьлхура лаьмнаш, тийжара хьаннаш мостагIех шаьш лардеш веллачу турпална, беллачу кIенташна. Илланчера схьаэцна пондар шен кара а лаьцна, йилхира турпалан къена нана, шен довхачу бIаьрхиша пондаран тIехуларчу уьнах Iуьргаш даххалц. ТIаккха цIеххьана севцира ненан бIаьрхиш. ТIемалойн тобанна йукъахь кIентан да лехира цуьнан бIаьргаша. Иза карийча, цуьнга йистхилира кIентан нана:

– Хьо хIунда лечкъина нахана тIехьа?

Хьо ма вац вистхуьлуш къеначу нене?

Йа хьуна хаац-те, со хIунда йоьлху,

ХIун бала хьаьвзина готтачу кийра?

Ахь хIунда ца дуьйцу, кIант муха велла?

МостагIийн ардангех къонахий летачохь

Накъостийн букъ тIехьа и лечкъаш лелла-те?

Исс баттахь и кийрахь ас эрна лелий-те?

Йа цунна сайн накха ас эрна баий-те?

Йа къонах кIант кхио да къонах хиланц-те?

ТIаккха кIентан къеначу нанна хьалхахIоьттира чевнаша верина халкъан баьчча:

– Исс баттахь хьайн кийрахь ахь турпал лелийна,

Турпална ахь шарахь хьайн накха баийна,

Ткъа дас а, ша санна, и майра Iамийна,

Шарахь сов турпалан ахь ага техкийна,

Даймохк а, вайн халкъ а, маршо а йезаш.

Хьан кIентан сира дин тIом халчу хьийзара,

Хьан кIентан тур-гIама ткъесаха къегара,

Гоьмукъо, пхерчаша мохаца къуьйсура,

Хьан кIентан йоьзан тIарг вотанах декара,

Хьан кIентан букъ гина мостагIа вац хьуна.

Чов хилла дарделла цIоькъалом ва санна,

И дера летара мостагIийн ардангех,

Шен турпал хьуьнаршца тхо хьалха дуьгура,

Чов хилларг, ницкъ эшнарг мостагIех ларвора,

Вайн даймохк мостагIех цо маьршабаькккхина.

Баьччин къамеле ладоьгIуш, кIез-кIезиг нислуш, нисбелира къеначу ненан букара хьаьвзина бакъабелла букъ, серлабевлира кхоьлина бIаьргаш. ТIаккха, бармана тIе а йахана, коьрта тIера верта хьала а айъина, леррина кIентан йуьхье хьаьжира нана. Дуткъий балдаш дего доьлча, салазаш тIеттIа а таIийна, сатоха гIоьртира иза. Амма, хорша йеача санна, йегайора йуткъа чIениг, бIаьргех хиш Iийдалора. КIентан йуьхьа тIе верта а оьзна, тIехьа лаьттачу зударшна тIейирзира иза.

– Хьан боху, кIант велла, со цхьалха йисина?

Даймехкан лаьтта тIехь со эрна йаьхна?

Сан лаьмнаш, сирла хиш, бос сийна хьаннаш,

Ма делха, ма тийжа, кIант велла алий,

Шун дуьхьа лен воцург нанас ма волда!

Пондарча, мерз була, дIалакха пондар!

Йижарий, аш тIаьхьа эшараш ала!

Вайн кIентий белла бац, лийр а бац цкъа а!

МостагIа вохийна, вай маьршадевлла!

Пондарча, мерз булий, дIалакха пондар!

Йижарий, аш тIаьхьа эшараш ала!

Толаман де даздеш, вай хелхадийр ду!..

4

Иза шена дуьххьара хезаш санна, ши бIаьрг а хьаббина, Къосама леррина ладоьгIура иллига. Цуьнан дешнаша, хIинца санна, кIоргера ойла ца йайтинера Къосаме цкъа а. Илли долийчхьана, диллина дIа бIаьргашна хьалха лаьттара шен цомгашчу ненан сурт.

Ден сурт а хIоьттира хьалха. Нийсса ткъа шо хьалха ГIачалкха-Дукъахь тIамехь вийна, цIа валийра иза. БугIанийн ворданахь. КIел черт а йиллина, тIе тиша истанг а тесна. Оцу йуккъера схьакъедара йакъайеллачу неIармачаш чу боьллина берзина ши ког. ЭттIачу мIарашца, гIорладоьлла пIелгаш а гуш. БIаьллашна тIехь ворда тохайелча, дIасхьалестош…

ХIетахь хIинца Къосаман хенара вара БоьртIаг. Къосаман санна, жима ши бер а дара: Къосам а, Мети а. ХIетахь а бацара церан бахам. Къосам хаъал хилчахьана, хIара къоьлла йу церан доьзалахь.

ХIунда кхаьчна церан доьзале хIара декъаза дакъа? Йуьртда Iаьмарха а, молла Хайрулла а, кхин масех а берстина хьерабевлла. Башха къахьоьгуш а бац. Ткъа бисинарш къоьлла къикъбоьлла беха.

ХIокху берриг бохамна тIе цIеххьана хеназа хIусамнана а кхелхи. Жимахдолу бер хуьлуш. Царна нана хилла сецна Мета. ХIокху йуьртахь а, гонахарчу йарташкахь а ша йоьхуш дуккха а нах боллушехь, маре а ца йоьду. Вешина зуда йалийча бен гIур йац, тIаккха хIун хир а хаац, олу. Нагахь берашна дика десте хилахь, йаха а мега. ТIе, цомгаш нана а йитина, гIойла а дац. Иштта дIахьийсабо шена тIехьийзарш.

Доцца аьлча, галдаьлла хIокхеран доьзалан гIуллакх. Ненан а, йишин а, вешин а. Массеран а – цхьатерра. ХIорш вовшех а, нах хIокхарех а хьаьгар боцуш. Ирс ду-кх хIокху Нурхьаьжин. Зуда йалоза волчу. Да а, нана а дац. Шел воккха цхьа ваша Оьздамар бен, кхин делха а, дита а дац. Ткъа шаьшшиннан гIуллакх чекхдаьллийла кхушинна дика хаьа. Иэшам хилахь – къийсамехь лийр ву, дийна висахь – дIалоцур ву. ТIаккха шеко йац и шиъ тангIалкхаш тIехь кхозург хиларан: хIокху Нохчмехкан йерриг йарташкахь бохург санна, Iедалан цIенош – канцеляреш йагийна цаьршимма. Масех хьолада эхарта а хьажийна. Церан бахамаш мискачу нахана дIа а бекъна. Дийна вуьтур бохург аьттехьа а дац!

ДIатийра Нурхьаьжин иллин мукъам. ГIийла декна, севцира пондаран мерзаш. Ткъа Къосам, стигала а хьоьжуш, ойланаш йеш Iуьллура.

– Хьо вистхуьлуш ма вац, Къосам? – хезира цунна доттагIчун хаттар.

Нахана дика вовзац хIара Нурхьаьжа. Вевза, дера, дегIехь ницкъ болуш, онда стаг ву бохуш-м. ХIокху Нохчмахкахь охьатохарх къийсадаларш хилча, даим а толам боккху цо. Оцу агIор, хIокху йуьртана-м хьовха, гонахарчу йартийн а дозалла ду иза. Амма кхидIа вовзац. Хьекъална дукха генара а ца лору. Иза шена улло озийначу Iаьлбагах а цецбуьйлу. Ткъа хIокху, наьрт санна, зоьрталчу, ондачу, амма парталчу стагехь, хIорд санна, кIорга хьекъал а, собар а ду. Дог а ду къинхетамах дуьзна. Цундела виэза иза Къосамна.

– Иллин ойла йора аса-м. Мел хаза ду иза! Къеначу дас-нанас шен цхьаъ бен воцу кIант дIало даймахкана!

Кевнехь дижина Iуьллу жIаьла, дера лата а летта, цIеххьана дIатийра. Бодашкахь гучувелира керта вогIу кхо стаг. Герго гIоьртича, Оьздамар а, Дадаш а вевзира царна.

– Шу лаа дуй, Дадаш? – хаьттира цаьршимма цхьатерра.

– Дера, дац. ХIара хьакха лаьцна-кх оха, – кхоалгIаниг хьалхатеттира цаьршимма.

– Мила?

– Тохтарха. Хайруллин вешин кIант.

– ХIунда?

– Ножин-Юьрта пурстоп волчу воьдуш. ХIара кехат эцна, – Къосаме кехат кховдийра Дадаша.

Кехат карахь дIаса а хьовзийна, гIорасиз Нурхьаьже дIахьаьжира Къосам. Вукхо а белш саттийра. Иза деша ца хаьара царах цхьанне а.

– ХIун ду хIокху тIе йаздинарг? – хаьттира Къосама Тохтархане.

– Хаац.

– Хьо хIунда вохуьйтура пурстоп волчу?

– Пурстоп волчу ца воьдура со.

– ТIаккха?

– Тхешан гергарниш болчу.

– Буса хIунда воьду?

– Іуьйранна цIахь хила.

– ХIара кехат хьаьнга хьош дара хьан?

Тохтарха вист ца хуьлура.

– ХIокху тIехь дерг ца хаьа хьуна?

– Ца хаьа.

– Барта хIумма а ала аьллерий?

– Ца аьллера.

– Пуьташ хIунда йуьтту ахь, зуд? – цунна тIегIоьртира Оьздамар. – КъосамгIар цIахь бу тховса, уьш леца салтий бахкийта аьлла, вохуьйтуш вацара хьо?

– Вацара.

– Ой, тхуна ма дийцина иза хьан а, хьан ден вешин а оцу къамеле къайлах ладоьгIначо?

Тохтарха вист ца хилира. ТIаккха хьалагIеттира Нурхьаьжа.

– Ца дуьйцу ахь? – хаьттира цо, Тохтарханна мера кIел а вахна.

– Суна хIумма а ца хаьа.

– Дика ду хIета. Вай, регIа а девлла, къамел дийр ду хьоьца. Дадаш, хIара а эций, дIаволалол. – ТIаьхьа а сецна, Къосаме лохха вистхилира Нурхьаьжа: – Сихха гIой, лаций, Хайрулла цхьанхьа чуволла. ХIара вайн карахь вуй а ма хаийта цхьаьнгге а.

Йуьртан урамашкахула дIавуьгуш, цкъа ойла хилира Тохтарханан орцане мохь ала. И ойла хийцийтира, ший а зIок кIегара хаийна, шалгочу тапчанан йуьхьиг цуьнан пханарш йуккъе хIоттийна, тIаьхьавогIучу Дадаша. Ткъа Тохтархас вистхилла йа йуьстах гIулч тесна хIума дахь, цо и ший биргIа тIейассориг хиларан шеко ма йац. ХIара дуьххьара вуьйш ма вац цо. Цул а кхераме вара хьалха воьду Нурхьаьжа. Цунна герз ца оьшу. Цуьнан буйно а чIапбийр бу корта.

Эвла йисттера цIа тIаьхьадисча, цуьнца шен са дуьсуш санна хетаделира Тохтарханна. ХIун дан воллу-те хIара шиъ? Кхеро гIерта-те йа вен воллу-те? Баккъал а, цхьамма ладоьгIна-те ден вешин а, цуьнан а къамеле? Ла а доьгIна, мотт баьхьначух тера ду. Иштта ца хилча, новкъахь кIело а йина, хIара схьалоцур ма вацара. ЙухагIертарх гIуллакх хир дац. Тоьхна вуьйр ву. Цуьнан-м шеко ма йац. ХIара ден ваша цхьа адам хилча-м, бIаьрнегIар а ца тухуш, вала а дацара хала. Ткъа иза-х дуьххьалдIа хьакха йу. Къорам ву, кхин хилча ца маггал. Сутара ву, хIара дуьне дIахуьйдича а, вузур воцуш. Тохтарханна ма хаьа билтойн Шахьболатехулий, Умалхьатехулий цо йоьзна пурстоьпаца къайлах зIенаш. Цара тIедилларца, хIара чеччалхой Іаьлбагна дуьхьалбаьхний а хаьа. Гендарганойн Гати-Хьаьжас а, чеччалхойн Іаьмархана а, цо а барт бина Къосам а, Нурхьаьжа а виэн. Маситтаза а кIелонаш йайтина. Пурстоьпо Хайруллина шозза делла ахча схьадеанарг а хIара Тохтарха ма ву. Иза Чири-юьрта, Гати-Юьрта, Шела хIунда вахана а ма хаьа. Хаьа, амма уьш дийца йиш йац. Хьакха йелахь а, ден ваша ма ву иза.

Тохтархас чIагIо йора дош ца ала. Амма и чIагIо сихха маллора. Тохтарханна хIун пайда хилла ден вешера? Цуьнан шортта латта а, даьхний а ду. Дика, даккхий цIенош а, ахча а ду. Ткъа Тохтарха, кхиберш санна, къехо ву. Латта а дац, даьхний а дац. Чордачу машин хечано, гIордаз хьекхча санна, хенан маьIигаш йаьшна лела. Атталла, гирда хьаьжкIаш-м ца йелла, вешин кIентан доьзал кертахь буьртиг йалта а доцуш бисарх…

Йуха а хийцало ойла. Хайрулла ден ваша ма ву цуьнан. ТIе, молла а ма ву иза…

Молла велахь а, йамарт, стешха стаг ву-кх иза…

РегIарчу хьуьн чу боьлча, севцира хIорш. Шен ойланех самаваьлла Тохтарха дIасахьаьжира. Гуш хIумма а дац. Йуькъа, къена хьун. БIаьрга Iоьттина пIелг гур боцуш Iаьржа бода. Хьалахьаьжча, атталла стигалахь гуш седа а бац.

– Схьадийцал, – хезира цунна Нурхьаьжин паргIат аз.

– Ас дуьйцу дерг шуна а хаьа. Кхин дийца хIумма а дац сан.

– Сой, Къосаммий лаца салтий бахкийта аьлла, вохуьйтуш варий хьо Хайруллас?

– Вара.

– Кхин хьалха-тIаьхьа даьллий цуьнгара ишттаниг?

– Хаац.

Варзап санна, шен деза куьг Тохтарханан белша тIе диллира Нурхьаьжас.

– Дийцац ахь?

– Сан дийца хIумма а дац. Шу санна, цхьа миска ву-кх со а. Ден вашас хьажийначу ца вахча, волурий со?

– Ой, цо эккха аьлча, бердах а оьккхур вара хьо?

– Ахь дийр дацара… хьайн ден вашас аьлларг?..

– Иза нахана зуламе дацахь-м, дийр дара. Амма йамарт, зуламе хIума-м дийр дацара, иза кхаахьашха ваьтIча а. Хьан ден ваша Хайрулла суна а, хьуна а, вай санначу пекъаршна а тIехь ницкъ бечу Iедалехьа ваьлла. Иза халкъан мостагI ву. Тховса оха хьо схьа ца лаьцнехь, кхана Iуьйранна сой, Къосаммий лаьцна вуьгур вара. Вигна а ца вуьтуш, ирхъуллур вара. Хьенан бехкенна? Хьан бехкенна. ХIинца тхан карахь ву хьо. Тхойша вейта хьо араваькхина Хайрулла а, араваьлла хьо а верах, тхох цIий летар дац. Охашимма, адамана хIун ду ца хоуьйтуш, вуьйр ву хьо. ТIаккха цIахь къена нана а, жима диъ бер, зуда а дуьсу хьан. Стенан дуьхьа вала воллу хьо?

Тохтарханан коьртехь ойланийн уьйриг хьийза. Iожаллех-м ца кхоьрура иза. Иштта-м кIиллойх а ма вац Тохтарха. Амма, валлал велча, цхьана Iалашонан дуьхьа вала ма веза. ХIорш санна. Цуьнан ден вешин Хайруллин а йу цхьа Iалашо. Шен хьал лардан, иза кхин тIе а стамдан. ХIокхара а шайн маршонехьа, нийсонехьа къуьйсу. Ткъа хIинца, дIа ойла йича, Тохтарханна хаац, ша хIокху новкъа стенна ваьлла. Ден ваша кIелхьара а воккхуш, хIара велча, ден вашас хIокхуьнан доьзал кхобур бу бохург аьттехьа а ма дац. Амма ша бахьанехь ден ваша хIаллаквойла а дац. Да а, ден ваша а цхьаъ ма ву.

– Сан дийца хIумма а дац, – элира цо гIийло.

Нурхьаьжас эндаже дIатеттира иза…

– ДIа генайала, кIилло! Хьо котам а йийна, куьйгаш бехдан ца лаьа суна. Адамийн а, Делан а неIалтах ма волийла хьо!

Воьхна, ша волччохь вогIавелла лаьтта Тохтарха а витна, дIаволавелира Нурхьаьжа а, Дадаш а. Амма, и шиъ ткъех гIулч гена а валале, саметта веара Тохтарха.

– Нурхьаьжа! Дадаш! – мохь туьйхира цо. – Собардейша!

Тохтархана дIадийцира шена хуург дерриг а…

XII корта. МУХІАЖАРШ

ХІун ду-те, дайн кешнаш дитина,

Уьш къера махкаха бохург?

Хийраллехь ирс лаха уьш арабаьхнарг?

М. Ю. Лермонтов. «Измаил-Бей»

1

Цхьа бутт хьалха Закавказски фронтехь оьрсийн эскарийн хиллачу масех иэшамо йуха а областехь эладитанаш даржийра, оьрсийн эскарш, массанхьа йуха а девлла, лаьттахулий, хІорда тІехулий Россе цІа уьдуш ду, Тифлис дІа а лаьцна, ГІеза-Махьма ДегІастана а вогІу, ткъа Кундухов Владикавказе кхочуш а воллу бохуш.

Оцу иэшамаша меттахйаькккхина ДегІаста эххар а гІеттира. Нохчмахкахь гІаттам хиллачу хьалхарчу дийнахь дуьйна а нохчех схьакхеттера церан дозанца йолу Салатави а, ах Іаьнда а. ХІинца гІаттам лаьмнашкахула дІа Къилба ДегІастана а баьржира. Инарла-адъютант эла Меликов воьхна хьийзара цигахь. Селхана а, тахана а цуьнгара масех телеграмма кхаьчнера Свистуновга. Нохчийчу йаийтина эла Накашидзен отряд сихонца ДегІастана йухайерзор а, Теркан областан цхьадолу эскарш шена гІоьнна дахкийтар а доьхура цо.

Оцу хаамаша, кхидолу гІуллакхаш дІа а тийсийтина, Ведана сихвинера Свистунов.

Нохчмахкара гІуллакх чекх ца даьллехь а, Ламанан ДегІастанан отряд дІайахийта дийзира. Шеко йац, нагахь ДегІастанара гІаттам масех дийнахь ца хьашахь, Нохчийчоь йерриг а гІоттург хиларан. ХІара ший а гІуллакх вовшехдозу. Накашидзеца боккха ницкъ дІабоьду. Пхи эзар гергга гІашло а, дошло а. Къаьсттина халахета дегІастанхойн милици дІайолуш. Иза тешаме герз дара шина къомана йукъахь мостагІалла кхолларна.

Свистуновс буьйр дира станицашкара кхоалгІачу рогІан гІалгІазкхий салт баха. ХІинцале новкъа йевлла схьайогІура Сунженски, Ассински, Нестеровски, Слепцовски, Троицки станицашкара сотняш.

Командующий реза вац шен гІоьнчин инарлин Смекаловн тактикина. Шен отряд йохо гІовттамхошна шозза аьтто хилийтина цо. Йерриг отрядца цкъа Бена, йуха Басса тІе вахна иза. ГІа а даьллачу йуькъачу хьаннашка, нал санна, таттавелла. Масех эзар стага – гІашлоша, дошлоша, артиллерис – дан хІума ма дац хьаннашкахь. Ткъа Іаьлбага кегийрачу тобанашца, хьалхий, тІаьхьий, агІонашкий вуьйлуш, барзо жа санна, хьийзийна. Дукха дараш хуьлуш, салтий гІелбина, Ведана йухаваьлла шоззе а. Іаьлбаган гІера эзар стаге а ма ца йолу. Цунна дуьхьал ши батальон а, кхо сотня а тоьуш ма йу. Ткъа хІара масех эзар стагаца хьаннашкахула волавелла лела!

Селхана Басса тІера Ведана йухайирзина отряд садоІуш карийра Свистуновна. Ткъа Накашидзен отряд ДегІастана дІайаханера. Шен ца хиллачу кхиамо гІелвинера Смекалов. Басса тІера йухайогІу цуьнан отряд тІаьхьара тІетоллуш, шиний агІор тІейетташ, Ведана йалийнера Іуммас.

Делкъал тІаьхьа жимма са а даьІна, отряде хьаьжира Александр Павлович. ДІадаханчу кхаа дийнахь дикка хьекхийнехь а, шек дІа а бацара салтий. ТІаккха,

лазарете а вахана, Шервашидзена тIехIоьттира. Хьалхалера болатан бос байнера элан йуьхьа тIера. Буткъбеллера мара а. Чохь са доцуш санна, мажделла, дегIаца дIахецна Iохкура куьйгаш а.

– ХIинца дика ву хIара, – элира лоьро Шимановскийс. – Синпха вуон бац, садаIар а дика ду. Амма дикка Iилла деза.

Штабе йухавогIуш, гIопан кетIахь гулвелла, шайн талорех йохкэцар йеш бIе сов салти а, милцой а гира Свистуновна. И базарш даим хIуьттура отряд экспедицера йарташка цIа йирзича.

Шаьшшиъ Смекаловн кабинет чу йухавирзича, Свистунов ца Iавелира цунна шен резавацар ца хоуьйтуш.

– Дала къинхетам бина, эхьах кIелхьарваьккхина хьо, Алексей Михайлович, – долийра цо, мундиран логера нодарчий дIа а хоьцуш.

– Со ца кхета ахь дуьйцучух, Александр Павлович…

Свистуновс, тIе а веана, Смекаловн белша тIе куьг диллира.

– Вайна дуьхьал летарг регулярни эскарш дац, ткъа кху лаьмнашкахь, хьаннашкахь бечу тIамехь бахчабелла, бIешеран зиэделларг долу нохчий бу хьуна, ца аьллера ас хьоьга? ХIетте а, масех эзар гIашлой а, дошлой а, йерриг артиллери а, доцца аьлча, йерриг а отрядца оцу зIуганийн баннаш йуккъе вахана хьо. Цундела, эрна къа а хьегна, дуккха дараш а хилла, йухавирзина. Ткъа Iаьлбаг а, Iумма а, шек дIа а воцуш, хIинца а хьаннашкахь маьршша кхерста!

Александр Павловича, стоьла тIе а вахана, графин схьа а эцна, стаки чу доьттина, хи мелира. ТIаккха, балдех йовлакх хьаькхна, йуха а Смекаловна тIевирзира иза.

– Оцу йерриг хенахь соьца зIе а йацара хьан, Алексей Михайлович. ХIара тIом ма бу. Кхузахь а, Анатолехь а, Балканашкахь а. Ас хьеха ма ца оьшу хьуна, тахана Нохчийчоьно мел маьIне меттиг дIалоцу. ХIор а денна, муьлххачу а сохьтехь соьга хаамаш ма боьху коьртачу штабо. Командующина хаа ма деза тIеман театрехь хIор а сохьтехь хуьлуш дерг. И хууш ца хилча, цуьнга куьйгалла далур ма дац тIеман операцеш тIехь. Ткъа со хIокху деношкахь бIаьрзечу стеган хьолехь вара.

Свистунов везза охьахиира. Цо хаза дийцахь а, цуьнан кхохкийна, цIиййеллачу йуьхьа тIехь кIайн тIедарчий гича, хиира Смекаловна командующи кIезиг оьгIазвахана цахилар.

Чувеанчу Афанасьевс йуург кийча хилар хаийтира. Дукха хан йалале стоьла тIе хIоттийра бошхепаш чохь котаман чорпий, бос боккхуш йеттина Iахаран шашлыкаш, тайп-тайпана стоьмаш, шийла паста, малар.

Дассаделла чорпин бошхап йуьстах а теттина, шашлык караийцира Свистуновс.

– Селхана цхьацца хийцамаш бина ас Нохчийчохь, – элира цо, схьадаьккхина хIинца а довха долу жижиг бага а дахийтина. – Арен тIехь лаьтта отрядаш хьан куьйгалли кIелхьара дIайовлу.

Бага хьош болу Iайг саца а бина, бошхепа охьабиллира Алексей Михайловича.

– Декхаршца со ца ларийна бохург ду-кх иза, Александр Павлович?

– Дегабаам стенна оьшу, сан доттагI? И дан дезаш хьал хIоьттина. Кхузара дIа йерриг отрядашна тIехь куьйгалла дан хала ду. Геланчаш дIасабоьлхуш кхо-диъ де долу. Иза дукха хан йу. Шелара, Воздвиженскера, Iалхан-Юьртара отрядаш а, Йоккхачу Нохчийчоьнна тIехь куьйгалла а эле Эристовга ло. Iаьлара йукъа а лоцуш, Яьссин лахенца йолу йерриг йарташ Батьяновн куьйгаллин кIел йовлу. Хаси-Юьртара схьа царна тIехь тергам латто атта хир ду цунна. Къастийна кхин а шиъ отряд кхуллу. ЧIебарлахь – подполковник Лохвицкий, ЗазаргIанехь –

подполковник Шахназаров а коьртехь. Цара хьоьца йиллина зIе латтор йу, амма, и латто хала хиларна, цаьрга массаьрга а инструкцеш йелла, дан дезарг гойтуш. Иштта ду гIуллакх, Алексей Михайлович. Хьан кхиамна тIера!

– Вайн кхиамашна тIера!

Дуткъа ангали зевне дийкира. Шиммо а, схьаэцна, Iаж кхаьллира, цергашца гIоргIа тата а доккхуш.

2

Суьйранна тIеман кхеташо гулйира Свистуновс. Ведана баьхкира Лохвицкий, Ломносский, Авалов, Шахназаров, Верховский. Александр Павловича доцца дийцира оьрсийн-туркойн шина а фронтехь хIоьттина хьал. ТIаккха Россин арахьарчу йукъаметтигаш тIехь сецира.

– Цхьана йукъана Жимачу Азехь вайн хилла иэшамаш дIабевлла. Шиний фронтехь хьалхатеIа вайн эскарш. Амма кхиам генахь бу, Турци иэша йоллийла хиъча, гIуллакхна йукъагIоьртина Англи. Мальте десанташ йиссайо цо. Безикски заливе шен флот оьзна. Нагахь вай Константинополь дIалацахь, вайца тIом боло кхерам туьйсу. Австрис а хаийтина ша Англина гIодийриг хилар. Дика дац империна чоьхьара хьелаш а. Массо а йаккхийчу гIаланашкахь белхалоша дуьхьалонаш йо Iедална. Даррехь революцин ун гучудаьлла. Iедална дуьхьал къайлах масех организаци кхоллайелла. Масех губернехь муьжгийн болам бу. Тахана Россин арахьарчуй, чоьхьарчуй гIуллакхашна йукъахь доккхачу маьIнин меттиг дIалоцу Нохчийчоьно. Цкъа-делахь, Закавказьен фронт Россица цхьаьнатосу лаьттаца цхьаъ бен боцу некъ Нохчийчухула бу. Нохчаша муьлххачу хенахь а и тIеман коммуникаци сацо тарло. ШолгIа-делахь, кху лаьмнашкахь вайна дуьхьал болу къийсам даим а хIокху Нохчийчуьра дIаболало, кхузара дIабаьржа иза кхечу областашка. Изза хилла хIинца а. ГIаттам ДегIастана баьржина. Цигара дIа суйнаш мича оьгур хаац.

Ши куьг букъа тIехьа а диллина, меллаша ког боккхуш, чухула дIасаволавелла лелачу Свистуновс, стоьла уллохь сецна, Смекаловна хьалха Iуьллучу гIутакх чуьра эцна цигаьрка, муштукх чу хIупъаьлла, бага йоьллира. Хьалаиккхинчу эло Аваловс латийна сирник мера кIел йаьхьира цунна.

– Амма ДегIастанара гIаттам кхераме бац, – элира Свистуновс, боккха баькккхина чуоьзна кIур меллаша дIа а хоьцуш. – Нагахь нохчий доккха цхьа къам делахь, хIокхеран къийсам латто Iаламан а, экономикин а хьелаш делахь, уьш цхьа а дац ДегIастанахь. Шайн меттанаш, амалш, гIиллакхаш долу ах бIе сов цигара бес-бесара кегийра къаьмнаш цхьаьнакхеталур дац, кхетахь а, уьш вовшехдаха хала хир дац. Нохчийчоьнах дIахадийча, батте а бер бац цигара гIаттам. Шайн лаьмнашкара тIулгаш ца даахь, кхин рицкъа доцуш буьсу уьш. Цул сов, нагахь нохчийн гIаттаман коьртехь берш вайца машар хир боцу плебейш белахь, ДегIастанара гIаттам ханийн, бекийн тIаьхьенийн, динан дайн карахь бу. Цаьрца къамел дан аттахо хир ду вайна! Нохчашца дерг чекхдаккха деза герггарчу хенахь. Сан схьавар, шух дага а ваьлла, йукъара план хIотто Iалашо йолуш ду. Уггар хьалха суна хаа луур ду хIокху шина-кхаа дийнахь хилла хийцамаш. Господин Авалов, беной кхалхоран гIуллакх муха ду?

Авалов хьалагIеттира.

– Беной кхалхоран гIуллакх, хьан локхалла, ледаро дIадоьду, – долийра цо. – Уьш дIакхалхо гонахарчу йарташкара йерриг ворданаш цига дIагулйина. Кху деношкахь цигахь хаддаза хуьлучу йочанаша сецадо гIуллакх. Вуьшта а вуон некъаш кхин тIе а халачу девлла. Цхьаберш, шайн ворданаш тIе а ховший, бисинчаьрга ладоьгIуш а Iай, цаьрга ладегIа кIордийча, шайн-шайн цIа дIасабоьлху. ТIаккха вуьш баьхкича, хьалхалерниш ца хуьлу. Суна хетарехь, йуха а хьаннашка баха бахьана лоьху цара.

Областан, округан начальникийн омра-м хьовха, пурстоьпан лаам кхочушбан а реза ду шаьш, амма салташна хьалха а девлла, уьш а белош, цхьа ког а дIатосур бац шаьш боху.

– Ткъа хьо теший, салтий цигара дIабаьхча, уьш шайн лаамехь дIакхелхарг хиларх?

– Теша, – корта таIийра Аваловс. – Шаьш салташа, лецна хьалха а даьхна, нуьцкъах дигна бохург ца деза царна. Йохье бевлла уьш. Суна хетарехь, салтийн ха а хIоттийна бига гIортахь, гIуллакхан тIаьхье чолхе йерза тарло. ТIе, цигара охьабаьхча, шайх хиндерг цахааро а сецабо уьш. Хадам боллуш дош доьху цара. Хаси-Юьртан округе, гIумкийн йарташка, хьовсийна зандакъой цигахь тIе ца эцнийла хаьа царна.

Оцу гIуллакхна реза ца хилла, Смекаловга хьаьжира Свистунов. ТIаккха а, тахана ша цунна тоьхна барт дага а беана, хIумма а ца олуш сецира.

– Хадам боллуш гайтам бацара шуна белла? – Аваловна тIевирзира Свистунов. – ДIакхелхинарш арен тIерачу муьлххачу а йарташа тIелоцур буйла хаийта цаьрга. ТIаьхьа паргIат къастор ду, цигахь мила вуьсу а, Россе мила вохуьйту а. Нагахь хIокху кIиранах уьш Бенара дIа ца бовлахь, Iайган бисте кхаччалц берриг бахам, йалташ хIаллак а дина, эскар гуонах а хIоттийна, дIабуьгур буйла хаийта. Iаьлбаг мичхьа ву тахана?

– Симсаройн хьаннашкахь.

– Маса стаг ву цуьнца?

– БIе гергга.

– Бахархойн дог-ойла муха йу?

– ЛадоьгIуш Iа. Вайгахьа а ца бовлу, Iаьлбагна тIаьхьа а ца хIуьтту.

Подполковнико Лохвицкийс доцца дийцира:

– Iумма цигара дIаваьлчхьана, ЧIебарлахь тийна ду. Залмин Дадас йукъ-кара сагатдо тхан. Амма кхераме хIума дац.

Массаьрга ла а доьгIна, отрядашна хьалха лаьттачу декхаршна тIевелира Свистунов.

– Тахана гIаттам Басса тIе бирзина, господа. Iаьлбаган метта хьалхарчу плане ваьлла Iумма. ХIинца коьртаниг Басса тIера йарташ Нохчмахках, ЧIебарлах, ДегIастанах хадор ду. Цхьа а стаг Басса тIера дIаса ца волуьйтуш. ДIалецначу меттигашкара хьаннаш хьакхар а, отрядашна кхача, докъар, транспорт латтор а бахархошна тIедилла. Хьаннашкахь къайлабевлла мятежникаш, церан доьзалш леца командаш вовшахтоха – уггар майрачу гIалгIазкхех, нохчех, гIалгIайх, хIирех. ХIор а лаьцна балийначу доьзалан, вийначу йа лаьцначу мятежникан цIарах ткъе пхиъ сом ахча кхайкхаде. Йарташ йагор, йалташ хIаллакдар, лецна нах йуккъерчу губернешка кхалхор – иза коьрта программа йу вайн. Амма йуьхьанца, цкъачунна, оцу тIера йухадовла дезар ду. Коьртаниг – уьш хьаннашкара схьабахар. ТIаьхьа кхуьур ду вай таIзардан. Амма уьш шайн йарташкахь бита мегар дац. Бассахошна таIзар гуттар а луьра хила деза. Оцу тIе дига гIуллакх. Нагахь цара, шаьш Iедалан кара а догIу, къарделла а совцу бахахь, малло. Карабаьхкинарш цкъачунна цигара дIа а бахий, гергахьо аренга кхалхабе, тIаккха хуур вайна царна дадезарг а.

3

Iаьлбаг лоьхуш симсаройн хьаннашка вахана Овхьад, иза шен доьзал болчу хьажахIотта бенойн цхьана кIотара БулгIат-Ирзе вахна а аьлла, цига вахара.

ТIерга-Дукъан малхбален йистехь, йуькъачу хьуьна йуккъехь, Iуьллура и жима

йурт. Кхузара дIа, керайуккъехь санна, шера гора къилбаседехьа хьаннашца, раьгIнашца йаьржина Iохку зандакъойн кхийолу йарташ а, кIотарш а. Къилбехьа, ломан когашка а летта, чIегIардиган бен санна, гора Лоьман-КIарц. Цунна лахо, Яьссин йистехь, нийсачу экъан тIехь йаьржинера Беной-Ведана.

БулгIат-Ирзехь а, Лоьма-КIорцахь а гергарчаьргахь левчкъинера Iаьлбаган къена да-нана а, доьзалш а, вежарийн доьзалш а.

Iуммин кост дIакхетийча, цигахь дукха Iойла ца хилира Овхьадан. Iуьйранна, йуьстах а ваьккхина, Къайсара цуьнга хаийтира, Гати-Юьрта тIаьххьара отряд йеача, Асхьад вийна аьлла.

– Дала гечдойла цунна! Вешел доккха хIума дац стагана дуьнен чохь. Амма вайга ца хоьтту Iожалло. Масане безарш, цатерш дIахьо цо…

Овхьадна цхьа генара санна хезара Къайсаран кадам. ДегI, хьацар тоьхна, малделла дегадора. Цхьанхьа хIоьттина ца Iалуш, роггIана цхьацца кога тIе вазлора иза. Кийра цIеххьана цIе хьаьвзира. Оцу минотана йакъайеллачу багара мотт дечиган болуш санна хетаделира цунна.

Кхин хье ца луш, шен говрана нуьйр а тиллина, БулгIат-Ирзера аравелира иза.

Сийсара сахиллалц тIедилхинчу догIано лашкадаьккхинера латта. Боьранашца, хьаннашца тиэкхара йуькъа сира дохк. Дукъана шиний агIор чохь дахкарна йуккъехула, лаьтта бухара схьа санна, хезара кIотаршкахь лета жIаьлеш, Iоьху бежанаш, кхойкху боргIалш. Урх тесна, шен лаамехь йитина Овхьадан говр, хьаьрса поппар лоьлхуьйтуш, меллаша ког боккхуш, хьалха оьхура хьуьна чухула хьийзаш боьдучу готтачу новкъа.

ДогIа тоххара сецнехь а, некъана тIехула кхозучу диттийн гаьннаш тIера, даг тIе сингаттам туьйсуш, ладарш оьгура. Наггахь тIадам, кочехула чубужий, пханарш йуккъехула охьашершара. Амма Овхьадна ца гора гуонаха хуьлуш дерг. Муьлхха а цхьа бохам тIебеача, цо йоьллу деган шира чевнаш а. Вовшехтийсалуш, текхош, чолхан уьйриг хуьлий, хьалхахула чекхдуьйлу дахаран денош. ТIаьххьарчу лазаро, хьалх-хьалхарниг меттахдоккхуш, беральле дIавуьгу. Мацах цкъа дицделларш а карладоху. ДуьхьалхIуьтту безачийн йуьхь-сибат, лелларг, аьлларг дерриг а. Овхьадна карлайелира шайн беральла. Ша, вежаршна тIаьхьа а хIуттий, ловза лелар. Цара ша, хих, догIанах, дорцах, шелонах ларвеш, Iалашвар. КIадвелча, ги вуллуш, караоьцуш лелор. Шайна карабеана стом, хасстом, шаьш ца бууш, жимахчу шена кхийдор. ДуьхьалхIоьттира беран хенахьлера Асхьадан сурт. Шога а, эндаже а вара иза, амма даим Овхьадан доладора. Овхьадна хаа а ца делира ваша воккха хуьлуш, цуьнан амалш хийцалуш. Владикавказехь шаьш доьшуш, Овхьад дукха гуонах а ца хьийзара вешина. Овхьад виллина дешаро дIалаьцна вара.

Амма цигара шаьшшиъ цIа вирзича, хиира Асхьад тохарлера ваша воцийла. Цуьнан берахьлера шога амалш дералле, къизалле, сутаралле йирзинера. Сутаралла йара Асхьадан дог тIулге дерзийнарг. Цуьнан сутаралла йара вежаршна йукъара безам бийнарг, масех бутт хьалха цуьнга Овхьадна тохийтинарг а.

ХIинца вац Асхьад. Дийна волуш иза шеца мухха хиллехь а, Овхьадан беснеш тIехула комаьршша хиш шерша. Логе хIуьтту шеддаш йуханехьа кийра теIадо цо. Овхьадан ваша ма вара иза. Цхьана цIийх, цхьана ненан кийрара схьаваьлла. Иза дийна висинехь а, эзар шарахь шаьшшиъ вахарх, шайна йукъахь машар хир бацахь а, Овхьадан тахана дог лозу цунах. Мацахлерчу вешех. Беран хенахьлерчу шен вешех.

Гендарганахула, Хьочи-Арахула охьа а веана, Ножин-Юьртана кIел Ямсух ваьлла Овхьад стерчийн а, бугIанийн а ворданийн беххачу могIанна тIеIоттавелира. Ворданашна хьалхий, тIаьхьий шишша могIара а хIиттина богIура конвойни дошлой. Ворданаш тIехь йара тиша мотт-гIайба, йалтийн галеш, цIестан йайш, кIудалш, текх-цаца а. Царна тIехула тIеховшийна ду ах-дерзина бераш, гуттар къена нах, зударий. Ворданашна тIаьхьа а, улло бевлла а богIура гихь кегий бераш

долу зударий, кхиазхой. Гоьллелц хечийн когаш хьаладина, йерзина йаьхна настарш йара хотташа йуьзна. Буькъа хатт лаьцнера ворданийн чкъургаша. Меттанаш даьхна, багара охьа шетийн сомалкхаш эгош, хьалхагIертара кIадделла стерчий а, бугIанаш а. Іуьйранна тIедилхинчу догIано шелдина бераш тIедачу йургIанашна, истангашна йукъахьерчара.

Овхьада ца хаьттира нахе уьш стенга боьлху. Иза эрна дара. Царна шайна а ма ца хаьара шайх дан гIертарг. Йагийнчу Бенара арабаьхна, кхалхийна буьгу мухIажарш бара уьш.

4

Суьйранна малх чубузуш, йагийначу Бетта-Махкахула чекх а ваьлла, Яьссин аьтту агIонца охьа а веана, хин дехьарчу берда тIехь Іуьллучу Гати-Юьртана дуьхьал сецира Овхьад.

Дехьа бIаьрг тоьхча, цунна гира дагийна, дохийна Мескатарий, Гати-Юьртарий цIенош. Цхьа наггахь цIа дисинера хьадаза. Царна йукъахь дара Овхьадан ден а, и санначу масех стеган а цIенош.

Овхьадна геннара дуьйна го шайн кертара тезет. Герга мел гIоьрту, дагах мIараш туьйсу цIенойн учахь а, кертан арахь а боьлхучу зударийн маьхьарша.

Бешахь некъа йистехьа бIарашна кIел хIоттийна тезет. Цхьа агIо нах тIебахка мукъа а йуьтуш, йеакIов охьадехкинчу дукъош тIехь хевшина Іа къоьжа баккхий нах.

Цхьа агIо дIалаьцна ирахь лаьтта кегийрхой а. Аьрру агIор йистехь моггIара лаьтта ХортIа а, цуьнан гергарниш а, веллачун ненан вежарий а. ГIорлачу ХортIин стомма ворта хаъал белшаш чу йахана. БIаьргаш а, хьалха санна, сутара, къиза ца къега. Царна чохь Іаьржа мархаш го. БIаьргийн гуонаш а хебна.

Овхьадна хаац дас ша тIе муха оьцур ву. Цуьнга дIа ца хьожуш, тезета йукъа хIутту иза. Хьалха Товсолтас, тIаьхьа массара а доIанна куьйгаш хьалалоцу.

Къеначеран цIарах Товсолтас кадам бо Овхьаде. Ткъа хIара йуьстахваьлча, кегийрхой а тIебогIу.

– Дала гечдойла цунна, Овхьад…

– Дала декъалволда иза…

– Вай массо а ву-кх хIара къахьо Іовша йезаш…

– Дала собар лолда хьуна…

Овхьада халла хезаш жоп ло хIоранна а. Логе шад хIуьтту, сихдина бIаьрнегIарш детта. Йуха а карлайуьйлу бералла. Іеткъа вешин а, шен а некъаш къастар. Иза харц новкъа вахар. Цо шаьшшиннен йукъара вошаллин безам къинхетамза бер.

Овхьада дега бIаьрг туху. Иза схьахьажац. Иштачохь, адам гулделлачохь, берашца къамеле вийлар стеган ледарло хета нохчашна. Цунна делахьара-м, хIумма а дацара. Ден даг чохь шега цабезам буйла хаьа Овхьадна. Тахана-м дохковала а везара иза. Тахана-м гечдан а дезара цо кIантана. Туркойн тIамехь волу Асхьаб а дийна цIа вогIий а хаац. Ткъа Овхьадан гIуллакх цуьначул а тешам боцуш ду. Ша кIентех ваьлла виса гергавуйла ца хаьа-те дена? Йа хIара бахам а, Іедал а шена хилчахьана, тоьу-те цунна? Амма Овхьад дохко ца ваьлла ша хIара некъ схьалацарна. ДуьххьалдIа халахета шен да а, вежарий а халкъана дуьхьалбовлар.

Нах шега кадам бина бовллалц Іийна, керта воьду Овхьад. Пхи бутт бу цо хIокху

керта ког биллаза, цунна шен нана ганза. Миска нана, йаI! Цо дукха дийхира Овхьаде дас а, вашас а бохучул тIехцавалар. Дукха йилхира. Овхьад къаьсттина дукха ма везара нанна. Амма Овхьаде кхойкхуш кхин нана йара. Нанойн а нана. Бохамаша кIелйитина къена нана – халкъ.

Овхьад гучуваьлча, маьхьарий довлу зударийн. Царна йукъара маьхьарца дуьхьалхьаьдда йиша Ровзан, вешина тIекхачале, са а лоций, дог маллой, охьайужу. Цхьана агIор дог доруш, лерехь дека ненан къора йелхар.

ТIебаьхкинчу зударша, шийла хиш хьоькхуш, саметтайалайо Ровзан.

– Вай, нанас йинарг йала хьан, Овхьа-а-д!.. – тийжа Ровзан.

Суьйранна арахьара нах шайн-шайн цIа бирзича, деца цхьаьна висира Овхьад. Пхьуьйран ламаз дина паргIатваьлла ХортIа, когаш кIел оьзна, настарш тIе хиъна Iара. ХIетта дIаваханера йеса деша веана Товсолта. Дехьа чохь гулбеллачу зударийн лохха къамелаш хезара. Хан лоьллуш, цхьана эшшарехь лестара пенаца кхозучу сахьтан Iайг. Терхи тIе хIоттийначу чиркхан гIийлачу серлоно болчунна тIе а сингаттам туьйсура. Корта хьала а ца таIош, цIенкъа ши бIаьрг боьгIна, суьлхьанаш дохура ХортIас. Дикка хIоьттина а лаьттина, лоха гIант кIел оьзна, дуьхехь охьахиира Овхьад. ХортIас совцийра хьийзо суьлхьанаш.

– Хьо цIа хIунда веана, кIант?

Овхьада жоп ца делира. Ваша велча, цIа ца вогIу?

– Тхойшиннах хаьдда ца ваханера хьо?

– Со вацара бехкениг.

– Мила вара ткъа?

– Хьуна ма хаьа иза.

– Хаьа, дера-кх. ДIавала суна гучуьра. Ахь вийна хьайн ваша. Оцу писашна тIаьхьа а хIоьттина. МIаьчиган Коьрий, Васалан Юсуппий волчу дIагIо. Уьш бу хьан къастийна вежарий. Хьайн вешин чIир йекха стаг хьо а вац. Нехан бехках ца кхерахьара, ас сайн куьйга садоккхур дара хьан.

– МIаьчиг, Васал, церан бераш а стенна бехке бу?

– Хьуна ца хаьа и, ва боьрша йоцу къиг?! Цаьршимма ца вийна хьан ваша.

– Вийна, салташна хьалха а ваьлла, иза а, хьо а шайн цIенош даго веача.

– Сацайе муцIар, къутIа! – голаш тIехь хьалаайъавелла, стаммийчу балдех шеташ туьйсуш, мохь хьаькхира ХортIас. – Сан бахамна цергаш хьекхораш муьлш бара? Шайн аьтто баьлча, со вуьйр верш муьлш бара?

– Наха хьан бахам ца хьабина, хьо а ца вийна. Хьан цIенош а, бахам а дийна бу…

– Собарде аш, заддаш! – мохь хьоькхура хаза кхоччуш дарвеллачу ХортIас. – Собарде аш! Ас шуна тIехь хьукIма ца дахь, ас зудчун кортали туьллур ду коьрта! Сайн куьйга вуьйр вац ас хьо. Амма Iедале дойтур ду дан дезарг. ХIинца дIавала суна гучуьра. Кхин хIокху керта ког ма биллалахь! Со хьан да а, хьо сан кIант а вац!

Овхьад аравелира. И буьйса нана йолчохь а йаькккхина, сатосучу хенахь гIеттина, кешнашка вахара иза. Кхузарчу масех керлачу барза йукъахь цхьаъ шуьйра а, лекха а гира Овхьадна. Иза МIаьчиган а, Васалан а йукъара каш дара. Цхьана цIийх, цхьана къомах, цхьана динехь воцу ши доттагI, дуьненан цхьацца маьIехь вина и шиъ, кхолламо цхьаьнатоьхна, цхьана коша вижийна. Амма коьртехь чурт дац шиннен. Ножан дечиг йу цестина шарйина йоьгIна. Цхьамма, уьрсаца охкуш, йазйина цIерш а:

Васал ибн Лапа.

МІаьчиг ибн Мантак.

1297 шо

Кхузахь вехха хІоьттина а лаьттина, вешин кошана тІевахара Овхьад. Цунна доьгІна хаза кечдина гІайракхан чурт ду. Барз тобина хІинцале. Коьртехьо улло диллина лоха гІант а ду. Схьахетарехь, хІор а денна молла вогІу кхуза йеса деша. Охьа а таьІна, барза тІе куьг хьаькхира Овхьада. Кхин гур вац цунна ваша а, мостагІ а.

Овхьад кешнашна йуккъехула охьаволавелира. Баьрзнаш ду низам доцуш дІасакхийсина. Керла а, тІе къух даьлла а, лаьттаца нисдала гергадахана а. Коьртехь хаза, даккхий чарташ долуш а, лоха, шога тІулгаш, ножан дечигаш йоьгІна а, хІумма а йоцуш а. Нийсса ах кешнашна гІевлангахь хІолламан гІуркхаш ду. Кхузахь а хаало стаг дуьненахь муха ваьхна. Таро йолчун каш билггал ду. Асхьадниг санна, Іожалло а къастийна хьалдерш а, къенаш а.

Овхьада шен ойла йира. Мичхьа хир ду-те цуьнан каш? Йа барз боцуш вовр-те иза?

Кешнийн кертах араваьлча, регІа боьдучу новкъа таьлсаш кочахь хьалайогІучу Дешина дуьхьалнисвелира иза. Цхьана йукъана доьхна, дист ца хуьлуш лаьттира и шиъ.

– Хьо ма хьалхе арайаьлла, Деши? – хаьттира цо эххар а.

– РегІа йоьдура со-м, Овхьад. Хьо кешнашка веанера?

– ХІаъ.

– Бохам хилла-кх хьуна, Овхьад. Ваьшка хиттинехь, хуьлуьйтур дацара-кх вай иза. Дала гечдойла цунна!

– Дела реза хуьлда хьуна! Шун гІуллакхаш муха ду, Деши?

– Дан а дац-кх, Овхьад. ЦІа-цІе а дац. Эрна арахь дисина-кх.

– Болатан чов дукха луьра йуй?

– Толуш ву иза-м.

– Соьгара маршалла луо цуьнга. Со Іаьлбаг волчу вахара ала. Йохий ма хьийзалахь, Деши. Кестта цхьана агІор дер ду хІара.

Дешин ши бІаьрг тІунбелира. Дехий, Іаьржа чоьш лестош, тохаделира бІаьрнегІарш. Иза йист ца хилира, оьшуш а дацара. Шинне а хаьара хІара гІуллакх мича агІор дер ду. Белшах тийсина таьлсаш а нисдина, Овхьадан Іодика а йина, дІайолайелира Деши. ТІаьхьа бІаьрг тоьхча, цуьнан гІодайукъ стомма хийтира Овхьадна. «Берах йу-кх иза», – даг чу иккхира цунна. Цхьана агІор хазахийтира иза оцу хьолехь йолуш. Болат чІогІа лорура цо. Иза оьзда а, майра а кІант хиларна. Цхьа стаг волчу цуьнан бер хилар доккха хІума дара. ТІаккха шех къа а хийтира. Дерриг а галдаьллера Овхьадан. Цуьнан дуьххьара а, тІаьххьара а безам бара и Деши. Иза а ца нисделира. ХІокхуьнан ден бахаммий, Дешин ден къоьллий бахьана долуш. Овхьадан-м ма бац бахам. Йа нехан долу да-нана а, вежарий а. Цхьа и ву-кх, гІаж санна. Іуммин Дадин-м йезар а йу. Овхьадан иза а йац. Хир йу ала меттиг а бац.

Тхов тІе латта тесначу лохачу кегийчу цІенойн корехь, кетарх хьаьрчина, хиъна Іара Іаьлбаг. Кора тІехь рамех товжийна лаьттара иккхинчу куьзганан жима гериг. Циггахь Іуьллура доккха, Іарзделла тукар. ХІинцца ваьлла иза йахйелла маж лоргуш, мекхаш тодеш болх бина. Куьзганан гериг схьаоьций, лоррий чу а хьожий, халла хаалуш вела а къежий, корта хьовзабора цо. Тохарлерниг вац. Маж-мекха йуккъехь кІайн чоьш гучудевлла. Йуьхь а, кхехкийча санна, йу. БІаьргийн а, бетан а йистошкара, гезган маша санна, дІасадаьржина хебарш. Мара а буткъбелла…

Цхьа кІира ду Іаьлбаг меттахь Іуьллу. Цхьанхьа шелвеллера а хаац, йа хІокху йалх баттахь, вижар-гІаттар доцуш, виллина дІа дийнахь-бусий хехкавалар дара а хаац, цхьа кІира хьалха доьзал ган БулгІат-Ирзе веача, цІеххьана цамгаро лецира иза. Шина-кхаа буса меттахь веттавелира Іаьлбаг дагаро хьийзош. ДегІ лозура, хьокха биттича санна. Сихдина хи муьйлура цхьа а чам ца хууш. Йуург хьахийча а ца мегара.

Селхана дуьйна чу са дан доьллера цунна. ЗезагІаза котаман чорпа а малийнера. Тахана жимма хІума а кхаьллира. ХІинца, шина-кхаа дийнахь Іийча, гІаттаваларе догдохура цо.

Коран цхьаъ бен боцу ангалин бІаьрг хьохуш, раз догІа деттара арахь. Іаьлбаг воьжчахьана, хьерайаьлла йочана. Цкъа, серий санна, тІедетта догІа, тІаккха саццаза тІесерсаш лаьтта. Наггахь Іаьржачу мархашна йуккъехула схьа а къедий, йеххачу ханна къайлаболу малх а. Дохк а ду Іаннаш, тогІеш йуьзна дижна лаьтташ.

– ХІума кхаллалой хьажахьа, – дехар до ЗезагІаза. – Дакъийначу жижигца гала йина ас.

– Ца йеза суна. Жимма Іийча, чорпа мер ас.

ЗезагІаза паргІат вуьту иза. Іаьлбаг корах арахьоьжу. Кертарчу туьрка тІера гІа дожа доьлла. Хьаннаш а йу шайн сийна духар хуьйцуш. ХІинца уьш баьццарий, цІен, можий беснаш эцна, хийцайелла. Жимма Іийча, йерриг а йерзина йевр йу. И сийна, йуькъа хьаннаш ма йара гІовттамхошна туш хилла лаьттинарш. ГІа доьжча, ловчкъа меттиг а хир йац царна. Іа а ду, борз санна, тІаьххье тІедогІуш. Шелоно а лоьцур бу. Иза дика хаьа инарлина. ТІаккха кхин а тІетеІар ду паччахьан эскарш.

Іаьлбагна уллохь, сих-сиха мара хьала а уьйзуш, шен болх беш йоллу Сахьабу а. ЧІешалга тІе бехчалгаш хьерчош, тайниг йан гІерта иза. Амма тайниг нислац. Уллохь жима «ага» лаьтта шен берриг гІирсаца. Сонехь дІанисйина «мотт-гІайба», тайп-тайпана пхьегІийн геригаш.

Іаьлбаг-м цомгаш Іуьллу. Могаш хилча а, ницкъ бац. Цхьана бІе стагаца хІокху кІажа таІийна иза. Винчу хьаннашка-м гІур вара, амма Яьссиний, Ямсуний тІе валалур вац. Цаьршинна йуккъехь, лаххара а, итт эзар салти лаьтта.

Іаьлбага йуха а ойла йо. Оццул цара хьегна къа кхиамза довш лаьтта-те? Маса йурт йагийна, маса эзар адам тхов боцуш дисина, маса вийна! Ткъа гІаттам хьаьшна баьлча, Іедало ден дерг хІинцале а гуш ма ду.

– Дада! – хеза цунна йоьІан аз.

Іаьлбаг йоІе дІахьожу. Цхьа гІаларт ду хІара а. ЧІораш санна, дуткъий пхьаьрсаш, буткъа мара, дІасадаьржина ши лерг. Неначух тера жугІара бІаьргаш хьоьжу дега.

– Вай цІа маца гІур ду?

ЙоІ тІе а озайой, кІедачу Іаьржачу месех куьг хьокху Іаьлбага.

– Дукха ца Іаш. Сагатло хьан?

– ХІаъ. Дада а, баба а ган лаьа суна. Кхузахь соьца ловза бераш а дац.

– Кестта гІур ду. Схьалол соьга, ас йе хьуна тайниг.

ЙоІа йинарг дІа а йаьстина, уьрсаца ши чІешалг а тойина, цхьаъ дегІана, важа куьйгашна тІе-кІел а йиллина, дІа а йихкина, кІайн бехчалг хьерчош, корта бира Іаьлбага. ТІаккха, тайнигна тІе коч а йуьйхина, йуьхьа тІехь шекъанца бІаьргаш а, бат а, мара а бира цо. Ден карара тайниг схьа а эцна, цкъа леррина хьаьжира йоІ. Самукъадаьлла боьлура ши бІаьрг. ТІаккха, тайниг жимма хелха а йаьккхина, агана а йиллина, кохкарш хьерчо йуьйлира.

«Цхьа кІант мукъане а велара», – хІинца масазлагІа дагадеара Іаьлбагна. ТІаьхье йоцуш вовш хиларо цкъацкъа дагна бала бора цунна. Амма, цхьа минот йаьлча, ойланаш кхечу агІор дІахьаьлхира. Дагадеара, ша вожале да-нана долчу Лоьма-КІорца вахча, цигахь тІаьххьара а ненаца хилла къамел. Вуьшта а жимачу дегІара нана, кІенташна сагатдеш, кожал хилла, хьаьвзинера. Іаьлбаг дІаваха араволуш, цІеххьана тІе а хьаьрчина, йилхира иза…

Хаддаза Іаьлбаган лерехь дека ненан аз. Хаддаза догу цуьнан къаьхьа бІаьрхиш тІеІенна куьйгаш. Іаьлбагна дика хаьа хІинца кхолламан тІаьххьара сахьташ гергадуйла. Кхана, лама… Амма Іаьлбаг дохко ца ваьлла. Цуьрриг кхера а ца кхоьру. Цхьаъ вогуш ца хилча, серло хир йац. Къийсам сацо ца беза, хьо оьшур вара аьлла. Нагахь лай хилла ваха ца лаахь.

Попан дечигах йиначу йоккхачу ной чохь Іаьлбаган бедарш йуьттуш йоллу ЗезагІаз. Йай чохь кхехкийна, схьа а йаьхна, теса чу охьайехкинчу бедарех йуькъа Іаь гІуьтту. Пхьуьйшаш хьала а карчийна, дерзина девлла ЗезагІазан пхьаьрсаш цІийдина йовхачу Іаьнаро. Кортали кІелхьара а йаьлла, охьайеана кІужал хьацаро хьаьжа тІе латийна. Іаьлбага къайлах бІаьрг бетта зудче. ДІадаханчу Іай цІен бос бетталуш, йогуш хилла цуьнан беснеш чуэгна. БІаьргийн, балдийн йистошкахь хебарш гучудевлла. Гиччошкахь а масех къоьжа чо бу. Йеккъа цхьа Іаьржа месаш йу, йеза стомма ши кІажар йина, букъ буьзна охьахецна. Іаьлбага йуха а ойланаш йо.

«…Хирг хилла даьллачул тІаьхьа, иттех де хьалха гІеттина-кх ДегІаста. Нохчашца дерг чекхдаьллачу хенахь. Цхьаьний долийнехь, толаме догдохийла йара. ХІинца тІаьхьа ду. ХІорш хьаша цигара эскарш далийра, уьш хьаша ккузарниш дуьгур ду».

Іаьлбаг шен ойланех йукъахваькккхира тІадийна лашкаваьлла Оьздамар а валош чувеанчу Коьрас.

– ОхІ! Оьздамар? Хьо лаа вуй хІокху догІанехула?

– Вац, дера, – коьртара баькккхина месала куй, неІарехьа а вирзина, бегийра цо. – Лаа араволу хІокху къемат-дийнахь?

ДІаса а хьаьжна, лоха гІант а лехна, охьахиира иза.

– Схьадийцал сихха, хьо кІезигчу гІуллакхо ца валийна, – сихвира иза Іаьлбага, маршаллаш а дитина.

Оьздамара дийцира хьалхарчу буса шаьш Тохтархий, Хайруллий лацар.

– Тохтархана дийцарехь, тІамера Момин Хьота цІа веана. Кхо-диъ де хьалха иза волчу Шела вахана хилла Гати-Хьаьжи а, Хайрулла а. Схьахетарехь, вайна цхьа тешнабехк бан гІертачух тера ду уьш, – чекхдаьккхира Оьздамара шен къамел.

Чохь тийналла хІоьттира.

– Хайруллина хІун до оха? – хаьттира Оьздамара эххар а.

– Чехкка Чеччалхе йуха а верзий, Къосаме а, Нурхьаьже а вайн нах гулбе ала. Со тІаьххье дІавогІу хьуна.

XIII корта. ТАIЗАР

Бахам байча – кIеззиг дов хьан,

Сий дайча – дуккха а дов хьан,

Къонахалла йайча –дерриг а дов хьан,

Цул а дуьнен чу цавалар гIоли йу…

Гете

1

Оьздамара беанчу хаамаша меттара гIаттийна Iаьлбаг Коьрин бертаза Чеччалхе сихвелира.

– Хьо могаш вац, Iаьлбаг, вижий Iехьа, – сецавора иза доттагIчо. – КъосамгIар шаьш а ларор ма бу цигахь. Нагахь оьшуш хьал делахь, сой, Къайсаррий гIур ву.

– ХIан-хIа, Коьра. Цигахь хIоьттинарг шатайпа хьал ду, – аьттехьа а ца дитира Iаьлбага. – Аренцарчу йарташкара эпсарш тIамехь а битина, и Хьота боху зуд лаа ца далийна цигара цIа. Инарла сонта ма вац цуьрриг а. ЖIаьла къасто хиъна цунна!..

Шен имамаллин тIаьххьарчу шерашкахь Шемала улло озийра Гендарганара Момин Хьота. Оцу къечу, беркъачу бIаьхочунна тIе имаман тидам бахийтира цуьнан майралло а, къизалло а, мекарлоно а. Нохчмахкахь имамна дуьхьалйаьлла йурт къарйечу хенахь, шегара йоккха жигаралла гойтура Хьотас. Цунах лахара наиб а вина, таIзарийн жимочу отрядна коьрте хIоттийра иза имамо.

Ши-кхо шо далале Нохчийчоь йуьйжира. ТIаккха, шен имам хIокху махкара дIавала а кхиале, паччахьан эскаран командованина тIе а вахана, цунна ша доггах гIуллакх дан кийчча хилар хаийтира Хьотас.

Паччахьан инарлашна а оьшура иштта нах. Йамарт, къиза нах. Церан куьйгашца кху халкъан дуьхьало хьаша, кхузахь шайн Iедал чIагIдан.

Момин Хьотас доггах кхочушдира шен дош. Цо къинхетамза хIаллакбира хьалхалера шен а, хIинцалера Iедалан а мостагIий.

Iедало эрна ца дитира цо дина гIуллакх. Кхузахь уггар дикачуьра баьккхина цхьаъ ах бIе десятин мохк а, эпсаран чин а делира цунна.

И Момин Хьота вара инарла Свистуновс хIинца туркошца тIамера кхайкхина цIа валийнарг.

Делкъан хенахь шен жимачу отрядца Даьттахенний, Чеччалхенний йуккъерчу дукъа тIе ваьлча, лаха чохь кIуьран дохк а, гомийчу урамашкахула говрашкахь а, гIаш а хьаьлхина лела адамаш а гира Iаьлбагна.

ХIорш дукъах чубуьссуш, дуьхьал нисйелира Ножин-Юьртехьара схьайогIу иттех стагах дошлойн ковра. Iаьлбагна бIаьрг ма-кхийтти бевзира Акхтин, хьаргIа санна, Iаьржа, зоьртала дин. Дошлошна йукъахь говрахь, корта а оллийна, вогIура Iаьлбагна дика вевза гатийуьртахойн молла Товсолта.

Дошлойн ковра тIекхаччалц сецира отряд. Даим санна, кхоьлина, буьрса хуьлучу Акхтас деро салам делира.

– Аш хIун до, Акхта? – цецвелира Iаьлбаг.

– Хьо волчу догIура тхо-м.

– Ас кхайкхина-м ма дац шу. Эскар-м ца деана Гати-Юьрта?

– Эскар эшац цигахь-м, хIара жIаьлеш мел ду, – оьгIазе Товсолте дIахьаьжира важа.

– ХIун хилла?

– Молла аьлча а, хIара мозгIар, кIордийна сих, похах а чекхваьлла тхуна. Виллина дIа адам вайна дуьхьалдаккха гIерташ. ХьастагIа рузбанехь, вай нажжаз деш, паччахь, инарлаш, хьаькамаш, Iедал хестош, царна – къинхетам, вайна – бекхам боьхуш доIанаш дира хIокхо. И хьайн чIинкъ сацайе бахарх а, ладогIац. ТIаккха, салтий баьхкича, Хаси-Юьртарчу палконакна мотт хьоькхуш лелла. Йуха а, ХортIас а, хIокхо а цигара дерриг цIенош а дагатайтина. Цкъа сайн куьйга хIара ирхъолла ойла хилира сан. Болата витанц-кх. Хьоьгара пурба доцуш, иза дан йиш йац аьлла.

– ХортIа-м ца лаьцна аш?

– Дедда жIаьла. Мичахула хиъна а хаац сан дагахь дерг. И шен хьакхин муцIар мохе лаьцча, иэрана санна, хьожа кхета цунна.

– Дика ду. ДIадуьло эвла. Цигахь къастор вай хIокхуьнан гIуллакх.

ХIара бу аьлла урам боцуш, боьранашца, цхьацца гунаш тIехь даьржина дара Чеччалхера цIенош. Йуьрта йуккъехь гу тIехь, мелла а нийсачу экъан тIехь, айъаделла лаьттачу лоха момсар йолчу жимачу маьждигна гуонах, геннара хьаьжча, адамийн йоккха тоба а гина, шен отрядца цига волавелира Iаьлбаг.

Тобанна герга мел кхочу, шера хезара цигахь йеш йолу гIовгIанаш. Кхидерш къардеш декара Нурхьаьжин буьрса аз. Вуьшта, паргIат къамел деш, стеган догъоьцуш кIеда хуьлу цуьнан аз, оьгIазвахча, хецалора, цхьанхьа къевлина дуьхьало йаьстича санна.

Адамийн тобанна тIехула айъавелла лаьтта Нурхьаьжа мохь хьоькхучуьра сецира, Iаьлбагах бIаьрг а кхетта. Амма хьеший ца гучара йукъ-йукъа маьхьарий хьоькхура:

– Тоьпаш тоха цунна, хьакхина!

– Ирхъолла!

– Дов марса ма дахийша, хIай нах!

– Гуш лаьтташехь, стаг воь ткъа?

– Ирх ма олла! Вайнехан гIиллакхца дагIац иза!

– Стаг хилла лаьттара и чагIалкх?!

– Мухха велахь а, молла ма ву иза…

Говрахь тобанна йукъаваьллачу Iаьлбагна гира, мохь баьл-баьллачу агIор дIа а хьожуш, вахьийна лаьтта молла Хайрулла. Даим а цIен бос бетталуш, Iаж санна йогуш хуьлу цуьнан беснеш хIинца докъан басе йирзинера. ТIепаза йайнера цуьнан цициган бIаьргаш чуьра куралла а. Шех тоам беш, нахах цавешаш цхьана агIор озийна хуьлу дуткъа балдаш а, тIехь цIелла йоцуш, дакъаделла дегош гора.

Iаьлбага хьалалецира шед буйнахь аьтту куьг. Адам дIатийра.

– Аш хIун къуьйсу, нах?

– НурхьаьжагIар бу-кх хIара Хайрулла виэн гIерташ!

– Бехке вуй Хайрулла?

– Хаац. Ву, боху-кх.

– Шуна хIун лаьа?

– Бехке ву иза, виэй, дIаваккха!

– Вац! Аш бохург цадинарг бехке хила-м ца веза?

– Iедална вохкавелла иза!

– Бакъ дац!

– Дац, хьан дена неIалт хуьлда!

– Хьан вархIий дена хуьлда иза!

– Хьо а йу, и санна, айкх!

– Ас и чуьйраш хоьцур йу хьан, дахкаделла лай!

Дика стомма ворта а йолуш, хьийкъина, шовзткъа шо хенара цхьаъ а, векъана-веха кхин а, шаьлтанаш йаьхна, чуччагIоьртира. Амма стомманиг шена уллохула чекхволуш, говра тIера охьакхевдинчу Нурхьаьжас, пханарш тIера чоа а лаьцна, бер санна, айъина ваьхьна масех гIулч йухакхоьссира.

Ша гучуваьлча цкъачунна сецна хIара дов йуха а марсадала доллийла хиъначу Iаьлбага, куьг хьала а лаьцна, мохь туьйхира.

– Совцал, нах! Бехкбоцчу цхьана а стагана таIзар ца дина оха цкъа а. Нагахь хIара Хайрулла бехке велахь, хIокхуьнан бехке хьаьжжина таIзар хир ду, бехке вацахь, маьрша вуьтур ву. Цунна кхиэл йан реза дуй шу?

– Реза ду!

– Нийсонца кхиэл йан йеза!

– Далла а, нахана а хьалха шаьш бехке хин доццург!

– ХIета, шаьш резадоллу къаной харжа!

Адам дIатийра, амма йуха а гIовгIанаш йевлира.

– Къосам!

– Нурхьаьжа!

– Мегар бац! Уьш бехкевийраш бу!

– Кхечу йуьртара къастабе!

– Iаьлбаг.

– Мегар ву!

– Акхта!

– Реза ду!

Акхтас, шен говр хьалха а тесна, мохь туьйхира:

– Со ма харжа. Ас а далийна цхьа жIаьла.

– Раджаб-Iела!

– Мегар ву.

– ЯнгIулби!

– Тозуркъа!

– Iаьмарха!

– Мегар вац! Йуьртда хилла иза!

Дуккха а къийсинчул тIаьхьа, зуламхошна тIехь кхиэл йан ворхI стаг хаьржира наха. Адам цхьана агIор а даьккхина, къаной царна дуьхьал бай тIе охьахевшира. Царна хьалха дIахIоттийра наха бехкевеш волу Хайрулла а, Товсолта а.

– ХIокху къаношка кхиэл йайта реза вуй шуьшиъ? – хаьттира Iаьлбага бехкечаьрга.

– Со реза вац, – сацамболлуш корта хьовзийра Хайруллас.

– Со а вац, – цунна тIетайра Товсолта.

– Шу реза цахиларан бахьана хIун ду? – хаьттира Iаьлбага.

– Цкъа-делахь, ворхIе къано бехкебечийн бартахой бу, шолгIа-делахь, Iеламчашна тIехь кхиэл йан бакъо йац Iилманехь царал лакхахь болчу Iеламчийн бен.

– Муьлхачу жайнахь йаздина ду Iеламчашна тIехь кхиэл йан Iеламчийн бен бакъо йац аьлла? – хаьттира Iаьлбага.

Хайрулла вист ца хилира.

– Наха къастийначу хIокху къаноша кхиэл шарIаца йийр йац, – элира Iаьлбага, аз айдина. – Вайн къоман Iадатехь йийр йу. ШолгIа, хIокху гIаттаман тхьамданаша дуйнаца чIагIдеш делла дош ду, маршонан гIуллакхна йамарт хилла, цуьнан мостагIашна гIуллакхций, маттаций, куьйгаэшарий, йозанций – муьлххачу некъаца а гIо динчу стагана тIехь хьакъдоллу таIзар дан. Иза шен да-нана, йиша-ваша, доьзалхо – милла велахь а. Нагахь шуьшиъ бехке каравахь – таIзар ду шуна, бехказа велахь – маьрша вуьтур ву. Реза вуй шуьшиъ?

– Ца хилча волий тхойша?

– Ткъа хьо, Товсолта?

– Вац. Тхоьгахьа а, шуьгахьа а озабезам бийр боцу нах харжа къаной.

– Наха хаьржинарш бу кхуза хевшинарш. Оха ворхIамма дуйнаца чIагIо йо, шун гIуллакх, озабезам, хьагI йоцуш, цIеначу даггара къасто.

Дуйнаца дерг чекхдаьлча, нахе вистхилира Iаьлбаг.

– Мила ву хIара лаьтта Хайрулла а, Товсолта а бехкевийриг? – хаьттира Iаьлбага.

Тобанна йукъара хьалхавелира Нурхьаьжа а, Дадаш а, Акхта а.

– Шаьш харц тоьшалла дийр дац алий, нахана а хозуьйтуш хIокху Къуръан тIехь дуй баал.

Кхааммо а дуй биира, шаьш цхьа а дош харц эр дац аьлла.

– Маьхьсин Нуржьаьжа, дийцал, ахь стенна бехке во хIара лаьтта молла Хайрулла?

Нахана хозуьйтуш мохь тоьххана Нурхьаьжас йийцира молла Хайруллера йевлла йамартлонаш. Амма цIе ца йаьккхира цуьнан вешин кIентан Тохтарханан. Нурхьаьжас дийцинарг бакъхилар чIагIдира Дадаша.

– Шаьш дийцинарг чIагIдан теш вуй шун? – хаьттира Хайруллас.

– Ву. Амма оха дош делла иза ца вийца.

– ХIета, эрна ду-кх аш лелориг, – паргIатваьлла, доккха садаькхира Хайруллас.

Кисанара схьадаькхина, кехат Iаьлбаге дIакховдийра Нурхьаьжас. Кехата тIехула бIаьрг кхарстийна, иза Хайрулле дIагайтира Iаьлбага.

– ХIара йоза хьан дуй, Хайрулла?

Хайрулла макхвелира. Хьаьжа тIе а, мера тIе а хьацаран буьртигаш хIиттира цунна.

– Ахь йаздиний хIара кехат?

– Йаздина, – халла хезаш жоп делира цо.

– ЛадогIалаш, нах! Шуна массарна а хезаш, хIара кехат ша йаздина аьлла къера хили Хайрулла. ХIокхо йаздо: «Шахьболате а, Умалхьате а соьгара салам-маршалла! Цул тIаьхьа хоуьйту шуьга вайн массеран а йукъара ши мостагI: Къосам а, Нурхьаьжа а Чеччалхехь хилар. Цаьрца бац арахьара нах. Вайн эскарш хIокху агIор цахиларна, паргIат а ву и шиъ. Нагахь тховса аш салтий схьахьовсабахь, и шиъ атта лацалур ву.

Сан дехар ду шуьшинга хIара хаам сан цIарах пурстоьпе дIакхачор.

Делера къинхетам хуьлда вайна массарна а».

Нахана йукъахь оьгIазе гIугI делира.

ТIаккха Акхтас дира Товсолта бехкевеш къамел. Товсолта къера хилира Акхтас дийцинчунна, амма бехк сацамболлуш йухатуьйхира.

– ЛадогIал, нах! – мохь туьйхира цо шен цIовзамечу озаца. – Дала аьлла ду, муьлхха а Iедал, иза бусалбанийн делахь а, керстанийн делахь а, – муьлхха а Iедал Шегара ду, иза дIакхехьа хIиттийна адамаш – паччахьаш а, церан хьаькамаш а – Шен лаамца лела, царна дуьхьалваьлларг Шена дуьхьалволу аьлла. Оьрсийн паччахьан Iедална кIел ду вай. И паччахь а, цуьнан Iедал а делера ду. Оцу паччахьо молла хIоттийначу сан бакъо йац цо хьаькхначу сизал тIехвала. Паччахьо сайга бе аьлла хьехамаш бина ас тхешан йуьртахь рузбанан маьждигехь. Цо ваийтинчу палконако омра дича, нехан цIенош дагош хьалха а ваьлла со. Амма ас цхьаннен цIа а, чемхалг а ца йагийна. Цхьа а стаг Iедале дIа а ца велла, цхьанне айкх а ца ваьлла. Аш сайга хIун де боху а ца хаьа суна.

– Тхо нажжаз деш, хьехамаш бирий ахь маьждигехь?

– Бира.

– Туркошна тIехь оьрсийн паччахьна толам боьхуш, доIанаш дирий ахь?

– Дира.

– И туркойн паччахь вац ткъа Дала хIоттийна?

– Ву.

– Ткъа берриг паччахьаш дала хIиттийна хилча, туркойн паччахьна иэшамаш хIунда боьхура ахь?

Товсолта вуьйхира.

– ХIокху вайн молланашна ахча лург туркойн паччахь ма вац, – элира тобанна йуккъерчу цхьамма. – Шена мах беллачунна толам боьху-кх цара.

– Дала аьлла ду, Шена тIехь волчу паччахьна гIуллакх де…, – гIам-гIам дира Товсолтас.

– Ахь, оьрсийн а, туркойн а, дуьненарчу берриг а паччахьашна Iожалла йоьхуш, доIанаш динехьара, дика хир дара, Товсолта. Амма ахь цхьаъ къастийна. Хьайна ахча лург, циггахь галваьлла хьо.

Iаьлбага сацийра церан лер.

– ЛадогIал, нах! Тахана шина стеган дов къастий вай. Ший а воккха стаг ву и шиъ. Оцу агIор шаьшшиъ жималла лелла ала йиш йац цаьршиннан. Ший а Iеламстаг ву и шиъ. Кхетам цахиларна гIалат далийтина олийла а дац цаьршиннан. Ший а таро йолуш стаг ву хIара шиъ. Къоьлло бIарзвина лелла олийла а дац цаьршиннен. Массо агIор дуьстича, оьзна, лерича, цаьршимма динарг кхетамехь, шайн лаамехь дина карадо суна. Халкъал лекха а, воккха а паччахь вац. Хилла а вац, хир а вац. Паччахьна, Iедална стаг дуьхьалвалар къилахь ца лору ас. И паччахь а, цуьнан Iедал а нийса доцуш хета тарло стагана. Далла хьалха стаг Iесаваьлча а тардолуьйту ас. Шен кхоллам дала нийса ца бина аьлла хета а тарло цунна. Амма халкъана, шен даймахкана дуьхьалваьлларг, царна зуламе ваьлларг бакъвеш хьукма хилла а дац, хир а дац дуьненахь. Иштта стаг хьакъ вац дуьненахь ваха… Йалх бутт бу кху лаьмнашкахь адамийн цIий Iена. Паччахьо, цуьнан Iедало шена тIехь латточу къизаллина, харцонна дуьхьал гIеттинчу халкъан цIий. Мацалла бIарзделла гIеттинчу халкъан цIий. ХIокху халачу деношкахь, шен халкъана букъ тоьхна, цуьнан мостагIашкахьа ваьллачу стагал воккха йамартхо а, зуламхо а вац, суна хетарехь. ХIокху шина стага, шайн халкъана йамартло а йеш, мостагIчунна гIуллакх дина. ХIара ши стаг бехке хилар гучудаьлла. ШарIе диллича а, халкъе хаьттича а, гIиллакхе даькхича а, хIокху шина стагана уггар луьра таIзар догIу. Со аьлла вели. ХIинца дош шун ду, къаной.

– КхидIа дуьнен чохь баха бакъо йац церан, – элира Раджаб-Iелас.

– Шозза виэл бехк баьлла цаьршингара, – резахилира Тозуркъа.

– Висинчу веамма хIун олу?

– Халкъа йукъахь меттиг бац царна.

Оцу йерриг хенахь хуьлучуьнга биэндоцуш хьоьжуш лаьттара Товсолта. Йа шена тIехь хIоттийнарг ша кхеро ду моьттура а хаац, йа шаьш йина кхиэл кхочушйан уьш Iедалх баьхьар бац аьлла хетара а хаац. Ткъа хIетталц макхвелла лаьттина Хайрулла а цIеххьана хьалхалерчу басе веара. Схьахетарехь, цо догдиллинера къинхетамах.

Iаьлбага кхиэл схьакхайкхийра:

– Халкъана йамартло йина, мостагIашкахьа ваьллачу хIокху лаьттачу Хайруллина а, Товсолтина а виэн кхиэл йо къаноша. Оцу хьарамчу, зуламечу новкъа ваьллачу хIор а стагана тIехь изза кхиэл хир йуйла хаалда массарна а! Нурхьаьжа, дIавига и шиъ.

– Кхиэл кхочуш тхоьга йайтахьа, имам, – элира Раджаб-Iелас, Iаьлбагна тIе а веана.

– ХIунда?

– ХIара шун нохчийн нах берриг вовшашлахь гергарлонаш долуш ма бу. Стенна оьшу йуккъе мостагIалла долла?

– Тхуна йукъахь мостагIалла хир ду даим, – жоп делира Iаьлбага сацамболлуш. – Тхуний, Iедалан йалхошний йукъахь. Тхо йа уьш тоьлла, дерза деза гIуллакх.

Ша дIавигале, схьа а вирзина, мохь туьйхира Хайруллас.

– Суна хаьа аш лелориг, Олдаман Iаьлбаг! Шу писашка лалац тхо шайл тоьлуш хилар. Тахана-м аш тхойша вуьйр ву, амма кхана шуьга а кхочур йу раж!

– Тхо кийча ду оцу денна, Хайрулла. Лахь а, халкъан гІуллакхна лийр ду тхо, ткъа шун Іожалла жІаьлиниг санна хир йу.

Цхьа сахьт далале йассайелира маьждиган майда. Шен бІо а эцна, Бена йухавирзира Іаьлбаг. Уьш регІа бевлча, Чеччалхе эвла йистехь тоьпаш йевлира.

2

ДегІаста гІеттича, мелла а дог-ойла аййелла Іаьлбаг жигара хьийзара Басса тІехь.

Паччахьан эскарийн командованина дика хаьара оцу меттиган стратегически маьІна. Кхузара дІа гІовттамхойн аьтто бара йерриг Нохчмахкаций, ЧІебарлаций зІе латто. ТІе, цигара дІа бара ДегІастана боьду цхьаъ бен боцу цхьа некъ а. Цундела сентябран хьалхарчу деношкахь гІаттаман центр морзахна йукъакъевлира командованис.

Лаьмнийн когашка хІиттийра йаккхий отрядаш. Басс а, Хулхуло а аренга долучу а, Ойсхаре, ЗазаргІане а. Аькхахь, Салатавехь, Яьссина а, Ямсуна а тІехь лаьттара Батьяновн отряд.

Хулхулон чІожахь, Эрсанахь, Эртана-Коьртехь, Бенахь, Герзель-гІопехь, Чахкарахь, Іумхан-Юьртахь, УстаргІардахь хьалхарчу резерве хІиттийра коьртехь гоьбевлла командираш болу тоъал йаккхий отрядаш.

ГІо оьшучу кхосса кийчча Грознехь лаьттара инарлин Виберган 20-гІа дивизи.

И берриг кечам хилла баьлча, 2-чу сентябрехь шеца йуьззина Курински полк а, 50-гІа резерван батальон а, гІалгІазкхийн йиъ сотня а, хІирийн сотня а, артиллерин батарея а йолуш Басса тІе волавелира Смекалов.

Кхаа дийнахь тІом кхихкира Басса тІехь. Чим бира МахкатІех, Элистанжах, Хоттанех, Тевзанах. ТІаккха таллар долийра хьаннашкахь къайлабевллачу бахархошна тІаьхьа. Цаьрца цхьана лагере схьалоьхкура бежанаш, говраш, уьстагІий. ДІалецначу йарташкарчу бахархойх диг каралаца ницкъ берг хьаннаш хьекха, некъаш даха дІахІоттавора.

Амма шера дІа ца доьдура таІзардар. Кегийчу отрядашка бекъабеллачу Іуммин гІовттамхоша, массо маьІІехь тІелеташ, зиэнаш дора таІзархошна.

Цаьрга дуьхьало сацайайта, ша Іеминчу тактике кхевдира Смекалов. Таллархойн командаша хьаннашкара схьалаьхкина къена нах, зударий, бераш йагийначу йартийн овкъарш тІе гулбора. Царна кхерамаш туьйсура, цхьаъ буха ца вуьтуш, Сибрех бахийта, мохк Іедалан долабаккха. Эххар а баккхийчу нехан векалш бахкийтира Смекаловна тІе. Цара схьахьедира, шаьш Іедална муьтІахь хилла совцу аьлла.

– Цхьа бутт бу берзина зударий, бераш хьаннашкахь лечкъа, – бохура цара. – Мацаллой, шелоной бІарздина адамаш. Къинхетам боьху хьоьга, инарла…

– Къинхетам бийр бац! – доцца хадийра Смекаловс. – Шу Іедалан мостагІий ду. Кхин йарташ йухайевлча а, къар ца луш, дуьхьало йина аш. Поручик Ойшиев! Шемал-къеде спискаш йайтал схьа мел веанчун. Кхо де хан йу шуна. Цул тІаьхьа хьаннашкахь карийнарг вийча, гІовгІа ца йер аш.

Баккхий нах цхьана минотана дІатийра. Сацамболлуш дара инарлин омра.

– Дика ду, инарла, – ойла а йина, вистхилира векалшна хьалхаваьлла Чопал-Хьаьжа. – Оха схьадалор ду хьаннашкара дерриг адамаш. Амма ахь дош луо, уьш кху махкахь дита. Ца го хьуна и тІелхигбевлла зударий, дерзина, модаша дуьзна, пханарш тІедевлла бераш? Іа ду тІедогІуш, борз санна. Зударий, бераш мича

кхелхар бу? Iедална дуьхьалгIевттинарш тхо, божарий, ду. Тхуна тIехь диэхьа хьайна луъу таIзар. Сибрех а дахийта, ирх а охка, меженаш йохуш, дарий, охьа а дахка. Ткъа зударех, берех, къеначу нахах къинхетам бехьа. Уьш битахьа хIокху йагийначу йарташкахь. Шун а ма бу цIахь доьзалш, да-нана, зударий, бераш. Шайн ойла йайша, инарла.

Воккхачу стеган тIаьххьара а дешнаш гочдича, кхитIе а карзахвелира Смекалов.

– Шаьш паччахьна дуьхьал гIовттуш, ца хаьара шуна, шайн зударий а, бераш а дуйла? Шаьш байъинчу салтийн цIахь доьзалш бац, моьтту шуна? Аш бирий царах къинхетам?

Воккха стаг, лаьттан бIаьра а вогIавелла, дикка лаьттира вист ца хуьлуш. Шоззакхузза цхьана кога тIера вукхунна тIе а вазвелира. Дакъаделлачу балдех мотт а хьаькхира.

– Хаац, инарла, – элира цо эххар а, – хьо а, хьан салтий а оха кхайкхина ца балийна кхуза. Iедало, мохк дIа а баькккхина, мацалла хIоттийна тхоьга. Тхан махка тIера даьлла рицкъа Iаьнах довла а ца тоьу тхуна. Тхан зударий, бераш дерзина ду. Аш тIейетта йасакх тиэкха ницкъ бац тхан. Аш тIехь латто харцо, къизалла лан собар кхачийна тхан. Хьан харцоно гIаттийна адам. Оха, нехан махка тIе а девлла, цхьа а стаг ца вийна, цхьа дол а нехан латта тхешан дола а ца даькккхина. Берриг бехк шун Iедалан бу, тхоьгара мохк дIабаькккхинчу, тхан коча лолла Iуьттучу…

– Тоийта! – йукъахваькккхира иза Смекаловс. – Некха тIе гIортийначуьра тоьпан йуьхьиг дIайаькккхича, шу ца мега дела, ховшийна шуна йукъа эскарш. ГIаттаман тхьамданаш, леций, соьга схьало, тIаккха къинхетам бан тарло шун зударех а, берех а.

– Муьлш?

– Iаьлбаг, Iумма, Лорса, ТангIай, кхиберш.

Баккхийчу наха йоцца кхеташо йира. Цара дуьйцург ца хезара Смекаловна а, йа цунна уллохь лаьттачу талмажна Мовсаран Элбина а. Нахе доцца хаттар а дина, жоьпе ладоьгIна, цаьрга хьаьжира Чопал-Хьаьжа. Цуьнан хьажар тIе мел нисделлачо меллаша корта ластабора. Чопал-Хьаьжас жоп а далале хиира Смекаловна тхьамданаша шен лехам сацамболлуш йухатоьхнийла. Нахана йукъара схьа а ваьлла, йуха а Смекаловна хьалхахIоьттира воккха стаг. ДегI а нисдина, къоьжа корта халла хаалуш агIор а баькккхина, хьалхачул аз айдина, сацамболлуш жоп делира цо:

– Инарла! ХIокху лаьмнел, тхешан доьзалел, тхешан синойл деза хIума дац тхуна дуьненахь. ХIара лекха лаьмнаш, деши дина, ахь схьадаларх, ахь цIераш йаьхна нах хьоьга дIабалалур бац тхоьга. Уьш халкъан маршонан дуьхьа гIевттина. Ахь тхоьгара йамартло лоьху, иза йан ницкъ бац тхан. Далур доцург, оха дендоцург ма деха тхоьга, инарла.

– Дика ду, – тхьамданашна тIе бIаьрг боьгIна, корта таIийра Смекаловс. – Дика ду. ХIета, Iедалерчу къинхетаме дог ма дахалаш!

3

Смекаловн а, Эристовн а шина отрядо Басса тIехь йукъахьовзийначу Iуммас ЧIебарла ваха гечо лоьхура. Амма, дIа ког мел баькккхинчохь, мостагI лаьттара. Хулхулоний, Бассаний йуккъерчу лекхачу лома тIе хьала а ваьлла, турмалца дIаса бIаьрг туьйхира Iуммин Дадас. И хьаннаш, чIажаш, боьранаш сийсош адамаш гора. Деттачу дагарший, херцочу къеначу дитташий йаькккхинчу гIовгIано къарйинера и агIо. Ирахь догура зоьртала къена маьънаш, пепнаш, нежнаш. Сийна кIур бара

Хулхулоний, Іаьржа-Ахканий, Бассаний, ГІамар-Дукъаний тІехула хІоьттина.

Некъаца шиний агІор йолу хьаннаш хьиэкха, хІаллакйан, йаго кхуза гулбинера дишний, харачой, эрсаной, элистанжой.

Изза хьал дара бенойн йарташна гонаха а, Яьссица хьала а, Пешхойн-Ломахула Басса тІе догІучу некъашца а. Кхузахула дІа Іаьлбагна тІегІур ду бохург хьехочохь а дацара. Хьаннаш хьоькхучу бахархошна гонаха ха деш а, дерриг некъаш дІалецна а лаьттара эскарш.

– Дехьадовла ков дац хІокху агІор а, – турмал охьайахийтира Дадас. – Массо колл, кІаг дІалаьцна дена неІалт хиларша!

– Со а хьажийтахьа, – турмал дІаийцира уллохь лаьттачу БугІас. Турмал, нис ца луш, йехха дІасахьийзийра цо. Цкъа стигала хьала, тІаккха нийсса хьалха нислора. Эххар а мохь белира цуьнан: – ДІо хьуьнхара арадаьхна далош адамаш ду! Зударий а, бераш а. Хулхуло чухула хьала керла бІо а богІу. Цхьаъ, шиъ, кхоъ… Йалх йоккха топ йу.

– Вало, дІавоьду вайша. Иштта, бага а гІаттийна, дІасахьоьжуш латтахь, тоьхна вожор ву.

Ломан хьаьвхьен агІонца охьаволавелира Дада. Вист ца хуьлуш тІаьхьаоьхура БугІа а. Селхана иштта разведке хьажийначу хІокхеран жимачу разъездна дуьхьалнисйеллачу таллархойн командо цхьа стаг вийра. Иза схьаэца а ца кхиъна, йухабевлла гІовттамхой вийнарг дІавига йухабогІур буйла хууш, дакъа гучу охьа а диллина, кІелонна хевшира таллархой. Суьйранна бода булуш дакъа дІадахьа баьхкинчу гІовттамхойх кхин а масех стаг вийра.

Іаьржа-Ахках дІакхеттачу хин цхьана гаьнна тІекхочуш, оьрсийн маттахь къамел хезира Дадина. ТІаьхьавогІучу БугІега ларлуш хила аьлла, хичаш а йина, меллаша ког боккхуш, уллохьо гІоьртира иза. Салтий садаІа севццера кхузахь. Тоьпаш йара йуьхьигаш дуьхь-дуьхьал гІортош ирахІиттийна. Мачаш дІа а йаьхна, шийлачу сирлачу хи чу когаш а бехкина, хевшиний, тевжиний Іара уьш. Цхьаберш, йакъийна баьпкан йуьхкаш хи чохь йаша а йеш, йаа гІерташ бохкура, наггахь верг цигаьрка уьйзуш воллура. Доккхачу дегІарчу хьаьрсачу салтичун къамеле леррина ладоьгІура цара.

– Нийса дерг аьлча, вежарий, со резаволуш тІом бац хІара, – бохура цо. – Туркойх лиэташ делара вай, хІара мисканиш хьийзочул.

– ХІун башхо йу, цхьа магометанаш ма бу уьш а, хІорш а, – элира, коьрта кІел куьйгаш дехкина, аркъал Іуьллучу кхечо. – Туркой вайх летта, ткъа нохчий царна гІоьнна гІевттина.

– Сонта хІума йу хьо, Петрович, – бехкбоккхуш вистхилира хьалхарниг. – Нохчийн хІун гІуллакх ду ворхІ хІордал дехьа бехачу туркошца?

– Цхьа басурманаш ма бу уьш а, хІорш а. Халахета, шийтта шо хьалха хІорш лаххьабелла шайн туркойн махка дІа ца бахана.

– Адам дац хьо, гІалгІазкхи. Нохчий хІунда боьлху кхузара дІа? Церан даймохк ма бу хІара.

– Тхо тарлур дац лул-лулахь.

– ХІунда?

– Церан безам бац тхоьга.

– Церан бакъо йу шу ца деза. Іедало цаьргара дІабаьккхинчу махка тІе охьаховшийна шу.

– ХІинца тхан бу иза. Оха хьацарца, цІийца баьккхина. ДІо гена Россера веанчу

хьуна атта ду иштта дийца. ХIара гIаттам хьаьшна баьлча, хьо дIагIур ву, тхо ккузахь диса деза. Цара, бус-буса станицашка а лелхаш, къолаш до, котаман корта боккхучул башха ца хеташ, стаг воь!

– Моьттур дац, вай маликаш ду! – велавелира салти. – Россехь кIезиг до къоланаш? Нохчаша бен ца воь стаг?

– Шу дац маликаш, тхо ду, – аьшне вистхилира кхин гIалгIазкхи. – Оха тхаьш, тухий гIалгIазкхи а воьй, вовшашна къола а дой, уьш тоттий нохчашна коча дохуьйту. Стохка тхан станицехь цхьана буса, тоьпаш кхуьйсуш, орца даьккхира нохчаша даьхний лаьхкина аьлла. ШолгIачу Iуьйранна хиира цхьана къуьнна чов хиллийла. ЦIийн лорах дахана тхо тхешан станичникан Хромовн керта кхечира. ЦIа чу даханчу тхуна макхвелла Iуьллуш карийра хIусамда Афоня. ДIа лиэ ваьккхича, цо мукIарло дира, хьалхарчу буса даьхний лаьхкинарш ша а, кхин масех станичник а вара аьлла.

– Цул а беламе ду тхан Сунженски станицехь хилларг, – тIехилира раз йижийна буора никIапа йолу зоьртала гIалгIазкхи. – Цхьана буса хехой хIиттош волчу тхан гIалгIазкхичо цхьа меттиг хехо воцуш йитинера, цигахула ша къола дан дагахь. Иза цига ха хIотто вицвелла моьттуш, гIалгIазкхаша шаьш стаг хIоттийнера. Буьйса йуккъе йахча, станицера схьа цигахула даьхний чекхдохуш хааделлачу хехочо топ тоьхна вийра къу. Iуьйранна дIахьаьвсича, цо вийнарг тхан станичник хиллера. ХIаъа ткъа, хьалхарчу буса хехой хIиттийнарг!

– Хьекъале ца дина цо и гIуллакх, – элира цигаьрка хьарчош воллучу кхоалгIачо. – Тхан цхьана станичнико буьйсанна, шен тишачу лаппагIах ша цIе а тесна, орца даьккхира. ЦIе муха йаьлла бохуш, хетта боьлча, нохчий бехке бира цо. ЦIе а тесна, ведда иза шен шина бIаьргана гира аьлла, дуй биира. ТIаккха Iедало хIун до? Кхин дIаса хьийзораш а ца йеш, луларчу йуьртера ахча даьккхира. ХIай-хIай, даьгначу цIийнан лаккхара мах а хIоттийна. Ткъа станичнико керла цIенош дуьйгIира, хьалхалерчул дуккха а дика.

– Гой хьуна, гIалгIазкхи, – девне ваьллачу гIалгIазкхичунна тIевирзира хьалха вистхилла салти, – хьан хьайн вежарша а мукIарло до шу дерриш маликаш цахиларна. ХIара нохчий-м басурманаш хиларна ца безара хьуна. Ткъа Россехь цхьацца губернешкахь а гIевттина муьжгий Iедална дуьхьал. Муьлш бу уьш хьоьшурш, каторге хьийсориш? Вайн вешан керста бакъдинан оьрсийн салтий а, гIалгIазкхIий а бу-кх. Цкъацкъа салташа дуьхьало йо муьжгий хьаша. ТIаккха гIалгIазкхаша уьш а, вуьш а таррашца цоьсту, говрашца хьоьшу. Доцца аьлча, шун таррийн гIоьнца тхо муьжгий а, хIара халкъаш а Iазапехь далладо пачҳахьо.

– Ларлуш хила, салти, – кхерам тесира гIалгIазкхичо. – Государана лийча, ас могуьйтур дац хьуна!

– Шаьшшиннен нанна гихь воллийла хьо а, хьан государь а…

– Тоийта, тоийта, – маслаIатна йукъавуьйлира кхин салти. – Стенна оьшу дов? Шуьшинга къа а ца хьоьгуьйтуш, нохчаша шаьш вуьйр ву шуьшиъ.

– Нохчий-м хьовха, тхан а бац шуьгахьа безам, – ца соцура важа. – Паччахьан йолахой!

– Собар, муьжги, собар! Ас эпсаре дIакхачор ду хьуна хьан дешнаш-м!

– Дала хьеха! Тхуна мотт бар а, шодмаш йеттар а шун говзалла ма йу.

Церан девнна тIекхечира къона прапорщик Северцов. Иза полке гIуллакх дан веана дукха хан а йацара. Петербургски университетехь инженерна доьшуш волу иза дIадаханчу шеран декабрехь Казанский соборна хьалха хиллачу белхалойн демонстрацехь дакъалацарна, университетера дIа а ваьккхина, эскарехь гIуллакх дан кхуза, Теркан областе, ваийтинера. Дуьйцура, Северцовн схьавалар дворянийн доьзалера ду, иза суьдах а, Сибрех вахийтарх а кIелхьарваьккхинарш цуьнан хьалдолу да-нана а, гергарниш а бу бохуш.

– Йуха а дов деш вац хьо, Петрович? – хаьттира цо девне ваьллачу салтичуьнга.

– Цхьаъ ца дийцича сингаттаме ду, хьан оьздалла.

– ХIун къуьйсу аш?

– ХIара станичник ву-кх, шаьш Делан маликаш ду бохуш, дуйнаш бууш. Амма, мел лерина тIехьежарх, гуш тIемаш а дац цуьнан дегIа тIехь. Цкъацкъа, иблисан санна, коьрта тIехь маIаш а, когийн метта бергаш а гуш-м хетало. Нохчий безац шена, боху. Ткъа ас боху, шуна-м муьжгий а ца беза. Цундела царна а, вукхарна а шу а ца деза. ХIокхарна шаьш элий ду моьтту, ткъа муьжгий шайл лахара лайш хета.

– Ой, оццул хьалдолуш ву хьо, станичник? – хаьттира прапорщико гIалгIазкхичуьнга.

– Далла бу хастам, даа бепиг ду сан.

Прапорщик царна йуккъе охьалахвелира.

– Ткъа муьжгийн а, хIокху нохчийн а дац гай йуззош даа бепиг.

– Хир ду, оха санна къахьегахь. Царна лаац къахьега. Муьжгашна – шаьш малончаш хиларна, ткъа нохчий разбойникаш хилар дуьненна а хаьа.

– Иштта ма ала, Агеич, – йукъавуьйлира цигаьрка уьйзу гIалгIазкхи. – ГIалгIазкхий а бац цхьаъ. Вайшиннан латта ду паччахьна гIуллакх дийриг делла. Ткъа ФлоровгIеран, ЯицковгIеран, ГуняшингIеран, ФедошкингIеран, кхин дуккханийн а бахаме а, мехкашка а хьажал. ХIораннан долахь ах эзар десятинаш латта а, шортта даьхний а, гIаланаш санна, цIенош а ду. Шен долара мохк эзар десятине бовлурш а бу. Цаьргара мохк гуттаренна а церан долабаькхина, тIаьхьарчу тIаьхьенна бита а бакъо йолуш. Ткъа вайшиннан итт-пхийтта десятин, вайша паччахьна гIуллакх дечура ма-сеццинехь, дIайоккхур йу. ТIаккха мила хир ву вайшиннах? Муьжги йа нохчо! Оцу ФлоровгIеран, ФедюшкингIеран йалхо.

Северцовс леррина ладоьгIура салтийн а, гIалгIазкхийн а девне. Церан къийсаман дуьхе кхиира иза.

– Хьо бакълоь, Астафьев, – элира цо. – Амма Петровича буьйцучун а бу цхьа бух. Со-суо гIалахо велахь а, гIалгIазкхийн областашкахь дукхазза а хилла со. Церан Iер-дахар, ойланаш, амалш, гIиллакхаш а девзина. Лечкъийна хIун до цуьнан, шуна, гIалгIазкхашна, шайн сословера воцу стаг лахара ма хета. Уггар къечу гIалгIазкхичунна а шен йоI маре йала лаац хьалдолчу муьжгичуьнга а, мещанине-м хьовха, совдегаре а. Церан йоI йало а лаац. Уьш шайл лахара хеташ. ГIалин белхало-м гуттар а лахара ма лорийца. Iедало шатайпа шуна хьелаш даларо курадаьхна шу.

– Тхоьлахь а бу къехой а, латта доцурш а, – йукъаиккхира Агеев.

– Ас а ца боху шу цхьатера ду. Шу а декъало масех декъе. Дворянаш-эпсарш, хьолахой, йуккъерниш, могIарениш, къехой. Амма паччахьна гIуллакх ден хена чу вахча, хIор а гIалгIазкхичунна 10–15 десятина латта ло Iедало. Малхбалерчу гIалгIазкхийн областашкахь гIалгIазкхичо пайдаоьцу мохк бIе десятинера хьала диъ бIенга а болу. Шуна латта ло, паччахьна гIуллакх дича. Муьжгичунна, туземцана ца ло. Къен гIалгIазкхи латта доцуш вац къен. Латта лело цхьаволу цхьа белхало цомгаш хуьлий, тIамехь воьй, байлахь бисина доьзал къийло. Йа говраш а, бахаман гIирсаш а ца хилча а дуьсу цуьнан латта эрна. Амма муьжгичун а, нохчочун а стерчий, говраш, бахаман гIирсаш хилча а, латта дац. Шо-шаре мел дели, церан доьзалш деба, ткъа латта хьалхалерниг дуьсу. ГIалгIазкхичун кIентий баккхий хилча, цара зударий балийча, царна хIоранна а ткъе итт десятин латта ло станицин тIаьхьалонна битинчу махках. Ткъа муьжгичун а, нохчочун а и аьтто бац. Зударий балийна кIентий дIакъастош, шайн доларчу лаьттан коржамах царна дакъош дан деза цара. ТIаккха оцу кIентийн а кIентий хилахь? Царна латта мичара дала деза? Дац иза. Цара хIун дан деза? Шайна бепиг даккха, болх лаха арабовлу

уьш. ГІаланашка, станицашка боьлху.

ХІетталц чуьраваьлла хьийза Агеев дІатийра. Схьахетарехь, Астафьевс а, прапорщико а далийначу масалша дош кхачийра цуьнан.

– ХІета, ахь дийцарехь, хІара нохчий мацаллой, къоьллой бІарзбина лела-кх?

– Хазахета ца эцна цара герз кара. Цхьа нохчий хилла ца Іа Іедална дуьхьалбевлларш. Россехь иттех сов губернешкахь муьжгий а гІевттина…

ГІовгІа ца йаккха гІерташ, куьйгаца гаьннаш дІаса а тоьттуш, БугІина тІевеара Дада. Корта а лестош, цуьнга бІаьцаш йина, хьуьна йукъавуьйлира и шиъ.

4

Смекаловна ма-моьтту тийна ца Іийра Нохчмехкан къилбаседан йарташ а. Хаси-Юьртан отрядан масех таІзаран экспедици йан дийзира зандакъойн а, Іаларойн а йарташка. Йиллина дІа походехь йара бенойн йарташкахь йитина Аваловн отряд а.

Сентябрь чекхболуш Іуммин гІуллакх чекхделира Басса тІехь. Шеца бисинчу кІеззигчу бІаьхошца ЧІебарла йухавелира иза.

Оццу деношкахь Шела кхаьчначу инарла-адъютанто Свистуновс шена тІекхайкхира Смекалов.

Іумма, схьа ца лоцуш, карара валийтарна резавоцуш, йуьхьанца масех дош элира командующис. ТІаккха, Смекалов бехказвала гІоьртича, жимма ваставелира!

– ХІумма а дац, Алексей Михайлович. Вайгара ваьлла ваха меттиг бацара цуьнан-м. Ма-дарра аьлча, Басса тІехь вайн гІуллакх кхиамца чекхдаьлла лору ас. Баркалла хьуна.

– Иза боккха кхиам бу, хьан локхалла, – Смекаловн догъэца гІоьртира эла Эристов. – ГІаттамца дерг чекхдаьлла лара мегар ду хІинца. Арен тІерачу йарташа догдиллина кхиамах. ХІокху Боьршига олура соьга: «Іумма МахкатІехь волуш, шелахойн догІмаш диллина Шелахь, ткъа синош МахкатІехь дара».

– Далла бу хастам, и экха аш эккхийна, – йукъа дош кхоьссира Боьршига. – Шен тунгари чу иккхина иза хІинца схьалаца атта хир ду. Ткъа Іаьлбаг цунна хьалха кІеза бен дац. Кхана рузбанехь молланаша доІа дийр ду вайна толам боьхуш.

ТІаьххьарчу хенахь эла Эристовн аьтту куьг хилла дІахІоьттинера Боьршиг. ГІовттамхошна дуьхьал Іедална муьтІахь халкъана йукъахь пропаганда лело гІо дора цо Эристовна. ХІокху некъехь махкатІехой, хоттанхой, тевзанхой схьакхалхо гонахарчу йарташкара ворданаш вовшахтоьхнарг а иза вара. Боьршига гІо дора Эристовна гІовттамхойх къайлах хаамаш гулбан. Доцца аьлча, Эристовн кху агІор штатехь йоцчу разведкин куьйгалхо вара Боьршиг.

Делкъе йиначул тІаьхьа Смекаловх а, Эристовх а дагавелира командующи.

– МахкатІехой, берриг бохург санна, охьакхалхийна, – кхузара хьал дийцира Смекаловс. – ХІусамашкара арабала таро йоцу бІе доьзал бен ца битина цигахь. Басса тІехь дерг чекхдаьлла а лерина, йерриг Веданан отряд ЧІебарла хьажийна ас. ЗазаргІанна уллохь хиллачу тасадаларехь виъ мятежник а, цхьа салти а вийна. Отряд, кхаа колонне йекъайелла, Буккъазе йоьду. ДаьргІа-Дукъахь а хилла тасадалар. Цигахь ткъе итт мятежник а, вайн виъ салти а вийна. Селхана лагере далийна диъ бІе бежана, итт эзар цхьа бІе уьстагІ. Тахана Іуьйранна Іумма, шен гІеранца Шара-Органан аьрру агІон тІе а ваьлла, ГІаккхойн ломахь чІагІвелла. Бахархошна йукъахь хьалхалера кхиам бац цуьнан. Вайн отрядаша кхерам тесна царна тІе. Цунна тоьшалла ду тІаьххьара хиллачу шина тасадаларехь, шайн

байъинчийн декъий дIа а тийсина, уьш бовдар.

– Ткъа Iаьлбаг? Иза хIинца а маьрша кхерсташ ма ву?

– Iуммица дерг чекхдаьлча, цунна тIевоьрзур ву со. Поручикан Хьотин аьтто нисбелла даьттахой Iаьлбагна дуьхьалбаха. Селхана соьга кхаьчначу хаамаша Iаьлбаган гIеранний, даьттахошний йукъахь йаккхийра кхийссарш хилла боху. Шиний агIор байъинарш а бу. Шена дуьхьал халкъ даккха гIоьртина чеччалхойн, гатийуьртахойн молланаш байъина, боху, Iаьлбага. Хьуна ма-хаъара, Александр Павлович, и ши молла вайн агент вара. Iаьлбага Чеччалхе а, ах Даьттаха а йагийна. Даьттахара бахархой, бевдда, Гендаргана бахана.

– Тахана мичахь ву Iаьлбаг?

– Симсаройн хьаннашкахь. Цига доьлху дерриг некъаш дIалецна Хьотин а, Шахьболатан а милицис.

– Кхин хIун ду керла? – хаьттира Свистуновс.

– Суьлми-Тевзан лам бевддачу бахархойх цIанбеш, даккхий хьуьнарш гойтуш, жигара дакъалаьцна куринцаший, хIираший. ХIирий цIахь хилла бац хIокху йалх баттахь. ТIехь тIелхигбевлла уьш. Шаьш цIабахийтар доьху цара. Дика гIуллакх до гIалгIаша а. Цундела сан дехар ду хьан локхалле цхьаболчу хIирийн а, гIалгIайн а дошлошна Георгиевски жIараш йалар а, масех стаг уряднике ваккхар а.

Свистуновс жимма ойла йира вист ца хуьлуш.

– Бакъо ло царна. ЖIараш а ас дIайоуьйтур йу.

– 28-чу сентябрехь марха досту бусалбанаша. Цунна кхо де доьху Хьотас а, Шахьболата а шайн нохчашна.

– Хьайна хеттарг де.

ДегIастанан областан начальнико инарла-адъютанто Меликовс августан тIаьххьарчу деношкахь полковникан Накашидзен отряд дIайигаро пхи эзар бIаьхо эшийнера Нохчмахкахь. И дина а ца Iара лулахо. Теркан областан эскарийн дакъошца нохчийн, Iаьндойн дозанаш дIакъовлар доьхура цо. Свистуновс йухатуьйхира лулахочун дехар. ХIара ша а ма вара халачу хьолехь. Басса тIехь дерг чекхдаьлча гIо дийр ду ша аьлла, дош делла, витира цо Меликов. Амма цхьа кIира хьалха коьртакомандующегара Михаил Николаевичера приказ кхаьчнера, гуттар сихонца гIашлойн ши батальон ДегIастана а хьажайе, нагахь аьтто нислахь, кхин а йахийта цига аьлла. Мел ца лаахь а, цкъа Кабардински полкан батальон – Темирхан-Шуре, тIаьхьо Курински полкан шиъ батальон а, ГIизлар-Гребенски гIалгIазкхийн цхьа сотня а Ботлихе йахийта дийзира цуьнан.

ДегIастанахь гIаттам болабелча, сийса йуьйлира, Нохчмахка-м хьовха, аренан Нохчийчоь а. Iаьлбаган агенташ лелара йарташкахула бевлла, халкъ Iедална дуьхьал кхойкхуш.

Свистунов халачу хьоле вуьйжира оцу деношкахь. Беной дIакхалхор а чекхдаккхаза дисинера. Вуьшта а йоккхачу къоьллехь йохкучу аренан йарташна хала дара цхьа а тайпа рицкъа доцуш, сагIадоьхургийн хьоле баьлла масех бIе доьзал тIелаца а, дIатарбан а, керла йалташ тIедахккалц уьш кхаба а. Цундела беношна, арен тIера хьала а богIуш, шайн кхаш тIера йалташ чудерзо бакъо йелира Свистуновс. Оцу деношкахь беной, берриг бохург санна, шайн йагийначу йарташкахь бара.

ХIинца Iаьлбагна кийчча гIортор йара дарбеллачу беношна йукъахь. ДегIастанахь гIаттам болабелча, цуьнан аьтто хилира зандакъой, беной, аьккхий, салатавхой а меттахбаха. ТIе, инарла-адъютанто Меликовс хаамаш бора, Iаьлбаган агенташ Iаьндахь а, Чамалалехь а жигара болх беш бу, оцу шина йукъаралло иза шаьш долчу дIакхойкху бохуш.

Къизачу таIзарша дIатейина аькккхийн, зандакъойн, бенойн йарташ а, Салатави а йуха а карзахйийла йоьлча, кхеравелира полковник Батьянов. Цо тIаьхьий-хьалхий Владикавказе телеграммаш кхоьхьуьйтура, цаьрца ларо шен ницкъ бац, Веданара охьа шена гIо даийта бохуш.

Нохчийчохь а ца ларалучу Свистуновга гIо доьхура эло Меликовс а. Iаьндахь лаьттачу эскарийн дакъошна провиант латто ницкъ бацара цуьнан. Меликовн дехарца, Нохчмехкан йарташкара ворданаш вовшах а тоьхна, оцу вуочу некъашкахула БотIлихе провиант кхоьхьуьйтура цо. Оцу деношкахь правительствона доккха гIо дира Эристовс а, Аваловс а. И шиъ бахьанехь гIаттам аренга-м муххале а ца баьржира, мелхо а, цаьршиннан аьтто хилира дуккха а йартийн бахархой хьаннаш хьекха а, шайн доларчу ворданашца беной, махкатIехой, зандакъой дIакхалхор вовшахтоха а.

– Мятежца дерг, лаххара а, цхьана кIиранах чекхдаккха дезар ду, Алексей Михайлович, – латийна цигаьрка бага а йуьллуш, хьалагIеттира Свистунов, – хьайн карахь болчу ницкъашца. Жимма Iийча, царах а цхьаберш ДегIастана дIабехарна кхоьру со. Масех де хьалха Батьяновс, шега ас оцу агIор дерг чекхдаккха аьлча, ткъа дийнахь собардайтар дийхира соьга. Хьаннаш тIера гIа ца доьжча, операци йан хала хир ду, бохура цо. Амма селхана телеграмма йаийтина, ша зандакъойн йарташкахь операци йоло кийча ву аьлла. Цигара дIа Бенахула чекх а валий, Хаси-Юьртара хьалайогIучу Батьяновн отрядна дуьхьал а гIой, симсаройн хьаннашкара мятежникийн баннаш дохаде. Нагахь Батьяновс ша Iаьлбагца ларор ву бахахь, масех ротица Iаьнда гIуо. КIеззиг ницкъаш ЧIебарлахь а битий, подполковник Лохвицкий шен отрядца Къоьзан-Iома тIе а хIоттаве.

– Батьяновна гIодар-м декхар дара сан, – элира резавоццу Смекаловс. – Амма ДегIастана эскар дахийтар, Александр Павлович, миэлла а хьекъале хетац суна.

– И ца дича далац. Цуьнан Императорски Локхаллин приказ ду.

– Ткъа суна иэшахь, аренгара гIо хир дуй?

– Дац. Цхьа цхьамза а хир бац.

– Со кхетац оцу гIуллакхах, Александр Павлович. Лулахочун цIа догуш гIодар-м стеган декхар ду. Амма лулахочуьнга, догуш долу хьайн цIа а дитий, шена гIо де бохург а, йа, догуш долу шен цIа а дитина, лулахочунна гIодийриг а – уьш ший а дика болх-м бац. ТIе, ДегIастанарчу мятежо йуха а цIе латайо вай халла цIе йайъинчу меттигашкахь.

Свистунов гIайгIане велавелира:

– Хьо-м бакъ, дера, лоьра, Алексей Михайлович. Амма приказ кхочуш ца дича далац. Ас тахханехь Батьяновга приказ лур ду, Козловский коьрте а хIоттавай, йоккха отряд Нохчмахка хьажайе аьлла. Кханнахьехь хьо а Бенахьа дIагIо. Бенойн а, зандакъойн а йартех чим бан беза, кIелхIотта тхов ца буьтуш.

XIV корта. ТIАЬХЬАДИСИНА ОРЦА

Дерриг а къийсамехь кхоллало.

Гераклит

ТІе къорза истанг тесначу поппаран маьнги тІехь наб йеш Іуьллучу Михаилан когашка цІен чкъуьйриг йолу кенийн гІайба гІевланга а биллина, чуччадохуьйтуш ши куьг коьрта кІел лаьцна, аркъал охьавижира Коьра. Корта а баьшна, маж-мекх лергина хилар бен, вуьшта йалх бутт хьалха ша Іаьрчхе веанчу куьце вирзинера иза. ХІетахь санна, оза, беснеш чу а эгна, кІуьскаш тІе а йевлла. БІаьргашна шиний агІор а, хьаьж тІехь а хебарш дара. Уллохь Іуьллура Нохчийчоьнан цо ша хІоттийна а, трофейни а ши карта. Ша хІоттийначунна тІехь цо билгалонаш йинера тахана паччахьан эскарш лаьттачу а, цара хьалхатаІа сацамбинчу а, уьш хьалхатаІа там болчу а меттигийн. Уллохь тетрадь а дара, йозанаший, терахьаший къарздина. Оцу тІехь Коьрас леладора Нохчийчохь долчу эскарийн дакъойн, церан герзийн ницкъийн а хьесап.

Коьрас ойланаш йора хІокху тІаьххьарчу йалх баттахь шаьш биначу некъан. ХІан-хІа, генна бераллера дуьйна схьа. Цкъацкъа, вулий, кхин а кІорге воьдура. БІе шеран кІорге. ХІокху маршонан къийсаман йуьххье. Шен денда Маьнтик шел а къона хиллачу хене.

Коьрина дагадеара нийсса шийтта шо хьалха цхьана буса дас шега дина къамел. Ша Турце дІакхалха сацам тІеэцначу буса. ХІетахь пхийтта шераш долу Коьра, Іаьлбаг, Къайсар, кхин дуккха а кхиазхой кечлуш бара маршонехьа къийса. Цабешара дайх а, дендайх а. Цара маршонехьа болу къийсам сацорна, уьш кІиллой лорура. Оцу буса МІаьчига элира цуьнга, аш лелочух гІуллакх хир дац: шен да а, денда а, цуьнан да а велла маршонехьа къуьйсуш. Оьрсийн паччахь ницкъ болуш ву, цуьнан мохк боккха бу, цуьнца ларор дац, маршонах дог а диллина, совца деза, бехира цо. Амма Коьра цавешира цо дуьйцучух а, йа Къайсар – Ойбах а, йа Іаьлбаг – Олдамах а ца вешира. Кхин эзарнаш кегийрхой а цабешира шайн дайх. Шаьш дайл хьекъале а, майра а хетара. Цара хІетахь дуй биънера, шаьш даккхий хилча, йа маршо йаккха, йа къийсамехь эга.

Шийтта шарахь ладийгІира цара кху дийне. Кхузахь – накъосташа, ткъа генна Турцехь – Коьрас а.

ХІокху денна кечвала вахара Коьра туркойн эскаре а, иэпсарна деша а. Йала йоллу йиша а, цуьнца да а Мурат-хин тогІехь а дитина. Уьш санна, кхин берхІитта эзар шен къоман йижарий а, вежарий а битина.

Оцу дІадаханчу шийтта шарахь Турцехь халонаш, эрчонаш ца йисира Коьрина ца гуш. Ирс доцурш а гира. Шениг санна, маршонехьа къуьйсу кегийра къаьмнаш хьеша а дийзира. Бакъду, Коьрас куьйгаш бехдина дац цхьаннен а цІийца. Оцу агІор дог а, куьйгаш а цІена ду цуьнан. Амма иза декъахо ву Критехь, Боснехь, Черногорехь, Сербехь а къаьмнийн маршонехьа хилла къийсам хьешначийн. Критехь могІара салти вара иза, ткъа стохка – албай.

Кхолламо цига кхоьссинехь а, гІевттинарш шен цІийх а, йа шеца цхьана динехь а ца хиллехь а, дог цаьргахьа дара Коьрин. Оцу къаьмнийн маршонехьа турпалчу къийсамехь байъинчу зударийн, берийн, къеначу нехан декъаша шен даймохк а, халкъ а дагадоуьйтура цунна.

Оцу къаьмнийн къийсамо Коьрин дог, мелхо а, къонахаллех дузура, цо беран хенахь биъна дуй кхитІе а чІагІбора. Нийсса аьлча, цунна гина и къаьмнаш дара Коьра шен даймахка сихвинарш.

Дуьненахь хуьлу цхьадерш шен бІаьрга гинера Коьрина, дисинарш – хезнера. Цунна шен шина бІаьргана гинера гІевттинчу оцу къаьмнашна арахьара хуьлу гІо. Итт шо хьалха оьрсийн хІордан кеманаш даьхкира критянашна гІоьнна герз, кхачанан сурсаташ, молханаш дохьуш. Чевнаш хилла дуккха адамаш дІа а дигира цара. ГІаттам хьаьшначул тІаьхьа Коьрина хезира, цуьнан бІеннаш куьйгалхошна Россехь туш карийна бохуш.

Изза хилира стохка а. Туркойн эскаршна дуьхьал лиэтачу сербашна а,

черногорцашна а йукъахь бIеннаш оьрсийн эпсарш а, салтий а бара.

Оцу масалша ша махках ваьллачу шийтта шарахь дуьне а, адамийн кхетам а бакъахьа хийцабелла моттадалийтира Коьрина. Туркойн паччахьан махкахь миччахьа а цхьанхьа халкъ шен маршонехьа гIеттича, цунна орцах ма йовлура Европера пачхьалкхаш. Иштта орца цуьнан жимачу халкъана хила а ма магара.

Амма и аьттехьа а цахилар хIинца хиъна Коьрина. ГIо а, орца а мичара хилира хIоккхеран гIуллакхна, атталла дуьненахь цхьанне а бала а бац кхеран йарташ сийначу цIарах йагайарх.

Ондда гIулч йоккхуш, мера кIел лохха мукъам беш, цIа чу велира Елисей. Коьра, ши бIаьрг хьаббина, ойланашка ваьлла Iуьллуш гича, шен мукъам а сацийна, маьнги йисте лахвелла, когара салтийн тиша эткаш дIа а йаьхна, хьалаваьлла, Михаилна улло дIатевжира иза.

Елисей майра стаг ву. ХIокху йалх баттахь виллина дIа Iаьлбагний, Коьриний уллохь ву иза. Коьрас къаьсттина чIогIа доттагIалла тесна цуьнца. Мукъачу хенахь Коьрина оьрсийн мотт Iамабо цо. Ткъа Коьрина чIогIа оьшу и мотт. Турцехь туркойн а, Iаьрбийн а меттанаш Iемина цунна. ХIинца цунна оьшург оьрсийн мотт-йоза ду.

Берсас а, Овхьада а кхитIе а тешийна иза, оьрсийн паччахь мел къиза велахь а, цуьнан Iедал мел харц делахь а, амма нохчийн халкъана маршо Россера схьа бен йогIург цахиларх. Россехь цхьа адамаш ду, боху, оьрсийн а, кхечу къаьмнийн а маршонехьа къуьйсуш. Мацца хилла а, церан ойланаш кхочуш хир йу, боху. Церан Iилма хаа деза, боху, маршонехьа къуьйсучу хIор а стагана. Цундела оьшу Коьрина оьрсийн мотт. Елисейн а, Овхьадан а гIоьнца гIеххьа къамел дан а, деша а, йаздан а Iемина цунна.

Да вийчахьана, волчунна тIе а ойлане хуьлура Коьра. Церан цIийнах хIара цхьаъ бен ца висина. ХIокхуьнан гIуллакх а дац тешаме. Тахана йа кхана тIамехь Коьра вийча, кIур бов церан цIийнан. Турцехь а зуда ца йалийра Коьрас. И санначу цхьаболчу нохчийн эпсарша туркойн зударий балийра. Туркойн Iедалан шайх тешам хилийта. ГIуллакхехь лакхабовла. Коьрас ца дира иза, йа нохчийн зуда а ца йалийра. Цуьнан ойла ма йацара цигахь виса. Цуьнан са диллинадIа хIокху лаьмнашкахь ма дара.

Коьрас бIаьргаш биллира:

– Элса!

– ХIун бах ахь?

– Шемалан заманахь бIеннаш салтий а, эпсарш а бевлира ламанхошкахьа. ХIинца хьо цхьаъ бен ма вац тхоьца?

Элсас доккха садаьккхира.

– Шух доглозурш а, шуьца хила луурш а салташна йукъахь дуккха а, дера, бара бан-м. ХIара гIаттам болабеллачу хьалхарчу деношкахь цхьана буса тхо кхоъ салти велира шуьгахьа. Цул тIаьхьа массанхьа а эпсарша бIаьрг сема латтабо салташна тIехь.

Коьра дикка ойла йеш Iийра.

– ХIаъ, Элса, хьалха тIом болуш бIеннаш оьрсийн салтий а, эпсарш а бевлира нохчашкахьа. Тхан халкъан маршонехьа къуьйсуш леташ, турпала ийгира уьш. Шен ницкъ кхаьчча, тхан халкъо, дийнна тIулган лам санна, доккха чурт дугIур дара оцу салтийн безамна, тхох дог мел лезначу оьрсичун безамна. Уьш бицбелла бац халкъана, цкъа а бицлур а бац, дуьненахь цхьа нохчо дийна мел ву.

– ХIета, оцу салташа шаьш доьгIна шайна дагалецаман чурт.

– ХIаъа, Элса. И чурт нохчийн халкъ ша ду. Дийна чурт.

Чувеанчу Овхьада йукъахдаькккхира цаьршиннан къамел. Овхьадан ваша вийнера Васала а, МIаьчига а. Бакъду, цхьанне а ца хаьара Асхьад муьлхачун карах велла. Нохчийн гIиллакхехь Овхьада чIир эца йезара Коьрех йа Юсупах. Амма церан йукъаметтигаш, хьалхачул чIагIйалар бен, кхин галйовлуш йацара. Мелхо а, хьалха цхьацца гIуллакхаш тIехь Овхьада Коьрица къуьйсуш хиллехь, хIинца иза а ца дора цо. Коьрина кхин дагадарна кхоьрура. Асхьад вийначул тIаьхьа цхьа хан йаьхьира Коьрас ийзалуш. Кхерар а дацара иза. ДуьххьалдIа гIиллакхе ца хетара цуьнца, хьалха санна, хецавелла хила. Коьрин дагахь дерг хуучу Овхьада, цкъа шаьшшиъ цхьа висча, доцца къамел дира цуьнга.

– Коьра, хьан дагара шера хаьа суна. Хьанний, Юсупанний дайша ваша вийна сан. Вайн йукъарчу гIуллакхан мостагI вара сан ваша. МIаьчига а, Васала а шайн декхар кхочушдина. Хаалахь, вайн йукъаметтигаш хьалхачул а чIогIа а, дика а хила йезийла.

Ша цунах мел тешахь а, Овхьад гучуваьлча, мелла а вухура Коьра. ХIинца а Елисейца цуьнан къамел хадаран бахьана и дара.

– ГIагIатлара геланча кхаьчна Iаьлбаг волчу, – элира Овхьада, маьнги йисте охьа а хууш. – Хьо дIакхойкху.

– Хьо схьа маца кхаьчна, Овхьад?

– Цхьа ах сахьт хьалха.

– Керла кхин хIун деана ахь?

– Диканиг дац цхьа а. Iуммин гIуллакх чекхдаьлла. КIеззиг нахаца ДегIастана дIавахана иза. Лохвицкий Къоьзан-Iома тIе хIоьттина, вай а, дегIастанхой а дIасакъасто. Смекалов коьртачу ницкъаца Бена кIел вогIу. Болата хабар даийтина, подполковник Козловский, шеца кхо бIе салти, гIалгIазкхийн, гIумкийн шиъ сотня а, шиъ йоккха топ а йолуш, Яркхсух сехьа а ваьлла, Зандакъа хьалавогIу аьлла.

Овхьадан хаамаш боцца тетрада тIе дIайазбира Коьрас.

– Гати-Юьртара хабар дуй? – хаьттира цо.

– Керланиг дац. Инарле Свистуновга кехаташ дохьуш вогIу ши геланча лаьцна Бенахь.

– Мичахь ду уьш?

– Iаьлбагехь. Вайца дерг сихха чекх а даккхий, Смекаловга ДегIастана гIо, боху. Цигара гIаттам хьошуш гIо дан.

2

…Шемалан деспотически имамат йоьжначул тIаьхьа Iазапан шина дукъа кIел нисделира ДегIастанара халкъаш. Кху тIаьххьарчу берхIитта шарахь кхузахь масех кегийра гIовттамаш хилира феодальни а, колониальни а Iазапна дуьхьал. Амма ханийн а, бекийн а тIаьхьенаш а, динан дай а йукъа ца гIертара халкъан гIуллакхна. Цкъа-делахь, йуьхьанца цара сатуьйсура паччахьерчу дикане, шолгIа-делахь, и кегийра гIовттамаш цхьа а тIаьхьало йоцуш гора царна. Шайн сахьт гира царна, Россин а, Турцин а йукъаметтигаш галйийла йоьлча. Цкъа-делахь, къизачу Iазапна кIел доллучу халкъан собар кхачийнера, шолгIа-делахь, туркоша дош деллера шина пачхьалкхана йукъахь тIом болабелча хIорш гIовттахь, массо агIор а хIокхеран гIо лаца. Цунна йукъара вара Стамбулехь вехаш волу туркойн эскаран инарла Шемалан ГIеза-Махьма.

Ханийн а, бекийн а тIаьхьенаша къайлах-къулах халкъ гIаттамна тIетоьттура, амма, шайн сахьт тIехIотталц, иза сецош, тIаккха урх дIахеца ойла йолуш Iара. Оцу бартахошна йукъахь бара мацах гIазгIумкийн хан, тIаьхьа паччахьан эскарийн инарла-майор хиллачу Агалар-ханан кIант хIинца оьрсийн эскаран майор Джафар-хан, бекийн тIаьхьенех болу ротмистр Iабдул-Межед, штабс-капитан Фатал-Бек, Кайтаг-Табасаранан тIаьххьара хиллачу правителан, тIаккха инарла-майоран Джаму-бекан кIант Маьхьти-бек а, кюрински ханийн тIаьхьенах волу ГIеза-Ахьмадбек, Шемалан гIараваьллачу наибан Кибит-Махьмин кIант Муртаз-Iела а, иштта дIа кхин а.

ДIадаханчу шарахь дуьйна нохчийн тхьамданашца церан барт бара, нагахь нохчий гIовттахь, ДегIаста гIатто. Амма, и де тIехIоьттича, ДегIастанарчу бартахоша шайн дош кхочуш ца дира. Хьалхарчу деношкахь нохчийн гIаттамах схьакхийтира шайн коьртехь феодалийн а, динан дайн а тIаьхьенаш йоцу, нохчашца йаккхий зIенаш, гергарлонаш долу Нохчийчоьнан малхбален дозанца йолу Салатави а, Iаьнда а. Ткъа дегIастанхойн гIаттаман корта хилла дIахIотта йеза Къилбен ДегIаста пхеа баттахь Iийра Стамбуле ладоьгIуш. Амма гIаттаман тхьамданийн планаш йохийра августан ткъе иссалгIачу дийнахь Гергебилехь ша-шаха болабеллачу масех дийнахь йерриг Гунибан округе баьржинчу гIаттамо. ТIаккха йерриг ДегIастанахь йукъара гIаттам болабелира.

ГIовттамхоша имам хаьржира СогIратIлара бIе шаре ваханчу къеначу шайхан Iабдурахьма-Хьаьжин кIант Мохьмад-Хьаьжа. Гунибан округера гIаттам дIасабаржа боьлча, иза хьошуш гIоьнна йахийтира Теркан областера шиъ батальон а, гIалгIазкхийн сотня а. Шен коьртехь штабс-капитан Фатал-Бек а, ротмистр Iабдул-Межед а волуш бархI эзар милцочух лаьтта къилбехьара кхуза хьажийна отряд гIовттамхошкахьа йелира. Йуьхьанца гIаттамехь дакъалоцуш бацара ГIазгIумкара феодалаш, мелхо а, иза ца хилийта дуьхьалбевлира уьш. Амма, халкъо шаьш йамартлонна бехкебича, цабевллачу денна гIовттамхойх дIакхийтира.

ГIаттам болабелла ткъех де далале дегIастанхойн феодалаша хаийтира шаьш мича Iалашонна тIегIерта. Махьта-Бека – ша Кайтаг-Табасаранан уцмий, ГIеза-Ахьмада – ша Кюрински округан хан, ткъа Джафар-хана ша ГIазгIумкан хан кхайкхийра.

Йуьхьанца дуьйна нохчийн гIаттамах дIакхетта Iаьнда паччахьан эскарша хIеттахьехь, хьаьшна, дIатейира. Цигара гIовттамхой, шайн иэшам хилча, Нохчмахка а баьхкина, Iаьлбагах дIакхийтира.

ДегIастанахь йукъара гIаттам болабелча, йуха а меттахъхьайна Iаьнда хаьддера цигарчу гIаттаман центрах. Иза хадийнера Нохчмехкан а, ДегIастанан а дозанерчу кевне хIоттийначу Лохвицкийн отрядо. Нийсса аьлча, Iаьндойн а, салатавхойн а массо агIор кIезиг зIенаш йара чоьхьарчу ДегIастанца. Салатавхойн а, Iаьндойн а экономически а, культурни а йаккхий зIенаш а, гергарлонаш а дара луларчу нохчашца, массарна а нохчийн мотт а хаьара царна. Шина халкъа йукъара и вежараллин зIенаш кхечу агIор туьдуш йаздора цу заманан цхьана историко: «Салатавхой шаьш суьйлийн къомах белахь а, амма нохчийн гергара лулахой хиларна, динан фанатизм а, тIеман майралла а, акха гIиллакхаш а нохчашкахьчул кIезиг дац церан, цундела уьш кийчча бартахой бара нохчийн мятежан коьртачу куьйгалхойн».

3

Iаьлбаг тIевоьссинчу Ордагал-Хьаьжин кетIахь хехь лаьттара зоьрталчу дегIара хIусамден ши кIант. Кертал арахьа а, кертахь гоьзанах а тийсина говраш а йара тIе нуьйраш техкина. Шен говр царна улло дIатесира Коьрас.

Цавевза стаг гучуваьлча, цкъа дера «гIигI» а дина, дIатийра йуьстах зIенашца дIадихкина жен жIаьлеш.

Тхов кIел очакх тIехь, тIера йуькъа Iаь а гIуьттуш, боккха цIестан йай кхехкара. Йай тIе хIуьтту чопа дечиган боккхачу чадица дIатуьйсуш йоллура жимо зуда. Дехьо, голаш тIе а лахйелла, текхахь галнаш йеш йара цул йоккхо кхин цхьаъ. Схьахетарехь, уьш хIусамден несарий бара.

Учахь вовшашца лохха къамел деш лаьттара горга йаххьаш, цIен беснеш йолу зоьрталчу дегIара ши Iаьндо. Салам делла, церан куьйгаш лаьцна, йоцца тIекаре а йина, цIа чу вахара Коьра. Поппаран маьнги тIехь баьрчче хиъна Солтмурд а, Тозуркъа а, ЯнгIулби а, суьйлийн Раджаб-Iела а, Коьрина ца вевза цхьа дегIастанхо а вара.

– ХIара хьаша ГIагIатлара ву, Коьра, – вовзийтира иза Iаьлбага. – Цигарчу ГIарч-Iелин Медана-Хьаьжа. Вайца гIуллакх хилла веана хIара. Цунна кхайкхира ас хьо. ТIаккха, Медана-Хьаьжа, дийцал айхьа долийнарг.

Медана-Хьаьжа тера а вацара Iаьндойх. Йекъана-йеха йуьхь, лекха хьаж, хьаьвзина боккха мара, ира, Iаьржа бIаьргаш, чорда маж-мекх долуш шовзткъе итт шо хенара стаг вара иза.

– Лавашехь хилира дуьххьарлера боккха тIом. ДуьххьалдIа Фатал-бекан сонталла бахьанехь, тхан масех бIе стаг вийра цигахь. Иза ша а вийна. ГIазгIумкахь мелла а толамаш бу. Цигара Кумух-гIап, дIа а лаьцна, йохийна тхайчара. ГIевттинчу лаьзгеша Дербентна гуо бина, амма шиний агIор тIетаьIначу паччахьан эскарша, бохийна, лам чу йухабаьхна уьш.

– Ткъа Iаьндахь хIун ду? – хаьттира Iаьлбага.

– Инхила уллохь оха толам баькккхина мостагIчун доккхачу эскарна тIехь. Иза Хунзахе йухадаьлла. Амма гIуллакх хIетте а дика дац тхан. Къилбехьара тхуна тIегIоьртина кхузара дIадахкийтина эскарш. Доцца аьлча, шина хина йуккъехь дисина тхо. Ницкъаш а баьржина бу. Уьш цхьаьна а тоьхна, тIехь куьйгалла дан стаг вац.

– Шун гIуллакхаш-м вуон, дера, дац, Медана-Хьаьжа. Шозза толам а баькккхича, цхьа гIап дIа а лаьцча, Дербентна гуо бан ницкъ а кхаьчча, кхин хIун хилийта воллура хьо? ХIокху йалх баттахь тхоьга цададелларг аш цхьана баттахь дина. Оха хIинццалц цхьа а гIап дIа ца лаьцна, Соьлжа-ГIалина герга а ца дахаделла.

– Иштта-м, дера, дара иза, Iаьлбаг-Хьаьжа. Амма аш оцу йалх баттахь даккхий зиэнаш дина кхузарчу эскарна. Тхайниш, масех эзар цхьаьна а кхетий, дIагIоьрту, тIаккха уьш, бохабой, баржабо. Ткъа аш, кIезигчу тобанашца тIаьхьа а дуьйлуш, дийнахь-бусий йетташ, са хадийна мостагIчун…

Iаьлбаг гIаддайна велавелира.

– Сахаьддарш-м тхо ду, Медана-Хьаьжа. ТIаьххьара а са уьйзуш дохку. ТIаьхьа ду шун тхьамданийн меттахбовлар. ЦIоганна кIел хи кхаьчча долало, боху, жIаьла нека дан. Изза ду аш дийриг. Тхоьца цхьаьна ДегIаста гIеттина хиллехь, толаме сатуьйсийла йара вайн. Шун цигара цхьаболу тхьамданаш биэндоцуш тхоьга а хьуьйсуш Iийра. ХIинца гIевттина. Хирг хилла даьлча. Тхо хьошуш, цигара эскарш дахкийти гIоьнна. ХIинца, тхо хьаьшна а девлла, кхузарниш цига дуьгу.

– Дера, Iаьлбаг-Хьаьжа, оха, Iаьндоша, тхешан ницкъ кхочу гIо а ма дира шуна. Тхан дикка йарташ шуьца цхьаьна а ма гIевттира. Ца ларий-кха тхо.

– Элана Накашидзена гIо дан-м ларийра, – йукъа дош кхоьссира ЯнгIулбис. – Салтел а къиза бара шун Iаьндой.

– Иштта аьлча, нийса хир дац, ЯнгIулби, – корта ластийра Iаьлбага. – Уггар вайн гIаддайначу хенахь вайна уллохь буьсурш Iаьндой бара. Вайна дуьхьал а, вайца а бара.

– Йоьхна зама йу тIекхаьчнарг, – элира Раджаб-Iелас. – Цхьана цIийх, цхьана динехь

долу адамаш-м хьовха, вежарий а вовшашна дуьхьалбевлла. ДІа ког мел баькххинчохь, йамартло йу. Пайхамара йийцина зама тІекхаьчна-кх.

Чохь берш ойлане бевлира. ХІоранна а дагадаьхкира шайн-шайн йуьртахь и тайпа хилларш, долуш дерш а. Массо йурт а йекъайелла шина декъе. Паччахьо хьаьстинарш дуьхьалбевлира халкъана. Кхузахь а, ДегІастанахь а, массанхьа а.

ХІусамден несарша хьалха диллина жижиг-галнаш а диъна, тІе йовха чорпа а мелла, шаьш паргІатдевлча, хьешан гІуллакх хаьттира Іаьлбага.

– Іаьлбаг-Хьаьжа, тхан тхьамданаша хьоьга дехаре дахкийтина тхо, – жоп делира Медана-Хьаьжас. – Лам чохь тхайга мацалла хІоьттича, тхешан варрашна тІе даьсса галеш туьйсий, шу долчу догІу тхо. Шун массо йуьртахь гергарлонаш ду тхан. Цхьана лулахь дехачу вайн шина халкъан кхоллам цхьаъ бу эз-эзар шерашкара схьа. Тхолахь Іедало хьовзийнарг шу долчу туьша иккхина даим а. ГІийлачун, мискачун, гІорасизчун гІорториаш, вежарий хилла шу даим а. Тахана а шуьгара вошалла оьшу тхуна. Шу гІевттинчу дийнахь тхан уггар тоьлла кІентий шуна гІоьнна гІевттина. Ткъа цхьакІеззиг жІаьлеш шуна а, тхуна а дуьхьалдевлира. Тхуна ма-луъу, тхуна ма-ттов, тхуна ма-моьтту ца дирзира оха долийнарг. Амма тахана йерриг ДегІаста гІеттина. Сийна цІе кхерста Гунибехь, Гергебилехь, ТилитІлахь, СогІратІлахь, Кумухехь, Ахтехь, Акхушехь, массо маьІІехь. Цаьрца гІевттина тхо мостагІаша хадийна царах. Хьоьга дІакхойкху тхан тхьамданаша тхуна тІехь куьйгалла дан.

Іаьлбага, наггахь корта а таІош, леррина ладуьйгІира хьеше. Цуьнан къамел чекхдаьлча, виэла а къежна, элира цо:

– Медана-Хьаьжа, оцу дехарца шу схьахьовсош, галбевлла шун тхьамданаш. Хьекъална а, майраллина а сол тоьлуш дукха нах бу Іаьндахь. Кхузахь а сан ницкъ ца кхаьчна сайх тешначу нахана тІехь куьйгалла дан.

– Хьан цІейахана лаьмнашкахь, Іаьлбаг-Хьаьжа.

– Царна ца хаьа ткъа со, гІорасиз хилла, кІелвисиний?

– Иза хьан бехк бац, Іаьлбаг-Хьаьжа. Хьан хьекъал, майралла ца тоьъна ца хилла шун иэшамаш. ДуьххьалдІа паччахьан инарлийн аьтто баьлла хьалхейаккха. Тахханалц хьуна тІаьхьа ламанан Нохчийчоь, Салатави, Іаьнда бен йацара. ХІинца хьал хийцаделла. Хьуна тІаьхьа йерриг ДегІаста хир йу.

– Иштта ма ала, Медана-Хьаьжа. Со-м, хьо санна, бодане ламанхо вай. Ткъа цигахь, ДегІастанахь, гІаттаман коьрте хІиттинарш ворхІе дай элий хилла, оьрсийн Іилма а хууш, паччахьан эпсарш болуш нах бу. Царах цхьаъ кхайкха, оццул шайн гІаддайнехь.

– Церан а, тхан а Іалашо цхьаъ йац, Іаьлбаг-Хьаьжа. Уьш элийн тІаьхьенаш, паччахьан эпсарш хилар ду тхо вовшех къесториг. Доцца аьлча, тхо тешац царах. Ца теша бахьанаш а ду. Уьш шайн олалла йухадерзо гІерта. Хьуна цахуург ма дац хІинцале а Маьхьта-бека, ГІеза-Ахьмада, Джафар-хана шаьш элий кхайкхийний. Тхо элий хІитто ма ца гІевттина, ткъа царна дуьхьал гІевттина. Тхуна маршо, нийсо, сискал оьшу. Уьш тхоьга йахалур йац, элийн тІаьхьенаш тхан гІаттаман коьрте хІиттийча.

– Шун тхьамданаш хІунда ца баьхкина дехаре? – хаьттира Раджаб-Іелас. – Кегийрхой хІунда бахкийтина цара?

– Тхьамданаш муха богІу кхуза, Раджаб-Іела? Хьуна ца хаьа, дозанера ков къевлина, цигахь лаьтташ эскарш дуйла? Баккхий нах бовлалур ма бац царна йуккъехула. Цара векал вина ваийтина-кх со.

ХІокху йалх баттахь хийлазза а гІоьртинера Іаьлбаг гІаттам ДегІастана баржо. Цигарчу тхьамданашца шен барт ца хуьлийла хиъча, догдиллина, дитира цо и гІуллакх. ХІинца цуьнан аьтто бара ша сатийсинарг кхочушдан. Амма ДегІастанахь

хиллачу гІаттаман ницкъ бацара кхузарниг йухаденбан. Изза хир ду дегІастанхойчух а. Нагахь нохчийниг эха шаре баьллехь, ДегІастанарниг батте а бер бац.

– Медана-Хьаьжа, тхан гуттар гІаддайначу хенахь, ницкъ эшначу хенахь тхуна орцах даьхкина шу. ХІокху йалх баттахь хийла суьйлийн, Іаьндойн кІант майра лиэташ воьжна тхан хьаннашкахь. Ас хьалха ма-аллара, соьца висинарг бІе стаг бен вац. Кхин тІе тхан тоба стамлур йу ала меттиг а бац. Тхо бІе стагах хІун гІовла хир йу шуна? Со дІа а веача, сох тешна йа Нохчийчуьра гІо хир ду моьттуш, шу дерриг гІевттича, зиэн хуьлуш доьрзур ма ду гІуллакх. Цул, йуха цІа а дерзий, Іедална муьтІахь хилий, совца алахьа шайн тхьамданашка.

– Оцу тІера дІадаьлла гІуллакх, Іаьлбаг-Хьаьжа, – корта хьовзийра Медана-Хьаьжас. – Йуханехьа некъ ца бисина тхуна. Тхан тхьамданашна хаьа Нохчийчуьра шайна гІо хир доцийла. Царна оьшург хьо ву, Іаьлбаг-Хьаьжа.

– Ас цхьамма а, со санначу бІеамма а дан хІума дац, халкъ тІаьхьа ца хІоьттича.

– Иза кийча ду хьуна тІаьхьахІотта.

– Іаьндара иттех йурт халкъ дац, Медана-Хьаьжа.

– Йерриг ДегІаста ма гІеттина.

– ТІаьхьа ду хІинца.

– ХІета, тхан гІаддайначу хенахь тхо дІатуьйсу-кх аш?

– ХІан-хІа, Медана-Хьаьжа. Со дІавогІур ву. Амма, сайгара шуна гІо хир ду аьлла, вогІур вац. Шуна а ма мотталаш иза. Тхан гІаддайначу хенахь тхуна орцах баьхкинчу тхайн а, шун а маршонехьа лиэташ беллачийн дуьхьа, шуна улло а хІоьттина, лата а, вала а вогІур ву со. Амма сайна луъург дан маьрша вац со, Медана-Хаьжа. Аш хІун олу? – накъосташна тІевирзира Іаьлбаг.

– Хьо бакъ лоь, Іаьлбаг-Хьаьжа.

– Ахь хІун олу, Коьра?

– Кхузара гІуллакх чекхдаьлла. Вайн йукъарчу гІуллакхан дуьхьа леташ бу дегІастанхой. ГІо дан ницкъ бацахь а, ахь ма-аллара, царна улло а хІиттина, латар, далар – иза далур ду вайга. Амма, кхузара гІуллакх дІа а тесна, дерриг цига даха йиш а йац. Вайша Іаьнда гІур ву, ткъа важа вайн накъостий кхузахь биса беза.

– Баркалла шуна, вежарий, – элира Медана-Хьаьжас. – ХІинца тхан дегнаш паргІат ду-кх. Вай новкъа маца довлу хаа лаьара суна.

– Тховса цхьацца гІуллакхаш дІа а нисдина, кхана Іуьйранна.

Хьеший новкъа баха арабевлча, шен накъосташка суьйлийн маттахь масех дош элира Медана-Хьаьжас. Цхьамма, вахана, гоьзанах дІатесначуьра схьабаьстина, детица кхелинчу нуьйран гІирсаца кечбина, ло санна, кІайн дин балийра Іаьлбагна тІе. Кхечо, нуьйра тІехьа дихкинчуьра къорза гали схьа а эцна, оцу чуьра схьадаьккхира кІайн верта. Медана-Хьаьжас, шен кочара схьадаьккхина, Іаьлбаге кховдийра дашо варкъ доккхуш кечдина детица кхелина тур.

БІаьрг буьзна туйнаш туьйсура наха, гІургІезачух тера йеха ворта а саттийна, лаьттах берг йетташ, цхьана метта саца ца туьгучу дине а хьуьйсуш.

– Іаьлбаг-Хьаьжа, хІара дин а, верта а, тур а тхан тхьамданаша совгІатна даийтина хьуна, – элира Медана-Хьаьжас. – Тхайн муьтІахьаллина, вайн бартан закъалтана хІорш дІаэцар доьху оха.

Медана-Хьаьжин дешнаша цецбаьхна, дІатийра нах. Паччахьна дахьийта а мегар долуш, инзаре доккха, безачу механ совгІат дара цара имамна даийтинарг.

Накъостий баккхийбера лулахоша хIара Iаьлбаг иштта веза ларарх.

Iаьлбага, тIе а вахана, дайн куьг хьаькхира говран шерачу хьаьжа тIе. Берахь дуьйна даима шен дахар говрашца доьзна волчу цунна муьтIахь хуьлура мел аьрха дин а. Iаьлбаган куьг кхетча, говран дегIа тIехула дайн дегор хьаьдира.

– Делхьа бу, Медана-Хьаьжа, хIара дика дин. Йеха ворта, буткъа бехий когаш, андий хьорканаш, – аьлла, тIаккха Медана-Хьаьжегахьа схьа а вирзина, цуьнан карара схьаэцна, тур баттара даьккхира цо. Малхехь къегира хьаргIа басахь болат.

Iаьрбийн йозанца дашочу хица цунна тIе йазбина могIа бийшира Iаьлбага: «Имамна Iаьлбаг-Хьаьжина. Делера къинхетам а, эвлайаашкара орца а хуьлда хьуна!»

Тур, батта чу а доьллина, карахь дIаса а хьовзийна, Медана-Хьаьже дIакховдийра Iаьлбага.

– Даккхий совгIаташ ду хIорш, Медана-Хьаьжа. Шайн тхьамданашна баркалла ала сан цIарах. Царна со воккха къонах ву, моьттина, амма иза бакъ дац. Суна ца догIу иштта совгIат, дIахьо уьш.

Медана-Хьаьжа цецваьлла висира.

– Ахь дуьйцург хIун ду, ва Iаьлбаг-Хьаьжа?! ХIара-м берриг гIовттамхоша даийтина совгIат дай!

– Кхин ца дуьйцур вай. Суна догIуш совгIат ма дац иза. Баркалла и схьадаийтинчарна а, схьадеанчу шуна а. Суна сайн дин а, герз а тоьуш ду.

– Ой, хIорш ахь йухадаийтича, халахетар ма ду царна! – воьхна хьаьвзира Медана-Хьаьжа. – Хьо везаш, хьо лоруш ма лелла тхан нах. Ахь куралла йина аьлла, дагадогIур ма ду царна.

– Куралла стенна хьехайо ахь, Медана-Хьаьжа? Куралла йан, вайгара хIун хьуьнар даьлла?

Хьешийн дехар Iаьлбага йухатоьхча, накъосташа а хьовзийра иза.

– Дера, гIиллакхехь-м дац иштта уьш дIахьовсо.

– СовгIат схьаоьцуш гIиллакх ма ду вайн ворхIе дайшкара схьа.

– Цхьадерг мукъане а схьаэца.

Вела а велла, корта а хьовзийна, верта схьаийцира Iаьлбага.

– ХIара верта дуьту ас. Сайниг доьхна чекхдаьлла. Ткъа говр а, тур а дIахьо. Вай совгIатийн дуьхьа ма ца гIевттина.

4

Гуьйре тIекхаьчча, хала хан йолайелира гIовттамхошна. ГIа дужуш, йерзинайуьйлура хьаннаш. Наггахь де а ца догIура декхна. Лакхенгахь, лома кIел йолчу зандакъойн, бенойн йарташкахь, диллинна дIа дохк, йочанаш лаьттара. Сентябрь чекхболуш лаьмнаш кIайдира лайно. Цхьацканхьа ломан когашка а кхаьчнера иза. Цхьана агIор, гIовттамхошна аьтто а бора йочанаша: вуочу некъашкахула царна тIаьхьаталла хала дара паччахьан эскаршна. Амма, вукху агIор, шелоно а, йерзинайевллачу хьаннаша а ницкъ бора гIовттамхошна а. Хьалха санна, къайла ца бохура уьш къеначу хьаннаша. ТIегIертачу шелоно йарташка лоьхкура уьш.

Инарла Смекалов воккхавоьра ломахь диллинчу лайх. Шело цуьнан тешаме гIоьнча вара.

ЧIебарлан лаьмнийн уггар лекхачу баххьашкахь къайлавала гIоьртича а ца вуьтуш, цуьнан кIажаш хьоьшуш, тIаьхьайаьллачу Аргунски отрядо Iаьнда вада дезийтира Iуммин. Цуьнца дерг чекхдаьлла а лерина, паргIатваьлла, Ведана вирзинчу Смекаловс сихо йира Iаьлбаган тоба йохорна.

Смекаловн приказца, 25-чу сентябрехь Хаси-Юьртара арайаьлла, подполковник Козловский коьртехь Ямсуца хьалайеана Кабардински полкан батальонах, ГIизлар-Гребенски гIалгIазкхийн сотнех, ламанан артиллерийн взводах вовшахтоьхна колонна Зандакъаний, Даьттаханий йуккъехь Смекаловга хьоьжуш сецира.

27 сентябрехь шеца йалх ротий, «таллархойн» масех командий, йиъ сотний, шиъ йоккха топпий йолуш Бена кхечира Смекалов ша а.

Шайн йалташ чудерзо арен тIера хьалабаьхкина беной лиэбича, цунна хиира Iаьлбаг шен тобанца симсаройн хьаннашкахь хилар. Амма, жимма Iийча, лазутчикаша хаамаш беара, имам БулгIат-Ирзехь ву аьлла. Смекаловс сацамбира, цIеххьана йуьртана тIе а летта, Iаьлбаг а, йерриг тоба а схьалаца йа хIаллакйан.

Амма Смекаловн план кхочуш ца хилира. Iалхан-КIотар а, БулгIат-Ирзе а дIалоцуш масех стаг вийра отрядера. Чевнаш хилларш алссам бара. Дарбеллачу гIалгIазкхийн дошлоша йагийра Iалхан-КIотар а, БулгIат-Ирзе а.

Делккъехь коьртачу отрядаца кхуза кхечира Смекалов ша а. Бахархошкара эцначу лиэмаша а, айкхашкахула гулбинчу хаамаша а гайтира хIокху тIаьххьарчу деношкахь гIовттамхойн коьрта ницкъаш симсаройн хьаннашка гулбелла хилар. Цигахь бу, бохура, церан коьрта тхьамданаш а.

Амма, айкхаша дийцарехь, Iаьлбаг иттех стагаца Iаьнда ваханера.

Цхьана агIор-м дика дара Iаьлбаг а, Iумма а ДегIастана вахана. Вуониг кхин ду: кхузара гIовттамхойн гIеранаш йохийна цахилар. Цаьршимма Iаьнда гIаттайахь, йуха а карзахйер йу Нохчмахка.

Iаьндахь Iаьлбаг тIеэцахь мегар дац аьлла, цигарчу наибна поручикна Гирейна тIе геланча а, Iаьлбаган лорах шиъ лазутчик а вахийтира Смекаловс.

Iуьйранна йалх сахьт долуш цхьацца агIор дIасайахара пхиъ колонна. Исс сахьт долуш тIом хезира Афанасьевн колонна йаханчу агIор. Массо маьIIехь йага йуьйлира бенойн кIотарш. Наумовн колоннас хьалхара трофейш йахкийтира лагере. Суьйранна капитан Виноградов йухавирзира лаьцна ши доьзал, бIе сов бежана а, пхи бIе уьстагI, ткъа говр а йалош. Царна йукъахь бара дика кечбина Солтмурдан дин а.

ШолгIачу дийнахь, малх лакхабаьлча, лагере йухайирзира Iаьлбагна тIаьхьайаькккхина Наумовн колонна а, лазутчикаш – вежарий Джамал а, Джаму а, Смекаловс Iаьнда вахийтина геланча а. Цара дийцарехь, Iаьнда ца вахавелла Iаьлбаг, шен жимачу тобанца йуха а вирзина, лаьмнашкахула Симсара дIаваханера.

XV корта. ТIАьХХЬАРА ТIОМ

Эшначарна кIелхьардовла цхьа

некъ буьсу – и некъ бицбар.

Гомер. «Энеида»

Іаьлбаг Іаьнда вогІу аьлла, хьалххе хаам кхаьчначу наибан Гирейн аьтто хилира цигарчу йартийн лакхенийн а, подполковникан Лохвицкийн отрядийн а гІоьнца Нохчмахкара Іаьнда богІу цхьаболу цхьа некъ дІа а лаьцна, иттех стагаца цига гІоьртина Іаьлбаг йуханехьа эккхо.

Гатте хьовзийна Іаьлбаг йуха а винчу хьаннашка вирзира. Адам а гІаттийна, къийсам атталла йуьхьанцарчу тІегІанна тІе боккхийле догдохуьйла а дІайаьллера. Іа дара тІегІерташ. Ломан когашка кхаьчнера ло.

Доьхначу некъаша халачу йаьккхинера йарташна йукъара зІе.

Симсаройн хьаннаш тІаьххьара туш дара Іаьлбаган. Цигара дІа шен нах дІасахьийсо аьтто балахь, йарташ йуха а гІовтто, ткъа иза дан ницкъ ца кхачахь, кхузахь Іадаккха ойла йара цуьнан.

Оццу йуккъехь инарла Смекаловга кехат кхечира, Симсара таІийна Іаьлбаг тІаьххьара вохор а, лацар а полковникна Батьяновна тІе а диллий, хьайн отрядца ДегІастана гІуо аьлла.

Командующин кехат Козловскийга дешийтира инарлас. Подполковник хаттаре Смекаловга хьаьжира.

– Іаьлбагца дерг чекхдаккхар хьуний, Михаил Ивановичний тІехь дуьсу, – элира Смекаловс. – Соьгахь болчу хаамашца, Іаьлбагца, дукха велахь, кхо бІе стаг бен вац. Гонахара йарташ къарйелла. Шуьшиъ атта ларор ву цуьнца. Амма, хІара агІо хецна а йуьтуш, дІагІойла дац сан. Іаьлбаг, шен тунгари чуьра ара а ваьлла, Яьссин йарташка вер ву. Цундела сихха Батьяновна тІе кехатца геланча хьажаве, кхана кхузахь, Іалхан-КІотарахь, йа БулгІат-Ирзехь позици дІалаца алий.

– ХІарра кехат Батьяновга а кхаьчна, хьан локхалла.

– Гуттар дика ду-кх тІаккха. Цо аттачу доккху гІуллакх.

– Амма Михаил Иванович реза вац хІокху тІедахкаршна.

– Реза вац бохург хІун ду? – цецвелира Алексей Михайлович. – Приказ – приказ ма ду.

– ХІетте а, Батьяновс кехат дахьийтина, ша резавацаран бахьанаш дуьйцуш.

– Масала?

– Тхан полкера шиъ батальон а, цхьа сотня а, хьуна ма-хаъара, Темирхан-Шурахь йу…

– Йисина батальонаш тІех а тоьур йу Іаьлбаган гІера йохо.

– ХІокху карахь йолчу хенахь иза кІезиг ницкъ бу, хьан локхалла. Хьаннашкара гІа ца доьжна хІинца а. Цига йахана отряд мятежникаша лаххьийна хІаллакйийр йу.

– ЭхІей, сан Дела, йаІ! Кху сохьта бенойн йарташкахь цхьа са а ма ца дисина. Даьттахой, чеччалхой, гендарганой а вайгахьа бу. ДуьххьалдІа Іаьлбаган цхьа кана гІеранна дуьхьал кхо батальон, гІалгІазкхийн шиъ, гІумкийн цхьаъ сотняш а, артбатарея а йу шун. ТІе, отрядна гІоьнна аьккхийн, салатавхойн дружинаш йу вовшахтоьхна. ХІетте а, бІо ца булу шун? Суна-м эхь хета хьоьга ладоьгІуш, подполковник.

– Хьан локхалла, Алексей Михайлович, ас аьлла дешнаш сан дац, ткъа полкан

командиран ду.

– Ой, хIокхо Iаьнда гIо ма боху соьга! Ткъа иза командующин приказ ма ду, – схьаэцна, Свистуновн кехат подполковникна хьалха ластийра Смекаловс. – Ас хIун де ткъа, къинхетаме государь?

– Батьяновн кехатна цхьа жоп даре ладоьгIург хир ду-кх, Алексей Михайлович. Тхан отрядан ницкъ кIезиг ма бу, симсаройн хьаннашка йаха.

Баккъал а, кIорггера ойла йича, Смекаловн йиш йацара, ша масех баттахь хьегна къа чекх ца доккхуш, Iаьлбаг букъа тIехьа а витина, ДегIастана дIаваха. Цо сацамбира, йерриг отряд Симсара а кхоьссина, цкъа Iаьлбагца дерг чекхдаккха. Сацам – сацам бу, амма иза кхочушбан тешаме план йезара. ТIе, хIара кхоалгIа де дара Смекалов шен отрядца, хьалха дIагIойла а, йа йухавала а йиш йоцуш, бенойн йарташкахь воллу. ХIара йагийна Iалхан-кIотар шатайпа резиденци йара цуьнан.

Мелла а хьекъале ойланаш дагайогIур йац-те аьлла, шена жимма мох-малх кхетийта дагахь араваьлла, лекхачу гу тIехь лаьттачу кIотаран малхбален йисте велира иза. Кхузара дIа дика гора йерриг бенойн йарташ. Нийсса дуьхьал ТIерга-Дукъан басенца йаьржина йагийна БулгIат-Ирзе а, къилбехьа хьаннашна йуккъехь Даьттахера масех цIа а гора. Цигахула Яркхсуца хьала беккъа цхьа некъ бара симсаройн хьаннашка боьдуш. Некъаш-м кхин а хила тарлора, амма отрядехь цхьа а вацара уьш хууш.

Гонаха бIаьрг биттина, меллаша шен четаре йухавирзина Смекалов паргIатвала а кхиале, чувеанчу капитано Пруссаковс хаам бира, Iаьлбаган туьпара веана цхьа стаг ву аьлла.

– ХIун стаг ву иза? – хаьттира цецваьллачу Смекаловс.

– Хаац. Ша вайна пайдехь хаамаш беана, боху цо.

– Схьачукхайкха. Мичахь ву прапорщик Мовсаров? Чехка схьалаха иза.

Дукха хан йаллале шалха а вахана, четарна чувелира лекхачу дуьзначу дегIара горга маж, стаммийчу балдашна шиний агIор кхозуш деха, месала мекхаш долу стаг.

– Дарасти, инарла! – элира цо, можа йаккхий цергаш гучу а йохуш.

– Здравствуй, здравствуй, кунак! – корта таIийра Смекаловс. – Хьо мичара ву?

– Бено, бено!

– Хьо хIунда веана?

– Симсар, Iаьлбаг.

– Охьахаа, – дуьхехь лаьтта лоха гIант гайтира инарлас беночунна.

ХIара шиъ, хабар дийца йиш йоцуш, хиъна Iаш, эххар а Пруссаков схьакхечира прапорщик Мовсаров Элби а валош.

– Хаттал цуьнга, прапорщик, цIе хIун йу, мичара ву.

– Ша бено ву, цIе Айсолта а йу, боху цо, хьан локхалла.

– Хьо хIунда веана?

– Со Iаьлбаган тобанца вара, инарла. Цунах ведда веана со.

– ХIунда?

– И зуламхо а, цуьнан гIера а лаца хьуна гIо дан.

– Муха?

– Йерриг цуьнан къайленаш хаьа суна.

– Схьадийцал, хIун хаьа хьуна?

Айсолтин мукадехкачух тера горга, цIен ши бIаьрг сутара къегира.

– Маьхза гIуллакхаш ден зама йац хIара, кIант, – элира цо Элбига. – Ас Iаьлбаган къайленаш шега йийцича, суна хIун пайда хир бу хаттал инарле.

– Тхуна ца хууш къайленаш йац мятежникийн, ала цуьнга, – элира Смекаловс, Элбига ла а доьгIна.

– ХIета, сан дийца хIумма а дац, – голаш тIе ши куьг тоьхна, хьалагIотту кеп хIоттийра беночо.

– ХIун до цо? – хаьттира оьгIазваха воьллачу Смекаловс.

– ДIавоьду со-м.

– Тхешан каравеана мятежник иштта дIавахийтац оха. Лаций, цхьанхьа чуволла иза.

Элбис гочдира инарлин дешнаш.

– Ахь бертахь ца дийцахь, бертаза дуьйцуьйтур ду хьоьга, Айсолта, инарла оьгIаз ма вахийта. Хьо чуволла, боху цо.

– Со хIун динчунна вуллу чу?

– Iаьлбагна тIаьхьа а хIоьттина, Iедална дуьхьало йарна.

Айсолта, цавешаш, велавелира.

– Хьан боху, со Iаьлбагца хилла?

– Ахь айхьа боху-кх.

– Со цхьаьнггехьа а вацара. Цунах а, шух а кхоьруш лелла.

– ХIинца?

– Iаьлбаг кхераме хуьлучуьра ваьлла хIинца.

– Хьо бехке вара-вацара ца хьехош, ша оьгIазводахь, инарлас тоьпаш тухур йу хьуна, Айсолта. Цул хьайга бохург де. Мел мах боьху ахь хьайн къайленах?

– Оцу инарле хаттийта ахь, тIаккха ас жоп лур ду.

– Цуьнан цIарах хоьтту ас хьоьга.

– Суна мах ца оьшу, ала инарле. Мухха делахь а, Iаьлбагах кхоьруш, ас цунна гIуллакхаш дина меттигаш йу. Сох бийлинчу бехкашна геч а дахь, сайн дисина даьхний ДаьргIа а дигийтахь, цигахь со инарлас шен тIома кIел а лацахь, ас цуьнан эскар Iаьлбаган туьпа дуьгур ду ала цуьнга.

Смекаловс дош делира Айсолтин дехар кхочушдан. ТIаккха цо дийцира Iаьлбаган туьпара хьал. Айсолтас дийцарехь, цуьнца ши бIе сов стаг ву. Яркхсун лакхенгахь, тIебоьдуш цхьаъ бен некъ боцчохь, йуькъачу хьаннашкахь сецна иза. ХIара Iа цигахь даккха ойла йолуш, дуккха а йалтий, дакъийна жижиггий оьзна цо цига. Iаьлбагца ву Солтмурд, суьйлийн Раджаб-Iела, Тозуркъа, Къосам, Нурхьаьжа, ЯнгIулби, кхин тхьамданаш а.

– Уьш дерриг тхуна хууш ду, – хьесапе ца лерира Смекаловс айкхан хаамаш. –

Иштта атта хьайн бехках кIелхьарвер вац хьо.

Амма Айсолта ца вуьйхира.

– Ас дийцинарг хаахь а, амма Iаьлбаган туьша тIе боьду некъ-м ца хаьа шуна, – толаме велакъежира иза. – Сан дехар аш кхочушдахь, ас церан букъа тIехьахула туьпа дуьгур ду шун эскар.

Айсолта араваьлча, цунна тIехь чIогIа тергам латтабе аьлла, приказ а делла, Пруссаковций, Мовсаровций кхеташо йира Смекаловс. Масех шо дара капитан Пруссаков хIокху участкан пурстоп волу. Цунна дика девзара кхузара адамаш. Ткъа прапорщик Элби а вара тайпана бено.

– Айсолта хIокху Нохчмахкарчу уггар хьалдолчех ву, хьан локхалла, – элира Пруссаковс. – Цуьнан даккхий бахьанаш ду Iаьлбаг ца веза. Суна хетарехь, цо харцо йийр йац вайна. Мел дийцича а, шен цIока йеза йу цунна мятежникел.

– Айсолтех дош далалур ду соьга, хьан локхалла, – тIетуьйхира Элбис а. – Цхьана ханна тилавелла леллехь а, иза вайн стаг ву.

Смекаловс тIаьххьара а сацам тIеийцира, командующин приказ цкъачунна тIаьхьа а теттина, цкъа Симсара экспедици йан. Делкъал тIаьхьа, меттиган топографически карта а Iамийна, хьалха цигахь хиллачу эпсарех дага а ваьлла, суьйранна йоцца кхеташо а гулйина, шен план царна хьалхахIоттийра цо.

– ДегIастанахь хIоьттинчу хьоло кхузара коьрта ницкъаш цига дIабигарна тIетоьтту, – элира цо. – Амма, шен гIеранца Iаьлбаг букъа тIехьа а витина, ДегIастана дIагIойла а дац вайн. Iаьлбагца дерг кхана чекхдала деза. Мятежникаш чIагIбелла Дуьйран-Коьртехь, малхбузехьара схьа лома тIебогIу цхьаболу цхьа некъ къевлина цара, генна хьалха пикеташ а хIиттийна. Дуьххьал тIелетарх кхиам хир бац вайн. Цундела, ламанца дахана, мятежникийн букъа тIехьа а девлла, буьйсанна цIеххьана тIелата кхоъ колонна йахийта дезар ду. Хьалхарчу колоннин декхар хала а, жоьпалле а хиларна, иза вовшахтуху уггар майрачу, доьналла долчу шиъ ах бIе гIалгIазкхичух. Цунна коьрте хIоттаво старшина Рогожин, ткъа капитан Пруссаков – цунна гIоьнна. ШолгIа а, кхоалгIа а колоннаш вовшахтуху куринцех а, тенгинцех а. Церан командираш хIиттабо капитанаш Виноградов а, Шетихин а. ТIаьххьара а новкъайолучу колонни тIехь куьйгалладар тIедуьллу штабс-капитанна Наумовна. Хьалхара колонна новкъа йолу Iуьйранна диъ сахьт долуш. ТIаьхьарниш – шишша сахьт йукъа а долуьйтуш. ТIаьххьара кхуьй а колонна суьйранна йалх сахьт долуш Дуьйран-Коьртана гуобина хила йеза. Колоннаш цига дIакхачале ши сахьт хьалха подполковнико Козловскийс шен отрядца Симсарна дуьххьал тIелатар дийр ду, мятежникаш Iехо. Операци чекхйаллалц сема тергам латтабе лагерехь болчу туземцашна тIехь.

– Хьан локхалла, сан отрядехь патармаш кIезго ду, – элира Рогожина.

– Сан отрядехь къаьркъа дац, – эккхийтира капитано Виноградовс. – ХIокху йочанашна кIел шелло салтий. ТIе, операце боьлхуш, церан жимма дог-ойла айъа а йезара.

– Иза а, важа а хуьлуьйтур ду, господа. ТIаьхьалонна дитина дерриг къаьркъа а, патармаш а, гулдай, операце боьлхучарна дIало. Операцехь гоьбевллачарна йала жIараш а йу кхана-лама схьакхочур йолуш. Кхин хеттарш дуй? Кханалера де тIаьххьара хила деза Iаьлбаган гIеранан. Диэхар ду господа эпсаршка. Варийлаш, цхьа мятежник а кIелхьара ма валийталаш. ТIе, салташка кхайкхаде, Iаьлбаган туьпахь гулйина дуккха а хIонс йу алий.

Іаьнда вахар ца нисделлачу Іаьлбага догдиллира хІокху шарахь кхиам хир бу бохучух. Кхоччуш кІелйиснера Нохчмохк. Іа а дара гергагІерташ. Беркъа бухабеллачу гІовттамхойн ницкъ бацара Іаьнан шелонца къийсам латто. Вуьшта а, машаречу хенахь а аьтто бацара царах дукхахболчийн Іай йуьртара йуьрта баха а.

Ткъа Іа хІинццалчул а хьалхе тІегІертара. Хьаннашкахь Іадоккхур бохург хьехочохь а дацара. ГІовттамхойх тІаьххьара бисинчех цхьакІеззигниш гена аренгарчу йарташка, цхьацца-шишша баьржаш, дІасабаьржира. Іаьлбагца висина ши бІе стаг вала сецнера. Имамо бохуш хІумма а доццушехь, цара шаьш дуйнаш биира тІаьххьара минот тІехІотталц къийса.

Хьал доьхна делахь а, деган кІоргехь догдохийлаш йисинера. Іаьлбаг оцу шина бІе стагаца симсаройн хьаннашка йухавирзира. Цкъа ойла хилира цуьнан винчу йуьртахь Іа доккхуш саца. Амма иза кхераме дара. Кхуза некъаш шарделлера паччахьан эскаршна. ТІе, кхерошший, Іехошший, гІовттамхошна дуьхьалйаьхнера йуьхьанца массарел а доггах Іаьлбагна тІаьхьахІиттина хилла лулара аьккхийн а, суьйлийн а йарташ. Уьш-м хьовха, кхузара даьттахой, чеччалхой, гендарганой а цхьаьна. Симсара церан гуонна йукъахь йара хІинца.

Кхерамна йуьстахо аьлла, Симсарахь ца соцуш, цунна къилба-малхбузехьа догІучу Яркхсун лакхенга а ваьлла, гонаха лекха тІулган бердаш долуш йуькъачу хьаннаша дІалаьцначу Дуьйран-Коьртехь Іа даккха сацамбинера цо.

КхоалгІа де дара гІовттамхоша кхузахь Іаьнна кечам бен. Яркхсун чІожаций, къеначу хьаннашций кхолхадуьйлуш декара деттачу дагарийн татанаш. Цхьаболчара тоьланаш охкуш, шолгІачара тхевнашна гІирс боккхуш, кхоалгІачара говрашна Іаьнна докъарш кечдеш, мукъа бацара гІовттамхой.

Тахана эххар а йина йаьллера Михаилан, Юсупан, Елисейн, Янаркъин а тоьла. Басех чу кхо аьрша гергга кІорга кІаг а баькккхина, хьалха йуккъехь лекха, цунна шиний агІор лоха цхьацца – кхоъ гажар а боьгІна, царна тІехула дукъойн метта кхо дечиг а йиллина, тІехула, орцхаш тийсина, хьардаш йаржийна, лаьттан стомма чкъор диллира цара.

Чохь пенашца, цІенкъел лакхо айъина, маьнгин хьесапахь терхи йитира тІе охьадийша. Цхьана маьІІехь пенаца хьалайаьхьна товханан туьнкалг тховх чекх а йаькккхина, тІехь поппарца дІахьаьхира. ХІетта веаммо мор буьззина йеана йекъа къаж, стомма чкъор деш, «маьнги» тІе а йаржийна, паргІатбевлира уьш.

– Нускалш делахьара, кхин хІумма а ца оьшура вайна, – элира кІедачу къожа тІе аркъалваьллачу Янаркъас. – ХІан, Элса? Дом есть, матушка нада. Жина нада!

– Вуон-м хир дацара, Янек! – куьйгаш хьакхийра Елисейс. – Цхьа хазо жеро хилча, дикахо летар вара со. ЭхІ, Янек, схьахетарехь, иштта кІантстаг волуш лийр ву-кх со.

– ХІунда ле? ХІокху йалх баттахь дуккха а жерой бевлла йарташкахь. ХортІин Асхьадах йисина Буцани йу хьуна ма-йезза. Гиний хьуна иза? Ахь боху-ца боху хьийкъина йу иза! ДеакІов дегІ, оцу хьан гІодайукъал стаммий настарш, пхьаьрсаш. Бад йу-кх, йеккъа ша бад!

– Суна реза хир йуй иза?

– Муха ца хуьлу! Суна хазарехь, Асхьадна резайацара иза. Ледара айгІар болчух тера дара иза, кхин а бухахь валларг. Ткъа Буцанина, хьо санна, цхьа стомма ворта а йолуш, некхан ваз даьлла хьаьрса бугІа оьшу.

– Керстане маре гІур йац шун зуда.

– ХІун башхо йу – керста а, бусалба а! КІезиг дац ишта маренаш а. Тхайниш шуьга а, шуьниш тхоьга а богІуш. Ишттачу кхолламан кІеза ма ду хІара Юсуп а. Хьажал хьо цуьнга. Нохчочун мара, оьрсичун бІаьргаш, шиннахьара схьаэцна шалго майралла!

– Вайниш жоьра ма бисахьара, Янаркъа, – элира, кIадвелла забарех самукъа ца долучу Къайсара.

– Сайниг-м йуьсур йац. Мишкица барт бина ас хьалххе. Сайл тIаьхьа ЖовхIар цунна йерзош. ХIа-ан, Мишка?

– Суна стенна оьшу хьан йакъайелла къена баба?

– ХIумма а къена йац. Оза-м йу, бакъдерг аьлча. Ахь, жижиг даош, дика кхабахь, бутт балале йерстар йу, даIам санна. ТIаккха, гIала а вахана, подар-басар деана, кечйича, мел хаза меъ хир ду цунах. ТIе, ши бер а ду анддадаьлла. Йеккъа са йу хьуна, Мишка. Со а паргIат хир ву эхартахь!

– Забар-м – забар йара, неIаран гIайгIа йу-кх, – элира Къайсара.

– ГIайгIа бу иза-м, ца хилчхьана. ТIе, вай хIун до цуьнан? Тахана йа кхана йалсамане йа жоьжахате гIур долуш хилча.

Къайсар, гIеттина, аравелира. ГIовттамхойн кIотарна йуккъехь йиначу гIишло кIелхьара схьахезира малхбузу ламаз доьхкучу Iаьлбаган дуькъа, кIеда аз.

Елисей накъосташка хьаьжира.

– Шуьшиъ хIунда ца воьду ламазе?

– Тхойшиннан делаца дийца къайлах хIуманаш ду, Элса. Цхьа бIе стагана йуккъе а хIоьттина, дийца мегар доцуш. ЭхI, Элса, со цIа вахаза дукха хан йаьлла. Сан нускал а Iа хир ду сагатлуш.

– Воккха мунепикъ ву хьо, Янек. Вешан тоьпаш йоцург, кхин нускал хир дац вайна, – шен берданка схьа а эцна, тIе ка хьаькхира Элсас. – Сан уггар хазаниг, уггар тешамениг!..

– Дехаш хилла цхьа жеро а, цуьнан кIант а, – долийра Янаркъас. – ХIинца вайна санна, тIегIоьртина шийла Iа. Ткъа ненан а, кIентан а йургIа ца хилла. Шайн йолу-йоцу таро а йина, ший а базара дахана и шиъ йургIанаш эца. Нанас йургIа эцна, ткъа кIанта топ эцна. «КIант, йургIа хIунда ца ийци ахь?» – хаьттина нанас. «ЙургIанал топ оьшу суна», – аьлла кIанта. Iа тIедеана. Шийла Iа. Нана, шен йургIанах хьаьрчина, йовха наб йеш хилла, ткъа кIант, ши ког мере а оьзна, кожал хилла хьаьвзина, вегош Iуьллуш хилла. «Хьо ма вегош ву, кIант, хьуна хIун хилла?» – хаьттина самайаьллачу нанас. «Шел-л-ло, наб ца кхе-кхета», – халла жоп делла кIанта. «Хьайн топ тIе а озий, охьавижа, нана йаларг, вохлур ву хьо», – шен йургIанах хьаьрчина, мерах шок йетташ, наб йан йоьлла нана. Нускалш а дитина, хIара тоьпаш къастийна вай, Элса. Нускал дагадеача, хIорш маракъуьйлур вай…

Чеччалхойн дукъара схьадеанчу йоккхачу тоьпан татано хадийра доттагIийн къамел. Ара а лилхина, дIахьаьвсира уьш. Амма Яркхсун тогIи, йерриг раьгIнаш а хьулйина хIоьттинчу дахкаро ца гойтура хIумма а. ХIорш, шайн герз схьа а эцна, туьпа йуккъе кхачале, йуха а дур деара. ЖамIатан ламазна йукъа ца воьдуш висина ткъех стаг а кхечира шайн герзашца.

– ХIун ду хилларг?

– Иза мичхьара схьайетта?

– Хаац. Шуна а ца хаьа?

– Мичара! Дохк ма ду.

– ХIорш-м ламазаш деш ма Iа.

Дукха дах ца деш, ламазаш дерзийна, аравелира Iаьлбаг, цунна тIаьххье Солтмурд, Раджаб-Iела, Акхта, Коьра.

– Йоккха топ мичахь йуьйлу? – хаьттира Іаьлбага.

– Чеччалхойн дукъа кІел хеза, – жоп делира Янаркъас.

Туьпара массо а, гулбелла, ладоьгІна севцира.

– Къосам, хьайца пхи стаг эций, гІой, мостагІ мичахь ву а, цо хІун леладо а хьажа. Тозуркъа, хьайца берриг симсархой эций, гІой, Симсарна лаха маьІІехь бердан лакхенга хІотта. Амма соьгара пурба доцуш топ ма кхосса.

Шеца Янаркъа а, Юсуп а, Михаил а, ши симсархо а эцна, сихха дахкарлахь къайлавелира Къосам. Дукха ца Іаш, шен ах бІенца Симсара охьавахара Тозуркъа а. Нахе кечло а аьлла, тхьамданашца кхеташо йан хІетта чохь ламазаш динчу гІишло чу вахара Іаьлбаг.

– Ледарло йалийти вай тахана, – элира цо, цІенкъа йаржийначу цІеначу къожа тІе охьа а хууш. – Кхузахь чІагІдала гІерташ, арахьа дерг дицдина. Солтмурд, мичахь бу хьан бІаьнбІаьргаш?

– Дуьйра-Коьртаний, Симсарний гуонаха шишша-кхоккха чаккхарма хьалха массо некъашка хІоттийна пхиппа бІаьхо ву сан, амма царах цхьа а, хьуна ма-гарра, хаам бохьуш ца веана. Схьахетарехь, йоккха топ генахь йуьйлу.

– Ахь Бена хьажийна стаг?

– Йуха ца веана.

– Туьпара дІавахана стаг вуй?

– Вац, вайгара пурба доцуш-м.

– Айсолта ма вац гуш? – хаьттира Раджаб-Іелас.

– Селхана, Бенойн-Ведана воьду аьлла, вахана иза.

– Хьоьга хаьттина ваханий?

– Вахана, дера. Цигарчу шен жах хІун хилла хьажа.

Іаьлбага резавоцуш корта хьовзийра.

– Айсолтех ас жоп ло, – элира Солтмурда. – Суна дика вевза иза. ТІе, цо дуккха а гІо дина вайна.

– Цо вайн нахана йийна ткъех хІора хьехайо хир йу ахь? Ма доккха хІума хили хьуна царах! Цуьнан-х уьш масех бІе бу. Хьо йукъара-м хилла цунна. Амма со реза вац цуьнан бІаьргашна. Мукадехкачух тера бу уьш.

– Хаац, Іаьлбаг-Хьаьжа, хьуна хІун хааделла, суна иза а, цуьнан да а вевза. Вуон нах бац уьш.

– Ткъа мичара баьлла цунна шен бахам?

– И ца хаьа суна.

– ХІай-хІай!

– Хьо ма тІаьхьа шекваьлла цунах? – вусавелира Солтмурд. – Хьалххе хІунда ца олура ахь?

– ТІаьхьа-м, дера, ду сан шеквалар. Дукха бохкабелла бенойх а. Джаму, Джамал, Іусман. Уьш гучубевлларш бу, ткъа къайлах мел хир бу уьш.

– Цхьа бенойх бевлла ца Іа ишттаниш. Уьш кхо жІаьла даррехь гучудаьлла, ткъа зандакъой, йерриг йарташца бохург санна, дуьхьалбовлар дицделла хьуна? Ткъа –

чеччалхой, даьттахой, зандакъ-арахой?

– ТIехбеттамашка ма довлал, – йукъавуьйлира Раджаб-Iела. – Гирзе жий йукъахь боцуш жа хилац. Йоккха топ йуьйлу ца хеза шуна?

Йукъа ткъех минот йолуьйтуш, хIинца пхоьазлагIа йелира йоккха топ. Иза подполковник Козловский вара Даьттаханий, Зандакъаний йуккъехь лагере хIоьттина. Дахкарх пайда а эцна, шина ротиций, гIалгIазкхийн сотниций, цхьана йоккхачу тоьпаций чеччалхойн дукъаца охьа а веана, Яркхсуна тIекхачале сецнера иза. Симсарна улло а веана, амма йуьртана тIелатар ца деш, кхийссарш йарца гIовттамхойн ницкъаш шена тIеберзо декхар дара цуьнан. Амма Козловский йуьртана улло гIорта ца ваьхьара. Дахкарлахь цIеххьана кIелонна теIоттаваларна кхоьрура иза.

Цхьа сахьт даьлча, йухавеанчу Къосама дийцира Козловскийн колонна мичахь лаьтта.

– Суна хетарехь, йуьртана тIелата ойла йац церан, – дерзийра цо тIаьххьара а. – Йоккха топ Симсарна тIебогIучу некъана йуьстаха хIоттийна йу. Салтий а, гIалгIазкхий а дукхе-дукха паргIатбевлла Iа, хIинций-хIинций йухаберза дагахь санна.

– Схьахетарехь, цхьана хIилланна баьхкина уьш цига, – элира ойла йеш Iачу Коьрас.

– Хехь лаьттачу вайн накъосташкара хабар-м ма дац.

– Баьхкина, тIе ца Iиттабелча, мостагI генара гойла дац царна. Дохк ду иттех гIулч генара хIума а ца гуш.

– ТIе, буьйса йулуш а йоллу.

– Суна хетарехь, тIамна кийча хила деза вай, – жамI дира Iаьлбага.

Оцу минотехь чувеара ха дан хьовсийначу нахах цхьаъ.

– Эти-Коьртехула схьа бIо богIу! – элира цо, хьуьхьвоьлла.

– Дукха буй салтий?

– Хаац. Дахкарна ца гора.

– Муьлхачу новкъа богIу уьш?

– БулгIат-Ирзехула схьабевлла.

– Симсарна тIебогIу-кх уьш.

– Йурт ларйан ницкъ буй-те вайн? – элира Солтмурда шина даггахь. – Шиний агIор тIебогIуш бIо бу, ткъа вайн орцане догдохийла а йац.

– Йурт ларйан доьлча, иза йохор йу цара, – корта хьовзийра Коьрас. – Стенна оьшу нахана зуламдар? Цул, Яркхсу тIехь дуьхьалдевлча, бакъахьа хета суна.

– ТIом ца беш, йухадевлча, муха хир дара-те? Ма кIезиг ницкъ бу-кх вайн! – дуьхьало йан ша резацахилар хаийтира Солтмурда йуха а.

– Ахь хIун олу, Раджаб-Iела?

– Даим девдда лелла девр дуй вай, Iаьлбаг-Хьаьжа? Лата деза-кх.

– Нурхьаьжа?

– Коьрас ма-аллара, Яркхсу тIе а диссина, лата деза.

Iаьлбаг хьалагIеттира.

– ХІета, хІораммо а шен бІо тІамна кечбе. Солтмурд, хьой, Сулиманний Эти-Коьртехула богІучу бІонна дуьхьалвала. Раджаб-Іела Чеччалхера охьабогІучу бІонна дуьхьал гІо. Элса, ах бІе стагаца хІокху ломан къилбен агІонца чу а воьссина, Бенара охьадогІучу эскаран букъа тІехьа волу. Бисинчу нахаца со Яркхсу тІехь соцу. Зиэн хуьлучу далахь, кІез-кІезиг йухадовла. Нагахь, цхьа Делан кхиэл хилла, вайн иэшам хилахь, дийна бисинарш кхузахь цхьаьнакхетар вай. ХІан, же, кІентий, Дала аьтто болда вайн!

Амма Раджаб-Іелин а, Солтмурдан а ши бІо ломан когашка ма-боьссинехь, къилбен агІонца тоьпаш йевлира.

Іаьлбаган берриг тидам Козловскийна тІебирзира. Йуькъачу дахкарлахула, цхьанне а ца тосалуш, кхаа агІонгахула тІеоьхура Рогожинан, Виноградовн, Наумовн а колоннаш.

ДогІано дохийначу гІашнекъашкахулий, йуькъачу хьаннашкахулий меллаша хьалагІерташ, суьйранна йалх сахьт долуш Дуьйран-Коьрта кІел кхечира Виноградовн колонна. Хало хьалха йара. ТІулган бердаш тІе а кхозаделла, йуькъачу хьаннаша хьулбина, буьрса лаьттара Дуьйран-Корта. Оцу тІе хьалаболуш некъ бацара. Кондарш, диттийн гаьннаш лоьцуш, текхаш хьалагІертара салтий. Ткъа и ломан басе а йара хьалхарчу буса дилхинчу догІано, йашийна, лалийна.

Бода болале лома тІе хьалавала гІерташ, салтий сихбинера капитано Виноградовс. Амма хьаладовлар меллаша доьдура. Хала Делан балица лакхо ваьлла салти, кол бухйолуш, га каглой, схьалаьцна йа тІе ког биллина тІулг меттахболий, йуханехьа чухахкалора. Хотталахь шершара когаш. Колонна ломана йуккъе йаьлча гучуйелира гІовттамхошна.

Хехь лаьттачу бІаьхошца цига дІахьаьдира Іаьлбаг.

– ХІоъ-молха кхоаделаш! – мохь туьйхира цо, бІаьхой бердаца охьабийшича. – Герга бахкийта.

Хьалха гучубаьлла салтийн могІа, цхьатерра тІе тоьпаш тоьхна, йухабаьккхира цара. Амма, тІаьхь-тІаьхьарниш тІекхуьуш, шуьйрра дІаса а баьржина, хьалхагІертара салтий. Цхьанхьара вукхузхьа уьдуш, накъостийн дог-ойла гІатто гІертара Елисей. Ша леррина Іамийна нохчийн дешнаш кхуьйсура цо сих-сиха.

– ТІетоха йовсаршна!

ХьалагІертачу салташа цхьатерра тухучу тоьпаша ткъесах къагайора хьун. Цхьа сахьт хьалха Михаилца разведкехь хилла къона симсархо йуьхьарвахна Іуьллура.

– Мажар! Мажар! Схьахьажахьа!

Жима стаг, мара а къевлина, аркъалваькккхира цо. Амма иза вистхуьлучуьра ваьллера. Михаиле хьуьйсура цеце севцца Іаьржа бІаьргаш. Багара охьаІенара дуькъа цІий.

– Вежарий! ТІетоха мостагІчунна! – йуха а могІанца дІасахьаьдира Елисей. Наггахь, соций, топ тухий дІатевора цо дитта тІехьара схьакъедда йа лаьттах хьалакъаьстина дуьхьалонча.

– Ва Янек! Муха ду гІуллакхаш? – уллошха тІехъоькккхуш, Янаркъе мохь туьйхира Елисейс.

– Шаьлтанна кІел биллинчу уьстагІан санна!

Оццу хенахь тІом кхехкабелира аьтту агІор а. Иза капитанан Наумовн колонна йара.

– Іаьлбаг! Аьтту агІор мостагІ ву! – мохь белира Елисейн, баттара даькккхина тур а буйнахь дуьхьалвогІу имам гича. – Цигахь хІун ду-те?

– Цигахула а тIелетта! Къайсар! Нурхьаьжа! Чехкка охьа чу а диссий, Раджаб-Iелий, Тозуркъий хьалакхайкха! Чехка!

Амма Раджаб-Iела а, Тозуркъа а шайн нахаца шаьш схьакхечира.

– ХIун ду лаха чохь? – хаьттира Iаьлбага хьалха тIекхаьчначу Тозуркъе.

– Iаьп-схьаьп дац. Схьахетарехь, салтий га тесна баьхкина кхуза.

– Солтмурдах хIун хилла?

– Хаац. Иза волчу агIорхьара а йолуш топ йац.

– Аьтто балахь, тIехьашха тIелата, бацахь – кхуза йухавала ала цуьнга.

Йукъ-йукъа тухуш, Симсарна тIе пхоьазза йоккха топ а тоьхна, дуьхьал жоп ца лой хиъна, Козловский шен колонница суьйранна йалх сахьт долуш лагере йухавирзира. Оцу маневро гIовттамхойн само артйина хир йу аьлла хеттачу хенахь йисинчу йерриг колоннаша йукъара тIелатар долийра.

– Коьра! Коьра! Акхтин бIоца аьтту агIор гIуо. Раджаб-Iела! Элсина гIо де! – уллошха а, тIехула а шакарш йеттачу дIаьндаргашна йуккъе а хIоьттина, омранаш дора Iаьлбага.

ГIо тIекхаьчча, Елисейн аьтто хилира дуьхьал тIелетта Виноградовн колонна, лаьллина, лома кIел чутаса. Амма иза волчохь кIеззиг синтем хиллачу хенахь аьтту флангехь хьерабелира тIом. Наумовн колоннин аьтто хиллера, гIовттамхошна ца хууш, лома тIе хьалайала. Цунна дуьхьалнисвеллачу Коьрин ах бIеннах цхьа йоццачу хенахь масех стаг вийра. ХIинца гIовттамхойн шина бIе стагах лаьттачу жимачу отрядан кхаа декъе йекъайала дийзира. Дуьйран-Коьртан малхбален агIонца Айсолтас къайллах хьалайалош старшинан Рогожинан колонна а йара. Ткъа шеца дикка бIаьхой а болуш Эттан-Коьрта вахана Солтмурд а вацара гучуволуш.

ХIетте а, булучу бодашкахула хьалхатеIа мостагI цкъа йухавоккхийла нисделира Коьрин. Йиэтта тоьпаш цхьана масех минотехь лагIйелира.

– Йухабевлла-те уьш? – хаьттира тоьпан лога тIе пIелг биллина Iуьллучу Къайсара.

– ХIан-хIа, йухабевр бац уьш, – парггIат жоп делира Коьрас. – Йа вай хIаллакдан, йа шаьш хIаллакьхила ойла йу церан.

– Ломан гуо къовла а ца кхии, хIусамашкахьа а девлла.

– Хьанна хаьара иштта сиха уьш схьабогIур буйла. Шен эскарца инарла ДегIастана воьду бохуш, хаамаш ма бара.

– ХIилланна эладита даржийна хилла-кх.

– ХIан-хIа, иштта омра дара Буру-гIалара. Схьахетарехь, ойла хийцина цара. ДегIастанахь цигара эскарш шаьш ларийна, кхузарниш Iаддадитина хила а тарло… Уьш ма дIатийна?

– Хьажа гIой со?

– Кхераме ду.

– ХIумма а дац. Тиэкхаш берда йисте а вахана, чухьожу со.

Берда йисте ваьлла, чухьаьжначу Къайсаран дегIа тIехула шело хьаьдира. ДIаса а йаьржина, йоккха йукъ лаьцна хьалагIертара керла тIекхиъна салтийн отряд. Масех минот йалале уьш ломан бухьа тIе бевриг хиларан шеко йацара. И ший а агIо цхьа а стаг воцуш хецна йара гIовттамхойн. Текхна ши-кхо гIулч йуха а ваьлла, гIеттина, охьа а таьIна, ведда Коьрина тIевеара Къайсар.

– Орца кхаьчна царна. ДІаса а баьржина, хьалагІерта.

– Элсега шен нахаца схьавола алахьа.

– Цигахь ков доьллу вай?

– Иттех стагаца Акхта вуьтур ахь.

Куринцаш, хьерабевлча санна, хьалагІертачу хенахь ткъех стагаца тІекхечира Елисей. Салтийн хьалхара могІа, хьала а баьлла, йукъа берданкаш йассийна, «ура» аьлла маьхьарий а тоьхна, цхьамзанаш хьалха а лаьцна, чухьаьлхира. ГІовттамхой цкъа тоьпаш йассо бен ца кхуьуш, чуччабахара шиний агІорниш.

– Йетта боьхангашна! – мохь тоьхна, хьалха чухьаьдира Елисей.

Шен некха тІе хьажийна цхьамза тоьпан йуьхьигца агІор а кхоьссина, лерга йуххе тоьпан бух тоьхна, зоьртала салти аркъалвахийтира цо. Елисейн маьхьарх иза вевзина стомма ворта йолу урядник цхьамза тоха чукхоссавелира. Амма Елисейс, шен карара топ йуьстах а кхоьссина, каде агІор а сеттина, аьрру куьйга цхьамза а лаьцна, шаьлта йахийтира цуьнан кІедачу гайх.

Виноградовн колоннин а аьтто баьллера лома тІе хьалайала.

Тенгинцех къастийна подпоручикан Голенищев-Кутузовн команда, гІовттамхошна кхераме йац моьттучу ирх бердашкахула лома тІе а йаьлла, Акхтина тІехьахула тІелетира. Кхузахь эрна хилира Іаьлбаган майралла а. Хьалабевллачу Виноградовн куринцашна дуьхьал лиэта иза масех стагаца йукъаваьхьира букъа тІехьахула тІелеттачу тенгинцаша. Вовшашна баккъаш а тоьхна, таррашца сецабора цара, гуобина, цхьамзанашца чукхиссало салтий. Дарделлачу цІоькъалоьмах тера вара Іаьлбаг цу миноташкахь. Доллучул сингаттам бинера цунна лакха тІехь хІун ду цахааро. Массанхьа бекъабелла лиэтара цуьнан вежарий Іала-Мохьмад, Іеламха, Іарапха, СултІи. Іаьлбагна уллора ца волуш, летара дейтта шо хенара Зеламха. Пхьаьрсах чов хилла иза букъа тІехьа а лоьцуш, лиэта Іаьлбаг. Вукху вежарех хІун хилла ца хаьа. ХІинцале цуьнан бІаьргашна хьалха воьжнера Симсарара цуьнан бераллин доттагІ Іела а, ден вешин кІант Сурхо а. Аьрру пхьаьрсана чов хилла Зеламха а ма-хуьллу вешина гІо дан гІертара. Латар гуттар хьерадаьллачу хенахь хезира Акхтин а, Раджаб-Іелин а кхайкхаме маьхьарий. Сих-сиха Іаьлбага ладугІура Солтмурд схьакхачаре. Вуьшта, хІинца схьакхаьчча а, цуьнгара хила аьтто-м бацара. МостагІчунна тІехьашха тІелата дагадагІахьара цунна. Амма Симсарахьара схьа а, мостагІчун букъа тІехьа а топ йолу ца хезара.

Дийна дуьсур ду бохург хьехочохь а дацара. ХІинца хІораммо а чІагІо йинера шайн синош ма-хуьллу безачу мехах дІадала. Иштта гатте берзийна, тІамца лакха тІера охьабуьйлу Коьрин отрядах дийна бисинарш хІокхарех схьакхетча, гІовттамхойн аьтто нисбелира гуо хадо.

– Боьра йухадовла! Боьра йухадовла! – шозза мохь туьйхира Іаьлбага. – Массаьрга а хаам биэ, боьра йухадовла алий!..

Бода боьлла дуккха а хан йара. ХІетта кхеттачу батто серладаьхнера лаьмнийн баххьаш. Амма лаха чоь йукъахьарчийнера сирачу дахкаро. Цхьа бІе гІулч охьабовла аьтто хилча, кІелхьарбовлура гІовттамхой. Царна, пхи пІелг санна, шера бевзара кхузара массо гІашнекъ, боьра, кІаг. Елисей коьртехь берданкашца кечвелла ткъех стаг вара йухабуьйлучу гІовттамхойн тІаьхье къовлуш. Вийначу салтичун топ а, гІап а карайеанчу Михаила, шен доттагІчунна Янаркъина улло а хІоьттина, топ йеттара, сих-сиха йуха а хьоьжуш,

– ГІуллакх полхой ду, Мишка! – эккхийтира Янаркъас, тІейеттарш жимма лагІйелча.

– ХІун хилла, Янек?

– Патармаш кхачош дохку. Шиъ бен бац.

– ХІан, хІара пхиъ бу хьуна.

– ХІай, испасибо! Вайша валаза висахь, Буцани хьан йу-кх!

Орцанна сихвелла Солтмурд а, ломара йухабевлла хІорш а цхьаьний кхечира Яркхсун лакхенга. Кхузахь бара Симсарара бевдда баьхкина доьзалш а.

– Аш хІун до? Шу стенна даьхкина кхуза? – йуьртахошна хьалха сецира Іаьлбаг.

– Салтех девдда даьхкина тхо! – маьхьарий девлира зударийн.

– Хих веддарг хьера кІел иккхина бохург ду-кх аш динарг! Чехка йухадерза! Же, ма Іелаш! Салтий бу тхуна тІаьхьабогІуш, кхузахь тІом хир бу. Же, же, дІадовла кхузара. ЦІа а гІой, шайна хІумма а ца хуучуха Іе…

Зеламха цІа чу а вигна, шаьлтанца этІош гІайбин чкъуьйриг а йаьккхина, цуьнан пхьарс дІабихкира Іаьлбага. Готта цІа дуьзира чубаьхкинчу Солтмурдий, Сулиманий, Раджаб-Іелассий, кхечарий.

– Зиэн дукха хиллий? – хаьттира тІехІоьттинчу Солтмурда.

– Хаац, – шого жоп делира Іаьлбага. – Шуьшиъ хІун деш вара цигахь?

– Эрна къахьийги. Тхойша тІекхачале, хьаннашкахь къайлавелира мостагІ.

– Ткъа шуьшиъ?

– Жимма ладоьгІуш Іийра. Кхузахь тІом болабелча, схьа сихвелира-кх.

– Ой, царна тІаьхьадовла ца мегара шу?

– Уьш мел бу а ца хууш, ах бІе стагаца царна тІаьхьа муха гІо?

Іаьлбага резавоцуш корта хьовзийра.

– Дера, ломахь тІом хезча, хьо букъа тІехьахула тІелата ца вахьахь а, кхоссарш йина а, мостагІчун цхьаболу ницкъ мукъане а шайна тІеберзо дагадан-м ма дезара.

– Уьш нислур дац хІинца. Салтий схьакхачале, цхьа сацам тІеэцал.

– Сан сацам кхузахь летта валар бу.

– Дала-м хьалхе дара, Іаьлбаг-Хьаьжа. КІелхьардевр ду вай, – элира Солтмурда.

– КІелхьарваьлла, мича ваха воллу хьо?

– Дуьне доккха ду.

– Мичча вахча а, лоцур ву. Кхана ца лацахь, лама.

– Лоьцур ду бохуш, кхузахь дала-м ца деза вай? – йукъавуьйлира Сулиман. – Обарг девлла лелар вай.

– Йерриг оьмареххьий?

– ХІетале цхьаъ хир. Молла Несартна а дайна, хІетале вир лер йа виран да лер.

– Дала кхуьур ду, Іаьлбаг, – хьалагІеттира Коьра. – Валар тамаша бац. Къийсам чекх ца баьлла хІинца а. Цунна кхоор вай вешан синош.

Болабелла къовсам чекхбалале, тоьпаш йевлира арахь. Шен тур а, топ а схьа а эцна, араэккха кечвелла Іаьлбаг, лазаршна садетташ, йуьхь чІечкъаш Іуьллучу жимачу веше а хьаьжна, сецира.

– КІелхьардовла деза, Іаьлбаг-Хьаьжа, – букъа тІе куьг тухуш, меллаша Іаьлбаг

хьалхатеттира Солтмурда.

– Оцу кIантана хIун дийр ду? – воьхна хьаьвзира Iаьлбаг.

– Кхузахь вуьтур вай. Жима ма ву иза, цунна хIумма а дийр дац салташа.

ХIинца гуобаькkхина йуьйлура тоьпаш.

– ТIаьхьа ду, кIелхьардовла некъ бац вайна, – элира Iаьлбага. – Чиркх дIабайъа. ТIамна кечлуо.

Чиркх дIа а байъина, корашкий, неIаршкий дIахIиттира нах. Амма арахь хьере йен кхийссарш цIеххьана лагIйелира.

Дуьйра-Корта дIалаьцначу отрядах а къаьстина, йухабуьйлучу гIовттамхошна тIаьхьара ца волуш вогIу ткъех салти вара хIокху цIенна тIеIоттавелларг. Арахь лаьттачу гIовттамхоша сихха йухабехира уьш. Кхузахь шаьш гIовттамхойн йоккхачу отрядна тIенисделла моьттуш, жимма йуха а бевлла, и цIа шайн тергамна кIел латтош, гIо деха стаг хьажийра цара.

Аре дIатийча, Къайсар а, Елисей а шена тIекхайкхира Iаьлбага.

– Хьада, ара а валий, цигахь бисина нах а гулбай, йухадовла кечам биэ.

И шиъ араваьлча, жимма ла а доьгIна, арабовла кечбелира чохьбиснарш. Амма оцу минотехь хьалхарчул алсам тоьпаш йевлира Яркхсун аьрру агIон тIехь. Йуха а хьере кхехкабелира тIом. Сехьа агIонна тIехь дIайетта тоьпаш нилхо йара. Шен дагахь кхузахь летта вала сацамбина Iаьлбаг сих ца лора аравала. Амма хIинца тIаьхьа дара. Йиэтта тоьпаш цIенна хьалха кхечира. Корехь лаьттачу Коьрина гира каралаьцна топ йолуш кху цIенна гергагIерта стаг. ТIерачу духарх иза эпсар вуйла хиира цунна.

– ХIей, цIа чохь дерш! Герз охьа а диллий, арадовла! – нохчийн маттахь вистхилира иза.

– Элбин аз ду-кх иза, – хьалхарчу коре дIахьаьдира Солтмурд. – Ван а ву!

Коьрас, вист ца хуьлуш, Элбин некха тIе а лаьцна, топ туьйхира. Коьрина гира цуьнан карара топ охьайужуш а, аьтту куьг охьакхозалуш а. ТIаьхьабогIучу салташа корашка а, неIаре а тоьпаш тIекIирйира. Къайсар а, Елисей а коьртехь арахь бисинчу кIеззигчу гIовттамхоша, хьуьна чу а бевлла, тIе тоьпаш йеттара. Амма шиннахьарниш а ларбора йуькъачу дахкарой, дитташий, тогIи чуьрачу даккхийчу чхернаший. ЦIенна хьалха лаьтта салтийн тоба хIор а минотехь стамлора. ХIинца уьш, хина лахахулий, лакхахулий сехьа а буьйлуш, цIенна гуотаса гIертара.

– Iаьлбаг-Хьаьжа, эрна йу вайн дуьхьало, – схьавирзира Солтмурд. – КIелхьардовла деза. Пхоьазза топ йузий бен хIоъ-молха дац соьгахь.

– Мича девр ду?

– ТIехьа, корехула аралелха.

– Цигахь а ма бу салтий.

– ХIумма а дац. Лийриг – лер, висинарг – кIелхьарвер.

– КIантана хIун дийр ду?

– Ас ма аьлла хьоьга, салташа цунна хIумма а дийр дац.

– ЦIийнах цIе йалахь?

– Вай дерриг Делан карахь ма ду. ОхI! И дIо лаьттарг Айсолта боху хьакха ду-кх!

– Ма ала иштта, – Іоттаре вистхилира Іаьлбаг. – Ахь-м, иза малик ду, ма бохура.

– Цунна тІехьарниг Симсарара Сетаха а дера ву!

– Дика хьажа хьо, кхин дуккха а гур бу хьуна.

– Хьий, Делан мостагІий, йаІ! Ас хІинца оьцур хьан са, хьаьрса хьакха! ХІей, Элби, Айсолта! – мохь туьйхира Солтмурда, корах ара а къедда. – Хезий шуна?

– Хеза, Солтмурд! Герз охьа а диллий, арадовла. Оха инарле къинхетам боьхур бу шуна, – дуьхьал вистхилира Айсолта. – Цо дош делла суна, муьлхха а сан дехар кхочушдан.

– Хьан да воллийла хьакхица, кхахьпано дина кхахьпа! – собар кхачийра Солтмурдан. – Мотт эцна даханера хьо, зуд?!

Сихха хьала а тесна, Айсолтина тІе топ хьажийра Солтмурда, амма Коьрас йухадаьккхира цуьнан куьг.

– Ма тохалахь, Солтмурд! Цаьрга хІара кІант кІелхьарвоккхуьйтур вай. Цунна тІера цхьа чо талхабахь, шайн кІур бойъур буйла хаийтахьа цаьрга.

– ОхІ, бакъ ма боху ахь! ХІей, Айсолта, Элби! Тхоьца дейтта шо хенара жима кІант ву чов хилла. ХІара вехь а, лацахь а, оха цІийнах, цІарах, бахамах а дохур ду шу. Хезий шуна?

– Хеза. Хьан кхерамаш эрна бу, Солтмурд. Оцу чуьра хьо дийна ара хьан волуьйту? Цул, карадуьйла!

– Сан дош хезирий хьуна?

– Хезна.

– Диц ма делахь! Тхо-м карадогІу. Тхо дайъахь а, лецахь а, тхан накъостий а, тІаьхьенаш а ма йуьсу дийна. Нагахь хІокху кІантана зулам далахь, шуна хиндерг дуьйцу ас. Ца элира ала дац шуна!

– Дика ду, герз охьа а тасий, арадовла.

– ХІокху Делан сохьта. – ТІаккха, аз лахдина, Іаьлбаге вистхилира Солтмурд: – ТІехьара кор дохадай, аралелха. Со тІаьххьара вер ву.

Нурхьаьжас мийра тоьхна гураца аратесира кор. Хьалха араиккхира Іаьлбаг.

– Же, Солтмурд, аравала! – сихвира иза Коьрас.

– Со тІаьххьара вер ву.

– Хабар дита. Хьо воккха ву. Хан ма йалийта!

ТІехьара кор лардеш бертал Іуьллучу масех салтичо, кор дІа кхоссалуш а гина, тоьпаш туьйхира. Амма, уьш шозлагІа тоха кхиале, араиккхинчу Іаьлбага, лечкъаш а доцуш вахана, йукъа а иккхина, тур тоьхна вожийра хьалха ша тІенисвелларг. Салтий меттабахкале тІекхиъначара а вожийра цхьацца. Ницкъаш цхьатерра нисбелча боьхна салтий, маьхьарий детташ, йухахьаьлхира.

– Бевдда! ЦІа чуьра мятежникаш бевдда!

Маьхьарша меттахбаьхна маьІ-маьІера схьауьдучу салташа, бевддачийн некъ а лоьцуш, саццаза тІе тоьпаш йеттара. Йуьхьанца оццул бегІийла нисделла гІовттамхойн гІуллакх галделира кхин даьлча цамаггал. Хьалхахьара некъ лаьцнера, йуханехьа бохург хьехочохь а дацара. Амма оцу йоьхначу минотехь дагахь доцу гІо кхечира бевддачарна.

ХIуъу дина а, доттагIий кIелхьарбаха, йа цаьрца цхьаьна хIаллакьхила дагахь, шайн накъосташца хьуьнан йисте веанчу Елисейна а, Къайсарна а салтийн маьхьарий хезира.

– Бевдда, боху! – мохь белира Елисейн. – Къайсар, хьалхатаIа!

Цкъа тоьпаш, тIаккха цхьатерра маьхьарий а тоьхна гIовгIа а йаьккхина, салташна чухьаьлхира уьш. ГIовттамхой мел бу ца хуу салтий буьйхира. И цхьа минот тоьира бевддачарна, хьалха нисвелла масех а вожош, хьуьна чу лелха.

ХIетта цига кхаьчна капитан Наумов бага лейан хIоьттира салташка:

– Хьакхарчий! Шайн карахь болу мятежникийн тхьамданаш дIахийци аш! Прапорщик Мовсаров! Хьо хIун деш лаьтта кхузахь, бага а гIаттийна? Цаьрца барт бина хир бу ахь? Кхана тIеман трибунала хьалха хIуттур ву хьо! Йерриг цхьаъ йу шу, акхарой!

– Мохь стенна хьоькху ахь, капитан? – аз айъира Элбис. – Ца го хьуна со, чов хилла…

Наумов цхьана секундана вуьйхира, амма шен дашна тIера йухавала ца лаьара цунна.

– Хаьа суна. Лен чов-х йаций хьуна хилларг! Операцина тIехь куьйгалла дан багара Iаь ца йолуш висинера хьо? ХIан-хIа, ахь жоп лур ду мятежникаш кIелхьарбовлийтарх!

Элбин собар кхачийра.

– Господин капитан, хьо дукха тIехваьлла! Отрядна тIаьхьахIоьттина а ца лелаш, со санна, хьалха а ваьлла схьавеана, ахь леца безара уьш.

– Сацийта! Суо хила веззачохь хилла со. Ахь хьеха висина вац!

– Делахь, хьо оццул хьекъале велахь, кхузахь Iоьхуш а ца лаьтташ, сихха тIаьхьавала. БIе гIулч гена а ца бевлла хьуна уьш.

ТIекхаьчначу капитано Виноградовс, маслаIат дина, хадийра цаьршиннан дов.

– ХьалхатаIа! – мохь тоьхна, приказ делира цо салташка. – Мятежникаш гена бовлале, леца беза. Царна дуьхьал йогIуш Рогожинан колонна йу.

Оцу минотехь хьалхахьа тоьпаш йевлира. ХIинца а гена бара гIовттамхой гуонна йукъара бовла.

3

И буьйса набарза йаьккхира Смекаловс. Ши бIе стагах лаьтта Iаьлбаган тоба йохо йалх рота салтий, гIалгIазкхийн шиъ сотняй яхийтинера цо. Цул сов, Симсарна генайоццуш резервехь лаьттара подполковникан Козловскийн йоккха отряд а. Амма Смекалов тешна вацара операци кхиаме чекхйериг хиларх. ГIовттамхой, шерачу меттиге бевлла, массанхьа а тIеэцна лелочу бIаьхаллин низамехь летарг хилча-м, цо дIахьажийначу ницкъан кхоалгIа дакъа а тоьур дара Iаьлбаг вохо а, лаца а. Цара и дийр ма дац. Уьш схьабевр ма бац йуькъачу хьаннашкара, лекхачу бердашна йукъара. Цхьанхьа дера дуьхьало йеш, йухабуьйлуш, тIаккха кхечухьахула дагахь доццучохь тIелеташ, амал-гIад дойъур ма ду цара. ТIе, хIара галдевлла денош а… Хьалхарчу шина дийнахь диллина дIа догIа дилхира. Йерриг тогIеш, Iаннаш дIалаьцна, дуькъа дохк лаьтта. Салташна инзаре хала хир ду, лаьмнашкахула-м хьовха, некъашкахула лела а.

Билгалйина хан тIекхачале хийлазза аравелира Смекалов. Гоьллец богIуш хатт белахь а, Iалхан-КIотаран малхбален йисте лекхачу гу тIе а волий, бIаьрг бетташ, ладоьгIура цо. Дийнахь кхо сахьт долуш йоккхачу тоьпан дур хезира цунна. Йукъа дикка хан а йолуьйтуш, пхоьазза дийкира иза. Смекаловн са логге кхаьчнера. Эххар а, суьйранна пхи сахьт даьлча, тIом болабелира Дуьйра-Коьртехь. Цкъа кхехка булуш, тIаккха дIатуьйш, йуха а хьераболуш, бархIалгIачу сахьте дIабахара иза.

ТIаккха цхьана йоццачу ханна дIатийра, йукъ-йукъа тоьпаш а йуьйлуш. Йуха а – кхечухьа, Цантойн ломахь, хьерабелира тIом. Кхийссарш совцаза йара Iуьйранна а. Амма цигара хаам ца кхочура. Масане ойланаш хьийзара коьрте. Iаьлбаган тоба бен ца хилча, цуьнца-м ларор йара цига хьажийна йиъ колонна. Нагахь зандакъойн, салатавхойн йарташ гIовттамхойх дIакхеттехь, цара хIаллакйийр йу отряд. ТIаккха жоьпалла цунна, Смекаловна, тIе ма дужу. Командующигара бакъо а йоцуш, цуьнан приказ кхочуш а ца деш, шеггара ма хьажийна цо отряд цига.

Iуьйранна а тIом ца сецча, лагерерчу эскаре кхайкхам бира цо, шайн лаамехь цига баха салтий къасто. Лаамхой дуккха а бевлира, амма, цаьрга ша хьожуш, дегIана ницкъ болуш, майра хир ву аьлла хета ши бIе стаг а къастийна, пхоьалгIа колонна а вовшахтуьйхира Смекаловс. Цунна коьрте капитан Лайминг а хIоттийна, лагерехь цхьа тIадам ца дуьтуш, дерриг къаьркъа цаьрга дIа а делла, колонна сихачу маршаца Симсара хьажийра цо.

Де суьйренга лестича а ца соцура ламанца тIом. Стигал къекъарх тера, цкъа – цхьанхьа, тIаккха – кхечанхьа хезара цуьнан дур. Гуттар а са логе кхаьчча, ша ши де хьалха Iаьлбаг волчу хьовсийна беной тIе а кхайкхина, уьш йуха а лиэбира цо. Цара хIумма а диканиг ца дуьйцура. Iаьлбаг а, цуьнан накъостий а бала кечбелла, дикка нахехь берданкаш а йу, бохура.

ХIокху йуккъехула лелара цхьана газетан корреспондент а. ГIаттаман йуьххьехь цхьа бутт хан йаьккхинера цо Батьяновн отрядехь. ТIаккха вахана, аренгарчу йарташкахулий, станицашкахулий лелла, Грознехула, Владикавказехула хьаьвзина, схьавеана. «Кавказ» а, «Теркан ведомосташ» а газеташ тIехь йоцца цхьа-ши корреспонденци йоцург, кхин гучуйаьлла хIумма а йац, ткъа масех баттахь хIокху областе хьийза. Селхана схьакхаьчна иза кхузахула волавелла лела. ХIинца а вогIу, эткаш йерриг хаттах а йуьзна.

– Де дика хуьлда, хьан локхалла! – тIевеара иза четарна хьалха лаьттачу Смекаловна. – Тахана хаза йекхна йу. Мел хаза ду хIара лаьмнаш.

– ХIаъ, Iалам хаза ду кхузахь, – тIетайра Смекалов.

– Гуобаькккхина гуш дийна са а дац. Йарташ хиллачохь кIуьрзе пенаш лаьтта. Мича бахана кхузара бахархой?!

Абросимовна шера хаьара кхузарчу нехан кхоллам, хIетте а, хIуьттаренна санна, хоьттура цо.

– Арен тIе кхалхийна уьш.

– Симсарара хабар дуй?

– Дац. ЛадоьгIуш Iа со.

Абросимовс гуонаха лаьмнашка бIаьрг туьйхира. Оцу къоначу стеган ира, хьекъале хьажар ца дезаделира инарлина, селхана дуьххьара цунах бIаьрг кхетча.

– Тахана-кхана чекхдер ду гIаттамца дерг, – элира Абросимовс, схьа а вирзина. – ТIаккха хIун дан ойла йу шун?

– «Шун» бохург хIун ду хьан, къона стаг? – хаьттира Смекаловс. – Со санна, оьрси вац хьо?

– Оьрси-м ву, амма оьрсий а ма бу башх-башха. Со тIемало ма вац.

– Россехь ду иштта. Ткъа туземцашна йукъахь вай къестадала ца оьшу. Кхузахь дерриг а цхьаъ хила деза.

– Дезара. Амма Iедало хIиттийначу социальни хьелаша цхьаъ хила дитац.

– Туземцаша и ца боху. Царна бIаьрга дан ца деза вай. Цара къестабац Iедалан дай, тIемалой, муьжгий. Муьлхха а оьрси шайн мостагI хета царна.

– Бакъ дац иза! Оьрсийн халкъаца цхьа а тайпа хьагI-гамо йац Россехь дехачу къаьмнийн. Амма царна Iедал цадезар ша ду. Цунна дуьхьал оьрсийн муьжгий а гIуьтту даим. Кху Теркан областера хьелаш а ша ду. Кхузахь вайн Iедал хIотталц, цхьа вежарий санна, бертахь баьхначу ламанхошний, гIалгIазкхашний йуккъе мостагIалла доьлла. Иза кхоьллина вайн Iедало кхузахь дIахьочу политико. Ламанхошна а, гIалгIазкхашна а ша-ша законаш леладо. Хьалхарчара – уьш лахбеш, сийсазбеш, шолгIачарна – уьш лакхабохуш. Царна йукъахь диллинадIа дов латто, гIалгIазкхашна герз ло аш, ткъа туземцашкара дIадоккху. Iедало ша ца доккху иза а. ГIалгIазкхашка доккхуьйту.

– Россехь муьжгашка леладойтий герз? Ца леладойту. ХIета, берриг гражданашна цхьа закон ду вайн.

– ГIалгIазкхий бац ткъа Россин гражданаш?

– Уьш Iедалан гIорториаш ма йу. Церан тарраш тIехь лаьтта пачхьалкхан чIогIалла.

ЦIеххьана даккхийра догIанан тIадамаш эга дуьйлира.

– Газеташ тIехь ма кIезиг гучуволу хьо? – Iуттуш хаьттира инарлас.

– Сайна тоъал.

– Вайн тIемалойн хьуьнарех хIунда ца йаздо ахь?

– Мичахь ду уьш?

– Кхузахь.

– ХIара эхь кхайкхо Iалашо йац сан, хьан локхалла.

– Россина дуьхьал гIевттинчу мятежникашна – туркойн бартахошна таIзардар эхь лору ахь? – хьаьжайукъ хабийра Смекаловс.

Абросимов къаьрззина инарле хьаьжира.

– Ахь мича тIедоьгIна лору хIорш туркойн бартахой?

– ТIом болабеллачу шолгIачу дийнахь ма гIевттина уьш.

– ТIом Турцис ма ца кхайкхийна, ткъа Россис кхайкхийна.

– ТIаккха?

– Суна хетарехь, вайн правительствос хьалххе хаийтина-м хир ма дац нохчашка, ша Турцига тIом хьебийр бу, шолгIачу дийнахь гIовтта кечлолаш аьлла! Тахана вайн чоьхьарчу цхьайтта губернехь а ма бу ахархойн гIовттамаш. И оьрсийн белхалой а, ахархой а лору ахь туркошна гIоьнна гIевттина?

Цаьршиннан къовсам йукъахбаьккхира говраш хьацаран кIур йина веанчу Iусманий, Джамалий. Йохйелла, дегIа тIера Iаь гIуьтту говраш кертах дIа а тийсина, сих ца луш тIе а веана, шайна ма-хаъара оьрсийн маттахь инарле маршалла а делла, деалха тоьхна кехат цуьнга дIакховдийра хьалхарчо. Сиха схьаэцна кехат даржа а дина, тIехула сутара бIаьргаш кхарстийра Смекаловс:

«Сийсара суьйранна болабелла тІом сахуьлунга баьлла.

Іаьлбаган бен а бохийна, цуьнан гІера тІаьххьара а дІасайаржийна куринцаша. Йийсаре лаьцна Іаьлбаган жимахволу ваша а, цхьа милардахо а… Дуккха а туземцаш байъина. Вайн дараш дукха дац. Прапорщикна Элбина чов йина. Мятежникийн гІеранна тІаьхьадевлла тхо. Лагере йухадерзар кхана хир ду.

Капитан *Пруссаков.*

5 октябрь, 1877 шо.

Іуьйранна 10 сахьт долуш»

ШозлагІа а кехат дешна, доккха садаьккхира Смекаловс. Селхана дуьйна цуьнан йуьхьа тІехь лаьтта кхоламе мархаш, куьг хьаькхча санна, дІайевлира. Халла хаалуш делаозийра стаммий балдаш:

– Ас толамца декъалво хьо, Яков Степанович!

Абросимов хаттаре Смекаловга хьаьжира.

– Іаьлбаган гІера тІаьххьара а йохийна! – кхетийра иза инарлас.

– Со хІунда во ахь декъала? – белшаш саттийра Абросимовс. – Ас дакъа ца лаьцна хІара гІаттам хьошуш. И хастам кхечарна буьту ас…

ЦІеххьана дІа а вирзина, Смекаловна бевзаш боцчу мукъамехь шок лоькхуш, дІавахара Абросимов.

«Тамаша бу, и къона стаг лартІехь-м велахь, – тІаьхьахьаьжира цунна инарла. – Йуккъехула аьлча, кху заманан интеллигенци тиларчу йахана. Диц ца лахь, цунах лаьцна йаздан дезар ду».

4

Шина дийнахь-буса къийсам лаьттира Дуьйра-Коьртехь а, Яркхсун лакхенца а. ТІаккха иза, цхьацца гІулч болуш, Цантойн лома белира.

Дуьйра-Корта гІовттамхойх цІанбинчул тІаьхьа шолгІачу дийнахь-бусий хилларг тІом бацара. Боьхна, хьаннашкахь цхьацца-шишша дІасабаьржинчу гІовттамхошний, бахархошний тІаьхьаталларе бирзира иза. Дуьхьало йинарг вуьйш, каравеанарг, лоций, лагере дІавалош.

Іаьлбаг вина бен тІаьххьара а бохийра.

Марчонах хьаьрчича санна хетало лай кІел бахана лам. Цецах санна, дегІах чекхбуьйлу, токхамашца кхерсташ, дарц уьйъуш мох. Кхузахь атталла хьун а йац. Генна лаха чохь йисина къена хьаннаш. Цигахь бун йойла а, лочкъийла а, цІе латайойла а дара. Кхузахь йац и таронаш. Ломаца цхьацца нхьа кІайдаргаш йеш кхиъна лохачу коьллийн боьлакаш. Кхин а лакхахь – дерзина тІулган аьрцнаш.

Хьех ала йиш а йоцуш, лаба йеш тІекхозабеллачу тІулган берда кІел севцира гІовттамхой. ГІамаран ченалахь йисина акхачу гезарийн лараш. Цара, хьекхалуш, шардина тІулгаш а, бердаш а лепа, тІе йалпар хьекхча санна. Схьахетарехь, сийсара а хилла кхузахь гезарий, хІинца адамаша йаьккхина церан хІусам.

Кхаанхьа йогучу цIерашна гуонах хевшина а, тIехIиттина а Iа нах. Царах цхьанна гуонах алссам бу уьш. ШолгIа де ду церан кийра рицкъа дахаза. Бедарш тIехь цIийн а, молханан а лараш йисина. Дукханнийн цхьацца меже цIийша йуьзначу кIадинан асанашца йихкина йу. Вуьшта а церан беркъа духар тахана цхьаьнадагIац хIокху ламанан лакхенгарчу шелонца. Йаххьаш йевлла, беснеш чукхетта, балдаш махо дакъийна. Иэшамой, мацаллой дегнаш эгийнехь а, оцу цхьана цIарна гонах болчеран наггахь оьккхучу беларо гIергIадо бердаш. ЦIарна улло битинчу уггар беркъачарна йуккъера Янаркъа цхьацца забаре хабарш дуьйцуш воллу. Кхузахь хеза суьйлийн мотт а, цара беламе буьйцу нохчийн мотт а. Диламарчу Хьайбуллиний, Гати-Юьртарчу Янаркъиний йуккъехь забаршца тIом лаьтта.

– Делин дуьхьи, Янаркъа, ма пеллахьо боккхучохь жухарг товр бара хьо, – шен рогIехь Iоттар йира Хьайбуллас.

Вуьшта а, даим тиша, массо тайпана йоманаш летийна Янаркъин чоа, дан дезар доцуш, калдадаьллера хIокху тIаьххьарчу деношкахь. Йоьхначу неIармачийн муцIарш чуьра аракъиэдара гIуоро боьлла ши нана-пIелг. Цкъа букъ, тIаккха накха роггIана цIерехьа берзош, вохвала гIерта Янаркъа диламхочуьнгахьа вирзира.

– ХIунда бах ахь, Хьайбулла?

– Делин дуьхьи баху, Янаркъа, хьуна тIера гIагI жухаргачух тери болу дели. ЦIен йамо бу, кIайн йамо бу. Кечбала ца оьшуш, жухарг бу хьо!

Нах гIадбахана боьлура.

– Цхьа хIума оьшу, Хьайбулла, цхьа хIума! – корта хьовзийра Янаркъас.

– ХIун оьшу, Янаркъа? Пеллахьо оьшу?

– ХIан-хIа, Хьайбулла. Жухарган куйнан меттана и хьан корта. Виран санна, хьан деха лергаш, жIаьнк санна, цIен мара. Ткъа бIаьргаш! Хьеравала луучо ма дукха мах лур бара царах…

– Орца ала, Янаркъа, айла богу хьан! – пIелг хьажийра Хьайбуллас.

Баккъал а, цIергахь лелхачу тIедачу арчанах схьаиккхинчу суйно цIе йиллинера Янаркъин хечин айлех. Дилимхочо забар йо моьттуш, шеквоцуш Iийна Янаркъа, чу-кIел ка а тоьхна, хьалаиккхира:

– ОхI, бакъ хила а ма доллу хIара-м!

Гуонах Iен нах гIадбахана бийлабелира. КIажвахана Хьайбулла, ша Iаччохь дIа а хаьрцина, керчара. ДоттагIчунна орцахваьллачу Михаила сихдина ло туьйсура Янаркъин гIаш йуккъе. ЦIе йаьлла меттиг чим хиллалц хьекха а йина, шен забархочунна тIевирзира Янаркъа.

– ЭхI, Дела реза хуьлда хьуна, Хьайбулла! Хьуна и ца гинехь, маьIIаргонна боьршалла а йаьгна вуьсур-кх со!

– Баьгнехь, дика хир дара, Янаркъа, баьгнехь, хьан ирс бара, – бIаьргех оьху хиш дIахьоькхура Хьайбуллас. – И боьршалла вайна оьшучуьра дIабаьлла!

– Ма алалахь иштта! Цхьанхьа цавевзачохь Iожалла хилахь, хIара нохчо боьрша а хиллий-те бохуш, нах боьлур бу сох…

Накъостийн забарш дIатийча, халла дешнаш къаьсташ, лохха иллин мукъам болийра Iаьлбага, ткъа Нурхьаьжас тIаьхьара гIигI бира:

Доза дац хьан мехкан, хьоьгарчу ницкъан,

Хьолана вукъвелла, хьере хьо хилла.

ХIай паччахь, дитахьа тхан миска рицкъа,

Ма Iиттахьа тхан коча гIиллакхаш хийра.

Латта ахь дIадаьккхи, маршонах дехи,

Лай хилий, кIелсаца халкъе ахь боху.

Дитахьа кхузахь тхо машаре даха,

Цхьаьнгге а, хIумма а ца доьху оха…

Елисей ца кхетара иллин дешнех. Амма, Iаьлбаган аз чагIделча, цIеххьана корта хьала а тесна, цхьа тамашийна хазачу озаца тIаьхьара ойъуш, гIигI бира цо а.

ГIеттинарг шен маршо, шен доьзал ларбан,

Зуламхо кхайкхавой, ахь тIепаз войъу.

Хьайна мотт хьоькхучу чаьлтачийн арданг,

Тхан цIийца совгIат деш, ахь даржехь ойъу.

Тхо цкъа а ца гIиртина нахана новкъа,

Кхечеран маршо а лийрина оха.

ГIийлачун, мискачун гIодина оха,

ХIай паччахь, дитахьа тхо машаре даха…

Вукху шина цIарна уллорниш а хIокхарна тIегулбелира. Йуьхьанца доьхна доладелла илли, цхьа гушвоццу дирижеран куьйгаллина кIел дахча санна, низаме деана, Iаннашца, аьрцнашца кхерстира.

Герз буйнахь кхерсташ йу хьан къиза гIера,

Йагайеш тхан йарташ, бошмаш а, хьаннаш.

Къизалло кхерийначу зударийн, берийн

Маьхьарша Iадийна тхан лаьмнаш, Iаннаш.

Тхан халкъан масанне турпалхо вайна,

Даймахкахь тIехIотта кошан барз боцуш,

Байна уьш, хIоттийна чуртан тIулг боцуш,

Халкъан сий лардина къонахий майра…

– ХIейт, гора, кIентий, йаI!

Амма тхан бакъо йац къарделла, совца,

Турпалчу тхешан дайн весеташ дохо,

Къийсаман новкъара нацкъара довла,

МостагIчун герзана дуьхьал букъ тоха!

Бакъо йац нохчочун – маршонан кIентан –

Дуьненахь цхьанне а хьалха гора хIотта,

Ма гIерта тхо къардан, къарлур дац хьоьга,

Стогаллех ца духуш, тхо лийр ду лиэташ.

Iаннашца, аьрцнашца шалха-кхалха дуьйлуш кхерстина и илли эххар а сецира. Цуьнан ницкъо гIаттийча санна, цIеххьана баьллачу чехкачу мохо айъина ло, хIаваэхь бIийзалгаш йеш, хьаьвзира.

ХIораннан бIаьргаш охьа чу, ломан когашка а догIаделла, севццера. Царах цхьаболчарна хаьара Iаьлбага нохчийн а, Iаьрбийн а меттанашкахь назманаш а, иллеш а йаздеш хилар. Амма цкъа а ца хезнера цо уьш ша олуш. ХIара дуьххьара дара. Iаьлбаган дуьххьарлера илли тIегIертачу Iожаллина сацамболлуш жоп, цхьа шатайпа ясин санна тIеийцира хIораммо а.

ТIаьхьа-тIаьхьа хьерадуьйлура дарц. Амма наха ца йохайора хIоьттина и хьурмате тийналла. Дусаделлера Елисейн, аьрзунан тIемаш санна, дIасадаьржина дуькъа хьаьрса цIоцкъамаш. Янаркъина а, Хьайбуллина а йицйеллера шайн забарш а, йерзинайевлла, шелоно сенйина меженаш а. Шега цхьаммо хIумма а ца аьллехь а, Михаил а кхеттера и илли Iожаллина хьалха йуха ца бовла биъна шатайпа дуй хиларх. Букъа тIехьахула пхьарс а тесна, Янаркъа шена тIе а озийна, леррина цуьнан бIаьргаш чу а хьаьжна, велакъежира иза.

– ХIун боху ахь, Мишка? – хаьттира вукхо, иза мара а къовлуш.

– Летта лийр ду вай, Янек!

– Амма эрна-м лийр дац, – корта ластийра Янаркъас.

– ХIаъа ткъа, Янек. Вай гойтур ду мостагIашна ламанан аьрзунаш муха ле!

Шина доттагIчо шабарца йина чIагIо цхьанне а ца хезира. Шен даг чохь изза чIагIо йеш вара хIор а.

Масех минотехь лаьттина и хьурмате тийналла йохийра Iаьлбага.

– КIентий, дика ладогIал соьга, – элира цо, хьала а гIеттина.

Вуьшта а тийна Iен нах Iаьлбагехьа бирзира. Селхана дуьйна ладоьгIура цара хIокху миноте. Селхана хIорш кхуза кхаьччахьана, даим ойлане, тийна гора царна имам.

– Вайгара хьал гуш ду шу, кIентий, – гуонаха бIаьрг туьйхира Iаьлбага. – Вай хIун дича бакъахьа хета шуна? Алал шайна хетарг.

Цхьа а вист ца хилира.

– Тхуна-м ма хаац, Іаьлбаг-Хьаьжа, – эххар а вистхилира йуккъера цхьаъ. – Хьуний, хьан гІоьнчашний дика хуур ду дан дезарг. Аш къастийнначу новкъа дІагІоьртур дукх тхо. Ахь алахьа хьайна хетарг, шайн барт хилларг.

– Бакъдерг аьлча, со дагаваьлла вац гІоьнчех. ХІара тІаьххьара а сацам массара а цхьаьний, бертахь тІеэца лаьара суна.

– Ахь алахьа, Іаьлбаг-Хьаьжа, хьайн дагахь дерг, – элира Солтмурда. – ТІаккха оха а аьр тхайна хетарг.

Іаьлбага йуха а бІаьрг кхарстийра нехан йаххьаш тІехула. Бете буй баьхьна, йайн йовхарш туьйхира цо.

– Делахь-хІета, ас долор. Дах а дийр дац. Доцца аьлча, маршо ца йаккхалахь а, жимма паргІато йаккхалур йацара-те, паччахьо доьзалш хене баххал латтанаш мукъане а схьалур дацара-те, жимма адамех тера даха а дуьтур дацара-те аьлла, гІевттина вай. ВорхІ бутт хьалха ваьш гІовттучу хенахь, вай тешна дара вайца дерриг халкъ гІоттург хиларх. Иза а, важа а ца хили. Вай долийна гІуллакх иэшаме дирзи. Дуккха а адам хІаллакьхили, иттаннаш йарташ чим беш йагий, бІеннаш доьзалш байлахь биси. БІеннаш нах махках бехи. Амма иэшначу вайна тІехь ден долу таІзар хІинца а ца долийна. Иза долор ду кхана-лама, ДегІастанца дерг чекх а даькккхина. Суна хІун лаьа? Лен волчу дархочо буьйса ма йоккхалда, бохуш кица ду. Вешан оьмарехь девлла лелла девр дац вай. ХІинца дІасадаржа. Іедало лаьцначунна а, шен лаамехь тІеваханчунна а дерригенна а со бехке ван пурба ду шуна. ТІаккха, хьанна хаьа, къинхетам бан а мегий шух-м. Шух ца бахь а, шун доьзалех мукъане а. Со Іедалан кара гІахь, ас а, айса шу Іехийнера аьлла, берриг бехк сайна тІелоцур бу.

Нахана йукъахь резабоцуш гІовгІанаш йевлира.

– Іаьлбаг-Хьаьжа, ахь дуьйцург-м хьуна тхо нах ца хетачух тера ма ду, – элира Раджаб-Іелас массарна а тІера. – Хьо бехкевар-м хьехо а ца оьшура, уггар хала киртиг тІехІоьттича, хьо-хьуо а витина, тхо дІасадаьржар доцийла ца хаьа хьуна?

– Ахь кховдийна хьалхара некъ оха тІелацац, Іаьлбаг-Хьаьжа, – имаме хьаьжира Тозуркъа. – Тхуна гайта кхин некъ буй хьан?

Іаьлбаг цец ца велира церан жоьпах. Иза кхечу агІор хуьлийла а дацара.

– Аш дуьйцург къонахийн хабар ду, кІентий, – элира цо, массаьрга а ла а доьгІна. – ГІиллакхе, йохье девлла, хІаллакьхила бакъо йац вайн. Стенна оьшу иза? Хьанна хаьа, шо, ши шо, итт шо даьлча, йуха а маршонан гІуллакхна хьашт хила ма мега шу. Къонахий диэнна ца бо наноша. Уьш шарахь цхьаъ-шиъ волу халкъалахь. Шаьш кхоо деза аш, кІентий. Дуьхьало эрна йу. Тахана Іумма-Хьаьжера хаам кхаьчна соьга. Іаьндара масех бІе стаг валош, ЧІебарла йухавеанера иза, амма йуха а иэшам хилла, вай санна, масех стагаца ведда лела. Шайна луург, шен кІелхьарвала меттиг берг кІелхьарвала. Органал дехьахь, Теркйистехь, ГІалгІайчохь, Гуьржех а, ХІирийчохь а хІокху меттигашна генахь къайладовла. Мелла а хан йалийтина, шайн йарташка йухадоьрзур шу. Хьанна хаьа, вайна оьгІаздахана Іедал а хенан йохалла додала а ма мега.

– «Шу» бохуш ма Іа хьо даим а, айхьа ден дерг ма дац хьан дуьйцуш?

Шен дакъаделла лилхинчу балдех шога мотт хьаькхира Іаьлбага. Цхьана йукъана лаьттан бІаьра вогІавелла а Іийна, тІаккха сацамболлуш вистхилира иза.

– Со ДегІастана воьду, кІентий. Шуна ма-хаъара, масех де хьалха цара дІавехна со. ТІаьххьара минот тІехІотталц лата лаьа суна. ТІаккха ша хирг хир ду.

– Ой, тхо дахка ца мега хьоьца?

– ХІан-хІа, – корта хьовзийра Іаьлбага. – Соьца дахка мегар дац. Цкъа-делахь, вай дерриг цхьаьний дахалур дац цига. ШолгІа-делахь, ас санна, аш а, хІораммо ша вол-

волчохь ойла а йина, шайн лаамехь сацам тIеэца лаьа суна. ДIасагIо. Ойла а йай, дерриг дустий, уозий, тIаккха шайна шайн даго хьоьххург де. Ас сайн вежаршна а пурба лац сайна тIаьхьахIитта. Ас ма-аллара, шех къинхетам бийр бу аьлла хетарг Iедална тIегIо, Iедалан кхинхетаме догдохуьйла йац аьлла хетарг цхьанхьа генахь къайлавала. Къийсамехь вожар шен декхар хетарг, ша хIоттий, суна тIаьхьа ДегIастана дIавола. Амма тахана суна тIаьхьара дIадовла. Сан тIаьххьара дош ду иза.

Шена хьалхара нах дIаса а теттина, Iаьлбагна хьалха хIоьттира Акхта.

– ХIан-хIа, Iаьлбаг-Хьаьжа, тIаьххьара дош-м тхан хир ду, – элира цо, Iаьлбаган бIаьргашна тIе бIаьргаш а боьгIна. – Хьо оха хаьржина. Тхан лаамца хилла хьо имам. Оха тхаьш хьо дIатасале, тхо дIатийса бакъо йац хьан.

– Нийса боху Акхтас! – йуккъера схьа мохь туьйхира Сулимана. – Вай биъна дуй бицбина ахь, Iаьлбаг-Хьаьжа?

– ХIаъа, ткъа, – гIо лецира ЯнгIулбис. – Вай дуйнаш биъна тIаьххьара минот тIехIотталц лата а, дала а.

Елисей, цхьа-ши гIулч хьалха а ваьлла, Iаьлбагна улло хIоьттира.

– Хьох ваьлла ваха меттиг бац санний, Михаиланний.

– Шун-м аьтто бара, Элса, кIелхьардовла. Росси йоккха йу, массанхьа а оьрсий бу. Генна цхьанхьа дIа а гIой, цIе а хийций, ваха хаа.

– ХIан-хIа, Iаьлбаг. Кханехьа тIай дагийна охашимма. Хьоьца бу тхан кхоллам, кхин хабар ца дуьйцур вай.

Коьрий, Къайсаррий вист ца хуьлуш лаьттара. Iаьлбага хIуъу дийцахь а, цунах къаьстийла дацара цаьршиннан!

– КIентий, со Iожаллина тIе ма воьду! – аз айъира Iаьлбага. – ДегIастанарчу вайн вежарша дIа ма кхайкхина со. Цара кхойкхург со ма ву, шу ма дац.

Нахана йукъахь гIовгIанаш йевлира:

– Тхо къаьстар дац хьох!

– Хирг цхьаьний хир вайна!

– Вешан дуй ларбер вай!

Церан бIаьргаш чу хьоьжуш, маьхьарий совццалц вист ца хуьлуш лаьттира Iаьлбаг.

– Дика ду, кIентий. Чевнаш хилларш тховссехь дIасагIур. Могаш-таза верг соьца дIавола. Азаллехь йаздинчух девр дац вай.

Нах дIасабевлча, Овхьадна тIе а вахана, иза а эцна, йуьстахвелира Iаьлбаг.

– Овхьад, хьо кхузахь, цIахь, вуьсу, – элира Iаьлбага, цуьнан пхьарс лаьцна.

– ХIунда? – цецвелира Овхьад.

– Тахханехь Iумма-Хьаьжина тIе йухагIур ву хьо. Кхузара гIуллакх чекхдаьллийла хаийта цуьнга. Со цхьа кIеззиг нахаца Iаьнда вахана а ала. Кхин йуха ца хьийза. Сайна тIаьхьа дIавар цуьнан лааме дуьллу ас. Амма тхойшиннан декхар ду дегIастанхошна гIодар. ГIо ца далахь а – цаьрца къийсамехь вожар. Уггар хала киртиг тIехIоьттинчу деношкахь даим а суна уллохь хилла Iаьндой, суьйлий. Царах дуккха а турпала эгна вайн лаьмнашкахь, хьаннашкахь. Вайн а, шайн а маршонан дуьхьа. ХIинца рагI вайга кхаьчна.

Iаьлбаг дIатийра. Цецваьлла цуьнга дIахьаьжначу Овхьадна гира бIаьрнегIар

тухучу йукъана имаман бIаьргаш чохь иккхина доза доцуш йоккха гIайгIа. Амма Овхьад хазза хьаьжна а валале, йуха а, даим санна, алунах бага буьйлира уьш.

– Хьо гуттаренна а вуьсу цIахь. Аьлча а, тхуна тIаьхьа ца вогIу хьо.

– Ахь хIун дуьйцу, ва Iаьлбаг!.. – цIеххьана Iаьлбагна дуьхьалвирзира Овхьад.

Амма цуьнан хьажаро дIатевира иза.

– ТIаьхьаван пурба дац хьуна, – элира Iаьлбага, аз айдеш, тIаккха гIийло тIетуьйхира: – Тхо саннарш дуккха а бу Нохчийчохь. Молланаш а, цхьа элп цахуурш а. Майра а, доьналла долуш а. Халкъан дуьхьа синош дIадала кийча тIемалой. Амма хьо саннарш бац. Берса а, хьо а саннарш. Оьрсийн мотт-Iилма а хуу, амма халкъана тешамениш. Берса а кIелвисина. Хьо цхьаъ вуьсу, Овхьад. Амма хьан аьтто бу хьо санна итт кхио. Цара а хIораммо итт-итт кхиор ву. Хьанна хаьа, цхьа шовзткъе итт шо далале, хьо санна кIентий бIеннаш хила а ма мега. ТIаккха гIертар дац вай бIаьрзе хьалха. ТIаккха хуур ду вайна хьаьнца, муьлхачу новкъа даха деза. Iумма-Хьаьжега сан кост дIа а кхетадай, Гуьржех дIагIо. Церан махка тIе ма-веллинехь, дукха гена йоццуш Коби цIе йолуш йурт йу хьуна. Цигахь аьчка-пхьар Гиго Беридзе цIе йолуш стаг а хаттий, цуьнга хIара мухIар гойтур ахь, – Iаьлбага, шен пIелгах даьккхина, Iаьрбийн йозанан хьаьркашца йазйина горга экъа йолу дато мухIар кховдийра Овхьаде. – Оцу стага вига веззачу дIавуьгур ву хьо. КхидIа дан дезарг тIаьхьарчо гойтур ду хьуна. Варийлахь, ларлолахь. Хьо дIавахале, аьтто хилахь, Берсех а кхета. Схьахила, маравуллу ас хьо.

– Оьшурий-те со цига дIаваха? – хаьттира Овхьада, шен чIениг Iаьлбаган белша тIе а таIийна.

– Оьшу, Овхьад, – меллаша лерехь жоп делира Iаьлбага. – Варийлахь, диц ма делахь ас аьлларг. Хьой, Берсий саннарш кхиабелахь. Сан весет ду хьуна иза.

ТIаккха, вовшийн марара а ваьлла, куьйгаш дIа а ца хоьцуш, вовшашка хьаьжира и шиъ…

Цхьа сахьт далале, чевнаш хилларш а, могаш боцурш а дIа а къастийна, шеца бисинарш багарбира Iаьлбага. Уьш кхузткъа вара.

– Ма тамашийна нисделла хIара! – элира цо уллохь лаьттачу Коьрега.

– ХIун хилла? – ца кхийтира Коьра.

– Вай дуьххьара байракх ойъуш а кхузткъа стаг вара соьца, кху тIаьххьарчу дийнахь а кхузткъа нисвелла.

– Диканна хила ду, – тидира иза Коьрас.

– Амма оцу хьалхалерчу кхузткъаннах ах сов бац тахана вайца… Цхьаберш байъина, цхьаберш, лецна, махках баьхна…

– Вайх хиндерг а хаац. Вай новкъа довлале, доьзалх кхетий хьо?

– ХIан-хIа, Коьра. Нахана йукъара а къаьстина, со воьдуш товш хир дац. Церан а ма бу доьзалш.

Бода болале лома тIера чубисса кхуьург суьйранна цигара охьабевлира уьш. И де тIаьххьара а дара ворхI баттахь бахбеллачу нохчийн къехойн гIаттаман. Шен кхузткъа накъостца къийсамна гIеттинчу ДегIастанна гIоьнна вахара Iаьлбаг.

Иза хилира 1877-чу шеран 15-чу октябрехь…

XVI корта. ДОРЦАН БУЬЙСА

Цхьа къона йоI йу со,

Хьо цIера дIавоьдуш.

Къанйелла карор йу,

Нагахь хьо цIа верзахь…

Овидий

1

ХIокху ворхI беттан къизаллин лар йу ког дIа мел баьккхинчохь. Даьгначу диттийн, докъарийн, йалтийн, дечигийн кIуьрзан хьожа меттахъхьайина йочанаша. Хьо муьлххачу агIор дIавирзича а, мерах йеттало иза.

ЦIенош чохь а йу изза лараш. Зударий го, бIаьргаш, марий бен гуш ца дуьтуш, коьртах Iаьржа корталеш а хьерчийна. Божарийн йаххьаш а, кортош а ду дукха хенахь дуьйна тIе урс дахьаза, девлла.

Байъинчийн чIир кхобу хIор а хIусамехь.

Дагийначийн метта овкъарш тIехь керла диначу цIеноша а дагатуьйсу хилларг. ХIинца а дакъадалаза ду цкъа дуьйцина дина, тIаккха тIе стомма поппар хьаьхна пенаш. ЭтIаршна йуккъехула схьакъеда бецийн сийна зIийдигаш. Кхин дакъадалар доцуш, Iаьн кIел гIур ду уьш.

Тховса, хьаша веана аьлла, дуьххьара цIа чу цIе латийра Дешис. Поппарх керла биначу шуьйрачу маьнги тIехь цкъа чах стомма чкъор дина. Цунна тIехула тесна шочах йина тиша черт. Оцу тIехула даржийна наггахь цхьа хийра хьаша веача бен Дешис схьа ца оьцу цIен-Iаьржа бустамаш дохуш кечдина доккха истанг. Ненан совгIат дара иза.

Товханна чохь очакх тIехь хьерабаьлла кхехка Iаржбелла цIеста йай. Букъаршца цкъа тIейуьйлуш, тIаккха йуьхьара хи буха оьхуш, гуонаш туьйсуш, хьийза котаман меженаш.

Товханна хьалха кенийн миндар тIехь хиъна Iа Деши. Цунна хьалха текхахь галнаш йан тобина ахьаран мижарг бу. Цунах кIез-кIезиг бохуш, цкъа буйнахь Iовдуш, тIаккха керайуккъе таIош, галнаш текха охьатуьйсу цо. ХIор а минотехь стамло барз.

Селхана хьеший баьхкина АйзагIаьрга – Оьрза-ГIалара Андрей а, Корней а. Шайн ши доттагI МIаьчиг а, Васал а вийна аьлла хезна. Тахана дIавахале, ши хьаша чукхайкхира Болата. И шиъ эцна кешнашка вахана иза, уьш цIа берзале кхача кечбан гIерташ йоллу Деши. Шен болчу кхачанан йерриг тIаьхьало вовшах а тоьхна.

Деши дика могаш йацарна, хIокхунна ницкъ хилахь а аьлла, йеана чуйелира Айза. Деши йезза хьалаайъаелира.

– Ас йийр йарий хьуна и галнаш, – элира Айзас, халла хиъна Iен Деши а хьостуш. – Соьга хIунда ца хьожура хьо, диканиг?

– ХIара-м хала доцург дара, нана.

– Саьрамсекх аьттий ахь?

– ХІан-хІа.

– Мичахь бу иза?

– Битахьа, нана. Цул, охьа а хаий, цхьаъ дийцахьа.

Дешин боккха Іаьржа ши бІаьрг тІанк-аьлла хих буьзира. Тохаделира дехий цІоцкъамаш. БІаьргаш чуьра схьаІаьнна боккха ши тІадам, беснеш тІехула охьа а хьаьдда, горгачу, дуьзна лелха дохкучу накхошна тІе буьйжира. Улло охьа а лахйелла, Деши марайоьллира Айзас.

Буйнара мижарг текха а хецна, доггаха йилхира Деши.

– Ма йелха, – шен тІунбелла бІаьргаш а, дего аз а къайладаккха а гІерташ, къоначу зудчун сатедан гІоьртира Айза. – Дала йаздинчух вер вац цхьа а. Болат-м, Дала мукъалахь, могаш а, дийна а ву. Кхечаьрга а хьажий, ойла йел ахь. Макка ца го хьуна, кегийчу берашца цхьа йисина? Кхин масане зударий бисина…

Айзина карлайелира шен декъаза къоналла. Іела Хонкара вахча, шина кІантаца ша цІахь йисар. Оццу шарахь кхелхина да-нана а. Стохка лаьцна Іела а. ХІинца Іумарх хІун хир а хаац… Амма цо шегара бала ца къадийра.

– Ас хІун дан деза, хІара лаьцна Сибрех вахийтахь?..

Айзас дайн куьг хьаькхира къоначу зудчун коьртах.

– Дала къинхетам бийр бу. Массо а са долчу хІуманна цхьацца верас ма вуьту цо. Эсет ца го хьуна? Цуьнан дегІах бер хьаьрчина кхо бутт а кхачале, Хонкарахь велира цуьнан цІийнда. ХІинца, гой хьуна, воккха хилла кІант ву. Хьайниг-м, дала мукъалахь, дийна ву. Ца лоцуш виса а мегий иза-м. Лацахь а, цІа вогІур ву. Къанйеллачу ас а ца дуьллу сайчух дог. Осала ма хила.

Арара схьахезачу божарийн къамело дІатейира ши зуда. Хьалха Андрей а волуш, чувелира кхо стаг. ХІокху дІадаханчу шийтта-кхойтта шарахь цавовззал хийцавеллера Андрей а, Корней а. Андрейн мацахлера Іаьржа, йуькъа маж тІе йис йиллича санна йара хІинца. Шина а бІаьрга тІера дІа лергашна тІекхаччалц дІасадаьржинера кІорггий хебарш. Амма дегІ дара, хьалха санна, зоьртала, нийса. Пхьаьрсаш а – андий, гІораш санна, стаммий.

Хьалхалера аьрхаллин цІе йайнера Корнейн бІаьргаш чуьра а. Стенна делахь а, гІайгІанийн мархаш йара бІаьргийн кедаш тІе хІиттина.

Когара эткаш дІа а йаьхна, маьнги тІе а ваьлла, баьрче охьахиира ши хьаша.

– Тховса буьйса йоккхуш Іейша, Андри, – элира дечиган кедахь окхлоца саьрамсекх отуш йоллучу Айзас. – Шина кІантана а лаьара вуьсийла. Юсуп а цІа вогІур вацара-те? Церан дайн безам ма бу шуьшиъ.

– Іойла дац, Айза. Хазахета а Іийр вара. Наташин сагатлур ду. КІантана сагатдо цо. Кехат данза ши бутт а баьлла.

– Чекхболу ца боху и тІом а?

– Дера, ца боху. Массеран а кийрахь шийла ша бу. Шайн-шайниг вийна аьлла, хІинций-хІинций хаам кхочу бохуш, ладоьгІуш Іа массо а. Туркошца берг дІабаьлча, кхин болор бу. Хьерабевлла хІара дуьненан паччахьаш. Цара хІун къуьйсу, царна хІун оьшу а хаац-кх. Маситта къам шен Іедална кІел доьллина, хІокху масех бІе шарахь церан йаьІни тІе а хиъна Іа, боху, туркойн паччахь. Хьо гІаш дІаволавелча, цхьана маьІІера вукху маьІІе шина-кхаа шеран некъ бу оьрсийн паччахьан мехкан а. Ткъа мел дукха мохк бу, боху, эрна Іуьллуш! Ахь баттахь некъ барх, йурт-м хьовха, адам а ца гуш. Хьаннаш, шера аренаш. ХІетте а, ца тоьу. Йузац сутара гайнаш. ХІара дерриг дуьне дІакхалла гІерта хІор а паччахь а, церан ардангаш а.

– Шу гIалгIазкхийн-м латта а дара, – элира Болата. – Тхайниг ду доьхна гIуллакх. Иза тодан а гIоьртина, долчу тIе а галдаьккхи оха.

Корнейс корта ластийра.

– Тхан мичахь ду латта? Пачхьалкхан ду-кх. ГIалгIазкхи паччахьна гIуллакхдечура сецча, дIадоккху цуьнан кха. Санний, Андрейнний данне а дац латта. Тхойша эскарехь гIуллакх деш ма вац. Андрей аьчка-пхьар ву, ткъа сан ницкъ бац говр, герз, барзакъ эца. Со саннарш дуккха а бу тхо долчохь.

Дешис кхача хьалха буьллуш а луьйчура ца сецира Андрей. Шена Iаьткъинарг дерриг охьа а далхийна, дог Iабо гIертара иза.

– ХIаъа ткъа, Корней, шен берашна баьпкан йуьхк йаккха гIерташ, къанвелла. Корней а, со а саннарш шайн вархIий дайшкара дуьйна схьа хьолахошна беца, тIом хилча, царна хьалхара цIий Iано оьху. Нийсо мичахь йу? Цхьаннахьа а йац. ХIара дуьне дуьззина харцо йу. Масех бIе шо ду оьрсийн халкъо оцу харцонна дуьхьал къуьйсу. Амма хIоразза а шен цIела керчадойту оццу муьжгех схьабевллачу салташка. Шен халкъ лоллехь даллийна ца Iа вайн паччахь, изза салтий бохуьйту цо шайн маршонехьа къуьйсу кхидолу къаьмнаш хьаша а.

Йуург йиъна, жимма Iийна, дIабаха арабевлира хьеший. Говрашна тIеховшале, массарна а маралилхира уьш. Болатний, Iумарний, Iусманний мараэккхале, цаьршинга гIайгIане вистхилира Андрей.

– Кхузара доттагIий чекхбевли тхан, кIентий. Аьрзу, ДанчIа, Iела, Маккхал… ХIинца – Васал, МIаьчиг… Дика адамаш а, къонахий а бара уьш… Дала мукъалахь, Iела а, Маккхал а могаш-маьрша цIа воьрзур ву. Амма важа виъ вукху дуьненахь бен гур вац. МIаьчиг кIур боцуш чекхвели. Вукхеран-м тIаьхьенаш а йу. Со а мел вехар а хаац. Къанвелла. Амма сан дехар ду шуьга, кIентий. Варийлаш, шайн дайн доттагIалла ма дицделаш. ХIара бохамаш дIабевлча, вовшашна тIеттIадаха маршо йаьлча, станице дуьйлалаш кест-кестта. Корнейн а кIентий бу кхуьуш. Иванан а шиъ кIант ву воккхахуьлуш. ХIарра весет цаьрга а дийр ду оха. Цхьана сий доццу адамаша мостагIалла а дожадо къаьмнашна йукъа, дикачу адамаша доттагIалла а кхуллу. Дика адамаш дукха ду вуочел. Дала мукъалахь, нийсо а, доттагIалла а тоьлур ду. Шуна тIе кхерам кхозабелла, амма тхан ницкъ бац гIо дан. Оха-м, Iедалх довдийна, тхаьш долчу дIадуьгур дара шу, тIаккха хиндерг а хаьа-кх вайна. ХIан, марша Iойла шу! Дала диканна цхьаьнатухийла вай…

Андрей, говра а ваьлла, дIаволалуш, цуьнан бIаьргех охьахьаьлхина сирла бIаьрхиш гира Iусманна.

Оцу бIаьрхишна йуккъехула Андрейна хьалхахIуьттура мацах цкъа станице баьхкича, шена тIедалийна Iелий, Айзий. Турце кхалха кечлуш, йохка цхьа аьттан цIоьллак йалош веана миска МIаьчиг а, майра Аьрзу а, хьекъале Маккхал а, догцIена ДанчIа а…

«Къонахий дIабовлуш лаьтта нохчашний, гIалгIазкхашний йукъара. Цхьа хIуоранаш йу бухахь йуьсурш. ХIуоранаш. ХIокху Iедало йина хIуоранаш».

Иза ду Андрейна Iеткъарг…

2

Хьеший Гати-Юьртан мехкан дозанал дехьа а баьхна, цIа вирзира Болат а, Iумар а.

Деши, товханна хьалха охьа а хиъна, пхьегIаш дIалуьстуш карийра Болатна. Башха чолхе а йацара пхьегIаш: лоха когаш болу дечиган горга шун, кхийран биъ кад,

дечиган масех Іайг, дуткъачу серех дуьйцина чоьлпа.

Зудчух бІаьрг ма-кхийтти хиира Болатна иза хІума йааза хилар.

– Ахь хІума хІунда ца йиъна, Деши? – хаьттира цо, йукъахдихкина шаьлтий-доьхкий схьа а достуш.

– Йезац суна, – гІийла жоп делира вукхо.

– Хьайна бала бо ахь. Вай делхарх, хила гІо ма дац. Рицкъанаш делехь ду.

– Хьо тховса цІахь вуьсий? – кхоьлина ши бІаьрг Болате хьалахьажийра Дешис.

– Дера вуьсу. Тоьур ду идар.

– Салтий багІахь, хІун дийр ду?

– Хезаш хІума-м дац. БагІахь – богІур бу-кх. Цул, уьш а дитий, суна а гуш, хІума кхаллахьа.

Боги чу йехкина галнаш а, жижиг а шена хьалха а оьзна, майрачунна тамбархьама, дог ца догІуш хІума кхалла гІоьртира Деши. Амма, халла цхьа гала а, кІайчу жижигах цхьа-ши хьаса а кхаьллина, сецира.

– Реза вац со ахь лелочунна, – когара мачаш дІа а йаьхна, маьнги тІе велира Болат.

– ХІунда? – ца кхийтира Деши.

– ХІума йаа ма йеза. Хьан хьолехь йолчу зудчунна дегІера ницкъ эшар кхераме ду, ма боху.

Дешис доккха садаькхира.

– Сан ирс делахь, йелла дІаер йу.

Болат дІатийра. Цхьадолчу готтачу корехула чукхета серло кІез-кІезиг лагІлуш, чохь бода хІотта буьйлира. Генадоццуш хезара ловзучу берийн гІовгІанаш. Маьхьаршна йукъахь къестара Мохьмадан шатайпа омране аз. Эсета, цхьаъ бен вац, Аьрзун тІаьхье йу бохуш, шен йоІбІаьрг санна ларвора кІант. Амма Мохьмад ца туьгура ненан буйна верза. Иза аьрха, амма хІуманах кхеташ, хьекъале кхуьура. Ден цІий ца Іара шениг дитина.

Цхьацканхьара схьахезара зударийн а, божарийн а маьхьарий. Лакха тІехь, шина чуьрте а ваьлла, цхьаъ-м кхайкхош воллура Даси. Бераш цІа кхойкхучу нанойн маьхьарий а хезара. Цхьаболчара хьоьстуш, шолгІачара – кхерамаш туьйсуш, чехош.

Берийн маьхьаршка ладоьгІучу Болатан йуьхь сатийсаме йекхайелира. Ма дика ду-кх хІара Деши берах йолуш! Нагахь лаьцна вигахь, валаза а висахь, итт-пхийтта шо даьлча, цІа вогІур ву иза. ТІаккха цІахь гІеметта хІоьттина кІант карор ву цунна. ДанчІин кІур бовр бац хІинца…

– Деши, улло йолахьа.

Йезза гІеттина, тІе а йахана, цунна улло охьахиира зуда.

– Ма дика ду-кх хьо иштта йолуш! – элира Болата шен дагахь дерг, цхьана куьйга зуда мара а къевлина.

– Тхойшинга хІун дика хьегийта воллу хьо? – шен бесни Болатан беснех таІийра Дешис. – ХІокху эвлахь жоьра бисинчу зударша хьоьгург ца го хьуна?..

– Кхоьру хьо?

– Кхоьру. Хьох йаьлча, тоха са дац сан…

– Дала собар лур ду.

– Хаац. Цо собар ца лахь, со дог иккхина лийр-м йу.

Кхехкачу хин тІадам тІебоьжча санна, бесни йагийра Болатан.

– Йуха а йелха йуьйли-кх хьо?

– Садетталац, Болат. Хьо лацахь, хьоьца дІайогІур йу со.

– Муха? – гІаддайна велавелира Болат. – Зударийн меттиг йац Сибрех. Цигахь божаршна а хала ду, боху. Мацалла. Шело. Іазап.

– Хирг цхьаьний хир вайшинна.

– Забарш ма йелахь!

– Ас-м забар ца йо. Дуккха а ойланаш йина, ас тІаьххьара а тІеэцна сацам бу иза. Ас хІун до, хьох а йаьлла, цІахь йисина?

– Хьан да-нана ма ду.

– Царал а дукхавеза кхоьллина хилла-кх хьо…

– Сох хІуъу хилахь а, хьой, кІанттий диса деза, Деши.

– ХІун кІант?

– Вайшиннан хинверг.

– ЙоІ хилахь?

– Биэн а дац. Вайшиннан йоІ хир йу-кх иза а. Йоккха а хилла, маре йахча, цуьнан кІентий хир бу. Со кІур боцуш ван лаац суна.

Дешис, цхьа пхьарс тІехула а тесна, маракъевлира Болат. Шад хилла къамкъаргехь сецнера кийрара арагІерта къаьхьа мохь. Цуьнан урх къуьйлура къоначу зудчо. Къурдаш деш, йуханехьа чутоьттуш. Болатна хиира цуьнгара хьал. Зудчун коьртах дайн куьг хьаькхна, дуьрачу бесни тІе барт баькхира цо.

– ЦІера валахьа, Болат…

– ХІунда?

– Салтий багІахь, лоцур ву-кх хьо…

– Со ведча, шу хьийзор ду. Зударий. ХІан-хІа, Деши, иза дийр дац вай. Тхо цхьадолчарна шера хаьара мацца а цкъа хІара де тІехІуттур дуйла. Тхаьш герз кара а эцале. Туолахь – туола а, иэшахь – дала а ма девллера тхо хІокху новкъа. Сайн са дадийна, валлалц ведда лелла вер ма вац. Іожаллех ида ца гІевттинера тхо. Ша динчух жоп дала а къонах веза. Маршонан кІенташкахь товр дац кхерамах, Іожаллех идар, – гІийла велакъежира иза.

Тховса хІара шиъ хилла ца Іара оццу гІайгІано дІалаьцна. ХІарра сурт дара бІеннаш хІусамашкахь а. ХІокхул а бохамениш а.

Нохчмахкара гІаттам хьаьшча, хьаннашкахь а, гена йарташкахь а, ХІирийчохь а, Гуьржехахь а къайлабевлира цхьаболу цуьнан дакъалацархой. Уьш хьаннашкахь лоьхуш, лоьцуш, царна тІаьхьа толлуш а лелара регулярни эскарийн отрядаш а, лаамхойн командаш а. Лоьхура уьш гена йарташкахь а. Амма, гІовттамхой берриг лецалург хиларх дог а диллина, нагахь уьш шайн лаамехь тІебагІахь, царна гечдар кхайкхийра Іедало.

Йуьхьанца тІебаьххинарш маьрша битира. Уьш ІаІІалц. ТІаккха кІез-кІезиг царна йукъара леца болийра. Іедалан тешнабехк гучубаьлча, важа бисинарш тІебахка ца туьгура. Царна дуьхьал а герз карийра Іедална. ЦІахь болу церан доьзалш, лоьцуш, дІабуьгура Хаси-Юьрта, Ведана, Шуьйта, Соьлжа-ГІала а. Уьш цигахь латтабора бехкениш тІебахккалц. Йерзинчу стигал кІел. Меттигерчу бахархоша царна бохьу кхача а цаьрга дІа ца лора уьш мацалла ца балийттал бен.

Болатна шера хаьара изза хьал кхузахь а хІоттор дуйла. Тховса-кхана бохуш, ладоьгІуш Іара. Іаьлбагера пурба хилча, шен лаамехь тІе а гІур вара иза.

Берсех дагавала сацам хуьлура цкъацкъа. Амма иза а ву-кх Шелахь, оцу мостагІийн арданга йуккъехь. Болатна шера ма бевза шен йуьртахой.

ХІан-хІа, шен лаамехь Іедалан кара ца воьдуш, Іаьлбагера хааме ладугІур ду цо. Нагахь дІалаца багІахь, водур а вац.

Буьйса йоьллера. ХІоккунна тІехула пхьарс тесна, тийна Іуьллура Деши.

– Деши!

– ХІай!

– Хьо сема йуй?

– ХІаъ.

– Шийтта шо хьалха Хонкаран махкахь Муш шахьарна уллохь, Мурат-хин тогІехь туп тоьхна, севццера биъ эзар гергга нохчийн доьзалш. Туркойн, оьрсийн паччахьийн бартаца махках баьхна. Оцу шина Іедало, мецачу жІаьлеша даьІахк санна, вовшашлахь къуьйсура тхо. Туркойн Іедал тхо Россин дозанца дита гІертара, ткъа оьрсийниг – шайн дозанна генна дІадаха. Цара и къийсамаш бешшехь, тхо хІаллакьхуьлура, мозий санна. Тхуна кхийдочу махке хьовса а бахана, йухабогІучу векалша, айъина валийна, тхан буьн чу охьавиллира сан да. Лен цамгар йара цунна кхеттарг. ХІетахь шийтта шо дара сан. Сол жима йиша а йара сан. Човка. Тхойшинна наб кхетта моьттуш, тийна йелха хІоьттира тхан нана. Леш воллучу тхан ден а, шина бераца хийрачу махкахь йуьсучу шен а ойла йо хир йара цо. ЦІа-цІе а, даа-мала а дацара. ХІор а дийнахь бІе сов стаг лара туьпахь. ДІабохка а ца кхиош. Мацалла а, махкалла хилла а. Ца йоьлхийла а дацара ненан. И санна эзарнаш наной боьлхура хІор а буса. ТІаккха тхан да кхайкхира цуьнга. «Хеда! – элира цо. – Ма йелхахьа, Хеда. Сайн дейтта шо кхаьччахьана дуьйна, виллина тІеман цІергахь кхиъна со. Вайн къоман маршонан дуьхьа лиэташ, вайн даймохк, доьзалш ларбеш. Чевнийн моьнаш а ду дегІ дуьззина. ХІинца йуха а со, дейтта шаре йуха а вигна, дІахІоттийча, йуха а оццу новкъа вер вара со. Цуьрриг дохко а ца ваьлла. Амма цхьаъ ду ас сайна гечдийр доцуш. Оццул суна безна, ас шен дуьхьа цІий Іенийна, бІаьрнегІар ца тухуш, шен дуьхьа са дІадала со кийча хилла даймохк а битина, наха дуьйцучух Іеха а велла, шу а далош, кхуза схьавар. Амма хирг хилла даьлла. ХІара нислур дац, вай делхарх. Вай кхузахь диса йиш йац. Дийна висинарг цІа гІур ву. Ши бер эций, цаьрца дІагІолахь. КІанте дийцалахь, со муха ваьхна, стенан дуьхьа ваьхна. Даймахке, халкъе безам латтабелахь цуьнан даг чохь. Маршонехьа къийсам ма сацабе, алалахь цуьнга. Иза сан весет ду. Ткъа хьо а ма йелха. Хьо-м нохчочун нана йай. Хьо йацара ткъа, луьра чевнаш хилла, со цІа масазза валаво, уьш сан йоьхкург, суна уллохь набарза буьйсанаш текхнарг? Хьо йацара ткъа, ас вайн йурт, къен лаппагІа ларйеш, суна улло а хІоьттина, мостагІех леттарг? Дог чІогІа, собаре, къонах хила ма йеза нохчочун нана. Цунна эхь ма ду, осала хилча. Ма йелха. Вайшиннан кІант кхиаве. Цуьнга дІало вайшиннан безам».

Болатан къамеле ла а доьгІуш, иза маракъуьйлура Дешис.

– Оцу буса кхелхира дада. Орца ала дІахьаьдира со. Аьрзу а, Маккхал а, Іела а волчу. Дада дІаволла кечвеш, со араваккха гІоьртира нана. Амма АьрзугІара чохь сацийра. «Іадвита, – элира. – Дерриг ган, дагахь латто». ТІаккха нана а, йиша а кхелхира. Хийрачу махкахь, горга буо хилла, цхьа висира со. ІелагІара даймахка валийра… Дицлац суна и денош. И жоьжахати. Цкъа а дицлур дац. Къаьсттина сайн

доттагI Соип вицлац. Мацалла леш йоллучу нанна кемсийн кан баккха цхьана хьалдолчу туркочун беша ваьлча, цигахь виэн а вийна, эвлал ара, берда кIел, варша кхоьссинера иза. Мацалло араваькккхина, хьаннашкахь кхерсташ, цуьнан докъана тIенисвелира со. ЖIаьлеша къуьйсуш Iуьллучу… Ас а, со санначу эзарнаша а лайначуьнга хьаьжча, хIара хьуна тIенисделларг ловзар ду хьуна, Деши. Варийлахь, собаре хилалахь! Къонах хилалахь. Хьо-м нохчочун нана йай. Хьо-м маршонан кIентан зуда йай!

Са а уьйзуш, дIатийра Деши. Цаьршимма ца Iебаш вовшийн маракъуьйлура. Амма Дешин кийрахь тохалучу беро дIасахоьцуьйтура.

– Нагахь вайшиннан кIант хилахь Соип алий, цIе тиллалахь цунна. Со санна, аьрха а воцуш, эсала кIант вара иза. Амма – майра, къинхетаме. Нана мацалла ца йалийта гIерташ, ша велира иза. Ший а цхьана буса делира и шиъ…

Болатна наб озош йоллуш, Деши кхайкхира цуьнга.

– ЙоI хилахь?

– Хеда. Сан ненан безамна. ХIусамдена дика цIийннана хилла ца Iаш, тешаме доттагI а, берашна дика нана а, халкъан майра йоI а йара иза.

Арахь шолгIа котамаш дека хезира.

– Болат.

– Вай!

– Хьох йаьлла, цIахь Iалур йац-кх со.

– Ца Iийча, йалац. Йерриг сан а ма йац хьо.

– Кхин хьенан йу со?

– Вайн декъазчу халкъан йоI а ма йу хьо. Цунна кIант кхиавехьа, Деши.

3

ШолгIа де цхьа а тайпа хийцамаш боцуш дIаделира Болатан. Нах леца таIзархойн отряд а ца йеара. Атталла ХортIагIар а бацара йуьртахь. Схьахетарехь, кхечу йарташкара нах лоьцуш, Iедална гIо дан бигнера ЧIонакъий, Инарлий.

Ша хирг хир аьлла, цхьаннах а ца лечкъаш, сарралц керт-ковхь цхьацца гIуллакхаш а дина, суьйранна чувирзира Болат. ХIара волчохь жимма хевшина а Iийна, дIавахара Янаркъа а, Аьрсамирза а.

Сингаттаме а, йеха а йара хIара гуьйренан цIемза буьйсанаш. Ло а, догIа а цхьаьнаийна хьийза дарц. БIаьрга Iоьттина пIелг гур боцуш, Iаьржа бода.

ХIорш охьабийша ойла хилла бохкуш, керта говран тата деара. Сихха тIе бедарш а йуьйхина, кога мачаш а оьзна, топ карахь араиккхира Болат. Кертан арахь цхьалха бере лаьттара. Амма иза ша вист ца хилча вевзар ву бохург хьехочохь а дацара.

– Ассалам алайкум! Хьаша тIеоьций ахь, Болат?

Хазахеттачу Болатан мохь баллаза бисира.

– Iаьлбаг! Ва Iалайкум салам! Хьо мичара вели?

ТIе а хьаьдда, говран урх а, луьйта а лаьцна, Iаьлбагна охьавосса гIо дира цо.

– Вало, чугIо. Ас говр паргIатйоккху.

– ХIан-хIа. Говр паргIатйаккха ахь. Вайша Макка йолчу воьду.

– Чу а волий, жимма вохлохьа.

– ДIагIур вайша.

Іаьлбаг ца Іай хиъча, цІа чу а вахана, догу хаьштиг а карахь аравелира Болат. Амма хІара шиъ ши бІе гІулч гена а валале дарцо йайъира хаьштигах летта цІе.

– Хьо лаа веаний, Іаьлбаг? – хаьттира Болата шаьшшиъ дІакхачале.

– Макке кадам бан. Бераш а ган. – ТІаккха, жимма вист ца хуьлуш а Іийна, тІетуьйхира: – Кхана Шела ваха ойла йу сан.

– ХІунда?

– Берса волчу.

– Цунна хаьий хьо дІавогІий?

– Меттиг а, хан а йиллина охашимма.

Шен а, цуьнан а, накъостийн а кхолламо садуучу Болата тІаьххьара а хаттар дира:

– КхидІа хІун дан ойла йу хьан, Іаьлбаг?

– Берсех дага а ваьлла, эр ду ас.

– Новкъа маца волу хьо?

– Кхана, делкъан ламаз а дина.

– Накъост вуй хьоьца?

– Вац.

– ХІета, со а вогІу хьоьца.

– Ца оьшу. Кхераме ду. ЗІуганийн бена тІе ма воьду со.

Болат вист ца хилира. Сацам тІеэцна ваьллера иза. ЦІахь хІор а минотехь, хІун хуьлу-те бохуш, ладоьгІуш Іачул, мичча вахар а гІоли йара.

Болатна-м йилхинера Макка. ХІинца хІара Іаьлбаг гучуваьлча, йуха а белхар хІоттор ду-кх цо. Цуьнан йелхарна-м сатохалора Болате. Амма, ши бер мохь хьекха даьлча, дог Іаьвжа-кх. ТІаккха дог кІаддалаза а дисац.

Цхьадика, тховса мелла а собаре хилира Макка. Іаьлбагна мара а кхетта, жимма йелха-м йилхира. Цуьнан коьртах куьг а хьоькхуш, шина бере хьоьжура Іаьлбаг.

Ненан кучан йух а лаьцна, наггахь балда а озош, йуха а къовлалой, ца воьлхуш лаьттара Къайсаран пхи шо хенара кІант. Амма йоІ, нене а хьоьжуш, йоьлхура. Іаьлбага, вист а ца хуьлуш, дог Іаббош йелха йитира зуда. Иза дІатийча, цо доцца дийцира шайн леламех. Къайсаран а, Коьрин а Іожаллех лаьцна.

– Іожалла-м массарна а тІехь йара, – элира Маккас, бІаьргех корталин тІам а хьоькхуш. – Цунах хьалха-м цхьа а вер вацара, ша Дела воцург. Дагна Іеткъарг кхин ду-кх. ТІехІотта кошан барз а боцуш, вайна-кх иза…

Макка йуха а йелха йелира…

Оцу зудчунна а, шина берана а хьалха ша бехке волуш санна хетара Іаьлбагна. Царна хьалха-м хьовха, жоьра бисинчу кхин эзарнаш зударшна а, байлахь дисинчу

берашна а хьалха.

– ХIун дийр ду, Макка, кхиэл йу-кх лелларг, – элира цо эххар а. – Тхо, дийна дисинарш, а дац даккхийдеш. Тхо а довр ду, тIехIотта кошан барз а боцуш. Хьо йелха луур дац суна, Макка. ХIара некъ оха тхешан лаамехь къастийна. Тхаьш лехнарг ду тхоьга кхаьчнарг. Хьайн са ма даа. Тхо цхьадерш дIадовлахь а, накъостий буьсур бу. Цара дола дийр ду хьан а, шина беран а.

Ткъа Коьрин-м вацара цхьа а хIара Iаьлбаг хьалхахIотта. Коьра тIаьххьара а вара оцу цIийнах.

СогIратлахь, тIеман цIергахь, тIаьххьара а кIур байра цуьнан.

И буьйса байлахь бисинчу Къайсаран доьзалца йаьккхира Iаьлбага. Амма набарза. Карладуьйлура оцу тIаьххьарчу беттан денош…

4

ХIара де тIекхачаре сатуьйсуш, ворхI баттахь садиттинера инарла-адъютанто Свистуновс. Шен командирашка а олура цо собаре хила. ГIаттам хьаьшна баьлча, тIаккха дийр ду вай кхоччуш таIзар. Йарташ, йалташ, докъарш дагор, даьхний лахкар, бахархой талор, амалтана бигна нах Сибрех хьийсор – уьш дерриг а таIзар ца хетара цунна. Коьртаниг тIаьхьенга тоьттура. ГIаттам хьаьшна баларе.

Цо сатийсина хан тIекхаьчнера.

Октябрехь дуьйна декабрь чекхбаллалц оцу кхаа баттахь таллар лелийра гIаттамехь дакъалаьцначу нахана тIаьхьа. Уьш лоьцура шайн йарташкахь а, шаьш бехачу меттигашна генахь а.

Йарташкахь таIзарш деш областан тIеман-граждански администрацина доггах гIо дора меттигерчу хьолахоший, церан йолахоший. ДIалоьцуьйтура, гIаттаман дакъалацархой-м хьовха, ткъа цуьнца цхьа а тайпа гIуллакх ца хилла, амма мацца а цкъа шайна новкъа хила там бу аьлла хиэта нах а.

Къаьсттина хьийзайора гIаттаман куьйгалхойн йарташ. Уьш схьа ца лахь, бер-кер ца дуьтуш, лаххьийна Сибрех дIабахийта кхерамаш туьйсура. ТаIзарийн отрядаш дIасахецнехь а, Нохчмахкахь а, Органца а йитинера тоъал йаккхий гарнизонаш.

Схьабоьхура маршонехь бисина Iаьлбаг, ГIайтин Куркъа, Герин Аьрса-Хьаьжа, Апин МитIа, ТонгIатаран Тозуркъа, Пишин ГIубха, Пиркъин ЯнгIулби, Ахьсин Ханбетар, Амин Хьусайн, Ших-Iелин Шихмирза, Мохьмадан ГIезанур, Ишин БугIа, кхин а, кхин а.

Солтмурд а, Сулиман а тIепаза вайнера. И шиъ ведда Турце вахана бохуш, хабар даьржинера областехь.

Бутт хьалха, ша ДегIастана ваха сацам тIеоьцучу хенахь Iаьлбагна шера гора цигарчу гIуллакхан чаккхе. Цкъа-делахь, нохчийн гIаттам хьаьшча, шиний областан тIеман ницкъаш маьрша бара дегIастанхойн гIаттам хьаша. ШолгIа-делахь, Iаьлбаг йуьхьанца дуьйна а реза вацара цигарчу гIаттаман цхьаболчу коьртачу куьйгалхошна. Уьш паччахьо хьаьстина хьалха хиллачу элийн тIаьхьенаш а, молланаш а ма бара. Цу тIехь хIумма а гал ца ваьллера Iаьлбаг. ГIаттам болабеллачу хьалхарчу дийнахь цигара молланаш гуонаха гулбелира Шемалан заманахь а гIараваьллачу моллина, хIинца бIешарчу ваханчу СогIратIларчу шайх Iабдурахьманна. Цуьнан кIант Мохьмад-Хьаьжа имам хаьржира. Хуьлда шена иза молла а, шайх а. Коьртаниг иза ма дацара, халкъан гIуллакхна шен са дIадала а кийча хилар дара. Оцу хьалхарчу дийнахь къаьстира нохчийн а, дегIастанхойн а цхьаболчу тхьамданийн некъаш. Халкъан къечу лахенех схьабевллачу нохчийн

гІаттаман куьйгалхоша шайн байракх паччахьан Іедална дуьхьал айъира. Церан хІумма а дацара динца доьзна. Церан цхьа а тайпа мостагІалла дацара шайца машар безачу муьлххачу а къомаца. Мелхо а, цаьрца барте гІертара уьш. Изза дог-ойла йара дегІастанхойн гІаттаман къехойх схьабевллачу тхьамданийн а.

Амма халкъан къехошна генахь лаьттачу дегІастанхойн гІаттаман дукхахболчу тхьамданаша хьалхарчу дийнахьехь адам гІазоте кхайкхира. Дукха хан йалале шайн цергаш гайтира цара: Маьхьта-бека а, Мохьмад-Іела-бека а, ГІеза-Ахьмад-бека шаьш ханаш кхайкхийра.

И дерриг хаьара Іаьлбагна, хІумма а реза а вацара цара схьалаьцначу некъана. ХІетте а вахара иза ДегІастана. ГІовттамхошна гІоьнна. Нохчийчохь ша иэшна кІелвисарна а дацара иза. Ведда вахар а дацара. ДегІастанна орцах вахара. Цигарчу гІаттаман тхьамданийн дуьхьа а ца вахара. Цаьрца йукъара цхьа а тайпа хІума дацара Іаьлбаган. Шен лулахойн дуьхьа вахара. Нохчмахкахь гІаттам болабелча, цунна уггар хала киртиг тІенисйелча, гІоьнна гІевттира Дилам, БуртІанай, Алмакх, БотІлих, Данух, Сиух, ткъа цхьа бутт баьлча, – берриг дидой а.

ХІинцца, бутт хьалха, Іаьлбаган гІаттамо тІаьххьара а сауьйзуш, йуха а цунна гІоьнна, Іуммин кхайкхамна жоп луш, ЧІебарла баьхкира тиндой, чамалалаш, дидой.

ХІинца цаьрга хІоьттинера хьалха нохчашка хІоьттина хьал. Цара орца доьхура Іаьлбаге. Цундела шен декхар кхочушдан вахара цига Іаьлбаг а.

Іаьлбаг ша вахана ца Іийра. Цуьнца цхьаьна цига бахара Іумма, Залмин Дада, ТангІай, Лорса-Хьаьжа, Іуммин ши кІант, ГІубха, Къосам, Нурхьаьжа, Елисей, МитІа, берриг бохург санна нохчийн гІаттаман тхьамданаш, дийна бисина бІаьхой а. Баккъал а гушлаьттачу Іожаллина тІе бахара уьш. Дукханна а карийра иза цигахь. Ткъа дийна бисинчарна Іожаллел а ирчаниг карийра…

ДегІастанан гІаттамхойн тІаьххьара а кхо чІагІо турпала ларйеш жигара дакъалецира цара. И кхо чІагІо ларйеш, цара бина тІом тера а бацара нохчийн хьаннашкахь хиллачух. Нагахь, иэшам гергагІоьртича, Нохчмахкахь йухабовла а, къайлабовла а, жимма хан йаьлча, кхечухьахула тІелата а аьттонаш хиллехь, уьш цхьа а бацара ДегІастанан дерзинчу лаьмнашкахь. Цигахь карадаха йа летта дала дезара.

Ирча тІом хилира ЦІадахьарахь. ГІовттамхойн тоъал ницкъаш гулбелира цига, кхечухьа иэшамаш хилла, кхуза йухабевлла. Амма инарла эла Меликов а вогІура кхуза доккхачу эскарца. Адам кхеро, новкъа-новкъахь ша тІе мел кхаьчна йурт йохош, бахархошкара йалтийн рицкъанаш дІадохуш, жимма а гІаттамехь дакъалаьцнарг а, церан доьзалш а лоьцуш, иссалгІачу дийнахь веана Леваше кхечира иза. ТІаккха хилира Іаьлбаг а, ДегІастанара гІовттамхой а хьалххе дуьйна кхийринарг. Буьрса ницкъ тІекхаьчча, инарлина тІе сихбелира хІетталц гІовттамхошца хилла бекаш, молланаш – мелла а таронаш йерш массо а. Инарлас къинхетам бира царах. Йалийтинчу гІалатлонна, гІуданна эскарна гІоьнна эзар ворда а, гІовттамхошна дуьхьал милицин дружина а хІоттийча, дерриг гечдира.

Эскар тІедогІу долчу агІонца йуьртана гуонаха йаккхий чІагІонаш йинера гІовттамхоша. Амма мостагІчо, тІелатар дале хьалха, Іуьйрре дуьйна делккъалц хаддаза шийтта йоккха топ йетташ, аьтта тІекІелйехира уьш. ГІовттамхой, йуьрта йуха а бевлла, маьждигний, шина гІаттахь тІекІелдинчу цІеношний чохь чІагІбелира. Йуьртана йуххе оьзначу йаккхийчу тоьпаша и ши гІишло аьтта тІекІелйаькхира. Ткъа дийна бисина гІовттамхой царна чуьра ара ца бовлура. Херцорашна кІелхьара схьа тоьпаш йетташ, хьалха декъийн саьлнаш дира цара. ТІаккха тІехьахула тІебаьхкинчу салташа, массанхьа а динамит а йоьллина, лелхийтира и херцораш а.

КхидІа и ши гІишло ларйан ницкъ ца кхаьчна гІовттамхой, шаьлтанаш а йаьхна, чухьаьлхира. Цхьана эха сохьтехь вуьйжира бІе сов стаг. Іаьлбаган а, цуьнан накъостийн а аьтто белира, гуо а хадийна, СогІратІла йухабовла.

ЦIадахьар йожаро кхерийна ГIазгIумкара гIаттаман куьйгалхой сихбелира Меликовна хьалха корта тоха. Ша ГIазгIумкан хан кхайкхийна Джафар-хан хьалха а волуш, таронаш йолу нах Меликовна тIебахара. Амма къехойх ца вахара цхьа а. Уьш цхьаберш лаьмнашка, цхьаберш къилбаседехьа, СогIратIла, бахара.

Цхьа кIира даьлча, ТIилитIлах а дира ЦIадахьарах диннарг. ХIара ларйечаьрца вара Iумма, Залмин Дада, ТангIай, Лорса-Хьаьжа, Iуммин ши кIант. ТIилитIла йохийра Нохчийчохь гIаттам хьошуш зиэделларг долчу инарло Смекаловс а, подполковнико Лохвицкийс а. Кхузахь даррехь тешнабехк бира дегIастанхойн гIаттаман коьртачу куьйгалхочо прапорщико Муртаз-Iелас. Гуо а бина, тIе йаккхий тоьпаш йетта йолийча, йурт дIайелира цо. Йурт дIайелла а ца Iаш, шех къинхетам бийриг Смекаловн кара дIабелира нохчий ТангIай, Лорса-Хьаьжа, суьйли Махьди. Амма Iуммин а, цуьнан шина кIентан а, кIеззигчу накъостийн а аьтто хилира, тIамца гуо а хадийна, кIелхьарбовла.

ТIаккха цхьа кIира тоьира инарлина Меликовна ДегIастанарчу гIаттаман тIаьххьарчу туьшана – СогIратIлана – тIекхача. ХIинца цига гулбеллера халкъан гIуллакхна тешаме бисина дегIастанхойн а, нохчийн а гIовттамийн берриг тхьамданаш – дегIастанхой: Iабдурахьман-Хьаьжа, Мохьмад-Хьаьжа, Iабдул-Межед; нохчий: Iаьлбаг-Хьаьжа, Iумма-Хьаьжа, Залмин Дада, Iуммин кIентий, кхин дуккха а.

Шина дийне белира тIом. Хьалхарчу дийнахь делккъалц йаккхийчу тоьпашца этира гIовттамхоша йуьртана гуонаха йина чIагIонаш, тIаккха штурм йолийра хьалхарчу бIаьвнна тIе. ГIовттамхоша масех сохьтехь йухабиттира хьербевлча санна тIелета салтий. Амма, дуккха а накъостий эгча, суьйранна, бIов дIа а йелла, цхьаберш ларми чохь чIагIбелира, бисинчара тIехьара чIагIонаш дIалийцира.

Лаьмнаш дегош, къекъара тIом. ХIара санна де ца гинера Iаьлбагна хIетталц. Зударший, бераший хIоъ-молха а, мала хи а кхоьхьура. Цара дIатекхабора чевнаш хилларш а. Сих-сиха Iаьлбагний, Iумминий тIехIуьттура дегIастанхойн имам Мохьмад-Хьаьжа.

– Iаьлбаг-Хьаьжа, Iумма-Хьаьжа! Йерриг дегайовхо шух йу шуна! Iумма-Хьаьжа, тахана хьан караделла оха тхаьш…

Ткъа къена Iумма, шакарш йетташ тIехйуьйлу дIаьндаргаш тергал а ца йеш, гIовттамхойн дог-ойла гIиттош, волавелла лелара. Буьйсанна итт долуш гуттар а ницкъ ийшира ларми чохь чIагIбеллачийн. Iумма а, Iаьлбаг а дукха гIиртира и шовзткъа стаг оцу чуьра йухаваккха. Амма уьш бала севццера. Цара шайга ла ца дугIийла хиъча, кхечухьа ков а даьккхина, чугIертачу салташна дуьхьалхIоьттира Iаьлбаг. Ларми чохь берш арабаха кхин ницкъ ца кхаьчна, корех, неIарех йаккхийчу тоьпийн хIоьънаша даьхначу Iуьргашкахулий, тхов тIехула чуй тIулгаш а, цIераш латийна цIевнаш а кхийса буьйлира салтий. Цхьа сахьт далале дIатийра ларма. Оцу чуьра нах тIулгийн кошахь бисира. Амма лармина хьалха а Iуьллура салтийн бIе сов дакъа.

ШолгIачу дийнахь а цуьрриг лагI ца белира тIом. ТIера бедарш эттIа, йаьгна, цIийша а вуьзна хьаьдда лелара Iаьлбаг, Iумма, Мохьмад-Хьаьжа, Iабдул-Межед. ДIа ког мел баькккхинчохь Iохкура байъинчу нехан, зударийн, берийн декъий. Де делкъенга долуш дерригенах догдиллира Мохьмад-Хьаьжас.

– ТIом сацо беза вай! – Iуммин лерехь мохь туьйхира цо.

– Сацор бац! – сацамболлуш жоп делира Iуммас.

– Нах реза бац кхидIа дуьхьало йан. Ницкъ эшна церан…

– Резавоцург мостагIчуьнгахьа вала!

– Берриг дIагIур бу тIаккха…

– Шу дIагIо дерриг. Тхо летта дала даьхкина кхуза.

ГIовттамхошна йукъахь мостагIчун герзе терра болх бора цуьнан агенташа а. Цара массеран лерехь зурма лоькхура, дуьхьало йахь, дерриг хIаллакдийр ду шу, ткъа, дуьхьало а сацийна, тхьамданаш инарлин каралахь, цо къинхетам бийр бу шух бохуш. Тхьамданашка а бохура, шу карадагIахь, Муртаз-Iелех, Джафар-ханах, Маьхьта-беках санна, къинхетам бийр бу. Оцу агентийн къа эрна ца дайра.

Делккъехь гIовттамхоша Меликовна тIе векалш бахийтира, шаьш къарделла совцу, тхьамданаш цуьнан кара дIа а ло шаьш аьлла. Церан сацам тIаьхьа хиира Iаьлбагна. Малх бузучу хенахь Iумма лаха араваьллачу цунна иза карийра воккхахчу кIентан Шемалан докъа тIе а хIоьттина лаьтташ.

– ХIара маца хилла? – хаьттира цо, Iуммин йуьхьадуьхьал а ца хьожуш.

– ХIинцца.

КхидIа хIун эр ду а ца хиъна, сецира Iаьлбаг. Iуммин догъэца ша кIезиг хетара цунна.

– Хезний хьуна вайна бинчу тешнабехках? – хаьттира Iуммас, шен буьрса цIоцкъамаш хьала а тоьхна.

– Хезна. Со-м хьох дагавала веанера. И хьехочохь а дац-кх вай.

– ХIунда?

– КIант Iуьллу вийна…

Iумма цавашаре велакъежира.

– Сан кIант вийча, вай доьхна хьийза деза? – элира цо Iоттаре. – Нехан ца белла дай, кIентий, вежарий? Мичахь ву Мохьмад-Хьаьжа, Iабдул-Межед?

– ДIогахь, майданахь.

– ХIорш хIун деш лаьтта? ТIом хIунда лагIбелла?

– Нах реза бац. Цара дуьхьало йо имамна.

– ХIета, вайнах тIегулбе. Вай летар ду тIаьххьара стаг вожжалц.

– Эрна хир ду и, Iумма-Хьаьжа. Вайниш а байъина дуккха а.

– Хьуна хIун лаьа ткъа?

– КIелхьардовла.

– ХIокху кхолха гуонна йуккъерий?

– ХIай-хIай.

– Жима ву хьо, Iаьлбаг. ХIокху йукъара довлалур дац вай. Летта дала деза.

– Ой, кIилло санна, со ведда кIелхьарвала воллу, моьтту хьуна? ХIокхара вай инарле дIалур ма ду. Схьалецна бохург ца дезара суна. МостагI кхардо, цуьнга сийсазвайта лаац. Гуо хадо гIоьртур вай. Лийриг – лер, вериг кIелхьарваьр. ТIамна кечло… Шемалах хIун до вай?

– Нахах хирг хир хIоккунах. Вайниш дIабохка кхуьур дац-те?

Амма уьш ца кхиира байъинарш дIабохка.

Дуьхьалойечу кIеззигчу нехан тоьпаш йуьйлура. Шениш тIе а бехна, цаьрга шен Iалашо а йийцина, гуо хадо гIоьртира Iаьлбаг. Амма, дIа мел гIоьртинчохь, йоккхачу дуьхьалонна тIеIотталора. ДIа мел гIоьртинчохь лахлора цуьнан жимачу отрядан барам. Эххар а, буьйса йоьлча, кIеззигчу нахаца кIелхьарвала аьтто хилира

Іаьлбаган.

Амма СогІратІлахь висира Іумма а, цуьнан кІант Дада а, Залмин Дада а. Цигахь гуо хадош байъира Іаьлбаган бераллин доттагІий Къайсар а, Коьра а, майра Елисей а, самукъане муьжги Михаил а…

Селхана хиира Іаьлбагна ша дІаваханчул тІаьхьа СогІратІлахь хилларг. Цаьршиннан къамел хиллачул тІаьхьа Мохьмад-Хьаьжа волчу вахана Іумма йухаван ца кхиийра. ГІовттамхошна йукъара Іедало эцначу наха, лецна, инарла Меликовга дІавелира гІаттаман жигарчу дакъалацархойх 274 стаг. Царна йукъахь бара Іумма а, ший Дада а, дегІастанхойн гІаттаман тхьамданаш: къена Іабдурахьман, цуьнан кІант имам Мохьмад-Хьаьжа, Іабдул-Межед, Ника-Къеда, Зубайр-бек, Іабдулла, ГІеза-Ахьмад, кхин масех а.

Баккъал аьлча, цуьнан воккхахволчу шина вашас йуьхьанца дуьйна а башха къобал а ца бора Іаьлбага йуьхьарлаьцна некъ. ГІаттаман коьртехь, шайн ваша а воцуш, кхин стаг хиллехь, уьш дукхе-дукха гена хир бара оцу гІуллакхна. Оцу бархІе баттахь вешина гІо деш гІаттамехь дакъалаьцнехь а, церан дог-ойла гена йара могІарчу бІаьхойн дог-ойланна. Уьш цхьа а ДегІастана а ца вахара цуьнца. Уьш бахка-м гІоьртира. Амма церан ойланаш даггара йоцийла хуучу Іаьлбага ца бахкийтира. Бакъду, жимахволу ши ваша – СултІий, Зеламхий – вара Іаьлбаган кхоллам бекъа даим кийчча. Амма и шиъ а кхоийра Іаьлбага.

XVII корта. **КАРАВАХАР**

Массара а со дІатасарх могуьйту ас,

къонахалло со дІа ца тесчахьана…

И. Фихте

1

Цкъа кхоларшца, тІаккха йочанашца кІез-кІезиг тиэІаш, кІелдиса дуьйлира Берсин дегІ. Де кхоьлича, тІуналла шен дегІах йулуш санна хетара цунна. Йовхарш карзахйуьйлура, хьала-охьа уьйзу са цкъа, левси санна, «хьаз-хьиз» дан хІуттура, тІаккха къамкъаргехь, кхехкаш санна, гІовгІа йолура.

ХІокху йочанаша гуттар а садаькккхинера настарш чуьра. Волавелла, цхьа бІе гІулч гена ваьлча, дегІе хорша хьаьдча санна, йего йолалора. Ницкъ бацара дакъаделлачу пхьаьрсашкахь а. Цкъацкъа леш йоллучу хьозанан кІорнех тарлора Берсина ша. Баккъал а, бІаьстенан йуьххьехь цо догдиллинера ша гуьйрене вериг хиларх. ХІетте а, ца леш схьавеара. Ткъа хІинца тІейогІу бІаьсте гур йу а ца моьтту.

Ша Сибрехара цІа вирзичхьана, дукхахйолу хан ненан вешин хІусамехь дІахьора цо. Дех бисинчу бахамах хилларг а ца хаьара Берсина. Йа хаа а ца гІоьртира. Йа бала а бацара.

Виллина дІа цІа чу хьийза а, меттахь Іилла а кІордадора. Довхачу дийнахь, кетІа волий, бурсанечу бІаран дитта кІел ша диначу гІанта хуий Іара иза. Суьйранна хІокхунна улло гуллора лула-кулара, цкъацкъа генарчу каппашкара а нах. Берсе дуккха а хеттарш дора цара, дуьйцуьйтура генарчу мехкех а, цигарчу адамех а лаьцна. Амма Берсас а сутара ладоьгІура баккхийчу нехан хабаршка. Ларлуш

зуьйра нехан ойланаш, тІаккха кІез-кІезиг царна хьалха Іедал Іорадоккхура, цуьнга цабезам кхуллура. Оцу тІехь цуьнан къаьсттина боккха кхиам хуьлура кегийрхошна йукъахь. Уьш, хьолахойниш а цхьаьна, маршонехьа къийсамна кечбора цо. Ткъа стохка гІаттам болабелча, Іедалехьа бевллачу шелахойн тхьамданийн бертаза дуккха а Іаьлбагна тІаьхьа бахара уьш.

Тахана, догІа а, ло а ийна тІесерсаш, шийла йелахь а, тІе йовха кетар а йуьйхина, кхакханан месала куй тиллина, неІармачашна чухула бовха бІоржамаш а буьйхина, делкъан хан хуьлуш маьждиган майдана вахара иза. Селхана дуьйна дІаволучо а, схьаволучо а дуьйцура, тахана рузба чекхдаьлча маьждиган майданахь гулам хуьлу бохуш. Цигахь хир бу, бохура, дукха хан йоццуш туркойн тІамера цІа веана инарла Орца а, сих-сиха кхузахь хуьлуш волу эла Эристов а.

Цара дуьйцу дерг хаьара Берсина. ГІаттам, хьаьшна, чекхбаьллера. ХІинца цуьнан тІаьхье листа арабевлла хир бу-кх и чалтачаш.

Рузба чекхдоллуш маьждиган майдана кхечира Берса. Амма нах маьждиг чуьра ара ца бовлура. Майданахь хоттан уьйриг бара, ткъа тІедоьлху догІа а, ло а, тІетта хьерадийлар бен, лагІлуш дацара. Схьахетарехь, хьеший схьакхаччалц маьждиг чохь соьцура нах.

УьйтІахь шен карарчу гІожах хьаькхна мачаш а цІанйина, неІарна тІехула йолчу лабанна кІел хІоьттира Берса. Цигахь лаьттара, хІара санна, рузбанца гІуллакх доцу сагатделла веана масех стаг а.

– Уьш хІун деш соьцу цу чохь? – резавоцуш хаьттира ткъе итт шо хенарчу цхьана векъаначу стага, массеран йаххьаш тІехула бІаьрг а тухуш.

– Бевлла бац хир бу.

– Ой, Делан Къуръанор, хІинца-м Маккара хьаьжой бовлу хан а ма йу!

– Юсуп ву цу чохь хьехам беш.

– Мила ву иза?

– Соьлжа-ГІалара вайн коьрта къеда.

– Цо хІун дуьйцу?

– Хьанна хаьа, Іаьлбаг-ХьаьжагІар нажжазбеш хир ву-кх иза а.

– ХІай, дела ве и седа дуьхьал! И дакъаделла заІар дара кхуза кхачаза дисинарг!

– Іаьлбаг-Хьаьжин хабар хезний шуна?

– Мичахь ву хаац.

– И цхьаъ воцург, массо а ДегІастанахь схьалецна, бах.

– Тешнабехк а бина, инарле дІабелла-кх…

– Гора, Іаьлбаг-Хьаьжа боху лом, йаІ! И цхьаъ ваьлла-кх, мостагІчун кхолха гуо а хадийна!

– Цо дуй ма биъна тІамехь кара ца ваха!

– Лецначех хІун хир ду-те?

– Шемал санна, Макка бохуьйтург хир бу-кх.

– Шемалан цхьа кІант вайн паччахьан инарла ву ца боху?

– Важа туркойн паччахьан инарла ву. Цхьацца паччахьна вохкавелла ший а.

– Вай, мисканаша, цIий Iенадо, уьш а, и дIо богIурш а чинехь лакхабуьйлу.

Векъаначу стеган бIаьргашца дIахьаьжначу Берсина гира майдана богIучу некъо гола туххучухула гучубевлла береш. Ул-уллохь, воьлуш къамел деш, хьалха вогIура эла Эристов а, инарла Орца а. Цаьршинна тIаьхьа вара майор Мустафинов Девлат-Мирза а, шелахойн йуьртда прапорщик Боьршиг а. Уьш цигахула гучубовлу тергалбеш Iийча санна, маьждиг чуьра арататтабелира нах. Къехой, йуьстах а буьйлуш, цхьацца агIор дIахIиттира, йуккъехула шуьйра некъ буьтуш, ткъа бакх-баккхий цIейаххана нах а, гонахарчу йартийн совдегарийн лакхенаш а хьешашка маршалла хатта дуьхьалбахара.

Кегийрхошка а ца кхочуьйтуш, говрара охьаиккхинчу майоро Девлат-Мирзас, хьаьдда тIе а вахана, луьйта а лаьцна, чувоссийра эла Эристов.

– Ларлуш хилалахь, Николай Богданович, – Эристовгахьа вирзира Орца. – Хатт бу кхузахь. ХIара маьждиган хьалхе-м цIанйинехь а мегар дара, Боьршиг.

– ВаллахI, ца баьхна-м дац хIара, Орца. Бехк баьлла-кх тхоьгара.

Хьешашна кIелхIитта мукъайаьккхира неIарна тIехуларчу лабанан кIело.

– ДIадоладе вай, хьан локхалла? – элира Эристовс, Орце дIа а хьожуш.

Девлат-Мирзас а, Боьршига а, цхьацца агIор а вирзина, маьхьарий туьйхира.

– ЛадогIал, нах!

– Эла Аьрсто ву вистхила лууш!

Вуьшта а лохха къамелаш деш лаьтта нах дIатийра. Хьаьжайукъ а хабийна, нехан тобанна тIехула бIаьрг туьйхира Эристовс. Цуьнан багах дош ма-деллинехь, хиира Берсина хьеший гIеххьачул «бохбелла» арабевллий.

– Ас доцца дуьйцур ду шуьга, нах, – тийсалуш вистхилира Эристов. – Арахьарий, чоьхьарий мостагIий отуш бу вай. Iовдалчу ламанхошна моьттура, Турцел нуьцкъала пачхьалкх дуьнен чохь а йац, англичанаша гIо а деш, цо Росси отур йу. Туркой, англичанаш, французаш, кхин, кхин а хIун йу? Россис хIупъаьлча, лаьтта тIера тIепаза йовр йара уьш. ХIинца туркой лоьхкуш бу. Массо маьIIехь. Гена дац, гора а эгна, цара къинхетам боьху болу де. Вайн толамехь дакъа ду нохчийн бакъ кIентийн: цуьнан локхаллин инарлин Чермоевн, эпсарийн: Шамурзаевн, Мамаевн, Шериповн, Лаудаевн, бIеннаш могIараруч бIаьхойн. Царна йукъахь бу шун шелахой а. Хастам хуьлда вайн турпалхошна!

– Ура! – мохь туьйхира уллохь лаьттачу майоро Мустафиновс.

– Уьрей! – дIаийцира Боьршига.

– Уьрей! Уьрей! – йукъ-йукъахь маьхьарий девлира хьалхарчу могIаршкахь лаьттачу молланийн, хьаьжойн, совдегарийн. Ткъа къехойн тоба, баганаш дIатегча санна, тийна лаьттара.

– Чекхдаьлла чоьхьарчу бунтаца дерг а. Туркошна гIоьнна гIевттина абхазаш тоххара дIатебина. Кхузахь, нохчийн лаьмнашкахь, даьлла ун даьржина ДегIастана а, Бакохула дIа а. Иза а орамашца бухдаьккхина. ТIилитIлахь а, СогIратIлахь а дIалецна шиний областан мятежникийн баьччанаш. Царна йукъахь ву коьртачех шолгIа мятежник Iумма-Хьаьжа, цуьнан кIант Дада, Залмин Дада, махкатIхойн ТангIай, тевзанхойн Лорса-Хьаьжа. Амма уггар коьрта мятежник Iаьлбаг-Хьаьжа ведда ваьлла. Маршонехь бу цуьнан дуккха а гIоьнчий. Уьш маьрша а болуш, синтем хир бац Нохчийчохь. Уьш маьрша мел бу, биллина дIа кхерам хир бу шун бахамашна, доьзалшна, синошна. Цуьнан локхалло областан начальнико уггар хьалха шуна, шелахошна, тIеваийтина со, шух дагавала. Шу даим а Iедална, цуьнан Воккхаллина Государь Императорна муьтIахь, тешаме хилла дела. Аш хIун олу, шелахой?

Хьалха могIара хIиттина нах ойла йеш ца Iийра.

– Оха аьлларг хьалххе дуьйна ца хаьа цуьнан воккхаллина? – вистхилира Боьршиг. – Сийлахьчу паччахьна, цуьнан локхаллина областан начальникна, оха лоруш волчу хьуна луург дан гIерташ, тхешан бахамех а, синойх а довла кийча ду тхо!

– Нийса боху Боьршига! Иштта дIаала инарле!

– Тхан цIарах кехат йазде паччахье!

Iаббалц нах маьхьарий хьекха а битина, йуха а къамел долийра Эристовс.

– Дика ду, шелахой. Шун дош тоьу суна. Суна хетарехь, гонахарчу йартийн векалш а хир бу кхузахь?

– Бу! Эвтархой, курчалой, эгIашбатой, атагIой а!

Дехьо Берсина гуонаха лаьттачу нахана йукъахь резабоцуш гIугI доладелира:

– Хьовсийша, кхин эхь а ца хеташ, цара дуьйцург!

– Массо а йарташкара схьагулйелла йеккъа цхьа тIингарш йу-кх.

– Хьоло хьерабаьхна!

Чермоевн лере таьIира Эристов.

– Дисинарг ахь аьлча бакъахьа ду, хьан локхалла.

Орцас, шен дуьзина, зоьртала дегI а нисдина, йовхарш тоьхна, аз тадира.

– ХIан-хIа, нах, – дийкира цуьнан гIоргIа аз, – эло Эристовс дийцинчух шу кхетта, моьтту суна. Вайнехан кица ду, муьлхха а дов, толам, цхьаннах цIий а оьхуш, вукхунна шура а йогIуш дерзац бохуш. Наха цIий а Iенош, шайна шура йан луурш а бу вайна йукъахь. Иза а хир дац. Дера, туркошца тIаме а ма бахана вайнах. Дийнна полк. Цигахь цара даккхий хьуьнарш а ма гайтина. Кхузахь Нохчмахкахь а, ЧIебарлахь а даьржина зуламан ун хIаллакдеш дакъалаьцнарш а ма бу. Уггар хьалха шун шелахой а, гонахара йарташ а. Амма дукхахболчара моттаргIанаш а лелийна. Церан шалха цIоганаш дара. Цхьаъ – Iедална, важа – Iаьлбагна лестош. Иштташ ший цIога а хадийна буьсурий-те? Хаа деза вайна, кIентий, оьрсийн паччахьан Iедало ваьш маьршадаьхнийла. ТIейуьйхинчу чордачу машин бедарша, гIордазо санна, догIмаш а цоьстуш лелла вай селхана а. Даа дацара вайн, тIедуха дацара вайн, боданехь дохкура вай. Вайн халкъана серло, ирс дохьуш деанчу паччахьан Iедална муьтIахь хила ца лууш, цунна дуьхьало йеш, иттаннаш шерашкахь тIом беш, нийсса ах хIаллакьхилла вайн халкъ. ХIинца гой шуна шаьш? ТIедуха а ду, тIом а бац. Туьканаш йу товарех йуьзна, хIусамаш а го дика. Шена дина дика цахуучунна дина вуон а хуур дац, олуш ду. Цхьаболчу нахана ца хиъна паччахьан Iедало шайна дина дика. Уьш зуламна гIевттина. Россин паччахь, цуьнан Iедал а дохо дагахь! Дуьненан уггар нуьцкъалчу паччахьашка шен махка тIе ког ца буьллуьйтуш, эзар шарахь, лам санна, чIогIа лаьтта паччахьан Iедал дохало ткъа оцу мезаша йуьзначу хIуманашка? И зуламхой паччахьан Iедална дуьхьал гIевттина ма ца Iара. Царна хIун лаьара? Шайн хьацарца цхьаболчу наха IаIийна хьал, бахам, шун туьканаш, шун мехкаш дIадаха лаьара-кх царна. Аш къахьегнарг шайн доладаккха!

– Хьий, делан мостагIий, йаI!

– ШарIан некъах тилла йовсарш!

– Дала хьукма дира царна-м!

– Нийса боху ахь, Мохьмад-Хьаьжа. Дала хьукма дина царна тIехь. Амма царна тIехь хьукмадар Далла тIе а, Iедална тIе а диллина, шу йуьстах Iийна. Чай, борззий вовшехлиэта, ас даьттан гуьмалк йуур бохуш, йуьстахъиккхина Iийна, бах-кх,

цхьогал а. Изза ду аш динарг а. ХIинца мукъане а шаьш дийна дуйла хаийта. Зуламхойн тоба йохийна, йаржийна, амма дуккха а зуламхой Iедалх бевдда лела. Мичахь бу уьш? Стигала бевлла, лаьттах боьлла? ХIан-хIа, уьш йарташкахь лечкъаш бу. Шуна йукъахь хила а мега уьш къайлабаьхнарш. Дала а, Iедало а боху адамашна зуламе ваьлла стаг новкъара дIаваккха. Iаьлбаг а, цуьнан гIера а зуламхой бу. Уьш Iедалан кара дIабалар декхар ду массо бусалбанан, паччахьна муьтIахьчу стеган. И цадийриг йа бусалба а вац, Iедална тешаме а вац. Иза ша а ву зуламхо. Цунна шалха таIзар догIу.

– Делхьа, ма бакъ лоь хьо, Орца!

– Iедалой, паччахьой бохург ца дича девр дац.

– ХIаъ ткъа, парза ма ду иза дар.

Бен къурд сих а иккхина, йовхарш йаьхкина Орца, кисанара даьккхина кIайн йовлакх бете а лаьцна, агIор а вирзина, вехха лаьттира йукъахваьлла.

– Аьхна, хьан дакъа! – цуьнан букъах дайн куьг туьйхира тIехьа лаьттачу Боьршига.

Орца схьавирзича, цIийбелла, хиш тийсина бара цуьнан ши бIаьрг.

– Доцца аьлча, нах..., – Орцин аз, йиш хаьлча санна, дегадора. – Доцца аьлча, нах, зуламхой лецна Iедалан кара дIабала беза. Вайн йарташ йерриг вовшашна йукъахь гергарлонаш долуш йу. Цхьанхьа даьллачу зуламан лазар массанхьа а даьржа. Хаалаш, кхузахь эло Эристовс цIерш йаьхна зуламхойн тхьамданаш а, зуламхойн ардангахь мелла а дакъалаьцна нах а аш схьа ца лахь, дийнна йарташ йохор йу шуна, нах цкъа а йухабогIу боцчу дIа а бохуьйтур бу шуна. Амма, ша бохург дахь, Iедало къинхетам бийр бу зударех, берех, къеначех. Ца до-кх, берриг махках бохур бу. Цхьа са буха ца дуьтуш. Далур дуй вайга Iедало бохург?

Тобанна хьалхара нах меттахъхьайра. Ша-ша чIогIа ала а гIерташ.

– ИншааллахI, дала мукъалахь!

– Делан а, Элчанан а пурбанца!

– Делера ма ду Iедал...

Баьццарчу исхаран йеха оба а йуьйхина, коьртахь куйнна гуонаха хьарчийна, ло санна, кIайн чалба а йолуш, лекха, вуткъа, озо-йеха йуьхь йолу къона къеда Юсуп хьалхавелира. Къуръан тIера айаташ, жайнаш тIера цхьацца меттигаш а йалош, нахана боцца хьехам а бина, дехий пIелгаш долу кIайн ши куьг хьала а лаьцна, Iаьрбийн маттахь дехха доIа дира цо. Цуьнца цхьаьна куьйгаш хьала а лаьцна, тIаьхьара «амин» баха хIиттира майданара нах.

Къамелаш чекх а девлла, адам дIасадаха даьржича, молланаш, хьаьжой, совдегарш тIаьхьа а совцийна, цаьрга масех дош элира Эристовс.

– Областан начальникан йерриг дегайовхо шуна тIехь йу, тхьамданаш. Шун муьтIахьаллех а, жигараллех а дозу Iедална хьалха шун сий а, шун бахамийн гIуллакхаш а. Лоруш болчу молланашна, хьаьжошна тIедуьллу маьждигашкахь, мовладашкахь, сагIа доккхучохь, тезетахь – адам гулделлачу массо меттехь – Iаьлбаг-Хьаьжа а, цуьнан гIоьнчий а, бунтехь дакъалаьцна нах, церан доьзалш, гергарниш а сийсазбар. Уьш, Iедалан-м хьовха, Делан а, динан а мостагIий хилар чIагIдар, уьш бахьана долуш Нохчийчохь а, ДегIастанахь а нахана хилла зуламаш кхайкхор, и зуламхой лецна Iедалан карабеллачу нахана Iедалера йал а, баркалла а хир дуйла, ткъа кханалерчу дийнахь уьш Далла гергахь даржехь лакхахь хир буйла а хаийтар. Амма, хьалххе хоуьйту шуьга, шуна йукъара доггах гIуллакх динарш а, моттаргIанаш лелийнарш а, йуьстахбевлла Iийнарш а Iедална гуш хир бу шуна. Дала аьтто болда шун!

ЦIа баха нах дIасабаьржича, церан боларца ца ларийна Берса, карарчу гIожа тIе а тийжаш, меллаша цIехьа волавелира. Амма, ши бIе гIулч генаваьлча, сихделла деттадала дуьйлира дог. СадаIар а сихделира. Йегош, шалхаоьхура настарш а. Жимма дегI меттадало сецира иза. Корта а хьаьвзина, бIаьргашна дуьхьал можа бода хIитта боьлча, меллаша некъана йуьстахваьлла, цхьана нехан кетIахь лаьттачу боккхачу тIулга тIе охьалахвелира. Амма настарш чуьра са дIадаьллера.

ХIара хьалагIатта бIо ца булуш Iаш, урамехула гучубевлира майданара схьабогIу ОрцагIар.

Уггар хьалха Берса гина майор Девлат-Мирза, хIоккунна тIе шедакхаж а хьажош, Орцега вистхилира:

– И дIо тIулга тIехь хебна Iийриг мила ву хаьий хьуна?

– Ца хаьа. Мила ву иза?

– ХIара ун даржийначех цхьаъ ву-кх.

Орца цецваьлла Девлат-Мирзе хьаьжира.

– Барзин Рохьмадан кIант Берса. Вицвелла хьуна?

– ХIан-хIа… Лаьцна, Сибрех ца вахийтинера иза мацах цкъа?

– ХIаъ. Итт шо хан а йаьккхина, стохка гурахь цIа веана.

– Вевза, дера, суна-м цуьнан да а. Дика таро йолуш стаг вара иза. ХIара хIун хилла висина, оцу писех дIа ца кхеташ?

– Пехашца цамгар йу цунна. Лелалуш вац. Велахьара, Iаьлбаган коьрта гIоьнча хир вара. ХIинца а цаьршинна йукъахь лелаш къайлах зIе йу, боху. Амма лацалац.

Ши бIаьрг Берсина тIера ца боккхуш вогIу Орца, цуьнга нисвелча, накъостий дIа а буьйлабалийтина, салам луш, сецира.

– Барзин Рохьмадан кIант ву хьо?

– Ву.

– Эпсар хилларггий?

– ХIаъ.

Орцас кхардаме муцIар чIачкъийра.

– Сонта хилча, хIара хуьлу хьуна, къонах. ЦIарна а цIейаханчу ден кIант. Паччахьан эпсар… ХIинца хьажал хьайга? ЦIа-цIе а дац, доьзал а бац. Цамгаро а лаьцна, сагIадоьхург санна, тишачу кетарх а хьаьрчина, нехан кетIа а хиъна Iа. Стенна оьшура хьуна оцу писашна тIаьхьахIоттар?

ХIинца Берса велавелира кхардаме.

– Инарла, оцу «писех» схьаваьлла вайшиъ. Ша баккхалча волуш, паччахьан инарлийн къайлах лазутчик леллачу сан дех хьалхарчу гильдин купец, ткъа сох европейски дешар дешна эпсар хилира. Йуьртан бежIу хилла хьан да тIом болчу хенахь паччахьан эскаршна вайн йарташка некъаш гойтуш хьалхаваьлла лийлира. Доцца аьлча, вайшиъ халкъан шина йамартхочун ши кIант ву. Цундела вайшиннах эпсар вира. Шайн дай санна, йамарт стаг хир ву хIара шиъ аьлла. Хьо хьайн ден новкъа воьду, ткъа со вахаваланц, Орца.

Орца гІадвахана велавелира.

– Коьртехь хьекъал ца хилча, когаша къахьоьгу бохуш, хезний хьуна? Хьайн сонталло хІаллаквина хьо. Ша тІе хиъначу ворданан ден илли ала бохуш, кхин а цхьа кица ду вайнехан. Тхуна хиъна тхаьш тІехевшинчу ворданан ден илли ала. Цундела тхоьгахь Іедал а, ницкъ а бу...

– Шун карахь-м нІаьвлан цІога а дацара, Орца, – куьг ластийра Берсас. – Шен халкъана йамарт хилларг мостагІчунна а ца веза. Шуна дуьхьал хаза хабар а дуьйцу, ткъа аш букъ берзийча, тІаьхьа туйнаш а кхуьйсуш, кхардаме боьлу шух. ХІун йу шу хьаькамашна хьалха? Лайш, йалхой! Царна ма хаьа шайн халкъана дуьхьал долчу аш хІуъу а дийр дуйла. Чинаш, орденаш, алапаш, мехкаш-м, дера, ло шуна. ЖІаьлина кхуссу даьІахк ма йу иза. Шуьга керт-ков Іалашйайта. Шуьга шайн халкъана цергаш тийсийта. Текха чу мотт хьекха аш, мотт бетта аш! Аьтту а, аьрру а агІор халкъ дохка аш! Амма, мел чуьрадевлла хьийзарх, «туземцаш» а хилла дуьсур ду-кх шу а, инарла Чермоев. Тахана вийлинарг кхана воьлху, тахана вилхинарг кхана воьлу. Дуьненан хІума хийцалуш ма ду. Тхо доьлуш де а кхочур ду цкъа. ТІаккха оха жоп доьхур ду шуьга, оцу лога тІе пІелг а таІийна. Халкъо неІалт кхайкхадо шуна. Ткъа халкъо кхайкхийна неІалт хуьлу стагана. Кхин хІун хаза лаьара хьуна соьгара?

Берсин багара схьа мел долу дош дагах чекхдуьйлуш, Іадийна, бага а гІаттийна, оьгІазваха ца кхеташ, къаьрззина цуьнга а хьоьжуш лаьттара Орца.

– Хьо вист ма ца хуьлу, Орца?

Орцин ши бІаьрг керчира, дего доьлла бухара стомма балда, цергашца Іаьвшина, кІайдира цо.

– Хьо, цомгаш хиларна, вуьту ас, – элира Орцас эххар. – Амма, хаалахь, тІехваьлча, хьайх къинхетам бийр боцийла. Велла Іиллахь а, хьан дакъа тангІалкхашна тІе хьалаозор ду хьуна!

Инарлех цаваьшна Берса, ша-шех цецволуш, цхьа зевне велавелира. Цуьнан веларца куралла, кхардам, цабезам а хезара Орцина. Ткъа цамгаро хабийначу Берсин мокхачу йуьхьа тІера цуьнга хьоьжура ткъесах къегаш майра ши бІаьрг. Ша тІаьхьасацарх дохковаьлла, оьгІазваханчу Орцас чож дагош шед туьйхира говрана. ТІаьхьарчу когаш тІе а хІоьттина, хьалхаккхоссайелла, дІаиккхинчу говро хоттан дарц туьйхира Берсина тІе. Амма иза воьлура, кІаж а вахана.

– ЖІаьлеш-йаІ, жІаьлеш!.. – куьг хьаькхна, бІаьрхиш дІадехира цо. – Йалхой! Лайш!..

ЦІеххьана йаьхкинчу йовхарша сацийра цуьнан велар. Деге куьг а диллина, шалхавахна, йовхарш тоьхна, Орцина тІаьхьа а хьаьжна, цІийх дуьзна туй дІатесира цо. ТІаккха, хьала а гІеттина, меллаша гІожа тІе а теІаш, ша Іачу хІусаме дІаволавелира.

Цхьана сохьтехь гучубаьлла, лаьтта хьежна малх къайлабаькхира Іаьржачу мархаша.

3

Новкъ-новкъахь садоІуш, суьйранна цІа кхаьчна Берса, хатташа йуьзна мачаш когара дІа а йаьхна, кетар дІа а ца йоккхуш, ши ког кхерча а тоьхна, товханна хьалха лохачу гІанта тІе хиира.

Вуьшта а хІокху цІемзачу гуьйренан тІуьна шело дегІах чекхйуьйлура цунна. Когашкара хьала дегІ дохдала доьлча, кІез-кІезиг совцуш, дІатийра йовхарш а,

левсино санна, «хьаз-хьиз» ден пехаш а.

ДIакхевдина, терхи тIера схьаэцна жима шиша а даьстина, оцу чуьра дечиган Iайга тIадам а божийна, тIе хи а доьттина, масех тIадам дIамелира Берсас. Дарбано бага къахьйина, йуьхь чIичкъашка йахара. Жимма Iийна, хих цхьа-ши къурд бира цо.

ХIумма а оьший хатта, чуйеара хIокху хIусаман нана.

– Чай дац хьан, Зара? – жимма ийзалуш, хаьттира Берсас. – Нагахь делахь, шура а тохий, кIеззиг тIе даьтта а диллий, лохьа суна. ХIокху кхерча кхосса дечиг а дахьа. Со дIаваххалц, мукъайер бохург хир дац хьан, – гIийла велакъежира иза.

Пешаца лаьцначу уьн тIехь лаьтта чиркх а латийна, шиша дохдаллалц, цIе гIелйеш, милт чу а оьзна, араелира Зара. ТIаккха, мор буьззина дечиг дохьуш чу а йеана, иза товханна уллохь, нийса нисдеш охьа а диллина, милт хьала а оьзна, чиркхан цIе серлайаьккхира цо.

– ХIума кхоллур йарий ахь?

– ХIан-хIа. Хьеший схьакхаччалц Iа со. ПаргIат хила, Зара. Дукха йехийла хьо.

Чай молучу кхийра кедахь деана шура тоьхна тодина гIалмакх чай мелира цо парггIат чам боккхуш. Дагна там беш, дайн хьацар туьйхира дегIана. Берсина цамоьттучу тайпана сиха меттадогIуш доллура дегI. Товханний, пенаний йуккъехь долчу Iуьргахула схьакъедира дехкан жима ира муцIар. ДIаса а хьаьжна, цкъа-шозза Берсина тIе а богIабелла, ара а баьлла, уллохьо беара иза. Цуьнга а хьаьжна, велакъежира Берса. ХIокху масех дийнахь гергарло тасаделлера цаьршиннан. Оцу сонехь цунна сискалан цуьргаш а, гIабакхан хIуш а латтадора Берсас.

ХIоккушиннан самукъа йукъахдаьккхира арахь леттачу жIаьло. Ша долийна гIабакхан хIу а дитина, бедда бахана, Iуьрга иккхира дахка.

НеI шуьйрра схьа а йиллина, чувелира бIаьргаш, марий бен гуш ца дуьтуш, коьртах башлакх хьарчийна Iаьлбаг.

ТIаьхьа чуваьллачу Болата шега дIаийцира Iаьлбага коьртах схьайаьстина башлакх а, верта а. Берсас а, Iаьлбага а, чIоггIа куьйгаш а лаьцна, вовшийн мар-мара къевлира.

– ТIаккха, Iаьлбаг, хьо схьакхечи? – элира Берсас, кхин хIун хоттур а ца хиъна. – ДIайахал кетар, мачаш.

ГIовталца ваьлла Iаьлбаг Берсина тIаьххье маьнги йисте охьахиира.

– Схьакхечи со-м, Берса. Дуолош а хьоьгара долийра ас, хьоьгахула чекхдаккха а веана. Могашалла муха йу хьан?

– Вуон йац. ЦIахь хIун ду? Да-нана, вежарий?

– Дика Iа.

– Лецна-м бац уьш?

– ХIан-хIа. Цкъачунна Iадбитина. Суна хетарехь, Iедало оццул бехке ца бан а мега уьш.

– ХIунда бах ахь?

– Башха могIарчу бIаьхойл тIехбевлла, цара дина хIума дац аьлла хета-кх.

– Иштта-м, дера, ду. Амма, хьан вежарий хиларна, таIзар дан а мега.

– Ас, массаьрга санна, цаьрга а аьлла, со бехке а вай, кIелхьардовла хьовса.

– Иза цара дийр дац. Хьан вежарий ма бу уьш.

– Цадарх, сан нисдала а дац хIумма а.

– Болат, цIахь муха ду?

– Вуон дац.

– МаккхалгIеран, АьрзугIеран, IелагIеран доьзалш муха бохку?

– Могаш бу уьш-м. Айза йу шен кIантах кхоьруш.

– Иза а вара шуьца?

– ХIаъ.

– Жима вацара иза?

– ВуьрхIитта шо кхаьчна цуьнан. Ахь-м и дуьйцу, Аьрзун важа шийтта шо дерг а хала сацийра оха-м.

– ХIета, тIаьхье ца йайна-кх Аьрзун а, Iелин а.

ХIорш хьал-де хаьттина а бовлале, довхха чIепалгаш а, атарш чуйоьхкина далланаш а хьалхайехкира Зарас.

ХIума а йиъна, тIе довха чай а мелла, паргIатбевлча, шен тIаьххьара а леламаш бийцира Iаьлбага,

– Делхьа, Iаьлбаг, вайша хьалххе дуьйна шек ма хилира оцу ДегIастанарчу цхьаболчу баьччанех, – доккха садаькхира Берсас, Iаьлбаг дийцина ваьлча. – Мехкадайн цIийнах нах а, хьоладай а цхьа йамартло йоцуш хилац. Наггахь бакъ кIентий а-м нисло царна йукъахь а. Халкъан гIуллакхна шайн бахам а, синош а дIалуш. Амма ас буьйцурш хIара вайн ОрцагIар, Девлат-МирзагIар йа дегIастанхойн Мохьмад-бекгIар, Джафар-ханаш бац.

– Церан а, вайн а некъаш башха-башха ма ду, Берса. Цаьргахь хьал, Iедал, маршо йу, ткъа вай къен, бакъо йоцуш, лоллехь дохку.

– Оццул хьо хьеггал ирсе а бац уьш.

– Со-м ца хьоьгу царах.

– ХIета… дIабевли-кх вайн накъостий?

– ДIабевли.

– ХIинца хIун дан ойла йу хьан?

– Ахь хIун олу?

– Гуьржех дIаваха веза хьо.

– ХIан-хIа. Накъостий дIа а тийсина, ведча, эхь ду.

– Эхь дац. ХIокху Россехь а, кхечу мехкашкахь а маршонехьа гIевттинчу халкъийн тхьамданаш, вайл кхетаме, дуьненахь а цIе йахана нах, шайн иэшам хилча, шайна туш а лохий, махках бовлу.

– Шайн синош а довдадой?

– ХIан-хIа. Керлачу къийсамна кечамбан.

Iаьлбага корта хьовзийра.

– Реза вац хьо? – хаьттира Берсас.

– Вац.

– ХIунда?

– Со бодане ламанхо ма ву, Берса. Ахь буьйцучу нехан санна, коьртехь хьекъал а, Iилма а, кхетам а боцуш. Махкал арахьа-м хьовха, кху лаьмнашкахь а ца вевзаш. ЦIахь ца карийна ирс хийрачу махкахь муха карадо? Суна мича махкахь карор дара, гIо-м хьовха, кIелхIотта тхов а?

– Хонкарахь. Цигахь вайнах а, кхин ламанхой а ма бу.

– Гина суна уьш. ХIара вайн хьолахой санна, цхьакIеззиг нах туркойн Iедална мотт хьоькхуш беха, бисинарш вайл а къизачу Iазапехь бохку. Вайн-м, къен делахь а, декъаза делахь а, даймохк а бу. Цигахь церан иза а бац. Даймохк боцу стаг велла ма ву, Берса. Ахь айхьа а ма олура иза.

– Хи буха воьдург чемхалгех а тийсало, боху, Iаьлбаг. Вай оцу хьоле ма эгна.

– Ас аьллачунна тIе кхин а ду со цIахь сецош цхьа бахьана. ХIинца со ведда Хонкара вахча, ас хIинццалц бина некъ туркойн дуьхьа хуьлу сан. ТIаккха сайна тIехь боцу ши бехк кочаоьцу ас: белла а, дийна а накъостий дIа а тийсина, кIилло санна, вадар; туркошца сан барт бу бохуш, Iедало даржийна эладита бакъдар а.

– ХIета, Iедална тIеваха сацам бина-кх ахь?

– ХIаъ.

– СогIратIлахь хIунда ца дира ахь иза?

Iаьлбаг курра дIахьаьжира Берсега.

– ТIеман арахь, герз охьа а тесна, иэшнарг а, кIилло а хилла, мостагIийн кара ца ваха. Сайх мостагIий ца кхардо, цаьрга со сийсаз ца вайта.

Берсас корта ластийра.

– КIезиг синтем бу иза а.

– ХIинца ас сайн корта безза бухкур бу. Ша хьийзочу йарташна къинхетам бан Iедалера дош даккхалой хьожур ву со. Накъосташна цхьа аьтто а баккхалур бацара-те?

Берса дIатийра. ХIоьттинчу тийналлехь Iаьлбагна хезара цо хала доьIу са. ЦIеххьана йовхарш а йаьхкина, бете йовлакх таIош, аравелира Берса. Арахь йуьстахваьлла, легаш а цIандина, чувеара иза.

– Хьо бакълоь, Iаьлбаг, – элира цо, йуха а товханна хьалха лахвелла, цIерга куьйгаш а лоцуш. – Вай иэшна. Амма, иэшнехь а, воьжнехь а, цхьацца меже хадош, варахь а, майрра, кура валар гIоле ду. Баккъал а, хIун до ведда лелла? БIаьрнегIар а ца тухуш, мостагIашна хьалхахIоттар а, Iожалла тIеэцар а ма бу шатайпа толам! Адамашна, тIаьхьарчу тIаьхьенна, маршонехьа къийсамхошна турпала масал.

– Изза хеташ лела-кх со а.

– Моьттург ца хили вайн. Россина чоьхьара хьелаш дика ма дацара кху тIаьххьарчу шерашкахь. Iедална резабоцуш, карзахбевллера оьрсийн муьжгий а, белхалой а. Кхечу къаьмнаша а дуьхьалонаш йора Iедална. Уьш дерриг дуьстича, хIара йукъ гIаттамна уггар аьтто берг хийтира суна, цундела къобалдира ас хьан дIадолор. Амма абхазаш а генахь хили. Санойн гIуллакх а ца нисдели. ДегIастанхой а тIаьхьа гIевтти. Оьрсийн белхалойн а, муьжгийн а дуьхьалонаш а къиза хьоьшу. ХIетте а, лелийначунна дохкодевр дац вай: хIара иэшам тIаьхьо хинболчу толаман закъалт ду.

– Оцунах-м со а кхета иштта, – гІайгІане велакъежира Іаьлбаг. – Коьрта кхин цхьаъ а хии. Нахана уггар хьекъале ву моьттина со хьалха а волуш, вайнах сонта хилар. ХІун пайда бу вайн майраллин а, доьналлин а? Пхийтта шарахь ас Іамийна Іилма а эрна хили! Хьуна санна ца хаахь а, Овхьадна хуъучул мукъане а дуьненан Іилма хууш хиллехьара, тІаккха соьгара пайда алсам хила а мегара. Халкъ маршонехьа къийсаме гІатто а, иза толаме хьалха дига а кхин адамаш оьшу. Коьртехь даккхий хьекъалш, дуьненан Іилманаш а долуш. Вайн мостагІашкахьчул тІех дацахь а, цаьргахь санна, мукъане а, – жимма ойлане ваьлла, тІаккха Берсехьа а вирзина, хаьттира цо: – Овхьад веарий хьо волчу?

– Веара. Баркалла хьуна, Іаьлбаг. Дика ду ахь иза кІелхьарваькккхина. Цо дийцира суна дерриг а. Хьекъале а, майра а жима стаг ву иза. Даймехкан, халкъан маршонан дуьхьа шен са дІадала кийча. Масех эзар мукъане а белара ишттаниш. Суна хетарехь, Іаьлбаг, цкъачунна маршонах догдилла дезар ду вайн. Паччахьан Іедало, ондачу цхьана зІенаца вовшахтесна, дихкина хІокху Россехь деха дерриг къаьмнаш. Царах цхьаъ йа иттех деттадаларх, хедар йац иза. Массо а цхьатерра дІа ца гІоьртича. Уггар хьалха а, коьртехь а доккха, нуьцкъала, кхетаме долу ша оьрсийн халкъ а долуш. ТІаккха хир йу массарна а маршо. ХІетталц догдохийла йац цуьнга. ХІокху тІаьххьарчу баттахь, иза мел тІаьхьа делахь а, сан ойла оцу тІехь сецна-кх, Іаьлбаг.

Чувеана Болат хаттаре Іаьлбаге хьаьжира.

– ХІинца дІавоьду вайша, Болат, – догдика велакъежира Іаьлбаг…

– ДІагІо, Іаьлбаг… Стеган дахар – къийсам бу. Диканехьа, ирсехьа, дахарехьа. И къийсам сецча, дахар а соцур ду. Къийсамо иэшайо халонаш, Іамаво стаг ваха а, вала а. ТІаьхьа-тІаьхьарниш хьекъале а, кхетаме а хир бу. Вайн гІаттаман хьесап эцна, вайн гІалатех ларлуш, кхечу, нийсачу новкъа гІур бу уьш. Эххар а, цхьана дийнахь йожийна, хьошур йу хІара харцо. Цуьнан овкъарш тІехь керла дахар хІоттор ду адамаша, дерриг къаьмашна йукъахь нийсо а, барт а болуш…

4

Шийла йу суьйре. ДогІий, лой цхьаьнаийна, ткъов йоьлху. Дитташца шок йетташ, дера мох хьоькху.

Оцу йоьхначу суьйранна ДаьргІа кІел, Яьссин аьтту йистехь, соцу ши бере. Ший а вовкха вухавелла и шиъ. Кхакханан кетаршна тІехула дуьйхина чоэш, бІаьргаш, маранаш бен гуш ца дуьтуш, кортойх хьерчийна башлакхаш. Шинггехь а герз ду. Даим хьалха вогІуш хиллачуьнгахь – берданга, ткъа вукхуьнгахь – нохчийн мокхаз буьллу топ. Коча тийсина тарраш, йукъахйихкина шаьлтанаш а йу.

Воккхахволу бере говрара охьавосса воьлча, шолгІачо, каде охьа а оьккхий, тІевоьдий, цуьнан говран урх дІалоцу.

– Хьо хІунда сецна, Іала? – хотту жимахчо.

– Кхузахь дІасакъаьста вайша, СултІи.

– Шух хирриг хир сох а. Со а ваийтахьа, Іала.

Іаьлбага сацамболлуш корта ластабо.

– ХІан-хІа, СултІи. Вежарех, цхьаъ мукъане а, маршонехь виса лаьа суна. Іеламха а, Іала-Мохьмад а, Іарапха а лоцур ву Іедало. Цара мелла а жигара дакъалаьцна хІокху гІаттамехь. Зеламханан пхийтта шо бен дац. Иза йукъа цаийзор хир ву Іедало. БерхІитта шо долу хьо лоцур ву. Амма иза хилийта йиш йац. ГІо иэшначохь орцах вала цхьаъ хила веза маьрша. Мел дийцича а, вайн вежарех, жима велахь а,

хьо майра а, хьекъале а, доьналла долуш а ву. Соьца хьо Іедална караварах а, соьцанна ахь Іожалла тІеэцарх а, нисдала хІума дац. ХІинца говраш хуьйцу вайша. ХІара сан мел хьоме йара хаьа-кх хьуна, хІокхуьнан доладелахь.

Іаьлбаган дин гІийла терсира. СултІи маракхийтира вешина.

– Іала!.. Ас бекхам оьцур бу хьан мостагІех, хьуна йамартло йинчех…

Іаьлбага маракъевлира иза.

– Шу пхеа вешина со бахьана долуш цкъа а декхар тІе ца дожийна ас, СултІи, – элира цо, иза дІа а хецна. – ХІинца хьуна тІе а ца дожадо. Хьайн даго хьоьххург де. Амма гІийлачунна, мискачунна орцахвалар, шен а, халкъан а маршонехьа къийсар, халкъан дуьхьа Іожалла тІеэцар – иза къонахчун декхар ду. Хаалахь, хІокху дуьненахь лай хилла вехачул, велла дІавалар гІоле йу хьуна.

– Ахь долийнарг ас тесна дуьтур дац, Іала…

– Иза ас долийна дац, СултІи. Іедало шайгахь латто Іазап, шайна тІехь латто харцо ца лайна, вайн дайша долийнарг дара ас схьалаьцнарг. Варийлахь, нагахь и некъ хьайн даго къобалбеш бацахь, оцу новкъа ма валалахь. ХІинца йухаверза…

Нанас бер санна, ша иттех шарахь хьомсара кхиийна дин цхьа къацахетарийн кара ца бахийта, иза СултІехь а битина, цуьнгарчу говра а хиъна, хи чу вуьйлира Іаьлбаг. Чхерашна тІехула кхийсалуш, керчаш, чопаш туьйсуш, цинцийн дарц детташ, дистина, дарделла догІучу хица къуьйсуш, аьрру агІон тІе делира говр а, бере а. Цигахь ца соцуш, йуха а хьаьжна, вешин Іодика йеш, шед карахь йолу куьг хьала а лаьцна, говре йорт эцийтина, бодашкахь къайлавелира Іаьлбаг.

Вешин говран урх буйна а къуьйлуш, чурт санна, вехха вогІавелла лаьтта СултІи, цІеххьана гуора вуьйжира. ДоІина ши куьг хьала а лаьцна, гІайгІане бІаьргаш кхоьлинчу стигала а боьгІна, Деле кхайкха хІоьттира иза:

– Йа АллахІ, хІай, веза Дела! Айса дуьненахь даькккхинчу хІокху берхІитта шарахь даим дІа хьарамчух ларвеллера со, бусалбанна а, керстанна а зиэн-зулам ца динера ас. Ахь кхоьллинчу цхьана а хІуманан са ца даькккхинера ас. ГІийлачунна, мискачунна гІо иэшча, орцах ваьллера со, оьзданиг лело гІиртинера со, оьзда доцчух къихкинера со, Хьуна а, адамашна а хьалха сайн адамаллин декхар кхочушдан гІиртинера со…

Цхьаьнаийна тІедеттачу догІано а, лайно а йашийнера цуьнан йуьхь, хьалалаьцначу куьйгийн пІелгашна йуккъехула охьаІенара догІанан хиш.

– …Айхьа вазвина ваийтинчу Пайхамарехула Ахь тхуна тІе ма диллинера харцонца къийсар. Зуламениг адамашна йукъара дІадаккхар декхар деш, Ахь тхуна тІедиллинарг кхочушдан, паччахьо, цуьнан хьаькамаша а адамашна тІехь латто харцо, Іазап ца ладелла, царна дуьхьал гІеттинера сан миска ваша… Оцу новкъахь, собарх воьхна, цуьнан даг чу оьгІазло йоьссинехь, харцонна цо куьг айъинехь, ког баькккхинехь, шайтІанан караваханчу минотехь цо бехкбоццу бусалбанна а, керстанна а халахетар, бохам, зулам динехь, цунна гечделахь…

Дитташ тІехь тІаьххьара дисина мажделла гІаш ийзош схьадохуш, идош, лоьхкуш дуьгий, кондарш кІел, оьрнаш чудетта чехкачу махо.

– …Іедало шайна тІехь латточу Іазапна, харцонна кхидІа садетта собар а кхачийна, маршоне сатесна, сан вешех баьчча а вина, гІевттина, оцу къийсамехь эгна нах декъалбелахь, дийна бисинчех къинхетам белахь… Царах массарех а дийлинчу гІалатех а, ледарлонех а жоп уггар хьалха соьга дехалахь, Хьо резаволу Іожалла суна лолахь, и миска адамаш дуьненан балех а, эхартан Іазапах а хьалхадахалахь.

ДоІина хьалалаьцна СултІин куьйгаш шелоно цІийдинера.

– …Оха лелийначунна тхо цхьа а бехке вац, тхоьга цІий Іенадайтарна бехке

паччахьаш, хьаькамаш, церан Iедал а ду. Уьш иэшо, хIаллакбан, нийсо, машар, маршо йаккха халкъашна ницкъ лолахь… Сан миска ваша мостагIашна хьалха Iожаллина дуьхьалхIоьттича, иза къонахаллех, доьналлех вохавай, уьш цунах ма кхардабелахь!.. Йа аллахI, хIай, веза дела, гIо делахь тхан бакъонан гIуллакхан!..

Стигал йазйелла, лаьтта тIейожа йоллуш санна. Мох хьоькху диттийн гаьннашца шок йетташ. Дарц хьийза хIаваэхь, бIаьрг белла ца вуьтуш. Дарделла Яьсси гIергIа, хIара тогIи къарйина. СултIис мохь бетташ ден доIа тIепаза дов оцу дорцалахь, гIовгIанехь…

* * *

ЦIемза а, кхоьлина а йара и 1877-чу шеран ноябран ткъе ворхIалгIа буьйса. ТIедан гIерта Iа, дIайала ца туьгу гуьйре.

Тховх хьалаоьллинчу шийтта номеран боккхачу чиркха кIел шуьйрачу стоьла тIе йуьхьарвахана болх беш воллу полковник Авалов. Коран неIарш арахула тIечIагIйинехь а, царна йуккъехула чухьоькху мох. Халла хаалуш леста чиркх.

Леца а, мехкан губернешка ссылке бахийта а безачу нехан спискаш Iохку Аваловна хьалха. Ша-ша нехан а, доьзалийн а. Уьш-м аьхка дуьйна а кийча йара. Амма цул тIаьхьа йаьллачу хено кхин керланиш йукъабалийна. Къаьсттина дукха бу Зандакъара, Симсарара, Бенара, МахкатIера, Дишний-Веданера, Хоттанера, Тевзанера, Элистанжара нах. Аькккхара, Салатавера, Аргунски округера кхалхочу нахаца гIуллакх дац Аваловн. Уьш Батьяновн а, Лохвицкийн а кочахь бу. Йоккхачу а, Жимачу а Нохчийчуьрчу ткъе бархI йуьртара нах а бу леца а, кхалхо а кечбина. Мятежехь дакъалацарна. Цаьрца дерг а полковнико Эристовс дийр ду.

Спискаш кийча йу, амма царна тIехь билгалбина берриг а нах-м бац Iедалан карахь. Ах тIебаьхкина, ах хIинца а хьаннашкахь лечкъаш лела. Амма беха лелар бац. ТIедогIуш Iа ду, борз санна, буьрса. Машаречу хенахь Iай лула-кула хьошалгIа боьлхуш тIедуха барзакъ а ца хуьлучу нахе садетталур дац хьаннашкахь. Шелбелча, мацбелча, йарташка гIоьртур бу. Ткъа эло Аваловс хIор а йуьртахь къайлах айкхаш кечбина. Мятежникаша дIа мел боккху ког сема тергалбан.

1859-чу шарахь цергаш йаьхнера нохчийн. ХIара хIинца йохка гIоьртинарш шолгIа йевлла цергаш йара. КхозлагIа уьш йовлуш а ца хуьлу. Доцца аьлча, Iедало гайтина шен ницкъ а, къизалла а. Къармазениш берриг а, махках баьхна, империн уггар генарчу шийлачу меттигашка дIахьовсор бу. Цигахь цхьаберш мацалла а, шелонна а, цамгарех а лийр бу, дийна бисинчийн гIуллакх Делан карахь хир ду…

Мятежникийн тхьамданаш берриг а схьалецна, Iаьлбаг а, Солтмурд а, Сулиман а воцург. Ведда Турце вахана тIаьхьара шиъ а кхераме хуьлучура дIаваьлла. Iаьлбаган вежарий а карахь бу, цхьа СултIи воцург. БерхIитта шо бен хан йоцу иза а вац кхераме. ХIинца цкъа берзан кIеза бен дац, воккхахилча цо хIуъу дахь а.

Амма коьрта разбойник Iаьлбаг маршонехь ву хIинца а. Оццул айкхаш тIаьхьабахарх, волу меттиг хаалац. ЙоIбIаьрг санна, чIогIа ларво иза наха. Кхин иза лаца а ца велла, цхьа кIира хьалха йарташкахь репрессиш йолийна Iедало. Къена нах, зударий, бераш дIалоьцуш. Iаьлбагца мелла а зIе йу аьлла шеко йолчийн цIенош дагош, даьхний дIа а дохуш. Веданахь, Шуьйтахь, Эрсанахь, БуртIанайхь, Кешанахь йолу набахтеш тIанк-аьлла йуьзна тутмаккех.

Амма наха йийцац Iаьлбаг волу меттиг.

Иза маьрша мел ву, синтем хир бац кху округехь. Хьалхалерчу барамехь гIаттам хуьлучуьра гIуллакх дIадаьллехь а, жимачу гIеранца, борз санна, ваьлла лелаш, даим дIа кхерамна кIел латтор ду цо хIара лаьмнаш. Хьанна моьттура, бархI бутт хьалха Гати-Юьртахь хьуьнарш къуьйсучохь, сирачу динахь и эсала бере цунна хьалха хIоьттича, дукха хан йалале иза оццул бале вер ву. Кхузарчу Iедална-м хьовха, йерриг Кавказна а, империна а…

Аваловн ойланаш йукъахйехира цхьамма сихйина неIарх тоьхначу хIумано.

– Чувола!

Чоьхьа а ваьлла, неIарехь вулавелла дIахIоьттира гIоперчу ханан начальник. Цуьнан йуьхьан бос хийцабелча санна хийтира полковникна.

– Пурба лохьа, хьан оьздалла!

– ХIун хилла, подпоручик?

– УьйтIахь лаьтташ цхьа нохчо ву, хьо волчу веана. Ша Iаьлбаг ву а, боху цо.

Авалов цецвелира.

– Мила Iаьлбаг?

– Хаац. Бунтахойн баьчча ву-те аьлла, дагадеара суна-м.

– Мичара хир вара иза! – велавелира Авалов.

Шен дуккха а болчу лазутчикех Iаьлбагах лаьцна хаамаш бохьуш веана цхьаъ хир ву-кх аьлла, дагадеара полковникна. Цкъа ойла хилира цуьнан, буьйса йаьлла, кхана вола аьлла, иза дIахьажо. Амма хьанна хаьа цо беанарш мехала хаамаш буй а…

– Схьачуваийта…

Подпоручикца чувеара, ах йуьхь дIахьулйеш, коьртах хьарчийна башлакх а, кетарна тIехула дуьйхина боьмашчу басахь чоа а долуш, йуккъерчу дегIара стаг. Каралаьцна берданка а, коча тесна тур а, йукъахйихкина Iаьржа совра диллина ботт а, кIайчу маьIан мукъ болуш шаьлта а йара. ДегI а, ши бIаьрг а Iаьлбагчух тера хийтира Аваловна, амма йуьхь башлакхо хьулйинера. Йа полковникан лазутчикех а вацара иза. ДегI дуьйлина, хьешана тIера бIаьрг дIа ца боккхуш, сема лаьттара подпоручик.

– Ассалам Iалайкум, буьйса дика хуьлда хьан, полковник! – элира хьешо, Авалов цхьана минотана вист ца хуьлуш соцунгIа хилча.

– Ва Iалайкум салам! Марша вогIийла хьо. Бехк ма биллалахь, суна вовзац хьо.

Стага бIаьрг туьйхира стоьла уллохь даьсса лаьттачу гIанте.

– Шайн къоман гIиллакхех боьхна-те гуьржийн элий? – ши бIаьрг белабелира цуьнан.

– ХIунда хоьтту ахь?

– Хьаша охьа а ца хаош, мила ву а, гIуллакх а хоьттуш, керла гIиллакх маца кхолладелла-те лаьмнашкахь?

Авалов вуьйхира.

– Уггар хьалха, со паччахьан эскаран эпсар ву, – бехказвала гIоьртира иза.

– ХIета, могIарчу ламанхочул ах сов лакхара хила хьакъ ду хьан гIиллакх а, оьздангалла а.

– Амма нехан хIусаме вогIучу ламанхочун йуьхь а хила йеза йиллина!

– ХIара лачкъо дезар сан бехкенна дац, – башлакх дIа а йаьстина, хуцIара букъа тIехьа тесира хьешо.

– Iаьлбаг!

– ХIаъа, со ву хIара, эла Авалу.

Цхьа бIаьрнегIар тухучу йукъана Аваловн ши бIаьрг хьешан карарчу тоьпана тIехIоьттира, амма иза Iаьлбагах къайла ца делира.

– Сан герз кхераме дац, полковник. Амма ас, цкъачунна, хьоьга дIа ца ло хIара.

– Охьахаа, Iаьлбаг.

Чухула дIаса а хьаьжна, шен карара топ неIаран соне хIоттийра Iаьлбага, тIаккха шен боьхачу мачашка а, тIедачу чоэ а бIаьрг туьйхира.

– ХIумма а дац, охьахаа, – велакъежира Авалов. – Ас хIинцца чай доуьйту хьуна.

– Ца оьшу, полковник. Хьалха цкъа гIуллакхах дерг дуьйцур вай. ТIаккха, нагахь барт хилахь, чай а мер ду.

– Йуха а – ламанхойн гIиллакх!

– ХIун дийр ду ткъа. Лаьмнийн гIиллакхаш дIадевллачу дийнахь чекхйевр йу вайн оьздангалла а, къонахалла а. Пурстоп Пруссаков кхузахь ву бохуш, хезна суна. Иза а, хьайна хетачех кхин цхьа-ши эпсар а схьакхайкхахьа.

Аваловн дог сихделла тохаделира. «Iедалан караван воллу-те хIара? Ма доккха хIума ду-кх хIара, бакъ хилахь!»

– Хьуна мила кхайкха лаьара?

– Хаац. Суна хьой, Пруссаковвий бен вовзац. Дош – дош долуш, харцо а йийрйоцурш балабехьа.

Авалов аравелира, Iаьлбаг подпоручикца ша чохь а витина. Чухула дIасахьаьжначу Iаьлбаган бIаьргаш дуьхьал пенаца кхозучу императоран Александран ШолгIачун суьртана тIехь севцира. Ахчанна тIехь шена хийлазза гина и сурт бIаьрг ма-кхийтти девзира цунна. Иза а, цуьнан дай а, церан цIийнан нах а – уьш бу-кх маситта шарахь сила йоккхачу кху Россера халкъаш Iазапехь даллориш, маситта шарахь кху лаьмнашкахь мискачу ламанхойн а, оьрсийн муьжгийн а цIий Iенадайтинарш…

Сурта тIера ши бIаьрг шега толамечу цавашарца хьоьжуш санна хетаделла Iаьлбаг цхьана йукъана дохковелира ша кху хIусаме варна.

Авалов сихха чувеара шеца Пруссаков а, кхин ши эпсар а валош. Аваловна а, Пруссаковна а гIеххьачул нохчийн мотт хаьара. Оьрсийн маттахь дуьйцучух мелла а Iаьлбаг а кхетара. Цундела кхузахь царна талмаж ца оьшура. Эпсарш охьахевшича, хьалагIеттира Iаьлбаг.

– Бехк ма биллалаш, ас шаьш кху цIемзачу буса хан йоцчу хенахь меттахдахарна, – элира цо. – Полковник Авалов, со бахьанехь Iедало бахархой хьийзабо. Бехке боцу къена нах а, зударий а, бераш а. Цара со Iедалан кара схьалахь, уьш маьрша бита делла дош а ду Iедалан. И бехке доцу адамаш Iедале ца хьийзадайта, сайн лаамехь тховса шуна тIевеана, сайн герз шуна хьалха охьадуьллу ас. Сан дехар ду эпсаршка кху гIуллакхан тешаш хилар. – ТIаккха, сонера схьаэцна, шен топ Аваловга дIа а кховдийна, йукъахйихкинчуьра схьайаьстина тапчий, шаьлтий, туррий стоьла тIе охьайехкира цо.

Чохь цхьана ханна тийналла хIоьттира.

– Мекара туземец хиллийца хIара, – велавелира эпсарех цхьаъ. – Шен лаамехь тIевеача, шех къинхетамбаре догдохуш хир ву-кх иза!

Iаьлбаг, корта курра агIор а баькккхина, дIахьаьжира эпсаре.

– Хьо гIалатваьлла, эпсар. ХIинццалц схьа цкъа а тхох ваьлла вац, Iожаллина дуьхьалхIоьттича, мостагIашка къинхетам боьхуш стаг. Ас сайна хIумма а ца доьху.

Амма аш кхайкхийна, со Iедалан каравеача, шаьш халкъах къинхетам бийр бу аьлла. Шаьш къонахий делахь, и шайн дош кхочушде. Сайн кхоллам суна хьалххе дуьйна гуш бу.

Эпсарш Аваловга ладоьгIна севцира.

– Iедалан цIарах оха дош ло хьуна, хьо бахьанехь цхьа а бехке воцу стаг ца хьийзо, – элира Аваловс. ТIаккха Пруссаковна тIевирзира иза. – Павел Никифорович, йийсархо хьан кара ло ас. Керла приказ хиллалц, ахь жоп ло цуьнан коьртах.

Пруссаков шена тIеволавелча, дуьхьал куьг тесира Iаьлбага.

– ТIаьххьара а цхьа дехар ду сан. ГIала набахте дIакхаччалц, сан дегI маьрша дитар. ТIаккха шайна луъург дер аш.

– Iедална тIеварах дохко а ваьлла, вада-м гIоьртур вац хьо, Iаьлбаг? – хаьттира Аваловс.

Цуьнга хьаьжна, вела а къежна, сацамболлуш корта ластийра Iаьлбага.

– Иза дагадан а ца оьшу, полковник. Оцу агIор паргIат хила мегар ду хьо…

XVIII корта. КХИЭЛ

(Абросимовн йозанаш)

Къийса ницкъ боцуш висинчу дий-

нахь сан валар хуьлда.

Ф. Энгельс

1

Грозный, 9-гIа март, 1878-гIа шо.

Адамашка цхьа бохам беача, карзахдолу Iалам а. Сел къизачу адамашна хьакъдоллу таIзар кхачарна доккхаде а, хаац, иза, йа, бехк-гуьнахь доцчарна кхаьчна бала ца лабелла, царах дог лезна, орцахдаьлла тийжа а, хаац.

Март беттан хIара хьалхара кIира дукхе-дукха хаза, декхна дара. ГIалин йистошкахь, некъашца кондаршна бухахь лаьттах хьалакъеддера бецийн зIийдигаш. Цхьацканхьа карадора хьалхе кхуьу зезагаш а. БIаьсте тIекхаьчна йаьлла моьттуш, йалташ дIадерна кечлуш бара йарташкахь. Олхазарш а гора шайн баннашна цхьацца гIирсаш идош. ГIалахой а буьйлура урамашка бIаьстенан духарца.

Сийсара а йара буьйса йекхна. Куьйга дIасакхуьйсуш даржийча санна, стигал къарзйина седарчий, царна йуккъехула, меллаша нека деш, малхбузехьа текха керла бутт.

Амма тахана Іуьйранна сатоссучу хенахь цІеххьана хийцаделира Іалам. ГІалина тІекхозайелира, даш санна, йазйелла дорцан Іаьржа мархаш. Сийначу дахкаро дІахьулбина Суьйра-Корта. Дохк меллаша текхара гІалин гаттийчу урамашкахула. ТІаккха шийла мох белира, тІаьххье лайн чимаш хьийза девлира. ХІаваэхь ловзуш, пелдуьйлуш, лаьтта оьгу уьш, сихха дешаш, довра. ДІадаханчу кІиранах Іовдаделлачу урамашкахь йуха а хатт белира.

Іуьйранна йалх сахьт даьлча, адамийн татолаш дуьйладелира Грозный-гІалин малхбалехьа йисте. Цигахь бахархошна бежан хьаьрма хилла лаьттачу арахь керла хІоттийна кхойтта тангІалкх а, цхьа гІант а ду. Царна гуонах ха деш лаьтта полицейскийш.

Цхьа сахьт далале, и йоккха майда йузу адамо. Кхуза гулбелла гІалахой, гонахарчу нохчийн йарташкарий, гІалгІазкхийн станицашкарий бахархой.

Тахана кхузахь кхочушйийр йу гІовттамхойн куьйгалхошна тІехь тІеман-аренан суьдо йина кхиэл.

ХІумма а чолхе ца хилира суьдан процесс. Суьдан председатель, сагатлуш, наггахь бага а гІаттош, Іара. Бехкебечара шаьш а ца даькхира гІуллакх чолхе. Цара, дІаса а ца хьийзош, доцца жоьпаш лора шайга дечу хаттаршна. Уггар хьалха Іаьлбаг лиэвира.

– Хьайн паччахьна, цуьнан Іедална дуьхьал халкъ хІунда гІаттийнера ахь? – хаьттира цуьнга.

Шена хаттар гочдича, велар иккхира Іаьлбаге.

– Халкъ паччахьна, Іедална дуьхьал гІаттаран бахьана цара цунна тІехь латто харцо а, Іазап а дара. Амма иза гІаттаме кхайкхарна а, гІатторна а бехке со цхьаъ ву.

– Цхьана стаге гІатталур дац халкъ. Муьлш бара хьан гІоьнчий?

– Бакъду иза. Цхьаьнга а, иттанга а, бІенга а гІатталур дац халкъ. Нагахь гІатта цунна дуккха а, даккхийн а бахьанаш дацахь. Ткъа уьш оьшучул а тІех ду кхузахь.

– Хьайн гІоьнчийн цІерш йахал.

– Сан гІоьнчий кхузахь бу. Амма цара шайггара хІумма а ца дина. Динарг дерриг а сан омрица дина цара.

Іаьлбагера кхин жоп ца долий хиъча, тІаьххьара а хаттар дира цуьнга.

– Хьо паччахьна, цуьнан Іедална дуьхьал гІеттина. Ахь пачхьалкхана, даймахкана йамартло йина. Пачхьалкхан законаца уггар луьра таІзар догІу хьуна. Дехар дуй хьан суьде?

– Дац, – ойла а ца йеш, сихха жоп делира Іаьлбага. – Со зуламхо, йамартхо велахь а, вацахь а, халкъана шена дика хаьа. Йуха а боху ас, со Іедалан харцонна дуьхьал гІеттинера. Халкъана маршо, нийсо, сискал йаккхайаларе догдохуш. Суна тІаьхьахІиттинчу адамаша цхьа а машаре стаг ца вийна, цхьана а машаречу бусалбанний, керстанний зулам ца дина. Оха байъинарш паччахьан йалхой бу.

– Айхьа лелийначунна дохковаьллий хьо?

– ХІан-хІа. Цуьрриг а ца ваьлла. Аш дІахецахь а, йуха а оццу новкъа вер ву со.

– Ахь элира, айхьа цхьана а машаречу стагана зулам ца дина. Ткъа ахь гІаттийна адам таІзарна кІел ма доьжна. Иттаннаш йарташ йагийна, бІеннаш доьзалш махках бохуш бу, бІеннаш нах Сибрех каторге бохуьйту. Церан къа ца дужу хьуна тІе? Адам хІунда Іехийра ахь?

Цхьана минотана йуьхь кхоьлира Іаьлбаган.

– Цхьа а ас нуьцкъах гІаттийна вац, – элира цо гІайгІане. – Массо а шайн лаамехь гІеттина. Суна санна, хІоранна а йезара маршо, нийсо, сискал. Ас ца аьллера цаьрга, сайга Іедал хийцалур ду.

– ТІаккха?

– Лайш хилла дехачул, делла дІадовлар гІоли йу, котамаш санна, таьІна Іахь, цкъа а хІокху Іазапах вай хьалхадевр дац, йа маршо йоккхур вай, йа, летта, делла дІадевр вай аьлла, бара сан кхайкхам. Ша резаверг суна тІаьхьахІуттура, резавоцург шен цІахь Іара.

– Ахь цхьацца йарташна таІзар ма дира?

– Іедалан маттаца сайна дуьхьалйевллачарна дира иза а.

Мартан 4–6-чуй деношкахь дІайаьхьира суд. Бехкевина ткъе цхьаъ стаг, шаьш суьйранна пхьоьхана бевлча санна, лохха вовшашка къамелаш а деш, хевшина Іара. Наггахь, цара гоьл тІе баькккхина ког хуьйцуш, йа куьг хьадича, татанаш дора когех а, куьйгех а тоьхначу болатан буржалша. Суьдо делкъе йеш, шаьш цхьана цІа чу а дуьгийтий, делкъан ламазаш дора тутмакхаша.

Цхьа а бехках хьалхавала ца гІоьртира, цхьаммо а гечдар а, таІзар кІаддар а ца дийхира. Хьала мел гІаттийначо, Іаьлбага аьллачунна тІетоха а, тІера дІадаккха а хІумма а дац шайн, олура.

Суд бехказлонна йеш йара даррехь. Бехкебечийн кхоллам хьалххе дуьйна билгалбинера. КхоалгІачу дийнахь де делкъанга долуш, наб хьоьгІуш Іачу тІеман-аренан суьдан председателло шена хьалха Іуьллучу список тІехь хІораннан цІарна дуьхьал цунна догІу таІзар билгалдира. Гарехь, бехкебечийн кхолламах дерг Іедало, хьалххе сацам тІеэцна, чекхдаьккхинера…

* * *

ХІинций-хІинций тутмакхаш схьакхочу бохуш, ладоьгІуш лаьтта адам. Шийла йу. Лайца ийна серсачу догІано тІадо долийна адамаш, цецах санна, бедарех чекхбуьйлу шийла мох.

Кхузахь а декъаделла адам социальни классашка хьаьжжина. Хьалхарчу могІаршкахь эпсарш, гІалин чиновникаш, станицийн, йартийн а лакхенаш лаьтта.

Ткъа тангІалкхашна гергахьара меттиг хьаькамашна йелла. Цигахь бу хІинцца схьакхаьчна инарлаш: Смекалов, Виберг, Чермоев, полковникаш: Эристов, Беллик. Царна тІехьа бу эпсарш: Мустафинов, Мовсаров, Ойшиев, Мамаев, Саралиев, туркойн тІамера цІабирзина Шерипов, Лаудаев, нохчийн кхин эпсарш а.

Оцу къорзачу тобанна йукъахь къаьста коьртах хьарчийна кІайн чалба а, тІейуьйхина баьццара оба а йолуш суьлхьанаш карахь лаьтта округан къеда Юсуп.

Кхуза гулделлачу адамашна йукъахь дуккха нохчий а бу. Къений, къоний. Зударий, бераш. Гонахарчу йарташкара нуьцкъах балийна уьш. ХІара кхиэл кхочушйеш хьовсийта, Іедална дуьхьалваьллачунна хиндерг гайта. Кхузахь гинарг цаьрга йарташкахь даржадайта. Адам кхеро, Іадо. Халкъ кхин цкъа а Іедална дуьхьал ца гІаттийта.

Оьрсийн божарел дукха зударий бу кхузахь. Цунна реза вац инарла Смекалов. Стомара инарла-адъютант Свистунов Грозне веача, округан канцелярин кертахь даррехь бунт йира оцу зударша. Маьхьарий детташ, инарлина неІалт кхайкхош. Кхойтта стагана ирхъолла йина кхиэл йохайе бохура. Йуьхьанца начальнико тергал ца дира и маьхьарий. ТІаккха шайн некхера бераш канцелярин уча охьадехкира зударша. Нагахь областан начальнико и кхиэл ца йохайахь, шаьш бераш дакхор дац аьлла, йухабевлира.

Зударий дIасалахка гIоьртина масех салти йиттина гIибаваькккхира цара. ГIуллакх забарна тIера даьллийла хиъна, Свистунов аравелира. Цуьнан когашкахь Іоххура бес-бесарчу шаршушний, тIелхигашний йукъахьерчийна, нанойн накхойх дахарна а, наноша хьоькхучу цIогIанаша кхерийна а, гай йатIо санна, маьхьарий хьоькху кегий бераш.

– Харц кхиэл дIайаккха!

– Мичахь йу нийсо?!

– Харцо йу массанхьа а!

– Кхиэл дIайоккхуш, приказ йазде!

– Ца йаздахь, оха бераш дакхор дац!

– Адамаш дац шу?!

Свистуновна тIаьххье араваьллачу эло Эристовс а, кхин масех эпсаро а халла дIатебира карзахбевлла зударий. Свистуновн йуьхь, оьгIазвахна делахь а, йа кхеравелла делахь а, докъан баса йахана, макхйеллера.

– Лераме зударий! – кхайкхира иза, логера кочан ши мIара дIа а хецна. – ХIун ду аш лелориг?

Зударийн йуха а маьхьарий девлира.

– ЛадогIал цкъа! – куьг хьалха тесира инарлас. – Суьдо кхиэл йинарш муьлш бу ца хаьа шуна? Уьш-х пачхьалкхан зуламхой бу. Вайн сийлахьчу паччахьна дуьхьал гIевттина, шаьш тоьллехь шу, кху махкара берриг оьрсий байъа йа кхузара дIабаха гIевттина…

– Аьшпаш!

– МозгIаро дукха лекхна тхуна и зурма!

– Бакъ дац аш дуьйцург!

– Уьш маршо лоьхуш гIевттина!

– Аш цIий Іуьйду тхан а, нохчийн а!

– Маьршабаха тутмакхаш!

И хьербевлла зударий цигара дIалахка салтий кхайкха аьлла, Эристовга приказ делира Свистуновс. Амма хьекъалечу эло къобал ца дира иза. Ницкъо къарбийр бацара уьш. Хаза дийцина, Іехийна, дIабаха безара. Эристовс, дехарш дина, жимма тебира зударий.

– Хьомсара зударий, эрна гIовгIанаш йо аш. Сан бакъо йац суьдан кхиэл хийца. И гIуллакх паччахьан карадахана, – элира Свистуновс.

– Паччахье дIахаийта тхан резадацар!

– Телеграмма ло, царна гечдар доьхуш!

– Дика ду, зударий… Ас государе дехар дийр ду, оцу кхойтта стагах къинхетам бе аьлла…

Свистуновн дашах тешнехь а, йа, маьхьарий хьоькхуш, доьлхучу шайн берех къахеттехь а, цхьацца-шишша йоьдуш, дIасабаха буьйлабелира зударий.

Ткъа зударша букъ ма-тоьххинехь, ша делла дош а дицдина, Владикавказе дIавахара Свистунов.

* * *

Ши де дайра гІалин Іедало оцу кхойтта стагана йина кхиэл кхочушйан чалтач лоьхуш.

Амма цхьанненна а ца лаьара и эхье болх тІелаца.

Эххар а, селхана карийра. ГІалин набахтехь чувоьллина вара луьра уголовни ши зуламхо – цхьа хІуьнехдина Понявин а, Нихматуллин а. Іедалхоша цаьршинна дош делира, цигахь и шиъ чалтачалла тІеэца резахилахь, царна дина таІзар малдан.

Іуьйранна бархІ сахьт долуш, тулгІе тоьхна хІорд санна, техкира майданарчу адамийн кортош. ГІалех арайелира гІалгІазкхийн отрядан йуьхь.

Тутмакхаш гуш бацара. Хьалхий, тІаьхьий, агІонашщий ха а хІоттийна, йуккъебоьхкина балош бара уьш.

Баттара даьхна тарраш карахь богІу гІалгІазкхий, говрашка болар ца лагІдойтуш, адамийн тобанна тІегІоьртира.

– ДІасадовла! Некъ бита! – мохь хьоькхура хьалха вогІучу сотнико.

Шайга шолгІа ца олуьйтуш, говрех къаьхкина, дІасахилла, доккха ков дитира наха. ХьалхабогІу гІалгІазкхий тангІалкхашна гуо беш дІахІиттира. ТІаьххье гучубевлира тутмакхаш. Стерчийн йоккхачу ворданахь, буржалш тоьхна куьйгаш голаш тІе охьа а хецна, дегІ нисдина, ирахь лаьттара къена Іумма. Вуьшта а цуьнан йуькъа, йеха кІайн маж хІинца, йахйелла, доьхкаре хІуттура. Кондарш санна, сира цІоцкъамаш а дусийна, корта жимма агІор а баькккхина, адамийн кортош тІехула кхарстийна ши бІаьрг тангІалкхашна тІехь а сацийна, цавашаре велакъежира иза.

ШолгІачу ворданахь ирахь лаьттара къона Іаьлбаг. Набахтехь баькккхинчу кхаа батто а, ши де хьалха йинчу кхиэло а бос ца талхийнера цуьнан. Хьалха суна буьйцу ма-хаззара, цІен бос богура цуьнан горгачу йуьхьа тІехь. Амма Іаьржа, йоца, йуькъачу можаний, хаза тодинчу мекхашний йукъахь сира чоьш къегара.

Цхьаъ лоьхуш санна, адамийн кортош тІехула кхерстачу цуьнан догдикачу, майрачу бІаьргашна чохь, цхьана агІор лаьтта инарлаш, эпсарш гича, цІеххьана ткъес къегира. Буржалш декош, ши куьг хьала а даьхьна, хьажо-пІелгаца шен мекхаш а тодина, тІаьхьабогІучу накъосташкахьа вирзира иза.

Важа бисина тутмакхаш гІаш бара. Буржалш хьала а айъина, хотталхула кеггийра гІулчаш а йохуш, богІура уьш. Массарна тІехь Іаржйелла дабагІа данза кхакханан кетарш, лохий куйнаш, когахь неІармачаш а йара. Пхиъ – маж-мекх сирделла баккхий нах, важа йалхитта – ткъе итт шаре бовлаза къонаниш.

Царалахь цхьаъ вевзара дуккхана а. Иза вара хьалха эпсар хилла Іуммин кІант Дада. Шуьйра белшаш, йуткъа гІодайукъ, аьрзунан хьажар. ЭттІачу чоин белшаш тІехь прапорщикан тиша погонаш йара разйевлла. Схьахетарехь, цхьаннан омрица, беламна йехкинера уьш цуьнан белшаш тІе.

Тутмакхаш шишша цхьаьна а хІиттина богІура, вовшашка лохха къамелаш а деш, наггахь биэла а ийзош. Адамийн гуонна йуккъехь паргІат йитинчу йеакІовчу майданахь шаьш совцийча, хьалха вогІучу зоьрталчу къоначу стага, аьрру куьг лере а лаьцна, илли долийра. Накъосташа тІаьхьара элира, ткъа илли олучунна уллохь лаьттачу векъаначу лохачу къоначу стага и айдира:

И тангІалкхаш хІунда йоьгІна, далалов?

Вай ирхъохка йоьгІна йу уьш, далалов!

И жIай-гIанташ хIунда лаьтта, далалов!

Вай тIедаха хIиттийна уьш, далалов!

Шога машшаш хIунда кхозу, далалов?

Вай ирхъохка дихкина уьш, далалов!

Моьттур дара, и илли хьалххе кхоьллина, кечамбина, уьш кхуза баьхкина. ХIан-хIа, иза оцу минотехь кхоллайелла импровизаци йара. Дорцаца ийъалуш, дуькъа дохк хедош, генна аренга даьржира илланчин дуькъа аз.

…И меташканаш хIунда гулло, далалов?

Йижарийн метта белха гулло, далалов!

И миска муьжгий стенна лаьтта, далалов?

Вежарийн метта тезет хIотто, далалов!

И къорза эпсарш хIунда гулло, далалов?

Вайна кIелхьара гIанташ даха, далалов…

Цхьаммо а гочдан ца оьшура иллин дешнаш. Цуьнан гIийлачу мукъамо ша кхетавора нохчийн мотт цахуург а. ХIор а дош, даш санна дазлой, кийра дужура ладоьгIучийн. Тобанна йуккъерчу зударийн лохха белхар иккхира. Муьжгаша а ца лечкъадора шайн бIаьргех комаьршша охьаIена дуьра хиш.

Оцу иллин зевнна кIел Iуммин а, Iаьлбаган а когех, куьйгех тоьхна буржалш дIадехира аьчка-пхьеро. Буржалех мукъаваьллачу Iаьлбага, куьйгаш дIаса а тесна, букъ саттош, дегI тодина, накъосташка мохь туьйхира.

– Къосам, Нурхьаьжа! Стенна чIеIа шу, хIара адам а делхош? Ма кхардаде вайх и дIогахь лаьтта къорза заддаш! Вайн халкъан турпала илли ала!

Тхо цкъа а, цхьанне а

Къарделла, совцур дац,

Маршо йа Iожалла –

Шиннах цхьаъ йоккхур йу!..

Ротин командиран приказца хьаьдда тIеваханчу шина надзирателло, цхьацца пхьарс лаьцна, ворданара охьаозийра Iаьлбаг. Амма, цIоькъалоьмо санна, дегI а дуьйлина, шен ницкъ ма-ббу бетах мийра тоьхна, лакхара надзиратель Семин аркъалвахийтира цо, шолгIачунна ластийнарг ца кхийтира, иза дIа а иккхина.

– Орца, совцабайта и салтий! – инарле Чермоевга мохь туьйхира Iуммас. – Тхо цхьаммо а текхош дига ца оьшу тангIалкхаш тIе!

Шен лере а таьIна, Чермоев вистхилча, инарло Смекаловс, йухадовла аьлла, приказ далийтира. Салташа дIалийцира шайн хьалхалера меттигаш. Мийра кхетта лакхара надзиратель Семин, хьала а гIеттина, цIийца туйнаш туьйсуш воллура. Цо дIа мел

кхуссучу туйнаца цхьацца церг йужура багара.

– Соьга оллийта иза ирх! – мохь белира цуьнан, шен дIайаьлла кхо церг гича.

– Надзиратель Семин! Хьайн метта, марш! – човхийра иза капитано Сервианов.с.

Ворданара охьаиккхина Iаьлбаг, ондда гIулч йоккхуш вахана, тангIалкхан кIелхьарчу гIанта тIе велира. ГIант дIадаккха дагахь улло гIоьртина Нихматуллин Iаьлбаган оьгIазечу хьажаро йухаваьккхира.

– КIентий! Шайна кIелхьара гIанташ шаьш дIадахалаш! Илли ала! Вайн дайн турпала илли…

Хьалхахьа а кхоссалуш, шена кIелхьара гIант дIа а харцийна, муьша тIехь кхозавелира иза. Муьшаца дегI хьийзаш, массо агIор йоьрзура цуьнан йуьхь. Адамашна йукъахь массанхьа а зударийн маьхьарий девлира. Хьалха лаьтта зударий, йуьхьа дуьхьал куьйгаш лоьцуш, дIахьийзара. Iаьлбага чIоггIа тIеттIа таIийнера балдаш а, цергаш а, амма бIаьргаш ца хьаббора. Уьш, бехкбоккхуш санна, хьуьйсура цига гулделлачу адамийн йаххьашка.

Эххар хьийзачуьра сецира цуьнан дегI…

– ХIей, Юсуп боху гIаз, оха синош дIалуш, йеса мукъане а деша!

Юсуп – инарле Чермоевга, ткъа тIаьхьарниг Смекаловга вистхилира. Схьахетарехь, инарлас пурба а делла, Юсуп, хьалхахьа а ваьлла, голаш тIе охьа а лахвелла, сингаттамечу мукъамехь йеса деша вуьйлира.

Амма иза ца хозуьйтура тутмакхаша олучу иллин чIогIачу аьзнаша.

* * *

Iаьлбагна тIаьххье Умаев Дадин цIе йаьккхира. Шен цIе йоккху хезча, цкъа къеначу дега а хьаьжна, тIаккха инарлина Смекаловна тIевирзира иза.

– Хьан локхалла, да хьалхаваккхахьа сол. Къеначу цунна хала хир ду сан са долуш хьежа…

– КIант, хIун боху ахь инарле? – резавоцуш вистхилира Iумма.

– Со тIаьхьавитар доьхура ас-м…

– ХIунда? – цIоцкъамаш дусаделира Iуммин.

– ТIаьххьара а кIант леш хьежа хала хир дац хьуна?

Шен дагахь мел шийла ша белахь а, цавашаре велавелира Iумма.

– Сан дагах тIулг хилла дукха хан йу, кIант. Да а, кхоъ ваша а, цхьа кIант а велла сан карахь. ТIамехь мостагIех леташ. ХIетахь а сатоьхна ас. Хьо тIаьххьара кIеза леш а сатухур ду къеначу лоьмо. И жIаьлеш ца кхардош, гIанта тIе хьалавала.

Дадас резавоцуш корта хьовзийра.

– Хьуо Дуин Iуммин кIант хиларна дохко-м ца ваьлла хьо? Йа кхераделла-те хьо, берзан кIеза? Мичахула нисйелла сан бена хьо пхьагалан кIорни?

Дада леррина хьаьжира дега. Кхаа баттахь шарйаза, тойаза, йуькъа, йеха сира маж. Бага хьийзина чорда мекхаш. Хебарша аьхна йуьхь. Амма – майра бIаьргаш. Цунна мара а кхетта, Iодика йойла делахьара, валар хала а ца хетара Дадина. Амма иза дойла йац. Нохчийн гIиллакхехь осалалла лору нахана йукъахь да а, кIант а вовшашна мараэккхар, бIаьргех хи далар. Мел йехачу ханна къаьсташ велахь а, мел

йехачу ханна къаьстина, цхьаьнакхеттехь а…

– Со-м хьан дог кхоо гІертара, Ами…

Каде вахана, гІанта тІе а ваьлла, саба хьокхуш шарбинчу муьшан шад шен логах тесна, курра дІахІоьттина куьце къона стаг гича, маьхьарий девлира оьрсийн зударийн.

– Мел хаза ву иза!

– Мел къона ву!

– Оццул хьалхе вала воллу-кх иза!

– Къинхетам беха хьайна!

– Дуьне деза хан ма йу хьан!

– Къинхетам!

– Къинхетам!..

Дадин йуьхь йекхайелира. Иза баркаллица хьоьжура, шех даггара къахеташ, наной, йижарий санна, боьлхуш, маьхьарий хьоькхучу кхечу къомах болчу оцу зударшка. Куьг хьала а лаьцна, ладогІар дийхира Дадас.

– Хьомсара дамаш, господаш! – мохь туьйхира цо халла хаалуш дегочу озаца. – Хьомсара дамаш, господаш! Баркалла шуна, сох къахетарна, бехкевина, ирхъуллучу тхо кхойтта стагах доглазарна. Оха синош дІалуш, тхуна улло ховша, тхан бІаьрнегІарш тІекъовла кхуза схьабахка бакъо йоцуш, йа аьтто боцуш, цІахь тийжаш, боьлхуш Іачу тхан нанойн, йижарийн метта кадаме дІахІиттинчу шуна баркалла, догдика зударий! Оха синош дІаделча, хІокху тангІалкхаш тІера тхо охьа а даьхна, динчу йарташка а дигна, дайн кешнашка тхо лаьттах дохка кхуза бахка бакъо йоцуш йа таро йоцуш бисинчу тхан дайн, вежарийн метта тезета хІиттинчу шуна а баркалла, муьжгий…

Дадас цІеначу оьрсийн маттахь доггах дечу къамеле ладоьгІучу адамашна йукъахь белхарш лилхира. Комаьршша бІаьрхиш Іенара муьжгийн беснеш тІехула а. Лечкъийна хІун до цуьнан – соьга а ца совцаделира сайн бІаьрхиш.

– Сан къамел дахлуш лаьтта, шун локхаллаш, – инарлашна Смекаловний, Вибергаий тІевирзира Дада. – Шун пурбанца, сайн дахаран тІаьххьарчу минотехь кхин масех дош ала лаьа суна. КІез-кІезиг мийлича, дІовш дегІах дулу, иза дахарна кхераме хилац, олу. Къона велахь а, йаккхий чевнаш йу сан дагах, цара вахчийна, кечвина со таханлерчу денна. Сол тІаьхьа кху гІанта тІе ваьлча, шуна гур ву дезткъа шаре гІоьртина сан къена да. Шен дейтта шо кхаьчча, кхин ша санна эзарнаш кхиазхошца, герз карахь халкъийн маршонехьа къийсаме дІахІоьттира иза. Хьалха хиллачу нохчийн гІаттамийн тхьамданех цхьаъ а вара иза. Ккул хьалха хилла гІаттам хьаьшча, иза ссылке вахийтира, тІаккха, нехан хІусамашкахь буьйсанаш йохуш, лечкъаш лела дийзира тхан доьзалан. Со, амалтана а вигна, Петербурге эпсарна деша хьажийра. Цигара цІа вирзича, эскарехь гІуллакхдеш вара со. Доггах а, тешаме а. Амма, хІинца хІара гІаттам болабелча, йуха а цуьнан коьртачех цхьаъ хилла дІахІоьттира сан да. Областан начальнико господина Свистуновс суна приказ делира, хьайн да дийна йа вийна, шена тІевалаве аьлла…

ХІетта лагІделла дарц йуха а хьераделира. ХІаваэхь хьийзаш, ловзадуьйлура лайн чимаш. Амма адамо тапъаьлла тийна ладоьгІура Даде. Къоначу стага собаре, паргІат охьабалхабора ткъе йалх шарахь шен кийрахь ІаьІна бала.

– Суна хаьара, да ша схьалаьцначу новкъара вер воцийла. ХІетте а, герз охьа а диллина, Іедалца машарбар дийхира ас цуьнга доггах. Да реза ца хилира къийсам сацо. Цо бийцира халкъера бала. Иза-м суна а гуш бара. Суна хьалха ши некъ хІоьттира: бакъонехьа къуьйсучу сайн дена, сайн халкъана дуьхьал латар йа, айса

паччахьна муьтIахьаллина биъна дуй къарбеш, дегахьа а, халкъехьа а ваьлла, церан бакъ гIуллакхехьа къийсар. Аш хIун дийр дара, господа, оцу хьоле шаьш эгча? Ас шолгIа некъ къастийра. И ницкъ бу тахана со хIокху тангIалкхаш кIел валийнарг. Эхь дина а, зулам дина а ца хIиттина со а, сан накъостий а хIокху кIел. Тхо цивилизацино кхоьллина якобинцаш йа декабристаш дац. Амма церан а, тхан а Iалашо цхьаъ йара – маршо, нийсо, адамийн ирс. Цара цивилизацин серлонехьа къуьйсура, ткъа оха, боданечу ламанхоша, боданехь, тхайна ма-хуъу, тхешан ницкъ ма-ббу. ХIетте а, церан а, тхан а кхоллам цхьаъ бу – гильотина а, тангIалкхаш а. Амма шуна, господа, – инарлашна, эпсаршна тIевирзира Дада, – тхо кхойтта ирхъолларх, эзарнаш махкахбахарх, оцу тIехь къийсам чекхболу ма мотталаш. Тхо цкъа а къарлур дац… цкъа а… Халкъел тоьлур бац паччахьаш… тоьлур бац… ЛадогIарна баркалла шуна, дамаш, господаш…

Хьалха Iаьлбаг санна, цIеххьана дIакхоссавелла, шен когаш кIелхьара гIант дIа а харцийна, хьалаоллавелира иза а.

Зударшлахь йуха а Iадаме маьхьарий девлира…

Муьшаца хьийза Дадин дегI, йуьхь къилбехьа а йерзош, нисдира Юсуп-къедас.

КIентан садаллалц цуьнга хьоьжуш а лаьттина, шен цIе йаккхалц ца Iаш, тангIалкхашна тIеволавелира Iумма. Иза мел лечкъо гIертахь а, кийрахь цIе йара марсайаьлла йогуш. Оцу цхьана минотехь цуьнан шуьйра букъ хаъал сеттича санна хийтира суна. Цо Iийшинчу баланашка хьаьжча, иза-м дика а висинера оцу хьолехь. Ткъа таханлерниг ирча де дара. Цуьнан къеначу бIаьргашна хьалха саделира тIаьххьарчу кIентан.

КIанта когаца йуьстахкхоьссина гIант схьа а эцна, цунна уллорчу тангIалкха кIел сецна, нисдеш, гIант дIа а хIоттийна, везза цунна тIевелира Iумма. ТIаккха, хьалакхевдина, муш схьа а лаьцна, шиний куьйга озийна, цуьнан чIогIалла а зийна, шершад шен логах тесира цо. Иза бухара гIант дIахарцо кхиале, лахахь лаьттачу инарло Чермоевс мохь туьйхира цуьнга.

– Ва Iумма-Хьаьжа, ладогIахьа соьга!

Iумма дIахьаьжира инарле.

– ХIун боху ахь, Орца?

– ХIинца хиин хьуна, хьайга аьлларг ца дича, хIун хуьлу? Масазза элира хьоьга, ма гIерта Iедална дуьхьал, и хьоьга дохалур дац, къанвелча мукъане а йита и хьайн сонталла, цо эххар а хIаллаквийр ву хьо. Соьга ла ца дуьйгIира ахь, ас аьлларг ца дира ахь. Айхьа лоьхучу-м кхечира хьо… Ши кIант а хIаллакви ахь. ХIинца мукъане а дохковала, хьан цхьана кIентан бераш байлахь ма дуьсу.

Орцин курачу хабаре леррина ла а доьгIуш, шен логах тесначу муьшан шад дика тIебоьдий хьаьжира Iумма. ТIаккха Чермоевна тIевирзира иза.

– Ва инарла Орца, ахь дукха бехира соьга, халкъана хьалха а вуьйлуш, Iедалца ма къийса, цул тоьлур вац хьо, цкъа хIаллакьхир ву хьо, Iедало бохург дахь, хьайн санна, сий хир ду. Ахь соьга бехира, Орца, паччахьо мохк дIа а баькккхина, мацалла кIелдисина, мостагIчо сийсазден халкъ дIа а тасий, хьо санна, паччахьан лай хила. Соьга дог ца диллалора маршонах, машар ца балора сайн халкъан мостагIашца, суна, ламанан аьрзу санна, маьрша ваха лиира. Эххар а сайх хIара хир дуйла а хаьара суна, ас лехнарг хили-кх суна. Сан да а, вежарий, кIентий а белла халкъан гIуллакхна, со а ле. Суна хетарехь, хьан да а ца хилла, вежарий а ца хилла, тайпа а дац хьан, тукхам а дац. КIентий аьлча а, цхьа-ши къутIа ду хьан, хьо санна, цкъа нахана бале дер долуш. Сол тIаьхьа дуьненахь вуьсучу ахь хIун дийр ду, хьан карахь хIун ду? Цхьа дуо хьаьжкIаш а йуур йу ахь, боьхаллех цхьа ор а дузур ду ахь, кхин хьоьгара хила пайда бац-кх!

Чермоевн йуьхь, даI санна, цIиййелира. Схьахетарехь, цо шена дуккха а зиэн хуьлуьйтур дара ша Iумме вистхилла ца хилийта. Ткъа ша аьлларг Чермоевн дагах кхеттийла хиъна Iумма, там хилла вела а велла, шен накъостийн Iодика йеш, куьг а ластийна, когаш кIелхьара гIант дIа а тесна, дезачу дегIаца муьшах кхозавелира…

Ирхъохка кхиэл хилла тутмакхаш, шайн цIераш йахаре а ца хьуьйсуш, гIант мукъа ма-деллинехь, тIаьхьабуьсучеран мара а лелхаш, цхьацца воьдуш, тангIалкхашна тIевоьдура. Цхьаннен а йуьхьа тIехь кхеравалар а, вохар а ца гора. Цхьаммо а кхин дош а ца элира, веккъа цхьа Къосам воцчо, гIанта тIе а хIоьттина, тобанна йукъа бIаьрг тоьхча, цIеххьана йуьхь йекхайелира цуьнан. Схьахетарехь, ваша йа доттагI гинера цунна.

– Ва Оьздамар! – кхайкхира иза мохь тоьхна. – ЛадогIал сан весете! Хьо вайн йуьрта йухавоьрзуш, динара ма воссалахь! Тхойшинна тезет, белхар ма хIоттадайталахь. Сан ненан дола делахь, иза дукха йехар йац. Сан герз Iалашделахь, кIант воккхахилча, цуьнга дIалолахь…

Чалтачо ког тоьхна бухара гIант дIа а кхоьссина, йукъахдаьккхира Къосаман весет.

Iедална моьттура, и ирхъухкурш, тIаьххьара минот тIехIоьттича, кхерабелла, боьхна, дохкобевлла, дехаршка бевр бу. Хьалха ирхъоьллинчу кхаамма хаийтира иза аьттехьа а доцийла. Мелхо а, оцу кIеззигчу ханна шайн лаамехь битинчу цара, кхуза гулделлачу дуккха а адамашна хьалха майралла, къонахалла гайтина ца Iаш, шайн къамелашкахь мелла а Iорадаьккхира Iедал.

ТIаьхьабисинчаьрга и тайпа къамелаш ца дайта, хIинца муш коча ма-бахханехь, царна кIелхьара гIанташ дIадаха долийра. И гIуллакх доггах кхочушдора шина чалтачо. Схьахетарехь, и шиъ кхеравеллера шаьшшиъ шайн декхарш кхочуш ца деш висарна. ТIаккха, хьалхалерра бехк тIехь а битина, и шиъ йуха а набахте кхосса ма тарлора. Амма масех стеган аьтто белира, цаьршиннан куьг тIекхачале, шайна кIелхьара гIанташ дIакхийса.

Къеначара жим-жиманиг хьалхаволуьйтура. Уьш, шайл тIаьхьабисча, бохарна кхоьру хир бара уьш. Къосамна тIаьхьа вахара цуьнан доттагI Нурхьаьжа. ТIаккха рогIехь Залмин Дада, Герин Аьрса-Хьаьжа, Пиркъин ЯнгIулби, Апин МитIа, Пхьагин Хьуьси-Хьаьжа, ГIайтин Куркъо, Пишин ГIубха, тIаьххьара а – ТангIатаран Тозуркъа.

Кхиэл кхочушйина йаьлча, гуонаха ха а хIоттийна, набахте йухабигира каторгехь йаккха ткъаткъа шераш хенаш тоьхна Яхьсин Ханбетар, Аммин Хьусайн, Мохьмадан ГIезанур, Ишин БугIа, Ших-Iелин Шихмирза а.

ТIаккха кхузара дIасасихделира адам а.

* * *

Нохчийн гIаттам хилале а, иза гуттар марсабаьллачу деношкахь а ас дукха зийнера кхузарчу колонистийн ойланаш. ХIинца хIокху Нохчийчоьнан лаьтта тIехь, нийсса аьлча, бIешерашкахь нохчийн долахь хиллачу махка тIехь, цхьацца кхолламаша кхуза балийна бехачу колонисташа шаьш бехке ца лорура хIокху халкъана Iедалера хуьлучу бохамашна. Iедал ду ламанхойн йарташ йагийнарг, цаьргара мохк дIабаьккхинарг, уьш лаьмнийн чIажашка, хьаннашка боьхкинарг, цаьрга лаьттан мацалла хIоттийнарг, царна тIехь харцо латториг, уьш Iазапехь бахкориг.

Колонистийн карахь хIумма а дац. Къа-м, дера, хета нохчех, амма гIо дан ницкъ бац. ХIорш шаьш а ма бу Iедална кIел. Церан муьжгийн хилла ткъа латта? ВорхIе дайшкахь дуьйна? Церан хилла ткъа маршо, бакъо? Уьш ца хьийзийна ткъа масех бIе шарахь къизачу помещикаша? Йетташ, бухкуш, оьцуш, бойъуш? И харцо а, мацалла а нохчашка кхаьчна-м дукха хан а йац, ткъа муьжгаша иза бIешерашкахь

лайна. Ткъех шо а дац уьш лай-долаллина кIелхьарбелла. Маьршабаьхна аьлла, кхайкхийна. Амма мичахь йу и маршо? Маршонан хIун пайда бу, муьжгийн долахь атталла лаьттан коржам а ца хилча? Бакъо-м хьехочохь а дац. Къийсиний цара шайн маршонехьа? Мел дукха! Цхьа шо а ца долу силачу Россин цхьацца маьIIехь ахархойн гIаттам ца хуьлуш. ХIокху Iедална реза а болуш ца Iа уьш. Хазахета ца кхелха уьш Сибире, Генарчу Малхбале, Йуккъерчу Азе, Украине, хIокху Кавказе. Нуьцкъах, церан шайн бертаза кхалхораш а бу. Мацаллех, къоьллех, харцонех бевдда баханарш а бу. ХIокху империн йистошкахь мукъане а жимма аьтто хиларе догдохуш.

Атта вер вац ша винчу, дай баьхначу меттигашкара. Хазахета ца баьхкина уьш кхуза.

Изза бохура, муьжгаша-м хьовха, гIалгIазкхаша а.

Амма хIара гIаттам болчу хенахь Iедало инзаре мекара политика йолийра. Зорбанехь, килсехь, аьтто бол-болчохь дIакхайкхадора, и нохчий туркойн бартахой бу, уьш кху махкара оьрсий хIаллакбан йа дIабаха Iалашо йолуш гIевттина, нагахь уьш гIала йа станицашка багIахь, цара зударий, бераш дойъур ду бохуш. Ца дуьйцуш а, ца кхуллуш а хIун дара!

Оцу эладитанех тешарш кIезиг-м бара муьжгашлахь. ТIе, бакъдолчух кхета царна гIо дора Iедалан и мекара, аьшпе политика Iорайохучу интеллигенцех цхьакIеззигчу наха а.

Ткъа гIалгIазкхий нохчашна дуьхьалбаха цхьа а тайпа политика ца оьшура. Цара-м, дера, паччахьо аьлча, нохчий-м хьовха, шайца цхьана къомах болчу муьжгийн а цIий ма Iенадо. Церан-м шатайпа пачхьалкхаш ма йу хIокху имперехь. Станицийн долахь мохк бара гIалгIазкхашна оьшучул тIех, цхьаммо дезар а ца оьцуш, тIе къух а даьлла, эрна Iуьллуш. ХIор а боьршачу син цIарах ткъа-ткъе итт десятин. Ткъа паччахьан хьадалчийн – инарлийн, атаманийн а – долахь бIеннаш десятинаш. Церан йиш йацара нохчий толийта, уьш оцу махка тIе йухаберзийта.

Оцу чолхечу хенахь муьжгийн ойла йанне а йацара йа Iедалехьа а, йа гIалгIазкхашкахьа а. ХIара паччахьан Iедал оцу гIалгIзкхийн таррийн йуьхьигаш тIехь лаьттийла хаьара суна. Россехь, миччахьа а цхьанхьа ахархой а, гIалин белхалой а гIевттича, уггар хьалха уьш хьоьшура гIалгIазкхийн говрийн бергашций, шодмашций, таррашций.

ХIинца а бара кхузара дукхахболу муьжгий церан йолахой хилла бецаш.

Цхьана агIор, Iедале а, шаьш йолах болх бечу гIалгIазкхашка а безам а бацара муьжгийн, вукху агIор, дегнаш шайн маршонехьа къуьйсучу нохчашкахьа а дара, амма, уьш толахь, шайх хIун хир ду а ца хаьара. Кхузахь хIара халла тардина баннаш а дитина, ги пIаьлдигаш а тийсина, берийн цIоз тIаьхьа а хIоттийна, йоккхачу Россин некъаш толлуш лела йуха а шаьш арадовларна кхоьрура. Мацаллой, шелоной хьийзош. Новкъ-новкъахь бераш лаьттах а духкуш. Иштта ма бара церан кхоллам ворхIе дайшкахь дуьйна…

* * *

Амма хIун дара ткъа оцу муьжгийн зударшка шайн бераш инарла Свистуновна хьалха охьатийсийтинарг, кхойтта стагана ирхъолла йина кхиэл дIайаккха бохуш, уьш гIовттийнарг, тахана кхиэл кхочушйеш белхийнарг?

Массо а къоман зударий бу къинхетаме. Зуда, уггар хьалха, нана ма йу. Амма, суна хетарехь, догдикаллица, къинхетамца оьрсийн зударий хьалхарчу меттехь бу. Со оьрси хиларна а ца боху ас иза. Бакъдерг – бакъ ду.

Амма оцу шина дийнахь оцу кхойтта стагана уьш орцахбаьхнарг деккъа цхьа церан догдикалла, адамалла, къинхетамалла хилла ца Iара.

Суьдан процесс дIайаьхьначу оцу кхаа дийнахь царна шайн бIаьргашца гира «адамаш дойъурш» бохуш, Iедало массо маьIIехь кхайкхийнарш. Iедало дийцарехь, моьттур дара, уьш маIаш, кIомсарш, бергаш а йолуш, цхьа шатайпа «адамаш-акхарой» ду. Ткъа, гуонах салтийн ха а хIоттийна, суьдана хьалха ховшийнарш цхьа мисканаш бара. Мел хьежарх, лехарх, ца карабора цаьрца къизаллин чо. Беркъа духар, кхоьлина, амма догдика йаххьаш, гIайгIане, къинхетаме бIаьргаш, сийна пхенаш тIе а хевшина, гIорладоьлла куьйгаш. Уьш гича, мила тешар вара цара бераш, зударий дойъур ду бохучух? ХIара муьжгий санна, мацаллой, къоьллой таIийна латтийна нах бара-кх уьш. Уьш саннарш миллионаш ма бу нана Россехь. БIе, ах бIе шо масазза дели, хIокху Iедална дуьхьал гIуьттуш, тIаккха, Iедало тоьпаш йетташ, ирхъухкуш, каторге хьийсош. ТIаккха цхьана ханна садетташ, амма, собар кхачалой, йуха а гIуьттуш.

Хазахета ма ца гIевттинера и нохчий а. Маситта шарахь церан йарташ хIаллак ма йинера паччахьан эскарша. Ламанхоша шайна латта ма доьхура. Шайн кочадоьллина Iазап дIакхосса ма гIертара уьш. Аттачу хьолехь-м оьрсийн муьжгий а бац. Маршо-м царна а йац. Iазапехь-м уьш а бу. Амма муьжгийн йоллу маршо а ма йац оцу мисканийн. Церан лехамаш, церан къийсам бакъонца бу. Нохчех дог цалозург адам дац.

Изза жамIаш дора гIала йухабоьрзучу муьжгаша а. Оццу ойланаша гIовттийра муьжгийн зударий тутмакхашна орцанна.

Изза дара и муьжгий а, церан зударий а тахана белхийнарг а.

ГIалахой кхуза кхойкхуш, Iедалан Iалашо йара таханлерчу къизаллица адам кхеро. Тахана шен мостагIий и нохчий гахь а, кхана хинболчу мостагIийн ойла а ма йора Iедало. Синтеме дацара Россин йуккъерчу губернешкахь. Революцин, демократин гIаларташ хьийзара Россина тIехула. ГIаланашкахь – белхалой, йарташкахь – ахархой гIуьттура. Уьш-м хIун дара, даим дIа паччахьан Iедалан гIортор хилла лаьттина гIалгIазкхий а карзахбевллера цхьацца нхьа.

Цундела лаьара кхузарчу Iедална и «пачхьалкхан зуламхой» ирхъухкуш адам хьожийла.

Iедална дуьхьалваьллачунна изза таIзар хир дуйла хаийта. Амма Iедал шен Iалашоне ца кхечира. Мелхо а, цу адамийн дегнаш дардира тахана гиначу суьрто.

Шеко йацара керлачу къийсамехь оцу муьжгаший, ламанхоший вовшашка куьйгаш кховдориг хиларан.

* * *

Владикавказ. 28-гIа март, 1878-гIа шо.

Балканехь а, Анатолехь а кхиамашца хьалхатеIа оьрсийн эскарш. Гена ца хета тIом, толамца машар беш, чекхбала дисина денош.

Амма тIаккха а хIун хир-те? ТIамо цкъачунна бицбина цIера баланаш – къоьлла, мацалла, Iазап, йерриг чоьхьара галморзахаллаш. Коьрта мостагI арахьарниг хета: доьзалехь дерш-м тарлур дара. Керлачу толамо мукъане а Iазап жимма а дайдаре догдоху адамаша. Сонтачу адамашна ца хаьа тIамехь цхьа а ца тоьлий. Тоьлларг а, иэшнарг а – ший а оьшу. ХIунда аьлча тIамехь бIе эзарнаш адамаш ма дойъу шиний агIор. Эзарнаш адамаш заьIап до, эзарнаш доьзалш байлахь, зударий жоьра буьсу.

Олалла дечу классаша, шайна аьттонаш лоьхуш, дов доладо, ткъа мискачу халкъийн цIий Iена…

Иштта схьадогIу бIешерийн дохалла.

Владикавказан урамашкахь го дукха хан йоццуш фронтера цIа баьхкина нохчийн, гIалгIайн, хIирийн, гIебартойн дошлой. Мидалша, жIараша къарзбина церан накхош. ЗIанкдаьхна хьийзийна мекхаш. Дуккахберш лахара эпсарш бу.

Уьш а бу толамхой. Цхьаболчара – туркойн фронтехь, вукхара – нохчийн гIаттам хьошуш хьуьнарш гайтина.

Кхин нохчий а го кхузахь. Къаьсттина областан начальникан резиденцин кетIа хьийзаш. Инарле дехарш дохьуш баьхкина. Шайн гергарниш бехке боцуш лецна, уьш маьршабахахьара аьлла баьхкинарш а, бехке хиллачарна къинхетам беха баьхкинарш а бу. ГIопехь хехь лаьттачу салташа керта битац уьш. Оцу керта оьхучу тIеман а, граждански а нахана йукъахь тIехьаьжча къинхетаме хир ву аьлла хетарг сацавой, шайн гIуллакхах цаьрга далхо гIоьрту уьш. Цхьаберш совцац, цхьаберш, бехкала боьлхий, бела а къежий, белш саттайой, куьйгаш дIаса а тосий, тIехбовлу.

Цигашха тIехволуш, суна дуьхьалделира къона зуда а, йалхитта-вуьрхIитта шо хенара кIант а.

КIанта, шен четара схьа а даьккхина, соьга кховдийра деалха тоьхна кехат.

– Инарле, гинрал, давай, – элира цо, канцеляри цIеношна тIе пIелг а хьежош.

Кехат схьа а эцна, даржа а дина, тIехула бIаьрг туьйхира ас:

«Цуьнан Локхалле, Теркан областан начальнике инарла-адъютанте Свистуновга, Веданан округан Гати-Юьртарчу йахархочуьнгара Данчаева Дешигара.

ДЕХАР

Сан майра Данчаев Болат, гIаттамехь дакъалаьцна аьлла, бехкевина, кхечаьрца цхьаьна Сибрех вохуьйтуш ву.

Майрачух а къаьстина, цхьа де даккха а ницкъ бац сан. Со берах йу, кIел хIотта тхов бац сан. Кхин дан амал а ца хилла, иза воьддучу цуьнца дIайаха, кхуза йеана со. Амма хIокху цайевзачу гIалахь буьйса йаккха меттиг а бац сан, петар лаца ахча а дац.

Сан дехар ду хьан локхалле сан майра Данчаев Болат айхьа вохуьйттучу цуьнца дIайаха суна бакъо йалар а, хIетталц цуьнца цхьаьна набахтехь йитар а, тхойшиннах цхьаъ даллалц, вовшехцакъастор а.

Йоза-дешар ца хуучу хIокху Данчаева Дешин дехарца, цуьнан метта куьг йаздина Коцаев Платона.

1878-чу шеран мартан 28-гIа де. Владикавказ»

Дехар дешна ваьлча, цушинга хьаьжира со. ХIара кIант, ханна жима велахь а, цуьнан йуьхьа дуьхьал ма-хьаьжжинехь, хаало иза тоххара бераллех къаьстина хилар. Хазачу, къонахчун басахь йуьхь, майра, хьекъале ши бIаьрг, хIетта тIедовла доьлла мекхаш, даккхий куьйгаш. Цуьнан накъост берхIитта-ткъа шо хенара йара. Озачу дегIан йуткъачу гIодайукъна тIехиъна и доккха, горга гай ца хилча, эр дацара иза меразуда йу. Йа коьртах хьарчийначу доккхачу Iаьржачу корталино а, тIейуьйхинчу гIовтало а, когарчу неIармачаша а ца дойъура цуьнан куц.

Нохчашца дикка йукъаметтигаш хиллачу суна тIекаре йалла церан мотт Iемина. Хуург нохчех олуш, йукъ-кара оьрсийн дешнаш далош, цхьаццадерг куьйган ишарца а олуш, къамел долийра ас.

– Хьан цIе хIун йу? – хаьттира ас кIанте.

– Iумар.

– ХIара йиша йу хьан?

– ХIан-хIа, нус йу. Вешин зуда.

– Вешина хан мел тоьхна?

– Хаац. Суд ца йина.

Суд-м йеш а ма йацара лоьцучарна. Уьш, схьа а лоьцуш, чу а бухкуш, Сибрех дIаоьхуьйтура.

– Болатна хаьий хIара Деши шеца дIайан гIертий?

– Ца хаьа.

ТIаккха къоначу зудчуьнгахьа вирзира со.

– Йохуьйтур йац хьо, Деши. Йахийтича а, хьан могашаллина гена а, хала а некъ бу иза.

– Оха дукха бехира иза. ЛадогIац. ХIинца а бохура ас, цIа гIо вайша. Ша аьллачунна тIера йалац, – сан гIо лецира Iумара.

Дешис корта хьовзийра.

– Дуккха а зударий бу кхалхош. Къена а, къона а. Бераш а. Со саннарш а…

– Уьш нуьцкъах бохуьйтуш бу, хьо хьайн лаамехь тIаьхьагIерта! – дуьхьало йира Iумара.

– Iумар бакъ лоь, – элира ас а доггах. – ЦIахь Iе. Болат къона ву, цIа вогIур ву.

Дешин бIаьргех мела хиш хьаьлхира.

– ХIан-хIа, – сацамболлуш корта ластийра цо. – Цул, хьайна хала дацахь, и кехат дIалохьа инарле. Дала йал йоцуш вуьтур вац хьо…

Хих буьзна дехаре хьоьжучу къоначу зудчун бIаьргаша дог дашийра сан. ХIокхеран гIуллакхе а ца хьожуш, дIагIойла дацара. ДIагIоьртича, гIо дан ницкъ а бацара. Инарлина Свистуновна тIекхача хала ма ду. Дежурни эпсаре йа адъютанте дIаделча а, цхьанхьа кхоьссина лаьттар ма ду хIара кехат. Цкъа-шозза цхьаьнакхетар бен, кхин йукъаметтигаш а ма йац сан инарлица. ТIе, церан башха безам а ма бац со санначу йаздархошка.

Къар а ца велла, Свистуновна тIекхечира со.

– РогIера туземни декабристка! – кхардаме мерах шок туьйхира цо. – КIордийна, хьех чекхбевлла суна уьш.

ТIаккха, къолам схьа а эцна, Дешин дехаран кехатан лакхарчу аьтту маьIига тIе даьржинчу хотIаца масех дош йаздира: «Майрачуьнца цхьаьна гаупвахте чуйоллар хьехо а ца оьшу. Иза каторге дIавахийтича, цунна тIаьхьайахарна дуьхьал вац».

…Соьга ладоьгIуш кетIахь лаьтта Деши, хьаьдда дуьхьал а йеана, хIиттинчу бIаьргашца суна тIейогIайелира.

– ГIуллакх хилац, Деши, – элира ас, лаьттан бIаьра а вогIавелла. – Бакъо лац…

Деши хецайелла йилхира.

– Ма йелха, Деши. Цхьа-ши шо даьлча, цІа вогІур ву Болат. Хьо йелхарх, къахета стаг ма вац. Сатоха, собаре хила, – зудчун догъэца гІоьртира со.

Ткъа сан сайн къамкъарге а гуллуш бара хораман шад… ХІун дийр дара ас? Дан гІо дацара оцу мискачу зудчунна. Амма ас ойла йийриг и цхьаъ хилла ца Іара. Уьш масех эзар бара. Жоьра бисинарш, байлахь бисинарш. Генарчу цабевзачу махка Іожаллина тІе дІахьийсораш.

Іумар ца вилхира. Атталла йуьхь а ца чІачкъийра цо. БІаьргаш а ца тІунбелира цуьнан. Мелхо а, йуьхь йогура. Хьаьжа йуккъе шад гулбелира. Цуьнан оьгІазе ши бІаьрг гІопал чоьхьа лаьттачу тІекІелдинчу даккхийчу цІеношна тІебоьгІна бара.

Цуьнан хьажаро тоьшалла дора къийсам чекхбаьлла цахиларна.

ХІинца рагІ оцу къоначаьргахь йара…

* * *

Грозный. 13 апрель, 1882 шо.

Кху тІаьххьарчу шерашкахь Россехь хиллачу маршонехьа боламан йуьххьехь хІокху лаьмнашкахь, цІеххьана къегина, дайна ткъес дара нохчийн тІаьххьара гІаттам.

Тахана пхи шо кхечи иза болабелла.

Оцу пхеа шарахь дуккха а даккхий гІуллакхаш хилла Россехь. Шайн адамаллин бакъонашкахьа а, лаьттехьа а къуьйсуш, ахархоша хаддаза Іедална дуьхьалонаш йира шовзткъа гергга губернешкахь. Карзахбевлира оццул паччахьна муьтІахь болу Донера гІалгІазкхий а.

Цхьамзанийн а, шодмийн а, каторгийн а гІоьнца машар хІоттийра 34 губернехь.

Маршонан къийсамехь керла ницкъ гучубаьлла Россехь. Иза белхалойн класс йу. ГІаланашкахь кхоллайелла революционерийн организацеш. Белхалоша забастовкаш, стачкаш йира Петербургехь, Москвахь, Киевехь, Харьковехь, Одессехь, Владимирехь, Казанехь, Воронежехь, Ивановехь, Калугехь, Пермехь, Бакухь, Рыбинскехь, Нарвехь, Лодзехь, Белостокехь, кхечу гІаланашкахь а.

Таханлерчу революционни боламна коьртехь интеллигенци хилла Іац, царна йукъахь бу белхалойх а, ахархойх а схьабевлла нах. Церан идеяш а, некъаш а гал ду бохуш а дуьйцу. Уьш Россерчу революцин боламан пионераш бу. Дуьххьара долийнарг гІалат доцуш а нислац. Хир шена церан гІалаташ. ТІаьхьайогІучу революционерийн тІаьхьенашна урок хир йу иза, церан гІалаташ нисдеш, керлачу нийсачу новкъа гІор уьш. Амма таханлерчу революционераша, халкъ маршонехьа кхойкхуш, гІаттош, шайн дахар а, синош а ца кхоадо. Иза турпал масал ду революционерийн керлачу тІаьхьенна. Шаьш хІаллак а хуьлуш, вен гІоьртира уьш петербургски градоначальник, вийра жандармийн шеф. Эххар а вийра паччахь Александр ШолгІаниг а.

Революционераша шайн къонахалла, доьналла гайтира гІарайаьллачу, масех баттахь йахйеллачу «193-н» а, «50-н» а суьдан процессашкахь. Цкъа а лийр дац оьрсийн белхалочо – революционеро Петр Алексеевс, ша суьдана хьалха хІоьттича, дина къамел. Россин революцин исторехь шен турпала цІе йазйина политически гІуллакхашна бехкейина дуьххьара ирхъоьллинчу оьрсийн зудчо Софья Перовскаяс. Иштта турпала цІераш дуккха а йахалур йара соьга. Амма иза историна дуьтур ас…

* * *

ХIокху ламанхойх лаьцна цхьа болх йазбан гIерта со. Цунах дийцар йа очерк эр, хаац. Цунна цхьацца материалаш эшна, йуха а Нохчийчу веана со.

Сайн болх селхана дуьххьара ас болийра Грозныйн округан канцелярехь.

Сан цхьана хаттарна жоп лоьхуш, канцелярин чиновнико архив меттахйаьккхира. Уллохь голашна тIе лахвелла Iачу сан бIаьрг кхийтира цо йуьстахтесначу йуткъачу папки тIе йазбинчу масех могIанах:

«Пачхьалкхан зуламхой набахтехь кхобуш а, кхиэл кхочушйеш а йина харжаш. 1878 шо».

Ларамаза папка схьа а эцна, йуккъерчу кехаташка хьежа хIоьттира со. Цхьа а хIара йу аьлла хIума йацара. ГIаттамехь дакъалацарна бехкебина, набахте боьхкинчу нахана делла кхачанан сурсаташший, цхьацца бахаман гIирсашший оьцуш йиначу харжашна хIиттийна счеташ йара уьш.

Со папка охьатаса воллуш, тIаьххьара а цхьана кехата тIехь севцира сан бIаьргаш:

«Счет № 182.

1878-чу шеран мартан 9-чу дийнахь Грознехь пачхьалкхан зуламхой ирхъухкуш ахчанца йина харжаш:

1. Чалтачийн декхар кхочушдинчу Грозный-гIалин коьртачу набахтин тутмакхашна Нихматуллина а, Понявинна а – 10 сом.

2. ТангIалкхаш хIиттийначу дечиг-пхьерашна – 5 сом.

3. Каш даьккхинчарна – 5 сом.

4. Муьшана, хьостамашна, сабанна – 9 сом.

5. Марчонна а, кхойтта тIоьрмигна а – 3 сом.

6. ГIоьмеш дIайаьхначу аьчка-пхьерашна – 2 сом 25 кеп.

7. Полицейскийшна – 3 сом.

8. Алданов Iаьлбага чов йиначу могIарчу надзирательна Семинна цуьнан локхаллин Теркан областан эскарийн командующин приказца – 10 сом.

Дерриг – 47 сом 25 кеп.

Грозный-гIалин плац-майор (куьг).

Плац-адъютант (куьг)».

Ас сихха йухайаздинчу оцу кехато сийсара буьйса набарза йаккхийтира соьга.

Ас цхьана маьIера дуьйна дIахоьрцура оцу шеран денош. Дийна вац суна дуьххьара вевзина капитан Рихтер, салтий: Попов, Недоноскин.

Карладелира отрядца цхьаьна со шозза Зандакъа вахар а, къоначу ИсмаьIалца хилла къамел а, йаьгна нохчийн йарташ а…

Iуьйранна хьалагIеттича, йуьхь-куьг а дилина, гIалех аравелира со. И кхойтта стаг ирхъоьллинчу майдана ваха, церан кошан барза тIе хIотта.

Пхи шо хьалха санна го хIара мохк. Баьццара аренаш, раьгIнаш. Ира, кIайн кортош мархех чекхдаьхна, курра лаьтта буьрса лаьмнаш. Амма машаре ду гонахара дахар.

Кхузахь цхьамзанашца машар хIоттийна.

Ас кошан барз лоьху бIаьргашца. Амма иза гац. Лар а ца го. Гобаькккхина – сийна бай. ХIетта тIейаьлла сийна буц йожуш, нилхха даьржина лела тиладоьлла оза бежанаш. Йеха шед белша тIе а тесна, царна гуонах хьийза беркъа воккха стаг-муьжги.

Ас, тIе а воьдий, маршалла хотту. Коьртара тиша картуз дIа а йоккхуш, суна хьалха лохха суждане воьду иза.

– Кхузара вуй хьо? – хотту ас.

– Ву.

– Дукха хан йуй хьо кхузахь веха?

– Иттех шо.

– Мичхьара веана?

– Тамбовра.

– Доьзал буй хьан?

– Бара. Белла.

Къаналла дара а, хаац, йа денна мохехь латторна дара а, хаац, воккхачу стеган хиш леша цIен ши бIаьрг кхоьлира.

– Томка дуй хьоьгахь? – хаьттира цо цIеххьана.

Йаькккхина, цигаьрка кховдийра ас.

– Диъ бер а, зуда а дара. Къоьллех, мацаллех ведда, уьш эцна, дIавелира со Тамбовра. Ирс лаха. И лоьхуш, дуккха а некъаш дуста дийзира гIаш. Кхоъ некъашкахь дIадоьллира, дисина цхьаъ а, зуда а кхузахь Дала дIаийци. ХIинца цхьа ву со. ГIаж санна.

– БежIу ву хьо?

– ХIаъ. Нехан бежанаш дажадо ас. Дикачу адамаша баьпкан йуьхк, кIалд ло. Наггахь волчо шайн тишйелла бедар-мача а ло. Сайн де тIекхаччалц хан токхуш воллу-кх. Ткъа хьо кхузара вац, барин?

– ХIан-хIа. ХьажахIотта веана.

– ТIе ма-хьаьжжинехь хиира суна.

– Муха?

– БIаьргаш бу хьан цIена. Лаа ваьллий хьо гIалин йисте?

– Кхузахь каш хила дезара, цунна тIехIотта дагахь ма веара со. Амма гуш дац-кх. Йа со галваьлла а, хаац…

– Хьенан каш?

– Диъ шо хьалха кхузахь ирхъоьллинчу кхойтта нохчочун.

Воккхачу стеган бIаьргаш йуха а кхоьлира.

– Хьо гал ца ваьлла, барин. ДуьххьалдIа барз бац кошан.

Воккхачу стага, вига а вигна, бай тIехь цхьа Iуьллучу боккхачу тIулгана тIехIоттийра со.

– Кхузахь Іохку и мисканаш.

Со цецваьлла воккхачу стаге хьаьжира.

– Декъий шайга схьалахьара бохуш, Іедална тІеихира церан гергарниш. Амма Іедало дуьхьало йира. ТІаккха уьш ловчкъийна дІадахьа гІоьртина нохчий, лецна, чубоьхкира. Цхьана мотт сацаро мотт бинера. Шайн нах чубоьхкича, бисинчара кошан барз тобира. ТІаккха кхуза денна нах эха буьйлира гергарчу а, генарчу а йарташкара. Муьжгий а богІура. Вайн зударша барза тІе зезагаш а дохкура. ТІаккха, Іедало барз а шарбина, хІара майда эхира. Ткъа ас, уьш Іохку меттиг ца йайта, дІо боьрара беана, хІара тІулг биллира кхуза…

– Дала аьтто болда хьан, воккха стаг.

– Сох-м хирг хилла даьллера, барин. Уьш ирхъухкуш со а вара кхузахь. Берриг а – цхьа пекъарш. Со санна, къенаниш а. Хазахета ма ца гІевттинера уьш Іедална дуьхьал. Нохчий гІевттича, лам чу вада ойла хилира сан. Царах дІа а кхетта, летта вала. Сайн зуда а, диъ бер а дийначу, сан дакъазаллина бехкечу Іедалх бекхам эца. Йуха а сецира. Ас хІун дийр дара цигахь? Дуьнен тІе ваьлчахьана топ кара а эцаза волчу? Майралла ца тоьира. Уьш санна, гІатта а, вала а майралла ма оьшу. Оцу дийнахь уьш леш хьайна гинехьара!

– Со а вара кхузахь.

– Баккъаллий? Гирий хьуна цара Іожалла тІеоьцуш? Къоначара а, къеначара а? БІаьрнегІар ца тухуш! Ткъа царах уггар къенаниг вела а воьлуш велира. Инарлина Чермоевна нанна хьажий, бохура, цо. ЭхІ, барин, барин…, – доккха садаьккхира воккхачу стага, корта а хьовзийна.

– ХІун хилла?

– Хьийзадо аш тхо. Къинхетам бац шуьгахь. Цхьана Дала кхоьллина цхьа адамаш ма ду вай. ЦхьакІеззигниш хьоло букъбина беха, ткъа халкъаш мацалло а, къоьлло а бІарздина. Тамбовхь а, кхузахь а цхьаъ ду. Массанхьа а. Нийсо а, бакъо а йац цхьаннахьа а. Делах кхерац шу. Дегнех тІулг хилла шун. Дала цхьа бекхам оьцур бу шух.

Со вист ца хилира.

– Уьш дІабухкуш хилларг хаьий хьуна? – хаьттира воккхачу стага. – ГІанта тІе а хІоьттина, къамел дина къона стаг дагавогІий хьуна?

– Іуммин кІант Дадий?

– ХІаъ, хІаъ. Цуьнан пІелгах дашо чІуг хилла йезаро йелла. Шен везарна тешамна йа безамна йоІа чІуг луш гІиллакх ду нохчийн. Цуьнан дакъа ор чу тосуш, и чІуг гина шина чалтачна. ЧІуг схьа ца йаьлла, мел ийзайарх. ПІелг бистина ма хилла. ТІаккха цушиннах цхьамма, диг тоьхна пІелг хадийна, схьайаьккхина иза. Муха хета хьуна адамийн сутаралла? И хиъначу Іедало, хьалхалера бехк тІехь а буьтуш, набахте кхоьссина и шиъ. Цхьаболчара вийна, боху, и шиъ, кхечара, йерриг оьмарна каторге вахийтина бохуш а дуьйцу.

Соьгара масех цигаьрка а йаьккхина, баьржинчу шен бажана тІаьхьавахара воккха стаг.

Ткъа со сайн ойланашца цхьа висира…

* * *

ХІаъ, къаьхьа дакъа кхочу маршонехьа гІеттинчуьнга. Дуьненан массо махкахь а. ХІун хилла маршонна гІевттинчу оьрсийн кІентех? Шах Іуьрг а даьккхина, хи чу кхоьссина вийна Болотников. Лобни меттехь цкъа хьалха меженаш а йаьхна,

тІаьххьара а кортош даьхна Разинан а, Пугачевн а. Къиза хьийзийна, ша-шега вейтира Радищевга. Пхиъ декабрист ирхъоьллира, бисинарш Сибиран каторгашкахула, кхуза Кавказехула баржийра.

Массо а цецвуьйлу хІокху кхойттанан турпалчу Іожаллех. ХІокху майдана баьхкира уьш, вовшашка лохха къамелаш а деш, забарш а йеш.

Иштта лаьттира уьш кхузахь а, хьалаохка шайн рагІ тІекхаччалц. Ткъа Іаьлбага надзирательна тоьхна мийра? Цхьана агІор лаьттачу мундирашка цо дера кхарстийна бІаьрг? Халкъан турпалчу иллица цо тІаьххьара садаІар? Къоначу Дадин къамел! Моьттур дара, иза цхьана банкетехь дош олуш ву. Ткъа къеначу Іуммас инарла Чермоевн йуьхьадуьхьал тоьхна оьгІазе дешнаш, лечу минотехь цуьнан йуьхьа тІехь дисина цавашаре велар?

ХІун дара-те царна и собар, къонахалла, ницкъ белларг?

ХІокху кхойттаммо къизаллин а, оьздабацарийн а лараш ца йитина шайна тІаьхьа. Оцу дийнахь церан бакъо йара майрра муьлххачу а халкъан бІаьра хьовса: уьш халкъан маршонехьа гІевттинера, цара шаьш ма-аллара, цхьана а машаречу, бехкбоцчу адаман са ца даьккхира, цхьа а сийсаз ца винера. Бакъонан гІуллакхна гІевттина уьш, цхьа тІадам а эхьан томмагІа доцучу оцу халачу некъахула чекх а бевлла, шайн синошца цІена болуш хІуьттура тангІалкхашна кІел.

Дог цІена хилча, атта ду кхерамна, Іожаллина дуьхьалхІотта а, вала а. Дог цІена хилча, майра хуьлу стаг.

ХІинца хІокху тІулга кІел лаьттах Іохку уьш кхойтта. Безамехь къона Іаьлбаг, куьце Дада, буьрса Іумма, зоьртала илланча Нурхьаьжа, эгІаза Къосам. Хезаш санна хета Нурхьаьжин кІеда, дуькъа аз. Дадин гІайгІане, амма майра къамел. Іуммин буьрса дешнаш, Къосаман йукъахдисина весет…

Хенан йохалла дІабер бу кхузара хІара тІулг а. Баккъал а, атталла тІехІотта кошан барз боцуш вовр ву-те хІара кхойтта турпал?..

Шайл хьалха нохчийн къоман маршонехьа къуьйсуш, тІеман арахь турпала эгначу, набахтешкахь къиза байъинчу, хІорш санна, тангІалкхаш тІе ирхъоьхкинчу, шийлачу хийрачу Сибрех доьза байъинчу нохчийн халкъан эзарнаш турпалхойн санна?

Амма оцу кхойттаннан дуьххьара ца баьлла и декъаза кхаж.

Каш дац халкъан дуккха а баьччанийн – Булавинан, Болотниковн, Разинан, Пугачевн, иштта кхечийн а, дуьненарчу харцонна дуьхьал маршонехьа, нийсонехьа, доттагІаллехьа шайна ма-хуьу, шайн ницкъ ма-кхоччу, амма турпала лиэташ, кху лаьмнашкахь а, Россин йистйоцчу аренашкахь а махках баьхна хийраллехь беллачу эзарнаш маршонан кІентийн…

ШолгІачу книгин чаккхе.

1975–1979 шо.

Мескета

Примечания

1

ТагІа – сторпал.

2

Іузара – гІийла, оза, эгІаза.

3

Эдагий – адыгаш.

4

Іаспар – оза, къена говр.

5

Баттам – кхийра кIудал.

6

Чалдам – байракх тIейихкина буткъа гIуркх.

7

Хаьлжаг – байракх (нохчийн шира дош).

8

ТІотІеш – тиша, тІелхигйевлла бедарш.

9

Сенарваьлла – агIорвирзина, разваьлла.

10

ГIопал хир ву – Далла гергахь бехке хир ву (динан термин).

11

БІаьнбІаьргаш – разведчикаш.

12

Каннибалаш – адамаш дуу акха къам.

13

Инжил – Евангели.

14

В. И. Немирович-Данченко. Вдоль Чечни. «Русские ведомости», 1888 г., январь-февраль, № 27–28.

15

Н. А. Добролюбов. О значении наших последних подвигов на Кавказе. Журнал «Современник», 1859 г. № 11. Н. Добролюбов. Собрание сочинений. М., 1962 г., т. 5, стр. 430.

16

Ишар – пароль.

17

Боьлак – шакъаьстина жима хьун.

18

Окъамаш – йаккхий кескаш.

19

Мерцхалдигаш – олхазарийн тайпа.

20

ЦГВИА СССР, фонд ВУА, дело 6685.

21

Ниша – тоьпан Іалашо лоцу биргІанна буьххьера чІинт (мушка).

22

НитIа – коча хатт.

23

Лахахь далийна инарлин А. П. Свистуновн дешнаш схьаэцна цо йазйинчу «Очерк восстания горцев Терской области в 1877 году» «Военный сборник», том CCXXVIII № 3–4. С.-Петербург, 1896. 241–266 агIонаш.

24

Кхузахь Я. С. Абросимовс хьахийнарг Н. А. Добролюбовн «О значении наших последних подвигов на Кавказе» статья йу. Иза дуьххьара зорбатоьхнера «Современник» журнала тIехь (1859, № 11).

25

Я. С. Абросимовн йозанашкахь йалийна коьрта факташ схьаэцна оьрсийн прогрессивни публицистан А. Абрамовн 1884-чу шарахь № 1 йолчу «Дело» журнала тIехь зорбатоьхначу «Кавказские горцы» очерка тIера. И очерк йуха зорбанехь арайаьлла 1927-чу шарахь Краснодарехь.

26

ХІинцалерчу терахьца – 1877 шо.

27

Хьаьвхье – ломан малх тІе ца кхета агІо.

28

Лакхахь далийна кхо масал Я. Абрамовн «Кавказские горцы» очерк тIера схьаэцна.

29

Албай – туркойн эскарехь полковникан чин.

30

Солтмурд а, Сулиман а ведда Турце вахар чIагIдо А. П. Свистуновс (А.С. Очерк восстания горцев Терской области в 1877 г. «Военный сборник». Т. ССХХХ, № 7, 1896 г.). Изза концепци йу революци хилале хьалхарчу а, советски а историкийн талламашкахь. Амма Солтмурд ца вахана цига. И эладита а даькккхина, лечкъина цIахь висина. Бенахь дIавоьллина каш ду цуьнан. Сулиман Сирехь дIакхелхина. (Автор).

31

Іаьлбаган вежарий Іеламха, Іала-Мохьмад, Іарапха лецна доьзалшца цхьаьна ворхІ шарна Сибрех ссылке бахийтира. СултІи Іедална кара ца вахара. Иза ворхІ шарахь обарг лийлира, тІаккха лецира. Іала-Мохьмадан жимахволу кІант Ахьматгери хІинца а (1987 ш.) волуш ву. Цуьнан 94 шо ду, Симсарахь вехаш ву иза. (Автор).